# КІЫЩОКЪУЭ АЛИМ

## ТХЫГЪЭХЭР ТОМИХЫМ ЩЫЗЭХУЭХЬЭСАУЭ

**V ТОМ**

## ЛЪАПСЭ

*Роман*

## ХЪЫБАРХЭР

НАЛШЫК
«ЭЛЬБРУС»
2006

УДК 894.611.12.2
ББК 84 (2р – Каба)
К 378

Р е д к о л л е г и е:

**Бицу А.М., Гъут I.М., КхъуэIуфэ Хь.Хь.,
Тхьэгъэзит Ю.М., ЩоджэнцIыкIу Н.I.**

**Кешоков А. П.**

К 378 Собрание сочинений: В 6 т. Т.5. Корни: Роман; Новеллы. – Нальчик: Эльбрус, 2006. – 552 с.

ISBN 5-7680-2080-2

Пятый том собрания сочинений классика кабардинской литературы Алима Кешокова составили многоплановый исторический роман «Корни», удостоенный Государственной премии КБР, и цикл новелл.

**УДК 894.611.12.2**
**ББК 84 (2р–Каба)**

ISBN 5-7680-2080-2
© «Эльбрус» тхылъ тедзапIэ, 2006

# ЛЪАПСЭ

Роман

Сытри зэфIэкIащ, куэд лъандэрэ си мурадар къызэхъулIэнщ, Iэмал имыIэу: Анапэ къалэжьу си нэ къызыхуикIым сыкIуэнщи, ХьэтIрэмтIыгукIэ пасэрейхэр зэджэу щытар зэзгъэлъагъунщ. А къалэу зихкIэ зэджа ди лъэпкъэгъухэм я Iэдакъэм щIэкIам дэсахэр алыджхэм (грекхэм) япыщIат, зэкIэлъыкIуэрт, илъэс минитIрэ щитхурэ хуэдизкIэ уIэбэмэ, абы хуэдэ къабзэт нэгъуэщI къалэхэуи Фанагорие, Гермонассэ, Кепы (Жыг хадэ) жыхуаIэу щытахэри. Ахэр псори Босфор пащтыхьыгъуэм хэтыгъащ, ТIэмтIэракъ (Пантикапей) я щыхьэр къалэу, езыхэри щIытIрэ мывэ сэрейкIэ къэщIыхьауэ. Тамань щIыналъэм уихьэрэ жыжьэу уплъэмэ, Афродитэ и къулъшырыфышхуэр плъагъуу, ар зыдэт Фанагорие къалэм щамыщI щымыIэу фочыщIэ, гъукIэ, дыщэкI, ахъшащIэ, уанащIэ сыт жыпIэми IэпщIэлъапщIэр куэду дэнэ уэрамми тест. ДыщэкIхэм я Iэдакъэ щIэкIа дыщэхэкI дахэхэр нобэм къэс хъума хъуауэ Санкт-Петербург къалэм дэт Эрмитажым и гъэтIылъыпIэм щIэлъу плъагъунущ, увеличительнэ абджкIэ уеплъмэ, IэщIагъэфI зиIэхэм хьэкъущыкъу дахэ, лэч фIыщIэкIэ е лэч плъыжькIэ ялэжауэ, унэм телъын кхъуэщыни, ятIагъуэм къыхащIыкIа псэущхьэ сурэт Iэджи. А къалэ псом я нэхъ дахэр Кепы жыхуаIэр арат, езыр жыгым щIагъэнауэ, нэхъыбэу дэсхэри бжьэдыгъу адыгэхэр арати, Бжьэдыгъу къалэкIи еджэрт. Алыдж философышхуэ Демосфен и пхъурылъху Гилон къалэр иратауэ щытащ, а щIалэр бжьэдыгъупщым и пхъур къиишэу бжьэдыгъухэм къахэтIысхьэжати, иджы илъэс щищ хъуами аращ а къалэм, къэзакъхэр къыдэтIысхьэу, дэсар къызэрыдахурэ.

Си нитIыр сыгъэуфIыщIи, солъагъур Мэтрэдж къалэ жаIэу иджы Тамань здэщытым деж щытыгъар, кърым сеймэнхэм тенджызыр къызэпаупщIа нэужь, а къалэр арат хэщIапIэу яIар, адыгэм ятеуэным зыхуагъэхьэзыру. Тенджыз тIуащIэмкIэ къызэрыдэхти, къуажэ къагъанэртэкъым зытемыуэ. Зэгуэр Къызылташ темэным шапсыгъ адыгэм я шуудзэр пхъэру ежьа хъунти, кIуэдыкIейуэ темэным хэкIуэдащ, зылI е зыш къэмынэу, зэзэмызэ щIакIуэ, бащлъыкъ е пыIэ сыт ныджэм телъу фызхэм къагъуэтмэ, хьэдагъэшхуэ ящIырт, зыгуэрым и адэм е и лIым и хьэдэ къигъуэтыжа хуэдэ.

Мысыр къэралым исхэми пасэрей адыгэхэми я псэлъафэу щытащ, лIар щыщIалъхьэм деж зи нэпс зыхуэмыубыда щымыIамэ «хьэдэр ягъеижыфауэ». Темэн Iуфэм Iута цIыхубз къомым яхуэгъеинт «хэкум и набдзэщ» жыхуаIа илъэпкъыр зэ кIуэдыгъуэу хым щыхэкIуадэкIэ, уеблэмэ цIыхухъу зырыз къэнамэ, я пыIэр къекъухауэ тIысырти, «уэуэур си махуэщ»

жаIэу гъуэгырт, хъыджэбз Iэджэми нысащIэ щыгъынкIэ захуэпауэ «дунейк Iэ дызэхуэмызамэ, ахърэткIэ ди насып зы хъункъэ» жаIэу хым зыхадзэрти, зрагъэтхьэлэжырт. КIуэдыкIейуэ кIуэдар ящымыгъупщэн папщIэ, Iэджэми я тхьэкIумэр ябзат, яшхэм я тхьэкIумэри дэкIуэу. Гуауэщхьэуэшхуэр къыщыхъуар Елей махуэм техуати, иужькIи гъэ къэс Елей махуэм цIыхум я нэщхъеигъуэт, мыщыгъуэ щымыIэу.

Къызылташ и хъыбар си анэшхуэм жиIэжу Iэджэрэ зэхэсхыжати, си гугъэт хым хыхьар дунейм шууэ ехыжауэ. Ди анэшхуэми арат нэхъ зыхуигъазэр, уеблэмэ Зек Iуэтхьэм и гур къебгъамэ, арауэ жиIэрт шу къомыр Iисраф щIэхъуар, сэри уафэгъуагъуэ макъ зэхэсхмэ, сышынэурэ си диным сикIырт, сыздэкIуэнур сымыщIэу.

ХьэтIрэмтIыгур цIыху кIуэдып Iэт, абджежт кхъухь тедзапIэри, дыгъурыгъум зэхуахьэса-зэхуахуса илъэпкъыр абы яшэрти щащэрт, ящар кхъухькIэ зэбграшт, къыздэмыкIуэжын щIыналъэхэр кIуэдыпIэ яхуэхъун хуэдэу. Абы хуэдэу яща цIыхубз Iэджэми я гугъу си анэшхуэм къысхуищIыжурэ сригъэдаIуэрт, си псэри хэлъэтауэ пIэрэ жысIэу сигъэгузавэу.

ХьэтIрэмтIыгу пэмыжыжьэу си шыпхъу яшауэ исщи, абыи мызэ-мытIэу къалэм и хъыбар сригъэдаIуэурэ сесащи, арагъэнщ си псэр абыкIэ щIеIэр. ЗэрыжаIэмкIэ, къалэр къэтIыхьауэ щытащ, кумбым щIыуэ кърахар зэтратхъуэурэ лъагапIэ ящIауэ, дыхьэпIэр чырбышкIэ къыхащIыкIри топи Iуагъэувэжауэ, а быдапIэм удыхьэмэ, къалэр дэту, уэрамыжь цIыкIухэм зым алыджхэр тест, адэкIэ укIуэмэ – ермэлыт, уэрамым дэкIыртэкъым лы жьэрымэ, шыбжийм, бжьыным, бжьыныхум я мэр, къалэдэсхэм я унэ лъэбышэхэр якъутэу унэшхуэ куэд курзалри яхэту зэращI, жыг хади зэрагъэтIыс лъандэрэ куэдыщи хъуакъым, си шыпхъум зэрыжиIэмкIэ.

Си анэшхуэу хъыбар псори зыIуэтэжар и щIалэгъуэм лIыубыдхэм я IэщIэхуэри яхьауэ щытащ, ауэ и насыпу къелащ, и къелыкIари, и чэзу къэсмэ, вжесIэнущ, абы уедэI уэн щхьэкIэ, зы пщыхьэщхьэкъым узэрыщысын хуейр, сыту жыпIэмэ, пычыгъуэ Iэджэ мэхъу, абы нэгъуэщI гуэрхэр пызощэ, си сымаджэ сызэ Iэзэхэр тхыдэ сыт хуэдэхэм дихьэхыу езгъэдэIуэн папщIэ.

Сытым и щхьэфи сигъэIэбэ нобэрей махуэр абы пызощэ, арыншэуи хъурэ – сыт хуэдэ лъэхъэнэми щыпсэуауэ щIы, цIыхубзу хъуам я псэр зэрощIэ, я Iэпэр зэрыIыгъщ, я натIэм илъри зэбгъапщэмэ, зэшыпхъуитIым я бынщ жыпIэну зэщхьщ.

ХьэтIрэмтIыгу си нэр къыхуикI щыхъуар еджэн къыщIэздзэу урысыбзэ тIэкIуи зэзгъэщIа нэужькIэщ, сыту жыIэт: зэгуэр сымыщI эххэу Пушкин итхам ящыщу усэ срихьэлIащ, мыбы хуэдэу: «Не в набегах отбивать коней с ногайскими быками, и

с боя взятыми рабами суда в Анапе нагружать». Си анэм иIуэтэжу зэхэсхамрэ Пушкин зи гугъу ищIымрэ зэзгъапщэмэ, зым и гум адрейр къыипсэлъыкIа къысфIэщIырт, сфIэтелъыджэу.

ГъэщIэгъуэнкъэ, Петербург къалэм дэса Пушкиным адыгэм я псэукIам нэхъыбэ хищIыкIыу къыщIэкIащ сэ хэкум ису къэгъуэгурыкIуам нэхърэ. ХьэтIрэмтIыгу теухуауэ псалъэ зытIущ фIэкIаи жиIакъым, итIани еплъ абы купщIэшхуэу хэлъым, пасэрейм я псэукIам тэмэму гу зэрылъитам. Дэнэ абы къыщищIар нэгъуейм я Iэщыр лъхуэмэ, жэмыр къамышу, абы шэуэ щIэтыр шкIэм ирагъэшхыу зэрыщытар? IэщIэвыщIэ яукIмэ, и лыр IэфIу щIыщытари, ар лъэпсейуэ щIащэфри гурыIуэгъуэт, итIани абы гу лъитэн хуейтэкъэ...

Сэ сызэгупсысыр абдеж телефоным къызэпеуд. Хэту пIэрэ иджы ар? Отпуск сызэрыкIуэр зэзгъэщIа щыIэкъым, си гугъу къамыщIу си нэр здэплъэм си лъэр нэхъ лъэIэсынщ жысIэри. Билетыр си жыпым илъщ. Телефон къыщIеуэр сэрмырагъэнкIи мэхъу, итIани плъагъурэ ар, къалэм дэт фэтэрым сыщIэсыххэкъым, къуажэм сыдэсщи, си хьэпшып тIэкIур къасщтэу гъуэгу сытеувэнущи, трубкэр къэзмыщтэмэ, зэфIэкIакъэ жызоIэри, тIэкIурэ зызолъэфыхь, арщхьэкIэ схуэшэчыркъым, си псэм зыхещIэри къасщтэмэ, хьэм къагъэщташ жыпIэну цIыхубз макъ зэхызохыр.

– Дэфэрэдж Шагировнэ ар?

Къэпсалъэр бетэмалу къэсцIыхуащ – Аннэ Павловнэ, сымаджэщым и гинекологическэ отделенэм тетщ, куэд лъандэрэ къыздолажьэ.

– Сэращ, тIысэ. Мыбы дауэ укъэпсэлъа? Нобэ ещанэ мэхъури сыотпускщ, сежьэну си хьисэпу хьэзырыпсу си хьэпшыпым сытесу сыщысщ. – Гукъыдэжышхуэ сиIэу сэ жысIэр телефонкIэ къэпсалъэм и тхьэкIумэ иригъэхьэркъым.

– Телефон къэзгъэнэжа сыздемыуа! Телефон здэщымыIэм «скорэр» згъэкIуащ. Сыту фIыт, ярэби, укъызэрызгъуэтар. Уи фIэщ щIы, сыгузэвэщауэ аращ укъэзгъуэтыну уи ужь сыщIихьар, армыратэм, сымыщIэ уи гугъэрэ отпуск узэрыкIуар. – Аннэ Павловнэ и макъыр нэхъ щабэ мэхъу, зыгуэркIэ къызэрызэлъэIунур белджылыуэ.

Сэри абы гу лъызмытэ хуэдэу зызощI:

– Хъунщ, хъунщ. Си псэм ищIат ар. Ущыхуейм и деж блэр дахэкIэ и гъуэм къыбош. ЖыIэ узыхуейр. Уэри зэ отпуск укIуэнкъэ, тхьэ имыIуамэ, уи билетыр йозгъэтыжын уи гугъэ?

Аннэ Павловнэ къыпещэ:

– Си псалъэр зэпумыуду къедаIуэ, уи анэр узогъэлъэIу.

СощIэ мыгъуэ псори. Билетри къэпщэхуащ, гъуэгу утетщ, уи автобусыр пщыхьэщхьэр аращ щытекIыр. НэгъуэщI кIэ сэбэп умыхъуми, сымаджэ къытхуашам еплъ, Iейуэ хьэлъэщ, уэр фIэкIа абы сэбэп хуэхъун щыIэу сщIэркъым, хэт емыплъми, зы Iуагъэзык I, абы и псэр езым хихыжащ, жаIэри. Иджы уэращ сызыщыгугъыр, кхъыIэ, дыкъомыгъэщIэщхъуу къакIуи, нэ-хъыфIыр къыджеIэ. УкъэкIуэн?

Сэри къызгурыIуащ ХьэтIрэмтIыгу си нэр къызыхуик Iым сыкIуэ зэрымыхъунур. Си шыпхъу къэзгъэгугъауэ къыспэплъэр шхыдэнщ, отпускыр жылэм ират мэхъу, уэ къуат щхьэ мыхъурэ жиIэнщи. Сыт жиIэми схуэфащэщ, илъэс къэс аращ: отпускыр пщэдджыжьым къызат, пщыхьэщхьэм страхыжыр, зыгуэр си Iуэхум къыдэмыуэну Iэмал иIэкъым.

АрщхьэкIэ, мо лъаIуэ дохутырыр къэмыгузэватэмэ, къэпсэлъэнутэкъым. Сымаджэщым дохутыр нэхъыщхьэу тет Камизэхэ япхъу ЛэтIифэ щыгъуазэу пIэрэ Iуэхум? Аннэрэ абырэ зэфI дыдэу щытати, иджы зэф IэкIуэдыжащи, нэмыплъ зрах, си отпуск къэзгъанэу къэзгъэзэжауэ ЛэтIифэ ищIэмэ, си фIэщ хъунукъым ар абы и гуапэ хъуну, уеблэмэ адэкIэ-мыдэкIэ и пэр диIуу хуежьэнщ. ЛэтIифэ езым хуэдэ и гугъэщ псори: къапэщIэхуэр япхъуатэу. Аннэрэ абырэ щIызэф IэкIуэдар сыт жыIэт? ЛэтIифэ хьэрэм фIэфIт, модрейм ар и гум техуэну Iэмал зимыIэщ, куэди щIакъым Iуэху мыфэмыц гуэр къызэрыхъурэ. ЛэтIифэ операцэ ищIу операционнэм щIэту, тхьэм ещIэ абыкIэ къэхэшар, комиссэ къэсащи, псори зэIащIэ, абы и Iуэху скальпелыр зыIыгъыу сымаджэм щхьэщытым и тхьэкIумэм ицырхъэри, модрейм и щхьэфэцым зиIэтащ, езыми и Iит Iыр иIэтауэ къыщеуд:

Халат! Халат! – жиIэу.

«Халат» жыхуиIэр «хьэлэч» жиIэ хуэдэу къыфIэщIауэ Iэмэпсымэхэр къезыт сестрар къэуIэбжьащ, зэгуагъэжауэ стIолым телъ цIыхубзыр лIэмэ, къытралъхьэнкIэ шынауэ ищIэнур имыщIэу и нитIыр къихурт, модрейми маскэр и жьэм Iулъщи, дахэ-дахэу жиIэр къыбгурыIуэркъым.

– Халат! Дэгу ухъуа – халат!

Дохутырым щыгът халат хужьыбзэ лъызащIэ хъужауэ, и жыпми зыгуэрхэр зэрилъри IупщIти, сестра нэхъыжьыр пхъуэри а халатыр щиудри зыщIыпIэкIэ дикуащ, тумбэм дэлъ халат хужьу ету зытедзар къыдипхъуэтри напIэзып Iэм дохутырым щит Iэгъащ. Арат модрейри зыхуейр, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, милицэр операционнэм къыщIэуэрэ си жып къыIуишам иплъэмэ, ямылъагъун хуей дыщэхэк I Iэджи ялъагъункIэ хъунщ жиIэу къэгузэват, милицэр операцэ щащI залым зэрыщIэмыхьэнур и фIэщ мыхъужу.

Ар уэ пIуэтэжа, сэ сIуэтэжа – хэIущI ыIу хъури псоми зэха-

хащ. Аннэ Павловнэ а махуэм къыгурыIуащ ЛэтIифэ зищIысыр, игури щыкIри и нэм къыщIэуэ хъуащ. Хъыбарыр студентхэм я деж щынэсым, ЛэтIифэ и лекцэ едэIуэну расписанэм иту щалъагъум, зы цIыхубз закъуэ фIэкIа къекIуэлIакъым, а зыри щыуауэ къэкIуати, кIэбгъу ищIри щIэкIуэсыкIыжащ, ЛэтIифэ и закъуэпцIийуэ къигъанэри. Хэту пIэрэ студентхэм я деж хэIущIыIу сыщызыщIар жиIэмэ, гурыщхъуэ зыхуищIынур сэрати, абы триубыдащ: бостеикIэ зыщыгъ Гиппократ фIэкIа сызыIуэтэжын щыIакъым, жиIэри.

Сыхуэзамэ, и пэм мафIэ къилъэлъу къызопсалъэ, арщхьэкIэ щхьэ укъысхузэгуэпрэ жысIэу си щхьэ теслъхьэркъым сеупщIыну, езыми и гум илъыр уигъащIэркъым. Сэри сыт щхьэкIэ япэ къезгъэжьэн, къезгъажьэрэ къызжьэдигуэжмэ, схуэфащэ дыдэщ, зыри хэзмыщIыкI хуэдэу фэ зытезгъауэмэ, нэхъыфIщ, студентхэр жып Iэнущи, хъарзынэу къысхущытщ, фIей лъэпкъ зэрыскIэрымылъыр тыншу ящIэ, гулъытэ дахэри къысхуащIыр, «Гиппократ и тхьэлъанэм» сызэрытемыкIынур хьэкъкIэ я фIэщ мэхъур, езыхэри абыкIэ си акъылэгъушхуэщ. ЛэтIифэ куэд лъандэрэ абы гу лъитащи, студентхэр нэ жагъуэкIэ къызигъэплъыну иужь итщ, къахуэзэмэ, си Iей фIэкIа сифI лъэпкъ жиIэнукъым, щIалэгъуалэми яфIэфI ыхххэкъым абы сиубу.

Аращ ди зэхущытыкIэм и кIэри и пэри, дызэзэгъыркъым жыпIи хъунукъым, дызэжагъуэгъууи щыткъым. Аннэ Павловнэ зыхуэгузавэр район тхьэмадэм ипхъу закъуэр арауэ къыщIэкIати, занщIэу си гум къэкIыжащ абы си унэм телефон нысхуевгъэгъэув жысIэу сыщелъэIуам къысхуитхыжауэ щытар: «...телефон къэбгъэлъэгъуа адресымкIэ недгъэгъэувынщ, дызыхуей пкъо бжыгъэр, кабелу километритху, изолятор сыту зыхуей илъэпкъыр къэбгъуэтмэ» – арат письмом итар. Избирателым и наказ хуэдэу собранэм щыжысIам зыри къикIакъым, езым «избирателхэм сывипщылIщ» жиIэу дыкъигъэгугъа щхьэкIэ, ари щыгъупщэжащ.

Иджы си Iуэхур зыхуэкIуэм еплъ: дыгузавэу дыщелъэIум, дыфIэмыIуэхуу еуэри ежьэжащ жебгъэIэмэ, жагъуэгъу гъэгуфIэщ, абы ищIыIужкIэ район тхьэмадэм сыщелъэIуам сыкъигъэщIэхъуащи, и пхъум щхьэкIэ щхьэ гугъу зезгъэхьрэ жыпIэми, дохутыр этикэм къезэгъыркъым. ЦIыхубзым и адэр лъхукъуэлIыр бгъэкIэсмэ, уанэгум укъредз жезыгъэIам хуэдэми, езым сыт и лажьэ? ИгъащIэми «Гиппократ и тхьэлъанэм» сытету дунейр сохьыр, арати, и пэжыпIэр зэзгъащIэмэ сфIэфIу, сыщIоупщIэ:

– Сыту пIэрэ цIыхубзым и лажьэр? – жызоIэри.

– БжесIэнукъым, си псэ. ТелефонкIэ утепсэлъыхь хъунукъым. ЛIэн-къэнэну телъщ, аращ, кIэщIу жыпIэмэ.

Аннэ Павловнэ и пэр дрилъэфейуэ иухащ, жиIам къыфIимыгъэкIыу, къыщиуду гъын хуэдэу щIыщытари нэгъуэщIкъым,

сигу зыщIигъэгъуну и мурада фIэкIа. ТелефонкIэ жыпIэ щIэ-мыхъунури сыт? Пэжщ, сымаджэм ефыкI узыр езы сымаджэм щабзыщIу къыщыхъу щыIэщ, итIани ар зыщабзыщIыр езыр ара мыхъумэ, дохутырыр аракъым. Сэри си фIэщ мэхъу гузэвэгъуэ гуэр къызэрыхъуар, си IэнатIэм сызэрыIут лъандэрэ хъыджэбз мащIэ лIэныгъэм къезгъэла, итIани хъуркъым: зыр щылъэпэ-рэпа дыдэм адрейхэри зэрынэсу, мы лъапэзэвып Iэм зыщыс-хъумащэрэт жамыIэу носри мэлъэпэрапэ, япэ итым къыщыщIа дыдэм шокъу жиIэу хуэзэу.

Пщэдджыжьым жьыуэ къакIуэ жыхуаIам деж сыносри псори зэхуэсауэ сарохьэлIэ, Камизэхэ япхъу ЛэтIифи я пашэу дохутыр защIэу синклит зэхэтым ящыщу сэ къыспэплъэр Аннэ Павловнэ и закъуэу къыщIэкIынущ. ЛэтIифэ сыкъызэрилъагъуу и фэр зэкIуэкIащ, мыбы хэту пIэрэ къеджар жыхуиIэ щIык Iэу. Дэ тIур дызДеджауэ щытащ, уеблэмэ зыбжанэри зэгъусэу дылэжьащ ди псэр зы чысэм илъым хуэдэу, тIэкIу-тIэкIуурэ ди гур зэбгъэжыху. ЛэтIифэ щI алэхэм нэхъ гу къыслъатащэрэт, жиIэу яхуеплъэкI защIэт, пэжыр жыпIэмэ, езыр цIыхубз нэщIэпкIэт, и IэщIагъэм, и щIэныгъэм хигъэхъуэн щхьэкIэ, гугъущэ зригъэхьыртэкъым. Сэ медицинэм зестауэ слъэкI къэзмыгъанэу, жэщ-махуэ симыIэу, Iэзэ къыщытфIащакIэ Iэзэу дыщытын хуейщ жысIэу гугъу зезгъэхьырт. ИкIи сыщIегъуэжакъым – си IэнатIэ сызыIутым сэ къыспеуэфын къызбгъэдэтхэм яхэслъагъуэркъым, экстремальнэу зыгуэр къэхъуамэ, япэ зыдынэсыр си дежщ. Район сымаджэщхэр къыщысхуейм деж машинэ къагъакIуэ, сашэри сыкъашэж. Япэм адыгэ цIыхубзхэм загъэлIэнут къащыщIар уамыгъащIэу, иджы къэгузэвакъэ – дохутыр жаIэнщи, я шыкIэ мафIэ егъэуауэ къэсынщ. Иджы къыщIызэджа цIыхубз сымаджэм и Iуэхур хьэлэч дыдэу арат. Аннэ Павловнэ зэрыжи IэмкIэ, дыгъуасэ лъандэрэ и температурэр лъагэу дэкIуеящ. Сэри сымаджэм и дэфтэрым сеплъати, гу лъыстащ псоми, дохутырхэм хущхъуэ ирахьэлIэм дагъуэ хуэпщIын щыIэтэкъым, ауэ сэбэп щIагъуэ хуэхъуни хэлътэкъым. Сэсымаджэм деж сыщIыхьащ.

Хъыджэбз фIыщ Iэ къуэгъу цIыкIут, и щхьэц икъухьам и щхьэр хэлъу мафIэр къыщIэна хуэдэ: и нэкIущхьэ дахитIым уецырхъым, уи Iэпэр къисын хуэдэ, пщIэнтIэпсыр ткIуэпс зырызу къытрипхъауэ, и Iупэ плъыжьыбзэри мафIэм къигъэчащ жыуигъэIэну, сымаджэр зимыщIэжу хэлът, анализхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, и лъым сепсис зэрыхэлъым шэч къытепхьэ хъунутэкъым. ИкIэщIыпIэк Iэ еIэзэн хуейт.

Мо къызэхуэса дохутыр къомым сыту пIэрэ я мурадыр жысIэу сэри си гум къэкIащ, хэт щхьэкIи ахэр абы хуэдэу зэхуэсыркъым, зэхуэзышэсари тхьэм ещIэ, а къомыр сэ къысхуэныкъуащэуи си фIэщ хъуххэнукъым.

Консилиумыр куэдрэ зэхэсакъым, псом жаIэри зэтехуати. Абы къигъэщIэнур къигъэщIащ жаIэу арат псоми зытращIы-хьыр. Зы махуэ, махуитI. НтIэ, сэ къызэмыджами, хъунут жызоIэри, сэри сызэгуоп. Аннэ Павловнэу бэуапIэ къызэзымы-тар къопэзэзэхри щытщ, си нитIыр абы зэрытенам гу лъитауэ. ЛэтIифэ и нэщхъыр зэщIэукIауэ и пэми мафIэ бзий къреху жыпIэну, псоми жаIэнур жаригъэIэри езыр я ужь дыдэ къэп-сэлъащ, судым ящIа унафэм къеджэ хуэдэу зигъэткIийуэ: «Мыр суд Iуэху хъунущи, документ дызыхуейуэ хъуар IэкIуэлъакIуэу вгъэхьэзыр икIэщIыпIэкIэ, актым псоми Iэ тевдзэнщ. Сымаджэр хъужмэ жыпIэу, ущIыпэплъэн щыIэкъым, медицинэр абы сэбэп хуэхъунукъыми хэхыжащ. Сэри сощIэ: цIыхум я лъабжьэр, я къуэпсыр хъумэн хуейщ жиIэу утыкум къилъэдэни къыфхэ-кIынкIэ мэхъу. Абы хуэдэхэм зыщIебгъэлIэлIэн щыIэкъым. КъывгурыIуа вжесIар?»

Дохутырхэм жаIэнум нэзмыгъэсу, сэ сыкъыщеудри:

– Аннэ Павловнэ, уэри ара жыпIэр? – жысIэу сыщIоупщIэ. Модрейми жиIэнур имыщIэу къызоплъ. ЛэтIифэ жиIэмкIэ ар акъылэгъу зэрымыхъур сэри щхьэ сымыщIэрэ къызэлъэIуу сыкъыщишакIэ жызоIэри, сэри сыщIогъуэж, арщхьэкIэ жысIэ-нур жысIащ.

Аннэ Павловнэ зрилъэфыхь-зыкърилъэфыхьурэ псалъэ зырызурэ жеIэ:

– ЖысIэнури сщIэрэ? Зэхэпхащ жаIар. ЦIыхубзым къигъэ-щIэнур къигъэщIамэ, дэ сыт хуэтщIэжыфын? ИтIани ди нэр къижу деплъу дауэ дгъэлIэн? Ар сщIэрти, аращ сыщIыно-лъэIуар, – дохутырым и гур нэхъ къызэрыгъуэтыжати, си деж-кIэ къоплъэ, ЛэтIифэ деж емыплъэкIыфу. Сэри къызгуроIуэ Iуэхум и щытыкIэр: сымаджэр яхуэмыгъэхъужмэ, зытеплъхьэ хъун хуейщи, аращ къыщIызэджар жысIэу, гурыщхъуэ сощI, арщхьэкIэ абдеж сыщыуэу къыщIэкIынут. Аннэ Павловнэ сэрагъэнт къалащхьэу зыщыгугъыр, абы хуэдэ гуэр къэхъумэ, сэ нэхъ тегушхуауэ сахэтти, арагъэнщ дохутырым нэрыгъ сы-щIищIар.

Езы Аннэ Павловнэр мащIэ щIакъым сэ зэрысцIыхурэ, иджыри къэс зэи сигу ебгъакъым, хуабжьу специалистыфIщ, псэрэ гукIэ и Iуэхум етащ, зытеува гъуэгуми къыпхутекIыну-къым, арауи къыщIэкIынущ и къулыкъум зиIэтыну псоми хуагъэфащэурэ и Iуэхур къехуэха иджы щIэхъуар. Ар къызыхэ-кIари мыращ: Iэтащхьэу зы щIыпIэ тет гуэр трагъэкIыну кIэралъхьэн щамыгъуэтым, Аннэ Павловнэр ираджэри къыжра-Iащ, мобы и узыншагъэр мыщIагъуэу справкэ къет жаIэри. Зи гугъу фщIыр тыншу соцIыху, узыншэщ, лажьи-хъати и Iэкъым жиIэри идакъым. Дохутырыр езыджами къытрекъузэ, къомыт-мэ, утедгъэкIынущ жиIэу, арщхьэкIэ цIыхубзыр къыхуэгъэ-

шынакъым, щымыхъум, зэрыжа Iам хуэдэ дыдэу и IэнатIэм къыIуагъэкIри и Iуэхур къехуэхащ, иджы къызэрыгуэкI дохутыру мэлажьэ, къулыкъу лъэпкъ щымыгугъыжу.

Аннэ Павловнэ ищIэрт модрейхэр справкэ хуей щIэхъуар. ТрагъэкIыну зи ужь ит тетыр нэхъыжьыж гуэрым кIэщIэтхыхь-ри центрым я унафэкIэ комиссэ къыщагъакIуэм, езыр ежьэжащ, сэ сахэмытми, Iуэхур езырезыру зэфIэкIынущ жиIэри. Арщхьэ-кIэ зи щхьэ щымыIэм и шыдыр сыт мэхъу жаIэрэ – кIэщIэтхы-хьар щежьэжым, зыкIэщIэтхыхьам зыкърисэри Iуэхур цырыцу зэIищIэурэ хейр мысэ иригъэщIри мысэр хей хъуащ, уеблэмэ щыхьэту зи цIэ ираIуахэм еджэмэ – жаIауэ щытари ядэжакъым, ялъэгъуар ямылъэгъуауэ къыщIэкIыжащ; ерэхъурэ хъунрэ щыIэу уи ней къысщыхуэ жыхуаIэ щIыкIэу.

Ухеймэ, улъэщщ жа Iа щхьэкIэ, мыбдежым хейм и Iуэхур къикIакъым: письмор езыгъэхьам и пщампIэр яубыдри утыкум къращащ, къулыкъушхуэ уи Iэр уфIэмащ Iэу нэхъ иныж зыIэщIэбгъэхьэну ара узыхуейр жаIэри. Абдежым пащIэгъэлыгъуэр къаублэри мыхьыр зэрагъэхьащ, зи пыIэку къръамыуда къэмынэу. Письмор езыгъэхьар хэутэн ящIыфа щхьэкIэ, псалъэмакъышхуэ пщIыуэ утыкум къиплъхьэныр шынагъуэт, цIыхум хэIущIыIу ящIмэ, нэхъыбэж къаулъэпхъэщынути. Мыбы хуэдиз хьэлэбэлыкъ дыхэмыту мо къыткIэщIэтхыхьар сымаджэщ жыдвгъэIи, тедвгъэгъэкI жаIэри абыкIэ зэгурыIуати, абдежщ Аннэ Павловнэ къыхуей щIэхъуар, арщхьэкIэ дохутырым, сыт ямыщIами, хэзэгъакъым. Телъыджащэри аракъэ: зи узыншагъэ мыщIагъуэу къалъытар игъащIэм дохутыр я деж мыкIуами къыщыщIар уз хуэхъури лъэрымыхьу уэрамым къыдэнэжащ, дэнэ фадэбжьэ къыщаIэтыну пIэрэ жиIэу фадэм дихьэхауэ. Къуажэхэми я мыхабзэххэу къаублат зыгуэр лIэмэ, фадэ къащтэуи, зы жумэ дигъэкIыртэкъым а лIыр яхэмысу. Ауэрэ езыри дунейм ехыжащ, справкэ къезытын зымыдар щIригъэгъуэжыну мурад ищIа хуэдэ. ЩIегъуэжами, хэт ищIэрэ: справкэ тIэкIур иритауэ щытатэмэ, зыIута IэнатIэ хъарзынэм ноби Iутынут е и къулыкъур нэхъ лъагэ хъунут.

Сэри а цIыхубзым нэ лейкIэ соплъыр къыщыщIар къызэрыщыщI лъандэрэ.

– НтIэ а жыфIа псори тэмэму къэслъытэркъым, – жысIэри сэри си мурадыр езмыгъэщIапэу си макъ захезгъэхащ, зыгуэр си гум зэрилъыр къагурызгъаIуэу. Псалъэ мышыу жаIахэр хъымпIари сщIыртэкъым, итIани сызэгуэпырт, улIэу утелъми, къолъэпауэу ежьэжынукъэ мыхэр жысIэу, арщхьэкIэ си лъыр къавэу гу зылъезгъэтэнутэкъым, си анэм идэу щытакъым: «Уи анэшхуэ Дэфэрэдж узэрипхъурылъхур нэрылъагъущ», – жиIэрти. Абы сызэрещхьыр си гуапэ дыди хъурт, иджы ар си гум къызэрыкIыжу нэхъ сытегушхуащ: «ИкIэщIыпIэкIэ анализхэр

евгъэщI, зы шанс закъуэ щыIэмэ, къэвгъуэт».

Си псалъэр ЛэтIифэ къызэпеуд:

– Сыт шанс? Зи гугъу пщIыр стIолым телIыхьынущ, операцэр умыухыу, – жеIэри. Сэри сощIэ а цIыхубзым уедауэ зэрымыхъунур, жиIэр дыжумыIэжмэ, и авторитетыр бгъэуцIыну къелъытэ.

– ЦIыхубзыр зыгъэунэхъуам и дежкIэ алыхьым къузэритын жыхуаIэм хуэдэщ, сыту жыпIэмэ лажьэр зи зэраным хуэдэ къабзэ мэхъу операцэ зыщIа дохутырри. – Иужьрей псалъэхэр къыщызжьэдэкIым, ЛэтIифэ къыдэщIхэр си дежкIэ къэплъащ, жаIар зыгурыгъаIуэ, ущIегъуэжынщ жыхуаIэ хьисэпу, арщхьэкIэ ар зыуи къиздзакъым, сэ сызэгупсысыр нэгъуэщIт.

Хъыджэбзым и адэ-анэм уемыупщIу операцэ пщIыныр къезэгъыртэкъым, абы нэмыщIыжуи, и адэр район тхьэмадэу щытеткIэ, къайгъэ кърикъэкIынкIэ мэхъур. ЛэтIифэ жиIэнур жиIати, псом япэ щIэкIри ежьэжащ, унэм щIэтхэр щым хъуауэ зыр зым йоплъыжри зэхэтщ. Сэ Аннэ Павловнэ дежкIэ зызогъазэ:

– Анестезиолог нэхъыщхьэм дечэнджэщамэ, нэхъыфIт, хъунумэ, къысхуевджэ.

АрщхьэкIэ анестезиологыр район гуэр яшащ жаIэри ягъуэтакъым, щымыхъум, Аннэ Павловнэ зэфIэгъэкI зэриIэр къигъэлъэгъуащ, адэкIэ-мыдэкIэ телефонкIэ псалъэурэ зыхуей дохутырыр къигъуэтри «скорэр» игъэкIуащ къашэну. Куэд дэмыкIыу къэсащ дохутыр лъакъуэ кIэщI пэтIинэ цIыкIу, и нэ хъуреитIыр къицIуукIыу. А фызыр куэд лъандэрэ соцIыхур, мызэ-мытIэу операционнэ стIолым дыздыбгъэдэтащ, Iэджи къедгъэлащ уз зэмылIэужьыгъуэм. Дохутырым и цIэр Варварэ Романовнэт, гурыхуэ дыдэт, псалъэ жумыIэми узыхуейр псэкIэ ищIэрт уи жьэ псалъэ къыжьэдимыгъэкIыу, арщхьэкIэ иджыпсту ар къыщIедджам гу лъимытауэ, сыт си унафэну пIэрэ жиIэу къыдэплъырт, теплъхьэ и хьэлъэу есат езыри, Iуэху гугъу хуэзакIэ къикIуэтынутэкъым, и дзыхь къызигъэзт, куэд схузэфIэкIыу къилъытэрти, фIыкIэ си цIэ зыгъэIум ящыщт. Гинекологие жыхуэпIэр щIыналъэ щхьэхуэм хуэдэщ, уеблэмэ жыг бзу тIысыпIэм ещхьщ, зым и абгъуэр лъагэу, адрейм ейр нэхъ лъахъшэу ящIми, нэгъуэщI къуалэбзу зыхагъэхьэнукъым, конфликт гуэрхэри къахэхуэми, езыр-езыру зэгуроIуэж, сыту жыпIэмэ, я «щыкъуныр» къызыхэкIыр зыщ – цIыхубз лъэпэрапэхэр арщ. Пэжу, цIыхухъухэр гузэвэгъуэ щыхэхуэ къохъур, уеблэмэ суд Iуэхуми хохуэ. Абдежым хьэм и кIэм псы щIэуэмэ, есыкIэ Iэзэ мэхъу жыхуаIэм хуэдэу, езыхэр псым гъущэу хэкIыжрэ цIыхубзым и закъуэ губгъуэ къыщрани дапщэ...

Варварэ Романовнэ палатэм нэсри наркоз зритыну хъыджэбзми уз дэфтэрми еплъащ, анализ сытхэми хэгупсысыхьри и гур кIуэдыпауэ къигъэзэжащ. Сэ зыгуэр жысIэным сынимы-

гъэсу, бжэр къызэIуихри къыжьэдэхуащ:

– ФыкъыщIызэджам мыхьэнэ иIэу сщIэркъым, – жиIэри. И псэлъэкIэмкIэ гурыIуэгъуэт зэрыщIегъуэжар, пэжыр жыпIэмэ, сэри сщIэрт сымаджэ хьэлъэм наркоз ептыныр зэрышынагъуэр, арщхьэкIэ Iэмалыншэти, Варварэ Романовнэ фIэфIфIэмыфIми операционнэ стIолым къызбгъэдэту сэ сщIэр къыздищIэну къэ-мыувмэ, сэри схузэфIэкIын щыIэтэкъым, арати, сэри, семыубзэ-ми, нэхъ зызгъэIэдэбу, сыкъызыхищIэм си гуапэу селъэIуащ:

– Нэхъапэраще, тIасэ, Iуэхур зыIутым и курыкупсэм хэплъи, зы шанс закъуэ фIэкI мыхъуми, пэрыIэбапIэ гуэр къэгъуэт.

– Сыхэплъа мыгъуэщ. – Варварэ Романовнэ и макъыр езы дыдэм къыхуэмыщIыхужын хуэдэу зэкIуэкIащ, и нэ щхъуантIитIми щIэта мафIэ цIу цIыкIур ункIыфIыжри нэхъ пэтIинэж хъуащ.

–НтIэ сыт хэплъагъуэр?

– Ар цIыху хъужыну си фIэщ хъуркъым. И гугъу умыщIмэ...

– Зы псалъэ жумыIэ фIэкIа. Зы псалъэ. Уэ удохутырышхуэщ, гущIэгъу уиIэщ. Пщыгъупщэжа уэ дэрэ тхузэфIэкIауэ щытар?

Езыми си псалъэр къызэпеуд.

– Ой, Дэфэрэдж Шагировнэ, уэ пхуэзмыщIэн мыгъуэ щыIэ – зыри къимыкIынкIэ сошынэ.

– Умышынэ, лаборантхэм сыкъеджэнщи, икIэщIыпIэкIэ аргуэру анализыр езгъэщIынщ. Уэ хирургическэ наркоз пхует закъуэмэ, адрейр си Iуэхущ. Ассистенту дохутыр еIэзэр къызощтэ, – ассистентыр си гум къыщыкIар иджыпсту дыдэт, Варварэ Романовнэр абыкIэ тезгъэгушхуэн си гугъэу. Зэрыхъуу хъунщ, насып иIэмэ, цIыхубзыр къелынщ, ди мурадыр къыдэмыхъулIэрэ – тлъэкI къэдгъэнэнкъым, Iэмалыншэм сыт епщIэн жысIэу арат зытесщIыхьар. Иужьым сызэпходэIукIри, зэрызгъэщIэгъуэнур сщIэркъым: Варварэ Романовнэ къэзыгъэгузэвар сымаджэр стIолым телъу тфIэлIэмэ, жиIэу аратэкъым. АтIэ? Суд Iуэху хъунущ жаIэу и тхьэкIумэм къицырхъати, къэуIэбжьащ, тхьэм ещIэ запискэ тIэкIу гуэр зэIэпахыу узыншагъэр зи Iэмыщ Iэ илъым я деж яхьащи, ягъэхъыбар. ИтIани Варварэ Романовнэ сэ жысIэм фIэкIыфынутэкъыми, арэзы сыкъищIащ:

– НтIэ абы хуэдизу нэрыгъ щыпщIакIэ, къеджэ лаборантхэм. Уи Iэпэр щабэщ, –жиIэри, дакъикъи дэмыкIыу аргуэру мэкъугъ. – Сымаджэр хьэлъэщ, операцэ мыгъуэр хуэшэчрэ?..

– Уа, зэхэсха мыгъуэщ ар! Куэдкъэ зэ жыпIамэ, тIэу жыпIамэ? НтIэ, лIэуэ телъыр уеплъу бгъэлIэну? Дохутырыр уи натIэм ибукIэну итIанэ – лIо зэрыпщIынур? Анализыр зэрыхъум дегъэплъ зи мыхъуми...

Щытескъузэм, Варварэ Романовнэ жысIэмкIэ акъылэгъу мэхъур, арат абы и хьэлыр: нэхъапэ щIыкIэ зыкъресэри, теп-къузакъэ – IумпIафIэ мэхъужыр. Анализхэри къагъэса щхьэкIэ,

япэрейм нэхърэ зыкIи мынэхъыфIу къыщIэкIащ, арщхьэкIэ укъикIуэт хъужынутэкъыми, отделенэм дохутыру щIэтыр къезджащ. «Хэт ассистенту къэувын?» – жысIэу сеупщIати, псори щым хъуауэ зэхэтщ, быхъи-сыхъи жамыIэу, я щхьэр къыфIэхуауэ я туфлъэ лъапэм йоплъыжхэр, е езыр-езыру зоIущащэ, зохъуцацэ, сэ жысIар зэхамыха хуэдэ, я цIэ исIуэурэ чэзууэ сеупщIмэ, я жэуапыр кIэпIейкIэщ – псоми щхьэусыгъуэ зырыз къагупсысыр: зым тхьэлъанэ ещI хущIэмыхьэну, адрейр Iэтащхьэм деж ирааджауэ къыщIокIыр, ещанэм и жыпым бюллетень кърехри зэрысымаджэр уегъэлъагъур. Сэри къызгурыIуащ: Камизэ и пхъум щошынэри аращ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, сымаджэр стIолым телIыхьыну аращ жызоIэри, абы зэрыжиIам хуэдэу хъумэ, бэлыхь гуэр ухэхуэнкIэ мэхъур.

– Сэри щхьэусыгъуэ хъарзынэ сиIэщ, тIасэ, фи фIэщ мыхъумэ, мис си билетыр. Пщыхьэщхьэ автобусым ситIысхьэнщ жысIати, иджы си автобусри къэнэжащ, – жысIэри си билетыр къэзгъэпIиящ, ЛэтIифэ фигъэшынащ сыт жысIэу къыхэзгъэщакъым.

ЛэтIифэ Iэмал зыхуимыгъуэтыр сэ зыр аращ, сэ кафедрэ сиIэу мыбы си студентхэр къасшэурэ практикэ щезгъэкIуэкIыу аращ, адрейхэр псори абы и IэмыщIэ илъщи, цIутIи-пIытIи жамыIэу жиIэр ягъэзэщIэну я боршщ, емыдаIуэр щIригъэгъуэжыну Iэмал дапщи иIэ – езыми и хабзэжьщ къемыдаIуэр игъэлъэпэрапэу. Аращ дохутырхэр Iэнкун зыщIыр. И IэмыщIэ илъым сазэрыщымыщу, и гурымыкъыр къикIмэ, зыкъысхузэкIэщIеш куэд лъандэрэ.

ЛэтIифэ си бий зэрыхъурэ мащIи щIакъым, диссертацэ щыстха лъэхъэнэм къыщыщIедзэ, абы лъандэрэ куэд дэкIами, нобэ къэс гужьгъэжь и гум къысхуилъщ, и нэм бжэгъуу сыкъыщIоуэ, иджыри щыгъупщэжакъым си диссертацэм тета эпиграфыр: «ЦIыхубзыр къэралым и лъапсэщ, цIыхубзыр фIы хуэзэмэ, къэралри фIы хуэзащ, цIыхубзыр дэхуэхмэ, къэралри дэхуэхащ», – жиIэу. «Дэнэ къыздипхар?» – жиIэу къызэупщIати, «тхылъ гуэрым» жысIэу авторым и цIэ щизмыIуэм, идакъым: «Авторыр къыумыгъэлъагъуэмэ, зыми и фIэщ хъунукъым», – жиIэри. Сэри сыкъызэтреч: «Догуэ, ар зи псалъэр Тагору е Энгельсу уи мыгугъэу пIэрэ?» – жызоIэри. «А псалъэ телъыджэр жызыIэфар Мухьэмэд бегъымбарыр аращ», – жысIэу къысщыжьэдэхум, ЛэтIифэу плъагъум и кIэр исауэ макIуэ-мэлъей, зы кабинетым къыщIэкIым, нэгъуэщI кабинетым щIэлъадэурэ хэIущIыIу ищIащ: «Мухьэмэд бегъымбарым и фIыцIагъэм тещIыхьа диссертацэ!» – жиIэурэ игъащIэкIэ си Iэпэм къыщIэкIам емыджахэр къигъэбырсеящ, узыншагъэм и ужь ит къулыкъущIэхэм деж къыщыщIэдзауэ нэхъ ищхьэ дыдэхэм я деж нэсыху.

Нэхъ кууэ хэплъатэмэ, нэгъуэщI гуэрхэр я нэм къыщIэуэн-

кIи хъунт, фIэгъэнапIэ лъыхъуэурэ, арщхьэкIэ эпиграфыр щалъагъум, я нэм къыщхьэрипхъуэри диссертацэм ныкъусаныгъэ мыхьэнэ иIэу гу лъатакъым, сэри эпиграф тэкIур тесхыжри къызэщ Iэва къомыр увыIэжащ, защитэри пIалъэм хуэзэу зэфIэкIащ. А лъэхъэнэм ЛэтIифэ дэрэ дыщызэфIэкIуэдауэ нобэми аращ, си ужь икIыркъым, зыгуэрым сэр щхьэкIэ жиIэIамэ е итхамэ, занщIэу комиссэр къигъэсынщи, тхьэусыхафэр ягъэныщкIуу е хущхъуэу сымаджэм етхьэлIамрэ къэнэжамрэ зэпалъытэу. Операцэ зи ужь дитыр, насып диIэмэ, фIыкIэ зэфIэкIынщ, зыгуэр къэхъужыкъуэмэ, абы сабэ зэрыдрипхъеинур си нэгу щIэтщ, суд унафэкIэ лIар зэгуэгъэжын хуей хъумэ, комиссэм езыр яхэту къэсынщ, вжесIатэкъэ операцэ фымыщI жысIэу, фыкъызэдэIуакъым, нтIэ, фи цыр фхуэсщынщ нобэ жиIэу. АрщхьэкIэ аракъым сэ Iуэхур зытесщIыхьыр, ЛэтIифэ и дыхумэр къащIихьэмэ, зи щхьэ уназэ щIыхухъу гуэрхэри зэрыщыIэр сощIэр, итIани сызытет гъуэгум сытетыжщ. Анестезиологри къыщIохьэ:

– Iэмал щимыIэкIэ, естынщ наркоз, Дэфэрэдж Шагировнэ, – жеIэри и щхьэр къыфIэхуауэ къоувыр, я тхьэкIумэм зэхихыр яфIэтелъыджэу, унэм дохутыру щIэту хъуар абы йоплъ, сэ сылъэтэным хуэдэу Iэпкълъэпкъ псынщIэ сохъур:

– Тхьэм уигъэпсэу, сыту си гуапэ пщIа, Варюхэ, – жысIэу, сэри цIыхубзым арэзы сыкъызэрищIар си гуапащэ хъуащи, сыт псалъэкIэ мыбы и гур дахэ хуэсщIын жысIэу, си Iупэр зэтож. Модрей дохутыру иувыкIахэм анестезиологым жиIар шэуэ ятехуащ. Абыхэм захузогъазэри яжызоIэ:

– Фэри зэрызигугъа дыдэм хуэдэу фыкъыщIэкIащ. Фи псэр ЛэтIифэ и IэмыщIэм илъ хуэдэ фыщошынэри фи щхьэм фыхуитыжккъым, си акъылэгъу фызэрымыхъунур сымыщIэ фи гугъэт? СщIэрт. Фи щхьэусыгъуэхэр зыхуэдэм сеплъыну арат, фызгъэунэхунут. МащIэрэ си закъуэпщIий утыкум сыкъивнат? ТаблеткэкIэ сымаджэм уеIэзэн нэхъ тынш сыт щыIэ? Езыри хъурейщи, тетIысхьи, джабэм къежэх. ЛэтIифэ жыпIэнущи, таблеткэм тесу уеблэмэ джабэм дэкIыфынущ... Ассистенту сымаджэм еIэзэр къызощтэ, адрейхэр фи унэ зевгъэхьыжми, фыхуитщ.

Си гугъат псори зэрыщIэхыну, операцэ суд Iуэху хъункIэ хъунум пэIэщIэ защIын щхьэкIэ. АрщхьэкIэ си гугъам къыщыщIэкIакъым, зыри пIащIэ-тхъытхъэу щIэкIыжакъым, я пIэ зэритам хуэдэ къабзэу замыгъэхъейуэ зэхэтщ, зыгуэрым пэплъэ хуэдэ. НтIэ, анестезиологым сымаджэм и псэр хэкIыу гу лъита нэужь, гузэвэгъуэр къыстехуэрэ сыгужьеймэ, зызэрысщIыр я нэкIэ зрагъэлъагъумэ, яфIэфIу арагъэнкIи мэхъур, сэри абыхэм гугъу задезмыгъэхьыщэу, анестезиологыр гъусэ сщIыри операционнэм сыщIэтIысхьащ, операцэ къытпэщытым и планым дегупсысу. ТIуми ди гум къэдгъэкIыжащ япэм тщIа операцэхэр, нэхъ гугъуу щытахэр, гу зылъыдмытауэ щыIахэри къэду-

лъэпхъэщыжащ, операцэр щекIуэкIым деж сыт хуэдэ хущхъуэ етхьэлIэнуми диIэрэ димыIэрэ зэдгъэщIащ. Аннэ Павловнэ узыхуей илъэпкъыр къигъэхьэзыращ, иджы аргуэру анализ зэ едгъэщIынщи, Iуэхум и ужь дихьэнщ щыжытIэ дыдэм кIэ-лындорымкIэ къиIукIыу Iэуэлъауэ зэхэтхащ.

Сыту пIэрэ ари зищIысыр? СызыщIэдэIукIмэ, Тамарэ и кIий макъи зэхызохыр, зыгуэрым къигъэгузэвам хуэдэу. А цIыхуб-зым цIыхухъуфэ тет щхьэкIэ, нэхъ хьэтырыщIэ, нэхъ хьэлэл уигъэлъыхъуэнщ, езы тхьэмыщкIэри уэндэгъушхуэщи, и фэр зэкIуэкIащ, пащIэ фIыцIэ тIэкIуи тетщ, къэзылъагъум цIыху-хъум цIыхубз щыгъынкIэ зихуэпа я гугъэщ, ауэ цIыхубзхэр къафIолIыкI икIи фIы дыдэу къалъагъу, хэт сыткIэ къелъэIуами яхуещIэри. Тамарэ бжэр къыIуеудри къызэщIэплъауэ операционнэм къыщIохьэ:

– Дэфэрэдж, къэсамэ, тхьэ, и адэ-анэр. МафIэр къаIуролъэлъ, уафэм къехуэхащ жыпIэнщ, зэуэ сабэ драпхъейри. Дэнэ, жи, ди хъыджэбзыр здэщыIэр? ЯжесIащ: «Операцэ ящI, ущIыхьэну Iэмал иIэкъым», арщхьэкIэ дэнэ – сыгурыIуэркъым: сэращ сабийр зейр, къэзылъхуар сэращ, сывгъэлъагъу иджыпсту! И адэри аращ – исполком-мэспэлком жиIэурэ мэгъумэтIымэ, жиIэр къыбгурымыIуэу.

Тамарэ мыгъуэ игу хэбгъэщIыну Iэмал иIэкъым, ар дапщэрэ абы жесIа. ИтIани хъуркъым. Зэгуэр иджы хуэдэ къабзэу си деж къэсауэ щытащ, зыгуэрым псалъэ гуауэкIэ Iейуэ и гур хигъэщIауэ. «Уэ тхьэIухудыр мелыIычхэр армырауэ пIэрэ лъэщыджэ узыщIар?» – жиIэри ерыщ гуэр къыщIэнэкIати, къегъых мыгъуэу си деж къыщIэлъэдат. ЕрагъпсэрагъкIэ згъэудэIужат: «Умыгузавэ, делэм жиIар хьэ банэ макъыу мэкIуэдыж, уэ уи къалэн и ужь итыж», – жысIэри. Аращ иджыпсту сыщIеупщIар:

– Зэ бжесIауэ щытар пщIэжрэ, тIасэ? – жысIэу.

– СощIэж, тхьэ.

– АтIэ, пщIэжмэ, аращ. Усанитаркэщ, уи мыIуэхум уи бэлагъыр хомыIу. Зи щхьэ узым дохутырыр къегъуэт.

Тамарэ щIокIыжыр, и лъэ макъ хьэлъэ-хьэлъэу зыкъомрэ къоIур, цIыхухъу зекIуэкIэу щIыр ипщ хуэдэу зокIуэ.

Детдом щапIам и директорым мащIэрэ къыжриIа: «ЦIыхухъуу укъалъхуакъым, цIыхубз зекIуэкIэм зегъасэ», – жиIэурэ. Езы Тамари ар и гум къэкIыжмэ, есу дахэу кIуэну хуожьэ, арщхьэкIэ нэхъ дыхьэшхэн мэхъур, лъакъуэ тIощI щIэту хузэкIэлъымыгъакIуэ хуэдэу. И хьэл-и щэн жыпIэнущи – хуэдэ уигъэлъыхъуэнщ, нэкIукIэ мыдахэми, и щытыкIэм, и дуней тетыкIэм удехьэхыр, гущIэгъушхуэ хэлъщ, сыткIи елъэIу – Iуэхутхьэбзэу къыпхуимыщIэн щыIэкъым.

Дохутырхэри зэплъыжащ: ахьа, Камизэхэ я пхъум зэрыжиIа

дыдэр къохъур иджы, жаIэу. Сэри къызгуроIуэж, си мурадым сытету, сызыхэмытын сыхэтыну Iэмал зэримыIэр, итIани операцэ тщIыну цIыхубзым и адэ-анэм захуомыгъазэу хъунутэ-къым – сеупщIын хуейт арэзырэ мыарэзырэ. И щхьэри къыфIэ-хуауэ зи пащIэ псыф хъуа лIы гуэр щыслъагъум, си гум ищIащ ар сымаджэм и адэр зэрыарар, езыми сыкъыщилъагъум, и гур къызэфIэнащ – тхьэм ещIэ, телефоным и Iуэхур и гум къэкIыжа. Сытуи гъэщIэгъуэнт, гъэм и кIуэцIкIэ зэзакъуэ си фэтэрым сыщIыхьати, телефонкIэ сыкъагъуэтащ, мо телефонымкIэ сызыхэмызэгъар къысхуей щыхъум. КъэкIуар район тхьэмадэ къудейтэкъым, ди тетым и IупэфIэгъухэм ящыщ зыт, уеблэмэ хьэщIэ къашэху хэгъэрейуэ япэ зи цIэ ираIуэу къашэр арат. («Къашэху» щIыжысIэр нэгъуэщIкъым, хьэщIэр езыр къакIуэртэкъым, кIэлъыкIуэрти, зыхуей Iуэхугъуэмкlэ нэхъ сэбэп хъунур къашэрти, зыгуэрхэр хуащIэрт, итIанэ зыхуейр мащIэу къыхагъэщрэ гурагъаIуэмэ, Iуэхур зэфIэкIырт). КъэкIуар ещэтэхауэ щысщ, и фызри диваным къегъыхыу исщ. Варварэ Романовнэ цIыхубзым и пульсым еплъмэ – экстрасис защIэщ, итIани дыщэ IэлъынышхуитI дохутырым и халат жыпым къредзэ, «зыр Дэфэрэдж ейщ» жеIэри, арщхьэкIэ Варварэ Романовнэ IэлъынитIри фызым и Iэпхъуамбэ сосискэм ещхьым фIекъуэри, цIыхубзыр жеин щхьэкIэ мастэ хеIури къоувыж. Псори сэ зэрысфIэфI дыдэм ещхьу ещIыр, сэри цIыхухъум зыхузогъазэ:

– Сыту фIыт, на, фыкъызэрыкIуар, хъыджэбз цIыкIур зимыщIэжу хэлъщ, дызэупщIынур дымыщIэу дыгузавэрт. Езы цIыкIу мыгъуэри хьэлъэщ, операцэ дымыщIмэ, шынагъуэщ, тщIым, тхьэм ещIэ зэрыхъунур...

– ЯукIащ, ягъэунэхъури ягъэсэхыжащ, – сымаджэм и анэр къэтэджыну еIэ щхьэкIэ, къару къыхэнэжакъым, къызэфIэувати, аргуэру диваным иджэлэжащ, къугъыу къыщIидзэжати, Варварэ Романовнэ аргуэру зы мастэ хиIужри игъэсабырыжащ. Район тхьэмадэми и гур къызэрыгъуэтыжащ, шляпэ щхьэрыгъыр зыщхьэрипхъуэтри стIолым триушкIумпIащ, и щхьэц тхъуа къинэжа тIэкIур къэубэлэцауэ, мэгъумэтIымэ:

– Дауэ ямыукIынрэ, медицинэр зэрымедицинэу цIыхубзым иратыжащ. Я щхьэцым хуэдэкъым я акъылыр, я щхьэм къихьэр ящIэри, ящIар къемыхъулIамэ, банапIэм зыщагъэпщкIуж, гайщикхэм ещхьыркъабзэу... – абы адэкIэ зыгуэр къыпищэнути, и фызыр къыхэщтыкIыу щызэхихым, щигъэтыжащ.

Сэри сшэчынут сыт жиIами, я сабий закъуэр и псэм еджэу щытелъкIэ Iэджи жаIэнкIи мэхъур адэ-анэм, ауэ цIыхубзхэм я акъылыр я щхьэцым хуэмыдэу кIэщIыщ жыхуиIар хуэздэну Iэмал зимыIэт, арыншэми телефон Iуэхур си гум къэкIыжри зыкъистIащ:

– Мыбы хуэдизу цIыхубз акъылыр фIэгъэнапIэ щхьэ пщIырэ, тхьэмадэ? ЦIыхухъухэм къалъысам хуэдиз акъыл димыIэу щхьэ къэплъытэрэ? Хьэмэ акъылыр щагуэшым дурэшым дыдэса? Фэрмыраур пIэрэ утыкум фыкъиувэрэ цIыхухъури цIыхубзри зэхуэдэщ жызыIэу къавэр? Сыту псынщIэу уи политикэм зихъуэжа! НтIэ, тхьэмадэ, уи пIэ исыж, хьэкъыуи зыпхыгъэкI: цIыхухъум яфIэт щхьэм хуэдэ къабзэщ цIыхубзым яфIэтри, амазонкэ сыт жыхуаIэри хъыбарщ, зы амазонкэ дунейм тетакъым икIи теткъым. ЦIыхухъухэмрэ цIыхубзхэмрэ щхьэ зырызу плъагъу щхьэкIэ, къызэрыкIар зы ныбэщи, я къалэнри зыщ, зым зыр и мыгъусэу я мурадри къехъулIэнукъым, я насыпри текIуэнукъым. ЦIыхухъум цIыхубз щхьэгъусэ иIэу, цIыхубзым цIыхухъу щхьэгъусэ иIэу тхьэм иухащ, утепсэлъыхь щхьэкIэ мыхьэнэ закъуэ иIэкъым. Быдэу ар уи гум игъэлъ, гайщик зи гугъу пщIыхэми яжеIэж. КъыбгурыIуа? – Гайщик сытхэм я гугъу щIэсщIар сызэгуэзыгъэпар зэгуэзгъэпыжыну арат, япэми зэхэсхауэ щыташ Iэтащхьэр щакIуэ кIуэху мыр здамышамэ, IэнэщIу къагъэзэжу.

Модрейри щIегъуэжа къыщIэкIынти, къэгузэващ, си пхъум и гъащIэр зи Iэмыщ Iэ илъым и гур щхьэ зэзгъабгъэрэ жиIэу.

– Уэракъым ар щIыжысIар, уи жагъуэ умыщI...

Нэхъеижу къэгузэвар дохутырхэращ:

– Дэфэрэдж Шагировнэ, операцэ пщIынущ уэ...

Сэри къызгурыIуэжащ зэрезгъэлеяри, нэхъ щабэу жызоIэ:

– Сэри уэракъым щIыжысIар, уи щхьэм хуэдэ мыгъуэ дэри тфIэтамэ, арати. – Си дыхьэшхын къэкIуэжауэ операционнэмкIэ соунэтI, арщхьэкIэ аргуэру си тхьэкIумэм къоцырхъэ: «УлIу пащIэ птету цIыхубз щыгъынкIэ щхьэ зыпхуэпа, зиунагъуэрэ?» – жаIэу. «Тобэ ирехъу, аргуэру Тамарэ тхьэмыщкIэр арагъэнщ ар зыжраIэр», – жысIэу си гум къэкIащ. ИкIи арат. Лъэбакъуэ зытIущ сча къудейуэ, Борей Пыжьынэ шокъу жиIэу сыхуозэ. Дэни къиукI емынэунэу гинеколог ерыщыр сыщыхуэмей дыдэм деж. И нэкIур къэбыфэу, и щхьэц бэлацэр морэу лауэ, и нитIри къиихурэ здэплъэ лъэныкъуэр умыщIэу, армыраур узиIэ Тамарэ цIыхухъуу къызыф IэщIар. Пыжьынэ занщIэу зыкъызидзри си Iэблэр иубыдауэ зыкъыскIэрещIэ, сригухыу сигъэтIысыну еIэ хуэдэ, зыгуэрым къызэригъэгузавэр нэрылъагъущ, сэри абы сы IэщIэкIыну соIэ:

– СкIэрыкI. Щхьэ зыкъыскIэрыбукIа мэлхьэпIатIэм хуэдэу? СхущIыхьэнукъым сэ, операцэ сщ Iын хуейщ. КъыбгурыIуа?

– Операцэ жыпIа? СтIолым телIыхьынщ ар. Унэф? Плъагъуркъэ анализыр? Нэгъуэщ Iым зэрахьа лейр уэ щхьэ къапщтэрэ? ЛэтIифэ жиIэу си тхьэкIумэкIэ зэхэсхащ...

ЛэтIифэ жиIам сыхуеиххэтэкъым:

– НтIэ, деплъурэ дгъэлIэн?

– Ар къелмэ, сэ сыхокIуадэ. – Пыжьынэ и къурмакъейр хи-

чыным хуэдэу къызоплъ, къызгурыIуэркъым мо и псэм еджэжу телъымрэ мыбырэ зэпха щIэхъуар, ущIэупщIэми нэхъеижу дигъэгувэнущи, Пыжьынэ жиIэм семыдаIуэу сокIуэ опера-ционнэм. Бжэм сынэсри зыкъыIэщIэзудщ гъуэгу къызэзымыт-ми, бжэщхьэIум сызэребакъуэу зыгуэрым бжэр иригулIыжащ, Пыжьынэ къыщIимыгъэхьэу. Сыкъызэплъэк Iмэ, Аннэ Павлов-нэщ, езыри къызоупщI:

– Дэнэ къикIа ар? Плъагъурэ, мыукIытэу ар мыбы къызэрыкIуэ.

– Сыту?

– Напэншэ. ПщIэркъэ: абы и къуэр аракъэ мо хъыджэбз хъарзынэр зыгъэунэхъуар. – Дохутырым щхьэ ищIащ операцэм хуагъэхьэзыр цIыхубзым дежкIэ.

– Пэжу жыпIэрэ?

– НтIэ, и анэр и пIэм щIимызагъэр сыт уи гугъэ?

– Щыгъэт. Зы псалъэ жумыIэ абы фIэк Iа: Iэпкълъэпкъ зэIыщIауэ операцэм и ужь сихьэ хъунукъым.

Борей Пыжьынэ зэрысцIыхурэ Iэджи щIащ, криминальнэ аборту абы къыхуэгъуари къыхуэмыгъуари зэхэлъхьи, игъэунэхъуар зыхуэдизыр къэпщIэнщ, ауэ а цIыхубзым и цIэ IейкIэ щыIуар и анэ шыпхъу зи щхьэ закъуэ-зи лъакъуитIу псэуар лIа нэужьщ. Пыжьынэ бэн ишэри к Iуауэ щыташ лIам деж, хьэдэри бэным дилъхьэри игъэщIэрэщIэжащ. Ар хьэдагъэ къэкIуахэм щалъагъум, зырыз -тIурытIурэ щIэкIуэсыкIыжащ, пщIантIэм дэта лIыжьхэри бгъуэтым къащтэ. Пыжьынэ и закъуэ къэнауэ щилъагъум, къэуIэбжьащ, хьэблэм яхэлъадэри зыми къэкIуэн щимыдэм, фадафэжь гуэрхэр къигъуэтри ягурыIуащ къакIуэу лIар щIалъхьэну, езыми хьэдэр щIалъхьэху фадэрэ шхынрэ къигъэхьэзырыну. Ар зэхэзыхами ягъэщIэгъуакъым, Пыжьынэ хабзэри напэри зыщIэса тутнакъэщым къыщIинащ жаIэри.

Операцэр къыщызублэну дыдэм деж сэри си гум къэкIыжащ ди дохутыр гуэр къеупщIыну яшауэ зэрыщытар, иджы ар ПыжьынэукъыщIок Iыр. Абы къуаншагъэ бгъэдэлъу зиумысыжын? Къупщхьэм егъуу къэбубыдами, «сагъызщ» жиIэнущ, абы и къуэм IэщIэщIыхьар иджы дэ зэдгъэзэхуэжын хуей хъуащ, езыр тхьэм йолъэIур: «Ялыхь, а ст Iолым телъ хъыджэбзыр гъалIэ», – жеIэри, и гугъэщ, хъыджэбзыр тIэщIэлIыхьмэ, езыр хейуэ хэкIыу дэ бэлыхьлажьэм дыхэхуэну.

Операцэм къыщIэддзащ. КъыдэувэкIауэ дохутыр къомри щытщ. Псори щым хъуащ, анестезиологым жиIэр зэхыбохыр: «бауэ, тIысэ», «ину жьыр зыжьэдэшэ», «иджыри зыжьэдэшэ». Сэри скальпелыр къэсщтауэ, си пащхьэм илъ хъыджэбз пщIанэм соплъри сигукIэ согъэщIагъуэ мы цIыхубзу дахагъэкIэ уи нэгур зыгъэджылыр джэгуалъэ зыщIам и фэр дауэ IэбжьанэкIэ зэрытомыхынур жысIэу. Сытуи Iэпкълъэпкъ дахэ, и фэри къабзэу хужьыбзэу, дагъуэ мыбы хуэсщIынщ жыпIэну уи псэм имыдэн хэмылъу, и шхужьыр есу, и дамитIри абы хуэдэу, и быдзитIыр

мыIэрыситIым хуэдэу, и бынжэри умылъагъуу– зи, алыхьым къузэритынщ. И ныбэми зигъэхъейркъым, тхьэм ещIэ сабийм зэран хуэхъуа; хъыджэбзыр и дахагъэм удихьэхын хуэдизу гуакIуэт, статуэткэ къытепщIыкIрэ бгъэувмэ, яхуэмыгъэщIагъуэу еплъынт. Иджы абы хуэдиз зи дахагъэу природэм и IэщIагъэ къабзэм скальпелькIэ сыхэIэбэу зэIызгъэхьэн хуейщ, сIыгъ сэр къэзгъэшэрыуэу зэгуэзбзыкIыну си мурадым си нитIыр тызоубыдэ. Зы напIэзыпIэм хъыджэбзым и ныбэр зэгузогъэж. Си щIыбагъым дэт гуэрхэри къыхощтыкI, абы хуэдэр я мыщыпэлъагъуми. АрщхьэкIэ сэ иджыпсту дунейм теткъым зэхэсх икIи адэкIэ-мыдэкIэ сеплъэкIыркъым, си нэм илъагъур си Iэр зэIусэр аращ, а сызэIусэм сыхуосакъыпэ, си пащхьэ илъым и псэр си Iэ ижьым къитIысхьауэ телъэтыкIыну пIэрэ жысIэу си Iэпэр нэхъ щабэ сщIыным сыхущIэкъуу. Си ассистентхэми си жьэм псалъэ къыжьэдамыгъэкIыу сызыхуей инструментыр къысхуаший и чэзум деж, сэри си IэщIагъэм сыдихьэхыжауэ, мафIэ къысщIэнами, си Iуэхур зэпызыгъэун къару дунейм теткъым.

Операцэ щысщIым деж сестра дримыкъункIэ хъунущи, Тамарэ сыкъеджэмэ, мынэхъыфIу пIэрэ жысIати, сыщIегъуэжат, езы Тамарэ лъэщыджэщ, имылъагъупхъэ гуэр илъагъурэ и гур къекIуэмэ жысIэу си гугъэр зэрыхэсхыжар нэхъыфIу къыщIэкIащ. Дохутыр иувыкIауэ щытахэри сэбэп зэрыхъуным и ужь иту, Iэпыдзлъэпыдз хъарзынэу къыщIэкIащ, сымаджэм мастэ хэIун хуей щыхъум, тIум зэуэ зрачащ, абы гу щылъыстэм, къызгурыIуащ ахэр Камизэхэ я пхъум щышынэу зэрыщытар, иджы еплъ, узыхуейр къыпхуащIэнущ, я фIэщ сызэрыхъур абыкIэ уощIэ, сэри согугъу, сыщымыуащэрэт жысIэу.

Операцэри доухыр. ФIыуэ зыхуэдгъэхьэзырати, ди лэжьыгъэр псыхэкIуадэ хъуакъым, зым зыр дыдэIэпыкъуу дыздеIэрти, зы квартет хуэдэщ жып Iэнт цIыхубзиплIу стIолым бгъэдэтам операцэр зэредгъэкIуэкIар къапщтэмэ, дэбгъуэн лъэпкъ щыIэтэкъым, анестезиологым и IэщIагъэм фI ыуэ зэрыхищIыкIыр нэрылъагъут. Иужьым зэрыжаIэжамкIэ, операцэр екIуэкIыхукIэ адэкIэ-мыдэкIэ къипсэлъыкIыурэ телефонкIэ Iэджи къэпсэлъащ, дызыхуэгузэвам къыщIэупщIэу. Хъыджэбзыр къелыкIафIэу къелами, ухуэбэлэрыгъ хъунутэкъым, жэщи махуи уи нэIэ тегъэтын хуейти, си билетыр завхозым естащ, ихьу яритыжыну, Iуэхур и кIэм нэзмыгъэсу сежьэжмэ, пщIэну щыткъым къэхъунур. Асыхьэтым щыщIэдзауэ сымаджэм дытеплъэкъукIакъым Аннэ Павловнэ дэрэ. ЦIыхубзым и ныбэм къитха сабийр лIауэ къитхат, езы сабий тхьэмыщкIэ цIыкIум сэкъат и Iэу къыщIэкIащ, абы и гугъу щытщIын зэман дихуэнщ.

Жэщищ-махуищкIэ си нэбдзыпэ зэтезмылъхьэу сымаджэм, къыбгъэдэкI симыIэу, си нэIэ тезгъэтащ, хущхъуэ ар зыхуей

есхьэлIэурэ, ещанэрей махуэм абы хуэдизу сызыхуэгузавэм зыкъищIэжауэ къыщIэкIынти, и нэ дахитIыр къызэтрихри псалъэ къыжьэдэмыкIыу, мащIэу къыпыгуфIыкIащ. Шэнтщхьэгуэр нэхъ гъунэгъу сщIыри сыбгъэдэтIысхьащ, и натIэ пщIэнтIэпсым псыф къиищIам сытеIэбащ, абы хуэдизу сэри сыгуфIэщауэ жесIэн псалъэ къысхуэмыгъуэтурэ мащIэри сызэIынауэ сыщыса, итIани си гум жьы дихужауэ си жейри стеужат, зыкъищIэжащи, адэкIэ зыгуэр хъунщ, жысIэу. Си нэпситIри къыщIэжат, си гур къызэфIэнауэ, езы цIыхубзым къызэIуща-щэ хуэдэу и жьэм къыжьэдэкIыу:

– Мамэ, – жиIэ хуэдэу зэхэсхати.

Наркоз иратар иджыри пкърыкIатэкъыми, и нэр къыщхьэрипхъуауэ зэрыщытыр сэ сщIэрти, згъэщIэгъуэххэнукъым и анэу сыкъыфIэщIами, арщхьэкIэ срианэу къыфIэщIауэ аратэкъым, шэч хэмылъу, гу лъитат и ажалыр зэрыщхьэщысхам.

– Сыт, си дахэ цIыкIу, нэхъыфI укъэхъуа? – жысIэу сеупщIати, си макъыр къэзмыщIыхужын хуэдизу зэкIуэкIат, итIани пщыгъупщэ хъурэ дохутырыр мычэму сымаджэм епсэлъэн зэрыхуейр. – УщIэгузэвэжын щыIэжкъым, операцэр хъарзынэу зэфIэкIащ.

ТIэкIу дэкIри сымаджэм зыкъищIэжыпэу хуежьати, хэт ищIэрэ и гум къэкIар:

– Си фIэщ хьуркъым, дуней нэхуу пIэрэ мы слъагъур. – ЦIыхубзым и нитIым нэпсыр щIэз хъуати, къыщIэжри и нэкIущхьэ къэуцIыплъам къытелъадэри и щхьэц фIыщIэ щIакIуэм хуэдэм хэхуащ, сэ си нэпсри схуэубыдатэкъыми, езмыгъэлъагъун щхьэкIэ зытезгъэщIати, и гу цIыкIур къызэреуэр ззхэсхырт. Си гумрэ си щхьэмрэ зэрыубыдыжауэ сыкъызэфIэтIысхьэжри си щхьэм къихьэр жысIэу къэзублащ:

– АтIэ аракъэ, дунеир аращ нэху щалъагъур. Уи анэри сыту гуфIэну иджы укъилъагъумэ, уи адэ жыпIэнущи, ари аращ. Уэри ухъыджэбз хъарзынэ цIыкIуу укъыщIэкIащ, зэрыплъэкIкIэ укъыздэIэпыкъуащ, зи, укъикIуэтакъым. – Абы къикIуэтыпIэ зэримыIари сщIэрт, операцэ гугъур наркозыншэу зэфIэкIрэ?

Сымаджэр и закъуэу, палатэ цIыкIу гуэр щыIэти, щIэзгъэгъуэлъхьащ, сэри схуэмышэчыж хъумэ зыщызгъэукIуриин хуэдэу кушетки щIэзгъэувэжри. Армырмэ, Сэлимэ (хъыджэбзым и цIэр арат) къыкIэлъыкIуэр, къыщIэупщIэр куэдынут, абы ищIыIужкIэ хъыджэбзым суд Iуэху къылъыкъуэкIмэ, следователь сытхэри къэкIуэнкIэ мэхъу, уеблэмэ сэр щхьэкIэ зэпхыжаIыкIыу зэхэсхащ «и щхьэм щошынэжри зефыщIыж» жаIэу. Дауэ сегупсысми, си акъылым къиищтэркъым си щхьэ сыщIытешыныхьынур.

Дэнэ щысщIэнт Пыжьынэ санитаркэ Тамарэр игъэшынэу запискэ гуэр къыIэщIихыну зыкъомрэ и ужь итауэ. А запискэр сэ стха я гугъэу иджы сэ къысщабзыщIыж. Пыжьынэ санитар-

кэр хуэмыгъэшынэу иджы йоубзэ, йодэхащIэ, къегъэгугъэ сымаджэщым щIэкIыжмэ, увыпIэфI къыхуигъэуэтыну, тхылъымпIэ тIэкIур къыхуигъэуэтрэ кърит закъуэмэ, арщхьэкIэ Тамарэ цIыхубз губзыгъэщ, запискэм си Iэ телъу зэхихащи, зыхигъэзагъэркъым, «Дэфэрэдж и зэран къызыхэкIын Iуэху сыхыхьэфынукъым» жиIэу.

– Дэнэ ар къыздисхынур? Сыхуейкъым икIи сыкIуэнукъым, – жиIэу пеупщIыр.

Модрейри къыщхьэщилъэфыну хьэзырыпсщ.

– Узэплъыжыркъэ, нэгъуэщI мыхъуми. Уи лъхуэныр нобэ-пщэдейщ. Дэнэ уздэкIуэнур уи сабийр уи Iэблэм теупцIауэ. Дунейр къутэху больницэм ущIагъэтын уи гугъэ сымаджэм хуагъэхьэзыра факъырэ шхыныр яфIэпшхыу? Дэфэрэджщ мы-бы укъэзышари къыхуадэххэнукъым, узыщымыгугъын ущы-мыгугъыу сызэрынолъэIу тIэкIур къысхуэщIэ, сэ схузэфIэкIри плъагъунщ.

– Сэ сшхы факъырэ шхыныр сэ къызолэжьыж, жэщ-махуэ симыIэу. Запискэм щхьэкIэ Дэфэрэдж сеупщIынщ…

Тамарэ и псалъэр Пыжьынэ зэпеуд:

– Псалъэ жепIэнкъым! Псалъэ закъуэ! Уи псэр хэсхынщ, и тхьэкIумэм ибгъэцырхъэнщи.

А тIур зэгурымыIуэу я псалъэмакъыр абдеж щаухами, Тамарэ и къек IуэкIык Iам щыгъуазэ зытщIынщ, цIыхубз уэндэгъур санитаркэу сымаджэщым щIыщIэтыр къыбгурыIуэн папщIэ. Абы къыщыщIа къомыр узижагъуэм и махуэщ, а псори зэуэ дауэ зэбгъэзэхуэн, иджыпсту зи гугъу щIыпхъэр зы мащIэ тIэкIущ. Езым и ныбжьэгъу цIыхубзхэм я щIыкIэу унэм къызэрыщIыхьэу си пащхьэм зыкъридзэри си лъакъуитIым IэплIэ иришэкIауэ зыкъыскIэреукIэри къегъыхыу къеублэ: аборт сумыщIым, тIэу семыплъу зызукIыжынущ жиIэу. ЕрагъпсэрагъкIэ кушеткэм изогъэтIысхьэри сыпкъроупщIыхь, къыщыщIа псоми содаIуэ, жиIэр уи фIэщ мыхъуну Iэмал зимыIэщ, зыщIэлъэIур хуэпщIэ хъунут, итIани нэхъапэ щIыкIэ гурызгъэIуэнщ лъхуэмэ зэрынэхъыфIыр жысIэу сеущийуэ къэзублащ. И насыпыжьти, сэ къыспэщIэхуащ, армырмэ хэт ищIэрэт абы и Iуэхур зэрыхъунур, езыри цIыхубз Iущу къыщIэкIащ, жепIэр зэхищIыкIыу, екIуэл IапIэншэуи къэнати, сымаджэщым санитаркэу щIэзгъэуващ, хъарзынэуи мэлажьэ, жыIэдаIуэщ, и чэзур къэсмэ, лъхуэнщи, итIанэ зэрыхъум деплъынщ.

Тамарэ кIэлындорым тету Пыжьынэ къыхуэзати, лъэныкъуэкIэ иришэкIри къыжриIащ: «А делэжь, запискэ тIэкIу мыгъуэр зыщIыпIи кIуакъым, СэлимэIэщIэкIыу, щIыхьэ абы дежи адэкIэ-мыдэкIэ дэплъи, къэбгъуэтынщ», – жиIэри, арщхьэкIэ идакъым, щхьэусыгъуэ гуэр къигъуэтри зигъэкIуэдыжащ. Сэри къызжаIэ: «Камизэхэ я пхъур къыпхуейуэ уигъуэтыркъым», – жаIэри.

Къоджэр нэхъыжьщ, жаIэри, сэри сыщIэкIрэ сежьэмэ, Тама-рэ къуэгъэнапIэм къуэту сыхуозэ, сеупщI сыту и ужь симыту унафэ хузощI:

– КIуэ, Сэлимэ деж. Псэ зыIут щIомыгъыхьэ абы и палатэм, – жызоIэри.

– Пыжьынэщ абы и деж щIыхьэну пIэцIеижыр.

– ЩIэбгъыхьэ мыхъуххэнур аракъэ, на! Ар сыту къыбгурымыIуэрэ иджыри къэс.

– КъызгурыIуащ, тхьэ.

– НтIэ зегъэхь. Жыжьэу щIомыгъыхьэ.

Сэри къыслъыхъуэу сызымыгъуэтым дежкIэ соунэтIри сыпIащIэ-сытхъытхъыу сокIуэ, сымаджэм къыщIэупщIэну арауэ къыщIэкIынщ жызоIэри. АрщхьэкIэ дэнэ! БжэщхьэIум сызэребакъуэу гу лъыстащ абы сымаджэр къызэрыфIэмыIуэхум. Езым, зигъэбэлыхьу, и нэщхъри зэщIэукIауэ, дуней лъэкIыныгъэр и закъуэ къылъыса хуэдэу стIолышхуэ тхылъымпIэ зытезым бгъэдэсщ, и Iэ лъэныкъуэр телефоным телъу; кабинетым дыхумэр щIэтщ. ТIыси жимыIэу, IэпхъуамбитIым къыдэпIиикI тхылъымпIэ тIэкIур къысхуеший:

– Мыр сыт?– жеIэри.

Запискэ тIэкIум соджэри къызгурыIуэркъым, абы ит псалъэ тIэкIу дыдэр хъэтI Iей дыдэкIэ тхат: «Катуша очен прошу сделат то что просит Лидочка Батракова. Дэфэрэдж». КъызгурымыIуэу сыщIоупщIэ.

– Хэту пIэрэ Лидочкэ Батраковэр?– жызоIэри.

ЛэтIифэ и макъым нэхъ зрегъэIэт.

– Уэращ сэ сызэупщIыр. Уэ умыщIэм, хэт зыщIэнур?

Сэ сыкъыпогуфIыкIри си Iупэр сфIызэтож, сыщIэгуфIэр сымыщIэжу, мо псалъибл къудейм, щыуагъиплI хэту ятхам, си цIэр щIыхэтри къызгурыIуэркъым.

– Пызыхыжари сэращ.

– Уи Iэ телъщ.

– Си Iэ телъми, си хъэтIкъым. Плъагъуркъэ?

ЛэтIифэ мафIэу къызэщIэнащ, фыз уэндэгъуущэщи, зытес шэнтыр мэкIыргъ зыщигъазэкIэ.Дауи мыкIыргъынрэ: япэм зыгуэру зыкIэлъыплъыжу щытами, иджы игъуэтыр ешх, щэныбэжь хъуащи, ищIэнур ищIэжыркъым, и Iэпэ лахэм Iэлъын зырызыххэ ярылъщ, и туфлъитIри Iэпхъуалъэм ещхьу и лъащхьэр къыдихужауэ лъапэм фIэIуащ.

– Мыракъэ уи Iэ хъужыр? – жеIэри ЛэтIифэ и Iэпхъуамбэшхуэ сосискэм ещхьымкIэ «Дэфэрэдж» жыхуиIэ псалъэм тоIэбэ, абы хуэдиз щыуагъэ сэ зэрызмыщIынур ищIэ пэтрэ.

ЗанщIэу сыкъэуIэбжьащ, си къыпыгуфIыкIынри пызочри зыхызощIэ запискэ емынэунэ хъуным си цIэ щIытетыр. Алъандэрэ ар сыту си гум къэмыкIарэ жысIэу си щхьэм мыгъуагъэ хузохьыж. Сэ сызыщыгугъа, мыр къыщыщIэкIа – шурэ

лъэсрэ я зэхуакущ, арщхьэкIэ мо прокурору зыкъызыфIэщIыжа цIыхубзым сеплъри занщIэу сыкъэдыхьэшхащ.

– Уи фIэщу жыпIэрэ ар? Си диссертацэр Iэрытхыу тхауэ уэстати – пщыгъупщэжа? Си хьэтIыр уэ умыщIэмэ, зыщIэн дунейм тету сщIэркъым, «болтотерапия» жызыIар уэрати.

– Уи хъэтIым зихъуэжынкIи мэхъу. Абы лъандэрэ мащIэ щIа!

– Си «личнэ делэм» куэд щIакъым узэреплърэ – зихъуэжамэ, плъагъунт.

Си диссертацэм и гугъу сымыщIыххами, нэхъыфIт, абы Камизэхэ я пхъур къигъэгубжьын фIэкIа, фIы къыхэкIынутэкъым. ЛэтIифэ и нэкIу къитIэтIыкIам сызэреплъу ар си гум къэкIащ, и нэкIущхьитI сэхусэплъ зэуам мафIэ къащIэна хуэдэт. ИгъащIэми аращ: медицинэмрэ цIыхубзым и ныбжьымрэ зоныкъуэкъу, уи ныбжьыр хэкIуатэмэ, косметикэр сэбэп зэрыхъум хэщIурэ макIуэ.

ЛэтIифэ еплъ: студенткэу щыщыта зэманым нэхъ дахэ уигъэлъыхъуэнт, арат дохутыру куэд дыдэрэ ямыгъэлажьэу къулыкъуфI къылъысауэ щIыщытар, арщхьэкIэ делагъэ куэдыщэ IэщIэщIыхьурэ къыщхьэщыжхэр щIригъэгъуэжащ, нэхъыбэу зыхэтыр цIыхухъу защIэти, къыпылъ гуэрхэри къащыхэкIым, и лIым гу къылъитэри сабэр дрипхъейуэ хуежьащ, «уизгъэкIыжынущ» жиIэу. ИригъэкIыжмэ, къыхуамыдэну къыщищIэм, езым рестораным тет цIыхубз дахэ гуэрым зыкъыпригъэхыу къиублащ, и фызыр абыкIэ нэхъ IумпIафIэ ищIын и хьисэпу. Рестораным зэреджэр «Фызым япэ IэщIэу» жаIэу арат, и цIэ дыдэр ящыгъупщэжауэ, официанткэу абы щIэтыр хъыджэбз дахэ защIэти, зэ ущешха-ущефамэ, томыгъэзэжыну Iэмал зимыIэт. И гуфIакIэ «хуабэу» хэт рестораным щIыхьами, сом и жып имылъыжу къыщIэкIыжырт, и ахъшэр хъыджэбз дахэхэм я деж екIуэсэкIауэ.

ГъэщIэгъуэнри аратэкъэ: зыми хьэрэм ишхауэ гу лъататэкъым, яшха-ирафам и уасэр щаткIэ счетым псори тэмэму иратхэрт, сыту жыпIэмэ, абы я директор Раисэ МуратовнэкIэ зэджэр ткIийт, лей иратхауэ илъэгъуакъэ – зэфIэкIат, официанткэр тримыгъэкIыну Iэмал зимыIэт. Езыми хэхъуапIэ гуэр иIэт – дэнэ къикIыу? Iэмалрэ хьилэкIэ уищэу укъищэхужын жыхуаIэм хуэдэт.

Фургоным изу абы лы къишэу къэсыжыху къишэм и хьэлъагъым къыхэхъуауэ къэсыжырт, лыр стIолым трилъхьэрэ жэщым нэху кърригъэкIамэ, лы щтар выжрэ псы зыщIифа нэужь хъарзынэу къыхэхъуэрти, тIуми я зэхуэдэ щэхуу хэкIыпIэ хъурт. Абы нэмыщIуи щыIэт «къигъэхъуапIэ». Ботэх гъэмахуэм Iэщыхъуэхэм я деж кIуэрти, мэл е Iэщ къищэхурт пуду, къезыщэхэр ицIыхурт, къацIыхужырти, хъарзынэу зэгурыIуэрт, щхьищ-плIы лейуэ къимышэу зэи къэкIуэжыртэкъым. Раисэ Муратовнэ и кабинетым щIэтт блын псор иубыду холодильнэ

установкэ, дэмылъ шхыныгъуэ щымыIэ жыхуаIэм хуэдэу, абы дэлъри «лей» хъуауэ арт, зыщIыпIи имыту.

ЛэтIифэ абы пеуэфынутэкъым, къыпылъыну хуежьахэм ягуригъэIуащ зэримыдэнур, зы Iуевгъэх жиIэ хуэдэ щIыкIэу.

Си гумрэ си щхьэмрэ зэрыгъуэтыжауэ сэри зызохъунщIэ, ЛэтIифэ жиIэр сымыдэу:

– Пэжу, анонимкэ щатхкIэ я хъэтIыр яхъуэжауэ ятх, щыуагъэхэри хэту. Мыр анонимкэу щытатэм, си цIэ тетрэт? ИтIани, хэкум си закъуэ уи гугъэ Дэфэрэдж зи цIэу исыр?

– Уи закъуэщ, тIасэ, уэ зым фIэкIа Дэфэрэдж зи цIэ хэкум искъым: дыщIэупщIащ, зэдгъэщIащ, зыумысыжи, нэхъыфIщ.

– ЛI о скIэрылъыр зызумысыжыну?

ЛэтIифэ нэхъ зэгуэпауэ мэпапщэ, зретIыхь -зрелъэфыхьри къызощ:

– Зумыумысыжынумэ, зегъэхь, – жеIэри.

Сыкъыщолъэтри бжэм нэс сыщIихьауэ сок Iуэ, арщхьэкIэ бжэкъур зэрызубыду, Iэнкун сыхъуауэ сыкъоувыIэ, къызогъэзэжри, сабырыфэ дыдэ зытезгъэуауэ зызгъэгусауэ жызоIэ:

– Сэлимэ дауэ щыт жыпIэу сыту ущIэмыупщIарэ, уэрати ар стIолым телIыхьыну жызыIар.

– Бэдракъ Лидэ зи гугъу пщIыр?– жеIэри езыри къызоупщIри ар шэуэ къыстохуэ.

– Хэт и Бэдракъ Лидэ? –жызо Iэри зызогъэщэтэх, си лъакъуитIыр къыщIэмыувэжу. Иджыщ нэхъ гъэщIэгъуэныжыр къыщысщIэр. Аннэ Павловнэ Пыжьынэ щхьэкIэ жиIари си гум къокIыжри си дежкIэ иджыри къэс ягъэщэхуар нахуэ мэхъу. Зэанэзэкъуэр зэщхьыркъабзэу къыщIэкIащ: щIалэм хъыджэбзыр къигъапцIэри зэришащ, иджы пцIы гъущэ защIэк Iэ хейуэ хэк Iыну и мурадщ, и анэм псори ещIэ, арщхьэкIэ и къуэм щхьэкIэ къэхэшэн? А емынэ шырым зыхыхьэ псыр игъэутхъуэу къежыхь, езым иригъэтхауэ щыта запискэ тIэкIур къигъуэтыжмэ, укъэслъэгъуакъым, сыплъагъужакъым. Аборт зыщIыну зыхуэмыщIа дохутырым зиумысыжынукъыми, хэхащ, зылъэгъуауэ щыхьэт къэувын щыIэххэкъым. Ботэхрэ Сэлимэрэ Санэкъуей къалэм си цIыхугъэ дохутыр, сэбэп къыфхуэхъун щыIэщ жиIэу зыгъэкIуар Пыжьынэт, Сэлими махуищ отпуск къыIихри ежьат, арщхьэкIэ дохутырхэм щагурымыIуэм, Ботэх телефонкIэ и анэм къепсэлъащ. Пыжьынэ мыгузавэу хъунт, сэ стхауэ умытхыу Дэфэрэдж и Iэ телъ хуэдэу тIэкIу уцIырхъи, ет жиIа щхьэкIэ, ари хъуакъым. Дохутыр нэхъыщхьэм запискэр къигъанэри модрейхэр къыщIигъэкIыжат. Ерагъпсэрагъыу Ботэх дохутыр щIалэ гуэрым гурыIуащ, рестораным к Iуэуэ тIэкIу зэбгъэдэса нэужь. Запискэм къимыкIар Iулъхьэм къикIын хуейуэ арат, арщхьэкIэ Iулъхьэ Iызыхами и мурадыр къехъулIакъым: хъыджэбзыр лIэн-къэнэн щыхъум, къэгузэвэжащ,

къысIэщIэлIэмэ, бэлыхь сыхэхуэнщ жиIэри зэгуигъэжа сыт щыIами, зэгуидэжри щIалэм къылъридзэжащ, икIэщIыпIэк Iэ шэж жиIэри. Ботэх ахъшэ игъэкIуэду есатэкъым, уэстар къызэтыж жиIэным нимыгъэсу иратам хуэдэу пщIы къыхуишиящ, «сывмыIуэтэж» закъуэ жиIэри.

Арати, Ботэх пхъур зи пхъум я деж къишэжри я унэ щIыхьэпIэм деж къигъэтIылъыжащ, езыр тIэу-щэ бжэм еуIури, зыгуэрым бжэр къыIуихыу щилъагъум, къуэгъэнапIэм зыкъуидзащ.

И пхъум и къугъ макъыр зэхихрэ и анэр къыщIэкIмэ – хъыджэбзыр дэкIуеипIэм телъу елъагъури гужьеяуэ унэм щIелъафэ, дыгъу сыт къефыщIэуа къыщохъури. И пхъур гъуэлъыпIэм ирилъхьэри телефоным ежэлIащ, милицэ къриджэну, абы гу щылъитэм, Сэлимэ къэгужьеяуэ къыщылъэтащ, псэ зыIутым укъеджэнкъым, милицэ дэнэ къэна жиIэу, езыми зигъалIэмэ, нэхъ къещтэ къыщыщIар хэIущIыIу хъу нэхърэ.

– КъыпщыщIа мыгъуэр сыт, си хъыджэбз цIыкIу? – и анэми и гур къызэфIэнащи, ищIэнур ищIэркъым. – ЖыIэ, яхуэфащэ хъун къэзгъуэтынщ.

Хъыджэбзым и гугъу ямыщIу къагъанэмэ, абы фIэкIа зыхуей дунейм теткъым.

– Умыгузавэ, къэхъуа щыIэкъым, щIыIэ схыхьа хъунщ, тIэкIу сыхэлъмэ, сыхъужынщ. – Сэлимэ и анэм елъэIуащ, и адэр къэкIуэжмэ, зыри жримыIэну, и пэшымкIэ и псэр нихьэсыфа къудейуэ пэшыбжэм IункIыбзэ къритри гъуэлъыжащ.

Жэщым унагъуэм щIэс жеякъым, Сэлимэ и анэр зигъазэзыкъигъэзэжу жейм емызэгъыу хэлъащ, Сэлими и кIуэцIыкIым мафIэ къыщIэнауэ и диным йокI, е сыкIиин, е сшэчын жиIэу и щхьэм тошыныхьыж. И адэр жэщыбгъым фIэкIауэщ къыщысыжар, зэанэзэпхъум жейнэпцI защIауэ заущэхури хэкIуэтауэ къэсыжам гу лъамыта хуэдэу защIащ, арщхьэкIэ ар зэрыщIэкIыу, хъыджэбзым и анэм зыми емыупщIу дохутыр жэри къишащ. Ерагъыу къаша дохутырым цIыхубзым и узыфэм гу лъита-лъимыта – куэдрэ къемылIалIэу кIэбгъу ищIри щIэкIыжащ, хущхъуи къримыту. Ауэрэ Сэлимэ къызэщIэплъауэ жьэражьэу зыкъимыщIэжу Iуэщхъуу и анэр къогузэвапэ. Абы нэхъейуи и лIым щимыбзыщIаи и пхъум къыщыщIар. Иджы дэнэ ар къыздипхыжынур, еуэри мэзым щIыхьэжащи, тхьэм ещIэ къыщигъэзэжынур. Мис абдежщ «скорэр» къэсу Сэлимэ сымаджэщым щашар. Аннэ Павловнэ занщIэу къищIащ цIыхубзым къылъыса щIэщхъур, хущхъуэу ехьэлIапхъэу щыIэр ирихьэлIэурэ еIэзэу хуежьа щхьэкIэ, цIыхубзым и Iуэхур нэхъ Iей хъу фIэкIа, нэхъыфI хъуркъым. ИтIанэ сэращ япэ къагъуэтар. Запискэ тIэкIури икIэщIыпIэкIэ Санэкъуей дэт сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэм тхьэм ещIэ зэрыIэщIыхьар, IэщIыхьати, Камизэхэ я пхъум деж къригъэхьыжащ, мыбы фыхуеинкIэ

хъунщ жиIэу.

Куэд щIауэ сэри си къалэ фэтэрым сыкъыщIыхьатэкъым, мычэму къуажэм сыщыпсэурт, кIуэркъэкIуэжу си лэжьапI эм сыIуту. Иджы Сэлимэ и палатэм сыщ Iохьэри абы хуэдизу дызэлIэлIа хъыджэбз дахэ ц IыкIур нэжэгужэ къэмыхъужами, мащIэу къыпыгуфIыкIыу солъагъури сэри си IупитI ыр сфIызэтож. ГъуэлъыпIэм шэнтщхьэгуэр бгъэдызогъэувэри сыбгъэдотIысхьэ, и натIэм Iэ дызолъэ.

– Дауэ ущыт, си дахэ цIыкIу?

Сымаджэр къызоплъ, и нэ дахитIыр къыстенауэ, и Iупэри мэпIэжьажьэ, зыгуэр жиIэну хужымыIэ хуэдэ. Си дежкIэ гурыIуэгъуэщ абы и щытыкIэр, наркозыр занщIэу пкъырыкIыр-къым сымаджэм. Сэлимэ шхыIэным къыщIэIэбыкIри си Iэр къиубыдащ, гуащэ иIыгъ хуэдэ и бгъэгум ирикъузылIащ, сэр щхьэкIэ и гум IэфIагъррэ гуапагъррэ зэрилъым гу лъызигъатэу, сэри сыщыгуфIыкIырт зыкъызэрищIэжым щхьэкIэ, си тхьэкIумэми къицырхъащ:

– Дэфэрэдж, – жиIэу ерагъыу и жьэм къыжьэдэкI ащ.

– Сыт, си дахэ цIыкIу? Си цI эри къэпщIаи.

– Уи цIэм хуэдэцIэ зэхэсхакъым. Дэфэрэдж, – жиIэри Сэлимэ си Iэм ба къыхуищIыну хуежьати, здакъым.

– Муслъымэн диным щимыхьэм щыгъуэ цIыхубз Iэджэми фIащу щытагъэнщ абы хуэдэцIэ. Си анэшхуэм зэреджэу щытар Дэфэрэджщ. Си анэр аращ ар къысфIэзыщар, – сымаджэм мыр сыту пIэрэ жиIэу зыгуэрым щIэупщIэм зыщIэупщIэр жеIэн хуейщи, сэри къыпызощэ. – Си анэшхуэри! Ар сыт хуэдэу щыта жыпIэркъэ. Фызабэу къанэри вакIуэ дэкIмэ, ядыдэкIрэ вэуэ, мэкъуауэ кIуэмэ, ядэкIуэрэ мэкъу ядеуэу, абы ищIыIужкIэ фыз Iэзэу щытащ, къытекIуэ хэкум имысу. Тырку пащтыхьым и гаремым щIэс фыз къомым емынэр къащыхыхьэм, сультIаным кхъухь къигъакIуэри си анэшхуэр иригъэшауэ щытащ: «Истамбыл дэлъ мылъкур узот, емынэм цIыхубз дахэ къомыр къебгъэлмэ», – жиIэри.

– Къригъэла?

– КIуауэ щытащ, удз хущхъуэр кхъухьым из ищIри.

– Пэжуи? Абы и гугъу къысхуэпщIатэми...

– ЛIо, си анэшхуэмрэ сэрэ дызэпэплъытыну ара узыхуейр? ТIури ды -Дэфэрэджщ – дызэпэлъыт.

– Езы пащтыхьым къигъакIуэу?

– Езы пащтыхьым къигъакIуэу, тхьэ.

– Хэт мыгъуэ емыдэIуэнрэт абы.

– Ухуей уедэIуэну?

– Iейуэ.

– НтIэ уезгъэдэIуэнщ, тIасэ, тIэкIу укъэбэдзэуэжа нэужь, и пэм къыщыщIэдзауэ и кIэм нэс бжесIэнщ,– жысIэу сымаджэр къыщIэзгъэгугъэн гуэр хэмылъу къэзгъэгугъакъым.

Ижь-ижьыжкIэ къогъуэгурыкIуэ хабзэшхуэу щIопщакIуэ жыхуаIэр. Пасэрейхэм я пщIыхьэпIэм къыхэхуэу щытакъым нобэ узыр зыхезымыгъащIэ хущхъуэу диIэр, итIани уIэгъэ сытхэм щеIэзэкIэ, узыфэ Iей зэфыкIхэр нэхъ тегъэуа хъун папщIэ, щIопщакIуэ ящIу щытащ: уIэгъэм щеIэзэкIэ уэрэд жаIэу, гушыIэу, ислъэмей ящIу, уеблэмэ цIыхубзыр лъхуэуэ щытелъым деж хъыджэбзхэр зэхуашэсрэ уэрэд жрагъэIэу щытащ. Шабзэшэ зытехуам шабзэшэр къыщыхачыжкIэ тхьэм елъэIуу уэрэд жаIэрт уIэгъэр е емыкIуэн щхьэкIэ, тхьэгъуш, гъущIыкIэ гуэр къахьрэ фIадзауэ хэт къыщIыхьэми уадэкIэ абы емыуэну Iэмал имыIэу.

ФэрэкI уэрэдым хэтщ:

*ТхуэмыфэджэркъэкIуай,*
*КъытхуэкIуари щыгъищт,*
*Щыгъищ пэтрэ зырызщ,*
*Зырыз дахэу гъэтIыс…*

Иужьым абы хуэдэ IэзэкIэм мелодие терапиекIэ еджэ хъуащ, ягъэхъужыну зи ужь ит узыфэр зищIысым елъытауэ. Пэжу, япэм щIопщакIуэм шейтIани, жини, алмэстыи – Iэджэ пыщIауэ щытащ, иджы а къомыр пыгъэлъэлъыжауэ щIопщакIуэр цIыхум нэхъ сэбэп зэрыхуэхъунум хуэдэу гъэкъэбзэжамэ, дохутырым я арсеналым хэбгъэувэмэ, ягъэ кIынукъым, псом хуэмыдэу операцэ ящIа сымаджэм ущеIэзэм деж къэбгъэсэбэпу. Адыгэм тхылъ сыт яIэу щымытами, куэд къагъэгъуэгурыкIуащ, Iэджэми гу лъатащ, уз, уIэгъэ гъэхъужынкIи зыщыгъуазэу, зыхащIыкIыу щытар мащIэкъым, урикъуни цIыхур фэрэкI мыхъун щхьэкIэ яхузэфIэкIыу щытам: сабий фэрэкI хъуам бгъэдагъэгъуалъхьэрт лажьэ зимыIэ сабийри, фэрэкIыр мащIэ тIэкIуу кърагъэуалIэрти, езыр-езыру хъужырт, иммунитет игъуэтырти, псэуху фэрэкI хъужыртэкъым. Иджы ар пхузэфIэкIын папщIэ, сывороткэ хэлъу хущхъуэ сабийм халъхьэ.

Адыгэ IэзэкIэм теухуауэ си диссертацэм зы пычыгъуэ ин хэтщи, хуей щыIэмэ, иреплъ. Сэ Сэлимэ и нэгу сиплъэн хуэдэу сотIысри къыщIэздзэну сыхьэзырыпсщ, сыту жыпIэмэ, си хъыбарыр пычыгъуэ-пычыгъуэу зэпычащ, езгъэдаIуэр сымыгъэзэшын папщIэ. Си сымаджэми, тхьэм ещIэ, зыгуэр къеIущэщ: «Зыгъэхьэзыр, хъыбар уедэIуэнумэ», – жиIэу. Сымаджэщми Iэуэлъауэр мащIэ щыхъуащ, сымаджэхэм хущхъуэ зрахьэлIапхъэр зрахьэлIэри зэгъэжащ.

Сымаджэм соупщI:

– Хущхъуэм уефа? – жызоIэри.

– Таблеткэри?..

– НтIэ, тIасэ, уи тхьэкIумэ дахэ цIыкIуитIыр тегъэхуауэ къедаIуэ…

* * *

Си анэшхуэм зэреджэр Дэфэрэджт. Пасэу фызабэу къэнащ, бын закъуэ фIэкIа и лIым дигъуэтакъым, и щхьэгъусэр дунейм ехыжа нэужькIэ езы фызабэр дэкIуэжри илъэсищэм щIигъу къигъэщIащ и къуэрылъху бынунэшхуэм яхэсу. «Си убых къэбыш» жиIэмэ, и лIыр арат зи гугъу ищIыр, къэбышхкIэ абы уеджэнри тэмэмтэкъым, мычэму пщыр зекIуэ кIуэху ар и мыгъусэну Iэмал зимыIэт, къыщцыдэхуэм вэрт, пщIэрт, мэкъу пиупщIт, мэш къихырт, гуэдзыр Iуихыжырт, Iэщ игъэхъурт – Iэ дэхьеигъуэ имыIэу унагъуэ Iуэхум и ужь итт.

Псыжьрэ Индылрэ я зэхуакур арат зекIуэ кIуапIэр, бжьыхьэр къэсрэ гъавэр гуэным иракIутэжамэ, нэхъыбэм ДонкIэ ягъазэрэ губгъуэр къаущыхьу итт, къанэу губгъуэм щикIуадэ Iэджэри къэхъурт, я кIуэдыпIэр псэ зыIутым ямыщIэу, арщхьэкIэ къуа-жэпщыр лIы зи къару илъыгъуэти, и унэм щIэзагъэртэкъым, бжьыхьэхуегъэзэкI зэрыхъуу зигъэхьэзыру щIидзэрт, и нэгум зыгуэр зэрыщIэлъыр IупщIу. Емынэм къелар хъумбылейм ехьыж жыхуаIэр арати, мо губгъуэ нэщI къомым къелар къалэ гъунэгъум щыкIуэдыжащ, арыншэми ХьэтIрэмтIыгу къалэр цIыху кIуэдыпIэшхуэу арат, псом хуэмыдэжу тырку пащтыхь ныкъуэу а къалэм Хьэсэн-пэщэ къызэрыдэтIысхьэ лъандэрэ.

Хьэсэн-пэщэр ерыщт, дзэ и гъусэу къежьэрти, жиIэр зымыдэ къуажэхэм ятеуэрт, – ихъунщIэрт, зэрипхъуэрт, абыкIэ адыгэр игъэшынэу хэкум бжьыпэр щиубыдын и хьисэпу. Къуажэпщ зыкъом зэрыгъэIущат, ХьэтIрэмтIыгу жэщу теуэну, абы кIуэну дзэм Дэфэрэдж и лIыр яхэтыну хэтыт зыщIэр – ящIакъым. Езы мыгъуэри жэщтеуэ зыдэкIуам псэууэ къелакъым, етIуанэрей махуэм и хьэдэр уанэгум илъу, Шыщхьэегъ уэрэдыр хужаIэу и ныбжьэгъухэм къашэжри и пщIантIэм къыдалъхьэжащ. Арати, хьэдэр зейм щIалъхьэжащ, джэбын хужьыбзэм кIуэцIашыхьри, хьэблэ фызхэр къакIуэурэ хьэдагъэшхуэ хуащIащ, езы нысащIэм и зы нэпс къыщIэкIыу цIыхум ялъэгъуакъым.

Илъэскъым, нэхъыбэкIэ щыгъуауэ зэгуэр щIэп игъэуцIынырну ихьри псымкIэ кIуащ и къуэ цIыкIур и ужьым иту. Нэхъапэм и щхьэ нэхъ хъума зэрыхъуным ел IалIэу щытами, иджы нэхъ зэкъуэхуауэ дунейм тетти, гу лъитакъым зыгуэр къыкIэлъыплъу. ФарзкIэ зэджэ псыр нэшэкъашэурэ ежэхырт и зы Iуфэ лъэныкъуэр къуацэ-чыцэу, адрейр мэз защIэщ жыпIэну жыгеишхуэхэм жьауэ къытращIэу. А мэзыжьым ТхьэщIагъыжькIэ еджэрт, игъащIэм тхьэлъэIупIэу къуажэдэсхэр щызэхуэсу. ЦIыхубзхэр псыхьэ сыт щыкIуэкIэ зырызу мыхъуу хьэблэм

дэсыр зэхуэсырти, зэуIуу кIуэрт, хъумакIуэ гуэрхэри гъусэ щащI щыIэу.

Дэфэрэдж цIыхубз мышынэт, сабий цIыкIу зэрыщIэсым къуэгушхукIыу къыщIэкIынт, гъусэ сыт жимыIэу зэрежьар зылъагъум игъэщIагъуэрт, лъхуэуэ зызыщIэзыукIэжа фызабэ дахэм сыту гуфI кIуэцIылъ жаIэу, езыми и гугъэт дыгъурыгъури лIыубыдри зэщэр хъыджэбзрэ щIалэу, сыт щхьэкIэ жып Iэмэ, игъащIэм хъыбару зэрызэхихымкIэ, хъыджэбзыр унэIуту ящэрт, щIалэхэр дзэм хагъэтт. ЩIэп IэплIакIуэр псы къабзэ дыдэм нэхъ и кууупIэм деж хилъхьэри мывэ трилъхьэжу хуежьащ, щIэпыр псым имыхьын щхьэкIэ.

Абдежым къыздикIари къыздихуари имыщIэу къуацэчыцэм шу гуэр къыхэжри цIыхубзым гу лъимытэххэ хуэдэу гъунэгъу тIэкIуу блэкIти, щIопщыр зыIэщIигъэхуащ. Дэфэрэдж ар щилъагъум, хабзэшхуэ зэрыхэлъыр иригъэлъагъуу щIопщыр къиIэту иритыжыну зыщигъэщIейм модрейри зыхуейр арати, къепхъуэри къызэщIиубыдащ. КIий-гуо щхьэк Iэ къимыгъанэу, шум цIыхубзыр ирихьэжьэри ежьэжащ. Сабийри гъыуэ кIэлъыжа щхьэкIэ, жыжьэ кIуэнт – нэгъуэщI шу гуэри къэсри щIалэ цIыкIур ипхъуэтащ:

– Умыгъ, хьэм и ныбэм къикIа, – уи анэм уэри улъэщIыхьэжынщ, – жиIэри.

ЩIалэ цIыкIум и анэр къэпым иракуэри и жьэм чэтэн тIэкIу жьэдакъуауэ кIии гуоуи мыхъуу шыплIэм дэлъу яхь, бэуапIэ дыдэ имыгъуэту. Дапщэ мыгъуэрэ абы къыжраIэрэт дыгъурыгъум фыхуэсакъ жаIэурэ, арщхьэкIэ хуэмыза лIыфIщ, ухуэмызамэ, угузэвэн? Дэфэрэдж къызыкъуэгушхукIар тхьэм ещIэ, сыт жамыIами, хъымпIар ищIакъым. Иджы, мес, тырку «гъэр унэм» яхь. Езым хуэдэу зэхуахьэсам яхэтмэ, тхьэм ещIэ и натIэ хъунур. «Гъэр унэм» яхьауэ къахьыжа щыIэкъым, емынэунэ хъуурэ сэхыжынум и бжэр Iупхыну Iэмалыншэ, абы хуэдэ унэ Iэджэ адэкIэ-мыдэкIэ тыркухэм дащIыхьри мывэ сэрей лъагэкIэ къащIыхьыжащ, удыхьи удэкIи мыхъуну. Дыгъурыгъухэмрэ лIыубыдхэмрэ Iэхъулъэхъухэр яIыгъыу, шы Iэдэжи яIэу къыщамыущыхь щыIэкъым, зэкъуэхуауэ къапэщIэхуар къаубыдри «гъэр унэм» щIадзэрти, тыркум иращэрт, зращами къищэхуар зэхедзыж езым зэрыфIэфIым хуэдэуи, щIалэр щхьэхуэу, хъыджэбзыр щхьэхуэуи, жэщым кхъухьым из ящIри уаситI-уасищкIэ ар зращэжыр къыпхуэщIэххэнукъым.

Куэбжэжь гуэр кIыргъыу къыщыIуахым, Дэфэрэдж псэкIэ зыхищIащ и гур зыхуэгъуа дыдэр и натIэ зэрыхъуар. ЦIыхубз насыпыр нэпскIэ зыхащIэ жиIэу си анэ мыгъуэм и псэлъафэ дыдэу щытащ жиIэри и гум къэкIыжа щхьэкIэ, уи IэфракIэм едзэкъэж. Дэфэрэджыр къэпым кърагъэщэту и жьэм жьэдэкуа чэтэн тIэкIур къыжьэдахыжати, тыншу бауэ щыхъум, насыпышхуэу къыфIэщIыжат. Зиплъыхьмэ, пщIантIэшхуэщ, мывэ

сэрей лъагэкIэ къэщIыхьауэ, зы лъэныкъуэмкIэ гуэщ кIыхь дыди щытщ, унэм къызэрыгуэкI щIагъуэ щымыIэу, гуэщымкIэ къиIукIыу гъы макъи зэхыбох, жэщыр здынэсари пщIэнукъым.

– Тэдж! Уэлбанэ махуэр щIэпытхъщ, фызым я тхъэжыгъуэр къэбгъавэщ жаIакъэ, уи щIэп тхъыныр зэфIэкIами, къэбыр вагъэнкIи мэхъу, – жиIэри гъэру цIыхубзыр къэзыхьар лъапэкIэ къецырхъащ.

– Си щIалэ цIыкIу закъуэ мыгъуэр! Дэнэ фхьа си псэ закъуэр? – жиIэри Дэфэрэдж къэтэджауэ зеплъыхь, арщхьэкIэ модрейм къегъэпIащIэ къеIунщIурэ. АтIэ мыгъуэ аращ умыдаIуэмэ жиIэу, цIыхубзыр гуэщ кIыхьымкIэ еIащ.

– Ари зыдэкIуэн щыIэкъым, бгъуэтыжынщ.

Дэфэрэдж гуэщ кIыфIым щIагуати, зиплъыхь щхьэкIэ зыри илъагъунутэкъым, цIыху куэд зэрыщIэсым шэч хэлътэкъым, адэкIэ-мыдэкIэ хэт къугъыу, хэт къегъыхыу, хэти гъыным игъэундэращхъуэри заущэхужауэ хъыджэбз Iэджэ зэхэст. А, тхьэр зэуа тхьэмыщкIэ цIыкIу къом жиIэу, Дэфэрэдж и гум къэкIащ, псоми ди натIэм илъыр зыщ – нобэ дашэн, пщэдей дашэн гъэрхэр щащэ кхъухь тедзапIэм? Псывэм укъезгъэлащ, мафIэм укъезгъэлащ жаIэу арат дыкъэзылъхуахэм я псэлъафэр, иджы дыгъурыгъум дапэщIэхуащи, кIуэдыкIэ Iей мыгъуэр ди махуэщ.

Дэфэрэдж щыцIыкIум щыгъуэ зэхихауэ щытат сидаси жыхуаIэр. «Си тIасэ» жыхуаIэр абы къытемыкIауэ уиIэ. СидасикIэ зэджэр щIалэ цIыкIу балигъ мыхъуар аращ, илъэс пщыкIуплIым нэсауэ, и лъэкIэным къыщцыщIэдзауэ тхьэкIумэм нэс къуупщмэ, бжьизих хъууэ. Абы и уасэм елъытащ адрейхэми я уасэр. ЦIыхухъур илъэс плIыщIрэ тхум фIэкIамэ, ауэ ет – пIахынукъым, текIуэдэнур нэхъыбэщ, къилэжьынум нэхърэ жаIэнщи. УнэIут къэзыщэхунур бэзэрым къакIуэмэ, япэ зыщIэупщIэр «Дапщэу пIэрэ нобэ сидасир зи уасэр» жиIэу аращ.

Дэфэрэдж ар и гум къэкIыжати, и щхьэфэцым зиIэтащ, си щIалэ цIыкIу закъуэ мыгъуэри зэрызимыIэж жиIэу. Бамейр къыщIихыу зыщIадза гуэщыжь кIыфIым гъуэгыу щетIысэх дыдэм бжэр къыIуахри и щIалэ цIыкIури къыщIаутIыпщхьащ:

– КIуэ, уи анэр къэгъуэтыж, – жаIэри.

ЛIыгъур цIыкIуи кIыфIым къыхадзати, шынэри гъыуэ къиублащ.

– ЛIыгъур! Къажэ си IэплIэм. Си псэ закъуэ мыгъуэ, услъагъужыну си гугъатэкъыми! – жиIэри Дэфэрэдж пхъуэри и сабийр зэщIиубыдащи, егъэудэIуж, едэхащIэурэ. – Умыгъ, си дуней нэху. Ди закъуэ уи гугъэ? Ди закъуэкъым. Си псэ тIэкIу, хъыджэбз цIыкIу Iэджи ди гъусэщ, уэ зыр аращ пыIэ зыщхьэрыгъыу къытхэтыр. Нэху зэрыщу псори плъагъунщ.

– Дапщэщ нэху щыщынур? – жиIэу сабийри щIоупщIэ, анэр къызэригъуэтыжам щыгуфIыкIыу.

Дэфэрэдж дэнэ мыгъуэ щищIэн нэху щыщынур – къэпым илъу къахьащи, къэпым щракуа дакъикъэм деж щыщIэдзауэ дунейр кIыфI хъуауэ къыфIощI. Езыми и сабийр зрикъузылIауэ къогъых. Зэанэзэкъуэр гузэсэжу щилъагъум, хъыджэбз цIыкIу гуэр кIыфIым къыхэкIри къабгъэдыхьащ, адрейхэм хуэдэу мыфейцейуэ, и щхьэцри дахэ дыдэу ухуэнарэ щхьэцылъэ дахэм илъу. Мыр адрейхэм ситу емыщхьрэ жиIэу, Дэфэрэджи и гум къэкIащ:

– УмэжалIэ мыгъуэу къыщIэкIынщ, мэ, тIасэ, хьэлыгъу, мыIэрысэ ухуейми, сиIэщ, – жиIэри хъыджэбзыр къыщетIысэхым, Дэфэрэдж дыхумэ дахэр къыщIихьащ.

ЩIалэ цIыкIум и гъыныр пичауэ и нэ цIыкIуитIыр къижу хъыджэбзым йоплъ.

– КъеIых, си псэ тIэкIу, мащIэ щIа уэ зыри зэрыпIумыхуэ-рэ, – жеIэ и анэм. Хъыджэбзри гузэвэгъуэм зэрехуэри къыщхьэ-щыжын гуэр лъыхъуэу гъунэгъу дыдэ зыкъещI.

– ЛIыгъур уи цIэр, си тхьэмыщкIэ цIыкIу? Уэ пхуэдиз фIэкI мыхъуауэ сэри дэлъху цIыкIу сиIэщ, слъагъужыни сымылъагъужыни. Ещанэм ит къудейщ, мэ, си нэ цIыкIу, хьэлыгъу тIэкIур. Сшхыну къэсщтати, къысIурагъэхужа мыгъуэщ… – хъыджэбзым зыгуэр къыпищэнути, къыщиудри къэгъащ.

– Дэнэ уакъыщыпэщIэхуар, си дахэ? – жиIэри Дэфэрэдж щIэупщIати:

– ХьэгъуэлIыгъуэ сыщыIэу, – жиIащ зэщыджэу, – емынэм сихуат, сыщIэкIуар сытыт. Си анэм «умыкIуэ» жиIэурэ седэIуакъым…

Хъыджэбзым и гъы макъыр адрейхэм щызэхахым, зэщIэгъуагэу къаублати, хьэдагъэ къэкIуауэ уи гугъэнт. ПщIантIэм дэтхэм я псалъэмакъ къэIуащ: «Дежьэн хуейщ, псынщIэу вгъашхэ ясырхэр», – жаIэу. Дэфэрэдж и тхьэкIумэм ар къыщицырхъэм, и щхьэфэцым зиIэтащ, «ди унэхъугъуэр къэсащ» жиIэу, и дэлъхуитI зи хъыбар зэхихыу зи щхьэ имылъэгъуари и гум къэкIыжащ. Нэхъыжьыр Дэфэрэдж ещхьыркъабзэу лIыубыдым яубыдри Мысыр щыпсэууэ жаIэ, дзэм хэту. Абы кIэлъыкIуэри Тыркум щыIэщ дзэм хэту. Адыгэхэр тырку кхъухь гуэрым теуэри кхъухьыпщыр яIэщIэукIати, ХьэтIрэмтIыгу дэс пэщэм адыгэр игъэпшынащ, теуам я унагъуэм щыщу щIалэ зырыз къуэдыуэ къытралъхьати, абы яхэхуащ Дэфэрэдж и дэлъху нэхъыщIэ цIыкIур, лажьи-хьати имыIэу, уеблэмэ балигъи мыхъуауэ. ЩIалэ цIыкIум пхъэ сэшхуэ цIыкIу иIэти, щыдашым а тIэкIур щызды щтэм дэзышыр игъэдыхьэшхащ: «ХыфIэдзэ ар, сэшхуэ дыдэ къуатынущ уздэкIуэм», – жиIэу.

ЦIыхубзыр и лIым щхьэкIэ тхьэусыхэмэ, жаIэ «сыхуэлъхуащ, сыхуэпIащ» сыт жаIэу. Абы хуэдэу жиIэнкIэ щхьэ хъурэ? Лъхуамэ, и щхьэми хуэлъхуэжакъэ жиIэу Дэфэрэдж и гум

къэкIыу щытамэ, иджы къыгурыIуащ ар цIыхубзым щIыжиIэр. ЩIалэ цIыкIу къалъхуамэ, е пщылIу ящэ, е дзэм хэтщ лъэкIы-ныгъэ зиIэ гуэр ихъумэу, хъыджэбз цIыкIу къалъхуамэ, ари аращ – унэIут цIыхубзу ящэху е зыхузэфIэкI гуэру физкIэ ерыщым ещэху игъэфызыну. Ярэби, насыпыр щагуэшым цIыхубзыр дурэшым дэсауэ ара нэгузыужьыгъуэ имыхуэу и кIэтIийр и вакъэ лъэпсу щIэпсэур?

Дэфэрэдж бжэ дазэмкIэ дэплъмэ, лIитIым арджэным тезу щIакхъуэ бзыгъэ къахь, зым кхъуэщын Iэлъэныкъуи иIыгъщ, пхъэ шынакъри хьэлыгъу убзытам и щIыIум телъщ. Гуэщым къыщIохьэри зым жеIэ:

– ИIэт иджы мащIэм хуэдэу фыкъежэт. Сытуи кIыфI, IэпэкIэ нэм къыщIэIэбэр плъагъуркъым. ПсынщIэу жысIакъэ! ЩIакхъуэ Iыхьэ зырыз фэстынщи, фшхы, шху шынакъым занщIэу фефи, шынакъыр къызэфтыж. КъывгурыIуа? Зы шынакъщ сиIэри. ИIэ, фыкъэхъей, япэ къэсыр, япэ тхъэнщ.

ЕтIуанэр нэхъ бзаджэжу къыщIэкIынщ:

– Хьэдэ вгъейуэ фыщымыс. Фызэрышхэу дежьэнущ. Сэхусэплъ тIэкIу феуами, ягъэ кIынутэкъым, фызыщэхунур нэ лейкIэ къывэплъынщ...

Дыгъурыгъухэр пIащIэ щхьэкIэ, сабийр пхуэпIэщIэнт, шхур гуащIэIейти, Iубыгъуэ ефэри фалъэр и анэм иритыжащ. Хъыджэбз цIыкIухэри арат – ерэн фIэIуар яхуимыфу щIакхъуэ гъущэр яшхыу щыст, мэжэлIа пэтми, емыдзэкъэххи куэдт, зытеувэну гъуэгуанэр зищIысыр къагурыIуауэ «Хэту пIэрэ нэ лейкIэ къыдэплъу дызыпэщIэхуэнури?» – жаIэу арат псори зытегузэвыхьыр. Ясыр зыщэхум ящIэрт ясыр и пIалъэ, хъыджэбзхэр кIий щхьэкIэ къамыгъанэу, я Iэпэм щIагъэкIырт къащэхуу хъуар.

И щIакхъуэ гъур бзыгъэр хуэмышхыу, Дэфэрэдж нэхъ гъунэгъу зыкъыхуищIауэ щытт Гуащэ, щIалэ цIыкIум япэ дыдэ къедэхэщIа хъыджэбзу сидаси хъарзынэ хъуну фэ зытетыр. Тхьэм ещIэ, Дэфэрэдж нэхъыжьщи, сригъусэмэ, нэхъ хъума сыхъунщ жиIэу ара. ЛIыгъур цIыкIуи куэдрэ и анэм и куэщIым имысу къуэгъэнапIэм дэсу гъыхэм еплъурэ гуэщым щIэтти, Гуащэ абы кIэлъыжэурэ къишэжырти, и анэм деж къритыжырт. ЦIыхубзитIыр зэнэIуасэ хъуащ, я гуауэ Iэджи зэхуаIуэтэжурэ.

Гуащи ныбжьыщIэ дыдэ щхьэкIэ, Iэджэ и нэгу щIэкIат, уеблэмэ и адэ-анэм я гъусэу ХьэфIыцIей е ХьэтIрэмтIыгу бэзэрым кIуэуэ цIыху ящэу зэрэ-тIэурэ илъэгъуащ. Къуажэм цIыхухъу е цIыхубз дэбзэхыкIамэ, цIыхухъуу дэсыр шэсурэ ХьэтIрэмтIыгу кхъухь тедзапIэмкIэ жэуэ щытащ, ядыгъуар къыщагъуэтыжи Iэджэрэ къэхъуащ, иныкъуэми къагъуэтыжа щхьэкIэ, къэщэхужын хуейуэ зыщэхуам хъыджэбзыр кърищэжын имыдэмэ, зэзауэрт, е ящэхуар къэкIуэсэжырт, зыпылъу

щыта щIалэм и гъусэу ежьэжырти, урыс къалэ гуэрым и гъунэгъуу тIысыжырт, щIапIэ къратам унэ иращIыхьыжауэ.

Хъыджэбзыр адэ-анэм зыгуэрым иритыну яхудэкIуэн имыдэмэ, ягъэшынэрт «нтIэ дыгъурыгъум уахьыху удэсыну» жаIэу, абы нэхъ IумпIафIэ ищIырт япхъу къемыдаIуэри, фIэмыфIыххэми, уасэ нэхъ къезытым дэкIуэрт.

Гуащэ и гур къызэрыгъуэтыжа нэужь, Дэфэрэдж къеупщIащ:

– Уэ дэрэ дызэбгъэгъусэмэ, ара мыгъуэт сызыхуейр. Хъун? – жиIэри.

– Зи, дызэгъэгъусэ, си шыпхъу цIыкIу.

– Сабий уи Iэблэм теупцIащ. СыбдэIэпыкъунщ, лъэслъэбыкъыу дахуну мыгъуэщи, къохьэлъэкIынщ.

– Хъарзынэщ, си псэ тIэкIур зышхын, хъарзынэщ.

– Псори зэхэфыщIащ, сэ зым зыкъызохри си фащэм сыщоукIытэж.

– НтIэ мыгъуэ хьэгъуэлIыгъуэм укъыхашащ.

– Си щхьэцыр си лъэдакъэпэм нос, – жиIэри къыпищащ Гуащэ, и щхьэц ухуэна дахэм езыр зэрыщыгуфIыкIыжым гу лъыуигъатэу. Хъыджэбзым и напщIэ телъ и щхьэц ухуэнар аракъэ иужькIэ ялIхэм я Iэпщэм ирашэкIрэ щIопщым дагъэуджу щытыр, итIани цIыхубзыр я щхьэцым хуосакъ.

Хъыджэбз цIыкIу къомыр гуэщым къыщIашри пщIантIэм къыдашауэ ябж, нэхъ фейцеиIуэхэр иужьымкIэ ягъэув. ЗэкIэлъхьэужьу иувыкIа нэужь, япэ дыдэ итым деж къыщыщIадзэри и кIэм нэс псоми я щхьэц ухуэнар зым зыр пащэжурэ зэIуащэ, шыкIэ кIапсэ фIыцIэр я дамэм телъу ирашажьэмэ, зэкIэлъхьэужьу зэрыщытым хуэдэу кIуэн хуэдэу. Арыншэмэ, жэщыр кIыфIщи, зыгуэр яхэкIуэсыкIыу зыкъигъэнэнкIэ мэхъу, пабжьэ сыт къуэгъэнапIэ къигъуэтауэ. Хъыджэбзхэм я щхьэцыр зэрызэIуащэу куэбжэр Iуах, дыгъурыгъухэм ящыщу шууитI дожри заплъыхь, зым къызэригъэзэжу мыдрейхэри ирашэжьащ КъэрэжькIэ зэджэ дыгъурыгъу пашэм и унафэкIэ.

Дэфэрэджрэ Гуащэрэ къагурыIуащ я натIэ илъыр. ХьэтIрэмтIыгу кхъухь тедзапIэм деж къащыпоплъэ хъыджэбз къомыр зыщэхуну тырку емынэунэу лъэкIыныгъэ зиIэхэм хуэгузавэ щэхуакIуэр. Езыр къыпхуэмыгъэпцIэну хьэжь-кхъуэжь гуэрщ, дагъуэ зыдигъуэн гуэр илъагъумэ, къыхидзыжрэ здэпхьынур умыщIэу укъигъанэу. Къэрэжьи къикIуэтынум ящыщтэкъым, и къамэжь гуэлэлым еIэнщи, и Iупсыр къыжьэдипхъыу, и нитIри плъыжь хъуарэ зыри имылъагъужу зэгуэзыгъэпам и ныбэр къригъэхуну хьэзырыпсщ. Жэщ, махуэ ямыIэу мо тхьэмыщкIэ цIыкIу къомыр зэхуезыгъэхьэсар Къэрэжьщ, тыркум гурыIуари аращ. Ныжэбэ жэщым яшэ ясырхэр, хэщыпыхьауэ дахэ защIэщи, къоувыIэ, абы Къэрэжьыр къегъэгубжь.

Дэфэрэдж и щIалэ цIык Iур IэкIэ ехь, сабийр зыгуэр хуейуэ

зыIэщIиудрэ IэщIэкIмэ, кIэлъыкIуэу къиубыдыж хъуркъым и щхьэцымкIэ адрейхэм епхащи, ешмэ, и ужьым иту кIуэ Гуащэ иретри тIэкIу зегъэпсэху. Къэрэжьи зыгуэр къыттеуэмэ жеIэри мэшынэ, хъыджэбз къомми и нэIэ тетщ, якIэлъоплъ, и фочыжьу ХьэтIрэмтIыгу дэс пэщэм деж къыщищэхуар узэдащи, и куэпкъым тетщ, хъыджэбз цIыкIухэм ящыщ лъэпэрапэрэ джалэмэ, псори зэкIэрыщIащи, къоувыIэ, абы Къэрэжьыр къегъэгубжь.

Сэнтхым дэкIыу гъуэгур егъэзыхыгъуэ щыхъум, мазэр къыщIэкIри дунейр нэху къищIащ, тенджыз дыдэр бдзапцIэ гъэткIуам ещхьу плъагъуу. Мазэр къыщыщIэкIым лэгъуп гъэплъам ещхьу плъыжьамэ, и нурыр тенджызым толыдыкI. Хъыджэбз цIыкIухэри заущэхуауэ макIуэ, тхьэм ещIэ я гум къэкIыжар, я адэ-анэ, я къуажэ, я жылэ, щIалэ дэзыхьэхауэ IэщIыб хъуар – мащIэ я гум къэкIыжынур, зым и лъэдакъэпэм и ужь итыр къытеувэмэ, я гум хощI.

Къэрэжь къегъэувыIэ псори, шум унафэ яхуещI:

– ФыкIуи фыплъэт. ДурэшплIэрэши къэвмыгъанэ. Мы щIыпIэр емынэ щIыпIэщ, джаур тIысыпIэщ. Фыбэлэрыгъмэ зэIыхьащ, – жиIэу. Абы хуэдэу щIыжиIэр псоми ящIэ: дыгъурыгъухэм я хабзэжьщ зыр зым теуэрэ тхьэмахуэ псом зэхуахьэса ясырхэр напIэзыпIэм трахрэ, зейр зэкIуэцIыпхауэ къагъанэу. Езы Къэрэжь дапщэрэ ищIа абы хуэдэу.

Жэщыбгым фIэкIауэ кхъухь тедзапIэм нэсри кхъухьыжь цIыкIу ныбэфу тенджыз Iуфэ дыдэм Iуту къалъэгъуащ, мо къакIуэхэми гу къылъатэри тенджыз Iуфэм Iута цIыхухэр нэхъыбэ хъууэ хуежьащ. Псом япэ итыр ныбэфыжь гуэрт, и хьэжы ферсыр и щхьэшхуэм Iэпэм фIэлъ Iэпхъуалъэм ещхьу фIэIуауэ, бгырыпх хужь инри щэнейкIэ къешэкIауэ и ныбэр щIиIыгъэу. Къэрэжь япэ зыбгъэдыхьари аращ, жаIэр зэхомыщIыкIыу зыгуэрхэри зэжраIащ. Хъыджэбз цIыкIухэм ахэр щалъагъум, занщIэу къэуIэбжьа мыгъуэщ, гъынанэуи къаублати, Къэрэжь къащIэгубжьэри щаригъэгъэтыжащ. Тенджыз толъкъунхэри ныджэм къытелъадэрти, мывэкIэщхъыр ягъэпсалъэу текIуэтыжырт.

Хъыджэбз цIыкIухэм я ужь дыдэ итым деж къыщыщIадзэри япэ итым деж щаухыжу я щхьэцыр ятIэтэжауэ, и нэхъыбитIыр зэрыфейцейм фIэкIа дэбгъуэн щымыIэу зырызыххэурэ тырку ныбэфым и Iэпэм щIигъэкIырт, я джанэр дрихьейурэ я щIыфэм еплъырт, я нэгум щIэплъэрт, лIитIым уэздыгъэ яIыгъыу къагъэнэху мо тхьэмыщкIэ цIыкIухэми зраусыгъуэджэ хуэдэ защIми, абы щхьэкIэ къимыгъанэу. Ныбэфыр зэплъам и Iэпэр яубыдырти, кхъухьым ирашэрт, тхьэм ещIэ абы увыIэпIэ хуэхъунур.

Дэфэрэдж хъыджэбздэсу яшэным и пэкIэ фащэ сыт къыхуащэхуну ХьэтIрэмтIыгу бэзэрым къыщашэгъам илъэгъуауэ щытащ пщылI, унэIут цIыхубз я бынхэр ящIэсу зэращэр, иджы

ар и гум къэк Іыжащ. Хэт и гугъэнт нобэ хуэдэ махуэ абы къыхуихуэну. Ящэмэ, къащэхур сытыт: мэрзей, алътес ІэлъэщІышхуэ, къэдабэ, чэсыргей, шылэ Іуданэ, дарий, фокІэщІ, гын, нэгъуэщІ хьэпшып Іэджэ. «Дапщэ и уасэр?» – жаІэмэ, «щхьитІ, щхьищ», е «цІыхухъуу зы щхьэрэ сидасу щхьищрэ» жаІэу зэхэпхырт, хъыджэбз зи ишэгъуэ хъуар тумэн пщыкІутхук Іэ ящамэ, яфІэлъапІэу къалъытэжырт.

Къэрэжьрэ тырку пэщэуэ ХьэтІрэмтІыгу дэс ныбэфымрэ зодауэ – зоныкъуэкъу, уасэмкІэ зэгурыІуэу къыщІэк Іынкъым. Тыркум и гум темыхуэр ящэну къаша хъыджэбз цІыкІухэм сабий зыщІэс Дэфэрэдж зэрахэтыр арауэ къыщІэкІ ащ, тІури гъунэгъу дыдэу Дэфэрэдж къыбгъэдыхьэри къеплъащ-неплъащ, сабийри ІэщІаудри Дэфэрэдж и щхьэфэцым зиІэтащ, си бын цІыкІу закъуэр псым хадзэри сагъэсэхыж жиІэри, арщхьэкІэ ар псым хадзэну аратэкъым: Къэрэжь зыхуейр Дэфэрэдж хъыджэбз уасэкІэ, и сабийр зы тумэнкІэ ищэну арат, модрейм ар идэртэкъым, Къэрэжьи и тыркубзэр щІагъуэтэкъыми, зэрыгъэкІий фІэкІа, жаІэр езы т Іуми къагурыІуэжыртэкъым, къызэрыгъэгубжьауэ лъэныкъуэкІэ зэры Іушри аргуэру зэдауэу увыжати, нэхъри къызэрыгъэгубжьыжащ. Къэрэжь тыркубзэ нэхъ зыщІэ гуэр щІокІ ие псоми зэхахыу:

– Мы ныбэф-ныбапцІэр тІощІрэ пэщэми тумэн пщыкІутхупщыкІутху къызимытмэ, зэпытрэ зэкІэсу укІуэ. Ясырхэр Арзрум сшэмэ, нэхъ лъапІэжу ящэхунущ. МыІэпщІэлъапщІэ хъыджэбзхэм яхэткъым жыІэ, дэтхэнэри къащтэ – уанэгу щхьэнтэ хидыкІыфынущ, «тхьэІухуд» жиІати, тхьэІухуд фІэкІа къэсшакъым.

Тырку ныбэфми зыхигъэзагъэркъым:

– Сэ шы сышэсыркъым, гум ситІысхьэфащэрэт.

– ЛІо, уанэгу щхьэнтэ хидыкІыфмэ? Тыркур шыд шущ игъащІэм. Мо куэбжэмкІи щхьэ умыплъэрэ? Топщ ар – выгукъым, мыбы хуэдиз цІыху зэхуэпхусауэ укъалъагъумэ, ф Іы щІэпхын уи гугъэ?

Къэрэжь фІыуэ къыгурыІуэрт ХьэтІрэмтІыгу дэс пэщэм мыр зэхещІыхь жаІэу урысым яхуэтхьэусыхэ дэнэ къэна, къэхашэмэ, лІыубыдхэр яубыду зэхуихьэса хъыджэбз цІыкІу къомри зэрытрахынур. ИтІани зегъэбэлыхь. Пэщэми хъыбар яригъащІэ закъуэмэ, тхьэІухудхэм я адэ-анэхэм я шыкІэм мафІэ егъэуауэ къызэхуэсынщи, Къэрэжьыр цырыцу зэІахынщ, арщхьэкІэ а тІур зэрызэгурыІуауэ щытар ещІэж.

– Къызимытрэ – дяпэкІэ псэ зыІут къыхуэсшэнкъым: сыкъэплъэгъуакъым-услъагъужакъым. Хъыджэбз цІыкІухэри кІуэнкъым, щхьэж и унэ къигъуэтыжынщ, – жеІэри Къэрэжь, тыркур игъэшынэну, и къамэ Іэпщэм епхъуэ хуэдэу зещІ:

Тырку пэщэм нэхъеижу зехъунщІ э:

– Уэ къызэпщэр дэнэ къипха? Пщыгъупщэжа? Уи пщылІу

пщIэжрэ? IэщэкIэ къэпхьами зыгуэрт – къэбдыгъуащ! Къады-гъуа зыщэри зыщэхури зэхуэдэщ – тIуми я щхьэ палъэр. КъыбгурыIуа?

Хъыджэбз цIыкIур илъэсипщIым нэса и ужькIэщ щащэр, и уасэри белджылыщ: илъэс къэс тумэн зырыз поуври, псалъэм щхьэкIэ, илъэс пщыкIух хъуамэ, тумэн пщык Iух етын хуейщ, пщэр ууейуэ е уи быну щытмэ, къэдыгъуа пщэрэ – узэрызэгуры Iуэщ. Хъыджэбзыр тхьэIухуду дахэмэ, сом щитхук Iэ къыщащэхун къохъу, арщхьэкIэ дахэри мыдахэри IупщIу пхузэхэгъэкIын? Тыркум уэздыгъэнэф къыхуагъуэтами, къищэхур зыхуэдэр дэнэ къэна, я ныбжьыр къыхуэщIэнукъым.

ЛIитIыр зэдэуэху, мыдэкIэ зыгуэр къэхъуащи, хъыджэбз цIыкIухэри зэщIэкIиящ. Мыбы и ныбэр къизгъэунщ жаIэу Гуащэ щызэхихым, хъумакIуэ къыбгъэдэтхэм еплъмэ, зыгуэрым и къамэ къуаншэ етэгъэнк Iэ зэджэр и бгырыпхым дэIуауэ щытти, занщIэу мапхъуэри а къамэр къыдепхъуэтыкI. Къамэр зейр къащтэри и псэр IукIащ. АрщхьэкIэ Гуащэ иукIынIауэ аратэкъым – и щхьэц дыкъуакъуэу ухуэнауэ и лъэдакъэпэм нэсыр зы напIэзыпIэм къыпигъэлъэтащ.

– Сыт мыгъуэ пщIэнур? Думыгъэунэхъу! – жиIэри Дэфэрэдж къэуIэбжьащ.

– КъамэмкIэ умыджэгу, емынэ шыр! – жиIэри дыгъурыгъу нэхъ мышынэ гуэр Гуащэ къыбгъэдэхутащ, лъэщыгъэкIэ къамэр къыIэщIихын и хьисэпу.

Арыншами, къамэр зейм иритыжынути, езы Гуащэ щIалэм елъэIуащ:

– Мэ, къамэр зейм етыж, сыхуеиххэкъым, ауэ мы зы закъуэр къысхуэщIэ. Уэри анэ уиIэщ, шыпхъу уиIэуи тхьэм къыщIигъэкI, уи анэри узогъэлъэIу, уи шыпхъури узогъэлъэIу: си щхьэц ухуэнар пызупщIыжащ...

– Солъагъу. Делагъэшхуэ пщIащ.

– Мыр сIыхи, бгъэзэжу ущыкIуэжкIэ, жыгей мэз дыкъызыщIэкIам зы жыг гуэрым фIэлъэ. Зи мыхъуми, сэ сщыщ гуэр ди хэкум къинэнщ...

Гуащэ и гур къызэфIэнауэ и нитIыр къилыдыкIырт. Балигъ хъуауэ къыщыфIэщIыжам, Гуащэ зыщIэхъуэпсу щытар лъхукъуэлI щIалэм дэкIуэрэ бынунэшхуэу тIысыжу псэуну арат. Иджы а и мурадар къуалэбзу макъыу пшэ адрыщIым щыкIуэдыжащ.

– Бжей жыгышхуэм фIэлъэ, къуалэбзум налъэ-налъэу зэбграхынщи, я абгъуэм иралъхьэнщ, бзу ц IыкIу кърашыр хуабэ-хуабэу исын хуэдэу, – жиIэри Гуащэ и щхьэц ухуэнаитIыр дыгъурыгъу щIалэм иритащ.

– Абы хуэдизу ущылъаIуэм, сыту пIэрэ сигъэщIэнур жызмыIаи! – Абы къыфIигъэкIакъым модрейми.

Зы дакъикъэт къамэр Гуащэ и Iэмыщ Iэ зэрилъар, итIани еплъ: цIыхухъуи цIыхубзи игъэгузэващ, жиIэу, Дэфэрэдж игъэгупсысащ. ЦIыхухъум Iэщэ яIыгъыу зэрыщытыр армырауэ пIэрэ цIыхубзым я псэр абыхэм я Iэмыщ Iэ щIилъыр? АтIэ ар хэт и унафэ: цIыху щIыкIум абы хуэдэ унафэ ящIыну уи фIэщ зыщIын щыIэкъым. Тхьэм иухащ абы хуэдэу жыбоIэри, кIэзызу зэхэт мо тхьэмыщкIэ цIыкIу къом мыгъуэм сыт я лажьэ, тхьэм и гур сыткIэ зрагъэбгъа?! ЦIыхухъухэм ятыболъхьэри, абыхэми я псэукIэр зэрынэхъыфI щIагъуэ плъагъуркъым – махуэ дэкIыркъым лIитIым, лIищым я хьэдэ къуажэм къыдамышэжу.

Дыгъурыгъу щIалэу щхьэц ухуэнар зыIыгъым жеIэ:

– Зи щхьэц кIыхьым Истамбыл нэхъ пщIэ щиIэщ, пумыупщIамэ, нэхъыфIт, хъыджэбз.

Ауэрэ Къэрэжьрэ тырку пэщэмрэ зэгурыIуа къыщIэкIынти, псынщIэ-псынщIэу кхъухьым итIысхьэн хуей хъуащ. Гуащэ и щхьэцыр зэрыпиупщIам зыкIи хущIегъуэжатэкъым.

– НакIуэ, Гуащэ, – жиIэри Дэфэрэдж хъыджэбзым и дамэм теIэбащ, модрейри дэкIуеипIэм дэкIуея нэужь, къызэплъэкIри дыгъурыгъу щIалэм къеджащ:

– Нэхъ жыгышхуэ дыдэм фIэдзэ! – Ар жиIэри кхъухьым икIуэдащ, благъуэм иригъэлъэтэхам ещхьу.

КIэртIофуэздыгъэ къызыхащIыкI стеорин кхъухьым илъауэ къыщIэкIынти, мэ Iей кърихырт, бэуапIэ умыгъуэту. Абы ищIыIужкIи кIыфIт, нэм щIэIэбэр умылъагъуу. Гуащэ лъапэкIэ улъэпхъащэурэ здэтIыс хъун тIэкIу къигъуэтри бжэм пэмыжыжьэу щетIысэхащ. ЗыпхыдэIукIмэ, зэхех кхъухьыпщым и псалъэмакъ, Сыхъум къалэкIэ дыхьэн зэрыхуейм теухуауэ, зыгуэрым унафэ хуищIу. Къэрэжьи къэгубжьауэ бзаджэр пэщэм третхъуэ, тхьэм ещIэ, ахъшэ зэмылIэужьыгъуэ кърататар фIызэхэзэрыхьа. Хъыджэбз цIыкIухэри къитIысхьэурэ кхъухьыр джэдкъурт матэм ещхь хъуащ.

Дэфэрэджи тIысыпIэ тIэкIу къигъуэтри етIысэхащ, и сабийр и Iэблэм телъу. Си Iыхьлыхэм сыздэщыIэр ящIатэмэ, икIэщIыпIэкIэ къэсынт, си Iуэхут ХьэтIрэмтIыгуи мы кхъухьри щIамыщыкIтэмэ, дыкъагъуэтыху, жиIэу, арщхьэкIэ хэт мыгъуэм Iыхьлыхэм хъыбар яригъэщIэн? Убыххэр тенджызым тет зэпытщ, я нэгум къыщI идзэ закъуэмэ, кхъухь ныбэфыжь цIыкIур яIэщIэкIынтэкъым. Щымыхъужми, тенджыз Iуфэр зыхъумэ урыс кхъухь гуэри къытIущIащэрэт, си Iуэхут тыркур зыхуэзэн хуамыгъазэтэмэ.

Дэфэрэдж хъыбар Iэджи зэхихащ, езым хуэдэу хэкум ираш ясырхэм къащыщIауэ, кхъухьым ихуэным хуэдитI-хуэдищ ирагъэтIысхьэрэ, тенджызым техьа нэужь, псы зэфэн къудейр яухмэ, хьэнтхъупс тенджызыпскIэ ягъавэу, псы щхьэкIэ мэхри тенджызыпс ефэрэ ныбэуз хъурэ здэкIуэм нэмысу лIэуэ, и хьэдэр псым хадзэжу. Зы цIыхубз гуэрми къыщыщIауэ жаIэж:

сабий цIыкIу щIэсу ящати, гъуэгу здытетым, и сабийр сымаджэ хъури, анэм ар ибзыщIын щхьэкIэ, сабий хьэдэ цIыкIур зри-къузылIауэ мычэму гущэкъу уэрэд хужиIэу махуэ щыса, махуитI щыса, и сабийр хьэдэу зэрыдиям нэгъуэщIхэм гу лъата е цIыхум хьэдэмэ къащIихьа, кхъухьыр зезыхуэ гуэрхэр къэсри, сабийр анэм къаримытурэ залымыгъэкIэ къыIэщIатхъри хьэдэр толъкъуным хадзащ жаIэу.

Алий-бейкIэ зэджэу щыта убых кхъухьыпщым и хъыбар Iэджи Дэфэрэдж ещIэж: тенджызыр къэукъубеяуэ, хым тет кхъухьхэр увыIэпIэ лъыхъуэурэ я гъуэгур зэпамыгъэуауэ, Алий-бей къежьэртэкъым, жи. Езым и кхъухьыр псынщIабзэти, хыр къэукъубея щхьэкIэ гузавэртэкъым, и кхъухьми ихуэрт лIы щиплIым нэс. Езыри псынщIащэу зекIуэрти екIуэлIапIэ ямыгъуэтауэ хым тет кхъухьхэм ятеуэрти яхъунщIэрт, исыр гъэру яубыдырт, илъыр зыIэщIалъхьэрти – бгъуэтым къащтэ, загъэбзэхыжырт, кхъухь яхъунщIари толъкъуным щIилъафэрт, здэкIуари здэжари ямыщIэу. Алий-бей и уэрэди жаIэу щытащ, мыбы хуэдэ псалъэ хэту: «И Iэр иIэтмэ, хым зеущэху, зиущэ-хуамэ, пшэр егъэпсалъэ...»

Алий-бей и кхъухьыр Истамбыли, Щамми, Мысырми – здынэмыс щыIэтэкъым, жэщ къытехъуамэ, вагъуэм еплъурэ кхъухьыр здэкIуэн хуеймкIэ игъакIуэрт. НэгъуэщI къэралхэм щищэну ишэрт уанэ, фо, афэ джанэ, арджэн. Къищэхуауэ къишэрт Iэщэ-фащэ, щэкI, фоч, гын, дарий, дыщэ Iуданэ, нэгъуэщI хьэпшып Iэджи. Кхъухьыр зэрыкхъухьу къызыхэщIыкIар мэзыкхъуэ пIащэм и фэмрэ пхъэху пхъэбгъу пIащIэ цIыкIурэти, псынщIабзэт. Кхъухь тедзапIэм къэсыжмэ, кхъухьыр ныджэм къытрилъафэрти, телът гъущыжу, къыкIэрищIаIами кIэратхьэщIыкIыжу.

Махуэ псом гугъу ехьати, ЛIыгъур цIыкIу Iурихри жеящ, и анэм и куэщIым илъу. Кхъухь хьэнцэхэмкIэ псыр щIэзытхъухэр зэдеIэрт, я къарум щымысхьыжу, «ыхь-Iэхь», «ыхь-Iэхь» жаIэу еIэрт-къеIэрт, кхъухьыр нэхъри нэхъ псынщIэу ягъакIуэу, ахэр нэхъ егугъуху, хы Iуфэр кIыфIыгъэм нэхъ зыщIифырти, уафэ лъащIэм щIэта бгыхэр етIысэхырт. Тырку хъумакIуэхэр пIащIэтхъытхъыу зэхэзежэрт, зыгуэр яфIэкIуэда хуэдэ. Абыхэм я лъэ макъ зэхахмэ, хъыджэбз цIыкIухэм заущэхурт, шынауэ.

Дэфэрэдж ищIэрт Истамбыл нэс зы тхьэмахуэ гъуэгу зэрыдэлъыр, адыгэхэр псым икIын хуей хъуамэ, цIыху къэс хуэзэу зы кхъуеищхьэ, ху матэ, лы гъэгъуауэ дзажэ е дзажитI, абы ищIыIужкIэ псы узэфэну зы фэндырэ – арат гъуэмылэр. Ари къащIэныжу щыкIуэди къэхъурт, «Нусреддин-Бахъры» жыхуаIэ кхъухьым ещхьу, хыр къэукъубейрэ кхъухьыр псы Iуфэ мывалъэм къытридзэрэ иса цIыху щищ-щипл Iыр Iисраф зэтрищIэу.

А, ди хьэблэ тIэкIу мыгъуэ, жиIэу, Дэфэрэдж игу къэкIащ я

къуажэ псы къабзэ уэр цӀыкӀур, абы и кууупӀэм хилъхьа щӀэп ӀэплӀэри псым ихьа, имыхьа. Дунейм текӀыжын а щӀэпыр мыхъуатэмэ, Дэфэрэдж дыгъурыгъухэм япэщӀэмыхуэнкӀи хъунт. Асыхьэту Дэфэрэдж къигъэуӀэбжьу игу къэкӀащ и адэм и псэлъафэу щыта зы бэлыхьлажьэ гуэр: «жьым тесу псым йопыдж». Ардыдэр арат цӀыхубзыр къэзыгъэпӀейтеяр. НтӀэ, нобэ хуэдэ махуэкъэ жьым ушэсу псым ущепыджынур? Дэфэ-рэдж зиплъыхьмэ – тырку къэрэгъулхэр зэгъэжащ. Ар къотэдж-ри пэш кӀыфӀым щӀэсхэм закъыхуегъазэ:

– Ей, фыкъэдаӀуэт зэ. Щывгъэт гъыныр. ФыкъедаӀуэ сэ вжесӀэнум. – Дэфэрэдж аргуэру зеплъыхь, зыгуэр къыткӀэщӀэ-дэӀухьу пӀэрэ, жыхуиӀэу. АрщхьэкӀэ псоми я тхьэкӀумэр тегъэ-хуауэ гу лъитащи, адэкӀэ къыпещэ. – Нобэрей махуэр зи махуэр фщӀэуэ къыщӀыкӀ, нобэрей махуэр Ӏилэ и махуэщ, къывгурыӀуа? Сыт хуэдэ хьэрычэт тщӀыми тхьэм къыддиӀэтынущ. Фы-дэплъыт щхьэгъубжэм – ХьэтӀрэмтӀыгур плъагъужыркъым. НтӀэ, зыгъэзэжынур си гъусэщ. ИкӀэщӀыпӀэкӀэ! КъывгурыӀуа? Жьым дывгъэшэси, псым девгъэпыдж...

– Ар дауэ? Псым уепыдж хъурэ?

– Хъунущ, си шыпхъу цӀыкӀу. Хъунущ. Сэ зэрыжысӀэм хуэдэу дывгъэщӀ закъуэ...

– Дауэ зэрытщӀынур?

– ЖыӀэ, Дэфэрэдж, уэ зэрыжыпӀэу сэри сщӀынущ.

– Псым ситхьэлэн фӀэкӀа сыт къызищӀэн? Псым ситхьэлэмэ, нэхъыфӀщ дэ ди натӀэ илъым нэхърэ, – жиӀэри Гуащэ къэпсэ-лъащ.

Дэфэрэджи зыхуейр арати, нэхъ щэху зещӀ:

– Сэ зыкъытезгъэхуэнщ, емынэ уз къызэфыкӀ хуэдэу зыс-щӀынщи, сыгъуэгыу, зыслӀэжу ныбапхъэкӀэ сыщылъынщ, къыв-гурыӀуа? Ди къуажэм щыщу емынэм ихьар куэдыжьщ, сощӀэ зэрызыщӀын хуейр. Фэри фызэщӀокъугъэри хъумакӀуэм фы-къоджэ. КъыщӀыхьэмэ – нэхъеижу фызэщӀокъугъэ, «мо бжэм деж щылъ емынэ уз зэфыкӀыр, щӀэфх» жыфӀэурэ.

Гуащэ къоуӀэбжь:

– Сыт, на-а, жыпӀэр?! Ӏэзэ сыт къыпхуашэну уи гугъэ? Уау-быдынщи, псым ухадзэнщ!

– Аракъэ сызыхуеиххэр.

– Уи сабийр-щэ?

– Дэри дыбдагъакӀуэркъэ, емынэ унэр унагъуэ кӀуэду ягъэ-кӀуэд, я хьэпи я шыпи ягъэс. Ар пщӀэрэ? – жиӀэу хэзыщӀыкӀ гуэр къепсэлъати, хэтми Дэфэрэдж илъэгъуакъым.

– Фымыгузавэ. ИтӀанэ сэ къызэпэщэща езы тырку кхъухьыпщри хым хадзэн хуейщ. Си сабийр си щӀыбым ипхауэ псым зыхэздзэнурэ, ситхьэлэмэ, ситхьэлащ, сыхэкӀыфмэ, сыхэ-кӀащ. ХъумакӀуэм ящыщ къыщӀыхьэмэ, бжэм и деж сыщы-

сыххэщ, и лъакъуитIым закIэрызукIэнщи, изудынщ, фэ фыжи, и Iи и лъакъуи фпхы, и жьэми лъэпэдыжь гуэр жьэдэфкуи, си ужьым фиту псым зыныхэвдзэ. Хы Iуфэр жыжьэкъым.

– ХъумакIуэр дэнэ тхьыну? – жиIэри Гуащэ щIэупщIащ.

– Дэнэ тхьын? Ди пIэкIэ кърензэ.

Хъыджэбз цIык Iухэм къэтхьэусыхэу щIадзащ:

Уа, сэ есыкIэ лъэпкъ мыгъуэ сщIэркъым.

– Сэри сщIэркъым.

– Иджы фIэкI тенджыз хэт илъэгъуа?

Гуащэ и макъыр аргуэру къэIуащ:

– Iэзэ къашэмэ, дауэ хъуну?

– Дэнэ кърахын? КIэртIофуэздыгъэ ящI парафинщ къашар. ЕсыкIэ зымыщIэр кърензэ, сыт пщIэн, алыхьым къыфтрилъхьащ. ТIэкIу есыфыр си ужьым фиту псым фыныхэпкIэ.

– Псым ситхьэлапэ мыгъуэми нэхъыфIи.

Абы фIэкI хэмылъу Дэфэрэдж лъэкъуауэ-пIэтIауэу зыкъытригъэхуащ, Iуэщхъу нэпцIи зищIауэ. Модрей къомри зэщIэ-гъуагэу зэрыгъэкIий щыхъум, гъы нэпцI кърагъэжьар нэхъри я гум щIыхьэжауэ яфIэщыпэу пыхьэу, зэрыгъэкIийуэ щIадзащ. Сабий жеяри къэушыжауэ, шынауэ магъ. Дэфэрэдж и къэжьын къакIуэ хуэдэу зещI, хуэш къыхыхьауэ фIэкI умыщIэну зеукъуэ-дий, зыгуэрхэри къебж, и щхьэр блыным иреудэкIыж, и щIалэ цIыкIур фIэмы Iуэхуж хуэдэу, «псы» жиIати, фэндыр зэрыфэнду иратауэ хьэлэчу зытрекIэж. ЗэщIэкъугъэ къомым я макъыр щызэхихым, къэрэгъулу щыта тыркур къосри щтэIэщтаблэу бжэр къызэIуех:

– Сыт къэхъуар? Щывгъэт!

АрщхьэкIэ дэнэт – нэхъри нэхъ Iеижу зэщIокъугъэ.

Гуащэ и жьэм къыжьэдокI псалъэ шынагъуэр:

– Емынэ! Емынэ уз йофыкI мобы!

– Емынэ уз жыпIа? Дэтхэнэм?!.

Къэрэгъулыр шынауэ икIуэтыжу щыхуежьэм, Гуащэ пхъуэри къыщIилъэфащ, Дэфэрэджи тыркум и лъакъуитIым зыкIэриукIэри, лIыр ираудащ. Хъыджэбз цIык Iухэри къежэри хъумакIуэм иращIэн хуеяр иращIащ. Модрей къомыр зэрызохьэ, есыкIэ зыщIэри зымыщIэри Дэфэрэдж здэжэмкIэ жэну йоIэ. Абдежым кхъухь хьэнцэм зи Iэгур щIиха лIы бланэжь къом къосри хъыджэбзхэр зыщIыпIэкIи ямыгъакIуэу зэщIаубыдэ, Дэфэрэдж, и сабийр и щIыбым ипхауэ, заIэщIеудри псым холъэ. Арыншэми ар псым ирагъэтхьэлэну къыщIэкIынт.

* * *

...Жэщыр хэк Iуэтат. Си сымаджэм соплъри – и тхьэкIумэ цIыкIуитIыр тегъэхуауэ къызодаIуэ, и уIэгъэ зэгуэздэжам щабэщабэу Iэ делъэ. НтIэ мызэкIэ куэдщ, си анэшхуэм и псэукIар Сэлимэ фIэгъэщIэгъуэн хъуащи, иджы «адэкIэ сыт къыкIэлъыкIуэну пIэрэ?» жиIэу пэплъэнущ жыхуэсIэу, си псалъэр зэпызогъэури соупщI:

– Узрэ?

– ТIэкIу мэуз. СфIэгъэщIэгъуэныщэу содаIуэ итIани. Сэлимэ си хъыбарым къедаIуэмэ зэрыфIэфIыр си дежкIи гуры Iуэгъуэщи, сыщыгуфIыкIыу жызоIэ:

– МызэкIэ куэдщ, жеижыгъуэ хъуащ.

– Жэщыр кIыхьщ, тхьэ, седэIуэнтэм нэху щыху.

– КIыхь-кIэщIми, ужеймэ, нэхъыфIщ. Хъыбарыр хъыбарщи, дэнэ кIуэн? Пщэдеи махуэщ. Узыгъэжеин уезгъэфэн?

– Арыншами сожей.

– НтIэ жей, тIасэ. НэхулъэфI укъикI.

– Уэри укъикI, – жиIэри Сэлимэ и нэ дахитIыр зэтрипIэжащ. Сэри абы и Iэ шхыIэн щIыIум телъым сеплъри си гум къэкIы-жащ сызэреупщIыну сызыхуея гуэр. СызэреупщIынури мырат: Сэлимэ и ныбэм къитха сабийм и Iэ сэмэгур пымытыжу гу лъыстати, абы хуэдизу сфIэгъэщIэгъуэнакъым, сыту жыпIэмэ сэкъат зиIэ сабийхэр нэхъыбэ хъуурэ макIуэ. Уеблэмэ, Iищ зыпыт, Iэпхъуамбий зиIэ ухуозэ. Зи сабий ныкъуэдыкъуэу къалъхур нэхъыбэу къызыхэкIыр цIыху куэд фадэм зэрыдихьэ-харащ. Сэлимэ абы ящыщу си фIэщ хъунукъым, и адэ-анэм а зыпхъу закъуэращ яIэри хуащIэр яфIэмащIэу, я нэIэ къытету апхуэдэфэ есплъащ. ИтIани пщIэну щыткъым: нобэрей цIыхубзхэр диным икIыным нэсащ, къалъхуар хыфIадзэжын тIэу еплъынукъым, е къалъхуар я адэ-анэм къыхуагъанэу езыхэм я кIэр исауэ щыхыхьэжи къохъур.

Фадэм дихьэхауэ уэрамым дэт ефэреижьхэм щхьэкIэ «и джанэр зыщехри аркъэ стэканкIэ ещэж» жаIэу зэхыбох. Абы хуэдэ дэхуэхам псом япэ ищэжыр сыту пIэрэ? И нэмысыр аращ. Нэмыс зимыIэжым сыт къыпыпхын? Зыгъуэтыр зыших дыгъужьу, ишхыр зыхуэмыпшыныжым ещхьу, игъуэтым ефэу фадэ щIэнэцIу и гъащIэр ехь. Фадэм дихьэхамэ, кIуэдыпар цIыхубзыр аращ. Сэлимэ абы ящыщ тхьэм имыщIкIэ. Сэри згъэунэхуну соупщI:

– Зы бжьэ цIыкIу дэбдзыхмэ, нэхъ уигъэжеин? Сэлимэ къоуIэбжь:

– Бжьэ жыпIа?

– ЛIо спирт къабзэ дыдэ жыпIэнущи, диIэщ. Аркъэри аракъэ къызыхащIыкIыр, – жызоIэри къызэрыхэщтыкIам гу лъызмыта хуэдэу зызощI.

– Аркъэ жыхуэпIэр арамэ, тхьэ, игъащIэм сIумыхуа, – Сэлимэ блынымкIэ зегъазэри и щIыбагъыр къысхуегъазэ. Сэри сызыхуейр аращи, и гугъу сщIыжыркъым, гурыщхъуэ хуэсщIауэ гу зылъэзгъатэркъым, и адэм и дуней тетыкIэр сщIэ пэтми. И ныбэм илъа сабийр ныкъуэдыкъуэу щытамэ, зи зэраныр езыр армырами, и адэ-анэм я дуней тетыкIэмкIэ абы я щылъхум бын мыузыншэ къащIэхъуэнкIэ мэхъу. ЗэрыжаIэмкIэ, абы и адэм «зэ уефэ нэхърэ тIэу уефэм, нэхъыфIщ» жиIэу аращ зытрищIыхьри. Хуэзамэ, фIэкIынукъым. Абы и щылъхур щIагъуэ хъун? И анэми щы къилъхуати, зы хъыджэбз закъуэщ къыщIэхъуар. ЗэлIзэфызым я насыпти, я бын закъуэр хъыджэбз лъагъугъуафIэу, дахэ дыдэу къащIэхъуат, мо щIалэ бзаджэм имыгъэунэхъуатэмэ.

Сымаджэщыр игъащIэми бэлыхь гуэрым хэтщи, зэрызохьэр, къакIуэ-накIуэр кIащхъэ зэи хъуркъым. Иджы Сэлимэ и палатэм сыщIэсыху тхьэм ещIэ къэхъуар. Тамарэ сызэрыхуэзэу, псори къызжиIэжынущ, къызжимыIэжми, и нэгум сыщIэплъэмэ, занщIэу къызощIэ Iей къэхъуами фIы къэхъуами. Арати, Тамарэ къыпыгуфIыкIыжу сыхуозэри занщIэу езым къыщIедзэ:

– КъэкIуат си «нанэ».

Езыр детдомым щапIати, соупщI:

– Фи детдомым и директорри?

– Ыы, – жи. – Пхъуантэм дэз хьэпшыпи къишащ, джанэ цIыкIу, гъуэншэдж цIыкIу, цы шхыIэни сыти Iэуа цIыкIур зыхуей къигъэнакъым. IэплIэшхуи къысхуищIри сигу дахэ къищIащ, «детдомым утщыгъупщэжа уи мыгугъэ, хэт псалъэми, уэращ зи гугъу ящIыр, къыпщыщIа нэщIэбжьэри дощIэ» жиIэурэ псалъэ гуапэ мащIэ къызжиIа. Сыту цIыхубз гу къабзэ, сытуи хьэлэл. Уэри абы урещхьщ. – Тамарэ гуфIэщати, и Iупэр хузэтеIыгъэжтэкъым. ИкIэм къыщIигъужащ. – Мыбы сыщIэкIыжа нэужь, сыхуеймэ, детдомым сыIуигъэувэну жиIащ.

– Сыт детдом? УкъызыхэкIа коллективым умыукIытэу уахыхьэжыну? КъыпщыщIа къомыр къащIэмэ, уи жагъуэ ящIынщ.

– НэгъуэщI детдомщ жыхуиIэр. Иджы щIэуэ къызэIуах, сабий ныкъуэдыкъуэхэм щхьэкIэ.

– Аргуэруи?– жысIэри си жьэм къыжьэдэхуащ.

Арыншэми щIэпым игъэунэхъур урикъуни. Куэд щIакъым зы детдом къызэIуахыу щIэзу зэрыщIагъэтIысхьэрэ, сабий дыкъмыкъыр апхуэдизу куэд щыхъукIэ, лъэпкъ псом дежкIэ гузэвэгъуэшхуэщ, цIыхур Iисраф хъунущ, кIуэдыкIейуэ кIуэдурэ. Ди бзэр тфIокIуэдри дызыщыщыр дымыщIэжу дыкъэнэнущ жаIэу мащIэ гузавэрэ, сабий ныкъуэдыкъуэр лъэпкъым къекуэдэкI хъуамэ, щIэблэр кIуэду аращи, лъэпкъ цIыкIухэм куэдрэкъым я кIуэдыныр. Ар цIыхум къагурыIуауэ фадэм кIэ ирамытмэ, геннэ кодкIэ дызэджэр зэкIуэкIынщи, ар

зэзыгъэпэщыжын къару дунейм теткъым. Япэм фадэм нэхъ хуэпабгъэр цIыхухъухэр арамэ, иджы цIыхухъум къакIэрымыху цIыхубз дапщэ ухуей, уеблэмэ ныбэм ирищIа сабийм фадэ синдромкIэ еджэу уз къыщеуалIэ къохъу. Сыт къызыхэкIыр жыпIэмэ, фадэращ, цIыхубз лъэщыджэр ефэмэ, сабийр зыгъэл Iэн гын ефэ хуэдэщ.

ЩIалэгъуалэр дзэм щашэм деж я ефэкIэр слъагъумэ, сызэгуоуд. Унагъуэм фадэбжьэ къыщаIэтмэ, пепси колэ иту румкIэр сабийм щыхуаший дапщэ. Езы сабийхэри, балигъхэм зрагъэщхьу я бжьэр зэрагъэунтIэIуу ефэу. Апхуэдэурэ фадэм щIэпIыкIа мэхъури, фадэбжьэ къамыIэтамэ, хьэщIэр гъэхьэщIа мыхъуауэ къалъытэ. ЦIыхур кIуэдыпIэ мэлъыхъуэ, ящIэр ямыщIэжу. ЦIыхубзыращ лъэпкъыр нэхъыбэу къызытехъукIыр, лъапсэ хъужыр аращи, лъабжьэм хуэдэжщ къыдэжри, къыдэжам къыпыкIэри, цIыхубзыр зымыхъумэ лъэпкъыр мыунэхъуну Iэмал иIэкъым. Пасэ зэманым щыгъуэ адыгэр зытекIуэдар я цIыхубзыр хъума зэрыхъуным и ужь итатэкъыми аращ. Пасэрейхэр зытета гъуэгум ди насып къыхэкIакъым...

Си диссертацэм и ужь сыщитым сабий унэхэм щIэс сабийхэр зейр зэзгъэщIати, щэрэ щэ никъуэм щыщу щы къудейщ зеиншэу яхэтар, адрей къомыр ефэреижьу хьэжькхъуэжьу къэнэжахэм яйуэ къыщIэкIащ, я бынхэр судкIэ къыIахауэ. ЩIэблэм и узыншагъэр къызыпкърыкI цIыхубзыр кIуэ пэтми нэхъ дэхуэха, лъэпэрэпа мэхъу, къалъхур зыхуэдэм щхьэкIэ зэрыгузавэ щымыIэурэ. Фадафэ зырыз къэбубыдрэ я пэр щIым щыпхъуэкIэ зэфIэкIынукъым, цIыхум я псэукIэр хабзэ дахэм тегъэувэн хуейщ, лъэпкъыр зэрылъэпкъыу узыншэ хъун хуэдэу. Арат сызэгупсысыр шкаф хужь цIыкIур къызэIусхауэ хущхъуэу дэтыр къыдэсх-дэзгъэувэжу сыщыщытым.

Иджыри сыт къызжиIэну пIэрэ жиIэу къыспэплъэу, Тамарэ щытщ.

– Сабий унэщIэр жыжьэIейщ къыщызэIуахыр, сыкIуэфыну си фIэщ хъуркъым, – жиIэри, къызэпсалъэмэ, зэрыфIэфIым гу лъыптэу, етIысэхащ.

– СыкIуэнущ жыпIакъэ.

– Абы хуэдэ дыдэу къэзгъэгугъакъым. Плъагъункъэ зэрыхъур жысIэри къыфIэзгъэкIакъым.

– Абы хуэдэу жепIамэ, хъарзынэу пщIащ, – жысIа щхьэкIэ, сегупсысыжри сэ нэхъапэ сыщIегъуэжауэ къыщIэкIынщ, дэнэ абы фадэ щемыфэ коллектив къыздрихынур жысIэу. Хэти еупщI, «уефэрэ?» жыIи – зызыумысыжын бгъуэтынукъым: «гуп сахэхуэмэ, зы бжьэ щызодз» жиIэнщи, абы къыфIигъэкIынукъым, а жиIэри и фIэщыпэу жеIэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, езым хуэдэ фIэкIа нэгъуэщI илъагъуркъым. Фадафэм сатепсэлъыхьыныр сфIэфIыжтэкъыми, нэгъуэщIым сыщIэупщIащ: – Сымаджэ къаша ноби?

Сымаджэщым хэт къыщIэгъуэлъхьами, Тамарэ ещIэ:

– ПлIы къашащ. Абы щыщу зыр хьэдрыхэ кIуауэ кърагъэгъэзэжащ.

Ан-на, сыт а жыпIэр?

– Мащэм иралъхьауэ щымытами, лIауэ къэхъужащ.

– ТелIыкIат?

– Хьэуэ.

Тамарэ хьэдрыхэ щыIам и хъыбар срегъэдаIуэ. ЦIыхубзыр, зэрыжаIэмкIэ, нэджэIуджэ гуэрым хуэзэри шынэри мэхауэ арат. Пщэдджыжь нэмэзым жэм къишыну бэкхъым щIыхьауэ, зыгуэрым къигъэшынэри мэхати, «мыр здэфшэнур ди дежкъым, неврологхэм я деж фшэи, щIэвгъэгъуалъхьэ» жиIэри сымаджэм и унафэр дежурнэм ищIри абыкIэ зэфIэкIащ, арщхьэкIэ абы и хъыбарыр икIэщIыпIэкIэ сымаджэщым къэсащ. Абы сригъэдэIуэну арат Тамарэ щIэмыкIыжу щIетIысэхари.

ХьэгъуэлIыгъуэ гуэр къэхъуауэ ефэ-ешхэ гупышхуэ зэхэст, къызэщIэплъауэ. Вынд и къуэри яхэст, фадэбжьэ къыщаIэт унагъуэр дэнэми къигъуэтрэ кIуэ и хабзэуи, и къулыкъур мыщ Iагъуэми зы зэман хьэIусыпэ зратым яхэтат, Iэтащхьэм и IупэфIэгъуу, щакIуэ дэкIуэу, фадэ ефэмэ, тхьэмадэу ягъэтIысрэ Iэтащхьэм и гум къипсэлъыкIыу, нэхъыжьыр езыри абы нэ лейкIэ къеплъырт.

«Хрущев и дачэ» жаIэу зы унэ зэтет гуэр адэ жыжьэу къурш зэвыпIэм дэтти, арат и IэнатIэр здэщыIэр. Коттедж хъарзынэр езыгъэщIари зейри алыхьым фIэкIа зыми ищIэртэкъым, импортнэу хьэпшып гъуэзэджи унэлъащIи щIэлъ пэтми. Унэр зезыхьэ Вындым нэхъыбэу зэреджэр Мэмэт-щIакъуэт ещ Iэкъуауэу къызэрикIухьым щхьэкIэ. ЩIакъуэу къыщIикIухьри сыт жыIэт. Езым зэриIуэтэжымкIэ, советскэ властыр къэзыхьыжахэм яхэту зауэм Iуту и лъэгуажьэ кIэным шэ къытехуауэ аращ, арщхьэкIэ и пэжып Iэр мырат: шызакъуэгукIэ мэз Iуфэм кIуауэ, мэз джэд къом къэукIа хьэзыру Iэтэу зэтелърэ удз Iэмбатэ цIыкIукIэ щIэхъумэжауэ ирихьэлIащ. Езым пиупщI ауэ гум илъыр иридзри джэдыр къызэщIикъуэри кърилъхьауэ къыщежьэжым, мэз джэдыр къэзыукIа къэзакъ щакIуэхэм къалъэгъуащ. Мэмэту плъагъур кърахужьащ, и хьэмкIэшыгур дрихуеихукIэ мэз джэдхэр къищэщу. Къэзакъхэр лъэсти, къыщылъэщIэмыхьэм, фочкIэ къыкIэлъыуэу хуежьэри шы закъуэри къаукIащ, езы Мэмэти и лъэгуажьэм шэ къытехуащ, къэзакъхэри къэсри я джэдыр трахыжащ, дыгъуакIуэри фIыуэ кIуэцIакъухьри зэрыу Iэгъэу губгъуэм кърanащ, езыми и псэр ерагъпсэрагъкIэ я унэ нихьэсыжри къелык IафIэу къелащ. Ар зылъэгъуа щыIэу гу лъитатэкъыми, пцIы иупсащ, къэзакъхэмрэ Грознэм дэс рабочэхэмрэ махуищэкIэ щызэзэуам щыгъуэ Мэмэтыр рабочэм яхэту къэзакъым езэуауэ. Ар зи фIэщ хъуа гуэри щыIэу къыщIэкIынти, пцIым лъакъуэ къыщIэуващ. Абдежым щыщ Iэдзауэ

Вындым цIыхур «Мэмэт-щIакъуэкIэ» къеджэ хъуащ, иджы, щIакъуэми, ныбэфышхуэу бауэ-бапщэу къекIухь, и ныбэр, шэрхъ щIэбгъэувэн хуэдизу, къехуэхауэ. ХьэгъуэлIыгъуэ здэкIуам езым хуэдэу фадэ зи мыжагъуэ гуэрым щыхуэзэри тIуми ныбэм къихь къагъэнакъым. Зыхуэзар къэрэгъулу лажьэ Сеймэныр арат – «жэнэтым аркъэ щымыIэмэ, жыхьэнмэм фадэ дэшхыну сагъакIуэми содэ» жиIэу цIыхур зыгъэдыхьэшхыр.

Сеймэныр зыIут лэжьапIэм къэрэгъулу арат зэрыщылажьэр, иджы и пIалъэр къэблэгъати, ерыскъы къомыр и гум къыщIитхъми, къэмытэджыжу хъуакъым. ХьэщIэр къыщытэджыжым «тIэкIу щыс иджыри» жиIэну зыми игу къэкIакъым, зыгуэрым и жьэ къыжьэдэкIтэмэ, тIысыжыну къыщIэкIынт. Мэмэт-щIакъуэри хъуэхъуэну къэтэджащ, Iэтащхьэм зэхихыжмэ, и гуапэ хъун гуэр жиIэну, арщхьэкIэ чэф хъуа къомыр даIуэртэкъым, къызэщIэвауэ, щхьэж зыхуейр жиIэрт, Мэмэт-щIакъуэр и макъым къызэрихькIэ кIийуэ хъуэхъуащ:

– ...Акъылу, ди напэу, ди нэмысу, ди чэнджэщэгъуу, гъуэгу тэмэмым дытезыгъэт Нартыху и къуэу ди Къэзбэч и цIэкIэ мы бжьэм без кIаплIэу дефэмэ, си гуапэу къызоIэт, – жиIэри.

Хъуэхъур зигу ирихьар къыщылъэтащ:

– Псалъэ дыгъэлщ жыпIар, си къуэш.

Сеймэнри къэувыIащ зы бжьэ ефэжмэ, ежьэжыну:

– Баш хаIурэ мыращ фи пашэри федаIуэ жаIамэ, мы ерыскъыр согъэпцI, семыдэIуэнумэ, – жиIэри.

НэгъуэщI гуэрым зыкъритIащ:

– ЛIо башым дыщIедэIуэнур, мэлу дызэхэт дэ? Уэлэхьи, мэлыхъуэ башым щхьэкIэ семыфэн.

– Казбек Машевич щхьэкIэщ бжьэр къыщIэтIэтар, хэт и баш, зиунагъуэрэ, къыхэпIур?

Мэмэт-щIакъуэр къэтэмакъкIэщIащ, и нитIыр плъыжьыбзэ къэхъуарэ къитIэтIу, и ныбэм и нэхъыбэри стIолым телъу, и лъакъуэр ерагъыу къыщIэувэу.

Иджыри къэс хъарзынэу зэхэсахэр хьэргъэшыргъэ зэрыгъэхъуащ.

– Мэмэт-щIакъуэ, мыр «Хрущев и дачэм» дыщIэсу уи мыгугъэжу пIэрэ? Тхьэмахуэ дэкIыркъым фэ а щакIуэ унэм фыщызэхэмысу. Пшхыр уи дзажэ дыхьэнукъэ Нартыхум щхьа хъуэхъу жумыIэмэ? – жиIэри «башыр» зи гум темыхуар зэщIэскъыскъэу къэуващ, Мэмэт-щIакъуэм и пщампIэр щиудыну хьэзырыпсу.

– Хъуэхъу жаIауэ емыфэр, уэлэхьи, хъуэхъу и мыуасэ, – жиIэри Мэмэт-щIакъуэ зы Iубыгъуэу иригъэжэха щхьэкIэ, къызэгуэпащ щакIуэ унэм и гугъу щащIым. А унэм къыщыхъур алыхьым фIэкIа цIыху цIыкIум ямыщIэу арат и гугъэри, абдежым щысыжынутэкъым, къэтэджу бидаркэкIэ къэкIуа мо Сеймэным гъусэ зыхуищIыну арат зыхуейр.

– Тхьэмадэм «ноль» къригъэщIащ, фефэ, – жиIэу галстук

зыдэлъ тхакIуэ гуэри къэпсэлъащ, арщхьэкIэ стIолым бгъэдэс-хэр зэфам зэрехьэ.

Сеймэн и ужь къиувар щилъагъум, мыбы зыкъыскIэрищIэнущ жиIэри Мэмэт-щIакъуэ и гум илъыр къищIати, зигъэпсынщIащ, «мырамысэ ныбэм» бидаркэр иримыгъэкъутэн щхьэкIэ. Ныбэфыр уи гъусэу шызакъуэгу цIыкIум уихуэххэнутэкъым, арщхьэкIэ хэгъэрей гуэрым япэ зыкъригъэщри къелъэIуащ, «къомыгъанэу, здэшэж, чэф хьэлъэ хъуащ» жиIэри. Езы хэгъэрейр къыдэIэпыкъуурэ Мэмэт-щIакъуэр ерагъыу бидаркэм дралъэфеящ. Бидаркэм тет гуфэ тIэкIур апхуэдизкIэ зэщигуати, шэрхъым тегъуэлъхьащ. Къэрэгъулым абы къыбгъэдэтIысхьэну и гугъати дэнэ, модрейр плIаплIэу гуфэм щызу исщ, зэпкърыхуауэ. ПхэщI лъэныкъуэмкIэ гум ису, лъакъуэ лъэныкъуэри гупэ Iунэм тету, езыри уецырхъамэ, къехуэхын къудейуэ къэрэгъулыр къежьэжащ, и гуфэр хьэлэчу гум щихъуэу. Шыми къохьэлъэкIри, зиукъуэдияуэ йокъу. Шыр зейми «но-о!» жиIэ щхьэкIэ, лIитI зэрыс гур ишэф къудейщ.

Мэмэт-щIакъуэ зэ Iурихри къэушыжауэ, гур хуэмыIуэу зэрыкIуэр хуэмышэчу, къэгурымащ:

– Сеймэн, етIуанэрейр Iудзэт! – жиIэри.

– ЗыIубдзам сыту уримыкъуарэ?..

– Скоростыр аращ жыхуэсIэр, етIуанэрейр Iудзэ.

– Сеймэн, жи! Сэ сы-Семенщ, зэгъащIэт ар.

– Уэра Семеныр? ЛIо, лъэпкъышхуэм уащыщу зыкъыщIебгъэдзыну ара узэщэр? Узыхамыбжэм, ущIегъуэжынщ, си къуэшыжь. Семеныр урысыщIэщ, Сеймэныр тэтэр псалъэм къытекIащ – ясыр, бытыр Iызых жиIэу аращ къикIыр. УкъызыхэкIар зэбгъэщIэну ухуеймэ, УрысеймкIэ уемыплъэкIыу къэрым тэтэрхэм я лъэужьыр ху. – Мэмэт-щIакъуэм жиIэр «Хрущев и дачэм» щагъэхъыбару зэхихати, и псалъэм шэч льэпкъ къытрихьэркъым, игъащIэм зэгуихыу тхылъ емыджами.

– Уэ мырамысэ ныбэм щIэныгъэшхуэ уиIэу къыщIокIри,– жиIэу къэрэгъулыр и гъусэм щIэнэкIащ. – Акъылыр уи щхьэм имыхуэу уи ныбэм мыкIуауэ пIэрэ, лъэпкъышхуэм уащыщу зыкъыщIебгъэдзурэ. Семеныр зи унэцIэр си закъуэ? Лъэпкъышхуэ дохъу – псори Семэнщ. Уэращ бэлъшэвичу зыкъыщIезыгъэдзыну зи гугъар. КъохъулIакъым. Сыту фIыуэ захэбгъэпшэхъуат, къэзакъхэр къэмыхэшатэмэ, Iэтащхьэ ухъуат, орден къыуатынкIи хъунт. Лъэпкъышхуэм ящыщу зыкъыщIебгъэдзынут. Унэгъуей напIэу лъэпкъышхуэм уахэгъуэщэн уэ? Бэлъшэвичым уазэрыхэмыгъуэщам хуэдэщ ари.

Мэмэт-щIакъуэ зыри жимыIэу щыса щхьэкIэ, хуэшэчакъым:

– Уа, дахэкIэ щыбгъэтыну хьэмэ куэдрэ укъэвэну?

– Сэ сыкъавэрэ? Хэбдзыну зы псалъэ жысIакъым, пэжщ жысIэ илъэпкъыр. КъагурымыIуа уи гугъэ Къэзбэчым ущIыщытхъуар? Зэхебгъэхыжыну арат, фIыщIэ зыхуебгъэщIыну,

«мыбэлъшэвич дыдэу пIэрэ мыр» жебгъэIэну? Уэ пхуэдэ Iэджэ илъэгъуащ, си къуэш, Нартыхум. Абы мэзым кхъуэ е щыхь къыщиукIмэ здашэр дэнэ уи гугъэ? Ди дежщ. Кхъуэ къашэмэ, танэлу хуэзэр иратыж, щыхь къашэми аращ – зыхуейм хуэдизират. ХъынцIэл, дауи, уоцIыху. Абыи нэхъыбэж кърегъашэ, «лы гъэгъуауэ къызэфтыж» жеIэри. Ари Нартыхум и Iупэф Iэгъущи, фIолIыкI, зыхуейр хуещIэ. Сэрауэ щытатэмэ, жыжьэу сызыбгъэ-дигъэхьэнутэкъым.

– Щыгъэт бжесIакъэ, лIы цIыкIу! ЖыпIэ делагъэр дахэкIэ щыгъэт. ДахэкIэ, къыбгурыIуа?

Шыгухур зэщэр гум исыр къигъэгубжьу иригъэкIыжыну арати, щигъэтакъым:

– Уэ жыпIами дедэIуащ. Куэду акъыл зыхэлъщ. Абы хуэдиз акъыл ущиIэм щхьэ укъыдахужа?

Мэмэт-щIакъуэм абы фIэкI хуэшэчакъым:

_ Сыкъыдахужа, хьэм и ныбэм къикIа? – жиIэри мо лIы ныбэфышхуэм зыкъигъэхъеяти, гур зейр къиху пэтащ. – СогъэпцI, уи лъакъуэр зэпызмыщIыкIым.

– Укъыдахужам, уэлэхьи. Сэ сыкъыдахужакъым, сэ згъэзэжын хуейуэ сыкъежьэжащ, зи блыпкъ яIыгъыу къыдалъэфыжу гум кIэртIоф къэпыжь хуэдэ кърадзэжар сэрауэ пIэрэ? Хъуэхъу мышыу жыпIар уи гум къэгъэкIыжыт. Узэхъуэхъуам деж нэсы-жынущ, фIыщIэшхуи къыпхуищIынщ, итIани гупым я гум ирихьакъым.

– Сыт иримыхьар?

– «...акъылу, ди напэу, ди нэмысу, ди чэнджэщэгъуу...» Ди мыститIри дыщэкIэ тхуэзылэ жыпIатэмэ, сыкъэпщэхужат. Щхьэ жумыIарэ? Хъарзынэу тIасхъэщIэх гуэрым и тхьэкIумэр тегъэхуауэ щысащ, хэт сыт жиIами дзыгъуэ гъуанэ дихьа къимыгъанэу зыжеIэжыпхъэм жриIэжыну.

– Хъуэхъукъэ и кIэри и пэри... Нартыхум деж нэсыжми, нресыж.

– Нресыж жыпIа? Ар уи фIэщу жыпIамэ, зыгуэрт. Ауан пщIыуэщ зэрыжыпIар. Абы хуэдэ псалъэ зыхужаIэу щытар Сталиныращ. Уэ Сталинымрэ Нартыху Къэзбэчрэ зэбгъэдэбгъэуващ.

– ЛIо, зэбгъэдэзгъэувамэ? Сталиныр къепсри Нартыхур и пэм къихуащ – зы сортщ а тIур, я инагъыр зырызми. Догуэ, фи фызыр бгъэлъхуэнумэ, Нартыху Къэзбэч деж укIуэу хуит зыкъебгъэщIын зэрыхуейр зымыщIэр уэра? Е пабжьэ-лъабжьэу гектар щитху бвауэ гъавэ тыбосэ, планым бвар хомыгъэхьэу. Хэт абдежым узэчэнджэщынур? Къэзбэчкъэ? Уемычэнджэщи, еплъыт. Уи пыIэкур къраудынщ, уечэнджэща – вэ, узыхуейри тесэ, планым хэтуи къомыгъэлъагъуэ – бригадэр сыту фIыуэ лажьэрэ, сытуи гъавэ бэв къытрахрэ жаIэу псори къохъуапсэ хуэдэу защIынщ. Уи хьилагъэр зыгуэрым къыщIигъэщыну хуе-

жьэмэ, Нартыхум деж зэрынэсу къикъутэжынущ, уэр щхьэкIэ «маяк» жаIэу уаIэтынщ, пщIэ къыпхуащIу цIыхум уахэтынщ. Ар Нартыхум щубзыщIа – укъэзыхъумэн щыIэкъым. ИтIанэ уэр щхьэкIэ жаIэнур уэри уощIэж. ДыкъигъэпцIащ, Iэмалрэ хьи-лагъкIэ мэпсэу жаIэнщи, къофтыIуэуэнщи, ущхьэпрагъэдзынщ. Плъэгъуакъэ абы хуэдэ?

– СогъэпцI, сымылъэгъуам. Мо къэрэгъулу сыздыIутым щызэрахьэр урикъуни. Фонд и Iэу лы ишэну къакIуэм ишэну лым и уасэм хуэдищ иратри лы ятам и пIэкIэ ахъшэ къэп зыхуаугуэшыж. Лым пэкIуэ зы уасэр банкым халъхьэ, адрейр езым я фейдэщи, я хьэлэлщ. Лым и пIэкIэ ахъшэ зытри хэкIуадэркъым, лъысынур имыщIэу пIэрэ ар нобэ узэхъуэхъуам? Щхьэ къыхомыгъэщарэ?

– Абдеж уи гугъэ хьилэм и къыщIэдзапIэр? Iэщыр колхозым итмэ, ейуэ ит уи гугъэ? Къещэхури ет. Дэнэ къыщищэхур? Уи деж, си деж, дэ димыIэрэ – ди гъунэгъу хэкум макIуэри, планыр ирикъуху къащэхури къаху. КъэгъэпцIэгъуафIэр дэкум хуэдэу къагъапцIэ. Гъэшри гъавэри аращ – цифрэ жыIэ, умыбэлэрыгъ.

– Нартыхум йочэнджэщри. Ара?

– Йочэнджэщри, уэлэхьи. КъэзгъэпцIэнущ жиIэркъым, къэсщэхумэ, дауэ уеплърэ жиIэу йоупщI. И Iизыныншэу ищIэрэ – хабзэм иратынщи, щIагуэнщ.

– НтIэ, хабзэри зи IэмыщIэ илъыр аращ.

– Аращ.

– УкIкIэ уи судыр ящIэнумэ-щэ?

– ФыукI жиIэнщи, зэфIэкIащ. Бэзэрым къыщыхъуауэ щытар зэхэпхакъэ? Бэзэрым Iэпыдзлъэпыдзу тета цIыхубзыр изыгъэсыкIар хэт уи гугъэ?.. Унэ зыщIэсым къэрэгъул щIыIутыр джэду щIамыгъэхьэну аракъым – зыгуэрым тошыныхь.

– ЛIо къэрэгъулым? Сэри къэрэгъулу аращ си IэнатIэр. Хэт къыдыхьэми, мэхъу.

– АтIэ мобы и деж щIыхьи еплъыт!

Мэмэт-щIакъуэмрэ къэрэгъулымрэ зыри жамыIэу зыкъомрэ макIуэ, щхьэж игу къэкIам егупсысыжу. Къэрэгъулым и гур ХьэтIохъущокъуэу къалэм дэт жыг хадэшхуэр хезыгъэсауэ щытам деж жащ, ар и гум къыщIэкIар имыщIэу. А лъэхъэнэм ХьэтIохъущокъуэр хэкум тету щыта пэтми, кумб къитIу, жыг хисэу цIыхум яхэтащ, хъумакIуи имыIэу. Иджы тетыр къызыхэкIар цIыхубэрщ. Сеймэныр абыхэм егупсысурэ, и гъусэр пырхъыжу Iурихащ, гуфэ шэрхъым трихъуэм дежьу хуэдэ. Шым ишэр къехьэлъэкIыурэ пщIэнтIэпсыр къыхихуащ. Унэишэм дыкъэнатэмэ, иджыри къэс дыщысынут, жиIэри Сеймэн пасэIуэу къежьэжауэ къыфIэщIыжри щIегъуэж хуэдэу хъуа щхьэкIэ, шым еуэри зрыригъэчащ, шызакъуэгужь цIыкIури дрихуейри мо пырхъыр къигъэушащ.

– У-уу-у, емынэр зи унэ ихьа, – жиIэри Мэмэт-щIакъуэр къэгурымащ. – Шы закъуэр дахэ-дахэу хуэгъакIуэркъым.

– ЛIо-тIэ ущIэжейр? Уи унэ уекIуэлIэжмэ, жей.

Сеуэу щхьэ къизмыудрэ мыр жиIэу Мэмэт-щIакъуэр нэхъеижу къызэгуэпащ, и жейр къызэпаудащи, модрейри къоупщI:

– Уа, мэлыхъуэм я мэл хьэм ишхмэ, ари акт щIын хуей?

– Хьэ щыIэж иджы? Иджы щыIэ хьэр уэ пхуэдэу хьэ лъакъуитIщ.

– Сэри хьэм сыхуэбгъадэрэ? Уэ узыщыщыр сыт итIанэ? Уэракъэ зыгъуэтыр зышхыу...

Мэмэт-щIакъуэр къэгубжьыпащ:

– ЗэтепIэ уи жьэр жысIакъэ!

Уэри – зэтепIэ. Уэ уи гум сэ сис, хьэмэ си гум уэ уис?

– Уи гум сисщи, аракъэ сыхьэт мыгъуэр. Уи фыз нэкIэпсыжэм деж сыпшэ хуэдэ.

– Си фызыр нэкIэпсыжэуи?! ЛIо щIэнэк Iэпсыжэр?

– И щхьэр егъеиж уэ къыщыбдэкIуа махуэ лъандэрэ. А дакъикъэм шызакъуэгур псы цIыкIу ежэхым нэсати, шыр зэрыхыхьэу езыр-езыру къэувыIащ, псы ефэну. Махуэ псом пщIантIэм дэта шыр къуркъуркъу жиIэу псы ефэу зыдыхэтым, гум иситIыр къызэрыгъэгубжьащи, я къурмакъейр зэрыхэчыным нэсащ.

– Уэ уи фызым уэ пхуэдэ хьэжь-кхъуэжь щхьэгъусэ хуэхъуащи, махуэ къэс тхьэлъэIу ещI, ара? – Сеймэн зыгуэр къыпищэнут, арщхьэкIэ абы нимыгъэсу Мэмэт-щIакъуэр къеуэщ, къриудыхри шыгухур псым хэхуащ, ерэн зэрыт фэндыжьым хуэдэу. Шыри щтэри зыщричым, вожэр Мэмэт-щIакъуэм къищтэри, езыр тыншу тIысыжауэ шым къеуэщ-къеуэри шыр къигъэущащ, псым хэхуар къигъанэри. Къыхэпщыжауэ къыскIэлъыжэу пIэрэ, жиIэу къызэплъэкI щхьэкIэ, къак IуэIауэ зыри илъэгъуакъым, къэкIийуи зэхихакъым, ауэ игъэзэжыни и псэм идэртэкъым, зэгуэпыщати.

Зыкъом къик Iуа нэужь, сызэреуар удын хуэхъуауэ пIэрэ жиIэри къигъэзэжрэ еплъмэ– псым хэхуар зэрыхэхуауэ хэлъщ, и щхьэр ятIэпсым хэлъу, и пкъыр псым щIигъэнауэ. СыукIыпауэ къыщIокI, жиIэри Мэмэт-щIакъуэр къэгужьеящ. ИщIэнур имыщIэу тIэкIу зиIэжьэри къэрэгъулым нэхъ щыгъыныфIу хьэщIапIэ щыкIуэм щитIэгъар къыщитхъащ, милицэм къалъагъумэ, яхъунщIэри яукIыжащ жаригъэIэну. И пыIэри и кIэстумри щIэрыпст, псори зэщIикъуэри Вынд и къуэжьыр бгъуэтмэ къащтэ.

Куэд дэкIа, мащIэ дэкIа – Сеймэныр къызэщоуж, Iэбэлъабэмэ – псым хэлъщ, и анэм къызэрилъхуам хуэдэу пцIанабзэу. КъызэфIэтIысхьэрэ псым къыхэпщыжмэ – пIыщIауэ мэкIэзыз, маджэ, мэкIий, арщхьэкIэ зы Iэуи-лъауи дунейм щызэхэпхыркъым. А зи унагъуэбжэр хуэзыщIыжын Мэмэт-щIакъуэ, ар

гушыIэкIэ хъун, жери къэрэгъулыр бампIэу зэгуоуд. ЗыкъызэщIэзгъэплъэнщжиIэри адэкIэ жащ, мыдэк Iэ жащ, арщхьэкIэ увыIэпIэ къимыгъуэтыну Iэмал зимыIэт. Псы цIыкIум Iус къуажэр нэхъ гъунэгъут езым я къуажэм нэхъри, абыкIэ иунэтIауэ мажэ. Къуажэ гъунэ дыдэм деж зы пщIантIэ гуэрым дэлъэдати, хьэжь цIыкIу къыкъуэжри къуажэхьэр зэщIигъэбырсейуэ банэу щыхуежьэм, Сеймэныр IуэмкIэ мажэри бэкхъ плIанэпэм дэлъ шкIэм дежкIэ зедз, шкIэм игъэщэба мэкъур зытрелъхьэ, арщхьэк Iэ техьэгъуэ зытехьам хуэдэу мэкI эзыз. ШкIэ цIыкIури, щтэрэ къэтэджа щхьэкIэ, хъумакIуэм IэплIэкIэ къещтэри зегъэукIурииж, шкIэмкIэ зигъэхуэбэн и гугъэу.

Сеймэныр пIыщIати, щIым щIэпщхьэнт. Ауэрэ нэхущым нэсауэ жэмыр къишыну фыз гуэр Iуэм ихьащ. Хьэжь цIыкIуми унэгуащэр щилъагъум, нэхъеижу банэу къыщIидзащ, Iуэм къилъадэрэ шкIэщымкIэ жэуэ. ЩIыхубзым шкIэр къиутIыпщу, жэмым тIэкIу щIигъэфрэ къригъэбла нэужь къишу и хабзэти, шкIэр здыщIэтымкIэ кIуэмэ, шкIэщым IэщIэлъын хуэдэу щIэлъа мэкъум лIы пцIанэшхуэ хэлъу елъагъури диным икIауэ мэкIий, зыгуэр яукIыу и хьэдэр къыкIэщIадза къыфIэщIауэ. ЦIыхубзыр апхуэдизкIэ шынэщати, зимыщIэжу мэджалэ, и гур къекIуауэ.

И фызым и кIий макъыр щызэхихым, илIри къыщIож унэми, гъущI гуахъуэр иIыгъыу бэкхъым къыщIолъадэ, хьэми зефыщIыж, шкIэр здэщытымкIэ илъу. И фызри щылъу щилъагъум, зыгуэрым къиукIа къыф IэщIри, плъэмэ – лIы пцIанэр елъагъу.

– А-а, хьэбыршыбыр, уэра ар?! – жиIэри гуахъуэмкIэ лIы лажьэ зимыIэм епыджыным тIэкIут къэнэжар.

Сеймэным шкIэр иIыгът, афэ джанэу, абыкIэ зихъумэн и хьисэпу, и нитIри, гужьеяуэ, къихурт, лъэгуажьэмыщхьэу къэуваи лъаIуэрт:

– СумыукI, сыгъэпсалъэ, сумыукI, си къуэш, сумыукIыу сыгъэпсалъэ! Лажьэ сиIэкъым! СыбукIыу гуэныхь къыумыщтэ. Уэлэхьи, лажьэ симыIэ.

– Ухэт? Уэракъэ цIыхубзыр зыук Iар?

– СеIусакъым. Слъагъуххакъым, ухуеймэ. Уэлэхьи, сымылъагъухха, сыгъэпсалъэ, къысщыщIари бжесIэнщ.

Арати, зэрыукIыну щыта лIитIыр зэкIужащ, Iуэхур зыIутыр къыщащIэм. Фыз мэхари унэм щIахьэри унэ лъэгум иралъхьащ, хьэдэ пэлъытэу. Абыи зыкъиищIэжу щыхуежьэм, зи фыз хэкIуадэ пэта лIым и щыгъын лIы пцIанэм къритщ, зригъэхуапэри уэрамым къыдэлъэдащ, маршынэ гуэр дгъуэтмэ, къэдгъэувыIэнщи, цIыхубзыр дохутырым тшэнщ, жиIэри. Я насыпти, маршынэри къапэщIэхуэри фыз къэмэхар сымаджэщым къагъэсащ.

Арат Тамарэ къызжиIэжыну хуэмышэчри къызжиIэжащ, сигъэдыхьэшхын и гугъэу, арщхьэкIэ ар дыхьэгът. Зызэрадзрэ зым и пщэ гурыгъыр зым ириудмэ, ар дыхьэшхэн? Лажьи-хъати зимыI э цIыхубзри хэкIуадэ пэтащ.

– Дэнэ-тIэ здэбгъэкIуар цIыхубзыр? –жысIэри сеупщIати, «неврологием» – жиIащ Тамарэ.

– Тэмэмуи пщIащ. ЦIыхубз мэхам роддомым сыт щищIэн?

Еплъ зэрыхъуам: лIитI ефам я зэранкIэ лажьэ зимыIэ цIыхубзым и гур зэгуэуд пэтащ. НтIэ, дауэ апхуэдиз цIыхур зытеунахъуэ фадэр Iурыча зэрыхъунур? Атомнэ бомбэм, зи мыхъуми, ихьыр плъагъуу ехъ, мыр бомбэм нэхърэ нэхъ Iеижщ – умылъагъуурэ лъэпкъыр икIуэдыкIынущ.

Сэлимэ къедэIуа-къемыдэIуа Тамарэ жиIам, и нэр къызэтрихри къызэплъащ, Тамари щIэкIыжащ, дэ тIур дыкъыщIинэри.

– Ужей си гугъати, – жысIэри сымаджэм нэхъ гъунэгъу зыкъыхуэсщIащ.

– Согупсысэри сыхэлъщ.

– Тамарэ сызригъэдэIуар зэхэпха?

– Хьэуэ.

– Сыт, си псэ тIэкIу, абы хуэдизу удихьэхауэ узэгупсысыр?

– Уи хъыбарыр си гум икIыжыркъым. ЛIыубыд, дыгъурыгъу – сыту Iей дыдэ мыгъуэт ар.

– Арат а зэманыр. Иджы лIыубыд жыхуаIэр сыт, жыIи щIэупщIэт – ар зыщIэ зырызыххэ фIэк Iа ухуэзэнукъым.

– АдэкIэ зэрыхъуар къызжепIэну?

– УедэIуэну ухуей?

– Ауэ сыхуей сытми.

– НтIэ, абы и чэзури къэса хъунщи, къэдаIуэ.

* * *

Си щIыбым илъ си сабий цIыкIу закъуэр имытхьэлащэрэт, жиIэу гузэсэжырт Дэфэрэдж кхъухьым къелъэу псым щыхэпкIам щыгъуэ. ЗыкъомкIэ тенджызым щIэтIысыкIати, IэкIи лъакъуэкIи лъэкI къимыгъанэурэ, псым и щIыIум къыдэкIуеижащ. И щIалэ цIыкIум, мэлхьэпIатIэм хуэдэу, зыкъыкIэриукIати, къыдэуеижа нэужь ундэрэщхъуами, нэхъри щиубыдыкIат и анэм и пщэри, Дэфэрэдж и гур къызэрыгъуэтыжащ, «си пщэр щикъузкIэ псэущ» жиIэри.

Дэфэрэдж псы Iуфэм Iусу япIати, есыкI экIэ Iэзэт, тIэу-щэ и къару къызэрихькIэ псыр щIитхъури къызэплъэкIащ, си ужьым иту зыгуэр къакIуэу пIэрэ жиIэу, арщхьэкIэ дэнэ – псэ зыIут илъэгъуакъым. «Шынэри ягъэзэжащ» жиIэу аращ зыхуихьари. Пхъэр и ужь щIимытри гуры Iуэгъуэщ: емынэ уз къофыкIыу щыжыпIакIэ, хэт къыпхуэгузэвэн, щIыкъатиблым еух жаIэнщи, ежьэжынщ, хъыджэбз цIыкIухэми «емынэ уз зэфыкI къытхэтащ» жаIэмэ, зыми ищэхунукъыми, я жьэм къыжьэдэкIыу ядэнукъым. Дэфэрэдж зыщыгугъын щымыIэу арати, лъэкI къимыгъанэу псы Iуфэу мащIэ дыдэу уафэ лъащIэм щIэплъа-

гъуэмкIэ къиукъуэдияуэ къоIэ, псы щIыIэри зыхимыщIэжу. Нэхъыбэу дзыхь зыхуищIа Гуащи къыкIэлъыкIуэу илъэгъуакъым. Къаруи-псэруи къыхуэнэжатэкъым Дэфэрэдж, тенджыз Iуфэм нэсу ныджэм щытеIэбам.

Бауэбапщэу, зимыгъэхъеифу зыкъомрэ щылъа нэужь, и щIыбым илъ щIалэ цIыкIур къитIатэри, едэхащIэурэ тенджызымкIэ плъэмэ – тети теси щымыIэу гъуджэм ещхьу мэлыд, толъкъунхэри, еша хуэдэ, Iэуэлъауэншэу жыжьэу ныджэм къытемыхьэу мывэкIэщхъыр ягъэпсалъэ. Дэфэрэдж, псым щIигъанэу къыдэуеижа нэужь, зэзакъуэ кхъухьымкIэ еплъэкIати, илъэгъуат цIыхур зэрызехьэу, зэрыгъэкIийуэ, тхьэм ещIэ зыгуэр къэхашэу хъыджэбз цIыкIухэм я мурадыр иIуэтэжа. Езы кхъухьыр иджыпстуи адэ уафэ лъащIэ дыдэм хьэндырабгъуэ цIыкIу тесщ жыпIэну уолъагъу, гъунэгъуу къыпфIэщI щхьэкIэ, тенджыз щIыIум жыжьэмрэ благъэмрэ пхузэхэмыгъэкIыу ущегъауэ. Убых кхъуафэжьей къызэрыхуэмыза абы, хъыджэбз цIыкIухэр зейм ирамытыжми я хэкум къинэжынт.

– ЛIыгъур цIыкIу, а си щIалэ шыр, упIыщIа мыгъуэу къыщIэкIынщ, – жиIэу къыщыпсалъэм, езым и макъыр къимыцIыхужын хуэдизу зэкIуэкIат зэрыпIыщIам къыхэкIыу. IэплIэ иришэкIыу сабийр зрикъузылIа щхьэкIэ, езыр псыфт, ущхъуэнтIат, итIани щIалэ цIыкIу закъуэр къелащи, и насыпышхуэщ. Мес, хъарзынэуи дыгъэр къыщIэкIауэ, и нурыр тенджыз бдзапцIэу жам толыдэ, дыщэ лъагъуэ дахэ ищIу. Абы ещхьу алэрыбгъур бжэIупэм Iуалъхьэрэ нысэишэ ящIмэ, нысащIэр алэрыбгъу лъагъуэм тету и лэгъунэм щIашэ, къафэу, фочыр ягъэуэу, уэредадэри жаIэу.

Дэфэрэдж дэнэ щищIэнт Гуащэ сымэ къелъэу и ужьым къыщIимыувар. Тырку ныбэфу хъыджэбз цIыкIу къомыр къэзыщэхуар хьилэкIэ Iэзэ гуэру къыщIэкIащ: хъыджэбз цIыкIухэр кхъухьым щрагъэтIысхьэм зыми гу лъимытэу тырку цIыхубз бзаджэ гуэр къакIэщIигъэтIысхьауэ къыщIэкIащ, къащэхуа хъыджэбзхэм уз къызэуз, зи щIыфэ къабзэ-мыкъабзэ яхэтмэ зэригъэщIэну. «Емынэ уз» сыт жаIэу щызэхихым, тырку цIыхубзыр щIэкIуэсыкIри псынщIэу кхъухьыпщым деж нэсри, кхъухьым цIыхухъуу исыр къызэщIаIэтат, хъыджэбзхэр зэрызехьэу Дэфэрэдж и ужьым иту щыжэм.

– Емынэ зэфыкIым фемыIусэ! Итхьэлэми, хъарзынэщ, иретхьэлэ, – жиIэу кхъухьыпщыр цIыхухъу гупыфI и гъусэу Гуащэ сымэ къапэуври кIуапIи-жапIи кърамыту, хъыджэбз цIыкIу къомыр зэщIакъуэри здыщIэсам яхужащ, яхуэмыкIуэу зи лъапэ фIэзыгъэна Гуащэ чачэу ялъэфащ. Дэфэрэдж щхьэкIэ зыри гузэвакъым, «жыжьэ кIуэнкъым – джейм зыIуригъэлъэдэнщ», – жаIэри. ХъумакIуэри нэхъыбэ ящIащ, хъыджэбз цIыкIухэми я тхьэкIумэр яIуэнтIащ, «емынэ уз» зэфыкIар зыщагъэгъупщэу жыжьэу я жьэм къыжьэдамыгъэкIыну.

Дэфэрэдж тIэкIу зигъэпсэхущ, тенджызым зэ теплъэжри, зыри щимылъагъум, и щIалэ цIыкIур и гъусэу псы Iуфэ нэпкъ лъагэм дэкIщ, пэу гуэр къигъуэтри езыми и сабийми я щыгъыныр зыщихри икъузыжащ, иутхыпщIащ, къуэгъэнапIэ здыкъуэсым сакъыпэурэ къыкъуэплъмэ – къуэ кууушхуэм дэсу къуажэжь цIыкIу гуэр елъагъу, езым я къуажэм зыкъомкIэ ещхьу, игуми къэкIыжащ, щыхъыджэбздэсым и нэгум щIэкIауэ щытар...

Я куэбжэм пэмыжыжьэу бжей жыг зрамыщIэж щытт, адэ лъагэу теувапIэ гуэри тещIыхьыжауэ. Фочауэ макъ, кIий-гуо макъ зэрызэхихыу Дэфэрэдж а жыгышхуэм дэпщейрти, теувапIэм тету азэн зэрыджэм хуэдэу адэкIэ-мыдэкIэ зигъазэурэ и макъым къызэрихькIэ кIийрт: «Дыгъурыгъу! ЛIыубыд!» жиIэу. ЦIыхухъухэм я Iэщэр къапхъуатэрт, я зэхуэсыпIэм деж щызэхуэсырти, пхъэру ежьэрт. Дзэ къатеуами арат: цIыхубзхэм сабийхэр дашырти, бгъуэнщIагъым зыщагъэпщкIурт, лIыжьхэм я унэм, я псэуалъэм мафIэ ирадзырт, щIалэ цIыкIухэм Iэщыр къуажэм дахурт, дурэшплIэрэшхэм дахуэрти, ягъэпщкIурт...

Дэфэрэдж мэзIувым хэтурэ здэкIуэм, зиплъыхьырт, жыгхэм зыгуэр япыту илъэгъуамэ, къыпичу щIалэ цIыкIум иригъэшхыну. Дыгъуасэ яшха щIакхъуэ Iыхьэмрэ шху шынакъымрэ фIэкIа зыри яIухуатэкъыми, зэанэзэкъуэр Iейуэ мэжалIэрт, я гур къекIуэным нэсауэ. Абдежым бжэн макъ къэIуащ. Дэфэрэдж щтэри и Iэпкълъэпкъыр зэщIэдиящ, и сабийри зрикъузылIэу. ЗэщIэдэIукIмэ – Iэуэлъауэ гуэри зэхех, жыг къуагъым къуэтурэ плъэмэ – мэзым щIэтщ мэлу, бжэну зы Iэхъушэ, ар зыгъэхъури щIалэ цIыкIущ. Тхьэм къыдитащ дызыхуейр жиIэри Дэфэрэдж щIалэ цIыкIум зыхуигъэзащ:

– Бохъу апщий, си дэлъху цIыкIу.

ЦIыхубзым жаIэ я хабзэкъым «бохъу апщий», итIани Iэхъуэ цIыкIум нэхъ и гуапэ ищIу игу зыщIигъэгъуну жиIащ.

Мэлыхъуэм «упсэу апщий» жиIэным и пIэкIэ «уэхьэхьей, уэтэтей! Дыгъурыгъу!» жиIэри къуажэмкIэ жэуэ зричат.

– Сыдыгъурыгъукъым, си псэ, умышынэ, –жиIэу Дэфэрэдж щыкIэлъыджэм, щIалэ цIыкIум цIыхубз макъ зэхихати, къэувыIащ, къаплъэмэ, сабии и гъусэщ. Мэлыхъуэм и гур къызэрыгъуэтыжри къигъэзэжащи, щымщ, жиIэнур имыщIэу.

– Дыбгъэшхын сыт уиIэ, си дэлъху дахэ цIыкIу? –жиIэри Дэфэрэдж мэлыхъуэм еупщIащ, – си сабий закъуэр шхын щхьэкIэ малIэ.

– СиIэм, уэлэхьи, гъуэмылэ: шэлэмэ, кхъуей,– жиIэри мэлыхъуэ цIыкIур хъуржын пщIэхэлъым теIэбащ. – Ухуеймэ, бжэн къэсшынщ. Ди анэм бжэнхэр къиша къудейщ, итIани шэ

* Иджыри къыфхуэсхьынщ, ди анэм деж сыкIуэнщи (*адыгей*).

шынакъ къащIэпш хъунущ. Бжэнми хьилагъэ зэрахьэ. ЧыцI зыщIэфым шэуэ щIэтыр къует, чыцI зыщIэмыфым шэ къащIэмыкI хуэдэу защI. Сэ сощIэ бжэн къэшын хуейр.

Абы фIэкI хэмылъу бжэныхъуэм и хъуржыным пхъэху шынакъ цIыкIу кърех.

– Дыхуей мыгъуэкъым шэ, дызэдзэкъэн уиIэмэ, къыдэти, псы дытефыхьыжынщ, – жиIэри Дэфэрэдж и гурыIупсыр къажэу жыгышхуэ гуэрым и щIагъым щIэтIысхьащ, и сабийр и куэщIым ису. Кхъуей тыкъыр тIэкIурэ лэкъумрэ къыщыIэрыхьэм, абы фIэкI зыхуей дунейм темыт и гугъэжат. Бжэныхъуэ щIалэ цIыкIури къеплъу къащхьэщытт, зэанэзэкъуэм я дежкIэ лэкъум зырызыр зэрымащIэм гу лъитауэ. Модрей тIуми, мэжэлIэщауэ, лэкъумыр щызыIурадзэм, щ Iалэ цIыкIур щIэпхъуащ:

– Джыи къыфхуэсхьышт тян тей тыкIуэнти *, – жиIэу.

Бжэныхъуэ цIыкIур пабжьэм хэлъадэри бгъуэтмэ къащтэ, жэрыгъэ защIэкIэ къуэшхуэм дэс къуажэм дэлъэдэжащ, бжэну, мэлу зэхэт хъушэр къыгъанэри. Зэрыбзэхам хуэдэ къабзэу щIалэ щIэпхъуар напIэзыпIэм къэсыжащ, лэкъуми, щIакхъуи, кхъуей плъыжь гъэгъуаи, шху кхъуэщын Iэлъэныкъуэ цIыкIуи къихьри.

– А си дэлъхушхуэ, мыр мэкъуауэ гупым яхурикъуни, – жиIэри Дэфэрэдж къэгуфIащ. – Мыр зыхуэпхьыр жепIа уи анэм, т Iасэ?

– Зыри щIэскъым ди унэ. Ди анэр хьэдагъэ кIуащ. Ди гъунэгъу хьэблэм тыркур къатеуэри л Iищ къаукIащ. Тхьэм и шыкуркIэ, езы тыркухэми ящыщ зы псэууэ кIуэжакъым, – мэлыхъуэм, зауэм езыри хэта хуэдэ, къэхъуакъэщIар ищIэрт.

Зэанэзэкъуэр я ныбэ изу шхащ, загъэпсэхуащ, къыдэхуари гъуэмылэу здащтэмэ, П IатIыкъуей нэс яхурикъунущ, гъуэгур къагъуэт закъуэмэ. Дэфэрэдж ежьэжыну щыхуежьэм, мэлыхъуэ цIык Iум и Iэ сэмэгум Iэпхъуамбэшхуэм кIэлъыкI уэм и ныкъуэ фIэкI зэрыпымытыжым гу лъитащ, арщхьэк Iэ Iэпхъуамбэр сытым пиупщ Iа?– жиIэу еупщIын фI эекIуакъым, абы нэхърэ ПI атIыкъуей кI уэ гъуэгур ищI эмэ, дрегъэлъагъу жыхуиIэу. ЩIалэр дадэ цIыкIу хуэдэу Iущт, гъуэгухэр ицIыхурти, занщIэу япэ иуващ.

– Дыгъужь лъагъуэм фытесшэнщи сэнтхым нэс фыкIуэ. Гъуэгужьым фытемыхьэ, дыгъурыгъум фаубыдынщ. Псы фефэнумэ, ижьырабгъумкIэ псы къожэх, фыхуэсакъ лIыубыдым, – жиIэрт. – Сэнтхым фынэзгъэсынт, си хъушэр къызыхуэзгъэнэн сиIамэ.

– Сыту ущIалэ дыщэ цIыкIу, тхьэм укъигъэхъу. Чэщей жыгым и гъащ Iэр тхьэм къуит. Арыншэми уэ мащI экъым къытхуэпщIар. Уи цIэр хэт, тIыкIуэ?

– Барчо.

– Сэ къызэрызэджэр Дэфэрэджщ. Тхьэм гъащIэ къыуит. ФIы щIэи, псым хэдзэ, жиI ащ пасэрейм. Уэ къытхуэпщIа фIыр

псыми ихьынукъым.

Барчо къыжраIар и гуапащэ хъуауэ хъуржыным иIэбэри шынакъ цIыкIур къишиящ:

– Мэ мыри. Гъуэгу ущытеткIэ пщIэну щыткъым ухуей щыхъунур. Пхъэхум къыхэщIыкIащ.

– Дауэ къыпIысхын шынакъыр! Уэ ухуейкъэ?

– Сэ ди унэкIэ сыжэми мэхъу.

– Йа, сэ си тхьэу тхьэшхуэ, мы щIалэ цIык Iум къысхуищIар сэ хуэзмыщIэжыфми, уэ зыщумыгъэгъупщэ, – жиIэри Дэфэрэдж тхьэ елъэIуащ, шынакъ цIык Iури шхыным яхилъхьэри.

– Гъуэгу махуэ. Лъагъуэр нэшэкъашэми, къуэм удэмыкIыу ипщэкIэ дэк Iуей, – жиIэри Барчо щытащ зыкъомрэ, зэанэзэ-къуэм якIэлъыплъу, иужьым цIытхъытхъ жиIэу къыщIэпхъуэж-ри и хъушэм къэсыжащ.

Дэфэрэдж и гум къэкIат мыбы хуэдэ щIалэ цIыкIу зыпIыфар цIыхуфIу къыщIэкIынщ, бжэныхъуэ цI ыкIум селъэ Iуу я деж щхьэ зезмыгъэшарэ жиIэу. УнэIут цIыхубзу Iуувэми и Iэр пытщ, и лъэр пытщ, ягъашхэ закъуэмэ, зыхуей яхуищIэфынущ. Арщхьэк Iэ ЛIыгъур цIыкIу дауэ хъуну? Ар балигъ хъумэ, пщылIу къыIунэну?.. Абы нэхърэ ПIатIыкъуей къуажэ дэс ди благъэ цIыхубзым деж секIуэлIэнщи нэхъыфIщ. СоцIыху, сыкъецIыхуж, ди псэр зы чысэм илъу дыкъэхъуащ...

Абыхэм егупсысу здэк Iуэм, Дэфэрэдж шы щыщ макъ зэхихащ. Шу гуэрхэр къакIуэу пIэрэ, жиIэри, и сабийр иубыдри къуацэ-чыцэмкIэ хэлъадэри етIысэхащ, арщхьэкIэ къакIуэIауэ зыри илъагъуркъым, шым и щыщ макъыр къоIу. Къуэгъэна-пIэм къыкъуэкIрэ плъэмэ – шы-уанэ зэтелъ жыг щIагъым кIэщI дыдэу епхауэ щIэтщ. Епхауэ аратэкъым, шхуэмылакIэр къуда-мэм фIэдзати, шым жыгыр хъурейуэ къихъухьурэ зы удз къринакъым, и пэр жыгым иригулIыху, иригулIа нэужьи шыр абы хуэдизкIэ Iус хуейти, жыгыфэр трихъукIат – дауи, а шыр абдеж зэрыщытрэ мащIэ щIакъым.

Дэфэрэдж шыр къыкIэритIэтыкIри уанэр зэригъэпэщыжащ, телъэщIыхьащ, едэхащIэурэ, и къуэ цIыкIур тригъэтIысхьэри псым ишэри иригъэфащ. Шыр абы хуэдизкIэ псы хуэлIати, куэдыщэ Iей ирифащ, щигъэтым къиублэжурэ. Иужьым нэхъ удзыпцIэфIым хишэри шхуэмылакIэр иутIыпщын дзыхь имыщIурэ игъэхъуэкIуащ, лъахъэ тIэкIуи уанэм кIэрыщIауэ илъэгъуати, ирилъхьэри, езыр, сабийр и гъусэу, псым кIуэри зигъэпсэхуащ. Хъунщ иджы, узишыр къэгъуэтыж, жиIэри шыр иутIыпщыжащ, езыр ежьэжыну. АрщхьэкIэ дэнэ – къызоплъэкIри, шыр я ужьым иту къокIуэ. Мы слъагъур мэзым къыщIэднэмэ, хьэм яшхынкIэ мэхъу, жиIэри Дэфэрэдж шыр къиубыдыжри зыкъомрэ Iэдэжу ишащ, итIанэ мывэшхуэ гуэр хуэзати, шыр абы иришалIэри, езыри мывэм тету шэсри ежьэжащ, зейр къытхуэзэмэ, еттыжынщ, къытхуэмызэмэ, шыр

тхьэм къыдитащи, ПIатIыкъуей срикIуэнщ жиIэри. Зыхуэныкъуэ дыдэр игъуэтащи, мэгуфIэ.

Зэанэзэкъуэр махуитI-жэщитIкIэ гъуэгу тетащ, лъагъуэ зытетым тегъуэщыкI-къытехьэжурэ. Фарз Iус къуажэр ерагъыу къыщигъуэтам, езыри ешат къаруи-псэруи къыхуэмынэжауэ, шыри увыIат, щIалэ цIыкIури зэпкърыхуауэ и анэм и Iэблэм телът. ПIатIыкъуейкIэ зэджэри зы хьэблэм куэд щIимыгъуу, зы жэмыхьэт фIэкIа мыхъу къуажэт. Къуажэбгъум псым и гъунэгъуу мэжджыт тIэкIуи дэтт, чы-бжэгъу унэм и кIыхьагъыр и кIыхьагъыу, к Iэлындор Iуту, бгъэни телъу, щхьэгъубжэхэм щIыхуу ла Iупхъуэ яIулъу. Пщэдджыжь нэмэз зыщIахэри къыщIэкIыжауэ, уэшх тIэкIу къепсэпсауэ щхьэкIэ къамыгъанэу, кIэлындор кIыхьым тест уэршэру.

Мыр сыту шы гъэщIэгъуэн жаIэу, шым тесу къакIуэ Дэфэрэдж щалъагъум, цIыхухъухэр зэплъыжащ, «дэнэ къикIыу пIэрэ?» жыхуаIэу. ЦIыхубзым сабий иIыгъыу шууи къикIухьу хэт илъэгъуат? Тырку молэм уаз щитым зи гугъу ищIар мо цIыхубз шум ящигъэгъупщэжат.

– Хэт и фызу пIэрэ уэлбанэ махуэм гъуэгу теувар? – жиIэри хьэжы цей зыщыгъ молэр щIэупщIащ.

– Ди къуажэ фызкъым, хэт ейми.

– Зэ къэувыIэт, ди шыпхъу, – жиIэри л Iыжьыфэ зытет нэ плъыжь нэкIэпсыжэм и башыр иIэтащ.

– Дыгъурыгъум щымышынэу и закъуэ дауэ ежьа, – жиIэу молэми игъэщIэгъуащ.

МащIэ щIа, цIыхубзым дэнэ къэна, цIыхухъухэми зырызу къызэрамыкIухьрэ, ар абы имыщIэу хэт и фIэщ хъун. Хьэрып къэралхэм адыгэ мащIэ щыIэ мамлюккIэ еджэу. «Мамлюк» жиIэмэ «къащэхуа» жиIэу аращ, щIалэу къащэхум я нэхъыбэр дзэм хагъэхьэри, къэралыгъуэр яхъумэу, жьы хъухукIэ хэтщ, хъыджэбз цIыкIухэри ящэри унэIуту зыщэхуам деж Iутщ. Абыхэм я хъыбарт игъащIэм адыгэ сабийр зыщIапIыкIыр.

– Умыгъуэщауэ пIэрэ жыдо Iэри аращ, ди шыпхъу, укъыщIэдгъэувыIар, – жиIэу хьэжыр щыпсалъэм, Дэфэрэдж гъунэгъу дыдэу къемыкIуалIэу шы зытесыр къигъэувыIащ:

– Нэмэз фщIари тхьэм къабыл ищI. СыщыуэпамисщIэркъым. Жыжьэ укъикIрэ жыпIэмэ, жыжьи сыкъокI. Дыгъурыгъум сапэщIэмыхуащэрэт, жысIэурэ ПIатIыкъуей къуажэм нэс сыкъэкIуащ. Ди благъэ цIыхубз мыбы дэсщи, абы и деж сокIуэ.

– ЛъэпкъкIэ сытым уащыщ?

– Сыубыхщ.

– АтIэ ухьэщIэ дыдэщ – хым нэс укъикIащ.

– СыкъикIащ, тхьэмадэ. Иджыри къэс тхьэм сыкъихъумащ, ноби тхьэм и нэIэ къыстетыну тхьэм солъэIу, тхьэм и ужькIэ цIыхум я нэфI къысщыхуэну сащогугъ.

– Уи закъуэ дыдэу сытуи умышынэрэ?

– Гузэвэгъуэм узэрихуэмэ, Iэмалыншэкъэ? Сэ си нэгу щIэкIам адрейхэр тхьэм хуимыгъазэкIэ.

– Къепсых, ди шыпхъу, мы гъущапIэмкIэ къыщIыхьэ. Уи жагъуэ зыщIын мыбдежым щыскъым, – жиIэри нэхъ щIалэIуэхэм ящыщ гуэрым шым и IумпIэр иубыдри цIыхубзыр къригъэпсыхащ, сабий цIык Iури къыIихри щI ым тригъэуващ. Л Ыыгъур жьакIацэ къомыр щилъагъум, шынати, къегъыхыу къыщIидзащ.

– Абы хуэдиз гъуэгу къыщызэпыпчакIэ, лIыгъэшхуэ пхэлъщ уэ. ТIыс, ягъэ кIынкъым, тIэкIу зыгъэпсэху. ЩIакIуи уимыIэу къуакIэбгыкIэ къомым дауи уакъыпхыкIа?

ЦIыхубзыр ягъэт Iысри шыри, щIэщ гуэр щы Iэти, абыкIэ щIашащ, зыгуэрым къэпышхуэ Дэфэрэдж и плIэм къытриубгъуащ, нэхъ псынщIэу игъэхуэбэжынщ жыхуиIэу.

Сабий щиIэк Iэ, лIыи иIэу къыщIэкIынщ жаIэу Дэфэрэдж и щхьэгъусэм щIэупщIати, зэрыфызабэр къажриIащ. ЦIыхубзым къедаIуэу щытхэми къахэкIащ абы и лIым и хъыбар зэхэзыха.

Убыххэр ХьэтIрэмтIыгу къалэм щытеуам, Дэфэрэдж и лIым нэхъапэ щIыкIэ тырку щыгъынкIэ зихуапэри, езыр уэрсэру тыркубзэкIэ Iэзэти, жэщым къалэм дыхьэри къыдэнащ. Нэхущ хъуа-мыхъуа щыжаIэм деж щэху цIыкIуу къалэм хэлъ куэбжищри къызэIуихати, мыдэкIэ дзэр абы пэплъэу щытыххэти, зэрыдэуэри зэуэныр зэхаублащ. Иджыри къэс жейуэ хэлъа тыркухэр гужьеяти, къэхъуар къагурыIуэху, убыххэм Iэщи фоч гыни къамыгъанэу ягъуэтыр зэщIакъуэри, къыщагъэзэжым, Дэфэрэдж и лIыр е зэхэзещхъуэн ящIу къаукIа, е тыркум япэщIэхуа, сымти къаукIауэ и хьэдэр къыдахыжри къашэжауэ щытащ.

ХьэтIрэмтIыгу дэсыр щызэтраукIэм, сулътIаным и зы къуэш гуэри хэкIуэдауэ къыщIэкIри, тырку пащтыхьым адыгэр игъэпшынэу лъы уасэу (чалнам) къаIихыну унафэ ищIащ щIалэу минрэ щитхурэ, абы ищIыIужкIэ жэщтеуэм хэтауэ хъуам анэмэту къуэ зырыз тырку пащтыхьым иратыну. Адыгэпщхэр зэхуэсри зэгурыIуащ урыс пащтыхьым деж лIыкIуэ ягъакIуэу елъэIуну, «Тыркумрэ кърым хъанымрэ я хъыбарыфI жаIэу игъащIэм зэхэтхакъым, а тIум даIэщIэмыкIуадэу дыкъегъэл» жаIэу. Ар тырку пащтыхьым щызэхихым, нэхъ Iеижу къэгубжьри унафэ ищIащ лъэпкъ мыдаIуэхэм дзэр яриутIыпщу IумпIафIэ ищIыну, арщхьэкIэ Инжыджыщхьэрэ Сэужыкъуэщхьэрэ деж шапсыгъхэмрэ убыххэмрэ я дзэр къапэуври тыркудзэ мин пщыкIутху хъур къагъэувыIащ, адэкIи-мыдэкIи ямыгъакIуэу.

Арат Дэфэрэдж и лIым и хъыбар ящIэн щIэхъуар.

– Тхьэм уи нэмыс нэхъ лъагэ ищI, уи щхьэгъусэр лIакъуэлIэшу щыта? – жиIэри лIы гупым ящыщ КъетаукIэ зэджэр, зи гъащIэр лIыубыду зыхьауэ иджы зигъэмуслъымэн бэлыхьу мэжджыт джабэм кIэрысыр, къеупщIащ.

– ЛӀакъуэлӀэшащ.

Къетау цӀыхубзыр къезыгъэпсыха лӀым дежкӀэ зигъазэри:

– Мэш, Хьэкурынэ къысхуеджэт мыдэ. КӀуэ «Къетау къоджэ» жыӀэ, и кӀыщым щыбгъуэтынущ ар, – жиӀащ.

Хьэкурынэу ар зыхуейр зымыцӀыху къуажэм дэстэкъым. Гъук Ӏэр арат зи гугъу ящӀ ыр, ауэ Къетау абы хуей щӀэхъуар къагурымыӀуэу, псори зэплъыжащ, тхьэм ещӀэ иджы абы и гум къэк Ӏар жа Ӏэу. Нобэ фӀы пхуэщӀэнумэ, пщэдей умыхь, жаӀэу псалъэжьыр и гум къэкӀыжати, и нэгум ущӀэплъэмэ, къэпщӀэнут абы и гум Ӏей зэримылъыр.

– Уи щӀалэ цӀыкӀум узэреджэр сыт? – жиӀэри Къетау щӀэупщӀащ.

– ЛӀыгъур, – Дэфэрэдж тӀ экӀу гупсысэри къыпищащ. – И адэшхуэм и цӀэр арати, фӀащыжащ.

– Сабийм и фэ дэкӀар дэк Ӏыну ящӀ ауэ щытыгъамэ, «Хыкъуэт» зэреджэн хуеяр. Плъагъурэ, къалъхуа къудейуэ, псым хэкӀуадэ пэтащ, – жиӀэри Къетау хьэжым дежкӀэ еплъэкӀащ.

– Алыхьу тэхьэлам къиихъумащ. Къаруушхуэ иӀэщ Алыхьу тэхьэлам. И нэфӀ зыщыхуэм и насыпщ, – жиӀэри хьэжым нэмэз щыгъэ игъажэу щӀидзэжащ.

– Хыкъуэр нэхъ хуэбгъэфащэмэ, Къетау, ХыкъуэкӀ э деджэнщ щӀ алэ цӀ ыкӀ ур ди къуажэм дэсмэ, – жиӀ эри молэри къэпсэлъащ, Къетау и гуапэ ищӀыну. Молэр Тыркум кърашахэм ящыщ зыт, адыгэбзэр тэмэм дыдэу имыщӀэу.

– Хэт и дежт уздэкӀуэр? – жиӀэри Къетау щӀэупщӀащ. Дэфэрэдж и ныбжьэгъу хъыджэбз зыдэс унагъуэр дахэ-дахэу ищӀэртэкъым, псори зым зыр еупщӀыжырт, «хэт и унагъуэ убых цӀ ыхубз ис?» жаӀэу. Ауэрэ гъукӀэм деж ягъэкӀуари къэсыжащ, щӀагъэкӀуар къишэри.

– Къэсшам, уэлэхьи, – жиӀэри къыпыгуф ӀыкӀыу къэтӀысыжащ.

ГъукӀэр, фэ кӀэпхыныр зэрыӀупхауэ, упщӀэ пыӀэшхуэ хъужауэ, псом я пащхьэ къиуващ, Къетау къыхуей щӀэхъуар имыщӀэу.

– Укъызэджа, Къетау?

– Сыноджащ, уэлэхьи, – жиӀэри и щхьэр Дэфэрэдж дежкӀэ ищӀащ, еплъыт мо цӀыхубзым, жыхуиӀэу.

Арыншэми Мэш Хьэкурынэ и гъусэу къэсыху зи гугъу ищӀ ар а цӀыхубзыр арати, Хьэкурынэ япэу зэплъар арами, къыхуэщӀакъым цӀыхухъухэм ар къахэхуа щӀэхъуар.

Дэфэрэдж къыхуэщӀэртэкъым ягъакӀуэу гъукӀэр къыщӀрагъэшари, щтэӀ эщтаблэу щыст, сытэджу си гъуэгу щхьэ сытемыувэжрэ, жиӀэу. Зэи-тӀэуи гъукӀ э къашам еплъащ, лӀым дэбгъуэн к Ӏэрылътэкъым, и жьакӀэ фӀыщӀ э тӀэкӀур Ӏ увт, Ӏэпкъ-лъэпкъышхуэт, укӀ ытэхыуи къыщӀэкӀынт, сыту жып Ӏэмэ цӀыхубзым и нэгум къыщӀэплъэфакъым, къезыджа лӀы ябгэжьми фӀэлӀыкӀыу къыщӀэкӀынти, Ӏэдэб-Ӏэдэбу псалъэрт.

Хэт сыт жиIэнуми нимыгъэсу, псом япэ молэр къэпсэлъащ:

– ЛI о, кIыщыр къызыхуэбгъэнэн уимыIэрэ, щхьэ мэжджытым укъэмыкIуэрэ?

Модрейри къэгузэващ, мырауэ пIэрэ мыбы сыкъыщ Iишар жыхуиIэу.

СыхущIыхьэркъым, ефэнды, къурIэнкIэ соI уэ, сыхущIэмыхьэкIэ. Хэт къакIуэми «псынщ Iэу схузэфIэгъэк I», жеIэри мэлъаIуэ. Хэт сэшхуэ хуейщ, хэт шабзэшэм пилъхьэн, хэти пхъэIэщэ жи, мыжурэ жызыIи дапщэ ухуей, Iэхъулъэхъу жыпIэми аращ. Сэ IитIщ сиIэр, гъукIэм и IитIыр къиший ри къаригъэлъэгъуащ, – Лъэпщ зы тхьэшхуэм хуэпщылI ащ, сэ си деж къакIуэ псоми срапщылIу къалъытэ...

– Щыгъэт. Хэт узыхуэпщылIыр жиIэу къоупщIа слъагъуркъым, сыщIыноджар аракъым, – жиIэри гъукIэм и псалъэр Къетау зэпиудащ. – КъедаIуэ мыдэ. Мыбдежым щыс къомыр зэрыщысу бжызоIэ. Молэми месыр зэхех. Сэ гуэныхь мащ Iэ къэсхьауэ къыщIэкIынкъым, иджы си гуэныхьыр сыпшыныжу Алыхь талэм и пащхьэм напэ къабзэкIэ сихьэжыну мурад сщ Iащи, тхьэм къабыл ищI.

– Аллохьуу Iэмин!

– Тхьэм жиIэ.

– Иншалыхь.

Къетау къуажэпщтэкъым, зы хьэблэ къетI ысэкIауэ иIэти, къемыдаIуэ яхэттэкъым. Дауи къемыдэIуэнрэт, жиIэр зымыщI ар ихурт хы Iуфэми, ищэрт е ихъуэжырт. Пщы дыдэри къыфIэлI ыкIырт, къыщышыни яхэтт, зыхузэгуэпым бэлыхьу къыщымыщI щыIэтэкъым: е и фызыр бзэхырт, е и бын псым итхьэлауэ къыхахыжырт. Пащтыхьым деж лIыкIуэ ягъэкIуахэми ар яхэтащ, къыщигъэзэжам еупщIахэт: «Сыт хуэдэ фызыхуэза урыс пащтыхьыр? – жаIэуи, «И щ IыбкIэ уеплъмэ, и теплъэр Iейкъым», – къажриIэри цIыхур игъэдыхьэшхати, иджыри ящыгъупщэжакъым. И гупэ къытхуигъазэу и нэгу дыщI игъэплъакъым, ди тхьэусыхафи къедэIуакъым, и щIыб къытхуэгъэзауэ къыдэгиери ежьэжащ жи Iэу арат абы кънигъэкIыр.

ХьэкурынэкIэ зэджэ гъукIэр абы ейти, зыгуэрым срещэ е срехъуэжри сегъэунэхъу жиIэу гузавэу щытт, и нитIыр Къетау тенауэ.

– ЖыIэ, зиусхьэн. ПщIыр унафэщ.

Къетау нэщхъыфIэу гъукIэм дежкIэ еплъэкIащ:

– ПщIэжрэ, зэ бжесI ати: «Кхъухьыпщ гуэрым тхьэр къеупщIат жи, къупщхьэ уэстын, хьэмэ къуэ уэстын?» жиIэри. «Къупщхьэм нэхърэ зы къуэ къызэт къупщхьэ и уасэу», –жиIэри аращ кхъухьыпщыр зэрелъэIуар жыс Iэри. НтI э, си дежкI э уэ зыр лIищэм урауасэщ, уIэпщIэлъапщI эщ, уи хъыбар зымыщIэ хэкум исуу къыщ IэкIынкъым, итI ани и пIалъэр къэсмэ, дэнэ

укIуэнуми ухуиту узутIыпщынщ жысIэу щыбжесIар пщIэжрэ?

– СощIэж, Къетау. Дауэ сымыщIэжрэ, мы гъэр илъэс ещанэ мэхъу абы лъандэрэ.

Къетау зиплъыхьри, псори къызэредаIуэм гу лъитауэ, и макъым зригъэIэтащ:

– НтIэ, пщIэжмэ, хъарзынэщ. Укъызэрызгъэгугъам и пIалъэр къэсащи, нобэ щыщIэдзауэ хуит узощI: ухуеймэ, къуажэм къыдэни уи кIыщым щылъащэ, ухуеймэ, дэнэ къуажи дэтIысхьэ. Къыппэрыуэн къахэкIрэ– хъыбар сыгъащIэ.

Псори къызэщIэващ зэхахар ягъэщIагъуэу:

– Iэу, зиунагъуэрэ, уигъэунаи Къетау!

– Нобэрей махуэр уи дежкIэ щхьэщэхуж махуэти.

– НтIэ аращ, Алыхьу тэхьэлар уи гум нэсам, –жиIэри молэм езым и щхьэм хуихьащ Къетау фIы ищIар .

ГъукIэми, и гур къызэфIэнауэ, Къетау и лъакъуэм зыщIидзэри IэплIэ хуищIу, лъахъстэн мест фIыщIэм ба хуищIри, и нэпситIыр къежэхыу къыдэплъеящ:

– Тхьэм пхузигъэщIэж, зиусхьэн, уэ сэ къысхуэпщIар. СыдэкIынукъым къуажэми, си уни сыщIэсынущ, къысхуэпщIа фIыщIэшхуэр сылIэху сщыгъупщэнкъым...

Хьэкурынэм иджыри Iэджэ жиIэну къыщIэкIынт, ауэ Къетау идакъым:

– Тэдж, тэдж. Сэ иджыри жысIэнур сыухакъым. КъедаIуэ жысIэнум.

Молэм аргуэру нэмэзыбзэ къыжьэдэкIащ:

– Зи щхьэ хуимыт щхьэхуит пщIамэ, уи гъащIэм пщIэшхуэ иIэу къэбгъэщIащ, – жиIэри.

Къетау цIыхубзым дежкIэ еплъэкIащ:

– Мо тхьэмыщкIэр плъагъурэ? ЦIыхубз хъарзынэр дэхуэхащ, унэ иIэкъым, жьэгу иIэкъым, зыгъэхуэбэн иIэкъым. ЕкIуэлIапIэншэщ. Насып иIэти, дыгъурыгъум япэщIэмыхуэу, мыбы къэсащ. Ари уи унэ шэ: фыз жыпIэмэ, фыз пхуэхъунщ, шыпхъу жыпIэмэ, шыпхъу пхуэхъунщ. ЩIалэ цIыкIури уолъагъу, тхьэм гъащIэ кърит. Ари пIы, уи IэщIагъэм хуегъасэ.

– Езым идэнумэ. – ГъукIэм «езым» жыхуиIэр, дауи, цIыхубзыр арат.

– ФIымрэ Iеймрэ зы бжьыхьэкIапэм тесщ, жаIакъэ. ФIы зыщIэм и къарум къихьыр ищIэн хуейщ. ЦIыхубзыр екIуэлIапIэншэщ, унэ игъуэтмэ, аракъэ зыхуейр, иужькIэ фызэгурыIуэжынщ, – жиIэри Къетау дыхьэшхащ, модрей къомри дыхьэшхащ, Дэфэрэдж нэхъ нэщхъыфIэ къэхъуауэ гъукIэм дежкIэ зэзэмызэ маплъэ.

– Фи унафэ си унафэщ жиIакъэ, –жиIэри хьэжыри къэпсэлъащ.

Адыгэ хабзэм Къетау нэхърэ нэхъ хэзыщIыкI гъуэтыгъуейт. ЦIыхубзыр къызыхэкIар лIакъуэлIэш унагъуэщи, езым хуэдэ

дэкIуэжын хуейщ. АтIэ гъукIэри щхьэхуит ищIащи, а тIур зэхуэдэ къабзэ мэхъу. Пэжщ, абы нэгъуэщI зыгуэри хэлъщ: цIыхубзыр и лъэпкъым яхэсыжу щытатэмэ, езым и унафэ ищIыжынт, иджы нэгъуэщI къуажэ къыдэхутащи, къуажэпщым и унафэр и унафэщ. Иджыри къэс цIыхум ящыгъупщакъым Къетау и нысэр игъэIущу и дыщым игъэкIуэжауэ зэрыщытар: «Уи щIалэ цIыкIум сыт естын?» – жиIэу уи адэр къоупщIмэ, выфэм къиубыд щIы тIэкIу къет жыIи, аращ узэрелъэIунур. Арати, нысэр иригъэшэжащ. И дыщым щынэсыжым, псори къыхуэгуфIащ, дадэри къеупщIати, зэрагъэIущам хуэдэу щыжриIэм, вы яукIри выфэр иIыгъыу къашэжащ. Къетау выфэр фэдэн псыгъуэ цIыкIуу иригъэбзри бэлыхьу кIапсэ кIыхь ящIа нэужь, унафэ ищIащ: «Иджы фыкIуэ си благъэм дежи, мы кIапсэм къиубыд щIыр къыпыфчи, мыр уи пхъурылъхум ептар аращ жыфIи, схужефIэ». Модрейми къигъэгугъати – сыт ищIэжынт, ар и тыкIэу щIышхуэр къаритыгъащ.

Къетау къэралыгъуэ Iэджэми щыIащ, цIыхум я пIалъэ ещIэ, мызэ-мытIэу Трапезунт, Самсун, Синоп, Хьэлэб, Мысыр хъыджэбз цIыкIу ищэну ишэурэ куэдрэ кIуащ, а здэкIуахэм, тхьэм ещIэ нэ узыр щигъуэтар – и нитIыр ноби мэуз, дахэ-дахэуи илъагъужыркъым, нэкIэпсыжэ хьэлэчщ, и къуэрылъхуу щIыкIэ зыхуэгузэвауэ щытари лIыубыдым яубыдри Мысыр щащауэ мамлюкыдзэм хэту жаIэ щхьэкIэ, и нэм игъакIуэркъым.

Абы ищIыIужкIэ хы Iуфэр яхъумэу урыс кхъухь Iэджэ тенджызым тетщ, ясыр зэхуэзыхьэсрэ изышыну хуежьэм кIуапIэ ирамыту яубыдри кхъуафэжьейм исыр зэрисеу Къырым псы Iуфэм яшэ, лIыубыдхэри ягъэтIыс, яубыда ясырхэр яутIыпщыж, урыс къалэм и гъунэгъуу тIысрэ лажьэу шхэжыну тхьэлъанэ ящIа иужь. Урыс кхъухьхэм къапэрыуэфыр хэт жыпIэмэ, инджылыз, француз кхъухьхэр аращ.

Къетау а кхъухь къомыр зыкIи фIэIуэхутэкъым, и нитIыр къаплъэу щытатэмэ. Адыгэпщхэри мызэ-мытIэу зэхуэсурэ зэхуэтхьэусыхащ «ди цIыхур тхуэмыгъэшхэжу куэд мэхъу, къащIэхъуэр дамыгъащэмэ, Iисраф дыхъунщ» жаIэу, арщхьэкIэ Iэмал хуагъуэтыркъым, Тыркум я кхъухьхэр лъэныкъуэегъэз ящIащ, убыххэм я кхъуафэжьейр тенджызыр къэукъубеяуэщ тенджызым щытехьэр, урыс кхъухьхэм япэщIэхуэнкIэ шынэу.

– ЦIыхубзыр лIы етту аракъым, фIэмыфIмэ, дремыкIуэ, – жиIэри молэри къэпсэлъащ.

– УдэкIуэрэ, ди шыпхъу?– жиIэри хьэжыр еупщIащ.

– Сыт щIыдэмыкIуэнур, зиунагъуэрэ? – жиIэри Дэфэрэдж зипIытI-зихузу щысыху, Къетау псалъэр пиупщIащ. – Уэлэхьи, дэкIуэным, дэкIуэн дэнэ къэна, дэкIуэсэн хуейщ, къафэу, дэлъей-къелъыхыу.

– Унагъуэу тIысынумэ, хъарзынэу шыи яIэщ, – жиIэри Мэш

псоми ящыгъупщэжа шыр я гум къигъэкIыжащ.

– Мэш, уэри уи бэлагъыр къыхомыIу. ШымкIэ къэзгъэгугъэркъым. Шыр модэ си бом фшэ. Хьэкурынэм дежкIэ нобэ щхьэщэхуж махуэмэ, и щхьэм уасэ гуэр иIэн хуейкъэ, – жиIэри Къетау идакъым. – Сидас цIыкIур зыми щымыщу изотри ирегуфIэ.

– ХыкъуэкIэ девгъаджэ жиIэу хэт жызыIар?

– Хэт жызыIар? Сэращ, – жиIэри Къетау псори арэзы ищIащ алащэр зэрыримытари яфIэкъабыл хъуауэ.

А махуэм къуажэр зы унагъуэкIэ нэхъыбэ хъуащ...

* * *

Бжэм зыгуэр къеуIури си хъыбарыр къызэпиудащ. Жэщыр хэкIуэтауэ хэту пIэрэ мыбы къэкIуар жысIэрэ сыплъэмэ, щIалэ нэкIу хъурей, и жьакIэр къабзэу упсауэ, и щхьэц фIыцIэр кIыхьрэ и натIэр щIихъумэу, и нэгум уиплъэмэ, напэншагъэ и хьэлу, и щэну зэрыщытым гу лъыуигъатэу къыщытщ. СынычIыхьэ хъуну сыт жиIэу къызэмыупщIу бжэр зэрыIусхыу унэм къыщIэбэкъуащ, и дзэлыфэр тIарэ и дзэ пIащэу шым и дзэм нэхърэ зыкIи мынэхъ цIыкIур сигъэлъагъуу, и нэри тIэкIу щIиукъуанцIэу. Мырауэ пIэрэ Сэлимэ зыгъэунэхъу пэтар жысIэри занщIэу сигу къэкIащ.

– Хэт укъызыкIэлъыкIуар?

– Уэ къыпкIэлъыкIуэж щыIэкъым, дауи, – жиIэри къыщIыхьам ауан сищIыну хуежьащ, арщхьэкIэ сэри абы хуэдэ напэншэхэм щхьэкIэ сыкъикIуэтыну си мурадыххэкъым.

– НтIэ, накIуэт модэкIэ, уи псалъэ дыгъэлхэм дегупсысыни, – жысIэри абы жиIэнум нэзмыгъэсу, щIалэм и Iэгъуапэ лъэныкъуэр субыдри ординаторскэмкIэ слъэфыну сеIащ, фIы къызэрыпызмыхынур хьэкъкIэ си фIэщу. Езыми Iэгъуапэр пызимыгъэтхъыу, IумпIафIэ зищI хуэдэу къысщыхъуати, си гур къызэрыгъуэтыжащ, къэкIуар нэхъ тегушхуэгъуафIи сщIащ. Си гугъэжт абы хуэдэ гуэрхэри згъэшынэфыну, е схуэмыгъэшынэми, лIыгъэу хэлъыр зыхуэдизыр згъэунэхуфыну. И нэгум ущIэплъэмэ, ар Пыжьынэ и щылъхуу зэрыщытыр белджылыти, арагъэнт тегушхуэгъуафIэ щIэсщIар.

– Дэнэ сыздэпшэр – жэнэтыр ара? Жэнэт дыдэми аквариум хэмытмэ, нэхъыфIщ, – жиIэрт мо чачэу слъэфым. ЖиIэм семыдаIуэ хуэдэ зысщIауэ, ар здэсшэм дынэса нэужь сызэреупщIынур сщIэртэкъым, мо щIалэ лъагъугъуейр цIомпI жиIэу зэпрысхулыкIыу сеуэу сымыутIыпщыжынумэ.

---

*Тутнакъ жаргон: сыкъэкIуащ тхылъымпIэ щхьэкIэ.

Ординаторскэм и бжэр Iуха хьэзырт.

–ТIыси, жыIэ узыхуейр. Аквариум жыхуэпIэр сэ сщIэркъым, – жысIэри сэри сытIысащ. КъэкIуар щIагъыбзэкIэ къызэрызэпсалъэм гу лъыстат, «аквариум» жыхуэпIэр, жысIэу семыупщIами, гурыIуэгъуэт ар тутнакъэщым исым и жаргону зэрыщытыр.

– Банк схутебгъэувэну ара? – жиIэри щIалэр къысщIэнакIэ хуэдэу къэтIысащ. ИгъащIэкIэ нэгъуэщI зыгуэр домылъэгъуами, и Iупэ Iувыжьыт Iыр плъагъумэ, Iэмал иIэтэкъым ар Пыжьынэ къызэрилъхуар къомыщIэну.

– Банк щытрагъэувэр нэгъуэщI щIыпIэщ, ущIэбэгмэ, уэстынщ, –жыс Iащ зыгуэр пэдзыжын хуейти, сэри сызэгуоп «банк» жыхуиIэри зэрызмыщIэм щхьэкIэ. – Нэхъапэ щIыкIэ къызжеIэ укъыщIэкIуар.

– Чапал за молявкой.*

– Сыт «молявкэри» зищIысыр?

– ТхылъымпIэ тIэкIу жып Iэмэ, мэхъу. – Абы сэ сымыщIэ псалъэ аргуэру къыпещэ: – Хилял из Шепетовки, – жеIэри.

Тхылъымп Iэ тIэкIу щыжиIэм къызгурыIуащ псори. Еплъ иджы ар зыхуейм: тхьэм ещIэ, и анэм къэрихужьа «запискэ тIэкIур дауэ къыIэщIэбгъэкIами, СэлимэкъыIэщIэгъэкIыж» жиIэу. Сэри стIолым сыбгъэдотIысхьэри, телефоныр гъунэгъуу къызогъэкIуатэ, си макъым зызогъэIэт:

– ЖыIэ узыхуейр, зыбгъэажэгъафэу ущымысу. Мыр тутна-къэщкъым, тутнакъ жаргонкIэ упсэлъэн хуэдэу. ЖумыIэрэ – телефонкIэ мылицэр къездж энщи, уи щIагъыбзэр абы нэхъ къагурыIуэну къыщIэкIынщ.

– Уи бибикыр згъэункIыфIыни, мильтоныр къэсыху*, – жиIэри къэкIуам и IэпхъуамбитIыр си нэм къыщIиIу пэтащ. – Торбэм сибдзэну ара? Уи бестолковкэр къыпысчынщи, къыпычауэ щытащ жысIэу сыувыжынщ.

«Бестолковкэр» си щхьэр аращ, дауи, атIэ ар абы хуэдэу пычыгъуафIэу пыту пIэрэ?

КъэкIуам сызэгуигъэудами, сегупсысащ: мыбы хуэдэ куэдрэ ухуэзэркъым. Генетическэ тип жыхуаIэу зыхуэпхь хъунур зэзгъэщIэнщи, хэт ищIэрэ, сызэлэжь проблемэхэм зыщIыпIэ къыщыбгъэсэбэп хъункIи мэхъу жысIэу. Япэм щIалэр балигъ хъуамэ, нэхъыжьхэр зэхэтIысхьэрти, зэгурыIуэрт мо лъэпкъым я щылъхущ къегъэшэн хуейр, жаIэрти. Къэзышэну щIалэм фIэфIми фIэмыфIми е хъыджэбзым щIалэр и гум ирихьми иримыхьми, нэхъыжьхэм я унафэр унафэу къанэрт. Лъагъуныгъэ жыхуаIэу нобэ псори зытращIыхьым абы хуэдизу гугъу задрагъэхьу щытакъым. Пасэрейм я хабзэм егупсысыт: нэ-

---

*Уи нитIыр исщIыни милицэр къэсыху.

гъуэщI лъэпкъым я щылъху хуеинкIэ щхьэ хъурэт? Пасэрейхэр кyyyэ щIэныгъэкIэ емыгупсысами, я унафэм, я хабзэм щIэны-гъэшхуэ хэлът: гаметэкIэ зэджэ щIэблэр къызытехъукIыр къабзэу щагъэтыну арат, зэмылъэпкъэгъум я щылъхуитI зэра-шалIэмэ, я лъабжьэр ягъэбыдэрт. Абы зэтримыIыгъатэмэ, лъэпкъыр жьгъей хъу зэпытурэ хэшыпсыхьыпэу хэкIуэдэжын-кIи хъурт. Сабий быдзафэр къащтэ: быдз щIэфыкIэ езыгъащIэр хэт? И рефлексыр хуитщ, пэбубыдIауэ идэнукъым, нтIэ, генэм хромосомэхэр кIэрыгъэбыдауэ щыткъым, зым и пIэм зыр йоувэ зы хабзэ гуэрым тету, ауэ щыхъукIэ, и анэ еплъи ипхъу къашэ жиIэмэ, анэм и хьэл-щэн къудейр аракъым зи гугъу ящIыр, анэр зыхуэдэ генетическэ типым хуэдэ мэхъуж къилъхуа ипхъури. Анэм уеплъмэ, и пхъур зэрыхъунури къэпщIэнущ, а псор си гум къэзыгъэкIар мо къэкIуар арат.

– ЛIо, гипноз сыпщIыну ара, уи нэр къыщIыстенар?– жиIэри щIалэм сызэгупсысыр сIэщI иудащ.

Си жэщ хьэщIэм зэреджэр Ботэхт, и дуней тетыкIэкIэ езым и ныбжьэгъу Iэджэми ещхьыжу къыщIэкIынт. ЛэжьэнкIэ къыпыпхын щIагъуэ щыIэу си фIэщ хъунутэкъым, сыту жыпIэмэ, сэ къэзулъэпхъэща генетическэ типу арат къызэрысфIэщIыр, къызыхэкIа жыпIэмэ, мыращ: сытым и жыли къащтэ, жылапхъэу къагъанэр нэхъыфI дыдэр аращ. Псэущхьэри абы хуэдэ къабзэщ: репрессие къом екIуэкIам цIыхум нэхъ лэжьэрейр, нэхъ акъылыфIэр хэкIуэдыкIым, нэхъ пIащэр яукI, ягъэкIуэдурэ нэхъ щыкъуейр – лъэпкъкIэ узыщыгугъ мыхъунур нэхъыбэ хъури, я генетическэ щылъхур езым ещхь хъужащи, нэхъ щыкъуейуэ къызэхэнар лэжьэнми хэзагъэркъым, мылажьэми яшхын яIэкъым, зым зыгуэр къыIэщIыхьамэ, IэщIоуэри къыIэщIауду псэуну я гугъэ щхьэкIэ, къайхъулIэркъым.

Ботэх и гъащIэ псом сызэпхроплъри къызэралъхурэ илъэситIи хъуатэкъым, сабий садым иратауэ щыщытам. А махуэм къыщыщIэдзауэ нобэм къэс (иджы ар илъэс тIощIрэ пщIырэ мэхъу) зы сом езым къилэжьыжакъым, и анэр институтым щыщIэтIысхьэм сабийр анэшхуэм кIэщIидзэри макIуэ-мэлъей. Анэшхуэми ерагъыу и щхьэ зэрихьэф къудейти, зэрыкIэлъыплъ щыIэтэкъым, щымыхъужым аргуэру сабий садым иратыжащ, нэхъ иныIуэ хъури школ кIуэн щIидзащ, ауэрэ анэ-адэ иIэми, адэншэ-анэншэу къэхъуащ. ЩIалэ цIыкIум хэт щхьэкIи нанэ е дадэ жиIэрти, и адэ-анэ дыдэм яхуэзэми, «нанэ», «дадэ» жиIэркъым, и анэм абы гу щылъитэм, зигъэгусэ хуэдэу зищIащ:

– Сыкъидэжыркъым, – жиIэри.

– Мыр детсад къанщи, анэ, адэ жыхуэпIэр хъымпIар ищIыркъым, – жиIэурэ адэшхуэр дыхьэшхырт. И адэ дыдэ Мэмэт-щIакъуэкIэ зэджэр къызэрыхуэгузавэ щыIакъым, зэзэ-

мызэххэ фIэкIаи илъагъуртэкъым, къилъэгъуамэ «ей, емынэунэ хъун, мыдэ къак Iуэт», е «гъуэгу мыгъуэм ежьа, уи ныбэ узрэ?» жиIэу и жагъуэ хъун гуэр кърудзырт армыхъумэ, зыбгъэдигъэтIысхьэу, псалъэ гуапэ къыжриIауэ зэи зэхихакъым.

Иджыри къэс Ботэх и гум IэфIу зы закъуэ къинэжащ: щIалэ цIыкIуу, хьэкIэпыч цIыкIуу школым щыщIэсым, и мыхабзэу, и адэм щакIуэ здишауэ щытащ. Нобэ къэси еIуэтэж ар.

Къызыхихыр умыщIэу, и адэр къеупщ Iат:

– ЩакIуэ унэкIуэн си гъусэу? – жиIэри.

– ЩакI уэ жыпIа? – гуф Iэщауэ и нитIыр къихурт, и адэр гушы Iэрэ и фIэщрэ къыхуэмыщIэу. Мэзым бланэ тI ысыпIэ, щыхь тIысыпIэ, бажэ, тхьэкIумэкIыхь, мыщэ ситхэм я увыIэпIэ сытхэр къэплъыхъуэу, я лъэужьхэр пхууэ бгым уитыну нэхъ насыпышхуэ дэнэ щыIэ! Ботэх еплIанэ классым хэсщи, яжепIэмэ, я фIэщ хъункъым, зэгуэр бдзэжьей пащIэкIапсэ слъэгъуащ жиIэри яжриIати, къыщIэнэкIат.

– Школым ядэн? – жиIэри и адэр щIегъуэж хуэдэу хъуати, Ботэх школым ущIеупщIыни щымыIэу жиIэрт.

– Уи адэм уригъусэу щакIуэ укIуэн жыхуэпIэр уф IэмащIэ, топ къепхуэкIыу уэрамым удэтыну аракъым, – жиIэу дади зы бэлыхьышхуэ и къуэм хуищIэ хуэдэу фэ зытрегъэауэ. Абы хуэдэу щI ищIи щыI эщ: и цIыхугъэ гуэр жьы хъууэ лъэрымыхь щыхъуам зезыхьэжын ямыгъуэту къэнауэ гугъу ехьырт. И къуэ нэхъыжьым лI ыжьыр гу цI ыкI ум иригъэтI ысхьэри, и къуэш курытым я пщ IантIэм дишэри къыдинащ, къуэ курытым, пшапэр зэрызэхэуэу, гу цIыкIур лIыжьыр зэрису и къуэш нэхъыщI эм деж ишэри къыдинащ, нэхъыщIэми и адэр и унэм щигъэIэн имыдэу, и къуэш нэхъыжьым деж жэщым ишэжауэ нэху къекIати, лIыжьу хьэблэм дэсыр зэхуэсауэ зэкъуэшищым егийуэ зэхэсу, Мэмэт-щIакъуэр яIущI ати, езыри зыщIэгупсысыжри, тхьэм елъэIуащ: «Мыбы хуэдэу жьыкъат сыхъужыхукIэ, ялыхь сумыгъэпсэу! – жиIэри.

– Дапщэщ дежьэрэ? – жиIэу Ботэх тепыIэжыртэкъым.

– Ныжэбэ.

– Дымыжейуи?

– Дымыжейуэ. Жэщым дежьэрэ нэхущым дынэсу, и чэзум унэмысмэ, ухэкIыжащ.

– Фочи къызэптыну?

– НтIэ, фочыншэу щакIуэ кIуэ щыIэ? – жиIэу Мэмэт-щI акъуэ и къуэр къигъэгугъа щхьэкIэ, фочым и I уэхур цI ыкI уфэкIутэкъым. Зыбжанэ лъандэрэ щакIуэ к IуэуэI гуп зэрыгъэхъуам я Iэщэ-фащэр зыдахь-къахьыжу щымыту, а здэкIуэм зэрынэсу къыщагъуэтырт. Я Iэщи фоч гын сыти – псори къагъанэурэ къэкIуэжырт, сыт щхьэкI э жыпI эмэ, щыщакIуэр заповедник ящIауэ, а зы гупым фIэкIа псэ зыIут кIуэну хуимыту яхъумэрт. Езы хъумакIуэм деж псори къыщагъанэрти,

щыкIуэкIэ IэнэщIу кIуэрт, заповедникым зыщагъэпсэхуну кIуэ хуэдэ. Мэмэт-щIакъуэ мэз бжэн е щыхь къиукIауэ къишэрэ унэм къыщ Iалъэфамэ, унагъуэм исыр зэрызехьэрт, езы щак Iуэми мэзымэ, губгъуэмэ къыпихыу, зигъэбэлыхьу закъригъэлъагъурт. Щыхь къиукIар лы комбинатым мэлк Iэ щихъуэжарэ щимы-хъуэжарэ Ботэх къыхуэщIэртэкъым, щакIуэ кIуамэ, мэл къиукIынкIэ щIэхъуар и щхьэм къыхуигъэтIасэртэкъым. Нобэ фоч къызэптыну жиIэу щIыщIэупщIари гурыIуэгъуэт: и адэр дапщэрэ «щак Iуэ сокIуэ» жиIэу ежьами, фоч иIыгъыу зэи илъэгъуатэкъым.

Ботэх щакIуэ кIуауэ школым щызэхахым зэрагъэщIэгъуэнур къахуэмыщIэу ягъэщIэгъуат, нэхъыбэми я фIэщ хъуакъым, сыт щхьэкI э жыпIэмэ, Ботэх и адэр и къуэм хуэгумащIэу зыми гу лъитатэкъыми. Абы нэмыщIкIэ ц Iыхум щакIуэ кIуэн куэд щIауэ щагъэтыжащ, щакIуэ кI уэуэ зи хабзэр Iэтащхьэхэр е абыхэм я IупэфIэгъухэр аращ. Ботэх зыщIэс классым и унафэщIым щIалэ цIыкIур щак Iуэ кIуэхэм зыдашэ жаIэу щызэхихым, сабэр уафэм дрипхъеящ, арыншами Ботэх «двойкэм» тесу зы классым къыщIэкIым, адрей классым макIуэ жиIэри.

Ботэх и анэр щыIакъым армыхъуамэ, зымыдэххэнур арат. Пыжьынэ и къуэм и гъэсэным гугъу демыхь щхьэк Iэ, езым жиIэм псори тригъэтынущи, и лIым деж къыщцыщ Iэдзауэ унафэ зытримыщ Iыхь щыIэкъым. Мэмэт-щIакъуэ физ унафэкIэ мэпсэу жыпIэмэ, тэмэм хъунукъым, сыту жыпIэмэ, и физым сыт жиIами ек Iи-фIыкIи зы псалъэ пидзыжыркъым, цIутI жимы Iэу псоми едаIуэ хуэдэу зещ I, ауэ физ псалъэр хыв хьэ ебэнауэ къонэ.

Жэщыр хэкI уэтат, Ботэх и гъуэлъыжыгъуэ хъуати, жейр къытеуащ, ауэ ужей хъурэ – укъагъэнэнщи, щакIуэхэр ежьэнщ. Абдежым машинэ макъи къэIуащ.

– Къэсащ. НакIуэ. Е ущIегъуэжа?

Сэри? Уэлэхьи, сыщIемыгъуэжа, – жиIэри Ботэх пI ащIэтхъытхъыу къыщылъэтащ.

Зы грузовикрэ зы «Волгэрэ» пщIантIэм къыдыхьащ, щIакIуэ-бащлъыкъ сыт жумыIэмэ, илъ щI агъуэ щымыI эу, ауэ грузовикым ашык зыкъом иту Ботэх гу лъитащ, уеблэмэ гурыIупсыр къигъажэу шхынымэ IэфIхэри къыщIихьащ. Ботэх сэ жаныфI зыкIэрищIащ, я ныбжьэгъу гуэрым къритауэ. Фочыр къыуатыни къыуамытыни, сэфI уиIэмэ, мыщэми упэлъэщынкIэ мэхъу жиIэу арат Ботэх зытрищIыхьыр.

МашинитIыр зэкIэлъхьэужьу, «Волгэр» япэ иту, грузовикыр абы кIэлъыкIуэу, гъуэгум теуващ, я моторитIри зэщIэгурымэу, фархэм ядз нэхумк Iэ жэщ кIыф Iым хэпыджэу. Ботэхи гуфIэщауэ, и жейр здэкIуар ищIэркъым, и адэм и ныбжьэгъухэу ар зыхэхуар щакIуэ защIэщи, я хъыбарым щIэ щIэткъым, зыр зым пэрыуэжу, дыхьэшхэн Iэджи хэту, жаIэм щIалэ цIыкIур и

тхьэкIумэр тегъэхуауэ йодаIуэ, игу ириубыдэу иужькIэ иIуэтэ-жын и хьисэпу. Машинэхэр къуажэм зэрыдэкIыу, бгы дэгъэ-зеигъуэм дэпщейуэ щIадзащ, я моторхэр, зыгуэр къащымы-щIащэрэт жыпIэну, къугъыу. АрщхьэкIэ хъыбар жызыIэхэм ар зыуи къафIэIуэхутэкъым, уеблэмэ радиаторым ит псыр къэвауэ щIэфиежу бахъэр кърихy пэтми къэувыIэртэкъым. Е зи щхьэр машинэм къизыгъэжауэ сытемыгъуэщык Iащэрэт жиIэу гъуэгум еплъ шоферым гу лъимытэу ара? Гъуэгур лъэс лъагъуэм ещхьу бгъузэ тIэкIущ.

Сэнтхым тетурэ здэкIуэм, кIуэ пэтми нэхъ щIыIэ, нэхъ жьапщэ хъурт, уэс зытелъ къуршыщхьэхэр гъунэгъу зэрыхъум гу лъыптэу. Ауэрэ мэзым хыхьахэщи, жыгымэ, пщIащэмэ къыпщIихьэу хуежьащ. Шоферым бгъурыс щакIуэм и гупэр мыдэкIэ къигъэзауэ жиIэрт: «Мыбдежщ мэзхъумэр Нартыхум къыщиубыдар. Мэзхъумэм пхъэр езым пиупщIт, нэхъ узыхуейр абы ищIэнтэкъэ, пиупщIар кърилъэфэхыурэ мо нэхъ узэкIуалIэ хъунум деж щызэтрилъхьэрти, зыщэхун къигъуэтмэ, ирищэнт. НтIэ, зэгуэр пхъэр кърилъэфэхрэ пэт, шокъу жи Iэу Нартыхур ирихьэл Iащ: «ЛIо, мыр дэнэ плъэфрэ?» – жиIэу щеупщIым, «уэлэхьи, моуэ еслъэфэхыртэм къыдэслъэфеижыну», – жиIэри игъэдыхьэшхат. Машинэм исхэри дыхьэшхащ.

– ЛIот-тIэ жебгъэIэнур! Хъумэ жаIэу ягъэува шхьэкIэ, езым къедыгъуж, – жиIащ Мэмэт-щIакъуэ, – хэти арам, уэлэхьи. Насып уиIэмэ, зыгуэр пхъумэнщ, умыхъумэмэ, уи улахуэмкIэ псэуа ухъун?

– Езы Нартыхури аракъэ, –жиIэри Ботэх къыбгъэдэсми къыпищащ. – Нобэ дыздэкIуэр дэнэ? Заповедникырщ. Абыи къыщыбукIauэ хабзэм идэнукъым, нтIэ езы Нартыхур къытхэту дыщэкIуэнукъэ? Абы зыгуэр къиукIмэ, къимыукIынуи Iэмал иIэкъым, еупщIыт «мыр дэнэ плъэфрэ?» жыIи. Идэнукъым.

– А-а, абы и гугъу умыщIыххэ. Хабзэр зыгъэувым щ Iигъэ-увыр и щхьэр аракъым, нэгъуэщIхэращ. Зыгъэувам икъутэжми, икъутэжауэ къалъытэркъым.

Ботэх фIэхьэлэмэту еда Iуэрт щакIуэхэм жаIэм. НтIэ, и насыпкъэ хабзэр зыгъэувым, уэ псоми уапэрыуэ хъуэ, къыппэ-рыуэн щымыIэу жиIэу, арат щIалэ цIыкIум и гур здэжар. Унагъуэри школри аракъэ – нэхъыжьым и унафэр нэхъыщ Iэм егъэзащIэ. «Хэту пIэрэ Нартыхук Iэ зэджэу псори зыфIэлIы-кIыр?» – жиIэу Ботэх щIэупщIэн дзыхь ищIыртэкъым, и нэ къыхуикI щхьэкIэ.

Куэд дэмык Iыу Ботэх мафIэшхуэ къилъэгъуащ. МафIэм зыгуэрхэри бгъэдэт къыфIэщIащ. Пэж дыдэу, арат. Машинэр нэсу къыщыувыIэм, псори зэрыгъэкIийуэ фIэхъус-сэлам зэра-хащ, куэд лъандэрэ зэрыщ Iэу, зэрыцIыхуу зэрыщытым гу лъыптэу. МафIэ нэхум тэмэму уигъэлъагъуырт фоч зыкъоми

зэупсеяуэ зэрыщытыр, щакIуэхэр бгъэдыхьэурэ щхьэж и фочыр къигъуэтыжырти, къищтэрт, патIронтащ фIыцIэри зыщIапхэрт. Ботэх и нитIыр къихурт, сэри зыгуэр къыслъысыну пIэрэ жиIэу, арщхьэкIэ абы сыт къылъысынт, къызылъысыр зи фоч мэз-хъумэм деж къэзыгъэнар арат.

Мэмэт-щIакъуи и фочыр къищтэжщ, пIатIронтащри зыщIипхэри, и къуэр къызэригъэгугъа фочыр къыхуишиящ:

– Мэ, убыд, – жиIэри.

Ботэх и щхьэр къэунэзэным хуэдизу къэгуфIат, фочыр къыщыIэрыхьам.

ЩакIуэхэри псынщIэу зэбгрыкIырт, нэхущыр къоблагъэ, зывмыгъэгувэ сыт жаIэу.

– Нартыхур къэса? – жиIэу Ботэх и адэр щIэупщIати, щIрагъэгъуэжащ.

– Уэ пхуэдэу жейнэд уи гугъэ псори?

Си адэр жейнэду щхьэ къилъыта жиIэри Ботэх къызэгуэпат, арщхьэкIэ и адэр абы щхьэкIэ гузэвакъым, зы псалъи пимыдзыжу, пIатIронитI къэуал фочым ирилъхьэри ежьащ:

– НакIуэ иджы.

Джабэм дэкI лъагъуэр удз Iувым хэплъагъукI къудей щхьэкIэ, утекIыну Iэмал иIэкъым. Мэмэт-щIакъуэ тIысыпIэ къыхуагъэлъэгъуам и къуэр ишэу дэкIырт, зэзэмызэ къызэплъэкIыурэ. Бжьэпэм щынэсым, Ботэх плъэри – уафэ лъащIэр мафIэшхуэщ. Пшэр елыпщI жыпIэну, пшэ щIагъым Жаншэрхъ плъыжьым ещхьу дыгъэр къыщIокI, зылъэIэсыр игъэлыгъуэу, дунейри мащIэ-мащIэурэ нэхъ нэху мэхъу, хьэкIэкхъуэкIэр псафэ зэрыкIуэ лъагъуэхэр нэхъ уигъэлъагъуу. Псыри къуэ зэвым дэту къикъуэлъыкIыу йожэх, бахъэ къыщхьэщихур щхьэщымыкIыу. Ботэх зиплъыхь пэтми зимыгъэнщIу дунейм и дахагъэр фIэтелъыджащэщ, иджыри къэс абы гу лъимытауэ. Жыгей мэзыжьыр зэмыфэгъущ, нэхъ лъагэу тетым данагъуэ тепхъуауэ, нэхъ лъахъшэу дыгъэмыхъуэмкIэ итыр фIыцIафэу.

ЩакIуэхэр зэгъусэу ежьа щхьэкIэ, щхьэж и увыIэпIэ къыхуагъэлъагъуэмкIэ иунэтIащ. Ботэх фочыр и дамэм фIэлъщ, IэфракIэмкIэ зыкIэрекъузэ, кIуэ пэтми и хьэлъагъыр нэхъ зыхещIэ, арщхьэкIэ сешащ жиIэу Iэщэр и адэм иритыжын и гум идэркъым.

– Псыпэр зэрыкIуэм псыкIэр ирожэ, уи къуэр уи гъуси! – жиIэри къахуэза гуэрым Ботэх гу къылъитащ.

– ЩIыкIу щIыкIэ ебгъасэр сэгъуафIэщ.

Ботэх и адэри къызэтемыувыIэу блэкIащ. Абы дэнэ щищIэнт а зыхуэзар мэзхъумэу, Iэщэ-фащэ сытхэр зыхъумэр арауэ. Мэзхъумэм хузэфIэкIырт, щакIуэ къэкIуэнум и хъыбар зэхихмэ, кхъуэпIащэр Iуэм иту кърыригъэхьэлIэу, уеблэмэ щыхьыр жыгым епхауэ иIыгът, щакIуэхэм зэрыгъэкIийуэ зыгуэрым

сигнал къитыхукIэ. Сигналыр къатамэ, дурэшым дэт кхъуэпIа-щэри щыхь епхауэ щытри къаутIыпщынт, ар здэжэн хуей лъагъуэм тетурэ жэрт, зыхуэзапхъэ щакIуэм хуэзэху. А мэзхъумэ дыдэращ Нартыхум иубыдауэ щытар. Ауэ а лъэхъэнэм мэз-хъумэм унэм халъхьэн пхъэ пиупщIрэ ищэу щытамэ, иджы мэз бжэн къэзыукIыпхъэм къэрегъэукIри, и бжьакъуитIыр дыжьын-кIэ гъэщIэрэщIауэ, и фэр гъэтэджауэ, и лыр гъэгъуауэ къэзы-укIам хуригъэшэжмэ, зыхуейуэ къыхуамыщIэн дунейм тет-къым. Лауреат севгъэщI жиIэмэ, лауреат ящIынущ, си сурэт «Огонекым» итыну сыхуейщ жиIэмэ, къагъэщIэхъунукъым, ееблэмэ лIы зыукIа ягъэтIысамэ, къэвутIыпщыж жиIэмэ, абы хуэдэ Iуэхутхьэбзи къыхуащIэфынущ. Заповедникым щыщэ-кIуэфынур зылъэкIхэр аращи, зылъэкIыр… сыту жаIэрэ? Абы къебгъэукI хьэкIэкхъуэкIэм къыпыкIыну фIыгъуэм хуэдиз къызыпыкIын IэнатIэ гъуэтыгъуейщ.

Зы мывэшхуэ гуэрым деж нэсри, зэадэзэкъуэр мывэ къуагъым къуэгъуэлъхьащ, хьэкIэкхъуэкIэр къагъащтэу, зэхэзехуэн ящIу цIыхур зэрыгъэкIийуэ щызэхахым. ИпэкIэ уплъэмэ, лъагъуэр мэз чыцэ тIэкIум хэкIуэдэж щхьэкIэ, къакIуэр тыншу къэплъагъунут. ХьэкIэкхъуэкIэм я пIалъэ зыщIэм ещIэ хьэкIэкхъуэкIэр и гъуэм икIрэ псафэ е зыгуэрым ещэкIуэну ежьэмэ, зэрыкIуа гъуэгум тету къимыгъэзэжыну Iэмал иIэкъы-ми, зи лъэужь пхум ухуэзэнущ.

Кхъуэуэ, щыхьу, мэз бжэну мэзым щIэтыр ягъашхэурэ есащи, шхалъэ хуащIам пэмыжыжьэу щохъуакIуэ, хъун ягъуэтыху. Хъуныр къащемэщIэкIым деж епэзэзэхыу шхалъэм Iутщ, мэкъумылэм, Iусым пэплъэу. ЩIымахуэр къихьэмэ, яшхын къагъуэтыжыну и ужь имыту, мэзхъумэм пэплъэу махуэ псом щыщыти щыIэщ. Бгы лъапэмкIэ уплъэмэ, лъагапIэ и Iэщ щхьэ телъуи, удэкIрэ зуплъыхьмэ, къуэм дэтри дэсри плъагъу-нущ. ЛъагапIэм шэнт щабэхэр тетщ, нэрыплъэри фIэдзащ, стIол щIэтым телъщ журнал Iув, хьэкIэкхъуэкIэр дапщэ хъуми, мэкъуу е Iусу ирагъэшхар зыхуэдизыр иту. Уеблэмэ, уэздыгъи щIэтщ. ДурэшплIэрэшым удэплъэрэ узыхуей хьэкIэкхъуэкIэ къэбукIынумэ, тетIысхьэ лъагапIэми, ягъашхэурэ еса хьэкIэ-кхъуэкIэр я шхэгъуэр къызэрысу шхалъэм къокIуалIэри, нэхъ уигу ирихьыр еуи къэукI. ЗебгъэлIэлIэну ухуэмейрэ – Iус тIэкIу икIути езыр къэкIуэнщи – уи фочыр теубыдэ. Нобэ ар пщIэ хъунукъым, IэтащхьэрякъэкIуащи, ауэ хьэщIэ къыпхуэкIуэну угузавэмэ, мэзхъумэм уи гузэвэгъуэ дигъэкIыфынущ.

Куэд дэмыкIыу мэз тIэкIур зыгуэрым къигъэхъеящ, зэадэ-зэкъуэм заущэхуауэ здэщылъым, щыхьыр хуэму, и щхьэр лъагэу иIэтарэ къаплъэу, и пэщхъыныр ин хъуами, хьэуа зэрыбауэр къемэщIэкIыу зэрыщытым гу лъыптэу къалъэгъуащ, щыхь анэм

и шыр цIыкIури гузэвэгъуэ дунейм тетми темытми къыфIэмы-Iуэху хуэдэу къыкIэлъыкIуэрт.

– Уий, хуэмыху, – жиIэри Ботэх и адэр къедэмэпкъэуащ, арщхьэкIэ щIалэ цIыкIум зигъэхъейркъым. – Укъэушакъэ иджыри?

Фоч лъэдакъэр и напэм кIэригъэпщIэным хуэдэу ирикъузылIауэ Ботэх шыр цIыкIу зыщIэс щыхьым нэ лъэныкъуэкIэ йоплъ, фочыр тригъэпщауэ, арщхьэкIэ кIакхъур хущIэчыркъым, шыр цIыкIур фIэгуэныхьщи. И адэр мэгузавэ, зыIэщIегъэкI щыхь хъарзынэри дегъэунэхъу жеIэри. Езыми зигъэхъейркъым, щыхьыр щтэуэ игъэззэжынущи, мэпIэцIеиж.

Ботэх фочыр IуигъэкIуэтри жиIащ:

– Шыр цIыкIур гуэныхькъэ?

И адэри къьогубжь:

– Къащтэ мыдэ, гуэныхь щыIэ абы.

И къуэм иIыгъ къэуалыр хуэм дыдэурэ къыIэщIехри занщIэу треубыдэ.

Фоч уэ макъым и тхьэкIумэIупсыр Iуиуда хуэдэу Ботэх дэгу хъуауэ и нэр еуфIыцI, щыхьым емыплъыфу. Аргуэру зы фочауэ макъ къоIу, къыздиIукIыр умыщIэу, къуэ кIуэцIым фоч макъитIыр, джэрпэджэжщи, Iэджэу зэхыбох.

Щыхьыр пхэщIкIэ тетIысхьащи, къыщылъэтыжыну йоIэ, и хъуреягъкIэ щIы фIыцIэр лъабжьэкIэ къритхъуу, и шхуэлми шэ техуа хъунти, шэри лъыри зэхэлъэдэжауэ къожэх, шыр цIыкIури щтэри пабжьэмкIэ хэлъэдауэ, и анэм къыщыщIар имыщIэу, къоплъэ. Абдежым Ботэх щIегъуэжат, щхьэ сыкъэкIуат мыбы жиIэу. Щыхьыр и адэм къиукIа и гугъами, къэзыукIар аратэкъым, Мэмэт-щIакъуэ кIакхъу щIича къудейуэ, къуацэчыцэм зылI къыхэжри, щыхь уIэгъэ хъуауэ щIыр лъабжьэкIэ изыхым, сэ жан ин иIыгъыу бгъэдэлъэдащ.

– И пэмкIэ убгъэдэмыхьэ, и пэмкIэ убгъэдэмыхьэ, къопы-джынщ, и пхэмкIэ зыкъедзи, и къурмакъейр зэпыупщI, – жиIэу зыгуэрым и макъ мэзым къыхэIукIащ.

Мэзым къыхэIукIым зэрыжиIа дыдэм хуэдэу, модрейри щыхьым и пхэмкIэ бгъэдыхьэри, и щхьэри къиубыду къигъэщIеин и гугъати, щыхьым зыкъигъазэри щакIуэр къыхыфIихуащ, арщхьэкIэ сэм къиуIауэ щыхьымрэ щакIуэмрэ бжьэцу зэрызохьэ, тIуми лъыпсыр къапыжу, ятIэ защIэ хъуауэ. ЩакIуэ гужьеям зыкъищIэжри, щыхьым и щхьэр пиIуэнтIыкIыу щыхуежьэм, къаруушэ щыхьым и къурмакъейм сэ жан щIэлъыкIар хуигъазэри зэпиупщIащ, лъыкъуалэр щакIуэм къытрикIэу. Езы щакIуэри щыхьым тетIысхьэжауэ тесщ, щыхьым ебэну иридауэ къэзылъагъухэм закъыфIигъэщIыну. Щыхьыр пIэтIауэлъэкъуауэу кIэзызу щылIэм, лъы защIэ хъуа сэри абы и цымкIэ илъэщIыжащ.

– Мо къуэгъэнапIэм къызэрыкъуэкIрэ си нэр тезгъэкIа-

къым, – жиIэри щакIуэр къэтэджыжауэ ятIэ къыкIэрыпщIар зыкIэрегъэлъэлъ, лъы къэзыщIэлари удз иIуэнтIауэ абыкIэ трелъэщIыкIыж.

– Зэ уэгъуэм утехуащ, Казбек Машевич. Уэлэхьи, ушэрыуэм, – Ботэх и адэр бгъэдэмыхьэпэу щакI уэм щытхъуащ.

– Си «Меркель» къэуалыр бэлыхьщ.

– А-уей, умышэрыуэмэ, «меркелри» пхутегъахуэрэ?

Казбек Машевич жаIэу щIалэ цI ыкIум щызэхихым, лI ым ней-нейуэ еплъащ, и адэм къиукIа щыхьыр Ботэх и щыпэлъагъу а лIым пиубыд щымыIэу зэрыритым гу лъитэри и жагъуэ хъуащ. Езыми щхьэ ирита?

ПхъэIэщэжьыр пхъэIэщэжьыфIмэ, вагъэбдзумэ лей дехыф жызыIам абы хуэдэ гуэру къыщIэкIынщ щIыжиIар – ар я гъунэгъу дадэм и псэлъафэу Ботэх и гум къэк Iыжащ. НартыхукIэ зэджэу псори зыфI элI ыкIыр нобэ фIэкIа имылъэгъуами, занщIэу и нэм бжэгъуу къыщIэуащ. Дауи хузэгуэмыпынрэт, и адэр зэуэу уIэгъэ ищIа щыхьыр, езым къиукIа хуэдэу тепщхьэри фIигъэжащ.

ЩIалэ цIыкIум и жагъуэ хъуар и адэм къищIати, и гур дахэ къыхуищIын и гугъэу, къыжреIэ:

– Мо шыр цIыкIур плъагъурэ? Жэ, къэубыди, ууейщ. Ухуеймэ, къыпхуэзукIынщ.

– Уемыуэ, уемыуэ! Сэ псэууэ къэзубыдынщ, – жиIэурэ Ботэх зыкъуэса къуэгъэнапIэм зиущэхуауэ къыкъуэкIырт.

– Шыр цIыкIу жыпIа? СщIатэмэ, шыр зыщIэс сеуэнтэкъыми, – жиIащ Нартыхум фэрыщIыгъэм къыдэкIуэу.

– ЩIэсми щIэмысми, хэт ар зылъэгъуар? Уэ уемыуатэми, дэ блэдгъэкIынутэкъым, – жиIащ Ботэх и адэм, езыр япэ еуэу щыхьыр уIэгъэ зэрищIар ибзыщIу. КъиукIыпауэ щытатэми, пэувынутэкъым, сэращ зейр жиIэу, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, лъэ-кIыныгъэ зиIэм и жьэм хуихьар къыIэщIэбудыну ухуежьэмэ, уи жьэм жьэдэлъыр къыбжьэдитхъынущ...

Зыкъом щIауэ Нартыху Къазбэч бжьыпэр иубыдауэ пашэу уващи, лъэкIыныгъэшхуэ иIэщ, игу зэбгъэм и пщэ гурыгъыр зэпиудыну тIэу еплъынукъым, гущIэгъушхуэ зиIэ лIыуэ и хъыбар езым игъэIужми, гущIэгъукIэ къыпыпхын щыIэкъым, ней-нэфIкIэ цIыхум яхущытщи, и нэфI зыщыхуэм и къулыкъур докIуей. ЩакIуэ кIуэмэ, къиукIым щыщ езым зы дзэкъэгъуэ имышхыу, и ныбжьэгъухэр зэхуишэсрэ хьэщIагъэ ярихмэ, ар фIэнасыпышхуэу зыгъэIуи щыIэщ. ИтIани плъагъурэ, грузовикым ашык дапщэ ит фадэ ярыту! Бдзэжьеящэ къудей гъакIуэ, псым и бгъуагъыр и кIыхьагъыу хъы халъхьэнщи, хэсри хэтри къаубыдынщ, иужькIэ зыхуэмей нэхъ цI ыкIухэр хадзэжри, я шхынри тевэву Iэнэм телъу къетIысэкIынщи, абдежщ Нартыху Къазбэч жыхуаIэр къыщыпщIэнур, абы бгъэдэсыну зыхуэфа-

щэм фIэкIаи зылI щыплъагъунукъым.

Дыгъуаси вэсмахуи – Нартыху Къазбэч и гум иримыхьын гуэр и нэгум щIэкIати, арауэ къыщIэкIынщ дыгъуэпшыхь, щакIуэ дывгъакIуэ жиIэу и блыгущIэт къомыр щIызэхишар, и нэгу тIэкIу зригъэужьмэ, и гуапэу. Къэхъуари мыхьэнэншэ гуэрт, итIани зыгуэрым птригъэумэ, нэхъ псынщIэу пщыгъупщэжынкъэ?

Куэд лъандэрэ мыкIуэжыфауэ, и адэжь-анэжь зыдэс къуажэм дэлъэдэжат, зэзгъэлъагъунщ я псэукIэр, зыщIэупщIэн щыIэми зэзгъэщIэнщ жиIэри. Къазбэч Машевич къокIуэж жаIэу жылэм щызэхахым, къуажэдэсхэр я клубыжь ныкъуэкъауэр зыдэт пщIантIэм езыр-езыру щызэхуэсащ, цIыхур зэхэту илъагъумэ, блэмыкIыу къытхыхьэнщи, ди гукъеуэ къедэIуэнщ жыхуаIэу. Нартыхум имыщIэу щыттэкъым абы я гукъеуэри. Моуэ уэрамымкIэ щыблэжым, я унэкъуэщ гуэрхэр щыту къилъагъури къэувыIащ, сэлам-чэламыр зэрахри, Нартыхур щIэупщIащ:

– ЛIо къэхъуар, мыбдеж щхьэ фыщыт?

– Уэлэхьи, дыппоплъэм.

– Сыт щхьэкIэ? Фызыпэплъэн хуейр нэгъуэщIщ. Фэ ди гъунэгъухэм щыщ фызэрыхъурэ мащIэ щIа?

– Аракъэ дызыхуейр. ИгъащIэм дызыхэкуу щытащ. Уэркъ тын дыхъуа ди гъунэгъухэм дефтыжу? Ди бзэмкIэ дыпсэлъэжу, ди хабзэ зетхьэжу дыпсэу щхьэ мыхъурэ? Дыосетин къуажэу щытами зыгуэрт.

– Фи бзи фи хабзи кIуэдыркъым абы щхьэкIэ, – жаIэр Нартыхум щахуимыдэм, модрейхэр нэхъ къэбырсеящ. ЦIыху Iуву зэхэтым къаувыхьауэ зэ зыр адэкIэ къыхогуоукI, зэ нэгъуэщIыр къыхокIиикI, я гум къыдихур ямыбзыщIу. Абы хуэдэу хъуну ищIатэмэ, Нартыхур къэмык Iуэххэнк Iи хъунт, сыту жыпIэмэ а къуажэр, нэгъуэщI зыкъоми я гъусэу, гъунэгъу хэкум яубыдащ, зыми емыупщIу икIи емыусэу, Конституцэу КъурIэным нэхърэ нэхъ ягъэлъапIэри зыуи къpамыдзэу. Зэрыратар Берие и унафэкIэщ. Хэкур зыубыдауэ щыта нэмыцэр ирахужри, куэд дэмыкIыу, щIымахуэкIэу къэсщ а нэгъуджэри Тэрчкъалэ къыдэтIысхьат, мурадыфI имыIэу. Иджы абы утепсэлъыхьыныр Нартыхум и дежкIэ къезэгъыртэкъым, я гъунэгъум зэхахыжмэ (ар зэхамыхыжынуи Iэмал иIэ), и хэкум щымыщыж къуажэм къокIуэри цIыхур къегъэбырсей жаIэнут, арщхьэкIэ а зэхуэса къомыр хьэщIэм пэплъэху, клубыжьыр щIалэгъуалэм ягъэкъэбзащ, лозунг гуэрхэри фIалъхьащ, сценэми шэнтхэр ирагъэуващ, нэхъыжьхэр тесыну, сэмэгурабгъумкIи фанерым къыхэщIыкIауэ трибунэ тIэкIу къагъуэтри ягъэуващ, нэхъ лъагэIуэ ящIын щхьэкIэ, трибунэ лъабжьэм чырбыш плъыжьищ щIагъэуващ.

Ти, Нартыхур ирагъэблагъэ клубымкIэ. Къызэхуэсахэр

къыщIоупщIэ игъащIэкIэ даIыгъыну дефта ди гъунэгъум хьэмэ ди хэкум дыкъыгухьэж хъуну жаIэри. ЦIыхур дахэкIэ зэбгры-кIыжыну фэ теткъым, Нартыхуи клубым щIыхьэу абы хуэдэ Iуэхум тепсэлъыхьыну хуеиххакъым, къызэрыхуамыгъэгъунур ещIэ, имыщIэр сыт: яхэкIыжа зэрыхъунурщ.

Джэдгын зыфIэмыфIым и пащIэ къытокIэжыхуаIэм хуэдэти, Iуэху зыхуэмей дыдэм кIуэри хэпкIащ, IэпщацагъэкIэ уахэмыкIым уи машинэ дыдэм бгъэдыхьэпIэ иIэкъым. Хьилагъэ гуэр и гум къокIри, клубымкIэ щIыхьэну макIуэ, дыщIыхьа нэужь, мы къомыр къыщIэзнэнщи, сэ сыкъыщIэкIуэсыкIыжынщи, си гъуэгу сытехьэжынщ жыхуиIэу. АрщхьэкIэ цIыхуу кърихьэлIар, клубым ерагъпсэрагъкIэ щIэхуэн къудейти, фIэмыфIыщэурэ трибунэмкIэ дэкIуеящ. Къызэхуэсахэм еущийуэ щIидзащ, мыпхуэдэу дывмыгъэщI, къемызэгъщ, фызыщыщ хэкум ди зэранкIэ е фи зэранкIэ фаубыдакъым, абы дытепсэлъыхьу дызэхэтмэ, гурыщхъуэ гуэрхэри я гум къэкIынщ, фэри фыхуэмейуэ, сэри сыхуэмейуэ. Абы нэхърэ фэр-фэру унафэ фщIыи, Iуэхур здынэсыпхъэм нэвгъэс, жиIэу. Йужьрей тIэкIур зэрыжиIам хущIегъуэжами, сыт пщIэн?.. Абы тегузэвыхьа е нэгъуэщI зыгуэрым къигъэгузэва, сытми Нартыхум ятIэ иутэ хуэдэу, трибунэм тетти, трибунэр зытегъэува чырбыш плъыжьыр къыщыщIигъэхум, трибунэр къэуфэрэнкIри баргъ-сыргъ, жиIэу сценэм къехуэхащ, псы зэрыта стэканри унэ лъэгум ирижэу.

– НтIэ, аращ, Iуэху мыфэмыц утепсэлъыхьмэ... – жиIэри Нартыхум кIэбгъу зищIри, пIащIэ-тхъытхъыу унэм къыщIэлъэтри, и машинэр щытыххэти, итIысхьэжащ, зыхэта къомыр зэрызэхэту клубым къыщIинэри.

И адэ-анэм я унэм хъыбарыр зэрынэсрэ куэд щIати, шхыни ягъэхьэзырауэ, нэхъыжь гуэрхэм къеджауэ къыпэплъэу арат, арщхьэкIэ Нартыхур хьэщIагъи сыти хуеижтэкъым, псынщIэ-псынщIэу къуажэм дэкIыжын фIэкIа. Абы нэхъей хьэщIэхэри гъэтIысын хуейщ щхьэж хуэфащэ тIысыпIэм деж. Абы щхьэкIэ зэныкъуэкъуу, жьантIэмкIэ Нартыхур ягъэтIысми, абы бгъэдэ-сыну зыхуэфащэр занщIэу къэщIэгъуейщи, зэрызокъуэ, лIыжь-хэм адыгагъэшхуэ яхэлъщи, зым зыр нэхъ тIысыпIэфIым игъэтIысыну хэтщ. Абдежым зыми имыцIыху щIалэ гуэр жьантIэмкIэ яфIыдопщхьэ, и ныбжькIэ щхьэгъэрыту щытыну нэхъ хуэфащэми. Хабзэм зезыгъэхь лIыжьхэм абы гу щылъатэм, зыгуэр жамыIэу къэнэнт?

– Мыр хэт? – жаIэурэ зыр зым еупщIыжырти, Нартыхур къэпсэлъащ:

– И гугъу фымыщI. Ар си телохранителырщ, шулIыгъусэщ, – жиIэри.

ЛIыжь зэхэтхэр зэплъыжащ, мыр дауэ, дэ къэтлъхуа, дэ тпIа

лIыр къытхыхьэжмэ, дэр дыдэм дзыхь къытхуимыщIыжу, и щхьэр зыхъумэн и гъусэн хуей? И адэжь и унагъуэщ къызэрыхьэжар, зиунагъуэрэ, жаIэу.

Лъэпкъым я нэхъыжьыр кърихьэлIати, гушыIэрэ и фIэщу жиIэрэ умыщIэну, Нартыхум зыкъыхуигъазэри жиIащ:

– Зы хэку уикIыу нэгъуэщI хэку ущыкIуэкIэ шулIыгъусэ гуэри уиIэн хуейщ. Ауэ уи лъэпкъым уакъыхыхьэжащи, шулIыгъусэ къыпхуэхъунущ.

НэгъуэщI зыгуэрми и гум кърихур жиIащ:

– Пащтыхь ныкъуэр къэкIуауэ щытащ мыбы, уэлэхьи, зы шулIыгъусэ имыIа.

Къэхъея псалъэмакъыр Нартыхум и гум шэуэ къытехуащи, иджы зыри и нэм къихьыжыркъым, сыщIэкIыу щхьэ семыжьэжрэ, жиIэу къызэкIуэкIащ, псалъэ мышыум клубым щыжаIар къыхыхьэжауэ зэгуэуд щхьэкIэ, яхэкIыжмэ, къызэхуэсам я жагъуэ хъунущи, жаIэр уи гум томыгъахуэу хъунукъым.

Си зэгуэпыр нэхъ стек Iыжынщ, щакIуэ сыкIуэмэ жи Iэри, Нартыхум къызэрысыжу хъыбар яригъэщIащ зригъэщIапхъэм, нэхъ нэфIкIэ зэплъу и IупэфIэгъуу къилъытэм. Псом япэу мэзхъумэ ХъынцIэл деж машинэ игъэкIуащ, зыхуей илъэпкъыр къигъэхьэзырыну. Модрейми ищIэн хуейр ищIэжти, мес, щакIуэр хъарзынэу йокIуэкI, Iэтащхьэм зыхуей дыдэр къиукIащ.

ХъынцIэл и къуэм сыт хузэфIэкIрэ жыпIэмэ, Iэджэми я щхьэфэ уиIэбэн хуейщ. Зэгуэр щакIуэ гупыфI къыхуэкIуауэ загъэпсэхуу здэщысым, институтым заочнэу щеджэу къыщIэкIынти, къэрал экзаменым тегузэвыхьу жаIэу щызэхихым, щIэупщIащ: «фызыхуеир дипломкъэ?» «Ара мыгъуэщ, димыIэмэ, ди къулыкъур тIэщIахынущ», – жаIэри модрейхэми я гузэвэгъуэр къаIуэтащ. Гупым и нэхъыбэр хьэIусыпэ зрат тхьэмадэу арати, зэгурыIуащ зэгъусэу экзамен зы махуэм ятыну. ХъынцIэли япэ зригъэщщ, кIуэри зыхуэзапхъэм яхуэзэщ, ягурыIуэри диплом щIэнэцI тхьэмадэ къомым закъыхуигъэзащ: Экзаменыр зэттынумкIи щыттыну унэмкIи, зэману текIуэдэнумкIи сагурыIуащ. Щыттынур?» «Фызым пэIэщIэ» жыхуаIэ рестораныращ. ЗэхудощIри, дэр фIэкIа щIэмысу дызэхуосри, дыкъэмытэджу дыщысщ, экзамену ттыну хуейр ттыхукIэ. Ауэ зыщывмыгъэгъупщэ икIи зыщывмыгъауэ: фи зачетнэ тхылъ цIыкIум дэт напэкIуэцIым и бжыгъэм хуэдизи дэлъу къызэфт». Ти, зэгурыIуащ, ХъынцIэл и къуэми зачетнэ тхылъ цIыкIухэр зэхуихьэсри и гуфIакIэм дилъхьащ.

Куэд дэмыкIыу псоми зырызыххэ къахуишэри къахуигуэшыжащ. Иджы диплом къызылъысахэр адэкIэ-мыдэкIэ щолажьэ, къулыкъу хъарзынэр яIэу. Сыт хуэдэ IуэхукIи захуэгъазэ – укъагъэщIэхъунукъым. Езы Нартыху дыдэу псори зыфIэлIы-

кIыр ХъынцIэл фIолIыкIыж, сыту жыпIэмэ, я щэху Iэджэ зэрощIэри.

Нобэ мо къомыр и гъусэу Нартыхур щакIуэ щхьэ къэкIуа уи гугъэ? Зыкъом лъандэрэ Нартыхум къыгурыIуащ, хабзэм къемызэгъ пщIэнумэ, уи закъуэ пщIэмэ, къызэрыпщIэмыкIуэнур, уи гъусэр нэхъыбэху нэхъыфIщ, узыIуэтэжынур нэхъ мащIэ мэхъури. А уи гъусэми дзыхь яхуэпщIыщэ хъунукъым: форум гуэр ебгъэкIуэкIынумэ, япэ зи цIэ ипIуэр ахэр арами, езыхэми зэхэтыкIэ гуэр яIэжщ, зэхуэпшэсамэ, рестораным щызэхуэсынщи, хэт сыт къипсэлъын хуейми, хэт дэнэ IэнатIэ Iугъэувапхъэми и унафэр ящIынщи, форумым деж утыкум къралъхьэнщ.

Абыхэм я щэху Нартыхум деж къэмысыжуи къанэркъым, и гум иримыхьын гуэр ялэжьыну е къапсэлъыну мурад ящIмэ, мыхъумыщIагъэр къезыхьэжьэну хуежьэр, къэхъуари къэщIари имыщIэу, «белым е хьэмфIанэм и заведующу» ежьэжауэ плъагъунщ. Армырми къулыкъухэр, куэзырым ещхьу, и Iэпэ щIегъэж, хэт сыт лъысынуми умыщIэу.

Къуэшхуэм пшагъуэ кIэлъэфыр дэмыкIыпауэ мэзри къуршри щыблэ къыдэуам хуэдэу къигъэпсалъэу фочауэ макъ зыбжанэ зэуэ къэIуащ, «щэкIуэныр зэфIэкIауэ, зыдгъэпсэхуну дотIыс» жиIэу къикIыу.

Ботэхи къаруи псэруи къыхуэнэжатэкъым, щыхь шыр цIыкIур къиубыдыну кърихуэкIыурэ. Щыхь цIыкIур зэ бгым дэжырт, зэм мэзымкIэ хэлъадэрт, зэми псымкIэ игъазэрт, арщхьэкIэ дэнэкIи гъакIуэ – ар и анэр щаукIа щIыпIэм къэкIуэжырти джэрт, щIалэ цIыкIур къещэу гу лъитэмэ, аргуэру щIэцIывэжырти – улъэщIыхьэм, къэубыд. ИкIэм икIэжым щыхь шыр цIыкIур пщащ, земыкIуэжыфу, мэжалIэуи къыщIэкIынт, и анэм и быдзым куэд лъандэрэ щIэфатэкъыми. Ботэх лъэри щыхь цIыкIум зыщытридзэм, зимыгъэхъеижыфу щысти, къиубыдащ.

Зэадэзэкъуэри машинэхэр къыздагъэнам деж къэкIуэжати – псори хьэзырт: ягъэвэн хуеяр ягъэват, ягъэжьэн хуеяри ягъэжьат. ЩIакIуэ зыкъом яубгъури Iэнэшхуэ ящIащ, лIы тIощI нэхъыбэ бгъэдэхуэну. ЩакIуэхэри ешаелIауэ къызэхуэсыжырти, Iэщэр, пIатIронтащ сытхэр ХъынцIэл и къуэм иратыжырт. Шоферхэр нэхъыбэ хъуауэ, щхьэж къиукIар багажникхэм ирилъхьэрти, Нартыхум пэплъэу увыжырт.

Ботэх шхэни сыти и нэ къихьыртэкъым. Щыхь шыр цIыкIур псы иригъэфэну псым ихьати – хуефакъым, удз иригъэшхыну къифыщIати – удзи хуишхакъым, иджы ищIэнур имыщIэжу мэгузавэ, сфIэлIэмэ, жиIэу. ЩIалэ цIыкIур гъынанэу хуежьащ:

– ДыгъэкIуэж.

– Зэ умыпIащIэ, къэхъуа щы Iэкъым. Щыхь шыр хъарзынэ цIыкIу къэбубыдащ...

– ЛІэнущ мыр, схуэшхэн идэркъым.

– Унэм пшэмэ, нэхъ шхэн уи гугъэ? И анэм щІэфу щытащи, аращ, – жиІэри и адэм идакъым.

– Унэм сшэмэ, шэ езгъэфэнущ бжьэфкІэ. Езы Мэмэт-щІакъуэри кІуэжыну арат зыхуейр, ауэ гуп зэхэтІысхьэну пІэ-цІеижым ар яхэмысу дауэ хъунт, тхьэмадэу яІэр арат.

А махуэ закъуэм Ботэхи куэдым гу лъитащ, умылъэгъуамэ, уи фІэщ мыхъун Іэджи илъэгъуащ, школым егъэджакІуэм щыжаІэмрэ цІыхум я дуней тетыкІэмрэ шурэ лъэсрэ я зэхуакуу зэрыщытыр нэрылъагъути, къигъэщІа псом и уасэт а махуэ закъуэр, илъэс псокІэ и ныбжьэгъухэм яхуиІуэтэжыну ирикъунущ.

Газетым телъу шхын тІэкІу кърататат Ботэх: щІакхъуэ, лы гъэва, кхъуей, джэдыкІэ игъэвыкІа, нэгъуэщІхэри, арщхьэкІэ хуэшхакъым, щыхь цІыкІум удз ишхын зэримыдэр и гум щІыхьауэ, ауэрэ щыхь цІыкІур и ІэплІэм исуу машинэм здисым Іурихри жеящ. Куэдрэ жея, мащІэрэ жея – Іэуэлъауэ гуэрым къегъэуш: щыхь цІыкІур ІэщІэкІащи долъей-къолъыхри машинэм къикІын и гугъэу зеукІыж. Ботэх щыхь цІыкІум и тхьэкІумэр къыІэщІохьэри къеубыдыж. Плъэмэ – гуп зэхэсам Нартыхур яхэсыжкъым, адрейхэри къотэджыж зэбгрыкІыжыну, я Іэри зэроубыдыж. Ботэхи и щыхь шырыр къиубыдыжауэ пІэцІеижырт кІуэжыну...

А махуэ закъуэр арат Ботэх и гум фІыуэ къинэжар, а зыри пщызыгъэгъупщэн Іэджи и нэгу щІэкІа пэтрэ, зэзэмызэ зриІуэтылІэн игъуэтмэ еІуэтэж, арщхьэкІэ езыми и ныбжьым хэхъуэхукІэ щакІуэ щыкІуа махуэ закъуэр пшэм щІалъэфа мазэм ещхьу нэщІэбжьэ Іэджэм щІалъэфэж, зэзэмызэххэ фІэкІаи згъэхъыбаращэрэт жиІэу и гум жиІэркъым. Иджы щакІуэ кІуэхэр абы хуэдэу сытми зэрыкІуэр? ХъынцІэл и къуэр жыпІэнущи, Нартыхум и зэфІэгъэкІ иІэщи, а тІур лъэкІыныгъэкІэ зэхуэдэщ, зым зыр лъэгущІэт зэримыщІыфынур ящІэжри, тІуми я псэр зы чысэм илъщ. Пятилеткэр аргуэру «ехъулІэныгъэшхуэ хэлъу дгъэзэщІащ» жаІэу трибунэм къытеувэрэ батэкъутэр ягъэшу, я пыІэр щхьэрыхауэ я акъылым къихь къамыгъанэу псалъэ щхьэкІэ, абыкІэ зэфІэкІрэт? Ныпыр къытлъысащ, ди гъунэгъум датекІуащ жаІэнти, хьэгъуэлІыгъуэшхуэ ящІынт, хьэгъуэлІы-гъуэм кърихьэлІэу хьэщІэшхуэри къашэнти, ар я гъусэу щакІуэ кІуэнти, ХъынцІэл егъэзыпІэм дихуауэ дэт кхъуэпІащэр, зыми имылъагъуу, къакІэщІиутІыпщхьэурэ, къаукІмэ, хьэщІэм къиукІа хуэдэу къыфІагъэщІрэ абы и саулыкъукІэ аргуэру зэхэтІысхьэрэ я бзэгум ІэфІ къытемынэжыхукІэ зыр зым щытхъуу хъуэхъу бэлыхьхэр жаІэу.

Дэнэ иджы ар щыжаІэр? Хрущев и дачэращ. Абы нэхъ зэхуэсыпІэфІ уигъэлъыхъуэнщ. Унафэ щащІ къудейкъым – уи

нэгум зыщебгъэужьи мэхъу, хьэщIэщ пэлъытэу. Абы узышэ гъуэгури мэзым пхырокI, асфалъти телъщи, жэщкIэ уэздыгъэшхуэу пкъо лъагэм фIэлъхэм къагъэнэху. А унэм зи цIэ фIащар щIэмыхьа дэнэ къэна, нэбгъузкIэ теплъакъым, зыщIари къызыхащIыкIари зыщIэу щыIэр зырызыххэщ, уеупщIкIи къыбжаIэнукъым. А унэм цIыхур щызэхэзекIуэу зыгуэр зэрыщекIуэкIыр къызэрыпщIэн щыIэкъым, милицэ машинэу зи щхьэм уэздыгъэ щIыху тетыр къэгъэшыпIэм деж щыту плъагъумэ фIэкIа, машинэр здэщытым уфIэкIыу адэкIэ укIуэнуми, уагъэкIуэнукъым.

Унэр зезыхьэр Мэмэт-щIакъуэми, бжьыпэр зыIыгъыр Раисэ Муратовнэ жыхуаIэу «Фызым пэIэщIэ» рестораным и тетыр аращ. Езыр цIыхубз гуакIуэщ, дахэщ, къэзылъагъур къыдехьэх, зыIэпешэ, IэкIуэлъакIуэщ, екIуу зехуапэ, псом хуэмыдэжу псэлъэкIэ дахи иIэщ. Коттеджым къыщыкIуэм щIэсыну пэш хъарзынэ иIэщ, езым фIэкIа псэ зыIут щIыхьэну хуимыту, ауэ, пэжыр жысIэнщи, абы щIыхьэф гуэри дыхуэзэнущ...

Раисэ Муратовнэ удз дахэр зыпищI щыIэтэкъым, сыт ищIысри удз дахэкIэ имыгъэщIэращIэмэ, и гум идэну Iэмал иIэтэкъым. Абы пэщIэхуа удзхэр аргуэру къэгъэгъэжу жаIэрт. Iэнэр къигъэувмэ, Iэмал имыIэу ар удз дахэкIэ игъэщIэращIэрт. Езыми зихуапэрт, а удз дахэм екIун хуэдэу. Официанткэхэми я дахагъымрэ гуакIуагъымрэ ущIэмыупщIэххэ. Хъыджэбзым ауэ зы дагъуэ тIэкIу хуищIамэ зэфIэкIащ, лъэныкъуэ иригъэзт, «угурымыхьмэ, шхын къэпхьри гурымыхьщ», арат къищтэн имыдам яжриIэр.

ХьэщIэшхуэ къыщыкIуам деж сыт хуэдэ шхыныгъуэ сытым деж къащтэн хуейми унафэ зыщIыр Раисэ Муратовнэт. ХьэщIэм я тэджыжыгъуэ щыхъуам деж уэздыгъэр ягъэункIыфIынти, лы гъэжьар дзасэм зэрыпыIуам хуэдэу, пщыIэм ещхьу подносым игъэуваuэ къихьырти, къытригъэувэрт. «Уа, мыр хур цIыхубзхэм ящымыщу си фIэщ хъуркъым», – жаIэу Раисэ и гуапэ къэзыщI Iэджи хуэзэрт. «Нэхущ вагъуэу Нартыхур щызымы-гъауэр армыра уи гугъэ?!» – жаIэу къыпызыщэри мащIэтэкъым, я фIэщу жаIэрэ жамыIэрэ умыщIэу.

Зы зэман хъыбар Iуауэ щытащ Мэмэт-щIакъуэрэ Раисэрэ я кум зыгуэр дэлъу, арщхьэкIэ ар пцIы гъуэщэт. Алащэжьым хуащI пщIэм нэхърэ нэхъыбэ Раисэ хуищIыртэкъым Мэмэт-щIакъуэ, ауэ езы Мэмэт-щIакъуэ уеупщIамэ, «дякум дэлъ щыIэкъым» жиIэнутэкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Раисэ зыхуэгумащIэ гуэр зэрыщыIэр ещIэри, пцIыр езым къытехуэмэ, нэхъ къещтэ, Iуэхум и пэжыпIэм цIыхум гу лъатэ нэхърэ. Езы Раисэ «Хрущев и дачэр» и рестораным щыщ филиалу къелъытэж, IункIыбзэ псоми я IункIыбзэIухыр и сумкэм илъщи, щыхуейм деж къакIуэу и нэгу зригъэужьми мэхъу, хьэщIэшхуэ къэкIуэнуми хэт къэкIуэнуми япэ къэзыщIэр Раисэщ, шхын гъэхьэзырын

хуейр зи пщэ дэлъыр аращи.

Зэгуэр гузэвэгъуэ ихуат: жыжьэ къикIауэ хьэщIэшхуэ Нартыхум къригъэблэгъати, щакIуи ишащ, кхъуэпIащэрэ мэз бжэнрэ къригъэукIащ, ХъынцIэл а и щIыкIэжьым ещхьу иригъэщIри. Абы и щIыIужкIэ игъэтхъащ, лъэкI къимыгъанэу. ХьэщIэм и гур къэжанати, «цIыхубз гуэр щIегъашэт си пэшымкIэ», – жиIэри Нартыхум щэху цIыкIуу гуригъэIуащ. Модрейри къэгузэващ: мыбдежым цIыхубз лей щыстэкъым, щысхэм ялIхэр я гъусэщ. «Раисэр негъашэ», – жиIэу хьэщIэм щиукъуэдийм, Нартыхум имыдэххэнур арати, икIэщIыпIэкIэ Раисэр имыгъэпщкIуу хъуакъым, хьэщIэри апхуэдизкIэ къызэрыкIати, къыщылъэтри Раисэр къигъуэтыну ежьащ. Хэгъэрейуэ зи фыз тегузэвыхьахэри псынщIэ-псынщIэу зэбгрыкIыжащ, я фызхэр яшэжри.

Нышхьэбэ къызэхуэсахэм ящIэрт хэт сыт хуэдэ гъусэ иIэми, я фызхэр уэршэру зэхэсурэ, езыхэр хэт саунэм кIуащи, зегъэбэг, хэти бильярд мэджэгу, куэзыр джэгун зыф IэфI щы Iэми лъэныкъуэегъэз защIащ. Куэди дэмыкIыу, фынышIыхьэ хьэщIэщымкIэ жыхуаIэу, сигнал къатащи, адэкIэ-мыдэкIэ мэзым хэтахэри къыхокIыж, цIыхубзхэри, бабыщ шыр быным ещхьу, зэк Iэлъхьэужьу, я псэлъэн зэпамыгъэуурэ къокIуэ.

СтIол къагъэувар жыпIэнущи, телъыджэщ, Раисэ гурэ псэкIэ фIэIэфIу егугъуащи.

Казбек Машевичу плъагъуми щакIуэ щыгъыныр зыщихыжри къабзэлъабзэу зихуэпэжауэ гупым яхэсщ, и пащхьэм Мэмэт-щIакъуэри, белыпэм фIэIуауэ щIым къыхатIыкIа кIэртIюфым ещхьу, зеукIунтIриеу итщ. Мэмэт-щIакъуэ, стIолым и зэкIэлъыкIуэкIэ ищIэжырти, Iэтащхьэм бгъэдэуващи, унафэ ещIыр:

– ИIэт, фысабырыт иджы.

Нартыхум зыри зримыгъэлъэIуу зиущэхуащ, тхьэм ещIэ и мурадыр, гу къылъамытэу щысмэ, нэхъ фIэфIщ. Хуэму тхьэмадэм худоплъей:

– Уэращ тхьэмадэр, зумылъэфыхь.

Нартыхум и макъыр зэрызэхихыу, Мэмэт-щIакъуэр пхъуэри коньякыр и румкIэм къыхуригъэхъуащ, пивэри Къазбэч и стэканым из ищIащ, итIанэ езым и румкIэри къиIэтащ хъуэхъуэну:

– Дыгуп дыгъэл, жыпIэмэ, дыгуп дыгъэлщ, итIани, акъыли жыIэ, напи жыIэ, нэмыси – псомкIи щапхъэ зытетхыж ди пашэр куэдрэ ди пашэну, бэIутIэIуншэу дунейм тетыну ди гуапэщ. Абы къимыдэкIэ, мыдрейхэми ди мурадри тхьэм къыдигъэхъулIэ. Щи, фефэт безкIаплIэу, ефэм и хьэлэлщ, тхьэм хущхъуэ хуищI.

РумкIэхэр зэраудэкIыурэ цIыхур къызэщIэващ.

И цIэ иримыIуами, Мэмэт-щIакъуэ зи гугъу ищIар псоми

къагурыIуащ, а хъуэхъур и щыпэ жыIэу зэрыжимыIари зымы-щIэ щыскъым. Езы Нартыхур хъуэхъум едэIуэххакъым, пщафIэр къриджауэ жьэжьейр зыкIэрылъ лым и гъэвэкIэр гуригъаIуэрти. Армырми Мэмэт-щIакъуэ иджыпсту къыжьэдэ-кIар дэнэ къэна, абы къык IэлъыкIуэну хъуэхъур зыхуэдэри Нартыхум къыбжиIэнущ, уеупщI закъуэмэ.

Фызхэми фадэр я жагъуэтэкъым, есэжат, щытIысам деж мышхэн хуэдэу защIырт, я пшэрагъым тегузэвыхьуи, фадэбжьэм и ужькIэ мащIэ-мащIэурэ шхын нэхъ къэуат зыщIэлъхэр я тепщэчым иралъхьэу щIадзащ. Раисэ Муратовнэ уигъэхьэщIэу шхыныр Iумпэм пщIымэ, къазэрыхуэмыгъунур псоми ящIэжырти, хьэщIэм я зэпсалъэ макъыр нэхъ зэхэпхи хъуащ, уеблэмэ зилI зымыгъэпсалъи яхэтт. Iэнэм бгъэдэсхэм я гур къэжанати, тхьэмадэм щIагъуэу къемыдэIуэжу, езыр-езыру зэпсэлъэжу, зэрыгъэдыхьэшхыу, къакъэ-пщIыпщIу зэхэст.

Абдежым Нартыхуу плъагъур щэху цIыкIуу къэтэджри щIэкIуэсыкIащ, здэкIуи сыти зыми жримыIэу. Зыми гу къылъимыта и гугъэу Къазбэч «цым-цым» жиIэу ущу адэ пэш нэхъ къуэгъэнапIэ дыдэм щыIэмкIэ иунэтIащ. Ар къызэрыкIуэнур зыщIэ Раисэ Муратовнэ абы къыпэплъэу, зыкърихыжу хуэпауэ, дыхумэ дахэри пэшым къыщIихыу щыст.

– ДыныщIыхьэ хъуну? – жиIэри Нартыхум и щхьэр бжэм къыдигъэжащ, и Iупэр фIызэтежу.

– УщIемыгъуэжыну пIэрэ?– Раиси къэдыхьэшхащ, Къазбэч къызэрыкIуар и гуапащэу.

Нартыхур пIэмкIэ плъэмэ, пIэр щIыжауэ хьэзырыпсщ, езыми куэдрэ хуэмышыIэу пIэмкIэ кIуэри итIысхьащ, Раисэ къыдэIэпыкъуурэ, щыгъыныр зыщихри и унэ кIуэжа хуэдэ, зигъэукIуриящ:

– ТIэкIу зыщызгъэпсэхунщ уи деж.

– Зыбгъэпсэхуну арамэ – узэрегуакIуэщ, лIо, гугъу уехьыщауэ ара? – Раисэ Муратовнэ щIагъыбзэ гуэрхэр къригъэкIыу мэпсалъэ. Раисэ зэрыхуэпам хуэдэу къыпыгуфIыкIыу къыбгъэдотIысхьэри Iэ къыделъэ и щхьэм, мыдрейри къоIэбэри цIыхубз гуакIуэшхуэр зыIэщIеубыдэ.

– Аращ.

– Арамэ щылъ, зыгъэпсэху. Нэхъ гугъуж щхьэ зебгъэхьрэ?

– КъызэхьэлъэкIыну уи гугъэ?

– Зэ умыпIащIэ. ЩхьэгъубжэIупхъуэр Iузгъапхъуэ, –жиIэри Раисэ Муратовнэ къэтэджыжащ, щхьэгъубжэ закъуэм щхьэгъубжэIупхъуэр Iупхъуа пэтрэ, бжэр игъэбыдащ, ваннэм щIыхьащ, зитIэщIри халат дахэ дыдэ теубгъуауэ къыщIэкIыжащ.

Нартыхур блыным и гъунэгъу дыдэу кIуэтати, гъуэлъыпIэр

зэрыгъуэлъып Iэу Раисэ къыхуэнащ...

МодэкIэ гуп къызэхэнам Нартыхур зэрыщIэкIуэсыкIам гу лъатами, ямылъэгъуа хуэдэу защI, зыгуэр къахэпIэнкIыкIмэ, тхьэмадэри къызэрокI, къуэды птеслъхьэну ара узыхуейр жеIэри. АрщхьэкIэ хэт къуэдыкIэ пхуэгъэшынэн: «Къигъахъуэ-тIэ», – жиIэнщи, зэ Iубыгъуэ ищIынщ. Гупыр зэбгрыкIыж хъунукъым, Раисэ Муратовнэ къихь хабзэ шхыныгъуэр къимы-хьауэ.

Щэху цIыкIуу Нартыхур къыщI охьэжри и тIысыпIэм мэ-тIысыж, зы бжьэ цIык Iуи дедзыхыжри, зыри къэмыхъуа хуэдэ, зыщIодэIукI, гупыр зытепсэлъыхьыр къыгурыIуэмэ, фIэфIу. Зи гугъу ящIыр Дзэлыкъуэ восстанэр арат, тхьэм ещ Iэ абы и щхьэфэ и Iэбар. КъуэщхьэхъукIэ щыI э хъупIэр пащтыхьым и Iумэтым итхэм яубыду зыI эщIалъхьэну зэгуэр зыкъаIэтащ шы зыгъэхъуу дзэм шы езыщэу мылъку зыугъуейхэм, я гугъат хъупIэм ит Iэщыр ирахуу хъупIэр езым зыIэщIалъхьэну. Пащты-хьым и унафэщIхэр зи лъэныкъуэр шы зыгъэхъухэр арати, Iэщ зиIэм я гум техуакъым, зыкъаIэтри я хъупIэ яубыдар къытра-хыжыну и ужь ихьащ. Абы и хъыбарыр псоми тыншу ящIэрт, ауэ мо чэф зыгъуэтахэр зэдауэу хуежьащ: зым «революционнэ восстанэу» къэлъытэн хуейщ жиIэу яукъуэдиямэ, адрейхэм ядэртэкъым «Iэщ зиIэмрэ шы зиIэмрэ зызэраупсеямэ, ар рево-люцэ?» жаIэу, ещанэм: «ЩIыр зейуэ щытар хэт? Псоми я зэхуэ-дащ, зыри зимыIами и Iыхьэ хэлъу».

Зэдэуэныр къызэрыкI ар щакI уэ кIуэхэр здэкIуэ заказники заповедники – ХъынцIэл уэркъ тыным ещхьу иратар арат. Абы щыщэкIуэну хэт хуит, хуимыт жаIэу зигу къэжанахэр зодауэ.

– Заказникыр псоми я зэхуэдэщ, Къуэщхьэхъу хъупIэр я зэхуэдэу зэрыщыта дыдэм ещхьу, – жеIэри зыгуэрым еукъуэдий, Нартыхум ар игу зэрыримыхьынур ищIэ пэтрэ.

– Уэр дыдэр кIуэи еплъыт, я зэхуэдэрэ я зэхуэмыдэрэ плъагъун-къэ. СогъэпцI, I энэщIу узэрыкIуам ещхьу IэнэщIу укъэмы-к Iуэжмэ. ХъынцIэлщ щакIуэм къаук Iыр къезыгъэукIыр, – жеIэр игъащIэм щакIуэ к Iуэн дэнэ къэна, фоч IэкIэ зымыIыгъа прокурорым. Шэч хэлъкъым ар Нартыхум зыхригъэхым фIэфIу зэрыжиIам, езы Нартыхуми и тхьэкIумэр тригъэхуауэ щыс щхьэкIэ, зэхимыхыу зы псалъэ къанэркъым, зэхихри и гум иреубыдэ.

– Мы псалъэмакъ мышыу къэвгъэхъеяр сытым щыщ? – жеIэри Мэмэт-щIакъуэ къэгубжь нэпцI зищIа щхьэкIэ, зэдауэм щагъэтакъым.

– Сыт щIэпсалъэмакъ мышыур? Заповедник хъурэ ар уэ укIуэрэ щыхь къэбук Iыу, сэ жыжьэу сыбгъэдыхьэну сыхуимы-ту? Хабзэр хэт и дежкIи хабзэщ. Хабзэншэу цIыхур зэхэт хъуну-къым, – жиIэу прокурорым зыкъритIэну хэт и гугъэнт.

– ЗылъэкIыр... дауэ жиIа? ЗылъэкIым хабзэри сытри екъутэ.

Утемыпсэлъыхь, – жиIэри зыгуэр къахэгуоукIащ, – хабзэр ха-бзэу щытатэмэ, Берие къакIуэрэ зыми емыупщIу-емыусэу ди щIым пичу ди гъунэгъум яритрэт? А зым урикъуни.

Нартыхум и гум иримыхьын дыдэр арат къыхэгуоукIам къыпищар. ХэкущIым щыпачам езы Нартыхум я къуажэр хэхуа пэтрэ, щIэщхъу къэхъуар зэригъэзэхуэжын хузэфIэкIакъым, щIыр зратар нэхъ лъэрызехьэу, дэIэпыкъуэгъу иIэу къыщIэкIри. Ауэ Iуэхур къызэрекIуэкIам фIыуэ щыгъуазэт, а лъэхъэнэм езыр зауэм щыIа пэтми.

– Iуащхьэмахуэ пачати, къыдатыжащ, – къэпсэлъащ Мэмэт-щIакъуэ, «псалъэмакъ мышыум» кIэ иритын и хьисэпу, арщхьэкIэ гупыр нэхъри къызэщIэващ.

– Iуащхьэмахуэ къыдатыжащ. Джылахъстэнейм я щIым пачар щхьэ къыдамытыжрэ?

– Iуащхьэмахуэ къыдатыжамэ, къыдезыгъэтыжа щыIэщ.

– Модрейр-щэ? Зы къуажэ сытми пачар?

– Уи гъунэгъум и бжыхьыр зы лъэбакъуэкIэ къигъэкIуатэрэ бжэгъу хисамэ, бэлыхьлажьэ къокI, мобы апхуэдиз щыпачым, сыту зыгуэрым «быхъ» жиIэу псалъэ къыжьэдэмыкIарэ?

Нартыхур мыпсалъэу хъужынутэкъыми, зэрыщысым хуэдэурэ, псалъэ къапидзащ:

– КъыптекIуэр гугъущ.

«Псалъэмакъ мышыум» зы псалъэкIэ кIэ иритын и гугъати, къэхъулIакъым, зигу къэжанахэр хьэргъэшыргъэ зэрыгъэхъуа фIэкI.

Iуэху къагъэхъеям тепсэлъыхьу Къазбэч куэд жиIэфынут и гум илъ псор къит IэщIу жиIатэмэ, арщхьэкIэ абы хуэдизу и щхьэр течауэ упсалъэмэ, жыжьэ нэсыжынкIэ хъунут. Езым къызэрилъытэмкIэ, щIыр пачащ, жыпIэу, батэкъутэр бгъэшу утыку укъыщIихьэни щыIэкъым. Сыт щхьэкIэ жыIэт? Нартыхум ещIэ лъэпкъым и бзэмрэ и къэрал гъунапкъэмрэ зэтехуэу зэрыщымытыр. ДэнэкIи апхуэдэщ. Ар – зы, нэгъуэщIу: щIыналъэр къыдатыжауи щIы, а щIым сыткIэ ухуит? Узыхуейр тепсэу, узэрыхуейуэ зэбгъэзахуэу утепсэухь хъуркъым. Мэзкуу дэс къулыкъущIэр и щхьэгъубжэм къыдэплърэ къаплъэмэ, ди щIыналъэм телъри тесри илъагъу хуэдэщи, унафэ ещI: мобдеж фыщывэ, мобдеж нартыхуу мы гектар бжыгъэр тефсэ, гуэдзыр, сэхураныр мобыкIэ ефхьэкI жиIэу. Планыр, уафэм къехам ещхьу, къагъэхьынщи, абы тету мэкъумэшыр щIэ, гъавэ къытепхар зэщIэкъуи, унафэ зыщIым ет. Гъавэр фыми кIуэдми уи Iуэху хэлъкъым, птыну уи къалэнщи, ты. Умытрэ, уи цыр ящынщи, абы хуэдэу къалъхуат жаIэнщи, уэрамым удаутIыпщхьэжынщ. НтIэ, егупсыс: щIы пачар зыIэщIыхьами а унафэ дыдэр хуащI, дэ къыдатыжми, къытхуащIыну унафэр аращ. Микоян «границэ Iуэху къэвмыIэт» жиIэу щыжиIэм дэ дяпэ зыгуэрым зыкъримыгъэщауэ жиIа? Нартыхуми, и къулыкъум

темышыныхьу, дищІ къыдэфтыж жи Іэу, дзыхь ищІу жиІэну-къым, Іэтащхьэм зэхахмэ, ягу къебгъэнкІэ мэшынэри.

Нартыхур мыпсалъэу куэдыщэрэ щытати, зыхуэмышыІа къахэкІащ:

– Казбек Машевич, хэту пІэрэ абы хуэдэу Іэмал зыхуэдмыгъуэту къыттекІуар? – жиІэри иджыри къэс цІутІи-пІытІи жимыІэу щыса Раисэ Муратовнэ и лІы лъахъшэ ныбэф цІыкІуу цІывым ещхьыр къыщІэупщІащ.

«КъыптекІуэр гугъущ» жыхуаІар мыбы дауэ къыгурыІуауэ пІэрэ жиІэу Нартыхур щыму зэрыщытам тетт, жа Іам къыфІамыгъэкІмэ, арэзы ирихъуну. Хэкум я щІым щІыпачари и пычыпІэ хъуари яхуиІуэтэжыну и псэм ф ІэфІтэкъым. Пэжыр жыпІэмэ, езы Нартыхур къулыкъущІэкъуу щымыту, нэхъ тегушхуауэ Іуэхум и ужь итыгъатэмэ, зыгуэрхэри хузэфІэкІыну къыщІэкІынт, ауэ «къомыгъэхъей абы хуэдэ Іуэху» жиІэу лІыщхьэу щІыр щыпачым хэлІыфІыхьа Микоян щыжиІэм, Нартыхум зиущэхужащ, къытхуэнам зридгъэкъум нэхъыфІщ жыхуиІэу. Ти, псалъэм и щхьэр умыщІэмэ, и кІэри пщІэркъым жыхуаІэр аращи, Казбек Машевич и щхьэм къыщыщІидзащ.

...Нэмыцэ оккупантхэр дахужри куэд дэмык Іыу Берие и къуэдзэ къомри и къуэри и гъусэу Тэрчкъалэ къакІуэри къыдэтІысхьащ, зы мафІэгу псо из цІ ыхуи къыздишэри, езы къалэми удыхьи удэкІи мыхъуу къэрэгъулхэр игъэуващ. Къызэрысуи цІыхум я щхьэфэцыр игъэтэджу, хъыбар бэлыхьлажьэхэр къэІури, жылэр зэрыжылэу зэрыгъэгужьеяуэ, ящІэнур ямыщІэу, зэрызехьэрт, зыхуэтхьэусыхэнур къахуэмыгъуэту. Хъыбарым и пэжыпІэр зыщІэ зырызым зыри жаІэртэкъым. ЗымыщІэ къомыр зэрыгъэщтэжауэ зэрызохьэ. «Лъэпкъ цІыкІухэр хэкум ираш» жаІэу арат хъыбарри, цІыхум я щхьэр здахьынур ямыщІэу, гузэвэгъуэм имыгъэжеижу къэнат.

ЛІыжь-фызыжьхэм зыпхыжаІыкІырт: «Къэралыр къыщытхуэмейкІэ, ди пасэрей лъэпкъэгъухэр здагъэк Іуам дагъакІуэми мынэхъыф Іу пІэрэ?» – жаІэу. «Тырку муслъымэнхэм уахэтІысхьэжыну ара узыхуейр? Щыгугъ, Щэбэт зыщыгугъам», – жаІэрт нэхъыбэми, нэхъеижу къэгубжьырт зы зэман адыгэм я махуэ хъуа хэку къутэр къахуихуэнкІэ я фІэщ мыхъуу. «АтІэ къыптекІуэр гугъущ» жызыІэу Іэщ тІэкІу ихъумэфар жэщкІэ иукІыжурэ зызыгъэхьэзыри щыІэт, колхозыр зымыдэу щыта къомыр кІуэдыкІейуэ зэрагъэкІуэдар я гум къагъэкІыжауэ. ЛІитІ уэрамым щызэхуэзамэ, зэхуотхьэусыхэ: «Мыр дауэ, ди ини ди цІыкІуи, Іэщэ зыІыгъыфыр зауэм дгъэкІуащ, нэмыцэр къэсри ди кІуэцІыр къращхыкІащ, иджы ди к ІэтІий ди вакъэ лъэпсу дыкъэна пэтрэ, ди унагъуэбжэр худагъэщІыжыну жаІэ, Сталиным деж лІыкІуэ дгъакІуэмэ, мынэхъыфІу пІэрэ?» «Сыт жыпІэр: уиц къанжэм нахьэсыфынукъым а

зи гугъу пщIым деж, дауэ лIыкIуэ зэрыбгъэкIуэнур?» «Адэ зэманыжьым щыгъуэ, бгъакIуэ хъууэ щытащ зиунагъуэрэ». «Пасэрей зэманымрэ нобэрей зэманымрэ шурэ лъэсрэкъым я зэхуакур».

Абы къыфIамыгъэкIыу лIитIыр зэбгъэдэкIыжырт.

Хъыбар хьэбыршыбырыр фи фIэщ фымыщI, пцIы гъущэщ ар жызыIэу зырыз щыIами, пабжьэм хэлъэдэжащ. КъалэкIыхьым деж къыщыщIэдзауэ гъущI гъуэгу станцу хъуам грузовик машинэ куэд, щхьэ ятелъу, хъумакIуэхэри исыжу, тезу тетщ жаIэу зылъэгъуахэр къыщыувам, итIани зи ф Iэщ мыхъу зырыз ухуэзэрт: «Псори ирашынукъым, нэмыцэм хуэлэжьа закъуэтIакъуэм фIэкIа», – жаIэу. ЦIыхур гуитIщхьитIхъуауэ, хэт жиIэри я фIэщ хъууэ хуежьащи, зэрызохьэ, зэхуогузавэ, хьэдагъэ зэхуокIуэ, кхъэм макIуэри, лIа зимыIэ щыIэ, я мащэм щыщ ятIэ тIэкIу хъуржын сытхэм икIутауэ ягъэтIылъ, щрашкIэ здашэну. Зи дыщ жыжьэ щыIэ цIыхубзхэр мэгузэсэж, си лIахэм я кхъащхьэ салъэIэса дауэ хъуну жаIэу.

ЦIыхум я щхьэ бжьэ еуа хуэдэу, гузэвэгъуэ къалъысат, я тхьэусыхафэр зыхуахьынур ямыщIэу. Умыгузэвэнуи Iэмал иIэт: нэгъабэ Къалмыкъым я щIыналъэм нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр ирахужа нэужь, фронтым и командованэм телеграммэ гъуэзэджэ Къалмыкъ правительствэм къыхуигъэхьат, «фи щ Iыналъэр къэдгъэкъэбзэжащи, фи мылъку зэхэкъутар, икъухьа хъуар зэфIэвгъэувэж, дывохъуэхъу фи Iуэху фIы ирикIуэну» жиIэу. Куэдыщэ дэмыкIыу, я Iуэху фIы хъун дэнэ къэна, е екIуащ: къалмыкъыу хэкум исыр ирашри, бгъуэтмэ къащтэ. Къэрэшей къущхьэри зы бжьыхьэ жэщ закъуэм, щыIаи -щымыIаи жыхуаIэм хуэдэу, хэкум ирашащ, итIанэ, щIымахуэ щIыIэу, шэшэнмышкъышыр абы кIэлъагъэкIуащ. Иджы хэт зи чэзур?

Хэкум и Iэтащхьэм ящIэ зи чэзур, ауэ къыбжаIэркъым, цIыхур щтэнщи, абрэджу къуршым ихьэжмэ, абы езауэ-ебэну дурэшпл Iэрэшым дэсыныр къалъысынущи. Гурыщхъуэ зэращIымкIэ, балъкъэр къущхьэр аращ ирагъэкIынур. Сытк Iэ къапщ Iэрэ жыпIэмэ, къулыкъущIэ активым ящыщу зыкъом къущхьэ къуажэхэм щэхуу ягъэкIуащ, дэнэ деж къущхьэ унагъуэ дапщэ дэсми, нэрыбгэ дапщэ унагъуэ къэс исми, гъуэгухэр сыт хуэдэми, псым лъэмыж телъми, темылъми зэрагъащIэу и пэжып Iэр псынщIэу къахьыну. Абы ищIыIужкIэ, отряд гуэрхэр зэхашащ, бандэу ежьэжIамэ, езэуэну. Грузовик къэкIуа къомыр унагъуэ бжыгъэм тегуэшауэ ипщэкIэ дэкIуейуэрэ аузхэм дэкIуэдащ, унагъуиплIым зы ялъысу. Унагъуэм ис нэрыбгэр куэдмэ, хьэпшыпыр мащ Iэу, нэрыбгэр мащIэмэ, хьэпшыпыр нэхъыбэу – килограмм щитI ым нэс къапщтэ хъунут.

Адыгэр ирашынуми ирамышу къэнэнуми дахэ-дахэу къажезыIэн щы Iэтэкъыми, игъащIэм зигъэадыгэу щытам я лъэпкъым осетинымэ щыуамэ, осетину паспорт къыIахырт, е

къущхьэмэ, къумыкъуу къыщIидзыжи щыIэт. Къалэм дэс журт тIэкIур нэмыцэр къыщыкIуам дыадыгэщ жаIэу фашистхэр къагъэпцIати аргуэру лъапэзэвыпIэ щиувэм, зыкъратIащ «хэт и адыгэ, игъащIэм зы махуэ дыадыгакъым» жаIэу. Арати, хэт сыт хуэдэ паспорт хуейми зэригъэпэщырт, зыхуей лъэпкъыщIэр иту.

Нэхъ дзыхь зрагъэзхэр зэхуашэсри къаущий:

– Ныщхьэбэ жэщыр зэхудипIалъэщ. КъыджиIакъым жывмыIэж, хэкум ирашынур ныжэбэ ирашынущ, фымыбэлэрыгъ, фи бжэр гъэбыдауэ фи унэ фыщIэсыж, гъы макъ ирехъу, кIий макъ ирехъу, фочауэ макъ дыди ирехъу, фи унэм фыкъыщIэкIыу лъэмбытI фымыч, псэ зыIути фи унэ щIэвмыгъэхьэ, щIэвгъэхьамэ – ныщIыхьари щIэзыгъэхьари фызэрагъэхьу фыкъыздэмыкIуэжын фыкIуэнщ, – жаIэу.

Зэхуашэсахэр зэбгрыкIыжмэ – зым и телефон е радио лажьэркъым, уэрамым дэта уэздыгъэ къудейри блэжыркъым. Уи щхьэфэцым зрагъэIэту физ кIий макъхэр жэщыбгым къоIу, сабийри зэщIогъуагэ, сымаджэ, ныкъуэдыкъуэ, жьы, щIэ щыIэкъым – дашыну мурад ящIар даш. Урыс нысэ е осетин нысэ зиIэм йоупщI: «Уи бынунэм уахэсу зыдебгъэшыну, хьэмэ укъанэмэ, нэхъ пфIэфI?!» – жаIэу. Зи бын дезыгъэшу къэнэну зыфIэфI къахэкIыркъым.

Абы нэхъей дунейри пшагъуэ гуэрэнщ.

А жэщым нэху щыху и нэбдзыпэ зыми зэтрилъхьакъым. Нэху зэрыщу цIыхум заудыгъуу уэрамым къыдыхьэмэ, грузовик къому ищхьэмкIэ дэкIуеяхэр къохыж, машинэхэм цIыкIуи ини ихуэр ису, сабийм, цIыхубзым, сымаджэм упщIэжь ятепхъуауэ, я гупхэм фоч зыIыгъ сэлэтхэр тесу, машинэм и ужьым къаруи псэруи къыхуэмынэжауэ мэлыхъуэхьэ джэламэ, абы къыкIэлъыкIуэ машинэм ипIытIын хьэзыру. Станц къэс хэкум ирашыным къыпэплъэу мафIэгухэр тетт, вагонхэр Iэщ зэрызэрашэ защIэу, къулыкъущIэхэм щхьэкIэ пассажирскэу вагон зырызтIурытIи хэтт. МафIэгум итIысхьэнум хьэпшыпу яIэр килограмм щитI-щитI къудейт зэрыхъури, зизылъэфыхь къахэкIмэ, сэлэтхэм къащтэрти я хьэпи, я шыпи, езыхэри вагоным ирагуэрт, псынщIэ-псынщIэу мафIэгур текIын щхьэкIэ.

А жэщым Берие, хьэщIагъэшхуэ кърахыу, Тэрчкъалэ дэст, гупышхуэ яхэсрэ ефэ-ешхэшхуэ хуащIауэ. Езыми, фадэм и гур къигъэжанауэ, и нэр псывэ щIэкIа хуэдэ, къилыдыкIыу, хъыджэбз дахэ дыдэхэр къыбгъэдыхьэрэ шхын къытрагъэувэмэ, е тепщэч нэщIхэр щытрахыжкIэ, и гурыIупсыр къажэу, ныжэбэ си гупэ хэлъынур дэтхэнэрауэ пIэрэ, жиIэу, хьэщэхурыпхъуэм ещхьу зиущэхуауэ, нэбгъузкIэ цIыхубзхэм яхэдэрт, и псэм къыхихыр и пэшым щIригъэшэну.

*Армавир.

ХьэщIэр зыгъэхьэщIэр я хэкум я пашэ Кодоевыр арат, Берие абы и деж и щыпэ къакIуэтэкъым. Нэмыцэр КавказымкIэ къе-IэнкIэ хъуну къыщащIэм, нэгъуджэр къакIуэри зэрызахъумэ-жын линиеу зыкъым иригъэщIар, Ермэлы хьэблэ* деж къы-щыщIэдзауэ Мэздэгу адэкIэ блэкIыу. Уеблэмэ Дагъыстаным я щIыналъэми быдапIэ гуэрхэр щригъэщIат. АрщхьэкIэ нэмыцэр Мэздэгу нэмысу къагъэувыIащ.

Кодоевыр зэщэр Берие ещIэр, езы Берие жыпIэнущи, ари Кодоевым щIыхуейр и гупэ хигъэлъын хъыджэбзкIэ щыгугъыу аркъудейкъым, игу илъри тIуми ящIэ, иджыри зэжрамыIа щхьэкIэ. Аращ бысымым япэ зыкъригъэщу, адыгэ фащэ фэ-илъхьэгъуэ, къамэр, бгырыпхыр, хьэзырхэр дыщэпскIэ лауэ, къыщIритар. Советскэ властыр увагъащIэу лъэпкъ Iэджэ зы республикэу зэгухьати, мазэщ республикэр зэрызэхэтар, щIым щхьэкIэ зэныкъуэкъуушхуэ къаIэтри зэмызэгъыу зэхэкIыжащ, хэкIыр хамыгъэкIыну и ужь ита пэтми, мышкъышхэмрэ осетин-хэмрэ щIыр къемэщIэкIырти, адыгэм зыкъомрэ къедэуащ, арщхьэкIэ зэгурыIуакъым. Иджы хъарзынэу щIым и унафэ щыщIыпхъэ зэман ихуащи, блэбгъэкIмэ, уиIам фIэкIа уимыIэжу утыкум укъинэнщ. Мышкъышыр хэкум ираш, адыгэри мэгузавэ, дэри драшмэ, жаIэри, я щIым къыпыпч щхьэкIэ къозэ-уэнукъым.

ХьэщIэми гукъеуэ гуэр иIэщ: игъащIэм илъагъу мыхъуу щыта и бийм и цIэр Тэрчкъалэм фIащащи, ар и гум техуэркъым, къалэм и цIэр – Орджоникидзе – зэхихмэ, и фэр зокIуэкI. Зыб-жанэ лъандэрэ Кодоевым абы гу лъитащ, арщхьэкIэ Iэмал хуигъуэтыркъым, а цIэр фIезыгъэщар псоми я щхьэжыр аращи.

– Фи къалэр здэщытым деж япэ дыдэ щысар хэт? – жиIэри Берие щIэупщIащ, стIолым бгъэдэсхэм зэхахын хуэдэу.

– Осетин къуажэ щысащ, – жиIэри, щIэныгъэлIу къыщIэ-кIынщ, зыгуэр къэпсэлъащ, – ДзауджикаукIэ еджэу.

– Дзауджикау! ЦIэ хъарзынэщ, къалэр зыщIа къэзакъхэм ягу иримыхьами, – жиIэри Берие гуп зэхэсым я гуапэ ищIащ.

– Арат зэреджэн хуеяри! – жиIэри Кодоевыр занщIэу еувэ-лIащ, хьэщIэр зыхуейр ищIэрти.

– НтIэ, феджэ! – жиIэри Берие къыпыгуфIыкIащ Ко-доевым и фэм дагъэ къыщихуэу.

– УкъыздэIэпыкъу закъуэмэ, нэгъуэщI дыхуейкъым, адрейр дэ зэфIэдгъэкIыжынщ, – жиIэри хьэщIэр зыхуейм кIэ иратащ, къэнэжар езы бысымыр зыхуейрат.

ХьэщIэщым къыпыт абджыпс верандэм пшынэ макъ къы-щыIуащ, зигу къэжанауэ стIолым бгъэдэсхэр тэджурэ зырыз-тIурытIурэ абы кIуащ, Бериерэ Кодоевымрэ фIэкI къэмынэу. А тIур зэбгъэдэсын хуейт, я мурадхэр зэжраIэн щхьэкIэ.

– Севернэ Кавказым и картэ! – жиIэри хьэщIэр щIэупщIащ

бысымыр зыхуей дыдэм.

Кодоевыр здэщысым унафэ ищIащ:

– Картэр!– жиIэри. Асыхьэту къагъэсащ картэри къэрэндащри.

Кодоевым картэр къыIихри хьэщIэм и пащхьэм ирилъхьащ, тепщэч сытхэр лъэныкъуэегъэз ищIри. Зы фужер гуэрхэри стIолым къехуэхри хьэбэсабэу къутати, тхьэм ещIэ зи насып къутар жиIэу бысымым и гум къэкIащ. Зи хэку къутэращ, дауи, зи насып къутэнур.

Берие республикэхэм я гъунапкъэхэм куэдрэ емыплъу, къэрэндащ щIыху бысымым иIыгъыр къыIехри япэщIыкIэ Iуащхьэмахуэ зытетым и хъуреягъкIэ къретхъэкI.

– Мыр Грузием ейуэ зы зэман щытащ, – жеIэри.

Кодоевым ещIэ ар игъащIэм Грузием ейуэ зэрыщымытар, итIани занщIэу арэзы хъуащ:

– Куэд щIат апхуэдэу зэрыщытын хуейрэ.

ХьэщIэр аргуэру картэм еплъурэ гупсысэрт:

– Гъавэ зытефсэн щIы фимыIэу иджыри къэс дауэ фыпсэурэ? – жиIэу щIоупщIэ.

– Допсэу. Дытхъэжу дыпсэурэ? Ди гъунэгъухэм зыIэщIалъхьащ щIыуэ щыIэр. Дэнэ къиипхын?

ХьэщIэм къэрэндащыр трикъузэу хуэсакъыпэурэ зыкъом къритхъэкIащ, бысымым и гур зэгъэн хуэдэу. Кодоевым и гугъэххакъым апхуэдиз я щIым мобы къыпищэну. Гъавэ зытепсэн дэнэ къэна, мэкъупIи хъупIи къолыжу урикъунущ. Асыхьэтым абы игу къэмыкIыжу хъурэт 1918 гъэм зэхуэсауэ щыта Етхуанэрей съездым и делегатхэм я пщампIэр зэрубыду бжьэцым хуэдэу зэрызехьауэ зэрыщытар. Къэбэрдейм зы нэрыбгэм хуэзэу дестынитхум нэблагъэ щIыуэ яIэщ, Америкэм плIырэ ныкъуэрэщ яIэр, Инджылызым щырыщ ирикъуркъым, Испанием яIэр тIурытI, Италием яIэр зырыз фIэкI хъуркъым, къэзакъхэм яIэр плIырыплIым щIегъу, нтIэ, щIыр ди зэхуэдэу советскэ властым игъэуващи, Къэбэрдеймрэ къэзакъхэмрэ къыддэгуэшэн хуейщ жаIэу осетин делегатхэм яукъуэдият. Съездым хэтахэр зэгурымыIуэурэ Деникиным Кавказыр иубыдри псоми кIэ яритат. АрщхьэкIэ Деникиным и Iуэхур къэкъута нэужь, Кавказым ис лъэпкъ цIыкIухэм щIым и Iуэхур аргуэру къаIэтыжащ. 1921 гъэм и гъэмахуэкIэм хуэзэу ЕтIуанэ областной парт конференцыр зэхуэсати, доклад зыщIынум и тезисым хэтт: революцэм щIыр лъэпкъ псоми я зэхуэдэу щытын хуейщ жеIэри, къэбэрдеищIым щыщи къэзакъхэм я щIым щыщи Осетиемрэ Дигориемрэ къыдрат жиIэу.

Ар къэбэрдей делегатхэм ядэнт – ядатэкъым. Иужьым лъэпкъ зырызу Тэрч областым хыхьэу щыта псори зы республикэ щащIым, осетинхэм я гугъат Къэбэрдейр абыкIэ арэзы мыхъуу, я Iэтащхьэр къэуври жиIащ: ди щIыр зэхэвгуашэу

ддэнукъым, залымыгъэкIэ ттефхыну фи гугъэмэ, республикэм дыкъыхокIыжри хэку щхьэхуэу дыкъонэ жиIэри. ЗэрыжаIауи ящIащ.

А лъэхъэнэм Кодоевым къемыхъулIар иджы къехъулIа дэнэ къэна, IэджэкIэ нэхъыбэ къылъысырт. ИтIани Берие и гум илъыр къищIэну щIэупщIащ:

– Мышкъышым къалъысыпхъэр къалъысащ. Къэбэрдейр игъащIэм ди гъунэгъущ. Къуэш егъу нэхърэ гъунэгъуфI...

Берие занщIэу гу лъитащ бысымыр зытегузэвыхьым:

– Умыгузавэ абыхэм щхьэкIэ. Си IэмыщIэм исщ зи гугъу пщIыри... «Iы-Iы» жаIэмэ, яхуэфащэ дыхъунщ.

Хэт и гугъэнт абы хуэдиз насып Кодоевым къехъулIэну?! ИгъащIэм зэ зыр къатеуэм, зэм нэгъуэщI къатеуэурэ дурэшплIэрэшым дахуауэ дэс лъэпкъыр утыкум къохьэ, я щIыналъэм хуэдиз къыхущIагъу. Зызэзупсеяуэ зэзауэ къэралхэм я щIыр яхуэмыхъумэжу яфIокIуэд е хокIуэдапэ, мыбдеж зауи бани хэмыту хэкум зеукъуэдий. Ей, сыту мыхьэнэшхуэ иIэ дипломатием. Иджы дауэ цIыхум ар яжеIа зэрыхъунур? Аращ, моуэ къезгъэжьэнщ: мычэму бэлшэвик партымрэ Совет правительствэмрэ, езы Сталин дыди фIыкIэ къытхуэупсэу зэрыщытыр нэрылъагъу ищIу, Совет правительствэм къэрал мыхьэнэшхуэ зиIэ унафэ къищтащ, Севернэ Осетием зиубгъуа, зиужьа зэрыхъуным теухуауэ. Ди хэкум къыгуагъэхьэ районыщIэ Iэджэ, псалъэм папщIэ: щIы дагъэ къыщIэзыххэм я къалэу Мэлгъэбэг, Мэздэгу районыр, Курп район сыт жыхуэпIэри къыдэкIуэу, ди цIыхур тIукIэ нэхъыбэ хъунущ! ТIукIэ! КъэзылъэфрипщIэнукъым, зылъэфыжри пщIэнукъым жыхуаIэу къэралыр зэрыкъэралу зауэшхуэм хэкIуадэ щыIэми, дэ ди Iыхьэр алыхьым узэрелъэIунщ. Ауэ «районыщIэ» жытIэмэ, дэнэ къитхауэ жытIэну а щIыналъэр? Зыгуэрым имей щIыналъэ зэрыщымыIэр зымыщIэ щыIэкъым. Абы иригузавэу Кодоевым и гур куэдым жати, и жьэм къыжьэдэхуащ:

– Къэбэрдейр мытхьэусыхэну си фIэщ хъуркъым, – жиIэри, арщхьэкIэ Берие абы щхьэкIэ гузавэртэкъым; къыпыгуфIыкIыу къеплъэкIащ:

– Я хэку къиднэжащи, ирегуфIэ. Фэ къыфлъысар фхуэфащэу къыфлъысащ. Фэ къыфхэкIауэ инэрал къудейуэ къащтэ – дапщэ фронтым щыIэ? Сталиным ищIэр ещIэж.

Щытхъупс зи гуапэм дежкIэ жиIэр зэрыгурыхьыр ищIэжырти, и псалъэм нэгъуэщIи къыпищэфынут: дауи щIы, чыристан диным и фIыгъэкIэ хэкур Урысейм нэхъ гъунэгъу хуэхъугъащ, катехизисыр япэ къыдэзыгъэкIар осетинщ. Абы ищIыIужкIэ, япэ еджапIэшхуэхэр къыщызэIуахар Тэрчкъалэщ, военнэ штабышхуэри, училищэ жыпIэми – псори а къалэращ зыдэтар, атIэ мафIэм и гъунэгъу лыр нэхъапэ мажьэ жыхуаIэр арати, еджапIэ зэмылIэужьыгъуэ къомыр зиIахэм щIэныгъи нэхъ

ягъуэтащ. ХьэщIэм зи гугъу ищIынур аратэкъым, абы жиIэнум нимыгъэсу Кодоевым унафэ ищIащ:

– Джэгум нэхъ щIалэхэр хрет, адрейхэм тIысыжыну яжеIэт, – жиIэри. Джэгур ягъэувыIэн щIимыдэр езым ищIэжырт: хэкум ираш шэшэнхэм, мышкъышхэм я гъы макъ, кIий-гуо макъ, узэщIэдэIукIмэ, зэхэпхырт. Фочи мызэ-мытIэу уащ, машинэшхуэ къомым я ву макъыр мащцэм илъми зэхахырт, ар хьэщIэм и тхьэкIумэм къимыIуэн щхьэкIэ, джэгур зэпамыгъэумэ, нэхъыфIу къалъытэрт.

Псори къызэхуэсыжу щхьэж и тIысыпIэм тIысыжа нэужь, Кодоевыр къэтэджащ:

– Фэ джэгум фыхэтыху, ди лъабжьэм заубгъуащ, ди лъапсэм къару игъуэтащ ди хьэщIэ лъапIэм и фIыщIэкIэ, – жиIэри шыхьауэ и шэнтым егъэувэлIауэ щыт картэр иукъуэдийри псоми яригъэлъэгъуащ: – Мис: Мэздэгуи Мэлгъэбэги къиубыду ди хэкум къыхэхъуар...

Кодоевым адэкIэ жиIэнур жрамыгъэIэу Iэгуауэшхуэм зиIэтащ, зыгуэрхэри хьэщIэм ехъуэхъуу къыхэгуоукIыу. Езы Кодоевыр щытщ адэкIэ-мыдэкIэ зигъазэу, хьэщIэм зэригъэзэхуа картэр яригъэлъагъуу. ЗэрыгъэкIийр нэхъ кIащхъэ щыхъум, и нэгъуджэ Iувым IэпэкIэ теIэбэри къыпищащ и макъым зригъэIэтауэ:

– Нэхъ гъэщIэгъуэныжыр вжесIакъым иджыри. Щывгъэти, фыкъэдаIуэт: Iуащхьэмахуэ игъащIэм здэщыта щIыпIэм «икIри» Грузием я деж «кIуащ».

Нэхъеижу цIыхур къызэщIэващ. Кодоевым картэр егъэтIылъыжри фадэбжьэр къеIэт, хьэщIэм щыгуфIыкIыу:

– Нобэ щыщIэдзауэ Европэм нэхъ лъагэ дыдэу итIуащхьитIри Грузием ей хъуащ. Абы мыхьэнэшхуэ иIэ жыпIэмэ, иIэщ: IуащхьитIым зыр Сталиныр арамэ, адрейр Бериещ, а тIур зы щIыналъэм къихъуэн хуеяти, Iуащхьэмахуэр зыхуэфащэ лъэпкъым я щIыналъэм кIуэри иувэжащ...

Залым щIэсым я гуфIэгъуэр яхужымыIэу зэщIокIие.

Фадэбжьэ къаIэтын хуейт, Iэгу уримыгъауэу, армырамэ, я Iэгухэр щIаудыжыну къыщIэкIынт. Абдежым ирихьэлIэу Кодоевым зэрыжиIа дыдэм тету хъыджэбз тхьэ Iухуду Iэпкълъэпкъ дахэр, нэгъуэщI хъыджэбзитIи ибгъу зырызымкIэ щыту, хьэщIэм къыхуэгуфIэу къыбгъэдыхьэри мэз бжэн бжьакъуэ, дыжьынрэ дыщэкIэ гъэщIэрэщIауэ, Берие къыхуишияшц:

– ЦIыхубзхэм мы бжьэр къыпхуагъэфэщащи, сIыпхыну сынолъэIу, – жиIэри. Хъыджэбзым зигъэщэныфIэу, зигъэукIытэхыу, хьэщIэм и нэгум щIэмыплъэфу, щытти, хьэщIэр Iэбэри бжьэр къыIихри ефэну иIупэм щыхуихьым, стIолым бгъэдэси бгъэдэти къызэщIэхъеящ хъуэхъу уэрэд жаIэу:

*Ар здэкIуэм*

Берие ефэ хуэдэу зищI щхьэкIэ, и нитIыр зытенар бжьэр къезыта хъыджэбзыр арат, хъыджэбзым и гъуситIри къузэритын жыхуаIэм хуэдэт, ауэ а тIум я кум дэтыр дахэкIейт, уеплъмэ, уи нэр игъэджылу. Кодоевым жиIа хъуэхъуми хьэщIэр арэзы къищIат, сыту жыпIэмэ, Iуащхьэ лъагит Iу зи гугъу ищIам зыр вождышхуэм ейщи, гурыIуэгъуэщ, адрейр Берие и цIэкIэ цIыхум я гум къинэмэ, зауэм Iут маршалхэми, инэралхэми къалъыса щIыхьым нэхърэ зыкIи нэхъ мащIэкъым. Берие тIысыжри и щIыбагъым къыдэт и къуэдзэм жриIащ «хъунущ» жиIэри. ЖыхуиIэр хъыджэбзыр арат. А псалъэ закъуэм къикIыр Берие и къуэдзэ инэрал Кобуловым ищIэрти, имыгъэгъуэщэну и гум ириубыдауэ адрей инэралхэм къащыгуфIыкIыжащ, «ди Iэтащхьэм цIыхубз и пIалъэ ещIэ» жыхуиIэу. ХьэщIэм и пэр къыпылэлу, и гур къигуфIыкIыу щытщ. Берие и мурадым зыми гу лъимыта хуэдэу Кодоевым зищIа щхьэкIэ, «хьэщIэ лъапIэм» и гум укъимышхыдыкIыу хъурэт, щхьэ ищIащ, «ерэхъу» жиIэ хуэдэу. Иджы хьэщIэм и нэм къыфIэна хъыджэбзыр абы и шулIыгъусэм ягъэгъуэщэнукъым, Iэтащхьэр гъуэлъыжыну пэшым щыщIыхьэжым, а цIыхубз тхьэIухудым пIэр ищIыжу ирихьэлIэнущ.

Къэбэрдейр ирамыгъэкIыу къыщцынэкIэ, я щIым къыпедмыгъэчу Шэшэнымрэ Мышкъышымрэ я щIымкIэ зыдгъэнщIам мынэхъыфIу пIэрэ жиIэу Кодоевым и гум къэкIати, иригухыжащ, зэгуэр Къэбэрдейм я насып къыттекIуауэ щытамэ, иджы ди насып ятекIуэжыпхъэщ жыхуиIэу. Ар абы и гум къэзыгъэкIыжар и пащхьэм къис инэрал щэджащэ Кобуловырат. Къэбэрдейм я пашэу щытар ягъэтIысри Мэзкуу БутырскэкIэ зэджэ тутнакъэщым щIадзауэ щытат. Илъэсрэ ныкъуэкIэ а лIым зиумысыжын имыдэу щысащ, «Сталиным сыхуэвгъази, къызэрызэупщIым и жэуап естынщ» жиIэу. Дапщэрэ захаубэрэжьами, абы къыфIигъэкIыртэкъыми, мо инэралым Iуэхур зыIутыр жраIати, кIуэри камерэм щIэлъадэри еупщIат: «Сталиным ухуэзэну ара узыхуейр?» «Аращ». «НтIэ, мэ, мэ, мэ!» – жиIэри щэ Кобуловыр абы кIэрахъуэкIэ еуэри зэфIэкIащ...

Богдан Захарович Кобуловыр пэрыуэн щымыIэу теутIыпщхьауэ, зыхуейр ищIэу, ищIэр къыхуэгъуу дунейм тетт, езы Берие а и къуэдзэм ищIэр илъагъу пэтми, къэзгъэувыIэнщ жимыIэу. Тхьэм ещIэ, и щэху гуэрхэр модрейм ищIэу, и дзэ ширэ? Кобуловыр, пэжу, щыгъуазэщ Берие 1917 гъэм партым хыхьауэ иригъэтх щхьэкIэ, ар партым щыхыхьар дэнэ къэна, уеблэмэ хыхьэххауэ зэрыт тхылъ дунейм зэрытемытым. А зым урикъуни. Берие и къулыкъум зиIэтыхукIэ Кобуловым и къулыкъуми зиIэтурэ, а тIур къызэдэгъуэгурыкIуащ илъэсIэджэкIэ.

Берие къулыкъущIэкъу бзаджэти, къыпэувыр хьэдэлъэмыж ищIырт. ЦIыху зэтеукIэнкIэ Кобуловри IэкIуэлъакIуэт. Сыт хуэдэ унафи хуэщI, Берие жиIамэ, къыпэщIэхуэм щысхьы-рабгъу хуиIэнукъым. Иджыри мес: Кавказым ис лъэпкъ зыбжа-нэ ирашыну Сталиным унафэ щищIым, ар зыгъэзэщIэну япэ зи цIэ ираIуам Кобуловыр яхэтщ.

ЩIыхэтыр нэхъ щIалэщ, нэхъ жыджэрщ жаIэу аракъым– Берие и щIэгъэкъуэнщ, и Iэпыдзлъэпыдзщ, уеблэмэ цIыхубз гуакIуэ хуэзами, мыр си Iэтащхьэм деж езгъашэрэ и гум жьы дезгъэхумэ, мынэхъыфIу пIэрэ жиIэу..

Кодоевым я гъунэгъу Къэбэрдей-Балъкъэр хэкум и Iэтащхьэр къригъэблэгъа щхьэкIэ, къэмыкIуэххам хуэдэу, зыхамыбжэу, стIол кIапэ дыдэм деж ягъэтIысауэ, екIи фIыкIи псалъэ къыжьэдэмык Iауэ, икIи езыми емыуппщIIауэ щысщ, зэрыфагъуэм нэхърэ нэхъ фагъуэж хъуауэ, и хэкум пача щIыр и гум къыщIитхъыу, цIыхум дауэ я нэгу сыщIэплъэжын жиIэу и щхьэр здихьын имыщIэу, ишхи ирифи щымыIэу, и гур кIуэдыпат. Езыри Берие и Iумэт къомым яхэс щхьэкIэ, зы цIыху «сыту фIыт укъызэрыкIуар» жиIэу къыбгъэдыхьакъым, сэлам къудей къезыхын щыIакъым.

Куэд щIакъым, къущхьэр зыдэс ауз дэнэ къэна, къуажэ е хьэблэ къэс я лIыкIуэ зэхуишэсри я тхьэкIумэр иIуэнтIащ: «Нобэ хуэдэ махуэщ фэ совет властым щIакхъуэ фIыщIэ Iыхьэ къывитурэ фыщIипIари, фыкъызыхэкIам фахыхьэжи, Сталиным и унафэр къэзыкъутэ къахэмыкIыу дахэкIэ здэкIуапхъэм вгъакIуэ», – жиIэу. Псоми къагъэгугъащ: «И адэм емыдэIуэж къуэр къуэ хъунукъым, лъэпкъ псоми ди адэм и унафэр ди унафэщ», – жаIэу.

Къэхъунури къэщIэнури ныжэбэщ. Нэху щымэ, балъкъэр лъэпкъыр ирашауэ нэху дыкъекIынущ. Абы ищIыIужкIэ удэIэбеймэ, Iуащхьэмахуэр уимыIэжу, Джылахъстэнейм и ныкъуэр пачащи, дауэ иджы цIыхум я фIэщ узэрыхъужынур? Аракъэ удэплъеймэ, уэшх къишхэу, укъеплъыхмэ, шхийр къиуэу къэнащ жыхуаIэр?

Фадэмрэ гухэхъуэгъуэмрэ игъэудэфа гуэр къахэгуоукIащ:

– Мэздэгу районымрэ Курп районымрэ адыгэу исыр зэрисым хуэдэу къыдатрэ, хьэмэ адыгэри ягъакIуэрэ Мышкъыш къуажэ тIощIрэ бгъум дэсар здагъакIуэм? – жиIэри.

Кодоевым а псалъэмакъыр фIэфIтэкъыми, кIэщI зищIащ:

– Адыгэр ирагъэкIыркъым. Дэ къыдат къуажэхэм дэсым щыщу сыIэпхъуэнщ жызыIэр хуитщIэпхъуэну...

Модрейри къызэрыкIат:

– МыIэпхъуэ хъужыкъуэмэ, дауэ дызэзэгъыну? ЩIыр зейр тесу...

– ЩIыр совет властыращ зейр! – жиIэу лIы щэджащэу

Кобуловыр къыхэгуоукIым дежк Iэ щеплъэкIым, модрейми инэралым и нэ къитIэтI ыр щилъагъум, къызэщIэплъа пэтми, зиущэхужащ.

Къэбэрдейм я лIыкIуэр зэгуэпрэ зэгуэуд щхьэкIэ, сыт и Iэмал? КъыптекIуэр гугъущ. Кавказ зауэм и зэманым адыгэм хэку къутэр къахуэкIуэри, я щIыналъэм къанэ щIагъуэ щымыIэу зылъэк Iыр псым икIыжати, щI ыналъэр къатекIуам ялъысащ. Кавказ зауэм и ужьк Iэ лIэщIыгъуэ дэк Iри Къэбэрдей хэкум зыкъиужьыж хуэдэу хъуат Къалмыкъ БетIал и фIыгъэкIи, иджы еплъ къыщыщIам: хэкум и щIыналъэр гъунэгъухэм трагуэшэж, иужькIэ ар фIэгъэнапIэ яхуэхъурэ, езыр-езыру зэныкъуэкъуурэ зэфIагъэкIуэдыну ящIми умыщIэу.

Абдежым уэрамым хьэрийкуриишхуэ къыщыхъу хъунти, зэрыгъэкIий макъ къэIуащ. Фочауэ макъи, пулемет уэ макъи къэIуу щызэхахым, унэм щIэсыр зэрыщIэхащ. Къэбэрдейм я Iэтащхьэри – бгъуэтмэ къащтэ.

– Ар и пычыкIэу пачащ ди щIым, – жиIэри Нартыхум и хъыбарым кIэ иритащ. Я тхьэкIумэр тегъэхуауэ къедаIуэ къомыр къызэщIэващ, зэхахар зэрагъэщIэгъуэнур ямыщIэу.

Мэмэт-щIакъуэ къыжьэдэхуащ:

– Дауэ атIэ ар дружбэ зэрыхъунур?

Арщхьэк Iэ адэкIэ жиIэнум намыгъэсу, бжэр къы Iуахри Раисэ Муратовнэ япэ иту, Iэнэзехьэ цIыхубзхэр гъэщIэрэщIауэ къыщIыхьащ, лъагэу Iэта подносышхуэм лы гъэжьар дзасэм зэрыфIэIуам хуэдэу пщыIэ ц IыкIум ещхьу, пщыIэ щ Iагъым спиртовкэр пыгъэнарэ къигъэнэхуу яIыгъыу. Раисэ Муратовнэ иIыгъыр Нартыхум и пащхьэм деж къытригъэувэри зигъэIэдэбу икIуэтыжащ, адрей Iэнэзехьэхэми я подносхэр зыхуэфащэхэм хуагъэуващ.

Къызыхихари сытри умыщIэу зыгуэрым къыхидзащ уэрэд:

*Мэзкуу къалэр псоми ди нэ-ди псэу,*
*Къэрал гъунэм щысми далъоIэс.*

Уэрэдыр Мэмэт-щIакъуэ зыщIэупщIам и жэуапу арагъэнт, арщхьэкIэ зыри къыдежьууатэкъыми, къыхэзыдзами кIэщIу пичыжащ, Iэнэзехьэхэри щ IэкIыжащ, къаз зэкI элъхьэужьу псымкIэ зыгъэзахэм ещхьу, стIолым бгъэдэсхэри аргуэру нэжэгужэ къэхъужауэ зэрогъэдыхьэшх, зоныкъуэкъу. Мэмэт-щIакъуи къотэдж хъуэхъуэну:

– ИIэт, ивгъахъуэт, – жиIэу къыщIидза къудейуэ, Раисэ Муратовнэ, гузэвэгъуэ гуэр зэрыхэхуар нэрылъагъуу, Нартыхум щэхуу зыгуэр къыжре Iэри псынщIэу щI окIыж, абы и ужьым иту Казбек Машевичи зыми псалъэ жримыIэу щIоущыкI…

А махуэм къэхъуа-къэщI ам и гугъу щытщI ыни дихуэнщ, иджы цIыхубз сымаджэщым жэщыбгым деж къэкI уа щI алэр

аращ а къомыр зытежытIыхьари, и хъыбарым зегъэукъуэдиин хуейщ.

Хэт едаIуэми, Ботэх щыцIыкIуам къыщыщ Iэдзауэ нобэр къыздэсым хабзэм пщIэ хуащIу, фIэлIыкI хуаIэу гу лъитакъым, езым хьэлрэ щэну зыхилъхьар нэхъ зытеухуар зылъэкIым и лъэр щIоувэ жиIэу аращи, къеущийIауэ идэркъым. И адэ-анэр къегиину хуежьэмэ, яжьэдигуэжырт «фэ щхьэ фытемытрэ хабзэм?» жиIэу. Улъэщмэ, ухейщ – аращ и хабзэ нэхъыщхьэр, ауэ лъэщ узэрыхъуныр аращ имыщIэр, къулыкъукIэ зыщыгугъын щыIэкъыми, ахъшэ хэкIыпIэ мэлъыхъуэ, ахъшэкIэ лъэкIыныгъэ къигъуэтын и хьисэпу. Ахъшэри хабзэкIэ къыпхуэхьынукъым, Iэмалрэ хьилэрэ хэмылъу. Адыгагъэ, адыгэ хабзэ жыхуаIэри бжэгъукIэ къраудми ищIэркъым, ищIэнуи хуейкъым, игъуэтыр ишхрэ ишхыр имыпшыныжу псэуну аращ зыщIэкъур.

– УкъыщIэджэдар щхьэ убзыщIрэ? ЖыIэ, – жызоIэри тызокъуэзэ.

– Сызыхуэзэн щымыIатэмэ, сыкъэджадэрэт, – аращ жэуапу къыпысхыр.

– И чэзум деж къакIуэ. Иджы жэщыбгщ. КъыбгурыIуа?

– Жэщущ сыщыхуейр. Щыхьэт лъэпкъи хэмыту.

Жэщ хьэщIэм и нэгум ущIэплъэмэ, къапщIэрт зэрыцIыху дыджыр, бэлыхьлажьэр IэщIэщIыхьыну зэрыщытыр, арщхьэкIэ сыщышынэу зыкъезгъэщIэнутэкъым. И Iэпэлъапэ кIэзызым гу щылъыстэм, сэри си гум къэкIащ хьилагъэ гуэр кIэлъызесхьэну. Телефоныр си стIолым тетыххэт, трубкэр къэсIэтри сыпсэлъащ:

– Делэщ отделенэра? ИкIэщIыпIэкIэ къэвгъакIуэт санитархэр... ЦIыхухъущ.

Ботэх къыгуры Iуат зи ужь ситри, къэпIейтеящ, арщхьэкIэ къэгузэвэщауэ фэ зытригъауэртэкъым.

– Уи япэкIэ бгъажэ мывэм урохьэлIэж жаIэу зэхомыхауэ пIэрэ, цIыхубз? Мывэр бгъэжэным и пэкIэ угупсысэмэ, нэхъыфIу арагъэнщ абы къикIыр. Апхуэдэ дыдэу укъызэлъэпауэмэ, сэ сщIэ мыгъуэрэ, ущIегъуэжынкIэ мэхъу. А узэджар си гум ирихьыщэркъым. Нартыхум и гъусэу щакIуэ кIуэхэм сащыщщ. Абы япэ къыпэщIэхуэр гъусэ ищIыркъым...

«Мыр хэту пIэрэ» жысIэу зэзгъэцIыхуну си щхьэ теслъхьакъым, хьэкIэпычу щIалэжь къэзыджэдыхьу щыIэм ящыщ зыуэ арат сэ зэрысщIэр.

– Ухэт уэ, Нартыхум щакIуэ удэкIуэн хуэдэу? – сеупщIащ абы.

– Си къулыкъум укъыщIэупщIэу аращ, дауи. Си анэр уоцIыху, си адэри зымыщIыхуу хэкум исыр зырызыххэщ. Си къулыкъур мыинми, си улахуэр – щыкъункIэ зэджэр – алыхьым узэрелъэIунщ. ЩIыхуэ къэзыщтэм сащыщкъым. Си къулыкъур сфIэмащIэу къысфIэщIмэ, Казбек Машевич жесIэнщи, зэфIэ-

кIащ: мобы хуэдэ къулыкъур жыхуэсIэр къызитынущ. Абы сэ хуэсщIэ Iуэхутхьэбзэм хуэдэ къыхуэзыщIэн дэнэ кърихын? ХъынцIэл хузэфIэк Iыр схузэфIэмыкIми, сэри пэкIэ псы ефэхэм сащыщкъым.

ХъынцIэлкIэ зэджэу цIыхухъум я жьэм жьэдэмыху мэзхъумэм и хъыбар сэри зэхэсхат, арщхьэкIэ езыр сэ сытым сигъэцIыхунт. Зи хъыбар нэхъыбэу зэхэсхари и адэр арат. Абы и адэри игъащIэм мэзхъумэу мэзым щIэтащ, цIыхум яхыхьэяхэкIыу щымыту. Ар «Щхъуэм» и зэманыр арати, хьэщIэшхуэхэр къыкIэлъык Iуэрт, езы «Щхъуэми» щэк Iуэн фIэфIт, хьэщIэшхуэр и гъусэу щакIуэ кIуамэ, IэнэщIу къагъэзэж я хабзэтэкъым, зыхуейм хуэдэ хьэкIэкхъуэкIэр мэзхъумэм къаригъэукIырт. ИкIэм икIэжым езыри абы текIуэдэжащ. «Щхъуэм» и пыIэкур къраудати, мэзхъумэм и пщампIэр яубыдри къыхагъэзыхьащ: «ЖыIэт иджы хьэщIэшхуэ узигъусар бгъэлIэну и ужь узэритар», – жаIэри. Мэзхъумэм пщIыхьэпIэуи и гум къэкIатэкъым абы хуэдэ Iуэху. Езым хабзэшхуэ хэлът, цIыхум щIахэмыхьэри арат, «укъагъапцIэ», «уагъэпудыж» жиIэу, мэзым щIэтрэ хьэкIэкхъуэкIэм якIэлъыплъмэ, нэхъ къайгъэншэу псэун и гугъэу. Иджы игъащIэм и гум къэмыкIар къытралъхьэ. Мэзхъумэм зиумысыжынт, кIэрымылъ зыкIэрилъхьэу? АрщхьэкIэ яIэщIэкIынутэкъыми, зыгуэр къимыгупсысу хъунутэкъым икIи къигупсысащ, я фIэщ хъункъыми, саутIыпщыжынщ жыхуиIэу. Къигупсысари шыпсэм хуэдэу фIэщхъугъуейт. Мырат къигупсысар: «Щхъуэм сигъэIущат, кхъуэпIащэ мэзым щIэтым узыгъэлIэн гын нэхъапэ щIыкIэ едгъэшхрэ иужькIэ хьэщIэм гын зышха кхъуэр къедгъэукIыжу, абы и лым щыщ дгъажьэрэ едгъэшхыжу дгъэлIэну». «НтIэ, дауэ хъуа – къиукIат?» – жиIэри следователыр къеупщIат, мэзхъумэм жиIар и фIэщ хъури. «Хьэуэ, кхъуэр тIэщIэкIри мэзым хыхьэжати, дыгъужьым япэщIэхуэри яшхащ». «Дыгъужьым сыт къащыщIар?» – жиIэу къыщеупщIым, мэзхъумэм дыгъужьыфэ джэдыгу щыгъти, яригъэлъэгъуащ: «Мис, дыгъужь къомыр зэтелIэу сахуэзати, я фэр тесхри джэдыгу езгъэщIауэ зызохьэ».

Дыгъужьибгъур зы джэдыгущ, жаIэу шыпсэм хэту зэхэпхакъэ?..

Мэзхъумэ дадэм ар и кIуэдыкIэу кIуэда пэтми, и къуэри мэзхъумэу ежьэжащи, Нартыхум и IупэфIэгъум ящыщу тхъэжу мэпсэу. КолхозIэщым бжыгъэ иIэщи, хэбгъэщIари хэбгъэхъуари къамыщIэу хъуркъым, къомыгъэщIэнумэ, Iэмал-хьилагъ зехьэн хуейщ. Мэзхъумэм ихъумэн хуей хьэк IэкхъуэкIэм я бжыгъэр зыщ Iэ дунейм теткъым езым фIэкIа, ари хуигъэфащэу. Хэти къыщIэупщIэн, мэзым щIэтри щIэсри зи мылъкур къэралыр аращи, зыми имей пэлъытэщ…

Телефоным зыгуэр къоуэри трубкэр къызощтэ. Сэри сызыхуеиххэр арат. «УщIэс?» жаIэу къызэупщIати, «ы-ы-ы» щы-

жысIэм, телефонкIэ къэпсэлъам трубкэр трелъхьэж, арщхьэкIэ сэ тезмылъхьэу Ботэх зэхызогъэх:

– НтIэ, ординаторскэм…

Трубкэр теслъхьэжрэ жэщ хьэщIэм дежкIэ нэбгъузкIэ сыхуеплъэкIмэ, и фэр покIыр, и пIэми имызэгъэжу зеплъыхь, сэри си мурадыр къызохъулIэ жысIэу, сыкъотэджри бжэр согъэбыдэ, IункIыбзэIухыр си халат жыпым изолъхьэжри, зыхузогъазэ «хьэщIэм»:

– Иджыпсту уахуэзэнщ узыхуэзапхъэм, узыхуэзэну пфIэфIар яхэмытми, ягъэ кIынкъым.

Ботэх сэ жесIар фIэмыIуэху хуэдэу зещI:

– СыщIэгъэкIи, яжезгъэIэ къысщакъуэну джанэм и размерыр.

– Сыт хуэдэ размерри пхуэхъунущ, умыгузавэ...

– Догуэ, делэщыр сэ нэхъ схуэфащэ? Уоджэгури уэ!

– Аллыхь, сымыджэгу. Джэгу хэлъ абы?

– ДахэкIэ сыщIэгъэкI! ДахэкIэ. Къыбгуры Iуа? СыщIомыгъэкIрэ... КъызжиIакъым жумыIэж.

– Алыхь, уэ абыкIэ сумыгъэшынэн. УмыпIащIэ, иджыпсту къэсынущ.

– Хэт уэ абы хуэдэ лъэкIыныгъэ къозытар – лажьи-хъати зимыIэр делэщым щIэбдзэну?

– Си къулыкъум хохьэ, тIасэ, сымаджэр зыхуэзапхъэ хуэзгъэзэну.

– Хъыджэбз сымаджэр къебгъэлыну уи борщти, къебгъэлащ, тхьэм пхудигъэщIэж. Сэ си гугъу щIэпщIын щыIэкъым, уи жагъуэ сщIамэ, къысхуэгъэгъу.

– Уэ уи къалэным и гугъу пщIыркъыми. Хъыджэбз цIыкIу къэбгъапцIэрэ бгъэунэхъуну ара уи къалэныр? Догуэ, ар лIамэ, сытыт пщIэжынур? Мы уздэщытым деж ущытыну пIэрэт? Аллыхь, укъыздикIам нэхърэ нэхъ жыжьэж уамыгъакIуэтэмэ. Хъыджэбзыр къезыгъэлам щхьэщэ яхуэпщIыным и пIэкIэ жэщыбгым сымаджэщым укъакIуэу... Напэ уи Iэкъэ?..

Ботэх къэгузэвэпащ:

– Уа, цIыхубз, щхьэщи тхьэм пхузигъэщI, мысыхьэткIэ си гугъу къыумыщI. Уэри ущIегъуэжынщ...

– УмыпIащIэ, иджыпсту къэсынущ... – жызоIэри стIолым телъ тхылъымпIэ къомыр зэIызощIэ, хьэщIэм семыплъ хуэдэу.

Ботэх мащIэ-мащIэурэ щхьэгъубжэмкIэ кIуатэри, зэ лъэгъуэм щхьэгъубжэр зэIуидзри дэлъащ. Пэшыр зыхэтыр езанэ этажыр арати, щхьэгъубжащхьэм укъелъэныр зыми щыщтэ-къым. СыкIэлъыплъурэ, напIэзыпIэм кIыфIым хэкIуэдэжащ.

ЩIалэр зылъыхъуар, дауи, запискэ тIэкIурщ. Тхьэм ещIэ, и анэм къигъэкIуа: кIуэи, къегъэгъуэтыжи, къеIыхыж зыгуэрым IэщIэмыхьэ щIыкIэ жиIэу. Арат Ботэх «щыхьэти» щIыхуэмеяр, арщхьэкIэ къехъулIакъым.

«Шепетовкэ» сыкъикIыжащ жиIэу и ныбжьэгъухэм Ботэх къазэрыхыхьэжрэ куэди щIакъым. IэнатIэ гуэр Iууви, лажьэ жаIэу унафэ къыхуащIа щхьэкIэ, къикIа щыIэкъым, ауэ Iуэхун-шэуи къэплъытэ хъунукъым, адэкIэ-мыдэкIэ щыпэщащэу уолъагъу. Сытым дихьэхауэ пIэрэ, жыпIэмэ, «Золотой теленок-кIэ» зэджэ тхылъым къытригъазэ-нытригъазэу йоджэр, къурIэ-ным ещхьу. Остап Бендер и дуней тетыкIар и псэм хэлъщи, абы зригъэщхьу Iэмалуи хьилэуи къыхуэгупсысын къигъанэркъым. «Уи IэщIагъэр сыт?» – жаIэрэ зыгуэр къеупщIамэ, и жэуапыр занщIэу къыуитынукъым, нэхъапэ щIыкIэ езыр къоупщI: «Уэ къэбуха факультетыр сыт хуэдэ?» – жеIэри. Къэбухар зыхуэдэр жепIэ щхьэкIи мыхьэнэ иIэкъым, къыбжиIэнукъым и IэщIагъэр, сыменеджерщ жиIэнщи, зэфIэкIащ, сэ схуэдэу къэралым ира-гъэджауэ исыр лIиблщ, а блым ебланэр сэращ жиIэнщи, упы-кIащ, менеджмент жыхуаIэр зыщIэ иджыри къэс хуэзакъым, ауэ колхоз тхьэмадэу ХъынцIэл къыдэIэпыкъуурэ институт къиухауэ диплом зи пхъуантэм дэлъым яхуэзэмэ, жыжьэу гъуанэ къыдигъэплъыркъым, щIэныгъэкIи Iэмал-хьилагъкIи ятокIуэри. Уголовнэ кодекс жыпIэнущи, гукIэ ещIэ, езым зэхилъхьа хуэдэу, зыгуэркIэ следователь и ужьым къихьэмэ, хейуэ зэрыхэкIын гъуэгу къегъуэтыф, следователым и Iуэхур фIызэхегъэзэрыхьри.

Уи гъавэр бэву укъикIыну ухуеймэ, Ботэх и дежт уздэкIуэ-нур, ар хэлIыфIыхьмэ, езы алыхьыр хэлIыфIыхьа хуэдэт, бэвагъкIэ къыплъэщIыхьэн щымыIэу уищIыфынущ, уеблэмэ нэхъ гъавэшхуэ къытезыхам утекIуэу. ЗэрищIри дауэ? Псалъэм папщIэ, нартыхур элеваторым яшауэ ират, нэхъапэ щIыкIэ лаборантхэм пробэр хахын хуейщи, абы нимыгъэсу Ботэх лабо-раторэм яфIыщIохьэ, щыщIыхьэм деж зыгуэрым имыгъакIуэ хуэдэу зехъунщIэ, бжэр къызэрыIуихыу:

– СощIэ, сощIэ, си къуэш, ущIыхьэ зэрымыхъунур, си лъапэ щIэсчэнурэ къэзгъэзэжынущ. – Бжэр хуещIри хъыджэбзхэм захуегъазэ. – Мы тхьэIухуд цIыкIухэр умылъагъуу дауэ бгъэ-зэжын? Уэлэхьи, къемызэгъ. Сыфызкъэмышэщ сэ. ФыщIэгъуэ-тыхьынщ мыбы, фыкъамылъагъуурэ, зэ уэрамым фыныдыхьэ, цIыхум зыкъевгъэлъагъу. – Ботэх и псэлъэн щимыгъэтурэ, лабо-ранткэхэм кIэнфет коробкэхэр ярет, дыху абджи зыхуигъэфащэм и стIол къыдэгъэжым делъхьэ, е IэлъэщI дахэ цIыкIу и дамэм трепхъуэ. – Насыпыншэкъэ мы тхьэIухудхэр зымылъагъуу фыз къэзышэр, «фыщIэмыхьэ» жаIэу аращ къытпэувыр къыщIыт-пэувыр – дагъэлъагъунукъым мы дахэ цIыкIухэр. НтIэ къезэгърэ ар? Уэлэхьи, къемызэгъ.

ЦIыхубзхэр зэрыгъэкIий щхьэкIэ къимыгъанэу, жиIэну зыхуейр яжреIэри къыщIокIыж, итIанэ я нартыхум и чэзу

къызэрысу аргуэру лаборанткэхэм яхолъадэ:

– Ей, си тхьэIухуд цIыкIу, мы гъэм ди дежкIэ уэгъуащ, зэ уэшх къешхамэ, согъэпцI. Ди нартыхур гъуа жыпIэмэ, уэлэхьи, кIуап Iи-жапIи имыIэжу гъуам. Нобэ щхьэлым шэ – пхьэж хъунущ. НтIэ, фыхуэсакъыт, зэрымыцIынэр фолъагъу, анализ жыхуэпIэр зыми щыщкъым. Фи нэ дахэ цIыкIухэм нэхъыфIу ялъагъу приборым нэхърэ. ГущIэгъу тIэкIуи къысхуэфщI: жэщитI-махуитI мэхъури, дишри диври псы емыфауэ, едгъэшхыни димыIэ мыгъуэу Iисраф дохъу… Псыуэ щIэтыр процент плIыщI хъууи?! Хъуну Iэмал зимыIэщ, фыкъаплъэ, лъэгуажьэмыщхьэу сыувауэ сыволъэIур. Фэ фхуэдэ дахэр гущIэгъуншэуи?..

Лаборанткэми и ныкъуэр кIэрегъэху. Ботэх зыхуеяр аращи, «гъавэ бэв» къытезыха тхьэмадэр цIэрыIуэ мэхъу, и сурэтыр адэкIэ-мыдэкIэ фIэлъу уолъагъу. Езы Ботэхи Iыхьэншэу къанэркъым: гъавэкIэ игъэгуфIам ахъшэкIэ къагъэгуфIэж. ЛымкIи планыр зыхуэмыгъэзащIэми ядэIэпыкъуфырт, зэгурыIуэ закъуэмэ. Ауэ лым деж кIэнфеткIэ е дыху абджкIэ узыгурыIуэн щыIэтэкъым, дэнэкIи зыгъазэ – цIыхухъущи, зыхуей яIурыдзэн хуейщ, ептынур зыхуэдизыр жыпIэмэ, уасэ гуэр иIэщи, ет: апэсым лы килограмм къыпокIуэри, «егъэIусэ апэсыщ» жыхуаIэм хуэдэщ, уэ узыхуэчэмыр уощIэжри къэгъэтIылъ. ЛъапIэщ жыпIи хъунукъым, зэтын хуейр куэд мэхъури. Iэщ щаукI цехым къыщыщIэдзауэ, зышэч, холодильникым езыгъашэ, зыгъэтIылъ – Iэджэ мэхъури, псоми яхуэфащэ ялъыгъэс: жэмым къишэчыр джэдым къишэчым хуэдиз фIэкIа мыхъууи ящIыфынущ, танэм къишэчыр гуум къишэчым нэхърэ нэхъыбэ ящIынуми яхузэфIокI, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, сыт хуэдэ Iэщи къащтэ, къишэчыр аракъым зытращIыхьыр, яIэщIэбгуа ахъшэр зыхуэдизыр аращ.

Гъэшым и Iуэхур нэхъ тыншщ, жэмышу фермэм тет цIыхубзхэр е зэнысэгъущ, е зэшыпхъущ, е зэунэкъуэщщи, колхоз тхьэмадэр къокIуэри унафэ ещI хэт и жэмхэм нэхъ шэ нэхъыбэ къащIишын хуейми, абы хуэдэу Iэтащхьэр нэфIкIэ зэплъа цIыхубзым етын хуейщ шэ шынакъ махуэ къэс уи жэмхэм къыщIэпшым щыщ, а цIыхубзыр нэхъапэ щIыкIэ «Доска почетым» къытехуэу, абы и гугъу газетхэми ятхын щхьэкIэ. Корреспондент сыт къакIуэмэ, абы хуэдэ «лэжьакIуэшхуэм» жиIэнур хьэзырщ: жэмым ебгъэшхар къыщIыбошыж. Зыбжанэ дэкIрэ депутату хахмэ, «маяк» хъумэ, хуэпщIар къыпхуищIэжынщ: щIапIэ ухуеймэ, щIапIэ къуригъэтынщ, уи сабий детсадым бгъэкIуэну ухуеймэ, пхущIигъэтIысхьэнщ, е сымаджэ уиIэу угузавэмэ, къыбдэIэпыкъунщ.

Ботэх гъэшым и унафэр бетэмалу зэфIегъэкI: лаборанткэхэм якIэщIолъадэри едэхащIэурэ, еубзэурэ я стIол къыдэгъэжхэм цIыхубзхэр зыхуей гуэр дедзэри шэм и Iувагъыр тIукIэ нэхъыбэу ирегъэтх, шэр Iувмэ, птари нэхъыбэ мэхъури уи планыр узэры-

хуей дыдэу къокI. Колхозым дежкIэ ар сытым и уасэ? Тхьэмадэр цIэрыIуэ мэхъу, и хозяйствэри аращ – хэт къэпсалъэми, «фыдэ-плъей» жи Iэу щытхъупсыр кърагъэжэх, атIэ щытхъупсым хэт итхьэла?

Ботэх менеджер жыхуиIэр зыщIэ хуэмызами, зэфIэгъэкIышхуэ зэриIэр къащIауэ, зи Iуэху къызэмыхъулIэр абы и деж къакIуэурэ пыIэщхьэрыхкIэ къелъэIурт, щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъуи къафIэщIырт. Езыми нэхъ зригъэлъэIум и гуапэу, щхьэусыгъуэ гуэрхэр къигупсысырти, яIэщI экIын хуэдэу зищIырт. Пэжу жыпIэмэ, лаборанткэхэм еубзэныр фIэф Iыжтэкъым, и щхьэми трилъхьэжыртэкъым, нэхъ хэк IыпIэфI къигъуэтауэ.

Дэнэт иджы ар? «Автосервис» жыхуаIэр аращ. Абы запчасту яIэр дыщэ ахъшэ пщIы хъунущ, щIэлъри щIэсри зыхуэдизыр абы тетым дэнэ къэна, бегъымбарым хуэлъытэнукъым. Мо земыкIуэжу губгъуэм къинауэ ит машинэжь къомыр зэпкърыхи телъхьэ, теплъхьам и пIэкIэ мо щIэрыпсу заводым къикIар узыхуейм ещэ, къыщI эпхыр ууейщ. Гъавэр щыIуахыжым деж поршневой палец щхьэкIэ агрегатыр къэувыIамэ, а гъущI тIэк Iум ишэч ахъшэм хуэдиз къыуатынущ.

«Автосервисым» тетыр фадафэщи, птулъкIэ гуэркIэ ухэмызэгъэну Iэмал иIэкъым, иджы ар хэгъэрей щIа зэрыхъунур арат Ботэх зэгупсысыр. «Къэзыхьри пщIэнукъым», – жиIэу арат Ботэх и псэлъафэр. Дуней зытетри аращ. ПэжкIэ псэуа хъуну къызыфIэщIым Ботэх яхэтакъым икIи яхэткъым. Пэжыр кIэлошым ещхьщ: щIэмэ –зыбохьэ, жьы хъуамэ – хыфIыбодзэж. Ауэ, пэжыр тенджызыщIэм щIэлъми, зэгуэр къыдэуеижынуи жаIэ, арщхьэкIэ ар къыдэуеижыху, Iэджэ къэхъунщ жиIэу арт Ботэх зытет принципыр.

Зэзэмызи Ботэх егупсысырт, ярэби, мо къызэрыгъапщIэ къомыр Нартыхум имылъагъуу пIэрэ жиIэу. И адэм и гъусэу зэгуэр щакIуэ кIуауэ зэрыщытарэ илъэс тIощI хъуащ, итIани щыгъупщакъым Нартыху Къазбэч щыхьыр фIигъэжауэ зэрыщытар. Езы Нартыхуми пцIыр жагъуэу илъагъуу къыщ IэкIынкъым. Имылъагъу хуэдэу зыщищIкIэ, абы нэхъ хуихьырт, пцIым лъакъуэ щIэмыту жаIэ щхьэкIэ, ушэсмэ, пэж лъахъэ зэрылъым утежынкIэ мэхъу, ар Казбек Машевич имыщIэу щытамэ, заповедник мэзым кIуэуэ щыщакIуэрэт, лъэкIыныгъэ зиIэм пцIыр пэж ещ Iыф, армыратэмэ, иджыри къэс иIыгъ бжьыпэр хуэIыгъэрэт, пцIыр IэфI къыпIурыхъуэмэ, пэжри уи гум ирихьыжынукъым, уи нэм къыщIэуэнкIи мэхъу...

Бжэм зыгуэр къеIащ, сэри бжэм IункIыбзэ естауэ зэрыщытар сщыгъупщэжат. КъыIусхмэ, медсестра дежурнэр солъагъу.

– Уи бжэр бгъэбыдаи?

– ТIэкIу зызгъэукIуриин си гугъат, – жысIэри си мыхабзэх-

хэр жысIащ.

Куэд дэмыкIыу нэху щащ. Пщэдджыжьым жьыуэ Камизэхэ я нысэр къызэрысу Тамарэ тхьэмыщкIэм ешхыдащ, си Iизынын-шэу хэт уэ лэжьапIэм уIузыгъэувар жиIэри. ЩIешхыдэн лъэпкъи щыIакъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ар си зэрану зэры-щытыр тэмэму ещIэ, ауэ хьэм и губжь кхъуэм хуехь жыхуаIэр арати, сэ къысфIэнэн къызимыкуу, лажьэ зимыIэр къыпэщIэ-хуати, щыхьащ.

– Хэт мы отделенэм и тетыр – сэра хьэмэ нэгъуэщI зыгуэр? – жиIэу кIий-гуоурти, си псалъэ пэздзыжащ:

– Уэращ, тIысэ. Уэращ. Абы хуэдиз сабэ домыпхъей. Врач нэхъыщхьэм и унафэ хэлъщ зи гугъу пщIым. Уи фIэщ мыхъумэ, зэгъусэу дыгъакIуи дегъэупщI.

– Сыт дыщIэкIуэнур дызэгъусэу?

Камизэхэ я нысэр къэгубжьауэ къэкIуа хъунти, асыхьэтым и къытехьэр темыкIыжауэ ущIепсэлъэн щыIэтэкъым, сэри абы къыфIэзгъэкIакъым. Махуэр къэхъукъащIэ мыхьэнэ зиIэ щымы-Iэу екIуэкIауэ, пщыхьэщхьэм псори зэгъэжа и ужь, Сэлимэ дежкIэ сыщIыхьащ. Си пщIыхьэпIэм къыхэхуатэкъым абы Ботэх къыхуэзауэ, езыри нэхъ нэщхъыфIэ цIыкIу хъуауэ хэльти, си гум къэкIащ, зэгурымыIуауэ пIэрэ яшэну жысIэри, арщхьэкIэ ар ущIэмыупщIэмэ нэхъыфIым ящыщти, сетIысэхащ:

– Сытым дежыт Дэфэрэдж и хъыбарыр щызэпытчар? – жысIэри.

– Хым и къуэ цIыкIум деж.

– Тэмэм. Хъарзынэу гурыхуэ ухъужащ. Щи, къедаIуэ адэкIэ...

* * *

Къетау хуит ищIыжа гъукIэм щIапIэ ирата нэужь, унэ хъарзыни хуащIащ, и кIыщцыр уэрамым тету, нэгъуэщI псэуалъи хузэрагъэпэщауэ, махуэ псом сыджыр мэву. Езы Хьэкурынэу плъагъум физи быни игъуэтащи, дуней насыпыр къеуэлIа къыщохъуж. Унащхьэр яIэта къудейт, и унэгуащэмрэ Лlыгъур цIыкIурэ ятIэ зэхаутэу, унэр ятIэ зэрахьэу щыщIадзам, нэры-лъагъут фызыр физ зэрыхъунур, уигъэунэну зэрыпIэцIеижыр. Дэфэрэдж зытеса шыр яIэжауэ щытатэмэ, мэзи ирикIуэнт, арщхьэкIэ Къетау «уасэншэу хъунукъым» жиIэри шыр шэщым иригъэшащ.

Хьэкурынэ шэдыбжь, сыдж, псылъэ, Iэдэ-уадэ жыпIэми зэрыфIэфI дыдэм хуэдэу игъэуващ, игъэтIылъащ, кIыщ бжэIупэм дежи шы дэувапIэ щищIащ, шым нал щыщIилъхьэну, мывэ щхьэли игъэтIылъащ, гу шэрхъым шинэ трикъуэну. Мэзым кIуэри фIамыщI игъэсащ. И жьэгу

зэщIэгъэнащи, щIэтщ мэлъащэри. ЛIыгъур цIыкIуи кIыщым къыщIэкIыркъым. Дадэ гъущI гъэплъар мафIэм къыхипхъуэтурэ сыджым трелъхьэ, тIэу-щэ фIэкIа емыуэу, гъущIым мафIэр къыпылъэлъу, и кIапэ лъэныкъуэр IэдэкIэ иIыгъыу, зэм нал ещI, зэм гъубжэ, зэми лъахъш е къитхъыдзэ. «Iэхъулъэхъу схуэщI» жиIэу лIыубыд къыщыкIуи щыIэщ. Сыт ищIми хьэзыр хъуар Iэнлъэшхуэ, псы изу, щытщи, бахъэр къыдрихуейуэ хедзэ. ЛIыгъур цIыкIу зэплъу илъагъур фIэгъэщIэгъуэнщ, езыри сэ жан е IункIыбзэ сытхэм епэщэщу щыдихьэх куэдрэ къохъу.

Хьэкурынэ имыщIыф щыIэкъым: пэрыIэбэ, дзасэ, шыуан тегъэувапIэ, джатэ, сэшхуэ, къамэ, шы лъэрыгъ – сыт ухуейми укъигъэщIэхъунукъым, псом нэхърэ нэхъ зэлIалIэр сыт жыпIэмэ – фоч, фокIэщI къутар ещIыжыф. КIыщым ущIыхьэмэ, умылъагъуну Iэмал имыIэу блыным фIэлъщ афэ джанэ, хывыфэм къыхэщIыкIауэ, кIыщым къыщIыхьаIарэ афэ джанэм къыщIэупщIэмэ, хъыбар удэзыхьэх иIэщи, ар яжреIэ. ГъукIэм IуэрыIуэтэжу зэхихащ хъыбарыр. Афэ джанэр зейр, ижькIэ уIэбэмэ, мамлюккIэ зэджэу щыта гуэрщ, уеблэмэ мамлюкыпщу цIэрыIуэт, и цIэр Бейбарст, дзэшхуэ зэхуишэсауэ щытыгъащ, езыр лIыгъэ зыхэлът.

Бейбарсыр къэзылъхуар адыгэт, цIыкIуу лIыубыдым япэщIэхуэри Мысырым яшэри лIы гуэрым иращауэ, ин хъущ, лIыпIэ иувэри, гу къылъатащ, лIы пхъашэу лIыгъэшхуэ зыхэлъ зэрыхъунум. Езыри мамлюкым куэдрэ яхэмыту, дзэпщу щыхахым, сулътIан дыдэр къыф IэлIыкI хъуащ. Зэгуэр Бейбарсыр къэуващ: дэ пащтыхьыгъуэр дохъумэ, уанэгум дис защIэу гъащIэр идохьэкI, ди сабий дахэсу ди унэ дисыж хъуркъым, итIани дызыхуит щыIэкъым, гульыти къытхуащIыркъым, ди быныр джанэншэу уэрамым дэтщ, хабзэм щхьэ зедмытрэ, къэралым хэхъуапIэ зимыIэ щыIэкъым, дэ бийм дытекIуэмэ, къытетхар диIэщ, дытемыкIуэмэ, ди быныр зеиншэу къонэ жиIэу.

А лъэхъэнэм Мысыр къэралым пащтыхьу тетыр Мустафэт, и ныбжьыр хэкIуэта пэтми, зигъэткIийрт, фIыкIэ къыпыпхын щымыIэу, и фызыр щIалэти, дзыхь щIагъуэ хуимыщIу кIэлъыплът. Зэгуэр Бейбарсу дзэпщышхуэр къэралым къатеуа дзэм ятекIуэри къагъэзэжати, пащтыхьым тхьэлъэIу ин ищIащ Бейбарс и саулыкъукIэ.

ТхьэлъэIушхуэм щыкIуэм, нэхъапэ щIыкIэ мамлюк дзэпщхэр Бейбарс я пашэу зэгурыIуащ пащтыхьыр яукIыу пащтыхьыгъуэр Бейбарс иубыдыну. Бий зытекIуам къытрахауэ хъыджэбз тхьэIухуд защIэу зыкъом пащтыхьым и деж ирагъэшати, тхьэлъэIушхуэр екIуэкIыу Бейбарс сулътIаным бгъэдыхьэри елъэIуащ:

– Зиусхьэн, ди къару дэкIам пщIэшхуэ хуэпщIауэ къэтлъы-

тэнт, мо тхьэIухудхэм ящыщ зы нэхъ мыхъуми къытхуэбгъэфэщатэмэ, – жиIэри.

– Хэди, къыхэх, Бейбарс, – пащтыхьыр арэзы щыхъум, Бейбарс фIыщIэшхуэ хуищI хуэдэу, пащтыхьым бгъэдыхьэри Iэм ба хуищIати, мамлюкхэр ежэри пащтыхьыр и тахътэм зэрытесу, и щхьэр пагъэлъэташ, абы и хъумакIуэ бэлэрыгъахэри яIэщIэкIакъым.

А махуэм Бейбарс пащтыхьу Мысыр къэралым щыувати, куэдрэ щыхьэр къалэм дэмысу, дзэ иришажьэри ежьащ, ЩамкIэ зэджэ къэралым дзэ къытеуэрэ зэрапхъуэу къаIуэхуати. Щамым къатеуа дзэри зэтриIущIауэ Бейбарс къыщигъэзэжым, къалэм къызэрыдыхьэжу, куэбжэшхуэ Баб Ан-Нэср фIащауэ хуащIати, куэбжэ дахэмкIэ къыдыхьэжащ. ТекIуэныгъэм и куэбжэ – арат хьэрыпыбзэкIэ абы зэреджэр. Езы Бейбарс куэбжэмкIэ къыщыдыхьэжым къепхъыхыу дыщэ ахъшэ къытрапхъат, апхуэдизкIэ лIыгъэ зэрихьам пщIэшхуэ хуащIати. Хьэкурынэм зэрыжиIэмкIэ, кIыщым фIэлъ афэ джанэр Бейбарс и щIэинщи, къыуищэнукъым, сыт ептами.

ЛIыгъур цIыкIуи зричащ, Iэпыдзлъэпыдз хъарзынэщ, Хьэкурынэ фIамыщI игъэсыну мэзым кIуэмэ, гъусэу щIалэ цIыкIур здешэ. Пхъэ куэд паупщIрэ мафIэшхуэ ящIмэ, щIалэ цIыкIум мафIэм и хъуреягъкIэ къежыхь, мэзым пхъэ гъур къыщIелъэф, мафIэм тредзэ. Дади жыгей пхъэшхуэхэр къыщIелъэф, пхъэр имысыпэ щIыкIэ щIетIэжри, тIэкIу дэкIмэ, къыщIехыжри фIамыщI фIыщIэшхуэхэр зэхуехьэсри матэшхуэм из ещI. ЛIыгъур цIыкIуи хъарзынэу сэбэп мэхъур, зэм фIамыщI къыхещыпыкI, зэм псыхьэ макIуэ.

ГъукIэм фIамыщIыр тIууэ зэхедз, нэхъыфI дыдэр щхьэхуэу егъэтIылъ, матэм илъу адрейр тажьджэм из ищIауэ кIыщым щIегъэувэ, жьэгум пэмыжыжьэу.

Хьэкурынэ лъащэу кIыщым щIэт зэпыткъым, иныкъуэм и шыуанышхуэр мывищым трегъэувэри ежьащхъуэ зэхуихьэсар егъавэ. Ежьащхъуэ къыхуэзыши щыIэщ, хьэмфIанэ, кхъуэхьэнцэ, бел сыт хуищIамэ, абы къыпэкIуэу. Шыуанышхуэм изу ита псыр ивыкIыху егъавэри шыуанышIэм гъуабжафэу кIэнтхъ тIэкIу къонэ. А кIэнтхъ тIэкIуращ гъукIэр зыхуейри, хъыданым кIуэцIылъу егъэгъущ, абы жыгей фIамыщI ущэба хекIутэ, бдзащхъуэ хелъхьэжри фоч гыныр хьэзырщ, бгъэгъущыжа нэужь, узэд уи фочри, гъауэ.

ЛIыгъур цIыкIуи гу лъитащ: дадэ фоч гын зэхилъхьа и ужькIэ, фокIэщIыр афэ джанэр зыфIэлъым деж фIэлъщи, къыфIехри егъауэ, фоч гыныр хъуарэ мыхъуарэ зэхигъэкIын щхьэкIэ. ФокIэщIыр щагъэуэнум деж ЛIыгъур и ныбжьэгъуу хьэблэм дэсыр зэхуешэс, фоч гын щызэхащIэм езыри сэбэп зэрыхъуар яригъэщIэну. Арыншами гъукIэм цIыхуу къыкIэлъыкIуэр кIуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу, гъукIэ Iэзэу и цIэр Iуащи.

И Iэдакъэм къыщIэкIар Хьэкурынэ ХьэтIрэмтIыгу е Хьэ-фIыцIей нэс ишэрти ищэрт, е езыр нэхъ зыхуейкIэ къихъуэ-жырт, и фызым имыдэ щхьэк Iэ къимыгъанэу. Дэнэ кIуэми, мылъхукъуэ цIыкIур здишэрти, тенджызым тет кхъухь нэгъунэ иригъэлъагъурт, езы цIык Iури щтэIэщтаблэу хы толъкъуным еплъырт, зэгуэр гущтэ иригъэщIати, е бэзэрым тетмэ, цIыху ящэ-къащэхухэм фIэгуэныхьу еплъырт.

Ауэрэ, нэм илъагъур Iэм ещIэ жыхуаIэр арати, ЛIыгъур цIык Iуи IэщIагъэм йосэ, I эпщIэлъапщIи мэхъу. Езыр-езыру сэ ещIыф, «нал щIы» жаIэмэ, ари хузэфIэкIынущ, уеблэмэ фокIэщI къута къахьмэ, ищIыжыфынущ, лэгъуп гъуанэ хъуауэ къахьмэ, апхуэдизкIэ IэкIуэлъакIуэу ещIыжыфри, телъхьэ зытриIулIам деж псы къыдэжыркъым.

– I эзэм игъэсар къытекI уэжмэ, мис аращ Iэзэ хъужыр, – жиI эу Хьэкурынэ, и мылъхукъуэм ищIар кIыщым къакIуэм яригъэлъагъуу, мэгуфIэ.

Езы ЛIыгъури, IэщIагъэм дихьэхащи, и ныбжьэгъу цIыкIу-хэм яхэту къижыхьыжыркъым. Зэзэмызэ махуэшхуэ гуэр къэ-хъуарэ ТхьэщIагъыжькI э зэджэ жыгей мэзым кIуэмэ, е и адэр зыщIыпIэ яшэмэ, кIыщым къыщIэмык Iыу щIэтщ мэлъащэри. Тырку фоч ирехъу, урыс фочи ирехъу, инджылыз фокIэщIи къыхуэхь – псоми хещIык I, фочыку закъуэ фIэкIа къэмынами, зэрыщытам нэхърэ мынэхъ Iейуэ зэрегъэпэщыж.

ЩIалэ цIыкIумрэ и дадэмрэ апхуэдизкIэ зэсат, я гур зэкIэ-рыпщIати, ЛIыгъур цIыкIурэ Хьэкурынэмрэ зэадэзэкъуэу фIэ-кIа пщIэнутэкъым, езы щIалэ цIыкIуми арат и гугъэр. И анэми шхын игъэхьэзырамэ, бжэщхьэIум къытеувауэ къаджэрт:

– Зэадэзэкъуэм фышхэн фи гугъэкъэ нобэ? ФыкъакIуэ, мэупщIыIуж.

И анэ дыдэр щI алэ цIык Iум ешхыдэмэ, модрейр къыщхьэ-щыжт, «и гугъу умыщI, абы хуэдэ сабий тхьэм къузэритын» жиI эу. И анэм ар и гуапэ пэтми, шхыдэ нэпцI зищIырт: «Ин хъурэ, къомыдэIуэжмэ, ущIегъуэжынщ», – жиIэу. Зэзэмызи и гур гузавэрт, щIалэм лIыр зэримыадэр къищIэмэ, дауэ хъуну, мынэхъыф Iу пIэрэ цIыкI у щIыкI э и пэжыпIэр гурыдгъаIуэмэ жиIэу.

Гур зэрыгъум дыгъур кърокIуэ жыхуа Iэм хуэдэуи хъуащ. Зэгуэр шы къарэ лъакъуэхум тесу зы шу бэлэбанэ кIыщым деж щепсыхащ. ЛIыгъур цIыкI у ар щилъагъум, хабзэшхуэ зыхи-гъэлъу жэри, хьэщIэм шыр къыIихри шы фIэдзапIэм ирипхащ. Шым къепсыхар щ Iалэ цIыкI ум къыщытхъуащ, «хэт урей?» жиIэу къыщеупщIым, «Хьэкурынэ» жиIэри шым псы къыхуи-хьыну жащ.

ХьэщIэр къибыргъукIыурэ к Iыщым щI ыхьащ:

– Пэжу пIэрэ зы гъукI эр гъукIит I хъуауэ жаI эри? Лъэпщ

и закъуэу лъащэу щытащ, уэ гъукIэ къуэдзэ уиIэщи, и хъер улъагъу.

– Тхьэр арэзы къыпхухъу. Къеблагъэ, Къэрэжь.

– ФIым дыхуиблагъэ. Сыт ухуэдэ, тхьэм жиIэмэ?

– ДыIейкъым. ТщIэн догъуэт.

– Бгъуэтуи къыщIэк Iынщ, сэри Iуэхуншэу сыкъэкIуакъым: си фочыжьыр зэIыхьащи, схуеплъ.

– Сыт и лажьэр?

– И бзэр къутащ. Фочыр фоч бэлыхьт, ХьэтIрэмтIыгу дэс тырку пэщэм деж къыщысхъуэжат.

Хьэкурынэ ищIэрт абы и къэхъуэжыкIэр, ауэ жиIэ щымыIэу, фочыр къыIихри къеплъащ, неплъащ.

– Фоч хъарзынэт, зыхуэчэмыр хэлъыжатэмэ, Къэрэжь.

– Шэрыуэу мауэр.

– Зыгъауэр шэрыуэмэ, фочри шэрыуэщ.

– ЛIыр мышэрыуэмэ, фоч щIызэрихьэн щыIэххэкъым, – жиIэри Къэрэжь дыхьэшхащ, и жьэшхуэм дзэуэ дэтыр уигъэлъагъуу, абы фоч игъэуэфу зэрыщытыр зымыщIэ щыIэтэкъым. Шыгъажэ къуажэм ящIрэ фоч гъэуэнкIэ щызэпеуэ щыIэт. ДжэдыкIэм джэдыкIэпсыр кърагъэжырт, джэдык Iафэр ягъэтIылъти, шым утесу жэрыжэм утету джэдыкIэм тебгъэхуэн хуейт, ар зыхузэфIэкIыр Къэрэжь хуэдэ зырызт.

– Къэгъанэ, си щIалэр езгъэплъынщ.

«Си щIалэр» щыжиIэм, Къэрэжь зыгуэр жиIэну и гум къыдрихьеят, арщхьэкIэ IэщIэгъупщыкIыжри фочыр блыным ириупсеящ:

– Къэзгъэнэну аращ сэри къыщIэсхьар. Бжэ IухамкIэ плъэмэ, щIалэ цIыкIум шыр псы иригъэфауэ, IункIыбзэ зиIэ лъахъэр зэпеплъыхь, тхьэм ещIэ, фIэгъэщIэгъуэну ара? Къэрэжь гъукIэм щIэнакIэ хуэдэу и псалъэм къыпищащ:

– Уи мылъхукъуэр къыптекIуэжа си гугъэщ, – жиIэри. Къэрэжь «Уи мылъхукъуэр» зэрыжиIар Хьэкурынэ шэуэ техуауэ, щIалэ цIыкIум дежкIэ плъащ, зэхихауэ пIэрэ, жиIэу къэгузэвауэ. ЛIыгъур цIыкIу зиущэхуат, къэуIэбжьауэ, – Къэрэжь жиIар зэрызэхихар белджылыт.

– Уэ уэщхь хъуамэ, нэхъыфIу уи гугъэ?

– СогъэпцI, Къетау уимыгъэунам: хуити уищIри, фызи бын щIэсу къуитыжащ. ЩIалэм убых хьэл хэмылъу пIэрэ? И анэр убыхыу зэхэсхащ.

Хьэкурынэ абы хуэдизу къызэгуэпати, уеуэу букIами, лъы ткIуэпс къыщIэкIынтэкъым. Iэдэ-уадэ иIыгъыр плIанэпэм дидзащ, и фочыр къасщтэу фоч лъэдакъэмкIэ и щхьэр щхьэ зэгуэзмыудрэ мы емынэунэм жиIэу. ЩIалэ цIыкIуми къыгурыIуащ: япэм и ныбжьэгъухэм ядэджэгуу зыгуэрым «ей, убыхкъэбышх» жаIэмэ, унэм къэкIуэжырти, и анэм хуэтхьэусыхэрт. И анэми фIэмыIуэху хуэдэу

зыкъыфIигъэщIырт: «Умыгузавэ абы щхьэкIэ, къофыгъуэ, къохъуапсэри аращ», – жиIэу. Иджы и пэжыпIэр ЛIыгъур къищIащи, и щхьэр здихьынур ищIэжыр-къым, лэгъуп псы къызэрихьар Iуихыжри IукIыжащ.

ГъукIэми сыт ищIэнт, фIэдзапIэм фIэлъ Iэхъулъэхъур къыфIихри Къэрэжь егиящ:

– МыIэхъулъэхъур уи бзэгум илъхьэн хуейт уэ, – жиIэри.

– Сыт щхьэкIэ, Хьэкурынэ? – жиIэу Къэрэжь и дзэлыфэ етI, гъукIэм и жагъуэ ищIа пэтми.

– Дыджщ уи бзэр – псалъэ дыдж къыбжьэдокI. Зи бзэ зыхуэмыIыгъыжым нэгъуэщI сыт и Iэмал?

Къэрэжьи цыджану къэлыбат, арщхьэкIэ, и фочым тегузэвыхьати, зыкъригъэщIакъым, гушыIэнэпцI зищIащ.

– УмыпIащIэ зэ, си ныбжьыр хыщIым зэрынэсу си бзэгуми си Iэ-си лъакъуэми къилъхьэ Iэхъулъэхъу, пысчынущ лIыубыд Iуэхум, тхьэлъэIушхуи сщIынщи, мэжджыт джабэм сыкIэрытIысхьэжынщ, Къетау ещхьу, си Iуэхущ, итIанэ уэ уздэкIуэ жэнэтым сымыкIуэмэ.

– Уи тхьэлъэIур къабыл хъун уи гугъэ? Лъэпщ сыджым теуIуэу жиIа тхьэлъанэр тхьэм и деж нэсу щытащ, дэри сыджым дыбгъэдэтщ; жэнэтым ущыгугъым укъопцIэ, жыхьэнмэм и курыкупсэм укIуэнущ, Къэрэжь. Уэ бгъэунэхъуа лIы хъарзынэ къомыр тхьэм емылъэIу уи гугъэ: «Я дэ ди тхьэу ди тхьэшхуэ, дунейкIэ дэ тшэч хьэзабыр Къэрэжь ахърэткIэ и фэм дэгъэкI», – жаIэу? Абы я тхьэлъэIури тхьэм и деж нэсынщ.

Къэрэжь къэгубжьащ:

– Уэ къэбвым седэIуэну сыкъэкIуакъым! ЗэтепIэ уи жьэр, уи бзэгур нэхъ кIэщI сомыгъэщIынумэ.

– Уи бзэгур аращ нэхъапэ къигъэжыпхъэр. Мэ уи фочыжьри, IэпэкIэ сеIусэнукъым, IэпэкIэ, – жиIэри гъукIэм фочыжьыр зейм хуидзыжащ, – сэ дэнэ къэна, си къуэр еIусэуи здэнкъым.

– «Си къуэр» жыпIэу дауэ жыпIэфрэ? Уэ къыплъыса цIыхубзым хуэфащэт, зыгъэлъхуэн лIы иратауэ щытатэмэ, – жиIэри Къэрэжь къыщыдыхьэшхащ, фочыр къищтэжри къыщIигъуащ. – Нобэ къызэпха хьэщIагъэм ухущIегъуэжынщ, гъукIэ, ари уи IэфракIэм уедзэкъэжу.

– Зегъэхь, зегъэхь, адэ!

Къэрэжь кIэбгъу зищIри кIыщым къыщIэкIыжащ, гужьгъэжь гъукIэм хуищIауэ.

– Дызэхуэзэнщ иджыри, тхьэм жиIэмэ.

– Дызэхуэзэнщ, дызэхуэзэн.

ЛIыгъур зэхихат кIыщым щыжаIари, къуэгъэнапIэм къуэсащ, хьэщIэр згъэшэсыжынщ жимыIэу. Езы Хьэкурыни кIыщым щIэзагъэркъым, къэгубжьауэ фIэдзапIэм фIэлъ фокIэщIыр щилъагъум, къыфIипхъуэтащ, сыукIынщ жиIэу, арщхьэкIэ

шы къарэ лъакъуэхум тес шур жыжьэ нэсыжат.

Зыгуэр къызэрыхъуам гу лъитауэ, Дэфэрэджи унэм къыщIэкIри бжэIупэм Iуту къэджащ:

– Уа, нэщI фимысмэ, зэадэзэкъуэр фыкъакIуи фышхэ.

«Зэадэзэкъуэ» жи Iэу захригъэхмэ, и гуапэти, Дэфэрэдж я гъунэгъухэми зэхахыну ину джащ, арщхьэк Iэ щIалэ цIыкIур зыкъуэса къуэгъэнапIэм къыкъуэкIынуи хуейтэкъым. Хьэкурынэ къигъуэтщ ЛIыгъур зыкъуэс къуэгъэнапIэри, жиIащ едэхащIэу:

– ЛIыгъур, накIуэ, тIысэ, нышэдибэ лъандэрэ ди IэфракIэ къэдгъэшакъым, тIэкIу дегъэдзакъэ, фIамыщIгъэс дыкIуэнщ ноби.

Ар щIалэ цIыкIум едэхащIэрт, и жагъуэ зыщIар езыр ара хуэдэу, арщхьэкIэ ЛIыгъур къыгуроIуэ тIуми я гур къизыудар.

Къэрэжьыр тхьэми цIыхуми къаужэгъуауэ, емынэунэу, угъурсызу дунейм къытена гуэрт, и ныбжьыр хэкIуэта дэнэ къэна, жьы хъуащи, и тIысыжыгъуэщ, къиущыхьу хэкум исщ, бэлэрыгъа хуэзэмэ, къиубыдрэ ищэу. Зыхузэгуэпым «уи пхъур тхьэм къигъэхъу, къэхъумэ, уасэ къеIызыхынур уэракъым – сэращ» жиIэу хъыджэбзым и адэм епсэлъакъэ – щыгъупщэнукъым, зэрыжи Iа дыдэм хуэдэуи ищIынущ. ЩIалэм щхьэкIэ «кхъуэхьэнцэм укъыхуалъхуащи, кхъуэхьэнцэ уэзгъэубыдынщ» жиIэу еща – ари аращ, щIалэр къуажэм дэбзэхыкIынщи, тхьэм ещIэ зи кхъухь исынур, кхъуэхьэнцэмкIэ псыр щIитхъуу. Къэрэжь и зэманыгъуэм гъэру къиубыдахэр ищэу Истамбыл, Мысыр, Щам, Джэну нэс кIуэфу щытащ, иджы псы икIыну дзыхь ищIыжыркъым.

Хьэкурыни фIыуэ ищIэрт Къэрэжь зищIысыр, гужьгъэжь и гум къыпхуилъмэ, къыптемыщахэу увыIэнутэкъым, ауэ гъукIэр, зыдэс жылэр дэнэ къэна, нэгъуэщI къуажэхэми къацIыху, къыщхьэщыжын гъунэжщи, абы къуогушхукIыр.

Хьэкурынэ щыгъупщэж хуэди хъуат лIыубыдым щыхьауэ зэрыщытар, зы илъэс хуэдизи абы лъандэрэ дэкIауэ, я благъэ фызабэ гуэр къакIуэри къелъэIуащ:

– Си щIы тIэкIур схуэвэ, си сабий емынэм къелар шхын щхьэкIэ сфIэлIэнущ, – жиIэри.

Фызабэ къолъэIуамэ, дауэ бгъэщIэхъун? Зыгуэрхэм я пхъэIэщэ къаIихри вакIуэ дэкIащ, щыдэкIым фочу ищIыжахэм щыщ зыи здыдихащ, пщIэну щыткъым, дыщIыхуеин дыхуэзэнкIэ мэхъу, жыхуиIэу. Къуажэм дэсыр зэдзейуэ зэгухьауэ я щIыр явэрт, къуажэпщым и щIыр явэри, трасэжауэ. ЩIалэ цIыкIум шхын нихьу нэкIуэн хуейти, унэм къыдинауэ езы Хьэкурынэ мавэри губгъуэм итщ, и пхъэIэщэм фоч узэдар кIэрыпхауэ.

Зэгуэр и щхьэр къиIэту плъэмэ – шы къарэ шу занщIэу къокIуэ, Хьэкурынэ дежкIэ къиунэтIауэ. ГъукIэми имылъагъу

хуэдэу зищIащ, арщхьэкIэ гукIи псэкIи зыхищIащ фочым ущыхуеину махуэр къызэрысар.

– Бов апщий!

– Упсэу апщий!

– Тхьэм укъызитакъэ иджы, Хьэкурынэ? ПщIэжрэ «дызэхуэзэнщ иджыри» жысIэу щыбжесIа махуэр?

– СощIэж, Къэрэжь, лIым жиIар пщыгъупщэ хъурэ.

– НтIэ, фIыкIэ зыкъызэптыну, хьэмэ вагъэмбэкъум удэзукIыхьын? – жиIэри Къэрэжь и фочыр гъукIэм дежкIэ къиишиящ.

– Сэ кууэ совэ, си вагъэмбэкъум тIури дыдэхуэнущ, – жиIэри Хьэкурынэ напIэзыпIэм и фочыр къипхъуатэри Къэрэжьым дежкIэ зыкъигъэзащ. ВиплI зэрывэри ешауэ, Iупс хужьыр къаIурыжу къэувыIащ езыр-езыру. Къэрэжь и уанэм кIэрыщIа Iэхъулъэхъур къыхуигъэлъэгъуащ, узубыду усшэну си мурадщ жыхуиIэу, арщхьэкIэ лIыубыдыр щыгугъам Iуэхур къыщыщIэмыкIым, и псэлъэкIэм зихъуэжащ.

– Iэу, укъэзылъхуам тхьэр етаи, лIыгъэ пхэлъу укъыщилъхуакIэ. Уэ пхуэдэлI сыщрихьэлIакIэ, иджыри куэдрэ сыпсэуну къыщIэкIынщ. Дызэгъэхъуажэ фочымкIэ, гъуэгу зэвым дыщызэхуэзакъэ, – жиIэри Къэрэжь и фочыр гъук Iэм къыхуидзын хуэдэу зищIащ, Хьэкурынэ и фочри идзмэ. Вагъэмбэкъум дэтыр зэрыдэту и фочыр къыщиIэтым, шур къауэри кIэщIу къигъэшу щIэпхъуэжыну арати, гъукIэр и фочымкIэ мо шым зытезыгъащIэу зи пхэр къэзыгъэтIеям еуэри езыр щIэтIысыкIыжащ, фочыр щIэгъэкъуауэ.

Фоч тIэу уэгъуэ щызэхахым, вэуэ губгъуэм итхэр къызэхуэсмэ – тIури зэшэзэпIэу зэрыукIауэ къыщIэкIащ, я пIэм къимыкIыу. Къэрэжь шэр и пхэм техуэщ, и кIуэцIым пхыкIри, и пщэдыкъым деж къыщыпхыкIыжащ, шым къехуэхри здэщылъым и псэр щыхэкIащ. ГъукIэр лъакъуэ лъэныкъуэмкIэ лъэгуажьэмыщхьэу щыту, фочыр щIэгъэкъуэн ищIарэ къэтэджыжыну пIэрэ жыуигъэIэу, и Iэ лъэныкъуэмкIэ и жьэпкъыр щIиIыгъэу зэфIэсу дыкъат.

ЛIыгъур шхын къихьри къэкIуауэ къэхъуар щилъагъум, икIэщIыпIэкIэ игъэзэжащ, молэр псынщIэу къэгъэс жаIэу вакIуэ къызэхуэсам къыщыжраIэм. Молэри псынщIэу къэсащ.

– Хьэкум иралъхухьар вагъэмбэкъум дэкIуэдэжащ, – жиIэри молэм, нэгъуэщI сыт хузэфIэкIынт, кърихьэлIам яжриIащ хьэдэр я унэ яшэжыну.

– И щысыкIэр-щэ, молэ, гъукIэм и щысыкIэм зыгуэр къикIыркъэ? – жаIэу щыщIэупщIэм, къажриIащ:

– Лей зесхьакъым, гуащIэмрэ гущIэгъумрэ зи Iэ азалыхьым игу зэзгъэбгъакъым, си напэр къабзэу тхьэм и пащхьэ сохьэж жиIэу аращ и щысыкIэм къикIыр.

Жылэм дэсым ящIэрт езы Хьэкурынэ зэреджэ цIэр щIыфIа-

щар: къуажэм зэрыпхъуакIуэр къатеуауэ, унэр яхъунщIэу, ягъэсу щыхуежьэм, фыз уэндэгъу къуажэм дэмыкIыфар пэшхьэкум ипщхьат, икIи гужьейри пэшхьэкум илъхухьащ. Къуажэр яхъунщIауэ, ягъэсауэ, дэсам къыщагъэззэжым, сабий гъы макъ зэхах, адэкIэ-мыдэкIэ плъэурэ, пэшхьэкум иплъэмэ, фыз лъхуам и хьэдэр илъщ, сабийри и бынжэр пымыупщIауэ псэууэ къагъуэт.

Ар и къэлъхукIэу къалъхуати, щIалэ цIыкIум Хьэкурынэ фIащащ. Иджы кIуэдыкIейр и махуэу кIуэдам и хьэдэр къуажэм яшэж, щIакIуэ тепIауэ.

Къэрэжь и хьэдэр кхъэм щыщIалъхьэу молэм идакъым, джаурми щыщкъым, муслъымэнми щыщкъым жиIэри. Псоми ящIэрт Къэрэжь дин лъэпкъ идэу зэрыщымытар: тхьэм сыкъызэригъэщIам хуэдэу дунейм сытетынущ жыхуиIэу, зэрыжиIа дыдэуи кIуэдыжащи, и хьэдэр Iэщ лIа зыдадзэ къуэкIийм яшэри щIатIащ, сыни сыти хуамыгъэуву.

Иджы ягъэхъыбарыжт Къэрэжь зэгуэр ХьэтIрэмтIыгу фоч къыщищэхуауэ зэрыщытар. Iэщэ-фащэ щащэ тыкуэным щIыхьэри, фочу щIэлъым хэплъыхьурэ, нэхъ игу ирихьар къыхихати, тыкуэнтетым еупщIащ: «Фочыр шэрыуэу уэрэ?» Тыкуэнтетыр къэпсалъэри «урыс фочщ» жиIащ. Къэрэжь тыкуэныбжэм деж Iуту плъэри, зыгуэрым и щхьэм матэшхуэ тету кIуэуэ илъэгъуати, фочыр триубыдэри еуэри къриудащ, матэ зыхьым пхъэщхьэмыщхьэ ихьыр ирикIутауэ щылъщ, лъыпсыр къыкIуэцIыжу.

Къэрэжь ахъшэ тумэнищ трилъхьэщ тыкуэнтетым дежи, «мыр мо пщылIыр зейм етыж, аращ унэIутым и уасэр» жиIэри, езыми фочыр къищтэри ежьэжащ.

Тхьэр зэуар аргуэру фызабэ хъуа Дэфэрэдж тхьэмыщкIэр арати, и хьэдэр игъеижу тIысащ, гъукIэм зыгуэр зыхуимыщIа жылэм дэстэкъыми, хьэдагъэ къакIуэр куэдт, фызхэр гуп-гупурэ къызэрыхьт, кIыщым деж къызэрысу гъыуэ къыщIадзэрти, зэщIэгъуагэу унэм къыщIыхьэрти зыгуэрхэр къабжурэ щысыху нэгъуэщI гуп къэсынти аргуэру гъыныр щIэрыщIэу къаублэжынт.

ЦIыхур Iуву пщIантIэм дэтт. Езы Къетау дыдэу жумыхьэ кIуэуэ зи мыхабззэри къэкIуат, Мэш зыкъригъашэри. И нэр набгъэ хъуауэ щIагъуэу илъагъужыртэкъыми, арат гъусэ имыIэу зыщIыпIи щIэмыкIуэр.

Къуажэм дэсхэр куэд щIатэкъым муслъымэн диным зэрихьэрэ, ихьами, япэрей диныр я гум илъти, зэчэнджэщащ дауэ щIэтлъхьэмэ, нэхъыфIжа Iэу. Пасэрейхэм я хабзэт лIар щыщIалъхьэнум деж и шы-уанэ зэтелъыр ирашалIэрэ щIэупщIэу: «Ушэсу дебгъэжьэнумэ, мис уи шыр хьэзырщ», – жаIэу. ЛIам зыри жимыIэмэ, итIанэ щIэлъхьэн хуейуэ арати, щIалъхьэрт. Хьэкурынэ зекIуэ кIуэм яхэтакъым, IэщIагъэлIу къуажэм

дэсати, ЛӀыгъур жраӀащ кӀыщым щӀыхьэу сыджым щэ уадэкӀэ еуэну. Сыдж ву макъ щызэхахым, хьэдэм бгъэдэт Къетау джащ: «Хьэкурынэ, зэхэпхрэ уи сыджыращ вур», – жиӀэу. Ти, хьэдэр кхъаблэм телъу, щӀакӀуэ фӀыцӀэм ищӀыӀужкӀэ бащлъыкъ хужь телъыжу яӀэтри дахащ. Мащэм деж нахьэса иужь, дыуэ тра-щӀащ, молэри «йа-син» жыхуиӀэ сурэм къеджащ.

Зи гуауэ зыхуэмыухыр Дэфэрэджт, сыту пӀэрэ тхьэуэ ди тхьэшхуэм и гур къыщӀызэбгъар жиӀэу гуӀэжырт, зэми и гум къэкӀырт: ярэби, кхъухьым къыздиса хъыджэбз цӀыкӀухэр псым итхьэлауэ арауэ пӀэрэ жиӀэу. Е къызыхэкӀа убых лъэпкъыр ибгынэу мыбыкӀэ къызэрыкӀуар тхьэм къабыл имыщӀауэ ара? ХьэдэӀусу къызэхуахьэсам дыуэ тращӀэри хьэдэ щӀэзылъхьахэм, хьэдагъэ къэкӀуахэм ирагъэшхащ. А махуэм ЛӀыгъур балигъ хъуащ жыпӀэну псоми гу лъитэу, псоми ялъэӀэсу лӀы хуэдэу яхэтащ, хьэдэӀусу фӀагъэжыну къащэхуа выщӀэр къэзыгъуэтари арат.

Дэфэрэдж нобэ сыдокӀыжри ди лъэпкъыр здэщыӀэ псы Ӏуфэм сокӀуэж, етӀанэгъэ сокӀуэж жиӀэурэ зы илъэскъым дэкӀар, Хьэкурынэ щӀилъхьэжа нэужь. Мызэ-мытӀэуи къыкъуэкӀащ зи ныбжь хэкӀуэта лӀы, къыздэкӀуэж жиӀэу, арщхьэкӀэ, Хьэкурынэ си насып щыхэмылъакӀэ, нэгъуэщӀ си псэм къищтэнукъым жиӀэурэ зыми дэкӀуэжын идакъым. Езым и ӀэкӀэ ищӀа унэри хуэмыбгынэу дэсти, и къуэр кӀуэ пэтми нэхъ ин хъу дэнэ къэна, нэхъ гъукӀэ Ӏэзэ уигъэлъыхъуэнщ жыхуаӀэм хуэдэти, и анэм арат гурыфӀыгъуэу иӀэр.

Хьэкурынэ ищӀэу щытар ЛӀыгъур ищӀэу цӀыхум щалъагъум, ягъэщӀагъуэрт икӀи щыгуфӀыкӀырти, Ӏэщэ щӀыжын хуей зиӀэм къахьырт, Ӏэмэпсымэ гуэр хуейхэри къакӀуэрт, шы къашэрт, нал щӀрагъэлъхьэну. Аргуэру сыджыр нэхущым къыщыщӀэдзауэ вууэ и анэм зэхихмэ, Хьэкурынэ мылӀа хуэдэу къыщыхъурт. Езы ЛӀыгъури лӀыпӀэ иувакъэ жыпӀэнт, фэ кӀэпхыныжьыр зыщӀипхауэ лъащэу плъагъумэ. И ӀэпкълъэпкъкӀи зричауэ щӀалэ хъарзынэ хъуат.

Зэгуэр Дэфэрэдж щӀалэр игъашхэу здэщысым, зыпхыжи-ӀыкӀ хуэдэу къыжьэдэкӀащ:

– Жыжьэ къикӀ хьэщӀэ къызыхуэкӀуэр хэт, жиӀэу пасэрейр щӀэупщӀати, жи, «лӀы цӀэрыӀуэр аращ» жиӀащ. Уэри, си щӀалэ, уи кӀыщым мычэму шури лъэсри щызэблокӀ, нтӀэ, лӀы ухъуащ, тхьэм уи ӀэщӀагъэм къыхигъахъуэ. Жылэр уогъэгуфӀэ, зыхуейр яхубощӀэри, сэри зэ сыбгъэгуфӀапхъэт.

ЛӀыгъур и шхэныр зэпигъэуащ:

– ЖыӀэ, си анэ, уэ пхуэзмыщӀэр хэт хуэсщӀэн.

Дэфэрэдж и гур къызэфӀэна пэтрэ, и къуэм зыкъримы-гъащӀэу, гуапагъэ, ӀэфӀыгъэ хэлъу къыпищащ:

– НтӀэ, къурмэн сызыхуащӀыжын, сызрашэкӀыжын, си

къарум хэщI фIэкIа хэхъуэркъым, жьы сохъу. Сыпсэу щIыкIэ жьэгу пащхьэр къызыхуэзгъэнэн къэпшатэмэ, си дуней нэху, си псэр тыншыжынт.

ЛIыгъур укIытэхти, плъыжь къэхъуащ, тIэкIурэ щысщ, зыри жимыIэуи, и анэм къеупщIащ:

– Уэ къысхуэбгъуэта зыгуэр? – жиIэри.

– Къэгъуэтыгъуей мыгъуэ! ПсэкIэ къэбгъуэтыр аращ къэгъуэта хъур, нэкIэ къэбгъуэтым сыт и мыхьэнэ! Сэ сфIэф Iыр къэпшэнумэ, сызыхуейр бжесIэнщ.

– Хэту пIэрэ?

– Сэ сщIэ мыгъуэрэ ар зейр. Убых хъыджэбз къэпшатэмэ, нэгъуэщI насып дунейкIи ахърэткIи сыхуейтэкъым. Дызэпсалъэм дызэхуэгуфIэу, нэхъ щIалэ сыхъужынт.

– Ди къуажэ дыди дэсыр сцIыхуркъым, убыхым яIэмрэ ямыIэмрэ дэнэ щысщIэн?

– СощIэ мыгъуэ, си насып закъуэ. Махуэ еным кIыщым ущIэтщ, джэгу кIуэми нысашэ кIуэми уащыщкъым.

Дэфэрэдж хъыджэбздэсу щыщыта лъэхъэнэр и гум къэкIыжащ, адыгэм я хабзэр щызэтемыхуэ ухуозэ, итIани зэрызэщхьэщыкI щIагъуэ щыIэкъым, псоми хабзэу яхэлъщ и гум ирихь хъыджэбзым деж щIалэр кIуэрэ зэдэгушыIэу зэбгъэдэсу, гукъэкI зиIэр къащIэн щхьэкIэ, тIэкIуи нэхъ гурыхуагъэкIэ зэпеуэу. Псалъэм щхьэкIэ, хъыджэбзым фошыгъу шей къещIри Iэнэм къытрегъэувэ, фошыгъу хэмылъу. ЩIалэм абы гу лъимыта хуэдэу, шейр зэIещIэ лошкIэ цIыкIумкIэ, стэканыр жьгъыруууэ зэхихмэ, хъыджэбзыр щIоупщIэ: «Уэзджынэ макъ зэхызохри, пощтыр къэсауэ пIэрэ?» – жеIэри. ЩIалэми зыхигъэгъуазэркъым: «КIуэи, плъэт, фошыгъу къимышауэ пIэрэ?» – жеIэри. Е шей стэканым итыр щIалэм шейщIэтым иригъахъуэу хъыджэбзым илъагъумэ, и бэлътокур Iэнэм трелъхьэ: «УжьыщIэнущ уэ слъагъури си бэлътокури схуэжьыщI!» – жеIэри. ЩIалэр мэукIытэри, шей пщтырым исми, стэканым иту йофэ. ЩIалэр Iэмалым хуэIэзэмэ, бэлътокур къещтэри и жыпым ирелъхьэ, «тхьэр арэзы къыпхухъу, уи щIыхуэ къызытемынэм ящыщ тхьэм сищI», – жеIэри.

Псоми ящIэ: хъыджэбзым и бэлътоку къыуитакъэ – къыбдэкIуэнущи, уэ пщIэнур уэ пщIэжын хуейщ. Дэфэрэдж абыхэм я гугъу щIищIыр и къуэм абы гу лъитэмэ, фIэфIу арат. ЛIыгъур псори и гум иреубыдэ, арщхьэкIэ хэт и деж бгъэдэсыну кIуэн, зэрыщIыкIу лъандэрэ кIыщым щIэту къэхъуащи, зы хъыджэбзи хуэзакъым.

– Хъыджэбзхэр кIыщым къэкIуэххэркъым, сэри сцIыхуу къуажэм зыри дэскъым. Дауэ иджы дызэрыхъунур? – жиIэу и къуэр и анэм йоплъ.

– ЗыщIыпIи ущIэкIуэн щыIэкъым.

– АтIэ дауэ къэбгъуэтыну?

– Сэри къэзгъуэтынукъым. А зымкIэ къызэдаIуэ, си гуапэ пщIынумэ.

– Уэлэхьэ, жыпIэм сытемыкIын.

– Уи сыджыр къэгъани, зы махуэ нэхъ мыхъуми, убыххэм я деж кIуэи щIэупщIэ.

– УбыхыбзэкIэ сызэрыбзэныкъуэуи?

– Удэзыхьэхам и гум илъ къыбгурыIуэн щхьэкIэ ущIепсэлъэххэни щыIэкъым, и нэгум щIэплъи, и гум илъ къэпщIэнщ, – Дэфэрэдж дыхьэшхри щIалэри игъэдыхьэшхащ.

ЛIыгъур иджыщ гу щылъитэжар: и анэм таурыхъыу жиIэр зытеухуар убыххэр аращ, куэд щIауи и гум къинэжауэ илъщ убых кхъухьыпщу псым тет защIэу щытар.

– Хъунщ, сянэ, иджыпсту зисчу убыххэм я деж сыкIуэфынкъым, ауэ ХьэтIрэмтIыгу е ХьэфIыцIей бэзэрым сыкIуэнщи зысплъыхьынщ, сыщIэупщIэнщ.

– ХьэмтIрэмтIыгу бэзэрым убыхыр гъунэжу тетщ. Я бзэ жыпIэнущи, ари абазэбзэщ, къызэрытекI щIагъуэ щымыIэу.

Ти, зэанэзэкъуэр зэгурыIуащ, къайгъэ лъэпкъ къыхэмыкIыу. А махуэм къыщыщIэдзауэ Дэфэрэджи хьэгъуэлIыгъуэм зыхуэгъэхьэзырын хуейщ жиIэу, Iэджэми яужь итщ. ЛIыгъури мащIэ и гум къэкIрэ. Хъыджэбзаплъэ уогъакIуэри – къыпхухахынур зыхуэдэр пщIэркъым, щхьэдзасэ гуэр къыхахмэ, ущIегъуэжынщ, сэ щхьэ садэмыкIуарэт жыпIэу, е уэ уи щхьэкIэ уожьапэри хэт и деж удыхьэн? Дыщэ тхьэкIумэ тхьэгъу дахэ щIыи, ар къепхьэкIыу къэкIухь, къехъуапсэу «къызэщэ» жиIэу къолъэIун тхьэIухуд гуэр ухуэзэху. КъэзмыкIухьу ХьэтIрэмтIыгу сыкIуэ щхьэ мыхъурэ жиIэу и гум къэкIати, нэхъыфIыр аращ жиIэри зыхуей илъэпкъыр къигъуэтащ.

Иджы гъукIэр, дыщэкI хъужа хуэдэ, махуэ къэс тхьэкIумэ тхьэгъум йопэщэщ, дэзыхьэхым Iэужь хуэдэу иритыну. ИщIынур зэриухыу и анэр егъэгуфIэ:

– Еплъыт мыбы, хъуну Iэужь? Пщым ятми аращ мыбы хуэдэ Iэужь, – жеIэри.

– Ан-на, мыр уэра зыщIар? Сыту дахащэ, ярэби! Дыщэ мазэм ещхьщ, – тхьэкIумэ тхьэгъуитIыр зэщIэлыдэжу и Iэмыщ Iэм илъу, Дэфэрэдж егъэщIагъуэ и къуэм и IэдакъэщIэкIыр.

– Тхьэмахуэ енкIэ сепэщэщащ.

– Тхьэ, дахэ дыдэу пщIамэ. Мыбы хуэдэ пхуэщIу уи адэ мыгъуэм илъэгъуатэмэ... – жиIэри Дэфэрэдж зыхуэмыубыду къэгъащ, и къуэри къэнэщхъеящ, дэтхэнэр арауэ пIэрэ си анэр щIэгъыр: си адэ дыдэр ара, хьэмэ мыдрейр ара жыхуиIэу, арщхьэкIэ абы ущIэупщIэмэ, къемызэгъыу къилъытэри зиущэхужащ.

ЛIыгъур фокIэщI къищтэрэ ежьами хъунут, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, хъыджэбзым и дэлъхум зыхуэбгъазэрэ, «фокIэщIыр ууейщ, уи шыпхъур къызэптмэ» жыпIэмэ, къозытын дапщэ

ухуей, уэркъ щIали бгъуэтынщ, зи къэшэн дахэ къыдэзышу «мыр узот, къащтэ уи фокIэщIыр» жызыIэн.

Дэфэрэдж и гур къыщIызэфэнар Хьэкурынэу щIалэ цIыкIур IэщIагъэм езыгъэсар арат. Езы тхьэмыщкIэр, тхьэм и ахърэт дахэ ищI, нэхъ зэлIал Iэу щытар пхъэI эщэ, лъахъш, пэрыIэбэ, нал сытхэр арамэ, иджы еплъ, ЛIыгъур, хуэмыщI щымыIэу, IэкIуэлъакIуэщ, уеблэмэ дыщэкIыу тIысыж хъунущ, Iэщэ-фащэ жыпIэнущи – сыти къэхь, псори ещIыжыф. Абы хуэдэу IэщIагъэм дезыгъэхьэхар нобэ мыгъуэ псэужатэмэ, сыту гуф Iэнт.

КIыщым ущIыхьэмэ, Бейбарс и афэ джанэр здыфIэлъым деж фIэлъщ фокIэщI гуэри. Ар бэзэрым къыщищэхуауэ щыташ фочыку закъуэм фIэкIа щыщ къэмынэжауэ. ЕтIысылIэри зыхуэчэм къэмынэу бзэ, кIакхъу сытхэри хилъхьэжащ, езым и IэкIэ ищIурэ. Фоч лъэдакъэри чэщейм къыхищIыкIри зэригъэпэщыжа нэужь, къабзэлъабзэуи илъэщIыжри езым зэхилъхьа фоч гынымкIэ иузэдщ, игъэуэжри еплъати, алыхьым къуззэритынт. Аргуэру телъэщIыхьыжри фIилъхьэжауэ фIэлъщ, къыщIыхьэр ехъуапсэу, «къызэщэ» жиIэу къелъэIур жыжьэу зригъэзэгъыркъым: «Си адэм и фэеплъщ», –жеIэри. Нобэ ЛIыгъур фокIэщIыр щилъагъум, и гур зыгуэру къэхъуащ: «Ярэби, дахэ гуэр къысхукъуагъэплъу мыр сIэщIамыхыну пIэрэ?» – жиIэу.

ГъукIэм и сыджыр нэхъ иныжу къэву хъуащ. Дэфэрэджи куэд лъандэрэ и гум къэмыкIыжа уэрэду щыцIыкIум зэхиха нэгъунэ къигупсысыжауэ и щхьэм хужиIэжу жеIэ. Ноби еупщI: и нэгум щIэт хуэдэщ и дыщым я унэр, я пщIантIэр, хадэр. Псом хуэмыдэу Дэфэрэдж и гум къридзэр и анэр арат, абыи IэщIагъэкIэ хэт къытекIуэн жыуигъэIэу сыт ищIыскIи IэкIуэлъакIуэт: щIэп зэхуихьэсынт, игъэцIынэнт, итхъыжынти, чэтэн ищIырт, щэнджащэм езыр дэсыжу, щIэгъэж, шэцыкуэ сытхэр зэрызэIэпихыр и хъыджэбз цIыкIум иригъэлъагъуу, зэми цеищэ шэнтым щытригъэтIысхьэ къэхъурт. ПщыхьэщхьэкIэ зэанэзэпхъум уэрэд зэдыжаIэрт, а уэрэдхэр арат иджы Дэфэрэдж и гум къэкIыжар.

И адэри арат: зэгуэр ерагъыу къыпхуэIэт къудейуэ зрамыщIэжу пкъо и дамэм телъу къихьат «цеищэ пкъо сщIынщ» жиIэри, къыщыдэхуэм деж Iуэхуншэу щысыфыртэкъыми, щэнджатэ ищIырти, и шыпхъухэм яритт, цеищэ шэнт нэгъунэ, я гуэщым щIэлъурэ игъэгъуа пхъэм къыхищIыкIыурэ фалъэ, Iэнэ, шэнтжьей, хъуп, пхъуантэ – хуэмыщI щыIэтэкъым. Ти, Дэфэрэдж и гум къэкIащ: и адэшхуэ игъащIэм имылъэгъуар армырауэ пIэрэ ЛIыгъур IэщIагъэм гу лъезыгъэтар. Е, хэт ищIэрэ, и анэшхуэр арагъэнкIи мэхъу.

Къетау IэпэкIэ зэрашэу нэф дыдэ хъуати, къуакIэ тIэкIум дэхуэри зимыужьыжу лIащ. Ар къэзымыцIыху хэкум истэкъыми, къуажэ къэс шу ягъэкIуауэ цIыхур Iуву къызэхуэсат. ПщIантIэшхуэм и хъуреягъкIэ шы-уанэ зэтелъхэр бжыхьым

епхауэ щытт. КъэкIуа къомым убых хьэщIи яхэту къыщIэкIащ, дунейм ехыжам и ныбжьэгъуауэ. Убых хьэщIэм зэхихат Къетау и пщылIыр хуит ищIу убых цIыхубз гуэри фызу къригъэшауи, иджы фызабэу къыдэнэжа цIыхубзыр зэзгъэцIыхумэ, си гуапэт жиIэри щIэупщIащ, арыншами Къетау и унэм къекIуэлIар куэдыщэщи, жэщ укъэнэну Iэмал зимыIэщ.

Шу гъуситIиIэу къыдыхьа лIым фIэхъус-сэламкIэ и Iэр къыщишийм, Дэфэрэдж занщIэу къэуIэбжьащ, хьэщIэм и зы Iэпхъуамбэ пымытыжу гу лъитати, и нэгум щIэплъэри, арат: зы зэман гуэр зыхуэзауэ щыта бжэныхъуэ цIыкIурт. Езы Барчо нобэ хуэдэу ещIэж а махуэр. Дауи имыщIэжынрэ: и анэ-адэр къыхуэхъущIауэ щытащ, фыз сабий зи Iэблэм тесыр къомыгъэблагъэу блэбгъэкIын хуеякъым жаIэри. Езы щIалэ цIыкIури кIэлъыжа щхьэкIэ, дэнэ къипхыжынт, игъуэтыжатэкъым. ФIы щIэи, псым хэдзэ жаIакъэ, фIыр кIуэдыркъым, Барчо хьэдэщIэлъхьэм зэрыхэтар щыгъупщэжауэ, Дэфэрэдж щыIущIа махуэм и гугъу ещI зэпыт, модрейри убыхыбзэм хуэзэшащи, фIэфI дыдэу мэуэршэр, хьэщIэм и гъусэм гу лъамытэу.

Унэм щIыхьэрэ тIысмэ, Барчо «псы» жиIати, Дэфэрэдж адэкIэ-мыдэкIэ дэплъэурэ бжэныхъуэ цIыкIум кърitауэ щыта пхъэ фалъэ цIыкIур къигъуэтыжри, къундэпсо из ищIри, хьэщIэм иритащ. Барчо занщIэу емыфэу, фалъэ цIыкIур зэпиплъыхьу зыкъомрэ игъэщIэгъуащ:

– Мыр иджыри къэс сыту пхуэхъума, ди шыпхъу. Е мыр нэгъуэщI?

– Фалъэ цIыкIум сеплъыхукIэ Iэджэ си гум къокIыж, си дэлъхушхуэ. Зыми езмыту сохъумэ, я сэ си тхьэу си тхьэшхуэ, сыту куэдыщэ цIыхубзым я фэ дэкIыр. Фи нэмыс тхьэм лъагэ ищI, иджы етIуанэу фызабэу сыкъонэ, тхьэм и гур къыщIызэбгъар сщIэркъым...

– АтIэ, сыт пщIэн, ди шыпхъу. Мес, дунейм темыхуэу щыта Къетауи щIалъхьэжащ...

Хьэкурынэ дунейм зэрехыжрэ я пщIантIэм хьэщIэ щепсыхатэкъым. Дэфэрэдж шхынкIэ IэкIуэлъакIуэт, хьэщIэм увыIэпIэ гуэр къыхуигъуэтри шхын гъэхьэзырыным и ужь ихьащ. ШулIыгъусэм я унафэр ЛIыгъур и пщэ къыдэхуати, а тIур зыхуэзапхъэ хуигъэзащ, яшхэри бом щIишэри Iус яритащ. ХьэщIэхэм тIэкIу загъэпсэхуати, Iэнэ къыхуащтащ.

Дэфэрэджрэ Барчорэ аргуэру гукъэкIыжхэм хыхьэжащи, хьэщIэр щIоупщIэ:

– А махуэм фи унэмкIэ щхьэ умыгъэзарэт? – жеIэри.

– Хэт хуэзгъэзэжынт? Ди къуажэр дэдзыхауэ къуэкIийм дэсщ, гъуэгури шынагъуэт, унэм унамыгъэсу аргуэру къэпым уракуэу уахьынкIэ хъунути, сышынат. Мы къуажэм ди гъунэгъу хъыджэбз яшауэ исти, абы и деж сыкIуэнщ жысIэри тезубыдауэ

арат.

– Иджыри сыкIуэжащэрэт жиIэу уи псэм жиIэркъэ? – щIоупщIэ Барчо, унэ зыщIэсыр зэпиплъыхьу. Щхьэгъубжэ закъуэм удэплъмэ, кIыщыр уолъагъу.

– Ди унэ, ди жьэгу тхухыфIэдзэрэ? Тхьэм и шыкуркIэ, ди щIалэри лIы хъуащ...

– Фыубыхщи, убыхым фахыхьэж.

– Сэ сыдэкIрэ сежьэжмэ, «удэмыкI» жиIэу хэт къыспэувын? Ауэ щIалэр дэкIыу жылэм ядэнкъым. ФIыщэу къалъагъу, езыри гъукIэ Iэзэщи, зыхуейр къыхуащIэнущ, дамыгъэкIын щхьэкIэ. Нобэ сызыщIэхъуэпс мыгъуэр зыщ...

И анэр зытепсэлъыхьынум псынщIэу гу лъитэри ЛIыгъур, «сэ шым сакIэлъыплъынщ» жиIэри, унэм щIэк Iащ.

– Убых хъыджэбз нысэ схуэхъуатэмэ жысIэу аращ.

– НтIэ, ар Iуэху? Хъыджэбз дахэ нэхъ жумы Iэмэ...

– Езыр кIыщым къыщIэкIыркъым, хъыджэбз кIыщым къакIуэркъым.

– КъыпхуэзгъэкIуэнщ, къэмыкIуэм.

– Ара мыгъуэт дызыхуейр. Iуэхум хэл IыфIыхьын дгъуэтатэмэ, и адэм и фэеплъри иритынт, – жиIэри Дэфэрэдж къыжьэдэхуащ, щIегъуэжа щхьэкIи сыт и мыхьэнэ, жимыIэн жиIащ, и къуэм емыупщIу.

– Сыту пIэрэ абы и фэеплъыр?

– ФокIэщI. КIыщым къыщIыхьа щIэкIыжыркъым «къызэщэ» е «къызэхъуэж» жи Iэу мылъаIуэ.

– НтIэ, жылэр зэхъуапсэм сэри севгъэхъуапсэ, пщIэну щыткъым, сэри слъагъункI э хъунщ,– жиIэри Барчо дыхьэшхащ.

ШулIыгъуситIым нэхъыщI эр щIэкIри ЛIыгъуррэ абырэ къыщIыхьэжащ, фокIэщIыр яIыгъыу.

Барчо фокIэщIыр зэпиплъыхьащ, кIэрахъуэ Iэпщэ, фочыку, и бзэ, и кIакхъу – нэрылъагъут Iэщэм зэрыхищIык Iыр, арщхьэкIэ сыту фокIэщIыфI сыт жиIакъым, уехъуэпсамэ, удот жаIэнщи, къеIыпхын хуей хъунщ жыхуиIэу.

– Уасэ жаIэми, ари дгъуэтынущ, си дэлъху, – жиIэри Дэфэрэдж къэпсэлъащ.

– Мыр уасэкъэ. Уэлэхьи, мыбы нэхъ уасэфI ухуэмей,– жиIэри Барчо къэдыхьэшхащ, фокIэщIым зэрыхищIыкIым гу лъыптэу. – Мыр ети, я шыпхъуи, япхъуи, я фызи къыуамытмэ, согъэпцI.

– Алыхь, арами додэм.

ЛIыгъур и анэм жиIар и гум ирихьыну Iэмал зимыIэт: зыгуэрым игъэфыза фызу къишэн, хъыджэбз щымы Iэж хуэдэ, арщхьэкIэ «бyxъ» жиI эу и жьэ къыжьэдэкIынутэкъым.

Барчо ищIэнур и гум къэкIати, къэпсэлъащ:

– НтIэ, мыбы хуэдэу дызэгуро Iуэ: фокIэщIыр уасэу сэ срикъунщ, уэ нысэ ухуейщи, нысэр сэ къыпхузогъуэт. Нобэ сыт

махуэ? – жеIэри щIоупщIэ.

– Махуэкущ.

– Махуэкущ. НтIэ, ди шыпхъу, махуэкуищ докIри еплIанэм фи нысэр къашэ. Бэрзэджхэ пхъу дахэ дыдэ цIыкIу яIэщи, къыфхуезгъэшэнщ...

– Ар лIы ират, –жиIэри шулIыгъусэ нэхъыжьыр къэпсэлъащ, Барчо имыщIэ и гугъэу.

– Абы къылъыхъуми игъуэтынщ, умыгузавэ. Си Iупэм укъытемыс. Сэ сощIэ абы къылъыхъур.

– Си щIалэр и щхьэ хуитыжщ, лIакъуэлIэшщ, тхьэм и шыкуркIэ. Езым хуэдэ щхьэгъусэ хуэфащэщ, – жиIэри Дэфэрэдж къыщIигъуащ, унэIут хъыджэбз къыткIэщIидзэмэ жиIэу къэгузэвауэ.

Барчо псалъэм кIэ иритащ:

– Уасэр мис, нысэр, тхьэм жиIэмэ, къыфхуэзгъэсынщ. СхузэфIэкI закъуэмэ, сэри фи хьэгъуэлIыгъуэм сыкъэкIуэнщ.

– Тхьэм жиIэ, тхьэм уи мурадыр къыпхуищIэ.

Пщэдджыжьым жьыуэ хьэщIэхэр шэсыжу хуежьащ. Дэфэрэдж бжэщхьэIум къызэребакъуэу хъуэхъуэн къыщIидзэри шы фIэдзапIэм нэс хьэщIэм якIэлъыкIуащ, и хъуэхъур имыухыу. Барчо шэсыжауэ щIалэм еупщIащ:

– Узэда фокIэщIыр?

– Узэдащ, тхьэмадэ, хуэсакъ.

– Дэдзейт атIэ уи пыIэр, –жиIэри Барчо и шулIыгъусэ нэхъыжьым зыхуигъэзати, модрейми и пыIэр зыщхьэрипхъуэтри дридзеящ. Барчо зы напIэзыпIэм еуэри пыIэм щыщ къыкIэриудауэ къехуэхыжащ. ШулIыгъусэри шым къелъэтэхри и пыIэри абы къыкIэриуда тIэкIури гуфIэу кьищтэжащ:

– Уэлэхьи, тебгъэхуамэ. Дауэ иджы мыр? ПыIэ ныкъуэу?– жиIэу. АрщхьэкIэ и гуапэжь хъуауэ пыIэм къыкIэриудари и пыIэ тхьэкIэм дилъхьащ, нэсыжмэ, и ныбжьэгъум яригъэлъагъуну.

– Уи шэрыуагъыр зымыщIэ щыIэу сэ сщIэркъым, – жиIэри шулIыгъусэр шэсыжащ.

ЛIыгъур аргуэру фокIэщIыр иузэдри зритам иритыжащ.

Дэфэрэдж а махуэм щыщIэдзауэ хьэгъуэлIыгъуэм зыхуигъэхьэзырын щIедзэ, абы езым мащIэ пылъ? Мазэр зыми щыщкъым, илъэс ныкъуэм пхузэфIэкIмэ, пIалъэр нэхъ игъэкIуэтэну щхьэ жримыIарэ Барчо. Къытхуишэнур нэбгъузкIэ нэхъ мыхъуми дигъэлъэгъуащэрэт, щIалэм и гум иримыхьынуми пщIэркъым. Ахэр и гум къэкIыжа щхьэкIэ, пщIэжыркъэ езы Дэфэрэдж гъукIэм щрата махуэр. Къетаууэ тхьэм зи ахърэт дахэ ищIыныр къеупщIыххакъым, удэкIуэн-удэмыкIуэн жиIэу. Езы Хьэкурынэри «си пщылIщ, сызэрыхуейуэ сщIынщ» жиIэри унафэр ищIри зэфIэкIат. ИтIани нэмэзмыщI дахэ дыдэ цIыкIу мыгъуэу къыщIэкIамэ арат анэр зыхуейр.

ЛIыгъур и кIыщым щIэтщ жэщ-махуэ жимыIэу, Iэдакъэм

щIэкIыр бэзэрым ишэрэ и анэр зыхуей илъэпкъыр къищэхуу. Дэфэрэдж зыхуейуэ хъуам ущIэмыупщIэ: зэмыфэгъуу шылэ, кIыщмыр, дарий моф, къэдабэ, дыщэ Iуданэ – Iэджэ мэхъу, езыри хэдыкIынкIэ, уагъэ щэнкIэ ахъырзэманщ, арщхьэкIэ гъунэгъу хъыджэбз, фыз, сэ сщIэрэ нэхъ зыхущIыхьэну хьэблэм дэсыр, щIыхьэху ищIри, щхьэж сыт хузэфIэкIынуми псоми унафэ зырыз яхуищIащ, езыр щIыхьэху зыщIэ цIыхубзхэм яхуопщафIэ, егъашхэ, зэзэмызэ къыдэхуэмэ, нэхъ щIыгъуей гуэр ещIэ. Фадэм и ужь нэгъуэщIхэри итщи, ялъэкI къагъанэркъым.

Ауэрэ мазэ пIалъэр йокIыр. Ярэби, дыкъигъэпцIауэ къыщIэкIмэ, дыкърикъухьакъэ мыбы жиIэу Дэфэрэдж и гум къыщыкI дыдэм, хъыбар къэсащ: «КъокIуэ-къашэ». Иджы дауэ пщIыну: псори хьэзыр хъуакъым. Арати, зэгурыIуащ, ЛIыгъур и ныбжьэгъуу къуажэ гъунэгъум дэсым я деж ирашалIэу абы тIэкIу зыщаIэжьэну. Барчо и псалъэр игъэпэжащ, хъыджэбзыр Дэфэрэдж зыщIэхъуэпсым хуэдэу щIалэт, нэмэзмыщI цIык Iут. А хъыбарыр хьэблэми къуажэми дэз хъуащи, псоми яфIэгъэщIэгъуэнт, хэту пIэрэ гъукIэ щIалэм къыхуашар зи пхъур жаIэу. Нысэ къашам и мызакъуэу, шу гуэрхэри и гъусэт.

Нысэр къэзышэм япежьэнухэми загъэхьэзыр, игъащIэм адыгэм яшхыр я дзажэм дыхьэнукъым, фызышэ къэхъуамэ, иужьк Iэ яIуэтэжмэ, иридыхьэшхыжын хуэдэу зыгуэр къамыгупсысмэ. ЛIыгъур нысашэм хигъэтыну щIалэхэми къагупсысащ убых шу гъусэу нысащIэм къыдэкIуэр дэкум хуэдэу къагъэпцIэну, я щыгъын хьэбыршыбыру куэд лъандэрэ хыфIадзэжар къыдалъэфыжу зыщатIэгъэну. Хъуныр зэуа пыIэжьхэри зыщхьэракъуэ, упщIэ бгырыпхри зыщIапхэ, гуэбэнэч зыщыгъи яхэтщ – уеплъмэ, пыпхъуэщ жыпIэну, фейцей дыдэу захуапэри мэшэс.

Убыхым я деж къикIа щIалэхэр бэлыхьу хуэпащи, зыкърах, мо фейцей къомыр щалъагъум, зэщIодыхьэшхэ, арщхьэкIэ я щыгъын зэрахъуэжын хуейуэ зэрыщытыр я гум къыщыкIыжым къогузэвэж: «Дауэ ди щыгъыныр етту, езым ящыгъхэр къазэреIытхынур?» – жаIэу.

– Хъыджэбз хъарзынэ цIыкIу мыгъуэр мо факъырэ къомым дауэ еттыну? – жиIэри зыгуэри къэгузэващ. НэгъуэщIми жаIэ:

– Барчо нэфт? Сыту имылъэгъуарэ?

– ФокIэщIыр щилъагъум, и нэр зэкIуэкIа хъунщ.

– Щауэм дыхуэвгъазэ, и щхьэм шэ итми шху итми тщIэркъым. Ари факъырэу къыщIэкIмэ, ди шыпхъур тшэжынщ.

– НэхъыфIри аращ.

Убых щIалэхэр зытегузэвыхьым гу лъамыта хуэдэу, ЛIыгъур и ныбжьэгъухэр зэрогъэкIий, зэрызохьэ:

– Ей, адыгэ хабзэщ, зиунагъуэрэ, ди щыгъын зэдвгъэхъуэж!

– Уэлэхьи, арамэ, дызэблагъэщ, дызэкъуэшщ, дызэхъуэжэнщ Iэмал имыIэу!

АрщхьэкIэ дэнэ – убых щIалэхэм ядэркъым: «Дэ Мухьэмэд бегъымбарым и дзэм дыхэткъым, дызэхэфыщIэжауэ дгъэзэжын хуэдэу», – жаIэри.

Адыгэми къэгубжьа нэпцI защI, лIо ди благъэхэм дызэрамыпэсу ара жаIэри.

– Зи щыгъын зыхуэхъужыр щыгъын зыщыгъыр аращ.

Шу гъусэхэмрэ ЛIыгъур игъэкIуа щIалэхэмрэ зэзэуэным нэсащ жа Iэри хъыбар Дэфэрэдж деж носри, цIыхубз къомыр къызэроIэт. Уэй, нэхъыжь щIыжаIэр нобэ хуэдэ махуэщ, жаIэри лIыжьхэм я деж мажэ, къызэрогъэбырсей, арщхьэкIэ ЛIыгъур игъэкIуам Мэш яхэтт нэхъыжьыIуэуи, хьэлэбэлыкъыр зэригъэзэхуэжащ.

Я хабзэр Мэш тыншу ещIэр, щIалэхэр мыхьэкъувыкъуу псэуфынукъым – Фарз псым зэгъунэгъуу къуажитI Iусщ куэд лъандэрэ – Мэрэтыкъуэрэ ПIатIыкъуейрэ, а къуажитIым щIалэгъуалэу дэсыр игъащIэми зэпеуэу, лIыгъэр яхуэмыгуэшу зоныкъуэкъу.

Зы къуажэм уикIыу адрей къуажэм укIуэн щхьэкIэ, псы ятIэшхуэм узэпрыкIын хуейти, ПIатIыкъуей щIалэм ящIэр арат: псы ятIэм щикIым ялъыгъа вакъэр псы Iуфэм Iут мэжджытым щагъэпщкIурт, я блэгущIэм щIэлъу яIыгъа вакъэр щатIэгъэжырти, къабзэлъабзэу джэгум кIуэрт. Мэрэтыкъуэ дэс щIалэхэм абы гу щылъатэм, кIэлъыплъри мэжджытым щIалъхьа вакъэхэр ягъэпщкIури модрейхэр зэхэуцIэпIауэ джэгум къыщыкIуэм ящIэнакIэу яублэри зэмызауэу хъуакъым. ПIатIыкъуей щIалэхэр зэгурыIуащ я гъунэгъум къращIар хуамыгъэгъуну. Арати, шыбжий хьэжыгъэ яхьри ПIатIыкъуей мэжджытым щIэт къубгъаным иракIутащ. Нэмэз зыщIыну къакIуэу андез зыщтэм абы гу лъамытэу, шыбжий зыхэлъ псымкIэ андез ящтати, нэмэз ящIу здытетым псчэ бэлыхьлажьэр къащыхьэри, къэхъуа-къэщIар къахуэмыщIэу, молэри мапсчэ, и нэпсыр къыщIож, нэмэзыбзэр дахэ-дахэу хужыIэркъым. НтIэ, уз бэлыхьлажьэ гуэр къыдэуэлIащ, жаIэу, ерагъкIэ нэмэз тIэкIур зэфIагъэкIри щхьэж и унэ бжэн лъакъуэ – зэбгрыкIыжащ.

Мэш я къуажэдэс щIалэгъуалэм къуейщIеин зэрафIэфIыр ищIэрти, хьэщIэм я гур дахэ яхуещI:

– ФыкъэмыпIэнкIыт, си къуэш, дэри пэкIэ псы дефэркъым, ди щIалэхэр гушыIэным дихьэхмэ, Iиблис псы зэрефэ фалъэмкIэ фадэ ефэнкIи мэхъу, ажэгъафэу захуапэри зауэм Iуохьэ, фэри къывдогушыIэри аращ армыхъуамэ, фаджэу дунейм дытеткъым.

Убых щIалэхэр зэрогъэкIий:

– ГушыIэк Iэ зымыщIэр IэштIымкIэ мауэ.

Ари Мэш яхуидакъым:

– Догуэ, вгъэзэжмэ, Барчо дауэ фыфIэк Iын фи гугъэ? Уэлэхьи, фыфIэмыкIын. Барчо ткIийщ, пхъашэщ, хабзэшхуэ хэлъщ.

Фыдэджэгуу идэнкъым.

Убых щIалэхэри езыр-езыру зэдауэу хуежьащ, къаша нысэр яшэжрэ ягъэзэжмэ, фIы зэрыщIамыхынур ящIэу, Барчо къэгубжьрэ «сэ къызэмыдаIуэ пщылI сыхуейкъым» жиIэрэ уищэмэ, сыт пщIэжынур? Ти, хьэщIэхэр зэдауэ сытыхукIэ, ЛIыгъур игъэкIуахэми къагъэзэжщ я унэм, къекIуу захуапэщ, джэгу кIуэмэ, зэрызахуапэм хуэдэуи, къэшэсыжри къэсыжащ.

– ВжесIатэкъэ? Хэт я гуащэу зыкърахрэ иджы абыхэм, – жиIэри Мэши хьэщIэмрэ бысымымрэ зэригъэкIужащ.

Убыххэм я зыгъэгусэр щымыIэжу, хъарзынэу щыгъынкIи сыткIи зэхъуажэу къаублащ, нэхъыфI, нэхъ Iей жаIэу зэмыныкъуэкъуу. Уэредадэшхуэр къыхадзауэ хъарзынэу псори зэдожьу. Мэши унэм щIохьэ, нысащIэр IэкIэ къыщIихрэ гум къригъэтIысхьэу къашэну. Хъыджэбз гъусэу нысащIэм бгъэдэсынухэми загъэщIэрэщIауэ, нысащIэм нэхърэ дэ сыткIэ дынэхъ Iей жыхуаIэ щIыкIэу, я нэIэ нысащIэм тетщ. НысащIэ цIыкIур, щхьэтепхъуэшхуэр телъу, Мэш унэм къыщIихыу щалъагъум, бжэIупэм Iутхэм фоч ягъауэу, пшынэ еуэу, къафэу щIадзащ, Iэгури щIауд.

НысащIэр гум ирагъэтIысхьэри фызышэр ежьащ, гум и ужь ит шухэм уэредадэшхуэр жаIэу, здэкIуэм тету пыIэзэфIэхь жаIэрэ шыгъажэ кIуа хуэдэу къызэдэжэу. ЛIыгъур и пщIантIэм цIыхуу дэхуэр дэтт, батэкъутэр ягъэшу, куэбжэ пкъоми кIыщым и щхьэми нып фIэдзат: маржэ, ди хьэгъуэлIыгъуэм фыблэмыкI, фыкъеблагъэ жыхуаIэ щIыкIэу. Абы хуэдизу цIыхур Iув щхьэкIэ, щхьэж къылъысыпхъэр къылъыст, зи шыпхъу джэгум хэт щIалэхэри я шыпхъухэм хуэсакъыжырт, япхъуатэу ямыхьащэрэт, жаIэу.

Фызышэр куэбжэм къэса щхьэкIэ занщIэу удагъэхьэнт – дагъэхьакъым, «гъуэгупщIэ» жаIэри. Ар зыIэщIыхьари арэзы хъури фызышэм хэта къомри мо цIыху Iувым къахыхьащ. Аргуэру Мэш нысащIэр къиIэтри унэм щIихьащ, хъыджэбз гъусэхэр и ужьым иту. Езы щауэр и ныбжьэгъу гуэрым я унэ хэщIапIэ щищIауэ щыIэт, щауэишыжыр къэсу зэ слъэгъуащэрэт къысхуашар жиIэу.

Къамылапщэу плIы къашати, зэпымычу тIурытIурэ, къепхъых къыщрапхъыхым къащыпа ахъшэ жьгъейр ялъытэу, зэныкъуэкъуу къуэгъэнапIэм къуэст.

Къуажэм дэсыр я унэм щIэмызагъэу къызэхуэсат хьэгъуэлIыгъуэм хэмытым и махуэ мыгъуэуи, фызышэр узэрыхуейм хуэдэ хъуащ, къуажэ гъунэм ТхьэщIагъыжь пэмыжыжьэу губгъуэшхуэм шыгъажэ щащIащ, дэ цIыкIу бла защIэу ныпыр зэфIахьу. Унэми джэгур щокIуэкI, нэхъыжьхэр къэмытэджу зэхэсщ, я хъуэхъуэн щамыгъэту. ЩIалэ цIыкIухэр зэрызохьэ, IурыцIэлъ ирахьэжьауэ. Пщыхьэщхьэ хъури – унэишэ ящIащ, нысащIэм къепхъыхыр аргуэру кърапхъыхыу, лэгъунэм жин

щIэмыхьэн папщIэ, фочкIэ еуэурэ унащхьэм тета чырбыш уэнжакъыр кърагъэщэщэхащ. НысащIэр унэм зэрыщIашэу, Дэфэрэдж, зи абгъуэ къилъэта джэдкъуртым ещхьу, унэм къыщIэщIэфтри уэрамым дэлъэдащ:

– Уэхьэхьей, дэлъху сиIэ мыгъуэмэ, гущIэгъу къысхуэфщI. Бэрзэджхэ я пхъум си унэм сыкъыщIихуащ, екIуэлIапIэншэу сыкъэвмыгъанэ, – жиIэрэ къыщIахупауэ пIэрэ-тIэ мыр жыуигъэIэу. АрщхьэкIэ хабзэм зыдищIу арати, пщIантIэм дэтым къыхуэгузавэ хуэдэу защIами, ягукIэ дыхьэшхырт. Убых хьэщIэхэр къэпIейтеяуэ зэрызехьэрт, я благъэ нанэм игу дахэ хуащIу. Езыхэми къагъэхьэзырат шэнтышхуэ, и лъакъуэр щыхь лъакъуэм ещхьу, чэщей жыгым къыхэщIыкIауэ, щабэу бланафи теIулIауэ, мэз бжэным и щхьэри дахэу тещIыхьауэ. Абы ищIыIужкIэ ажафэ бэлыхь нэмэзлыкъ хуэдэу яIыгът, Дэфэрэдж хуагъэтIыгъуэу. Зэрызехьэм Мэш яхэмыту хъунт, джэгуакIуэ хъужыр аращи, елъэIу хуэдэу зэщIи:

– Уэ, Дэфэрэджу ди шыпхъушхуэ, уи убых благъэр мэгузавэ: ди шыпхъур щынэм хуэдэу Iэсэщ, псынэм хуэдэу къабзэщ, и бзэр IэфIщи, гуапэщ, гуащэм хуэгумащIэщ, пщIантIэм удэмыкI, унэм уимыкIыххэ, мис уи шэнтри тахътэщ, тетIысхьэжи тес, – жиIэу.

Дэфэрэджу плъагъуми къегъэзэжри, нысащIэм хуэдэу и блыпкъыр фызхэм яIыгъыу, унэм щIашэжри, шэнт бэлыхьлажьэм трагъэтIысхьэжри хъури бзыри йохъуэхъу:

– Тхьэм шэнт угъурлы ищI.

– Тхьэм уи нысэ цIыкIури узыхуей дыдэу къыщIигъэкI.

– Убых нысэ жыпIати, тхьэм къыуитащ.

– Уи унэр уардэ унэжьу, выжьыр щаукIыу тхьэм ищI.

Езы Дэфэрэджи зигъэщIеяуэ шэнтым тесу мэхъуахъуэ:

– СыкъэвгъэлъэпIащ, тхьэм фыкъигъэлъэпIэж, къысхуэфщIар дунейкIэ фхуэзмыщIэжми, ахърэткIэ тхьэм къыфхуищIэж.

Пшапэр зэхэуа, зэхэмыуа жыпIэу, аргуэру уэредадэ макъ къоIу: ар щауэишыжыр щауэкъуэтыр и гъусэу къэсыжауэ арати, джэгушхуэ зэпагъэуар аргуэру къаублэж, унэм щIэсахэр бжэIупэм къызэрохь. Арыншэуи хъурэ: щауэм щауэбжьэ иратынущ, лэгъунэм щIыхьэжыным и пэкIэ. Ныбжьэгъуу щауэр къэзышэжам я уэрэдым зеукъуэдий:

*Щауэ махуэр ныдошэ,*
*Зыхуэтшэжыр Iэщхьэхукъэ,*
*Iэщхьэху дахэр мэтэджыр,*
*Ар щIэтэджыр ди щауэщ.*

Мэшрэ Дэфэрэджрэ зым фадэ фалъэ иIыгъыу, цIыхубзым ерыскъыр иIыгъыу, щауэм и пащхьэм къиувэри Мэш абы хуэдэм деж жаIапхъэ къигъэнакъым, хъуэхъум я нэхъ дахэр абы хуэдэу

зыщIэ гъуэтыгъуейти, жиIащ.

Щауэишыжри хъарзынэу зэфIэк Iащ. Иджы бэлэрыгъыпIэ зимыIэр хэт? Щауэкъуэтыр аращ.

Абдежым щыщIэдзауэ ЛIыгъур лэгъунэм щIэлъщ, «сыхэмыжеящэрэт» жиIэу пщэдджыжь нэхущым къэтэджрэ щауэу здэкIуэжа и ныбжьэгъум и гъусэу дэкIыжу. Ахэри зэфIокIри щхьэж и Iуэху и ужь йохьэж. Дэфэрэджи «Бэрзэджхэ япхъу» жеIэри и нысэ цIыкIур и псэм хэлъми химыхыну елъагъу. Дэнэ кIуэми, хуэмыIуатэр аращ, езыми тIэк Iу IэщIэгъупщыкIа убыхыбзэр къигупсысыжауэ и нысэм бгъэдэсыныр и насыпышхуэщ. Япэм и Iэ нэмысу щытамэ, иджы фыз Iэзэу и цIэ мэIу, гъэмахуэу удзыр щыгъагъэм деж губгъуэм кIуэуэрэ удз хущхъуэ зэхуехьэс, пкIэунэм уихьэрэ уиплъэмэ, адэкIэ-мыдэкIэ удз Iэрамэхэр фIэдзауэ щегъэгъу, удз лъабжьэ, пхъафэ зэмылIэужьыгъуэ – зи фIэмылъ щыIэкъым. Куэд дэмыкIыу Дэфэрэдж къыкIэлъыкIуэр и къуэм и кIыщым къакIуэм нэхърэ зыкIи мынэхъ мащIэ мэхъу.

Иджы сыт Дэфэрэдж хъуэпсапIэу иIэр? «ЩIалэ цIыкIу къысхуалъхуащэрэт» жиIэу аращ, щIалэр лъэпкъым и къупщхьэщи, япэ зыщIэхъуэпсыр аращ. Бэрзэджхэ я пхъур лъхуэрэ щIалэ цIыкIу къыщилъхум, кхъуейплъыжькIэрыщIэ хуащIри щIалэгъуалэр къызэхуосри аргуэру я дуней гуфIэгъуэщ, къалъхуам Ахуэмгъуэт фIащ, дызыхуэныкъуэу къэдгъуэта жыхуаIэу. Япэ къалъхуам щхьэкIэ «дызыхуэныкъуэ» зэрыжаIэр тхьэм и деж нэсауэ ара, е нэгъуэщI: Дэфэрэдж и нысэ цIыкIур гъэ къэс лъхуэурэ бынунагъуэшхуэ хъуащ, сабийм я цIэр Дэфэрэдж фIызэхэгъуащэрэ зым къеджэнумэ, адрейм и цIэр къыжьэдэхуу.

Гъунэгъу фызхэр щыгушыIэ щыIэт:

– Уи нысэм зэ щигъэтыжыпхъэт лъхуэн, сабий пщыкIузыр хуэпIмэ, хъарзыни ар,– жаIэу.

АрщхьэкIэ Дэфэрэдж яхуидэртэкъым:

– ЦIыхур шхэнумэ, зы жьэщ, лэжьэнумэ, IитI-лъакъуитIщ, къэхъумэ, лъэпкъ хъунщ, – жиIэрти. Ар жи Iэми, нэк Iэ елъагъур и нысэр гугъу зэрехьыр, езыми ищIэныр къолыж, уеблэмэ мэкъуауэгъуэр къэсмэ, шэмэдж къиштэрэ мэкъу щыпиупщI щыIэщ, къамылыши макIуэри къамыл пеупщIри егъэгъу, арджэн ищIыну. Къуэрылъху хъыджэбз цIыкIуу къыщIэхъуэри IэпщIэлъапщIэу егъасэ, цIыкIу щIыкIэ къыщIедзэри. «Сымаджэ диIэщи, унакIуэрэ утхуеплътэмэ», – жаIэу зыгуэр гузавэу кърекIуэ – игъэщIэхъунукъым, хущхъуэр здехьри макIуэ, пщыхьэщхьэкIэ сабийм яхотIысхьэри таурыхъ яжреIэ. Жи Iэм езыри дихьэхыжауэ зы таурыхъыр пщыхьэщхьэ хыщIрэ пщIыкIэ имыухыу щыжиIа щыIэщ, зэгуэр тырку пащтыхьыр къеджэри Истамбыл яшауэ щытащи, абы и хъыбарыр телъыджащэу еIуэтэж. И кIуэкIэ хъуар мырат.

Махуэм дыгъэр благъуэм зыIуригъэлъадэу жылэм ща-

лъагъум, гужьеяуэ зэрызехьэрт, ящIэнур ямыщIэу, пэгун, лэгъуп сытхэр къащтауэ ягъэву, мэIэуэлъауэ, фоч зиIэм къищтауэ уафэм доуей, благъуэр ягъэщтэн я гугъэу. Молэми цIыхур зэхуишэсауэ нэмэз ирегъэщI, сохъустэхэм зэчыр жаIэ. Фызхэр гузавэу фочкIэ уафэм дэуейм йолъэIу:

– Тхьэм и хьэтыркIэ щыгъэт, благъуэм соуэ жыпIэурэ ды-гъэм тебгъэхуэнщи, къебгъэщэщэхынщ. ИтIанэщ дыщысэхы-жар.

Благъуэм зыIуригъэлъадэ дыгъэр хуемыгъэхарэ, е ягъащтэу къыжьэдэхужа – махуэр аргуэру нэху къэхъужу хуежьэри цIыхур къэгуфIэжауэ нэхъеижу зэрызохьэ, къофэ, зэчыр жаIэ, зэрогъэхьэкъувыкъу –дунейм техуэжыркъым.

ЕтIуанэ махуэм молэм уаз итати, жэм фIыщIэ зыбжанэ яукIри тхьэлъэIушхуэ ящIу, ХьэтIрэмт Iыгу дэс пэщэуэ зи бэракъым шыкIищ кIэрыщIар, шу гъусэхэр иIэу, къуажэм къэсри занщIэу Дэфэрэдж къыщIэупщIащ: «Дэнэу пIэрэ щыпсэур?» – жиIэри. Дэфэрэдж куэдым къызэрацIыхури, куэд къыкIэлъыкIуэу зэрыщытри зымыщIэ щыIэт – итIани тырку пащтыхь ныкъуэу псы Iуфэм Iусыр фыз Iэзэм къыкIэлъыкIуэну хэт и гугъэнт? Ар яфIэтелъыджэу тхьэлъэIум хэту ТхьэщIагъыжь щIэт къомыр пэщэм и ужь иту Дэфэрэдж и унэм зэрыхьащ.

Езы Дэфэрэджи фIэгъэщIэгъуэнт: «Мыр сыту пIэрэ къызы-хэкIар?» – жиIэу. Мызэ-мытIэу ХьэтIрэмтIыгу бэзэрым щыIами, абы дэс пэщэр илъэгъуауэ щытакъым, езы къэкIуар л Iы ты-къырт, и IитIыр кIыхьрэ и лъэгуажьэм фIэкIыу, нэкIутIэ-нэкIут Iэу, и нитIри къихуу. И гъусэ къомыр пэшым щIэмыхуэу бжэм къыIууващ. Пэщэм щIыхьышхуэ къыхуищIу Дэфэрэдж сэлам кърихати, зыхуихьынур къыхуэщIэртэкъым, итIани хьэщIагъэ йомыхмэ, емыкIут, шэнт къыхуигъэуври игъэ-тIысащ:

Пэщэри къопсалъэ:

– Дыщысуи дыгувэ хъунукъым: зи уз кIуэдын, ди пащтыхьу Алыхьу тэхьэлам и лIыкIуэм къиIуэхуащ икIэщIыпIэкIэ ПIатIыкъуей фыз Iэзэр си деж къэгъэс жиIэри. Къэзыгъэгузавэр сыт жыпIэмэ, и фыз тхьэIухуд къомым емынэр къахыхьащи, Iисраф мэхъу. Дэфэрэдж хущхъуэу зыхуейр езым ищIэжу къыщIэкIынщи, кърещтэ, зышэну кхъухьыр къэзгъэхьэзырауэ сыкъэкIуащ, икIэщIыпIэкIэ емыжьэу хъунукъым, пащтыхьым и псэм хуэдэу илъагъу фыз нэхъ дахэ дыдэу француз цIыхубзыр сымаджэ хъуащ, зыгуэр къыщыщIмэ, ди гум ихункъым, къы-щыщIынуи алыхьым жимыIэ, алыхьым къихъумэну, алыхьым и ужькIэ Дэфэрэдж сыт и узкIи Iэзэу хъыбар Истамбыл нэсащи, къихъумэну дыщогугъ, – жиIэри пэщэр къыщIэкIуар езым псалъитIу жиIами, и тэрмэшым гурыIуэгъуэу къыжиIэжащ, француз цIыхубзым «си IэфIыкIэ цIык IукIэ» пащтыхьыр зэре-джэри къыщIигъужащ.

– Фи сымаджэм тхьэм гущIэгъу къыхуищI, сэ зисчу сежьэн папщIэ, зы махуэл сыхуейщ, – жиIэри Дэфэрэдж ежьэным зэры-триухуэр хьэщIэм гуригъэIуащ.

Пэщэм къытрикъуззэщакъым:

– Махуэ пIалъэр куэдкъым. Дэ дыхьэзырыпсщ, пащтыхьыр уи закъуэкъым зэлъэIуар, Айя-Софие мэжджытышхуэм и ефэнды нэхъыщхьэми елъэIуауэ нэмэз ярегъэщI, Алыхьу лъэщым йолъэIу, «емынэ узыр тщхьэщыгъэкI» жаIэу.

Пэщэр дэкIыжащ, зэрыса фитоныр Дэфэрэдж къыхуигъанэри. Хъыбарыр занщIэу къуажэм дэз хъуащ, дыгъэ къуилъафэ пэтар ящигъэгъупщэжу.

Къуажэм дэкIщ хъыбарри, нэгъуэщI щIыпIэ Iэджэми нэсати, цIыхум ягъэщIагъуэрт, «Дэфэрэдж фыз Iэзэ зэрыхъуар тырку пащтыхьым дауэ къищIа?» жа Iэу. Къуажэм дэс фызхэри тхьэусыхэрт, «дэ мыгъуэ зыгуэр къытщыщIмэ, хэт и деж декIуэлIэну?» жыхуаIэу.

ЕтIуанэ махуэм хущхъуэу зыхуеину илъэпкъыр гум ирилъхьэри, езыр пэщэм и фитоным исуу ХьэтIрэмтIыгук Iэ иунэтIащ, Истамбыл кIуэуэ. Гъуэмылэ сыт хуэныкъуэххэтэкъым, шхыну кхъухьым щимыгъуэтын щымыIэу арати, ежьащ.

Псы Iуфэм носри – езы пащтыхь ныкъуэу къэкIуауэ щытар къыпоплъэри щытщ, кхъухь дахэшхуэ гуэри кхъухь тедзапIэм деж щытщ. «Узэрынэсу Истамбыл дэт мэжджыт щхъуантIэм щIыхьи, Алыхьым елъэIу», жызыIи щыIэт. Дэфэрэдж и хьэпи и шыпи япхъуатэри кхъухьым иралъхьащ, езыри ирагъэтIысхьащ, къыхуэсакъыпэу.

Пащтыхь унафэмэ, куэдрэ: Дэфэрэдж икIэщIыпIэкIэ Истамбыл носри, занщIэу пащтыхьыр зыдэс къалэм яшэри къыжраIэ: «Сыт пщIэнуми щIэ, къыппэрыуэну псэ зыIут хуиткъым, япэр арауэ, пащтыхьым и «IэфIыкIэ цIыкIум» узыр къеуэлIащи, Iэмал къыхуэгъуэт», – жаIэри. Езы Дэфэрэджи къэуIэбжьащ, мин бжыгъэкIэ ябж цIыхубз дахэ защIэу пащтыхьым и фызу къалъытэм емынэ уз къахыхьамэ, упэлъэщыныр гугъу дэнэ къэна, Iуэху цIыкIуфэкIутэкъыми. ЗэрыжаIэмкIэ, зыкъоми яхэлIыкIри щIалъхьэжащи, къэнар гужьеяуэ къогъыхри зэхэсщ, дунейр яфIэмыдэхэжу. Псом хуэмыдэжу уагурыIуэ хъууэ щытами зыгуэрти: цIыхубзитI зэлъэпкъэгъуу гъуэтыгъуейщ, дэтхэнэ зыри нэгъуэщI къэралыгъуэ кърашащи. Пащтыхьыр псалъэ яжримыIэххэу дэтхэнэми гурыIуэ щхьэкIэ, Дэфэрэдж дауэ ягурыIуэнт, итIани емынэ зэфыкIым и хущхъуэр зыти, нэхъапэ щIыкIэ фыз къомыр зэхидзащ, уз зэфыкI илъэпкъыр щхьэхуэу, зэмыфыкIыр щхьэхуэу, зэлъэI эса мыхъуу ищIри. Пащтыхьым и «IэфIыкIэ цIыкIур» уеплъмэ, уи нэр къигъэджылу дахащэт, гуакIуэт, тхьэ Iухуду уафэм къехащ жыпIэнт, а цIыкIур пэш щхьэхуэ щIигъэгъуэлъхьащ.

Мазэрэ ныкъуэрэ щыIащ Дэфэрэдж пащтыхьым и фызхэм еIэзэу. И фызыр нэхъыбэ пэтми, пащтыхьым и лъэкIыныгъэр нэхъыбэ хъууэ, и Отоман къэралыгъуэми зиубгъуу арат зытрищIыхьри, ар къемызэгъыу физ Iэзэм къилъытащ, мыбы хуэдиз цIыхубз дахэ зэхуилъэфэсауэ зэриIыгъыр фIэнасы-пыншагъэу. ЦIыхур Iувыщэти, зы сымаджэ хъумэ, ар зылъэ-Iэсми узыр къоуалIэ. Дэфэрэдж Iэмал хуимыгъуэтурэ Iэджи лIэри щIалъхьэжащ, абы къыщIэна хьэпшыпыр, щыгъыныр ягъэса щхьэкIэ, лIам и щыгъэ, тхьэкIумэ тхьэгъу, дыщэ Iэлъын сытхэр ехъуапсэурэ зыгъэпщкIуари лIам лъэщIыхьэжырт. «Дапщэ хэщIа, хэт лIа?» – жиIэу пащтыхьыр зыми щIэупщIэр-тэкъым, француз цIыхубзым фIэкIа. Дэфэрэджи и насып къикIыгъуэти, а цIыхубз дахэм зыкъиужьыжу гу лъитати, зан-щIэу пащтыхьым хуиIуэхуащ, «Алыхьым узэрелъэIуар къабыл ищIащ – «IэфIыкIэ цIыкIур» къэбэдзэуэжащи», – жиIэри. А хъы-барыр пащтыхьым щызэхихым, молэуэ Истамбыл дэсым яхуиIуэхуащ мэжджыт псоми нэмэз щащIурэ Алы-хьым фIыщIэ хуащIыну.

Сымаджэхэри хъужу, игъуэ нэмысу дунейм ехыжахэри ягъеижа нэужь, Дэфэрэдж пащтыхь иджыри къэс зытемыплъам ириджащ, физ Iэзэм игъэзэжу кIуэжыну мэлъаIуэ жаIэу зэхиха-ти. Пащтыхьым и пащхьэм къыщихутэм, Дэфэрэдж зыкIи къэ-гузэвакъым, къыщыкIуам щыгъуи зэпсэлъэххатэкъым, IэзапщIэ сыт, жиIэу, абы хуэдэ хабзи Дэфэрэдж хэльтэкъым, игъэхъужа-ми «сэ згъэхъужащ» жиIэртэкъым, «тхьэм гущIэгъу къыхуи-щIащ» жиIэ фIэкIа.

Пащтыхьым пщIэшхуэ къыхуищIащ, псом хуэмыдэу француз цIыхубзу и псэр зыгъэтыншу и гум жьы дезыгъэхур зэригъэхъужар хуабжьу и гуапэ хъуати, къеупщIащ:

– АтIэ, жыIэ иджы узыхуейр, уэ пхуэзмыщIэн щыIэкъым, уи пащтыхьыгъуэр къызэт жумыIэ закъуэмэ.

Дэфэрэдж жиIэн къигъуэтынут:

– Уи пащтыхьыгъуэри тхьэм игъэбыдэ, тхьэм гущIэгъу къызыхуищIу узыфэ бзаджэр зыщхьэщихар къезыгъэлар сэращ схужыIэнукъым, сэ схузэфIэкIатэмэ, узытет щIыр зэтес дахэу, зы быркъуэшыркъуэ имыIэу пхуэсщIынт, зы закъуэкIэ сы-къэбгъэгугъатэмэ.

Пащтыхьым и щхьэр къиIэтащ:

– Уэ къысхуэпщIар пхуэсщIэжыну сыхьэзырщ,– жиIэри.

Дэфэрэджи къыпещэ:

– Уи лъэкIыныгъэр инщ, тхьэм нэхъри нэхъ ин ищI, уи лъэкIыныгъэм къимыхьынкIи солъэIунукъым, солъэIуми, сы-щIынолъэIур си щхьэкъым.

– ЖыIэ. Сыт жыпIэми, пхуэсщIэнщ.

Мыдрейр зыхуейри арат:

– Мухьэмэд бегъымбарым жиIащ: «ЦIыхубзыр хэкум и лъапсэщ, цIыхубзыр ехъулIэмэ, хэкури йохъулIэ, цIыхубзыр щыкIуэдым, хэкур докIуэд», – жиIэри. Уэ къогъэзауэ цIыхубз мин дапщэ мыбы дэс? УтIыпщ а тхьэIухуд къомыр, ухуейкъым гъэрым, утIыпщи, быну ягъуэтым дагъэ къыпщахуэнщ.

Пащтыхьыр тахътэм зыкъомрэ тесащ, псалъэ къыжьэдэмыкIыу, и Iупэр кIэзызырт, зыгуэр жиIэну пIэрэ жыпIэу, арщхьэкIэ жиIэнур ищIэртэкъым, фыз Iэзэм фIы хуищIэну и гум илъти, ари къонэж.

– Уэ уи щхьэкIэ зыри ухуэмейуэ ара? – жиIэри пащтыхьыр къыщеупщIым:

– Си щхьэкIэ сызыхуейуэ зы щыIэщ: хьэжыщI сыкIуэу Мухьэмэд бегъымбарыр зэрыта щIыналъэм ситащэрэт жызоIэ.

Пащтыхьыр щыгъэ игъажэурэ тIэкIу щысыжри къэтэджыжащ:

– Абы нэхъыбэ ухуэмеймэ, хьэжыщI кIуэгъуэм зыхуэгъэхьэзыр, уэрэ узыхуей гъуситIымрэ къыфтекIуэдэнур Анапэ дэс пэщэм къывитынщ. Гъусэ пщIынур уэ уощIэж, – жиIэри.

Дэфэрэджу плъагъум къегъэззэжри, я къуажэ къокIуэж, Истамбыл щилъэгъуа щымыIэу.

* * *

Иджы сэри сешащи, сыпсэлъэжыфыркъым, Сэлимэ нэхъапэ ешын си гугъа щхьэкIэ, дэнэ, – и нитIыр къижу къызоплъри хэлъщ, нэху щыху хъыбар хуэсIуэтэн и гугъэу, арщхьэкIэ пызоч:

– НыщхьэбэкIэ куэдщ. Си бзэгум IэфI къытенэжакъым, тIэкIу сымыжеймэ, пщэдей си лъакъуэр къыщIэувэнукъым.

Сэлимэ ар и гуапэ хъуакъым:

– Уи анэшхуэм махуэ плIыщIрэ пщIыкIэ зэпымычу хъыбар жиIэфу щытащ жыпIакъэ?

– МазитIым нэскIэ цIыхур гъэпсалъи, и лъэ дэнэ къэна, и дзэр Iулъэлъыни. КъыкIэлъыкIуэм иужькIэ уедэIуэнщ. Уэри уи нэ цIыкIур зэтелъхьи, жей, – жызоIэри уэздыгъэр согъэункIыфIыр. – НэхулъэфI укъикI!

– Уэри укъикI.

Сэлимэ къызэрыспэщIэхуэ лъандэрэ сыхьэтитI-щы нэхъыбэ сыжеятэкъыми, ныжэбэ нэхъыбэрэ сыжеину си гугъэу сыгъуэлъыжа щхьэкIэ, си жей къакIуэркъым. Си анэшхуэм и гугъу зэрысщIар ара, е нэгъуэщI: сыщыцIыкIум си нэгу щIэкIар си гум къокIыжри сагъэжейркъым. Си анэм къызжиIэу щытащ «гуэгуш быным кIуэи кIэлъыплъ, уэ ужейнэдкъым» жиIэу. Сэри, ар щытхъу къысщыхъуауэ, сыкIуэрти жыг щIагъым сыщIэст джэдкъаз къаргъейм езмыгъэхьу, иджы цIыхубзым и

псэр схъумэну си пщэ къыдэхуащ. Ярэби, сыту псэ махэ цIыхур, итIани ар яфIэIуэхукъым. ЦIыхухъур цIыхубзым ириджэгурэ хыфIидзэжми мэхъу, сыт къащыщIми хъымпIар имыщIу, уеблэмэ цIыхухъу гуп зэхэсмэ, «цIыхухъур зауэми сытми хокIуадэ» жызыIи ухуозэ, цIыхубзыр лъхуэным, зауэ къэхъу-ми къэмыхъуми, йолIыкI зэпытри, ар зыми щыщу къалъытэр-къым.

Мы си щхьэм къихьар сытым щыщ жызоIэри абыи нэхъеижу сагъэжейркъым, ерагъыу жейм сыхилъэфа къудейуэ, Iэуэлъауэм сыкъагъэуш, арщхьэкIэ си нэр къызэтезмыхыу икIи зызмы-гъэхъейуэ сызыщIодэIукIри – Пыжьынэ и макъыу къыщIокI сыкъэзыгъэушар. Мыбдежым щылъыр сэрауэ ищIатэмэ, а цIыхубзыр къыщIэмыхьэххэнкIи хъунт, къыщыщIыхьакIэ, зы бэлыхьлажьэм зэрехуэ. Сэ зэхызох абы и Iущащэ макъыр: «Зди-хьар ищIэжыркъым, къыбгурыIуа? ПщIэну щыткъым, уи деж къэнауэ уи сумкIэ сытым дэлъу къыщIэкIынщ, дэплъэ адэкIэ-мыдэкIэ», – жиIэу.

Абдежым «сархъ» жиIэу сыкъызэфIотIысхьэ.

– Сыт сымаджэм къебгъэгъуэтыну узыхуейр? Сыту пIэрэ мыбы щыбгъэпщкIуар? НакIуэ модэ, – жызоIэри Пыжьынэ гужьеям зыкъезмыгъэщIэжу и Iэблэр соубыдри ординаторскэм солъэф чачэу, и лъабжьэр фIигъанэ пэтми.

– Мыхьэнэншэ гуэрщ... Дэнэ, на, сыздэпшэр? Дыкъомыгъэ-лъагъу дызэрызелъафэу. ЕмыкIущ.

– ЕмыкIу? Абы хуэдэу укIытэх куэд лъандэрэ ухъуа? Мыхьэ-нэншэмэ, укъэзыхуар сыт?

Пыжьынэ си нэр къритхъыным хуэдэу къызокIуэкI, сэри тIэкIу сыкъегъэгузавэ, къызэфыщIауэу щIидзэмэ, напэтех хъунущ жысIэу, арщхьэкIэ ординаторскэм дынэсмэ, фыз ерыщыр къызолъэIу гущIэгъу хуэсщIыну.

– Ей, уи анэ укъэзылъхуар узогъэлъэIу, сызыхуей тIэкIур къысхуэщIэ. Йы?

– Уэракъэ «ар къебгъэлмэ, сэ сокIуэд» жызыIар? НтIэ ар згъэкIуэду уэ укъезгъэлыну ара узыхуейр?

– КъедаIуэ сэ бжесIэм. ЛэтIифэ деж сыщыIащ сэ, къыбгуры-Iуа? Iуэхур зэрыхъуа-зэрыщIам къедаIуэри «жыпIауэ хъуар си фIэщ мэхъу» жиIэри сыкъыщIигъэкIыжащ. КъыбгурыIуа?

– Си Iэ зытелъ запискэри и фIэщ хъурэ?

– Уи Iэ телъ абы? СщIэххакъым уи Iэ абы телъу, – жеIэри Пыжьынэр плъыжь мэхъу, хужь мэхъу, и нэр егъэупIэрапIэ.

Сэ сощIэ: Пыжьынэ сыт зэхищIыхьми, хейуэ хокI. «Скорэм» щылажьэрти, хущхъуэу къаIихыр сымаджэм яримыхьэлIэу зыхуеймяришэу гурыщхъуэ хуащIати, и ужь ихьэри къахуэубыдакъым, «аборт ещI пщIэ къаIихыурэ» жаIэри зэхэзехуэн ящIа щхьэкIэ, къахуэмыумысурэ Iэджэрэ зэралъэфащ, итIанэ

къаубыдыпа щхьэкIэ, IэмалкIэ Iэзащэти, яIэщIэкIыурэ ежьэжу щытащ, зыгуэрхэр игъал Iэу ягъэтIысыху. Иджы си Iэ телъу запискэ иригъэтхащи, пэрыIэбапIэ хуэдгъуэтыркъым.

– Сэ сы-Лэт Iифэкъым, тIысэ, уи зы псалъэ си ф Iэщ хъуркъым, зыпхыгъэкI ар хьэкъыу. Уи зы псалъэ ари! Запискэ укъе-зыхуэкIыр экспертизэм яхьри дахэ дыдэу зэхагъэкIащ. Зыумысыжи нэхъыфIщ.

– Хэт и экспертизэ? Сыт жыпIэр зищIысыр?

– Графическэ экспертизэ жыхуаIэр умыщ Iэу ара? БжызоIэ, зыщумыгъэгъупщэ: запискэм Сэлимэ деж ущымылъыхъуэ. Ар здэщыIэпхъэм щыIэщ, сейфым далъхьауэ дэлъым, алыхь. Аргуэру ущIагуэмэ, сыкъэпщIэнщ, ауэ джэдылIэм здихьа бабыщу сэри сыздэфхьмэ жызоIэри, согузавэ.

Пыжьынэ зыкъищIэжауэ, и псэлъэкIэм зрегъэхъуэж:

– Умыгузавэ, джэдри кIуэдынкъым, бабыщри къэнэнщ.

– Къэнэни хуейщ. Сэлимэ зыгуэр къыщыщIауэ щытамэ, дыздихьынкIи хъунут. Уэра ар зымыщIэр?

– Хъунщ, блэкIа Iуэхущ ар. Уэри сэ нэхърэ узэрынэхъыфI щыIэкъым: сэ схуэдэ къабзэу уэри уабортмахерщ.

– Сыту умыукIытэу жыпIэрэ ар! Сэ абортмахерым сащымыщ, алыхь. Сэ сыдохутырщ, сыгинекологщ, сызыIут IэнатIэм сигури си псэри етауэ сы Iутщ, цIыхубзым садоIэпыкъу, бын ягъуэтрэ я быным я хъер езгъэлъагъумэ си гуапэу, уэ пхуэдэр аращ абортмахеркIэ зэджэр.

– «ЦIыху еукI» жыпIэну ара узыхуейр?

– УцIыхуукIкъэ атIэ? Псэ зыIут сабийр «аборт сощI» жыпIэу щыбукIкIэ, аракъэ цIыхуукIыр? Сабийм и анэри щыдэбгъакIуэ дапщэрэ къэхъуа?..

Пыжьынэ адэкIэ жысIэнум къемыдаIуэу, к Iэбгъу зищI ри унэм щIэжыжащ. Ар зэзгъэдэIуэжыну си гум къэкIыжар къыгурыIуэжауэ къыщIэкIынт, а хъыбарыр ноби цIыхум я жьэм жьэдэкIакъым, езы Пыжьыни ар и гум къэкIыжмэ, и диным икIыу къыщIэкIынущ. Хъыбарым и пэжыпIэр сэ фIыщэу сощIэри вжезмыIэу къэзгъэнэнкъым.

ЦIыхубзым я бэлыхь Iэджэм махуэ къэс дыхэту ди гъащIэр тхьыми, си гум имыхуу къинэжащ зы цIыхубз тхьэмыщкIэ гуэрым къыщыщIар. Ноби си нэгум щIэт хуэдэщ фейцей дыдэу хуэпа, зи ныбжьыр здынэса дыдэри тэмэму къыпхуэмыщI эн цIыхубз гуэр. Щэху дыдэу си кабинетым къыщIыхьати, зэуэ гу лъыстатэкъым, и пэр дрилъэфейуэ, зипIытI-зихузу цIыхубзыр бжэм къыфIэмыкIыу щыту щыслъагъум, си щхьэр къызоIэтри соплъэ – ари махуэ къэс къакIуэм ещхьщ, уэндэгъу хъуащи, къолъэIуну къэкIуащ. И бэлъто тIэкIур зэхэдыжащи, щыщ хэлъыжкъым, уеблэмэ зэщхьу метитI итыжтэкъым, цы IэлъэщIри плIыуэ уплIэнщIащ, зэхэфыщIащи, и лъэм ц Iыхухъу батинкIэжьитI щ илъыр, ари хьэлэчу ятIэ защI эу – жыжьэ къызэрикIар

нэрылъагъущ.

– Дэнэ укъикIа, на-а? ТIыс, – жысIэри сыбгъэдыхьа щхьэкIэ, зимыгъэхъейуэ и пIэм итщ, и щхьэри къиIэтыркъым, си макъыр щызэхихым, и гур къызэфIэнауэ къыщIэкIынти, зэщIэкIэзызэри зыхуэмышыIэу къэгурымащ. Сэри куэд лъандэрэ сощIэ: псоми къызэрыщIадзэр апхуэдэущ, уигу зыщIагъэгъун я гугъэу.

– ТIыс мыдэкIи, жыIэ узыхуейр.

ЦIыхубзыр гуащэм хуэдэу къызэщIэзубыдэри кушеткэм изгъэтIысхьащ, сэри сыбгъэдотIысхьэж.

– МыбыкIэ къыщIыхьэнуIа? – жиIэри цIыхубзыр бжэмкIэ плъащ.

– Сыт, къыщIыхьэмэ?

– НэгъуэщI щымыту дэ тIур дызэпсэлъамэ, арат сызыхуейр.

Си хьэщIэм жиIар сфIэауану жызоIэ:

– Дэ тIур дэни дыгъакIуэ, ещанэ ди мыгъусэну Iэмал зимыIэщ.

Си псалъэм цIыхубзыр къагъэгузэващи, и нэр къихуу зеплъыхь, хэту пIэрэ ещанэу кърихьэлIар, жыхуиIэу.

– Унэм щIэтIауэ слъагъуркъым…

– Сэри слъагъуркъым, ауэ щы дохъу, ухуей-ухуэмейми. КъыбгурыIуа? Уи ныбэм илъыр ещанэу, тIысэ. И ныбжьыр мазихым фIэкIащи, жытIэ илъэпкъыр зэхимыхыну Iэмал иIэкъым, зэхих дэнэ къэна, сэ жысIэр фIэмыIуэхуми, анэр щыпсалъэм деж къещIэ, мэгуфIэ.

Иужьрей псалъэу «мэгуфIэ» жыхуэсIар лейуэ щIызгъуащ сызэпсалъэм нэхъ зыхезгъэщIэн щхьэкIэ, си гугъари къызэхъулIауэ фэ есплъащ.

– Пэжу пIэрэ, ярэби? – цIыхубзым гъыныр пичри си нэгум къыщIэплъащ.

Сэри къыпызощэ:

– Сабий къалъхуагъащIэр гъымэ, и анэм е и адэм къиищтэрэ едэхащIэу я макъ зэхихмэ, сабийр щIэудэIужыр сыт уи гугъэ? Я макъымкIэ къецIыхуж и анэр е и адэр, игурэ и щхьэрэ къызэрогъуэтыж. Анэм уэрэд жиIэу зэхихмэ, сабийр къыхэмыщтыкIыу мэжей. Е къафэ макъамэ зэхихмэ, къафэ хуэдэу зещI. Плутарх жаIэу алыджхэм тхакIуэшхуэ яIэу щытащ, зэхэпхагъэххэ?

– Хьэуэ.

– НтIэ, абы жиIауэ щытащ адэ-анэм я быным фIы хуащIэнумэ, сабиийм и гъэсэным къамылъху щIыкIэ щIадзэн хуейщ жиIэу. Къамылъху щIыкIэ. КъыбгурыIуа? Узыхэмытын ухэмыту, уи Iэуар къэлъхуи нэхъыфIщ. Сабий сиIащэрэт жаIэу щIэхъуэпс щхьэкIэ, сабий ямыIэу дапщэ щыIэ?

– Сэ сиIэ мыгъуэщ, екIуэлIапIэщ симыIэр, – жиIэри цIыхубзым къыщIидзащ гъынэнэн.

– УиIэмэ, тхьэм къигъэхъу, тIу уиIэмэ, нэхъыфIыжщ.

Къэплъхун узэрижагъуэр уи ныбэм илъым зэхомыгъэх. Хэт ищIэрэ...

– Си фIэщ хъуркъым...

– Сыт щхьэкIэ? Сабий быдзафэр быдз яхуемыфэу плъэгъуакъэ, е жа Iэу зэхэпхакъэ? Сыт уи гугъэ ар къызыхэкIыр? Анэм фIэмыфIу сабийр къилъхуамэ, дунейр фIэмыфIу аращи, быдз пхуефэркъым, сыпсэуащэрэт жиIэу и псэ цIыкIум жиIэркъым. Фэ фыкъыщысхуэмейкIэ, сэри сыфхуейкъым, дунейм сехыжми, зыуи къысщыхъуркъым жыхуиIэу, и анэ дыдэр и нэм къихьыр-къым. Абы нэмыщI, гъэщIэгъуэну мыри бжесIэнщ: зэлIзэфызыр зэрылъагъу мыхъуу бын ягъуэтмэ, къалъхуар псэ махэ цIыкIуу дунейм къытохьэ. Уэ уи цIэр хэт?

– Хъалидэ.

– Аращ, си шыпхъушхуэ Хъалидэ. УкъэзгъапцIэ уи мыгугъэ.

Хъалидэ къепэзэзэхыу щысщ, ищIэнури жиIэнури имыщIэу. Сэ сыткIэ сщIэнт абы и анэ бзаджэм къыжриIа псалъэ фIейхэр? «Алыхьыр си бийщ, иджыри зы къэлъхуи, къэплъхуари уэри цырыцу фызэIызмычым... Арыншэми мырамысэ бэлагъ щхьэкIэ ди щхьэфэцыр къызэроч», – жиIэу Хъалидэ и анэм баш иIыгъыу уэрамым къыдихуати, арат нобэ и псэ тIэкIур мыбы къыщIихьар.

Хъалидэ и анэр фызабэ зэрыхъурэ куэд щIат, и лIыр зауэм кIуэри къигъэзэжакъым, пенсу къратыр мыхьэнэншэ дыдэщ, нэхъыбэу зэрыпсэур и шыгъуэгу хадэм кърих бжьын, бжьыныху, шыбжий, джэш сыт хуэдэхэращ. ХадэхэкIыр ещэри бэзэрым тесщ, къыщIихамкIэ унагъуэр зыхуейр къещэху. Хъалидэ лъхуэрэ аргуэру гъэшхэн хуей гуэр къилъхумэ, и анэ ябгэм псэууэ къелынкъым.

Анэм еплъи, ипхъу къашэ жыхуаIэр ара хъунт Хъалидэ ишэну къэзыгъэгугъауэ щыта шоферым Iумпэм къыщIищIыжар. Уэндэгъу хъуауэ къыщищIэм, зэупщIи зэуси щымыIэу, еуэри БАМ-ым кIуащи, уеблэмэ и адэ-анэ къудейм къахуитхыркъым, здэщыIэр Хъалидэ иримыгъэщIэн щхьэкIэ. Автобусым ис щIалэр Хъалидэ и щIалэ цIыкIум и гум ирихьауэ, автобускIэ уэрамым блэжыху «дадэ» жиIэу и Iэпэ цIыкIур ишийрт. Иужьым зэ-тIэу къыщIэгубжьат, «зыIуегъэх адэ» жиIэуи, ар сабийм и гум къинащ. Хъалидэрэ шоферымрэ нэхъыбэу зэфIэзыгъэкIуэда Хъалидэ и анэр къуажэ Советым кIуэуэ тхьэусыха щхьэкIэ – сыт и мыхьэнэ?

Си деж щIэс цIыхубзыр гупсысэшхуэ зэрыхэхуам гу лъызмытэу къэнэнт? Тхьэм ещIэ, Дэфэрэдж жиIэм седэIуэн, хьэмэ си анэм седэIуэн, шэми сес, шхуми сес, жыхуаIэм хуэдэу, Хъалидэ и щхьэр къыфIэхуащ. Ныщхьэбэ жиIахэр и сабийм зэхихамэ, дунейкIэ къыхуигъэгъун? ЩIалэ цIыкIуу къыщIэкIрэ дунейм къытехьэмэ, «си анэ» жиIэу къыбгъэдэмыхьэххэнкIи

мэхъу.

– НтIэ, сык Iуэжу иджыри сыгупсысэн? – жиIэри Хъалидэ и щхьэр къиIэтащ.

– Зи гупсысэ, узэчэнджэщын щыIэми, ечэнджэщ, арыншэми абортым и пIалъэр фIэк Iащ. Сэ укъызэчэнджэщрэ – уи сабийр умыукIыж, уэри уи щхьэр хэплъхьэнкIэ хъунущ . Уи псэмрэ уи сабиймрэ и псэмрэ зы чысэм илъщ иджыпсту, уи сабийм къыщыщIIарэ – уэри уздихьынкIэ мэхъу, уэ зыгуэр зэпщIэжрэ – нэхъ Iеижыр аращ.

Сэ жысIэм Хъалидэ къытезгъэхьэн си гугъэу, фыз гуэрым къыщыщIам и хъыбари езгъэдэIуащ.

ЗэлIзэфызыр зэгурыIуэртэкъым быным папщIэ: фыз щIалэм бын иIэну хуейтэкъым, лIым ар мылъхуэу идэртэкъым, сабий иI эмэ фIэфIти. Фызыр уэндэгъу щыхъум, мызэ-мытI эу зэфIэнащ, ауэрэ лIыр ежьати, цIыхубзым «сызэрыхуей дыдэу хъуащ» жиI эри сымаджэщым щI эгъуэлъхьащ, аборт иригъэщIыну, арщхьэкIэ и лIыр къэсыжри и фызыр унэм щIэмысу щилъагъум, кIэлъыкIуэри къыщIишыжащ. Абы къыхэкIыу бзаджэу зэтрамытхъуа къагъэнакъым. ИкIэм икIэжым фызыр лъхуати, сабий къилъхуам анэр къимыдэжу гу лъитащ, быдз иритмэ, Iимыхыу, сабиймрэ зимыгъэхъейуэ, и анэм и куэщ Iым илъми, гъы зэпыту. Телъыджэракъэ, сабийр гъыуэ и адэм къищтэмэ, занщIэу увыIэжырт икIи къыщыгуфIыкIырт…

– Аращ, тIасэ, сабиймрэ псэкIэ зэхещIыкI, псалъэкIэ жимыIэф щхьэкIэ, – жысIэри цIыхубзыр гуитIщхьитIу щIэзгъэкIыжащ.

Хъалидэ, щхьэл мывэжь и щIыб илъ хуэдэ, ерагъкIэ зэфIэту уэрамым куэдрэ дэта, дэмыта, си деж къигъэзэжакъым . Дэфэрэдж къыпхуимыщIар Пыжьынэ къыпхуищI энщ, жиIэу тхьэм ещIэ къыжезыI ар, къыжраIати, кIуэри зыхуэмызапхъэ дыдэм хуэзащ. Я унэм зэрыщIыхьэу и лъэгуажьитIыр зэригъауэри Пыжьынэ и пащхьэм зридзэри, и нэпситIыр къелъэлъэхыу гъуэгын къыщIидзащ. Тхьэм щхьэкIэ, Пыжьыни къыжри Iащ кIасэIуэу укъэкIуащ, хъужынукъым сыт жиIэу. АрщхьэкIэ цIыхубзым гурыIуэркъым. «Абы сихьми, срехь, пщIэуэ пэкIуэри узот», – щыжиIэм, Пыжьынэ къигъэгугъащ, быдэуи къыжриIащ: «Псэ зыIутым жепIэнкъым, абортыр уи унэм щысщIынщ», – жиIэри. Ти, зэгурыIуащ, Хъалидэ тхьэлъанэ ищIащ, сылIэу сызэгъэжынуми, зыми псалъэ жесIэнкъым жиIэри.

Пщыхьэщхьэм фI экIа пIалъэ имыIэу Хъалидэ щIэлъэIуар Пыжьынэ къыхуищIащ, цIыхубзым лъыр къыкIуэцIыжу къигъанэри, бгъуэтмэ къащтэ, хущхъуэ мыхьэнэншэ гуэрхэр кърит-ри зигъэбзэхыжащ. Хъалидэ зимыгъэхъеифу и щхьэр мэуназэ, мафIэр къыщIэнауэ л Iэн-къэнэну, Iуэщхъуу жэщыр егъакI уэ, гъунэгъуи жэрэгъуи зыми емыджэу. Нэху щыри т IэкIу зыкъищIэж хуэдэу щыхъум, и ныбэм те Iэбати, си сабиймрэ и псэр си Iэк Iэ хэсхыжащ жиIэу и гум къыщыкIым, аргуэру зимыщIэжу

пIэм зэрыхэлъам ещхь хъужащ. Абы хуэдэу щылъурэ куэд дэкIа, мащIэ дэкIа – зэгуэр къызэщыуащ, бгыр къытеуэу щIиубыда хуэдэу и Iэпкълъэпкъ пщыкIутIыр къыдэмыбзыжу, бэуапIэ имыгъуэту, кIиин къудей хузэфIэмыкIыу.

ИщIар ищIэжу къыщIэкIынти, абдежым Пыжьынэу плъагъур къыкъуокI, «скорэр» къриджэу ямышауэ пIэрэ, жиIэу. Куэдри щIэмысу хущхъуэ иригъафэ хуэдэу зещIри аргуэру зегъэкIуэдыж. Хъалидэ и нэм илъагъуж щымыIэу къыщхьэрепхъуэ, и кIуэцIыкIыщIэм зегъазэ жыпIэну егъэгумэщI, и Iур гъущIауэ, псы шынакъ къезытыни къыбгъэдэскъым, къэтэджыну хуежьэмэ, и щхьэр мэуназэ. ГуIэжу здыхэлъым, фэтэр хуэдэу къищта зыгуэр пэшым имыщIэххэу къыщIыхьэу цIыхубзыр Iисраф хъууэ щилъагъум, жэри «скорэр» телефонкIэ къриджащ.

А махуэм, си дежурнэгъуэу сымаджэщым сыщыIэу, Хъалидэр къашэ, сэри сызэрытеплъэу къызоцIыхужыр иджыблагъэ си деж къэкIуауэ щыта цIыхубзыр, езыр телъщ зимыщIэжу, сыкъеплъ сытуи куэдрэ селIэлIакъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы къыщцыщIар нэрылъагъут: и кIуэцIыкIыр хьэлэчу зэхэфыщIат, лъы куэдыщи щIэкIащи, шэхум хуэдэу хужьщ. ЯпэщIыкIэ сымаджэщым щIэт медсестрахэм селъэIури, лъы къеIысхри, Хъалидэ и лъынтхуэм хэзгъэлъэдащ, лъы къыкIуэцIыжри къэзгъэувыIащ, хущхъуэ Iэджи есхьэлIащ, арщхьэкIэ сымаджэр нэхъыфI хъуркъыми, дегъэгузавэ.

Хъалидэ и псэм еджэжу зэрытелърэ махуэ зыбжанэ дэкIа пэтми, къыкIэлъыкIуи къыщIэупщIи дунейм теткъым. Мыр сыт гъэщIэгъуэн, Iыхьлы-лыджанэ сыту имыIэрэ жысIэу сэри согъэщIагъуэ. Зэгуэр тIэкIу нэхъыфI хъуауэ къыщцыщIидзыжым, сымаджэм сыпкърыупщIыхьри къэсщIащ къуажэкIэ зыщыщри, я лъэпкъ сытри. Къэхъуар ямыщIэу арагъэнщ, армырмэ, лъэпкъыр зэрылъэпкъыу къызэрыхьынт, жысIэу арат си гугъэри, занщIэу къуажэ Советым сыпсэлъащ телефонкIэ. Хъарзынэу Советым и тетыр цIыхубзу къыщIэкIати, къехьэкI-нехьэкI симыIэу Iуэхум и пэжыпIэр жесIащ, езы зыжесIами быдэу сыкъигъэгугъащ зыгуэрхэр ищIэну.

Нэху щыри пщэдджыжьым Хъалидэ зыщIэлъ палатэм и щхьэгъубжэм деж сымаджэм и дэлъху нэхъыщIэр къэуващи бзаджэу и жьэм къыжьэдэмыкI дунейм теткъым: «Аргуэру ди напэр тепхащ, укъэхыпэщ… Сыту пщыгъупщэжа япэу ущыщIэлъхуам уи щхьэфэцыр иIыгъыу уи анэм узэрызэрилъэфар?» ЩIалэм къивыр си гум темыхуэу, санитар гуэрхэр згъакIуэри Iуезгъэхужащ. Ар IукIыжа къудейуэ, фыз емынэунэ гуэр, угъурсызыфэ тету, къэсащи, абы жиIэри щIалэ бзаджэм жиIа дыдэр ращ, зэанэзэкъуэр зэгурыIуа хуэдэу. ЦIыхубзыр яхуIумыкIын дэнэ къэна, унэм зауэ-банэкIэ къафIыщIэпщхьауэ батэкъутэр егъэш, и пхъур итхьэлэну тхьэ еIуэ. Сэри къуажэ Советым

телефон сызэреуам сыхущIегъуэжауэ фызым сыпоув:

– ЛъэмбытI щIозгъэчэнкъым палатэм, кIуэ, укъыздикIам кIуэж!

Модрейри къызэрыкIащ:

– СыутIыпщ! И псэр си IэмкIэ хэсхынущ, и фэр IэбжьанэкIэ тесхынущ хьэбз куэпэчым.

Ерагъыу щIэддзыжащ фыз ябгэр, зыкъом дызэхыхьэри. Бжэм IункIыбзэ еттыжати, Хъалидэ и анэр адэкIэ-мыдэкIэ жа щхьэкIэ, къыщIэдмыгъэхьэу IукIыжащ. А сэ слъагъум хуэдэ Iыхьлы алыхьым къыуимыткIэ жаIэу, зылъэгъуам ягъэщIэ-гъуащ, сэри къызгурыIуащ Хъалидэ зыщыгугъын зэримыIэр.

Хъыбар мащIи зэхэтха, зи адэ-анэм емыдэIуа цIыхубзхэм теухуауэ, итIани сыт хъыбари къащтэ – и пхъум IэщIэщIыхьар анэм хуегъэгъу, нэгъуэщIхэм къыхуамыгъэгъуми. Ижь-ижьыжкIэ уIэбэрэ алыджхэм я псэукIар уи гум къэбгъэкIыжмэ, МолоскIэ зэджэ къалэм хьэ ираущтрэ цIыхубзыр зэхрагъэфыщIэу щытащ, щIасэлI зэришэу гу лъатамэ. А лъэхъэнэр илъэс минитIым фIокI, итIани еплъ, цIыхубзым дежкIэ хабзэр ткIиищэщ, цIыхухъум ищIэр къыхуэгъуми, нысэм папщIэ уасэ яту зэрыщытар ара – хъыджэбзым нэ лейкIэ йоплъ, и щхьэр хъума зэрыхъуным гугъу дехьу, итIани Хъалидэ и натIэ хъуар зи натIэ хъу цIыхубз дапщэ ухуей.

ЦIыхубзыр дэIэпыкъуэгъуншэу къэбгъанэмэ, хэкIуэдэнущи, цIыхухъур мычэму къыщхьэщымыту псэуфынукъым – ар езыми къыгурыIуэжмэ, цIыхухъуми къагурыIуэмэ, итIанэщ тIуми я насып къыщыхэкIынур. ЦIыхухъум дежкIэ бэлыхьышхуэ пылъкъым, зы жэщ цIыхубз къыпэщIэхуэрэ зэгупэу хэлъамэ. ЦIыхубзым и дежкIэ ар цIыхухъум и гупэ хэлъ къудейкъым – абдежым къыщоушыр цIыхубзыгъэу хэлъ илъэпкъыр, гукIи псэкIи зыхещIэ, и диным икIын хуэдизу, лIыгъэ-фызыгъэм къыкIэлъокIуэ а тIум я псэр дыгъэ нэпскIэ зэIузыщэри, цIыхубзым щыгъупщэнкIэ Iэмал зимыIэщ, цIыхухъум и псыхуэлIэ дигъэкIа къудейщ. ЦIыхубзыр лъэщыджэ ирихъукIэрэ, и Iэпкълъэпкъ псори зэщIеубыдэри къилъхунур здынэсыным нэсыху сыт ищIысимкIи Iыхьэгъу хуохъу.

Институтым сыщеджэу сыщыщIэсам, «Огонекым» къизгъэжауэ Рафаэль ищIа «Сикстинская мадонна» сурэтыр общежит унэ блын джабэм фIэслъхьауэ фIэлъу щытащ. Художникхэм я IэщIагъэм хэсщIыкIышхуэ щыIэкъым, поэзием ещхьыркъабзэщи, зылъэкIым и IэщIагъэщ, итIани Рафаэль ищIа сурэтым дапщэри сегъэплъ – си щыпэлъагъу щIыкIэу япэм дэзмылъэгъуа гуэр дэслъагъу хуэдэу къысфIэщIт, анэм и образ абы итым сигъэгупсысэу, сигури си псэри итхьэкъуарэ сыдихьэхыу. Мадоннэр зэрыт сурэтым къикIрэ нэхъ гъунэгъу зыкъысхуищIауэ къысфIэщIырти, сепсалъэмэ, сызэхищIыкIыну пIэрэ мыбы и

гум илъыр сэ зэрызэхэсщIыкIым хуэдэу жысIэу, си нэр тенауэ сыжеижырт. Сабийм нэхъ рэ нэхъ IэфI цIыхубзым и дежкIэ зэрыщымыIэр псэкIэ зыхэсщIэу. Абы хуэдэу щыт пэтми, сурэтым ит анэм и сабийр цIыхум я деж къихьауэ къарет: «Мэ, си псэм щыщ закъуэр фызот, зэрыфIэщIэкIуэдэнур сщIэ пэтми», – жиIэу, мелыIыч къыбгъэдэтхэми ар ялъагъу, итIани анэм зыри пэрыуэркъым. Сыту гуузыщэу ищIыфа а сурэтыр зыщIам; сыту кууэ егупсыса дунейм тет цIыху цIыкIум ятелъ бэлыхьлажьэм! Абы хуэдэ IэщIагъэ зиIэм уафэмрэ щIылъэмрэ зэзыгъэкIуам хузэфIэкIым хуэдиз хузэфIэкIыу къызолъытэ.

Анэмрэ и бынымрэ дэхуэха хъуауэ, лъэпэрэпауэ, щIэщхъу Iей гуэр къащыщIауэ сыхуэзэху, Рафаэль и сурэтыр си гум къызогъэкIыж, «аращ атIэ цIыхубзым и натIэ илъыр» жызоIэри сурэтыр зыщIар дэIэпыкъуэгъу къысхуэхъуа къысфIощI. Анэм и гъуапэр пхъум и джанэщ жиIэу япэ зи гум къэкIар, Iэджэ и нэгум щIэкIауэ, цIыху губзыгъэт. Пхъу закъуэр мыхъуу, и бын дэтхэнэм щхьэкIи анэм имыщIэфын щыIэкъым, и псэ Iут закъуэмэ, и сабийр ибэу къигъэнэнукъым.

Институтым сыщеджэм, сощIэж тхакIуэ гуэр кърагъэблагъэри дыхуагъэзауэ. ТхакIуэм жиIауэ нобэ къэси сщыгъупщэжакъым: тхакIуэр, тхылъ щитхым деж, цIыхубз уэндэгъу хъуам ещхьщ, жиIэрт. Уэндэгъу хъуар мылъхуэну Iэмал иIэкъым, тхылъ зытхми итхыр нимыгъэсыну хуэшэчынукъым. ЦIыхубзым лъхуэгъуафIэу лъхуэи, гугъу ехьи, илIыкIыпи къахокI. ТхакIуэми тхэкIафIэу тхэ уахуозэ, гугъу дыдэ дехьи яхэтщ, итхам икIуэдыкIыжари зырызкъым…

ТхакIуэм жиIэмкIэ сэ сыарэзытэкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, дунейм цIыхуу тетым и нэхъыбэр цIыхубзщ, дэтхэнэри лъхуэн хуейщ мызэ-мытIэу. ТхакIуэу щыIэр цIыхубзым япэплъытмэ, зэрыхъур зы мащIэ тIэкIущ. Абы нэмыщIуи, тхакIуэр езыхулIэ щыIэкъым, итхыр къемыхъулIэмэ, щигъэтыжынщи, зэфIэкIащ. ЦIыхубзым лъхуэн щагъэтыжмэ – цIыхур кIуэдащ, зырыз-тIурытI фIэкIа къамылъхумэ, цIыхухъур нэхъыбэ хъууэрэ, лъхуэни щымыIэж хъунущ.

Ахэр си гум къэкIыжауэ, сегупсысу къыщIэкIынти, сыщхьэукъуащи, пщIыхьэпIэ гуэрхэр солъагъу. ЗанщIэуи сыкъызэщоу, си гур къилъэтыным хуэдэу къеуэу, сызэщIэдэIукIмэ, Хъалидэ жиIаIа къысфIощI, и Iупэр мэпIэжьажьэри. Сымаджэми, тхьэм ещIэ, и нэгум щIэкIыжыр, зыгуэрым йогий: «Фхуэздэн фи мыгугъэ… дохутырым гущIэгъу къысхуащI, фи ней къысщыхуэ… СылIэнукъым, тхьэ… сыкъелынщ… Си щIалэ цIыкIуми къыфхуигъэгъункъым, «си анэ» жиIэу къэхъунщ. Пэжкъэ, си псэ закъуэ? – уэ зыр аракъэ сэ къысщхьэщыжыну сиIэр?..» Дауэ семыдэIуами, жиIэм нэхъыбэр къызгурыIуакъым. И Iупэр Iуцащэ хуэдэу къыпфIэщI щхьэкIэ, жиIэIауэ зэхомыхыжу, Хъалидэ зэуэ щэху хъуащ. Сыпхъуэри и Iэр къасщтэрэ сеплъмэ – сыкъы-

щолъэтри процедурнэм сожэ, шприц сытхэр къызопхъуатэри икIэщIыпIэкIэ къызогъэзэж, сымаджэм мастэ хэсIуну, нэгъуэщI хущхъуэу къэзгъуэтахэри изохьэлIэ. Еплъ иджы, сыщхьэукъуэу Хъалидэ сыкъыбгъэдэмынауэ щытатэмэ, тобэ ирехъу, зы бэлыхьлажьэ къыщыщIынт, арщхьэкIэ цIыхубзым и насыпу къыщIэкIынти, сэ къыщысхуей дыдэм деж сыбгъэдэсащ.

Куэди дэкIыжакъым, Хъалидэ къару щIагъуэ къыхуэмынэжа пэтми, ди нэIэ тет защIэурэ, лъхуэри щIалэ цIыкIу етIуанэу къилъхуащ. Джэдгын зи жагъуэм и Iупэм къытокIэ жыхуа Iэу, хуей-хуэмейми, бын игъуэтащ, иджы дэнэ ихьыжын? И анэм хъыбар идогъащIэри – къытхуеIуэхуж «къремыкIуэж, си унэм къыщIэзгъэхьэнукъым», – жеIэри . Фыз бзаджэщи, дыгурыIуэну Iэмал зимыIэщ, псалъэкIи дыхэзагъэркъым. Тызодззэри я къуажэ сокIуэ, къуажэ Советым тет цIыхубзым деж Iуэхур низохьэсри псоми изогъэдаIуэ . Советым тетым имыцIыху къуажэм дэскъым, езыр фызабэу сабий бын еп I, сабийм дежкIи гумащIэщ, и унагъуэм цIыхубз Iуэхури цIыхухъу Iуэхури щищIэу есащи, зэфIэкIышхуи иIэщ. ЩхьэгъубжэмкIэ дэплъри зыгуэрым еджащ:

– КIуэи, Хъалидэ и анэр къысхуэшэт, – жиIэри.

И пхъум и гугъу тщIыуэ дыщысыху, и анэр къашащ, жыжьэу щыпсэууэ къыщIэкIынтэкъым. Фыз къашам сыкъызэрилъагъуу сыкъиуцIыхужынтэкъэ, зауэу, банэу къыщытхэтакIэ, халат хужь сщымыгъыжми, зэхэзещхъуэн сищIыххакъым, занщIэу къыгурыIуат къыщIашари, сабэ дрипхъейуэ къыщIидзащ, арщхьэкIэ Советым тетыр нэхъ пхъашэжти, и псалъэр жьэдигуэжащ:

– Щыгъэт, укъэзгъэвэну аракъым укъыщIезгъэшар. Хабзи тхьэбзи къыпхэнэжакъыми. Сыт уи бын къэплъхуар щIомыдэжыр? Вындым еупщ Iат, «уи шырыр щхьэ пшхыжрэ?» жаIэуи, «фIыцIэщи» жиIащ жи. Къэплъхуар «зэрыфIыцIэр» ара уигу иримыхьыр? Догуэ, сымыщ Iэ уи гугъэ уи пхъур хэутэн щIэпщIыр? Сэри сощIэ, жылэми ящIэ: «уасэ» жыпIэри уащыхьэри хъарзынэу зэгурыIуам я Iуэхур къафIэпкъутащ. Куэдщ уи пхъум лейуэ епхар, къызэтеувыIэ, умыунэхъупэ щIыкIэ. УкъэмыувыIэрэ фIыкIэ – хабзэм уестынщ, уи пхъум лъысыпхъэр лъысынщ. КъызжиIакъым жумыIэ, мес, щыхьэт сиI эщ...

Фыз жьафэ пIащIэм екIи фIыкIи псалъэ жиIакъым, и щхьэр къыфIэхуауэ щытт, зы махуэ ди деж нэкIуа цIыхубзыр арауэ къэпщ Iэжынтэкъым. Сэри сеплъри сфIэгуэныхь хъужащ, сыхуззэгуэпу щытами.

– Хъалидэ къэбэдзэуэжащи, дыщогуфIыкI. Хэт и гугъэнт ар цIыху хъужыну, – жысIэри сыкъэпсэлъащ, и анэм и гуапэ сщIыну, арщхьэкIэ си псалъэр фызым и тхьэкIумэм иригъэхьакъым…

Бэлыхьлажьэр къызэрыкIар уасэр арат. Япэм уасэ ятынуи къы Iахынуи хуимыту хабзэ ягъэувауэ жаIа щхьэкIэ, уасэр аргуэру къыдалъэфыжащи, цIыхур зэфIегъэкIуэд. Уасэ Iахыныр щагъэта нэужьи цIыхубзхэр, хэнэщхъеихьа фIэкIа, зэрыгуфIа щ Iагъуэ щыIэкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, цIыхухъухэм я пыIэр уафэм драдзейуэ я гур къэжанат: «Уасэ щыIэжкъыми, узыхуейр къашэ», – жаIэу, зэращIыххэри арат – зылъэкIым я физхэр ира-гъэкIыжрэ хъыджэбз къашэу. ЦIыхубзымрэ цIыхухъумрэ зэхудогъадэ жаIэри цIыхухъум я насыпыр трагъэкIуащ, цIыхубз дэубыдар къыдашыжа щхьэкIэ, езыр хэдэрэ зыхуейм дэкIуэу хъуакъым, «хэт сишэну пIэрэ?» жиIэу зэрыдэсам хуэдэу къэнэ-жащ.

ЦIыхубзым зыгуэр къехъуапсэу ишэн щхьэкIэ, Iэджэ хузэ-фIэкIын хуейщ: япэращи, институт къэбухауэ IэщIагъэ уимы-Iэмэ, уи лIым ущыгугъыу уи гъащIэр пхьынущ. Дипломыр пхъуантэдэлъу къанэми, уимыIэмэ, гу къыплъамытэу укъыдэнэ-жынкIи мэхъури «диплом сиIащэрэт» жызымыIэр зырызыххэщ, уеджэурэ уи гуакIуагъэри дипломым токIуадэ, укъыдэнэжынкIи мэхъу, и чэзум деж уашамэ, уи насыпщ, ауэ лIым укъыхыфIи-дзэжу ежьэжынкIи хъунущ, нэгъуэщI гуэрым дихьэхамэ. Дауэ итIанэ цIыхухъумрэ цIыхубзымрэ зэхуэгъэда зэрыхъур? Армы-рауэ пIэрэ цIыхубзыр нэхъ цIыкIуу, цIыхухъур нэхъ ину тхьэм къыщIигъэщIари? Арауэ щытмэ, цIыхубзыр къытеIэтыкIын хуейщ цIыхухъум хуэдиз хъун щхьэкIэ, арыншэу а тIур зэхуэдэ пхуэщIынукъым...

Хъалидэ и анэр къэпсэлъащ:

– Уи щыхьэтыр зэрыщысу сэри бжызоIэ: цырыцу сыпчатхъэ-рэ пхъэнкIийуэ сибдзыжами, Хъалидэ си унэм щIэзгъэсыну-къым, куэдщ зы сабий хузопIри, абы нэхъыбэ схузэфIэкIыну-къым. И Iэ къэткъым, и лъэ къэткъым, ирелажьэ, адрейхэм хуэдэу. Быныр зейри псэущ – Сыбыр кIуауэ жаIэ, кърекIуэжи ирепIыж.

Мы тIур езыр-езыру зэпсалъэм, нэхъ зэгурыIуэнкIэ хъунщ жысIэри сызэрыщIэкIыу, къуажэ Советым тет цIыхубзыр къэ-тэджри, физ щхьэдзасэр, имыдэурэ, игъэтIысщ езыр зытеса шэнтым дежи, щхьэгъубжащхьэм тетIысхьэжащ. Абы хуэдэу ищIу а цIыхубзым и хабзэт, лъэIуакIуэ къэкIуар и пIэм иригъэ-тIысхьэрэ, езым лъаIуэ хуэдэу зищIу.

– Догуэ, мыбы хуэдэу дыгъэщIыт: иджы къуажэ Советым тетыр уэрауэ лъытэ, сэ уэ уи деж сыкъэкIуащ, уи щхьэ узыр си щхьэ узу. Дауэ дэ тIур дызэгурыIуа зэрыхъунур?

– Сыт хуэзбгъэщIэнур? Къару къысхэнэжакъым, симыIэххэр мылъкущ, – жеIэ физым.

– Уи унэм щыщу зы пэш нэхъ мыхъуми ет. Хабзэм уратмэ, нэхъыбэ лъысынущ. Уи ныбэм къикIа уи бын, сабий щIэсу,

уэрамым дэпхуэу жылэми ядэнкъым, пызыхыжари сэращ.

– Сыт къызащIэн? СыкъэIэти сытедзэ.

– Ан-на-а, улI эжынукъэ уэ? Уи хьэдэ щIэзылъхьэн къудей нэкIуэнкъым.

Суд сыт щхьэк Iэ пхуэгузэвэнутэкъым Хъалидэ и анэр, ар зытегузэвыхьыр цIыхум жаIэнур арат, уи хьэдэ щIэзылъхьэжын хьэблэм къахэмык Iмэ, абы нэхъ шынагъуэ щыI э жиIэу игъэгупсысащ. Куэдрэ зрилъэфыхьа щхьэкIэ, щIегъуэжауэ къыщIэкIынти, «хъунщ, кърекIуэж», жиIэри щIэк Iыжащ.

Сэри «Хъалидэ и анэр» жиIэу къуажэ Советым тетым зэрыжиIам сегупсысыжати, си гум къэмыкIыжу хъурэт ар къыздикIар: полигамиекIэ зэджэм и лъэхъэнэм мак Iуэ абы и къуэпсыр. А лъэхъэнэм цIыхухъу гупым цIыхубз гуп ягъэфызу щытащ, щхьэж къыпэщIэхуэр ейуэ. Фызхэр зэхагъэкIыу зэрыщытар я бынымк Iэщ. Иджыри къэс ухуозэ «Аслъэн и анэр къэкIуащ» е «Быцэ и анэр сымаджэщ» жаIэу, ауэрэ муслъымэн диным цIыхур ихьэри, зы лIым фызитIи, щыи къиишэмэ, шэрихьэтым къабыл ищI щыхъум, лIым и фызхэр я быным я цIэкIэ зэщхьэщихти, полигамием къахилъхьа хабзэр къигъэбыдэжащ.

Иджы еплъ: щIасэлIым щIигъалъхуэрэ фызыр лъхуэмэ, къилъхуар «зинэкIэ къилъхуащ» жаIэри Iумпэм ящI. «ЗинэкIэ» къалъхуам и лажьэр сыт, цIыхубзымрэ цIыхухъумрэ яхэдэу езы къалъхуам къыхиха и адэ-анэр? Арат Хъалидэ и анэм сэ сепсэлъауэ щытатэмэ, жесIэнур, арщхьэк Iэ си дежкIэ къемыплъэкIыххэу физ бзаджэр, IэлъэщI ф IыцIэшхуэ тепхъуауэ, ущу дэкIыжащ.

Дауэ хъуми, си гур зэгъэжауэ къэзгъэзэжа щхьэк Iэ, мызэмытIэу Хъалидэ и анэм сыщIэупщIащ, сабийм сытегузэвыхьу. Си гуапи хъуащ къуажэ Советым тет цIыхубзыр адэкIэ-мыдэкIэ щыщIэупщIэурэ Хъалидэ зышэну къэзыгъэгугъауэ щытар къигъуэту телеграммэкIэ къызэрыригъэшэжар. Абдежым къыщымыувыIэу, къуажэ зэ IущIэм и унафэкIэ Хъалидэ и Iуэхур хабзэми иратащи, Пыжьынэу плъагъур, псыдзэ къыщIэуам хуэдэу, т IысыпIэншэу уэрамым къыдэхутащ, зыбгъэдыхьэм пэрыIэбапIэ хуигъуэтыркъым, Хъалидэ къыщыщIам нэмыщI, нэгъуэщI Iэджэми я щхьэфэ иIэбэу фельетон газетым къытехуащи, Пыжьынэ цIыхубз Iэджи игъэунэхъуауэ къыщIэкIащ, сабийуэ зи псэ хихам нэмыщ IыжкIэ. Иджыри къэс адэкIэмыдэкIэ як IэщIэлъадэурэ яI эщI экI ыфу къэгъуэгурыкIуамэ, иджы зыхуэзапхъэм хуэзэри, «абортмахер» къыфIащауэ, тутнакъэщым щIагуащ.

Абы лъандэрэ зыбжанэ дэкIащ, езы Пыжьынэри е амнистием хэхуа, е зыгуэрхэр хэлIыфIыхьурэ кърагъэут Iыпщыжа– япэм зэрыщытам зыцкIэ къытемык Iауэ тетщ дунейм, дохутыруи мэлажьэ, абортым щхьэкI э къаIихыр нэхъыбэ мыхъуамэ, и

щIэныгъэм зы мэскъали хигъэхъуакъым.

Пэжщ, Сэлимэ зыкъиужьыжу гу къыщылъитэм, «си къуэм зэхищIыхьар хэ IущIыIу згъэхъункъым» жиIа, е и къуэ хьэхэбасэу уэрамым дэтым къезгъашэмэ, унэ-жьэгу жиIэнщ, жиIэу и фейдэ зыхэлъ гуэрым триухуа – сымаджэм къыкIэлъыкIуэ хъуащ. КъэкIуэхуи, Iэмал имыIэу зыгуэр къыхуехь, «си нысэ цIыкIур сыт хуэдэ?» жи Iэу зегъэщIыкIафIэ, «хьэгъуэлIыгъуэ тщIынущ дэ» жиIэу зэпхыжеIыкI. Сэлимэ ар и фIэщ хъурэ мыхъурэ – жиIэIауэ зэхэсхыркъым.

Сэлимэ щыгъупщэну Iэмал зимыIэщ Ботэх цIыхубзыр уэндэгъу хъуауэ щыжиIам зэрызищIар.

– Уи сабийм и адэр сэрауи?! – жиIэри Ботэх дыхьэшхыкIэ IейкIэ дыхьэшхати, Сэлимэ апхуэдизкIэ къызэгуэпати, букIам лъы ткIуэпс къыщIэк Iынтэкъым. Иджы еплъ Пыжьынэ жиIэм, хэт хъун и фIэщ зэанэзэкъуэр зэакъылэгъуу.

Сэлимэ «сыдэкIуащэрэт» жиIэми, къыгуроIуэж лъэпкъым къупщхьэ яхуэхъуни ирагъашэу уасэ къызыщIахыни къахуилъхун зэрыхузэфIэмыкIынур, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, лъхуэжыфынукъым, операцэ тщIа нэужь, ар езым жесIауэ ещIэ. Зышэну къылъыхъуар сабий хуэмеиххэнкIи мэхъу, сабийщ бэлыхьлажьэр къызэрыкIари, ауэ и гуащэм абы гу лъитарэ лъимытарэ тхьэм ещIэ.

«Уи сабийм и адэр сэрауи?» жиIэу Ботэх щIэдыхьэшха мыгъуэр Сэлимэ ибзыщIа щхьэкIэ, Ботэх хуэдэтэкъым къыпхуэгъэпщIэнур, емынэм зэрихуэу ресторaным официанткэу Iууват, школыр къызэриухыу адрей и ныбжьэгъу цIыкIухэм ещхьу институтым щхьэ щIэмытIысхьарэт? Хъарзынэу и адэр ягурыIуэфынут, иджы ущIегъуэж щхьэкIэ, неIэмал. Абы нэхъей, рестораным тета Раисэ Муратовнэ алыхьым къыхуимыгъэгъукIэ, официанткэ цIыкIухэр тхьэ Iухуд защIэти, хэти къехъуапсэрт, къехъуэпсар хьэIусыпэ зратым щыщмэ, зыхуейр хуэщIэн хуейт, езыми зигъэгуащэу зыкърихыу хуэпауэ, къыхудэхьэхыр къыдихьэхыу, цIыхухъу чэф хъуахэр зэблидзу яхэтт, сыт ищIэми къыхуэгъуу.

Абы и рестораным щумыгъуэтын шхыныгъуэ уигъэлъыхъуэну, узыщIэупщIауэ пхуамыгъэхьэзырын щыIэтэкъым, адыгэ шхыным къыщыщIэдзауэ сонэ, ермэлы, узбек шхыным деж щиухыжу. ПщыхьэщхьэмхэкIуэтауэ бжэ щIыхьэпIэм деж «спецобслуживание» жиIэу табличкэ къыфIадзамэ, гуры Iуэгъуэт: нэхъ зызыгъэбэлыхь хьэщIэу зи гуфIакIэ хуабэхэр къэкIуэну арaщи, зыгъэхьэзыр, псоми ахъшэр къелъэлъэхыжынущ, музычауэм ялъысынурэ бжэм деж Iут швейцарми «лей» къыщIимыгъэхьэу жэщыр ирихьэкIмэ, мазэ улахуэ къилэжьауэ бжы.

Ботэхрэ Сэлимэрэ япэ дыдэ щызэхуэзар а ресторaныжьу

къэуэжыныр арат. А лъэхъэнэм Сэлимэ гу лъитэххэу щытакъым и адэмрэ Раисэ Муратовнэмрэ зэрыцIыхуу. Иужьым и анэм къищIати, абы зэжраIам ущIэмыупщIэ.

А лъэхъэнэм Сэлимэ гу лъитауэ щытащ цIыху псор зэхуэмыдэ дэнэ къэна, тIэкIунитIэ къахэжэпхъыкIар щхьэхуещэ зэрыхъум, а щхьэхуещэхэми ящыщу бжьыпэр зыубыда илъэпкъыр зэкъуэтрэ зы лэгъупым ишхыкIыу, ягъуэтыр зыIэщIалъхьэу, я псэр зы чысэм илъу зэрызэрыIыгъым, абы и къыщIэдзапIэри зэхэзышэри къыпхуэщIэнутэкъым, ар зэхэзгъэкIынщ жызыIи щыIэтэкъым, сыту жыпIэмэ, «мыр щхьэ зэплъэфэлIа?» жыпIэу уеупщIмэ, «уи мылъку зэслъэфэлIа?» жимыIэну Iэмал иIэтэкъым, мылъкур зейри пщIэртэкъым...

– НтIэ, нобэ сыт дыхуэдэ? – жысIэри Сэлимэ нэхъ и гъунэ-гъуу шэнтщхьэгуэр згъэуври сытетIысхьащ. Сымаджэм жиIэ-нум сыпэмыплъэу, япэ зыкъизгъэщащ. – Уи фэр Iейкъым тхьэм и шыкуркIэ, тIэкIу умынэщхъеймэ, адрейр зырикIщ, нэщхъея-гъуэр пщхьэщыкIащ, хъарзынэу псори йокIуэкI. Уефа хущхъуэ уэстам?

– Сефащ.

– Уефамэ, жей иджы. Ужеинри хущхъуэм щыщщ, фIыуэ ужеймэ, нэхъ псынщIэу уи лъэ къыщIэувэжынущ.

– Тхьэ, сымыжеину.

– Ар сыт щхьэкIэ?

– Пщыгъупщэжа? Сыкъэбгъэгугъати.

– Жэщыр хэкIуэтауи?

Сэлимэ къызэрызгъэгугъар сщыгъупщэжатэкъым, си хъыбарым къыпысщэн зэрыхуейр сщIэжырт, арщхьэкIэ ЛэтIифэ си жагъуэ ищIати, хъыбар сIуатэу сыщысыну си псэм фIэфIтэкъым. «Камизэхэ я пхъур къоджэ», – щыжаIэм, си гугъат дохутыр съезд зэхуашэсым сагъэкIуэн щхьэкIэ къызэджэу, арщхьэкIэ дэнэ – я пщIыхьэпIэм къыхэхуатэкъым абы хуэдэ Iуэху. Ари аращ: зыщIыпIэ уагъэкIуэн папщIэ, Iэмал-хьилэ зепхьэн хуейщ, е лъэкIыныгъэ зиIэм зыгуэр IэщIэлъхьэ, армырамэ, узыщымыгугъын ущымыгугъ, бжьыпэр зэ къыпIэщIыхьакъэ, дунейр къутэху пIыгъынуи уи мыгугъэ, пIыгъыху къэгъэсэбэп, пIыгъыну ухуей – уэзыгъэIыгъыр зыщумыгъэгъупщэ, и гум илъыр къащIи, пхузэфIэкIыххэмэ, хуэщIэ. Сэ игъащIэм ар сызэрижагъуэр си ныбжьэгъуми къыздэлажьэми къыздащIэ.

Ти, си анэшхуэм и хъыбарым пызощэ...

* * *

...ХьэжыщI и кIуэгъуэри къоблагъэ. Тырку пащтыхьым сыкъигъэгугъамэ – щыгъупщэжащ, жыхуиIэу Дэфэрэдж и хьэжыщI кIуэни сыти къыхимыгъэщу, и Iуэху и ужь итыжу

къуажэм дэсщ. Зулхаджк Іэ зэджэ мазэр къыщыблагъэм, Мэчэм щыІахэм яІуэтэжу Іэджи зэхэпхырт. ЗэрыжаІэмкІэ, хьэрып хьэсыкІэ зэджэ губгъуэрысхэр хьэжыщІ кІуэхэм къатеуэу, яхъунщІэу арат, ахъши гъуэмыли сыти трахыу.

– АбыкІэ ахъшэ-гъуэмылэкІэ зэфІэкІмэ, мыбыкІэ хэкур зэрапхъуэри лъапсэм псы ирагъэжыхьыж, – жиІэрти Дэфэрэдж яхуэшынэртэкъым. Сымаджэм хуэгузавэу адэкІэ-мыдэкІэ къикІар псалъэмэ, зыгъэгумэщІ щыІэт: зэм кърым тэтэр жыпІэми, зэм тырку жыпІэми, зэми Псыжь адэкІэ къыІус къэзакъми – къак Іуэмэ, къакІуэр хэкур зытеунахъуэщ. Адыгэми, ирауд бэнэнкІэ зигъэнщІыркъым жыхуаІэу, псоми запешэ, хэкур лъабжьэкІэ изыхым яхуимыгъэгъун и гугъэ щхьэкІэ, дэтхэнэм упэлъэщын?

Хьэрып хьэсыр хьэжыщІ кІуэгъуэм «сэм и чэзукІэ» йоджэ, а лъэхъэнэм, сэ къуаншэшхуэ яІыгъыу, хьэжыщІ кІуэр ягъэшынэурэ яхъунщІэри. Зыгуэрым «си щІыхуэр къызэтыж» жиІэмэ, «сэм и чэзур» къэсыху тІэкІу зы Іэжьэ» жиІэу аращ жэуапу къыпихыр. Къэрал унафэк Іэ хьэжыщІ кІуэр зыхъунщІэм и Іэр паупщ Іми, яхуэгъэшынэркъым, мыбыкІэ къэралыгъуэ псо ижэгъу къыпхуэхъуамэ, хэт пэрыуэн? У Іэгъэу Дэфэрэдж къыхуашэри нэхъыбэ хъу фІэкІа, нэхъ мащІэ хъуркъым.

– ЩІ ыхуфІым и уІ эгъэр нэхъ псынщІэу мэхъуж, цІыху бзаджэм и уІэгъэр е йокІуэ, – жиІэу фызым и псэлъафэр куэдым зэхахащи, псоми цІыхуфІыфэ зытрагъауэ, езы Дэфэрэдж и благъэу, и нэфІ зыщыхуам ящыщу лІитІ хьэжыщІ здишэну къигъэгугъащ, Хьэт ІрэмтІыгу дэс пэщэм деж тырку пащтыхьым и унафэр къэсрэ хъыбар къригъащІэмэ, занщІэу ежьэн хуэдэу.

ТІум языр Дэрбэкъущ, хабзэ хэлъщ, щІалэ пэтми. ЗэчыркІэ Іэзэщ, мэжджытым нэмэз щащІкІэ, щІалищ хъууэ, зэчыр жаІэри къыхэзыдзэр Дэрбэкъущ. Азэн джэну азэн джап Іэм дэкІуеймэ, адрейхэм ещхьу джэркъым, макъ дахэ иІэщи, уэрэд жиІэ хуэдэу зэпишу маджэ, блэкІыр къигъэувыІэрэ къигъэдаІуэу.

ЕтІуанэр Чыхуэщ, гушыІэрейуэ, нэжэгужэу, дэнэ кІ уами, гуп игъэгупу, цІыхур игъэгуфІэу, игъэдыхьэшхыу яхэтщ. ЖьэрэІурэщ жумыІэмэ, дэбгъуэн дунейм теткъым. Чыхуэ бащлъыкъ хужьышхуэ и пщэм дэлъщи, «Щамил къритауэ» псоми яжреІэ, иджы а бащлъыкъыр дэлъу, Мэчэм кІуэну жеІэ. Къуажэм хьэжыщІ кІуэну дэсыр зырызт, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, муслъымэн диныр иджыри куэдым я фІэщ хъуакъым, дауи хъун, молэуэ щыІэр Мухьэмэд-Іэмин Дагъыстаным къришри, аварыбзэ фІэкІа ямыщІэми, къыдигъэтІысхьащ. Нэхъыбэр Тыркум къикІащи, тыркубзэщ уазэрыгурыІуэнур. Адыгэм къахэкІауэ къурІэн еджар зырызщ, къурІэн еджами зэджар къагурыІуэжу щытатэмэ, хъунут. Муслъымэн диным и лъакъуэр къыщІэувэгъуейт, къуажэр зэхыхьауэ мэжджыт ящІрэ тхьэлъэІу щащ ІкІэ, жэщым мэжджытыр мафІэм исауэ нэху къекІырт,

мэджытри зыгуэрт, мыдрисэ тӀэкӀу пащӀыхьари дэкӀуэрт, цӀыкӀухэр щеджэн щымыӀэжу.

Чыхуэ къурӀэн еджэкӀэ зригъэщӀэн и гугъэу, и блэгущӀэм къурӀэныр щӀэлъ зэпыту къекӀухь, гуп яхэхуэрэ, «зыгуэр къытхуеджэт, Чыхуэ, ди гур Алыхьым хуиузэщӀын хуэдэу» жаӀэмэ, къурӀэныр зэгуехри зэм уафэм доплъей, зэм къурӀэным еплъ хуэдэу защӀ. «А зиунагъуэрэ, къурӀэныр гъэщӀеяуэ щхьэ пӀыгъ?» жаӀэрэ Чыхуэ къыщӀэнакӀэӀамэ, пхуэгузэвэщэнукъым – «КъурӀэныр дауи Ӏыгъ – Алыхьым хуэгъэзащ сыт щыгъуи» жеӀэри зэтрепӀэж. Дэрбэкъу зигъэджэдухьэжы щхьэкӀэ, ӀэщӀэщӀыхьа гуэр щыӀэу ирогузэвык Ӏри аращ нэхъыбэу хьэжыщӀ щӀэкӀуэр. Чыхуэ зыщӀэхъуэпсыр «дыуэ стхыфу сыхъумэ, нэгъуэщӀ сыхуейкъым» жиӀэу аращ, сымаджэ къомыр абык Ӏэ игъэхъужмэ, Дэфэрэдж ещхь хъун и гугъэу. Ахъшэ тӀэкӀу зэхуихьэсар ириту къурӀэни къыщӀищэхуар арат.

– Фи пӀэ фисыжмэ, мынэхъыфӀу пӀэрэ? Флъагъуркъэ, дунейр зэрызохьэ, – жызыӀи дапщэ ухуей, хьэжыщӀ кӀуэну зи мурадхэр яфӀэауану.

– Дунейр щызэрыземыхьэ лъэхъэнэ щыӀа? ИгъащӀэми аращ: пыӀэзэф Ӏэхьщ, – жиӀэрти, Дэфэрэдж и мурадым яхутекӀыртэкъым.

Дунейр зэрызехьэрэ жыпӀэмэ, зэрызехьэрт: ХьэтӀрэмтӀыгу деж щыплъагъуэрт инджылызми, французми, алыджхэми – Ӏэджэм я кхъухь, топышэ, фоч, гын, Ӏэщэ-фащэ къашауэ. Тырку пэщэуэ псы Ӏуфэм Ӏусым узыхуейм хуэдиз къыуитырт, урыс къэзакъхэр Псыжь мыдэкӀэ къызэпрумыгъэкӀыну къурӀэнкӀэ тхьэ хуэпӀуамэ, адыгэпщым я зэныкъуэкъуныр абы къыщӀегъэхуабжьэ, сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ, зыкъомыр Тыркум и лъэныкъуэмэ, нэхъыбэжыр урысым я лъэныкъуэщ.

Мухьэмэд-Ӏэмину Щамил и лӀыкӀуэм и шы-уанэ зэтримыхыу къекӀухь зэпыт, маржэ хъун, джаурыр зытевмыгъакӀуэ, Дагъыстаным фыкъыдгухьи, дызэрыӀыгъыу дывгъэзауэ жиӀэу уаз иту. Мухьэмэд-Ӏэмин едаӀуэу псым икӀыжа Ӏэджи щыӀэт, абыхэм ящыщу щӀегъуэжу къэзыгъэзэжами уахуэзэрт. Тыркум кӀуэжмэ, жэнэтым ису псэуну зи гугъахэр щӀыпӀэ нэщӀу псыи мэзи здэщымыӀэр тӀысыпӀэу къыщыхуагъэлъагъуэм, «фэ фис абы хуэдэ жэнэтым» жаӀэри къагъэзэжати, уазэрыгурыӀуэн дунейм теттэкъым.

Мэджытым молэм уаз щитырт: «Дагъыстаным дыгухьэмэ, Урысейм дыпэщӀэтыфынущ», – жиӀэу. Ар Чыхуэ щызэхихым, къызыкъуихри щӀэупщӀащ:

– Догуэ, молэ, Урысейм дытекӀуапэми, етщӀэнур сыт? – жиӀэри. Ар зэхэзыхам яӀуэтэжурэ дыхьэшхырт, иджы Чыхуэ Чэбэм кӀуэуэ хэӀущӀыӀу хъуащи, ауан ящӀ, «Чыхуэ димыӀэжмэ, дауэ Урысейм датекӀуэн?» жаӀэу.

Езыри мэдыхьэшх:

– Сыкъэсыжыху, фи пIэ фис закъуэ.

ЦIыхур я лъапсэм имызагъэу хэкур къыщIызэрыIэтар Урысейм къикIа хъыбарыр арат: пщылIыр Iахыну, щхьэщэхуж ящIрэ зи щхьэ, зи бынунэ къэзыщэхужыфыр хуит хъуауэ ежьэжыну. Пщыуэ хэкум исыр зэхэлъэдэжауэ зэхуогузавэ, зочэнджэщ, зоныкъуэкъу. ИгъащIэм пхъэIэщэкI иубыдрэ вэгъэмбэкъу дэмыувамэ, хьэмым теувэу мэш имыIуамэ, джыдэ къищтэу мэзым пхъашэ мыкIуамэ, Iэщ игъэхъуу губгъуэм имытамэ, дауэ иджы ар псэуа зэрыхъунур? Иджыри къэс я пщыгъуэр ябгынэу Тыркум кIуэжыныр зымыдэр нэхъыбэу щытамэ, иджы къагуроIуэ, Урысейм ящыщ ухъумэ, уи пщыгъуэр зэрыпфIэкIуэдынур. Губгъуэ нэщIым укъинакъэ итIанэ.

Убых лъэпкъыр Тыркум жаIэм едаIуэри, Ахьмэт-Мидхат пэщэм и унафэкIэ Дунай псыр тенджызым щыхэхуэм деж къыщыщIэдзауэ Боснэрэ Герцоговинэрэ нэс щIы хъарзынэ къащылъысам къемызэгъыу ящIауэ къэзылъытар иджы щIегъуэжат. Псы Iуфэ къомыр убыхым щIратар «муслъымэн сэрей» ящIу джаурыр къамыгъакIуэу зэтраIыгъэн я хьисэпу арат. Езы убыхым ар къащыгурыIуар иужькIэщ, арщхьэкIэ джаур къатеуэ защIэурэ я гъащIэр яхьыну я натIэ хъуати, дэнэ укIуэжынт?

ПщылI Iахыну хъыбарыр зэрызэхахыу, Тыркуми къаIуэху зэпыту къаублащ, «фыхэмыкIуэдапэ щIыкIэ къуажэ-къуажэкIэрэ фыкъакIуи, фыкъытхэтIысхьэ» жаIэу, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, я пащтыхьыгъуэу Адэн къыщыщIэдзауэ Испаным нэс зызыубгъуар къаудынщIэ цIыху лъэпкъыу Тыркум я лъэкIыныгъэр зымыдэу Балкан щIыналъэм ис псоми. Абы я ныкъуэкъуэныр нэхъ кIащхъэ мыхъу дэнэ къэна, кIуэ пэтми нэхъ къыщIагъэхуабжьэ, зы лъэпкъ гуэр гуэкIауэ адрейхэм ялъагъумэ, нэхъеижу Тыркум йозауэри, тырку пащтыхьыр мэгузавэ, дзэр ирикъуркъыми, адыгэр къахэтIысхьэмэ, адыгэ щIалэр дзэм хишэну аращ зыщIэкъур.

Дунай и ижьырабгъумкIэ псы Iуфэ къомыр щIы хъарзынэу къыщIэкIами, тырку щIыналъэмкIэ зыгъэзам увыIэпIэ къалъысар ущыпсэу мыхъуну къум защIэу къыщыщIэкIым, щIалищ зэрыгъэIущри къагъэзэжащ зыдэса я къуажэм, арщхьэкIэ къуажэм щыщ къэнэжатэкъым, жыг хадэхэр мэзу зэщIэкIэжат, псыкъуийхэр иуэжат, гъуэгу сытхэр зэщIэкIэжри хэкIуэдэжати, хэкужьым имысу нэгъуэщI щIыпIэкIэ кIуэри мэжджытым цIыхур щызэхуэсу ялъэгъуати, щыри яхыхьащ. НэщI мазэу молэм уаз иту къэтIысащ:

– Тырку щIыналъэр Мухьэмэд бегъымбарыр щызекIуа щIыналъэщ, жэнэтыбжэри жыхьэнэмэбжэри зэгъунэгъубзэу, нэмэзлыкъищкIэ фIэкIа нэхъ зэпэмыжыжьэу аращ здэщыIэр, – жиIэу.

А жэщым молэр я унэ намыгъэсыжу яубыдри тырку щIыналъэу щIалищыр къыздикIыжам яшэри нэмэзлыкъи къратащ:

– ИIэ иджы, тхьэр умыгъэпцIмэ, нэмэзлыкъымкIэ къэпщи, жыхьэнэмэм и бжэри жэнэтым и бжэри дыгъэлъагъу, – жаIэри.

Молэм сыт ищIэжынт? КъигъапцIэу къигъэдела къомым яхэсыну къанэри иужькIэ зэрыхъужар зыми ищIэркъым. Дауи, жэнэт жыг хадэ дахэм щIэхъуэпсар къумым икIуэдащ. ИтIани ХьэтIрэмтIыгу дэс пэщэуэ Шэшэн-Оглу-Хьэчи-Хьэсэн-пэщэкIэ зэджэу пащтыхь ныкъуэу Кавказ псы Iуфэм Iусым лъэкI къигъанэртэкъым, адыгэм я хэкур ябгынэу Тыркум игъэкIуэным щIэкъуу. Зи хэку зыбгынэн зымыдэр урысым ириутIыпщырт, «фезауэ, Псыжь къызэпрыкIмэ, фыхэкIуэдащ» жиIэу.

Езыр зыдэс къалэр махуэ къэс игъэбыдэрт, Францым я инженер Iэджи къишауэ, адыгэу нэхъ къедаIуэр игъэIущт псыщхьэмкIэ дэкIыурэ адэ къуршыр тIысыпIэ ящ Iыну. Абы хуэдэу къедаIуэу къуажэу тIысам молэ къахуигъакIуэрт, суд зыщIэн Тыркум кърищти, ари къахигъэтIысхьэрт, шэрихьэт хабзэм тету игъэпсэуну. Саугъэт гуэри къаритын хузэфIэкIырт, пщыжь -уэркъыжьхэр и лъэныкъуэ ищIын щхьэкIэ.

ХьэтIрэмтIыгу къыдэтIысхьащ Францым, Инджылызым, Къэжэрым я миссиехэр, Урысым я пыхъуэпышэ адыгэр ямыгъэхъун я гугъэу. Хьэсэн-пэщэ и нэр къатемыкIыу адыгэм къакIэлъыплъырт, дэнэ хэт кIуэми зэригъащIэу, тIасхъэ гуэр щIихыфамэ, Iэмал имыIэу модрейхэм яжриIэжырт, муслъымэн диным ихьэр и IупэфIэгъут, зымыдэм яригъэдэну дзэ ишэрти, ятеуэрт.

Адыгэр шыгъум щхьэкIэ гугъу зэрехьыр къищIати, шыуанышхуэ зыкъом къашэну щэхуакIуэу Тыркум къикIым ягурыIуащ. Шыгъу хагъэвыкIын щхьэкIэ, шыуанышхуэ ухуейти. Куэд дэмыкIыуи шыуанышхуэ куэд Истамбыл кърашри ХьэтIрэмтIыгу къашащ, кхъухьым кърахри хы Iуфэм Iузу къыIуалъхьащ, пыпхъуэ фIыцIэу зэтелъу. А къомыр къэзыша щэхуакIуэр гъуэгум сымаджэ щыхъури, кхъухьым кърахащ, сымаджэщым нагъэсри икIэщIыпIэк Iэ Дэфэрэдж деж шу гуп, фитон я гъусэу, ягъэкIуат, сымаджэм ирагъэIэзэну, арщхьэкIэ щэхуакIуэр узым ихьри щIалъхьэжащ. КъыщIэна шыуан къомыр тевэву зэтелъу къэнат. Хьэсэн-пэщэ шыуаныр иригъэщэн идакъым, «дунейм ехыжам шыуаныр уэсяткIэ къызыхуигъэнар сэращ» жиIэри.

Хъыбар иригъащIэри жумэм хэтыну пщы-уэркъ зыбжанэ кърагъэблэгъати, хьэдэIусым нэмысу хэт къэкIуами шыуанышхуэ зырыз яритыну мурад ищIащ. Шыуан хуэмей зэрахэмытыр ищIэрт. Жыжьэ къикIа къомыр унэшхуэу тIысыпIэ щабэхэр зыщIэз, зи лъэгури алэрыбгъу защIэм щIишэри къыщIидзащ и псалъэр:

– ГуащIэрэ гущIэгъурэ зиIэ Алыхьу тэхьэлам къыфхуищIэж гугъу фызэрехьар, щэхуакIуэм фIыщэу фыкъилъагъуу щытащ, тхьэм и ахърэт дахэ ищI, адыгэр шыгъуншэу къэнащи, гугъу йохь, хым зэпрыкIыурэ Кърымым макIуэ, Сиваш шыгъу къыща-

щэхурэ къашэу игъащIэм щытати, иджы Кърымыр джаурым яIэщIэхуауэ укIуэ хъужыркъым жысIэу щыхуэсIуэхум, си жьэм къыжьэдигъэкIакъым: «Ар Iуэху, сэ ныпхуэсшэнкъэ», – жиIэри мо шыуан къомыр къишэри къэкIуати, Алыхьым и Iэмыру дунейм ехыжащ...

– Тхьэм тыншыпIэ хуигъазэ.

– МурадыфI зиIар напэ къабзэкIэ тхьэм и пащхьэ ихьэжауэ къыщIигъэкI.

– Шыгъум щхьэкIэ гугъу дехьыр пэжщ.

– Куэд щIащ Iэщым шыгъу зэредмытыжрэ, цIыху дыдэм яхурикъуркъым, лыр тшыурэ дгъэгъуу щытати, иджы нэхъыбэм тфIофыр, тхуэмыгъэгъуу, – жаIэурэ нэхъыжьхэри къэпсэлъащ, шыуаныр къызэрыдищэнур сыту пIэрэ: ахъшэ хьэмэ щIалэхъыджэбз жиIэну пIэрэ жыхуаIэу. АхъшэкIэ къэзыщэхуфынур зырызт, къэпщэхупэми, дауэ шыуанышхуэр уи щIыбым илъу узэрыкIуэжынур? БлэбгъэкIынуи Iэмал зимыIэщ, иужькIэ умыгъуэтыжынкIэ мэхъур. Шыуан уиIэмэ, тенджызыпс из пщIыуэрэ шыгъум фIэкI къимынэжыху ибгъэвыкIын хуейщи, лIитI-лIищ псы Iуфэм къэбгъакIуэмэ, зым пхъэ пиупщIу, зым псыр игъавэу, зым шыгъур игъэкъабзэурэ зы мазэ закъуэм зэхуахьэсыфынущ къэпыфI. Шыгъу уиIэмэ, дыщэ уиIэ хуэдэщ. ХьэтIрэмтIыгу дэс сэраскирым адэкIэ жеIэ:

– АтIэ, дунейм ехыжам сэ уэсят къысхуищIащ: «Муслъымэн диным къихьэу, шэрихьэт хабзэмкIэ псэуну къурIэнкIэ тхьэ къыпхуэзыIуэм шыуан зырыз пщIэншэу ет», – жиIэри. Нобэ ди нэщхъеягъуэм кърихьэлIэу къэкIуам шыуан зырыз фызотри зыдэфхь, лIам и саугъэту, зыхуримыкъу къыфхэкIмэ, аргуэру къыфхуезгъэшэнщ.

Арати, жумыхьэм хэта пщыми уэркъми я шулIыгъусэм, шыуанышхуэ зырыз я щIыбым иIубауэ, щхьэж и къуажэкIэ иунэтIыжащ.

Хьэсэн-пэщэр цIыху хьэлэлу псоми къафIэщIа щхьэкIэ, щыуэрт, сыту жыпIэмэ, шыуан къомыр пщIэншэу игуэшами, абы ищIэр ищIэжырт. Тырку пащтыхьым кърита ахъшэфI адыгэпщхэм, лъэпкъыр нэхъ зэдаIуэу яхэт лIы нэхъ Iущхэм ептурэ ди Iумэтым къыхэгъэхьэ, джаурым къакIэрыч жиIэу. Иджы лIам къыщIэна шыуан къомыр пщIэншэу игуэшащи, пащтыхьым кърита ахъшэр езыр зэрыхуейм хуэдэу ищI мэхъу...

Шыуаным и унафэр зэфIигъэкIри Хьэсэн-пэщэ Дэфэрэдж дежи иIуэхуащ: «Алыхьым и лIыкIуэу дунейм тет тырку пащтыхьым и нэфI зыщыхуам уащыщщ, хьэжыщI укIуэнумэ, уэ птекIуэдэнури уи гъусэ лIитIым текIуэдэнури сэ уэстыну унафэ къысхуащIащ, къакIуи, уи гъуэгу тхылъ сытхэр уэстынщ», – жиIэри. Ти, къуажэм дэсыр зэрызохьэ, хьэжыщI кIуэр ягъэщIагъуэу. Чыхуэ къурIэн лъэпсейуэ къызэрищэхуам хущIегъуэжати, иджы и унэм щIэмыпыIэжу гъунэгъур зэпекIухь,

къигъэзэжрэ дыуэ итхмэ, зыхуитхар занщIэу сыт къеузами хъужыну жеIэр, уеблэмэ мэжджытым молэуэ теувэнкIи хъуну еIуатэ.

Дэрбэкъу гъуэмылэм зритауэ, лы гъэгъуа, кхъуей плъыжь, хугу, апхуэдэу дыд, фэдэн, вакъэнжей, псы зэрытын фэнд – узыхуеинкIэ хъуну псор зэуэ къыпхуэщIэн, лъэкI къимыгъанэу згъэхьэзыр. Дэфэрэджи аращ.

Махуэл ящIри хьэжыщI кIуэ илъэпкъыр къуажэ мэжджытым деж пщэдджыжьым жьыуэ щызэхуэсащ. Пщэдджыжь нэмэз зыщIахэри зэбгрымыкIыжу, молэри яхэту, зэхэтщ, тырку пащтыхьым и унафэкIэ Чэбэм кIуэр ягъэщIагъуэу. Дэфэрэдж и хьэпшыпыр зэрылъ фитоным исщ, ахъшэ жыгъей зэхуихьэса къомыр зыгуэрым имыдыгъуащэрэт жиIэу. Чыхуэрэ Дэрбэкъурэ мелыIыч хъуа къафIэщIыжу загъэщIагъуэ, Дэрбэкъу зэчыр жиIэмэ, модрейм и жьэр зэтрипIэркъым. Хэт сыт жиIэнуми едэIуа нэужь, Дэфэрэдж и къуэрылъху щIалэ цIыкIу Ахуэмгъуэт и дамэм теуIуащ:

– Дыузыншэу, лажьэ димыIэу къуажэм дыдокIри, дыузыншэу, лажьэ димыIэу тхьэм дыкъихьыж, къуажэм лъапэ махуэ дэтхауи тхьэм жиIэ, ди лъэужь фэри махуэ тхьэм фхуищI. Неуэ, нэгъакIуэ.

Мэжджытым къыщIэкIыжауэ щытхэри хъуэхъуащ.

Зыгуэрхэр гупым къахокIиикI:

– Ей, хьэрып хьэсым фыхуэмыбэлэрыгъ!

Молэми жеIэ:

– Псы схуолIэ жыфIэу псы ина фемыфэ, гъуэгу тетыр узыншэн хуейщ.

Дэрбэкъу зэчыр жиIэу къыпфIэщI щхьэкIэ, зэгупсысыр нэгъуэщIщ, хэт сыт жиIэми фIэмыIуэхуу гум и ужь иту макIуэ. Нэхъыбэу ар хьэжыщI щIэкIуэр я гъунэгъу хъыджэбзу лIыубыдым пэщIэхуар зи лажьэр зыщIэ щымы Iэми, езым имыщIэжу хъурэт? Хъыджэбз цIыкIур дахащэт, мыбы сыт дэбгъуэн жыпIэу, и адэ-анэри Iейуэ къыкIэлъыплъырт, цы телъым трахыжу, къыхуэгумащIэу, уасэу я хъыджэбзым хуагъэувынур зыхуэдизымкIи зэгурыIуэжат. Дэрбэкъу къишэну и гугъами, пихыжащ, уасэр иныIуэти. И ныбжьэгъу хьэкIэпыч гуэрхэм яхуэзати, фокIэщI хьэлэмэт кърагъэлъэгъуащ, «мыбы ухуеймэ, уи гъунэгъу хъыджэбзыр къытхудэш», – жаIэри. «Дэнэ здэсшэнур?» – «Модэ мобы хьэгъуэлIыгъуэ яIэщи, а хьэгъуэлIыгъуэм щхьэусыгъуэ гуэр щIыи, нашэ, адэкIэ дэ дыгурыIуэжынщ». – «Фэ сыт къысхуэфщIэнур?» – «Мыбы ухуеймэ, уэттынщ». – «ФокIэщIри?!» – «Уигу ирихьыркъэ?»

– Ирихь къудей. Дуней мылъкур сиIами, а зым щхьэкIэ фэстынт.

– Дуней мылъку псом дыхуейкъым, къуэш, Iуэхутхьэбзэ закъуэр къытхуэщIэ. Сасэ зэ къэдгъафэмэ, нэгъуэщI хэт хуей?

Дэрбэкъу и нэр къыщхьэрипхъуауэ къыщIэкIынт фокIэщIыр щилъагъуми, щIалэжьхэр хэтми имыщIэ пэт, къигъэгугъащ СасэкIэ зэджэ дахэ цIыкIур къыдишу джэгум ишэну. Хъарзынэу хъыджэбзым и дэлъхуитIу зи шыпхъум я нэIэ тет защIэу щытыр ежьауэ тхьэм ещIэ здэщыIэр. Сасэ къэзыгъафэр фокIэщIым хэкIыжмэ, ар Iуэху? Ти, зэгурыIуащ.

Дэрбэкъуу плъагъур хъыджэбзым и анэм деж макIуэри къыхурегъэкIуэкI:

– Фи хъыджэбз цIыкIур унэщIэсу фиIэщ, цIыхум яхыхьэу, яхэкIыу слъагъуркъым, и нэгу тIэкIу зевмыгъэужьмэ, фагъуэ хъункIи мэхъу, цIыхубзым и фэр и уасэщ, щIэубыдауэ фымыIыгъ, фи гъунэгъубзэу хьэгъуэлIыгъуэ щыIэщи, сывгъаши, и ныбжьэгъухэм яхэтынщ, – адрей-модрей – Iэджи къибжащ, тхьэлъани ищIащ, зэрысшам хуэдэ дыдэу къыфхуэзмышэжмэ жиIэри.

Сасэм дахэу зихуапэри щIалэм и гъусэу джэгум кIуащ. Дэрбэкъу зыгурыIуа щIалэжьхэр къыпэплъэу къуэгъэнапIэм къуэсыххэт. Дэрбэкъур ираудщ, хъыджэбзыр къэпым иракуэри – бгъуэтмэ къащтэ, напIэзыпIэм гъуэбжэгъуэщым ещхьу бзэхыжащ. Сасэ и дэлъхухэр къэсыжрэ Дэрбэкъу и пщампIэр яубыд щхьэкIэ, сыт епщIэн – къэ Iэти тедзэ, езы Дэрбэкъум и жьэм бацэ жьэдакъуауэ, и Iэ, и лъакъуэр пхауэ кумбым илъу къагъуэтыжати, ямыукIыу къагъэнащ. Езыри щIегъуэжауэ, ищIэнур имыщIэу къыдэнэжати, мэжджытым кIуэуэ къиублащ, макъ дахи иIэу къыщIэкIати, азэн джэкIэ ирагъэщIащ, зэчыр жызыIэми яхэсу зэчыр ядыжиIэу турыхьыщIым кIуэуэ хуежьэри диныр нэхъ зигу хыхьам ящыщ хъуащ. Дэрбэкъу къыщыщIа къомым езым гу зылъимыта гуэри хэлъщ: ХьэтIрэмтIыгу дэс тырку пэщэм и Iумэт гуэрхэм Сасэ и адэм и гъусэу бэзэрым къэкIуауэ щалъагъум, дадэр лъэныкъуэкIэ ирашэкIри къепсэлъащ:

– Мо хъыджэбзыр уипхъу?

– Сипхъущ.

– НтIэ, къыдэт Хьэсэн -пэщэм игъэфызыну.

– Хьэсэн-пэщэр фызкъэмышэ?!

– Хьэуэ. Гарем зэрегъэпэщ цIыху лъэпкъыу Кавказым ис псоми ящыщу цIыхубз зырызыххэ щIэсу.

Пэщэм и Iумэтхэр модреймзыхигъэзэгъакъым:

– Си пхъур зэстынум сыгурыIуакIэщ.

Зэадэзэпхъур къэкIуэжащ, зыхуей къащэхури, абы я лъэужь тыркухэм къахури Сасэ щыпсэур зэрагъэщIати лIыубыдхэм япыщIауэ щытыххэти, кIуэри жраIащ «мыбы хуэдэ хъыджэбзыр къытIэщIэвгъэхьи, фызыхуей фхуэтщIэнщ», – жаIэри. ЛIыубыдхэми куэдрэ узэрагъэлъэIунт: Дэрбэкъур къагъэделэри имыщIапхъэ ирагъэщIащ, хъыджэбзыр Хьэсэн-пэщэм Iэрыхьащ, адэкIэ тхьэм ещIэ зэрыхъуар.

Дэрбэкъу IэщIэщIыхьар апхуэдизкIэ и гум щIыхьэжати, ныкъуэделэ хъуным нэсат, арщхьэкIэ мэжджытым кIуэурэ нэхъ зэтес хъужащ, и псэри тхьэм нэхъ хуэузэщIа хъуащ. Иджы Дэфэрэдж «хьэжыщI накIуэ си гъусэу» щыжиIэм, мыкIуэу къигъэнэнт – къигъэнакъым, хьэж ищ Iым и гуэныхьыр текIыну щогугъри.

– А, си щIалэ, Чэбэм нэс лъэсу умыкIуэнумэ, къитIысхьэ, – жиIат Дэфэрэджи, Дэрбэкъу идакъым фитонкIэ кIуэн:

– Чэбэм нэс дэнэ къэна, жэнэтыбжэм нэс лъэслъэбыкъыу сыкIуэнщ, – жиIэри.

– Хур хъыджэбзхэм закъебгъэлъагъунуи?

– ЛIо, хур хъыджэбзхэм сэ схуэдэ куэд ягъуэтын уи гугъэ? СогъэпцI, хущхъуэхэлъхьэу сызэхамыфыщIэм.

Дэфэрэджи хущхъуэ къигъэхьэзырар и гум къокIыж, къысщымыгъупщауэ пIэрэ жыхуиIэу, арщхьэкIэ зыри къыщымыгъупщакъым, етIуанэ кIуэгъуэу иджы здэкIуэ Истамбыл къыщищэхуауэ щыта хъуржыным илъщ.

Гублащхьэдэс Ахуэмгъуэт, Дэфэрэдж и къуэрылъху цIыкIум, IэкIуэлъакIуэу шыр егъакIуэ, езыми лIышхуэ хъуа къыфIощIыж, мэгушыIэ:

– Ди нанэ хур хъыджэбзым яхомышэ, Дэрбэкъу, яхэгъуащэу умыгъуэтыжынкIи хъунщ.

Дэфэрэдж и жагъуэ хъуа нэпцI зещI:

– Еплъ абыи жиIэм! ЛIо, сахэгъуащэмэ? Сахэту жэнэтым сыкIуэнкIи мэхъу.

Иджыри къэс псалъэ и жьэ къыжьэдэмыкIауэ Чыхуэ къопсалъэ:

– Уи пэр зы мэскъалкIэ нэхъ кIэщIатэмэ, ярэби, уахэгъуащэри уакъыхэнат.

Чыхуэ къамэр зыкIэрихащ, и цейми зы хьэзыр къринакъым, хьэжыщI кIуэр Алыхьым къехъумэ, Iэщэ сыт хуейкъым жаIэу зэхихати.

– Алыхь, пэр щагуэшым уэри дурэшым удэмыса, Чыхуэ, сызэгуомыгъэп куэдрэ, – жиIэри Дэфэрэдж къыщIэнакIэу идакъым.

Чыхуэ, жьэрэIурэ пэт, пичащи, мэгупсысэ: хьэжыщI сыкъикIыжа нэужь, дауэ жаIэмэ нэхъыфIу пIэрэ: Чыхуэ-хьэжы, е Хьэжы-Чыхуэ жаIэмэ, мынэхъыфIу пIэрэ? Я лъэпкъыр унагъуэ тIощI хъуми, хьэжы хъуауэ зыщ яхэсынури «хьэжы» жаIэмэ, зэфIэкIын хуейщ. Сыту насыпышхуэ къеуэлIа а лIым: Мухьэмэд бегъымбарым и лъапэ щытеува щIыналъэм щызекIуэнущ! ЗэраIуатэмкIэ, а щIыналъэм къыщыкI жызумыр хъарбыз хуэдиз мэхъу, бжьэ къудейр къапщтэмэ, джэд хуэдиз хъууэ жаIэ, уеблэмэ Истамбыл бэзэрым джэдым къыщIашыкIа шэр Iэпхъуалъэм иракIэурэ дыщэкIэ ящэу жаIэ.

Дэрбэкъу и гъусэм щIонакIэ:

– Чыхуэ и пэр къыпызышар хэт жыпIэркъэ?

– Хэту пIэрэ, алыхь, сымыщIэ, – жи Дэфэрэдж.

– И унэгуащэр арауэ яIуатэ: «Зи пэ кIыхьым тхьэр къетауэ жаIэ», – жиIэри.

Чыхуэ абы щхьэкIэ къэгубжьыркъым:

– Ар Алыхьым жыуигъэIэу аращи жыбоIэ армыхъумэ, уэ жыпIэркъым, си къуэш, Алыхьым жыуигъэIэ...

Ауэрэ ХьэтIрэмтIыгу нэсахэщ. Абы хьэжыщI кIуэну зи мурад къомыр зэхуэсауэ бэзэрышхуэм ещхьу щызэхэтати, иджы я хьэпи я шыпи кхъухьым яхьри иралъхьащ, кIэлъыкIуатэу псы Iуфэм нэс кIуами я Iэр къаубыдыжри зэкIэлъхьэужьу кхъухьым кIэрыт дэкIуеипIэмк Iэ дэкIуейри щхьэж и тIысыпIэ тIысыжащ.

Ахуэмгъуэт бжьэпэм тету мэкIий:

– Гъуэгу махуэ фытеувауэ тхьэм къыщIигъэкI!

АрщхьэкIэ кхъухьым итIысхьахэр илъагъуркъым. Куэд дэмыкIыу кхъухьыр IуокI.

* * *

ИстамбылакIуэр цIыхум я жьэм жьэдэзыгъэхуа Iэджи куэд дэмыкIыу къохъу. «Уафэгъуагъуэ фIыцIэ» фIащат къалэшхуэм теуэну кIуа дзэм топышэ хьэлъэкIэ къеуэурэ хьэлэч къыщащIам. Фэ джанэ зыщыгъари, таж зыщхьэрыгъари къелакъым а топышэу уэгум къыщыуэрэ уэ фIыцIэм хуэдэр къезыпхъыхым, шыри лIыри хэкIуадэрти, нэхъыжьхэм я гум къэкIыжат Наполеон Мысырым къакIуэу топ защIэкIэ къэралыр иубыдауэ зэрыщытар.

Псоми къагурыIуат сэшхуэрэ къамэкIэ куэд зэрыпхузэфIэмыкIыжынур, топрэ топышэрэ уимыIэмэ, а тIури къэбгъуэтми, абыкIи зэфIэкIрэ – топ зыгъэуэн уиIэн хуейкъэ. АтIэ «къыптекIуэр гугъущ!» жызыIам имыгъэунэхуауэ жиIакъым: къэзакъым запэщIэсэныр щыгъэтын хуейщ жаIэу Iэджэм абы нэхъ трагъащIэ. Бытырбыху щыIам зэраIуэтэжымкIэ, урысым я щIыналъэр гъуни нэзи зимыIэ щIыналъэщ, езы щыхьэр къалэр жыпIэнущи, жиным ящIауэ фIэкIа, цIыху цIыкIум я къарум, я акъылым къихьа къалэу къыпхуэщIэнукъым. Истамбыл нэс укIуэмэ, тхьэмахуэ гъуэгущ дэлъыр, Бытырбыху нэс укIуэмэ, мазэкIэ, иныкъуэм нэхъыбэкIи гъуэгум утетщ. Урысыр нобэ топышэ лъалъэкIэ къауэмэ, пщэдей къызэроуэнур зыми ищIэркъым. Адыгэпщхэр зэхуэсрэ я пыIэр щхьэрыхауэ зэдауэ-зэныкъуэкъу щхьэкIэ, зэакъылэгъу хъуртэкъым.

Шапсыгъхэмрэ абазэхэмрэ зэгурыIуэри дзэ яшэри къалэшхуэм теуати, къащIэкIуакъым, къалэр зэрапхъуэу топымрэ топышэмрэ зыIэщIалъхьэн я гугъати, кърыкъуахьа дэнэ къэна,

урыс экспедицэ корпус къакӀэлъыкӀуэри Лабэ и псыщхьэм нэс зы къуажэ къамыгъанэу хьэбэсабэ ящӀащ. Зауэ гуузым хузэ-халъхьа «Лабэ зауэ» уэрэдыр иджыри жаӀэ.

Мывэ щхьэлитӀым я зэхуакум дэхуа нартыху хьэдзэм ещхьу дыкӀуэдкӀэ мыхьэнэ иӀэкъым, дэ ди щхьэри тхуэхъумэнкъым, ди цӀыхури хэкӀуэдэнщ, Тыркумрэ Урысымрэ тӀури къэралыгъуэшхуэщ, езыхэм зызэрапщыт щхьэкӀэ, ди къарур мащӀэщи, ди пӀэ дивгъэсыж – арат нэхъыбэр зыщӀэкъур. Къуажэпщ, пщым я пщыж, кхъухьыпщ, нэхъыжьхэр я гъусэу зэхуэсырти, зэхуэ-тхьэусыхэжырт. Зэгуэр къэхъуауэ иджыри къэс ягъэхъыбар: зэгуэр «жаны Гуащэр къыводжэ» жаӀэу шу Ӏэджэм къуажэ псори къызэхажыхьат, я шым пщӀэнтӀэпсыр къыпыхуу. «ЦӀыхубзым хасэ зэхуишэсу хабзэкъым. Сыту пӀэрэ къэхъуар?» – «Фына-кӀуэм флъагъунщ».

Къоджэр нэхъыжьщ жыхуаӀэу къуажэпщхэм, я шулӀыгъусэхэр я гъусэу, Фарзыпс и Ӏуфэр я зэхуэсыпӀэти, абыкӀэ яунэтӀ. А щӀыпӀэр зымыц Ӏыху щыӀэтэкъым, псыхъуэ дахэт, псым и зы ӀуфэмкӀэ губгъуэшхуэу, адрейр мэз жьыщӀэху дахэти, шы щыбгъэхъуну кӀуапӀэ имыӀэжу, езы псы къежэхри къабзэу, къуажэхэри мыжыжьащэу, тыншыпӀэ гуэрт. Лэгъуп фӀэбдзэнумэ, пхъэри гъунэжщ, къуак ӀэбгыкӀэ щӀыӀэтыӀэ ухуейми, бгъуэтынущи, щӀыпӀэр адыгэм я зэхуэсыпӀэт.

Жыхуа Ӏа пӀалъэм фӀэмыкӀыу цӀыхур къызэхуэсу хуежьа щхьэкӀэ, езы Гуащэр плъагъуркъым. Къуажэпщ къом къызэхуэ-сар зэхэтӀысхьащ, щхьэж и гукъеуэ жиӀэу. Абдежым къыздикӀари къыздихуари ямыщӀэу, жаны Гуащэр бгъуэнщӀагъ гуэрым джабэ иӀэти, къыщ ӀэкӀри мо цӀыхухъу къомым я пащхьэм къиуващ, данэ кӀупӀец фӀыцӀэшхуэ тепхъуауэ, и щхьэри гуэлмэдын фӀыцӀэкӀэ фӀэпхыкӀауэ, езыри, зы бэлыхьлажьэ гуэр къызэрыщыщӀар нэрылъагъуу, нэщхъейуэ.

Пщы къызэхуэсахэр цӀыхубзым дежкӀэ щеплъэкӀым, жаны Гуащэм къехьэкӀ-нехьэкӀ хэмылъу и тхьэусыхафэм къыщӀидзащ:

– Фи нэмыс лъагэ тхьэм ищӀ, сыцӀыхубзми, си псалъэм пщӀэ хуэфщӀри фыкъэкӀуащ. Къэфча лъэбакъуэм хуэдиз насып тхьэм къывит. ЦӀыхубз пшэрыхь хущанэ жиӀэу япэ жызыӀам Ӏейуэ жиӀакъым, сывгъэлъэпӀащ, сывгъэинащи, фи щӀыхь лъагэ тхьэм ищӀ, гузэвэгъуэм сримыгъэзатэмэ, «уей, адыгэпщхэ, губгъуэм сыкъивмынэ!» жысӀэу ныфхуэсӀуэхунтэкъым. Мыбы фыкъызэрыкӀуам нэхъ гугъуехь тхьэм фимыгъэлъагъук Ӏэ...

Гуащэм бгъуэнщӀагъымкӀэ зигъазэри джащ:

– Мариет, къыщӀэкӀ мыдэ! КъыщӀэк Ӏи, зыкъегъэлъагъу, уэ

---

*ТӀэмтӀэрэкъыр Тмутаракань жыхуаӀэу щыта къалэрщ. Святослав зэхикъутащ.

пхуэдэпхъу, уэ пхуэдэ шыпхъу зиӀэщ къызэхуэсар. КъыщӀэкӀ...

Пщы къомри къэтэджауэ зэхэтщ, «хэту пӀэрэ мыбы дигъэлъагъунур?» жаӀэу.

Зы цӀыхубз гуэр, унэишэм деж нысащӀэм и Ӏэблэр яӀыгъыу унэм къызэрыщӀашым ещхьу, кӀупӀец фӀыцӀэшхуэ тепхъуауэ къыщӀаш хуэсакъыпэурэ, яутӀыпщмэ, яӀэщӀэхуу джэлэн хуэдэ. Гуп зэхэтым и гъунэгъу дыдэ мыхъуу къабгъэдыхьауэ къоувыӀэ.

– ИӀэ иджы къегъэлъагъу уэ къуащӀар. Къегъэлъагъу! УмыукӀытэ. Нобэ хуэдэкъым ущыукӀытэн хуейр...

КӀупӀец фӀыцӀэшхуэр цӀыхубзым зытрегъэк Ӏуэт, абы фӀэкӀа нэгъуэщӀ щыгъын зэрыщымыгъым гу лъыуигъатэу. Хъыджэбз дахэ дыдэ цӀыкӀум лъыкъуалэр къежэхыурэ тегъуэжат, и щхьэцыр зэхэфыщӀат, и нэпкъыпэпкъыр зэхэкъутат, и Ӏэпкълъэпкъым ятӀэмрэ лъымрэ зэхэлъу кӀэрыгъуат. Пщыхэр къызэрыӀэтащ:

– Хэту пӀэрэ мыбы хуэдиз лейр зезыхьар?!

– Уэлэхьи, и фэр тепх мыхъум абы!

– Щхьэ щӀыбкӀэ фӀэгъэжын хуейщ, жып Ӏэр сыт?!

Гуащэм, и гумрэ и щхьэмрэ къызэрыгъуэтыжауэ, жеӀэ:

– Уа си дэлъхушхуэу нобэ мыбы кърихьэлӀахэ! Мы хъыджэбзыр фи бын цӀыкӀухэм пэфлъытыт, фэ къэфлъхуа хуэдэщ. Фи унэгуащэм, фи шыпхъум пэфлъыт. Ари къэзылъхуар адыгэщ, адыгэ цӀыхубзщ. НтӀэ, дыунэхъури дыкъэсэхыжакъэ, иджы сеймэнхэр къак Ӏуэрэ мыбы хуэдиз лей къыдахми, къахуэгъумэ. Къытщхьэщыжын димыӀэжу дыкъэнамэ, ди лъапсэр гъужынкъэ. Сыт мыгъуэ дыщӀэпсэужынури? ЦӀыхубз лъхуэми зыхуэлъхуэнур хэт? Адыгэпщ къызэхуэсам тхьэшхуэр къывоупщӀ, тхьэм и ужькӀэ сэ сывоупщӀ: «Дзагуэ хъужауэ пӀэрэ адыгэ сэшхуэр?»

Гуащэр къызэрыкӀати, иджыри куэдрэ псэлъэну къыщӀэкӀынт, арщхьэкӀэ абы хуэдиз псалъэ гуауэ шапсыгъ адыгэу Дэуэпщым и гум темыхуэу цӀыхубзыр къигъэувыӀащ:

– Хъунщ ди шыпхъу, укъыдэгиящи, тхуэфащэщ. Ди сэшхуэ маисэри дзагуэ хъужакъым, лъым и уасэр лъыщ, напэм и уасэри напэщи, ди напэр хужьу тхьэм дызэригъэхьэлӀэ. Лей къыдэзыхам хуэдгъэгъункъым, топкӀэ къыдэуэ дэнэ къэна, лъабжьэкӀэ дрихами. ТхузэфӀэмыкӀыу дыкъикӀуэтрэ –ди пащӀэр лэныстэ къафщти пывупщӀ. Сэр фӀэкӀа зылӀ хэкум къимынэжами, уи пхъум къылъыса лейр къезыхам и пэр щӀым щыдмыхъуауэ, псы дефэу дунейм дытетынкъым. Си дзэр хьэзырыпсщи, къыспэплъэу зэхэтщ, си хъыбар зэхэпхынщ.

Дэуэпщыр шапсыгът, куэд щӀауэ кърым хъаным хузэгуэпт, теуэну зигъэхьэзырат, иджы, мис, щхьэусыгъуэ игъуэтащи, къэувыӀэнукъым. Кърым хъаным жаным къарищӀар хэти къарищӀэнущ, игъащӀэми аращ: и сеймэнхэр къегъакӀуэри къуажэу къапэщӀэхуэр яхъунщӀэ, щӀалэгъуалэр гъэру яху,

жьыкIэфэкIэр зэтраукIэ, Iэщыр яху. Гуащэм зэрыжиIэмкIэ, жаны пщыгъуэм къащыщIари аращ: пщыр иригъэблагъэ хуэдэу зищIри къыжраIащ къуэды птеслъхьэу гугъу уезгъэхьынкъым, зы илъэсым унагъуэ къэс хъуп зрыз къысхуегъашэ, си хьэкъ птекIауэ къэслъытэн папщIэ жиIэри. «Унагъуэ къэс хъуп зырызыр куэд – къыпхуезгъэшэнщ», – жеIэри модрейми къегъэгугъэ. ПIалъэр къэсри унагъуэ къэс хъуп зырыз зэхуахьэсри кърым хъаным щыхурагъашэм, хъуп бжыгъэмкIэ къащIащ жаны лъэпкъыр унагъуэ дапщэ хъуми, шууэ сыт хуэдиз ягъэшэсыфынуми. Абы пэлъэщын дзэ хъаным къигъакIуэри жаны пщыгъуэр зэтригъэщахэри, я физи, я хъыджэбзи къамыгъанэу лей ирахащ.

Аращ Дэуэпщыр щышэсыжым къэпсалъэу: «ТIэмтIэрэкъ* и махуэр жаны лъэпкъым къахуихуащи, ди напэр, маржэ, дывгъэтхьэщIыж», – жиIэу уанэгум зридзэу щIыщIэпхъуэжар.

Ти, жаным адыгэм я гуащэри я гъусэу, цIыхубзхэри гум итIысхьэжри щхьэж и къуажэкIэ яунэтIыжащ, пщы къызэхуэсахэр зэчэнджэщу зэхэту къагъанэри.

Дэуэпщым и гъусэу нэгъуэщ Iхэм кIуэн ядакъым, езы пщыми «умыкIуэ, ухэкIуэдэнщ» жраIа щхьэкIэ, хэзэгъакъым, и гугъэт кърым хъаным къигъэкIуа дзэм кIэлъыпхъэррэ ятеуэу ирикъухьыну. И гугъэт хъаным и сеймэнхэм и гур ятепщэха нэужь, КъызылташкIэ зэджэ ерымым жэщу къызэпрыкIыу Псыжь Iут къалэшхуэм къыдэуэну. Дэуэпщ хахуэм куэд щIауэ и мурадт къалэшхуэм дэт топри топышэри зэрипхъуэу къалэри ихъунщIэну. Сеймэным яху цIыхумрэ Iэщымрэ къатесхыжынщи, езы сеймэнхэм мыхьыр езгъэхьынщ жиIами зыгуэрт, зэ ежьэгъуэм абы хуэдиз Iуэху зэфIэзгъэкIынщ жыпIэу дзэ епшэжьэныр щхьэгъэпцIэжти, аращ Дэуэпщыр гъусэншэу щIежьар.

Жэщым нэм щIэIэбэр умылъагъумэ, дауэ ерым куум узэпрыкIа зэрыхъунур, уздэкIуэри псым и Iуфэри умылъагъуу, уяпэ итым здигъазэр умыщIэу, къыпкIэлъыкIуэми укъимылъагъуу?.. УзэпрыкIыпауи щIы – ерымым деж къыщыщIэдзауэ къалэшхуэм нэс махуитI гъуэгу дэлъщ, а къомыр къэзакъым укъамылъагъуу пхуэкIун?

ЗэрыжаIа дыдэуи хъуащ: Дэуэпщым шуудзэ иришэжьар кърым сеймэнхэм ялъэщIэмыхьэу, къагъэззэжащ, жэщ кIыфIу ерымым къыхыхьэри псы зыхыхьам хэкIуэдащ, уеблэмэ зы шу закъуэ хъыбарегъащIэу къэмынэу.

ЕтIуанэрей махуэм шапсыгъ цIыхубзхэр ерым псы Iуфэм зэрыхьу дэжащ, абы мыкIуэфым и махуэ мыгъуэу, псы Iуфэм зи псэ нэзыхьэсари гузасэу. ЦIыхубзхэм я Iэблэм я сабий былзафэ цIыкIу мыгъуэхэр теупцIэжат.

ЦIыхубз къомым зы хьэдагъэ къаIэтати, уи щхьэфэцым зрисэрт, цIыхухъухэм я нэкIум я пыIэр щхьэрыIубауэ гъуэгырт, хъыджэбз цIыкIухэм гъыбзэ гуузыр зэхалъхьэрт, псым зыхи-

дзэжрэ зезыгъэтхьэли къахэкIыpт, ди псэм хэлъыр хьэдрыхэ щытлъагъужмэ, нэхъыфIщ жыхуаIэу.

Шапсыгъ шухэу кIуэдыкIейуэ кIуэдахэм я хъыбарыр джэгуак Iуэ Уэзырмэс щызэхихым, уэрэд гууз иусащ: «Урыс члисэр тхьэгъуушым йоуэр, тхьэр зэуа мыгъуэр шапсыгъ цIыхубзкъэ...» жиIэу псалъэ хэту. Езы шапсыгъхэр лIы лъахъшэ цIыкIути, тхьэм щелъэIунум деж жыг нэхъ лъагэм дэкIуейрт, жыгыщхьэм иту тхьэ елъэIумэ, щIелъэIур нэхъ зэхихын къафIэщIу. ЕрымIуфэм мыкIуар ТхьэщIагъыжь жыхуаIэ мэзым щызэхуэсауэ, тхьэлъэIушхуэ ящIащ, тхьэм игу къыдэбгъати, аращ къыдищIа гуауэр къыщIыдищIар жыхуаIэу. Ауэ нэхъ ерыщхэр жыгыщхьэм теуващ тхьэм хуэхъущIэрт.

Шапсыгъыдзэ псым хэкIуэдам Iэджи хужаIэрт. Зэгуэр, жи, Дэуэпщым пщIыхьэпIэ илъэгъуат, шым тесу псышхуэ гуэрым зэпрыкIпэтрэ, еплъыхмэ, – псы щIагъым уафэр хэлъ хуэдэу, вагъуэхэри мазэри псым къыхэщу. Мыр сыт телъыджэ жиIэу щыпсалъэм, зыгуэрым и макъ зэхех «ар уи афэ джанэр псым хэхуащи аращ» жиIэу. Пщэдджыжьым плъэмэ – афэ джанэр здыфIэлъам деж фIэлъщ. ИтIанэ зы лIыжь губзыгъэ гуэр къуажэм дэст, къэхъун-къэщIэныр къыбжиIэуи, ар кърихгъэшащ. Дадэр унэм къыщыщIыхьэм лъэпэрапэри джалэ пэтащ. Пщым ар щилъагъум, мыдыхьэшхыу хуэшэчынт, дыхьэшхащ, «бжэщхьэIум уемыбэкъуэфмэ, си пщIыхьэпIи дауи къэпщIэн?» – жиIэри.

Пщым и псалъэр дадэм щхьэкIуэ къыщыхъуа пэтми, зыхимыгъэгъуазэу къелъэIуащ:

– Махуищ пIалъэ къызэт уи пщIыхьэпIэм сегупсысыну, – жиIэри. Абы къыфIимыгъэкIыу дадэр кIуэжри махуищкIэ гупсысащ, къигъэзэжри къыжриIащ: – Мурад бэлыхьлажьэ пщIащ, уи мурадыр къохъулIэнукъым, уемыжьэ.

Пщыр къэгубжьащ:

– Уэ уи щхьэ къыфIыкIэ уэ къодаIуэм, – жиIэри.

Ти, унэхъунур жепIэ щхьэкIэ дэгущ, пщым къыщыщIа гуузыр зымыщIэ щыIэкъым.

Псыхъуэм щызэхэс къуажэпщхэм шу ягъэшэсри адэкIэмыдэкIэ ягъэкIуащ, лIыщхьэу хэкум исыр зэхуашэсу зэчэнджэщыну. Хъыбару жаIэрт урыс пащтыхьым адыгэр тырку пащтыхьым зы люстрэ закъуэкIэ ирищауэ. Ар зи фIэщ мыхъуи гъунэжт, итIани шэсыпIэ иувэни щыIэт, «ар мыпэжмэ, си пащIэр фэзгъэупсынщ» жиIэу. Жаны Гуащэ и хъыбарыр дэни щаIуатэрт.

Урысым къадэщIымрэ Тыркум къадэщIымрэ зэпэщIэуващ зэныкъуэкъуу зэрыщыта дыдэу ноби зоныкъуэкъу, зым жаIэ: «Фи сагъызыр ебзым хэхуащ», – жаIэри, модрейми: «Фи сагъызырщ хэхуар – фи псыр шыуанышхуэкIэ ХьэтIрэмтIыгу дэс пэщэм ефхъуэжащ», – жаIэу ящIонакIэ. Тырку пащтыхьым лъэкIыныгъэшхуэ иIэу зи гугъам шэч къахьыж хъуащ, сыту

жыпIэмэ, тырку пащтыхьыр Французымрэ Инджылызымрэ я флот тенджызым тетым къызэрыкъуэгушхукIыр ялъагъу.

Россием дежкIэ еIэхэри кIуэ пэтми нэхъ Iэнкун мэхъу, урыс пащтыхьым деж мызэ-мытIэу лIыкIуэ ягъакIуэр пщIэншэрыкIуэу къыщIэкIащи.

ТхьэщIагъыжькIэ зэджэ жыгей мэзыр жыжьэ Iуэми, а мэз щIагъым щызэхуэсрэ адыгэм унафэ ящIмэ, тхьэм нэхъ къабыл ищIын я гугъэ щхьэкIэ, я унафэм хъер къыпыкIыркъым. Зы хьэблэ гуэр я къуажэм къыдэкIри мэзым къакIуэри щызэгурыIуат зэгъусэу псым икIыжу Мухьэмэд бегъымбарыр зыдэса Щам кIуэуэ дэтIысхьэжыну. ТхьэлъэIушхуи ящIщ я мурад къехъулIэнуи, псым икIыжри Щам къалэ щынэсым, я вакъэр зыщахри къалэм дыхьащ, мы къалэм удыхьэнри нэмэзлыкъым утеувэнри тIури зыщ, вакъэ тщымыгъыу уэрамым дыдэвгъэхьэ жаIэри.

Къэзылъагъум ягъэщIагъуэу мо ешаелIа къомым лъапцIэ защIауэ, я вакъэр я блэгущIэм щIэлъу, мэжджыт дахэ къомыр ялъагъумэ, яхуэмыгъэщIагъуэу здэкIуэр ямыщIэу кIуэрт. Зыми пщIыхьэпIэу и гум къэкIыртэкъым а къомыр екIуэлIапIэншэу, зэхэфыщIэжауэ, мэжэщIалIэу КасиюнкIэ зэджэ бгы джафэм и джабэм пщыIэ щащIу къыщIэнэну. Дунейм и хуабэгъуэ дыдэуи ирихьэлIати, хуабэр къемызэгъыу Iэджи яхэкIуэдыкIащ, нэхъ лъэрызехьэу къэнам щыщи къытрадзэри къагъэзэжащ: «ДылIэ-мэ, ди щIыналъэ дыщрелIэж», – жаIэри.

Щам кIуа хьэблэр зыдэса къуажэм ар щызэхахым, «сыту фIыт дэри дызэрымыкIуар» жаIа щхьэкIэ, щIемыгъуэжу къэнакъым. Хьэблэр зыдэса къуажэм къэзакъ къыдэтIысхьэри уни, Iэщи, щIыуи хэкум икIыжам яIар къэзакъым япэщIэхуащи, уэрамым кхъуэр дэз хъуащ, къэзакъ къутырым и гъунэгъухэр Iэпхъуэурэ пэIэщIэ защI. Кхъуэр Фарз хэсу ялъагъумэ, абы бэлыхьлажьэр къокIри адыгэмрэ къэзакъымрэ зэрегъэзауэ. Къэзакъым къащхьэщыжыну дзэр къосри лъыпсыр ягъажэ, адыгэ къуажэри, я гъавэри, я мылъкури ягъэс. Чэтым щIэт мэлри, Iуэм итIэщри, джэдэщым щIэт джэдкъазри абы дагъакIуэ, лы мафIэм исам и мэм уимыгъэбауэу.

Гъэмахуэ шылэр икIри дунейр бжьыхьэхуегъэзэкI хъуауэ жылэр губгъуэм итт, гъавэр Iуахыжу. Къэзакъхэр къыттеуэу гъавэ губгъуэм илъыр ямыгъэс щIыкIэ жаIэу, цIыхур епIэщIэкIырт, нэхущым къэтэджар пщыхьэщхьэ пшапэр зэхэуэху хэт Iуэуэ хьэмым тетт, хэт нартыху къыдичыжырт, хэт пхъэщхьэмыщхьэр игъэтIылъырт. Убых цIыхубзхэм я къэбышхуэхэр яIэтырти, бэкхъыщхьэм трагъэтIысхьэрт, жэп къехыху трагъэлъыну.

Фызу унэм къыдэнам Iэдэхьеигъуэ ямыIэу бынунэр щIымахуэм хуэщIа зэрыхъунум и ужь итт. Нэхъыжьу тIысыжахэри

Iуэхуншэу пхущысынт? Бжьыхьэ махуэ хуабэти, лы ягъэгъуу, Iэпслъэпс ящIу, ягъэхъуну къагъэна Iэщыр зыхуэзапхъэм хуагъазэу – Iуэхуншэу щыс щыIэтэкъым, пащтыхьыр Темры-къуэ къалэм деж псым къызэпрыкIри адыгэ щIыналъэм къихьа-уэ МамырыкъуэкIий ди зэхуэзапIэщ жиIэри къаIуэхуащ жаIэу хъыбар гъэщIэгъуэну цIыхум я тхьэкIумэм къыщицырхъам.

Абазэхэм я дзэр зыдэс ХьэмкIэтIий нэс пащтыхьым дзыхь ищIу хэкум къыщихьэкIэ, зыгуэр къытхуимыщIэну къакIуэр-къым жаIэу арат нэхъыбэм зытращIыхьыр.

– Ди щIыналъэ дрегъэсыж, нэгъуэщI дыхуей мыгъуэ? – Арат фызхэм жаIэр, ар нэхъыжьхэм я тхьэкIумэ ирагъэхьэртэкъым:

– Догуэ, дызэIуригъэлъадэрэ и ныбэшхуэм дыкъибэныкIыу дыкъанэмэ, дауэ хъуну? – жаIэрти. – Рассейм ныкъуэшх ищIар ешхыпэ.

– НтIэ, мышынэу сыту ди унагъуэ къихьэрэ, ХьэмкIэтIий дэсыр адыгэдзэу щытмэ?

– ХьэщIэу къакIуэм хьэщIагъэ ирах хабзэкъэ?

Пащтыхьым и хъыбар зэхэзых илъэпкъыр, хэт сыт жиIэми емыдаIуэу, я шым шэсырти, Фарз лъэныкъуэкIэ яунэтIырт, лэжьыгъи сыти хыфIадзэрти: «Тхьэм ещIэ пащтыхьым къыд-жиIэнур», – жаIэу. Адыгэпщхэри зэхуэсагъэххэти, зэхэтIысхьэ-ри зыхуейуэ зыщIэлъэIур тхылъу ятхащ хьэрыпыбзэкIэ. Ар зэзыдзэкIыжыни къагъуэтри лIыкIуэу ягъакIуэ гупым ха-гъэхьащ.

Урыс пащтыхьым дыгуэту и IэмыщIэ дилъми додэ, къэрал щхьэхуэу, ди щIыналъэ дыхуитыжу дыкъигъанэ закъуэмэ жиIэу, арат тхылъым ит псори зытеухуар. Езы пащтыхьми и фIыцIэ Iуат, гущIэгъу зиIэ пащтыхьщ, пщылIIыхыныр къызыпкъры-кIари аращ жаIэу.

МамрыкъуэкIий дэмыхуэу шури лъэсри къызэхуэсмэ, къуажэпщхэр мыгузавэу хъунт, зыгуэрым «силъ сощIэж» жиIэу пащтыхьым и гъусэм е езы пащтыхь дыдэм зрапщытмэ жаIэу. Къуажэпщхэри нэхъыжьхэри зэхэмыкIыу зэхэтт, цIыхум ямы-щIэн ирамыгъащIэу, езыхэри зэчэнджэщу, зэдауэу, зэкIужу. Убыхыпщыр я пашэу шу гупыфI хахыну зэгурыIуащ пащты-хьым деж ягъэкIуэну. Зи цIэ ирамыIуа къомыр я пIэм къинэн хуейт, ХьэмкIэтIий кIуар къэкIуэжыху пэплъэну. Мамрыкъуэ-кIийр къуэшхуэт, Фарзыпс къабзабзэу бгы нэпкъитIым я зэхуакум нэшэкъашэу псы IуфитIри и гум пымыкI хуэдэу зы нэпкъым къыбгъэдэкIым, адрейм еуалIэу йожэх.

Шапсыгъ шуудзэр псым зэрыхэкIуадэ лъандэрэ адыгэпщ псоми къагурыIуат уи закъуэ-уи закъуэурэ узауэ зэрымыхъунур. Дзэуэ хэт дапщэ иIэми, зы дзэпщым и унафэм щIэту зауэмэ, я мурадыр нэхъ къехъулIэнут.

Щамил и нэIиб Мухьэмэд-Iэмини жиIар ар дыдэрт, ауэ езыр

дзэпщу увынути, уи дзэр хамэм епту дауэ уежьэжынт. Адыгэ дзэпщхэр зэхэтIысхьэми арат – занщIэу къэуврэ «сэ сывгъэув» жамыIэми, хэти хуэгъэфащэ закъуэ – зымыдэн яхэткъым.

Дагъыстан лъэныкъуэмкIэ урысыдзэм щащIэжын щыIэкъыми, къарууэ яIэр адыгэ лъэныкъуэмкIэ къадзыжынщ. Щамил гъэру щаубыдакIэ, хэт къезэуэжын? Александр ЕтIуанэр Тифлис къакIуэу зэмылIэужьыгъуэу лъэпкъ хыщIым ящыщ лIыкIуэ щриджам, къехьэкI-нехьэкI щымыIэу къагуригъэIуащ: иджы зи чэзур фэращ, зэуэныр щывгъэт, щывмыгъэтрэ, мыхьыр фэзгъэхьынущ, жиIэри.

ЛIыкIуэу кIуам я нэхъ лъэрызехьэр убыхыпщ Бэрзэджырат. Ар лIы хахуэт икIи губзыгъэт. Ар пащтыхьым щышынакъым:

– Дэ зауэм дыхалъхухьащи, зауэкIэ дыпхуэгъэшынэнукъым. Дызэтри IущIэу, ди лъапсэм псы иригъэжыхьыжыну жиIауэ щытат уэ уи япэ ита пащтыхьми. Абыи дыкъелащ, тхьэм жиIэмэ, уэри уи насыпи къыттекIуэнкъым, – жиIэри пащтыхьым пэпсэ-лъэжащ.

Бэрзэджыпщми ищIэрт тыншу Урысейм узэрытемыкIуэнур. Дагъыстаным и закъуэ IумпIафIэ ищIар, Азербайджанри аращ, модэ Туркестан лъэныкъуэми пэкIэ щIыр ирагъэващ, кърым хъану батэкъутэ зыгъэшари урыс диным ихьакъым жумыIэмэ, ари хигуащ. Польшэ дыдэм и пщампIэри иубыдащ. НтIэ адыгэр текIуэнкIэ хъуну?

Бэрзэджым къигъэзэжри, къуажэпщу хъуар зэхуишэсащ, пащтыхьым къажриIар яжриIэжыну. Псоми жаIэм едаIуэри, и мурадыр къажриIэжащ:

– Дэ дызыпэувым пэувар кърeуд, къаруушхуэ иIэщ. Дыпэуврэ зедгъэукIкIэ мыхьэнэ иIэкъым. Тхьэм зыгъалIи, къакIуэ жиIакъым. Сабий къытщIэхъуэм деплъын хуейщ, щIэблэ зимыIэм гъащIи иIэкъым. Дунейм уафэр нэхъыбэщ, щIылъэм нэхърэ. Дызытелэжьыхьын щIы дымыгъуэтми, псым зеттынщ, дэ тщIы кхъухьым хуэдэ зыми хуэщIыркъым. Тенджызри вапIэщ...

– АтIэ сыт уи унафэр, Бэрзэдж?

– Ди щIыналъэр урысым нэрыгъ щащIакIэ, драгъэтыншыхьынукъым. Къахуэдвгъэгъани, хэкум дивгъэкI.

Къуажэпщ къомыр занщIэу зэгурыIуэнт? ЗэгурыIуакъым. Нэхъыбэм я хэкур ябгынэн ядэртэкъым. Зэдауэщ-зэдауэри, щхьэж и унэ бжэн лъакъуэу зэбгрыкIыжащ. АрщхьэкIэ езы Бэрзэджыр еуэщ-еIэри Тыркум кIуащ. ЦIыхугъэ гуэрхэр иIэти, ечэнджэщащ, пащтыхьми зыхуигъэзати, кхъухь къызэрыкIуэнкIэ къыдэIэпыкъуну къигъэгугъащ, ахъшэ тIэкIуи кърит ащ, гъуэгу уасэ фхуэхъунщ жиIэри. Псом нэхърэ Бэрзэджыр нэхъ зыщыгуфIыкIар аратэкъым. Пщым я пщыж Бэрзэджым и гъусэу Тыркум къакIуэр здэтIысын щIыпIэ хъарзынэ кърригъэлъэгъуат, Мраморнэ тенджызым и Iуфэм деж. Бэрзэджым къигъэзэжу:

«Хэт си гъусэу нэкIуэн?» – щыжиIэм, къанэ щIагъуэ щымыIэу убыхыу хъуам зыкъаIэтащ.

Адрей адыгэпщхэри къэгузэват, я унэм щIэмызэгъэжу, зэхуэсри зэгурыIуащ, мэджлис хахыу къэралыгъуэм хьукумэт яIэну, адыгэ щIыналъэр минтэкъэт пщыкIутIу ягуэшыну. Къэралу щытIыскIэ дзэ уиIэни хуейщ, къулыкъу зезыхьэни уимыIэу хъуркъым. НтIэ цIыхум мэксун ятелъхьауэ абы ятекIуэдэн ахъшэр къыхэдвгъэх.

Япэрей мэджлисым ищIа унафэм я хъыбар икIэщIыпIэкIэ урыс пащтыхьым деж, тырку сулътIанми, Инджылызми, Францми – нэгъуэщI зэгъэщIапхъэу щыIэ къэралхэми нагъэсащ, шэрджэс къэралыгъуэ къэунэхуащ жаIэри. Хъыбар зрагъэщIа къэралхэм иджы нэхъ гулъытэ къыхуащIын я гугъэу адыгэм я гур нэхъ къызэрыгъуэтыжат. Абдежым хъыбар къэсащ урыс пащтыхьу Александр ЕтIуанэм къыбгъэдэкIыу сынокIуэ жиIэу къиIуэхуауэ. «Къэралым къэрал и хьэщIэщ» жаIэу адыгэм я гугъэт Урысейм адыгэ къэралыгъуэр фIэкъабылу.

Адыгэ хьукумэтым трагъэувa къудейуэ тетыр Хьэтх и къуэ Хьэчакът. Минтэкъэт (пщыгъуэ) къэс шу къагъакIуэурэ къы-щIэупщIэт, дэнэ деж ди зэхуэсыпIэр жаIэу. Езы Хьэчакъ тэмэм дыдэу ищIэртэкъым пащтыхьым хэщIапIэ щищIынури хъыбар яригъащIэрт ТхьэщIагъыжь деж щызэхуэсыну. Мэз щIагъыр тхьэлъэIу щIыпIэу псоми къацIыхурти, абдеж щызэхуэсмэ, иужькIэ хьэщIэ щедгъэблэгъэнумкIэ дызэгурыIуэжынщ жиIэу арат хьукумэтым я пашэр зэрегупсысар.

Адыгэр къэрал зэрыхъуам урыс пащтыхьыр къызэришэм пэж гуэри хэлът. Шэрджэсхэр пщыгъуэ пщыкIутIым щIигъуу щыщытам уагуры Iуэ хъуртэкъым, зым жиIэр адрейм имыдэу зэдауэрт, иджы зы къэрал щыхъуакIэ я хьукумэтыр зыщи, нэхъ сагурыIуэнкIэ хъунщ жиIэу арагъэнт пащтыхьыр зэрегупсысар. Армырами, арат ягъэхъыбарыр.

Хьэчакъ деж пащтыхьым лIыкIуэ къигъэкIуащ: уи гъусэри уэри уахэту шу тIощIрэ блырэщ фызэрыхъун хуейр. Абы къыщIевгъэгъурэ – дзэ къапшэу укъакIуэу къалъытэнущ. ИтIанэ абы и Iуэхур щхьэхуэщ жаIэу.

Дауэ иджы шу тIощIрэ хырэ къызэрыхэпхынур, зыгуэрым и жагъуэ умыщIу? Уэзырмэс и уэрэдым хэтщ «дзэкIэрэ мащIэу, хьэщIэкIэрэ бащэу...» жиIэу. Езы Уэзырмэси гъуо пэлъытэу нэхъ мыхъуми здэшэн хуейщ, хэт ищIэрэ – тхьэлъэIукIэ Iуэхур иухынкIи мэхъу, дызэгурыIуэ закъуэмэ. Шу гупышхуэу уежьэмэ, дзэ пшэуэ уакъыфIэщIынщи, я топыр къыптрагъэгъуэхъуэнщ, уадэджэгу хъунукъым. Хьэчакъ шу тIощIымрэ хымрэ езым къыхищыпыкIри гъусэ ищIащ. Минтэкъэт къэс шу тIурытI, зы тэрмэш – арат зэрыхъур, арщхьэкIэ хэт къахуэзэми

щхьэусыгъуэ гуэр къегъуэтри гъусэ закъыхуещI. Щымыхъужым, Хьэчакъ къоувыIэри къоупщIыр:

– Уа, фщIэуэ къыщIык I дэ дыздэкIуэр, Уэзырмэс, къызэтегъэувыIэт мы къызэрыхьу къакIуэ къомыр.

– Дауэ дымыщIэу, дощIэкIэ, соIуэ, – жаIэ.

– Пащтыхьым прошенэ хувохь.

– Фыхуэсакъ абы – фымыгъэкIуэд, – жаIэу гъусэ къахуэхъуахэр мэгушыIэ.

– ДгъэкI уэдынкъым, фымыгузавэ. Ауэ мы зымкIэ дызэгурывгъаIуэ: лIыкIуэу пащтыхьым деж к Iуэр шу тIощIрэ блым фIэдгъэкI мыхъуну къытхуаIуэхуащ. Зы шукIэ нэхъыбэ дыхъурэ – къытхуадэнукъым, л IыкIуэу фыкъак Iуэ жыт Iамэ, дзэ къафши фыкъакIуэ жытIакъым жаIэнщи. НтIэ, си къуэшыфIхэ, фи гъуэгу дахэ ухъу, ди ужь фыкъимыувэ.

– Уа, зи гъуэгу дахэ хъуну уанэ махуэ тезылъхьа шу къом, фыкъэдаIуэ. IуэхукIэ дезыджа урыс пащтыхьым къиIуэхуащ шу тI ощIрэ блым щIедгъэгъумэ, дзэм дыпалъытэу топкI э къыдэуэну. Адыгэ хьукумэтым тет Хьэчакъ къыволъэIу Iуэхум зэран фыхэмыхъухьыну...

– Дызэмыджам зыткIэрывгъэху!

Гъуом жиI ар зэхэзымыхам захригъэхыурэ и ужь ита шухэр зэхэтыху, Хьэчакъ и шым елъэдэкъауэри, шу гупыр ущу иришэжьэжащ. АрщхьэкIэ дэнэ – шу къомыр къызэрохь аргуэру, гъуом жиI ар зэхаха пэтми. Уэркъ шу гуэри хьукумэтым тетым зыбгъуригъэхутащ:

– Дэгъуэщ, Хьэчакъ, дэгъуэщ. Фэ ХьэмкIэтIий фокIуэ. Абы дынэблагъэмэ, ТхьэщIагъыжькIэ тIуэнтIэнщи, зэфIэкIащ. Хэт ищIэрэ укъытхуеинкIэ мэхъу. Т IэкIу дыкъыфкIэрыхуа хуэдэу дынэкIуэнщ. Фымыгузавэ, – жиIэри.

Махуэри уэфIти, цIыхури нэхъ зэхуэфIыжу нэжэгужэт. Гъэмахуэр тIэкIу икIуэтарэ хуабэр нэхъ кIащхъэу, бжьыхьэ мазэр къихьауэ хадэр Iуахыжауэ, дунейм и дахэгъуэт. Гъуэгу зытетри Фарзыпс къыдэфэ хуэдэ, псым здигъазэмкIэ игъазэу, зэм псы Iуфэм Iуту кIуэрт, зэми къыIукIуэтыжырти, нэхъ занщIэу зиукъуэдийрт. Фарз псыежэхри уафэм ещхьрэ къабзэу щхъуантIэт, хьэжы цей щитIэгъа хуэдэу. Псым адэкIэ узэпрыплъмэ, жыгей мэзышхуэт, мэз щIагъым ТхьэщIагъыжьт зэреджэр, тхьэлъэIу ящIыху жылэр дэнэ къэна, псыхъуэм къуажэу дэсыр мэз щIагъым щызэхуэсти, тхьэр ягъэлъапIэт.

Нобэ ТхьэщIагъыжь щызэхуэсам хуэдиз щызэхуэсу хэти илъэгъуа. ТхьэлъэIу ящIмэ, фызи, сабии, ц Iыхухъуи – псори къызэхуос, мы зэм зы сабий е зы цIыхубз плъагъуркъым. Иджы къызэхуэсар шу защIэщ, гуп-гупурэ итIысыкIауэ зэхэсщ, яшхэр жыгым епхащ, я шулIыгъусэхэр мэпщафIэ, Iэнэр зэбграх, нэхъыжьхэр езыр-езыру зодауэ, иныкъуэм щаIуэж пащтыхьыр зытетым пхутек Iынукъым жаIэри. Адрейхэм ар ядэркъым:

«ТемыкIынумэ, Къурымым нэс къикIыу щхьэ къэджэда?» – жаIэри яукъуэдий.

Зэныкъуэкъуу щысхэм пащтыхьыр зылъэгъуа яхэту къыщIокIри, абы жиIэр яфIэгъэщIэгъуэну йодаIуэ.

Пащтыхьым къэрэгъул зыбжанэ, драгун эскадрон и гъусэу Темрыкъуэ деж псым къызэпрыкIауэ арат. Драгун хъумакIуэхэм нэмыщI, къэзакъ атаманхэри и гъусэт, тэрмэшу абазэ афицар къыздащтат. А къомыр тенджызым кхъухькIэ къыщызэпрыкIым, бжьэдыгъупщыр я пашэу адыгэ гупыфI IущIащ, ди щIыналъэ укъыщихьакIэ удихьэщIэщ, жаIэри. Пэжым ухуеймэ, а лъэхъэнэм пащтыхьыр къызытехьа щIыр куэд щI ауэ урысым яубыдри къэзакъ къутыр иригъэтIысхьэжати, адыгэр ямыгъэкIуэну къэзакъыр къапэуват, арщхьэкIэ адыгэр здэкIуэр къыщащIэм, я гугъу къащIыжакъым.

Ет Iуанэрей махуэм пащтыхьыр шууэ къалэшхуэм къэсри, сешащ сыт жимыIэу быдапIэхэр зригъэлъэгъуащ, дзэм я Iэщэфащэр, я псэукIэр, уеблэмэ сэлэтым ирагъэшхыр, зэштегъэупIэу яIэр зригъэлъэгъуащ. Абыхэм еплъыху, и шым зрагъэгъэпсэхуащ икIи ягъэшхащ.

Къалэшхуэм икIыу здэкIуэнур ХьэмкIэтIийт, МамрыкъуэкIий пэмыжыжьэу. Абдежт Мейкъуапэ быдапIэр екIуэкIыу щащIар. БыдапIэм дэсыр Абазэхым, Беслъэнейм, КIэмыргуейм, Къэбэрдейм я дзэхэрат. Адыгэм я дзэр IэджэкIэ нэхъ мащIэми, хэплъыхьауэ къыхэщыпыкIат, шыщхьэмыгъазэ защIэрэ лIы ахъырзэманхэу.

Пащтыхьым хэщI апIэ ищI ынур ХьэмкIэтIий быдапIэрат. ЩIыпIэр дахэт, удзыпщIэт, жыг зырызи итт, жьауапIэм ущIэтын хуэдэу. ТIасхъэщIэх гуэр щэхуу къыпкIэщIэмыпщхьэн щхьэкIэ, къуэкIийм удэту жыжьэ уплъэ хъурт, итIани ихъуреягъкIэ адэк Iэ-мыдэкIэ плъыр хагъэтIысхьат. БыдапIэр къызэпыпчрэ Фарз псыхъуэм удэтурэ укъехмэ, адыгэ шууэ кърихьэлIар «ди лIыкIуэм къагъэзэжмэ» жаIэу зэхэсщ.

Пащтыхьым и гъусэ къомым нэмыщ I, хьэпщIэу бэлыхьи пщэхъу дахэ илъу къашат. ГушыIэрэ я фIэщу жаIэрэ умыщIэу, инэралхэм зэпхыжаIыкIырт «хьэщIэу укъызыхуэкIуам уаубыду укъыдащэжынкIи мэхъу» жаIэу. АрщхьэкIэ пащтыхьыр яхуэшынакъым. Езыр лIышхуэт, шы пцIэгъуэплъ зытесри шы лъагэшхуэти, пащтыхьыр зыхэт гупым къахэщ дэнэ къэна, къахэпIиикIырт, ауэ жьакIацагъэкIэ Хьэчакъ къытек Iуэнутэкъым, и пащIэри и жьакIэри зэхэкIэжауэ, нэIуцэ жыхуаIэм хуэдэт.

Адыгэ лIыкIуэр нэхъапэ къищати, нэхъыбэ зэрыхъур къахуэгъуащ. Хьэчакъ мызэ-мытIэу къызэплъэкIа щхьэкIэ, лей къазэрыхыхьам гу лъитакъым. Иджы йоплъри гупышхуэщ, яшхэр шулIыгъусэм иратауэ жыг жьауэм щIэтщ. Хьэчакъ хьукумэтым я пашэми, адыгэ хабзэр хабзэу къонэж: Хьэжы-Уэсмэн Хьэчакъ

и ижьырабгъумкIэ увауэ щытщ, пащтыхьыр къэсрэ къепсыхмэ, сэлам ирахыну.

Александр ЕтIуанэр къэсри шы пцIэгъуэплъышхуэм къепсыхати, и шыр занщIэу лъэныкъуэкIэ Iуашащ, езым лъэбакъуэ зытIущ къичри, гъунэгъу дыдэу адыгэ лIыкIуэм къыбгъэдэмыхьэу къэувыIащ. Тэрмэшу къиша абазэлI бжьыфIэшхуэри занщIэу къыбгъэдэхутащ, инэрал, къэзакъ атаманхэми гъунэгъуу къэкIуатэри заущэхуащ. Пащтыхьыр здэщытым къыфIэмыкIыу къэпсэлъащ:

– Фыузыншэм, абазэхэхэ! – лIыкIуэу къэкIуар пащтыхьым абазэхэ защIэу и гугъагъэнт.

Хьэчакъ сыми я пIэм иту сэламыр къыIахащ:

– Берычэт бесын! – жаIэри. Хьэжы-Уэсмэн еIат пащтыхьым и Iэр иубыдыну, арщхьэкIэ Хьэчакъ игъэкIуакъым. Пащтыхьым и Iэр езым къимышийуэ уубыд зэрымыхъунур лIыжьым дэнэ щищIэнт? Пащтыхьым дзыхь ищIу гъунэгъуу адыгэм къабгъэдыхьэнт – инэралу и гъусэм адыгэм щхьэкIэ Iей фIэкIа зы псалъэ дахэу жраIатэкъым. Граф Евдокимов жыхуаIэу адыгэм мыхьыр езыгъэхьым жиIэрт: «Адыгэр емынэ лъэпкъщ, я лъапсэр гъэгъун хуейщ». Дуней мылъкури дуней насыпри игуэшу щытатэми, урысыр ирикъурэ къелыжIами, абыхэми зыгуэр ялъигъэсыни ялъимыгъэсыни – арат Кавказым щызауэ дзэр зи IэмыщIэ илъ инэралым и гум къытхуилъыр.

Пащтыхьым хуэтхьэусыха щыIэт: «Графым адыгэм лей ярех, я унэм къыщIеху, залымыгъэм къыхихыу я унэр егъэс, губгъуэм илъ гъавэм мафIэ иредзри Iисраф ещI, абы ищIыIужкIэ адыгэр зэрыса щIыналъэм къэзакъ ирегъэтIысхьэ», – жиIэу. Графыр абы щыгъуазэ хъуати, къэуIэбжьауэ итхырт: «ЛIо, адыгэм я хьэдэр уэсым щIихъумауэ адэкIэ-мыдэкIэ гъуэгум телъу щIатхыр? Ар сэ сымыщIэ я гугъэ?»

Къэрымыр Россием трахыным тIэкIу дыдэт къэнар, французхэмрэ инджылызхэмрэ я къарур зыхуэдизыр Александр ЕтIуанэм къыгурыIуэри, къыпаубыда илъэпкъыр яритат, уеблэмэ Париж щатха зэгурыIуэныгъэм итт Тыркум кхъухьу псым щаIыгъ бжыгъэм нэхърэ нэхъыбэ Россиеми иIыгъыну хуимыту. Абы адыгэри щыгуфIыкIат, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, IэбапIэ къезымытыр Россием и кхъухь къом тенджыз ФIыщIэм тетырат. ИтIани плъагъурэ – Тэрч щыщIэдзауэ Каспий тенджызым нэс Россием яубыдащ, Щамилыр зэраубыдри нобэ илъэс етIуанэ мэхъу. КъуэкIыпIэмкIэ уIэбэмэ, Россием щIыналъэу зыIэщIилъхьар Францыр зэрыкъэралу щIыуэ иIэм хуэдитI хъууэ жаIэ. АтIэ дауэ иджы мы пащтыхь ябгэм гурыIуа зэрыхъунур жиIэу арат Хьэчакъ зэгупсысыр, и инэралхэр жыпIэнущи, Евдокимовым нэхърэ зэрынэхъыфI щыIэтэкъым. Михаил Тариэлович Лорис-Меликову нобэ зигъэбыбу пащтыхьым и гъусэм щхьэкIэ жаIэ «бажагъэшхуэ зыхэлъ дыгъужьыжь» – коменданту Дербент

щыдэсым арат Дагъыстаным фIащар! Езым мащIэм я пэр щIым щихъуакъым. ЦIыхур IумпIафIэ пщIын щхьэкIэ, ныбэ нэщIу гъэпсэун хуейщ жиIэрти, къемыдаIуэм я унэ, я мэкъумэш губ-гъуэм илъым мафIэ иридз дэнэ къэна, унагъуэм илъ ерыскъыр сэлэтым зэрапхъуэрт.

Адыгэм нэхъ нэ лейкIэ къеплъ хуэдэу закъыфIигъэщI щхьэкIэ, пащтыхьым и хьэр псафэ хуишэнущ, зыщигъэтхъуу псалъэ закъуэ жригъэIэн щхьэкIэ.

Тхьэм къытхуищIыр ди унафэщ жаIэу адыгэм бэлыхьу къатехуэр яшэчырт, къащхьэщыжын щымыIэу. Ауэ, пэжщ, нэгъуэщI къэралхэм обществэр щызэхохьэри я хьукумэтым йолъэIу, адыгэм абы хуэдиз бэлыхьлажьэ къатезылъхьэ Урысейм Iэмал къыхуагъуэту къыпэрыуэну, езыхэми ахъшэ зэхуахьэсурэ цIыхур зыхуэныкъуэ хьэпшып е Iэщэ-фащэ къыхурагъашэ. Урысейм лейуэ зэрахьэм и хъыбарыр дэни хэIущIыIу щащI, мычэму ятх, утыкум щыжаIэ.

Хэт ищIэрэ, ноби Александр ЕтIуанэр Ливадие дэт Дворец бэлыхьыр къигъанэу мыбы нэс къыщIэк Iуар нэгъуэщI къэралхэм Урысейм щхьэкIэ ягъэхъыбарыр и гум темыхуауэ арагъэнкIи мэхъу. «Си инэралу диным икIахэм тIэкIу сеущиенщ» жиIами пщIэрэ?

Пащтыхьым къытричу жимыIэми, ар зыфIэлIыкI гуэр зэрыщыIэр белджылыт.

Шу тIощIрэ блырэ нэхъыбэ фыхъумэ, дзэ фызэрыгъэхъуауэ къэтлъытэнущ жаIэу къыщIыхагъэщари гурыIуэгъуэт. Адыгэм яхэту къыщIэкIынутэкъым зи лъыр къэмывэ. Махуэ къэс цIыхум я нэгум нэщI эбжьэу щI экIыр шэчыгъуейт, псом хуэмыдэу залымыгъэшхуэ зезыхьэр къэзакъырат. ЦIыхуу яIэщIэкIуадэм, унэу ягъэсым, Iэщу Iисраф ящIым ищIыIужкIэ, къуажэ яхъунщIам дэса щIалэ, хъыджэбз гъэру яубыдырти, Анапэ яхуурэ ящэрт. УнэIуту зи унэ езыгъаши щыIэт. Афицархэм ар хэкIыпIэ ящIауэ къаIэщIэхьэ ахъшэмкIэ я нэгум зрагъэужьырт.

Къуажэ зэтекъутэныр мащIэ хъуркъым, нэгъабэ мыхъуу абы и щыпэгъэм хьэбэсабэ ящIащ къуажэ щитIрэ пщIырэ, нэгъабэ зы отряд закъуэм хузэфIэкIыу ягъэсащ къуажэ плIыщIрэ плIырэ, мы гъэм унагъуэ минрэ щитхурэ мафIэм ирагъэхьащ, иужьрей илъэсхэм цIыхуу яIэщIэкIуэдар мин тIощIрэ минитхум щIегъу, дзэм япэщIэхуэр зэрапхъуэ, илъэс зыбжанэм хуэзэу шыуэ яхуар мин щэ ныкъуэм фIокIыр, Iэщу яхуар нэхъыбэжщ, мэл жыпIэми аращ.

Пащтыхьыр тIысмэ яфIэфIу, бэрэбанэшхуэ къахьри и пащхьэм кърагъэуващ, арщхьэкIэ тIысакъым, бэрэбанэм и лъакъуэр тригъэуващ, дыжьын шыгъэцIыву дыгъэр зытеджылыкIыр плъагъуу. Ар щилъагъум, шулIыгъусэ щIалэ гуэрым уанэ къихьри, Хьэчакъ къыхуигъэтIылъащ. Хьэчакъи тIысын имыдэу Хьэжы-Уэсмэн нэхъыжьти, хуигъэфэщащ. Хьэжым и нитIыр

пащтыхьым тенати, уанэм гу лъитэххакъым.

Пащтыхьым щакIуэхьэ къекIу, пщэхъу дахэ, дыжьынкIэ гъэщIэрэщIауэ, илъу къыбгъэдыхьат, и бзэгу кIыхьыр къилэлрэ Iупсыр къыпыткIуу. Хьэм и щхьэм пащтыхьым Iэ дилъащ. ШулIыгъусэ щIалэхэу езыр-езыру жыг щIагъым щIэтхэр зэдэгушыIэжырт.

– Уа, къыдэщэкIуэну къэмыкIуауэ пIэрэ мыр? ЩакIуэхьэ къишащ.

– Къишамэ, сыт? Мэзым хэсыр нэхъ къэгъуэтыгъуафIэу къигъуэтынщ.

– Графу и гъусэр хьэм нэхърэ нэхъ Iейкъым зыкIи. – Арат щэху-щэхуу жаIэр.

ЩIалэхэм жаIэр Хьэчакъ яхуимыдэу яжьэдэуащ:

– Щывгъэт! Фэракъым дызэдэIуэну дыкъыщIэкIуар!

ЩIалэхэм заущэхужащ.

И макъым зригъэлъэщIри, пащтыхьым къыщIидзащ тэрмэшым нэхъ къеплъурэ:

– ЯжеIэ мо къызэхуэсам, сэ сывижагъуэгъуу гиякIуэ сыкъэкIуакъым. Сэ мурадыфI сиIэу хьэщIэу сыкъыфхуэкIуащ. Фи щIыналъэм фисхуну фи ужьи ситкъым. Си IэмыщIэ зыкъифлъхьи, фызэрыпсэуам хуэдэ къабзэу фыпсэуж...

Тэрмэшыр лIыпIэ иувауэ полковник къекIут, и щыгъынкIи и Iэщэ-фащэкIи къызыхуэт щымыIэу, уеблэмэ езым хуэдэ куэдым елIыфIэкIыу а фэр тетт. Урысыбзэми адыгэбзэми хуэшэрыуэт. ПыIэ фIыцIэ къекIу щхьэрыгът, лъахъстэн фIыцIэм къыхэдыкIауэ мест зэрыт лъыгът, хьэзыр Iупэху зэрылъ цеищхъуэр хуэфIыпсу щIат, и щытыкIэкIи цIыху Iэдэбыфэ тетт. А лIым адыгэм закъыхуигъазэри пащтыхь нэшхуэ-нэIуцэм жиIар къажриIэжащ, зы псалъэ димыгъэхуу.

– Ара мыгъуэт дэри дызыхуейр. Илъэс щэ ныкъуэ мэхъури дозауэ. Зэ кIэ игъуэтыпхъэкъэ зауэм,– жиIэри Хьэжы-Уэсмэн япэ къэпсэлъащ. Абы жиIар пащтыхьым щыжраIэжым, пащтыхьри нэхъ тегушхуащ, хьэжым и псалъэр и гум ирихьауэ. Пащтыхьыр зыхъумэхэм шэшэн щIалэ зыкъом хэтти, зи щIыхьыр иным хуэсакът.

Хьэжы-Уэсмэн и нитIыр зэрытенауэ пащтыхь зи лIыпIэ иувар зэпиплъыхьырт, и нэгум щIэплъэурэ и гум илъыр къищIэн и хьисэпу. Iэджэми гу лъитауэ къыщIэкIынт. Япэ лIыжьым гу зылъитар пащтыхьым и нэщIащцэм топышэ цIыкIуитI къилъэтын хуэдэу ис нэ хъуреитIырат. Абы и нэгум фIы зэрыщIэмылъыр нэрылъагъут. И набдзэ къуаншэ тIэкIумрэ и нэбжьыцымрэ зэлъэIэст, нэ хъуреитIым Iугъуэ къыщIихым зэран хуэмыхъуу. Тобэ ирехъу, мы слъагъу лIым и нэгум фIы щIэлъкъым жиIэри хьэжым абы триухуащ. Пащтыхьым и жьэпкъ тIэкIур теупсыкIарэ жьакIэ фIыцIэм хуэдэу пащIэри тIыбжьэ

Iуэнтlам ещхьу игъэкIамэ, къэрал зыгъэунэн пащтыхь ар хъункъым, уепсалъэурэ зыгуэркIэ угурыIуэми, укъигъэпэжынукъым, нэ диякIэ пыджэу цIыхум йоплъыр, и нэ гупэмрэ и нэ щIыбагъымрэ зэрызэтемыхуэм гу лъыптэу.

Хьэжы-Уэсмэн блэгъуаплъэщ жаIэнт, абы и гум илъыр цIыхум яжриIэрэ къуитху къыхуалъхуам щыщу зы сабий къызэрыщIэмыхъуар зэхахауэ щытатэмэ. Абы ищIыIужкIэ Iэджэрэ пащтыхьыр яукIыну и ужь къихьауи щытащ, икIэм икIэжым уэрамым дэту здэкIуэм бомбэ къыкIэщIадзэри пащтыхьым лейуэ зэрихьар къыхуэгъуакъым. Ар хэIущIыIу щыхъуар цIыхум къащIэн щхьэкIэ иджыри куэд иIэт. Езы Хьэжы-Уэсмэни пащтыхьым къыщыщIыну псор дэнэ щищIэнт?

Александр ЕтIуанэр тхьэм и лIыкIуэу къигъэкIуа хуэдэу фIэкIа пщIэнутэкъым.

– Россиер къэралышхуэщ, – жиIэу пащтыхьым и псалъэм къыпищэрт, – къалэн къытпэщытри нэхъ иныжщ. Ди къэрал гъунапкъэхэр гъэбыдэн хуейщ, тенджызым хуиту дытету щымытмэ, ар пхузэфIэкIынукъым. Сату зэтщIылIэ къэралхэм дакIэлъыкIуэу, къыткIэлъыкIуэжу щытын щхьэкIэ, къытпэрыуэ щыIэ хъунукъым. Фи щIым гъущI гъуэгуищ пхытшыну ди мурадщ, тенджызым урашалIэу: зым Анапэ урикIуэу, етIуанэм – Новороссийск, ещанэм – ТIуапсэ...

Хьэчакъ къыгурыIуат пащтыхьым жиIари, тэрмэшым япэ зыкъригъахуэри, щIэупщIащ:

– Хэту пIэрэ абы хуэдизу хьэщIапIэ Урысейр зыхуэкIуэнур? – жиIэри. Адыгэ хьукумэтым я бжьыпэр зыIыгъым ищIэрт Урысейр гъущI гъуэгуищ щIыхуейр. Урысейр Кавказым зэрыщхьэдэхрэ куэд щIащ, я дзэр Азербайджаным исщ, мычэму Къэжэр къэралым йоныкъуэкъу. Сонэр жыпIэнущи – аращ: дзэр Куржы дэсщ, ахэр зыхуэныкъуэ Iэджэ щыIэщ, Тэрч аузымкIэ къуршым узэрикIыу гъуэгу ящIыр яухакъым, яухыпэми, аузым дэс мышкъышхэм гъуэгу къуатынукъым. КъухьэпIэмкIэ укIуэмэ, Бессэрабыр яубыдащ, абдежым дзэр къыщыувыIэну я мурадыххэкъым: Дэрдэнел дэкIыпIэр паубыдауэ йоныкъуэкъур.

Хьэчакъ зыщIэупщIар пащтыхьым и гум ирихьакъым, и тхьэкIумэм иримыгъэхьэу и гум илъым тепсэлъыхьырт:

– Гъуэгу щащIкIэ зищI хиубыдэм и уасэр си кIэзонэм къывитыжынщ, сыту жыпIэмэ, умыгъэIэпхъуэ мыхъун къуажи къыхэкIынкIэ мэхъу.

– Iэпхъуам я хьэдэр здахьын ящIэркъым. Самсун адыгэ хьэдэу дэлъыр минищэм щIегъу, – жиIэри зыгуэр жыг щIагъым щIэт къомым къахэгуоукIати, Хьэчакъ зэгуэпауэ и фэр пыкIат, къэтэмакъкIэщIу зыгуэр къажьэдэхункIи хъунут. АрщхьэкIэ къэгуоуам зиущэхужащ.

Гупышхуэ зэрыгъэхъуауэ жыг щIагъым щIэт къомым уапэ-

рыуэныр къезэгъыртэкъым. Пэжым ухуеймэ, Тыркум кIуэжу Iисраф хъуа цIыхур Самсун хьэдэу дэлъым я закъуэтэкъым.

Пащтыхьми и макъым зригъэIэтащ:

– Россием фыкъыгухьэмэ, фи зэран хэлъкъым, фи сэбэп фIэкIа. Фи дуней тетыкIэр фи дуней тетыкIэу фыпсэужынщ, шэрихьэт хабзэм къызэригъэлъагъуэм фытету, фи диным фитыжынщ, зэран къыфхуэхъуIауэ здэнкъым, фи Iэтащхьэр фэр-фэру хэфхыжынщ, хамэм унафэ къыфхуамыщIу, – пащтыхьым иужьым зи гугъу ищIам пщIэшхуэ хуищIырт, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Къэбэрдей лъэныкъуэмкIэ къэзакъ станицэм IэIэткIэ старшынэр хахырт, адыгэ къуажэм старшынэр езым хахыжыну хуимыту. Пристафым къигъакIуэр я пашэт. Абы бэлыхь Iэджэу къикIыр пащтыхьым деж нэсагъэнти, арауэ къыщIэкIынт абы и гугъу щIищIыр.

– Арыншэми ди унафэщIыр дэ хыдохыж, – жиIэри Хьэчакъ къыжьэдэхуати, тэрмэшым ар зэхимыха хуэдэу зищIащ, пащтыхьым дежкIэ плъэуэрэ. Александр ЕтIуанэм хьэпщIэум и тхы кIыхьым Iэ дилъащ, хьэм ечэнджэща хуэдэу, и псалъэр иукъуэдиящ:

– Фэ куэд щIауэ фыкъыдозауэ, фи лIы бланэ Iэджэ хэкIуэдащ, иджыри хокIуадэ. Дэ зыкъытпэщIэфса щхьэкIэ, фыкъыттекIуэн фи мыгугъэ. Ди дзэр инщ, къэралыр лъэщщ. Куэд фхуэхьыжынукъым. Кавказыр Россием иубыдынущ. Фи щхьэ хэвмыгъэкIуадэ фыкъытпэуву. Зэуэныр щывгъэтрэ зыкъыдэфтрэ – фи цIыхур нэхъ къелынщ, фи лъапсэр фхъумэжынщ, Россием фыкъихъумэу, къыфщхьэщыжу фи жагъуэгъум фыкъалъагъумэ, лъэпкъыр нэхъ узэщIа фыхъунщ. Ауэрэ гужьгъэжь зи гум илъ щыIэми, икIыжынщ, дыркъуэ зытелъым и дыркъуэр хъужынщи, зы илъэс щэ никъуэ нэхъыбэ дэмыкIыу Россиер зэрыпсэу хабзэм фытету фэри фыпсэууэ фежьэжынщ. Фи сабийм бзэрэ тхылъырэ ящIэу, фи гъащIэр нэгъуэщI хъунущ... Нобэрей IуэхукIэ сыныволъэIу: дызэгурывгъаIуэ, фызыщымыгугъын фыщымыгугъ. Кавказыр Россием зыIэщIилъхьэну жыпIэмэ, зыIэщIилъхьэнущ. Сэ жысIэр къабыл фщIы, фи лъэпкъыр бэIутIэIуншэу я лъахэм исыжу, насып къехъулIэмэ, фи гуапэу щытмэ. Сэ жысIэр фымыдэрэ – си инэралхэм унафэ яхуэсщIынущ икIэщIыпIэкIэ зауэм кIэ иратыну. Мис итIанэщ кIуэдыкIейуэ фыщыкIуэдынур, фи лъапсэми псы щидгъэжыхьыжынур. Фи псалъэжьу жаIэр: «КъыптекIуэр гугъущ». НтIэ, ар фи фэм щыдэкIыну зэманыр къэсащ. Пащтыхь псалъэр псалъэ быдэщ, сэ жысIам си Iумэтым ящыщу псэ зыIут текIыну хуиткъым. Фи фIэщ фщIы: нобэ вжесIар унафэ хъуауэ фи нэгу щIэмыкIмэ...

Абазэ полковникым и нэщхъ зэхэукIамкIэ гурыIуэгъуэт пащтыхьым фIы зэрыжимыIар, арщхьэкIэ тэрмэшым щхьэщэ хуищIщ императорми, и гупэр адыгэм къахуигъэзащ, и нэгум

ущIигъаплъэу.

Жыг щIагъым щIэмыхуэу цIыхур куэдыщэ хъуат, къызди-кIар умыщIэу. Хьэргъэшыргъи зэрыгъэхъуат, пащтыхьым жиIар къызыгурыIуа яхэту къыщIэкIынти. ЦIыхур зэрызехьэ щыхъум, гъуоуэ адыгэм яхэт уэрэдус Уэзырмэс шым шэсри джащ:

– Уа жылэ махуэ хъун, фыкъэдаIуэ! Урыс пащтыхьыр ди хьэщIэщ, емыкIу къэдвмыгъэхьу фыкъедаIуэ...

Адыгэ дэнэ щызэхыхьэми джэгуакIуэшхуэу къалъытэ Уэзырмэс яхэмытыну Iэмал иIэтэкъым. Езы Уэзырмэси нэхъы-бэу къыхуей щIэхъур макъ дахэ иIэу уэрэд зэрыжиIэм и закъуэ-тэкъым. А лIым нэхъ гурыхуэ уигъэлъыхъуэну – хэкум сыт къыщыхъуами, дэтхэнэщIым сыт хуэдэ уэрэд хуаусами, дэтхэнэ уэрэдым хэт и цIэ къыхэщми – имыщIэ щыIэтэкъым. ПщитI зэдауэмэ, е зыгуэр ящыгъупщарэ и пэжыпIэр ямыщIэжмэ, «Уэзырмэс къедвгъаджи, девгъэупщI» жаIэнти, джэгуакIуэр кърагъэшэнт, абы жиIар псоми къабыл ямыщIыну Iэмал иIэтэ-къым. ХьэгъуэлIыгъуэу, тхьэлъэIуу Уэзырмэс здэщымыIар хьэ-гъуэлIыгъуэуи тхьэлъэIууи къалъытэртэкъым. Уеблэмэ жэщ-теуэ кIуэмэ, здашэрти, къаукIа щы Iэмэ, хьэдэм и тхыр зэпы-щIыкIауэ шым телъу, Шыщхьэегъ уэрэдыр Уэзырмэс жрагъэIэу я пщIантIэм дашэжырт. А псом ищIыIужкIэ дэнэ къуажэ сыт хуэдэ адыгэбзэкIи уэрэд щаусами зэрауса бзэри ищIэрт. Ноби Хьэчакъ идакъым Уэзырмэс здамышэу пащтыхьым деж кIуэн. ЩIыздашари гъуоууэ игъэджэну ара къудейтэкъым, нэгъуэщI мурад гуэри иIэщи, тхьэм ещIэ зэрыхъунур.

Гъуом и псалъэр нэгъуэщIхэм къызэпауд:

– ХьэпщIэура хьэмэ езыра ди хьэщIэр? – жа Iэри.

Гъуом и макъым нэхъ зиIэтащ:

– Уа жылэ махуэ хъун!.. Зи псалъэ дыджым и джатэр кIэщIщ... ФIыщIэр щагъуэткIэ дурэшым дэсщ...

Хьэчакъ нэхъыжьым дежкIэ къеплъэкIащ, тэрмэшым жиIэнур нигъэсауэ.

– Дауэ тщIымэ, нэхъыфI, хьэжы? Унэхъыжьщ, зыгуэр жыпIэ-мэ, мынэхъыфIу пIэрэ? Мо зэрызехьэр сигу ирихьыркъым.

Хьэжыр къэпсэлъащ:

– Мыбы жи Iар ди щыпэзэхэхкъым. Япэми пащтыхь дапщэм дахуэзами мыбы жиIаракъэ жаIар?

Хьэчакъ ар къабыл ищIакъым:

– Мыр адрейхэм яхуэдэкъым, хьэжы. ЖиIэр дигу иримыхь-ми, ди щIыналъэ къихьауэ къыдопсалъэ.

Хьэжы-Уэсмэн зиплъыхьащ, зэрыгъэкIийхэр увыIэжащэрэт жиIэу.

– Тэмэм. Хэту щытми, ди хьэщIэщ. Ди хьэщ Iэщ щIэсыху, хьэщIагъэ етхын хуейщ, – ар жиIэри тхьэмадэр тэрмэшым дежкIэ еплъэкIащ. – А си щIалэ, ди хьэщIэм мыр схужеIэж: фIы

зи мурад хьэщIэм фоч къыптришияуэ унэм къыщIыхьэркъым. Пащтыхьу Иван Грознэм Тэрч Iуфэ къэзакъ къутыр къызэригъэтIысри абдежым къыщыщIэдзауэ адыгэр дищI дыхуимытыжу дунейм дытетщ. Урысейм и гъунапкъэр дэнэ нимыгъэсми, зигъэнщIыркъым, лъэпкъ гуэр инми цIыкIуми зэримыпхъуэмэ, ишхар и дзажэм дыхьэркъым. Пащтыхьу къытехьэр хэт и лъапсэ нэщI тщIын жаIэу мэзауэ, мэфыщIэ. Ди ужь къызэрихьэрэ мащIи щIакъым. Ди цIыхухъум яхэплъэ – жьы хъуар зырызыххэщ. ЛIыр лIыпIэ иувэху псэумэ аращ, и къару илъыгъуэу дунейм йохыж, зауэм кIэ иIэкъыми. Сэри пасэу щIэныгъэм сыдихьэха хъуати, Iэщэм зестакъым. Арауэ къыщIэкIынщ иджыри къэс дунейм сыщIытетыр. Ауэ сэ си щхьэм тесщIыхьыркъым. Еплъ, щIэбли къытщIэхъуэркъым. Ди бынри мэкIуэд, лъэпкъым къахэхъуэм нэхърэ яхэщIыр нэхъыбэщ. ДяпэкIи абы дытетмэ, дэр-дэру дыкIуэдыжыпэнкIэ мэхъу...

Хьэжы-Уэсмэн и псалъэр зэпигъэуащ, щIызэпигъэуар умыщIэу. Мырауэ пIэрэ мыбы жиIэнур, жиIэу Хьэчакъ хьэжым еплъати, лIыжьым и гур къекIуауэ арат. Хьэжым уэсым хуэдэу тхъуа и щхьэр къыфIэхуат, ауэ и Iэ гъурыр иIэтащ, зэ фыкъыспэрымыуэ жыхуиIэу.

– ЖыIэ, жыIэ, тхьэмадэ, – жиIэри Хьэчакъи лIыжьыр нэхъ тригъэгушхуащ.

Модрейми нэхъ къыхудэшей хъуащ:

– Къэзакъым дэ къыдащIар зэбгъэщIэнумэ, си нэгу щIэкIам къедаIуэ, – жиIэри хьэжым къыщIидзащ.

Хьэчакъи гу лъитат хьэжым жиIэр пащтыхьым и тхьэкIумэм зэрыримыгъэхьэми лIыжьым зыхуигъэзащ:

– Уа, тхьэмадэ, къысхуэгъэгъу. Уи псалъэр тхьэм фIыкIэ уигъэIыгъ. Мы дэ дызэпсалъэр мы зэращ ди щIыналъэ къихьа зэрыхъуар, жиIэну къыщIэкIуар жедгъэ Iэмэ, уи дежкIэ нэхъ пщхьэпэщ...

– ГурыIуэгъуэщ. Ауэ си нэгу щIэкIа закъуэр жызвгъэIэ. Сэри абы и жыIэгъуэ сыщихуар нобэщ. Ди хьэщIэм и дзэм дэ къыдащIар абы и деж намыгъэсынкIи мэхъу. Нагъэсу щытатэмэ, «къэзакъым лей къывахрэ?» жиIэу къыдэупщIрэт?

– Ди гукъеуэр куэдщ, нэщIэбжьэр нэхъыбэжщ... – гъунэгъуу щытхэри къызэрыгъэкIиящ.

– ЖевгъэIэ хьэжым жиIэнур.

– Абы илъэгъуар зымылъэгъуа тхэтщ.

Хьэжым и псалъэм къыпищащ:

– Лазарев и кхъухьхэр псы Iуфэм къыщрихулIэм къуажэу зэтригъэщэхэнум хъыбар къудей къаригъэщIауэ щытакъым. Фи щIыналъэр вбгыни, фи щхьэр здэфхьын къэвгъуэт, жиIэу лIыкIуэ сыт хуэдэ къигъэкIуэнуи и гум къэкIыххакъым. Псы Iуфэм къуажэу Iусым я бжыгъэр ищIэрт, къуажэ къэс унагъуэ дапщэ дэсми – ари бжа хьэзырт. Нэхущым деж цIыхур нэхъ

бэлэрыгъауэ мэжейри пIэм хэлъщи, еуэныр къэвублэнщ жиIэри кхъухьыпщ къом зэхуишэсам унафэ яхуищIат.

Япэрей топ зэдэуэм и макъым уафэгъуагъуэ дэнэ къэна, дунейкъутэжыр цIыхум я гум къигъэкIат, къэхъуа-къэщIар къахуэмыщIэу, зэрыгъэгужьеяуэ къызэщIэтэджа щхьэкIэ, кIуапIи-жапIи яIэтэкъым, кхъуафэжьейм зизыдзэу IукIыну, е къущхьэмкIэ дэжыну хуежьэр жыжьэ мыкIуэу зэтрагъэщахэрт, мафIэмрэ Iугъуэ фIыщIэмрэ къуажэр уигъэлъагъуркъым. ХымкIэ уплъэмэ, узижагъуэм и махуэщ: кхъухь къомыр пшагъуэ хужь гуэрэным хэту плъагъурт, мафIэр къапкърылъэлъу, зэкIэлъхьэужьу иувыкIати, топауэ макъыр зэпымыуэ, уафэгъуагъуэ кIэ зимыIэм хуэдэт. Дунейкъутэжыр къуажэрат. Лагъымыр мафIэр къыпкърылъэлъу къауэрти, унэ бгъэнышхьэр, псэуалъэр мафIэм зэщIищтэрт. Топышэ къателъалъэм унэр къегъауэ, абы щIиубыдар кIийуэ, гъуэгыу къэлъаIуэ щхьэкIэ, ядэIэпыкъун щыIэтэкъым. ЦIыхум я щхьэр здахьын ямыщIэу уэрамым, пщIантIэм дэтт, щIы фIыщIэм щIыхьэнут, бынунэр зэрыIыгъыу, топышэ къатехуэу зэпкъриудыху. УIэгъэ хъуар зепщыпщэу езым къыщIэжа лъым хэлъу лIэрт.

IэщриIисраф мэхъу. Бэкхъхэм мафIэ къащIэнауэ Iуэм ит Iэщхэр мафIэм хокIуадэ, жэмыр зэщIобууэ, я шкIэр шкIэщым щIэтщи, йоджэ, мэлыр магъуэ, хьэр зэщIокъугъэ, нэхъыбэр щIихьауэ здэжэр ямыщIэу къуажэм дож. Жэм пщIантIэм дэту уолъагъу, и кIэбдз лъакъуэр зэпыудауэ и шэмрэ и лъымрэ зэхэлъэдэжауэ пхэщIкIэ хэсу, шыри аращ – топышэм къриудауэ и кIуэцIыр къихури и кIэтIиймкIэ зилъэхъэжауэ пIэтIауэ-лъэкъуаууэу лIэрт, и шыкIэм мафIэ къызэрыщIэнар зыхимыщIэжу. Джэдэщым телъа бгъэныр исри и щхьэр иуэжащи, мафIэ къызыщIэна джэдыр мафIэм къыхолъэтыкI, хъуаскIэр къапылъэлъу.

Зи сабий тIурытIу, щырыщу зэщIиубыдауэ къуажэм дэкIыну хуежьэми и гугъэр къехъулIэркъым, уэрамым къыщытохуэри зэтреукIэ. ДэнэкIи гъазэ – хьэдэлъэмыжщ, цIыхури Iэщри зэхэкъухьауэ зэхэлъщ, къадэIэпыкъуни сыти щымыIэу. МафIэр абы хуэдизу гуащIэти, жыг хадэм пытыр япыту мафIэ къащIэнат.

Псейзуапэ къуажэм я гуфIэгъуэу зэхыхьат, шыгъажэ ящIати, сэри сыкIуат. АдэкIэ-мыдэкIэ къикIа хьэщIэхэм я бысымым къащыщIа дыдэр къащыщIащ, псынщIэу шэсыжу дэкIыжын я гугъами, къайхъулIакъым. Къуажапщэмкlэ удэкIмэ, тафэшхуэу шыгъажэ щащIамкIэ нэхъ лъэрызехьэ гуэрхэр деIа щхьэкIэ, хъуакъым. А тафэм деж къэзакъ десант къитIысхьауэ къыщIэкIащ. Лазаревым и мурадамкIэ, топкIэ ящIэнур ящIэрэ топауэм зэрыпичу къэзакъ къомым я сэшхуэр къихауэ хьэбэсабэу зэхакъута къуажэм дэлъадэрэ псэууэ къэнар е уIэгъэу къагъуэтыр сэшхуэм ирагъэхьыну, сэшхуэкIэ зылъэмыIэсыр мыжурэкIэ, фокIэщIкIэ яукIыну. Насып сиIэти, сэ сапэщIэхуакъым.

Къэзакъхэр хым и ныджэм къызэрысу япэ зыхуэзар гужье-

яуэ къуажэм къыдэжарати, я сэшхуэр кърапхъуэтри псэ зыIут яIэщIэкIакъым, къапэщIэхуэр зэхаупщIатэу, жьыкIэфэкIэ, цIыхубз, сабий сыт жаIэу зэхэгъэж ямыщIу зэтраIущIащ. Къуажэм къыдэжам кIэ ирата къудейуэ топауэри увыIат, нэхущи хъуати, «ура!» жаIэу зэрызехьэу я есаулхэм я ужь иту мафIэм зэщIищта къуажэм дэлъэдауэ зы унэ блэкIыркъым къамыщу.

АдэкIэ-мыдэкIэ къуэгъэнапIэхэм къуэсу фызыжь, лIыжь, сабий къагъуэтми, еуэрти я щхьэр пагъэлъэтырт, щхьэ паупщIар щхьэцымкIэ е я пащIэмкIэ къащтэрти, мафIэм хадзэрт. Унэм щIыхьэрэ къамэ, бгырыпх, сэшхуэ, цей, щIакIуэ, пыIэ, дыщэхэкI, цIыхубз щIыIу, щыгъын дахэ – хэт сыт къыпэщIэхуэми къызыпэщIэхуам ейщи, пхъуантэу зыхуэзэр зэтрауд, гуэным йоплъэ, щIыунэ хуэзэмэ, имыхьэу блэкIыркъым. ЩIыунэм зыщызыгъэпщкIуа къагъуэтмэ, я щIыунэр кхъэлэгъунэ хуагъэхъу, щIыунэм исыр ираукIыхьри. Си адэшхуэм жиIэжырт: урыс пащтыхь Екатеринэ ЕтIуанэм и Iэ телъу тхылъ яIыгъауэ, фыз бзаджэм и унафэкIэт Запорожье къикIыу атаман Саввэ Белый жыхуаIэр я пашэу кхъуафэжьей щэ ныкъуэрэ зы кхъухьрэ хъууэ къэзакъхэр адыгэщIым къыщихьар, пащтыхь цIыхубзым къарита танзиматыр яIыгъыу. Псыжь и ижьырабгъумкIэ губгъуэшхуэ нэщIыр яубыдмэ, хуиту арат. А лъэхъэнэм Урысейр нэхъ зэщар Темэн щIыналъэращ. ТенджызитI зэпытыпIэр Iу зэвти, урыс кхъухьым адыгэр зэран хуамыгъэхъуну къыIуагъэкIуэтат, къалэ зауэшхуэ ХьэтIрэмтIыгу щекIуэкIа нэужь.

Донрэ Псыжьрэ я зэхуакур игъащIэм адыгэм зекIуэ кIуапIэу яIащ. Арат я лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэр. Губгъуэшхуэм щIымахуэ уаем хиубыдэу шу мащIэ икIуадэрэт, е къэзакъхэр къыпэтIысрэ къуэгъэнапIэ къыдэукIыурэ мащIэ къаукIрэт. ИтIани зекIуэ кIуэныр адыгэм щагъэтыртэкъым. Иджы еплъ: адыгэ къуажэ бгъуэтынукъым къэзакъ къутыр къыбгъэдэмысу.

Къэзакъхэмрэ адыгэмрэ зэгъунэгъуурэ къэгъуэгурыкIуащи, щызэгурыIуи къохъу. ПэрыIэбапIэ зимыIэр дзэращ. Инэралу къакIуэм зым нэхърэ зыр нэхъ залымщ, зым нэхърэ зыр нэхъ гущIэгъуншэщ, яIэщIэщIыхьа залымыгъэр я напщIэ телъщ, уеблэмэ иропагэ. Инэрал гуэрым дэфтэр зэрихьэрт и нэгу щIэкIар иритхэу, а тхылъыр тхьэм ещIэ фIэкIуэда зэрыхъуар, щIалэ гуэрхэм къапэщIэхуати, тхылърэ бзэрэ зыщIэ гуэр къагъуэтрэ ирагъаджэмэ, абы итт: «...дыкъызэплъэкIмэ – ди ужьыр мафIэщ, къуажэм Iугъуэр щхьэщытщ, уни псэуалъи уимыгъэлъагъуу. Жьы тIэкIу къыкъуэумэ, Iугъуэ фIыцIэр къурш уэсыщхьэм я дежкIэ ехьыр, уафэ лъащIэр зэщIиубыдэу».

Лазаревым къыдищIар ноби къыдащIэ.

Инэралхэм я унафэкIэ сэлэт-мафIэдз жиIэу отрядышхуэ хъууэ зэхашэурэ тIасхъэщIэхыр я пашэу яутIыпщ.

Жэщым нэхулъэ къимыщI щIыкIэ къэзакъ мафIэдзхэр къуажэм щэху цIыкIуу, лъэныкъуитIкIэ къызэщIаубыдэу йопщылIэри япэ зыхуэза бгъэнызщхьэ унэм, псэуалъэм мафIэ ирадз, цIыхур пцIанэу, мафIэм игъэгужьеяуэ, кIийуэ, зэщIэгъуагэу пщIантIэм къыдэлъадэмэ, фочкIэ йоуэри кърауд. Е къэзакъ шуудзэ къуэгъэнапIэм къуэтар долъадэ уэрамми, цIыху нэбэнэушэу къэзыжыхьым я щхьэр пагъэлъэт. Бжым паIурэ яIэтар яфIэлIыгъэу езыхьэжьэри мащIэ? Хъыджэбз дахэ цIыкIу джанэ пцIанэу пщIантIэм къыдэжауэ ялъагъумэ, джэгуалъэ ящIын жыхуэпIэм тIэу еплъынукъым. Я сэшхуэм лъыпсыр къыпыжу цIыкIури инри зэхаупщIатэрт. Щхьэуэ пагъэлъэтар бжэгъум фIаIуауэ уэрамым къыдагъэувэ, «розэ сатыр» жаIэу. Сэлэтым «розэ сатыру» пщIантIэм е уэрамым дигъэувам елъытащ пщIэуэ къыпэкIуэнур, щхьэ нэхъыбэ пызыгъэлъэтам саугъэт е медалу зыгуэр къылъысыпхъэмэ, ар къылъымысрэ – мылъку зэрапхъуам щыщ гуэркIэ ядогуашэ...

Хьэжы-Уэсмэн имыщIэ щыIэт? АрщхьэкIэ абы ищIэм нэхърэ нэхъыбэж езы пащтыхьым ищIэу къыщIэкIынт. ЛIыжьым къибж къомым едэIуэн зэрыфIэмыфIыр нэрылъагъуу, тэрмэшым дежкIэ къеплъэкIыжыркъым. Езы хьэжыри къызэрыкIащи, и псалъэр зэпигъэуну и хьисэпкъым.

– Сэ си щIалэгъуэу си нитIкIэ слъэгъуащ шапсыгъхэр ма-фIэм зэрырагъэхьар.

Адмирал Лазарев и цIэр нобэ къэс зи гум ихуа щыIэкъым, и гугъу ящIмэ, зэхэзыхым и фэр покI: «А гъуамэр цIыху, и гугъу щхьэ пщIырэ?» – жиIэу. А лIыр, зэрыжаIэмкIэ, щIэныгъэ зиIэм ящыщт, испанхэр Америкэм я щIыналъэм кIуэуэ колоние къыщаубыдым, лейуэ зэрахьар тыншу ищIэрт, хы ФIыщIэм тет флотыр и IэмыщIэ илъу Кавказым къыщагъэкIуам «лей зы-зохьэ» жиIэу и дзэ шакъым. ЗалымыгъэкIэ Испаным ятекIуэ-жащ. Си нэкIэ слъэгъуар жызвгъэIэ, сыволъэIу.

– Хъунщ, хьэжы. Уи псалъэр абдеж зэпыдгъэунщ. Мыбдеж кърихьэлIам зымыщIэ яхэткъым: Лазаревым къаруушхуэ иIащ. Ноби Урысейм я флотыр нэхъыбэж хъуащи, дэ дэнэ къэна, Тырку къэралыр къэгузэвауэ жаIэ. Сэри абы зыгуэрхэр хызощIыкI, – жиIэри Хьэчакъ хьэжым жиIар диIыгъ хуэдэу къыпищащ: – Лазаревым адыгэм къариутIыпща эскадрэм, пэжщ, упэлъэщыну Iэмал зимыIэт: линейнэу кхъухьипщIым нэс хэтт, фрегату тху, уеблэмэ уалъэщIэмыхьэну параходитIи иIэт, дзэ зэрыс транспортыр зы щэщIым нэблагъэрт, адмиралыр зэрысыр «АзовкIэ» еджэу езы Лазаревыр якIэлъыплъурэ зэрыжиIэм хуэдэу ящIауэ линкор бэлыхьт. Тырку флотым зэгуэр ятеуэри а зы кхъухьым къылъысу тырку кхъухьу тху щIрагъэлъэфати, абы лъандэрэ цIэрыIуэ хъуат.

Эскадрэр зи ІэмыщІэ илъыр «Азовырат» зэрысыр. Кхъухь къомыр зраукъуэдиикІауэ иувыкІат, и къыщІэдзапІэри щиухыж-ри умылъагъуу, арщхьэкІэ дэтхэнэ кхъухьми и топыр зытра-ухуэн хуеймкІэ зэгурыІуауэ уэрт. Бомбэ зыдз топ зэрыт кхъухьи щыІэу абы я мафІэри гуащІэт. Эскадрэм я командирыр тенджыз Іуэху ирехъу, кхъухь и Іуэху – ІэкІуэлъакІуэт, уеблэмэ япэ кхъухьым жыр къеІулІэкІауэ езыгъэщІу къэзыублам ящыщт, пароход щІынри иукъуэдият.

Езыми лъэкІыныгъэшхуэ иІэт: эскадрэ иІэмыщІэ илъым нэмыщІ, Севастополрэ Николаеврэ генерал-губернатору тетти, Понти тенджызым и тепщэу зилъытэжырт, сыт ищІэми пэрыуэн къэралым имысу. Топ миным нэсыр зэдэуэу щыхуежьам, псы Іуфэр дэнэ къэна, езы тенджызри нэхъри нэхъ фІыцІэж хъуат... Ар зи нэгу щІэкІа цІыхум дауэ я фІэщ ухъуну? ЕупщІыт.

Къуажэпщ гуэри къэпсэлъащ:

– Апхуэдиз лъэкІыныгъэ Лазаревым къезытар хэт? Мобдеж щыт пащтыхьыракъэ?.. Иджыпсту псоми зэхэфхащ: «Россием фыкъыгухьэмэ, фи зэран хэлъкъым, фи сэбэп фІэкІа» жызыІар езы пащтыхьыращ. Абы къикІыр сыт? ДаІэщІэкІуадэмэ, ара ди сэбэп зыхэлъыр? – жиІэри.

ЛІыкІуэхэм ящыщу шапсыгъхэм я дей къикІа къуажэпщыр, Лазаревым зэтриукІа къуажэ къомым ящыщу и къуажэр кІуэдыкІейуэ щыкІуэдым, езыр ІуэхукІэ ХьэфІыщІей щыІат. Иджы унагъуэ щитІым нэблагъэ зыдэса къуажэм псэ зыІут къыдэнэ-жакъым, езы къуажэпщ дыдэм и унагъуэри хэкІуэдащ. Хьэжы-Уэсмэн жиІэм щедаІуэм, и гур къызэфІэнауэ и нэпсым щы-мыукІытэжу и пыІэмкІэ щІилъэщІыкІыу щытащ. А лІыр хуит пщІырэ бгъэпсалъэмэ, хъыбар гуузу жиІэнум гъунапкъэ иІэтэ-къым.

– Ди сэбэп хэлъ дэнэ къэна, Урысейм дыкъихъумэну жеІэ. – Хьэжым и бампІэр тІысыжа хуэдэт, нэхъ сабырыфэ къытеуауэ щысти. ЖиІэну и гугъа псори жрамыгъэІарэ пэт, гурэ псэкІэ къыгурыІуат пащтыхьым уедауэ щхьэкІэ мыхьэнэ зэримыІэр.

– Хъунщ, хьэжы. Уи гум илъыр зэхахащ, нэгъуэщІхэм жаІэми девгъэдаІуэ, – Хьэчакъ и псалъэр хьэжым аргуэру зэпиудащ:

– Хьэуэ, си къуэш. Си гум илъыр си фэкІэ къэвмыщІамэ, сэ жысІакъым. А зыр жызгъэІэж, хъуну щытмэ.

– ЖыІэ, ауэ йомыгъэлей, унэхъыжьщ.

Хьэжыр къызэрыкІат:

– Пасэрейм жиІащ узыхьыну псым зыдегъэзых жиІэри. АтІэ Хьэжы-Уэсмэн жьы хъури делэ хъужащ жыфІэу нобэ сызэхэзыхым емыкІу сыкъэвмыщІ. Адыгэр дызыхьыну псы къиуам дыхэхуащ. Куэдыр куэду хэкІуэдэнщ, мащІэр мащІэу хэкІуэ-

дэнщ жытIэу урыс къэрал гъунапкъэ зымыгъуэтым зетпщыту нобэ къэс дезэуа щхьэкIэ, ди къару илъыжккъым, дызэрыпэмылъэщынур нэрылъагъущ. Псы къиуам дыщIигъэмбрыуэмдыкъыдэуеижурэ дыздихьыр дымыщIэу дехь. Зыдедгъэзыхрэ – зыкъомрэ дихьынщ, тхьэм ещIэ, ныджэм дытридзэнкIи мэхъу. Зыдедмыгъэзыхыу дызэпрысыкIыну дехрэ – дыхэкIуэдэнщ, гъазэ – нэпкъыр лъагэщ, хэкIыпIэ тлъагъуркъым.

– Куэдщ, тхьэмадэ. ГурыIуэгъуэщ! – жаIэу зыгуэрхэри хьэжым къыпэрыуащ.

Къызэхуэсам дадэм и псалъэм къедэIуэн щымыIэу хьэргъэшыргъэри ин хъурт.

Хьэчакъ и Iэр иIэтащ. Гъуом ар къилъагъури, аргуэру джащ:

– Уа жылэ махуэ хъун, фыкъэда Iуэ... УдаIуэмэ, ушущи, умыдаIуэмэ, улъэсщ...

Хьэчакъ гу лъитащ цIыхур зыхуейм, нэхъ яфIэкъабыл хъунум. Хьэжым жиIар дэпIыгък Iэ мыхьэнэ иIэтэкъым. Къуажэ зэI ущIэшхуэм хуэдэу и псалъэр зэпишу, и макъым зригъэI эту, Хьэчакъ къыщIидзащ:

– Урыс пащтыхьым къыджиIэну и гум илъар зэхэфхащ. Сэ жысIэнумрэ абы жиIамрэ зэтемыхуэмэ, къысхурегъэгъу. ЦIыхур къалъхуу дунейм къызэрытехьэр зэщ. Нэхъыбэ къигъащIэми, цIыхум къигъащIэр зы илъэсищэщ. Ауэ ар къызыхэкIа лъэпкъыр къапщтэмэ, гъащIэу иIэр илъэс мин бжыгъэкIэ ябж. ГъащIэмкIэ загъэнщIми замыгъэнщIми, дунейр къутэжыхукIэ псэун цIыхуи лъэпкъи щыIэкъым. Урыс пащтыхьым ди щIыналъэр и гум ирихьауэ Кавказыр зыIуригъэлъэдэну нобэ къыздэсым къыдозауэ. Ди щIыналъэ ди адэжь щIэиныр дэри ди нэ-ди псэу долъагъуж. Ди щхьэр хэтлъхьэми, ди лъапсэр дохъумэж. Арыншэу напэ хужькIэ ди лIахэм я пащхьэ дауэ дихьэжын? Ди псэ деблэжрэ дыкъикIуэтауэ иджыри къэс жызыIэн къэувакъым икIи къэувынкъым. Сыт щхьэкIэ? Ди Iэдакъэм лъыкъуалэр къежэхыу дозауэ, ди щIыналъэр хъума хъун щхьэкIэ, дунейм хуиту дытетын щхьэкIэ. ДыхэкIуэдапэуи щIы, ди щхьэр хэтлъхьэмэ нэхъыфIщ, ди пэмкIэ щIыр явэ нэхърэ. Урыс пащтыхьым дыкъегъэгугъэ фи хабзэр фи хабзэу, фи дуней тетыкIэр фи дуней тетыкIэу фызгъэпсэунщ жеIэри. Хъуну пIэрэ абы жиIэр? Шыгъу IэшкIэ къащти, псы зэрыт чейм хэдзэт. Щыщ умыгъуэтыжу хэшыпсыхьынущ. Абы хуэдэ къабзэщ лъэпкъ цIыкIури. Лъэпкъышхуэм хэзэрыхьмэ, щыщ бгъуэтыжынукъым. Урысейм дыкъыщащта махуэм къыщыщIэдзауэ дызытекIуэдэну гъуэгум дытохьэ. АтIэ? Ди псэр пытыху дызэуэнщ. Дызэуэху ди псэри пытынщ, тхьэм жиIэмэ, дыпсэухуи дозауэ – нэгъуэщI кIуапIи-жапIи диIэкъым. Ди

---

*Зыкъыдэфт! ТекIуэращ захуэр.

щIыналъэ, дыкъызыхэкIа лъэпкъыр, ди хабзэр, ди нэмысыр, дин дызэрытыр тхъумэжу зауэм дыхэкIуадэмэ, напэ хужькIэ ди япэ ищам дахуэзэжынщ. Адыгэм я псэр пыту урыс пащтыхьым пщылI хуэхъуауэ цIыху теплъэнкъым!.. Е дылIэнщ, е дылIынщ! ЛIы бланэхэ, фэращ сызэджэр: ирегъу и лъапсэр дэ ди псэм къеIэм! Ди щIыгум къехъуапсэм и псэр хэдвгъэх!..

Жыг щIагъым щIэт къомыр зэрыгъэкIиящ:

– Хэдвгъэх!

– Хэдвгъэх!

– Тхьэр зи лъэныкъуэр къаруракъым, пэжыращ!– жиIэри Хьэчакъ и макъым къызэрихькIэ кIиящ.

Аргуэру мэз зыщIэтыр къагъэпсалъэу цIыхур зэщIэкIиящ:

– Пэжщ! Пэжщ! Пэжщ!– жаIэу.

ЦIыхур зэрызехьэу щыхуежьэм, драгунхэми шэшэнхэми я сэшхуэр кърапхъуэтыну хьэзырт. Хьэжы-Уэсмэн къэгузэвауэ къэгурымащ:

– Уа, жылэ, зыщывмыгъауэт: пащтыхьыр ди щIыгум итыху ди хьэщIэщ. Фи напэр зытевмыхыж, дыадыгэщ дэ! ФымытэмакъкIэщI, маржэ!

Жыг щIагъым щызэрыгъэкIияхэм зауэ къаIэтыну я мурадтэкъым, шэсыжырти, гуп-гупурэ ТхьэщIагъыжькIэ зрагъэхьырт, пащтыхьым зэрыгурымыIуам и хъыбар нэхъыжьхэм я деж нагъэсыну.

Иджыри псалъэ зи жьэм къыжьэдэмыкIа, пащIэкIи жьакIэкIи пащтыхьым зезыгъэщхь инэрал, граф, атаман сытхэри къызэрыкIат:

– БжетIатэкъэ, зи лъэщыгъуэр ин, ф IыкIэ уагурыIуэнукъым мы лъэпкъ бзаджэнаджэм, абы нэхърэ хуит дыкъэщ Iи, я пщэ гурыгъыр зэрыдгъэуд, ныбапхъэк Iэ щIым зыхадзэху, – жаIэу.

Ар дыдэр езы пащтыхьми и гум илъу къыщIэкIынт мыбы къэкIуэным и пэкIэ дзэуэ мин щищым нэблагъэ адыгэм къапигъэтIысу, тенджызым тет флотри къащриутIыпщам. Кавказ линиекIэ зэджэм дзэуэ Iусыр къызэщIэхъеят Каспий тенджызым къыщыщIэдзауэ Темрыкъуэ къалэм нэс. А къомым я гугъу имыщIу, пащтыхьым и мурадыр зы псалъэ закъуэу къыжьэдэхуащ:

– Покорись, Кавказ! Правда в силе,* – жиIэри. Абы къикIыр Уэзырмэс ищIэрти, псом япэ къэпсэлъащ, усэ зэхилъхьауэ:

– Уэ уи пэжыр къэзакъ гъуэгушхуэу сэшхуэпэ мафIэщ.

ДжэгуакIуэм жиIар абазэ тэрмэшым къыгурымыIуэу къеупщIащ:

– Абы къибгъэкIыр сыт?

– Сыт къизгъэкI ын? Къэзакъыр къэзакъщи, емынэ гъусэщ. Сэшхуэпэ мафIэр тхузэщIагъастэ... Къэзакъыр къуажэм къыдэуэмэ, хьэуазэ IуэнтIам мафI э щIагъанэри сэшхуэпэк Iэ ядзыр, зи унэ техуам и махуэ мыгъуэщ... НэгъуэщI сыт къизгъэкIын?

Пащтыхьым ар хузэрадзэкIати, къыщIэупщIащ:

– Къэзакъым лей къывахрэ?

Хьэжы-Уэсмэн и щхьэр игъэсысащ:

– Ауэ къыдах къудей? Ауэ къыдах къудей! «Къэзакъ» жаIэмэ, сабийм я псэр хокI. ДызэтраIущIэ, ди мылъкур зэрапхъуэ, Iэщ дгъэхъуу хъупIэм дитыжыну дыхуиткъым. Къэзакъым къыдамыщIэ щыIэ...

Дадэм жиIар и кIэм нэс зэридзэкIыху пэмыплъэу, пащтыхьыр къэпсэлъащ:

– Къэзакъым къалэну я пщэм дэтлъхьар сыт? Урыс политикэм и щIэгъэкъуэнщ къэзакъыр. А политикэр зытеухуар фызыIэщIалъхьэн хуейуэ аращ. Кавказыр, фыдэлъеями фыкъелъыхами, колониеу фыдиIэнущ. Колонизировать фызыщIынур хэт жыпIэмэ, къэзакъырщ дызыщыгугъыр. IумпIафIэ фащIын папщIэ, шхуэ къыфпщIэхалъхьэрэ къывжьэдакъуэжмэ, кIэбдз лъакъуэмкIэ щIыр фагъавэмэ, аращ колонизацэкIэ зэджэр. Къэзакъым я къалэн ягъэзэщIэн папщIэ, езыхэр къыфхэсын хуейщ, къутыркъутырурэ къыфхэпхъауэ...

– Пащтыхь Екатеринэ къэзакъым къарита дэфтэрым итщ къэзакъыр Псыжь къызэпрыкIыну хуимыту. Иджы еплъ: къэзакъыр Псыжь къызэпрыкIа дэнэ къэна, тенджыз Iуфэм Iуса шапсыгъымрэ убыхымрэ къы Iуахури, езыхэр къалэу къэтIысащ.

– Унэр зеяр щIахури хамэр щIэтIысхьащ... –нэгъуэщI гуэри гупым къахэкIиикIащ.

– Хамэхьэ къакIуэри унэхьэр ирихуащ!

– Екатеринэ къарита танзиматыр зэращыгъупщэж лъандэрэ къуян тIощIрэ пщ Iырэ мэхъу. Иджы зы инэралым и унафэр адрей инэралым и унафэм нэхърэ нэхъ Iеижщ...

ЗэрыгъэкIий къомым кIэ яриту, Хьэжы-Уэсмэн къэгузэващ:

– Я кхъуэр ди псым хэлъщи, псы къудей дефэн домэхъашэ, – хьэжым куэд лъандэрэ и гум къыдихур жимыIэн лъэкIакъым, я къуажэр ищхъэрэу, къэзакъ къутырыр ипщэу псым Iусщи, урысым я кхъуэр псым хэс зэпытщ, кхъуэ веимэ псым къыхех. Абы щхьэкIэ псыхьэ фызхэр к Iуэжыркъыми, псыкъуий къатI.

– Кхъуэм нэхърэ фэ ситк Iэ фынэхъыфI? – жиIэу пащтыхьым и гъусэу къэк Iуа инэрал нэгумэплъыр къыщещым, Хьэжы-Уэсмэн и жагъуащэ хъуауэ зыри пыжиIэжыфакъым. Хьэчакъ дежкIэ еплъэкIащ, зэхэпха мыбы жиIэр жыхуиIэу.

Хьэчакъ дэнэ къэна, шулIыгъусэ къомым зэхахри зэрыгъэкIиящ, хьэргъэшыргъэ зэрыгъэхъуащ. Дербент къикIа граф нэгумэплъым бгырысым я пI алъэ ищI э хъунти, пащтыхьым гуригъэIуащ зыгуэр къэмыхъу щIыкIэ ежьэжмэ нэхъ зэрытэмэмыр. Драгун афицар гуэри къэсри, пащтыхьым и лъакъуэр зытета бэрэбаныр Iуихыжащ. Абы къикIыр я псалъэмакъыр яухауэ арат. Асыхьэтуи пащтыхьым и шыр кърашэлIащ, Iуигъэ-

зыкIыжыну щыхуежьэ дыдэм, Хьэчакъ щIэупщIащ:

– Зи лъэщыгъуэр ин, адыгэм я прошенэ къыфхуагъэхьам и жэуапу сыт яжетIэжын? – жиIэри.

Пащтыхьым и щIыбагъыр къахуигъэзауэ къызэмыплъэкIыу къегиящ:

– ФыIэпхъуэ жаIэу къыфхуагъэлъагъуэм– фыIэпхъуэ, хьэуэ жыфIэрэ – Тыркум зевгъэхь, – абы къыфIимыгъэкIыу хьэпщIэум и пщэр тIэкIу игъэубэлэц хуэдэу ищIри, шэсыжащ, и гъусэхэри мэшэсыжри пащтыхьыр къаувыхьауэ я кум иту къызэрык Iуа гъуэгумкIэ яунэтIыж. Арати, я шыр ягъэлъэхъуу ежьэжащ, къызэхуэса къомыр якIэлъыплъу.

Пащтыхьым и шу гъусэм къагъэхъея сабэр пшагъуэ гуэрэну, Iэрамэ-Iэрамэу гъуэгум щхьэщыкIын дзыхь имыщIу щхьэщытт. Губгъуэм гуэдзрэ мэшу илъар зэры Iуахыжрэ зыбжанэ щIати, гъэужь щхъуантIэ къэкIыжат, Iэщ губгъуэм ибутIыпщхьам, я фэм зат Iыжын хуэдэу, арщхьэкIэ шы, жэм сыт щыбгъэхъу хъужыркъым къэзакъ къутыр къызэрыт Iыс лъандэрэ: яхурт щхьэусыгъуэ къагъуэтурэ.

Пасэрейм ягъэхъыбару нэхъыжьхэм ящIэж Кушыку-Къайнарджы жыхуаIэ къалэм урысымрэ тыркумрэ щызэгурыIуауэ къэзакъ Псыжь къызэпрымык Iыну, Урысейм я гъунапкъэр Псыжь деж щиухыу щытыну. АрщхьэкI э дэнэ? КъызэпрыкIри адыгэ лъахэм къитIысхьащ.

Урыс инэралхэр хуит ящIати, зи ужь ихьэр зэпкърауду я мурадыр къайхъулIэрт, пщIэ къыхуащIыр нэхъыбэ хъуху, я Iуэхум зиужьырт. Псом хуэмыдэжу зи насып хэхъуэ защIэу щытар Ермоловырат, арщхьэкIэ ар дыдэм и Iуэхур зэгуэр шыпхэ мыхъуу къэнакъым. Ар хэIущIыIу имыгъэхъун щхьэкIэ инэралым Iэмалрэ хьилагърэ зыкъом зэримыхьэу хъурэт? Къыпэрыуэ щымыIэу Ермоловри щыкIа гуэру пащтыхь ныкъуэкIэ адыгэр еджэрт. ИтIани, пэжщ, залымыгъэрэ Iэпщацагъэ закъуэкIэ къэрал унафэр зэфIигъэкIыну и ужь итакъым: тенджызитIым я зэхуакум дищIыхь быдапIэхэр кIуэ пэтми нэхъ гъунэгъу ищIым, цIыхур быдапIэм къригъэтIысэкIым, къищтэну цIыху лъэпкъхэм я кум къутыр, станицэ къригъэтIысхьэурэ, къыпэувыр ириудурэ зыхуейр зы IэщIигъэхьэрт, Лазаревым хуэдэу, хэкум цIыхуу исыр зэтримыIущIэу.

Дызэхэзыхым я гур къытщIэгъурт цIыху хъарзынэу иужькIэ къэралым щIэгъэкъуэн къахуэхъужу я щ Iыналъэм исыжынум щысхьырабгъу ямы Iэу кIуэдыкIейуэ щхьэ ягъэкIуэдрэ жаI эу. Абы хуэдэ зыгуэр Ермоловми зэхихыу и дзэ шынкIи мэхъу, сыту жыпI эмэ, декабристхэр и IупэфIэгъуу икIи къащхьэщыжу хуежьэри, пащтыхьыр мызэ-мытIэу зэгуагъэпат.

Абы ищIыIужкI и ар зыгъэгупсысэн щыIащ.

Зэгуэр инэралыр ежьащ, экспедицэ кIуэуэ. Дзэуэ зы корпус хуэдиз и гъусэти, тI ууэ игуэшри зым псым и сэмэгурабгъумкIэ,

адрейм и ижьырабгъумкIэ зратауэ къуэм дэту дэкIуейуэ хуежьащ, къуажэу зыхуэзэр зэтригъэщахэу. Абы дзэуэ къапэувын щIагъуи адыгэм яIэтэкъыми, зы жылэр къащтэмэ, адрей жылэмкIэ Iэбэурэ дэкIуейрт, кIуэ пэт зыдэт къуэри нэхъ зэв хъуурэ.

Ауэрэ КIахэмкIэ къуэшхуэу щытар ищхьэмкIэ ауз Iэзэвлъэзэв мэхъу. Топ къудейр ущыхуейм деж бгъэув хъуркъым. КъуакIэбгыкIэ Iейуэ ауз зэвым щынэсым, адыгэр иджыри къэс икIуэтамэ, я къарур зыхуэдэр кърагъащIэ. АдэкIэ-мыдэкIэ мывэ къырым ису урысыдзэр ягъэгужьей. Фочышэмрэ шабзэшэмрэ нэхъри нэхъ Iеижыр сыт – бгыр къыгуагъэхумэщ. Дзэм заукъуэдияуэ аузым дэту здэкIуэм дзапэмкIэ бгыр къыгуоури, гъуэгур къызэпеч. Асыхьэту дзэкIэмкIи бгыр къыгуоури, къызэрыбгъэзэжыну гъуэгури зэпаудa дэнэ къэна, нэри пэри ихьу псы уэру къежэхыр IуещIэ, куэдрэ зып Iэжьэмэ, псыдзэ къыпщIэмыуэну Iэмал имыIэу.

Абдеж умыгузавэу хъун? Топыр ягъэуври, псыр IузыщIа жыгыр, пшахъуэр, жыг щхьэкIэр топышэкIэ Iуаудыну хуожьэ. АрщхьэкIэ адыгэр бгы нэпкъым къытетIысхьащи, шабзэрэ фочкIэ къеухыурэ, сэлэтым мыхьыр ирагъэхь. Псом хуэмыдэу топ зыгъауэм. Абы нэхъей къуажэ къащтар щызэрапхъуэм Iэщу къытрахар я гъусэщи, ари здахьынур ящIэркъым. ЦIыхури, шыри, гури, топри, Iэщри зэхэтхъуа-зэхэпщауэ зэрызохьэ. ЦIыхур зэрогъэкIий, зым зыр едэIуэжыркъым, гъэру яубыдахэри хокIуадэ.

Къуэ зэвым верст IэджэкIэ заукъуэдияуэ дэт дзэр щыуэплIыуэ зэпаупщIащи, зэлъэIэсыжыркъым, зым ищIэр адрейм ямыщIэу щхьэж и щхьэм къызэрихьэкIэ мэзауэ. Сэлэту яхэщIыр кIуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу, къаукIар, уIэгъэр здахьынури ящIэркъым. Обозыр здэщыIэм мэкъу Iэтэ зыбжанэ мафIэ щIэгъэнауэ бгы нэпкъым еджэрэзэхыурэ дзэм къащыхэхуэм, гын зэрылъ бошкIэ гуэрхэр къауэри цIыхури Iэщри хьэлэч ищIащ, къелар гужьеяуэ зэхэзежэ хъуащ, я щхьэр здахьынур ямыщIэу.

Езы Ермоловым шитI щIаукIыкIащ, инэралыр яукIыну хуеямэ, ари къазэрехъулIэнур гурыIуэгъуэт, арщхьэкIэ езым лажьэ имыIэу къелащ. Инэралым иришэжьа дзэшхуэр кIуэдыкIейуэ кIуэдынкIэ хъунут. НтIэ сыт и Iэмалыр? Корпусыр ныбгъуэхьэшым ихуащ, кIуапIи-жапIи ямыIэу, езы инэралми и напэр токI, и цIэри улъиинущ.

Щымыхъужым, зэуэныр егъэувыIэри адыгэм я деж лIыкIуэ егъакIуэ, нып хужьышхуэ яIыгъыу. Псыри IущIащи, мычэму къыдокIуей, зы жэщ закъуэм псыдзэ къащIэуащи, я щхьэр здахьын ящIэркъым. Къуэм дэкIыпIэ лъэпкъи иIэкъым, узыкъуэт къуэгъэнапIэм къыкъуэкIи, укъытрагъэбэгэнущ. Фоч гын къомым и нэхъыбэр псыф хъуащи, топыр къыздипхам хьыж, зэрыбгъэуэн уиIэжынукъым. ИпщэкIэ удэкIуеймэ, къуэм

даубыдар мэзауэ, Ермоловым и унафэр ялъэмыIэсауэ, шхыни гыни ямыIэж пэтрэ. УIэгъэ хъуа илъэпкъыр адэк Iэ-мыдэкIэ къуэгъэнап Iэм е бгъуэнщIагъым щIэлъщи, ихуэжыркъым, нэгъуэщI гъэт IылъыпIэ щыIэкъым, бгы сэнтхым тумылъхьэмэ.

ЛIыкIуэ ягъэкIуар къэмысыжурэ жэщ хъуащ. Дыкъамылъагъуу къуэм дыдэпщынщ жызыIэу жэщ кIыфIым къуэм дэпщу ежьэжыну зи гугъар къамэкIэ къаукIауэ я хьэдэр къуэм къыдадзэжащи, узыщыгугъын щыIэкъым.

Си щхьэр армырауэ узиIэ мыхэр зыхуейр жиIэу инэралыр щIэгузэвэн щыIэу къыщIэкIынт. Къуажэ мащIи игъэунэхъуа, цIыху мащIи IэщIэкIуэда? Нэху щыхукIэ зы цIыхум и нэбдзыпэ зэтрилъхьакъым. Зэтеплъхьи хъун? Зэм мэкъу Iэмбатэ мафIэ щIэгъэнауэ джабэм къоджэрэзэх, мафIэ хъуаскIэр дрихуейуэ, зэм мывэр бгым къелъэлъэхыурэ цIыхури Iэщри хьэлэч ещI.

Пщэдджыжь нэхущым деж лIыкIуэм къагъэзэж. ЛIищ ягъэкIуати, лIих хъууэ къэкIуэжащ. Адыгэ лIищ я гъусэу. Инэралыр мывэшхуэ гуэр унэ хуэдиз хъууэ къуэм дэлъу къуэсти, лIыкIуэр кIуащ. Ермоловым и щхьэцIувыр хужьыбзэт, и пащIэшхуэ щIэщар фIыцIабзэт, и нэгум ущIэплъэмэ, жэщ закъуэ лъапэ зэвыпIэ ихуауэ нэху къекIати, и нэщхъыр зэщIэукIат, орденхэр уимыгъэлъагъуну арат е пIыщIат, щIакIуэ фIыцIэшхуэ щыгът. Кавказ корпусыр и IэмыщIэ илъу шэшэнрэ мышкъышрэ мащIэ зэтриIущIат? Иджы лIы ябгэм адыгэми мыхьыр яригъэхь и гугъэурэ, убыдыкIейуэ яубыдащ. Шэшэн лъэпкъым зылI фIэкIа къащIэмыныжрэ, а зы закъуэми и фэр якъурэ музейм щIагъэувэжыху сыувыIэнукъым жиIэу яхэлъэщыхьа инэралым и щхьэр ищэхужын хуей хъумэ, и напэр текIакъэ? Абы егупсысурэ, лIы къэгузэвар нэху щыхукIэ етIысэхакъым. ЛIыкIуэ згъэкIуар мыгъуэщауэ п Iэрэ жиIэу мызэ-мытIэу шу игъэкIуащ заплъыхьыну, жэщри кIыфI дыдэ пэтрэ.

Инэралым лIищ игъэкIуам я гъусэу къэкIуахэм ящыщ зыр адыгэ дзэпщт, лIыгъэшхуэ зэрихьауэ уэрэд гуузи Уэзырмэс хузэхилъхьауэ. Ауэ инэралри хагъэзыхьатэкъым, лей зепхьащи, уи щхьэр къыдэт жаIэу. Укъыдэмызэуэну псалъэ къыдэт, уи дзэр къуэм дэшыжи, Псыжь адэкIэ кIуэ, абы инэмыщIауэ, ди цIыхуу гъэру дапщэ бубыдами Iэщу къуажэм къатефхари къыдэптыжынщ. Дэри додэ фи хьэдэр, уIэгъэ хъуар дэфшыжыну. Уарэзы абыкIэ?.. «Сыарэзыщ» жимыIэу хъунт. Адыгэхэми къахэкIащ «мы инэралыр гъэру дывгъэIыгъ, пащтыхьым дызыхуейр къытхуищIэху» жызыIэн, арщхьэкIэ пащтыхьым иубыдар нэфым IэщIыхьэр екъуз жыхуаIэм хуэдэщ – къуитыжынукъым. Ди гугъу кърემыщI закъуэ, нэгъуэщI дыхуейкъым жиIэу арат нэхъыжьым я унафэри, зэрыжаI ауэ ящIащ.

Ермоловым и гугъу къагъэхъеяр ямыухыу Хьэчакъ сымэ ТхьэщIагъыжь къэсыжащ. Нобэрей Iуэхум инэралри ящегъэгъупщэжри Хьэчакъ къопсалъэ:

– И къэси, и псалъи, и дэкIыжи зы хъуащ, – щыжиIэм, Хьэ-жы-Уэсмэни гу лъитащ езыр зэгупсысым и гъусэри зэрегупсы-сым.

– Тхьэ дыгъэIэ, мафIэхьэ къэкIуам хуэдэтэм – мафIэхьэ кIуэр къэгувэ хъунукъым, мафIэр мэуфIынкIыж.

– МафIэ къыдэзыдзар езыращи, ди деж мафIэхьэ къэмыкIуэ-мэ, хэт и деж кIуэн? Е-е-й, дзэуэ пащтыхьым къыдиутIыпщам лъабжьэкIэ драхынщ, хьэжы. «Феуэ» жиIэным и пэкIэ зэ сеуп-щIыжынщ жиIэри аращ пащтыхьыр къыщIэкIуар.

– Аракъэ. Зыхуэзэм мафIэ яредз. И бзэри бзэ дыкъуакъуэщ, жиIэр уи фIэщ пщIыну Iэмал иIэкъым.

– Пэжыр къарум и телъхьэщ жиIакъэ. ПащтыхьитIыр зэгурыIуэгъат Урысейр Псыжь къызэпрымыкIыну. АрщхьэкIэ я псалъэр ящыгъупщэжри, Псыжь къызэпрыкIа дэнэ къэна, Анапэ, Темрыкъуэ, ХьэфIыцIей нэс яубыдащ – НовороссийскIэ зэджэр. Ар яфIэмащIэу, модэ ЛабэкIэ дэкIуеящ. Абдежми къыщымыувыIэу, Щхьэгуащэ къэсащ. Псы Iуфэм Iусари мыдэ сэнтхым нэс къахуащ. Я кум дыкъыдэнащ. «ФыIэпхъуэ» жиIэри ежьэжащ. Дэнэ дыздэIэпхъуэнур? – Ермоловым етщIауэ щытар дэ къыдищIэжащ, – жиIэри, Хьэжы-Уэсмэн нэхъ нэжэгужэ къэхъужащ. – Я щхьэм хуитыжу дунейм тетыр ди закъуэкъым. Ди хуитыныгъэр ттрахмэ, тезыхыр ди деж къыщыувыIэн уи гугъэ? Дыгъуасэ Дагъыстаныр, Шэшэныр ягъэсащ. Нобэ ягъэ-сыр адыгэ къуажэщ, пщэдей ягъэсынур нэгъуэщIым я къуажэщ. Дыгъужьым щынэ Iурыхуэмэ, IэфI къыIурохъуэ. Нобэ те-гушхуэгъуафIэ лъэпкъышхуэм ищIар дэращ. Пщэдей тегушхуэ-гъуафIэ ящIынур нэгъуэщIщ. НтIэ, зы лъэпкъ яхъунщIэу плъагъумэ, хъунщIакIуэр адрейхэми ялъэIэсынущ. Ауэ щыхъукIэ...

– УзэрыIыгъмэ, узэкъуэтмэ, улъэщщ.

– Тэмэм. УзэрыIыгъын хуейщ. Iэр Iэпхъуамбитхущ, Iэп-хъуамбэр зырызмэ, зырикIщ, зэгуэтмэ, IэштIымщ, удын епх мэхъу...

– Адыгэ лъэпкъыр хъарзынэу Iэпхъуамбэ пщыкIутI мэхъу. IэштIымитI мэхъу.

– Аращ. Дызэакъылэгъуамэ, дыIэштIымитIт, дызэакъы-лэгъукъым, дызэфIонэ, дызокIуж. Ара IэштIым жыхуаIэр?

Хьэчакъ сымэ къыщысыжам, ТхьэщIагъыжь щызэхуэсам пащтыхьым жиIаи жимыIаи ямыщIэ щыIэжтэкъым. ЦIыхур гуп-гуп зэрыгъэхъуауэ зэныкъуэкъурт, хэт сыт жиIами я гум къагъэкIыжырти. Хэт фIэкъабылт, хэти идэртэкъым, нэгъуэ-щIым мырат жиIэн хуеяр жи Iэу мыхъуххэн къыхиIурт.

ЖаIэну къэнэжа щыIэтэкъым. Унафэ щIын хуейуэ арат.

Хьукумэтым я Iэтащхьэм пащтыхьым жриIар нэхъыбэм яфIэкъабылт. Уи нэ къеIэм и псэм еIэ жыхуаIэрауэ пащтыхьыр ди нэм къеIэу аращи, и псэр хэчын хуейщ. Уи дзэлыфэ птIыуэ

и пащхьэ ущIитын щыIэкъым. Пащтыхьым «сипсалъэр быдэщ» жиIа шхьэкIэ, абы и псалъэр куэнсапIэщ, жьыр здепщэмкIэ ехь. Иджыри къэс зы пащтыхьым и псалъэ игъэпэжакъым жиIэу зыукъуэдийри мащIэтэкъым.

– Хьэжы-Уэсмэн, пащтыхьым Бытырбыху уздишауэ жаIати, – жиIэри хьэжы къыдэзыщIа гуэр щысти, къыдэгушыIащ. Абы и псалъэм щIагъыбзэ щIэлъыр псоми къагурыIуати, зэщIэмыдыхьэшхэу хъурэт?

– ЛIыжь кхъахэм Бытырбыху сыт щищIэн?.. Пэжыр жысIэнщи, а зи нэгу сыщIэплъа пащтыхьым и гум фIы къытхуилъкъым. УзэрыIуплъэу абы гу лъыботэ. Езыри унэхъунщ, къэралри дэунэхъунщ. Сэ слъагъунур слъэгъуащ, си псалъэр фигу ивубыдэ: а лIым насып къыдэкIуэнкъым, кIуэдыкIейуи кIуэдыжынщ. И нэгум фIы щIэткъым. Тхьэр зэуар абы и Iэмыщ Iэ ихуаращ. КъыдгурыIуэнуи къэкIуакъым а лIыр, дигъэунэхуну къэкIуащ. И дзыхь нэхъ къегъэзауэ зэпсэлъар Хьэчакъщи, жиIэм девгъэдаIуэ.

Хьэчакъ мыдыхьэшхыу гупым я пащхьэ ист, хьэуазэ IэплIэ къыхуагъэтIылъар и тIысыпIэу. Псори зыщыгугъыр хьукумэтым тетырат. Езым и нэщхъ зэщIэукIами, жьакIацэ дыдэти, я хьэблэр нэIуцэкIэ къеджэрт, нобэ и мурадыр къызэремыхъулIар зыхищIати, и гумрэ и щхьэмрэ зэрышхт.

– Уа, жылэ, узэчэнджэщын умыгъуэтмэ, уи пыIэр щхьэрыхи, ечэнджэщ жыхуаIэ махуэ къытхуихуащ. Япэм дыщызэныкъуэкъуа щыIами, зи жагъуэ тщIа щыIэми, дызэхуэдэ адыгэщ, дызэшщ, ди лъапсэр дывгъэхъумэж. Зэкъуэтыр лъэщщ. ЛIа зимыIи щыIэкъым, ди лIам напэ хужькIэ дахуэзэжащэрэт жытIэу мы лъапэ зэвыпIэ дызэрытым дызэрикIыным и ужь дивгъэт. Псэууэ дыкъэзылъагъуми я емыкIу къэдвмыгъэхь. Пащтыхьым мыр къыджиIащ, мыр жетIэжащ жытIэу дытепсэлъыхькIи мыхьэнэ иIэкъым. Фэ фымыщIэ сэ фэзгъэщIэжыфынкъым. Зы псалъэ закъуэу жысIэнщи, пащтыхьым дыгурыIуакъым. Езыри, хьэжым зэрыжиIащи, къыдгуры Iуэну къэкIуатэкъым. КъыдгурыIуэнутэмэ, дзэуэ мин щищ къыдиутIыпщрэт?

– АтIэ емынэм къихуат? Мыбы нэс щхьэ къэджэда? – жиIэри зыхуэмышэч гуэр къахэпсэлъыкIащ гупышхуэм я щIыбагъым къыдэтым.

– Къэджэдамэ, къыщIэджэда гуэри щыIэу къыщIэкIынщ. Зигу къытщIэгъу нэгъуэщI къэралхэм Iэджэ щыIэщ. Лей къытлъысыр ялъагъу. Дэ лажьи-хъати диIэкъым, ди лъахэм дисыжщ, мо лъэпкъышхуэр къыттезэрыгуауэ дигъэбауэркъым. Хейм илъ хамэм ещIэж жаIэми, дилъ нэгъуэщI къэралхэм ящIэжынкъым, итIани урыс пащтыхьыр къыхагъэзыхь мы пщIэ хьэдэгъуэдахэр сыт жаIэри. Арауэ си гугъэщ ар къыщIэджэдар. СыкIуат сагурыIуэн си гугъэу, сагуры Iуакъым, си хьэтыр къалъэгъуакъым – иджы нэхъеижу къыттезэрыгуэмэ, мис ар

щхьэусыгъуэщ.

Хьэжы-Уэсмэни Хьэчакъ и псалъэр диIыгъащ:

– Хьэчакъ куууэ егупсыса жыпIэмэ, куууэ егупсысащ. Щамилыр лъэныкъуэегъэз щащIакIэ, Урысейм зыпэщIэтсэкIэ къикIын щыIэкъым…

– Ар хъарзынэу пащтыхьым гурыбгъэIуаи, тхьэмадэ, – жызыIэу хьэжым къыщIэнэкIэни къахэкIащ.

– Лабэ уэрэдыр си гум къэкIыжри, си щ Iалэ, си гур щабэ къэхъуат, дызэгуры Iуэмэ, нэхъ си гуапэт. Лабэдэсхэм я нэгу щIэкIар фэри фощIэ, – хьэжыр нэхъ тегушхуэжауэ, и макъым зригъэIэтащ. – Уа, жылэ! Фыкъаплъи, фыкъэдаIуэ. Сэ къэзгъэщIэнур къэзгъэщIащ, сэ сыт слъагъужын мыгъуэ, ауэ ди ужь къинэ ди щIэблэм ялъагъунщ: Урысейм нобэ дэ къыдих лейр я бынкI э ялъагъужынщ, ди лъыр гъункъым. Нобэ я сэлэтхэм мыжурэм ди сабийр паIури мафIэм хадзэ. ДэркIэ лей зэрахьэр езым къалъысыжынщ, ди псэр зэрыхахым хуэдэ къабзэу езырезыру я псэр щыхахыжын лъэхъэнэ ихуэнщ. Нобэ дэ дызэрыс щIыналъэр хэкужьу къагъанэ, езым я щIыналъэри хэкужь хъужауэ ди щ Iэблэм ялъагъунщ...

– Тхьэм жиIа мыгъуэщэрэт ар уэ жыпIэ нэхърэ.

– Ди адэжьхэри зэуащ, дэри дозауэ. Тхьэм ищI эну Iами зэ ищIапхъэт...

– Ей, ар жумыIэ. Тхьэм и гур зэбгъабгъэ хъунукъым. – Хьэчакъ нэхъыщ Iэхэм я гум кърихур яжьэдигуэжри, адэкIэ къыпищащ, – гыбзэ жытIэу дыщIыщысын щыIэкъым. Махуэр йокI. МамырыкъуэкIий сыкъыдэкIыжу ТхьэщIагъыжь сыкъэсыжыху сегупсысат ди Iуэхуми, сэ сызэреплъыр вжесIэнут…

– ЖыIэ, Хьэчакъ, жыIэ. ДынодаIуэ.

– Уэращ адыгэ хьукумэтым тетыр.

– ВытIощыщIэр зыIыгъыр здэкIуэм выгур макIуэ.

– Кавказым дзэуэ исыр дэ къыдаутIыпщ. Дагъыстаным щызэуа дэнэ къэна, Азербайджаным кърашауи дзэ къашар Лабэ Iуфэ къыIуагъэтI ысхьащ. Топу яIэм Iэмал хуэдгъуэтыркъым, нэхъеижыр езы пащтыхьыращ. Япэм зыгуэркIэ дыщыгугъами, иджы ди гугъэр хэтхыжащ. А сэ слъэгъуа пащтыхьым и хьэпщIэум адыгэ хэкур зэрыхэкуу дыпищIынукъым.

– Хьэм и нэмыс ди мынэмысмэ, сытым дыщыщ, – жиI эри хьэжыри Хьэчакъ жиIэм еувэлIащ.

НэгъуэщI зыгуэри къэгушыIащ:

– Хьэчакъ, пащтыхьым и щIыбагъымкIэ уеплъмэ, нэхъ бжьыфIэу жаI эри, пэжу пIэрэ? – жиI эри.

Гупышхуэ къетIысэкIауэ щысыр къэдыхьэшхащ.

– ДэнэкIи еплъ: и Iумэтхэм къазэрыгуэкI щы Iэкъым. Инэрал ди лъапсэр изыхым я телъхьэщ. Пащтыхь инэралхэм унафэ ящIыр зэвгъэщ Iэну фыхуей? ФыкъэдаIуэ. Жаморей е Аслъэмырзей къуажэм иращIар дэри къыдащIэну аращ. Топым къелар

фочым ирагъэхьщ, фочым къелар мафIэм ирагъэхьыжри, жылэм мылъкуу дэлъар зэрапхъуащ. УIэгъэ хъуауэ къэмытэджыф Iэщым еуэрэ и куэр паупщIрэ яхьу...

– Сэшхуэпэ мафIэм къуажэу ихьар хэт зыщIэр? Бжьэдыгъу къуажэу дапщэ хэкIуэда?.. – Хьэжым и нэгу щIэкIа гууз Iэджи жиIэнут, арщхьэкIэ и гур къызэфIэнати, хужыIакъым.

– Шы къудейуэ мащIэ яхуа? – жиIэри нэхъыжьхэм ящыщ гуэри къэпсэлъащ.

Хьэчакъ гъуо палъэу здишар къэзымыщ Iыху къызэхуэсам яхэту къыщIэкIынтэкъым. ЛIык Iуэм Уэзырмэс щIахэтар уэрэд дахэу зэрыжиIэратэкъым. ДызэгурыIуэ хъумэ, тхьэлъэIу тщIынщи, пащтыхьри къедгъэблэгъэнкIи хъунщ, ди зэхэтыкIэ сыти едгъэлъагъунщ. Абдежым, хэт ищIэрэ, пащтыхьым адыгэ уэрэд седэIуащэрэт жиIэу гукъыдэж ищIмэ, Уэзырмэси уэрэд жедгъэIэнщ жиIэу Хьэчакъ гукъэкI ищIа щхьэкIэ, дэнэ – зыщыгугъам хуэдэу Iуэхур къыщIэкIакъым. Иджы сэшхуэпэ мафIэм и хъыбар щызэхихым, Уэзырмэс езым зэхилъхьа уэрэдыр къыхидзащ:

*Сэшхуэпэ мафIэм*
*Бгъэныр зэщIелыпщIэ,*
*Бгъафэм щIэлъ сабийри*
*МафIэ бзий джэбынкъэ...*

– Зэ умыпIащIэт, Уэзырмэс. Уи уэрэд дыщедэIуэни тхьэм дыхуигъазэ, – жиIэри Хьэчакъ джэгуак Iуэм и уэрэдым пригъэчащ. – Ди бын дэнэ къэна, дэри мафIэ бзий джэбын къыдамы-щIэкI щIыкIэ унафэ гуэр диIэн хуейщ.

Тырку сулътIаным деж лIыкIуэ дгъэкIуэн хуейщ. Ари икIэ-щIыпIэкIэ. Дэ къытпэщыт урысыдзэм я дзэпщми дагурымы-Iуэну Iэмал зимыIэщ Истамбыл дынэсу дыкъэсыжыху пIалъэ къыдатыну. Армыркъэ, мафIэ бзийр джэбын тхуащIынущ. Истамбыл дгъэкIуэнумкIи дызэгурывгъаIуэ.

– Уэ гъусэ пщIыну пфIэфIыр щIыи, згъэхь. Уэращ къалащхьэу дызыщыгугъыр, – жиIэри Хьэжы-Уэсмэн къыпищащ. Адрей нэхъыжь къомми я щхьэр ягъэсысащ, хьэжым жиIар яфIэкъабылу.

Хьэчакъ Iуэхум зэрегупсысар нэгъуэщIт:

– Истамбыл си щыпэкIуэкъым, нэхъыжьыфIхэ, нобэ сежьэни къызэхьэлъэкIыркъым. Урыс пащтыхьым уи хьэтыр къыщимылъагъум, си деж укъэкIуа жиIэу къызэгиймэ жызоIэри си дзэ мыгъуэр мэш…

Хьэжы-Уэсмэн ар идэххакъым:

– Сэрауэ щытатэмэ, сэ къызэгиинкIи хъунт, хьэжыр урыс пащтыхь джаурым дежк Iэ щхьэ уеIат жиIэу. Уэ лIы хуэдэлIу пащтыхьым утхуепсэлъащ, уэ жыпIар къыгуры Iуащ пащты-

хьым. Тхьэр зи телъхьэр къаруракъым, тхьэр зи телъхьэр пэжы-ращ жызыIэу пащтыхьым пэпсэлъэжыфари уэращ. Псалъэ дыгъэл жыпIащ.

– ИтIани, плъагъурэ, Хьэжы-Уэсмэн, урыс пащтыхьым дауэ гурыIуа дыхъуну пIэрэ жысIэу абы и Iэмалыр нобэр къыздэсым къысхуэгъуэтыркъым. Абы щымыгъуазэ уи гугъэ сулътIаныр? Щыгъуазэщ, шэч хэмылъу. АтIэ сулътIаныр нэхъ нэ лейкIэ зэплъын гуэр лIыкIуэм я пашэ тщIымэ, мынэхъыфIу пIэрэ жызо Iэри согупсыс. Фи акъыл къыхэфлъхьэ.

– Хэту пIэрэ уэ нэхъ зыхуэбгъэфащэр?

– Сэфар Жану. Ар зымыцIыху мыбдеж кърихьэлIам яхэту си гугъэкъым. Истамбыли, Къэири, Кондони дэт адыгэ комитетхэми къацIыху, якIэлъыкIуащ, къыкIэлъыкIуэжащ. Iуэхутхьэбзэшхуэ адыгэм къахуещIэ. Адыгэр зэгухьэу къэралыгъуэу дотIыс жаIэу унафэ щащIам абы и хъыбар нэгъуэщI къэралхэм я деж япэ нэзыгъэсар Сэфарщ, хасэшхуэ а унафэр къэзыщтари зэхэзышар а лIырат: «Къуэпсыр куэдмэ, лъабжьэр быдэщ, адыгэ къуэпс пщыкIутIыр зы дыхъумэ, ди къарури тIукIэ-щыкIэ нэхъыбэ хъунщ», – жиIэу.

Арщхьэк Iэ Iэджэм я фIэщ хъуртэкъым лъэпкъ пщыкIутIу тхьэм игуэшар зы пхуэщIыну. АдыгитI зэакъылэгъу хъумэ, дунейр къутэжынущ жызыIа пасэрейм адыгэ хьэлым химыщIыкIыу жиIа уи гугъэ жаIэу адыгэр дэнэ щызэрихьэлIами зэдауэрт. Иджыри зодауэ: щызэхуэсыпхъэм зэхуэсауэ щытами, зыгуэрт. Урысейм Кавказ щIыналъэм и ныкъуэр зы Iуридзащ– Щамилт нэхъ ерыщу Урысейм зыпэщIэзысари, яубыдащ. Иджы дэращ къэнэжари, мо къэрал лъэщхэу Францым хуэдэр зыпэмылъэщ Урысейм дыкъримыкъухьын фи гугъэ? – арат нэхъыбэм жаIэр.

Арауи щIы: адыгэ лъэпкъхэр зы къэрал хъурэ, я тетыр зыуэ, я акъыл зэхэлъу къэралыгъуэ иувэмэ, нэхъ пщ Iэ къыхуащIынкъэ, я псалъэ нэхъ пхыкIынкъэ жызыIэри мащIэтэкъым. Хасэшхуэм ягъэтIыса жыгым зиужьу зыгуэр къыпыкIэу ялъагъуным куэд иIэт. Зы ищIынумэ, Алыхьым илъагъуртэкъэ? Сэфар Жану и гугъу пщIымэ, а л Iыр япэ дыдэ щI эрыIуэ щыхъуар ХьэтIрэмтIыгут, нэгъуэщ I Iэмал ямыгъуэту урысыдзэр десанту къалэр яубыдыну псы Iуфэм къыщитIысыкIам, Сэфар Жану и щIалэгъуэт, топ гъэуэкIэм дэгъуэу щыгъуазэт, Истамбыл щеджауэ. И IэмыщIэ илъыр топих къудей фIэкIа мыхъуу быдапIэр бийм яIэщIимыгъыхьэу иIыгъыфат, зэхэзыхым ягъэщ Iагъуэу. Уеблэмэ тенджыз лъэныкъуэмкIэ къыбгъэдыхьа кхъухьхэм ящыщу зы псым щI ригъэлъэфат. ХьэтIрэмтIыгу дэс тырку пэщэм саугъэту дыщэ сэшхуэ кърitыгъат.

Нэхъ лIыпI эм иува нэужь, Сэфар Жану адыгэм дзэуэ яIэр зы ищIурэ езыр дзэпщу увыжын и гугъат. Адыгэпщ къомыр зэхуишэсри яжриIат: ди зэуэкIэр хъунукъым, щхьэж зэрыхуейм

хуэдэу мэзауэ, зым зыр едаIуэркъым, зым и мурадыр адрейм ищIэркъым, дызэкъуэту дызауэмэ, ди насып нэхъ текIуэнщ. Адыгэ лъэпкъхэм я нэхъыбэ дыдэ дзэуэ зэхуэтшэсми, мин щэ ныкъуэ, мин хыщI нэхъыбэ тхуэгъэшэсынукъым, урысыдзэр дэр нэхърэ IэджэкIэ нэхъыбэщ, маржэ, дызэгурывгъаIуи, зы зыдвгъэщI – арат а лIым цIыхур зыхуриджэр.

Сэфар Жану еувэлIам минтэкъэт Iэджи къахэкIат, арщхьэкIэ дзэуэ шу мин щэ ныкъуэ пIыгъын папщIэ, мылъкушхуэ ухуейщ, Iэщэ-фащэ къызэрыпщэхун уимыIэу хъуркъым, цIыхум я шхыни, щыпсэуни, шым яшхыни уимыIэу хъуркъым. НтIэ? Мэксун къуэды хуэдэу пщыгъуэ къэс къатын хуейщ.

Абы нэмыщIкIэ къуажэпщыр дзэншэу къанэмэ, лIыубыдым уапэлъэщыркъым, дыгъуэгъуакIуэри кIуэ пэтми куэд мэхъу.

ТIэкIу-тIэкIуурэ дзэ зэхуашэсар ямыутIыпщыжу хъуакъым. Сэфар Жану а лъэхъэнэм ежьауэ къэтт. Инджылыз купец гуэрым крейсеркIэ адыгэм шыгъу къахуишэу урыс флотым яубыдати, ар къригъэутIыпщыжын и гугъэу Кърым кIуауэ щыIэт. ЗдэкIуам щыщхьэрыуэху, ерагъпсэрагъкIэ зэхуишэса дзэм и нэхъыбитIыр зэбграшыжауэ кърихьэлIэжащ.

Сэфар Жану лIыкIуэм я пашэу щагъэувым, зырызыххэ фIэкIа къахэкIакъым зымыдэн. ЛIыкIуэу кIуэнур урыс пащтыхьым деж ягъэкIуам нэхърэ мынэхъыбэнуи зэгурыIуащ, саугъэт гуэрхэри здашэн хуейт. Урыс пащтыхьыр тхьэлъэIушхуэ хуащIрэ кърагъэблагъэу джэгу, шыгъажэ сыт хуащIауэ щытыгъатэмэ, нэхъ зэгурыIуэгъуафIэ хъунут. АрщхьэкIэ IэнэщIу кIуар IэнэщIу ягъэкIуэжащ. Тырку сулътIаным дежи IэнэщIу укIуэмэ, угуры-Iуэххэнукъыми, пихыжащ.

– АтIэ, сыт хуэдэ саугъэт хуэпшэнур?

Мис абы зэригъэныкъуэкъуащ. Хэт шы-уанэ зэтелъ, жи, хэти адыгэ фащэ е и тахътэм хилъхьэн налкъутналмэс, жи, хэти хъыджэбз тхьэIухуд, жи.

Зыкъомрэ зэныкъуэкъуа нэужь, зэгурыIуащ хъыджэбз дахэ дыдэу минтэкъэт къэс зырыз хуашэну, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, тырку пащтыхьым дунейм цIыху лъэпкъыу тетым ящыщу зырыз егъэфыз. ЦIыхубз мин бжыгъэ и къалэм дэсу.

– А къомым я бзэ дауэ зэригъэщIауэ пIэрэ? – жиIэу щIэупщIаи къахэкIат, арщхьэкIэ ауан ящIащ:

– ЛIо, зиунагъуэрэ, фызым епсалъэрэ ар?!.

Хьэчакъ цIыхум я гушыIэкIэр игу ирихьакъым:

– Аргуэру цIыхубз хэплъыхьауэ дахэр тIэщIокI, – жиIэри. АрщхьэкIэ нэгъуэщI сыт ептын? СулътIаным и къалэр зыхъумэн щIалэ жыпIэнущи, ари гъунэжу егъуэт. ИгъащIэм тырку сулътIанри хьэрып пащтыхьри зэрыуэркъыр адыгэ мамлюкщ.

МащIэ-машIэурэ зэIущIэр къэтэмакъкIэщIу хуежьащ. Адыгэ зэIущIэр зэмыныкъуэкъуу, зым зыр хуимылъу зэзэмы-

зэххэ фIэкIа зэбгрыкIыжакъым. Ноби арат.

Убыхыпщ Бэрзэдж, чэнджащи сыти хэмыту, и цIыхум и нэхъыбитIыр псым иришыжат, «дызидэулэтым и щIыналъэм нэхъ хъума дыщыхъунщ» жиIэри. Псым имыкIыжу къэнам кхъухьышхуитI яIэу къыщIэкIати, Хьэчакъ елъэIуащ убыхым кхъухьитIым языр къариту Истамбыл ирыригъэкIуэну. Хъарзынэу абыкIи зэгурыIуащ.

Сэфар Жануи къэпсэлъащ:

– Уа лIы бланэжьу зи нэмыс лъагэ хъун. Истамбыл дыкIуэнумэ, зытIэжьэну Iэмал иIэкъым. Си тIасхъэщIэххэм си деж хъыбар къагъэс урысыр къыттеуэну загъэхьэзыру. Дзэм я унафэр мыращ: япэм КIахэм исыр псыщхьэмкIэ яхурэ абы Iисраф щащIу щыташ. Иджы хьэкупщIу къуршым исым къыщыщIадзэнурэ адыгэр кърахухынущ, ар зи мурадхэм я кхъухьхэр ди псы Iуфэм кърахулIэнущ…

– Зи гъавэ губгъуэм илъ щыIэщ иджыри, Iэщри дауэ хъуну? – жиIэри къуажэпщ гуэр къэгузэвати, Хьэжы-Уэсмэн пидзыжащ:

– Тхьэм жиIар хъунщ. ГуащIэрэ гущIэгъурэ зиIэм и нэфI къытщыхуэ.

А махуэм зэхуэсам хуэдиз адыгэпщу куэд лъандэрэ зэхуэсатэкъым. Тэрчи, Лаби, Улэпи, КIахэми – адэкIэ-мыдэкIэ къикIри къызэрыхьат. Мэхъуэш лъэпкъым я пщыр ежэу яукIыжа пэтми, лIыкIуэ къамыгъакIуэу къэнакъым. Еджэрыкъуейми, КIэмыргуейми лIы бэлыхьхэр къагъэкIуат, Хъымыщей, Черчэней жыпIэми, гузэвэгъуэм къызэщIиIэтат Iэджэ. Абазэхэу муслъымэн диным ихьари имыхьари зэгъусэу къэкIуат, къуажэ къэс шу щырыщ къыдэкIри. Къэбэрдеи Джылахъстэнеи зэхэту къагъэкIуа щхьэкIэ, езыр-езыру зэгурыIуэжыртэкъым: иныкъуэр урысщIэкъумэ, адрейхэм Тыркум зратмэ, нэхъ къащтэ. Натхъуэдж къикIар ХьэтIрэмтIыгу и гъунэгъуу зэрыпсэур арауэ къыщIэкIынщ: нэхъ динщ Iэкъухэщ, Тыркум къадощI; тенджызым тету еса убыххэр бэлыхьу зэакъылэгъущ, зэкъуэтщ, Истамбыл имыкIыжа къэнамэ, икIыжыну хьэзырыпсщ, икIыжу Тырку щIыналъэм увыIэпIэ щызыгъуэтам я хъыбар ящIэ. Жанэ лъэпкъми я лIыкIуэ къамыгъакIуэу къэнакъым.

Адыгэ лъэпкъыу щыIэм ящыщу зи лIыкIуэ щымыс щымыIэу хасэр хасэшхуэт, щызэхуэса махуэри Iилэ и махуэу арати, унафэу къащтэр тхьэм къабыл ищIрэ, тхьэлъэIукIэ я хасэр яухатэмэ, арат нэхъыфIыр.

Сэфар Жану и щыпэкIуэу Истамбыл кIуэртэкъым, гъуэгум и пIалъэ тыншу ищIэрт. Зыгуэр къэгуващ къэсыну пIэрэ жаIэу пщыхьэщхьэ пщIондэ псоми заIэжьащ. Нэхъ зыщIаIэжьар, пэжым ухуеймэ, пшапэр зэхэуа нэужь псым техьэну арат. Пшапэр зэхэуэмэ, кхъуафэжьейр псым щIагъуэу къыхэмыщу хэщIыхьауэ хэтщи, тIэкIу кIыфI хъумэ, нэхъ къащтэ, урыс флоту тенджызым тетым дыкъамылъагъуу даIэщIэкIащэрэт жыхуаIэу.

Жану иджыри щыгъупщэжакъым инджылыз крейсеру адыгэм шыгъу къахуишэ пэтрэ урыс флотым яубыдауэ щытар къаригъэутIыпщын щхьэкIэ зэрелIэлIар.

Кхъуафэжьей зэрытIысхьэнур мэз чыцэм хэгъэпщкIуауэ хэлъщи, ущыхуейм деж къыхэлъэфыж, иплъхьэн илъэпкъыр илъхьи, ежьэ. Хъарзынэу хэщIапIи яIэщ – къэжэру Сэфар и цIыхугъэ гуэрым деж щызэхуэсынущ. Езы къэжэрым пщэфIапIэ тIэкIу иIэу ХьэфIыцIей дэсщ, муслъымэнхэм абы и шхапIэр нэхъ ягу ирохь. Езы Сэфари зегъэмуслъымэнышхуэ, хъэсэпыл ишхыну Iэмал иIэкъым.

Хьэчакъ муслъымэн диным ихьауэ зебжыж, итIани и адэжьхэм я щIэин динри хухыфIэдзэркъыми, динитIри здехь.

Я къуажэр ягъэсауэ, я мылъкури зэрапхъуауэ, цIыхум и фэ илъым фIэкIа щыгъыни тепIэнщIэлъыни къахуэмынэжауэ, гъуэмылэ къудеи къызыхахын ямыIэжу, цIыкIури инри ныбэ нэщIу я лъэр къыщIэмыувэжу адэкIэ-мыдэкIэ дурэшплIэрэшым дэлъу зэщIэгурымэрт. Ерыскъыр лъэпсейщи, уезэгъыркъым. ЗэтелIэу зэтелъ къомым ящIэххэртэкъым урыс инэралхэм «Кавказ псы Iуфэр екIуэкIыу Iувгъэкъэбзык I» жаIэу унафэ къызэрыхуащIар.

Абы къикIыр сыт? Псы Iуфэм пщыIэ щызыщIауэ кхъухьым пэплъэ илъэпкъым щыщ къэмынэу лъэныкъуэегъэз фщIы жиIэу аращ. Абы я «лъэныкъуэегъэзыкIэр» зыхуэдэр зымыщIэ щыIэжкъым. Хъыджэбз дахэ дыдэ цIыкIухэр земыкIуэжыфу ятIэм хэлъщи, загъэхъеину къару яIэжкъыми, къащти, мащэм идзэ – псалъэ я жьэм къыжьэдэкIынукъым, сабий цIыкIухэри нэхъ Iеижщ, хэт фэрэкI хъуащ, хэт щIыIэ хыхьауэ къеIэзи сыти щымыIэу кIуэдыкIейр я махуэщ.

Хьэчакъ хущIегъуэжащ Уэзырмэс гъусэ зэримыщIам. Иджы джэгуакIуэр дэнэ къиипхыжын? ТхылъкIэ, бзэкIэ джэгуакIуэм къыпыпхын щымыIэми, адыгэм я фэм дэкIыр, я Iуэху зэрыхъур и нэгу щIэкIмэ, уэрэд иусынщи, цIыхум ягу къинэнщ. Езы Хьэчакъи и щхьэр къыфIэхуащ, и гур мэкIуэд цIыхуу Iисраф хъур щилъагъукIэ. ХъумпIэцIэджым и кIуэдыжыгъуэм дамэ къытокIэ жыхуаIэрати, адыгэм я кIуэдыжыгъуэмрэ къэралыгъуэ щагъуэтымрэ зэтехуащ. Сыт иджы хьукумэт уиIэкIи уимыIэкIи?

Зэныкъуэкъу щIагъуэ къахэмыкIыу Сэфар Жану лIыкIуэм я пашэу IэIэткIэ хахащ.

ЛIыкIуэу хахар шэсри ХьэфIыцIей кхъухь тедзапIэмкIэ ягъэзащ, кхъуафэшхуэм итIысхьэу Истамбыл кIуэну. Убыххэр кхъуафэкIэ IэкIуэлъакIуэти, лIищэрэ тIощIрэ итIысхьэ хъууэ тIу яIэу зыр къыIахыу Истамбыл ирикIуэну арат зыщыгугъыр, кхъуафэр зезыхуэри лIы плIыщIым нэсырти, псынщIэIейуэ яхурт, къылъэщIыхьэ щымыIэу. Ежьахэри псы Iуфэм щыгувакъым, гъуэмылэ сыт жыпIэми зи пщэ дэлъам къагъэхьэзырауэ арати, лIыкIуэ кIуэр кхъуафэм итIысхьащ. Зы цIыху псэ зыIут

дэнэ къэна, зы псы фэнд лейуэ ямыщтэу. Ар зытращIыхьар кхъуафэр нэхъ псынщIэу кIуэн хуейуэ арат. Сыту жыIэт: Тыркумрэ урысхэмрэ зэгурыIуащ адыгэ псы Iуфэм тырку кхъухь къыIумыхьэну, абы лъандэрэ къыIухьа ягъуэтмэ, урысым яубыдырти, Къафэ (Феодосие) яхурт, кхъуафэм сыт хуэдэ фIыгъуэ илъми, зыубыдам ейт, ясыр сыт исмэ, къыщаутIыпщыж щыIэт.

Иджыблагъэ хыр къэукъубеяуэ псым утехьэныр шынагъуэ пэтми, тыркум я кхъухь гуэр ясыр изу ису ежьат, урысым къамылъагъун я гугъэу, арщхьэкIэ псы Iуфэр зыхъумэм яхуэзэри Кърым псы Iуфэм ирахулIащ, кхъухьыпщри хьэпсым ирадзэри гъэру кхъухьым иса тхьэмыщкIэ къомыр щаутIыпщыжым, кхъухьым исам инджылыз яхэту къыщIэкIащ. «Мыр дэнэ къикIа?» – жаIэу щIэупщIэмэ, адыгэм Iэщэрэ гынрэ къишэри къарищауэ къыщIэкIати, ари ямыгъэтIысу къэнакъым. Iэщэм къыщIэкIа ахъшэмкIэ хъыджэбзрэ щIалэрэ къищэхуати, и мурадыр къехъулIакъым: къищэхуар «фи унэ фыкIуэж» жаIэри къаутIыпщыжащ, «ар сэ къэсщэхуащ» жиIэу зихъунщIа щхьэкIэ, зыри къикIакъым. Урыс кхъухьым емыдаIуэ кхъухьыпщ зырыз къыхэкIмэ, къемыдэIуам топкIэ къеуэрти, лыгъэ кърадзамэ, зэфIэкIат: кхъухьым исыр зэрису мафIэм ирагъэсырт, цIыхуу псым хэлъар къыхалъэфыжырти, унафэ хуащIырт. Езы тырку пащтыхьым ар ищIэ пэтми, урысым закъыпишэн дзыхь ищIыртэкъым, къащышынэу къыщIэкIынти.

Адыгэ псы Iуфэр урысым яхъумэу зымыдэр хэтыт? Инджылызыр арат: адыгэр зыхуэныкъуэ Iэщэ-фащэ, хьэпшып изу кхъухь къигъакIуэмэ, а кхъухьыр зыхъумэн кхъухь Iэджи и ужьым иту къакIуэрт. Инджылызым я кхъухьыр мафIэм зэрихуэрти, урыс кхъухь кхъуэхьэнцэкIэ зэрахуэр къылъэщIэмыхьэу здэкIуэнум кIуэрт. «Абы хуэдэ гуэрым дыпэщIэмыхуащэрэт», – жаIэу арат лIыкIуэ кIуэр зытегузэвыхьыр.

Ти, адыгэр зэрыс кхъуафэр зы тхьэмахуи гъуэгу темыту Истамбыл нэсащ, къыхуэзэ-ныхуэзэ сыти щымыIэу. Щэрэ тIощIрэ зэрыхуэ кхъухьым зы тIощIи истэкъым, къылъэщIыхьэн кхъухьи щыIэтэкъым, апхуэдизкIэ псынщIэу кIуэрти.

Адыгэм лIыкIуэ къагъэкIуащ жаIэу пащтыхьым деж хъыбар нагъэсати, модрейми къехьэкI-нехьэкI лъэпкъ хэмылъу унафэ ищIащ хьэщIэм хуэфащэ хьэщIагъэ ирахыну, увыIэпIэ тынш къыхуагъуэту ахъши саугъэт гуэрхэри кърат рэ тIэкIу загъэпсэхуа нэужь, езым и деж ирагъэблэгъэну.

Сэфар хьэжым занщIэу и щхьэм хуихьащ Тыркум гулъытэ къыхуащIыр, арщхьэкIэ адрейхэм ядакъым:

– ТхьэIухуд къыхуэтшам я фIыгъэщ, – жаIэри.

– Кхъухь бэлыхь, инджылызхэм я кхъухьым хуэдэу мафIэм зэрихуэу, Iизмир щащIу зэхэсхащи, абы дашэрэ дагъэлъэгъуамэ,

хъунт, – жиIащ Сэфар, Тыркум яIэмрэ ямыIэмрэ щыгъуазэ хуэ-дэу закъыф Iигъэщ Iу.

– Уи гугъи уэ! Зы люстрэ закъуэкIэ адыгэ лъэпкъыр зэрылъэпкъыу урыс пащтыхьым дезыщам хуэхъуу дища уи гугъэ?

– Уа, ухэныпэ нэхърэ лъэпхъуамбыщIэ жиIащ пасэрейм. ЛъэпхъуамбыщIэ хъужыр дэращ, – жызыIэу Сэфар хьэжыр щIезыгъэгъуэжи лIыкIуэм яхэтт.

ЩыжаIа сыхьэт бжыгъэр къэсри адыгэ лIыкIуэр ираджащ, «Алыхьым и лIыкIуэр къыводжэ» жаIэри. Далмабахча жыхуаIэу пащтыхьыр зыдэс къалэр зыми илъэгъуатэкъым, Дэфэрэдж фIэкIа. Унэм узэрыщIыхьэу, жиным ящIащ жыпIэну, унэ лъэгум алэрыбгъу иубгъуам «мыбы дауэ утеувэн» жыпIэу ущIригъэгъуэжырт, тырку пащтыхьыр Алыхьым и лIыкIуэу уафэм къызэрехар уи фIэщ ищIу. Узэплъынур умыщIэу дэнэкIэ уплъэми, нэм илъагъур пхуэмыгъэщIагъуэу арати, адыгэ лIыкIуэм я щхьэ мыгъуагъэ хуахьыжу арат. Ауэрэ зыщIашэну пэшышхуэм щIашэри хьэщIэр шэнт щабэ инхэм ирагъэтIысхьащи исщ, нэхъ цIыкIу, нэхъ къарууншэ хъуа къафIэщIыжу. Абдежым адыгэ лIыкIуэр доплъейри ялъагъу пут щищ хъу люстрэ урыс пащтыхь Александр Езанэм тырку пащтыхьым къритар. «Мис ди щхьэ уасэр» жаIэу аращ псоми я гум къэкIар, езы люстрэри уафэм ис вагъуэщ жыпIэну зэщIолыдэ, зэщIоблаблэ, мафIэр къыполъэлъ. «Ди щхьэ уасэр куэд е мащIэ» жыпIэу люстрэм уеплъ щхьэкIэ къыпхуэщIэн, итIани люстрэр хрусталу щымыту дыщэ защIэу е налкъутналмэсу щытами, цIыху лъэпкъыр зэрылъэпкъыу дауэ къэпщэхун е утеувэу абыкIэ пщэн, хъыджэбз дахиблу тхьэIухуд защIэу къашам къапэкIуэу къуататэми зыгуэрт.

Люстрэр яхуэмыгъэщIагъуэу лIыкIуэ кIуар здэщысым, бжэшхуитIу дыщэрэ налкъутналмэскIэ гъэщIэрэщIар зэгуэкIри пащтыхьым и щхьэгъэрыт гуэр къэпсэлъащ:

– Алыхьу тэхьэлам и лIыкIуэу зи нэгум дыгъэ нурыр итыр фи пащхьэм къихутэнущ, – жиIэри.

Ар жызыIар лъэныкъуэкIэ иувыкIа къудейуэ, пащтыхьыр пэшышхуэм къыщIыхьащ Iэуэлъауэншэу. Хьэчакъэрэ Сэфар Жанурэ занщIэу къыщылъэтати, адрейхэри къыщылъэтащ, тIэкIу къэуIэбжьауэ.

Пащтыхьыр лIы лъахъшэт, пащIэ фIыцIэшхуэ тетт, ажэ цIыкIу бжьакъуэшхуэ жыхуаIэм хуэдэу, дыгъэ-мазэ зытет пыIэр лъагэт, лIышхуэ зыкъыпфIигъэщIыну, баш хужь иIыгъыр инт, дахэу гъэщIэрэщIат, налкъутналмэсыр къыхэлыдыкIырт, абэшхуэ щыгъри дыщэм къикъутэу зэщIэлыдэрт, узримыгъэплъу. Пащтыхьыр мащIэу къыпыгуфIыкI хуэдэу фэ тетт, и пэ кIэщIри хуэкъуаншэ-хуэкъуаншэу, и набдзэр Iувт, нэ пIащэт, дыщэпсым фIэлъу диадемэ и бгъэгум телъри зэщIэлыдэрт, зигъэхъеиху.

Урыс пащтыхьу зыхуэзауэ щытар лIы щэджащэшхуэт, бжьы-фIэт. Тырку пащтыхьыр лIы лъахъшэ ныбэф цIыкIут. Тахътэм тетIысхьа нэужь, Хьэчакъ мы лIы цIыкIур сепхъуэрэ си кIэпкъ дэсIурэ сежьэжмэ щхьэ мыхъурэ жиIэу арат и гум къэкIар. Пащтыхьым и хъумакIуэ къудейуэ мыхъуу, и чэнджэщэгъухэр къыщхьэщытти, лIыкIуэу къэкIуар хэтми гурагъэIуащ. Сэфар Жану нэхъ нэ лейкIэ еплъмэ, нэхъ тэмэму гурагъэIуати, пащты-хьыр Сэфар дежкIэ еплъэкIри къэпсэлъащ:

– Фыкъеблагъэ, сиIумэт лъапIэхэ, – жиIэри.

– Iумэт жыхуиIэр люстрэр армырауэ пIэрэ? – жиIэри зы ерыщ гуэрым адыгэбзэкIэ къыщиуду къэпсэлъэну и Iупэм къэсат, арщхьэкIэ ямыгъэпсалъэу жьэдагуэжащ, абы жиIам пащтыхьым гу лъримыгъэтэну Сэфар хьэжыр къыщылъэтри «тхьэм и лIыкIуэм» и Iэм ба хуищIащ, нэмэзыбзэ гуэри къиибжу, пащтыхьыр зытес тахътэм тетхами къеджащ. «УлIэжынущи, тхьэм фIыщIэ хуэщI, дунейр зыухуам и пащхьэм напэ къабзэкIэ уихьэжын хуэдэу», – жиIэу арат абы тетхам къикIри, игъэгупсысащ, пащтыхьыр армырауэ пIэрэ нэмэзыбзэр щIытратхар жыхуиIэу.

Езы пащтыхьым и хабзэшхуэт и дзэм къэралыгъуэ къищтамэ, абы щыщу зы цIыхубз дахэрэ а щIыналъэм къикIауэ зы налкъутналмэсрэ къыхурамыгъэшэну Iэмал имыIэу. ЦIыхубзыр гаремым яшэрт, налкъутналмэсыр пащтыхьым и тахътэм халъхьэрт.

– Тхьэм фIым дыхуригъэблагъэ, зи пащтыхьыгъуэр ин хъун, – жиIэри Сэфар къэкIуахэм я пашэмэ зэрыфIэфIыр яригъэщIащ, Хьэчакъыр тIэкIу игъэгузавэу.

– Жэщ хъумэ, деплъынщ, вагъуэ зэшиблым хуэдэу тхьэIухудибли къыздэфшауэ къызжаIащи. ФIыщIэ фхузощI. Адыгэ лъэпкъ псоми я лIы зырыз фыхъурэ?

– Дохъу, зиусхьэн. Хасэшхуэ ящIри лIыкIуэу хахар дэращ, – жиIэри Хьэчакъ япэ зыкъригъэщащ.

– Къэбэрдейм ящыщи фхэт? – жиIэу пащтыхьыр щыщIэупщIэм, псоми къагурыIуащ адэкIэ-мыдэкIэ къикIауэ хасэм хэтар хасэр ямыух щIыкIэ зэрыкIуэжар пащтыхьым деж къагъэсагъэнкIэ зэрыхъунур.

* * *

...Щхьэгъубжэр къигъэзджызджу зыгуэр къоуIури сыкъегъащтэ. СызэплъэкIрэ щхьэгъубжэIупхъуэм сеплъмэ, зыри слъагъуркъым, арщхьэкIэ аргуэру къоуIу, сыкъэтэджрэ щхьэгъубжэм сыдэплъмэ, кIыфIым хэту фыз гуэр солъагъу, IэлъэщIышхуэ тепхъуауэ, езыми гу къыслъитауэ зыгуэр жеIэ,

арщхьэкIэ жиIэр зэхэсхыркъым, щхьэгъубжэ тIуащIэр гъэбы-дащи. Сэри Iэпэмкlэ изогъэлъагъу, «бжэмкIэ къакIуэ» жысIэу. Жэщыбгым нэблэгъауэ къэкIуам ищIэу къыщIэкIынущ сыма-джэм я деж ущIыхьэу къызэрыпхуамыдэнур. СызыщIэдэIукIмэ, ерагъыу зэхызох:

– Дэфэрэджт, си псэ, сызыхуейр. Дэфэрэджщ, къыбгурыIуа? Моуэ зы псалъэ закъуэкIэ. Уи анэр узогъэлъэIу, уи адэр узогъэлъэIу, дакъикъэ закъуэкIэ къыщIэкI.

Къоджэ нэхъыжьыщ жыхуаIэр аращи, сыт пщIэн? Гузэвэгъуэ гуэрым къимыхуатамэ, жэщыбгым хэт къэкIуэнт, игъащIэми апхуэдэщ: жэщ иIэкъым, махуэ иIэкъым, IэлъэщI зытызопхъуэри унэм сыкъыщIокIыр. КъэкIуам сыIурыплъыхь щхьэкIэ къысхуэцIыхуркъым, тхьэм ещIэ зэгуэр сызэIэзам ящыщ? ФэкIэ си цIыхугъэ хуэдэуи къысфIощIыр.

– Мыр сыту хэкIуэтауэ укъэкIуа, на-а! Сымаджэ укъыкIэлъыкIуамэ, псори жеижащ. Дохутыр жыпIэнуми, зыри бгъуэтыжынукъым, – жызоIэри сэ япэ зыкъызогъэщ, арщхьэкIэ модрейми си псалъэр и тхьэкIумэ иригъэхьэркъым.

– Уэрмырауэ пIэрэ Дэфэрэджыр?

– Сэращ.

– Уэра мыгъуэщ-тIэ сыкъыщIэкIуар. Уэр фIэкIа сызыхуей щыIэкъым, – жеIэри фызым телъ IэлъэщIышхуэр зыщхьэщелъэфри и нэкIур нэхъ тыншу сегъэлъагъу, езыр физ нэпкъ-пэпкъышхуэщ, цIыхухъум нэхъ ебгъэщхьыну, тIэкIуи жьабгъуэщ, щыпсалъэкIэ дзапэфIанэ зэрыIумытыжыр зэран мэхъу, жиIэр дахэ-дахэу зэхыуимыгъэхыу.– Уэ сыкъэпцIыхуркъым, къурмэн сызыхуэхъун, сэри уи хъыбаркIэщ узэрысцIыхур. УифI фIэкIа уи Iей зэхэсхакъым, тхьэми зэхызимыгъэх. Уи деж сыкъыщIэкIуари аращ. МащIэ щIауи сыплъыхъуэркъым. Зэм къуажэм кIуащ жаIэ, зэм операцэ ещI, зэми сымаджэм деж яшащ жаIэурэ узгъуэтакъым. Иджы ныщхьэбэ узэрыдежурнэнур къэсщIати, зыхуэзмыгъазэу блэзгъэкIынкъым жысIэри аращ жэщыбгми сыкъыщIэджэдар. ЕмыкIу сыкъомыщI, гузэвэгъуэщ сыкъэзыхуар.

– Ухэт уэ езыр?

– Тамарэ и гуащэр сэращ. Си гугъу къыпхуищIауэ къыщIэкIынщ.

– Санитаркэу ди деж щылажьэ Тамари?

– Ар дыдэщ. Румщ си цIэри.

– Иджы къызгурыIуащ псори. Тамарэ щызмыцIыхуххэми уи хъыбар зэхэсхащ.

– ЗэхэпхагъэнкIи хъунущ, Iэджэми зэхахащ. Тхьэ узэрелъэIунщи, уи хъыбару зэхэтхым фIы фIэкI Iей хэлъкъым, сэр щхьэкIэ фIы зэрыжамыIэ мыгъуэри сощIэж. ИтIани хъыбарыр хъыбарщи, мэкIуэдыж, зи цIэ Iуар къонэжри. Ху якIыщтэм

хуэдэщ, хуккъуэр щIехри хур къонэ...

Къэк Iуам и тхьэусыхафэр кIыхь зэрыхъунум гу лъыстати:

– НакIуэ ныщIыхьэ. Дыщысу дызэпсалъэмэ, нэхъыфI щ,– жысIащ.

– ЕмыкIу къэдмыхьыну пIэрэ?

– Хэт укъищIын емыкIу? Псори щIэкIыжащ, – сэ зызоплъыхь, Тамарэ и гуащэр и закъуэ къэкIуа хьэмэ ипхъу емынэунэр и гъусэу пIэрэ жызоIэри, арщхьэкIэ зыри слъагъуркъым. Ординаторскэм дыщIохьэри фызыр согъэтIыс, сэри абы жиIэм сфIэхьэлэмэту седэIуэну.

Рум къехьэкI-нехьэкI хэмыту къеублэ:

– Къыпщытхъуу уи фIыщIэ Iуащи, си псэ тIэкIу, тхьэ пхуэфащэм. Тамарэ хуэпщIари ирикъуни. Абы хуэпщIар дэ пхуэдмыщIэжыфми, тхьэм къыпхуищIэж, уи бынхэми я хъер тхьэм уигъэлъагъу. Анэм ураанэжу анэшхуэкIэ къоджэри уанэшхуэ дыдэщ, анэ псоми уадоIэпыкъу. ФIым и хьэ сыкъиших жызыIам имыщIэу жиIакъым. ФIым фIы къыдокIуэ. Сэри гузэвэгъуэкIэ сыкъыпхуэкIуами, тхьэм гуфIэгъуэкIэ сыкъыпхуигъакIуэ, укъыздэIэпыкъункIэ сыпщыгугъыу, тхьэ, сыкъыпхуэкIуамэ, уэ уи пIэ итыр нэгъуэщIу щытамэ, сыкъэмыкIуэнкIи хъунт. Адрейхэм яхуищIэр сэри къысхуищIэнщ жысIэри уи деж си щхьэр къэсхьащи... –Рум и гур къызэфIэнэри и сумкэм бэлътоку кърилъэфащ.

– Зи, схузэфIэкIынумэ.

– ПхузэфIэмыкIын IуэхукIэ сыкъэкIуэнутэкъым, игъащIэм си кIэтIийр си вакъэ лъэпс мыгъуэу дунейм сытетщ. НэщIэбжьэ фIэкIа си нэм дуней илъэгъуа щыIэкъым. Си щIалэ закъуэр щIэслъхьэжа нэужь, къэзгъащIэми IэфI щIэмылъыжу дунейм сыкъытенащ. Тамарэ уэндэгъу хъуауэ гу щылъыстэм, сыгуфIат... АрщхьэкIэ, мес.– Рум аргуэру и гур къызэфIэнэри и псалъэм пичащ, тIэкIу докIри къыщIедзэж. –Тамарэ IэщIыб дищIащи, дызыпыщIауэ къилъытэркъым, зэдаIуэу щыIэр фэ тIур аращ: уэрэ детдомым тетымрэ.

– Хьэнифи?

– НтIэ, тIасэ. Хьэнифэ. ФIыщIэ и пхъур. НэгъуэщIым жаIэр хъымпIар ищIыркъым. Хыв хьэ ебэна хуэдэщ.

Си Iупэм къэсат:

– Уи Маликэ гъэпсалъи хыври цIыввнщ, –жысIэну, арщхьэкIэ зызущэхужащ.

Рум и гукъеуэр жеIэ:

– Пхъу сиIэщ. СимыIэххащэрэт сиIэ нэхърэ. Алыхьми цIыхуми къаужэгъужащ, и цIэ дыдэ исIуэну сыхуейкъым, уи жьэм псы жьэдомыгъэжыхьыжу хъунукъым, и цIэ жыпIамэ. Гъуамэ. Си нысэр сфIэзыгъэкIуэда мыгъуэр араи, а джаурыр. Иджы уи деж лъэIуак Iуэ сыкъэкIуащ.

– ЖыIэ.

– ЖысIэми, аракъэ: Тамарэ щхьэкIэ сынолъэIуну сыкъэкIуащ.

– Тамарэ лъхуэным нэсащ.

– СощIэ, си псэ тIэкIу, сощIэ. Си лъэгуажьэ зэрызгъэуауэ сынолъэIунщ, сымыукIытэжу.

– Сыт, на-а, жыпIэр. Уи жьэм къыжьэдомыгъэкI ар жыпIэу. Хэт илъэгъуа цIыхубз цIыхубз и пащхьэ лъэгуажьэкIэ иту?

– НэгъуэщIым я пащхьэ имыувами, уэ уи пащхьэ иувэмэ, емыкIу хэлъкъым. Уэ цIыхубзым яхуэпщIэр тхьэм къыпхуищIэж.

– Си къалэн згъэззэщIэж къудейщ. Уэ укъызэлъэIуну жыбоIэри, жыIэ узыхуейр. СлъэкI закъуэмэ, пхуэсщIэнщ. Рум зипIытI-зихузу тIэкIу щысри къэлъэIуащ:

ПлъэкIынущ, си псэ тIэкIу, Тамарэ мыбы ныщIэкIыжмэ, си дей нэкIуэжыну аращ сызыхуейр. Ар къысхуэпщIэмэ, сыкъэпщэхужа мыгъуэу къэслъытэнщ. ЩIалэ цIыкIу къилъхумэ, си щIалэ кIуэдыкIейуэ кIуэдыжам и фэ есплъу къэзгъэхъунщ, хъыджэбз цIыкIумэ, ари гуфIэгъуэшхуэщ си дежкIэ, бадзэ тезгъэтIысхьэнкъым... Езы Тамари си псалъэ гуауэ зэхезгъэхынкъым, зыхуей илъэпкъыр хуэсщIэнщ. Детдомым игъэзэжмэ, нэхъ къищтэу зэхэсхащ. Детдомым и сабий щыпIа хъун? Сэ си фэм дэмыкIа щыIэ, алыхьу дыкъэзыгъэщIа, си фэр выфэу къыщIэкIынщ армыхъумэ, си фэ дэкIар нэгъуэщIым и фэм дэмыкIынт. СымыукIытэжу зыстIэщIынщи, еплъ дыркъуэу стелъым...

Рум зитIэщIыну хуежьати, здакъым:

– Щыгъэт, кхъыIэ, си фIэщ мэхъу, – жысIэри.

– Тамарэ мыгъуэ – си нысэ цIык Iум ещIэ псори – къыбжиIагъэнщ.

– Тамарэ щызмылъагъуххами уи хъыбар Iэджэрэ зэхэсхащ. Езы Маликэ сыту къэмыкIуарэ?

ЦIыхубзыр занщIэу къызэкIуэкIащ и пхъум и цIэр щызэхихым, и нэщхъыр зэщIиукIащ:

– Маликэ, Маликэ! Пхъурылъхур къихьэмэ, псатхьэр магъ жаIами, уипхъу дыдэм ущигъагъи ухуозэ, тIасэ. ИтIани унэр зейр сэращ, пщIантIэхъумэу къыдэнэжынури сэращ. Хъыджэбзыр аракъэ: нобэ къыббгъэдэсщ, пщэдей тхьэм ещIэ здашэнур. Ямышэххэуи щIы: север сыт жыхуаIэмкIэ и щхьэр ихьмэ, зыгуэрым и нэ къыфIэуэнкIи мэхъу, хущхъуэхэлъхьэм хуэдэу цIыхубзыр япхъуатэу жаIэ.

– Уи хъыбарыфI фIэкI уэр щхьэкIэ зы псалъэ дыдж и жьэ къыжьэдэкIакъым. Маликэу жеIэ унэм къыщIэзыхуар, Тамарэ Iэуа цIыкIу и Iэблэм телъу дэнэкIэ игъэзэн? Нигъэзэжмэ, хъарзынэщ, ауэ си фIэщ хъуркъым ныпхуэкIуэжыну, и гур зэпаудащи...

Фызыр ину щэтащ:

– Аращ, тIасэ, лей къылъыса жыпIэмэ, лей къылъысащ. Сэ къызэплъ: си гур дапщэрэ кърауда, дзасэм сыпаIуу сагъэжьакъым армыхъумэ, сэ къызамыщIа къагъэнакъым, итIани сопсэу – уи псэр уи IэкIэ пхухэхыжын, дунейм ущытеткIэ нэщIэбжьэ Iэджи плъагъунщ. Сэ слъэгъуар нэгъуэщIым тхьэм иримыгъэлъагъукIэ, си гъащIэр лъапэ егъэзыхыгъуэу дунейр сохьри, нэгъуэщIым и жагъуэ схуэщIынукъым, слъэкIыр хуэсщIэнщ. ЦIыхум и напэр дэп жьэражьэщ: сыти телъхьэ – къыпхисыкIынущ...

Рум жиIэ илъэпкъыр си фIэщ хъурт, ауэ и пхъур емынэ шырт, и теплъэкIэ дэбгъуэн щымыIэу хъыджэбз хъарзынэ цIыкIуу къыпфIэщIми. И дэлъхура хъунт хьэлкIэ анэм ещхь хъуар, я адэм и хьэлыр и пхъум хэлъу къыщIэкIынти, адэм и фэ и пхъум къраплът. Зэдэлъхузэшыпхъур зэзэмызэ цIыхум къахыхьэмэ, щIалэгъуалэм гу къылъатэрт, арщхьэкIэ хъыджэбзыр фэкIэ дахэми, бзэкIэ дыджт, лъагъугъуафIэу щыттэкъыми, къэзыцIыхум лъэныкъуэкIэ зыIурагъэхырт, къэзымыцIыху гуэр и ужь къихьэмэ, къызэрицIыхуу кIуэдыжырт, хъыджэбзым сыту зигъэщIэращIэ пэтми, щIалэм Iумпэм къащI защIэу. Маликэ зыкъомрэ ахэр фIэмыIуэху хуэдэу зищIа пэтми, къыгурыIуат къыдэнэжынкIэ зэрыхъунури, щхьэкIуэ къыщыхъуу хуежьащ, уеблэмэ кхъуэм и губжь хьэм хуехь жыхуаIэм хуэдэу, зэраныр здэщыIэр и анэрауэ ибжырт, и анэр «бжьэ матэкIэ» зэджэм ящыщу бэзэрым шатэ ищэу тести. ИтIани Рум хьэрэм ищIакъым, и бынитIым яригъэшхын къигъуэтмэ, арат зыхуейри а тIэкIур хузэфIэкIмэ, зригъэзэгът, арыншэуи псэуа хъунутэкъым щIалэмрэ хъыджэбзымрэ еджэху. Адэ яIэу плъагъу щхьэкIэ, фадэм дихьэхащи, къыпыпхын щыIэкъым, къыпэщIэхуэр ирef, нэхъыбэм къеджэдыхь.

Рум и щхьэгъусэу ЖанхъуэткIэ зэджэр зымыцIыху щIагъуэ щымыIэу адэкIэ-мыдэкIэ къыкъуэхуу, фадэ щрафыр пэкIэ къищIэрэ ирамыгъэблагъэми, кIуэрэ гупым яхэтIысхьэу яхэст, зигъэуэркъыу. Езыми щIэныгъэкIэ къыпыпхын щымыIэу завхоз сыту IэнатIэ игъуэтмэ, арат зыхуейр. Иджы къулыкъущIапIэшхуэ гуэрым Iутт подсобнэ хозяйствэр и IэмыщIэ илъуи, зыхуэныкъуэ щымыIэ пэтми, унагъуэм къихь щыIэтэкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ар зыIут IэнатIэм уIутын щхьэкIэ, утезыгъэувам мычэму зыгуэр кIэщIомыдзэу хъуркъым, езыми къыдигъэахуэмэ е хьэрычэт ищIмэ, фадэм токIуэдэж. Пэжыр жыпIэмэ, Жанхъуэт зы зэман гуэр механизатор сыту щытати, мотор, машинэхэм хещIыкI, зыгуэрхэри къегупсысыф.

Жанхъуэт къигупсысам Iэджи иродыхьэш: пожарнэ машинэжь гуэр къутэри хыфIадзэжати, кIуэри ар къищэхуащ, къищэхуакъым – лыкIэ къихъуэжат, зэригъэпэщыжри езыр итIысхьэжауэ зыхуейм ирокIуэ, крокIуэж. Ар фIэмащIэу, тетIысхьэпIэм и щIагъым камерэ щIилъхьащ, а камерэм клиз-

мэм пыта трубкэр пигъэуварэ мыштыкур и жьэм жьэдэлъу гъуэгу здытетым. дэуей-къеухыу здытесым, аркъэр и жьэм къыжьэдикIэрт. Езыр машинэм ит тхьэгъушым еуэу къалэм къыдэлъадэмэ, зылъагъум игъэщIагъуэрт. Пожарнэм ису кIуэми зыкъыф IэщIыжырт зы бэлыхь гуэр хъуауэ, арщхьэкIэ телефон пкъом жьэхэуэри сымаджэщым мазищкIэ щIэлъащ. НэгъуэщIу щытатэмэ, къелыну къыщIэкIынтэкъым, арщхьэкIэ Жанхъуэт и Iэпкълъэпкъым къызыхуэт хэмыту хъужри ежьэжащ.

И лъакъуит Iыр къыщI эувэжа нэужь, Жанхъуэт потребсоюзым Iууващ пхъэщхьэмыщхьэ къищэхуу къуажэхэр къикIухьыну, ахъшэшхуэ и жыпым илъу. Пхъэщхьэмыщхьэ къэпщэхум и уасэр июнь мазэм зыщ, августыр къэсмэ, нэгъуэщIщ, сентябрь – октябрым деж уасэм аргуэру зехъуэжри абы нэхъ хэкIыпIэфI бгъуэтын: зэхэгъэпшахъуи, уи щыкъуни къыдэкIынщи, къулыкъур къозытами кIэщIэбдзэни бгъуэтынщ, жыг хадэм уихьэрэ – жыгым къапыщэщауэ щIэлъыр зэхуэхьэси, заводым егъашэ, шагъыр ящI ынщи, лъэпсейуэ ящэнщ, уэри фейдэншэу укъэнэнукъым. Иджыщ щхапIэ сыщихуар жиIэу Жанхъуэт гуфIэу и IэнатIэм здыIутым, зэгуэр къыгурагъэIуащ нэгъуэщIхэми ядэмыгуашэу зэрымыхъунур, езым гу зэрылъитамкIэ, ар зыхэхуар нартыху бзийм ещхьщ, нартыхур ину къэкIарэ бзийр и лъэдийм къыщыщIэдзауэ и гъашэм нэс къуаншэ хъужауэ кIэрытщи, а бзий къомыр Iэ къэшияуэ «къызэт» жызыIэм ещхьщ, нэхъ лъахъшэм деж къыщыщIэдзауэ нэхъ лъагэ дыдэм деж щиухыжу псоми етын хуейщи, йомытрэ «досудани, Къасболэт» – махуэпс урагъэфэнукъым, уи пыIэкур къраудынщи, уэрамым удадзэнщ.

Гъатхэр къэсауэ цIыхубзхэм зэIущIэ хуащIат мартым и еянэ махуэр ягъэлъэп Iэну. Жанхъуэту плъагъури фIыуэ ефауэ а зэ IущIэм мыкI уэу зыхигъэнынт – кI уащ, цI ыхубзхэми ехъуэхъуащ, псалъэ дахи яжриIэри етIысэхащ, жаI эм едэIуэну. Куэд дэмыкIыу пырхъыжу Iурихати, къамыгъэушу хъуакъым, арщхьэкIэ жейр къытеуащи, и щхьэр къыфIоху, ауэрэ Iэгуауэшхуэм къызэщигъэуати, тхьэм ещIэ, район партконференцыр яухауэ Iэгу еуэу пщIыхьэпIэу илъэгъуа – къызэфIэувэри къэпсэлъащ:

– СфIэзахуэщ «ИнтернационалкIэ» конференцыр дыухмэ, – жиIэри.

ЦIыхур зэщ Iэмыдыхьэшхэу къэнэнт – Iэгу щIеуар жэмыш гуэр къэпсэлъауэ арати, Жанхъуэт жиIар къемызэгъыу къыхиIуат. Жанхъуэти етIысэхыжащ, къыпыгуфIыкI ыу, цIыхубз къомыр згъэдыхьэшхащи, ари Iуэхум щыщкъэ жыхуиIэу. Абдежым къыбгъэдэса цIыхубзхэр аркъэмэм Iуихуати, лIы гуэр къакIуэри къыбгъэдэтIысхьащ:

– Мыр сызыхуей дыдэу дауэ укъэзгъуэта, – жиI эри.

– IуэхукI и?

– IуэхукIэ, уэлэхьэ.

– IуэхукIэ сыкъикIуэт си хабзэкъым.

– СощIэри аракъэ.

– Сыту пIэрэ?

КъэтIыса лIы лъахъшэм тIэкIу зиплъыхьри, нэхъ щэхуу жиIащ:

– УщIегъуэжынкъым.

– И «щыкъуныр» дапщэ?

– Мин.

– Илъэсми?!

– Сыт щхьэкIэ, лIэун? Мазэ къэс.

– Дэнэ иджы ар?

– Мывэ щыпахым – туфкарьерым, къыбгурыIуа?

– Уэлэхьи, абы уи кIэт Iийр зэпитхъами, сом мин къуамытыну.

– Абы къуат-къуамытым щхьэкIэ умыгузавэ. Ахъшэр сэращ уэзытынур. Ухуеймэ, илъэсым пэкIуэр зэуэ уэстынщ. Распискэ тIэкIу къыпIысхынщи...

– Ар дауэ?

– Персональнэ улахуэщ. Дзыхь пхузощIри узот...

ЛIы лъахъшэ нэкIутIэ къэтIысам занщIэу и щхьэр тричу жимыIэу тIэкIу-тIэкIуурэ, къэбыстэ еукъэбз жыпIэну, къыгуригъэIуащ «къулыкъуу» Жанхъуэт къыхуигъэфэщар. Пэжыр жыпIэмэ, абы хуэдэ «къулыкъуи» щыIэу Жанхъуэт игъащIэм зэхихатэкъым. Iуэхур зыIутыр мырат: дыгъуэрабз къомым Жанхъуэтыр зыхаша нэужь, я Iуэхур судым иратрэ къамылэжьа зышха къомыр хейуэ хэк Iын щхьэкIэ, Жанхъуэт абы якIэрылъыр езым зыкIэрилъхьэу мысэ зищ Iын хуейуэ арат, судым къытралъхьэр и хьэлъэу тутнакъэщым щIадзэми, зыри жимыIэу. Ар сыт щхьэкIэ жыIэт? Хабзэм кIэлъыплъхэр арт зэщэр: «кIэ-зонэ мылъкум хэшхыхьу хэтым зыри евмыщIэу ивогъэшх» жаIэу ямыгъэкъуэншэн папщIэ. Лажьэ зиIи зимыIи зыкъом къаубыдрэ хабзэм ирашалIэрэ зыгуэрхэри ягъэтIысмэ, абыхэми ядэбгъуэIа мыхъуу дунейм тетынущ, я Iэбжьанэ фIейми, итIанэ «къэзылъэфри зылъэфыжри пщIэнукъым» жыхуа Iэу укъыхэмы-щтыкIыу псэу. Жанхъуэт къэгузэвэщати, и чэфыр пкъырыужат, арщхьэкIэ пщIэнтIэпсыр къехуэхырт, «мыбы хуэдэ Iуэху мыфэмыц щхьэ къысхуагъэфэща?» жиIэу, и жьыщхьэми кIуэуэ дауэ тутнакъэщым итIысхьэн, фадэми пыкIыжу?

– Iуэху къемызэгъщ ар си дежкIэ,– жиIэри Жанхъуэт псалъэм кIэ иритын и гугъащ, арщхьэкIэ лIы нэкIутIэр пкIэрыкIынутэкъым.

– Дауэ хъунт?

Жанхъуэт бауэкIэщI къохъу:

– СкIэрымылъ сыт щхьэкIэ зык Iэрыслъхьэн?

– ПкIэрылъымкIэ упсэужмэ, нэхъ къапщтэрэ? Ари босын, си къуэш. Уэ пкIэрылъым урикъунущ жыхьэнмэм и курыку-псэм уисын щхьэкIэ. Сыщыуэу пIэрэ?

Жанхъуэт къэуIэбжьауэ, и щхьэм бжьэ еуа хуэдэу, жиIэныр имыщIэу щысщ, сыкъыщылъэту щхьэ сыщIэмыкI ыжрэ жиIэу. Зэи къэтэджыжыну хуежьа щхьэкIэ, къыбгъэдэтIысхьа емынэжьым къигъэтэджакъым.

– Зэ умыпI ащIэт. Хъарзынэу дыщыси . БжесIэр умыдэмэ, ущI егъуэжынкI э мэхъу. Мазэм сом мин къуату тутнакъэщым уисмэ, нэхъыфIщ зыри къуамыту уис нэхърэ. Пхъэщхьэмыщхьэ къэпщэхуурэ къыдэбгъэхуар ипфыжагъэнщи, нэгъуэщI сытым ущыгугъыну. Абы ищIыIужкIэ подсобнэ хозяйствэм мэл мащ Iи щыпIэщIэкIуэдауи къыщIэкIынкъым. Хьэмэ сыщыуэрэ?

Жанхъуэт джэдыкI эм тетI ысхьатэмэ, джэджьей къришын хуэдизу къызэщIэплъауэ игъащIэм IэщIэщIыхьа илъэпкъыр и гум къегъэкIыж. Подсобнэ хозяйствэм щытетам мэл щитI хуэдиз иIар пэжщ, абы щыщ ищэми ишхми хэмыщ Iу. Дауи хэщIынт, хъупIэм щитым деж зи мэл ябжыну мэлыхъуэр хуеймэ, зыхуэчэмым хуэдиз ихурти, ревкомиссэ къэкI уар къигъапцIэрти ихуам зы е тIу щIигъуу къихужырт, абы щхьэкIэ «овечий ростовщик» къыфIащат. Зэгуэр мэлыр зыхуа мэлыхъуэр къыщIэмыхуэну Iэмал иIэтэкъыми, мэл щитI имыхуу хъуакъым, арщхьэкIэ мэлыхъуэр зыщыгугъам Iуэхур щымыIэу къыщI экI ащ: мэл хъушэр зэрыхъушэм хуэдэу машинэхэм из ящIри мясокомбинатым яшащ, Жанхъуэт и мэл щит Iыр зэрахэту. Си мэлыр къызэтыж жыпIэу узэдэуэни щы Iэжтэкъым. ИтIанэ апхуэдиз мэл дауэ хэбгъэкIуэдэнт: зэдауэ къикI ри псори къыщI эщащ. Абдежым лэжьапIэ хъарзынэм Жанхъуэту плъагъур къыIуамыгъэкIыу хъуакъым.

– НтIэ, хьэжы зыщIам ухуэдэщ: угуэныхьыншэщи, жэнэтым укIуэну уи  хьисэпщ, – жеIэри къыбгъэдэтIысхьар къыщIонакIэ.

– Жэнэтыр Алыхь Iуэхущ, сэ скIэрылъ щыIэкъым, солажьэри сошхэж.

– Умылажьэу шхэ нету?

– Нету, уэлэхьи.

– Укъэзыхъумэу къыпщхьэщытми гугъу задебгъэхьынукъым уэ слъагъум.

– Хэт сыкъэзыхъумэр?

– Узэрыдыгъуэр илъагъу пэтми, имылъагъу хуэдэу зищIмэ, аракъэ укъэзыхъумэ хъужыр. ПщIэжыркъэ жыгым къапыщэщар къэпщыпурэ заводым ебгъашэу зэрыщытар? Абы гу лъамыта уи гугъэ?

– Езгъэшамэ, отчетым иткъэ тонн щих!

– Иптхащи, итщ, ауэ ебгъэшар щищ фIэкI хъуркъым, адрей щищым и уасэр дэнэ пхьа? МелыI ычхэм яхуэбгуэша?

– ПцIыщ псори. Зы псалъэ пэжу хэлъкъым.

– ЗумыхъунщIэ, си къуэш, зыумысыжи нэхъыфIщ. Сом мин хыщI уи жып иплъхьащи, узыхэтым уадэгуэшэн хуейщ, емыкIу къомыхьу. Шы ясэкIым хуэдэу Iэпслъэпсыр зэпыпчу ухуежьэмэ, уи сагъызыр зыхэхуэнур пщIэрэ? Абдежым цIутIи-пIытIи жумыIэу занщIабзэу туфкарьерым уагъэкIуэнщ, си къуэш, персональнэ оклад лъэпкъи уимыIэу. Абы нэхърэ тIэкIу сыгупсысэну махуэл сиIамэ, нэхъыфIт жыIи, гурыIуэгъуэ хъунщ.

Жанхъуэт гурэ псэкIэ къыгурыIуащ къызэрыщIэхуар, и къурмакъейр щаубыдыкIащи, бэуапIэ имыгъуэту ятхьэлэм хуэдэщ. Заводым щылажьэ зыкъомым я псэр зы чысэм илъу зэрызэрыIыгъым гу щылъитар иджыщ. Нэгъабэ зыгуэрхэми къажыхьат Жанхъуэт пхъэщхьэмыщхьэ къыщищэхуа къуажэу хъуам кIуэурэ зыгуэрхэр къаулъэпхъэщу, абыхэм зи лъэужь яхуар Жанхъуэту къыщIэкIащи, иджы сыт пщIэжын – уи IэфракIэм едзэкъэж.

– ДызэгурыIуа, си къуэш? УщIемыгъуэж, мыр уэр щхьэкIэ къагъэхьэзыращ, – жиIэри къэтIысам тумэн пщIырыпщIу зэтелъу ахъшэ пачкэ къыкъуигъэплъащ.

– Псори зэуэ хъунукъэ?

– Ари босын.

Жанхъуэту плъагъур следователым деж ираджэри къыпкъроупщIыхь, протокол гуэрхэри ятхри Iэ щIрагъэдз, ревизэ ящIауэ актым итым йоувалIэ, абы ищIыIужкIэ справкэ Iэджэ кърагъэлъагъури щыгъуазэ-щымыгъуазэми Iэ щIедз. Псори хъарзынэу екIуэкIырт, Жанхъуэт къыдэдыгъуа хуэдэу лIищ къащэху. А щым тIур IумпIафIэми, зым и лъабжьэр фIигъэнащ, щIегъуэжауэ къыщIэкIынти. Жанхъуэт «соцIыху», «дызэгъусащ» жиIэ щхьэкIэ, щIегъуэжам зиумысыжын идэркъым. Зыкъомрэ зэрызелъэфа нэужь, ещанэри «къаумысащ». Тхылъым зэритымкIэ, лIиплIыр ахъшэшхуэкIэ мылъкум хэIэбауэ арати, хейуэ ухэкIыну Iэмал иIэтэкъым.

Куэд дэмыкIыу Iуэхур судым нэсри плIыми фIыуэ къытра-къутащ, нэхъыбэ зытралъхьар Жанхъуэтти, къэмыгузавэу хъунт? ИлъэсийкIэ мывэ пкъутэу туфкарьерым ущыIэмэ, уи гъащIэ къэнэжар абы щипхынкIэ мэхъур, зыгъэтIысар хэлIы-фIыхьрэ къызэрагъэгугъам хуэдэу и пIалъэр нэмысу къамы-утIыпщыжмэ.

«Сащыгъупщэжрэ хьэпсым сыкъинэм», – жиIэу зэми къогузавэ, арщхьэкIэ иужькIэ утхьэусыхэж хъунут, ахъшэ гъэтIылъа ущиIэкIэ. А псори газетым щигъэгъупщэжат, сыту жыпIэмэ, статья ин къытехуат «Мыбы хуэдэ дыгъуакIуэшхуэ гупым я суд ящIэри щхьэж хуэфащэ илъэс бжыгъэ къылъысащ» жиIэу.

Абы нэхъей я унэцIи я цIи кърамыбжэкIаи! УкъаутIыпщыжыпэми, иджы дауэ цIыхум я нэгум узэрыщIэплъэнур?!

Жанхъуэт ищIэххэртэкъым газетым итым нэхърэ нэхъыбэж милицэми, судми, прокуратурэми, нэгъуэщI къулыкъущIапIэхэми ятхауэ зэрыщытыр. ИтIани, и насыпти, Жанхъуэт и быным я гугъу ящIакъым, Рум и цIэ ираIуакъым, унагъуэм езыр яхэмысыжу псэуати. Иджыри къэс бынунэм зэрыхуей щымыIэу псэуами, иджы гъуэмылэ тIэкIу укIэ ягу сыкъэкIыну пIэрэ жиIэу гугъэрт. Бынунэми къэхъуар зыхуахьынур ящIэртэкъым.

– Судым абы щыжиIар си фIэщ зыщIын щыIэкъым, – жиIэу Рум и щхьэр къыфIэхуат. – Щхъухь ирахьэлIащ а лIым, – жиIэу арат фызым зыхуихьыр.

– Апхуэдиз ахъшэ щрифым дэ ситу гу лъыдмытарэ! – жиIэу Тыгъуэн зэгуэудырт.

– И гъуса къомыр-щэ? – жиIэу Маликэ и адэм и гур зэрыщIэмыгъур уигъащIэрт. – Фадэр псыуэ къежэхыу щытатэмэ, куэд щIат дадэ зэритхьэлэрэ.

– НтIэ, аращ: насып уимыIэмэ, махъшэм утесми, хьэр къодзакъэ. Ди щхьэ зэрыдгъэпсэужыным и ужь дивгъэт. Iэ диIэщ, ди лъэ къэткъым, дыпсэунщ, Алыхьым зэрыжиIам хуэдэу. – Рум гупсысэри, и пхъум зыхригъэхым и гуапэу, къык Iэлъигъэк Iуащ. – Цым зетын хуейщ, си хъыджэбз, цым ахъшэфI къыщIах иджы.

– Жэмыр дыгъащи, цыщ машинэ къэдгъэщэху.

– Алыхь, жэмыжь закъуэр аращ дызыкъуэсыр, тхуэмыщэн, – Рум идакъым и пхъум жиIэр.

– Жэмым и гугъу дывмыгъэщI, соревнованэ сокIуэри ахъшэ къыспэщIэхуэнкIэ хъунущ, си насып къикIмэ. – Тыгъуэни и анэм жиIэм еувэлIащ.

– Тхьэм уи пхъэ къригъэкI, тхьэм псоми уатригъакIуэ, – жиIэу Рум хъуэхъуа щхьэкIэ, и пхъур къэдыхьэшхащ:

– УатекIуэнт, фадэр зи жагъуэм уащыщам, – жиIэри.

– СогъэпцI, ткIуэпс зыIузгъахуэм. ТкIуэпс ари.

– ТкIуэпс пIухуэркъым, стэкан фIэкIа.

– Догуэ, сыкъэплъэгъуа? ПщIы щхьэ быупсрэ?

Тыгъуэн фадэр зэримыжагъуэр и анэми ищIэрт:

– А си щIалэ, а къурмэн сызыхуэхъун, фадэм текIуа щыIэкъым. Упелуану псоми уатекIуами, фадэм утекIуэнукъым.

– Хэт текIуами, «дытекIуащ» жаIэри бжьэ къаIэт: узэрытекIуам и саулыкъукIэ уемыфэм, узытекIуар къыптекIуэжыркъэ?!

– ЗэтепIэ уи жьэр. ЛIо, укъытхэса, укъыддефа? Умылъэгъуа щхьэ жыпIэрэ?

Рум и пхъум пэрыуакъым:

– А си щIалэ, фадэм тхьэмыщкIагъэу къытхуихьам дрикъуни дунейм дытетыху. Куэдщ, дывмыгъэщI абы и гугъу. Фи адэр фи гум къэвгъэк Iыж.

Тыгъуэн здэкIуа соревнованэм и насып щытекIуакъым, сыт имыщIами, зэбэнам къыхагъэщIати, ахъшэ зыщыгугъари

къыIэщIыхьакъым. Руми жэмыр ищэн имыдэу бэзэр Iуэхум зритащ «бжьэ матэ» къысфIащащи куэдщ жиIэу. Сыт къыфIащами, езым хуэдэ Iэджэ шатэ ящэри бэзэрым тесщ, ахъшэфI и къахь, Рум зыщIыхигъэкIыжын лъэпкъ щыIэкъым, унагъуэр зехьэн хуейщ. Шатэ умыгъуэтым, зэанэзэпхъум цыджанэ, лъэпэд, пыIэ сыт ящIу унэм щIэс хъунущ, цыр вентиляторымкIэ хъарзынэу бджы мэхъу, ухуеймэ – псыгъуэу, ухуеймэ – нэхъ гъумыIуэу.

Куэд дэмыкIыу вентилятор-цыкIуэкIри цыджанэ щIынри и пхъум къыхуигъанэри, Рум ахъшэ хэкIыпIэ къигъуэтащ: фэтэр хуэныкъуэр гъунэжт, арщхьэкIэ псоми пщIэншэу къратыну арат зыщыгугъыр. Иджы фыз гуэрым и дзыхь Рум къригъэзри къыгуригъэIуащ: «Ахъшэ иту фэтэр хуей къэгъуэт, уимы Iуэтэжын хуэдэу», – жиIэри. Аракъэ иджы Iуэхур: Iулъхьэ зытым уи Iуэтэжынрэ уимыIуэтэжынрэ дауэ къэпщIэну? Рум къигъуэтащ тIу, щы, арщхьэкIэ абы Iулъхьэу ятам щыщу къылъысар зы мыхьэнэншэти, Iуэхум хэмыунахъуэ щIыкIэ хэкIыжащ.

ФейдэфI къызыхэкIыр «бжьэ матэу» бэзэрым утесыныр арат, шатэ пщэуэ, пщэнри хъарзынэу уогъуэт, сыт хуэдиз пщэми, езым трихауэ ищэу жиIэ хъунущ, справкэ тIэкIу къратащ. Арыншэми шатэр базэм укIуэурэ къеIыпхми, шатэр къозытыни щыIэщ. Уэ зы уасэкIэ къуащар уаситI-щыкIэ пщэжмэ, фейдэр ууейщи, уи хьэлэлщ, цIыхубзым дежкIэ абы нэхъ IуэхуфI дэнэ къипхын?

Пхуэмыщэу шатэ къанэмэ, бэзэр конторэм уборщицэу Хъалидэ щолажьэри, абы ептмэ, егъэуври нэхущым деж къуетыж, хъумапщIэу пIих щIагъуи щымыIэу. «Бжьэ матэ» псоми зэращIыр аращ. («Бжьэ матэкIэ» зэджэр жэм ямыIэу шатэр хэкIыпIэ гуэрым къыщагъуэтрэ ящэмэ, аращ). Псоми тIэкIутIэкIу къапыкIмэ, Хъалидэ дежкIи Iейкъым, и быным яригъэшхын егъуэт улахуэ тIэкIум ищIыIужкIэ. Шатэр езыгъащэ гуэри щыIэщ, зэзэмызэ фIэкIа къыкъуэмыкIыу, къыкъуэкIамэ, япэрауэ зызыхуигъазэр Хъалидэщи, къоупщI:

– Нобэ «бжьэ матэр» дапщэ хъурэ?– жеIэри.

Езым къызэреджэр «цIывщ» зэрыфIыщIабзэм щхьэкIэ, иджы нэхъ къэкIуэрей хъуащи, зыхуахьынур ящIэркъым, уеупщI щхьэкIи къыбжиIэнукъым. ИтIани – уэ жыпIа, сэ жысIа – тхьэм ещIэ цIыхум гу зэрылъатар: Iэтащхьэр командировкэ Мэзкуу кIуэхукIэ, япэ зыкъригъэщу кIуэр «цIывырщ», сыт щхьэкIэ жыпIэм, Iэтащхьэр зыщIэсыну хьэщIэщым ар зыхуеин илъэпкъыр щIэту иригъэхьэлIэн хуейщ, армыракъэ – уи къулыкъур уимыIэжу нэху укъекIынкIэ мэхъу. Иджыблагъэ «цIывым» щIыхуэшхуэ къытехуар хуэтыжынутэкъым, чеишхуипщI фадэ фIэIуа иту къигъуэтрэ север лъэныкъуэмкIэ иригъашэу имыщатэмэ. Ари дахэ-дахэу ящэхун папщIэ, IэшрыIым ещхьу

зэхэлъхьэн-зэхэкIэн хуейщ, шагъырым ещхь пщ Iын щхьэкIэ.

«ЦIывыр» Рум нэхъ нэ лейкIэ къеплъ хъуащ, и дзыхьи нэхъ къригъэзу и пщэм къыдилъхьэрт и нэIэ «бжьэ матэм» тетыну, шатэм шху хакIэу яхуимыдэну. АрщхьэкIэ псоми уакIэлъыплъыфрэ – Хъалидэ и унэжь цIыкIум щIыхьэрэ шхур шатэм хакIэмэ, зэфIэкIащ: ухуеймэ– къэщэху, ухуэмейкъэ – зыIуегъэх, къэзыщэхунур гъунэжщ. «Бэзэр комиссэм» тетыр спортсменщ, бокскIэ зауэу, и теплъэкIэ пелуаным хуэдэщи, псори егъэшынэ, шатэ зыщэ «бжьэ матэ» къомым я шатэм щыщ лошкIэ ныкъуэ зырыз ишхмэ, зегъэнщIри йожьэж.

Зэгуэр «бжьэ матэ» къомыр къэгузэват, «цIывыр» ягъэтIысащ» жаIэу зэхахати. ЦIыхубзхэм щыщ гуэрхэри милицэм ираджэри къагъэшынати, шатэ щэнми пачат, арщхьэкIэ «цIывыр» куэдрэ ямыIыгъыу къаутIыпщыжащ, «щхьэщэхуж» тIэкIур псынщIэу хузэфIэкIати, езым зэрыжиIэжымкIэ, еджапIэ буфетхэм ярита шатэр яхуэмыщэу къашэжати, бэзэрым иригъашэу иригъэщауэ арат, шатэр мыкIуэдын щхьэкIэ.

«ЦIывым» къыщыщIар зырикIщ, иужьым бэзэрым къыщыхъуам еплъытмэ. ФщIэжрэ Нартыхур зыхэсу щакIуэ къикIыжауэ гуп дыгъэлу зи гугъу тщIар? НтIэ абы къытедмыгъэзэжу хъунукъым, езы Нартыху Къазбэч гупым яхэкIуэсыкIыу здэкIуар зэдгъэщIэну фыхуеймэ. Раисэ Муратовнэ щэху цIыкIуу Казбек Машевич къыжриIауэ щытар иджыщ къыщытщIэнур. А махуэм Нартыхум чэфыфI иIэу щымытамэ, зыгуэрхэр гъусэ ищIынт, арщхьэкIэ езым псори зэфIигъэкIын и гугъэу бэзэрымкIэ иунэтIат, къэхъуа-къэщIам хищIыкI щIагъуэ щымыIэу.

Рум зэрыжиIэжымкIэ, пщэдджыжьым жьыуэ бэзэрым зылI къытехьащ, танэ укIа и щIыбым илъу. Лы хуей зыкъом абы и ужьым иуващ, лы зэрищэнум гу лъатауэ, модрейри адэкIэмыдэкIэ мажэ лы къэпыр игъэтIылъауэ, очередым увахэри мэхъущIэ, «пщэнумэ, щэ, куэдрэ зумылъэфыхьу» жаIэри. Лыр къэзыхьар зыхуейуэ имыгъуэтыр тэрэзэт – игъуэтакъым, щымыхъужым, джыдэ къиштэри лыр Iыхьэ-Iыхьэу зэпиупщIри лы Iыхьэ къэси уасэ зырыз игъэуващ. Абдежым зэрызехьэ къэхъуащ, «лъапIэу пщэнущи, аращ» жаIэри, очередым щыт гуэрхэри жэри бэзэр комиссэм тетым хъыбар ирагъащIэри икIэщIыпIэкIэ къашащ лIы бланэжь гуэр и пщэдыкъыр къыдэкIыкIыжауэ, и IэштIымри пэгун хуэдиз хъурэ жыпIэну. Уасэм и унафэр зыщI хабзэр арати, лы зыщэну къэзыхьам къыжриIащ «нобэ лым и уасэр мыращи, къыфIэбгъэкIыу здэнукъым» жиIэри.

– Ара?

– Аращ.

– АтIэ лыр зейр сэращи, сщэнукъым, уэ жыхуэпIэ уасэр къуажэм сыкъыдэмыкIыу къызатырт, сэ танэ укIар къэпым илъу мыбы нэс къэслъэфащ.

Лы къэзыщэхунухэри зэгурымыIуэу зэрогъэкIий:

– Къэплъэфамэ, уви щэ!

– Сыт щI ищэнур лъэпсейуэ? Хущхъуэ хэлъхьэ тщIыну аракъым лым дыщIыхуейр.

– Щхьэж зыхуей уасэр игъэувмэ, хущхъуэ хэлъхьи къыпхуэщэхунукъым.

– СогъэпцI, апэсыкIэ нэхъ лъапIэу езгъащэм. Хабзэ диIэкъэ дэ? – жиIэри уасэм кIэлъыплъ л Iы пелуаныфэр къэуващ, лыр зыщэнум иримыгъащэу, еI эрэ и пщампIэр иубыдатэмэ, лы къэзыхьар абы пэлъэщыну Iэмал зимыIэти, ищIэнур имыщI эу щытт.

Зы лIы гуэрми зехъунщIэ:

– УемыдаIуэ, абы куэд жаIэнущ. Уви щэ. Ухуеймэ, къэпхьар къэпым зэрилъу къызощэху. ЖыIэ и уасэр, – жиIэу.

Фызхэри зэрошх:

– Дэ-щэ? Дэ дыщIыщытыр сыт уи гугъэ? Лы къэпыр уэ къэпщэхурэ уежьэжым, дэ кIэфий депщэу дыщытыну? – жаIэу.

– Хуиткъэ къищэхуну? Лыр зыщэнум ещэ…

– А лыр дэнэ къриха фи гугъэ? Колхоз танэр къидыгъуамэ, фщ Iэрэ? – жиIэу бэзэрым тет защ Iэу зи гъащIэр зыхь зы л Iы гуэр къахэгуоукIати, лы къэзыхьар занщI эу къэлыбащ, мафIэ къыщIэнам хуэдэу. Модрей лIы бланэжьри жиIам текIыркъым:

– КIуэи тэрэзэ къэхьи, зэрыбжесIам хуэдэу щэ, укъызэмыдаIуэрэ – уи лыр къыптесхынщи, уэри милицэм уезгъэлъэфынщ.

– Абы хуэдэ лъэкIыныгъэ дэнэ къипха уэ?

– КъэпщIэнщ, модэ уалъэфмэ.

– КIуэ, тIысэ, тэрэзэ къэхь, уи къэпым деж сэ сыщытынщ, – жиIэри фыз гуэри къыкъуэкIащ. Ар уборщицэу бэзэр конторэм щIэт Хъалидэт, бэзэр хабзэу имыщIэ щыIэтэкъым. Езыр фэтэр тIэкIу къищтауэ къалэм дэсщ, и бын епIыжри, къэзымыщIыхуи цIыхубз бэзэрым тескъым, псоми сэбэп яхуохъур, Iуэхутхьэбзэ яхуещIэри.

– СыкIуащ! Згъуэтакъым.

– Зыгуэрым къеIых.

– КъеIызмыхын, уэлэхьи. Къызэрысхьам хуэдэ къабзэу сымыхьыжмэ. Лыр зейр сэракъэ?

Очередым щытхэр къобырсей:

– Къидыгъуащи, шынэжащ.

– Къэзмыдыгъуа, уэлэхьи. Си жэмым къилъхуа танэщ, илъэс мэхъури согъашхэ.

– Уи жэм къилъхуатэм, угузавэрэт?!

Бэзэр Iуэхур Хъалидэ ищIэрт: «бжьэ матэ» къомыр къащтэ, жэм зиIэр зырызыххэщ, жэм зиIэм шатэ ищэни иIэкъым, шатэ зыщэр базэм кIуэуэрэ шатэ къыI ахри къыщIэкIыр зэхуэдитIу ящэ. Тыкуэным къыщащэхуми аращ, ауэ магазин шатэм шху

куэдыIуэ хакIэри, «урыс шатэу» ябжыр. Лы зыщэми езым игъэхъуа Iэщ ищэркъым, нэхъыбэу Ставрополь лъэныкъуэкIэ макIуэри Iэщ къыщащэхур пудуи, мыбы лъэпсейуэ щащэж. НэгъуэщIуи хъунукъым, Iэщ гъэхъупIэ къамыгъанэу къуажэм и хъуреягъкIэ къавыхьащи, шкIэ къудей щыбгъэхъун щыIэжкъым. ХадэхэкI жыпIэми аращ: ящэнур кладовщикым е магазин дыдэм къыIахри ящэ, бжьын бла плъагъумэ, ари я хадэм къраха бжьынкъым, магазиным къыщащэхури яблэ, кIы лъэпкъ зыпымытри щхьэхуэу ящэ.

Лы къэп къэзыхьари мэтхьэусыхэ:

– Мыбы къигъэлъэгъуа уасэр къуажэм сыкъыдэмыкIыу къызатырт. Сымыделэмэ, мыбы нэс щхьэ къэслъэфа?

– Пелуаныр зыхуейр пщIэркъэ? Ет зыгуэри, фIэкI.

– Iулъхьэ естуи?! Телъащэрэт ныбафэкIэ естыху.

Бэзэр комиссэри къызэрокIыпэ:

– Сэ къеIысхыркъым, ныбжьэгъу, нэхъапэ щIыкIэ сэ изот, – жиIэщ лIы бланэжьу боксерым хэту щытами, зыкъызэкъуихри лы зыщэну зрамыгъащэр зэ уэгъуэм пIэжьажьэу, лъэкъуауэу къриудащ. Абдежым кърихьэл Iат щIалэ Iэпщацэжь къоми, зэзэуэныр къаублащ, очередым хэта фызхэр зэщIэкъугъэу зэбгрыжри, зэуэн-бэнэнкIэ ерыщым утыкур яубыдащ. ЩIалэжь къомыр зэрызекъуэху, лы зыщэну къэкIуам и лыр икIэщIыпIэкIэ ищэри – бгъуэтым къащтэ. Зыкъоми унэлъащIэ щащэ тыкуэным щIэуэри хэт шэнт лъакъуэ, хэт щыгъын фIэдзапIэ, хэти щхьэгъубжэ карниз иIыгъыу къыщIэжыжри мыхьыр зэрагъэхьу хуежьащ, зэрызехьэм стIолхэм телъри тетри зэрытелъу къыщхьэпрадзу, гу цIыкIу зиIэми и гу цIыкIур зэхагъэщащэрт, ящэну къаша пхъэщхьэмыщхьэ, хадэхэкI сытхэр хьэлэчу зэхаутэрт, зэрыгъэкIийрт, къызэрыгъэгубжьати, зэуэри щIеуэри ямыщIэжу зэзауэрт. Тыкуэным щIэтхэм я тыкуэнхэр зэхуащ Iыжауэ е бжэр къагъэбыдауэ щхьэгъубжэмкIэ къыдэплъу къэувыжат, нэхъ къэрабгъэр я хьэпшып тIэкIур зэщIакъуэри бэзэрым жыыбгъэм ихьам ещхьу текIыжащ. Боксерым лъыкъуалэр къежэх пэтми, и удын зылъысар зэщIигъэтIысыкIыу мэзауэ.

Абдежым машинэм ису Нартыху Къазбэчыр къос, мо зэрызехьэ къомыр зыхуихьынур имыщIэу, яхохьэ, и машинэр игъэкъугъ зэпыту, арщхьэкIэ машинэкIэ укIуэ хъунутэкъым: стIоли, ашыки, гу цIыкIуи, гъуэлъыпIи – псори икъухьат, зэзауэ къомми машинэр зыуи къафIэIуэхуакъым. Нартыхур машинэм къикIри телефонымкIэ кIуати, бэзэрым и директорым и кабинетыр гъэбыдауэ къыщIэкIащ. Казбек Машевич пкърыта чэфри пкъырыкIыжат, мо зэрызехьэр щилъагъум, икIи къэуIэбжьагъэнт и щхьэфэцым зиIэту, зытегузэвыхьар зэрызехьэм къыхэкIынкIэ хъунур арат; хэт ищIэрэ цIыхум ар къазэрыщыхъунур, зым «зауэ къаIэтащ» жиIэнщи, ирихьэжьэнщ, нэгъуэщIым «властыр зыIыгъымкIэ мыарэзыуэ мэжэщIалIэ къо-

мым зыкъаIэтащ» жи Iэу къивынщ, ещанэми жаIэн къагъуэтынщ. Казбек Машевич машинэм итIысхьэжри шоферым унафэ хуищIащ:

– ХадэхэкI щащэмкIэ напхыкIыф, Iэмал иIэмэ, –жиI эри. Лъэсу укIуэмэ, зыгуэр къыбжьэхэуэнкIэ хъунути, дзыхь ищ Iакъым. ЕрагъпсэрагъкI э машинэр игъэву защIэурэ стI олыжь кIыхь гуэрхэм нэсри адэкIэ укIуэ хъунутэкъым. Шоферым «уимыкI» жиIэу лъаIуэ щхьэкIэ къимыгъанэу, Нартыхур машинэм къикI ри, зиплъыхьащ: дэнэкIи плъэ – батэкъутэр ягъэш, зэроукIыж, гъыри бжэри къыпхуэщIэнукъым.

Нартыхур хадэхэк I зытелъ стIолым шоферыр къыдэIэпыкъуурэ теувауэ и Iэр еIэт, цIыху зэрызехьэр игъэсабырын и гугъэу:

– Гражданхэ, товарищи!.. – жиI эу къыщIидза щхьэкIэ, цIыхур я диным икIащ, къодэIуэнукъым. Нартыхум и макъри зэкIуэкIащ, езы дыдэм къыхуэмыцIыхужу. Шоферри къыхудоплъей, къелъэIуу:

– Казбек Машевич, къех. ДытегъэкIыж бэзэрым, кърекIуэ милицэр... Казбек Машевич, уагурыIуэнукъым. ИтIысхьэж машинэм, ямыкъутэ щIыкIэ...

АрщхьэкIэ Нартыхум и тхьэкI умэм иригъэхьакъым шоферым жиI эр. ЦIыхубз гуэр гъунэгъуу щытти, «Казбек Машевич» жа Iэу щызэхихым, стIолым дэлъейри зи цI э ираIуэу зэхихам бгъэдэувауэ мэкIий:

– Ей, емынэунэ мыхъун! Нартыхур аращ къывэпсэлъэну къэкIуар, фи шыд тхьэк Iумэр къэвгъазэт мыбыкI э, – жиIэу, арщхьэкIэ цIыхубзым и псалъэри зыми къыфIэIуэхуакъым, езы цIыхубзыр Нартыхум бгъэдэту зэрыщытым щхьэкI э насыпышхуэ къеуэлIа хуэдэу зегъэбэлыхь, арщхьэкIэ Нартыхум абыкIэ емыплъэкIыу и макъым къызэрихькIэ зрегъэIэт:

– Граждане, товарищи, братья и сестры. Уа, муслъымэн фхэткъэ фэ? Фымуслъымэнмэ, псалъэ жызвгъэIэ. Щывгъэт мы зэрызехьэр, напэ фи Iэм. Прекратите безобразие. Прекратите сейчас же, не позорьте себя! Отвечать придется, пожалеете!.. – жиIэу. Урысыбзэри адыгэбзэри зэхэтхъуауэ-зэхэпщауэ жиIа псалъэм уедэIуэн щхьэкIэ, зэрыукIыныр щыгъэтын хуейщ.

Нартыхум къыбгъэдэт цIыхубзри мэкIий:

– Ей, фи напэм къэнжал темылъмэ, лIы Iущым жиIэм девгъэдаIуэ. Лы Iыхьэ щхьэкIэ фызэрымыщх хьэм хуэдэу. Хьэдэгъуэдахэщ!

Нартыхум ищ Iэнур имыщIэжу, лъагапI эм тету мо цIыху зэрызехьэм яхоплъэри, и макъым къихь къимыгъанэу кI иящ, мегафон сыт зэримы Iэр и жагъуэу:

– Муслъымэнхэ! ФыкъэдаIуэ! Муслъымэн фхэткъэ фэ?..

Рум нэхъ гъунэгъуу щытти:

– Сыт щIытхэмытыр, Алыхьу дыкъэзыгъэщIа, нэхъыбитIыр

дымуслъымэнкIэ, – жиIащ. Абджым зэрызехьэр ара е зызыгъэпщкIуауэ къуэгъэнапIэ къуэс гуэр, сытми къэкIиящ:

– Муслъымэнхэр Сэлэвки щашэм уэ дурэш удэса? – жиIэри.

Нартыхум помидоркIэ, нащэ факIэ, джэдыкIэ шкIумпIкIэ, кхъужь факIэ къеуэу къыщIадзащ, шоферым ар щилъагъум, ежалIэри Нартыхур къызэщIиубыдэри машинэм иригъэтIысхьэжыну хуежьа щхьэкIэ, езы Казбек Машевич идэркъым. Руми нэхъ гъунэгъу зыкъыхуищIауэ къолъэIу:

– ЗыIуегъэх, си дэлъху, зыIуегъэхи, нэхъыфIщ, зыгуэр къуамыщIэ щIыкIэ. ЦIыхур я диным икIащ. ЗыIуегъэх!

Нартыхум къызэщIэплъауэ, и Iупэ щхъуантIэр кIэзызу, и нитIри къыхуу, зрилъэфыхьщ зы тIэкIури и машинэм итIысхьэжащи, иджы бэзэрым хьэбыршыбыру телъыр къытолъалъэ, шоферыр игъэгузавэу «мывэкIэ, чырбышкIэ къыдэмыуащэрэт» жиIэу и машинэри игъэкъугъ защIэурэ егъакIуэ.

Къэхъуа щIэпхъаджэм лажьэ зиIи зимыIи зэрыхэнэщхъеихьынур Нартыхум дежкIэ гурыIуэгъуэщ, зыгуэрхэр яIэщIэукIэмэ, нэхъеижщ. Шоферыр зытегузэвыхьа дыдэри къохъу: машинэм мывэкIэ зыгуэр къеуэри и гупэмкIэ хэлъ абджыр игъэщэщащ, абдж къутахуэр къателъалъэу. Шоферыр къэкIэзызащ:

– ЖысIатэкъэ? Зыгуэр къыдамыщIэ щIыкIэ жысIэри!.. – шоферым и псалъэр зэпичащ аргуэру бжэгъукIэ машинэм зыгуэр къыщеуэм, машинэр къигъэувыIэу къеуар къигъуэт сыту и ужьи ит хъунутэкъым, псынщIэ-псынщIэу уи щхьэ яхэхын хуейти, машинэр нэхъ псынщIэу зэригъэкIуэным и ужь итт, зыгуэрым жьэхимыгъауэу.

Казбек Машевич машинэр фIэIуэхутэкъым, зэрыгъэкIий макъыр и тхьэкIумэм имыкIыу итти, и щхьэм бжьэ еуа хуэдэт, чэф пкърытар пкърыкIыжа и гугъа щхьэкIэ, и щхьэр уназэт, и къэжьын къакIуэу. ИтIани бэзэр зауэр къызыхэкIынкIэ хъуар сыту пIэрэ жиIэу йогупсыс. ПащIэгъэлыгъуэм джэгу хэлъкъым жаIэ. Нартыхур зи пащIэ ягъэлыгъуам хэхуэнкIэ хъунущ, сыту жыпIэмэ, щIэпхъаджэ къэхъуам езыр хэтащ, цIыхур къедэIуакъым, политикэ мыхьэнэ иIэу къалъытэнкIэ мэхъу, итIанэщ Iуэхур щызэIыхьэнур, уеблэмэ Мэзкуу къикIыу комиссэ къагъэкIуэнкIи мэхъу. Куэд мыщIауэ хэку гуэрым нобэ бэзэрым къыщыхъуам ещхь къыщыхъуати, Iэтащхьэ илъэпкъыр трагъэкIащ, лажьэ зиIи зимыIи. Ар дыдэр Нартыхуми къыщыщIынкIэ мэхъу, нтIэ, Iэмал гуэр къэулъэпхъэщын хуейщ: зумылъэфыхьу япэ зыкъигъэщауэ зэрызехьэр къызыпкърыкIар къэбгъуэту и пэр щIым щыпхуэн хуейщ, хэту щытми, щысхьырабгъу имыIэу. ЕтIуанэу Мэзкуу къыпщхьэщыжын дэсщи, икIэщIыпIэкIэ хъыбар егъэщIэн хуейщ, къыхуэмыбэлэрыгъыну, щIэпхъаджэ къэхъуам мыхьэнэ щIагъуэ хуамыщIын щхьэкIэ.

Бэзэрым зэрызехьэр нэхъ Iеиж щыхъуауэ зэрогъэкIий,

зэрогъэгуо, Iэпщацагъэр къагъэлъэгъуэн щхьэкIэ я пыIэкур кърауд, ираудар хаутэ. Хъалидэ шынащи, и сабийм тегузэвыхьу бэзэр унэжь цIыкIум и дэкIуеипIэм тетщ, и щхьэр здихьыныр имыщIэу. Унэ бжэ Iупэм деж боксерыр зыкъомым яхолъэщыхь, ирауд зигъэнщIыркъым жыхуаIэу, ириудхэр къэтэджыжурэ зыкъратщыт, езыри зэуэр щхьэпредз, и пэм лъыр къижу, и щыгъынри лъы защIэ хъуауэ. ЩIалэ гуэрым мывэ хъурей иIыгъыу боксерым и щIыбагъымкIэ къежалIэри зэ уэгъуэм мо лIы бланэжьу иджыри къэс зыпэмылъэщар кънриудри напIэзыпIэм зэрызехьэм яхэпшэхъуэжащ. Хъалидэ, лIым зимыщIэжу щылъу щилъагъум, къугъащ:

– Уа мыгъуэ, яукIащ! ЯукIа мыгъуэщ! – жиIэри.

– ЯукIакъым ар, къэхъужынущ, – жиIэщ зыгуэрми, зи щхьэпхэтIыгу пхауда лIым лъакъуэкIэ кIуэцIыуащ, арщхьэкIэ «бексерым» зигъэхъеякъым, иIэпкълъэпкъыр къыдэмыбзыжу щылъщ, и щхьэр лъым хэлъу.

Нартыхум къигъэкIуа хъунти, милицэри къэсащ, «боксерыр» къаувыхьауэ сурэти трах, «хэт мыбы еуар?» жаIэу щIэупщIэ щхьэкIэ, зыми зиумысыжыркъым, мо зэзауэу зэрызехьа къомри, милицэ къэкIуауэ щалъагъум, зэбгрыжыжащ, нэхъ къуаншэхэр япэ иту.

Хъалидэ сэбэп хъумэ фIэфIу милицэм яжриIащ боксерым щIалэ гуэр мывэ хъурейкIэ къызэреуа щIыкIэр, и щыгъынкIи и фэкIи зыхуэдэр. Абы жиIар къанэ щымыIэу ятха нэужь, милицэ командирым къыжриIащ:

– Берычэт бесын. Щыхьэту уувынщ, – жиIэри.

Абы къихъуэнур Хъалидэ дэнэ щищIэнт, щыхьэту ууврэ плъэгъуар жыпIэжыныр захуагъэ дыдэу къилъытати, «хъунщ» жиIэри зэфIэкIащ. Мывэ хъурей лIыр зэраукIар милицэм пхъуантэдэлъ ящIащ жыпIэну зыгуэрым кIуэцIашыхьри ягъэтIылъащ, мывэр зыIыгъам и IэпапIэ телъу къагъуэтыну. «Бэзэр щIэпхъаджэм хэкъуэншыхьар къызэрыщIэвгъэщым щыгъуазэ сыфщI», – жиIэу Нартыхум тригъэчыныхь пэтми, милицэм къахуэгъуэтакъым «боксерыр» зыIэщIэукIар. «Щыгъын щыгъар», –жаIамэ, щыгъыныр хъуэжыгъуейт е пащIэ тетамэ, пащIэр бупсынри куэдрэ, дауэ мыулъэпхъэщами, зыхуагъэфащэу ягъэтIысар къамыутIыпщыжу хъуакъым, псоми къащхьэщыжын лъэкIыныгъэ зиIэ къыкъуэкIыурэ. Щымыхъужым, Хъалидэ ягъэтIысащ, «яукIащ жыпIэу укIийри бэзэрым тетыр зэбгъэзэуащ» жаIэри. Абы нэхъей яукIар урыст, Хъалидэ адыгэти, щIэпхъаджэр лъэпкъ зэмызэгъыныгъэм къыхэкIауэ ябжырт. Ауэ щыхъукIэ, Хъалидэ националисткэу къыщIэкIырт, зэмылъэпкъэгъухэр зэщигъэхьэу, зэригъэныкъуэкъуу, зэригъэзауэу. Апхуэдэ цIыхум ущысхь хъунукъым жиIэу Нартыхуми щIигъэхуабжьэрт.

Хъалидэ следователыр къоупщI:

– Хэт укъэзылъагъу мыхъур? – жеIэри, «урысыр» жригъэ-Iэн и гугъэу, арщхьэкIэ модрейр зыхуейр пэжщ:

– Си анэм сыкъилъагъу хъужыркъым, си анэм нэмыщI си дэлъхуми сыкъилъагъу хъуркъым. А тIум сыкъыдахуати, Дуняшэ и унэм сыщIигъэтIысхьащ.

– Дуняшэр хэт езыр?

– Урыс цIыхубзщ.

Хъалидэ жиIэр следователыр зыхуэмеиххэщи, «Дуняшэ» и гугъу ищIыну фIэфI къым.

– Догуэ, «боксерыр» дауэ къыпхущыта?

– Зыуи.

– Сыт щхьэкIэ – ухуэзакъэ, къыпхуэзэжакъэ?

– Абы дэрэ ди Iуэху зэхэлъакъым.

Хъалидэ упкърыупщ IыхькIэ къыпыпхын зэрыщымыI эр Нартыхум деж нагъэсыжами, гуры Iуакъым: «Национализмэр къызыпкърихур къэгъуэтауэ и лъапсэм псы игъэжыхьыжын хуейщ», – жи Iэри. Хэт иджы зи лъапсэр бгъэгъунур? Прокурори, суди, милици, КГБ сыти къимыгъанэу псоми я Iэтащхьэр Нартыхум ириджэри щIэгубжьэжу къажри Iащ лIыр зыукIар икIэщIыпIэкIэ къагъуэту и суд укIкIэ ящIэну, арщхьэкIэ къикIа щыIэтэкъым, щыхьэт закъуэр къамыутIыпщыжауэ щысти, ар мысэ ящIрэ псори абы и зэрану къыщIрагъэдзыну Нартыхум унафэ ищIащ. «Хабзэм къезэгъыркъым» жаIэ щхьэкIэ, дэнэ – Казбек Машевич угурыIуэн, зэ жиIам пхутекIынукъым. «Си къулыкъум и лъабжьэр къэзыгъэтIасхъэм щысхьырабгъу иIэкъым» жыхуиIэу иукъуэдиящ. Хъалидэ и суд ящIэну щынэсым, судым я судыжыр къакIуэри къеупщIат «дауэ ээрытщIынур?» жиIэу. «УкIкIэ», – жиIэри Нартыхум пичащ.

– Iэу, апхуэдэ хабзэ щыI э? – жиIэри прокурорым зыкъритIати, Нартыхум идакъым:

– Иджыри къэс щымыI амэ, иджы щыIэнущ, – жиIэри.

Абдежым Казбек Машевич къыщымыувыIэу, «бэзэр щIэпхъаджэм гу зылъыдигъэтар» жиIэу докладышхуэ игъэхьэзырат, ерыскъы зэпэубыда хъуар цIыхум ягъуэтын щхьэкIэ, икIэщIыпIэкIэ зэфIэгъэкIын хуей Iуэхугъуэхэм тепсэлъыхьу. ИгъащIэм лыр пэрыхьэту цIыхум яIэу щытащ, уеблэмэ гъей къыщыхъуа гъэм хэкум Iэщышхуэу мин щэщI зэхуахусри Индыл Iуфэ Iусу мэжэщIалIэм я деж ирагъэшауэ щытащ, абы нэмыщIу нэгъуэщI щIыналъи ирагъэшат. Иджы лы Iыхьэр зэпаубыдри цIыхур бжьэцу зэрызохьэ жиIэу докладым псалъэ хэтт. Абы езым и зэран зэрыхэлъыр зымыщIэ щIагъуэ щыIэтэкъым, сыту жыпIэмэ, Казбек Машевич и унафэкIэ къуажэм, къалэм жэм щызыIыгъым къытрахри ныкъуэр колхозым пуду иратащ, адрейр яукIри планым хэту къэралым иратат. Iэщ зытету щыта хъупIэ тIэкIури явэжри шкIэ щыбгъэхъун щы-

мыIэжу къагъэнати, зыми «Iэщ зесхуарэт» жиIэжтэкъым.

Бэзэр щIэпхъаджэр зи нэгу щIэкIам Рум ящыщти, и пэжыпIэр къыщцызжиIэм, япэм си акъыл здынэмыса Iэджэм нигъэсащ. А псор ди гум къыщIэкIыжар Хъалидэ мыгъуэр арат, Рум фIыуэ ицIыхуу къыщIэкIащ а цIыхубзыр, сэри мащIэрэ и ужь сита Хъалидэ къезгъэлын си гугъэу. ТIэкIу дэкIмэ, абы аргуэру къытедгъэзэжынщи, дытепсэлъыхьынщ.

Рум къыгуроIуэ и пхъур цIыху дыджу, лъагъугъуейуэ щIыщытыр, фадэфэжьым ипхъу къыдэнэжа хэт ишэн, уасэр куэд лъандэрэ щымыIэж пэтми, езы Малики гупсысэм жьы ещI, упэрыIэбэ хъуну Iэмал зимыIэщи, зы мыхьэнэншэм бэлыхьлажьэр кърегъэкI. Иджы зэанэзэпхъур унэм къыщIэнауэ зэрыужэгъуащи, зы псалъэ зэжрамыIэу тхьэмахуэ яхь. Аращ си къуэрылъху къызбгъэдэсмэ, сабийр зэштегъэу схуэхъунщ жиIэу Рум къыщIэкIуари.

– Хъуну щытмэ, тхьэ укъеджэн Тамарэ, – жиIэри Рум къызэлъэIуащ.

– Хьэуэ, къезэгъыркъым.

– Сыт къыщIемызэгъыр?

– СфIэгуэныхь хъуэ мыбы щIэзгъэгъуэлъхьа къудейкъым, сыкIэлъоплъ, дохутыруи Iыхьлыуи иIэр сэращ. Мыбы щIэлъмэ, нэхъ зыхуэзапхъэм хуэзэнщ, сабий къилъхури нэхъ хъума хъунщ. И лъхуэгъуэри къэсыпауэ дауэ щIэзгъэкIыжын, езыми уемыупщIу, уемыусу. Лъхуа нэужь фыкъакIуи, фыкъехъуэхъу, и гуапэ хъунщ, «нэкIуэж, си нысэ цIыкIу» жыпIэу. Идэмэ, мыбы куэдрэ щIэдгъэлъ хъуххэнукъым. «Детдомым згъэзэжынущ», – жеIэри, езыр хуитыжщ.

– Алыхь, си мыгугъат сыкъэбгъэщIэхъуну, – жиIэри Рум и сумкэм ипэщэщыхьу хуежьащ, зыгуэр къызитмэ, зыщIэлъэIур нэхъ хуэсщIэну фэ къызиплъа хъунти, арщхьэкIэ и сумкэр къыIэщIэсхри IузгъэкIыжащ:

– Ныщхьэбэ жэщри хэкIуэтащ, куэдыщэри дыщысащ, – жысIэри. Сыкъыщытэджыжым, езыри къэтэджыжащ.

– Хъунщ, тIасэ. Хъарзынэуи дыщысащ, жысIа къомым къемызэгъ хэтами, къысхуэгъэгъу...

Абдеж дыдэм, зи цIэ ираIуэр бжэщхьэIу тесщ жыхуаIэу, Тамарэ бжэр къыIуихри къыжьэдэхуащ:

– Дэфэрэдж Шагир... – къыщIыхьауэ си деж щIэсыр щилъагъум, «Шагировнэр» ныкъуэжыIэу бжэр кърикулIри ежьэжащ, и лъэ макъыр зэхэпхыу. «Къэгъазэ» жысIэу сэри сыкIэлъымыжэу, Рум сеупщIащ:

– Плъэгъуа?

– Пэжщ, тIасэ, и гум гужьгъэжь илъщ.

Сэри къыщIыхьэпIэм нэзгъэсыжащ цIыхубзыр, тIэкIу дэкIри къегъыхыу къэсащ Тамарэ, дэ тIур дыздэкIуэм къыкIэлъы-

плъауэ къыщIэкIынти, занщIэуи и гум илъыр кърипхъащ:

– Сыт ар къыщIэджэдар? ФIэмащIэ къызащIар? – жиIэу.

– ЗыгуэркIэ къысхуейуэ къэкIуащ. ЛIо, къэкIуамэ, Iэджи къокIуэ си деж, абы щхьэкIэ уэ ущIэгузэвэни щыIэкъым. УзэфIэкIыхукIэ, си псэ тIэкIу, укъытемыхьэ, а уи ныбэм илъ цIык Iум идэнукъым ар, – жысIэри сэри щIэсхъумэжри Сэлимэ дежкIэ сыкIуэну сежьащ.

Тамарэ и гур зэгъэжауэ къызбгъурытурэ накIуэрти, къызэлъэIуащ:

– КхъыIэ, уи анэшхуэм и хъыбару Сэлимэ жепIэм сэри сегъэдаIуэ.

– Махуэ псом узэфIэтщ, уешакъэ? Жэщри дэнэ нэса уи гугъэ?

– УдаIуэу ущысымрэ унэ лъэгу лъэсынымрэ зэхуэдэ? Зэран лъэпкъ сыфхуэхъункъым.

Палатэм зэгъусэу дыщIохьэ.

– Си «классым» щIэсыр зыкIэ нэхъыбэ хъуащ. Тамари къыдэдэIуэну къэкIуащ. ЕдгъэдэIуэн ари? – жызоIэри сыгушыIэу Сэлимэ соупщI.

– ЙомыгъэдаIуэмэ, пщэдей къэкIуэнурэ «Дэфэрэдж къыбжиIар къызжеIэж» жиIэнурэ къэтIысынущ, уэ зэрыжыпIэм хуэдэу сэ схужыIэжынукъым игъащIэкIэ.

– ЗэрыжыпIэмкIэ, хъыбар зэжывоIэри фызэбгъэдэсщ. Ара?

– Къыхохуэ апхуэдэу зэзэмызи.

– НтIэ, нышхьэбэ си хъыбарыр нэхъ згъэкIэщIыну къыщIэкIынщ. ТIыс, Тамарэ...

Зизмылъэфыхьу къыщIызодзэ.

– Тырку пащтыхьыр къеупщIащ: «Къэбэрдейм къикIа фхэт?» – жиIэри. Абдежыраш щыбухауэ щытар, – жиIэри си хъыбарым и кIэр Сэлимэ си гум къигъэкIыжащ.

– Сыту хъарзынэу уи гум ибубыда! Наркозыр къанэ щымыIэу ппкърыкIыжащ итIанэ. Угурыхуэщи, бжесIа илъэпкъыр уи гум ибубыдэнкIэ мэхъу.

– Изубыдэнщ, тхьэ, икIи зыщызгъэгъупщэнкъым.

– Зыщумыгъэгъупщэ, си псэ тIэкIу...

* * *

Къэбэрдейм къикIа лIыкIуэм Аслъэнбэчыпщыр я пашэу щIагъэзэжар Сэфар Жану имыщIэу щыттэкъым, абы щхьэкIуэ хуэхъуар жиIар зэрыхуамыдар арат. Аслъэнбэч Iэджэрэ адыгэ хасэм къыщыпсэлъат «тенджызитIым щIыуэ я кум дэлъыр зы пщыгъуэ закъуэк Iи мащIэщ» жиIэу. Ар зыхуейр адыгэ псори зэгуигъэхьэну арати, хуадакъым, къэбэрдеипщым дыхуэдэкъэ дэ, и IэмыщIэ сыт щхьэкIэ зитлъхьэн жаIэри. Жаней пщыгъуэр тыркущIэкъуу щытурэ зэрыхэунэхъуар хасэм къэк Iуам я гум

къигъэкIыжа щхьэкIэ, пщы щхьэзыфIэфI къомыр пхузэгъэдэ-Iуэнт? ХузэгъэдэIуакъым, пщым я нэхъыбэр здэплъэр Тыркум я дежк Iэти. Езы Аслъэнбэч урысщIэкъут, Истамбылтэкъым лIык Iуэ здигъэк Iуэнур, Петербургт. Сэфар Жану а псом я щхьэфэ имыIэбэу, пащтыхьым кIэщIу гуригъэIуащ:

– Хьэм и пхэм псыр нэмысу есыкIэ ищIэркъым жыхуаIэм хуэдэщ дэ ди Iуэхур.

– Нэсакъэ иджыри?– жиIэри пащтыхьыр и пащIэ щIагъым щIэгуфIыкIащ, щхьэзыфIэфIхэр ауан зэрищIым гу лъыптэу.

– Архъуанэм иджэрэзыхьу щыхэскIэ нэмысу къэнэн, нэсащи, къыхэкIыжа зэрыхъунур ямыщIэу псым ехь, – жиIэри Сэфар хьэжым пащтыхьым и гуапэ ищIащ, нэгъуэщIым жаIэнуIами нимыгъэсу и псалъэм къыпищащ. –ЩIым и унафэр яхуэмыщIу зэрызохьэ. Зым псоми щIыр ялъысын хуейщ жаIэу яукъуэдий, зым къуажэ-къуажэкIэ щIыр дывгъэгуэши, нэхъыфIщ жаIэу абы траубыдэ. Къуажэхэр зэхэзехуэн ящIащ: къуажищыр зы ящI, щIыуэ къадэхуэр къэзакъым хуагуэш, адыгэ къуажэмрэ къэзакъ къутырымрэ зэхэгуэша ящI.

– Iэпхъуэн зымыдэ къуажэм къуэды тралъхьэ, – жиIэри Хьэчакъ къыщIигъуащ.

– Адыгэр игъащIэми щхьэж и щIым тесыжу мэпсэу, къуажэпщым къетIысэкIауэ. Iэпхъуэмэ, пщыр здэкIуэм хьэблэр зэрыхьэблэу, къуажэр зэрыкъуажэу доIэпхъуэ. Уи щхьэ закъуэу упсэуа хъунукъым, умыщIэххэу лIыубыдым уапхъуэтэнкIэ мэхъу. Къуажэпщыр къуажэм дэс псоми къащхьэщож, къыпщхьэщыжын уимыIэрэ –зи щхьэ щымыIэм и шыд хьэм ешх жыхуаIэм хуэдэ ухъунущ. Пщы жыпIэми, аращ: пщылI имыIэу псэуа хъунукъым. Урыс пащтыхьым пщылIыр Iихыну хъыбар Iуащи, пщымрэ уэркъымрэ къэгузэващ. Пщым пщылIыр къеIыпхамэ, лIам хуэдэщ, кхъэм хьыи, щIэлъхьэж. Ар гурагъэIуэн я хьисэпу урыс пащтыхьыр къэкIуауэ зыхуагъэзати, къикIа щыIэкъым.

Хьэчакъи и акъыл химылъхьэу къэнакъым:

– Пщым ядэнукъым кхъэм яхьу, пщыр зыхуейр лъэкIыныгъэ зиIэм и унафэм щIэтыну аращ. ЛъэкIыныгъэ зиIэм къагъэ-лъагъуэ гъуэгум теувэнущ. Къэбэрдеипщу езы Аслъэнбэч хуит ящIатэмэ, и къуажэр къигъэIэпхъуэнти, Тырку къэралым къа-кIуэу къыфхэтIысхьэнкIэ хъунт, зыгуэрым фIэмылIыкIтэмэ. Сыт зыфIэлIыкIыр? Урыс администрацэм «хъунщ» жаIэуи жаIэркъым, «хъунукъым» жаIэуи пачыркъым– узэрыфIэфIу уэр-уэру щIы, инэралхэри аращ. Евдокимов жаIэу граф щыIэщи, имыбзыщIу жеIэ:

«Тыркум фыкIуэмэ, щхьэгъэузыр нэхъ машIэ хъунущ», – жеIэри, урыс пащтыхьу Александр ЕтIуанэм щыхуэзам зыхуейр жиIа нэужь, и щIыбыр къахуигъазэри кIэбгъу ищIри дэкIыжащ.

ВэрылI Жамырзэ жаIэу ефэндыуэ ди Iэм иджы къуажэр къекIухь, мэжджытхэм Тыркум фыкIуэж жиIэу уаз щиту.

– НтIэ фызэтезыIыгъэр сыт? – жиIэри пащтыхьыр щIэупщIати, Сэфар Жану псалъэм и кIэр иубыдыжащ:

– Дэнэ тхьын ди унэ, ди щIапIэ, ди мылъку? Псори хыфIэбдзэрэ уежьэжмэ, гъуэгум утекIуэдэнкIи мэхъу. Зыщэхун жыпIэнущи, щыIэххэкъым. Шы-уанэ зэтелъ сомийщ и уасэр. Къэзакъыр джаурщ, дэ, тхьэм и шыкуркIэ, дымуслъымэнщ – дызэзэгъынукъым. Къуэдзокъуэхэ ящыщу Къэбэрдейм зылI къахэкIащ Бытырбыху щеджауи, «реформэ» жеIэри цIыхур бэлыхь хигъэтщ, къуажэр зэхуихусу, щIалэгъуалэр урысыдзэм игъакIуэу къулыкъу щригъэщIэну. КIэщIу жыпIэмэ, кхъуэл яшхыу джаур хъумэ, фIэфIщ. КъэбэрдеймкIэ бгъазэмэ, куэдыр щIегъуэжауэ я IэфракIэ йодзэкъэж, гъуэгум тегъуэщыкIащи...

– Къуэдзокъуэр Iуэху сытми! Анзор Хьэту инэралу Къэбэрдейм къахэкIащ: убых, шапсыгъ, абазэхэ сыт къимыгъанэу ириджэурэ къажреIэ: «Фи хэкур щIапIэжьу къэвмыгъанэ, хэкукъутэм насыпыншагъэ къихьынщ, щхьэ зыщывгъэгъупщэрэ урыс пащтыхьым къыдита бэракъым тетхар. Абы тетхащ: «ЛъэпкъитIым ди бий къыщыттеуэм деж мы бэракъым дыщIэту дызэуэнщ», – жиIэу.

Вы цIыкIу бжьакъуэшхуэу къафIэщIа тырку пащтыхьыр и нэщхъыр зэщIэукIауэ зы псалъи жимыIэу гупсысэрт: Анзор Хьэту и хъыбар нэхъапэми зэхихауэ щытат, уеблэмэ урыс пащтыхьым адыгэм къарита бэракъыр зи фIыгъэр зи гугъу ящI инэралыр аращ. Анзор Хьэту инэралыцIэ къыщыфIащакIэ, хуэмыфащэуи къыфIащагъэнкъым, апхуэдэ дзэпщт езы тырку пащтыхьыр зыхуэныкъуэр. Бэтал-пэщэр Кавказым дзэпщу щыкIуам и мурадар къехъулIакъым, здэкIуэнум нэмысу къигъэзэжащ, дзэшхуэ къэзакърэ адыгэу къапэувати. Тырку пащтыхьым и гугъат Щамил дэIэпыкъуну, дзэр къракъухьу хуежьэри яхузэфIэкIа щыIэкъым. Тыркум дзэр щигъакIуэм япэ зи цIэ ира Iуауэ щытар Анзор Хьэту инэралыращ. Урыс пащтыхьыр нэ лейкIэ къоплъ, зыхуей къыхуещIэ жаIэу, арщхьэкIэ тырку дзэпщхэм ядатэкъым: «Анзор Хьэту урысым къадэщIмэ, абы и къуэш Анзор Кушыку Щамил и дзэм хэту урысым йозауэ», – жаIэри.

Иджы пащтыхьыр щIоупщIэ:

– Анзор зэкъуэшитIым зыр урыс инэралу, зыр Щамил и дзэпщу щытащ. Ара? – жеIэри.

– Щамил къудей? Зэхуэзэмэ, я псэр зэрыхэхынущ. ЗэшитI зы анэм къилъхуар зэзэгъыжыртэкъым, игъащIэм зэныкъуэкъуу къэгъуэгурыкIуат, пщымрэ уэркъымрэ хэт зэригъэзэгъын, – жиIэри Жану и гукъеуэр жиIати, дэплъеймэ, люстрэшхуэр дыгъэ нур защIэу зэщIэлыдэу елъагъу: мыращ иджы адыгэ уасэр жиIэу и гум къэкIауэ и гур мэкIуэд.

А дакъикъэм тырку пащтыхьым хьэлъакъуиплIкIэ зыгуэр къыбгъэдокIуатэ, и щхьэр къимыIэту, хьэлъакъуиплIи мыхъуу, лIыр хьэлъакъуищщ къызэрыкIуэр, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Iэ лъэныкъуэмкIэ лулэр пыгъэнауэ къехьри пащтыхьым къыIэщIелъхьэ, и пэр алэрыбгъум йоIусэ жыпIэу йокIуэтыжри унэм щIокIыж. Пащтыхьыр лулэм йокъу щIэфыжуи, тутын Iугъуэм и мэр псоми къащIехьэ.

– Узмэ, утIщ, утIмэ, укIуэдыжащ жыхуаIэр аращ, – жиIэри лIыкIуэм щыщ гуэри къэпсэлъащ, адыгэр щызэмызэгъкIэ, кIуэдыжауэ къэлъытэ жыхуиIэу.

– Тэмэм, – жиIэри пащтыхьыр еувэлIауэ зеплъыхь а псалъэ пэжыр жызыIар илъагъумэ, фIэфIу, арщхьэкIэ ар жызыIам зиущэхужащ.

– Анзор Хьэту урысым яхыхьэжами, яхрет, муслъымэныр хьэжыщI щыкIуэм деж дапэрымыуэмэ, – жиIэри Сэфар Жану аргуэру къыщIигъуащ.

– Анзор Хьэту апхуэдизу урысым ядилъэгъуар сыту пIэрэ? – жиIэри пащтыхьыр щIэупщIащ.

– ЩIыкIуу яхыхьэри и гур якIэрыпщIа хъуащ. Инэрал хъуа нэужь, урысым къадэщI къудейкъым, щIышхуи ярищащ, мафIэгу станц щащIыну. Сом минитI къыщIихауэ мэтхъэж, – жиIэу, Жану къэбэрдей инэралыр иубмэ, дагъэ къыщахуа хуэдэу къыфIэщIырт, и гум иримыхьу нэгъуэщI и щыIэти. Псалъэм папщIэ, адыгэ щIалэ защIэу зы эскадрон ныкъуэ хуэдиз Бытырбыху яшауэ дзэм хэтщ, пащтыхьыр яхъумэу, щIалэхэм зыкърахыу хуэпауэ. Афицархэр цей щIыхуу, къэптал фIыцIэу, щIакIуэ щатIагъэмэ – къэпталыр хужьу, я гъуэншэджым дыжьыныфэ кусэ ирикIуэу, я пыIэр хъурыфэу, пыIэкури щIыхурэ цейм екIупсу, я бащлъыкъыр гъуэжьыфэрэ дыжьынкIэ идыкIауэ, езы урыс пащтыхьым и нэIэ къатетщ.

Сэфар гу лъитащ адыгэ шу урыс пащтыхьыр зыхъумэм щхьэкIэ жиIэр тырку пащтыхьым игу зэрыримыхьам, езыри къэгузэвэжауэ къыщIэкIуа Iуэхум и щхьэфэ иIэбащ:

– Зы адыгэпщ бгъуэтынкъым, зи щIыхьыр лъагэ, зи лъэкIыныгъэм хэхъуэн, «тырку пащтыхьым дримейуэ дауэ дищэнкIэ хъуа?» жызымыIэу.

СулътIаным Сэфар и псалъэр къызэпиудащ.

– Сыт щхьэкIэ, фыкъызгуэтыну къурIэнкIэ тхьэ зыIуар фэракъэ?

– Дапщэщ? – къурIэнри зыуи кърадзэркъым жиIэн жьэм къекIуакъым.

– Анапэ дэс сераскирым деж кIуэуэ хэт тхьэлъанэ зыщIар? Фщыгъупщэжа? Гъавэу къытефхым и Iыхьэ пщIанэри къызэфтыну, фи Iэтащхьэми уэлийкIэ феджэну, шэрихьэт хабзэм фытету фыпсэуну КъурIэнкIэ тхьэ зыIуауэ щытар сыту псынщIэу фщыгъупщэжа! Адыгэпщым ящыгъупщэжами, Алыхьу

тэхьэлам щыгъупща фи мыгугъэ, – жиIэри тырку пащтыхьым Сэфару плъагъур щIригъэгъуэжащ.

Анапэ дэс сераскиру пащтыхьым зи гугъу ищ Iым Iуэхум и пэжыпIэр пащтыхь дыдэм гуригъэIуауэ щыттэкъым, пц Iы зэзэмызэ IэщIэкIыу есати, адыгэм ягурымыI уауэ ягурыIуа хуэдэу хъыбарыр нигъэсауэ къыщIэкIынут. Кърым хъаным жаней адыгэр дэкум хуэдэу къигъэпцI атэкъэ, «хъуп зырыз унагъуэ къэс къызэфтмэ, нэхъыбэ сыхуейкъым» щыжи Iам. Апхуэдэт мыри: сераскирыр зыгуры Iуауэ щытар нэгъуейхэр арат, нэгъуейр и лъэныкъуэ ищIмэ, адыгэри нэгъуейм хуэдэу IумпIафIэ хъун и гугъащ, арщхьэкIэ адыгэпщым КъурIэн жыхуэпIэм папщIэ лъэбакъуэ лей пхуичынукъым, мэжджытми лъэмбытI щIичэнукъым, молэри илъагъуххэнуи хуейкъым, и ныбжьыр илъэс хыщI ым фIэкIрэ «иджы жьы сыхъуащи, сызэгъэжынщ» жиIэу мытIысыжмэ. Абазэхэм я къуажэпщхэм КъурIэнкIэ тхьэ я Iуащ жаIэу беслъэней адыгэм щызэхахым, абазэхэхэр ауан ящIурэ дыхьэшхырт: «Догуэ, КъурIэн игъащIэм фымылъэгъуар дауэ фI ыгъат: хьэрфым я щхьэр егъэзыхауэ пхэнжу фымыIыгъауэ пIэрэ?» – жа Iэу. Анапэ дэс пэщэм и пцIым езыр зыхуей фIыгъуэ Iэджэ къызэрыпэк Iуэнур ищIэжырти, пцIыр IэщIэмыкIыу хъуакъым, арщхьэкIэ иджы пхузэхэгъэкIын Iуэхум ящыщтэкъыми, Жану и псалъэм къыдигъэкIуащ:

– Тхьэ дымыIуэххами, игъащIэм Тыркум гурэ псэкIэ дыбгъэдэтщ, къытхуищ Iэр зыщымыгъупщэни тхьэм дищI, ит Iани хэкур зэрыхэкуу зы люстрэ уасэу зы пащтыхьым нэгъуэщI пащтыхьым урищэныр е уритыныр къезэгъыу къэтлъытэркъым. Шы е вы дыхъуа хуэдэ! ИгъащIэм уанэ къыттезылъхьа пащтыхь къэхъуакъым, Алыхьу лъэщым дрибыну дунейм дытетщ. – Сэфар и щхьэм хуэарэзыт люстрэр и гум къэкIыжу пащтыхьым зэрыриудэкIар, «дышыдыгъуакъым» жиIэу ари и псалъэм къыдигъэкIуэнути, къемызэгъыу къилъытэжри адэкIэ къыпищащ. – Хьэсэн-пэщэ сепсэлъауэ щытащ, дэ тIур хъарзынэу дызэгуроIуэ, ди псэр зы чысэм илъым хуэдэщ, абыи имыщ Iэу къыщIэкIащ яща дызэрыхъуар. Си лъэпкъэгъухэм нэхъ ягъэкъуаншэр хэт жыпI эмэ, сэращ, «уэ Тыркум я дежкIэ депIуэнтIэкIыну уи хьисэпщ, Кърым хъанми илъэс къэс ясыр ибот, езы тырку пащтыхьыр къытхуэмейуэ ара – щхьэ нэгъуэщIым дритрэ?» – жаIэри.

– Зи мымылъку зытым узэреджэн хуейр сыт? – жиI эри Хьэчакъ щIэупщIащ.

– ДыгъуакIуэ жыIи, зэфIэкIащ, – жиIэу пащтыхьым къыжьэдэхуати, Сэфари Хьэчакъи къэуIэбжьат. Езы сулътIанми нэмэз щыгъэшхуэ иIыгъти, нэмэз щыгъэр идзу къиублащ, лулэр стIол цIыкIум трилъхьэри.

Сэфар дыхьэшх нэпц I зищIри аргуэру къэпсэлъащ, гупсысэрэ и фIэщу жиIэрэ умыщIэу:

– ДыгъуакIуэ дыдэуи щIы – шыр птын щхьэкIэ, нэхъапэ щIыкIэ къэдыгъун хуейкъэ? Ди лъэныкъуэмкIэ шы къэбдыгъуныр зыми щыщкъым, шыр къадыгъуауи ялъытэркъым, къэбдыгъуамэ, лIыгъэ пхэлъу къэбдыгъуащи, уи хьэлэлщ, зыкъомыгъэубыд закъуэ. Дэ дызыщIэлъэIуну дыкъэкIуар аракъым. АтIэ? Уи унафэм дыщIэтмэ, ди гуапэу аращ, зи лъэкIыныгъэр ин хъун, укъытщхьэщымыжмэ, мэзым щIэт хьэкIэкхъуэкIэм дыхуэдэщ, зи шэ къыттехуэм дырейщ. Мэз дэ дызыщIэтым щыщакIуэр урысым я закъуэкъым, инджылызи, французи, кърым хъанри щIэтщ къыдощэри.

– Кърым хъаным иджыри унагъуэ къэс хъуп зырыз зэхуихьэсрэ?– жиIэри пащтыхьыр щIэупщIащ хъаныр фIэауану.

Сэфар къэуIэбжьащ, Жаным я гуащэм иджыблагъэ пщыри уэркъри зэхуишэсу къаригъэлъэгъуа хьэдэгъуэдахэр и гум къэкIыжати. Абы япхъу гуэр сеймэным игу ирихьати, лей ирихыну щыхуежьэм, цIыхубзым щимыдэм, сеймэным итхьэлати, хьэблэри къуажэри зэхуэсри тхьэ яIуат хуамыгъэгъуну. Абы лъандэрэ жаней къуажэ сеймэн дамыгъэхьэжу яхъумэ, жэщкIи адэкIэ-мыдэкIэ плъыр къуэсу.

– КъыптекIуэр гугъущ, зиусхьэн, къыптекIуэр гугъущ, умыгъэунэхуауэ пщIэнукъым, – жиIэри Хьэчакъ и псалъэр къыхигъэуващ. – Къыппэлъэщым уи фэр трихынурэ ежьэжынущ, цIыхум фэуэ иIэр зыщ, жыг пэтрэ пхъафэр тепхмэ, мэгъу, цIыхур дауэ къелын?

– Жыгым и фэр щытригъэхуи щыIэщ, адыгэм фхуэдэ къабзэу. ЦIыхубз машIэ хэкум ирашу фщэрэ? ЦIыхубзыр фхъумэным и пIэкIэ фи щIыналъэм ифшурэ нэгъуэщI къэралым щывощэ, – жиIэри пащтыхьым Сэфар сымэ я гум къэмыкI къигъэкIащ.

– Гузэвэгъуэм къыхыдох, зи лъэкIыныгъэр ин.

– Фэракъэ жызыIар «уи мымылъку пщэ хъунукъым» жызыIэу. ЦIыхубзыр фи мылъкуу щIы, цIыхубзыншэу къанэмэ, лъэпкъыр езыр-езыру кIуэдыжынущ и лъапсэр гъунурэ, жыгым и фэр тепхмэ, зэрыгъум ещхьыркъабзэу. Ауэ аракъым зи гугъу сщIынур. Адыгэр Портэшхуэ къэралым щыщ хьэмэ щымыщ? Фэ жывоIэ: щыщкъым, щыщынуи хуейкъым жывоIэри. НтIэ, фэрэ дэрэ ди Iуэху зэхэмылъмэ, фэр щхьэкIэ лъы щ Iэдгъэжэн хуейр сыт? Фыкъытщымыщ пэтми, ди дзэр фэр щхьэкIэ мышу къанэркъым: Сыхъум къалэ къыщыщIэдзауэ Анапэ нэс быдапIэ хъарзынэхэр фхуэтщIати, фыщыгуфIыкIа, фи фIыщIэ тлъэгъуа? Тлъэгъуакъым. Муслъымэн диным фыкъихьи, дызэхуэдэ муслъымэнмэ, нэхъ зэрыIыгъа дыхъун си гугъати, муслъымэн динри вдэркъым. Дауэ иджы муслъымэнхэр муслъымэнынухуэмеймэ, къащхьэщыжу джаурым зэрезэуэнур? – жиIэри тырку пащтыхьым лулэр къищтэриункIыфIыжауэ щилъагъум нэмэз щыгъэр идзу хуежьэжащ, лIыкIуэ къыхуэкIуахэр

зэпиплъыхьу, модрейхэри щэху цIыкIуу зоIущащэ, зочэнджэщ, къэгузэвауэ.

Сэфар сымэ жаIэнуIами нимыгъэсу, пащтыхьыр аргуэру къэпсэлъащ:

– ИтIани адыгэр утыкум фыкъизнэну Алыхьу гуащIэрэ гущIэгъурэ зиIэм къысхуидэнукъым.

ЛIыкIуэу къэкIуахэри къэгуфIэжауэ я гур къызэрогъуэтыж, зым зыр пэрыуэу къопсалъэ.

– Алыхьу зи къару иныр уи дэIэпыкъуэгъущ.

– Тхьэм ди насып зы ищI.

– Ара мыгъуэкъэ ди нэ къыщIикIыр, – жаIэу. Абы къыфIамыгъэкIыуи заущэхужащ, пащтыхьым адэкIэ къыпищэнум пэплъэу, арщхьэкIэ гурыIуэгъуэт куэдыщэкIэ ущыгугъ зэрымыхъунур. Шапсыгъ, абазэхэ, убых, жанэ, беслъэней – лъэпкъ Iэджэми я гугъат тырку пащтыхьыр цIыхубз дахэкIэ къахьэхуну, иджы еплъ абы жиIэм:

– Топи фэстынщ, топышэ щIыгъуу, фочи фэстынщ, гын щIыгъуу – фезауэ урысым. Къобан псым къызэпрыкIыу фымыдэ. Iэщэм ищIыIужкIэ, молэ, къады нэзгъэкIуэнщ.

– Молэ жыпIа?– жиIэри зыгуэрым и жьэм къыжьэдэхуащ.

– Молэм гъуэгу тэмэм фытрагъэувэнщ, къадым шэрихьэт хабзэм щыгъуазэ фащIынщ. Ауэрэ муслъымэн диным фихьа хъумэ, Алыхьу лъэщым дыкъихъумэнщ, и Iумэт дэхуэха мыхъуу. Ауэ быдэу вжызоIэ: молэм фахуэсакъ, жаIэр фщIэ. Фэ мэджджытыр фогъэс, молэр дывоху, судыр вдэххэркъым.

ЛIыкIуэу къэкIуам зыри жамыIэу щысщ, жаIэнур ямыщIэу, сыт щхьэкIэ жып Iэмэ, пащтыхьым жиIэр пэжщ. Къуажэ гуэрым гу лъатащ молэм хьэдэ игъэпскIыжын зэрыфIэмыфIым. Ярэби, тырку молэр мэхъашэу пIэрэ адыгэ хьэдэм еIусэн жаIэу, къуажэ щIалэр зэупщIыжырт. Ягъэунэхуну зэгуроIуэ. Хьэблэм дэст «нартыху кIэрэфкIэ» еджэу щIалэ псэ гъур гуэр, фагъуэ Iейуэ. А лIы цIыкIур лIауэ нэху къекIащ жаIэри, гъунэгъухэр молэм деж кIуащ, «езы молэм си хьэдэр игъэпскIыжыну уэсят фхузощIри нэвгъэсыж», жиIащ жаIэри молэр къашащ, хьэдэр ирагъэгъэпскIыну. Псыри ягъэхуэбащ, сабын сыт хуэныкъуэми, къагъэхьэзыращ, кхъаблэри къахьащ.

– НтIэ иджы фыщIэкI, – жиIэри зэрыгъэIуща бзаджэхэр молэм унэм щIэмыкIыу идакъым. Блыным бащлъыкъ хъарзыни щIакIуэ фIыцIэ гъуэзэджи фIэдзати, ахэр сэ къыслъысыну къыщIэкIынщ жыхуиIэу молэм хьэдэр иупщIэнщ, кхъаблэ къахьам трилъхьэри псы пщтырыр щытрикIэм «хьэдэр» «сархъ» жиIэу къызэфIэтIысхьащ. Молэр Iэпщацэжь гуэру къыщIэкIынти епхъуэщ лIы псэ гъурми, и къурмакъейр щиубыдыкIри итхьэлэу щыхуежьэм, зэрызэмыкъуэу хъунт? Сытми лIы гъур-псэ гъурыр молэм итхьэлэри нэмэзыбзэ къибжу тIысыжащ. «Сыту куэдрэ игъэпскIрэ», – жаIэу зэрыгъэIущахэр къыщыщIыхьэжым

яжреIэ:

– БэуэгъуитI хуэчэмт лIэнми, селIэлIащ, – жеIэри.

Хьэдэр махуэм щIалъхьащ, жэщым мэжджытри тырку молэм и унэ абы къыпытри мафIэм исауэ нэху къекIащ, езы молэри бгъуэтым къащтэ – и хьэпи и шыпи хыфIидзэри бзэхыжащ.

Хьэчакъ и макъри зэкIуэкIа хуэдэ хъуащ.

– Топри фочри хъарзынэщ, зи уз кIуэдын, зи къару ин, уи кхъухьыр къэбгъэкIуамэ, абы нэхъ дыхуэныкъуэт. Псым утехьэ хъуркъым: зэм урыс кхъухьым уаубыд, зэм инджылызым уапэщIохуэ, францухэми уи пщампIэр щаубыд урохьэлIэ. Измир дэту тлъэгъуа уи кхъухь къомым ящыщ нэбгъакIуэрэ ди псы Iуфэм дыхуитыжу хъуатэмэ, арат дызыхуейр, – жиIэу.

– Тенджызри зыгуэрщ, Къобан лъэныкъуэкIэ сыт хуэдэ? – жиIэри пащтыхьыр щIэупщIащ. Къобант тыркур Псыжь зэреджэр.

– Сыт хуэдэн? Ди джэд Iуэмэ, къэзакъ къэрэгъулыр къегъэуш, – жиIэри зыгуэр къэпсэлъащ. Тырку пащтыхьыр зыхуейр аратэкъым: абы и тхьэкIумэм ицырхъауэ къыщIэкIынт: адыгэпщ гуэрхэм я мурадщ, Дагъыстаным гухьэу, Щамил къызэхина дзэмрэ езыхэм я дзэхэмрэ зэхэту урысым езэуэну. Абы щхьэкIэ фи мурадыр сыт жыхуиIэу арат пащтыхьыр зыщIэупщIэр.

– Адыгэр Дагъыстаным ягухьэми, Дагъыстаныр дэ къыдгухьэми, тIури зыщ, джэдыгу IэгъуапитIыр дауэ пыдами, джэдыгур зэрыджэдыгуу къонэ. Джэдыгур зыщыгъынум дежщ Iуэхур здэщыIэр. Мухьэмэд-Iэмин духьэшышхуэщ, къуажэкъуажэхэр къикIухьурэ уаз итырт, «адыгэр Дагъыстаным фыкъыдгухьэм ди лъапсэр нэхъ быдэ хъунут» жиIэу, пэжщ, диныр цIыхум нэхъ къащтэ хъуащ, куэд щIакъым, хьэжыщI зыкъоми кIуэуэ дахуэзащ, – жиIащ Сэфар пащтыхьым и гуапэ ищIыну.

– ХьэжыщI кIуам цIыхубзи яхэтащ, – жиIэри Хьэчакъ къыщIигъуащ, а цIыхубзыр зыгъэкIуар пащтыхьыр зэрыарар имыщIэу.

– Дэфэрэдж хъунщ а цIыхубзыр, – жиIэри пащтыхьым и гум къэкIыжащ адыгэ фыз Iэзэу кхъухь игъакIуэу къригъэшауэ щытар. Ар щыгъупщэну Iэмал зимыIэт, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, француз цIыхубз тхьэIухудыр емынэм имыхьу къезыгъэлар Алыхьырщ, Алыхьым и ужькIэ Дэфэрэджт. Пащтыхьым ар и гум къинат. Француз цIыхубзым абы хуэдизкIэ хуэгумащIэти, флотыр зэрыфлоту игъэкIуэнкIи хъунут. «Си дуней нэху» жиIэу арат зэреджэр.

Сэфари къыщIегъу:

– МысыхьэткIэ зы цIыхубз закъуэщ хьэжыщI кIуар, зи закъуэр Алыхьырщ, дяпэкIэ нэгъуэщIхэри кIуэуэ хуежьэнщ, тхьэм жиIэмэ, – жиIэу.

– Си гаремыр емынэм къезыгъэлар а цIыхубз Iэзэр аращ,

абы IуэхуфI ищIар хьэжы зыщIам ищIэфми аращ.

– Алыхьым и шыкуркIэ, Алыхьым иужькIэ Мухьэмэд-Iэмин и фIыгъэкIэ МэккэкIэ зыгъазэр нэхъыбэ мэхъу, цIыхум муслъымэн диныр къабыл ящIри дыщогуфIыкI. Алыхьыр зи фIэщ хъум тырку пащтыхьым и лъэкIыныгъэшхуэр и фIэщ мэхъу, – жиIэу Сэфар щIегъэхуабжьэ, пащтыхьыр къиихьэхумэ фIэфIу.

Хьэчакъ и гум ирихьакъым Сэфар Мухьэмэд-Iэмин зэрыщытхъуар, щIримыхьари мыращ: шыгъуншэу псэу адыгэхэр урыс пащтыхьым и администрацэм елъэ Iури хуит къащIауэ кхъуафэжьей тIощIым щIигъу Хьэчакъ я пашэу шыгъушэ ежьат. Сиваш шыгъу хэхыпIэм нэсри шыгъу къащэху, къахъуэж сытыху Хьэчакъ къищ Iащ Къафэ къалэ тырку кхъухь урысым яубыдауэ дэту, зэрыжаIэмкIэ, кхъухьым изу ист адыгэ хъыджэбз цIыкIу илъэс пщыкIутIым щыщIэдзауэ илъэс пщыкIублым фIэкI нэмысу. Ар зэрызэхихыу Хьэчакъ тридзэри ежьащ, шыгъу къэщэхуныр къигъанэри, къалэм нэсри администрацэм елъэIуащ кхъухьым исыр зэрису ХьэфIыцIей кхъухь тедзапIэм ягъэкIуэну. КъыхуащIэрэ – Хьэчакъ и тхьэлъанэщ кхъухьым фо, лы гъэгъуа, кхъуей плъыжь, ху, нартыху – ихуэр кърилъхьэу къиутIыпщыжыну, хъыджэбз цIыкIухэр я адэ-анэм яритыжа нэужь. Урыс администрацэм арыншэми ящIэртэкъым хъыджэбз цIыкIу къомыр здахьынури, къагъэгугъащ. Хьэчакъи зэрыса кхъуафэжьейр ХьэфIыцIей хъыбарегъащIэ игъэкIуащ, зи хъыджэбз к Iуэдар фыкъызэхуэс мыбы хуэдэ фIыгъуэр фIыгъыу жиIэри. Урыс кхъухьу хъыджэбз щэрэ щырэ зэрысыр нэгъуэщI кхъухьхэм къахъумэу Хьэчакъ жыхуиIа кхъухь тедзапIэм къекIуалIэмэ – цIыхур Iуву зэхэтщ, хъыджэбз цIыкIухэм я адэанэ дэнэ къэна, я хьэблэм дэсхэри къызэхуэсауэ.

Абдежым япэ хэт кхъухьым къыдэкIуеяр? Анапэ дэс тырку пэщэрщ. «Сыхэгъади, зы дахэ дыдэ цIыкIу къыхэзгъэх, Трапезунд си ныбжьэгъу пэщэ дэсщи, естыну», – жиIэри. Хьэсэнпэщэ уасэкIэ икIуэтынутэкъыми, зыхуейр зыIэщIигъыхьэри ежьащ, адрей цIыкIу къомыр я адэ-анэм яритыжри иутIыпщыжащ, къызэригъэгугъа фIыгъуэр кхъухьым из ищIри къызди-кIам игъэкIуэжащ. Пэщэри арэзы хъуауэ шу гъусэшхуэр и ужь иту Анапэ къалэм дэлъэдэжащ, арщхьэкIэ абы къыхиха тхьэIухуд цIыкIур пщы гуэрым и нысэу къыщIэкIати, занщIэу зыкъиIэтащ: «А хьэм къилъхуам си къуэр зэхъуэпса хъы-джэбзыр естуи», – жиIэри. КIуэрэ елъэIумэ – пэщэм зыхигъэза-гъэркъым, хабзэкIи къытепхыж хъуркъым, сыту жыпIэмэ, шыпхэм тесу къэпхьар ууей мэхъу, птрахыжын хуимыту, мобы хъыджэбзыр я унэм къыщIихакъым, къищэхуащ, нэгъуэщIым къытрахауэ.

Пщым лIы ахъырзэман Iэджи иIэти, унафэ яхуищIащ хъыджэбзым жэщи махуи кIэлъыплъурэ Трапезунд щашэм деж теуэу къытрахыжыну. Езы пэщэри къэгузэвати, хъыджэбзыр

кхъухьым иригъэтIысхьэщ, гъусэ хъарзыни хуищIри жэщым иутIыпщащ. Ар мо къыкIэлъыплъхэм щалъагъум, кхъухьыр жыжьащэ ямыгъакIуэу теуэри хъыджэбзыр тыркум къытрахыжащ, и хъумакIуэу щытам кхъухьыпщри яхэту яубыдащ, кхъухь нэщIыр хыфIадзэжри макIуэ-мэлъей. Анапэ дэс пэщэм ар и гум техуэнт, дзэ зэхуишэсу хуежьащ, гъэру яубыдари къатрихыжыну, зыубыдам я къуажи щысхьырабгъу имыIэу хьэбэсабэ ищIыну. Хьэчакъи къэгузэващ:

– ФIы сщIэн си гугъати, цIыхур бэлыхьлажьэ хэздзауэ къыщIокI, – жиIэри. Iуэхур зэзыгъэзэхуэн нэгъуэщI щимылъагъум, Хьэчакъ Мухьэмэд-Iэмин деж кIуэри елъэIуат: «Мыращ, моращ, тырку пэщэм хьэлэбэлыкъ къимыIэтыну гурыIуэ, зауэкIэ адыгэм къапихын щыIэкъым», –жиIэу, арщхьэкIэ гурыIуакъым, Мухьэмэд-Iэминыр тыркум я IупэфIэгъути, лъэмыж зэрыкIар къуажэм дэсхэм къакъутащ, езыми къалэ зауэ къращIылIэри ерагъпсэрагъыу и щхьэр къихьыжыфа къудейщ, дзэуэ ишари къракъухьауэ. Абы лъандэрэ Хьэчакъ дагъыстан молэм яхузэгуоп.

Тырку пащтыхьым жиIам къыпищэу Хьэчакъ къыжиIащ:

– Япэм пщыжь-уэркъыжьым ядэу щытакъым, Тыркур муслъымэн къэралщ, дыкIуэрэ дахэтIысхьэмэ, дыздэпсэунщ жыпIэмэ. Иджы пщылIыр Iахыну зэхахащи, я щхьэр здахьынур ямыщIэу шэми ес, шхуми ес. ДыкъызыкъуэгушхукIын мылъкуи къаруи игъащIэм дбгъэдэлъкъым: сыт дэ диIэр? Фыз зырыз, фоч зырыз. Ар зимыIэххи дапщэ ухуей?

Пащтыхьыр нэхъ нэщхъыфIэ къэхъуащ:

– ФимыIэр Алыхьым къывит, – жиIэри.

Хьэчакъ и псалъэм къыпещэ:

– Дызэрыпсэур Алыхьым къыдитар аракъэ. Къурш зэвыпIэ диIэщи, гузэвэгъуэ дихуэм, быдапIэ тхуохъу, щIы диIэщи, дытолэжьыхь. ПщылIыр тIахрэ – ди дзэлыфэ тIауэ дылIэнущ, десакъым икIи ди хабзэкъым пщыр е уэркъыр вэуэ, мэкъу пиупщIу, Iэщ игъэхъуу губгъуэм иту. ПщылIыншэу дыкъанэмэ, дэнэ ди щхьэр здэтхьынур? Тыркум дыкъакIуэуи ирехъу – ди цIыхур зытелэжьыхьын щIы уимыIэмэ, дауэ псэуа узэрыхъунур?

– Джаур диным ит ермэлыр дгъэIэпхъуэрэ я щIыр къыведгъэтмэ-щэ? Е балкан джаурхэм фапэдгъэтIыс щхьэ мыхъурэ?– жиIэри пащтыхьыр лIыкIуэ къэкIуам къахэплъащ.– Пэжу, Донрэ Къобанрэ я зэхуакуу зекIуапIэ фщIар щIышхуэщ, нэщIщ. Апхуэдэ щIышхуэкIэ фыкъэдгъэгугъэркъым. Ермэлымрэ фэрэ фызэзэгъынкъэ?

– Ермэлы гъунэжу къытхэсщ игъащIэми.

– Мыбы фыкъакIуэмэ, фэ фахэсынщ.

– Дагъыстанымрэ Арысеймрэ дэтхэнэр нэхъ лъэщу пIэрэ жаIэу щIэупщIи диIэщ, –жиIэри мыпсалъэу щысахэм ящыщ

гуэрым къыхиIуати, пащтыхьыр къэгушыIащ:

– Зезыпщытар нэхъ лъэщщ, – жиIэри. Абы къызэрилъытэмкIэ, Дагъыстаныр Арысейм теуауэ арат. Щамил деж къикIыу щыта хъыбарми Алыхьыр къызыдэIэпыкъу къэралыгъуэу арат Дагъыстаныр зэрыхэтыр. Езы тырку пащтыхьу Абдул-Мэжид европэ къэралхэм ядэплъейуэ промышленностым, културэм, щIэныгъэм заригъэукъуэдийуэ, нэхъ къэрал лъэщ ищIыну хущIэкъу щхьэкIэ, феодализмэм къилъэхъахэу кIуапIи жапIи къратыртэкъым, реформэ гуэрхэр ищIын и гугъэу танзимат къыдигъэкIыр къэнэжырт, къикIи сыти щымыIэу, министерствэ зэригъэпэщахэри къаруунщэт, яхузэфIэкIи щымыIэу. ЩIым фIыгъуэ куэдыщи щIэлътэкъым, а щIэлъ тIэкIури къыщIэхарэ къэгъэсэбэпа хъуртэкъым, къыщIахми, къыщIэзыхыр нэгъуэщI къэрал къикIар аращи, Тыркум буржуазиеу исыр сондэджэрхэм я закъуэщ, абы я нэхъыбит Iри ермэлыщ, уащыгугъ мыхъуу. Псом нэхърэ нэхъ Iейр сыт жыпIэмэ, Отоман империер зэпкъроху, зэуэн-бэнэныр иIумэтым щагъэтыркъым, дэтхэнэ лъэпкъри къащтэ – Тыркум гуэкIыу къэрал щхьэхуэ защIыжыну хущIокъу, пащтыхьым и къарур къомэщIэкIри империешхуэр зэтриIыгъэн лъэкIыркъым.

Иджы апхуэдиз гузэвэгъуэ пащтыхьыр хэту адыгэ лIыкIуэхэр къыхуокIуэ: «КъыддэIэпыкъу, уи унафэм дыщIэгъэувэ», – жаIэри. Тырку пащтыхьым фIэфI щ къызэрыкIуар, ауэ ядэIэпыкъуну къару иIэкъым. «СиIэкъым» жиIэнуи и щхьэм трилъхьэркъым, къэрал лъэщ бэлыхьу Россием пэувыфыну закъыфIигъэщIыну аращ зыхуейр. Адыгэр къэIэпхъуэрэ тыркум къахэтIысхьэмэ, щIэгъэкъуэн хъунк Iэ мэхъу, дзэм хыхьэнур хигъэхьэнщ, езы адыгэми зэуэн-бэнэныр зыми халъхьэркъым, Iэщэ ептмэ, загъэлIэнукъым, дзэм хэмыхьэр пщылIынщ, унэIутынщ жиIэу арат пащтыхьым и гум илъыр, арщхьэкIэ апхуэдэ лъэпкъ къыхимыгъэщу Щамил и гугъу ищIащ:

– Мухьэмэд-Iэминри Щамил нигъэкIуат. АрщхьэкIэ и щIыбагъ къытхуигъазэри бжыхьым фIэлъ пыIэ псыфым ещхьу къэнэжащ. Дагъыстаным адыгэр гухьэми, адыгэм Дагъыстаныр гухьэми – тIури зы дзэкъэгъуэщ Россием фызэрыхуэхъунур, Отоман империер къыфщхьэщымытмэ...

– Пэжщ, зи лъэкIыныгъэр ин.

– Псалъэ дыгъэлкъэ ар!

– Тэмэм дыдэри аращ, Алыхьу тэхьэлам уи пащтыхьыгъуэр кIыхь ищI, – жаIэу лIыкIуэ кIуахэр къызэщIэващ, абы жаIэр пащтыхьым и тхьэкIумэ иригъэхьэртэкъым:

– Фэ гузэвэгъуэ фыхэхуэмэщ, есыкIэ щыфщIэр, джаурым фи щIыр явощэри джаур къывогъэтIысхьэ, фи щIалэ цIыкIухэр анэмэту джаур еджапIэм ивот, фи щIалэгъуалэр дзэм макIуэри урыс пащтыхьыр яхъумэу Бытырбыху дэсщ, а псом ящIыIужкIэ зэм инджылызым, зэм полякым я деж фокIуэри фолъэIу. Иджы

си деж фыкъэкIуащ лъэIуакIуэ, «ди пщылIыр урыс пащтыхьым тIехри губгъуэм дыкъренэ» жывоIэри. Фэр-фэру фызэгурыIуэжми хъунти, акъыл дыкъуакъуи фхэтщ, хэт урысым я дежк Iэ йокъу, хэт инджылыз жеIэ, хэти щхьэзэ хъуауэ утыкум итщ, здэк Iуэнур имыщIэу. Сыт иджы фхуэсщ Iэнур? Гъущ I къалэ дэсри гъущ I мастэ щощ Iэ: сэри сызыхущыщ Iэ мащ Iэкъым, Алыхьу тэхьэлам сыщогугъ си къарум къыхигъэхъуэну, джаурым я насып къыттримыгъэкIуэну. – Пащтыхьыр псалъэ пэтми, жиIэм щIэгубжьэжырти, мащIэ-мащIэурэ къэгубжьыпа хъунти, лулэм екъунут, ункIыфIыжауэ къыщIэмыкIатэм. Щымыхъум, аргуэру щыгъэ идзу хуежьэжащ.

– Уэ къехынур къеха нэужь щIакIуэм ухуеиж? ДэIэпыкъуэгъу дэри дыщыхуейр нобэщ, – жиIэри Хьэчакъ къыпища щхьэкIэ, пащтыхьыр зыщIэупщIар нэгъуэщIт:

– Догуэ, Щамил урысым ятекIуауэ щытатэмэ, сыту пIэрэт ярищIэнур?– Ар зытрижыIыхьар зыми ищIэртэкъым, Хьэчакъ хуигъэфащэу къыжьэдоху:

– Пащтыхьу теувэнт.

– Джаур пащтыхьуи?..

ЛIыкIуэу къэкIуауэ щысыр зэплъыжат, жаIэнур ямыщIэу. Екатеринэ ЕтIуанэри географиемкIэ лъэщу щытакъым. Кавказыр иубыдыну мурад щиIам щIэупщIат: «Тифлис къалэр дэтхэнэ тенджыз Iуфэра зыIутыр: Каспийскэра хьэмэ тенджыз ФIыщIэра?» – жиIэри. Абы ещхь хъуауэ къыщIэкIынт тырку пащтыхьри.

Сэфар сымэ жыпIэнущи, ахэри аращ– географие жыхуэпIэм хащIыкI щыIэкъым, итIани гъуэгу теувэмэ, здэкIуэн хуейр ящIэ. Абдул-Мэжиди Россием и инагъри и къарури зыхуэдизыр тэмэму ищIэртэкъым. Франције къэрал лъэщу къилъытэм Кърымыр яубыдыну щыхуежьэм, я джабэр урысым къыщIауду къыщыIуахужам, къыгурыIуащ Россием зеппщыт зэрымыхъунур. Нобэ къэс ар къагурымыIуауэ адыгэр урысым пэщIэуващи, ирезауэ, къэзэуат зыщIыр Алыхьым къещтэ, урысыр Къобан къыфIамыгъэкIыу яIыгъыфмэ, ари бдэнщ.

Пащтыхьыр зыри жимыIэу зыкъомрэ гупсыса нэужь, къызэщыужа хуэдэу къэпсэлъащ:

– Алыхьу тэхьэлам апхуэдэу щиухакIэ, схузэфIэкIымк Iэ сывдэIэпыкъунщ, – жиIэри.

Хьэчакъ и пIэм имызэгъэжу щыст, пащтыхьым къыхуэтша тхьэIухудхэр унэм къыщIэтшэу я дахагъэр, я гуакIуагъэр едгъэлъэгъуа дауэ хъуну жиIэу, и гугъэт сулътIаныр ятеплъэмэ, нэхъ гущIэгъу къахуищIыну.

Сэфар Жану Хьэчакъ и гум къишхыдыкIыу къэпсэлъащ:

– Къуэш нэхъыжьым нэхъыщIэр къихъумэу псоми я хабзэщ. Ди къуэш нэхъыжьым щхьэкIэ жаI эу къыпхуэгузавэу аракъэ шапсыгъми, абазэхэми, убыхми, бжьэдыгъуми, беслъэнейми, натхъуэджми, мэхъуэшми набдзэ зытету къалъхуам хэплъыхьу-

рэ тхьэIухуд зырыз къыхахыу къыщIыпхудагъэшар. Тхьэм я насып уигъэлъагъу, тхьэм уи нэгу ягъэджылу уи унэ щIигъэс. Адыгэ цIыхубзыр дэни шэ – уасэ иIэщ.

И ужь дыдэ жиIар пащтыхьым и гум ирихьакъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, иджыблагъэ пащтыхьым и фыз къомым ящыщу адыгэ цIыхубз гуэр дзэм хэт щIалэм дихьэхауэ къащIэри хьэлэбэлыкъ къикIати.

– Фи цIыхубзыр апхуэдэу вгуэшмэ, къуэш нэхъыщIэу фи гъащIэр фхьынщ, – жиIэри пащтыхьым фIыщIэ къахуищIыным и пIэкIэ ар къакIэщIидзащ.

– ЦIыхубзым псищэ Iутщ, – жиIэу Сэфар Жану тIэкIу къэдыхьэшхати, нэгъуэщI зыри дыхьэшхакъым, Хьэчакъ жыпIэнущи, къэуцIыплъащ, пащтыхьым жиIар щхьэкIуэ хуэхъури.

– Iупэр напэм и хамэу жа Iэми, зи лъэкIыныгъэр ин, жыпIар псалъэ захуэщ, купщIэ илъщ, – жиIэри Хьэчакъ и фIэщу псэлъэну къиублащ, Сэфар Жану пэрыуэу. – ЦIыхухъур лъэпкъым и къупщхьэщ, ауэ цIыхубзырщ жылэр зытек Iыжыр. Зи жылэ зымыхъумэжым и щхьи хуэхъумэжынукъым. Ди цIыхубзыр тщэмэ, ттымэ, мылъкукIэ дызыкъуэсыр цIыхубзыращ. Ар сытым къыхэтхрэ? ТхьэмыщкIагъэм, къулейсызыгъэм. Уи гаремым хуэмыдэми, гарем зырыз къет адыгэми, куэд дэмыкIыу «къуэш нэхъыжькIэ» дэри къыдэджэу лIэщIыгъуитI-щыкIэ дымыхъумэ, сылIу пащIэ стеткъым. Ди цIыхубзым унагъуэ зэрахьэф, бын ягъэсэф. КъащIэхъуэ мыгъуэри дощэ, ныбэм уимыгъэщIэн щыIэ? Ныбэр шхын хуэныкъуэмэ, уи анэр ук Iи, къилъхьэ жеIэ, жи. Ныбэм хуэдэщ узри. Аращ ди лъэр къыщIэзымыгъэувэр. Ди мащэр ди IэкIэ къыдотIыж.

Хьэчакъ гаремым и гугъу зэрищIыххар щхьэкIуэ хуэхъури зиц щабэ хъуахэм къегий хуэдэу Абдул-Мэжид къыщIидзат:

– Пщыгъуиблым тхьэIухудибл къысхурагъэшауэ жыфIакъэ...

Пащтыхьым и псалъэр Сэфар Жану зэпиудащ:

– ГукIи псэкIи зэхуэарэзыуэ, зи лъэкIыныгъэр ин, лъапэ махуэ къыщIахьауэ Алыхьым къыщIигъэкI, зэштегъэу дахэ пхуэхъумэ, ди гуапэщ...

Псоми я гугъат «къевджэт мыдэ» жиIэу пащтыхьым хъыджэбз цIыкIухэр къыщIригъашэу я дахагъэр зригъэлъагъуну, арщхьэкIэ Абдул-Мэжид фIэIуэхуакъым. Асыхьэтым къалэм дэт мэжджытышхуэм азэн къыщыджэу макъ дахэ къэIуати, пащтыхьым нэмэз щыгъэшхуэр иIыгъыу къэтэджащ, и псалъэм пичри:

– Си уэзырхэм яжесIэнщ къывдэIэпыкъуну. – ЛIыкIуэхэр зэплъыжу къызэхинэри, пащтыхьыр къызыщIэкIа бжэшхуэмкIэ игъазэри Iэ убыдыж сыти хэмыту щIэкIыжащ, мэжджытым кIуэуэ пIэрэ жыуигъэIэу. Иджы дауэ: бгъэзэжу укIуэжыну, хьэмэ, уэзырхэм я унафэм упэплъэу ущысыну?

ЛIыкIуэр я увыIэпIэм екIуэлIэжауэ зочэнджэщыж, хэт «къы-дитынуIатэм, къыдитынт» жеIэ, хэти «уэзырхэм къыдригъэ-тыну щыжиIакIэ дыпэвгъаплъэ» жеIэ, хэти «дывгъэкIуэж, дывмыгъэщхьэрыуэу» жеIэри еукъуэдий. Зыкъомрэ зэныкъуэ-къуа нэужь, зэгурыIуащ Истамбыл къыдэнэу заIэжьэну.

Сэфар Жану и хэгъэрей гуэрхэр Истамбыл дэсти, къигъуэ-тыну ежьащ, арыншэми а къалэшхуэм адыгэ Iэджи дэст, хэт яшауэ, хэти яща цIыхубзым и щылъхуу, уеблэмэ пщы гуэр Россием пщылIыр щыIахыну и тхьэкIумэм къицырхъати, и пщылIи сыти и гъусэу Тыркум къакIуэри ахъшэу зэхуихьэ-самкIэ щIышхуэ къищэхури тенджыз Iуфэм IутIысхьэжауэ псэурти, къыздэIэпхъуа щIыналъэр къемызэгъарэ е езыр лъэрымыхь хъуауэ къежьат – куэдрэ мыпсэууэ лIэжащ, къуажэ игъэIэпхъуар къызэхинэри.

Адыгэ защIэу щIалэ гуп зэхэту «шокъу» жиIэу Жану иро-хьэлIэ, икIи къогуфIэ адыгэбзэкIэ щIалэхэр псалъэу зэхихати. ЩIэупщIэ-къыщIэупщIэжурэ, Жану къещIэ гъэщIэгъуэн гуэр-хэри, пщы къэIэпхъуэу дунейм ехыжам къыщIэна фызабэм пщым къищэхуа щIыр тесри сытри дэкIуэу ищэу къыщIокI. Сэфар ар щызэхихым, щIалэхэм елъэIуащ фызабэм деж яшэну. Модрейхэри апхуэдэ Iуэхутхьэбзэ къыхуащIэну хьэзырыпсти, яшащ, кхъуафэжьейм ирагъэтIысхьэри.

Хьэчакъ сымэ къызэхэнауэ зэхэсщ, къалащхьэу дызыщы-гугъар дэнэ кIуа жаIэу. Хэт ищIэнт Сэфар щIы къищэхуну ежьэжауэ. Хьэчакъ «тхьэм ещIэ, зыгуэр зэхищIыхьу хьэпсым ирадза» жиIэри адэкIэ жащ, мыдэкIэ жащ, Галатэ сэрейми яфIыдыхьэри щыщIэупщIащ, зыми зыри имыщIэу, зи гугъу ящIым нэкIэ темыплъауэ тхьэ яIуэ, Къартал Мел тепе къалэми щыщIэупщIа щхьэкIэ, ари арат. Хьэчакъ къижыхь-нижыхьу уэрамым дэтыху, пащтыхьым и уэзырхэми лIы къагъэкIуащ – пащтыхьым къаритыр зыхуэдизыр къажезыIэн.

Пащтыхьым и гум пыкIар куэд дыдэ хъуртэкъым: топу пщыкIутху, фочу миниплI, фоч гыну чей щищ, ахъшэ тIэкIуи щIыгъужу. Иджы сыт? Зы кхъухьым илъхьи, ежьэж, ущIэщхьэ-рыуэни щыIэжкъым, Сэфар Жану жыпIэнущи – зигъэкIуэды-жащ: тхьэм ещIэ пащтыхьым къыпыкIын щIагъуэ щымыIэу гу щылъитэм, и щхьэ Iуэху и ужь ихьэжа?

Iэтащхьэр щахэмытыжкIэ абы и пIэ иувэнур Хьэчакъти, унафэ ищIащ икIэщIыпIэкIэ къежьэжыну. Пащтыхьым къарита Iэщэ-фащэр езы тыркум къашэну арати, абы упэплъэу зыбгъэ-гуви хъунутэкъым, къызэрыкIуа убых кхъуафэшхуэр къа-поплъэри кхъухь тедзапIэм телъщ.

Хьэчакъ сымэ къежьэжащ.

* * *

Бгъэшхуэ абгъуэм ещхьу Iуащхьэшхуэм тещIыхьа быдапIэу Гуниб дэса Щамил и дзэм лъэкI къамыгъанэу зэуат, арщхьэкIэ урысым я дзэр IэджэкIэ къекуэдэкIти, пэлъэщакъым, цIыхуу хэкIуэдами бжыгъэ иIэтэкъым, унэу зэхагъэщэщари арат. Гуниб къалэр къыщта нэужь, пащтыхьым и дзэпщ Барятинскэр сымаджэ щыхъум, цIыхум тхьэ щаIуэжт дагъыстан цIыхубзу зи бын, зи Iыхьлы зауэм хэкIуэдам я гыбзэр инэралым къытехуауэ.

Иджы Барятинскэм и пIэкIэ урыс пащтыхьым къигъэкIуар инэрал къудейтэкъым – езым и къуэшу пщышхуэ Михаил НиколаевичкIэ зэджэрат. Пащтыхьым зэрыжиIам хуэдэу, адыгэм я лъапсэм псы изыгъэжыхьыжу я унагъуэбжэр хуезыгъэщIыжынурати, къызэрысу и дзэр адыгэм къариутIыпщат, феуэ, маржэ, мыхьыр евгъэхь жиIэри. Дэтхэнэ зы операцэми и планым езыр и щхьэкIэ хэI эзэщIыхьыжырт, дзэр нэхъ тригъэгушхуэу.

Абдеж дыдэм кърихьэлIэжу Хьэчакъ сыми къэсыжат, хъыбар мыфэмыц къом къахьри. Минтэкъэту (пщыгъуэу) щыI эм икIэщIыпIэкIэ хъыбар щынэсым, занщIэу унафэ ящIащ цIыхур къызэхуашэсыну. Хъыбар мыфэмыцым хэкур къигъэбырсеяти, цIыхур я щхьэ бжьэ еуа хуэдэт. «Бетэмал, Бэрзэджыпщыр сыту Iущу къыщIэкIа – и Iумэтыр къанэ щымыIэу иришажьэри ежьэжащ зыщымыгугъын щымыгугъыу», – жаIэрт.

Истамбыл къикIыжахэри я унэ щIэмыхьэжу хасэмкIэ кIуащ, арат зэрызэгурыIуауэ щытари. Урыс пащтыхьым къахуимыщIар тырку пащтыхьым къахуищIа я гугъэу, лIыкIуэ ягъэкIуар къэкIуэжауэ щызэхахым, зи лъэ вакъэ изылъхьэф къэнакъым жыпIэн хуэдэу адыгэр ТхьэщIагъыжькIэ къызэрыхьат, зы фIыгъуэ гуэрым хэкIыж хуэдэ. Нэхъыжьхэр япэ иту къэсащи, жыг жьауэм щIэсщ. Сэфар Жану ищIар яфIэтелъыджэу жаIэнури ящIэркъым, ар къэмыкIуэжу къэна зэрыхъуари зыхуахьынур ящ Iэркъым, «хьэжыщI кIуэ хуэзамэ, яхыхьэжащ» жызыIи щыIэщ.

Зэхуэсам яхуэмыухыр пщылI Iыхыр арат. Уи пщылIыр уи гъусэу Истамбыл уокIыжри – щIы къуатынукъым, зыдэпшэрэ пщэкIэ къыщIэкIыни щыIэкъым, къыбогъанэри – псэуа ухъуну-къым. Истамбыл икIыжа убыххэр щIегъуэжащи, я щхьэр здахьынур ящIэркъым жиIэу тхьэ зыIуи щыIэт, уеблэмэ урыс пащтыхьым прошенэ хуагъэхьат цIыху мин Iэджэм я IэпапIэ телъуи, пащтыхьым къахуидакъым хэкум икIыжам къагъэ-зэжыну.

«Сыбыри дыкIуэу, чристан динми дихьэми додэ», – жызыIэу лъэIуа щыIэу шэсу уви хуэзат, арщхьэкIэ дэнэ:

* *Жасус* – тIасхъэщIэх.

«фыIэпхъуэ-жащи, фыздэIэпхъуам фыщыIэ», – жиIэу арат пащтыхьым къыпаха жэуапыр.

Япэм молэм цIыхур зэрагъэшынар урыс диным фрашэнурэ кхъуэл фшхыуэ фащIынущ жаIэу арати, иджы джаур динымкIэ пхуэгъэшынэн щымыIэж дэнэ къэна, Сыбыр кIуэну хьэзырщ, хуит ящIу къагъэкIуэж закъуэмэ. ПщылIри яхуэмыIыгъыжу, Истамбыл икIыжын хъыбар зэхахамэ, здэкIуари здэжари умыщIэу мэбзэх. Пщыр я пщылI къалъыхъуэжу губгъуэм итщ, ягъэлэжьэни Iэщ зыгъэхъуни ямыIэжу. Дунейр гузэвэгъуэшхуэ хъуати, унафэ гуэр ямыщIыну Iэмал иIэтэкъым, хэкукъутэр къызэрыблэгъар нэрылъагъут. ИпщэкIэ дэкIуейрэ псыхъуэм дэтIысхьи щыIэт, и хьэблэр къегъэтIысэкIауэ, зизычу къуажэр зэрыкъуажэу тенджыз Iуфэм IутIысхьэри нэхъыбэжт, псым икIыжын я мураду. Псыжь и гъунэгъуу щыс абазэхэр, беслъэнейр, шапсыгъыр шэсауэ губгъуэм итт, псым къэзакъ къызэпрамыгъэкIын я хьисэпу, къызэпрык Iыу къутыр къэтIысам жэщкIэ ятеуэрт, езыхэми ар къыхуамыгъэгъуу нэхъ Iеижу жэщым зытеуар махуэм къатеуэжырти, къуажэр зэрыкъуажэу ягъэсырти, адыгэм я щхьи я мылъкуи хэкIуадэрт, абы ищIыIужкIэ Тыркум кIуэжар зырыз-тIурытIурэ къафIэкIуэжмэ, я фэм дэкIауэ жаIэм уи щхьэфэцым зригъэIэтырт. Пащтыхьу Александр ЕтIуанэм «хэкум фикI» жиIэу, тырку пащтыхьым хэкум икIыжар къумым иридзэрэ игъалIэ щыхъум, цIыхум я гур кIуэдыпащ «уафэмрэ щIылъэмрэ я зэхуакум увыIэпIэ щыдиIэкъым» жаIэу.

Абдежым къалэ зауэр езыр-езыру къежьащ. Къуажэр зэрыкъуажэу зэхуэсырт, зэIущIэшхуэм хэт кIуэми хъурт, уеблэмэ узэрыбынунагъуэу кIуэ, зэIущIэм кIуэмэ, щIэкIуэри ящIэрт. Хэт сыт жиIэнуми жиIа нэужь, унафэ ящIырт къалэ зауэм псори хэкIуэдэху зэуэну. Къэрабгъэ къахэкIмэ, иращIэнури ящIэжырт: къэрабгъэр арджэным е упщIэм кIуэцIагъэджэразэти, мэш пхырым ещхьу щIытIым трагъэувэрт, бийм и шэр, и мыжурэр япэ абы къытехуэу е къыхаIуу къаукIын хуэдэу. Къалэм дэтIысхьэжу зэуэным и пэ къеззэуэнур къагъуэтырт: Анапэ дэс пэщэм и дзэр е къэзакъ станицэм ятеуэрти зэрапхъуэрт, модрейхэр къатемыуэжыну Iэмал имыIэу, къатеуэжмэ, арат езыхэр зыхуейри, я цIыкIуи я ини къэмынэу, япэ хэкIуадэм и насыпу зауэрт, псэууэ къелым лIэр щIалъхьэжу. АрщхьэкIэ узыщыгугъын щыIэтэкъым: Щамилу псори къалащхьэу зыщыгугъар гъэру яубыдащи, «хьэжыщI сывгъакIуэ» жиIэу мэлъаIуэ. Абы езауэу щыта дзэм и нэхъыбитIым зыкъагъазэри адыгэм къапэуващ, я бжыгъэкIэ батальон хыщIрэ пщIырэ, драгун дивизие, шу защIэу къэзакъ полкыу тIощI хуэдиз, топ зэмылIэужьыгъуэу щэм нэс. Адыгэ къуажэхэр Iэпхъуэурэ, ипщэкIэ къуэм и быдапIэм дэкIуейуэрэ мэзым и IувыпIэм хэтIысхьэри къуажэ къэс мывэ сэрей лъагэкIэ къащIыхьащ, къыдэукIыпIэ

иIэу. Къуажэ плIыщIрэ плIырэ хъурт мывэ къалэм дэтIысхьауэ дэсыр. Мэзу нэхъ зыщыгугъыр Iув щхьэкIэ, сэлэтхэр къыхы-хьэри паупщIу хуежьащ, топкIэ къеуэурэ быдапIэ тIэкIур зэхагъэщэщэну.

Мэзыр пызыупщI къэзакъхэм жэщкIэ ятеуэрэ я пщыIэр ягъэсу я Iэмэпсымэр къахь щхьэкIэ, апхуэдиз сэлэтым хэт пэлъэщынт? Мэзыр пхаупщIыкIыурэ топ уапIэ ящIа нэужь, быдапIэ зыщIу дэтIысхьэжам топкIэ къеуэурэ мывэ сэрей зыкъуэсар зэхагъэщэщащ, абы къуэсари хэкIуадэу. Махуэм къаукIар жэщкIэ яхущIэлъхьэж къудейт, абы ищIыIужкIэ Мухьэмэд-Iэмин мюридхэр и гъусэу зы къуажэм дэкIрэ адрей къуажэм кIуэурэ уаз ит зэпытт: «Зэуэныр щывгъэт, лъэпкъ кIуэдыр къыфхуэкIуэнщ», – жиIэу. Абы жиIэм едаIуэу зэуэныр зыгъэувыIи щыIэт. Иужьым езы Мухьэмэд-Iэмин адыгэмрэ кърым тэтэрхэмрэ задищIу Тыркум кIуэжа щхьэкIэ, лIэжыхукIэ урыс пащтыхьым илъэс къэс хуэзэу сом минипщI кърит ыну гурыIуащ. Ай, бетэмал, а лъэхъэнэм адыгэм абы гу лъатауэ щытатэмэ, хэт абы и уазым едаIуэрэт?

Шапсыгъ адыгэр убыххэм хуэдэ къабзэу зыми емыдаIуэу псэемыблэжу зауэрт, я щIыналъэм зы сэлэт ирамыгъэхьэн я гугъэу. Ахэри зыщымыгугъын щызыгъэгугъ щыIэт: Тыркум къикIа жасусхэм* адыгэр ягъэIущырт къимыкIуэту зэуэну, «куэд дэмыкIыу Тыркум фи щIыналъэм дзэшхуэ кърагъэтIысхьэнущ, Iэщэу ямыIэ щымыIэу, апщIондэху урысым езэуэныр щIэвмыгъачэ, дзэр къэсмэ, ягъэлъэнущ», – жаIэу.

Нобэ хуэдэ гузэвэгъуэу адыгэ лъэпкъыр хасэ ящIу зэчэнджэщыну арат. Мухьэмэд-Iэмин къызэхуэса къомым я хъыбар зэхихати, къахэмыхьэу къэнэнт? Щамил урысым щаIэрыхьакIэ, езым и унафэр езым ищIыжыну къыщынэм, ефэндым къыгурыIуат узыщыгугъын зэрыщымыIэжыр. КъэралитIым зым хэщI зэпытт, зыр хэхъуэ защIэурэ макIуэри, Алыхьым апхуэдэу иуха хъунщи, зыхэбгъэн хъунукъым, зыгуэр къыплъысын щхьэкIэ, Алыхьыр здеIэмкIэ уеIэн хуейщ. Алыхьыр здеIэр дэнэкIэ? Зи къэралыгъуэм къыхэхъуэм къыдощIри уэри абы укъыдэщIмэ, ухэныпэ нэхърэ лъэпхъуамбыщIэ жыхуаIэу хъунущ.

Адыгэ къуажэ плIыщIрэ плIырэ къалэ зауэ ящIу зэуэну тхьэ зэхуаIуами, яхузэфIэкIын щыIэкъым, къуажэ къэс пщыгъуэ зырызщ, зым ищIэр и гъунэгъум имыщIэу зэуэнущ, псори зэдэIуэнур зы дзэпщу щытатэм, нэхъ зэрыIыгъынт, зым зыр дэIэпыкъуу, узмэ, утIщ жыхуаIэм хуэдэу, иджы зэрыщытымкIэ, утIмэ, укIуэдыжащ жыхуаIэр аращи, къуажэ къомыр зыры-зыххэу зэтрагъэщэхэнущ. Мухьэмэд-Iэмин къызыдэщIынур, дауи, урысыр ращ, ауэ ефэндыр напитIу адыгэм гу къылъатэмэ, махуэпс ирагъэфэнукъым. НтIэ? Адыгэм уакъыдэщIу закъы-фIэбгъэщIурэ урысым я гум укъишхыдыкIын хуейщ. Уаз итурэ къуажэ Iэджэми

щыIащи, дэнэ укIуэнуми ещIэ, Iуланхэм я къэзакъхэм я пэ уиувэрэ епшажьэмэ, лъагъуэ щэху защIэкIэ уздэкIуэм баш упсахуэ къытебнэурэ узыхуейм пшэ хъунущ, укъэзылъагъуи сыти щымыIэу. АхъшэфIкIэ къагъэгугъа нэужь, нэIибри нэгъуэщIу къыщIидзыжат.

Мухьэмэд-Iэмин мюриду иIэм дзыхь зыхуищIхэм фIэкIа и мыгъусэу къикIухьырт, зы къуажэм дэкIмэ, нэгъуэщI къуажэм кIуэуэ. Диныр хьэкъыу пхыкIауэ къафIэщIу щытами, урысым жасус яхуэхъуа нэужь, къыпхуэмыцIыхужу зихъуэжат. Иужь дыдэ хасэу зыхэтар нобэ къэси цIыхум я гум къинэжат.

Щамил и нэIибу адыгэм яхэс Мухьэмэд-Iэмин молэуэ а махуэм къызэрыпщIэн щыIэтэкъым, Iэщэ-фащэкIэ къызыхуэт щыIэтэкъыми, и цейм лъэныкъуитIымкIи хьэзыр ирий илъти, ими гынрэ шэрэ ярылът, сэшхуэ, къамэ, фокIэщI жыпIэми, уаз итыну къызэрымыкIуар IупщIт, и хъурыфэ пыIэ лъагэм шылэ хужь къешэкIа пэтми. НэIибыр имамым хуэзэмэ, къыжриIэт: «Адыгэм я гум илъыр зэбгъэщIэну жыпIащи, зэгуэр кIэ ептыпхъэщ», – жиIэу. А махуэм езы Мухьэмэд-Iэмини зригъэщIар ирикъуну къилъытэжуи къыщIэкIынт, «нэхъыжьхэр здэщыIэмкIэ неблагъэ» жаIа щхьэкIэ, имыдэу, цIыхур къызэхуэсу къаувыхьын щхьэкIэ, къамышыр къиIэту зэрырихьэхыжу и шу гъусэ къомым «Лабэ уэрэдыр» къыхадзащ.

Уэрэд жызыIэр яфIэгъэщIэгъуэну уэркъ, пщы къызэхуэсам я шулIыгъусэхэр адэкIэ-мыдэкIэ икъухьауэ шы гъэхъупIэм итхэти, къызэхуэсри къаувыхьащ. Мухьэмэд-Iэминыр уафэм къеха мелыIычым хуэдэу уэрэдым ежьу цIыхум къахэплъэрт, уэрэд гуузыщэр я гум щIыхьауэ зэчырым хуэдэу, зэрыжаIэм гу лъитауэ. Уэрэдыр и кIэ дыдэм нимыгъэсу, сэшхуэмкIэ зэпиупщIам хуэдэу, щIопщымкIэ пригъэчри къэпсалъэу щIидзащ:

– Уа, жэмыхьэт! Зи блатхьитIыр дыгъэмрэ мазэмрэ къыхащIыкIа Щамил сэлам гуапэ фэсхыну къысхуи Iуэхуащи, сэлам хьэлейкум!

ЖэмыхьэткIэ зэджэр къызэщIэващ:

– Уалейкум сэлам!

– Тхьэм и сэлам дахэ ищI. Псэумэ, аращ.

Мухьэмэд-Iэмини адэкIэ къыпещэ:

– Псыпэр здэкIуэм псыкIэр ирокIуэ. Адыгэм я псыпэ хъужыр фэращи, зыщывмыгъауэ, ярэби, псыкIэм къимыгъэзэжу е псы ина хъужрэ аргъуей тIысыпIэу къэмынэу, псыIур дэха зэрыхъунум фегупсыс. Псыпэр Тэрч здэжэмкIэ игъазэрэ дыгъэ къуэкIыпIэмкIэ игъазэмэ, фиIэр къиубыдын фIэфIу зи Iэ къэзышияуэ щыта Щамил мызэмытIэу жиIат адыгэмрэ да-гъыстанымрэ я псэр зы чысэм илъу флъагъунщ жиIэу. Бегъым-бар щIыналъэмкIэ ди щхьэр тхьынщи, Алыхьым и нэфI къыт-щыхуауэ дыпсэунщ жыфIэрэ – муслъымэн пащтыхьу Абдул-Мэжид деж

сыкIуэри селъэIуащ икIи сыкъигъэгугъащ и нэIэ къыфтригъэтыну...

НэIибым жиIэнур имыухыу цIыхур зэрыгъэкIий хъуащ:

– ПащтыхьитIым я кум дыдокIуадэ мыгъуэ.

– Урыс пащтыхьри къыпхуэмеймэ, дэнэ укIуэн?!

– Алыхьым и быныр губгъуэм докIуадэ!

– БгъуэнщIагъым щIэс нэхъыжьхэм деж укIуэркъэ!

– КIуэ абыкIэ, ефэнды. ЗаIугъащIэ.

Езы Мухьэмэд-Iэмини мэкIий:

– Нэхъыжь фиIэж фэ?! Фи нэхъыжьхэр зэдауэу щысурэ, фи цIыхур Iисраф мэхъу, фи щIыр къэзакъым зыIэщIалъхьэри зыхагуэшэж. ЯгъэкIуатэкъэ лIыкIуэ урыс пащтыхьым деж? НэкIэ къывэплъа? Фи гукъеуэм къедэIуа? Къагъэзэжакъэ?! «Урыс пащтыхьым и нэфI къытщыхуэнщ» жызыIэр щIегъуэжынщ, и IэфракIэм едзэкъэжынщ. Россием и ныбэр ныбэшхуэщ, шхэ пэтми зигъэнщIыркъым, фэри фишхынщи, и ныбэм хьэм хуэдэу фыкъибэныкIыу куэдрэ фисыну фи мыгугъэ. Дагъыстаныр зыIуридзащи, иджы адэкIэ маплъэ. Фэри фишха – зи чэзур сонэрщ, абазэрщ. Хуэмышхынур хэт? Тыркур хуэшхынкъым. Къуажэм мывэ къалэ къыдощIэк Iри дыдотIысхьэж жыхуэпIэр щхьэгъэпцIэжщ. Узыхьыну псым зыдегъэзых жыхуаIэращи, адыгэр зыхьыну псым хэхуащ, къыхэсыкIыну Iэмал имыIэу, псым зомыгъэхьынумэ, ТыркумкIэ вгъазэ.

Езы Мухьэмэд-Iэмини зытрищIыхьырат: узыхьыну псым зыдегъэзых жыхуиIэу, зыдригъэзых щхьэкIэ, фейдэ гуэри къыхигъэкIыну, осетин инэрал Къундыхъу Мусэ ещхьу. Къундыхъур урыс администрацэм щэхуу ягурыIуат шэшэну унагъуэ минитху къигъэдаIуэу зэрыс щIыналъэм иришрэ Тыркум ишэмэ, щIыуэ, унэу, псэуалъэу къагъанэм я уасэм нэмыщIкIэ ахъшэшхуэ кърατыну – сом мин щэ ныкъуэм нэблагъэ. Кавказым ис лъэпкъ зэгъыгъуейуэ къалъытэр хэкум изыгъэкIыр инэрал Лорис-Меликов жыхуаIэр арщи, сэбэп ухуэхъуну ищIэмэ, кIэзонэ ахъшэм щысхьынукъым. Пэжщ, Къундыхъур инэралщ, тырку дивизием я командирми, щхьэхуещэжьщ, Iэмалым хуэIэзэщи, уищэу укъищэхужынкIи мэхъу. Мухьэмэд-Iэмини куэдым къацIыху – илъэсипщI нэблагъэ адыгэм яхэсащ, дзыхь къыхуащI, дзэуэ, шуми лъэсми, минипщI иIэщ, Щамил гъэр хъуами, адыгэ пэщэ къыфIащауэ щытащ. Иджыри и пашэныгъэр зыми Iихакъым, иджы тегушхуауэ и макъым щIогубжьэж:

– Фи мэкъур сэлэтым паупщI, фи гуэдзыр къэзакъым Iуахыж, фи щIапIэр хэкужьу къэнащ. Тырку пащтыхьыр муслъымэн пащтыхьщ, дэнэ фихьыжын? УвыIэпIэншэу фыкъигъэнэнкъым...

ЦIыхур Iув хъуауэ зэрызохьэ:

– Къумщ ди цIыхур здигъакIуэр. Мэзи псыи здэщымыIэм

псэуа ущыхъун?

– Дунай и ижьырабгъур губгъуэшхуэщ, фыкIуи фитIысхьэ, щIыр уэшхым и лъагъуэщ, бэвым и гъуэгущ, мэш тепсэмэ, ажэ жьакIэу уфафэу къэкIынущ. ЩIым телэжьыхьыну хуэмейр дзэм хэтынщ, фи цIыхубз, фи нэхъыжьыфIхэри тхьэм жыхуиIауэ хъунщ...

Фоч уэ макъ къэIури цIыхур къызэрыIэтащ, Мухьэмэд-Iэмин и пыIэр щхьэримыудатэм, фочымкIэ зэуар къахуэщIэнутэкъым, езыми и псалъэр пичащ, бгъуэнщIагъым щIэса нэхъыжьхэм Мухьэмэд-Iэмин къэкIуауэ зэхахыу къызэщIэтэджауэ къызэрыхьу илъэгъуати. Нэхъыжьым яхэмыхьэу нэIибым адыгэм я унафэр ищIын и гугъэу къазэрыхэувар къыхуагъэгъунутэкъым, тIощIрэ молэуэ щытами, пIащIэ-тхъытхъыу ежьэжащ.

Абы лъандэрэ мащIэ щIа?!

Нобэ къызэрыхь къомым Хьэчакъи яхэтт, нэхъыжьым яжриIэжыну и хьисэпыр жиIэжыным нэмысауэ. ИмыщIэу пIэрэ мухьэжыру хэкум ик Iыжам бэлыхьлажьэу къалъысар? Абы я хъыбар Iэджэ Хьэчакъ зэхихат. Трапезунд зы щ Iалэ цIыкIур тумэнищк Iэ щащэ, я нэхъ дахэ дыдэу хъыджэбз зи шэгъуэр тумэнихкIэ уогъуэт. Ц Iыхум уз къахыхьамэ, Iуэм итыр кърамыгъэкIыу зэтелIэху цIыху ирагъэкIуал Iэркъым, хущхъуэ жиIэу хуэгузэвэнри пахыжащ, псы къудей иратыркъым. Адрианополь вилайетым мухьэжыру кIуэжа илъэпкъыр Iуэм иту яIыгъщ, я бынхэр залымыгъэк Iэ къытрахыурэ ящэ, уеблэмэ тырку фыз ухуозэ «хъыджэбз дахэ цI ыкIу къыпхуэзгъуэтынщ, ухуеймэ» жиIэу къэзыкIухь. Пщым я пщылI ыр псым имыкI ыж щIыкIэ ящэжри я щхьэр хэкум ирахмэ, дзэм хыхьэн фIэкIа къахуэнэж щыIэкъым, яща пщылIри яIэщIокIри мэзым щIохьэж. Урыс администрацэм пыIэщхьэрыхкIэ елъэIуати, «фи пщылI ыр къыфхуагъэнэну фыхуеймэ, урыс диным фыкъихьэ, урыс къалэм и гъунэгъуу фыкъэтIыс» къыжраIащ. Дауэ цIыхур урыс диным иша зэрыхъунур? Диныр ерым хъуа – ухуеймэ, ухыхьэу, ухуеймэ, ухэкI ыжу? Арат цIыхур къыщIэбырсеяр.

– НэгъуэщI фымылъагъуми, Къэрнаухыпщыр флъагъуркъэ?! КIуэри Дунай Iуфэ IутIысхьащ и хьэблэр зэрыхьэблэу къегъэтIысэкIауэ, –жиIэу зылъэгъуам иIуэтэжынт. Езыр-езыру къызэрыгъэгубжьыжауэ къызэхуэсар зэрызехьэрт.

Псоми я фочыр фочылъэм кърaлъэфырт, зэуэнур ямыщ Iэ пэтми, нэхъыщIэр япэ иту, нэхъыжьыр я ужь иту зэрызехьэу мэкIий:

– Истамбыл ди зэхуэзапIэщ!..

Мухьэмэд-Iэмини и хъыбарыр яцыгъупщэжауэ нобэ адыгэр езыр-езыру зэхэтщ.

Иджы хасэшхуэу ц Iыхур зэхуэсауэ Хьэчакъ жиIэм едэIуа нэужь, унафэ ящIыну нэхъ сабыр хъуащ. Къызэхуэса къомыр зытет тафэм нэхъ лъагапIэм деж мылъагэ дыдэу пхъэ хэтIауэ

хэтщ, утеувэмэ, лъакъуэ лъэныкъуэмк Iэ фIэкIа утет мыхъуу. Абы и мыхьэнэри хэти ещIэ: лъакъуитIкIэ утетмэ, куэдрэ упсэлъэнущ, лъакъуэ лъэныкъуэмкIэ утетмэ, уешынщи, уи псалъэм кIэщI зебгъэщIынщ.

Хьэчакъщ пкъо т IэкIум нобэ теувэнури, и псалъэр кI эщI хъунукъым, сыту жып Iэмэ, Тырку пащтыхьым къажриIа илъэпкъыр жиIэжын хуейщ, абы ищIыIужкIэ Сэфар Жану лIыкIуэм я пашэу ягъэкIуар бзэхащи, ари жумыIэжу хъунукъым.

Пкъо тIэкIум теувэри Хьэчакъ къыщIидзащ:

– Уа жылэ! Мы теувапIэм тетын хуеяр сэратэкъым, Сэфар Жанут. ИтIани си пщэ къыдэхуащ. Тырку пащтыхьым къыджиIар вжесIэжынущи, фыкъэда Iуэ. – Хьэчакъ и псалъэм къыщIидзащ, лъакъуэ лъэныкъуэр пкъом тету, адрей лъапэр еIусэ къудейуэ. – Нэм илъагъу гум къещтэ жаIами, ди нэм илъэгъуар ди гум къищтэркъым: тырку пащтыхьым зы абджыпс люстрэкIэ урыс пащтыхьым дрищар пэж жыф Iэмэ, пэжщ, ди нэкIэ тлъэгъуащ люстрэр, дыгъэм хуэдэу зэщIолыдэ. ИтIани и пэри и кIэри люстрэщ, дыгъэ-мазэу къалэр зэрыкъалэу къигъэнэхуми. Ди щхьэ иритхъумэжыну Iэщэ-фащэу къыпытха щIагъуи щыIэкъым.

Хьэчакъ и псалъэр пичащ, къуэгъэнапIэм зыкъуэзыгъэпщкIуа мюрид гуэр фочкIэ къеуэри. Фоч уэ макъыр апхуэдизкIэ инти, ихъуреягъкIэ ит жыгей мэзыр къигъэпсэлъат. Истамбыл къикIыжам едаIуэу мо къомыр бэлэрыгъауэ зэхэтти, къуэгъэнапIэм къуэсар шэсри – макIуэ-мэлъей. Ара хъунт абы къыхуащIа унафэр – игъэзащIэри мэзым хэлъэдэжащ. Аркъэн яIыгъыу кIэлъыпхъэра щхьэкIэ, дэнэ къипхынт.

Нэхъыжьхэр аргуэру зэхэтIысхьащ, тырку пащтыхьу нэхъ зыщыгугъам къыпаха щIагъуэ щыIэтэкъыми, тыркум я дежкIэ дывгъэ IуантIэ жызыIэм нэхъ заущэхужат, урысымкIэ екъуми жаIэн щыIэтэкъым. ЗэраIуэтэжымкIэ, тырку пащтыхьым адыгэр урысым яриту танзимат къыщыдигъэкIам щI егъуэжри унэ нэщIым и закъуэпц Iий щIэсу жэщищ-махуищкI э гъауэ жаIэ, яхуэмышхэу, яхуемыфэу, француз цI ыхубз дахэр унэм къыщIаутIыпщхьэми, имыдэу. И бжаблэм Iутхэми къэгузэвауэ ящIэнур ямыщIэу къажыхьырт, я пащтыхьыр тегъэуа зэрыхъунумкIэ зэчэнджэщу. А хъыбарыр адыгэм ягъэIуа щхьэкIэ, Iуэхур зыIутар аратэкъым.

СулътIан Абдул-Мэжид «адыгэр сIэщIэкIащ» жиIэу щIе-гъуэжауэ зыхэмытын хэтакъым: дзэпщу и Iэм я нэхъыфI дыдэу къилъытэм ящыщу л Iибл къахибжык Iри къридзащ. Адыгэм къаша хъыджэбзиблри ириджэри дзэпщым еупщIащ: «Мы тхьэIухудиблыр флъагъурэ?» – «Долъагъу». – «А блыр фи зырызу фызот, адыгэ къэIэпхъуэну зи мурадым увыIэпIэ къа-хуэвгъуэт. Вилайет къэс къуажитI-щы, плIы нэхъыбэ мыхъуу къахэтIысхьэну, куэдыщэ хъумэ, хьэрып щIыналъэмкIэ вгъа-кIуэ». Пащтыхьыр зэщэр

гурыIуэгъуэт: адыгэр тыркум къахэ-тIысхьэмэ, зы лIэщIыгъуэ, лIэщIыгъуитI дэкIыху яхэпшэ-хъуэнщ, жьыр яхэлIыкIмэ, щIэр къащIэхъуэурэ я бзэри ящыгъупщэжынщи, уэр-сэру тыркум дэщхьу ежьэжынщ, езыхэри пщылIу адэкIэ-мыдэкIэ Iутурэ къэхъунщ жыхуиIэт. ЩIалэу къащIэхъуэр дзэм хрырет, арыншэми мамлюкым я нэхъыбэр адыгэщи, зэзэгъынщ. Пащтыхьым и гум илъыр дзэпщым къыщащIэм, мыр сыту Iущ, сыту гулъытэшхуэ иIэ жамыIаи.

Дзэпщхэр хъыджэбз дахиблым щыгуфIыкIащ, Мысыр къэралу Тыркум гуэкIыну ныкъуакъуэр и пIэ ирагъэувэжынуи къагъэгугъащ. Иужьым къэхъункъэщIэнур зыщIэ лIыжь цIыкIу щыIэти, игъакIуэри кърагъэшащ. ЛIыжь цIыкIум пащтыхьыр зыхуейр къыщищIэм, матэм ису адакъыиплI къихьри къэкIуащ. Мысыр къэралу ягуэкIын мурад зыщIам къыдэщIынкIэ хъунут инджылызыр, францухэр, Россиер – адакъыищыр а къэралищым я зырызт, еплIанэ купраузыфэу адакъэшхуэм тырку пащтыхьыр триIуа хъунти, лIыжь цIыкIур къызэрысу пащтыхьым къеупщIащ: «Хьэргъэшыргъэ къэхъумэ, текIуэнур зэбгъащIэмэ, пфIэфIу ара?» – «Аращ». Абы фIэкI хэмылъу лIыжь цIыкIур тIысри и адакъыиплIыр зэриутIыпщащ.

Адакъыищыр зэрыубыдри, зэрыфыщIу щIадзащ, я цыр унэм щIэз хъуауэ, щыми лъыпсыр къежэхыу, зэдэмэпкъауэу, зым зыр еуIумэ, ириуду, ираудар къыщылъэтыжрэ япэ зыхуэзэм жьэхэлъэу. Куэд дэмыкIыу адакъыищыр зэрытхьэлауэ я псэ хэт къудейуэ, я сыджыр къытетхъауэ, я дамэр къутауэ алэрыбгъум къытехуащ, я нэр яуфIыцIауэ. Телъыджащэр арати, адакъэ купраузым зимыгъэхъейуэ мо зэрыфыщI адакъыищым еплъу, кIыгъ-сыгъ жиIэ фIэкIа имыщIэIауэ, щытащ, и пIэм имыкIыу. «Флъэгъуа?» – жиIэри лIыжь цIыкIур щIэупщIащ. «Тлъэгъуащ». – «АтIэ аращ: инджылызым, францызым, Россием я адакъэм къащыщIар езы къэралхэм къащыщIынущ, езыр-езыру зызэрауупсеижынурэ. Мо адакъэ купраузыр Алыхьым и лIыкIуэ ди пащтыхьыр аращи, лажьи-хъати къыщымыщIу зауэм хэкIынущ», – жиIэри адакъыиплIри матэм иригъэтIысхьэжащ, щыр ныкъуэлIэу, еплIанэм къыщыщIа щымыIэу.

Ар зылъэгъуа дзэпщхэми ямыгъэщIагъуэу къэнэнт:

«Адакъэр хьэщIэ къыщыкIуэнум деж бжэIупэм къыIуувэу Iуэркъэ? НтIэ, имыщIэу Iуэркъым. Алыхьым иухащ апхуэдэу. ЖэщкIэ щэ, нэмэз щIыгъуэм ирихьэлIэу, Iуэркъэ? ИмыщIэу Iуэрэ? Джэд-къазыр мыпсэлъэф щхьэкIэ, Алыхьу тэхьэлам псэкIэ ярегъащIэ къэхъуну-къэщIэнур».

Гур зэрыгъум дыгъур кърокIуэ жыхуаIэу, зауэр мысыр пащтыхьу Мухьэмэд-Алий къыиублэри Палестинэр къищтащ, ар фIэмащIэу ЩамкIэ къыиукъуэдийри а къэралыгъуэри къищтащ, дзэуэ пэщIэувэр къыхигъащIэурэ. Тырку пащтыхьри къэгузэвауэ Россием елъэIуащ «къыздэIэпыкъу» жери. КъемылъэIуа-

тэм, и Iуэхур зэIыхьат, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ: инджылызым я флотыр французым я флотым теуэри хьэбэсабэ ищIащ, къелар ягъэсащ. Иджы инджылызым Мысыр къэралыр яубыдынкIэ мэхъу, арщхьэкIэ инджылыз флотымрэ Россием я флотымрэ зызэраупсей, мыхьыр зэрагъэхьри Мухьэмэд-Алий и къэралы-гъуэр зэрыщытауэ къонэж, Отоман империеу Адэн деж къыщы-щIидзэу Испанием нэс зи кIыхьагъым, Румыным деж къыщы-щIидзэу Судан нэс зи бгъуагъым хэщIаи сыти щымыIэу къызэтонэ.

Еплъ иджы: адакъищым къащыщIар къэралищ зэзэуам къащыщIри адакъэ купраузыжьым зимыгъэхъейуэ щытами, зыри къыщыщIакъым. Дауэ абы и ужькIэ адакъэм къэхъункъэщIэнур псэкIэ къамыщIэу зэрыжыпIэнур? Пащтыхьым фIыгъуэу щыIэр адакъэр къэзыхьа лIыжь цIык Iум хуищIащ...

Фарз псыхъуэм деж бгъуэнщIагъым зэчэнджэщу щIэса нэхъыжьхэм я псалъэм къыдэкIуэу ягъэхъыбарам щыщт а хъыбарыр, зыгуэрхэми ауан ящIу жаIащ: «Дэ дэнэ мыгъуэ къитхыну апхуэдэ адакъэ?» – жаIэу. ПащтыхьитIым я кум лъэпкъыр дэкIуадэрти, къела зэрыхъунум и Iэмалыр зыми имыщIэу нэхъыжьи нэхъыщIи къызэхэнат, икIэм икIэжым щхьэж и гум зэрыжиIэм хуэдэу фщIы жаIэри абы къыфIагъэкIыфакъым.

Адыгэ хасэшхуэм хэтар я унэ нэсыжа-нэмысыжа жыпIэу, хьэжыщI кIуауэ щытам я хъыбар къэIуати, псы Iуфэм Iус илъэпкъыр къызэщIэващ. ЦIыхубзхэм Iэджэ щIауэ зэхахат хьэжыщI кIуам Дэфэрэдж зэрахэтри, хьэж зыщIа цIыхубзым Iуплъэ къудеймэ, я гум илъыр къехъулIэн я гугъэти, ялIхэм елъэIурт кIуэуэ цIыхубз хьэжыр кърагъэблэгъэну.

Езы Дэфэрэджи къэуIэбжьат, хэкур къэукхъуауэ цIыхур псы Iуфэм Iусу щилъагъум, гукIэ ищIат хэкукъутэу зытегузэвыхьу щытар къызэрыхъуар. ХьэжыщI кIуам къащыщIа щIэпхъаджэр абы къыхыхьэжмэ, цIыхум я гур кIуэдыпэнщ жиIэу, гузавэрт. Кхъухьым къикIыу ныджэм къызэрытеувэу имыщIыху гуэрхэр къеупщIащ:

– Жэнэтыбжэ мыгъуэр хуэщIат – дауэ укъыблэкIыфа ущIэмыхьэу? – жаIэри.

Дэфэрэдж къызэплъэкIащ, хьэдэр кхъухьым къизыхым еплъри жиIащ:

– Жэнэт зыхуэфащэри жэнэтым къинащ, – жиIэри...

* * *

Си псэлъэн апхуэдизу къыщIихьар сымыщIэу дыгъуэпшыхь куэдыщэрэ сыщысати, сыхэжае пэтащ, и чэзум сыкъэуша щхьэкIэ, сыкъэмытэджыфу аргуэру сыIурихри сыжеижат си мыхабзэу. УзэщIэдэIукIмэ, сымаджэщым сыт къыщыхъуами Iэуэлъауэмк Iэ къыбощIэ: «Скорэм» къишаIа – сымаджэм и гъусэу и Iыхьлыхэр зэкIэлъхьэужьу пIащIэ-тхъытхъыу кIэлын-

дорым ирокIуэ, зыгуэрым и гур къекIуакъэ – Тамарэ унэр игъэ-хъейуэ къеджам деж мажэ, зилъ анализ ящIынум деж аппарат сытхэр блыным ираудэкIыурэ макIуэ. Анапэ сыкIуауэ щыта-тэмэ, мы къомым сыхэмыту тенджыз Iуфэр къэскIухьурэ зызгъэпсэхуатэкъэ жысIэу сыздэщылъым, бжэр зыгуэрым къызэIуех:

– Хъуну? – жеIэри.

КъыщIыхьар и макъымкIэ къэсцIыхуати, сыкъызэфIэ-тIысхьащ, халатри зыщыскъуэри си туфлъитIым занщIэу сиувэжащ, сыздэщысым сыщысу:

– КъакIуэ, къеблагъэ.

Си сымаджэм зыри зэхимыхыу мэжейри, щылъщ, дыгъуэпшыхь «и кIэм нэс сегъэдаIуэ» жиIэу лъэIуа щхьэкIэ, и кIэм схунэгъэсакъым, езыри езгъэшауэ къыщIэкIынт. Тамарэ «сывэдэIуэнущ» жиIа щхьэкIэ, ари зыгуэр къеджэри щIа-шыжащ.

– Мыр сыт, на-а, сымаджэм уадэсымаджэу ара – укъэтэджа-къыми иджыри, – жиIэри ЛэтIифэ, зыгуэркIэ сигъэкъуаншэмэ фIэфIу, къэпсэлъащ, зэкъуэхуауэ сыкъызэригъуэтар фIэигъуэу. Ар ди деж къэкIуэрейуэ щыткъым, мы зэра си гугъэщ къызэ-рыкIуар. Къыщысхуейм деж зыгуэр къегъакIуэ е телефон къе-уэнщи, зэфIэкIащ. Иджы, и щхьэкIэ езыр къыщыкIуакIэ, тхьэм ещIэ къыщIэкIуар. Зыгуэрым къиихуащ.

– Сыту ужьырытэдж. Жьыуэ къэтэджым тхьэм насып кърет, – жысIэу сыкъыпыгуфIыкIа щхьэкIэ, сэ жысIэну си гум къэкIар нэгъуэщIт: «Емынэм укъихьа пщэдджыжь нэмэзым», – жысIэу сещатэмэ, си гур нэхъ зэгъэнут.

– ЗыгуэркIэ сынопсэлъэн хуейщи, дэнэ деж нэхъ хъуну?

– Ординаторскэр хъунукъэ?

– Сыт щIэмыхъунур – накIуэ.

ЛэтIифэ сяпэ изгъэувэри сыздэкIуэм, согупсыс: «Сыту пIэрэ мыр зыхуейр?» – жызоIэри. Сэлимэ и Iуэхур нэхъ зэIыхьа, хьэмэ сыт? Ординаторскэм дынос, ЛэтIифэ стIолым бгъэдотIысхьэри къеублэ:

– Нартыхум деж сыщIыхьати, Iейуэ къыздэIэпыкъуащ, – жиIэу. Нартыхум деж ущIыхьэ-ущIэкIыж хъууэ зэрыщымытыр сэри тыншу сощIэ, ауэ Нартыхур нэ лейкIэ къеплъ хуэдэу кърherъэкIыу аращи, сыпэрымыуэу согъэпсалъэ. – КъызыщIэ-мыупщIа къэнакъым: сымаджэм етхьэлIэ хущхъуэм деж къыщыщIэдзауэ пIэ зыхэлъым нэгъунэ.

– Алыхь хъарзынэм, дэри дызыхуэмыныкъуэ щыIэкъым. КъыддэIэпыкъуну хуеймэ, зи...

– Уэри къыпщIэупщIащ.

– Отпуск щхьэ мыкIуэрэ жиIэуи? – ТIэкIу сепIэстхъмэ, сфIэфIщи, схуэмышэчу соупщI, ЛэтIифэ жиIэм пщIэшхуэ зэрыхуэзмыщIыр гурызгъэIуэну.

– Отпуск укIуауэ къызэрыбгъэзэжар абы дэнэ щищIэн? «КъэкIуэну схужеIэж» жиIащи, бжызоIэж. КъыпщIэупщIащ, укъецIыху, зыхуэбгъэзэну узэримурадар ещIэ.

– Дапщэщ сыщыкIуэн хуейр?

– ЕупщI и помощникым. Нобэ-пщэдей жиIэу жи Iакъым, «къэгъакIуэ» жиIащи, уи Iуэхум къыщезэгъым деж кIуэ.

– Си Iуэхум къыщезэгъыр хъурэ, езым и Iуэхум къыщезэгъыращ. Зы мазэкъым абы и бжэIупэм сызэрыIусар, сыщIыхьэну сыпIэцIеижу, сыщIигъэхьакъым, сыт сымыщIами. Иджы си Iуэхум нэхъ къыщезэгъыр нобэщи, сынокIуэ жып Iэ щхьэк Iэ угурыIуэн?

– Епсалъэ телефонкIэ. ФызэгурыIуэм, си машинэм итIысхьи кIуэ.

– Уи машинэм уэ исыж, сэ «скорэмкIэ» сыкIуэми мэхъу.

– ЦIыхур аргуэру бгъэгужьеинуи?

– Сыт «аргуэру» щIыжыпIэр? Зэ згъэгужьеяуэ щыта?

– Уэ умыгъэгужьеями, зыгъэгужьея щыIэщ.

ЦIыхур «зыгъэгужьеяри» сощIэ. Ресторыным тет цIыхубзыр арат абы зи цIэ иримыIуэу зи гугъу ищIыр. КъыздикIари къыздихуари имыщIэу Раисэ Муратовнэ деж аспирант гуэр къыщIохьэри рестораным къыщыхъуауэ щыта Iуэху гуэр къеулъэпхъэщыж. «Зыхуейр сыт?» жыпIэмэ, щIалэм мурад ищIащ: криминалистикэм методыщIэ хилъхьэрэ щIэпхъаджэ зыщIар, IэпапIэ сыт жыхуаIэм хэмыту, цIыхум и Iыхьлым къабгъэдэкI характеристикэкIэ къигъуэтыну. Аспирантым и теориемкIэ, цIыхуитI зэщхьу дунейм теткъым, нтIэ, щызэмыщхькIэ зэмыщхь ар зыщI молекулэ щыIэщи, къэгъуэти, щIэпхъаджэ зыIэщIэщIыхьар уи IэмыщIэм къихуащ, уеблэмэ а молекулэм тепщIыхьу цIыхум епта хьэфэтхылъыр цIыху къэс зырызу щытынущ, зэщхьу тIу щыщымыIэкIэ. А методикэм елэжь аспирантым зэхихат рестораным къыщыхъуу иужьым яхузэмыгъэзахуэу ягъэтIылъыжа Iуэхум и хъыбари, Раисэ Муратовнэ деж кIуэуэ пкърыупщ Iыхьу щыхуежьэм, цIыхубзыр къэгузэващ «си тIасхъапIэ къыщ Iегъэщ» жиIэри.

Раисэ Муратовнэ хьэIусыпэ зрат цIыхухъуу щыIэр и цIыхугъэт, абы узыхуей къыпхуэзыщIэн дохутыр яхэмыту къэнэнт, и гузэвэгъуэр щыжриIэм, дохутырым къыжреIэ инфаркт ухъуа хуэдэу зыкъытегъахуэ, сэ икIэщIыпIэкIэ «скорэр» ныозогъакIуэ жеIэри. Езы Раиси и унэм е лэжьапIэм къыщытемыхуэн щхьэкIэ, Нартыхум деж «тхьэусыхакIуэ» кIуащ. Абы и кабинетым зыкъыщытебгъахуэм нэхъ гущIэгъу къыпхуащIын и гугъэу. Ти, къыщIэкIыж пэтрэ, физ гъэшхар джэлащ. Сыма-джэщри къыпэплъэрти, къызэрысу псынщIэу барокамерэм иралъхьащ, уепсалъи сыти мыхъун хуэдэу. Криминалистикэм методыщIэ хэзылъхьэу лажьэ аспирантым и лэжьыгъэр зэпи-мыгъэууэ хъуакъым, иужьым

сымаджэр гуауэщхьэуэ хэбдзэну Iэмал иIэкъым жаIэри. ЩIалэм и командировкэр иухыу игъэзэ-жыху, Раисэ Муратовнэ и «инфарктыр» хъужакъым. Нартыхум и кабинетым къыщытехуат цIыхубзри, псоми Iэджэ къабжащ, «скорэри» абы кIуэуэ санитархэм «сымаджэр» къыщыщIахым, езыр Нартыхуми дохутырхэм бydэу унафэ яхуищIат цIыхубзыр ямыгъэлIэну. Иджы ЛэтIифэ и псалъэ закъуэу «аргуэру» жы-хуиIэм къикIыр арат, арщхьэкIэ сэри абы хэзмыщIыкI хуэдэу зысщIащ.

– КъыщIысхуейр жимыIауэ пIэрэ? – жысIэри сыщIэупщIащ. – Зыхуэзгъэзэну и ужь сита щхьэкIэ, иджы сыт и мыхьэнэж. Къэхъунур къэхъуащ. – Си гур нэгъуэщIыпIэкIи жащ, зипхъу къезгъэлар къыскIэщIэмытхыхьауэ пIэрэ, жысIэу.

– Ухуей машинэм?

– Нэхъапэ щIыкIэ сыщIэупщIэнщ, – жысIэу сыкъыщIэкIыну сыщыхуежьэм, ЛэтIифэ идакъым:

– Зэ умыпIащIэ, иджыри зыгуэркIэ сыноупщIынущ, – жиIэри.

– КъызэупщI.

– Сэлимэ наркозыр пкърыкIыжа?

– ПкърыкIыжыпакъым, ауэ пкърокIыж.

– НтIэ уэ Iэтащхьэм я деж ущыIэхукIэ сэ Сэлимэ сыпкърыупщIыхьынщ.

– УпкърыупщIыхь хъун хуэдэу щыткъым ар иджыри.

– Сыт щIэмыхъунур? Уи анэшхуэм и хъыбар жепIэурэ и щхьэр ебгъэудэгуща? Шыпсэ едэIуэфмэ, сэ жысIэми едэIуэн хуейщ.

– Алыхь, ар зэзгъэдаIуэр мышыпсэ. Ар щIыжыпIэ щыIэщи, жыбоIэ.

А дакъикъэм ЛэтIифэ сыфIэнэу бзаджэр тестхъуэу сежьэжынкIэ хъунут, ауэ сэ сызэгупсысыр нэгъуэщIт: Нартыхур къысхуеймэ, зыгуэр къигъэпсалъэу кафедрэм къыжраIамэ, хъунут, ЛэтIифэ и гугъу ямыщIыххэу, нтIэ, тобэ ирехъу, езы ЛэтIифэ сэр щхьэкIэ зыгуэр жиIащ.

– НтIэ, уи шыпсэр хущхъуэ пэлъытщ ара? ПщIэжрэ, Iэдэм жаIэу Iэзэ гуэр щыIащ. Нартыхум деж IэджэкIэ нэхъ щIыхьэгъуафIэт абы и деж нэхърэ. Iэзэшхуэу и цIэ Iуат, езыр уз мыхьэнэншэм ихьыжащ. Щхьэ зимыгъэхъужыфарэ, Iэзэшхуэмэ?

– Зи гугъу пщIы Iэдэм хуэдэщ Крылов итхауэ щIыщытар «делэм зэрыделэр ищIэжтэм, губзыгъэ хъужатэкъэ» жиIэу. Уз мыхьэнэншэм зыфIэфIа щымыIауэ шэсу уувын? КъыфIомыгъэкIи нэхъыфIщ, лажьи - хъати зимыIа цIыхубзыр езыгъэукIар нэгъуэщIым щысхьын уи гугъэ?

ЛэтIифэ зызригъапщхьэри щэху зищIыжащ, япэм Iэзэ къыдэзылъэфыж слъагъумэ, си къэжьын къокIуэ жиIэу щыта пэтми.

– Докторскэ диссертацэ уотхри хэгъэувэ.

– Хэзгъэувэнт, схузэфIэкIмэ. Горздравым я отчетыр диссертацэ пщIымэ, нэхъ щIэныгъэ нэхъыбэ къыхэпхыну пIэрэ?– жысIэри сещат ЛэтIифи, жысIар шэуэ техуащ, езыри къэуцIыплъри IэпэлъапэкIэзыз хъуауэ и Iупэри, помадэ Iув телъми, фагъуэ хъуащ. ТIэкIу зишыIа нэужь, къыжьэдэхуащ:

– Тхьэ, уэ слъагъум уи жьэр пхуэмыубыдыну. «Iэдэм и методыр» жы Iи тхы диссертацэ. Зэрапхъуэу еджэнщ. Ара уи гугъэр? Жамойдэ къыщыщIар къыпщымыщIыну пIэрэ? Куэншыб идзыпIэм яхьын къэмынэжу?

– Куэншыб идзыпIэ жыпIа? Щхьэ ямыхьрэ дзыгъуэ дыдэм яхуэмышхыу диссертацэ зэтелъ къомыр, –жысIэу си джатэр къисха щхьэкIэ, ЛэтIифэ тегушхуэгъуафIэ пщIы зэрымыхъунур сщIэрт: тхылъ тедзапIэм еста си Iэрытхыр абы къратат, рецензэ къет жаI эу. Абы ищIыIужкI э си тхылъыр зытестхыхь бжыгъэ, факт сытхэр пэжрэ пцIырэ зэхэзыгъэкIынури аращи, сыфIэнэмэ, си пэр щ Iым щихуэфынущ, и гур къыстригъэщахэу. Си анэ мыгъуэм сыкъэгубжьауэ сыкъилъагъумэ, къызэщу щытащ: «Уи анэшхуэ мыгъуэм ещхь ухъужащ», – жи Iэу. Си анэшхуэм хьэлк Iэ срещхьмэ, хъарзынэкъэ, цI ыхубзым зызэраупсеймэ, нэхъ жьакIуэр токIуэ, мы зэм ЛэтIифэ сяпэ зыкърригъэщащ:

– Уэ зэхэпцI элар абы хэмыхуэн уи гугъэ, «Пасэрейм я IэзэкIэ» – аракъэ узэреджэр? Абы къыхэпхыну акъыл хэлъ?! Умыгузавэ уэ, гу щозгъэхуэнкъым а тхылъ тедзапIэм ептами.

– Уи ней фIэкIа, уи нэфI сыхуейкъым, –жыс Iэри унэм сыкъыщIэкIри гаргу жиIэу бжэр езгулIыжа щхьэкIэ, аргуэру къыIусхыжри бжэ дамэдазэм си щхьэр дэзгъэжри щ Iызгъужащ. – Уи машинэр къауц защIэми, ситIысхьэнукъым, Нартыхум деж сызэрыкIуэн сэ къэзгъуэтыжынщ, – жысIэри.

ЛэтIифэ и гум илъыр гурыI уэгъуэт, сэ стха тхылъым бжыгъэу, факту итыр абы и диссертацэми итт, ауэ, зэритхымк Iэ, бжыгъэ, фактхэм къагъэлъагъуэр дыкIуатэ пэтми ди Iуэхум зиузэщIу арат, сэ а фактхэм, бжыгъэхэм нэгъуэщI еплъык IэкIэ сеплъырт, зэпэзгъэувырти, сабий ныкъуэдыкъуэр нэхъыбэ зэрыхъур, сэкъат зиIэр зимыIэм ебгъапщэмэ, нэхъыбэу къызэрыщIидзыр хэслъагъуэрт. Иджы Алыхьым ещIэ си тхылъым щытепсэлъыхьар. Дэнэ щытепсэлъыхьами, ЛэтIифэ яхэту тепсэлъыхьащи, нэгъуэщI хэм жаIар езым жиIа хуэдэу зищIынкIи мэхъу.

Ухуеймэ, дэдзей, ухуеймэ, къедзых: фактыр факту къонэ –хьэгъуэлIыгъуэ зыщIыну зи мурадым гъавэр кърахьэлIэжауэ, бжьыхьэм хуэгъэзауэ ещIри фадэр пэрыхьэту ираф. Щауэм чэфыжьыр иIэу нысащIэм хуозэ. Абдежым цIыхубзыр лъэщы-джэ хъурэ къалъхуа сабийр къыхэзбжыкIыурэ я узыншагъэр зыхуэдэр зэзгъащIэри, гу лъыстащ зыми гу зылъимытам: геннэ банккIэ зэджэр фадэм

хьэбэсабэ ещI, Хиросимэ е Нагасаки техуа атомнэ бомбэм ещхьу. Лъэпкъ цIыкIухэм я дежкIэ абы нэхърэ нэхъ кIуэдыкIэ Iей щыIэкъым, сыту жыпIэмэ, лъэпкъышхуэм щыщу дапщэ хэкIуэдыкIми, къелар нэхъыбэщ. Лъэпкъыр цIыкIукъэ – къели сыти щымыIэу лIэщIыгъуиплI-тхум икIуэдыкIынущ. КъэралитI зэныкъуэкъуу зэпэщIэуваи щIы, щIызэзэуэни щыIэкъым: фадэм текIуэр текIуащ, темыкIуэр мыкIуэдыну Iэмал иIэкъым. Фадэм упэлъэщын щхьэкIэ, цIыхубзым хьэкъкIэ и фIэщ хъууэ щытын хуейщ, езы цIыхубзри фадэм щыхъумауэ цIыхухъум я нэIэ къатету.

Ди псалъэмакъым кIэ едмытауэ къэслъытати, унэм сыкъыщIыхьэжащ:

– КъызгурыIуащ сэ стхам узэреджар, – жысIэри.

– А зыр къыбгурыIуами, хъарзынэщ. Си закъуэкъым еджари.

– Казбек Машевич емыджауэ пIэрэ?

– УкIуэмэ, еупщI. Хэт ищIэрэ – еджагъэнкIи хъунщ. КъоупщIмэ, укъимыкIуэт.

Абы жесIэни къэзгъуэтынщ. «Сэращ уезыгъашэр» жимыIэ щхьэкIэ, шэч хэлътэкъым Нартыхум деж сезыгъашэр зэрыЛэтIифэм. Сэ стха тхылъу тхылъ тедзапIэм щIэлъыр арагъэнкIи мэхъу къызаудэкIынур.

– Зэгуэр укIуэну ущIигугъари щыгъупщакъыми, хэт ищIэрэ, уи хьэтыр къилъагъункIэ мэхъу.

– Иджы сыт къилъагъужын?!

ЛэтIифэ ещIэ Нартыхум деж сафIыщIыхьэну сыщIеIар: ар си щхьэ Iуэхуми зыгуэрт, Хъалидэ тхьэмыщкIэм «бын иIэщ, фызабэщ, къулейсызщ, гущIэгъу къыхуэфщI» жысIэу абы и Iуэхур зыIутыр Нартыхум имыщIэ си гугъэу, гурызгъаIуэмэ, къригъэутIыпщыжынкIэ сыщыгугъат – хъуакъым. Дауэ сщIыми сыщыщIамыгъэхьэм, Мэзкуу телеграммэ естащ: «СыщIигъэхьэну унафэ къыхуэфщI», – жысIэу. Абы ирихьэлIэу езыри отпуск кIуэри къигъэзэжыху къэхъунур къэхъуащ. Сэри сыщIэупщIэурэ къэсщIащ сыкIуауэ щытами зыри къызэримыкIынур, сыту жыпIэмэ, езы суд, прокурор, адвокат сытхэми къагурыIуэжырт цIыхубзым лей зэрылъысри, укI хэмылъу судыр ящIэну щыхуежьэм, хуадакъым. Хъалидэ и Iыхьлыуэ япэм «щIэлъхуащ» жаIэу батэкъутэ зыгъэшахэр иджы къызэщIэбырсеяуэ къызэхуэсат, зэрызехьэу фызабэм и бынри къашауэ суд щащIэ унэм Iутт. Абы я гъусэу къуажэм дэс Iэджи къэкIуауэ, къуажэ Советым тет цIыхубз хъарзынэу сызыхуэзауэ щытари къэкIуауэ адэкIэ-мыдэкIэ жат, сэ си гугъа дыдэр и гугъэу – къехъулIакъым, Хъалидэр къахуегъэлакъым. Арат «иджы сыт къилъагъужын» жысIэу щIыжысIар.

Гузэвгъуэ махуэр си гум къэкIыжмэ, «Абы щыгъуэ Нартыхум и бжаблэм Iутхэм зэрызащIу щытам хуэдэу аргуэру зы-

къысхуащIмэ, дауэ саф IэкIыну пIэрэ?»–жызоIэри согупсысэр, щхьэусыгъуэу къагъуэт жыхуэпIэм кIэи пэи иIэкъым, зэм «бгым уэс телъыр къехри ипщэкIэ дэкI гъуэгур зэпичауэ цIыхур Iисраф мэхъури мыкIуэу хъуакъым», зэм «Мэзкуу къикIа хьэщIэшхуэ къыхуэкIуауэ ар и гъусэу районым кIуащ» жаIэу, зэми «къулыкъущIапIэм я Iэтащхьэ къомыр зэхуишэсащи, къахэкI хъунукъым» жаIэрэ укъыщIагъэкIыжу. Уи тхьэусыхафэр жыIэ пэт – бгым джэдыкI экIэ уеуэ хуэдэщ.

– Епсалъэ телефонкIэ, – жи Iащ ЛэтIифэ и кабинетымкIэ игъэзэжыну ежьауэ.

– Сеуэнщ. Уэри берычэт бесын. Уэр мыхъуамэ, сэ дунейм сытетми сытемытми, Нартыхум имыщIэххэнкIи хъунт. Мы зыр къызжеIэж: ущыхуэзар дэнэ – кабинетыра хьэмэ кабинетым къыпыт пэш цIык Iур ара?– жысIэри а зыри кIэщIэздзэжат ЛэтIифи, сичэтхъэным ещхьу и нэр къихуу къызэплъри ежьэжащ.

Сэри телефонкIэ сопсалъэри Нартыхум и Iэпыдзлъэпыдзхэр зи мелыIычу уафэм къехам хуэдэу къызопсалъэ, нэгъуэщI игъэуvауэ пIэрэ жысIэнущи, я макъкIэ къызоцIыхуж. НтIэ, мыр зыпэзгъэплъэнкъым, жыхуэсIэу тызодзэри унэшхуэу колоннэ бэлыхьхэр зыIутым сокIуэ, тIэкIуи сыкъэгузэвауэ. Пэш сызыщIыхьэн хуейр сщIэрти, занщIэу сынэсащ, сызыгъэгувэ щымыIэу, Iэтащхьэм и бжаблэм Iутхэри къысщыгуфIыкI хуэдэу защIа щхьэкIэ, къызгурагъэIуащ куэдрэ сыщIэс зэрымыхъунур: «Iэ дэхьеигъуэ имыIэу Iуэху куэдым хэтщ», – жаIэри.

– НтIэ нэхъ щыхущIыхьэм деж сыкъэкIуэнщ, сызыхуэпIащIэ щыIэкъым, – жысIат згъэунэхунуи, къэгузэващ:

– Хьэуэ, хьэуэ! КъыщоджакIэ бгъэзэжыну Iэмал зимыIэщ, – жаIэри.

Пэш Iэхуитлъэхуитышхуэм къыщIыхьи щIэкIыжи щымыIэу, къабзэлъабзэу, унэлъащIэу мыр лейщ жыхуэпIэн щIэмыту, щIэтми лъахъстэн щабэ тебзауэ, унэ лъэгум алэрыбгъушхуэ илъу, плIанэпэхэм удз дахэхэр дэту, стIолым бгъэдэсу щыс цIыхубзым и ныбжьыр хэкIуэтами, зимыгъэIейуэ, сэхусэплъкIи иримыгъэлеищэу, щыгъын щыгъыр къигъэт IэпIыным хуэдэу, къекъузэкIауэ Iэтащхьэм и бжэм и гупэр хуэгъэзауэ щысщи, Iуэхутхьэбзэ ищIэну хьэзырыпсщ. ЦIыхубзым и щIыбагъыр здэгъэза лъэныкъуэмкIэ пэш къыпытым и бжэр Iуха зэпытщ. Абы лIы лъахъшэ щIэсым и нэгум сызэрыщIэплъэу къызощIэ и псэр нэхъ зыхуэпабгъэри, «цIыху лъагъугъуафIэщ» жысIэну Iэмал зимыIэщ, фадэм дихьэхар цIыху кIуэдауэ къызолъытэри. Блыным фIэлъ сурэтхэри зэщхьу щIа пэтми, ящыщ зым и бгъэм вагъуэу хэлъыр апхуэдизкIэ куэд мэхъури, имыхуэу и Iэгъуапащхьэм дежи хэIулIащ, дзэпщу дзэ зэришэурэ дэнэ кIуами текIуэ защIэурэ илъэс мин гъащIэ ихьа хуэдэу.

Сэри куэдрэ зызамыгъэплъыхьу къызжаIэ:

– ЩIыхьэ, – жаIэри, бжэри ину схузэIуах, дамэпкъкIэ бжа-

блэр хэслъэфын я гугъэу, сызэрыщIыхьэуи си щIыбагъымкIэ бжэр щызэхуащIыж. Сыплъэмэ, кабинет пэшышхуэм и кIапэ дыдэм стIол зэрамыщIэжым бгъэдэсу Нартыхур щысу солъагъу, и щхьэр къимыIэту зыгуэрым еджэу. Сэри сыкъэгумэщIащ, сэлам щесхыпхъэр сымыщIэу: бжэм деж ущыту сэлам ибохри сэлам зэпхынур жыжьащэщ, зыри жумыIэу стIолым нэс уокIуэри ари къезэгъыу къэслъытэркъым. Мы пэшышхуэ мыгъуэм ди операционнэр щIэтатэмэ, аппаратурэр тыншу щIэхуэнут жысIэри си гум къэкIащ. Зи кабинет сыщIыхьами гу къыслъимытэу щыслъагъум, си лъакъуитIыр схуэмыкIуэу къэувыIащ.

– МыдэкIэ... тIыс, – жиIэри Нартыхум сыздэтIысыпхъэр Iэпэ гъур кIыхькIэ сигъэлъэгъуати, сыкIуэри занщIэу шэнт щабэм зытезгъэщэтащ, сэлами чэлами хэмыту. Япэм лIыгъэжь сиIэу си гугъэж щхьэкIэ, си гур кIуэдыпат, къысхудэмышеижу. Нартыхур зэджэ тхылъымпIэ зэрыбкIэ тедзам и кIэм нэс еджэри, хуэмыпIащIэурэ папкэ плъыжьым дилъхьэжащ. «Иджы къызэпсэлъэну къыщIэкIынщ», – жысIэу си гум къэкIа щхьэкIэ, и Iэпыдзлъэпыдз бжэр схуIуихыу сыкъыщIэзыгъэхьар къриджэри зигъэкъулейсыз дыдэу, «факъырэ Iус къелъэIухуэ» жыпIэну елъэIуащ:

– Иджыри зы закъуэ. Мы зэм фIэкIаи сынолъэIунукъым. СынолъэIуми, къызомыт, –жиIэри. Мыр зыми емылъэIу, езым псори къелъэIу си гугъати, сыщыуауэ къыщIокI. КъыщIыхьари мы дуней фIыгъуэр зыгуэшыр езыр ара и гугъэу къегиящ:

– Казбек Машевич, уиIыхьэм уефащ. Тутын ефэныр хыфIэбдзэжауэ жыпIатэкъэ. – Ар жиIэ щхьэкIэ, лIы лъахъшэ аркъэм зэщIигъэбэгауэ фэкъу цIыкIум фIэфIыжьщ тетыр сигарет щхьэкIэ къызэрелъэIур, сигарет пачкэр къыхуишияти, Нартыхум зы сигарет щIигъанэщ, зэи, тIэуи екъури и жьэм тутын Iугъуэр къыжьэдихуу къызэупщIащ:

– Лекцие уеджэну къуажэм куэдрэ укIуэрэ? – жиIэри.

Мыракъым, дауи, мыр къыщIызэджар жысIэри си жэуапыр згъэкIэщIащ:

– Куэдрэ дыкIуэ хъурэ: зэм кафедрэм лекцие щеджэн хуейщ, зэми сымаджэщым практикэ щедмыгъэкIуэк Iыу хъуркъым. Зэзэмызэххэ докIуэ, дыкъыдэхуэмэ. Къуажэм дэсхэр нэхъ къытхуей мыгъуэ щхьэкIэ, сыт пщIэн, – жысIэри.

– Къытхуейр кърекIуэ жывоIэри фыщысщ. Ара?

– Дыщыскъым: щхьэж и къалэн егъэзэщIэж.

– Къуажэм кIуэныр къалэным щыщкъым, пэжу.

– Щыщын хуейт, учебнэ планым хэту, дыщыкIуэнури дыздэкIуэнури иту. Къуажэм дэс цIыхубзхэр сыткIэ къытхуэныкъуэми, уз къеузыр къызэреузу, уеблэмэ я узыфэр ябзыщIу мэлIэж. Пасэрей хабзэжьым текIакъым иджыри.

– Хабзэжьыр ара си гугъэщ уи диссертацэр зытеухуауэ

щытар е адыгэм хущхъуэу зрахьэл Iэм теухуа зыгуэр птха? – Нартыхум ауан сыкъищI хуэдэу къызэпсалъэрт, и щхьэр лъэныкъуабэ ищIауэ, Iэпхъуамбэ зэхуакум дэлъ сигаретым екъурти, писыкIар IэпхъуамбэкIэ теуIуэжурэ сахуэр тутын никъуэф зэрылъ мраморым къыхэщIыкIа тутын сахуалъэм иригъэлъалъэурэ.

Сэри гу лъызотэ ЛэтIифэ бзэгу къызэрыхуихьам, арщхьэкIэ абы къигъэхъея Iуэхум сыкъимыкIуэту жэщ-махуэкIэ сытепсэлъыхьыфынущ, си диссертацэ стхауэ щытам щыщщ езы псалъэмакъри.

– Пасэрей хабзэжь жыпIэмэ, къипхым елъытащ. Нобэ дэ къыдбгъэдэкIыж мыхъумыщIагъэр пасэрейм я деж дохьри идоупщI, «мыращ мыр къэзыублар» жыдоIэри. Псалъэм папщIэ, фадэр къэдгъащтэ: си адэр нэкIэ теплъакъым коньяк жыхуаIэм, си ныбжьым ит цIыхухъум илъэсым цистернэ зырыз ираф, нэхъыбэ изыфи гъунэжщ. НтIэ, ар пасэрейм сыткIэ я лажьэ? ЦIыхухъур йофэ, нэхъыбэу хэкIуадэр цIыхубзырщ, я сабийр никъуэдыкъуэу къалъхумэ, адэкIэ-мыдэкIэ дохутырым деж яхьу къаджэдыхь, дыкъмыкъыу къалъхур нэхъыбэ хъу защIэурэ детдом къызэIуах пэтми, ирикъуркъым. Абы тету цIыхур псэумэ, лъэпкъыр лIэщIыгъуиплI нэхъыбэ ямыхьу кIуэдыкIейуэ кIуэдынущ, зэрыкIуэдым гу лъамытэжу. Лъэпкъыр зэрылъэпкъыу дыкъмыкъ защIэ хъумэ, Iэщым хуэдэу мэзым щIэутIыпщхьэж, къыпхуащIэни щIэпсэужыххэни щыIэкъым. Бгъэкъуэншэн къудей бгъуэтыжынукъым. – Куэдыщэ жызмыIауэ пIэрэ жысIэу сыкъэгузэвэжат, ауэ сызэпсалъэми къыгурыIуа хъунт, зи гугъу ищIым фIыуэ зэрыхэсщIыкIыр.

– Щауэишыжым деж щауэр нысащIэм деж щIыхьэным и пэ къихуэу бжьэ ирату игъащIэм хабзэщ. Ар делагъэу къаублащ, ара? – жиIэри Нартыхур ней-нейуэ къызэплъащ. Сэри абы и жэуапыр си хьэзырыпст.

– Бжьэм сыт и лажьэ? Лажьэ зиIэр абы итырщ. Си псалъэр згъэкIэщIмэ сфIэфIу, си диссертацэм истхар Нартыхум гурызгъаIуэу къезгъэкIуэкIащ. Щауэишыж жыхуэпIэр иджы зырызыххэ мыхъумэ, щыIэжкъым – ар зы, етIуанэу а хабзэр къыщаублам бжьэуэ ирату щытар фоупст, «фи гъащIэр тхьэм IэфI ищI мыбы итыр зэрыIэфIым хуэдэу» жаIэрти. Щауэм ехъуэхъурт, илъэсищэ Iэджи дэкIри фоупсым и пIэкIэ санэху ират хъуащ. Санэр фадэ Iейтэкъым, арщхьэкIэ ди щIыналъэм монголым къадэкIуэу къэкIуахэм махъсымэр къахьати, санэм и пIэкIэ щауэм махъсымэ фалъэ ират хъуащ. Махъсымэр цIыхум и дежкIэ зэран хъу фадэкъым. Ауэрэ аргуэру зыкъом дэкIри махъсымэм и пIэкIэ аркъэ ирату къыщIадзащ, аркъэри коньяк хъужауэ. Аркъэри коньякри къызыхахыр спиртыр arащи, абы щыщу зы тIэкIунитIэр ирикъунущ сабий ныбэм иридзар никъуэдыкъуэ хъун папщIэ.

КъезгъэкIуэкIыр сызэпсалъэм и гум зэрыримыхьыр тыншу сщIэрт, ситу жыпIэмэ, езым ефэныр зыхилъхьэ щыIэтэкъым: зэи уемыфэ нэхърэ тIэу уефэмэ нэхъыфIщ жиIэу зэрипсэлъафэр куэдым ящIэрт, итIани сыкъызэрыкIащ:

– Ар псоми къагурыдгъэIуэныр ди къалэнщ, – жысIэу.

Нартыхум си псалъэр къызэпеуд:

– Щауэишыж зыщIым я деж фыкIуэрэ?

Сэри сыкъикIуэтакъым:

– Щауэм фIэкIа ефэ щымыIэтэм, абы дыпэлъэщын. Дызыпэмылъэщынур къэзышэу бынунэу тIысыжар аращ. Зи къулыкъу нэхъ иным и фадэбжьэри нэхъ инщ. Дэ сыткIэ далъэIэсын? Псом нэхъапэ хъумэн хуейр цIыхубзыращ, цIыхубзыр лъэпкъым я лъапсэщ, цIыхум гъащIэ кърет.

«Лъэпкъым я лъапсэ?» жыпIа жеIэри Нартыхум къызэупщI хуэдэу зещI и псалъэр къыпищэну:

– Хэт ар зи псалъэр? КупщIэ зэрылъ псалъэр зи жьэм къыжьэдэкIа уи авторитетыр? Сэ си фIэщ хъуатэкъым советскэ институтым щеджа, щIэныгъэ щызыгъуэта цIыхубзым Мухьэмэд бегъымбарым жиIар къигъэсэбэпу и диссертацэм иту къыщызжаIам, зэхэзыха щыIэти, «фельетон» егъэтхын хуейщ абы хуэдэ щIэныгъэлIыр кърикъуухьу жаIэрт, иныкъуэми фельетонкIэ мыхъуу, диссертацэр утыкум къилъхьауэ авторыр зыхуэзапхъэ хуэгъэзэн хуейщ жаIэу яукъуэдият.

Нартыхум и гум иримыхьа тхылъыр утыкум кърaлъхьэрэ хьэр трагъажьэу и хабзэжьт, езыр яхэмыхьэххэу и Iумэтым дэгъуэу зэфIагъэкIырти, зэрекIуэкIар жраIэжт.

– Утыкум къиплъхьэрэ фельетони птхы щхьэ мыхъурэ?

– Яхуэздакъым тIури. Езы авторыр зэхитхыхьам иреплъыжи хреIэзэщIыхьыж жыс Iэри. Ит Iанэ авторыр зэхэзехуэн дымыщIми мэхъу. Сэ си дежкIэ гурыIуэгъуэщ Мухьэмэд бегъымбарым жиIар уи нэм къыщIыфIэнар. Уи адэр молэуэ щытащи, бегъымбарыр Iумпэм пхуэщIыркъым.

– ПцIы гъущэщ, Казбек Машевич, пцIы гъущэщ: си адэр молэуэ щытакъым. Уэри уощIэ хэт нэхъри нэхъыфIу. Си адэр молэуэ щытауи дыгъэщI, си жагъуэ хъун уи гугъэ? Жэмыхьэтым дэсыр фIым хуиузэщIу: «фемыфэ, фымыдыгъуэ, тхьэмыщкIэм фадэIэпыкъу, нэхъыжь фымыгъэпуд, нэхъыщIэм фыхуэсакъ, сабий зыщIэс цIыхубзым лей лъывмыгъэс» жиIэу цIыхур фIым хуиузэщIу дэсыну аратэкъэ? НтIэ, абы Iейуэ хэлъыр сыт? НтIэ, цIыхур утIыпщарэ зыхуейр ящIэу, дыгъуэми хъууэ, гъуакIуэми хъууэ, ягъуэтыр яшхрэ яшхыр ямыпшыныжу зэхэтмэ, нэхъыфI? Ар зы. ЕтIуанэу: а лъэхъэнэм мыдрисэм нэмыщI еджапIэ щыIа? ЩыIэпами, цIыхум къиуха еджапIэмрэ и Iуэхумрэ щызэтемыхуэ дапщэ ухуей? Революцэр къэзыхьыжам яхэплъэ: абы хэта псори рабочэ унагъуэм къахэкIа?

Нартыхур хущIегъуэжа хъунт а псалъэмакъыр къызэриIэта-

ми, къыжьэдэхуащ:

– Мыдрисэ къиухауэ щытащ жысIэну арат сызыхуеяр.

– Мыдрисэ къэзыуха псори молэ хъуркъым. Молэ щIыжаIэр молэ къулыкъу щыIэщи аращ. Сельхоз институт къэзыуха псори агроному лажьэрэ? Абы хуэдэщ ари, – жысIэу ари кIэщ Iэздзэжа пэтми, си гур темыпщэхауэ къыпызощэ. – А лъэхъэнэм и гугъу щIэпщIыххэн щыIэкъым. «Кулак», «молэ», «подкулачник» жаIэурэ лажьи-хъати зимыIэр зэрыбынунэу хэкум ирашрэ Соловки гуэлым хадзэурэ ягъэл Iащ лIэкIейуэ. Хэт ар апхуэдэу зыщIар? Молэм жаIэр зымыдэу щытар аращ, езыхэр щIымахуищкIэ къуажэ школым кIуамэ, ямыщIэ къэмынэжа хуэдэу къафIэщIыжу, нэхъыбэм унафэ ящIам Iэ яхутемыдзэжу Iэпхъуамбэр шакъэм хаIурэ Iэпхъуамбэ кIэ тхылъымпIэм IэпапIэ тращIэмэ, абыкIэ зэфIэкIыу. Къэралыр къащти – мелуан дапщэ цIыхуу ягъэкIуэдар, Iисраф ящIар, сабий къудейуэ, сабий быдзафэ зыщIэс цIыхубзу гуэлым хадзэу ягъэкIуэдам и бжыгъэр мелуан дапщэ? Ар зыгъэк Iуэдар езыр къела? Лейр гъуакъым, зымыгъэгъуар сэ сщIэрэ, ауэ гъуакъым.

– Алыхьым игъэгъуакъым.

– Алыхьыр сэ сщIэрэ: цIыхум яхуэмышэчыжу щыхъум, лей зезыхьэр ядэжакъым – трагъэкIуэтащ. Партми уолъагъу къыщыщIар. – Партым тепсэлъыхьу Нартыхум и гум техуэнутэкъым, Сталиным и авторитетыр къемыхуэхауэ илъытэрт. И кабинетым щIэтат Сталиным и сурэт бэлыхьи, фIригъэхыу нэгъуэщI щIыпIэ яхьыныр и гум имыдэу, езым и унэм ихьри и гъуэлъыпIэр здэщыт блын джабэм фIидзащ, гъуэлъыжмэ, Сталиным ечэнджэщ хуэдэу гупсысэ Iэджэм хэтурэ жеижу. Ар Нартыхум и гум сыт щхьэкIэ къэзгъэкIыжынт, езым зиущэхуащи, тхьэм ещIэ и гум илъыр, сэри щIэзгъачэркъым.

– Мухьэмэд бегъымбарым жиIар си лэжьыгъэм щIыхэтар пэж жиIащи аращ. Абы жиIар щIэныгъэлIу Фарадей, Гегель, Максвелл, Толстой е Тагор сымэ нэхъапэ къапсэлъатэмэ, нэхъ си гуапэ хъункIэ хъунт, арщхьэкIэ сыт пщIэн: Мухьэмэд бегъымбарым Аравие къумым иту илъэс минрэ щищкIэ нэхъапэ жиIащ, абы жиIа дыдэр Аристотели жиIауэ къыщIэкIащ, арщхьэкIэ Аристотель ар зэрыжиIар иужькIэщ ди деж къыщысари, приоритетыр Мухьэмэд бегъымбарым бгъэдэлъщ. ГъащIэри ныкъуитIу зэхэлъщ, кIыфIымрэ нэхумрэ, хуабэмрэ щIыIэмрэ, мафIэмрэ псымрэ. Абы ещхьщ псэ зыIут псори: хъурэ бзырэ. Зырызу къыпфIэщI щхьэкIэ, а тIури зым и ныкъуитIщ, нтIэ а ныкъуитIым зыр насыпыфIэ пщIыуэ, адрейр насыпыншэу къэбгъанэмэ, хабзэм къемызэгъ мэхъу. ЦIыхубзымрэ цIыхухъумрэ зым и ныкъуитIщи, тIуми къалъысыр зэхуэмыдэу хъунукъым, а тIур зэмыгъусэуи гъащIэр гъащIэ хъунукъым, зыр дэхуэхмэ, адрейри дохуэх.

– Муж и жена – одна сатана, – жиIэри Нартыхум ауан сыкъи-

щIащ. Сэри урысыбзэ зыкъэсщIри сещащ:

– Сатана порой приходит не обязательно в облике мужа, но досаждает обязательно сатане в юбке, – жысIэри.

Нартыхур къызэкIуэкIащи, къыщылъэту сыщI идзыжыну пIэрэ жыпIэу и Iэпэлъапэр машхэ. Абы гу щылъыстэм, сэри нэхъ щабэ зысщIащ, темэр схъуэжащ:

– Район тхьэмадэм и хъыджэбз цIыкIум иращIам урикъуни. И дахагъэр и щхьэм къеуэжащ, хьэбыршыбыр гуэрым пэщIэхуати. Ириджэгури щIалэм лъэныкъуэегъэз зищIыжащ.

– Хуабэмрэ щIыIэмрэ я зэхуэдэу цIыхухъумрэ цIыхубзымрэ яхуэгуэшын хуейуэ уи диссертацэм иткъэ? Хьэмэ сыщыуэрэ?

– Иту къыщIэкIынщ.

– НтIэ, зэхуэдэу гуэшакъэ: зыгуэр щыхахым деж цIыхухъури цIыхубзри зэхуэдэщ, къулыкъу къалъысмэ, я улахуэри зэхуэдэщ, еджэнуми загъэпсэхунуми аращ. Сыт ищIысри къащтэ – дэни щызэхуэдэщ. Абы и лейуэ узыхуейр сыт? Пэжщ, цIыхубзыр малъхуэ...

– Аращ цIыхум и лъапсэ щIэхъур. Уэндэгъу хъуакъэ – мазибгъукIэ сабийр и ныбэм илъщ. Ар зищIысыр цIыхубзым фIэкIа нэгъуэщIым ищIэркъым, цIыхубзыр уэндэгъу хъуамэ, и псэр и дзапэмкIэ зэрехьэ, и щхьэми и ныбэм илъми хуосакъ, гузавэ защIэу жэщи махуи ехьыр.

– Мазибгъур нэхъ мащIэ фщIы.

«Сыту цIыху дыдж мыгъуэ мы сызэпсалъэр» жысIэу сыкъызэгуэпа щхьэкIэ, сыт пщIэн, псалъэмакъым кIэ имыгъуэту укъэтэджыж хъунукъым, блыным кIэрыт сыхьэтышхуэр къеуэурэ куэдрэ сызэрыщысар си гум къигъэкIыжами. ГъэщIэгъуэныр аракъэ – Нартыхум и бжаблэр зыхъумэу е цIыхухъу, е цIыхубз къыкъуэкIыркъым, ди псалъэр зэпаудын хуэдэу.

– Сэ сыщIыноджар аракъым, – жиIэри Нартыхур къэпсэлъащ, и тэмакъым зыгуэр тена хуэдэу зигъэпсчэуIури. – ЦIыхубз гуэр нашащ фи деж, инфаркт хъуауэ.

– Инфарктмэ, ныздашар ди дежкъым.

– Фи дежщ. Камизэ дежкъэ ущылажьэр?

– Сыщылажьэр кафедрэр аращ, ауэ абы и деж практикэр щедгъэкIуэкIыу ставкэ ныкъуэ сиIэщ.

– НтIэ, аращ. Раисэ Муратовнэщ нашар. ПцIыхуу къыщIэкIынщ.

– Зэхэсхащ и хъыбар. Инфаркт зиIэ гинекологием нашэну Iэмал зимыIэщ, – жысIэри сыкъыщиудри сыдыхьэшхащ, арщхьэкIэ си делэ дыхьэшхым псынщIэу гу лъыстэжри зызущэхужащ.

– Дыхьэшхэнщ: инфаркт зиIэр гинекологым я деж яшэ. Догуэ, фи отделенэм палатэ щхьэхуэ щепт хъумэ, сыт хуэдэ сымаджэри щIэбгъэгъуалъхьэ хъунукъэ?

– Хъунщ, зыхуей дохутырхэр къыкIэлъыкIуэнумэ.

– КъыкIэлъыкIуэнщ. Уэри яхэт абы. «Сыгинекологщ» жыпIэу лъэныкъуэ зомыгъэз. Сэбэп узэрыхъун гуэр Камизэ къыпхуигъуэтынщ.

«Мэзкуу къикIа криминалистым игъэгужьея цIыхубзым сэ сыткIэ сэбэп сыхуэхъун?» жысIэу схужыIакъым, сыдэIэпыкъункIи къэзгъэгугъакъым. А цIыхубзыр зищIысыр дзыуэ фIащам къегъэлъагъуэ – «Злодейка с наклейкой» жаIэр хузэгуэпым, и IупэфIэгъухэр къызэреджэр «Прекрасная кормилица» жаIэу аращ, а цIыхубзым деж щызэхэсамэ, я напщIэ телъу зэхуаIуэтэжу. Нартыхур абы щыхуэгузавэкIэ и IупэфIэгъум ящыщу къыщIэкIынщ, цIыхубзыр аспирантым къыщигъэгузавэм занщIэу Казбек Машевич деж къэсри къыхуэтхьэусыхащ, жиIэнур жиIауэ щыщIэкIыжым пируэт тIэкIу ищIри и Iэ лъэныкъуэр и бгъэгум телъу зэщIэтIысыкIащ, «уэху» жиIэри. Нартыхури игъэгузэвати, телефонкIэ къраджэщ «скорэри», дохутыру щыIэр къызэщIаIэтащ, маржэ, фымыгъал Iэ цIыхубз цIэрыIуэр жыхуаIэу.

Сыздэщысым, Нартыхум и телефон къому стIол цIыкIум тетым ящыщ зым зыгуэр къеуати, трубкэр хуэмурэ къещтэри иужэгъуа хуэдэу и тхьэкIумэм Iуелъхьэ. Псалъэ лей лъэпкъ жимыIэу, зэпсалъэр тхьэм ещIэ, «мдэ» фIэкIа сэ зыри зэхэсхыркъым. Кадр жыхуаIэу абы и Iумэтхэм щхьэкIэ мащIи зэхэсхакъым. ЗэрыжаIэмкIэ, Нартыхур псоми зэхуэдэу яхущыткъым, езым и фэр зыуэ плъагъуми, игукIэ цIыхуитI хъу къыпфIощI: пэцыр къричу ткIийщ, и унафэм щIэтым щепсалъэм деж, жиIар къыхуэзымыщIэм и фэр ирихыфынущ е и ней зыщыхуар иригъэсыкIын тIэу еплъынукъым. Езым унафэ къыхуэзыщIым епсалъэмэ, абы нэхърэ нэхъ Iэдэб, нэхъ даIуэ, гукъэкI зиIэ щыIэу пIэрэ жыуигъэIэнщ, хьэр псафэ яхуишэнущ. Унафэ зыхуищIым егъэупщI: «Мыр фIыщIэ хьэмэ хужь? – жиIэуи, езым фIыщIэуэ щытмэ, нэхъ фIэфIым – «фIыщIэщ» жиIэнущ, хужьу щытмэ, нэхъ и гум фIэфIым – «хужьщ» жиIэнущ, бжыгъэ, факт щыхуеймдеж я мурадым къезэгъыр аращ зэхуахьэсыр, хуеймэ цIыхум я псэукIэр ефIакIуэ защIэу къыщIрагъэдзынщ, нэгъуэщIу хуей – нэгъуэщIуи ящIыф. План сытхэр бгъэзэщIауэ укъикIын щхьэкIэ, бжыгъэ-фактхэр зэбладз зэрыхуейм хуэдэуи, псалъэм папщIэ, Iэщым щIымахуэм яшхыну зыхуейм хуэдэу тIу ягъэхьэзырауэ ятхынщи, гъатхэпэ мазэм деж мэкъумылэр иримыкъуу къыщIокIри, хьэуазэ щхьэкIэ лъаIуэу къажыхь. Ерыскъы, хьэпшыпхэри аращ: фIыуэ зэрылажьэм пщIэшхуэ къыхуащIу премие кърататыр зэхуагуэшыжауэ зэхэпхынщ, арщхьэкIэ тыкуэным щIэлъIауэ плъагъуркъым. «Апхуэдэу щхьэ хъурэ?» – жыпIэу ущIэупщIэ щхьэкIэ, мыхьэнэ лъэпкъ иIэкъым.

Адыгэ хабзэм игъащIэм нэмысышхуэ къыдэкIуэу щытащ: псалъэ жыпIамэ, жыпIам утетыжын хуейуэ, къэбгъэгугъа – къызэрыбгъэгугъари хуэщIэ, дыгъуэгъуакIуэр ялъагъу хъууэ

щытакъым, благъи ящIыну хуейтэкъым. Иджы Iулъхьэ хэмыту Iуэхур зэфIэгъэкIыгъуейщ, «Iулъхьэ» жаIэми зыгуэрти, «отблагодарил» жаIэу къикIыр езым фIэкI нэгъуэщIым ямыщIэу аращ, Iулъхьэ ятри я мылъкум къыхахыркъым – къадыгъури ират, къадыгъуари къадыгъуауэ ялъытэркъым, мылъкур псоми я зэхуэдэщи, зыгуэр и гъунэгъум едыгъуауэ ягъэкъуаншэмэ, «абы ей къимыдыгъуу колхозым ей щхьэ къимыдыгъуарэ?» жаIэри. Колхоз мылъкур псоми я зэхуэдэу къалъытэри, Iэбжьанэфlейр къаубыду хабзэм ирашалIэркъым зыгуэр къидыгъуа щхьэкIэ.

Нартыхум ахэр тыншу ещIэ, арщхьэкIэ зи пыIэку къриудыр къемыдаIуэр аращ. Лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэд зэрыс хэкум зыгуэрым бжьыпэр щиубыдам, езым и лъэпкъэгъухэр щIэгъэкъуэн ещI. Нартыхум аратэкъым ищIэр: езым и лъэпкъэгъухэр дегуэри адрейхэм гъуэгу нэхъ ярет, и лъэпкъэгъум ар я жагъуэ хъурэ я гукъеуэ жаIэмэ, абы яжриIэни егъуэт: «Дэ дызэлъэпкъэгъущ, дэр-дэрщи, дэнэ дыкIуэжын, ди мылъэпкъэгъум ягу зэдмыгъабгъэмэ, нэхъыфIщ, абыхэм гурыщхъуэ сыт щхьэкIэ зыхуедгъэщIын», – жиIэу. «Аращ тэмэмыр» жызы Iи нэхъыбэжти, модрейхэм Нартыхур интернационалистышхуэу къалъытэрт, хуэдэ гъуэтыгъуейуэ. Зыгуэрым гушыIэу жиIауэ жаIэж: «Интернационалистщ: ефэмэ – армян коньяк йофэ, пивэ жиIэмэ, чешскэр къыхах, цIыхубз хуейрэ– мыр сыт лъэпкъ жиIэу щIэупщIэркъым». ФIэмыIуэхуххэр сыт? Культурэрщ. «Я нэхъ спектаклыфIым нэхърэ гъавэ гулъэр нэхъыфIщ» жиIэри зэгуэр къыжьэдэхуати, иджыри къэс зыми щыгъупщэжыркъым. Театрым премьерэ яIэу ирагъэблэгъами, кIуэ и хабзэтэкъым. Зэ закъуэ кIуати, щIэкIуар нэгъуэщIтэкъым: спектакль цIыхум я гум ирихьу екIуэкIым пригъэчыну унафэ ищIыну арат. Гугъу зыдемыхьыххэр бзэрт, дэнэ щыпсалъэми, анэдэлъхубзэмкIэ псалъэртэкъым, сыт ищIысми щIэупщIэ – жэуап къузэритынур анэдэлъхубзэкъым, и национальнэ политикэр зытеухуар къызыхэкIа лъэпкъыр адрей лъэпкъхэм нэхъ псынщIэу яхэшыпсыхьыжа зэрыхъунур аращи, культурэр зытещIыхьа бзэм мылъкуу текIуадэр хузэфIэкIтэм, зы махуэм тIэу емыплъу ирригационнэ системэм тригъэкIуэдэнти, тIысыжынт, уеблэмэ адыгэцIэр адыгэбзэмкIэ зэрызэхэпхым хуэдэу жиIэртэкъым. Псалъэм папщIэ, «Сэлимэ» е «Нарткъалэ» жиIэнукъым «Салима», «Нарткала» жиIэфIэкIа, къуажэцIэхэри арат, адыгэбзэкIэ зэрыжаIэм хуэдэу жысIэнщ жиIэу и ужь итынутэкъым.

Зэгуэр гупышхуэ зэхэтIысхьат, гуфIэгъуэшхуэ гуэр къэхъуауэ, хьэщIэ куэди щыIэт нэгъуэщI щIыналъэ къикIауэ, хэкум хьэIусыпэ зрат илъэпкъри къызэхуэсат. А махуэм артист цIэрыIуэ гуэр хъуэхъуэну къэуври:

– Зи мурад къызэмыхъулIар дунейм ехыжми и гукъеуэр кIуэдыркъым. Сэри си гур зыхуэпэбгъам си лъэр лъэIэсакъыми, си бампIэр дунейм къытенэнущ. Сэ си гур зыхуэпэбгъар

къулыкъукъым, мылъкукъым е нэгъуэщI фIыгъуэкъым: зы театрыфI тхуащIрэ Iэхуитлъэхуиту сценэм ситу спектакль гуэрым сыхэтащэрэт жысIэу арати, нобэ къэс кинотеатру щыта унэжь цIыкIум дыщIэсщ. Казбек Машевич куэд щIауэ здытетым тетщ, тхьэм иджыри нэхъыбэжкIэ тригъэт, дыщыгугъат, пэжыр жысIэнщи, театр тхуригъэщIыну– тхуригъэщIакъым. ЩIыхум IуэхуфI ищIэр вагъуэ хъурэ Шыхулъагъуэм къытенэу жаIэ, Казбек Машевич и Шыхулъагъуэм вагъуэ дапщэ тетами, театрым и вагъуэр теткъым…

Гуп зэхэсыр къызэщIэващ, бжьэ къэпщIам ещхьу:

– Театрым и закъуэ дызыхуэныкъуэр?

– Уа, тхьэмадэ, пленум укъыщыпсалъэркъым уэ.

– Ухъуэхъуэнумэ, хъуахъуэ.

– ЖевгъэIэ жиIэнур.

– Хъуэхъум дежи сынэсынщ, сывмыгъэпIащIэ, – жиIэри дадэм и Iэ ижьымкIэ фадэбжьэр лъагэу иIэтащ, яхуэтIысыжын имыдэу. – Шыхулъагъуэ щIыжаIар сыт? Зи мурад къызэхъулIа шур а лъагъуэм тетауэ аращ. Зытеса шыри пщIэгъуалэу кьыщIэкIынущ. НтIэ, Казбек Машевич нобэ къэс театр иримыгъэщIурэ шы къарэм тесу шу лъагъуэм тетами, иджы театр тхуригъэщIрэ шы пщIэгъуалэм шэсыжауэ шу лъагъуэм тетыну сохъуэхъур... Абы щхьэкIэ ткIуэпс къизмынэу софэ...

Нартыхум хъуэхъур и гум ирихьыпатэкъыми:

– А лъагъуэ зи гугъу пщIам лъэсу утети мэхъу, – жиIэри щысыр игъэдыхьэшхащ, Iэджэми къалъытат артистым иригъэлеяуэ, арщхьэкIэ абы и хъуэхъум гумызагъэшхуэ хэлът. (Иужьым зыкъом докIри Къазбэчрэ артист лIыжьымрэ тIури пенсионеру уэрамым щызэхуэзати, Нартыхум сэлам ирех: «Шыхулъагъуэм дыщызэхуэзакъэ иджы», –жеIэри. Артистыр къэувыIэххакъым: «Дызэхуэзами, шурэ лъэсрэ зэгъусэ?» – жеIэри йожьэж). Нартыхур гугъу пхудехьынутэкъым театр, выставочнэ зал, музей жыхуэпIэхэм, абы къызэрыфIэщIыжымкIэ, езы закъуэр Мухьэмэд бегъымбару уафэм къехат, и пIэ иувэфын физ тIысрэ къыхуэмылъхуну, зыгуэр адрейхэм къахэжэпхъыкIауэ гу лъитакъэ – «мыбы уанэгум сыкъридзынкIэ хъунщ» жиIэурэ дэгуэжа зэрыхъуным и ужь итт, димыгуэжми, жыжьэу зыбгъэдигъэхьэртэкъым, и къулыкъур адэжь щIэину и гугъащ, езыри фIыуэ хуэIэзэ хъуат къулыкъур пIэщIамыхын щхьэкIэ, унафэ къыпхуэзыщIым яхуэпщIэн хуейм, къыпкIэлъыплъыну, тхьэусыхафэ зэрагъэзэхуэну къагъакIуэIами узэрыхущытыпхъэм. Мэзкуу дэс Iэтащхьэхэр хэт дапщэщ къалъхуами, хэт и физ е ипхъу сыт хуэдэ саугъэт нэхъ фIэфIми ищIэрт (ИлъэсыщIэр къыщихьэм деж ар пщымыгъупщэмэ, уяпэкIэ бгъажэ мывэм уIуощIэж жыхуаIэращ).

Нартыхум телефонкIэ псэлъэн иухати, трубкэр хуэм дыдэу, «абджыпсщ, къутэнкIэ хъунущи, хуосакъ» жыпIэу трилъхьэжри

къызэплъащ. Сэри зэхэсхат Iэтащхьэм и къулыкъур нэхъ лъагэ пэтми, щыпсалъэм деж паузэ ищIыр кIыхьщ жа Iэуи, зызущэ-хуауэ сызэрыщысым къыфIэзмыгъэкIыу сыщыст.

– Мыр къыщIызэджар сыту пI эрэ жыпIэу укъыспэплъэу къыщIэкIынщ, – жиIэри Нартыхур къэпсэлъащ.

Пэжщ, – жысIа щхьэкIэ, сэ си гугъар Раисэ Муратовнэ хуэгузавэу арати, аргуэру мыр зыхуейр сыт жызоIэ сигукIэ.

Нартыхум и пащхьэм илъа папкэ плъыжьым къыдихри тхылъымпIэ напэ си дежкIэ къишийящ:

– Мэ, еплъ. Псалъэ лей хэмыту мыбы псори итщ.

КъеIысхрэ сеплъмэ, тхылъымпIэ напэм и сэмэгурабгъумкIэ тетщ «прокурор» жиIэу. А псалъэм сыщIигъэгузэвэн лъэпкъ скIэрылътэкъыми, сымыгузэващэу седжащ. Тхылъым итыр семыджэххэми, къызэупщIамэ, жесIэнут: зи гугъу ищIыр Бынэ жа Iэу зэгуэр сызэI эза цIыхубз къулейсыз гуэрт. Сытым дежи абы сыхуэзами, жиIэрт: ЛэтIифэ пщэдджыжь къэс дызэхуишэсурэ махуэм хэт сыт ищIэн хуейми къыджиIэ и хабзэт. А пIалъэ дыдэм ирихьэл Iэу фыз бэлэбанэ гуэрым бжэр къыI уихри къафI ыщIэпщхьащ: «Дэфэрэдж сыхуейщ», – жиI эри зифыщIыжу. Бжэм и гъунэгъуу щысхэр щылъэтри фызыр щIахужыну хуежьа щхьэкIэ, дэнэ – яхущIэкIыркъым, бгъэдыхьэ илъэпкъым къофыщ Iауэ: «Сэ сызыхуейр Дэфэрэджщ, сыхуэмызауэ сыщIэкIынукъым, сывукI си пIэм ситу», – жиIэу. ЦIыхубзым и акъылыр тэмэм дыдэу зэрыщымытыр нэрылъагъут, хэт хуэзами къелъэпауэурэ и гур къраудат. ЛэтI ифи а цIыхубзыр тыншу иц Iыхурти, «Ростов кIуэ, Тэрчкъалэ нэхъ сэбэп къыщыпхуэхъунщ» жиI эурэ зыщхьэщигъэкIырт . «СыкIуэнщи, зыхуейр жезгъэ Iэнщ» жысIэу сыкъыщытэджым, ЛэтIифэ идакъым: «Губзыгъэкъым ар, бэлыхьлажьэ ухидзэнщи, ущIегъуэжынщ», – жиI эри. АрщхьэкIэ зыми семыдаIуэу сытэджри сыщIэкIащ: «НакIуэ, тIысэ, сэращ Дэфэрэдж хъужыр», – жысIэри. Кабинетым щIэсшэрэ сеплъмэ, цIыхубзым и температурэр градус плI ыщI хъуным зытIэкIу дыдэщ чэмыр, и бзэгури хьэлэчщ, хужьыбзэ хъуауэ, и Iур мэгъущIэ, пульсри аращ: и гур къилъэтыным хуэдэщ. Згъэгъуэлъырэ и ныбэр зэхэсшытIэм – къэбэгауэ и кIуэцIыкIыр къоуз, къуийм и щIыIу гуэрэф жыхуаIэм хуэдэу псом ищIыIужкIэ цIыхубзым щIыIэ хыхьащи, мафIэ зэщIэнащ. Къызогъэзэжри ЛэтIифэ жызоIэр: «ЦIыхубзыр къеузым икIуэдыкIынущ, Iэмал иIэкъым дыдэмыI эпыкъуну», – жызоI эри, арщхьэк Iэ ЛэтIифэ сызригъэпсэлъэн идэркъым: «Зи акъыл ныкъуэм зыпыпшэмэ, фIы къыхэпхынукъым, тхылъ тIэкIу ети, Ростов сыт зыщIыпIэ гъакIуэ», – жеIэри. «Сымаджэ хьэлъэщ, зыщIыпIи бгъакIуэ хъунукъым, щIэбгъэкIуэнури сыт, дэ тхуэгъэхъужыну щыщыткIэ», –жызоIэри сэри здэркъым. А сыздэщытым сыщыту дохутыр гуэрым жызоIэ: «Сымаджэр уи деж нызогъакIуэри зыхуэзэн хуэгъазэ». Абы фIэкIа хэмылъу ЛэтIи-

фэу плъагъур къызэкIуэкIауэ къыщолъэтри бзаджэу щыIэр къыстретхъуэ, и жьэм къихь къимыгъанэу. Ар щызэхихым, унафэ зыхуэсщIа дохутырми зыкъретIэ: «ЩIэзгъэгъуэлъхьэнукъым», – жеIэри. Сэри сыкъикIуэтакъым: «ЩIэбгъэгъуэлъхьэнщ. ЩIэбгъэгъуэлъхьэну си приказщ». – «Уэ приказ птыну абы хуэдэ лъэкIыныгъэ хэт къуита?» «Гиппократ къызитащ!» – щыжысIэм, зыкъоми мэдыхьэшх. ДызэфIэнами, дызокIуэжри цIыхубзыр сымаджэщым щIыдогъэгъуалъхьэ, сымаджэм и Iуэхур Iей дыдэуи къыщIокI, операционнэм щIэтшэрэ и ныбэр зэгуэдгъэжмэ, и кIуэцIык Iыр хьэлэч защIэщи, сщIэнур сщIэркъым, согузавэ, пщIэнтIэпсыр къызохуэх. Пыжьыни операцэм кърихьэлIати, гъумэтIымэу сызэгуегъэуд: «ЖиIатэкъэ ЛэтIифэ: зыпумышэ, бэлыхьлажьэ ухэхуэнщ жиIэу, нтIэ абы жиIам ухуэзащ». Сэри слъэкI къэзгъэнакъым, сымаджэм къэбэга сыту иIэр къизгъэжащ, хущхъуэу епхьэлIэ хъунуи къэзгъэнакъым.

Операцэр зэфIэкIа щхьэкIэ, сымаджэр нэхъыфI хъуакъым, аргуэру жьэражьэу, зимыщIэжу хэлъщ, пщIэнтIэпсыр къехуэхыу, и ныбэм къидгъэжа сытхэр шын хъуащи, лIэнкъэнэну фызыр щылъщ, мычэму Iуэщхъуу. Аргуэру операцэ щIын хуейщ щыжысIэм, зыми ассистировать ищIын идакъым, делэ ухуеймэ, нэгъуэщI щIыпIэ щылъыхъуэ, жаIэри. ИтIани Iэмал имыIэмэ, гугъукъэ – аргуэру операцэ щащI стIолым сымаджэр тетлъхьащ, зэгуэзгъэжри хущхъуэ есхьэлIапхъэр есхьэлIащ, лъы куэдыщэ щIэкIати, сестрам селъэIущ, я лъыр къыхэсшри сымаджэм и лъым хэскIащ. Куэди дэмыкIыу цIыхубз дызыхуэгузавэр къэбэдзэуэж хуэдэу хъуащ, къызэщыужурэ и нэр зэзэмызэ къызэтрехри къыдоплъ. Сымаджэр фIыуэ гъэшхэн хуейт, къыкIэлъыкIуэн иIэтэкъыми, дохутыр нэхъыщхьэм селъэIуащ си сымаджэм шхынкIэ къегугъуну, сыщIелъэIуар къысхуащIати, куэд дэмыкIыу цIыхубзым зыкъиужьыжащ. И чэзу къэсри сымаджэщым щыщIэкIыжым сэр щхьэкIэ псалъэ жимыIа къигъэнэнт, къуажэмкIэ игъэзэжати, си хъыбарыфI цIыхум яхихьэжауэ иIуатэрт, сэр мыхъуамэ, цIыхубзыр лIэри ящыгъупщэжауэ, абы «тхы» жиIэу къыжезыIари тхьэм ещIэ, сэр папщIэ «анэм я анэж» жиIэу итхати, ари газетым къытехуащ.

Ар къызэрыхъурэ илъэс пщыкIутI дэкIауэ иджы прокурорым итхам итщ: «ДохутырыфIхэм къызжаIащ Дэфэрэдж операцэ симыщIын хуейуэ сищIауэ, пенсэ къызатын щхьэкIэ» жиIэу. Пэжщ, сымаджэр сымаджэщым щIэлъыхукIэ, щIакхъуэ Iыхьэ къызэрищэхун имыIэу псэуфынкъым цIыху ныкъуэдыкъуэр, жысIэри пенсэ тIэкIу хузэзгъэпэщат, ари иджы къызеудэкIыж. Прокурорми етх, сымаджэм и узым и дэфтэрыр дауэ дымылъыхъуами, дгъуэттэкъыми, зыгуэрым ар зэрыхидыгъу-кIар белджылыщ жиIэу.

АдэкIэ тхылъымпIэм семыджэу Нартыхум и пащхьэм деж теслъхьэжащ, ЛэтIифэ «зыпумышэ цIыхубз делэм, бэлыхь

ухидзэнщ» жиIэу къызжиIари си гум къэмыкIыжу къэнэнт, ар дыдэм «шокъу» жиIэу натIэкIэ сыжьэхэуащ.

– Прокурорыр зыхуейр судым уритыну аращ, – жиIэри Нартыхум тхылъымпIэ сызэджар папкэ плъыжьым дилъхьэжри сыщIэмыгузавэр къыхуэмыщIэу къызэплъащ.

– Уэри уриакъылэгъу?

– Абы и Iуэхур щхьэхуэщ, мысыхьэткIэ Iуэхум и тэмэмыпIэр зэзгъащIэмэ, сфIэфIу аращ.

– «МысыхьэткIэ»?

– НтIэ. МысыхьэткIэ.

– Абы щыгъуэ уи прокурорри щоуэ, уэри ущоуэ, – жысIэри къызэкъуэсхри сещащ.

Нартыхур къэуIэбжьауэ, тхылъымпIэр зыдэлъ папкэ плъыжьыр къипхъуатэри нэхъ гъунэгъуу и пащхьэм ирилъхьащ, къэспхъуатэу сыкъыщ Iэпхъуэжын хуэдэ.

– Щыуэ хэлъкъым абы.

– Хэлъщ, Казбек Машевич, щыуагъэшхуэ хэлъщ. «ЩIэпхъаджэ ящIар щ Iауфэжын щхьэкIэ» жеIэри прокурорым етх. Зи гугъу ищI «щIэпхъаджэр» щIэпхъумэж хъум ящыщкъым: сымаджэр т Iэу щIыгъуэ операцэ тщIащ, мазиплIым нэблагъэ сымаджэщым щIэлъащ, мазипл Iым и кIуэцI кIэ а цIыхубзым щхьэкIэ тхылъу ятхар зы къэп хъунущи, кIуэдыну Iэмал зимыIэщ.

– КIуэдащ. Зыгуэрым игъэкIуэдащ. Хэт ар зыгъэкIуэдынкIэ хъунур?

– ЗэрыжыпI эм хуэдэуи щIы. Узым и дэфтэрыр зыгуэрым зыIэщIилъхьами, анализ ящIа къомыр къэнащ, абы нэмыщIыжу, нэгъуэщI зы документи щымыIэну Iэмал зимы Iэщ – сэ дохутыр нэхъыщхьэм деж стхауэ щытар. Абы итщ сымаджэм и Iуэхур къызэрекIуэкIари, хуэтщIари, тI эуней операцэ зэрытщI ари, и шхыным щхьэкIэ делъэIуауэ зэрыщытари. Тхылъым Iэ къытридзауэ щытащ нобэ къэс тет дохутыр нэхъыщхьэм, а псом ищIыIужкIэ – езы цIыхубзым итхыу газетым къытехуауэ щытар. А къомыр щыIэ пэтрэ «щ Iэпхъаджэ ящIар щIауфэжын» зыхузэфI экIынур хэт?

– Апхуэдэу щытмэ…

– Зэрыщыт дыдэр аращ. ИтIани ар и ныкъуэр аращ.

– ЕтIуанэрей и ныкъуэ хъужыр сыту п Iэрэ?

– ЕтIуанэ хъужри? Прокурорым итхам уеувалIэу жыпIащ. НтIэ, уи прокурорым закон жыхуаIэм хищIыкIыр кIэпIейкIэ и уасэкъым. Судебнэ хирургие жыхуа Iэр хабзэ гуэрхэм тетщ, а хабзэм къегъэлъагъуэ: сымаджэр къеIэза хирургым хуэмыарэзымэ, итх хъунущ сымаджэщым къызэрыщ IэкIыжрэ мазищ нэхъыбэ мыхъуамэ, абы фIэкIа – уи тхьэусыхафэм пщIэ хуащIыжынукъым. Уи прокурорым и тхьэусыхэр щитхар сымаджэр сымаджэщым къызэрыщIэкIыжрэ илъэс пщыкIутI хъуа иужьщ.

Зи ужь фит Быни, прокурорми, а прокурорым къыдэщ Iхэми фIыщIэ жыг схухасэн хуейщ, цIыхубзыр псы ефэу дунейм илъэс пщыкIутIкIэ тетщи. Алыхь, прокурор къысхуэмыхъуат ари.

ЖысIам щIригъэгъуэжа хъунт Нартыхури, сигъэлъэгъуа тхылъымпIэр аргуэру къыдихыжщ, еплъри къэпсэлъащ:

– Мыбы уэр щхьэк Iэ итыр фI ыщIэ жыгкъым, уэ и кIэм нэс уеджа си гугъэкъым... Мыбы гу лъыпта: «машинэ хуэныкъуэм – къылъысыр «скорэу», сыгъуэлъынщ жиIэмэ – кхъаблэр къахьу, тхъэгъуэ ихуэмэ – реанимацэу...»

Сыкъэдыхьэшхат абы къыщеджэми, Нартыхум пичащ.

– Гу лъыста къудей! Тыншу сощIэ ар зи жьэ къыжьэдэкIари. Бынэ зи акъыл зэкIуэкIа цIыхубзщ, дауэгъу пщIыкI э, мыхьэнэ иIэкъым. Ауэ дауэгъу пщIы хъунущ прокурор цIыхубзу дунейр кIэкIэ зезыхьэр, ар къэбубыду и пэр щIым щыпхъуэ хъунущ. Хабзэм епшалI э хъунущ эскулап бостеикIэ лалэу зи къалэн зыхуэмыгъэзащIэри.

– Хэт иджы ар?

– Зыми и цIэ исIуэнукъым. ЕупщI прокурорым, аращ ар зи боршыр. ИмыщIэм, и пIэ ирырес.

Нартыхум, тхьэм ещI э, и гугъа прокурорым итхар езгъэлъагъунщи, IумпIафIэ сщI ынщ жиIэу – сытми и мурадыр къехъулIакъым, ищIэнур имыщIэу тутын ныкъуэфыр къиштащ, и Iупэр Iуисык Iыурэ щIигъанэри тутын IугъуэкIэ и гум жьы дригъэхужу зиущэхуащ.

– Зым и цI э ипIуауэ бжы.

– Дэтхэнэм?

– Мыр зытха прокурорыр цIыхубзкъэ?

– СощIэ. Сэр щхьэк Iэ хъуэхъу жызыIари пьяницэжь гуэркъым – ари цIыхубзщ. Прокурорри абы и пыхъуэпышэщ, тIури цIыхубзми, зи ужь ит Iуэхум хащIыкIмэ, езым я дежк Iэ нэхъыфIщ.

– И IэнатIэр хуземыхьэмэ, цIыхухъум дежкIи щIагъуэкъым.

– Тэмэм. – Сэ къызэрысфI эщIымкIэ, сыкъэтэджыжыпхъэт, куэдыI уэрэ сыщысат, арщхьэкIэ псалъэмакъым кI э езытын хуейр къызэджэу сызышар аращи, зыри жиIэркъым. – ЦIыхубзым я делагъэм ц Iыхухъур щигъэлъэпэрапи дапщэ ухуей – цI ыхухъу ягъэщтар цIыхубз делагъэкъэ къызыхэкIар? А зым урикъуни.

– «Ягъэщтар» жыпIа?

Нартыхум и нэщхъыр уигъэшынэу зэхиукI ащ, и Iупэ щхъуантIэ хъуар зэщIиукIащи, и Iэпэри мэсыс, игъащIэкIэ умыдохутырми, абы и гум илъыр къомыщ Iэну Iэмал иIэкъым, сэри зисчу сыкъэтэджыжыфыркъым. Псэууэ мылым хуэдэу ягъэщта лIым и хъыбарыр имычэзууэ и гум къэзгъэкI ыжами, ар къызэрыхъуа щIыкIэр жыдмыIэу дыфIэкI хъунукъым, ЛэтIифэ и Iуэхур пщIэгъуалэу зэрыщымытар зэдгъэщIэн пап-

щIэ.

ХьэIусыпэ зрату цIыхухъу псоми Раисэ Муратовнэ и рестораныр хэщIапIэ ящIауэ, ЛэтIифэ илIри адрей псом къахэжыжынт, ари а цIыхубз бзаджэм дихьэха-димыхьэхами, пыщIа хъуащ, я псэр зэкIэрыпщIащ жыпIэну, «цIыв фIыцIэр» ныбэф цIыкIу хъужауэ зигъэбэлыхьу базэм къакIуэрти, наряди сыти жимыIэу, зыхуейр иригъашэрт, зыхуэныкъуэ щымыIэу Раисэ и рестораныр лажьэрт, планыр мычэму игъэзащIэрт, езы директорми и сурэтыр псоми ялъагъун хуэдэу нэхъ лэжьэрейхэм яхэту «Доска почетым» кIэрылът. Раисэр къахэжэпхъыкIыу щIыщытыр зымыщIэ щымыIэми, зыщIэр къэхашэртэкъым.

ЛэтIифэ и лIыр зэгуэр Раисэ деж къэкIуат, тIэкIу бгъэдэсмэ, зыгуэр щхьэкIи зэгурыIуэну. ЦIыхубзри къыпэплъэу къыщIэкIынти, и кабинетым стIол хъарзынэ къыщиухуащ, шхыныгъуэу узыхуей илъэпкъыр телъу, фадэ жыпIэнуми, рестораным ямыIэ щыIэтэкъым. ХьэщIэр къызэрысу, Раисэ Муратовнэ имыщIэн хуейуэ бжэм тхылъымпIэ къыфIилъхьащ «Базэм сыкIуащ» жиIэу тетхауэ. Хъарзынэу мо тIур зэбгъэдэсу шофер гуэри къокIуэ, ар и щхьэ IуэхукIэ къэкIуами хъунти – «шляпэ» зыхуэлажьэм къигъэкIуащ: «Мыбы хуэдэ продукт сытхэр къеIыхи, къашэ», – жиIэри. Ара хъунт я хабзэри, шоферыр занщIэу нэсри кабинетым и бжэм къеIащ – бжэр гъэбыдащ, къыдэплъеймэ – тетхам йоджэ. ЩIалэр адэкIэ жащ, мыдэкIэ жащ, зыри игъуэтыркъым, IэнэщIуи кIуэж хъунукъым: и Iэтащхьэм хьэщIэ иIэщ. ИтIысхьэщ машинэми, базэм жащ, Раисэр абы щыIэкъыми, къегъэзэжри, щымыхъум, щIэупщIэу хуожьэ, Раисэр здэщыIэр зыми имыщIэу къыщIокI. «ЯмыщIэми», зы бзаджэ гуэр Раисэ Муратовнэ и лIым телефонкIэ йопсалъэ: «Уи фызым и хьэщIэр зэбгъэщIэнумэ, иджыпсту и кабинетым къэс», – жеIэри. Шоферми сабэ дрепхъей, зыхуейр игъуэтыркъыми, Iэуэлъауэр кIуэ пэтми нэхъ ин мэхъу. Раисэ къэгузэвауэ къыщIэкIынти, щхьэгъубжэр Iуихри стIолым телъри тетри дигъэувыкIащ – тIэкIу зиIэжьами, зэIыхьат. Иджы щIасэлIыр дэнэ пхьыну? Раисэ и кабинетым холодильник шкафышхуэ щIэтт, нэгъуэщI здагъэувын ямыгъуэтауэ. Шкафым продукт «лей» хъуар дильхьэурэ зритыпхъэм ириту. Арати, и гум къэкIащ: «Мыбы дэзгъэтIысхьэ щхьэ мыхъурэ мо зэрызехьэр зэгъэжыху тIэкIу», – жиIэри. «ХьэщIэри» щхьэгъубжэмкIэ дэлъмэ, къалъагъунути, занщIэу дэтIысхьащ. ДэтIысхьа мыхъуу дэуващ, холодильникыр инышхуэти. Езы Раисэр щхьэгъубжэмкIэ дэкIщ, унэр хъурейуэ къикIухьщ, бжэм къыщIыхьэжри кIэлындорым хьэргъэшыргъэ къыщызыIэтам къахыхьэжащ.

– ЛIо, тIысэ, фыщIызэрызехьэр? – жиIэри.

Модрейхэри зыр зым йоплъыж, укIытэжауэ, къызэхуэсам Раисэ илIри яхэтщи, щIэмыупщIэу хъун:

– Дэнэ уздэщыIар? – жиIэу.

– Дэнэ, на-а, сыздэщыIэнур? Си къулыкъу и ужь ситыжщ, плъагъуркъэ, кIуэ пэтми цIыхур нэхъ Iув мэхъу.

Раисэ Муратовнэ и кабинетым и бжэр Iуехри жеIэ:

– Хэт къысхуейр? ФынырщIыхьэ, – жиIэу. АрщхьэкIэ псоми заущэхужауэ загъэпщкIуж, Раисэ илI «цIыв фI ыщIэм» щIэмыхьэу хуэшэчакъым, щI ыхьа щхьэкIэ илъэгъуа щымы Iэу, къыщIэкIуари жимыIэу кI эбгъу ещIри щI окI уэсыкI ыж, «сыкъагъэпцIащ дэкум хуэдэу» жыхуиI эу.

Шофер хьэгъапхъэр къыкъуок Iыжри Раисэ к Iэлындорым тету кIэрохъыжьэ «мыр къызэт, мор къызэт» жиIэу, езыр кабинетымк Iэ кIуауэ холодильнэ шкафышхуэмкI э йоIэ, зыхуей илъэпкъыр абы къыдихыу есащи, арщхьэк Iэ ныщхьэбэ Раисэ Муратовнэ шоферыр кабинетым щIигъэхьэркъым, шкафым бгъэдигъэхьэркъым.

– НакIуэ буфетым, къеIых узыхуейр, – жиIа щхьэкIэ, шоферым идэркъым.

– Псоми ялъагъууи?! Уэлэхьи, сыхуэмей, – жеIэри. Абыи ещIэж ар зи шоферыр, ресторaным щIэсхэми къэзымыцIыху яхэткъым.

Раисэ Муратовнэ ищIэнур имыщIэжу мэгузавэ, шкафым дигъэтIысхьар куэдрэ дигъэс хъунукъыми, кабинетми щIыхьэжыпIэ къратыркъым, зэ зыр къыкъуокI, зэ нэгъуэщI къыкъуокI, шоферри здихьынур ищIэркъым.

– ЛIо, ялъагъумэ. Ахъшэр иужькIэ къэпхьыжыну жыпIэнщи, зэфIэкIащ.

– Хьэуэ. Идэнукъым. Къызэбгъэшхыдэну ара? – «Къызэбгъэшхыдэну» жиIэмэ, абы къик Iыр езы Раиси къыгуроIуэ: «Къыпхуигъэгъунукъым сэ къесшэкIым».

– Ахъшэр къэхь жысIэркъым сэ!

– СощI э. Къащтэ IункI ыбзэр, сэ къыдэсхынщ шкафым дэлъри, уэзгъэлъагъунщ.

– ЕмыкIукъэ, на-а. ЦIыхум ямылъагъун уи гугъэ? К Iуэ уи машинэр пщIантIэм къыдэхуи, си щхьэгъубжэм къехулIэ. ЩхьэгъубжэмкIэ ныдэзгъэувыкIыурэ уэстынщ. – АбыкIэ зэгурыIуат, арщхьэкIэ упIащIэмэ, угувэркъэ: официант нэхъыщхьэр къыздикIари сытри имыщIэу къыкъуэхуащи пщафIэм щхьэкIэ мэтхьэусыхэ. Абы нэхъей, езыри мацIэм хуэдэу псэлъэрейщ, псальэр къыжьэдолъэлъ. Официант нэхъыщхьэр ерагъыу щIигъэкIыжри холодильнэ шкафым и бжэм еIащ, къыщыI уихым и щIасэлIыр мылым хуэдэу зэфIэщтхьауэ къыдохури унэ лъэгум къытохуэ.

Шофер емынэ шырым машинэр пхэкIэ щхьэгъубжэм къыщыIуихуэ дыдэм деж Раисэ къэгужьеяуэ лIы дияр къепхъуатэри диваным ирелъхьэ, щхьэгъубжэмкIэ зыдегъэзри шоферым йоджэ:

– Къажэ мыдэ. Мыр мылIэ щIыкIэ сымаджэщым нэгъэс. «Скорэ» сыт жытIэху и псэр хэкIынущ...

– Сэ къыспоплъэ гуп, – жиIа щхьэкI э, дэнэ – Раисэ идэну

Iэмал зимыIэщ.

– НтIэ, уеплъурэ бгъэлIэну? Шэ иджыпсту. Ар лIэмэ, уэ узыхэхуэну гупыр пщIэжрэ? Къэбгъэзэжыху узыхуейр къэзгъэхьэзырынщ.

– Вытрезвилкэщ ар здэшэн хуейр.

– Сыт жыпIэр зищIысыр? Инфарктщ! Зегъэхь!

Мылу дыкъар сымаджэщым къыщашам, дохутыру щыIэр къызэхуэсат, апхуэдэ телъыджащэ ямылъэгъуауэ, езыри куэдым яцIыхурти, зыгъэдыкъар къахуэмыщIэу щIэупщIэрт. «ЦIыв фIыцIэр» хьэдэщ жыпIэнуи уи жьэм къекIуэртэкъым, сымаджэу жыбоIэри– хьэдэм хуэдэу ущхъуэнтIыжауэ и нэри щ Iилъэфауэ щылъщ. И насыпыжьти, Борис Леонидович Куркин жыхуаIэу псэ зыIут мылу гъэдиинымкIэ специалистышхуэу Мэзкуу дэс щIэныгъэлIыр къэкIуауэ курортым щыIэти, икIэщIыпIэкIэ хъыбар ирагъэщIащ. ТелефонкIэ щыпсэлъам езыр процедурэ щащI кабинетым щIэсу къагъуэтати, занщIэу къыщIэжащ, щыгъын зэрыщцымыгъым хуэдэу, абы хуэдизкIэ гуфIэщати, езыри ди дохутырхэм къелъэIуащ: «Ваннэ хуабэм хэвмылъхьэ», –жиIэри. Ари сыту фIыуэ жиIат: ваннэм халъхьэу ягъэхуэбэжыну арат дохутырыр зи ужь итар.

Борис Леонидовичыр къэсащ, палатэ щхьэхуэ къаIихщ, хьэдэм хуэдэу жар щIилъхьэри езым и гъуэлъыпIэри абы щIигъэувэжащ, жэщи махуи бгъэдэкI имыIэу сымаджэм кIэлъыплъыну, пациентым уэншэку хуригъэщIащ, уэншэку кIуэцIым бжьамий куэдым псы щIыIэирижэурэ пIэр мычэму щIыIэтыIэу щагъэтын щхьэкIэ. Псом хуэмыдэу щIэныгъэлIыр зыхуэсакъыр пациентым и щхьэ куцIыр арат, щхьэ куцIыр щтамэ, къэчэнкIэ хъунути. Палатэм кардиографрэ энцефалографрэ щIэтти, и нитIыр тенауэ экраным еплъ зэпытт, гипотерапиекIэ зэджэр арат пациентым и узыфэ хъуар, абы и гъэхъужыкIэ гуэрхэри езырезыру къыиулъэпхъэщыртт, пациентыр зытелъ уэншэкур мащIэмащIэурэ нэхъ хуабэ ищIыртти, сымаджэр нэхъ къэвыж пэтми, и Iэр, и лъакъуэр нэхъ къызэфIэуэ хъурт, ягъэшхэнумэ, зондкIэ ягъашхэрт. Апхуэдэ защIэурэ щIэныгъэлIыр сымаджэм мащIэрэ елIэлIакъым. Зыкъом дэкIа нэужь, ЛэтIифи хуэшэчакъым къакIуэу къыщIэмыупщIэу.

ЦIыхубзыр «ЦIыв фIыцIэм» бгъэдэтIысхьэри и Iэм Iэ щыдилъэм сымаджэу иджыри къэс хьэдэ гъэжауэ щылъар къэскIащ, кардиографым и экранми сигнал гуэр къытехуауэ щIэныгъэлIым гу щылъитэм, къэгуфIащ, къэхъужынкIэ хъунщ жыхуиIэу.

«ЦIыв фIыцIэр» сымаджэщым зэрыщIэлъар зы мазэкъым икIи мазитIкъым. «Мыр уи кабинетым мылу щыжынкIэ щхьэ хъуа?» – жаIэу Раисэ мызэ-мытIэу еупщIа щхьэкIэ, жэуап къыпахакъым: «ФеупщI езым», – жиIа фIэкIа. Фызым ищIэу къыщIэкIынт цIыхухъу мылу ягъэщтам къыщыщIа илъэпкъыр зэрыщыгъупщари,

уеупщIкIэ сыт къыпыпхын, ауэ зыгуэр жумыIэу зэрымыхъунур имыщIэу хъурэт – къигупсысащ версие: фIыуэ щефэщ ресторанми, и гур къыщекIуэм щэху цIыкIуу гупым къахэкIуэсыкIри, тхьэм ещIэ, щылъауэ къыщIэкIынущ зэфIэдыкъэху, иужьым си кабинетым къызэрыщIэпщхьар зыми ищIэркъым, е къахьу къыщIалъхьа...

Ар къэзыша шоферым и пщампIэр яубыда щхьэкIэ, къыпаха щыIэкъым, къыпахи хъунутэкъым абы кърикшэкIыр кърикшэкIыу, зэ фIэкIа ирамыджэу къаутIыпщыжащ. Раисэ Муратовнэ и шкафым дэплъэри лъы ткIуэпсрэ щхьэц налъэрэ къагъуэтати, абыи пщIэ хуащIакъым, экспертизэ жаIэу. Шоферми тхьэ иIуащ Раисэ Муратовнэ мо лIы гъэшхар хьэдэу дияти, къыхуэмыIэту илъэфу хуэзауэ. Къалэ псом хъыбару куэдрэ дэлъар ящыгъупщэжащ езы «ЦIыв фIыцIэр» хъужу уэрамым къызэрыдыхьэжу.

ЛэтIифэ и лIым тхьэ иIуат цIыхубзым кърищ Iар хуимыгъэгъунуи, зэрылъэкIкIэ кIэщIэтхыхьащ нарядыншэу продукту зыхуейр къегъуэтри къыщIэкI ахъшэр зэхуаугуэшыж жиIэри. Раисэр милицэм яшэурэ къаутхыпщIу щыхуежьэм, езы Нартыхур хэлIыфIыхьщ Iуэхуми, къаутIыпщыжащ, хэмынэщхъеихьу. Абы и ужьым цIыхубзыр базэм къакIуэри нэгъуэщI щымысу «ЦIыв фIыцIэм» ещащ: «ПасэIуэ мыгъуэу холодильникым укъисхыжащ, дяпэкIэ умыбэлэрыгъ», – жиIэри. Модрейм къыгурыIуащ и Iуэхур шыпхэ хъункIэ зэрыхъунур.

Абы щыщIэдзауэ директоритIым я кум дэлъаIауэ цIыхум гу лъамытэну дэнэ щызэхуэзами хъарзынэу зэхущытт, ЛэтIифэ и гур тепщахэмэ, арат зыхуейри, Нартыхум деж кIуэри къегъыхащ и лIыр щызыгъэуа цIыхубзым иригъэшхыдэну, уеблэмэ трахуми нэхъыфIыжу къилъытэу.

Нартыхум «ЦIыв фIыцIэр» ириджэри къегиящ: адреймодрей, цIыхубзым къак Iэлъыбок Iухь, абы утекIуади пэтащ жиIэри. «ЦIывми» зыкъретIэ: «Уэ езыр цIыхубзкIэ уерыщын дапщэщ лъандэрэ щыбгъэта?» –жеIэри. Нартыхум хьэкъыу пхыкIащ хэIущIыIу ищIыну зи ужь ихьар абдежым щигъэувыIэмэ, зэрынэхъыфIыр. «ЦIыв фIыцIэми» абы къыфIигъэкIакъым, иджы «цIыхухъу ягъэщтар» жысIэу си жьэм къызэрыжьэдэкIыу Нартыхум а къомыр и гум къэмыкIыжу къэнэнт? Арат и нэщхъыр щIызэхиукIар. А псом я щхьэфэ симыIэбэу жызоIэ:

– Ягъэщтыр зырызыххэщ. Къызгуро Iуэ. Зауэр къащтэ. Армэм кIуэр цIыхухъущ, зауэми хэкIуадэмэ, хэкIуадэр цIыхухъущ, ит Iани зауэм бэлыхьу цIыхум къатрилъхьэр нэхъыбэу зи фэ дэк Iыр цIыхубзщ. Я сабийм ятеп Iауэ дапщэ кIуэдрэ? ИтIани зы лIэщIыгъуэм зауэр зэ къэхъуми зауэм хэкIуадэм нэхъыбэж зытекIуади щыIэщ.

– Сыт?

– Фадэр. Аращ ди лъапсэр изыхынур. Псэлъафэу диIэщ «и унагъуэм псы ирагъэжыхьыжащэрэт» жаIэу. Апхуэдэм тхьэм

дыщихъумэ, ауэ ди унагъуэм псыкъым ирагъэжыхьыжынур – аркъэщ, коньякщ. Ефэныр пыдмычрэ – дыкIуэдащ.

– Абыи дыкъелынщ. Нэхъ Iейм дыкъелащ.

– Емынэм дыкъелами, фадэр хъумпIылэм нэхърэ нэхъ Iэмалыншэщ.

– Щедгъэгъэтыну унафэ щыIэщ.

– Унафэ! Унафэ сытым щхьэкIи ящI, унафэкIэ дызыхуэныкъуэ лъэпкъ щыIэкъым. Ар зыгъэзэщIэнщ дызыхуэныкъуэр.

– Фэракъэ алкоголизмэр узыфэщ жызыIэр? Узыфэмэ– феIэзэ, вгъэхъуж.

– Ар дгъэхъужынт, узыр зэфыкIыр зырыз-т IурытIу щытатэмэ. Ефэным щIапIыкIар зы лIэщIыгъуэ е лIэщIыгъуитI? Нэхъыбэжщ. А къомым къаIурыч фадэри, лъабжьэкIэ уахьыни. Иджырей цIыхум яхэплъи, япэм щымыIа генетическэ тип яхэту уолъагъу: интеллекткIэ зыхуей щIагъуэ щымыIэу, я адэ-анэр зыщIэкъуа идеер яфIэмыIуэхужу, хабзэкIэ къапыпхын щымыIэу, я акъылри ефэным фIэкIа зытеухуа щымыIэу. Абы мутацэкIэ доджэ. КIэщIу жыпIэмэ, пасэрей типыр зэкIуэкIауэ къокI. Ар зэбгъэзэхуэжу генетическэ типыр къызытекIам тебгъэувэжыныр зы лIэщIыгъуэкIэ зэфIэкIынукъым. Дэ нобэ къыщIэддзэрэ ди ужь къихъуэр дызытеува гъуэгум къытеувэмэщ, лъэпкъыр и пIэм щиувэжынур.

– А гъуэгум теува дызэрыхъунур дауэ?

– ЩIын хуейщ сымаджэщ.

– Псори дыщIэхуэн хуэдэуи!

– Сыт щIэпсори? Узыр зэфыкIыр!

– Апхуэдиз сымаджэщ тхуэщIрэ?

– ТхуэщIыр дывгъэщI. Атомнэ бомбэ жыдоIэри абы нэхъ шынагъуэ щымыIэ къытфIощI. Бомбэр къауэмэ, напIэзыпIэм еукI, аркъэр бомбэм нэхърэ нэхъ Iеижщ: мащIэ-мащIэурэ, гу лъумытэурэ, уи гур къигъэжана уи гугъэжурэ ди лъапсэр ирех.

– Сымаджэщым щIэлъыр зыгъэшхэнур хэт?

– Узыр зэмыфыкIым. Урысым жаIэркъэ: любишь кататься – люби саночки возить.

– Кто будет возить – женщин?!

– НэгъуэщI дэнэ къикIын? Генетическэ тип зэкIуэкIауэ дунейр кIэкIэ зезыхьэ лIэщIыгъуэр къэзылъхуар хэт? ЦIыхубзхэр аракъэ? НтIэ къэзылъхуам игъэшхэжын хуейщ.

– Къыпхуадэну пIэрэ?

– Ямыдэу хъурэ! ИгъащIэми зэрыщытыр аракъэ: цIыхубзыр лъхуэми, и лэжьыгъэ къимыгъанэу, IэнатIитI зэдихь защIэу къэгъуэгурыкIуащи, IэнатIищри и фэ дэкIынщ, сабий къащIэхъуэр узыншэ закъуэмэ. Сабий узыншэу къалъхун щхьэкIэ, щIэн хуей Iэджи щыIэщ.

– Генетическэ тип щыIэм уахэплъыхьуи? ЦIыхубзыр лъхуэну хуеймэ, ар къэзыгъэувыIэн щыIэ?

– Сыт къыщIэбгъэувыIэр? Езыр-езыру къоувыIэ, зыми зыри жимыIэу.

– КъэувыIэркъым. Жылэр нэхъыбэ хъу защ Iэурэ макIуэ.

– Нэхъ псынщIэжу бэгъуэнут, цIыхубзыр зыхуей хуэзэу щытатэм. Унэм щIэкIмэ, сабийр къызыхуигъэнэн игъуэттэмэ, иригъэшхын, щитIэгъэн хуэмыныкъуэтэм...

– Детсад...

– Детсадым и Iуэхур щхьэхуэщ, – жысIэри си псалъэр зэпезгъэудакъым, – анэмрэ и бынымрэ я кум детсадыр къыдэувэмэ, а тIур зэпэIэщIэ мэхъу. Сабийр ин хъуа нэужь, ани ади къыфIэмыIуэхужу, и щхьэ закъуэ и лъакъуитIу къэхъуа хуэдэу йожьэж. И адэр е и анэр жьы хъурэ лъэрымыхь хъуа – тIэу емыплъу стардомым ишэнщи яритынщ. Сабийр и адэ-анэм нэхъыбэрэ бгъэдэсмэ, нэхъыфIщ, я псэр зэпыщIа мэхъу, зэхуэгумащIэщ, унагъуэр, лъэпкъыр зэрыIыгъщ, сабийм хабзэ хэлъу къохъу, адыгэбзэр цIыкIу щIыкIэ зримыгъащIэрэ – иужькIэ зригъэщIэфынукъым, бзэр ищIэм, адыгэ хьэл-щэни зыхелъхьэ. Пасэу зэкIэщIэпчакъэ – ущIегъуэжынщ, уи Iэфракlэм уедзэкъэжу: узэлъэпэуар къолъэпэуэжынущ. Унагъуэр зэтезыIыгъэр анэрщ, анэр бынунэм хэчи зэбгрылъэлъащ, адэ-анэр жьы хъумэ, зыщыгугъын щымыIэу.

– Жьы хъуар къэралым егъашхэ: пенсэ къарет.

– Адэ-анэр IэщIыб пщIыныр хабзэ мыфэмыцщ. Абы фIы къытхуихьауэ сщIэркъым. Твардовскэм итхащ:

*А мы, кичились неверьем в бога,*
*Во имя собственных святынь*
*Той жертвы требовали строго:*
*Отрынь отца и мать отрынь.*

Зи адэ, зи анэ IэщIыб зыщIар къащти, еупщI, хамэм и адэм е и анэм нэхъыфIу ухущытыфыну жыIи. Зи Iыхьлы зымыдэжым нэгъуэщIым я Iыхьлы идэнукъым, къызыхэкIами яхуеижккъым, къыщалъхуа щIыналъи фIэIэфIыжынукъым. Зы щапхъэ гуэр къэсхьынущи, къомыхьэлъэкIынумэ, жызгъэIэ.

– ЖыIэ.

– Си джэдкъазым щыкъун яхущIэсхмэ, адакъитI сиIэщи, си макъыр зэрызэхахыу къос. Зыр инкубаторым къриша адакъэщ, зыр джэдым кърищащ. Инкубатор адакъэр къызэрысу щыкъуным хэувэнщи, зыри зыбгъэдимыгъэхьэу мэщыпэ, джэдым къриша адакъэр къэсынщи, джэдхэр къреджэри ахэр шхэху нэгъуэщI къабгъэдимыгъэхьэу яхуосакъ. Шха нэужькIэ пщIан-тIэм щыдэтым деж инкубатор адакъэм и закъуэпцIийуэ къе-кIухь, зы джэд къыбгъэдэмыхьэу, мыдрей адакъэр джэдым яхэту мэулъэпхъащэ, къигъуэт Iамэ, джэдым йоджэри ярегъэшх. ЦIыхури апхуэдэ

къабзэщ: «инкубаторым» ису япIамрэ бын-унэм яхэсу япIамрэ зэхуэдэ хъуну Iэмал иIэкъым, унагъуэм щапIар и Iыхьлымкlэ гумэщIэнущ, зыхэт цIыхуми нэхъ яхуэхьэлэлу яхэтынущ.

– КIэщIу жыпIэмэ– детсад ухуейкъым.

– Хьэуэ. Детсадым я пIыкIэри нэгъуэщIу щIын хуейщ, сэ зи гугъу сщIыр и психикэр мытэмэму сабий къалъхуам я гъэхъужыныр аращ. Пхуэмыгъэхъужми, еIэзэн хуейщ, зыхуэзэн и чэзум деж хуэгъэзауэ. Сымаджэщым дрикъуркъым, зэпэубыдащи, нобэ щIэбгъэгъуалъхьэмэ, хъужыкIафIэу хъужынур местэм пэплъэурэ зэман куэдыщэ докIри и узыр гъэхъужыгъуей мэхъу, ныкъуэдыкъуэу къанэри куэдщ. Зи психикэр мытэмэм сабий унагъуэм исыныр зищIысыр умыгъэунэхуауэ пщIэнукъым. Детсад жыбоIэри, ари щIагъуэкъым, местэ бжыгъэр ирикъум, сабий зезыхьэн ягъуэтыркъым, улахуэр мыхьэнэншэщи. Сабийм уи нэIэ тет защIэу и ужь уимытмэ, умыщIэххэу сымаджэ мэхъу.

– Сымаджэ хъумэ, еIэзэни яIэщ.

– Сымаджэ щIэхъур сыт? Дохутырыр кIэлъымыплъу аракъым: воспитателым сабий щэщI хузехьэнукъыми, сымаджэ нэхъыбэ хэхъукI пэтми, и Iуэхур нэхъ псынщIэ мэхъури гузавэркъым. И анэм деж телефон йоуэ: «Фи хъыджэбз цIыкIур сымаджэ хъуащ». Ар же Iэри зэфIэк Iащ. КIуэи къэшэж. И анэр зыIут лэжьапIэм къыIукIыу и сабийм бгъэдэсыжын хуейщ. Абы текIуадэм и ныкъуэр воспитательницэм и улахуэм хущIыгъуи, зы сабий сымаджэ хъунукъым. И анэри нэхущым и сабийр къигъэушу детсадым ишэу, абы къикIыжмэ, и щхьэр щIихьауэ лэжьапIэм жэуэ, лэжьапIэм къикIыжрэ – си лIым и шхын схуэгъэхьэзыращэрэт жиIэу зэпхъуэнур имыщIэу бэлыхь хэтынкъым. Ари зыгуэрщ, къалэм дэсмэ. Къуажэм щыпсэурэ – къуажапщэм щы Iэ лафкIэм нэси, шэ къэщэху, ари бгъуэтмэ, щIакхъуэр зы тхьэмахуэм зэ ящэри зыхомыгъэн, жэщкIэ жыыщIэ, лъэпэд дыж, уи лIыр зыхуей хуэгъазэ...

Зыгуэр телефон къеуащ. Нартыхур Iэбэри трубкэр къищтащи, и фэми зехъуэж. НетIэ фIэмыIуэхуу трубкэр иIыгъамэ, иджы трубкэм езыр ипщхьэн хуэдэу къэп Iейтеящ, телефоныр, тхьэм ещIэ, зы бэлыхьу къыщIэкIынщ, къэпсалъэри нэхъ бэлыхьыжу. Казбек Машевич и закъуэу щытыгъамэ, нэхъыфIыжу къыщIэкIынт, сыщысщи, дэнэ сихьыжын. ЦIыхухъу макъ трубкэм къикъуэлъык Iыу зэхызохыр, езы Нартыхури къобыргъукI, мычэму жеIэ: «Дэгъуэкъэ, Иван Константинович...», «дыппэплъэнщ, Иван Константинович...», «мэз бжэн жыпIа? Ди куэдщ, Иван Константинович...» «кхъуэпI ащэ зэ къэбукIауэ щытар недгъэшат, мэз бжэным и бжьакъуэри, Иван Константинович...»

Сэри къызгурыIуащ ар зэпсалъэр: Мэзкуу Iэтащхьэм яхэту дэсщ и IупэфIэгъу, «жьауэ цIыкIукIэ» еджэу. Хэт тхьэусыхами,

уеблэмэ къулыкъущIапIэ нэхъыщхьэм езым и щхьэкIэ кIуэрэ и тхьэусыхафэр я стIолым трилъхьами, е газетым зыгуэр ятхы-фами – зыми зыри къикIыркъым. «Жьауэ цIыкIум» Нартыхур щIэтщи, уэ къехми уэс къесми къыхуэсакъыу къахъумэ, кIэ-щIэтхыхьам итхар езым къыхуагъэхьыжри зэрегъэзэхуэж, зымытхын зытхам и пэр щIым щехуэ, утыку къиувэу Нартыхур хэзыкуэну мурад зыщIым трибунэр къылъагъэсынукъыми, пихыжащ. «КхъуэпIащэ зэ къэбукIауэ щытар» жиIэ щхьэкIэ, тобэ ирехъу, къиукIыххакъым, къиукIами, вертолетым ису кхъуэ бын джабэм кIэрытым ящхьэщылъадэри къиукIыр къиукIыу, иуIэр иуIэу Iисраф ищIащ, иужьым зыхуейм хуэдиз IэкIуэлъа-кIуэу хуагъэхьэзырри хурагъэшащ, кхъуэпIащэм и щхьэри дэкIуэу. Е къиукIар мэз бжэнмэ, лым нэмыщI, бжьакъуэр бжьэ ящIри дыжьынкIэ гъэщIэрэщIэжауэ хурагъэшэжащи, «щакIуэр» аргуэру хьэкIэкхъуэкIэм къыщIоупщIэри къэкIуэну къыщIэ-кIынщ, къакIуэми, хъарзынэкъэ – и нэгу зиужьынщ.

Нартыхум трубкэр трилъхьэжри зы тэлайкIэ гупсысащ зыри жимыIэу, тхьэм ещIэ, унафэ гуэрхэр ищIын хуейуэ сэ сыщIэкIы-жа нэужь абы и ужь ихьэмэ, нэхъ фIэигъуа, е «ди псалъэмакъыр щыдухар дэнэ деж» жиIэу гупсысэрэт.

– Уи диссертацэ зи гугъу пщIар тхылъу къыдэкIа хьэмэ зэрыптхауэ иджыри щылъ? – жиIэри къызэупщIащ.

– Абы щыщ гуэрхэр брошюрэу къыдэкIащ.

– Зэуэ къыдэбгъэкIамэ, арат: цIыхур ефэу умыдэм, детсадым ухуэмейуэ жыпIэм, цIыхубз къалэныр цIыхухъум я пщэм деб-гъэлъхьэну упылъмэ, уи тхылъым еджэм къыпхуадэнкъым.

– Сагъэсами, сызытетым сытекIынукъым.

– Жамойдэ езым зигъэсыжащ...

Абы зи гугъу ищI лIыжьым и хъыбар сэри зэхэсхащ: тхьэ-мыщкIэжьым «зоопарк сщIынщи, хьэкIэкхъуэкIэу ди щIыпIэм щыIэр зэтеукIэн ямыух щIыкIэ, я щхьэ зырыз зэхуэсхьэсынщ» жиIэу хуежьат. И къару дэкIи къигъэнакъым, зыкъоми хузэфIэ-кIащ, хьэкIэкхъуэкIэ Iэджи къиубыдащ, арщхьэкIэ яригъэшхын имыгъуэту хьэкIэкхъуэкIэр фIызэтелIэ хъуащ, адэкIэ-мыдэкIэ жэурэ лъэIуа щхьэкIэ, зыри къимыкIыу. ИкIэм икIэжым итха тхылъ къомыр Iэтэу щызэтрилъхьэщ жыг щIагъым дежи, жыг къудамэм и щхьэр пилъэжащ и тхылъым мафIэ щ Iигъанэри.

– Алыхь, Жамойдэ хэлъа лIыгъэр сэ схэмылъ.

– Абы ищIар уэри щIэ жысIэрэ сэ?! «Къыпхуадэнкъым» жысIэу аращ.

– Жамойдэ хэлъа лIыгъэм хуэдэ схэлъатэмэ, абы ищIа дыдэр сщ Iащэрэт щыжысIа махуи сихуащ.

– Дапщэщ?

– Бэзэрым уборщицэу тета фызабэ Хъалидэ укI кIэ и суд

щащIам. ЦIыхубзыр лIэну сэ къезгъэлауэ щытащ, сэ къезгъэлар нэгъуэщIым яIэщIэкIуэдащ, и бынри зеиншэу къэнащ.

Нартыхум и Iупэ щхъуантIэр къэкIэзызащ, и фэри зэкIуэкIащ, цIыплъ къэхъуауэ.

– Суд хабзэм тету ящIагъэнщ.

«ЖысIэн-жызмыIэн» жысIэу алъандэрэ Iэнкуну сыщытами, жызмыIэу схуэшэчынутэкъыми, къыщIэздзащ:

– А лъэхъэнэм уи деж сакъыфIыщIыхьэну си гугъащ, схузэфIэкIакъым. «ЯукIащ!» жиIэу фызыр зэрыкIияр аратэкъым зэрызехьа къомыр щIызэрызехьар. Хэти еупщI – къыбжиIэнущ. ЦIыхур зэрыгъэгубжьыжауэ арат, я диным изыгъэкIар сыт? Яшхын ягъуэтыркъыми, аращ. Шхыныр аращ псори къызэрыкIар, нэгъуэщIкъым. Бгъэкъуэншэн хуеяр фызабэр аратэкъым, мо рапорт зытхыу, ерыскъым и пIэкIэ бжыгъэр тыкуэным щIэзылъхьэращ. ЕдаIуэт радиом, телевидением, еджэт газетым– бжыгъэщ дэни, бжыгъэр мэкъуу щытами, зыгуэрт, Iэщым яшхынт, цIыхум яшх мыхъуми. Голодный бунт жыхуаIэр арат, фэ «межнациональная вражда» жыфIэри фи дежкIэ зэрынэхъыфIым хуэдэу фщ Iащ, зэмылъэпкъэгъухэр зэмызэгъ хуэдэу. ЛIо щIызэмызэгъынур? ИгъащIэм зозэгъ, иджы щIызэмызэгъын щыIэ? Яшхын ямыгъуэтым, зэмылъэпкъэгъу дэнэ къэна, зы унагъуэм исыр зэфIонэжри щызэрыукIыжи щыIэщ. Псори къызыхэкIар сыт? Зы угъурсыз гуэрым къэпым илъу лы къихьати, аращ зэпаубыдар. Сэ сшхыр бэзэрым къытызохри бэзэрым сыкIуэрейщ. ИгъащIэм слъэгъуакъым цIыхур лы Iыхьэ щхьэкIэ зэрыукIыу. Иримыкъумэ, талонкIэ евгъащцэ, яхуэвгуэш.

Нартыхур IэштIымк Iэ стIолым теуащ:

– Щыгъэт! Укъэвэнущ уэ слъагъур, – жиIэри. – ЯукIамэ, хуэфащэу яукIащ.

Сэри сыкъызэрыкIащи, къик Iуэт сиIэкъым.

– Фызабэм хуэфащэми, и ныбэм илъа сабийми и лажьэр сыт? Ар къалъхуауэ щытатэм, щIэныгъэлI цIэрыIуэ хъункIэ хъунт. Е усакIуэшхуэ. Дунейм псэ зыIут къытехьэркъым си щхьэ, си лъэпкъ схъумэжащэрэт жызымыIэ. Я лъэпкъ хъума хъун щхьэкIэ, зыкъезыгъэукI ухуозэ. Гуэгуш джэдыкIэ гъуэлъхьэжауэ тес аистым къыщIалъхьэри гуэгуш шыр къришати, аисту а Iэшэлъашэм щы Iэр къызэхуэсат къэхъуа телъыджэр зыхуахьынур ямыщIэу. Аист къомыр гуэгуш шырым еуI уурэ ар къизыша аистыр ягъэгужьеяти, лъагэу дэлъэтейщ, и дамитIыр зэгуилъхьэжщ, уэгум зыкъридзыхыжри зиук Iыжащ, къызыхэкIа лъэпкъым ящымыщ къахилъхьа къыфIэщIыжри. Природэм хабзэ хэлъыр псэ зыIут псоми яхэлъщ, цIыхури аращ. Дэтхэнэ зыми генетическэ код иIэщи, зытетым тетурэ къогъуэгурыкIуэ. Кодым кIуэдыпIэ иIэкъым.

– Судым хабзэм тету суд ящIэ, геннэ код жыхуэпIэр ящ Iэххэркъым.

– Абы я суд щIэкIэми сыщыгъуазэщ. ЦIыхубз лъэщыджэр лъхуатэмэ, езым хуэдэт къилъхунур, гуэгуш шыр къришынутэ-къым. Ар фэ зыуи къивдзакъым. ЦIыхум и лъэпкъ ихъумэжын щхьэкIэ, хэлъ инстинктыр Iэджэм яхэбзэхыкIауэ къыщIокI. Уи зы псалъэ адыгэбзэкIэ жыпIэу зэхэзыха щыIэкъым. АбыкIэ къыбощIэ псори. Лъэпкъ культурэри мэкIуэдыж, бзэр кIуэдыж-мэ, хабзэ, нэмысу ди напщIэ телъари гъуэбжэгъуэщу кIуэды-жащ, бзэмкIэ цIыхур мыпсэлъэжмэ. ДызыхуэкIуари аращ: Iэтащхьэм дэплъейуэрэ адрейхэри бзэмыIу хъуащ. Я лъэпкъкIэ адыгэу зрагъэтх щхьэкIэ, адыгагъэу къахэнэжа щыIэкъым. Аистым къриша гуэгуш шырым ещхьщ, аист ширхэм яхэтщ езыр зэщхьхэм хэмыту.

– Перерожденецщ.

– Уэ узэреджэнур уэ пщIэжынщ.

– Иджы сэри сыхущIогъуэж си деж укъэкIуэну ущыхуежьам укъызэрамыгъэкIуам. А лъэхъэнэм дызэхуэзатэмэ, уи Iуэхум нэхъ зиужьынкIэ хъунт.

«Нэхъ зиужьынкIэ» жыхуиIэр сэри къызгуры Iуащ къызэрыбгурыIуэн хуейм хуэдэу: си диссертацэр пхагъэкIынтэкъым я нэхъ мащIэр арауэ, арщхьэкIэ си гум илъыр езгухыжащ.

– СакъыфIыщIыхьэн си гугъар пэжщ.

– Пэжщ. Телеграмми ебгъэхьат. Уи тхьэусыхафэм зыри къикIакъым армыхъумэ. ИкIи къикIынукъым!..

– КъызгурыIуащ. Нобэщ къыщызгурыIуар.

Аргуэру телефоныр къызэтричу къэпсэлъащ. Сэри си гур ЛэтIифэ дежкIэ жащ. Хъыджэбз щIалэ дыдэу мыбы хуэдэ «аистхэм» къахэхуэрэ иджыри къэс яхэтауэ дауэ зэмыкIуэкIыу къэнэнт? Нартыхум къулыкъу итмэ, зритыр езым хуэдэт – и акъылэгъуу фэ зриплъым, щIэгъэкъуэн къыхуэхъункIэ зыщыгугъым. КъалъысамкIэ гугъэ хъунут, зыфIэмащIэу зызыхъунщIэ къахэкIмэ, и Iуэхур екIуэтэхырт. ЛэтIифэ абы къащIыхэхуар къулыкъу щIэкъуу аратэкъым, институтыр къэзухащи, иджы сашамэ хъунт жиIэу арат нэхь зыхуэпабгъэр, арщхьэкIэ и ныбжьэгъухэм яхэкIыу Iэджэ щIауэ бынунэу тIысыжахэм къахэхуэри, езыр цIыхубз лъагъугъуафIэу щыт пэтми, зыдэкIуэн хуэмызэурэ и дахагъэр утхъуэу щилъагъум, къэгузэващ: «Сыкъыдэнэжыну пIэрэ», – жиIэри. АрщхьэкIэ и насып зыхэлъ гуэр, и ныбжьыр хэкIуэтами, къыкъуэкIати, куэдрэ зрилъэфыхьынт – дэкIуащ гъэшхэкI базэм тет гуэрым. «Тхъум хэсщ уи щхьэгъусэри, фо тIэкIу къэщэхужи, зэфIэкIащ», – жаIэу гушыIэрт къыдеджауэ щытахэр, къыхуэзэмэ, зыдэкIуам дзы фIащауэ «ЦIыв фIыщIэт» зэреджэр, ар ЛэтIифэ фIэкIа зымыщIэ щыIэтэкъым. Езы «ЦIыв фIыщIэр» лIы фIыщIэ лъахъшэти, и къатыр лъэдакъэр лъагэу къикIухьырт, къиша нэужьи «ЦIыв фIыщIэ» жамыIэжу «ЛэтIифэ и лIыр» жаIэу арати, зэхихмэ, нэхъ

Іеижу къытригъэхьэрт: «Сэ ЛэтІифэ срилІ къудейкъым, цІэ сиІэщ, унэцІэ сиІэщ, къулыкъу сиІэри си фызыр аракъым къызэзытар», – жиІэу, арщхьэкІэ цІыхум жьэдэлъыр къыпхужьэдэхыжын, «ЛэтІифэ и лІыр» жаІэмэ, зи гугъу ящІыр гурыІуэгъуэт. ГъэщІэгъуэнри аратэкъэ, и фызым хъарзынэу дэпсэу пэтми, дзы къызэрещым зэгуигъэпу арат, е нэгъуэщІт – «ЩІыв фІыцІэм» нэгъуэщІ цІыхубзхэм дежк Іэ еплъэкІыу къиублащ. ЛэтІифэ тхъум зэрыхэсыр ара – цы хъурейм ещхьу зеджэразэу пшэр хъуащи, лъэсу зы тІэкІу дыдэ икІумэ, пщІэнтІэпсыр къохуэх.

Нартыхум телефонкІэ псэлъэныр иухащ, хэт къепсэлъами гу лъумытэу «нда», «мм» фІэк Іа жимыІэу стІолым телъ тхылъхэр зэпкърихри трубкэр трилъхьэжа нэужь, си дежкІэ къэплъащ:

– Зи гугъу пщІа аистым гуэгуш шыр къришауэ жыпІащ, уэ узэрыс абгъуэм сыт шыру пІэрэ исыр? – жиІэри.

– Уэ пхуэдэщ, сэ схуэдэщ – дызыщыщ лъэпкъым къыхэзгъахъуэ фІэкІа хэзгъэщІыркъым, – жысІэри сыгушыІэ хуэдэу сыкъыпыгуфІыкІащ, арщхьэкІэ Нартыхур къэгубжьауэ арати, удэджэгуну Іэмал иІэтэкъым.

– Уэ пхуэдэрэ пхуэмыдэрэ сщІэрэ, сэ схуэдэкъым. Уэ къипшмэ, къипшыр дызыгъэунэхъунщ, къипшыр зэран фІэкІа сэбэп хъунукъым. Хьэпшыр зи нэ къэмыпщІам ещхьу я нэр къэмыпщІ щІыкІэ псым егъэтхьэлэн хуейщ. «Анэм я анэж» жыпІэу зыфІэпщыжауэ узыхуэзэр уогъэлъэпэрапэ. Диссертацэ жыпІэу птхари узыхуэмейщ. Мухьэмэд бегъымбар, сытым щыщу къыдэплъэфыжа цІыхум ящыгъупщэжа бегъымбарыр, хэт абыкІэ къэбгъэпщІэнур?

Нартыхуу алъандэрэ щэху цІыкІуу щысам зыкъызэкъуихауэ, и пэцыр мафІэм елыгъуэ.

– Мухьэмэд бегъымбар и Іуэху зесхуэркъым. Сэ зи Іуэху зесхуэр цІыхубзыр аращ. «Бын зыгъуэтым и быныр къыщІэхъуащэрэт» жысІэу аращ, анэр зыхуэмызэн хуэмызащэрэт жысІэу, Іейм щысхъумэну и ужь ситщ. Ар си къалэнщи, согъэзэщІэж.

– Дэ зи ужь дитыр сыт? ЩІыхубзыр зыхуей хуэдгъэзэну армырауэ пІэрэ?

– Алыхь, уэ зыхуэбгъэзэнум хуэбгъэзамэ. Судри прокурорри къыпкІэрыщІауэ ари! Абы нэхъыбэу сытыт пхузэфІэкІынур?

Нартыхур къызэщІэкІэзызащ, и фэр апхуэдизкІэ пыкІати, уеуэрэ букІамэ, лъы ткІуэпс къыщІэкІынтэкъым.

– Уэри абы укІэлъыкІуатэмэ, арат тэмэмыр. – Нартыхур къэгубжьыщати, щымысыфу къэтэджат, и гъуэншэдж тІэкІур бжэгъум фІэлъу ялъагъу жыпІэну къыщыщэтурэ дрилъэфей зэпытт.

– КІэлъыбгъэкІуаи щыІэщ, Казбек Машевич, къыздэмыкІуэжын бгъэкІуам сэ сакъыхэжыжын? Ауэ сэ Хъалидэ сыхуэдэ

уи гугъэу тегушхуэгъуафIэ сыкъомыщI. Сэ къысщхьэщыжын гуэр щыIэнкIи хъунщ.

Нартыхум зыпэщIэзыса лIы хахуи щыIа щхьэкIэ, и насып ятекIуэри лъэныкъуэегъэз ищIащ, я узыншагъэр щIагъуэкъыми, къулыкъур яхузехьэркъыми жиIэу щхьэусыгъуэ къигъуэтри. Сэри мырагъэнщ мыбы кIэ хуэхъунур жысIэри сыкъэтэджы-жащ, сыкъыщIэкIыжыну, арщхьэкIэ Нартыхур, нэхъ щабэ хъужауэ пIэрэ жыпIэу, къэпсэлъащ:

– Камизэ уи гугъу къысхуищIат. Си гугъат къыпхущIэуэмэ, фIэфI хуэдэу, цIыхубзым я хабзэщ зым зыр иубу. Иджы сыноплъри, ЛэтIифэ уэр щхьэкIэ жиIэ хъун Iэджэ къигъэнащ. Сэри си гугъэххакъым ущIихьауэ гъуэгу пхэнж утету. Къызэ-теувыIэ. Уи нэм къыщхьэрипхъуащи, ущыхункIэ мэхъу, щыхупIэм унэсмэ, зыгуэр къыпкIэлъыплъын хуейщ.

– КъыскIэлъыплъи щыIэщ – ЛэтIифэ и нэIэ къыстет защIэщ, сыкIуэдынкъым.

Нартыхум и псалъэр пичами, сыщытщ, «иджыри зыгуэр жиIэну хьэмэ сэлам есхыжу сыщIэкIыжын» жысIэу. ЗэжетIа псалъэ мышыу къомым я ужькIэ сэлам епхыжынри уи жьэм къекIуэртэкъыми, си пIэм зыкъисчри бжэмкIэ сунэтIащ. «Къы-зэджэу къызигъэгъэзэжмэ, сыIэщIэкIуэдэнкIэ хъунщ» жыхуэс-Iэу, сыкIуэху нэхъ псынщIэ зысщIурэ бжэкъур къысIэрыхьати, си лъакъуэр щIэху къысфIэщIат, апхуэдизкIэ си псэр хэкIати. Си щIыбагъымкIэ бжэр къыщезгулIыжым сыплъэмэ, приемнэм цIыхухъуи цIыхубзи щIэсщи, псом я нэр къихуу сэ къызоплъ, бэлыхьлажьэ зэхэсщIыхьа хуэдэу.

Унэшхуэм сыкъыщIэкIыжа нэужь, уэрамым зыкъомрэ сыдэтащ, мэл щхьэзэм ещхьу сыздэкIуи сыти щымыIэу. Уэра-мым дэт цIыхум сафIэIуэхуххэтэкъым, щхьэж и гъуэгу тетыжт, сэ си гум къихьэрт сызыхуэзэр къэзгъэувыIэу сеупщ Iыну: «Ей, уи гъащIэм Нартыхум деж ущыIагъэххи?» – жысIэу. ТIэкIу-тIэкIуурэ си бампIэр тIысыжри, унэмкIэ сымыгъэзэжу, лэжьа-пIэмкIэ сыкIуащ.

– Ну, какое впечатление от встречи в верхах? – жиIэри ЛэтIи-фэ къызэупщIащ, нэжэгужэу сыщIыщытыр къыхуэмыщIэу. АрщхьэкIэ сынэжэгужэтэкъым, занщIэу зыкъезгъэщIащ:

– Iэджэм гу лъызигъэтащ Iэтащхьэм, япэми си гум къэкIырт ар, ауэ си фIэщ хъуртэкъым.

– Сыту пIэрэ иджы ар? – ЛэтIифэ шэнтымкIэ плъащ, тIыс жыхуиIэ щIыкIэу. Сэри сешати сетIысэхащ.

– КIэщIу жысIэнщи, пашэр пашэфIмэ, хъушэр кIуэкIафIэщ жыхуаIэм дыкъытекIащ. Пашэр пашэжкъым, хъушэм и ужь иту макIуэ. КъыздэIэпыкъунщ жыпIэу Нартыху деж ущIэкIуэн лъэпкъ щыIэкъым. И щхьэ Iуэхущ зэрихуэр. И Iумэтхэри езым ещхьыркъабзэщ. ЗэрыIыгъщ. ПхузэкIэщIэчынукъым: я къуэ-

псыр зыщ. Генетическэ кодым зихъуэжащ, зыри пхуещIэжыну-къым Адыгагъэр къуалъхьэжащ.

– Генетикэр къыхэпIуауэ къыщIокI...

– Генетикэ защIэкъэ псори. Псэ зыIут илъэпкъыр дунейм къыщытехьэкIэ здынэсынум нэсыху зы хабзэщ зытетыр. Дыщеджэм, пщIэжрэ, профессор диIаи абы теухуауэ лекцэ къытхуеджэу? Иужьым тхьэмыщкIэжьыр зэхэзехуэн, Iумпэм ящIри дурэшым дадзэжатэкъэ, генетикэр «капитализмэм и лъэхъэнэщ» жаIэри.

– Иджы уэ къыдэплъэфыжащ.

– Къысхудэлъэфыжтэми!

– Абыи фытепсэлъыхьащ. Ара?

– Дытепсэлъыхьа къудей! Езы Нартыху сыкIэлъыплъащ и щытыкIэр зэзгъащIэу, хьэл-щэн хэлъу щытамрэ иджы зыхилъхьамрэ зэзгъапщэу, «и фэм икIа е и пIэм икIа» жысIэу сыкIэлъыплъащ. Генная инженерия жыхуаIэ методыр цIыхум къыIэщIыхьэмэ, медицинэм хузэфIэкIынум щIэ щIэткъым, геным ипкъ иту хьэфэтхылъ цIыхум яхуэптх хъумэ, медицинэм къалъхуну сабийр зыхуэдэу щытын хуейр зэдгъащIэ мэхъу. Казбек Машевич хуэдэлI къызыхэкIыну сабийр ухуеймэ, нэхъыбэ, ухуеймэ, нэхъ мащIэ щIы.

– Алыхь, уоджэгумэ уэ. Уи фIэщу жыпIэ си гугъаи.

– Иджыри си фIэщу жызоIэ: Нартыхур къызыхэкIа лъэпкъым ещхьыжкъым, и фэм икIащ, и геныр пIэм итми, къыбгурыIуа? Зихъуэжащ, мутацэр ди натIэ хъуащ. ИжькIэ у Iэбэрэ пасэрей адэжь, анэжьым ебгъапщэмэ, къазэрыщхьэщыкIыр нэрылъагъущ. ПщIэжрэ «къэбыстэ лъабжьэ» фIэтщауэ дезыгъаджэу щытар? Ди фIэщ ищIын и гугъэу ди щхьэр къигъавэт: «Шыд удзыр къыщыкI щIыналъэм ухэIэзэщIыхьурэ шыд удзым и пIэкIэ гуэдз къэкIыу пщIы хъуну Лысенкэ и тхылъым итщ», – жиIэу. А тхылъыр арат дурэшым дэдзэжыпхъэри, дамыдзэжауэ къыщIокIыр. Шыд удзым и пIэкIэ гуэдз е хьэ къэбгъэкI хъунущ жеIэ Казбеки, Лысенкэ и теориер и фIэщ мэхъу.

ЛэтIифэ дыхьэшхащ, щIэдыхьэшхым гу лъитэжри занщIэу пичыжащ.

– «Къулыкъум цIыхур зэIегъыхьэ» жыIи, зэфIэкIащ. Сыт апхуэдизыр къыщIубжыр? Зи гугъу пщIым деж нэсыжмэ, къыпхуигъэгъун уи гугъэ? Тхьэ, махуэпс уримыгъэфэн! Езым щхьэ жомыIэжарэ дэплъэгъуар?

– Диссертацэм иту еджэмэ, нэхъыфIкъэ?

– Сэ сщIэрэ – IэщIэмыхьэмэ-щэ?

– Уэ IэщIэбгъэхьэнкъэ?

– Алыхь, уесам уэ.

– Сытым?

– Уи сымаджэм таурыхъ яжепIэурэ я щхьэр уоудэгу, ар сымаджэм хущхъуэ яхуэхъу уи гугъэу. Сэри нобэ укъысхуэвац,

уи сымаджэм сащыщу къэплъытэри. Сэри сымыделэм, сынода Iуэрэт. Таурыхъ яжепIэми, зыгуэрщ. ЕдаIуэурэ щIэжеикI щыIэщ. Уэ батэкъутэр бгъэшми мэхъу, жэщым нэху щыху цIыхур умыгъэжейуэ.

– Хэт сымыгъэжейр?

– Пщыгъупщэжа?

ЛэтIифэ операционнэм щIэтри щIэльри щIригъэхри стIолыр екIуэкIыу щ Iигъэуват, къаригъэузэдат, къыщалъхуа махуэр игъэлъэпIэну, хьэщ Iэхэр кърherigъэблэгъауэ, хьэщIэм хуэгузавэу адэкIэ-мыдэкIэ игъакIуэри шхыныгъуэ Iэджи кърigъэшат. Пщыхьэщхьэм я унэм кIуэжынур к Iуэжауэ, сымаджэхэри зэгъэжауэ операционнэм зэрызехьэшхуэ къыща Iэт. Фадэр тыкуэным къыщащэхумэ, лъапIэIуэти, сымаджэщым я спиртым бэлыхьу хагъэщIати, къафэу къыщаублэм, сымаджэ къэтэджыфыр къыщылъэтат. А жэщым гузэвэгъуэ Iуэху щхьэкIэ сраджати, сэри згъэщIэгъуащ къэхъуар сыту пIэрэ жысIэри.

Иужьым ар собранэм къислъхьат схуэмышэчуи, бжьэцу дызэрызехьащ. Абы щхьэкIэ къысхузэгуэпу ЛэтIифэ я благъэ прокурорым хуэтхьэусыхащ; псалъэм къыдэк Iуэу жиIат мыпхуэдэу пенсэ зыхуэмыфащэ цIыхубзыр сымаджэщым щIэлъыху пенсэ хузэригъэпэщащ, уи фIэщ мыхъумэ, Бынэщ и цIэр хабзэм къемызэгъыу пенсэ зыхуигъэувам жиIэри. ЦIыхубз прокурорым жиIа хъунт «нтIэ, сэ абы дуней езгъэлъагъункъэ» жиIэу. Нартыхум деж итха тхылъыр къыщежьар абдежщ. Ар мыхъуатэмэ, Нартыхур сэ сыткIэ къысхуейт? Иджы сэ нэхъапэ къезгъэжьэн и гугъащ ЛэтIифэ, арщхьэкIэ езыр къэзгъэхэшэжыну арат генетикэм и щхьэфэм сыщIиIэбари, сэ сызыхуей дыдэм хуэдэу хъуащ: езы ЛэтIифэ хуэмышэчу къызэупщIащ:

– Пенсэ зребгъэтам и гугъу сыту фымыщI арэ? – жиIэри.

– ЦIыхубз факъырэр ара зи гугъу пщ Iыр? НтIэ, уэрамым дэлъу бгъэлъхуэнут?

– ЛIо, уэрамым дэлъмэ? Исус Христос къэзылъхуар шхалъэм дэлъауэ жаIэ.

– Ан-на, уцIыхубзу ар уи жьэм къекIуэу дауэ жыпIэрэ?

– Факъырэ мащIэ уэрамым дэт? Тхьэ, а къомым пенсэ хуэбгъэувыну ухуежьэмэ, къыпхуамыдэн. Уи жып къипхтэмэ, зыгуэрт. Къэралым и жып и Iэбэм и Iэр паупщI.

Иджы шэч хэлътэкъым сэ къыск IэщIэтхыхьам ЛэтIифэ зэрахэтым.

– Уэри си Iэр пебгъэупщIын уи гугъащ, арщхьэкIэ къохъулIакъым. Узыщыгугъа прокурорым хабзэ жыхуаIэр бжэгъукIэ къраудми имыщIэу къыщIэкIащ, дяпэк Iэ абы ущыгугъмэ, уи Iуэхур шыпхэ хъункIэ хъунущ. Хуэсакъ.

– Хэт и прокурор?

– Уи нысэ лъэбышэ цIыкIур. Пщыгъупщэжа? Аракъэ къыскIэщIэтхыхьар?

– НтIэ, занщIэу щхьэ жумы Iарэ? Генетикэ жыпI эурэ, си щхьэр къэбгъэващ. «Шыд удзыр къыщыкI щIыпIэм уелIалIэурэ шыд удзым и пI экI э нартыху къыщыбгъэкI мэхъу» жыпIэу къебгъэкIуэкI ари сыт? Казбек Машевич куэдыщэрэ тетурэ зэI ыхьащ жыпIэну аракъэ? Ар езым жепIэжын хуеящ.

– Къулыкъум зэIигъэхьа сыхуеймэ, Нартыхум деж нэс щхьэ сыIэбэрэ? Уэ услъагъуркъэ?

– Сэра зэIыхьар? – ЛэтIифэ къыщиуду гъыным нэсат.

– Уэрауи щIы. – Сызэдауэ ц Iыхубзым бэлътоку и сумкI эм къыдилъэфауэ щыслъагъум, щызгъэтыжащ, мащ Iэ и куэда си гур щ Iэмыгъу пэтми. И гугъат нэгъуэщIым саригъэфыщIу и гур къыстригъэпщэхэну, арщхьэкI э хузэфIэкIакъым. Т Iури дыпапщэурэ зыкъомрэ дыщыса нэужь, ЛэтIифэ къэпсэлъащ:

– Уэ сыпхуэдатэмэ, си щхьэ мыгъуагъэ хуэсхьыжурэ си гур кIуэдынт.

– Сыт сэ си щхьэ мыгъуагъэ щIыхуэсхьыжынур? Фэ сыкъыфкIэрыхуа? Е фи деж нэхъыбэрэ цIыхур къакIуэрэ?

– Уи деж нэхъыбэ къакIуэми, щIыхьышхуэ къызэрыпхуащI слъагъуркъым, зы орден къуатакъым, звание къудей уиIэкъым. Уэ нэхърэ нэхъыщIэхэр уяпэ ищыжащ.

– ОрденкIэ? – жысIэри сфIэмыIуэхуу сыдыхьэшхащ.

– ОрденкI э, тхьэ! Абы щхьэ уемыгупсысрэ?

– Алыхь, си деж къакIуэ къомыр орден иIэщ жаIэу къэмыкIуэ. Сэбэп къытхуэхъунущ жаIэри къокIуэ. Орден симыIэмэ, си зэран? Уэ пхуэдэр арат къызезыгъэтыну зи боршри, фэ фи щхьэ Iуэхущ зефхуэр, фыщхьэхуещэ защIэщ. Дэ долажьэ, фэ фIыщIэр къыфлъос. Нартыхум жиIам еплъ: уэр щхьэкIэ фельетон ятхыну хэтати, яхуэздакъым, жи. Иретх зытхынум, ручкэ имыIэмэ, си ручкэр изот, тхылъымпIэр гъунэжщ, талантыр къемэщIэкIмэ, писыр къагъуэтынщ. Щхьэ ямытхрэ хущхъуэ зыщэ дохутырхэм папщIэ?..

ЛэтI ифэ хущхъуэ уощэ жаIэри зэ и пщампIэр яубыдати, и благъэ прокурорым кърригъэлащ, ар сщыгъупщэжри хущхъуэ Iуэхур къэзмыгъэхъеипхъэу къэзгъэхъея хъуат, арщхьэк Iэ сыт пщIэн?

– Хэт хущхъуэм фейдэ къыхэзыгъэкIыр? Жагъуэгъу зимыIэ щыIэкъым, жагъуэгъум зэхацIалэ псори уи фIэщ пщIымэ, делэ уащIыпэнкIэ мэхъу. Уэр щхьэкIи мащ Iэ ятх уи гугъэ?

– Нобэ гу лъызагъэтащ хъарзынэу. Ухеймэ, улъэщщ жызыIам имыщIэу жиIакъым. Сыхейуэ къыщIэмыкIатэмэ, нобэ Казбек Машевич вэнвейм сыхиутэри сыкъыщIидзыжат, уэри «уэху» жыпIэн хуэдэу.

– ЛIо, сыпкIэщI этхыхьауэ гурыщхъуэ пщIырэ?

– СщIы къудей! Зыгуэрым къиулъэпхъэщауэ нобэ си тхьэкIумэм къицырхъар сытI ысу щхьэ сымытхрэ жызоIэр, жылэм я пыIэр щхьэрыхауэ тхэуэ щыщыскIэ. Абы сэ сакъыхэжыжын? –

жысIэри ЛэтIифэ и Iэм илъ дыщэ Iэхъушхуэр иджы фIэкIа сымылъэгъуа хуэдэ си нитI ыр тезубыдауэ соплъ. Езыми абы гу лъитэри къэгузэвауэ, и напэр цIыплъ къэхъуауэ Iэхъу зэрылъ Iэр ст Iол щIагъым щегъэпщкIу. Зытегузэвыхь дыщэ Iэхъур си мыщыпэлъагъуми, ар абы къызэрыратрэ куэд щIакъым, къезытари сощIэ: хьэрып къэрал гуэрым къикIа хъыджэбз цIыкIум экзамен щыхуэмытым, ЛэтIифэ Iэджэм я деж кIуэурэ отметкэ хъарзынэхэр къыхуагъэувати, саугъэту къритащ. Дыщэ Iэхъур и Iэм илъу япэу къыщыкIуам, псори къеупщIат: «Дэнэ къипха?» – жаIэуи, игъэтIылъыжри щигъэлъащ, иджы аргуэру ирилъхьауэ илъщ.

– УгурыщхъуэщIщ уэ игъащIэми, – жиIэри ЛэтIифэ псалъэмакъыр абы къыфIигъэк Iакъым.

ЛэтIифэ сымыгъэгузэвэн щхьэкIэ, нэгъуэщI Iуэхум я щхьэфэм сиIэбащ.

– Слъагъур мащIэ? Иджыблагъэ радиом седэIуати, сигъэбэмпIащ: трибунэм тету лIы бзаджэ гуэрым и напщIэм темылъ телъ хуэдэу зещI нартыхуу тетсам и бэвагъыр щэк Iэ нэхъыбэ тщIыфащ жиIэу. Нартыхум къытрах хабзэр щэкIэ дауэ зэрыбгъэбэгъуэнур? Зытепса щ Iыри и гъусэу пшэчмэ, зыгуэрщ. ПцIы гъущэкъэ ар? Сэ къуажэм сыкъыщыхъуащ, нартыхум и пIалъэ сощIэ. Телъыджащэри сыт? Дэкум хуэдэу къагъапцI эр Iэгу йоуэр, пцIыупсым едаIуэурэ.

– НтIэ сыт щIемыуэнур?

– ПцI ы зыупсыр къелъэфэхын хуейщи.

– Къралъэфэхамэ, пщIэрэ?

– Къралъэфэхынумэ, Iэгу хуеуэрэт.

– Абы я Iуэхум уи бэлагъыр щхьэ хэпIурэ?

– Сыт щ Iыхэзмы Iунур? Лы Iыхьэ щхьэкIэ бэзэрым щызэрызехьар пщ Iэжыркъэ? Iэджи хэнэщхъеихьащ а зэрызехьэм. Хъалидэ тхьэмыщкIэр джэдылIэм здихьа бабыщу хэкIуэдакъэ? Ноби си гум ихужыркъым. Абы и закъуэ?!

– ФIэкIа Iуэхущ. ЩIызепхуэни щыIэкъым.

– Дауэ щымыIэрэ? Дэнэ укIуами, очырэщ. Кхъуей къудей щхьэкIэ очырэм ущытын хуейщ. «Лы» жыпIэнущи, бгъуэтыххэнукъым. Лэжьэн дыухмэ, гъуэлъыжыгъуэ хъуху очырэм дыщытщ. Дыщызыгъэтыр хэт? А пцIыупс къомыращ. Бэрэбанауэщ ахэр, къызэрыгъэпцIэжауэ Iэгу зэхуоуэ, езыр-езыру зэрыIыгъыжщ, паши яIэщ. БжыгъэкIэ дагъашхэ защIэ...

– ЦIыху эмбрионыр абдж колбэм иребгъащIэ мэхъу жаIэмэ, уи фIэщ хъуркъэ?

– Ар щI эныгъэ Iуэхущ. Си фIэщ хъу щхьэкIэ, си гум ирихьыххэркъым. Эмбрионыр колбэм иребгъадзэмэ, цIыхубзыр инкубатор хъууэ аращ, сабийр джэджьейм ещхьу кърашу. Анэ, адэ щымыIэу цI ыхур инкубаторкIэ кърeбгъэшмэ, дызыхуэкIуэнур сыт? ЦIыхур щыкIуэдыжынур абдежщ, цIыхум гъащIэ

къезытыр цIыхубзыр аращ, цIыхубзыр инкубатор пщIа – псори кIуэдыжащ, атомнэ бомбэм ихьам нэхърэ нэхъ Iеижу ихьынущ. Абы и Iуэхур щхьэхуэщ. ЩIэныгъэ Iуэхумрэ мо пцIыупсхэм жаIэмрэ зэпхьэлIэну Iэмал зимыIэщ. Уэри ухуеймэ, къытеувэ трибунэми, яжеIэ: цIыхубзыр дяпэкIэ мылъхуэжми хъунущ, цIыхур, инкубаторкIэ къраша джэджьейм ещхьу, эмбрионыр колбэм иребгъащIэу къэбгъэхъу хъунущ, уеблэмэ дэрбзэру лэжьэну цIыхубзым я геннэ кодыр зыуэ, шахтэм щылэжьэну цIыхухъум я моделри щхьэхуэу, дзэм хэтынум е къулыкъущIэм ейхэри нэгъуэщIу – узэрыхуейуэ хэти егъэщI, «дадэ», «нанэ» жызыIэжын къэмыхъуу. ПцIыупс къомым я нэхъыбитIыр цIыхухъущи, сыт жаIэну пIэрэт, «цIыхубз мин лъэщыджэ хъун папщIэ, зы цIыхухъу закъуэр ирикъунущ» жыпIэу укъэуватэм.

– Алыхь, уамыфыщIтэм.

– Адрей цIыхухъур дэнэ фхьыну жаIэнтэкъэ? ЖаIэми жрыраIэ. ПцIы зыупсым я геным дыхуейкъым жыпIэмэ, хэт ищIэрэ, пцIы упсыныр щагъэтынкIэ хъунт.

– Нэхъапэ щIыкIэ дзасэм упаIунщи, уагъэсынщ.

– Казбек Машевич нобэ сыпиIу пэтащ дзасэм. Кабинетым жьэгу щIэтатэм, зэфIэк Iат. Хьэми кхъуэми яхуэмышхыу гъавэ бэв къэзыгъэкIыу тхьэ зыIуэм я пашэр Нартыхур аращ. Абы уфIэкIын? Алыхь, уи лъапсэм псы иримыгъэжыхьыжым, Хъалидэ тхьэмыщкIэр здэкIуам уимыгъакIуэм. Узэгуэмыуд иджы абы щхьэкIэ: пцIы зэраупсыр ещIэ, и нэкIэ елъагъу, итIани «фыдэплъей мыбыхэм» жеIэри дэкуу къэзыгъапцIэм я цIэр иреIуэ.

– НтIэ, а псор уэ пщIэ пэтрэ, щхьэ убзыщIрэ? Нобэ укIуат– жепIэ мыгъуэтэкъэ.

– Сэ зыкъезмыгъащIэурэ сыкIэлъыплъащ. ПцIы имыупсу зытетым тетыфынукъым ар. Жылэм жаIэр ядыжиIэн хуейщ. УдэIэбеймэ– пщIыщ, укъеIэбыхмэ – пщIыщ, уи закъуэ пэж жыпIэу къыпхуадэн? Езым пэжщ жыхуиIэр пэжщи, ущIедэIуэн лъэпкъ щыIэкъым, уедаIуэми, къодэIуэнукъым. Ди автостанцым щылажьэ шоферхэм ещхьщ: езыр зыхуейм автобусыр ягъакIуэ, пассажирхэр зыхуейр яфIэмыIуэхуу. Автобусым тетхам уеплърэ уитIысхьамэ, уздишэну ухуэмеям уешэри, ухуеймэ, лъэслъэбыкъыу къэкIуэж. Казбек Машевич дэнэу пIэрэ дыздишэр? И фейдэ здэщыIэмкIэ. Бжьыпэр иIыгъмэ, аращ абы и фейдэри, нэхъыбэрэ Iыгъа зэрыхъунымкIэ дешэ. Нобэ бжьыпэр къыIэщIэхи, нэгъуэщIым етыт –идэн уи гугъэ? Уи псэр и IэмкIэ хихынщ. Утыкум къиувэмэ, «дуней дахэмкIэ» дунэтIауэ, дыкIуэу жеIэ. Иджы губгъуэ нэщIым дришащи, дыздэкIуэнур дымыщIэу дитщ. Езыр зыщIыпIи кIуэнукъым, дуней фIыгъуэр иIэщи. Паши хъужынукъым, зыIэщIилъхьам хуэдиз «дуней дахэм» щигъуэтыну и фIэщ хъуркъыми. Япэм

пашэу щытамэ, иджы псоми я ужь итщ, езым и фIэщ мыхъуж «дуней дахэмкIэ» фыкIуэ жеIэри. Дуней фIыгъуэр Iуэхукъым, фи насып здэщыIэр ахърэтыращ жыхуиIэщ.

– Абы и пIэм уэ уитамэ, дэнэ дыпшэнт? ЦIыхухъуу щыIэм уахэплъыхьынти, уигу ирихь закъуэр къыхэпхынт – ара?

– Сэ къыхэсхынум сыт хуэпщIэрэ? ПцIыупс къыхэсхынтэкъым, хэт къыхэсхами. Си «автобусыр» цIыхур къызыхэкIамкIэ сшэжынт, «Дуней дахэм» фыщыщу щыщыткIэ фызыщыщыр фымыгъэгъуащэ жысIэнти. БжесIэкIэ уи фIэщ хъунукъым, удыхьэшхынкIи хъунщ, сэ къуажэм сыдэсщи, махуэ дэкIыркъым псэ зы Iутым сащыщу дунейм сызэрытетыр гурыфIыгъуэу си гум къыщымыкI. Си адакъэжь «Джалил» и закъуэ урикъуни: сыкъэкIуэжауэ сыкъызэрилъагъуу лъагапIэ гуэрым долъейри маIуэ, джэдкъазу пщIантIэм дэтым хъыбар яригъащIэ хуэдэ. Хьэ цIыкIуитI сиIэщи, ари аращ: лэжьапIэм сыкъыщыкIуэкIэ автобусыр къыщыувыIэм нэс къыскIэлъокIуэ, згъэзэжамэ, къыспожьэ, сIыгъыр сIахри яхь, гуэгушыхъужьым сыкъилъэгъуакъэ– цыджу къекIухь. Псэ зыIутыр узэрыхущытым хуэдабзэу къыпхущытыжщ, фIы яхуэпщIэр кIуэдыркъым, уи псэр ягъэтынш, уахэту упсэумэ. Къалэм удэсу ар зыхэпщIэнукъым, нэ лейкIэ къоплъу урагъэсамэ, нэхъ Iеижщ, узокIуэкIгу лъумытэххэу, цIыху Iувым уахэтми, уи закъуэпцIийуэ упсэу къыпфIощIыж.

Иджыри Iэджэрэ дыкъэвэну къыщIэкIынт дэ цIыхубзитIыр, насып диIэти, ди псалъэмакъыр телефон къеуам къызэпичащ. ЛэтIифэ трубкэр къищта щхьэкIэ, езыр мыпсалъэу трубкэр къысхуишияц:

– Епсалъэ,– жиIэри.

Трубкэр къеIысхмэ– къэпсалъэр Пыжьынэщ, жиIэр къыжьэдэлъэлъу. Зэанэзэкъуэр зэгурыIуауэ къыщIэкIащ Сэлимэ яшэнуи, укъытхэмытмэ, ди жагъуэ Iей хъунщ жиIэу мэлъаIуэ, сэри сохъуэхъу сыщыгуфIыкIыу я нысэ цIыкIур «мэл хуэдэу Iущащэу, щынэ хуэдэу Iущабэу, джэд хуэдэу бынуфIэу, хьэфI хуэдэу Iумахуэу, шыфIым хуэдэу цIэрыIуэу, къуалэбзууэ убзэу, убзэрэбзэжу...» сыт жысIэу.

– Хэт, на-а, узэхъуэхъуар? – жеIэри ЛэтIифэ къызоупщI, трубкэр теслъхьэжа нэужь.

– Сэлимэ яшэ.

– Урагъэблагъэ хъунщ.

– КъэпщIащ.

Сэ сыщIокIри Сэлимэ зыщIэлъ палатэмкIэ сокIуэ. Нэхъ сызыхуэгузавэ сымаджэр Сэлимэти, блынджабэмкIэ зигъэзауэ хэлъщ, жейрэ мыжейрэ умыщIэу. Пыжьынэ телефонкIэ къызжиIамкIэ сыпкърыупщIыхьын си гугъати, и нэр нэпс защIэу гу

лъыстэри зызущэхужащ. Къэхъуари къэсщIауэ къыщIэкIынщ: сэ Нартыхум деж сыщыIэху, ЛэтIифэ палатэм къакIуэри тхьэм ещIэ къыжриIар – хъыджэбзым и гур хигъэщIащ. Запискэ тIэкIур зытхар сэрауэ къыщIигъэщын и гугъащ, ар къыщемы-хъулIэм, нэгъуэщI щIыпIэкIэ къекIуэкIащ: «Операцэ уамы-щIами хъунут, хущхъуэкIэ уагъэхъужу, иджы, мес, ныкъуэ-дыкъуэ ухъуауэ къэлъытэ ущымылъхуэфынукIэ», – жиIэурэ сымаджэм игъащIэкIэ и гум къэмыкIын къигъэкIащ, иджы сэ жесIэр зыми щыщыжкъым, сымаджэр гуитIщхьитI ящIащ, яшэну къыжраIа щхьэкIэ, абыи щыгуфIыкIыжыркъым.

– Дауэ ущыт, си дуней нэху? – жысIэу Сэлимэ сыщыбгъэдыхьэм, си дежкIэ зыкъигъэзэххакъым.

– Сызэрыщытщ, – жиIэри и гур къызэфIэнащ.

– Сыт, тIасэ, ущIэгъыр? Узрэ уIэгъэр?

– ЛэтIифэ сигъэбэмпIащ, узэрыщIэкIрэ палатэм щIэсащ: «Запискэр зытхар къызжомыIэмэ, уи унэ уезгъэшэжынущ», – жиIэу. Сэ сщIэрэ ар зытхар.

– Умыгузавэ абы щхьэкIэ: нэгъуэщI палатэм ущIэзгъэгъуэлъхьэнщ. Гъусэ уиIэу ущIэлъмэ, нэхъ зэштегъэу хъунщ. Сымаджэхэр псынщIэу зэроцIыху, Iэджи зэжраIэ. Дохутырым жаIэм едаIуэ закъуэ. Сэ укъыщысхуейм деж сыкъэбгъуэтынщ, си хъыджэбз цIыкIу. КъыбгурыIуа?

– Уи анэшхуэм и хъыбарыр бухакъым, – жиIэри Сэлимэ хъыбар и кIэм нэмысар си гум къигъэкIыжати, сыдыхьэшхащ:

– ЛэтIифэ «болтотерапие» жыхуиIэри?

– Фыз ерыщщ, тхьэ, зи цIэ ипIуэр. Си жагъуэ ищIащ укъысхуиубурэ.

– Абы симыубмэ, ишхыр и дзажэм дыхьэркъым.

– И дзажэм дыхьари куэдти...

– Мис ар пэжу жыпIащ. И дзажэм дыхьэжыпIи иIэжкъым, пшэрыщэ хъуащи.

Сэлимэ нэхъ нэщхъыфIэ къэхъужри си дежкIэ зыкъигъэзэжащ.

– Операцэ сумыщIу хущхъуэкIэ сыбгъэхъуж хъуну щыта? – жиIэри Сэлимэ къызэупщIати, къызгурыIуащ абы щIыщIэупщIэр.

– Ари ЛэтIифэ хъунщ жызыIар! Ара?

– Аращ.

– НтIэ, уи фIэщ пщIа?

– ЛэтIифэ и ужь Аннэ Павловнэ къыщIыхьати, «щхьэр егъэуз» жиIэри идакъым. Аннэ Павловнэ зэрыжиIэмкIэ, уэ операцэ сумыщIатэмэ... – Сэлимэ аргуэру къыщиуду гъыным нэсат.

– Хъунщ, хъунщ. КъызгурыIуащ псори.

Сэлимэ и гур къызэрыгъуэтыжри къызэупщIащ:

– Уи анэшхуэ Дэфэрэдж и хъыбарыр ныщхьэбэ къызжеIэ. Хъун, Дэфэрэдж Шагировнэ?

– И кIэм нэс уедэIуэну ухуей?

– Сыхуейщ, тхьэ.

Пщыхьэщхьэм аргуэру си тIысыпIэм сытIысыжри си псалъэм къыпысщащ...

* * *

ХьэжыщI къикIыжа цIыхубзыр зылъагъум гу лъамытэну Iэмал иIэтэкъым бэлыхьлажьэу а цIыхубзу зи нэщIащэ иуэжам и нэгу куэд щIэкIауэ зэрыщытым. Кхъухьым хьэдэр кърахри лIыжьхэр къызэхуэсащ, хьэдэр зэрагъэзахуэу щIалъхьэжыну. Дэфэрэджи лъэныкъуэкIэ ирашэкIри ягъэтIысащ, езыри зэфIэсу куэдыщэрэ кхъухьым исащи, и лъакъуэр дахэ-дахэу къыщIэувэжыркъыми, пIэ тIэкIу пщыIэ щIагъым щыхуащIауэ гъуэлъа щхьэкIэ, ущылъыфын?

ЦIыхур къэукхъуауэ къызэхуос, къэхъуа-къэщIам щIоупщIэ, арщхьэкIэ абы и фэм дэкIа псор зэуэ пхужыIэн, сытым дежи къыщыщIэбдзэн?

Дэфэрэдж и нэгу щIэк Iар жимыIэжу хуэшэчын?..

Дэфэрэдж и гум къэкIыжмэ, гурыщхъуэ ещ Iыж: «Ярэби, нтIэ сыщыуэу жэнэтыбжэм и пIэкIэ жыхьэнэмэбжэр къыIусхауэ пIэрэ?» – жиIэу, арщхьэкIэ Мэчэрэ Мэдинэрэ щилъэгъуамрэ иджы къыздэкIуэжа щIыналъэм щилъагъумрэ зэбгъапщэмэ, иджы илъагъур зэрынэхъыфI щыIэххэкъым.

– А, Дэфэрэдж, а зи насып, бегъымбарыр зыдэта Мэчэ удэтащ. Сыту куэдыщэ плъэгъуа? – жаIэу фызхэм зэрагъэщIэгъуэнур ящIэртэкъым.

– Чэбэ къуэкIыпIэмкIэ хуэгъэза плIанэпэм телъ мывэр хужьу щытауэ жаIэ уафэм къыщехуэхам щыгъуэ. ИужькIэ цIыхум зэрахьэ лейм фIыщIэ ищIауэ жаIэ. МыбыкIэ зуплъыхьмэ – цIыхум яхэткъым мывэ фIыщIэ зи гум темылъ. Ас-Сафэ, аль-Марвэ жаIэу IуащхьитI къумым итщи, а тIум блэ дэкIыгъуэ удэкIын хуейщ, хьэж зыщIым я бзэгур къилэлу ешами, докI, къытехуэрэ лIэмэ, и насыпу къалъытэ. Ди дежкIи ара мыгъуэкъэ: къэралитIым я кум цIыхур докIуадэ, я щхьэр здахьынур ямыщIэу. АрафаткIэ зэджэ къуэшхуэм тхьэм уелъэIу защIэурэ махуэ щыбгъэкIуэн хуейщи, мыбык Iи аращ: псы Iуфэм Iузу цIыхур Iусщ, зылъэкIым кхъухь къигъуэтрэ псым икIыжу, зылъэмык Iыр лIэрэ щIалъхьэжу. Муздалиф жаIэу нэгъуэщI псыхъуэшхуэ к Iуэн хуейщи, абы укIуэрэ къэбгъэзэжамэ, уи Iэбжьанэ-лъэбжьанэр пегъэупщI, уи щхьэр егъэупс. Къуэладжэ Минэ укIуэмэ, Iиблис мывэ сыным ещхьу дэтщ, уи гур тебгъэпщахэу сыным мывэкIэ уеуэну хабзэщи, нэхъ Iиблис нэхъыбэ здэщыIэр мыбыкIэщ, мывэ сурэту щымытми. Хэкур щызыгъэуа жасус къомыр, цIыхур къэзыгъапцIэу бэлыхьлажьэм хэзыдзам мывэкIэ уеуэ дэнэ къэна, къэбубыду цырыщу зэпкърыпчми, нэхъ

зыхуэфащэ щыIэкъым. Хьэж зыщIым Iэщыр къурмэн ящIу зэтраукIэ, мыбыкIэ Iэщри, хьэри, кхъуэри мэзым щIаутIыпщхьэри ежьэжащ.

Дэфэрэдж имылъэгъуауэ къэнэжар хэкукъутэрати, мес, елъагъу, я унэхъугъуэ махуэти, адыгэм я щIыналъэр ябгынэ. Я унэ, я жьэгу, я жыг хадэ, я Iэщ, я губгъуэ – псори къагъанэри псым икIыжын я гугъэу псы Iуфэм Iусщ. А джыдэ мыгъуэ, нэбгъузкIэ нэхъ мыхъуми езгъэлъэгъуащэрэт абыхэм зыдэ-кIуэну щIыналъэр зыхуэдэр: ихьэр икIуадэу къум губгъуэр псэупIэ хъун, банэ закъуэтIакъуэ фIэкI къыщымыкIыу, жьы къепщэмэ, пшахъуэр гъуэжькуийм хуэдэу джэрэзрэ уимыгъа-плъэу, зы кIарц къумым къихъуэмэ, псэ зыIутыр абы щызэхуэ-су – езы хьэрыпхэм я псэукIэ мыгъуэр уи псэукIэмэ, «сопсэу» жыпIэу дунейм дауэ утетыну?

Къуажэм дэсхэм я ныбэр иуэжауэ шхын щхьэкIэ лIэуэ пшахъуэщIым итщ, хъумпIэцIэджым зэхуахьэса удз жылэ къагъуэтмэ, тшхащэрэт жаIэу. Псынэ тIэкIу къыщIэжу здэщытам деж хьэкIэкхъуэкIэм я къупщхьэр ихъуреягъкIэ щылъщ, псы щхьэкIэ мэхри губгъуэм илIыхьауэ. ЗыбгъэлIэнумэ, абы нэс ущIэкIуэн мыгъуи щыIэ?

ТIэкIу зигъэпсэхуа иужь, Дэфэрэдж аращ зи гугъу ищIар, и нитIым илъэгъуар жиIэ пэтми, Iэджэм я фIэщ хъуакъым, ауэ яхуэмыгъэщIагъуэу, зэхэзыхам я къуажэм яхьыжурэ жаIэжащ, хъыбарыр зэхэзыхам «ди тхьэкIумэкIэ зэхэтхащэрэт» жаIэу фыз хьэжым къеупщIырт.

Дэфэрэдж зыщIэс пщыIэр къаувыхьауэ цIыхур Iуву зэхэтт, «Сыт жиIар?» жаIэу зэхэзымыхар зэхэзыхам еупщIу, зым жиIар щIыбагъымкIэ къыдэтхэм жраIэжу. ЦIыхур зыщIэупщIэр нэхъ мащIэ хъуртэкъым, «фыз хьэжым жиIэу зэхэтхащ» жаIамэ, молэм жиIам нэхърэ нэхъ я фIэщ хъууэ.

Пщыхьэщхьэр хэкIуэта пэтми, цIыхур зэхэтт «иджыри сыт жиIэну пIэрэ» жыхуаIэу. Езы Дэфэрэджи зэщIэдэIукIмэ, зэхихырт: тенджыз толъкъуныр ныджэм къытелъадэрэ мывэкIэщхъыр игъэпсалъэу зэрытещахэм и гум къигъэкIыжащ и щIалэгъуэу ЛIыгъур цIыкIу и гъусэу дыгъурыгъум ирахьэжьэу ящауэ щыщыта махуэр. МащIэ щIа абы лъандэрэ, итIани иджыри къэс щыгъупщакъым. Иджы Дэфэрэдж игъэхъыбарыр молэм зэхахмэ, ядэркъым: «АIэ, абы жиIэм муслъымэн щыхьэтитI хуэчэмщ», – жаIэри. Зи гугъу ящI щыхьэтыр Дэфэрэдж иIэу ящIэххэртэкъым.

Муслъымэн щыхьэткъэ Гуащэ? Абы нэхърэ нэхъ щыхьэтыфI ухуей – уеблэмэ Дэфэрэдж дыгъурыгъум ящауэ кхъухькIэ щашэм и гъусащ, Дэфэрэдж хузэфIэкIари илъэгъуащ, иджы хьэжыщI кIуэхэр Истамбыл щынэсым, Алыхьым и Iэмырти, а цIыхубзым я гуи я щхьи къэмыкIыу IущIащ, абы нэмыщIкIэ

Гуащэ и лIыр хьэжыщI кIуам я гъусащ. Абы и гугъу имыщIу къэнакъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, псалъэм и пэр умыщIэу и кIэр пщIэнукъым. Дэри къытедгъэзэжмэ, нэхъыфIщ.

Тенджызым тхьэмахуэ енкIэ тетри хьэжыщI кIуэхэр ешаелIауэ Истамбыл нэсащ, кхъухьым икIащ, къалэм дэт чэруан сэрейм зыщагъэукIурийри зыкъомрэ загъэпсэхуащ, загъэкъэбзэжащ, гъуэмылэ яIыгъми фIыуэ хагъэщIащ. Фэндым куэдрэ ита псым емыфэу псы къабзэ хъарзынэ ефащ, андези ящтащ, чэруан сэрей иным цIыхур Iуву щIэтти, яхэувэри нэмэзи ящIа нэужь, Дэфэрэдж сымэ зэхуэфI хъужати, бэзэрымкIэ кIуэну зэгуры Iуащ, я нэгум тIэкIу зрагъэужьмэ, я гуапэу, Истамбыл дэт мэжджыт хьэлэмэтхэри зрагъэлъагъуну. Дэфэрэдж и гугъат къызэрыкIуар тырку пащтыхьу Абдул-Мэжид зэхихмэ, иригъэблэгъэну, зэгуэр сэбэп зэрыхуэхъуар и гум къэкIыжмэ, зыгуэри къыхуищIэнкIэ хъунт, арщхьэкIэ сыт а псом ущIыхэтыр? КъыхуищIэну зэрелъэIуар къыхуищIащи, зэгъэзэгъ.

Хьэжыщ I кIуэ гупыр зэгъусэу, зэрымыгъэкIуэду бэзэрышхуэмкIэ яунэтIауэ здэкIуэм, лафкIэ щIыхьэпIэм деж цIыхур зэхэлъэдауэ зэзауэу ялъэгъуати, адыгэр еплъу пхущытынт, Iэжьэгъу хъумэ, я мурад нэхъ къехъулIэн я гугъэу, хэлъэда щхьэкIэ, псынщIэу къагурыIуащ зэзауэр я фIэщу зэрызэмызауэр – ауэ сытми цIыхур зэхуашэсын щхьэкIэ зэзауэ нэпцI ящIу арати, Iэжьэгъу хуейтэкъым.

Адыгэ мухьэжыри уэрамым дэту уахуэзэрт, я хэкур ябгынэу мыбыкIэ я щхьэр къахьа щхьэкIэ, зыхуей увыIэпIэ ямыгъуэту. Мэжджыт щIыхьэпIэхэм деж факъырэ Iэджи щыст, факъырэ Iус щIэлъэIуу.

Дэфэрэдж сымэ ахъшэ жыгъей яIыгът. ЛIыжь нэф гуэрым и жьакIэ тIэкIури, и цищ мэпIий жыпIэну, езыри накIэпсыжэу, нэмэзыбзэ къибж защIэт: «Уи пащхьэм дитщ, Алыхьу лъэкIыныгъэ зиIэ, уэращ гъусэ хуэмыныкъуэр...» – жиIэу. Чыхуэрэ Дэрбэкъурэ я жыпым имыIэбэу яхуэшэчакъым, лIыжь зэкIуэцIыгъуар щалъагъум, арщхьэкIэ дэнэкIэ уплъэми, факъырэр куэдт, Мэчэ унэсрэ Чэбэм укIуэмэ, абыкIэт нэхъыбэжыр здэщыIэр. Дэфэрэдж мэжджыт бжэIупэм деж къыщыувыIэрти нэмэзыбзэ къибжу щытт, кхъухьым ису къыздэкIуэм цIыхубз къызыхуэзауэ щытар и нэгум щIэту. Тенджызыр къыщызэпачым тIу иращIыкIами арат, цIыхубзым и сабийр сымаджэ щыхъуам, тхьэм ещIэ имышхыну абы ирагъэшхар. Дэфэрэдж къыздищта хущхъуэм щыщ ирихьэлIа щхьэкIэ, сабийр къарууншэ дыдэу къыщIэкIынти, жэщым лIауэ нэху къекIащ. Махуэри хуабащэти, хьэдэм и мэр цIыхум къащыщIихьэм, зыхуахьынур ямыщIэу езыр-езыру зэплъыжащ. Кхъухьыр зейм абы и пIалъэ ящIэрти, лъыхъуэу къаублащ. Зи сабий лIа цIыхубзым сабий хьэдэр зрикъузылIауэ гущэкъу уэрэд жиIэрт игъэжейуэ къафIигъэщIыну...

Дэфэрэдж абыкIэ къэхэшэнт? Къэхэшакъым, цIыхубзу цIыхум гъащIэ къезытым сыту бэлыхьышхуэр телъ, и быныр ихъумэжын щхьэкIэ, и псэр хригъэхынущ жиIэу арат зэгупсысыр. ЦIыхухъур къэхъуакъэ – Iэщэ, жи.

Джатэ ети, фIэмащIэщ, къамэ ети – фIэмащIэщ: «Фоч, фокIэщI къызэт» – жи. Сыт иджы ар зэрищIынур? Мо цIыхубз Алыхьыр зэуам бэлыхьлажьэр телъу къигъэхъу сабийр лIыпIэ иува нэужь иукIыну аращ, ар ямыукIыу дунейм хуиту тету щытыгъатэми?! Лъэпкъыр лъэпкъ хъунт, лъапсэри быдэнт. Къуэпсыр куэдмэ, лъабжьэр быдэщ жызыIа пасэрейм имыщIэу жиIакъым, пасэрейхэм ещхь дыхъужатэмэ аратэкъэ, хабзэмрэ нэмысымрэ тIыгъыу. Иджы еплъ: хьэжыщI кIуэуэ къаублащи, хэт ищIэрэ, тфIэмыфIыж хабзэр тфIэфI тхьэм ищIыж. Дэфэрэдж и ахъшэм къыхихри зи сабий лIа цIыхубзым иритати, иджы зыми иримытыну мурад ищIащ, Чэбэм нэсыху.

– Чыхуэ, Дэрбэкъу... «Топкъалы» жыхуаIэ къалэр зищIысыр фщIэрэ? – жиIэри Дэфэрэдж и гъусэхэм еупщIащ къалэ дахащэу, мелыIычхэм ящIащ жып Iэну нэр зыгъэджылымкIэ плъэуэрэ.

– Уэлэхьи, дымыщIэ, Дэфэрэдж. Сыт мыгъуэм дигъэщIэн? Былымым хуэдэу дыдэтщ уэрамым.

Дэфэрэдж Iэпэ ишийуэрэ ярегъэлъагъу пащтыхьыр зыдэс къалэ дахащэр. МазитIым нэблагъэ Дэфэрэдж дэсащ абы, пащтыхьым и фыз дахэ защIэу гаремым щIэсым емынэ уз къащыхыхьам. Абы и хъыбар псоми ящIэрти, щIэупщIакъым, иджы теува пащтыхьым и фыз къомыр къыхуэна хьэмэ ищэу е игуэшу езым нэгъуэщI зэхуишэса – абы утепсэлъыхьмэ, уи андез къутэнкIэ мэхъу.

Ауэрэ Капалы Чарши жыхуаIэ бэзэрым нэсащ, бэзэрыр нэхъ гъунэгъу хъу пэтми, цIыхуу кIуэ-къэкIуэжу уэрамым дэтыр нэхъ Iув мэхъу, бэзэрыращ Истамбыл и курыкупсэри, абы мыкIуэм и махуэ мыгъуэщ, уэраму хъуам утету укIуэмэ, бэзэрым ухуэмызэну Iэмал иIэкъым, къалэм гууэ кIуэцIылъыр аращи. ЦIыхур Iув пэтми, пIащIэ-тхъытхъыу зыми къижыхьыркъым, зым зыр жьэхэуэркъым. Зэмылъэпкъэгъухэр я щыгъынымкIэ, я пыIэмкIэ къыбощIэ. Бэзэрым темыти щыIэ: тырку, хьэрып, ермэлы, алыдж, хьэрып-хьэсы, къэжэр, сонэ, адыгэ – дунейм цIыху лъэпкъыу тетыр мыбы щызэхуэзэну зэгурыIуа хуэдэщ. Адыгэ лъэпкъыу щыIэм я нэхъыбэр убыхщ: къуажэпщым и къуажэр къигъэIэпхъуэу тыркум къахэтIысхьэжа Iэджи щыIэщ; я бзэр зэрымыщIэми, я фэкIэ къыбощIэ, хэт дэнэ къикIами.

ДэнэкIэ укIуэми, мэлыл гъэжьам и мэр къыпщIехьэ, бжьыныхумэри, къэхьэуэм и мэ Iэф Iри. ШхапIэм щIэсхэр зыхуэпIащIэ щымыIэу щIэсщ, уэршэру, кальян мыштыкур яжьэдэлърэ тутын ефэу; цIыхубзхэр тIурытI-щырыщу зэгъусэщ, щхьэтепхъуэ фIыцIэ (е бэлътоку хъар цIыкIу) ятепхъуащ, я нэкIум урамыгъэплъэн щхьэкIэ. Бдзэжьейуэ ящэри куэдыщэщ: къаубы-

да къудейуэ кефал, омар сытхэр Iэтэу зэтелъщ, матэкъуаншэм ярызу ярылъщ мидие, камбалэ жыхуаIэр.

Дэрбэкъу мэжэлIа хъунти, бэрзарыкъ тIэкIу къимыщэхуу хуэшэчакъым, арщхьэкIэ и жьэм нимыхьэс щIыкIэ, зы щIалэжь цIыкIу зэхэфыщIэжауэ, IэфIейлъэф Iей дыдэу къыкъуэхури къелъэIуащ «къызэт» жиIэри. Дэрбэкъуи «хьэжыщI сык Iуэу мыр згъэщIэщхъумэ, си хьэжыщIыр къабыл мыхъункIэ хъунщ» жиIэри емыдзакъэу къелъэIум иритри ежьэжащ. Бэзэру лафкIэ миниплI зытетыр зы махуэм къыпхуэкIухьынутэкъыми, щэкI щащэ лафкIэ щалъагъум, Iихьрам мыбы нэхъ пуду къыщытщэхунщ жаIэри хьэжыщI кIуэхэр щэкIыщхьэм еплъу къоувыIэри зочэнджэщ езыр-езыру:

– Дызыхуейр мыбдеж къыщыдвгъэщэху. Нэхъ пуду жаIэ. ДыщIэвгъэупщIэ.

– Нэхъ пудым, ара мыгъуэкъэ дызыхуейр.

– Мэчэ къыщыпщэхумэ, Алыхьым нэхъ къабыл ищIынуми пщIэркъым.

– Догуэ, Iихьрамым и щытI эгъэкIэ зыщIэ фхэт?

– ДыщIэупщIэнщ, зиунагъуэрэ.

ЛафкIэтету зи ныбжь хэкIуэта цIыхубз лъагъугъуафIэм адыгэбзэ щызэхихым къэуIэбжьауэ Дэфэрэдж зыкъыхуигъазэри къыпыгуфIыкIыу къеупщIащ:

– Уадыгэ уэри? – жиIэри.

– Алыхьым и шыкуркIэ, дыадыгэщ псори, – жеIэри псом япэ Дэрбэкъу зыкърегъэщ, адыгэ цIыхубз лафкIэтетым хуэгушхуэу. Адрейхэми я гуапэт адыгэ цIыхубз зэрыхуэзар. Дэфэрэдж еупщIын иримыкуу лафкIэтетыр зэпиплъыхьащ, мыр дэнэ щыслъэгъуа жыхуиIэу. Щилъагъунри мащIэт? Истамбыл къыщыкIуам хуэзагъэнкIи мэхъу, езыр Топкъалы къалэм зэзэмызэххэ фIэкIа къыдэмыкIами. Пащтыхьым и фызахэм ящымыщауэ пIэрэ жыбоIэри, абы и тхьэIухудхэр лафкIэтету бэзэрым къытетIысхьэну Iэмал зимыIэщ. Дэфэрэдж игъащIэми цIыху гурыхуэти, и гум къэкIыжащ ар щилъэгъуар.

– Уи цIэр Гуащэу къыщIэкIынщ, тобэ ирехъу, – жиIэри Дэфэрэдж и нэкIур IэлъэщIым нэхъ къыщIигъэщащ, лафкIэтетым зригъэлъагъумэ, фIэфIу.

Модрейри къэуIэбжьащ:

– Пэжщ. Сыщыхъыджэбзым ГуащэкIэ къызэджащ. Дауэ къэпщIа, на-а? СыкъэпцIыхурэ?

– УкъэсщIащ икIи укъэсцIыхужащ. ПщIэжрэ дыгъурыгъум даубыду жэщу ХьэфIыщIей дыщашар?

– Уэри укъытхэту?! Ан-на мыгъуэ – Дэфэрэдж! Хэт и гугъэнт дызэхуэзэжыну! Хэт и гугъэнт! – ЛафкIэтетыр фыз гъумт. ИтIани и лафкIэм къыщIэджэрэзыкIри Дэфэрэдж IэплIэшхуэ къыхуищIауэ магъ, мабжэ. –Тобэ Iистофриллэхь, хэт и гугъэнт, а Дэфэрэдж, си шыпхъу дахэшхуэ мыгъуэ, а жэщыр

пщыгъупщэ хъун?

Дэфэрэдж и гур къызэфIэнауэ магъ, и гъусэхэр зыри жамыIэу щытщ.

– СызэрыноплъуукъэсцIыхужащ, ауэ зэхэзещхъуэн усщIри сыноупщIын уэскуакъым.

– Щхьэ фыщыт, на-а? Фынеблагъэ, шеибжьэ нэхъ мыхъуми, зыгуэр зыIувгъахуэ, – жиIэри лафкIэтет цIыхубзым псори и унэу лафкIэ тIэкIу зыщIэтым щIишэри игъэтIысащ, мычэму зыгуэ-рым щIэупщIэу, езыми хъыбар жиIэурэ мафIэр зэщIигъэстащ, шей игъэвэну, тIэкIуи пщэфIэну.И псалъэр зэпимыгъэуурэ жэри лафкIэр зэхуищIыжащ. ХьэжыщI кIуэхэри ешати, шэнтжьей щабэм итIысхьауэ цIыхубзит Iым жаIэм едаIуэрт.

– Аращ атIэ: адыгэ цIыхубзыр зэбградз, зыщэхум иращэри, дэни кIуэ – уахуэзэнкIэ мэхъу, – жиIэу цIыхухъухэм ягъэщIэгъуащэркъым ялъагъур. Гуащэ иджыри къэс зэпсэлъэн имыIа пэтми, и бзэр щыгъупщатэкъым, уэр-сэру мэпсалъэ, си жьэр згъэувыIэм тэджу щIэкIыжыну пIэрэ жиIэу мэгузавэ жыпIэнщ, апхуэдизу адыгэбзэр IэфI къыIурыхъуэжащи.

Дэфэрэджи жеIэ:

– Нобэр къыздэсым, зи анэр зи къурмэн, согузавэ хъыджэбз тхьэмыщкIэ цIыкIу защIэр къэзгъэпцIауэ си ужьым иту псым къыхэлъэу езгъэтхьэлауэ пIэрэ жызоIэри. ПщIэжрэ, уэрэ дэрэ... Нэхъыбэу хьэжыщI сыщIэкIуэри ращ... Тырку пащтыхьми тхьэм къыхуищIэж сэ къысхуищIар. Абы и фIыгъэкIэ хьэжыщI сокIуэ. Адыдыд, пщIэжрэ ХьэфIыцIей дыщашар?

– Сыт жыпIэр, на-а? Кхъухьыпщыр яхэту къэсщ зы лIы Iэпщацэжь къоми, даутIыпщакъым. Уэри укъаубыдыжын я гугъат, арщхьэкIэ «емынэ уз йофыкI, иретхьэлэ псым» жаIэри зыри ныпкIэлъагъэкIуакъым. Сэри сыздэжэм сылъэпэрапэри сыджэлати, сапэщIэхуащ армыхъумэ, псым сыныхэлъэнут... Сыту си гуапэ хъуа, Дэфэрэдж, алыхь, хьэж пщIа хуэдэм нобэ уэ псапэу къэпхьар. Алыхьым сэ бэлыхьлажьэу къысхуишэчари?! Ар зи фэм дэкIын цIыхубз гъуэтыгъуейщ, си шыпхъушхуэ. Куэд си нэгу щIэкIащ. Си фэр ирахащ. А бетэмал, уи ужьым ситу псым щхьэ сыныхэмылъарэт?..

– Хым псэууэ сыкъыхэкIыжыну си гугъэххакъым. Жэщыр кIыфIт, си сабийр си щIыбым илът.

– Сыт хуэдэ уи щIалэр – псэууэ къела?

– И сабий быным сахэсщ. Езы мыгъуэр дунейм ехыжащ. Гууз Iей мыгъуэу ари...

– И хьэдрыхэ дахэ ухъу. Бын цIыкIу иIэмэ, ари Алыхьым и шыкуркъэ. Дапщэщ ЧэбэмкIэ щывгъазэр?..

– И чэзум дыхуэзэн хуейкъэ, зи анэр зи къурмэн, и чэзум дыхуэзэу дынэмысыну Iэмал иIэкъым.

ЦIыхухъухэм шейм дашхыну IэфIыкIэ Iэджэ Гуащэ къы-

трилъхьати, щэхуу фIэкIа зэмыпсалъэу шхэрт, шейр езым къащIыжурэ.

– Сыту фIыуэ фщIа Истамбыл фыкъызэрыдыхьар, хъыбар тIэкIу къыджефIэнщ. МыбыкIэ хъыбару щыIэм кIэи пэи иIэкъым, и пэжыпIэр зыщIи ухуэзэнукъым. Адыгэр хэт Дунай псы Iуфэм кIуэри IутIысхьащ, жеIэ, хэти Анадолэ лъэныкъуэм Тыркум къэIэпхъуащ, жеIэ. Адыгэм хэкукъутэр къахуэкIуа мыгъуэмэ, хэкIуэдэжакъэ...

Дэрбэкъу мыгушыIэу хуэшэчакъым:

– Алыхьым къыптрилъхьэм, фошыгъу шей уефэнщ, – жиIэри, арщхьэкIэ зыри дыхьэшхакъым, фошыгъу шеи ефэу щIыщысыр Алыхьым къатрилъхьауэ аратэкъыми.

– А зи анэр зи къурмэн, Iихьрамым и щытIэгъэкIэ зыщIэ тхэткъым, дыбгъэлъэгъуа мыгъуэмэ, арат. Iихьрам къэтщэхуну арат бэзэрми дыкъыщIытехьар, – жиIэри Дэфэрэдж хьэжыщI кIуэр зыхуей дыдэр жимыIэу къэнакъым.

Гуащэ и гъунэгъупсу Iихьрам IэтэшхуитI зэтелът, и лIым чырэ ишэну къигъэхьэзырауэ. Iэбэри зы щэкIыщхьэ хужьыбзэ къищтащ:

– Мис, си псэ тIэкIу. Iихьрамыр щэкIыщхьитI мэхъу. Зым зэреджэр Iизарщ. Уи шхужьым къепшэкIынущ, гъуэншэдж палъэу. Мыдрейр РидаIщ, уи дамэ сэмэгум едзэкIауэ, уи бгъэр, уи щIыбыр щIиуфэу джанэу пщыгъынщ.

– Зыпхуапэу уежьэ хъунукъым?

– АIэ, сыт жыпIэр. Мэчэ унэсрэ зыбгъэкъэбза нэужькIэщ зыщыпхуэпэнур. А Дэфэрэдж, а зи шыпхъужьыр зи къурмэн, накIуэ модэкIэ. Узыхуей дыдэр къыхэхи, си фэеплъу зехьэ, тхьэм къабыл ищI хьэжыщI узэрыкIуэри. Мо уи гъусэхэми я зырыз язот... Сэ хьэжыщI сыкIуэфыни сымыкIуэфыни. Псапэ хъунщ.

– Хьэуэ, хьэуэ. Ауэ уи жьэм къыжьэдомыгъэкI. Дэ къомым Iихьрам зырыз етхьэжьэу, Алыхьым жимыIэкIэ, и уасэр уэттынщ, арыншэуи къыпIытхынукъым. Уи хьэпшыпыр зэрытпхъуэмэ, ди хьэжыщIри къабыл хъункъым, – жиIэри Дэфэрэдж идакъым.

Гуащи тIэкIу зихъунщIа щхьэкIэ, и лIым фIэлIыкI хъунти, щигъэтыжащ.

– Си щхьэгъусэми нэкIуэну зигъэхьэзыращ. Гъэ къэс макIуэ Мэчэ, Iихьрам щещэ. Нэхъ лъапIэу имыщэми, Капалы Чарши илъэсым щищэркъым зэ кIуэгъуэм Чэбэм щищэм хуэдиз. Иджы хьэпшыпыр зэкIуэцIипхэри ежьащ чырэ нэкIуэн лъыхъуэу.

– НтIэ ар гъусэ хъарзынэкъэ. Дызэгъусэу дывгъакIуэ, – жиIэри Чыхуэ къэпсэлъащ.

– Гъэ къэскIэ щыкIуэкIэ гъуэгур ецIыху.

– Iихьрам къыдэптынуми дыхуейкъым, махъшэ зырыз къытхурегъуэт, – жиIэри Дэрбэкъуи шей ефэным пичащ, модрейхэм

жаIэным пэплъэу.

– Алыхь, махъшэр къэмыгъуэтыгъуей. – Гуащэ адэкIэ жиIэнум нэмысу бжэр къыIуихри лIы фIыщIэшхуэ джанэ кIыхь щыгъыу бжэщхьэIум къебэкъуащ. Мо къетIысэкIауэ щыс къомыр щилъагъум, Iэнкун къэхъуауэ здэщытым деж къыщцыувыIащ, зыхуихьыныр имыщIэу: си тыкуэныр зэрапхъуэну къэкIуащ жыпIэнущи, сэ ермэлым сащыщкъым, езыхэми тыркуфэ ятеткъым, шей йофэри зэхэсщ, си тыкуэныбжэми ину тетхащ «муслъымэнщ» жиIэу. ЦIыхухъум яхэплъэмэ – адыгэ цей за-щIэщ, хьэзырхэр илъ щхьэкIэ, Iэщэ яIыгъыу плъагъукъым, упщIэ пыIэ хужьхэр ящхьэрыгъщ, ялъыгъыр вакъэ зэщIэдащ, бгырыпх ящIэмыпхауэ бгынтIэ защIэщ. АбыкIэ къищIат а щыс къомыр Кавказым къикIауэ зэрыщытри сэлам къарихащ:

– Ассаламу алейкум – жиIэри.

– Уалейкум сэлам. Къеблэгъэж, – жиIащ Чыхуэ; абы занщIэу гу лъитагъэнт къыщIыхьэжар Гуащэ и щхьэгъусэр зэрыарам. Псори къэтэджри иувыкIащ унэр зейм сэлам ирахыну.

Гуащи къэпIейтеящ, къыщцылъэтри:

– Мыращ си щхьэгъусэр, тхьэм фи нэмыс нэхъ лъагэ ищI. Гъусэ фщIынумэ фыгурыIуэ.

Псоми я Iэр зэрыубыдащ. Унэр зейм и цIэр Мырзэт, адыгэбзэкIэ зы псалъэ имыщIэу, жиIэнуIамэ, Iэпэтэрмэшыр и фызыр арати, зыкъомрэ Iэнкуну щысащ, жаIэнур ямыщIэу. Япэ къэпсэлъар Гуащэщ:

– Мыхэри Мэчэм нокIуэри, махъшэ зырыз къахуэбгъуэтамэ, арат зыхуейр. ХьэжыщI макIуэ – жиIэри и лIым и цIэ иримыIуэу Гуащэ къэпсэлъащ.

Мырзэ тэлайкIэ щысащ, хьэщIэхэр зэпиплъыхьу, и гум къэкIар езым и фейдэ зыхилъагъуэр арат: мо адыгэ гупыр гъусэ сщIымэ, си хьэпшыпри сэри нэхъ хъума дымыхъуну пIэрэ, «сэм и пIалъэр» къихьащ, узыхуэзэнур пщIэнукъым, адыгэ уи гъусэу хьэрып-хьэсым укъалъагъумэ, дзыхь ящIу къыббгъэдыхьэнукъым жиIэу. Езым тыншу ещIэ губгъуэм ит хъунщIакIуэхэм я пIалъэ: уаукIрэ пшахъуэм ущIатIэжын жыхуэпIэм тIэу еплъынукъым, зэкъуэхуауэ уапэщIэхуэмэ.

– Махъшэр Iуэхукъым. Гъунэжщ, – жиIэу Мырзэ къыфIимыгъэкIами, зэгупсысырат: Iэщэ яхуэзгуэшрэ я хьэпшыпым хезгъалъхьэу есшажьэмэ, нэхъыфIыж хъунущ. ХьэжыщI кIуэм Iэщэ къищтэркъым, итIани абы я хьэпшып хэлъIарэ хэмылъIарэ зыщIэр хэт?

– Хьэрзынэщ. Дызэгъусэу дежьэнщ, – жиIэу Чыхуэ къыщыпсалъэм, Мырзи къэгуфIэжащ, сызыхуей дыдэм Iуэхур хуокIуэ жыхуиIэу.

– Дапщэщ дыщежьэр?

– Пщэдей фIэкIа пIалъэ диIэкъым – жиIэри Мырзэ пичащ,

модрейхэри къыкIэрыху хъунукъым.

– Дыгувэ хъурэ – дыкъыкIэрыхуркъэ.

Дэфэрэдж сымэ я хьэпшыпыр чэруан сэрейуэ хьэжыщI кIуэри мыкIуэри зыдэсым щыIэти, Мырзэ къадэIэпыкъуурэ къагъэIэпхъуэжащ, махъшэ бэджэнду къащтахэри хьэзырти, я хьэпшыпыр къекIурэ къезэгъыу махъшэм тралъхьэри пщэдджыжь нэмэзым гъуэгу теуващ, щIыIэтыIэ щIыкIэ гъуэгум хэдгъэщIмэ, нэхъыфIщ, уи щхьэр къигъэвэжауэ дыгъэ къепэ-зэзэхым ухэт нэхърэ жаIэри. ИкIи хъарзынэу зэгурыIуащ Чэбэм къыщикIыжкIэ Истамбыл къыдыхьэу Гуащэ деж тIэкIу щыхьэщIэну, зыщагъэпсэхуну, Дэфэрэджрэ Гуащэрэ я гур зэгъэху зэпсэлъэну. Ахьмэд и мэжджытышхуэм бгъэдэт минаре-тым къытеувауэ азэн джэм и макъыр псоми я гум хыхьауэ, хьэжыщI зэрыкIуэри я гурыфIыгъуэшхуэу Дэфэрэдж сымэ къалэм къыдэкIри къуэкIыпIэмкIэ яунэтIащ. Мырзэ Iэщэ хьэху къиштэри и гъусэм яритащ: «ПщIэну щыткъым дыхуей щыхъу-нур», – жиIэри, мыдрейхэми Iэщэ зи жагъуэ яхэттэкъыми, зрамыусыгъуэджэу фокIэщIри сытри я хъуржыным иралъхьащ.

ХьэжыщI кIуэр иригъажьэри Гуащэ и закъуэпцIий унэм къыщIэнащ, зэштегъэуууэ иIэр и лафкIэм къыщIыхьэIамэ, арт. Пщыхьэщхьэм пшапэр зэхэмыуэ щIыкIэ псом нэхърэ нэхъапэ и тыкуэныр зэхуищIыжырт, зыгуэр къыстеуэрэ сихъунщIэм жиIэу. «Муслъымэнщ» жиIэу бжэм тетха щхьэкIэ, умысакъыу хъунутэкъым, тырку щIалэгъуалэр зэрыгъэIущыжауэ ермэлым я лафкIэм теуэ дэнэ къэна, мафIэ ирадзу щагъэси щыIэт, абы хуэдэ гуэр къуащIэмэ, ухэкIуэдат. Абы нэхъей, лафкIэм къыщIыхьэр зырызыххэщ, къыщIыхьэми ящэху щIагъуэ щыIэкъым. Тырку цIыхубз къыщIыхьати, «унэIут хъыджэбз пщэхунумэ, къыпхуэсшэнщ» щыжиIэм, Гуащэ щIэупщIат: «Хъыджэбзыр сыт лъэпкъ?» – жиIэри. «Кавказым къраша хъыджэбзщ», – щыжиIэм, Гуащэ цIыхубзым пкърымыупщIыхьу иутIыпщакъым. Адыгэ хъыджэбз щIалэ ящэ дэнэ къэна, я ныбэм ирихулIауэ зи щхьэ зыщэжи щыIэт, нэгъуэщI ящэн ябгъэдэмылъу. Гуащэ и лафкIэр хуищIрэ кхъухь тедзапIэм кIуэуэ Кавказым къикIыу къакIуэ кхъухьым исхэм заIуигъэщIэну мурад ищIащ нэхъ щыхущIыхьэм деж.

Куэд дэмыкIыу Гуащэ зыкъыдигъэхуащ къалэм дыхьэу зиплъыхьыну, адыгэ унагъуэхэм яхуэзэн и гугъэу. Махуэр хуабэт, уэмт, щхьэтепхъуэ птемылъуи уежьэнри емыкIут, арыншэми бэуапIэ бгъуэтыркъым, итIани лафкIэр игъэбыдэри БосфоркIэ иунэтIащ. Зы уэрами уэрамитIи икIуауэ, щIалэ зыбжанэ зэрыгъэхьэкъувыкъуу, зэрыгъэкIий-зэрыгъэгуоуэ яхуозэ, къащыщIар умыщIэу. «Хьидщ» жыпIэнущи, иджыри къэсакъым, хьэгъуэлIыгъуэми ещхькъым.

Зыгуэр къызжьэхэмыуащэрэт жыхуиIэу, Гуащэ зэрызехьэм

къапикIухьрэ плъэмэ, уа гуащI эрэ гущIэгъурэ зиIэ, нэм илъагъур уи фIэщ хъуркъым: щIалэгъуалэ зэрыгъэделауэ дунейм темыхуэм хьэлыгъуанэ блам хуэдэу япщIэхэлъщ пэ, тхьэкIумэ къыпаупщIар, ар зи пэу , зи тхьэкI умэу Алыхьыр зэуар ермэлыращ, я щхьэр пыпхыкI ауэ пэншэу, тхьэкIумэншэу яху, зыдахур умыщIэу. Гуащэ и щхьэгъусэм игъэхъыбару зэхихат: Россиер Тыркум къыщезэуам щыгъуэ ермэлыуэ Анадолэм исри ИстамбылкIэ щыIэри Россием дэ Iэпыкъуу щытауэ, Тыркур къыхагуэмэ, нэхъ IумпIафIэ хъунщи, ермэлыр къыгуэкIрэ къэрал щхьэхуэ хъумэ, яфIэфIщ, я мурадым нэхъ къеувэлIэнщ жаIэу.

Абы лъандэрэ ермэлымрэ тыркумрэ гужьгъэжь я гум илъ хъуащи, зозауэ, зэмызэгъыу, «дунейр яхьыну фащыгугъати джаурым» жаIэу иджы ермэлым сыт иращIэми къахуогъу. ЛъэкIыныгъэ зи Iэм зыри ямылъагъу хуэдэу защI, сыт къэхъуакъэщIами «ермэлыр аращ ар зи лажьэр» жаIэри игъащ IэкIэ ятеплъхьэ мыхъуныр тралъхьэри, йозауэ, яхъунщIэ, я лафкIэхэр зэрапхъуэ.

Ноби аращ, ермэлыхэр я члисэм нэмэз ящIу здыщIэтым, губернаторым игъэIущауэ щIалэ бзаджэ къом, янычари яхэту, къатеуауэ члисэм щIэтыр къыщIамыгъэкIыу, зырызурэ къаубыдырти, и Iэ-и лъакъуэр япхырти, и пэр, и тхьэкIумэр къыпагъэлъэтырт, къыпаупщIа пэр, тхьэкIумэр яблэжырти, зыпщIэхалъхьэрт, нэхъыбэ пызыупщIам нэхъ фI ыщI э зыхуригъэщIыну. Губернатору ахэр къэзыгъэIущам къилъагъумэ, къащымытхъуну, саугъэт гуэри къаримытыну Iэмал иIэтэкъым.

Гуащэ здэкI уэну и гугъам кI уэни шынэжат: «Мо щIалэ щыкIам уапэщIэхуэрэ ермэлым иращIар къуащ Iэмэ, утхьэусыхэжкI э сыт и мыхьэнэ», – жиI эри. И цI ыхугъэ гуэрым я унэм щIэлъэдат зигъэпщкIунуи, къыжра Iащ лей зылъыса ермэлы къомыр здахур: Адриатикэ тенджызым хэт щIы хъурей тIэкIу ермэлым гузэвэгъуэм къыхахыу къащэхуат, Венецие къалэм дэтIысхьэну щелъэ Iум, къыхуамыда нэужь. А хыт Iыгур мыхьэнэншэ цIык Iути, пшахъуэ тенджыз лъэгум кърахыр яшэурэ ин ящ Iащ, и щIыIум жыг къыщыкIын щхьэкIэ щIы яшэурэ тракIутэжри къали иращIыхьу хуежьащ. Абы и хъыбар Тыркум къэмысу къэнэнт, щIалэгъуалэм зэхахри къызэрыIэтащ, щIыналъэ Алыхьым къывитащи, ермэлыр фи щIыналъэм фыщыпсэуж, жаIэри. Иджы пэрэ тхьэкIумэрэ ямыIэжу мо тхьэмыщкIэ къомыр яху кхъухьым из ящIурэ ягъэкIуэну.

Гуащэ къигъэзэжри я унэ къэкIуэжащ, бжэ, щхьэгъубжэхэр игъэбыдэри «хьэжыщI кI уахэр дапщэщ къэкIуэжыну пIэрэ» жиI эу зэгъэжа щхьэкIэ, умышынэу хъунт. Нобэ си нэм илъэгъуар адыгэм ялъэгъуа мыгъуэщэрэт, я пIэ исыжынт жиIэу арат Гуащэ жэщым нэху щыху зэгупсысыр, езыри къыхэщтыкI защIэурэ пIэм хэлът, зыгуэрым «цырхъ» жиIамэ, къызэфIэтIысхьэу.

Истамбыл дэс ермэлыхэри къызэрыI этат, дэ къыдащIэ

хьэдэгъуэдахэр зышэчын лъэпкъ дунейм тет жаIэу. Езыхэми къару яIэт, къалэм сату зыщIэу дэсым и нэхъыбитIыр ермэлыт, къащхьэщыжыни ягъуэтынути, зэрызехьэшхуэ къэхъуащ. ЦIыхухэр уэрамым дэзу зэрыгъэк Iийрт. «Губернатору щIалэгъуалэу лей зезыхьар зыгъэIущар гъэтIысауэ суд тещIыхьын хуейщ», – жаIэу яукъуэдияти, пащтыхьыр ягъэгузэват. Иджы Гуащэ и унэм щIэс зэпытт, лафкIэбжэри Iуимыхыжу, джэдылIэм здихьа бабыщым ещхь сымыхъу щIыкIэ Мэчэ кIуахэр къэсыжащэрэт жиIэу. Абы я къэсыжыгъуэ хъуа нэужь, жэщкIэ мыжеижыфу зэщIэдэIукIыу хэлът.

Зэгуэр жэщыр хэкIуэтауэ Гуащэ жеим хилъэфат. Уэрамым щекIуэкIа къэзэуатри увыIэжауэ жэщ гуэрым Iэуэлъауэ зэхех. «ХъунщIакIуэ къэмыкIуауэ узиIэ», – жеIэри Гуащэ къыщолъэт, зэщIодэIукI.

– А си шыпхъушхуэ, къыIупхыркъэ бжэр, – жаIэу щызэхихым, Дэфэрэдж и макъыр ерагъыу къищ Iэжащ, хьэжыщI къикIыжым и макъыр Iеищэу икI ати. «Къэсыжахэщ алыхьым и шыкуркIэ», – жиIэу псынщIэу зихуапэрэ бжэр Iуихмэ, занщI эу къыгурыIуащ зы бэлыхьлажьэ къызэрыхъуар.

– Фыкъеблэгъэж...

– Дыкъеблэгъэжа мыгъуэкъэ, алыхьыр зэуа, – жиI эу Дэфэрэдж зыкъридзщ Гуащи, зэщыджэу къэгъащ, арщхьэкIэ угъыу ущыт хьунутэкъым, Дэфэрэдж псынщIэу зыкъищIэжри гъыныр пичащ.

– Къэхъуа мыгъуэр сыт?

– Къэхъуари къэпщI энщ. Къеджэ модэ уи гъунэгъум. Къеджэ, махъшэм телъ уIэгъэр къехьэхауэ гъэгъуэлъын хуейщ. УIэгъэ хьэлъэ мыгъуэщ, тхьэм гущIэгъу къахуищI. МафIи щIы, псы лэгъупи фIэдзэ.

– Мырзи уIэгъэ?

– УIэгъэщ, си псэ, уIэгъэ хьэлъэщ. УI эгъэ мыгъуэми хъунт адрейхэри – къэкI уэжатэмэ. Хьэдэу гъуэгум къытеднащ.

Гъунэгъухэр шынати, бжэр Iухыгъуафl эу Iуахрэт? Гуащэ гъуэгыу щхьэгъубжэм е бжэм еувал Iэмэ, унэм щIэсыр дахэдахэу къепсалъэртэкъым хъунщIакIуэр къатеуа я гугъэу. Дауэ хъуми, лIитI-лIищ, щIалэ цIыкI у я гъусэми, къызэхуэсри махъшэм телъыр хуэсакъыурэ унэм щIахьащ, хьэпшып сытхэри щагъэтIылъыпхъэм яхьри ягъэтIылъащ. Гъуаплъэ лэгъупым ит псыри къэпщтыра иужь, Дэфэрэдж къыздищтауэ щыта хущхъуэр къигъуэтыжри уIэгъэ хъуам я уIэгъэр илъэсу, хущхъуэ ехьэлIэн хуейм и ужь ихьащ, ешарэ и лъакъуитI ыр къыщIэмыувэж пэтрэ. ЦIыхубзит Iым а жэщым яхузэфIэкI къагъэнакъым. Гуащи гъынанэу и пIэ имысу адэкIэ-мыдэкIэ жэурэ хущхъуэ зыхуэныкъуэр къигъуэтащ. Жэщыр щIыIэтыIэ пэтми, унэм лъымэмрэ пщIэнтIэпсымэмрэ щIэтти, уигъэбауэртэкъым, уIэгъэ хъуахэм нэхъ бэшэчым заущэхуауэ щылъми, зызымы-

щIэжхэр Iуэщхъурт, жаIэри къыбгурыIуэнутэкъым.

Дэфэрэджрэ Гуащэрэ уIэгъэ хъуар зыхуейм хуагъазэри зэбгъэдэтIысхьэжащ я нэгу щIэкIар зэхуаIуэтэжу, зэзэмызэ «псы» жызыIэм псы ирату е мафIэ къызыщIэнауэ жьэражьэм и натIэм хъыдан псыф тралъхьэу. Я псалъэр зэпагъэуми, щахущIыхьэм деж аргуэру къаублэжырт, псалъэ пэтми, псэлъэнкIэ замыгъэнщIу. Езы тIур чэзууэрэ тIэкIу щхьэукъуэ фIэкIа, я щхьэ щхьэнтэм тралъхьэртэкъым.

УIэгъэ хъуахэм я гъунэгъуу Гуащэ псы фалъэ игъэуври джэдыкIэ хилъхьащ: «Жэщым жин фIыщIэр къыщIыхьэмэ, джэдыкIэр къэчэнущ», – жиIэри. Абы нэмыщIкIэ, блынджабэр екIуэкIыу вэнвейкIэ щIищIэлыкIащ: «Псэхэхыр къыщIыхьэмэ, бэкхъым къыщIыхьа къыфIэщIынщи, игъэзэжынщ». Бжэщхьэ Iури нэхъ лъагэ ищIат, псэхэхыр игъэлъэпэрэпэну. Дэфэрэдж абы мыхьэнэ иIэу къилъытэртэкъым, Гуащэ и жагъуэ имыщIын щхьэкIэ, ищIэр фIэкъабыл хуэдэу зыкъыфIигъэщIырт. ПщэфIэну хуежьэмэ, тIури зэгъусэу пщафIэрт, бэзэрым кIуэр Гуащэт.

ФызитIым я нэбдзыпэ зэтрамылъхьэу тхьэмахуэ кIуа е нэхъыбэ кIуа – сымаджэхэм яхэлIыкIари яхэлIыкIащ. ЛIар щIэзылъхьэну къызэхуэсым «хьэжыщI къикIыжу бэлыхьлажьэр къащыщIащи, я псэр жэнэтым кIуэнущ» жаIэрт. ЩIалэ угъурсыз къомым япщIэхэлъа «хьэлыгъуанэ блам» хуэмыдэжу, нэхъ узижагъуэм и махуэу къыщIэкIащ Дэфэрэдж сымэ къумым иту я нэгу щIэкIар.

– Догуэ, Мухьэмэд бегъымбарыр армырауэ пIэрэ жызыIар: «ЦIыхубзыр къэралым и лъапсэщ, цIыхубзыр фIы хуэзэмэ, къэралри фIы хуэзащ, цIыхубзыр дэхуэхамэ, къэралри дэхуэхащ», – жиIэу? НтIэ, ар бегъымбарым щыжиIа щIыналъэ дыдэм ситу си нэм илъэгъуакъэ цIыхубзым къалъыса лейр? – жиIэу Дэфэрэдж и псалъэр къыщIидзэрти, и нэгу щIэкIар иIуэтэжырт.

Махуищ гъуэгуу къыщIэкIынт къэнэжар. Дэфэрэдж сымэ зэкIэлъхьэужьу кIуэрт махъшэ шу защIэу, ешаелIауэ, къумым иту плъэмэ, шейтIан удж ялъагъумэ, къалэ телъыджэ гуэр къафIэщIу, я махъшэр нэхъ псынщIэу къагъакIуэмэ, яфIэфIу къеуэрт. Куэд дэмыкIыу шейтIан уджыр кIуэдыжри хэкужь гуэрым нэсауэ загъэпсэхуну къэувыIащ. Хьэрып унагъуэ зыбжанэ а щIыпIэм цейпщыIэ щащIауэ исуарати, гъуэгурыкIуэхэм я гугъат псынэ е псыкъуий а щIыпIэм щагъуэтыну, арщхьэкIэ дэнэт: езы хьэрыпхэр тхьэм елъэIуу арат псынэ игъуэжам псы Iубыгъуэ зырыз нэхъ мыхъуми къигъэлъадэ жаIэу. Я Iэщри Iисраф хъуным нэсат.

Гъуэгум и пIалъэ Мырзэ нэхъ ищIэрти, хьэрыпхэм яхыхьэри щIэупщIащ: «Псынэ сыт щымыIэу пIэрэ?» – жиIэри. Псынэ тIэкIу къыздыщIэжу щыта щIыпIэр псыф хуэдэу щытти,

Дэрбэкъу сымэ зыдигъэIэпыкъуурэ пшахъуэщIыр зэхатIыхьащ, арщхьэкIэ узэфэ хъун псы къыщIэжакъым зы мыхьэнэншэ тIэкIу фIэкIа, ари гъуабжэт, утхъуэжауэ, уефэмэ уигъэсымэджэнкIэ хъунути, зыри ефакъым. Фэндым итым щыщ Iубыгъуэ зырыз зыIуагъахуэри зэфIэкIащ, я псыхуэлIэ имыкIами.

ХьэжыщI къикIыжхэм жьауапIэ тIэкIу ящIауэ щIэсти, плъэмэ, жыжьэу ялъагъу фIыцIагъэ гуэр уафэ лъащIэм къыщIэкIауэ. ФIыцIагъэм шейтIан уджыр щхьэщытщ.

– Ан-а-а, мор шейтIан уджу къыщIэкIынщ, – жиIэри Дэфэрэдж илъагъур зищIысыр къыгурыIуакъым.

– Ар шейтIан уджкъым, – жиIэри Мырзэ идакъым, хъарзынэу Мэчэм сату щищIауэ ахъшэфI тIэкIуи иIыгъти, арауэ къыщIэкIынт зытегузэвыхьыр, адыгэм яхуигуэша Iэщэм къыкъуэгушхукIыуи щыттэкъым, фIыцIагъэ кIуэ пэтми нэхъ гъунэгъу къэхъур куэдыщэу къыфIэщIати.

Хьэжы зыщIахэми шхэныр щагъэтауэ я нэр фIыцIагъэм тенащ, махуэри хуабащэщи, хьэку гъэплъам уракуа хуэдэщ. ПщыIэм щIэс хьэрыпхэри къэпIейтеящ, къакIуэ къомыр зищIысыр къахуэмыщIэу. «Ахэри хьэжыщI къикIыжу арагъэнщ», – жаIэу арат зытраухуар. ТIэкIу дэкIри псори къэуIэбжьащ, фызхэмрэ сабийхэмрэ зэрызелъафэу ерагъпсэрагъкIэ къакIуэу щалъагъум. Езыр-езыру къакIуэми зыгуэртэкъэ – къэрэгъулым фоч пащIэкIэ къаху.

Дэрбэкъу псом япэ къэпсэлъащ:

– Тобэ Iистофриллэхь, жэнэтым дыщыгугъыурэ жыхьэнмэм дыкъимыхуауэ узиIэ, – жиIэри.

– Фигу фымыгъэкIуэд. Алыхьыр фи гум ивгъэлъ, – жиIэри Мырзи абы къыфIигъэкIакъым. Абы къригъэкIыр «Iэщэм дыщыхуей махуэр къэсауэ къыщIэмыкIащэрэт» жиIэу арат. ЦIыхубз къомыр къэзыху къэрэгъулхэм дзыхь яхуэпщIыщэ хъунутэкъым. Гур зэрыгъум дыгъур кърокIуэ жызыIам имыщIэу жиIа хъунтэкъым: къэрэгъулхэм хьэрып пщыIэр щалъагъум, мы щIыпIэм псы щагъуэтын я гугъа хъунти, къызэтеувыIащ.

Псы щхьэкIэ зэтемахэ физ къомри щIэупщIат псынэми, зэупщIам я Iэпэр Мырзэрэ Дэфэрэджрэ зэхатIыхьа пшахъуэщIымкIэ щашийм, псори зэрызехьэу, джалэ-къэтэджыжу, я сабийри чачэу ялъэфу, къэрэгъулхэр зэрыгъэкIий-зэрыгъэгуоу щхьэкIэ къамыгъанэу, псынэ игъукIыжамкIэ жэри IэбжьанэкIэ пшахъуэр кърахтхъууи хуежьащ. Нэхъ къару зиIэм къару зыхэмылъыжыр къыIуигъэкIуэту е къыIуидзыпэу, псы кIэнтхъ тIэкIум щынэсым, зэщIэкъугъэу. Кумбым зи щхьэ изыIуам псы куэдыщэ ириф я гугъэу щIыбагъымкIэ щытхэр еныкъуэкъурт, арщхьэкIэ псынэм псы иттэкъым. КIэнтхъ тIэкIу къыщIэжар IэбжьыбкIэ къизыхар езыр емыфэу хъыдан IуэнтIа тIэкIу хаIурти, сабий быдзафэ зи Iур гъущIауэ мыгъыжыфым и жьэм

жьэдалъхьэрт.

«Хэт мыгъуэу пIэрэ Алыхь талэр зэуа фыз къомыр», – жиIэу щыщIэупщIэм, къыжраIащ: ермэлы цIыхубзщ, цIыхухъу къащхьэщытар гъэпцIагъэкIэ щхьэщашри здэкIуар ямыщIэу ягъэбзэхащ, цIыхубз, фызабэу, сабий зеиншэу къэнар къызэщIакъуауэ «жылапхъэ фыхъужынщ» жыхуаIэу къэралым ирагъэкIыну яшэ, зэхэфыщIэжауэ, сабэм иуарэ я нэр плъыжь хъуауэ. Я Iупэр къэчауэ фызхэр я сабийр зэралъафэурэ пщыIэм щIэс хьэрыпхэм къегъыхыу елъэIурт: «Балигъ хъуар девмыгъафэми, ди сабийм гущIэгъу къыхуэфщI, псы тIэкIу къевгъафэ», – жаIэу. Зыкъомри ук Iурияуэ дыгъэ гуащIэм пшахъуэ къигъэплъам телът, я лъакъуэр къыщIэмыувэжу, я бынми гъыну къару къахуэмынэжауэ, я анэр джэлауэ здэщылъым деж щылът, къэрэгъулхэр къак IуэцIыпкIэми, фоч лъэдакъэкIэ къеуэми, къахуэмытэджыжу. Къэрэгъул пашэм цIыхубзхэм я щхьэц кIыхьыр иубыдырти, къызэфIигъэувэну хуежьэрт. ЦIыхубзхэр хьэлъакъуиплIу щыту зэщIэкъугъэрт:

– СывукI, къызэуэ, си пIэ сикIыфынукъым, къызэуэ...

Къэрэгъулхэми ящIэнур ямыщIэу, зэрызохьэ, зэрогъэкIий, фоч лъэдакъэкIэ йоуэ, къызэфIагъэувар мэджэлэж. ПщыIэм къыщIэкIа хьэрыпхэр къегиину хуежьат къэрэгъулу лей зезыхьэми, хуадэххакъым, зыгуэрым и щхьэр хузэгуаудри лъыкъуалэр къежэхыу Iуалъэфыжащ. Щымыхъужым, къэрэгъулхэм кIапсэу ягъуэтыр зэхуахьэсри фыз къомыр зэкIэращIащ, нэхъ лъэрызехьэм нэхъ лъэрымыхьыр ялъэфынщ жыхуаIэу. Къаруушэ дыдэу пшахъуэм телъу лIэр яукIыпащ, адрей къомыр ирашэжьащ, арщхьэкIэ жыжьэ кIуэфакъым, сэнтх тIэкIу иIэти, абдежым къыщыувыIащ, здэкIуэну я гугъэм нэзыхьэсын къару куэдым къазэрыхэмынэжар я фIэщ хъуауэ.

Фыз къомыр, я сабий я гъусэу, щытыр щыту, щылъыр щылъу, щысыр щысу, мыкIуэфыр зэтраук Iэу хуежьащ, къэрэгъулхэм гупитI защIарэ зы гупым яхуэукIыр яукIыху, адрей гупым я фочыр яузэдыжу. Сабий гъы макъымрэ фыз къугъ макъымрэ лIар къигъэтэджыжыным хуэдэу пшахъуэ сэнтхымкIэ къыщыIурт, фочауэ макъри абы хэтыжу.

Дэфэрэдж и щхьэфэцым зиIэтащ:

– А Дэрбэкъу, а зи уз кIуэдын, уэ жыпIар мыпэжу пIэрэ: жэнэтым и пIэкIэ жьыхьэнмэм дыкъихуэпауэ...

– ЯукI! ЗэтраукIэ! – жиIэу Дэрбэкъуи къэуIэбжьауэ плъэрт.

Мырзэ и фэр пыкIащ:

– ДивгъэкI мы щIыпIэм. Ди гъуэгур Алыхьым и шыкуркIэ абыкIэми, сэ нэгъуэщI гъуэгукIэ фысшэнщ. ФынакIуэ, девгъэжьэж, – жеIэ.

Дэфэрэджи къэпсэлъащ:

– НтIэ сэ жысIэми фыкъедаIуэ: цIыхур тIэу лIэркъым, зэ фIэкIа ущымылIэнукIэ, лIэным лIыгъэ хэлъын хуейщ. Алыхьу

тэхьэлам дигъэунэхуну дызыхуэза бэлыхьлажьэм дыхуигъэзами, тщIэркъым. МырзэIэщэ къыфхуигуэшащ, захуэм и шэ шэрыуэщ, флъэкI къэвмыгъанэ. ФыкIуэ, къэвгъэувыIэ емынэ жьэгу хъун къомыр.

Дэрбэкъу, адрейхэми ящIэнIауэ пIэрэ жиIэу пэмыплъэу, и къэлътмакъым илъ фокIэщIыр кърипхъуэтри щIэпхъуащ. Мырзи къэгузэвауэ тIэкIурэ Iэнкуна щхьэкIэ, адыгэ хьэжыхэр здэжэмкIэ щIэпхъуащ, хьэрыпыбзэкIэ зыгуэрхэр жиIэу.

Зэзэуэну я гугъэм хьэрыпыбзэ ящIэртэкъым. Адыгэм Iэщэм и бзэр арат ящIэри, я Iэщэр яIыгъыу зэрыхьащ, Дэфэрэдж и закъуэ къагъанэри. Мырзэ фыз къэмытэджыжыфым и хъыджэбз цIыкIу, дахэ дыдэ хъуну фэ тету, щилъагъум, къэрэгъул пашэм бгъэдэлъэдащ, ахъшэ гуэри иритри елъэIуащ: «Мы цIыкIур сэ спIынщ, сабий Алыхьым къызитакъым», – жиIэри. Къэрэгъул лIы фIыщIэшхуэр къызэщIэплъауэ фызи сабии зэтриIущIэу щытти, хуит ищIащ Мырзэ и гум ирихьа илъэсибл нэхъыбэ мыхъу хъыджэбз цIыкIур зыхэт цIыхубз гупым къахишыну.

Езы цIыкIу мыгъуэм и анэ къэмытэджыжыфым зыкIэриукIауэ иIыгъти, къыхукIэрычыртэкъым. Къэрэгъул пашэр сабийм щIэкIияш:

– УкIуэркъэ, емынэунэ хъун, адэ пхуэхъунущ ар.

Мырзи къэгумэщIащ:

– Анэ къыпщыгуфIыкIыни щыIэщ, тIысэ.

Хъыджэбз цIыкIур къыдэплъеящ, и анэр имыутIыпщу:

– Сыхуейкъым, сэ анэ сиIэщ. Си анэр къэзгъанэу зыщIыпIи сыкIуэнукъым, – жиIэри. Хъыджэбз цIыкIур къыщылъэтри щIэпхъуащ.

Мырзэ кIэлъыжэу къиубыдакъым. ЛIы фIыцIэ кIыхьыжьми, зи Iэщэ аргуэру зыузэдар унафэм пэплъэрти, «феуэ» жиIэу щыжиIэм, фоч гын Iугъуэр тIысыжа хъунтэкъым езы къэрэгъул пашэр щхьэпридзу щыджэлам. ФокIэщIыр зэ бгъэуамэ, ар бузэдыжын щхьэкIэ, куэд хуейти, Дэрбэкъу иукIа къэрэгъул пашэм IэщIэлъа фокIэщIри къыIэщIиудащ, Iэ зырызымкIэ фокIэщIитI иIыгъыу хъыджэбз цIыкIу Мырзэ и гум ирихьар зыукIари еуэри иукIащ. Чыхуэ сыми зрапщытат нэгъуэщIхэми, хэти къаукIащ, хэти къауIащ. МырзэIэжьэгъу мыхъуатэмэ, псори зэрыукIыпэнуи къыщIэкIынт, Дэфэрэджрэ абырэ лъы гъэжэныр ерагъыу къызэтрагъэувыIэри щхьэж и уIэгъэ, и хьэдэ зэрагъэзахуэу хуежьащ.

Къэрэгъулу псэууэ къэнам хьэдэ къомыр зэхуалъэфэсщ, уIэгъэ хъуари, къаруушэу щылъ жьыкIэбжьэкIэри абы халъхьэжри, мафIэ ирадзащ. Дэфэрэдж, Мырзэ сымэ губгъуэрыс хьэрып шынэу зызыгъэпщкIуахэр къагъуэтыжурэ къаукIар щIалъхьэжащ, уIэгъэ хъуам я уIэгъэр ягъэкъабзэри хуапхащ. АпщIондэхукIэ яхуэгъэсыр ягъэсри, яхуэмыгъэсар я псэ хэмыкIауэ щIатIэжащ. ХьэжыщI къикIыжхэм я насыпти, ямыукIыу

къэна ермэлы цIыхубз къомыр зэрахуа гъуэгум къытеувакъым армыхъумэ, псэууэ щIатIам я макъыр щIыкъатиблым къыщIэ-IукIыу зэхахынут.

ЦIыхубзым къащхьэщыта цIыхухъум я укIыкIэ хъуар: «дзэм фыхэдгъэхьэнущ» жа Iэщ, Iэщэ зезыхьэфын илъэпкъыр зэхуашэри пшапэр зэхэуауэ ирашэжьат. КъуакIэбгъыкIэ гуэрхэр зэпачын хуейти, абы щынэсым, зэвыпIэ дыдэм деж бгыр къыгуэури гъуэгур щIихъумащ, гъуэгурыкIуэм къагъэзэжыну щыхуежьэм, гъуэгум и гъунитIымкIи дзэр къытетIысхьати, къахэуэурэ къызэтраукIащ, къанэ щымыIэу. Хьэдэлъэмыжу гъуэгум телъ къомыр зэхуалъэфэсыжри ягъэсыжащ.

Ар зэфIэкIа нэужь куэдыщэ дэмыкIыу, абы я фыз, я быныр, лIыжь-фызыжьхэри я гъусэу, я къуажэм къыдахури ирашэжьащ, филI, фи адэ дзэм щыIэм дыщыпсэу щIыпIэм пэмыжыжьэу ди бынунэр щыпсэумэ, нэхъ къыдощтэ жаIэри къаIуэхуащи, пащтыхьым унафэ ищIащ ахэр здэщыIэм фэри фытшэну жаIэри. ИкIи «яшащ», тхьэм ещIэ псэууэ къелам я натIэм илъыр.

Дэфэрэдж и гум къэкIыжат КъурIэным итыр: «Диныр зи фIэщ хъуа цIыху лъэпкъитI зызэрапщытауэ зэзауэмэ, зэвгъэкIуж. А тIум язым лей зэрихьэрэ – лей зылъысым фыкъыщхьэщыжи, лей зезыхьэм фезауэ фи акъылэгъу хъуху».

И гъусэр хэкIуадэу езым лажьи-хъати имыIэу къызэрынар и гум щIыхьауэ, Дэфэрэдж псалъэ къыхудэмышеижу кIуэрт, махъшэм тесу. КъызэплъэкIмэ – уафэ лъащIэр къэуфIыцIауэ щилъагъум, хьэдэ къом ягъэсам я Iугъуэр къумым щхьэщыт къыфIэщIащ, арщхьэкIэ уафэгъуагъуэ макъ къыщыIум къэгуфIащ, уэшх къешхынущ, Iисраф хъуа цIыхубзымрэ сабиймрэ я лъэIур Алыхьу гуащIэрэ гущIэгъурэ зиIэм зэхихащ, цIыхумрэ Iэщымрэ псы дгъуэтмэ, къумым димыкIуадэу дикIынщ жыхуиIэу. Мырзи мычэму пшэ фIыцIэр мыбыкIэ къэкIуащэрэт жиIэу еплъэкIырт, уIэгъэ хьэлъэ зэрыхъуауэ. Уэшхым жьыбгъи щIэтти, нэхъ щIыIэтыIэ хъуащ...

* * *

Сэлимэ и нэпсыр уимыгъэлъагъун щхьэкIэ, и щIыбагъыр къигъэзауэ хэлът, зиущэхуарэ, жысIэм къедаIуэу. Абдеж бжэр къыIуихщ, бжэ дамэдазэм и щхьэр къыдигъэжри сестра гуэр къэпсэлъащ:

– Дэфэрэдж Шагировнэ, телефонкIэ зыгуэр къоджэ, – жиIэри. Езыми бжэр къыхуищIыжри Iужыжащ.

– Хэт? – сыкъыщылъэтри сыщIэупщIати, къызэджар – бгъуэтым къащтэ.

– Сыдихьэхыпауэ уи псалъэр зэпаудащ, – жиIэри Сэлимэ и жагъуэ хъуащ.

– Къэзгъэзэжмэ, къэнэжар бжесIэжынкъэ. Си гуи си щхьи

къэмыкIыу сыщраджэр куэдрэти, занщIэу палатэм сыщIэкIри ординаторскэм сыжащ. Телефон трубкэр къытеха хьэзыру стIолым телъти, сепхъуэри къэсщтащ, сымаджэ гуэрым деж сраджэ си гугъэу, арщхьэкIэ дэнэ – къэпсалъэр илъэсийм ит си пхъурылъху цIыкIур аращ, и макъымкIэ къэсцIыхужати, къэхъуаIа си гугъэри сыкъэгузэвауэ сыщIоупщIэ:

– Сыт, на-а, къэхъуар? Уэри телефонкIэ упсалъэу къэбубла? Дэнэ укъыздипсэлъыкIыр?

– Нанэ, къащIэт сыныздипсэлъыкIыр. КъащIэ, сэ жызомы-гъэIэу.

– Къалэ фэтэрым укъэкIуагъэнщ, нэгъуэщI дэнэ укъипсэлъыкIын?

Къалэм а цIыкIур къэкIуэнуи си гугъэххакъым, школым кIуэну къэзгъанэри къуажэм сыкъыдэкIащ.

– КъэпщIакъым, къэпщIакъым, къэпщIакъым – жиIэу хъыджэбз цIыкIур долъей-къолъыхь.

– Автоматыр ара? – жызоIэ къуажэм автоматыр зэрыдэмытыр сщIэ пэтрэ.

– КъэпщIакъым, къэпщIакъым.

– Къуажэ Советым укъипсэлъыкIрэ? ЖыIэ занщIэу – къэхъуаIа?

– Къэхъуащ, къэхъуащ: ди унэм телефон къыщIагъэуващ. Дэнэ деж тедгъэувэн жаIэри къызэупщIати, уи гъуэлъыпIэм бгъэдэт тумбэм трагъэувэну яжесIэри трагъэуващ. ГуфIапщIэ къызэптыну? ГуфIапщIэ, гуфIапщIэ, гуфIапщIэ!...

– Пэжу жыпIэрэ?

– ЖызоIэ, тхьэ. ЖэщкIэ укъэзыгъэтэджыр иджы нэхъ мащIэ хъунщ, телефон къеуэмэ, зэфIэкIащ. Уэри телефонкIэ упсэлъэн щхьэкIэ, къуажэ Советым нэс ущIэкIуэни щыIэкъым.

– Алыхь, сыбгъэгуфIамэ итIанэ: гуфIапщIэ къыпхуэсщэхун хуейщ.

– Аракъэ сыныщIэпсалъэр. Тхылъ гуэр къызатри уэ уи пIэкIэ абыиIэ яхутездзащ.

– Хэту пIэрэ телефоныр къэзышар? ПцIыху яхэта?

– Яхэтакъым.

Трубкэр теслъхьэжрэ сыгупсысэу сыщытIысыжым, си гум къэкIащ: район тхьэмадэу зи хъыджэбз закъуэр дымыгъалIэу къедгъэлам, тхьэм ещIэ, сызэрелъэIуауэ щытар и гум къэкIыжамэ, телефон унэм схущIигъэуващ жысIэу арат зытесщIыхьыр, нэгъуэщI къысхуэгузэвэн сымыщIэу. Хэт щIигъэувами, хьарзынэщ, цIыхубз къысхуэныкъуэм нэхъ къэгъуэтыгъуафIэу сыкъагъуэтынщ. Си пхъурылъху цIыкIум жиIар си фIэщ схуэмыщIу зэ сыкIуэжу си нэкIэ слъэгъуащэрэт жысIэу махуэр нэхъ кIыхь хъуа къысфIэщIырт, итIани Сэлимэ къэзгъэгугъащ си хъыбарыр и кIэм нэзгъэсыну, нэгъуэщI палатэм щIэдгъэгъуэлъхьа иужь,

хъыбар жыпIэж хъунукъым, палатэм къыдыщIэлъым ямыдэнкIэ мэхъу.

Си тIысыпIэм сытIысыжа къудейуэ, Сэлимэ къызэупщIащ:

– УздэкIуэн хуей щы Iэ?

– Хьэуэ, тIасэ, зыщIыпIи сык Iуэркъым. ЖеIэж уи адэм: Iуэхутхьэбзэ дахэ къысхуищ Iащ, тхьэм къыхуищIэж абы къысхуищIар. ИгъащIэкIэ сщыгъупщэнкъым, и мурад къехъулIэну сохъуэхъу. Си закъуэкъым ехъуэхъури: сэ къысхуэныкъуэ цIыхубз псори йохъуэхъу, гулъытэ иIэщ – щыгъупщакъым сызэрелъэIуауэ щытар. Уэри уолъагъу, телефоныншэу сыпсэу хъунукъым.

– Солъагъу, тхьэ. Уэ телефон узэрыхуэныкъуэм нэхърэ нэхъ Iеижу цIыхур къыпхуэныкъуэщ.

Сэри нэжэгужэу сыщытмэ, сфIэфI щхьэкIэ, гуитIщхьитIу сыщысщ: мы цIыхубзыр лIы щыдэкIуэкIэ и Iуэху зыIутыр жесIэмэ, нэхъыфI, хьэмэ щызбзыщIмэ, нэхъ къезэгърэ жысIэу. Хьэмэрэ Пыжьынэ жиIар къысфIэмыIуэху хуэдэу зыщхьэщызгъэкIын жысIэу. А цIыхубзым укъигъэпцIэн жыхуэпIэр и хьэлым хэлъу къалъхуащи, пцIы IэщIэмыкIмэ, ишхар и дзажэпкъым дыхьэркъым. Абыхэм сегупсысыху, езы Сэлимэ япэ зыкърегъэщащ:

– Тхьэ, дадэрэ нанэрэ Iуэхутхьэбзэшхуэ яхуэзыщIар уэрамэ. Ар абы ящыгъупщэнкъым, сэри сыпсэуху сщыгъупщэнкъым. Зи гугъу пщIыр телефоныр арамэ, Iуэхутхьэбзэ къыпхуэзыщIар си адэр аракъым.

– НтIэ хэт? – Си пщIыхьэпIэм къыхэхуэнтэкъым Сэлимэ телефоным хищIыкIIауэ, ауэ зыгуэр сэ симыгъащIэу и гум зэрилъыр нэрылъагъут. – Сэ сызэлъэIуауэ щытар уи адэр аращ, депутату райсоветым щыхахым наказ хуэдэу хуэстхыгъат.

– Хэтми, аракъым.

– Щэху?

– Щэхукъым. А уэ пщIэр аращ. – Сэлимэ адыгэ хабзэм тету зыпылъ щIалэм и цIэ иримыIуэу арати, гу лъытэгъуейтэкъым.

– Ботэх?

– НтIэ.

– Уи фIэщу жыпIэрэ? Абы хуэдэ зэфIэкI иIэ? Сыту фIыт, ярэби. Алыхь, игъащIэмкIэ хуэзмыгъэфэщэнт.

– Абы къыпхуищIэнIауэ фIэфIмэ, хузэфIэмыкIын щыIэкъым. ФIэмыфIмэ, зыри къыпхуищIэнкъым, уеуэу букIами.

– Алыхь, гъэщIэгъуэныр жыпIам.

– Езым и гум урихьащ, къыпщытхъуащ, «Iэзэ гъуэзэджэщ» жиIэри.

– Дауэ хузэфIэкIа уи адэм хузэфIэмыкIар?

– Сыт хуэсщIэмэ нэхъыфIу пIэрэ жиIэри къызэупщIати, плъэкIынумэ, и унэм телефон егъашэ жесIат. Иджы, мес, къыпхуригъэшащ.

– Ы-ы. Си телефон Iуэхум уэри ухэтауэ къыщIокI, – жысIэри сыкъэдыхьэшхащ, сэ самыгъащIэу Ботэхрэ Сэлимэрэ зэрызэхуэзэм гу лъыстати.

ЩIалэмрэ хъыджэбзымрэ я псэр зэк Iэрыпщiамэ, сыт щхьэкIэ я кум сыдэувэн жыхуэсIэу сызэреупщI ыну си гум илъар езгухыжащ. Абы чэнджэщэгъу захуэсщI ынщ жыпIэкIэ зэран ухъун фIэкIа, сэбэп ухъунукъым. ИгъащIэми аращ: фIыуэ зэрылъагъуитIым я гур къраурд, мэуэ фыхъумэ, мэуэ фыщIэмэ, нэхъыф Iщ жаIэу. Ар жызыIэр губзыгъэ дыдэуи щIы – щIалэмрэ хъыджэбзымрэ езыр зэрызэгурыIуар псом нэхърэ нэхъыфI щ. Сэ дауэ сщIат: си анэ, си адэ жысIэу сечэнджэща – си щхьэ къызэрихьа дыдэм хуэдэу сыдэкIуэри сежьэжащ, си Iыхьлым ар къыщащIар псори зэф IэкIа нэужьщ. Псалъэм къыдэк Iуэу сыщIэупщIащ:

– Укъимыгъэпудыну пIэрэ Ботэх? – жысIэри.

Езы Сэлими егупсыса хъунт абы, итIани занщIэу и щхьэр течауэ зыри жиIакъым, тIэкIурэ зиIэжьа нэужь, къыжьэдэкIащ:

– Уэ плъэгъуакъэ?

– Слъэгъуащ. БжэмкIэ къыщIыхьэри щхьэгъубжэмкIэ дэкIыжащ, абы щхьэкIэ слъэгъуащ жыпIэ хъунумэ. Iуэхутхьэбзэфl къыпхуищIэну гу лъыстакъым. Иджы телефон схущIигъэуващ. Апхуэдэр хузэфIэк Iмэ, лIы хуэдэлIщ ар. Е зыгуэрым хуэмыфI хьэдрыхэ ягъакIуэркъым жыхуаIэм хуэдэ?

– Тхьэ, абы хьэдрыхэ кIуэххэн и мыгугъэ.

Иджы си хъыбарыр зэпызгъэууэ Сэлимэ и хъыбарым седэIуэн хуей хъуащ. Сэ есплъа фэм емыщхьу Ботэхыр къыщIокI, зыхуэмыфI Iуэху щымыIэу, джэгу хуэдэу, гушыIэ хуэдэурэ зыхуэзэр дэкум хуэдэу къигъапцI эрэ зыхуейр иригъащI эу, псори ицIыхурэ я ныбжьэгъужь хуэдэу закъыфIигъэщIу, и бзаджагъэм гу лъамытэ щIыкIэ зыхуейр зыIэригъыхьэрэ гъуэбжэгъуэщу кIуэдыжу. Телефон зэрыщIигъэувари апхуэдэ къабзэт.

Пщэдджыжьым район тхьэмадэр къэкIуа къудейт, дыгъуасэрей чэфыр пкърыкIыжарэ и щхьэр зэтричу узу. «Куэдрэ зызмыI эжьэу зыщI ыпI экIэ сек IуэкIынщи, зы бжьэ дэздзынщ», – жиIэу арат и гум илъыр, приемнэм къыщIэIукIыу псалъэмакъ щызэхихам. Секретарь цIыхубзыр дерматин фIыщIэ зытеIулIа бжэм къыIуувауэ зыгуэр къыщIимыгъэхьэу арат, «укъыщIэкIуар жумыIауэ ущIэзгъэхьэнукъым» жиIэу. Хэт иджы абы къыщIимыгъэхьэр? Ботэхщ. Езыр къыпогуфIык I: «Корреспондентыр зыхуейр пщIэркъэ, дахэ, сыкъыщIэкIуар егъащIи, езыр къыщIэжынщ, IэплIэкIэ сыщIихьэнщ. Ара узыхуейр?..»

Ботэх IэплIэкI э щI амыхьэу тхьэмадэм и кабинетым щIыхьащ, тхьэмадэм «тIыс» жиIэу игъэтIысыным пэмыплъэу стIолышхуэм пыгъэува стIол цIыкIум бгъэдэтIысхьэри блокнотыр къыдихащ, абы дэлъа гранкэ псыфри стIолым триукъуэдиящи,

ушкIумпIар Iэдакъэкlэ занщIэ ещIыж, ету тридзэ хуэдэу.

– Пщэдджыжь хьэщIэр куэдрэ щыскъым, сэри сыщысынукъым. Газетыр и чэзум къыдэмыкIмэ, къезэгъыркъым. Уэ къыптеухуа очерк тетмэ, газетым къыщIэупщIэм умыгъэгувэу яIэщI ыхьэмэ, нэхъыфIыжщ. «Дыщымыуэн щхьэкIэ, зэ дыхэплъэжмэ, нэхъыфIщ», – жиIэщ редакторми, сыкъигъэкIуащ.

– Сыт очерк?

– Уэр щхьэкIэ стхар. Выбор сытхэр къоблагъэ, депутатхэм я пыIэр щхьэрыхауэ я Iэнат Iэм бгъэдэтщ. Нэхъ къахэжэпхъыкIауэ щыIэм фIым я нэхъыфIыж зырызхэр къыхэпщыпыкIыу депутат щыхаккIэ я Iуэху зехьэкIэр жылэм ебгъащIэм, нэхъыфI-къэ, нэхъ егугъуу хахын щхьэкIэ? Депутатхэм я Iуэху зехьэкIэр псоми ящIэрэ? Iэджэми я гугъэщ сессие къэхъуамэ, щэ Iэ яIэта нэужь, буфетым жэрэ бжьэ зырыз щадзу. Си очеркым депутатыр щIэгъэкъуэн къызэрытхуэхъури итщ, уэ птеухуа щIэхъуари аращ, уэ укъыхощ псоми... Жылэр теутIыпщхьауэ дунейм тетщи, фIыщIэ зыхуэщIын хуейр ящIапхъэщ. Аращ нышэдибэ жьыуэ сыкъэтэджу уи дежкIэ сыкъыщIэкIуар. Зы секретарь редакцэм диIэщи, ди фэр ирех дыщыуэмэ. ПцIыхурэ ди секретарыр?

– Хьэуэ.

– НэхъыфIщ. УмыцIыхумэ, тыншу упсэунущ. Плъагъурэ къэсхьар? Мыр гранкэр аращ. Избирательницэ гуэрым къетх уэр щхьэкIэ: апхуэдэ депутат уигъэлъыхъуэнщ, гулъытэ иIэщ, келъэIумэ, укъигъэщIэхъуркъым, ищIэр фIэмащIэу хэзыхам нэхъри сэбэп хуэхъумэ, фIэфIщ. Жэщ, махуэ иIэкъым. Апхуэдэ письмо къыщытIэщIыхьэм, редакторым сриджэри къызжиIащ а депутатым теухуауэ тхы очерк жиIэри, сэри слъэкI къэзмыгъанэу сегугъуащ, гугъу зебгъэхьа жыпIэмэ, зезгъэхьащ. Гугъу удемыхьу къохъулIэр зыми щыщкъым.

– Избирательницэм сыту пI эрэ и гум къинар?

– ФIы пщIауэ цIыхум ящыгъупщэрэ? Уэ фIы Iэджэ уощIэ, а псор уи гум пхуигъэлъынукъым.

– И унэцIэр сыт?

– ОчеркымIэ щIэзыдзыр сэращ.

– Хьэуэ, письмо къэзытхым зи гугъу ищIыр сыт?

– Телефонщ. Телефоныншэу иджы упсэуфрэ?

– Телефони?! – тхьэмадэр телефон Iуэху хэтащ, телефон зыгъэувым зыгуэр яIэщIомылъхьэмэ, телефоныншэу уи гъащIэр уагъэхьынущ жаIэу къатхати, ар зэхагъэкIыу зыкъомрэ зэрызелъэфащ, я пщампIэр зэрубыдауэ, нэгъуэщI Iуэху хэтауэ ищIэжыртэкъым.

– Тэмэм. Домино жызыIи щыIэщ.

– ИгъащIэм сымыджэгуа, уэлэхьи, домино.

– «Домино» жиIэмэ дипломатхэм «телефон» жыпIэ хуэдэущ

къазэрыгурыIуэр. Уэ цIыхубз дохутыр телефон щхьэкIэ къолъэIуати, «си избирательницэр згъэщIэхъункъым» жыпIэри хущIебгъэгъэуващ. Иджы фIыщIэшхуэр къыпхуищIу письмо редакцэм нитхащ. Аращ сыкъыщIэкIуар. – Тхьэмадэм гурыщхъуэ имыщIын щхьэкIэ, тхылъ плъыжь цIыкIу кърихри иригъэлъэгъуащ, модрейр къеплъыххакъым корреспондентым къыхуишия хьэфэтхылъым. Ботэх тхылъыр игъэпщкIужри гранкэр тхьэмадэм и пащхьэм къытриубгъуащ, лэчымэ бэлыхьыр къыпихыу. – КъедаIуэт цIыхубзым къитхым... «Апхуэдэ депутат къытщхьэщытмэ, дауэ ди Iуэху емыфIэкIуэнрэ, ди насыпым къыхэмыхъуэнрэ? Си гум илъыр жысIэн щхьэкIэ, псалъэ дыгъэл мыгъуэ сыхуейщ, а псалъэ дыгъэлыр сэ згъуэтыркъыми, редакцэм къэвгъуэтрэ къытевдзатэмэ, сыкъэфщэхужат». Дохутырыр зыхуея псалъэр сэ къэзгъуэтащ. Мис, еджэ...

Чэфужьыпкъэу мыгупсысэфми, тхьэмадэм и гум къэкIыжащ цIыхубз дохутыр гуэр телефон щхьэкIэ къелъэIуауэ зэрыщытар. Абы къитхар связистхэм я деж иригъэхьыжауэ арати, дохутырым жэуап хуитхыжу Iэ щIидзауи и гугъэжщ, ауэ телефон хуагъэуварэ хуамыгъэуварэ ищIэжыртэкъым, итIани апхуэдизу фIыщIэ къыщыхуищIкIэ хуагъэувагъэнкIи хъунщ жыхуиIэу тхьэмадэм къыжьэдэкIащ:

– Дыхэзыхам дахуэпщылIщ, си къуэш. Уи къалэн Iэпэдэгъэлэл пщIы хъунукъым, пщIыми, къыпхуагъэгъунукъым, – жиIэри телефоным тепсэлъыхьыщакъым.

Ботэхи къызэрокIыпэ:

– ЩIыхубз дохутырым фIыщIэ къыпхуищIым нэхърэ зыкIи мынэхъ мащIэу сэри фIыщIэ пхузощI. Редакторым жесIат: мыбы дыхэIэзэщIыхьыжу и ужь думыгъэт, занщIэу тедгъадзэ, цIыхур дыгъуащ-гъуэкIуащ жаIэмэ, абы и Iуэхур щхьэхуэщ, тебдзэным и пэкIэ псори зэхэбгъэкIын хуейщ, ауэ цIыхум фIыщIэ хуищIу щитхкIэ, занщIэу тедвгъадзэ жысIэри. АрщхьэкIэ идакъым, езы Iэтащхьэм и Iэ темылъу къекIуркъым жиIэри. Иджы уи Iэр къытедзэж гранкэми, гуп зэхэтIысхьэм уи хъуэхъу фIэкIа жамыIэжу тхьэм куэдрэ уи къулыкъум и хъер уигъэлъагъу. Жагъуэгъу зимыIэ жыхапхъэ фIэкIа щыIэкъым, уи жагъуэгъум бжэгъуу я нэм къыщIэуэнущ ар, – жиIэри Ботэх щигъэтащ, и щхьэм хуабжьу хуэарэзыжу. Апхуэдизрэ тхьэмадэм бгъэдэса пэтми, уипхъу Сэлимэ соцIыху сыт жиIэу псалъэ къыхигъэщакъым, езыми сыкъыцIыхуу къыщIэкIмэ жиIэу, тIэкIу гузэвами, хъарзынэу псори зэфIэкIат.

Тхьэмадэм и приемнэм къыщыщIыхьэжам, секретарыр къэгуфIащ, Хъуэжэ жэнэтым ихьэу зыкъригъэнауэ жаIэ, абы ещхьти мы алыхьым дихыжыныр жыхуиIэу.

Корреспондентыр зэрыщIэкIыжу, тхьэмадэм телефон трубкэр къищтэри райсвязым епсэлъащ, избирательницэ гуэрым къитхауэ щыта письмор дауэ хъуат, сыт къырикIуар жери. Зэпса-

лъэм зыц химыщIыкIыу арати, щIэмыупщIэу хъуакъым.

– Депутату сыщыхахар пщIэжыркъэ? Абы щыгъуэ «Си наказыр мыращ» жиIэу къитхати, уи деж незгъэхьат, дауэ пщыгъупща? Тэмэм. ЦIыхубз дохутыр. Къуажэм дэсщ. Хуэбгъэува телефон? Ущымыуэу пIэрэ? ДыкъэбукIащ. Телефон пкъо сыт жиIэу жэуап гуэр къэбгъэхьэзырати Iэ тездзауэ къыщIэкIынщ. Тэмэм, къуажэ Советым кIуэ телефоныр абы и унэм блокI. Хэт и резерв? Уэрамымк Iэ линием хэши, зэфIэкIакъэ? Ик IэщIыпIэкIэ, къыбгурыIуа? Депутат наказ бгъэзащIэу тхы. Нобэ, пщэдей фIэкIа пIалъэ уиIэкъым...

Ти, Iуэхур зэфIэкIыгъуафIэ хъуащ. Ботэх и очеркыр телефон ягъэува нэужь газетым къытемыхуэу япэ къищми ягъэ кIыну-къым. Зы махуэ-махуитI щхьэкIэ зэдэуэнур хэт? Ботэх телефо-ным щIэмыупщIэу къигъэнакъым, связистхэр игъэпIэщIэн щхьэкIэ. ИужькIэ Сэлимэ и адэм пхъум къылъыхъур къищIэмэ, «соцIыху, зэфIэгъэкI зиIэ журналистщ» жиIэнщи и пхъур щыдэ-кIуэкIэ къыпэрыуэнкъым.

Иджы Ботэхрэ Сэлимэрэ щызэрыцIыхуам я гугъу тщIынщ, нэхъ гурыIуэгъуэ хъун щхьэкIэ. Къуажэ школыр къиуха нэужь, Сэлимэ дохутыру еджэну и гугъати, сыт имыщIэми, щIэхуакъым, и анэм къижыхь-нижыхьу Iута щхьэкIэ, Iэмал хуигъуэтакъым. Къыдэ Iэпыкъуну зылIт щыIэр, абы экзамен къеIызыхыр къызэреупщIынур къищIэу Сэлимэ къыжриIэжын хуеяти, къехъулIакъым. Пэжу жыпIэмэ, зэлъэIуари лъэкI къимыгъанэу и ужь итащ: комиссэм хэмыт егъэджакIуэ унэм щIамыгъэхьэххэ щыхъум, пщыхьэщхьэм пкIэунэм ипщхьэри нэху щыху исауэ пщэдджыжьым экзамен къеIызыхынум захигъэпшэхъуэн и гугъати, ректорыр къэкIуауэ къыщIэкIри къыщIихужат. Сэлимэ и пхъэр къикIакъым.

«ЕтIанэгъэ пщIондэ зызгъэхьэзырынщи, сыщIэтIысхьэнщ», – жиIэри Сэлимэ рестораным официанткэу Iууващ. А ресторан дыдэм Ботэх Iутт, и къулыкъур зищIысыр умыщIэми, ресторан псор зи пщэ дэлъыр ара къыпфIэщIу. ЩIалэр нэжэгужэт, гушыIэрейт, цIыхубзым яхыхьэмэ, къыдихьэхырт, дуней зытетыр фIэмыIуэху хуэдэу сытри фIэауант.

Сэлимэрэ Ботэхрэ зэрыщIыхуа нэужь, тIэкIу-тIэкIуурэ тIуми гу лъамытэжу щхьэусыгъуэ гуэр къагъуэтырти, ямыщIэххэу зэхуэзауэ зэхуэзэрт. Куэдыщэ дэмыкIыу Сэлимэ гу зылъитэжащ дэзыхьэхар махуэ имылъагъумэ, хуэзэшу.

Ботэх уригъусэмэ, зэи уеззэшыртэкъым, псалъэмэ, дыхьэшхэну псалъэрт, иригъэлейуи плъагъуртэкъым. Школым щаджа Крылов и басняхэр гукIэ ищ Iэрти, къеджэмэ, умыдыхьэшхыну Iэмал иIэтэкъым, къызэрыщIидзэри мырат: «Роман Крыленского». Щыуа уи гугъэрэ «Крылов» жыпIэми идэртэкъым, езым зы жыIэкIэ гуэр иIэти, тутнакъэщ зэрысам щыжаIэу зэрызэхи-

хам хуэдэу жиIэрт: «Ворона где-то скосила кусманчик сыра голландского (къемызэгъ хэтмэ, дигъэкIырт), тут в аккурат лисица чапала... своя ты, своя и лиди тебя знают, а ты, как фраериха, затырилась ни елку и хаваешь себе в тихую, пульни мне кусманчик сыренского... Ворона с понтом, потому она порченая была...»

Абы едаIуэмэ, Сэлимэ мэхауэ дыхьэшхырт, езы Ботэх мыдыхьэшхыу, жиIэр и фIэщу жиIэ хуэдэт, сыткIи еупщI – зыхимыщIыкI Iуэху щыIэу пIэрэ жыуигъэIэнт, игъащIэм имыцIыхуа хуэзакъэ – и ныбжьэгъужьым хуэзащ жыпIэу, щыгуфIыкIыу еуэршэрылIэу плъагъунт. ИгъащIэкIэ пщIэнтэкъым ар илъэс куэдкIэ тутнакъэщым исауэ, къэмытэджу тхылъ еджэу щыса фIэкIа. Рестораным тетыр Раисэ Муратовнэти, зыхуейуэ Ботэх имыщIэн щыIэтэкъым.

Зэгуэр Сэлимэ къыщIэхуат тумэнитхукIи, гъыуэ щысу Ботэх къыхуэзэри къеупщIат:

– Сыт ущIэгъыр? Къэхъуа щыIэ?

Мыращ-моращ: е сыкъагъэпцIа е сэ сыщыуа – си ахъшэм тумэнитху чэмщ щыжиIэм, Сэлимэ имыдэурэ зыхуэныкъуэр къыIэщIигуэри ежьэжащ, иужьым улахуэ тIэкIур къратати, щIыхуэр иритыжыну щыхуежьэм, Iихыжакъым, сэ ста къеIысхыжыркъым жиIэри.

Ауэрэ, куэд дэкIа, мащIэ дэкIа – Сэлимэ гу зылъитэжащ лъэщыджэу. ИщIэнур имыщIэу къэгузэващ, ущIолъхуэри – уи адэ-анэм къыпхуадэнкъым, улажьэу узыIут IэнатIэри къэбгъэнэн хуей хъунущ, «аборт» жыпIэу уожьэри – хэIущIыIу ухъунщи, цIыхум пхуэфащи пхуэмыфащи жаIэнщ. Езы Ботэхи «укъэсшэнщ» жиIэу псалъэ къыжьэдэкIакъым, къишэххэнуи и гугъэкъым, лIэху щIалэу дунейм тетын и гугъэщ. Хъыджэбзыр щIэгузавэр жиIэн иримыкуурэ зыбжанэ дэкIауэ, уэрамым тIури щызэхуэзащ, зэгъусэу здэкIуэм зы цIыхубз гуэр и лIыр и гъусэу, и сабийри коляскэ дахэм илъу къаIущIащ, къыщыблагъэм «фытекIуэтыт» жиIэри цIыхухъур къэпсэлъащ, коляскэр къажьэхэмыуэу блэкIыну. Ботэх Сэлимэ къыхуеплъэкIри къеупщIащ:

– Коляскэ ущыхуейм унэмысауэ пIэрэ? Сэлими къэуIэбжьа пэтми, и щхьэр къытричу занщIэу жиIэфакъым:

– Любишь кататься – люби саночки возить.

– Ар пасэрейм жаIащ, IэжьэкIэ къыщакIухьым, иджы Iэжьэ къезылъэфэкIыну хуейр хэт? – жиIэу Сэлимэ щызэхихым, къыгурыIуащ, Ботэх бын зэрыхуэмейри, жепIэIакIэ сыт и мыхьэнэр? Сэлимэ нэхъри къэгузэващ, си анэм фIэкIа сызыщыгугъ хъун щыIэу къыщIэкIынкъым жыхуиIэу. Арауэ къыщIэкIынт Iуэхум и пэжыпIэри, сыту жыпIэмэ, Ботэх Iыхьлы, лыджанэ жыхуэпIэм пщIэшхуэ хуищIу щыттэкъым, езым гугъу къыдехьаIауэ илъэгъуатэкъым, быным IэфIыгъэ лъэпкъ и гум

яхуилътэкъым. Ботэх зыпIар и анэшхуэрат. И адэри къызэрегугъуа щыIэу ищIэжыртэкъым, зэгуэр щакIуэ здишауэ щыщыта махуэ закъуэр щымыгъупщэжа щхьэкIэ, абыи IэфIу пылъыр мащIэт: а махуэм Ботэх ерагъыу къиубыда щыхь шыр цIыкIур и адэм къемыупщIуи сытуи иукIри хьэщIэ къэкIуати, яригъэшхыжат. ЩIалэ цIыкIум ар и жагъуэ хъуауэ, махуищкIэ гъат.

А махуэм къыщыщIэдзауэ и адэм хузэгуэп хъуат. Абы нэмыщIуи, и анэмрэ и адэмрэ зэмызэгъыу, зэфIэнэмэ, куэдрэ зэмыкIужу, мазэкIэ зы псалъэ зэжрамыIэу Iэджэрэ къэхъурт, щIалэ цIыкIури зыгуэрым щIэупщIэн иримыкуу.

И анэр и лIым пщэдджыжьым хуэпщэфIамэ, шхыныр стIолым хутригъэувэнти, псалъэ жимыIэу щIэкIырти ежьэжырт, и адэри шхын гъэхьэзырар щыту ишхырти и Iуэху и ужь ихьэжамэ, жэщ хъуху къигъэзэжыртэкъым. ИкIэм икIэжым и адэ-анэр зэIэпыкIыжри ежьэжащ.

Ботэхи и псэр и адэ-анэм дауэ якIэрыпщIэнт? Къепсалъи, къедэхащIи, къэзущиини щыIэтэкъым анэшхуэм фIэкIа, и щхьэ закъуэ и лъакъуитIу дунейм тетт, школым сокIуэ жиIэрэ портфелыр дилъэфрэ дэкIамэ, тхылъхэр зыдэлъ портфелыр зы щIыпIэкIэ дидзэрти, къуейщIейуэ здэмыкIуэ щыIэтэкъым. «Фи щIалэр дахэ-дахэу еджэркъым урокым къыщымыкIуэ куэдрэ къохъури и Iыхьлыхэр фыкъакIуи дызэвгъэпсалъэ», – жаIэу школым къаIуэхуа щхьэкIэ, хэт кIуэнт: псоми я щхьэ Iуэху зэрахуэ, анэшхуэр кIуэ щхьэкIэ, мыхьэнэ иIэкъым.

Абыхэм я гугъу дымыщIыххэми, сабий быным уахэсмэ, дзыгъуэм уахэс хуэдэщи, мычэму гъэшхэн хуейщ жиIэу, арат Ботэх бын щIыхуэмейр. Быным гу хагъахъуэрэ, хагъэщI фIэкIа? Тхъэжу псэум яхуэфащэщи, бын ягъуэтмэ, я гур хохъуэ, нтIэ ахэр иребагъуэ: «Мазэу щызыр я нысэу, къашэм дарий кIэпхыныр яIулъу, щIалэ къалъхуамэ, ягъасэу».

Ботэх зэгупсысым дихьэхыжати, и закъуэпцIийуэ уэрамым дэт къыфIэщIыжат.

– ЛIо, щым ухъуай – жиIэри Сэлимэ Ботэх зэгупсысар къызэпиудащ.

– Уэри ущымщ.

– Сэ жысIэнур жысIащ, уэ жыпIэнум сыпоплъэ.

– Iэжьэ цIыкIум сыщIэпщIэнуи?

– УщIэсщIэну, тхьэ!

– Сышыемылыджщ, тIасэ! Шы емылыджыр щIэпщIэмэ, уигури уи Iэжьэри зэпкъриуду уэри къуэкIийм удидзэнкIэ мэхъу. ПщIэрэ ар уэ? Ди пыIэр щхьэрыдгъэхи дыгъэгупсысэ. Узэчэнджэщын щымыIэм, уи пыIэр щхьэрыхи, ечэнджэщ жиIащ пасэрейм. Уэ узэчэнджэщын уиIэщ алыхьым и шыкуркIэ.

– Хэт?

– Си анэм дегъэчэнджэщ. Iэжьэ цIыкIум Iуэхур щынэсам деж хъыджэбз псори абы деж кIуэуэ щытамэ, зы коляскэ уэра-

мым дэту плъагъунтэкъым. Коляскэ зыщI заводым щылажьэхэри факъырэ Iус къыхахыу ежьат.

– НтIэ, сэ факъырэ Iус къыхэсхыу себгъэжьэжыну ара узыхуейр? – жиIэри Сэлимэ и гур къызэфIэнащ, лэжьапIэ здэкIуэм къыкIэрыху хуэдэу псынщIэуи ежьащ, къыщиуду гъын къудейти, ерагъыу зызэтри Iыгъэжат. «КъыскIэлъыкIуэу пIэрэ?» – жиIэу зэпхыдэIукI щхьэкIэ, Ботэх и лъэ макъ зэхихыртэкъыми, и нит Iым нэпсыр щI эзу здэкI уэр имылъагъуу зыхуэзэм едэмэпкъауэрт. Рестораным нэмысыпэу, Ботэх лъэщIыхьэри къигъэувыIащ:

– Зэ умыпIащIэ. БжесIэм къедаIуэт.

Сэлимэ зыIэщIиудри ежьэжащ. АрщхьэкIэ Ботэх IэщIэкIа иджыри къэс къэхъуатэкъым, пхъуэри хъыджэбзым и дамэр иубыдащ.

– СутIыпщ.

– БжесIэм къедаIуэт, зумыхъунщIэу. ХьэщIэ къыщедгъэблэгъэну махуэр къэсакъым иджыри. Си дежкIэ иджыри дунейр и пIэ иувакъым. Дискомфорт защI эщ. КъыбгурыI уа? Уи адэр етхэуэнкI э мэхъу, сыкъиицIыху пэтми. Ди Iуэхум щыгъуазэ сщIакъым, ар пэжщ, ит Iани плъагъурэ – хьэI усыпэ зратым щыщщ, «сэ схуэфащэ малъхъэ сэ къэзгъуэтыжынщ» жиIэрэ и лъабжьэр фIигъанэмэ, ди пыIэкур къриудакъэ? «Дунейр зыгъэдахэр зэпылъитI зэрышэрщ» жиIэу уэрэд зыусар кууэ хэплъа жыпIэмэ, хэплъащ, ауэ а «зэпылъитIыр» уэрамым екIуэлIапIэншэу дэтмэ, дунейр ягъэдэхэнукъым. ДыбгъэпIащIэу Iэхъулъэхъу ди Iэм, ди лъэм идумыгъэлъхьэж.

– Иджытэкъым абы ущегупсысын хуеяр.

– Iэхъулъэхъу мыгъуэр бгъэунэхуакъым. Сэ згъэунэхуащи, Алыхьу лъэщым сыщышынэркъым абы сызэрыщышынэм хуэдэу. Ди чэнджэщ уи анэм етхьэлIэ мыхъунуи щIы – сэ къэзгъуэтынщ Iэжьэ цIыкIум и унафэр зыщIын. Хьэрэм тIэкIу зымыш щыIэкъым, си псэ, яхуэпшийр яфIэмащIэмэ, «Iы-Iы» жа Iэ щхьэкIэ, нэхъыбэ Iуэ якъуэбдзэмэ, уи хьэр псафэ пхуашэнущ. Сэ схузэфI экIыр зыхузэфIэкIыу си цIыхугъэм яхэтыр зыщ.

– Хэт?

– Алыхьыр. Дэ тIур дызэакъылэгъущи, узыхуейр жыIэ закъуэ – зэф Iэдудынущ. КъыбгурыIуа?

А махуэр Сэлимэрэ Ботэхрэ зэхуэмызэу екIуэкIащ. Сэлимэ гу къылъамытэм нэхъ фIэфIти, зэрыщытам хуэдэу зигъэнэжэгужэу, Iэ псынщI э-лъэ псынщ Iэу жаI эр ищI эу рестораным щI этащ. Зы махуэ дэкIри Ботэх и анэ игъащIэм рестораным къыщIэмыхьар къэкIуащ, Сэлимэ и стIолхэр здэщытыр и къуэм къыжриIа хъунти, занщI эу тIысащи, хъыджэбзым йоплъри щысщ. Сэлимэ бгъэдыхьэу еупщIыну и лъакъуэр щIэкIыркъым, нэгъуэщI официанткэ игъэкIуэнущи, къеупщIынкIэ мэхъу: «Уэ

ущхьэхрэ?» – жиIэу. Ботэхи къыщIэплъэри зигъэкIуэдыжащ, шэч хэлъкъым, зэанэзэкъуэр зэгуры Iуащ зыгуэркIи, Сэлимэ закъримыгъэлъагъуу хъунукъым. Пыжьынэ и нитIыр зыщIыпIэкIэ плъэ къыпфIэщIми, «кошелкэм» игъэхъур Сэлимэти, къыбгъэдыхьащ.

– Шей тIэкIу къысхуэхьыт, хъыджэбз, – щыжиIэм, Пыжьынэ «хъыджэбзыр» жыIэкIэ Iейуэ жиIэри къызэпиплъыхьащ, и нэгум къимыплъэу.

– Шейм сыт щI ыгъуу?

– Хьэлыгъуанэ.

Ресторэным игъащ Iэм къыщI ахьауэ къыщIэкIынтэкъым хьэлыгъуанэ, итIани «диIэкъым» жыпIэу дауэ жепIэнт? Сэлимэ псынщIэу къыI уигъэзыкI ри зихуэпащ тыкуэным жэуэ хьэлыгъуанэ къищэхуну, здэкIуами щымыIэу къыщIэкIри къигъэзэжащ печенье тIэкI у къищэхури. Аркхьэк Iэ къэсыжрэ плъэмэ – апхуэдизу зыхуэгузэвар бгъуэтым къащтэ.

Пщыхьэщхьэм хэкIуэтауэ Сэлимэ къэкIуэжат я унэми, и пэш цI ыкIум зиущэхуауэ щIыхьэжри гъуэлъыжащ, сышхэни сыти жимыIэу. Шэч хэлътэкъым, Пыжьынэ шей стэкан щефэн имыгъуэту ресторэным къэкIуатэкъым, Сэлимэ и Iуэхур здынэсар зригъэлъагъуну арати, къызэпиплъыхьри щIэкIуэсыкIыжащ, къищIэну зыхуеяр къищIэри.

Жэщым нэху щыху Сэлимэ жейм езэгъакъым, зигъэджэрэзу, щэIуу пIэм хэлъащ. ХэкIуэтауэт лэжьап Iэм щыкIуэри, пщэдджыжьым куэдрэ хэлъащ, и анэр къыщIыхьэмэ, жейнэпщI зищIу. И адэр къыщIыхьэххэу и хабзэтэкъым.

ЛэжьапIэм къызэрысу Ботэх хуэзэн и гугъа щхьэкIэ, щIалэр щымыIэу къыщIэкIащ, ипщэкIэ кIуэрэ кIапэ зыпыт мэл фIыцIэ къищэху и хабзэти, абыкIэт здэкIуар, пщыхьэщхьэ хъуху къимыгъэзэжыну. Сэлимэ и псэм ищIэрт мэлышэ ар зэрымыкIуар. Тхьэм ещI э Пыжьынэ и къуэр здигъэкIуар, дэнэ игъэкIуами, мэл Iуэхукъым абы зэрихуэр, Сэлимэ и Iуэхущ армыхъумэ.

ЕтIуанэ махуэм Ботэх залым къыщIыхьащ, Сэлимэ лъэныкъуэкIэ иришэкIри щэхуу къыжриIащ:

– Пщэдей фIэкI пIалъэ имыIэу директорым елъэIуи махуищкIэ зыкъегъэутIыпщ.

– Сыт щхьэкI э?

– ЗыщIыпIэ дыкIуэнущ. КъыбгурыIуа? Къытпоплъэ дыздэкIуэнури.

– Дэнэ дыздэкIуэнур?

– Iэжьэ цIыкIум исын дыхуейкъым. КъыбгурыIуа?

ЕтIуанэ махуэм пшапэр зэхэуауэ Ботэхрэ Сэлимэрэ машинэм итIысхьэри ипщэкIэ дэжеящ. Ботэх нэжэгужэт, гушыIэрейт, Сэлимэ гузавэрти, гушыIи сыти и нэм къихьыртэкъым, и псэм ищIэу къыщIэкIынт и мурадыр къызэремыхъулIэнур. Пыжьынэ зыхыхьа псыр игъащIэкIэ жэбзэжынутэкъым, Ботэх

и анэм щыгугъа щхьэкIэ.

Пыжьынэ къэзыгъэгугъа дохутырыр къегугъущакъым: клинико-лабораторнэ, серологическэ анализ сыт жиIэу и ужь итакъым, сымаджэри операцэм хуагъэхьэзыру емылIалIэу цIыхубзыр занщIэу унэм щIишащ, бжэр къигъэбыдэжри криминальнэ абортым и ужь ихьащ, мэлым иц ищын хуэдэу зыми гугъу демыхьу. «Тхьэмахуэ пщыкIуий мэхъу уэндэгъу сыхъуауэ гу зэрызылъыстэжрэ», – жиIэу Сэлимэ и Iуэхур зыIутыр гуригъэIуа щхьэкIэ, ари къыфIэIуэхуакъым, медицинскэ картэм аборт щIэщIын хуейр, и щIыкIэри иритхэнуи и хьисэптэкъым, къэхъу-къащIэIамэ жиIэу абыи тегузэвыхьакъым.

ЦIыхубзыр мызэ-мытIэу къэмэхащ, операцэр зэпимыгъэууэ хъуакъым, мастэ хиIуурэ зыкъригъэщIэжащ, аргуэру хирургическэ стIолым телъыр лъыр къыкIуэцIыжу къызэфIэлIэри дохутырыр къэгужьеижащ, икIи къыгурыIуа хъунт и мурадыр къызэремыхъулIэнур, бжэр къыIуихри и нитIыр къыихуу щIалэм къеджэри щэхуу жри Iащ:

– Мыбы уеIусэж хъунукъым, бгъэгуваукъэпшащ.

Ботэх IэплIэкIэ цIыхубзыр щIихыжу машинэм иригъэтIысхьэжа щхьэкIэ, къэгузэва хъунт гъуэгум къыщцыщцыщIамэ жиIэу. Аргуэру къищтэщ хъыджэбзри, дохутырым деж къихьащ:

– Мыр псэууэ схуэшэжыну си фIэщ хъуркъым.

Дохутырыр Iэпэлъапэсыс хъуами, мастэ къыхиIуащ, зыгуэрми къригъэпэмащ, лъыр къыхуэгъэувыIэркъым. Сэлимэ къызэфIэлIэпащи, лIит Iри гужьеящ, зэпхъуэнур ямыщIэу къажыхьнажыхь, дохутырым пщIэнтIэпсыр къохуэх, хущхъуэ ехьэлIэн хуейр имыгъуэту.

Сэлимэ зыкъищIэж хуэдэу щыхъум:

– Шэж иджы, сэ схуещIэн щыIэкъым, унэм щIэлъурэ хъужынщ, – жиIащ дохутырым.

Ботэх емыдауэ сыту хъыджэбзыр машинэм ирилъхьэжауэ зыгуэр и гум къэкIыжри къигъэзэжащ:

– Щыкъун тIэкIур зыщумыгъэгъупщэт, – жиIэри. – Сэ уэстар ара уи гугъэ сызыщIэупщIэр? Уэстам хуэдэу пщIы къытелъхьэ мыдэ. Къытомылъхьэрэ – «тумэн» нэхъ мащIэу къыплъысу судым яхуэздэнкъым. ЛIо уи гугъэр – цIыхубзыр бгъалIэ пэтащ, уи насыпти, лIакъым, лIатэмэ, уи псэр си IэкIэ хэсхынт. КъыбгурыIуа? Уэ зэхэпфыщIар нэгъуэщIым тумэнипщIкIэ зригъэзэхуэн уи гугъэ! Къащтэ мыдэ зы «Iыхьэ» – сом миным сом мычэму.

Дохутырми зыкъритIащ.

– Дэнэ сом мин къыздисхынур? ТумэнипщI къызэптащи, мэ, – жиIэри ахъшэр къишиящ.

– Миным сом чэму къыпIысхынукъым жысIакъэ? Уимы-

Iэмэ, къэгъуэт. Къыумыгъуэтрэ – сожьэжри пыIэбгъуэхэр си гъусэу къызогъэзэж. Мес, цIыхубзыр машинэм илъщ, цIыху хъужын-мыхъужыну, ялъагъумэ, уи халат хужьыр чэтэн робэкIэ уэзгъэхъуэжынщ.

Дохутырми къыгурыIуащ а щIалэр зэрымыджэгур, щIэкIри куэдрэ мылъыхъуэу ахъшэ щIыхуэ къищта хуэдэу къихьри къыхуишиящ:

– Мэ мин. Сыкъэплъэгъуакъым, услъагъужакъым, зегъэхь, – жиIэри. ЩIалэр Пыжьынэ и къуэу ищ Iэххакъым, езы Ботэхи пIащIэрти, запискэ тIэкIу итхар щыгъупщэри къежьэжащ, щIэмыупщIэжу.

Сэлимэ зыкъищIэжа хуэдэу щыт пэтми, сымаджэ хьэлъэ хъуащ, машинэм здисым зэм къэмэхрэ Ботэх игъэгужьейуэ, зэм гурыму, и щхьэр дэнэкIэ иригъэзми, темызагъэу, щэIуу, къугъыу. Ботэхи «мыр нэзмышэсыжу къысфIэлIэмэ, сыхэкIуэдакъэ», – жиIэу машинэр къигъэувыIэрти, бжэр зэлъыIуидзауэ хъыджэбзыр игъэбауэрт. «Сэ схузэфIэмыкIын щыIэ» жиIэу зыкъыфIэщIыжауэ псэуа щIалэм и фIэщ хъуат хузэфIэмыкIыни зэрыщыIэр.

Абы и ужькIэ цIыхубзыр сымаджэщым къыщIэхуащ, и насыпыжьти, Анапэ сымыкIуэ щIыкIэ сыкъагъуэтащ, зы махуэ дэкIатэмэ, си Iуэхут, сэри сыкъагъуэтым. Абдежым Ботэх и кIэныр къимыкIами, абы зэфIэгъэкIыу иIэр пщIэн щхьэкIэ, сэ къысхуищ Iа Iуэхутхьэбзэ гуэрми и гугъу сщIынщ.

Сэлими хуэтщIэнур хуэтщIауэ, езыри дэкIуэри ежьэжауэ бэлыхьлажьэм сыхэтщ, зым сыкъыхэкIым, нэгъуэщIым сыхэхуэу, си щхьэр здэсхьынур къысхуэщIэртэкъым. Сэри занщIэу гу лъыстакъым жьыр къыздепщэм. Нартыхум деж сашэу прокурорым сэр щхьэкIэ итхар кIэпIейкIэ и мыуасэу къыщыщIэзгъэкIым, тхьэм ещIэ, къыскIэщIэтхыхьа прокурорыр ХьэфIыцIэ и къыдыру ягъэлъа – си ужьым къихьащ «сэ хабзэ сщIэрэ сымыщIэрэ уэзгъэлъагъункъэ», – жиIэри.

Зэгуэр сымаджэщым жэщитI-махуитIкIэ сымаджэ хьэлъэм сыбгъэдэсауэ, сешаселIауэ къызогъэзэж къуажэм, ди пщIантIэм сыдыхьэжмэ, си хьэпи-си шыпи пщIантIэм дэлъщ. «Мыр сыт къэхъуар – мафIэ къыфщIэна?» – «Хэт и мафIэ, унэр ууеижкъым, уи хьэпшыпыр дэшыжи дэкIыж». – «Ар сыт щхьэкIэ, хамэхьэ къакIуэу унэхьэр ирихуа?» – «Хэт урихуами, унэр зейр дэращ, мис судым я унафэр, мис къызэрытщэхуам и документхэр». Тхылъым сеплъмэ – зэрыжаIэм тетщ. Тызодзэри апхуэдэу унафэ зыщIа судым я деж сокIуэ – сызэрагъэпсалъэркъым: «Уэ къалэм фэтэр ущиIэщи, фэтэрым щIэс». Районым сокIри нэхъыщхьэм я деж сокIуэ – дыхэплъэнщ, жаIэри сыкъагъэгугъэ, арщхьэкIэ зыц къикIыркъым, аргуэру сотхьэусыхэ – хыв хьэ ебэнауэ сакъыщыхъуркъым. ИтIанэ къызгурыIуащ хабзэр зезыхьэ къомыр зэпыщIауэ уапэлъэщ зэрымыхъунур. Нартыхум деж

сокIуэри – абы сэ къысхуищIэн щыIэкъым, Мэзкуу си щхьэр схьынщи, сытхьэусыхэнщ жысIэри си гур кIуэдыпауэ фэтэрым-кIэ сыкъэкIуэжу Сэлимэ сыкъыхуозэ.

– Сыт ухуэдэ, Дэфэрэдж Шагировнэ?

– УщIэмыупщIэ – хьэлэчщ.

– Сыт мыгъуэ къэхъуар? Сэбэп сызэрыпхуэхъун щыIэмэ, дунейм теткъым сэ пхуэзмыщIэн.

– Тхьэр арэзы къыпхухъу, си хъыджэбз цIыкIу, абыкIэ сышэчкъым.

– Тхьэ, мыхъуа ар. Сыт мыгъуэ къэхъуар?

Абдеж Сэлимэ лъэныкъуэкIэ изошэкIри си Iуэхур къызэрекIуэкIар жызоIэ. Анапэ сымыкIуами, Мэзкуу сыкIуэну мурад зэрысщIари гурызгъэIуащ. Ти, ди Iэ зэрубыдыжри дызэбгъэдэкIыжащ. Си гузэвэгъуэр Ботэх жриIэжыну си гугъэххатэкъым, жриIами, абы сэ сыт къысхуищIэфын, телефон схуригъэшати, ари хамэм япэщIэхуащ. АрщхьэкIэ сэ си гугъам Iуэхур къыщыщIэкIакъым.

Сэлимэ жиIэм Ботэх едаIуэри:

– Хабзэншагъэр зыкъутэр хабзэншагъэщ, – жиIащ, езым и Iуэху зехьэкIэм къекIуу зыгуэр къигупсысащ, кIыхьлIыхьи имыщIу къигъуэтащ милиционеритI (зыри фщIэнукъым, фыщыту зыкъевгъэлъагъу закъуэ жиIэри), телекамерэ яIыгъыу зы бригадэ, езым нэмыщI щIалищ – а гупыр машинэм иригъэтIысхьэри ди унэм кIуащ. ЗэупщIи сыти хэмыту милиционеритIыр иувыкIащ, телекамерэри ягъэуващ, езы Ботэх «си унэр зыщэхуам» яжриIащ: унэр хабзэм тету къэфщэхуфакъым, Iэмалхьилагъ хэлъу къэфщэхуащи, хэIущIыIу фытщIыну, мес, телевиденэр къэкIуащ, иIэ фи хьэпшыпыр унэм къыщIэфхыжи, унэр къызытефхам и хьэпшыпыр щIэдгъэувэжынщи, бжэми IункIыбзэ еттыжынщ. Фэ бжэр аргуэру фкъутэжынщ, дэ щIэдгъэувэжа унэлъащIэри зэтевгъэщащэу къыщIэвдзыжи, унэм фыщIэтIысхьэж. Модрейхэм жаIэм пэмыплъэу унэм яфIыщIэпщхьам и хьэпшыпыр къыщIахри Ботэх зэрыжиIа дыдэм хуэдэу ящIащ, телекамерэри траубыда нэужь, Ботэх командэ ет:

– Феуэ иджы бжэм, щхьэгъубжэр хэвуд! Унэр зыщэхуам загъэхъейркъым, Ботэх ятокIие зэлIзэфыз гужьеям, – фыщIэтIысхьэж иджы фи унэм!

Абы ирихьэлIэу сэри сыкъэсыжмэ – псори зэфIэкIащ: си унэм щIэсар докIыж и хьэпшыпыр дешыжри, сэри си унэм сыкъонэж. Апхуэдиз бэлыхь сыхэзыгъэта прокурорми судми заущэхуж, зыри къэмыхъуа хуэдэу. Унэм и уасэр Iызыха къуажэ Советми ахъшэр къезытам яретыжри, судым ящIа унафэр нобэр къыздэсым кIэпIейкIэ и мыуасэу къэнэжащ.

Дытещхьэрыук Iыу си анэшхуэм я хъыбар зэпыдгъэуами, къытедгъэзэжынщи, ар и кIэм нэдгъэсмэ, нэхъыфIщ. Си анэшхуэр Истамбыл къыдэнауэ уIэгъэ хъуа хьэжыхэм еIэзэу

щыдэсам, ахэр зыщIэса унэр зея Гуащэ къиIуэтэжауэ гъэщIэ-гъуэн гуэри щыIэщи, абы къыщыщIэддзэнщ.

* * *

Шапсыгъ адыгэу кхъухьыпщ цIэрыIуэ гуэр щыIэт жи, тенджыз Iуфэм Iус къэралу здэмыкIуэф щымыIэу, лIыгъи хэлъу ахъырзэман гуэрт. Гуащэ илI Мырзэ ермэлы цIыхуу Алыхьыр зэуа къомым яхэплъэу хъыджэбз цIыкIу игу ирихьар къахишын зэригугъам хуэдэу, кхъухьыпщыр пщылIу, унэIуту кхъухьым изу яхэплъати, и нэм зы хъыджэбз цIыкIу къыфIэнат. «Мыр къэхъумэ, тхьэIухуд хъунщ», – жиIэри къахишат, кхъухьыпщми пэрыуэн кхъухьым истэкъым.

Кхъухьыпщым физ иIэ пэтрэ, хъыджэбз цIыкIур ин хъумэ, тIуанэ тесщIэнщ жыхуиIэу и унэм къишэри къыщIигъэ-тIысхьащ, езыри шэсри ежьащ, хъыджэбз цIыкIур зыпIын цIыхубз IэкIуэлъакIуэ къищэхуну. Зыхуейм хуэдэ щIэупщIэурэ, ХьэфIыцIей кIуэри зы унэIут цIыхубз къыхуагъэлъэгъуати, игу ирихьри ари къишащ. Кхъухьыпщыр ежьэ-къекIуэлIэжу псэурт, атэлыкъ цIыхубзыр IэпщIэлъапщIэ къудей мыхъуу, хъарзынэу уэрэд ищIэрт икIи жиIэрт, хъыджэбз цIыкIур адыгэ хабзэм щыгъуазэ ищIырт, щэн дахэр, хьэл дахэр хэлъхьа зэрыхъуным и ужь итт. Ауэрэ илъэс Iэджэ дэкIати, хъыджэбз цIыкIури тхьэIухуд хъуащи, къэзылъагъур къыдехьэх.

Ти, лIым и физым тIуанэ трещIэ. Ежьэу адэкIэ-мыдэкIэ кIуэурэ хьэпшып къыщишэкIэ и физ нэхъыщIэм нэхъ хуэ-гумащIэу къыхуимыщIэ щыIэкъым, фIыщэу елъагъури. Ар зыпIа унэIут цIыхубзри унэм исщи, ипIа цIыхубзу набдзэ зытетым я нэхъ дахэм къыкIэлъыплъ зэпытщ, пщыр унэм имысмэ, Iэджэм гу лъригъатэу, и нэу, и псэу елъагъу, хъы-джэбзыр щысурэ щхьэукъуэмэ, къимыгъэушу уэрэд хужеIэ:

*Жей, си гуащэу си пщылI щылъху.*
*Къэзылъхуари зыхуэпщылI.*
*ЛIышхуэ къакIуэр уи Iэубыдщ,*
*Бжэкъуагъыжьым къуэлъ жыхапхъэрщ*
*Уянэм и Iэр къэзубыдыр…*

УнэIутым и уэрэдым щIэлъ а псалъэм цIыхубз щIалэм гу лъимытэ и гугъами, кхъухьыпщыр къэкIуэжауэ и физ щIалэм щыхуэзэм, къеупщIа хъунт дауэ фыпсэурэ сыт жиIэуи, жри-мыIэу къэнакъым унэIут цIыхубзым и уэрэдыр. Пщэдджыжьым пщым иреджэ унэIут цIыхубзри, къоупщI: «Мыбы урианэ?»– жеIэри. Модрейми щIибзыщIын щыIэтэкъыми, къригъэдэIуащ я Iуэху къызэрекIуэкIам: хъыджэбз цIыкIур и анэм шхупщIатэхьэ

игъэкIуауэ дыгъурыгъум япхъуатэри ящауэ арат, хьэблэр зэ-рыхьэблэу кIэлъыпхъэра щхьэкIэ ямыгъуэту. Иджы зэанэзэ-пхъур зэрыгъуэтыжауэ кхъухьыпщым и унэ щIэсщи, я дуней гуфIэгъуэщ.

Аращ цIыхубз насыпыр: пшэм хуэдэу IупщIу плъагъуми, уеIэбкIэ къыпхуэубыдынукъым, жьапщэ къэхъумэ, жьым зэре-хуэ, дунейр уэммэ, зэм хужьщ, зэм фIыцIэщ, итIани уэшхыу къешхрэ удз къэзыгъэкIыр пшэр аращ, гъэмахуэ хуабэм дунейр дыгъэм щисыжым пшэ тIэкIу къытрихуэмэ, псэ зыIут псоми я гум жьы дехуж.

Ермэлы хъыджэбз цIыкIуу пшахъуэщIым икIуэдам хуэдэ дапщэ, псэуами зыщIэ щымыIэу, дунеижьым къытехьэрэ, гу щамыхуэу текIыжу. Аристотель жиIауэ щытащ: «Насып зиIэр арэзыуэ дунейм тетырщ», – жиIэу. ЦIыхубзыр сытым арэзы ищIын дунейм къытехьэрэ зы махуэ гуфIэгъуэ имыхуэу текIыж-кIэ. Езы цIыхубзым игуэшыжрэ?

Уарэзыуэ дунейм утетын щхьэкIэ, фIыгъуэу телъым щыщ къыплъысын хуейщ, дыгъэмыхъуэ защIэу уи гъуэгур, лъапэдэ-гъэзеигъуэу, лъапэзэвыпIэм уиту, уи нэм къихь щымыIэу, ухъуапсэ защIэу – ар гъащIэ?

А псом ищ IыIужкIэ хэкукъутэр къалъысамэ, я унэ, я жьэгу ябгынэрэ я бын яхуэмыгъэшхэжу, яхуэмыхуэпэжурэ Iисраф хъуурэ – тобэ ярэби, сыту куэдыщэ цIыхум я фэ дэкIрэ!

Дыуэ ирагъэтхри лъахъстэн фIыцIэм кIуэцIыдауэ сабийм пщIэхалъхьэ, нэ къытехуэнкъым жаIэри. ЦIыхум зи нэ къыте-мыхуэ щыIэ: къэзылъхуа и адэм и нэ къытехуэнкIэ мэхъу, уна-гъуэм яшхын ямыгъуэту гузэвэгъуэ къалъысамэ. И адэм и пхъум и Iэр еубыд, дешри зыщэхум ирещэ, къэнам яригъэшхын къихъуэжын щхьэкIэ. И дэлъхур Iэщэ хуэныкъуэмэ, и шыпхъур дишрэ зэхъуэпса Iэщэр къихъуэжынкIэ мэхъу, къыпэрыуэнIауэ хуиткъым: «Си шыпхъущ, сызэрыхуейуэ сощI», – жиIэнщи зэфIэкIащ. Ижь-ижьыжкIэ хабзэу цIыхум яхэлъщ: зэлIзэфызыр бын щхьэкIэ – къуэ ирехъу, пхъу ирехъу – гумэщIэныр къемы-зэгъыщ. Ар къызыхэкIыр нэгъуэщIкъым: сабийр къэхъурэ пщэн хуей хъумэ, нэхъ пыкIыгъуаф Iэу уи гум пыкIынущ, уеблэмэ атэлыкъым иратрэ сабийр балигъ хъухукIэ нэгъуэщI щIыпIэ щыIэмэ, щыужыххэрти быныр къэзылъхуар нэгъуэщI хуэдэу, къащыщIаIамэ, ял мыузу дунейм тетт. Хъыджэбз цIыкIухэри тIэкIу къэжэпхъакъэ – къагуроIуэ я Iыхьлым куэдрэ бгъэдэсу зэрыщымысынур. Яшэмэ, унагъуэ къулей гуэрым ихуэу зыхуэ-ныкъуэ щымыIэу псэун къафIэщIырти, «дашэнуми, зэ дашащэрэт» жаIэу хъуэпсэн пасэу къыщIадзэрт, зыщIэхъуэ-псыр къызэхъулIэнур миным щыщу зы закъуэ фIэкIа мыхъуми. Адыгэбзэ къудейр къащтэ: «яшащ» жаIэ хъыджэбзым щхьэкIэ, «нысэ къашащ» жаIэнщи, зэфIэкIащ, хьэпшып гуэр къаша хуэдэ, «дэзыхьэха щIалэм дэкIуащ» жаIэркъым, апхуэдэ

къыщыхъур зырызэххэщи. «Нысэ» жиIэмэ, хьэрыпыбзэкIэ хъыджэбз жиIэу аращ.

Адыгэ цIыхубзым сыт фIыуэ яхэлъ? Я лIыр ягъэтынш, унагъуэр IэкIуэлъакIуэу зэрахьэф, бын япIыф, щIыкIафIэщ, хабзэ дахэ яхэлъщ, лэжьэрейщ, псэемыблэжщ. Ящэну нэгъуэщI щIыналъэ яшауэ «сыт лъэпкъ» жаIэу къыщIэупщIэмэ, «адыгэшщ» жаIакъэ– нэхъ ящэху. Iэпхъуэ защIэу хьэблэр губгъуэм итмэ, пщыIэ зыщIу тIысыжыр цIыхубзыр аращ, цIыхухъум цIыхухъу зэрахуэу губгъуэм итщ . Къамыл иту къагъуэтакъэ – къахьри арджэн ящI, щIэп ятхъ, ядж, чэтэн ящIри я сабий яхуапэ, выфэр яIуэтурэ щабэ ящIри гуэншэрыкъ яд – цIыхубзыр нэхущым къотэджри жэм шыным деж къыщыщIедзэ, и бынунэр мыгъуэлъыжауэ гъуэлъыжыркъым, Iэдэхьеигъуэ имыхуэу махуэр ехь. Адыгэ цIыхубз псори бынунэ хъууэ щытатэми?! Адыгэм я щIыналъэ яхъумэжыфын дэнэ къэна, Iэджи яхузэфIэкIыфынт, арщхьэкIэ я цIыхубзым щысхьакъым, къулейсызыгъэ къалъысамэ, зэфIэкIат, нэгъуэщI зэIэбын яIэтэкъыми, зыщэхум иращэрт. Истамбыл деж къыщыщIэдзауэ дэнэ къэрали кIуэ – адыгэ цIыхубз ухуэзэнущ е бынунэу псэууэ, е унэIуту зыщIыпIэ Iуту. ЦIыхубзу къалъхуакъэ – я натIэ илъыр зыщ.

Гуащэ зыхэту ХьэфIыщIей даша хъыджэбз цIыкIу къомыр хэщыпыхьауэ дахэ защIэт, дагъуэ хуэпщIу къахэбдзын яхэмыту. Кхъухь зэрысар зы Iеижь цIыкIут, хъыджэбз цIыкIухэр игуауэ изти, Истамбыл нэсу «фыкъикI» щыжаIам, Iэджэм я лъакъуэр къыщIэувэжыртэкъым, хьэлъакъуиплIу зепщыпщэрт. А цIыкIухэр «зи насып къикIам» ящыщу къыщIэкIынти, занщIэу унэшхуэ гуэрым яшащ, жыг хадэшхуи и Iэу. Апхуэдэ уни хади хэт илъэгъуат – щыIэххэу ящIэххакъым, щIапIэшхуэр мывэ сэрей лъагэкIэ къэщIыхьауэ арат. ТIэкIу загъэпсэхуа нэужь, фыз Iэзэ гуэр къакIуэри псоми къеплъащ зрагъэтIэщIурэ, итIанэщ хьэмэмым щашар.

Ари сыт хуэдэ хьэмэмт? Мывэ хужь дахэкIэ къищIыкIат псори, къабзэлъабзэт, псы щIыIи псы хуаби гъунэжт.

Фызхэр мывэ шэнт дахэм тесу хъыджэбз цIыкIу псоми къеплъащ, къагъазэ-нагъазэурэ, я жьэр зэтрырагъэхырти дзэ Iутыр ябжу, анэл ялъагъумэ, Iэпэр тракъузэу. Щхьэц ухуэнар зэпкърагъэлъэлъурэ абыи еплъырт – и кIыхьагъым, и Iувагъым. «Уи кIуэкIэр дыгъэлъагъу», жаIэмэ, уи зекIуэкIэр ебгъэлъагъуни хуейт, зи зекIуэкIэ ягу ирихьа куэд къахэкIакъым. Гуащэ нэхъ дахэу зекIуэм яхэхуат.

ХьэмэмыМ зыщагъэпскIа нэужь, хъыджэбз цIыкIу къомым дэрбзэр къыхуашащ щыгъын дахэ хуадыну, зыхуадым ек Iуу икIи хуэф Iу. Хъыджэбз цIыкIухэр нэхъри нэхъ дахэж хъуащ, дарий бостей дахэр щатIэгъати, езы цIыкIухэри зэплъыжмэ, зэщыгуфIыкIыжырт. Гуащэ и закъуэу къыщIэкIынт адыгэ фащэ

щыгъар зэрыIахар зи жагъуэ хъуар, адрейхэм ящыгъа щIагъуэ щыIэтэкъым.

Ягъэшхэну ягъэтIысмэ, я ныбэ изу ягъашхэртэкъым, шхыныр IэфIу ягъэхьэзыр щхьэкIэ, дзэкъэгъуищ пшхакъэ – зэфIэкIащ, нэхъыбэ къуатынукъым. Я унэм щыщыIэжым хъыджэбзхэм яшхыр куэду щытатэкъыми, ирикъурт. ЖэщкIэ щагъэгъуэлъыжкIэ щхьэнтэ къратыртэкъым, пIэри унэ лъэгум иращIыхьырт – хъыджэбз цIыкIухэри зэсари арат: уэншэку щабэм телъ я хабзэтэкъым. Хъыджэбзхэр езыр-езыру зэупщIыжырт: «Хэту пIэрэ дэ къомыр дыкъызыхуашар?» – жаIэу. Гуащэ нэхъыжьыIуэти: «Хэтми сэ сщ Iэрэ – бей гуэрщ», – жиIэрт, зы дыхьэшхэн цIыкIу нэжэгужэу яхэтт: «Уа, пщIантIэм джэдищэ дыхъуу дыдэт хуэдэщ – зы адакъэ фIэкI тхэмыту», – жиIэри зэщIигъэдыхьэшхащ.

Я щыгъынкIи сыткIи псори зэфIэкIа нэужь, хъыджэбз цIыкIухэм къыжраIащ: «Хадэм фихьэу фит хъунущ, ауэ цIыхухъу фыхуэзакъэ – щхьэтепхъуэ къефпхъух», – жаIэри. Езы цIыкIухэм я нэ къик Iырт жыг хадэ дахэм ихьэну, заплъыхьыну – ар жэнэт хадэу къалъытауэ, я фIэщ хъужыртэкъым дунейм тетыжу, ахърэтым кIуарэ жэнэтым ису жызыIи яхэтт. «Жэнэтым кIуар шхэркъым, укъысхуэмывэ, – жиIэу, Гуащэ щIригъэгъуэжырт, – ущымышхэ къудей – лIыгъэ-фызыгъэ щыIэкъым…»

ЖаIэн укIытэми, хъыджэбз цIыкIухэр гъуэлъыжамэ, егупсысырт: «Дыкъызыхуаша пащтыхьым физу иIэр мин бжыгъэкIэ ябжмэ, зы жэщ закъуи къытлъымысыххэнкIи хъунщ», – жаIэу, арыншэми жейм емызэгъ Iэджи яхэтт, я пIэ зыхэлъым тыншу мыжеин щхьэкIэ нартыху хьэдзэ ипхъат. Удэзыхьэхыу уи гум жьы щыдихур жыг хадэр арати, зэкIэлъхьэужьу къаз шырым ещхьу тхьэIухуд цIыкIухэм къакIухьырт, жьауапIэм щIэтIысхьэрти, Iэджи жаIэрт, я адэ-анэр, я дэлъху, я шыпхъу, я благъэ, я къуажэ я гум къэкIыжу. Я Iыхьлы я гум къэкIыжамэ, зыгуэр къыщиудауэ къэгъынти, псоми я гур къызэфIэнауэ зэщIэгъуагэрт, зэрыгъэундэIужу.

Хадэм бзууэ имыс щыIэкъым жып Iэн хуэдизу къуалэбзур куэдт, я уэрэдым щIамыгъачэу, псыIэрышэ дахэми бдзэжьей хэзу, псыутхри телъыджэ гуэру щIауэ. Хадэм унэ хъар – павильон гъэщIэрэщIауэ итт, бжэкъур дыщэкIэ лауэ, и курыкупсэм бассейн псы изу итти, уек IуэлIэн щхьэкIэ, дэкIуеипIэу тху иIэт, удэкIуеймэ, бассейным и кум дыщэ павлин хэгъэуващ хэтт, хадапхэмкIэ укIуэмэ, итт щыхь, мэз бжэн, бжьо, бажэ, тхьэкIумэкIыхь, ахэр щыхъуакIуэ щIыпIэр гъущI хъаркIэ пыхукIарэ хьэкIэкхъуэкIэр тыншу иту. Хадэм и хъуреягъкIэ – пальмэ жыгышхуэхэр къегъэтIысэкIауэ, пхъэщхьэмыщхьэ зыпыт жыгым мэ IэфI къызыпих хъуреишхуэ гуэрхэри фIэдзауэ къудамэм къелэлэхыу.

Зэгуэр хъыджэбз цIыкIухэр псы Iуфэм Iуту плъэмэ, тенджызым тет кхъухьышхуэхэр гъэщIэрэщIауэ ялъагъу, музы-

чауэхэр абы исыжрэ музычэ дахэ еуэу, я щыгъыныр дахэу, къэдабэм, дарийм къыхэщIыкIауэ. Хадэри гъэщIэрэщIат, уеблэмэ хадэм ис елыркъэшышхуэхэм кIэртIофуэздыгъэ цIыкIухэр пыгъэнауэ тету къапщыхь. Кхъухь къомым топ ягъауэу щыхуежьэм, хъыджэбз цIыкIухэр зэбгрыжат, арщхьэк Iэ ущIэшынэн щыIэтэкъым, махуэшхуэ ягъэлъапIэм и саулыкъук Iэ цIыхур зэхыхьауэ арат. А къомыр зытращIыхьар сыту пIэрэт? Зэгуэр Алжир къэралым и лIыщхьэм тырку пащтыхьым и фыз къомым ищIыIужкIэ тхьэIухуду цIыхубз дахэ къыхуригъэшати, иджы ар лъхуэри щIалэ къилъхуат.

А махуэм къыщыщIэдзауэ хъыджэбз цIыкIухэм я гум хъуэпсэгъуэу илъ хъуащ лъхуэуэ пащтыхьым къуэ къыхуалъхурэ нобэ ялъэгъуа кхъуейплъыжькIэрыщIэ дахэм хуэдэ ящIу цIыхур гуфIэу зэхэту я нэгу щIэкIыну, арщхьэкIэ я натIэ илъыр тхьэм ещIэ, ахэр зыщыгугъым Iуэхур щыщыIэтэкъым. А тхьэIухудищэр къэзыщэхуу къезыгъэшам и гум илъар нэгъуэщI-ти, къыжраIащ зывгъэхьэзыр, гъуэгуанэ фытеувэнущ жаIэри. Жэнэтым нэбгъузкIэ теплъа къудейуэ къэнэщхъеяхэщ, зыхуа-хьынур ямыщIэу.

Хъыджэбз цIыкIухэр кхъухьым ярагъэтIысхьэри Мысыр ирагъэшащ, лъэкIыныгъэшхуэ зиIэ гуэрым ирату. Нэхъ щIэупщIэу, зыгуэр къэзыщIэфу яхэтыр Гуащэти, сыт жиIэми, псоми я фIэщ хъурт. Иджыри къажриIащ пащтыхь ныкъуэм драт жиIэри. Пащтыхь ныкъуэкIэ зэджэр хэтми зыщIэ щыIэтэкъым, ауэ Каир жыхуа Iэ къалэр Истамбыл нэхърэ зэрынэхъ цIыкIу щымыIэу жаIэрти, Истамбыл щалъэгъуа жыг хадэу яфIэжэнэтым хуэди абы щыIэ я гугъэт. Гуащэ игъэIущырт:

– Пащтыхь ныкъуи ирехъу, лэгъунэIутым фыхуэсакъ: лэгъунэIутым и гум ирихьыр жэщгъуэлъу ящэнущ, лэгъунэIутым ухуэдыджмэ, узэрыхъыджэбзу жьы ухъуу улIэжын жыхуэпIэр зыми щыщкъым, – жиIэу.

– ЛэгъунэIутыр зылI, хьэмэ куэд хъурэ? – жызыIэ щыIэти, Гуащэ яхуидакъым:

– Дапщэ хъуми, узэрыщыгугъын щыIэкъым: лэгъунэIутыр ясэкI, – жиIэри.

Каир тхьэлъэIур щекIуэкIынут, я пащтыхь ныкъуэу Мухьэмэд-Алий тхьэлъэIушхуэ ищIауэ хьэщIэ куэд нэгъуэщI къэралхэм къикIыу къэкIуэн хуейт. ТхьэлъэIу щIащIыр французым ятекIуати арат. ТекIуэныгъэр Алыхьым къаритауэ ябжырт, «къаритауи» къыщIэкIынут, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, а къэралитIым зызэрауписеятэмэ, Мысырыр текIуэнкIэ Iэмал зимыIэт. НтIэ къэхъуар сытыт? Инджылызхэмрэ французхэмрэ зызэрапщытащ, зэзэуащ, мыхьыр зрагъэхьри зэрыхэгуати, текIуэныгъэр отоман империем ялъысауэ Мухьэмэд-Алий и гугъэжщ, и лIыгъэрэ и акъылкIэ францухэр ирикъухьарэ мамлюк лIы

бэлыхьу Алий-бей нэхърэ .нэхъ лIыгъэшхуэ зэрихьауэ. Алий-бей къуэкIыпIэмкIэ къикIыу къэкIуауэ щыта дзэшхуэр зэтри-укIэри муслъымэн къэралу Щам, Багъдад, Мэчэ сытхэр къи-хъумэн хузэфIэкIат, иджы дзэр къухьэпIэмкIэ къикIати, ири-къухьри къэралхэр яригъэхъунщIакъым.

Французхэм Мысыр къэралыр къащта нэужь, Индием еуэну я гум илът, щхьэусыгъуэ ящIынур Мысыр ис мамлюкхэм я нэхъыбэр адыгэт, тенджызым техьэрти, француз кхъухь сыт хуэзэмэ, теуэрти, зэрапхъуэрт, я хьэпшыпыр зыIэщIалъхьэрт. Абы щхьэкIэ француз сатуущIэхэр я хьукумэтым мычэму хуэтхьэусыхэрт. Езы хьукумэтри зэмызэгъ щыхъум, Наполеон Бонапарту псори зыгъэшынэм флотыр иратрэ зекIуэ ягъакIуэмэ, нэхъ тэмэму къалъытащ, хэт ищIэрэ, Наполеон бжьыпэр пфIиубыдынкIэ мэхъу жыхуаIэу. Дэни ирекIуэ – Париж дэмыс закъуэмэ, дзэри зи IэмыщIэ илъыр аращи, апхуэдэ дзэпщым и щхьэм къихьэнур пщIэну щыткъым.

Наполеон и дзэр цIыху мин плIыщI хуэдиз хъууэ хьэзырти, кхъухьым иригъэтIысхьащ, абы нэмыщIкIэ щIэныгъэлI защIэу лIищэ хуэдиз здищтащ, Мысыр къэралым я щ Iым щIэлъыр, я культурэр, я тхыдэ сытхэр зэрагъэщIэну. Кхъухь къомым, Тулон кхъухь тедзапIэм IукIри, Мысыр къэралымкIэ яунэтIащ. Инджылызхэр французхэм як Iэлъыплъ защIэт, «сыту пIэрэ мыбы я мурадыр» жаIэуи, зафыщIыжу хуежьащ, «французхэм щхьэ дяпэ зыкърагъэща» жаIэу, унафи ящIащ я флот тенджызым тетыр француз флотым и ужьым иту кIуэну. Инджылыз флотым я кхъухьыпщыр Нельсон жыхуаIэр арати, и хьукумэтым я унафэ имыгъэзащIэу хъунт – ежьащ.

Французхэр Мысыр къэралым щытеуэн хуей лъэхъэнэм хъарзынэу хуагъэзат: къэралым исыр езыр-езыру зэныкъуэ-къурт, къулейсызыгъэм къилъэхъарэ кIуапIи жапIи къаримыту, бытыр, сэджыт къы Iахыну ежьэмэ, къахухэмыхыу, цIыхум яшхын къудей ямыгъуэту, хадэ ящIэмэ, мо дыгъэ гуащIэм исыжрэ зыри къэмыкIыу. А псом ящIыIужкIэ тыркум къахэкIа мамлюкхэмрэ адыгэм къахэкIа мамлюкхэмрэ зызэпэщIасауэ зэныкъуэкъуурэ адыгэр текIуэри Тыркум я лъэныкъуэ илъэ-пкъыр зэтраIущIащ, пащтыхь ныкъуэу Тырку пащтыхьым Каир къыдигъэтIысхьари дахури къэралым бжьыпэр щаубыдащ.

Адыгэ мамлюкхэм я пашэр лIы ахъырзэман гуэру Алий-бейт, лIыгъэшхуэ хэлъу, Iущу, шынэ жыхуаIэр имыщIэу. ЦIыхум ягъэхъыбарт Алий-бей джатэкIэ уеуами, зыри пхуемыщIэну. Мэчэрэ Мэдинэрэ зэрызыпхъуэну къакIуэ дзэм япэуву зэтриIущIа нэужь, Алий-бей Мэчэ и хьэлифкIэ къеджэ хъуащ, цIэрыIуэ хъуати, къефыгъуэри нэхъыбэжт. Фыгъуэнэдхэм лIы хъарзынэр щаIэщIэкIуадэм, зэкъуэшитI, Мурад-бейрэ Iибрэ-хьимрэ жаIэу, пэщэ хъуащ. А тIум дзэр ягуэшри Щам зекIуэ кIуащ, абы икIри Мэчэ, Мэдинэ нэсащ, муслъымэнхэр къэзы-

гъэгузавэу дыгъэ къуэкIыпIэмкIэ къикIа дзэхэм мыхьыр ирагъэхьри къагъэзэжа къудейт, я дзэм куэд хэщIарэ зэкъуэшитIым я лъэри быдэу мыувауэ, Iэщэу яIэри мыщIагъуащэу, ари жьы хъуауэ, къыздэкIуэжа къэралри нэхъ къулейсыз хъуауэ.

Абдежым зэкъуэшитIым къащ Iэ француз флотыр къатеуэну къак Iуэу. КъакIуэр зищIысри зыхуэдэри зыми дахэ-дахэу ищIэркъым, Iэщэу яIыгъыр зыхуэдэри аращ. Гузэвэгъуэм и хъыбар Мурад-бей щызэхихым, фIэIуэхуакъым: «Шыд шур дзэщ жыпIэу дауэ бук Iын», – жиIэри, итIани зыри умыщIэу ущыс хъунутэкъыми, куэдрэ емылIалIэу дзэ зэхуишэсащ, лIы мин плIыщI хуэдиз. Абы щыщу узыщыгугъ хъунур минипщIт, адрейхэр Африкэм къикIа лъэпкъ Iэджэм ящыщт, албаным ящыщи яхэтт, нэхъыбэр мысыр хьэрыпти, Iэщэу яIыгъыр мыхьэнэншэт.

Мурад-бейрэ Iибрэхьимрэ Европэм я дзэр зыхуэдэри я зэуэкIэри ящIэртэкъым, езым зэхуашэса дзэри куэд хъу щхьэкIэ, бзэ зэрыпсалъэри нэхъыбэжу ягурыIуэгъуейт. А псом ищIыIужкIэ французым я флотыр псым тету къакIуэмэ, узэреIэбын дэнэ къипхын? ИтIани зэкъуэшитIым ягурэ я щхьэрэ зэтелът, IэпщацагъэкIэ, лIыгъэкIэ къэпхь хъунур къахьу я хабзэт. Монголхэм щезауэми, Тамерлан Дамаск щыдамыгъэхьами, жор зыIыгъыу Мэчэр зэрызыпхъуэну зи гугъами – сытым дежи адыгэ мамлюкхэм лIыгъэкIэ къатекIуэ щыIатэкъыми, мызэми нэхъ зыщыгугъыр я лIыгъэрат.

Мамлюкхэр адыгэ защIэу щымытми, я нэхъыбэр Кавказым икIа щIалэт, илъэс къэс мин пщыкIутI хуэдиз адыгэщIым ирашурэ хьэрып къэралхэм щащэрт адыгэ щIалэу, абы нэхъыбэр мамлюк хъурти, дзэм хэтт. Ахэр къэзыщэхуа хьэрыпхэр лIамэ, абы къащIэна щI алэр хуит хъужауэ дзэм хыхьэрт. Езы зэкъуэшит Iу Мурад-бейрэ Iибрэхьим-бейрэ къызыхэкIари арат. ЛIыгъэ яI эу къыщIэкIати, иджы дзэпщу тIуми дзэ зэрашэрт.

Мамлюкхэр т Iууэ гуэшат: зыр псыIуфэрыст, адрейр бурджыт (къалэдэст). ПсыIуфэрысыр тыркут, бий къак Iуэ хъумэ жаIэу, псы Iуфэм IуащIыхьа быдапIэм дэст, бурджыкIэ зэджэр нэхъыбэу адыгэт, дзэм хэту арат, лъэкIыныгъэшхуэ зиIэм я унафэм щ Iэту. Алий-бейщ, жезыгъэIа л Iыр бурджым яхэтащ дзэпщу, абы и пIэ иувар Мурад-бейщ, и къуэшыр къыдощI бжьыпэр хуэIыгъын щхьэкIэ, бурджыр зэрызэджэжыр джатэгъэжьщ, джатэкIэ хуабжьу IэкIуэлъакIуэхэщ.

«КъокIуэ» жаI эу щызэхахым, зэкъуэшитIым я дзэр т Iууэ ягуэшащ, лъэныкъуитIкIэ французхэм ятеуэу зэ уэгъуэм я джабэр щIаудын я хьисэпу. Губгъуэ нэщIым иту къакIуэ дзэр зыукъуэдиип Iэ ирамыгъахуэу зэкIэщI ауду, къумым ирахуэу кIуапIи жапIи ирамыту зэхакъутэн я гугъащ шыбгъэрэ джатэкIэ. Ди деж къэмысу Александрие дэс тырку пэщэм француз шыд шур зэбгрихункIэ хъунущ жиI эу зи жьэ къыжьэдэкIа щыIэти,

куэд дэмыкIыу щIегъуэжащ. Кхъухь щиплI тенджызым тету къэблэгъауэ щилъагъум, тырку пэщэм: «Си гаремыр француз сэлэтхэм хьэлэч сфIащIынщ», – жиIэри япэщIыкIэ и фыз къомыр кхъухьым иригъэтIысхьэри ТыркумкIэ иутIыпщащ, нэгъуэщI зы кхъухьи къигъуэтри ахъшэ, дыщэ, дыжьын, нэгъуэщI сыт мылъку иIэми ирилъхьэри ари иутIыпщащ, тыркум къахэкIа мамлюк зыкъоми ису. Ар зэфIэкIа нэужь, быдапIэм дэт топ къомым щыщ зы имыгъауэу, зы фоч кIакхъуи щIимычу и Iэр иIэтри французым зарита дэнэ къэна, «фызыхуейр жыфIэ, сывдэIэпыкъунщ» жиIэри инэрал гуэрым и пащхьэм иуващ. Французу кхъухь щиплIым исар зэран къахуэхъу щымыIэу къикIащ, тырку пэщэри ягъэтIысыххакъым, адыгэ мамлюкхэм я ныкъуэкъуэгъут, я жагъуэгъути.

Наполеон тырку пэщэм и пIэкIэ Александрие къалэм тригъэуващ и инэралхэм ящыщ Клебер, езым дзэр иришажьэри КаиркIэ иунэтIащ, НилкIэ зэджэ псышхуэм кхъухьыр зэкIэлъхьэужьу тетти, дэтхэнэ лъэныкъуэмкIи уамэ, топ къомым псы Iуфэм Iути Iуси Iуихын хуэдэу. Гъэмахуэ шылэ мазэм и кур арати, дунейр дыгъэм исыжырт, пшахъуэщI къумри дыгъэм къигъэплъати, джэдыкIэ щIэпхъумэмэ, къигъажьэрт. Джатэм нэсмэ, зэкъуэшитIым къэгъазэ ямыIэу дэнэкIи пхатхъын пэтми, шыри лIыри зэфIэлIат, дыгъэ гуащIэр къегуэуауэ, сабэ къаIэтам езыхэр уигъэлъагъужыртэкъым.

Мурад-бейрэ Iибрэхьим-бейрэ тIууэ загуэшауэ Каир пэмыжыжьащэу иувыкIауэ щытт, Гъэзирэ нэхъ пэгъунэгъуу щэбэт махуэу июлым и 21-м 1798 гъэм французыдзэр къакIуэу къыщалъэгъуам. ЗэкъуэшитIым заIэтри зэрызэгурыIуауэ лъэныкъуитIкIэ французыдзэм жьэхэуащ, хагъэщIэн я хьисэпу. Топ уэ макъыр апхуэдизу лъэщти, Каир нэIусырт. ДжатэкIэ IэкIуэлъакIуэхэр французым ябгъэдыхьэфакъым, я лъапсэр ирихыу хуежьэри: шуудзэр бгъэдэмыхьэфу лъэсыр бгъэдыхьэфын, Iэщэ яIыгъыр къехьэлъэкIыу, французым я топ Iугъуэм уимыгъэлъагъужми, къэмыувы Iэу кIуэрт. Губгъуэрысыдзэу пшахъуэм зыхэзыдзэу хэлъар къыщахужу аргуэру зауэм Iуашэху къакIэрыхурти, ялъэщIыхьэн папщIэ, кIэлъыжэн хуей хъууэ, укIэлъыжэ щхьэкIи сабэм, гын Iугъуэм, пшахъуэм уагъакIуэртэкъым, пшагъуэ гуэрэным ухэт хуэдэщи.

Французым я дзэр зэпэплIимэу Iуву зэхэту макIуэ – каре жыхуаIэм хуэдэу, а плIимэм дэнэ лъэныкъуэкIи бгъэдыхьэ – кIуэрыкIуэм тету къозэуэну хьэзырыпсщ, плIанэпиплIым деж топ къомыр иту макIуэри дэнэ лъэныкъуэкIэ къикIри зэтрагъэщахэ. Мамлюкхэм топым Iэмал хуагъуэтыркъым, хьэлэч къащI. ИгъащIэм топ уэ макъ зэхэзымыхауэ Африкэм къыщалъхуа дзэм пшахъуэм зыхадзэри «лаиллэхь, ил-алэхь» жаIэурэ гужьеяуэ щылъщи, еуи укI – къыпхуэтэджыркъым. Япэрей махуэм

зэкъуэшитIыр жэщ хъухукIэ зэуащ. ЕтIуанэ махуэми пщэдджы-жьым зауэр аргуэру къаублэжри ялъэкI къагъэнакъым: зэ псори теуэмэ, зэ зырызурэ теуэурэ цIыхур Iисраф хъуат, зэкъуэшитIым я дзэр губгъуэм къыщинэм сыт ящIэжынт – къикIуэтыжащ, французым уазэрыпэмылъэщынур гурыIуэгъуэ ящыхъуауэ. Французхэм Каир къалэр къащтащ, къапэрыуэ щымыIэжу.

Наполеон шууэ здэкIуэм пирамидэшхуэмкIэ и Iэр ишийри къэпсэлъащ: «Сэлэтхэ, лIэщIыгъуэ плIыщI къывоплъ», – жиIэри. Дзэпщым и гугъэххакъым илъэситI дэкIмэ, езым и пIэкIэ зы инэрал гуэр къигъанэу Париж кIуэжын хуей хъуну, политическэ зэныкъуэкъум хэмытыну Iэмал иIэтэкъыми. Мурад-бейрэ Iибрэхьим-бейрэ я дзэм щыщу къахуэнэжар къумым ирашэри заущэхужат, загъэпсэхурэ тIэкIу зыкъаужьыжа нэужь зауэр къаублэжын я хьисэпу. Наполеон дзэм и нэхъыбэр къигъанэри хэкум имыкIыжу хъуакъым, я къэралым цIыхур къыщыбырсеяуэ властым щхьэкIэ бжьэцу зэрызехьэу хъыбар зэхихати. Французхэм я дежкIэ нэхъ шынагъуэм занщIэу гу лъатакъым. Наполеон Париж зэрыкIуэжу инджылыз кхъухьыпщ Нельсон зыкъызэкъуихри тенджызым тет француз флотыр хьэбэсабэу зэхикъутащ, игъэсащ, къанэ щымыIэу. Абы ирихьэлIэу, Щам кIуа французыдзэри къыщIагъэIауэ къахуурэ Александрие къэсмэ – зэрытIысхьэн кхъухь къудей къахуэмынэжауэ къыщIэкIащ. Наполеон и пIэкIэ къэнауэ щыта Клебер къыщыщIар ямыщIэу къытехуэри лIащ, французхэр кIуэдыкIейуэ щыкIуэдым, «маржэ, зи щхьэ зыхъумэжыфым ирехъумэж» жаIа щхьэкIэ, дэнэ укIуэнт?

Абдежым дзэпщ Мухьэмэд-Алий албан лъэпкъыу тыркудзэм хэтати, тырку пащтыхьым и унафэкIэ дзэ къришажьэри Щам къэкIуащ. Зи щхьэ щымыIэж французыдзэр гугъущэ демыхьу къызэбгрихуащ. «Iэмал иIэмэ, французхэр Истамбыл къомыгъакIуэ», – арат тырку пащтыхьым и унафэри, Истамбыл къимыгъэкIуа дэнэ къэна, Мысыру ящтар къатрихыжащ. Езы Мухьэмэд-Алийр лIы ерыщт, щхьэзыфIэфIт, зыкъызыфIэщIыжа гуэрти, французхэм щатекIуэм лъэмыкIын щымыIэу и гугъэжат. Французхэмрэ инджылызхэмрэ зызэпэщIасати, зэзауэурэ зэрыгъэмэхащ, къару къахуэмынэжу. Инджылызхэми япэуври хэкур ирамыгъэубыду Iуахужащ, иджы сытыт къэнэжар? Адыгэ мамлюкхэм я лъэр къыщIимыгъэувэжу япэщытын хуейуэ аращ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, инджылызхэмрэ французхэмрэ зэрытхьэлэжри къарууншэ хъуащи, адыгэ мамлюкхэм загъэхьэзыр Каир къагъэзэжу я зэманыгъуэр я гум къагъэкIыжыну.

Мухьэмэд-Алий АлександриекIэ къигъазэщ, инджылызхэр дихури езыр дэтIысхьащ. Тырку пащтыхьым гурэ псэкIэ ищIэрт а зызыгъэбэлыхь дзэпщым дзыхь хуэпщIыщэ зэрымыхъунур,

бгъэкIэсмэ, уанэгум укъизыдзынум ящыщу къилъытат албаным къахэкIауэ пэрыIэбапIэ зимыIэ лIыр. Ар Александрие дэсыну унафэ хуищIри, пащтыхь ныкъуэу Каир Шехин-бейкIэ еджэу адыгэ лъэпкъыу дзэпщ дигъэтIысхьэнути, Мухьэмэд-Алий идакъым, езым нэхърэ зыкIи мынэхь лIыгъэншэу зилъытэжырт, мамлюкхэми ятеплъэ хъуртэкъыми.

Мурад-бейрэ Iибрэхьим-бейрэ зыкъамыужьыжурэ зыбжанэрэ къэгуващ. Каир къыдэтIысхьа пащтыхь ныкъуэм къаруушхуэ иIэ пэтми, зэкъуэшитIым яфIэлIыкIыу яхуоплъэкI, «къыстеуэну пIэрэ» жиIэу. Езыри ежьэн хуейщ, дзэшхуэ иришажьэу, арщхьэкIэ адыгэ зэкъуэшитIым уахуэбэлэрыгъ хъунукъым, а тIур къэбгъанэрэ уежьэмэ, къэбгъэзэжа нэужь, уи лъапсэр ирахауэ укърихьэлIэжынкIэ мэхъу. НтIэ, зы Iэмал гуэр къэгъуэтын хуейщ, а тIум къофыгъуэу хэутэн уамыщIын щхьэкIэ.

Пащтыхь ныкъуэм шу игъакIуэурэ губернэ псоми яхуиIуэхуащ: «Алыхьу тэхьэлам и IэмыркIэ бийм датекIуэри бегъымбар тхьэм сищIащ, дзэшхуэ етшажьэу ди диныр зыкъутэну пIэцIеиж шейтIан бын куэдым дапэувын хуейщи, маржэ, зывгъэхьэзыр, дыщежьэну пIалъэм и хъыбар фэзгъэщIэху», – жиIэри. Пащтыхь ныкъуэм ар къиIуэхуа нэужь, адыгэ мамлюкхэми загъэхьэзыру щIадзащ. ЗекIуэ кIуэну зи мурадым загъэхьэзырыху, тырку пащтыхьым лъэкI къигъэнакъым: «Алыхьым дыкъихъумащ, Алыхьым и ужькIэ си дзэпщым сыкъахъумащи, яхуэфащэ яхуэсщIэнщ», – жиIэу.

Абы ирихьэлIэу Истамбыл къашат адыгэ хъыджэбзищэм нэс, тхьэIухуд защIэу.

Анапэ дэс пэщэм ищIэуи къыщIэкIынтэкъым а хъыджэбзхэр хэт IэщIыхьэнуми, «къысхуегъашэ» жиIэри пащтыхьым къиIуэхуати, хуригъэшащ, иджы дахэ къомыр цIыхубзкIэ бзаджэ дзэпщым уэркъ тын хуэдэу иритыну мурад ищIащи, хъыджэбз цIыкIухэр аргуэру гъуэгуанэ теувэн хуей хъуащ, езы цIыкIухэми къагурыIуащ иджыри къэс жэнэтым исым хуэдэу щIаIыгъар.

Французыдзэми къалъымысIауэ къэнакъым, къалъысар узижагъуэм къылъыус жумыIэмэ. Сэлэт куэдым я нэ уз хъуащ. А узыфэм и хущхъуэр Европэм ящIэртэкъыми, Iэмал хуагъуэтыртэкъым, ар зэфыкIыр нэф хъурт, Мысыр нэс кIуэуэ абы фIэкIа къалъымысу къызэрыкIуэжар щхьэкIуэ ящыхъуу. Француз армэм къахьа узыр иужьым урыс армэми къахыхьауэ трахомэкIэ зэджэ нэ узыр зэфыкIыр куэд хъуащ – илъэс тIощIрэ тхум къриубыдэу а узым и зэранкIэ цIыху минищэм щIигъу нэф хъуат...

«Си анэшхуэм и хъыбарыр и кIэм нэзгъэсынщ», – жысIэу сытIыса щхьэкIэ, сымыщIэххэу си псалъэр къызэпаудащ:

– Дэфэрэдж Шагировнэ. Тамарэ!.. –Абы къикIыр занщIэу къэсщIа пэтми, сыщIэмыупщIэу хъурэт:

– Тамарэ?! Лъхуэрэ?

* * *

Палатэм сыщIэкIауэ кIэлындорымкIэ сыпIащIэ-сытхъытхъыу сыздэжэм, зи ныбжь хэкIуэта фыз гъум гуэрым сыкъегъэувыIэ:

– Зы псалъэ закъуэкIэ сыпхуейт, – жеIэри. Фызыр сымыцIыхупэми, мызэ-мытIэу сызыхуэзам ящыщу фэ есплъащ икIи арат: Хьэнифэ Фицовнэ жиIэу Тамарэ къыщыхъуа, щылэжьа детдомым директору тетщ. Фыз лъэрызехьэу, зэфIэгъэкI иIэт, и сабий къомым и нэIэ ятету епI, зыхуей хуигъазэу, гущIэгъушхуи хэлъти, Тамарэ и хъыбар щызэхихым, псом нэхъапэ къэсащ, зыхуэныкъуэ щыIэмэ, сэбэп сыхуэхъунщ жиIэри.

– Тамарэ укъыщIэкIуар?

– Тамарэщ. Зыхуей илъэпкъыр хуэсщIащ, пэш цIыкIу къэзгъэхьэзыращ, гъуэлъыпIи, шкафи, стIоли, уэздыгъи – псори хущIэзгъэувэжащ. И адэ-анэ я унэ кIуэжа хуэдэу сыкIэлъы-плъынщ, детдомым нэкIуэжыну схужеIэ. Зы щхьэкIи иремы-гузавэ, зыхуей хуэзгъэзэнщ, сэ къэслъхуа си пхъум хуэдэу фIэкIа слъагъуркъым. А тIэкIур схужеIэж. НэгъуэщI сыхуейкъым, – жиIэу арат къыщIызэлъэIури къэзгъэгугъащ хуэсщIэну. ТIэкIу сыгуvауэ палатэм сыщIыхьэмэ, сестрахэм зэIэпах сабий къалъхуагъащIэри. ЩIалэ цIыкIут.

Тамарэ сехъуэхъуну сыбгъэдыхьати, къапхъуэри си Iэр иубыдащ, и нэкIум ирикъузылIауэ ба хуещI, и нэпсри къыщIолъэлъ, джэшым хуэдэу.

– Сынохъуэхъу, си хъыджэбз, къуэ хъарзынэ тхьэм къуитащ. Тхьэм къыпхуигъэхъу...

Си макъыр зэхиха хуэдэ, Iэуа цIыкIури къэгъащ, дунейм къызэрытехьар дигъащIэу, акушеркэ щытхэри игъэдыхьэшхыу. Сабийм и гъыкIэмкIэ къыбощIэ къару иIэрэ имыIэрэ, Тамарэ ейр тхьэм къуэзэритынщи, псори щыгуфIыкIащ цIыхубзыр лъхуэгъуафIэу зэрылъхуам.

– Уэра мыгъуи абы и фIыщIэр зейр. ПщIэжрэ, си мурадар? – жиIэри Тамарэ къэгумэщIащ.

– Къэзылъхуар уэракъэ, на-а, – жысIэри Тамарэ и псалъэр зэпызудащ. Сэри си гуапэ дыдэт, псори хъарзынэу зэфIэкIащи, сабийри узыншэщ, къыхуэт щыIэкъым, къэхъу закъуэмэ, лIы къыхэкIынущ, и анэм и жагъуэ яримыгъэщIу.

Тамарэ и къекIуэкIыкIар вжесIэну фыкъэзгъэгугъамэ, и чэзу хъуащи, фыкъедаIуэ. «Абы и хъыбарым хуэдэ Iэджэ махуэ къэс дахуозэ», – жыпIэ хъунущ, итIани драмэшхуэ хэлъым уимыгъэгупсысэнкIэ Iэмал иIэкъым, цIыхур зэрызэкIуэкIар, зэрызэщхьэ-

щыкIар, и пIэм зэрикIар абы хыболъагъуэри.

Зэгуэр, сылэжьэн къыщIэздза къудейуэ, цIыхубз уэндэгъу къашати, куэдрэ гугъу емыхьу, хъыджэбз цIыкIу къилъхури сабийр зыхуагъэзэн хуей псоми хуагъэзащ, и пIалъэ къэсрэ сабийр анэ къэзылъхуам къыхуахьмэ – пIэр нэщIщ. «Мыр сыту пасэу къэтэджыжа?» – жаIэу сымаджэщым щIэтхэм ягъэщIагъуэу заплъыхьа щхьэкIэ – цIыхубзыр бзэхащ, и сабийр къигъанэри. Апхуэдэ мыхъумыщIагъэ къыщыхъу щыIэти, увыIэпIэ къыхуагъуэтащ. Сабий зиIэну щIэхъуэпс зэлIзэфызхэр къакIуэмэ, Тамарэ ирагъэлъагъу щхьэкIэ, зыми Iахыртэкъым, и нэгум зыгуэр зэрилъыр уигъащIэу. Пэжу жыпIэмэ, и пэ цIыкIур кIыхьт, назэу пIэрэ жыпIэу гурыщхъуэ уигъэщIу, – кIэщIу жыпIэмэ, «хъыджэбз дахэ къыхэкIынщ» жыпIэу ущыгугъ хъунутэкъым. Апхуэдэу зыми Iахын ямыдэурэ, Iэджи дэкIащ, иужьым сабий щапIунэм иратри и ныбжьыр школ кIуэгъуэм щынэсым, детдомым иратыжри езым хуэдэ щIалэ цIыкIу, хъыджэбз цIыкIу Iэджэм яхэхуэжащ. «И анэр» жыпIэнущи, кIуэцIрыхури кIуэдащ.

Детдомым щIэсхэр зеиншэ защIэтэкъым, адэ, анэ зиIэ Iэджи яхэтт, бзаджэ цIыкIуу щIэсри мащIэтэкъым. Тамарэ хъыджэбз Iэдэб цIыкIут, зыми и жагъуэ имыщIу, зэрылъакъуэ кIыхь цIыкIум щхьэкIэ «факъырэ баш» къыфIащати, зэхихмэ, гъырт зиущэхуауэ. ЩIалэ цIыкIу гуэрым фIэгуэныхь хъуати, къеупщIащ: «ЗэуэкIэ уэзгъэщIэнщи, факъырэ башкIэ къоджэм и пыIэкур къиуд», – жиIэри. Тамарэ идакъым: «Хъыджэбз цIыкIур зауэркъым», – жиIэри. МащIэ-мащIэурэ «факъырэ башым» есэжри, и дзыр фIэмыIуэху хъуащ, хъыджэбз хъарзынэу егъэджакIуэхэр къыхуэарэзыуэ, фIыуи еджэу, гурыхуэу гу лъатащ, езыри зыхэтым къахэщу, я пашэу, и ныбжьэгъухэр нэхъ къедаIуэу.

Балигъ мэхъу щыжыпIэ дыдэм Тамарэ пащIэ фIыцIэ цIырхъ тIэкIу и Iупэм къытекIэу щыхуежьэм, щIалэжь цIыкIухэм «факъырэ башыр» яжьэдэхури «пащIэ» фIащыжати, арат хъыджэбзым и гум темыхуэр. Зэгуэр классым щIэсу егъэджакIуэр сабийм еущиерт:

– Зым фыдэмыплъейми, Тамарэ щхьэ фыдэмыплъейрэ – дерсыр хъарзынэу егъэзащIэ, и отметкэр псом нэхърэ нэхъыфIщ, – жиIэу.

Зы бзаджэжь цIыкIу къыхэкIикIащ:

– Тамарэ лIыуэ пащIэ тетщ, – жиIэри.

Хъыджэбз цIыкIум ар шэуэ техуати, хуэмышэчу къыщылъэтащ, классым щIэжри общагэм кIуауэ магъри и гъуэлъыпIэм илъщ. ЕгъэджакIуэри кIэлъымыкIуэу хъунт – кIуащи, хъыджэбз цIыкIум игу дахэ хуещI, егъэундэIужри классым ешэж.

Тамарэ и пащIэм ирищIэнур имыщIэу мэгузавэ: зэм цы зырызу къыхэсчын жеIэри мэтIыс гъуджэм иплъэу, сеуэу цIыхухъум зэращIым хуэдэу тезупсыкI щхьэ мыхъурэ жиIэу сэ

жан мэлъыхъуэ, арщхьэкӀэ ирикуркъым, быупсмэ, нэхъ Ӏеижу къэкӀыну жаӀэри. Дохутыр сытхэми ечэнджэщати, ари аращ.

Ауэрэ езыри хъыджэбз хъарзынэ мэхъу, зыхэтым яхэмыгъуащэу, Ӏэпкълъэпкъ дахэ иӀэу, и хьэл, и щэнкӀи дэбгъуэн щымыӀэу, цӀыху лъагъугъуафӀэу, нэжэгужэу, гумащӀэу, и ныбжьэгъуу хъуам я пашэрэ абы жиӀам текӀ щымыӀэу. ЩӀалэ цӀыкӀухэми къагупсысат «Алыхьым Тамарэ къыщигъэщӀынум и гугъат цӀыхухъу ищӀыну, арщхьэкӀэ щыуэри цӀыхубзу къигъэщӀащ» жаӀэу. Ар фыгъуэным къыхахауи къыщӀэкӀынт, сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ, егъэджакӀуэу хъуами, езы директор дыдэми зыгуэрым щытхъунумэ, япэ зи цӀэ ираӀуэр Тамарэти.

Класс епщӀанэр къиухыу медфакым щӀэтӀысхьэну щыхуежьэм, Тамарэр пхык Ӏыфакъым, экзамен сытхэм хъарзынэу зыхуигъэхьэзыра пэтми. «Экзамен» зыту медфакым щӀэтӀысхьэм я Ӏыхьлыхэр арати, я къурмакъейр зэрубыдауэ зым зыр ӀуигъэкӀуэтыну зэрызехьэрт, я щӀалэ, я хъыджэбзхэр «хэт ейр текӀуэну пӀэрэ?» жаӀэу къаплъэу. Абы нэхъей, «экзаменри» нэхъ лъапӀэ мэхъур. «Уи хьэл, уи щэнкӀэ дохутыр хъарзынэ ухъунут» жаӀэу Тамарэ трагъэгушхуа щхьэкӀэ, и кӀэныр къимыкӀыу къигъэзэжын хуей хъуащ, егъэджакӀуэ къомри къыдэӀэпыкъуа щхьэкӀэ, щӀэныгъэр аратэкъым Ӏуэхур здэщыӀэр, езы Тамарэ детдомым щапӀамэ, сыт якӀэщӀ идзэнт? И щхьэр къыфӀэхуауэ къэнащ, здэкӀуэнури здэжэнури имыщӀэу. ЛэжьапӀэ Ӏуувэнущи, фэтэр уимыӀэу хъунукъым, детдомым укъыщӀэнэнущи, балигъ ухъуауэ укъыщӀагъэнэн?

Хьэнифэ Фицовнэ деж щӀыхьати, зы псалъэ хужымыӀэу къегъыхыу уващ, арщхьэкӀэ директорым зыкӀи къигъэкъуэншакъым «адрейхэм ята экзаменыр уэ щхьэ пхуэмытарэ» жиӀэу. И гур дахэ къыхуищӀащ:

– Умыгъ абы щхьэкӀэ. Нэпскъым ахэр зыхуейр. Сэри си зэран хэлъщ, сыбэлэрыгъащ, си гугъат тху защӀэкӀэ экзамен псори пхуэтыну. ЕтӀанэгъи деплъынщ, – жиӀэри.

Директорым «етӀанэгъи деплъынщ» щыжи ӀакӀэ, етӀанэгъэ нэс детдомым щӀэсыну арат къикӀри, Тамарэ и бампӀэр нэхъ тӀысыжащ, итӀани шэчыгъуафӀэтэкъым уэ экзаменыр нэхъыфӀу птауэ, къыпщхьэщыжын Ӏыхьлы уимыӀэу, зи гуфӀакӀэ хуабэ гуэр ищӀи сыти щымыӀэу уи гъуэгур къызэпиупщӀын жыхуэпӀэр. Тамарэ иджыпстуи и нэгум щӀэтт фыз нэщӀащэ куу кӀэлъэфу адэкӀэ-мыдэкӀэ къыкъуэж-къуэлъадэу, зыхуэзэм щэхуу фӀэкӀа емыпсалъэу къэзыжыхьахэр. Шэч хэлътэкъым: абыхэм ящыщ гуэрым и бынт Тамарэ и пӀэкӀэ къащтар.

– Экзамен схуэмытатэмэ, апхуэдэу си жагъуэ хъурэт? – жиӀэу хъыджэбзым ерагъыу къыдришеифащ.

– Алыхь, ар си фӀэщ мэхъум. Сэри сызэгуоуд дипломыр къэпщэху хъуащи. Уи п ӀэкӀэ щӀагъэтӀысхьар еджэн уи гугъэ?

Алыхь, емыджэну. Илъэситху-хыкIэ хьэулеину аращ, лекцэ сыти кIуэнукъым. ИтIани пIалъэр икIакъэ – дипломыр къратынущ. Бэлыхьлажьэр зытехуэнур хэт? Ахэр дохутыр хъуамэ, зэIэзэну цIыхуращ. Зымахуэ гъуэгыу си благъэ фыз си деж къэкIуащ, «си пхъум аборт иригъэщIати, лIэн-хъужыну пIэм къыхэнащ» жиIэри. Сэри тездзэри сыкIуащ аборт зыщIам деж, «мы цIыхубзыр лIэмэ, уэри абы укIэлъызгъэкIуэнщ» жысIэри. КъызжиIар пщIэрэ? «Уи пхъум и деж сэ сыкIуэу селъэIуакъым, езыр си деж къакIуэри къызэлъэIуащ». Арат жэуапу къыпысхари, сыкIуащ а уэ пщIэм деж, сыхуэтхьэусыхащ: «Уи лэжьакIуэхэр хъуркъым, цIыхур ягъэунэхъу, судым етын хуейщ», – жысIэри. Абы къызжиIар нэхъ телъыджэжт: «Лъы уасэ къеIыпхын хуеящ, судым епт щхьэкIэ къыпыпхын щыIэкъым». Дауэ абы уафIэкIа зэрыхъунур? Комиссэ къудей зэхигъэтIысхьэу хигъэплъэн идакъым. ЗэрыIыгъщ псори, уапэлъэщынукъым. Яхэуэн хуейщ, щысхьырабгъу имыIэу. Сэри си тхьэлъанэщ слъэкI къэзмыгъэнэну. СыкъикIуэтынукъым, тхьэ. – Хьэнифэ Фицовнэ и псалъэм щIэгубжьэжурэ езыри къызэрыкIати, гу зылъитэжа – и макъыр нэхъ щабэ ищIыжри Тамарэ и щхьэм Iэ къыдилъащ, къедэхащIэуи къыпищащ. – Зи гуфIакIэр хуабэу зи гур щIыIэм ящыгугъыр щоуэ. Ахэр аракъым зыщыгугъын хуейр, уэ пхуэдэр аращ. Умыгузавэ, дэри зыгуэр тлъэкIынущ.

Тамарэ лIэху щымыгъупщэну а махуэр и гум къинащ. Уи анэ укъэзылъхуам къыпхуимыщIэнкIэ хъунут Хьэнифэ абы къыхуищIар. А махуэ дыдэм кладовкэу щыта пэш цIыкIунитIэм щIэлъа хьэпшыпыр къыщIахри унэлъащIэ зыхуей щIагъэувэри Тамарэ фэтэр хуэдэу щIагъэтIысхьащ, пионер вожатэу ягъэувати. Хъыджэбзым и щхьэ игъэпсэужын хуейти, и IэнатIэм бгъэдэуващ, ищIэн хуейр директорым къыжриIащ, езыри педколлективым ящыщ хъури дыгъуасэ и егъэджакIуэу щытахэр нобэ ныбжьэгъу къыхуэхъужащ жыпIэнт, псори къыхуэгумащIэти. Къэхъуа-къэщIахэри зымыщIэ яхэттэкъым.

ЩIымахуэр къохьэри Тамарэ ираджэ: «Пионер вожатэхэр комсомол комитетым зэхуашэсри къакIуэ» жаIэу. Директорым еупщIмэ – Тамарэ езыгъашэр арауэ къыщIокI, «и Iуэхум нэхъ хищIыкI хъунщ» жыхуиIэу. Семинар здэкIуам къашар нэхъ вожатэфIхэр арауэ къыщIэкIащ, нэхъыбэр Тамарэ нэхърэ нэхъыжьу, зэхэтIысхьэху къэпсалъэм жаIэр узыхуей защIэу къыпфIэщIу.

ЦIыху цIэрыIуэ гуэрхэри къашэрти къагъэпсалъэрт, щIэнытъэлIхэри лекцэ къеджэрт, езы семинарым хэтхэми я лэжьэкIэ сытхэм тепсэлъыхьмэ, зыхуэныкъуэ Iэджэми я гугъу ящIырт. Семинарыр и кIэм нэблэгъауэ, Тамарэ къыжраIэ къэпсалъэ жаIэри. «Сыт жысIэнур? Сэ къыщIэздзэ къудейщ», – жиIа щхьэкIэ, ядакъым: «Детдомым укъыщыхъуащ, детдомым ущолэжьэж, жыIэ зыгуэр, ныжэбэ зыгъэхьэзыри».

Тамарэ жэщым жеякъым – зигъэхьэзыру и стIолыжь цIыкIум бгъэдэсащ. Пщэдджыжьым псом нэхъапэ къэсауэ къыщIэкIынт. Семинарыр зэрызэхуэсу Тамарэ псалъэ къратащ. Аргуэру экзамент жыпIэнт, апхуэдизу къэуцIыплъати, къигупсыса тIэкIухэри щыгъупщэжу тхылъымпIэ зэхэтхыхьам хэплъэжми, итха дыдэм къемыджэжыфу щыхуежьэм, тхылъымпIэр лъэны-къуэкIэ иригъэкIуэтэкIри залым щIэсым къахэплъащ. Темэ хъарзыни и гум къэкIащ: илъэсипщIкIэ цIыкIур фIым щагъэгугъ защIэурэ ирагъаджэри, школыр къиухрэ институт щIэтIысхьэну щыхуежьэм деж, щIегъуэжыкIейр и махуэу щIрагъэгъуэж жиIэу арат зи щхьэфэ и Iэбэнур. Абы зыри тепсэлъыхьатэкъым. Тамарэ езым и нэгу щIэкIар хъарзынэу жиIэжащ, къедаIуэхэри Iэгу къыхуеуащ, псоми гу лъатащ Тамарэ зэрыхъыджэбз губзыгъэм. Семинарыр зэхуэзышэса щIалэри къыбгъэдыхьэри къыщы-гуфIыкIащ, «фIыуэ укъэпсэлъащ» жиIэри. ЩIалэм и цIэр То-гъуэнт, лъагъугъуафIэт, Iэпщацэ-лъэпщацэу плъагъурти, спорт-менуи къыщIэкIынт. Иджыри къэс къыбгъэдэмыхьауэ, щIалэр щилъагъум, Тамари къэуIэбжьат.

Махуэм семинарыр яухауэ «иджы ди унэ сехыжынщ» щыжиIэ дыдэм Тогъуэныр аргуэру къыкъуэкIащ:

– ДэнэкIэ?

– Сехыжынущ.

– Детдомми?

– НтIэ, дэнэ сыкIуэн? Детдомырщ си адэри си анэри. СыщапIащ, иджы сыщолажьэ.

– Уи закъуэ укIуэжыну?

– Щхьэ си закъуэу. Алыхьыр си гъусэщ.

– Ар сыту фIыт! ТIуми ди гъусэр зыщ абы щыгъуэ, – жиIэри Тогъуэн ину дыхьэшхащ, и дыхьэшх макъыр псоми зэхахыу.

– Ди гъусэр зыми, ди гъуэгур зырызщ, – жиIэри Тамарэ зихуэпэжати, къежьэжыну арат. Тогъуэн и гум ирихьащ, Тамарэ жиIэн къигъуэту, хъыджэбз гу къабзэу, лъагъугъуафIэу, щIыкIа-фIэу къыфIэщIати. И нэкIук Iэ дахэ дыдэу щымытми, Iэпкъ-лъэпкъ дахэ иIэт, узыIэпызышэ гуэри хэлът, хэлъыр зищIысыр умыщIэу, «сепсэлъащэрэт» жыпIэу бзэ IэфIи иIэт. Тогъуэн жиIэ щымыIэу Тамарэ бгъурытурэ автобусыр къыщыувыIэмкIэ яунэтIащ.

– АвтобусымкIэ дыкIуэмэ, ди гъуэгури зы хъуркъэ? – жиIэу къыпыгуфIыкIащ, и дзэ хужьышхуэ къомыр уигъэлъагъуу. – НакIуэ, унэзгъэсыжынщ. СоцIыху сэ фи жэнэтым узышэ лъагъуэр.

Тамари жиIэн игъуэтынтэкъэ:

– Уэ жэнэтым урашэмэ, уи вакъэр къибнэу укъимыкIыжыну пIэрэ?

– Сыкърахумэ – улъапцIэу нэхъ псынщIэу уожэ.

Иджы тIури дыхьэшхащ зэщогуфIыкI жыпIэу.

Пщэдджыжьым Тамарэ жьыуэ къэтэджри гъуджэм иплъэу тIысати, и пэ игъащIэм фIэкIыхьар иджы мыкIыхь дыдэуи къилъытащ, пащIэ фIыцIэ цIырхъ тIэкIури апхуэдизу шынагъуэу къыфIэщIыжакъым, и нитIри къабзэт, Iупэ тIэкIур къэпща хуэдэми, нэкIущхьитIырщи – дэбгъуэн лъэпкъ щыIэкъым, натIэм и нэхъыбитIыр щхьэц дахэм щIахъумэ, жьэпкъыр – алыхьым къыузэритынщ, набдзэр IувыIуэу къыпфIэщIми, къуаншэщ. КIэщIу жыпIэмэ, Тамарэ щIалэ къыдихьэхыным зыри хуэIуакъым. Ар и гурыфIыгъуэу, и тхылъ тIэкIухэр зэщIикъуэри семинарым кIуащ.

Тогъуэн къыпэплъэу къыщIэкIащ:

– Сыт хуэдэ фи детдомыр – и пIэм ит?

– Хьэуэ. ТIэкIу мыдэкIэ къэкIуэтащ, – жиIэри Тамарэ фэрыщIыгъэ тIэкIу хэлъу къыпыгуфIыкIащ, щIалэр ээрилъэгъуар и гуапэ хъуауэ.

Модрейми хъыджэбзым жиIар и фIэщ хъуа хуэдэу зещI:

– Сыту фIыт, ярэби. Семинарыр дыухыху гъунэгъубзэ хъунщ итIанэ. Автобуси ухуеиххэкъым.

Пщыхьэщхьэм кино къагъэлъэгъуэну клубым псори щыщIашэм, Тамарэ я ужь зыкъригъэнащ, кIуэжын и хьисэпу. Тогъуэн абы гу лъитати, къыбгъэдыхьащ:

– Уэ щхьэ ущIэмыхьэрэ?

– КIыфI хъумэ, сыкIуэжыфынукъым.

– Сыт щхьэкIэ – гъусэ хъарзынэ уиIэкъэ? НакIуэ, накIуэ, умыгузавэ абы щхьэкIэ. Дружинникхэр уи гъусэу уедгъэшэжынщ.

Тамарэ клубым щIыхьэри бжэм и гъунэгъуу тIысащ, иужькIэ щIэкIуэсыкIыжын и гугъэу, арщхьэкIэ Тогъуэн къакIуэри къыбгъэдэтIысхьащ. «Мы слъагъум сигъэкIуэжыну къыщIэкIынкъым» жиIэу Тамарэ къэгузэва щхьэкIэ, кином къызэрыщIидзэу псори щыгъупщэжащ, щIыщыгъупщэжари фильмыр гъэщIэгъуэныщэу дихьэхауэ аратэкъым. Тогъуэн гъунэгъуу здэщысыр фIэмащIэу хъыджэбзым дежкIэ зыкъригъэщIауэ щыст. Тамарэ фильмым еплъ щхьэкIэ, зэгупсысыр щIалэрат.

Кинор зэфIэкIауэ клубым щIэсар къыщыщIэкIыжым, Тамарэ щIалэм дежкIэ къеплъэкIащ:

– Автобусым сыкъыкIэрымыхуауэ къыщIэкIащэрэт, – жиIэри.

– Сыт щхьэкIэ, дружинникым уашэжыну дызэгурыIуати.

– Дружинниккъэ сымылъагъуххэр.

– Сэ зы солъагъу. Зы узыхуейр хьэмэ куэд?

– Зыри босын.

– НтIэ дызэгурыIуащ. НакIуэ. Уесшэхыжынщ.

– Уэра дружинникыр? Алыхь, хъуатэм иджы ар. – Абы нэхъыбэ жамыIэурэ, щIалэмрэ хъыджэбзымрэ зэгъусэу уэрамым теуващ. Жэщыр кIэгъэпшагъэт, арщхьэкIэ щIыIэтэкъым, жьы къемыпщэу уэмт, уэрамым уэздыгъэ зырыз фIэкIа теттэкъыми, гъуэгур тыншу плъагъуртэкъым. Тогъуэн хъыджэбзым и Iэблэр иIыгъыу хуэсакъыурэ кIуэрт, псы ина, ятIэ хуэзэмэ, къыпикIухьурэ. Детдомым нэс километритху дэлът, итIани апхуэдиз гъуэгур зэпачыху зы автобус фIэкIаи блэкIакъым, а зыри нэщIу блэкIащ, ис щIагъуэ щымыIэу.

– IэнэщI мыгъуэу макIуэ, – жиIащ Тамарэ автобус адэкIэмыдэкIэ иридзэкIыу ехым щхьэкIэ. ЯмыщIэххэу псы ина тIэкIу хуэзати, ямылъагъуу хэуващ. Тамарэ къыхэпкIыжри дыхьэшхащ.

– ЛIо, уи хьэм бажэ къиубыда?

– Къиубыдащ, тхьэ.

– Бажэ шыру къыщIэкIынщ. – Тогъуэн лъакъуэкIэ щIым тоуэ ятIэр кIэригъэхун и хьисэпу, лъэпэдыр псыф зэрыхъуар зыхищIа щхьэкIэ, фIэIуэхукъым.

– Бажэшхуэщ. ЗэрамыщIэжщ, – жиIэщ Тамари, и Iит Iыр ишиящ, бажэм и инагъыр уигъэлъагъу хуэдэу.

– Уэлэхьи, ар зи инагъ бажэ ХъынцIэл дежи щумыгъуэтыну. Пщамп IэфI къыхэкIынщ. И фэр сыт хуэдэу пIэрэ? Гъуабжэ? ФIыцIэ?

ХъынцIэл жыхуаIэр Тамарэ дэнэ щищIэнт, – арщхьэкIэ щIэупщIакъым. ЩIэупщIатэмэ, Тогъуэн къригъэдэIуэнт сонащхьэ дэс мэзхъумэм и хъыбар. А лIыр зымыцIыхуу хэкум исыр зырызт, псом хуэмыдэу зызыгъэIэтащхьэу хьэIусыпэ зратым яцыщу. Абы нэмыщIыж, министрхэр е нэгъуэщI къулыкъущIэшхуэхэр Кисловодск, Пятигорск загъэпсэхуну къакIуэмэ, ХъынцIэлт япэ зыщIэупщIэр. МашинэкIэ, вертолеткIэ къакIуэрти, щакIуэу мэзым щIэтт, езы ХъынцIэли жеIэ закъуэ: узыхуей хьэкIэкхъуэкIэ къиубыдарэ бгъуэнщIагъым щIиубыдауэ иригъэхьэлIэнщ, хьэщIэр здэкIуэ лъэныкъуэмкIэ къиутIыпщынщи, еуи, къэукI. «Мыр сэ си IэкIэ къэзукIащ» жыпIэу санаторэм къыбдэщыIэ ныбжьэгъухэр зэхэбгъэсын жыхуэпIэр мащIэ и уасэщ зы махуэ Iуэтэжыгъуэу. А псор Тамарэ дэнэ щищIэнт, щIэупщIэнуи и гум къэкIыххакъым.

– Гъуабжэми фIыцIэми, дахащэщ, тхьэ, – Тамарэ къыгурыIуащ щIалэр зыщIэупщIэр, арщхьэкIэ къыгурымыIуа хуэдэу зищIащ.

– Сыт щхьэкIэ? Бажэ дахэ дыдэ цIыкIур гуэныхькъэ, тхьэмыщкIэ цIыкIу.

– Трет ари дунейм, къэзылъагъур игъэгуфIэу.

– Ар зылъагъу псори щыгуфIыкIрэ? Япэ зылъэгъуам зыIэщIигъэкIынукъым, и фэр трихынщи, и фызым хуихьынщ. Зэхэпхакъэ «бажэм и фэр и бийщ» жаIэу? Бажафэ пщампIэу

уиIамэ, уэри уи пщэр бгъэхуэбэнт, – жиIэри Тогъуэн хъыджэб-зым и пщэдыкъым теIэбащ.

– Бажэ сиIатэмэ, сэ сщIэжынт есщIэнур.

– Сыту пIэрэт?

– Изгъэсынт сызэрыс гъуэм, зыхуей хуэзгъазэу. Си пэшым дыщIэхуэнут хъарзынэу.

– Сыбажэ мыгъуэу сыщытатэмэ, аратэкъэ иджы, – жиIэри Тогъуэн дыхьэшхащ.

– Алыхь, си гъуэм уэ уисын щхьэкIэ, хьэпи-шыпи къыхын хуеймэ. Сэри дэнэ сыкIуэнт? Пэш тIэкIур Хьэнифэ къызитащи, тхьэм фIыуэ щыIэр къыхуищIэ. Адэ-анэ сиIатэмэ, бажафэ пщампIэ кьысхуащэхункIэ хъунт, ауэ директорым сэ къысхуищIар къыпхуэзыщIэн Iыхьлы щымыIэ.

Детдомым я куэбжэм къызэрысыжар Тамарэ щилъагъум, гъунэгъущэу бгъэдэмыхьэу къэувыIащ, щIалэ и гъусэу къэкIуэжауэ къалъагъумэ, фIэемыкIуу.

Езы хъыджэбзыр гъуэгум тетыху, нэхъыбэу зэгупсысар Тогъуэнт: «Мыр сыту пIэрэ зыхуейр? СыкъигъэпцIэну ара хьэмэ зыгуэркIэ и гур къыскIэрыпщIауэ ара?» – жиIэу. Апхуэдэ щIалэ къыдихьэхыфыну и гугъэххэнтэкъым. Пэжщ, щIалэр и гум ирохь, псэкIи зыхещIэ, сыту жыпIэмэ, иджыри «а, си хъыджэбз» жиIэу и анэ е и адэ къедэхэщIакъым, и Iыхьлым ятеплъэхха-къым, классым щIэсу егъэджакIуэм «уи дерсыр хъарзынэу зэбгъэщIащ е задачэр тэмэму пщIащ» жаIэу къыщытхъумэ, абы нэхъ псалъэ IэфI иджыри къэс зэхихакъым. Тогъуэн бзэ IэфI иIэщи, удехьэх, «иджыри сыт жиIэу зэхэсхыну пIэрэ» жыпIэу упоплъэ. СыкъигъапцIэу ежьэжын и гугъэмэ, щоуэ, сэ седжэну мурад сиIэщи, седжэнущ, Iэмал имыIэу, си щхьэ спIыжын хуейщ, сызыщыгугъын Iыхьлы сиIэкъым, си къарум, си акъылым къамыхь къыслъысынукъым жиIэу арат Тамарэ игукIэ зытриухуар, гу зылъримыгъатэми.

Тогъуэн зэгупсысыр нэгъуэщIт: мыращ фи нысэр жысIэрэ си анэмрэ си шыпхъумрэ Тамарэ езгъэлъагъумэ, дауэ защIыну пIэрэ жиIэу. И анэм жиIэн щыIэкъым, хэт къапшэми идэнущ, ауэ и шыпхъум сабэ дримыпхъеину Iэмал иIэкъым. Маликэ къызэрыфIэщIымкIэ, и дэлъхум хуэдэ щIалэ къалэм дэскъым, Iэпэ зыхуишийр къыдэкIуэну хьэзырщ, езыр зыхуэдэр ищIэжрэ имыщIэжрэ тхьэм ещIэ – Тогъуэн и фIэщ хъуркъым ищIэжу. Зэгуэр и дэлъхур гушыIат псалъэм къыдэкIуэу:

– Хъыджэбзыр хьэщIэщ жыхуаIэр аращ.

– Сэ сыдэкIуэнукъым, тIысэ, ущымыгугъ, – жиIэри Тогъуэн жиIэну и гугъар жьэдигуэжат.

– Ар дауэ хъунт?

– ЛIо, сыкъэвужэгъуа? Си щIакхъуэ Iыхьэ къызолэжьыж.

Тогъуэни абы къыфIигъэкIакъым, и шыпхъум и жагъуэ

имыщIын щхьэкIэ.

ЩIалэмрэ хъыджэбзымрэ семинарыр яуха нэужьи зэхуэзэрт, кино, концерт сытхэм кIуэрт. Нэхъыбэрэ зэгъусэ пэтми, я гур нэхъ зэкIэрыпщIэрт, нэхъ зэхуэгуфIэу, зэхуэзэшу, фIы дыдэу зэрылъагъу хъуати, махуитI яхуэхьыртэкъым зэхуэмызауэ. Малики зыгуэркIэ гурыщхъуэ ищIырт: «Си дэлъхур дэзыхьэха щымыIэу си фIэщ хъуркъым», – жиIэу. АрщхьэкIэ и дэлъхум зыхигъэгъуазэртэкъым мащIэ и куэда, и шыпхъур цIыху зэкIэщIэшауэ зэрыщытыр ищIэжырти. «Спортивнэ разряд къызатыну сыщогугъ» жиIэмэ, спортыр аращ зи ужь итыр жиIэу арати, гу лъитэртэкъым пщыхьэщхьэ къэс щIалэр здэкIуэм.

Зэгуэр и анэм аргуэру къыщIедзэ:

– А си щIалэ, чэзу зимыIэ щыIэкъым. Спорт защIэкIэ упсэун? Спортыр уи къару илъыхукIэщ. Уи къару имылъыжу къэпшэнIауэ ухуежьэми, мыхьэнэ щIагъуэ къикIыжынукъым. Уи щхьэм егупсысыж. Хъыджэбз мащIэ щыIэ? КъахэпхынуIамэ, зумылъэфыхь.

Тогъуэни жиIэнур хьэзырщ:

– Пщыгъупщэжа, дянэ, сыкъызэрыбгъэгугъар?

– СыткIэ укъэзгъэгугъа, на-а?

– «Москвич» къысхуэпщэхуну жыпIатэкъэ, фыз къасшэмэ? Пщыгъупщэжа?

Зэанэзэкъуэм жаIэр Малики зэхихащ:

– Къэпшэнум си фIэщ хъун имыIэу «Москвич»? – Маликэ ищIэххэртэкъым и дэлъхум къишэну мурад ищIами, къимышэнуми, ауэ сытми псоми и псалъэ хиIуу есати, нэгъуэщI пэшым щIэсу къыщIэкIикIащ, Тогъуэн «зыгуэр къыздимыщIэу пIэрэ» жиIэу гурыщхъуэ иригъэщIу.

– Хэт зи гугъу пщIыр?

– Сэ сщIэ мыгъуэрэ? Иджы къашэм зыхуейр иIэу къашэ.

Тогъуэн щигъэтыжащ, жызмыIэн жызагъэIэмэ жыхуиIэу, арщхьэкIэ и фIэщ хъужыртэкъым Маликэ къыкIэлъымыплъауэ е зыгуэр къыжрамыIауэ. Езым и къэшэгъуэ зэрыхъуар ищIэжырт икIи фIэфIт, къишэмэ. ЛэжьапIэм щыкIуэми арат зэгупсысыр: Iэтащхьэ гуэрым ипхъу улъыхъумэ, къуамытынкIэ мэхъу, щхьэусыгъуэ ящIу. Абы нэмыщIыжу, лъэкIыныгъэ зиIэхэр пыхъуэпышэ пщIымэ, сыт къохъул Iами, къохъулIар благъэ пхуэхъуам я фIыгъэу къалъытэнущ. Хъыджэбзым я нэхъ дахэр къыппэщIэхуауи щIы – тIэкIу докIри дахагъэр пощэщыж, адрейхэм ещхьыркъабзэу къонэж. Тогъуэн дауэ егупсысми, къишэн мурад ищIауэ арат.

ЩIалэмрэ хъыджэбзымрэ зэсауэ, я псэр фом зэкIэригъэпщIа цым хуэдэт. Зы жэщ гуэр детдомым къэсыжа къудейуэ, уафэгъуагъуэ уэшхышхуэм хиубыдати, Тогъуэн хъыджэбзым и «гъуэм» имыхьэу хъуакъым, тIури уэшхым фIыуэ иуфэнщIауэ,

заущэхуауэ зыкъомрэ щысащ, «зыгуэрым гу къытлъимытащэрэт» жаIэу. Тамари шей тIэкIу къищIри ефа нэужь, уэздыгъэри ункIыфIащ, зэзэмызэ уафэхъуэпскI нур щхьэгъубжэ цIыкIум къыдидзмэ, я нэкIур къигъэнэхуу зэбгъэдэст.

А жэщым Тогъуэн унэм зыкъыщIигъанэри нэху къыщекIащ, пщэдджыжьым жьыуэ къэтэджри детдомыр къызэщIэмыушэу щIэкIуэсыкIыжащ, къэзылъагъу щымыIэу. «Жэнэтым урагъэхьэ хъунукъым уэ», – жиIэу Тамарэ къыщыгуфIыкIа фIэкIа, зыкIи къигъэкъуэншакъым. Абдежым щыщIэдзауэ Тогъуэн мычэму щхьэусыгъуэ къигъуэтурэ Тамарэ деж къыщIыхьэрти, къыщIэнэу хуежьащ. И дэлъхур жэщкIэ къэту щилъагъум, Маликэ кIэлъыплъурэ къижыхьащ, цIыхубз и гъусэу щилъагъум, тхьэм ещ Iэ мурад ищIар, зиущэхури тIысыжащ.

Тогъуэн, зыми гу лъамытэу, хущIыхьэмэ, Тамарэ деж кIуэрэ я нэгу зрагъэужьу Iэджэ екIуэкIащ. Зэгуэр зэбгъэдэсу здэщысым, Тамарэ гушыIэрэ и фIэщу жиIэрэ къыпхуэмыщIэу къэпсэлъащ:

– ПщIэжрэ, зэгуэр укъызэупщIати: уи хьэм бажэ къиубыда жыпIэри.

– ЩыIэщ апхуэдэ щIагъыбзэ. Къиубыда аргуэру?

– Зэ къиубыдауэ щытам и фэр тесхри пщампIэ сщIащи, сигъэбауэркъым.

– Сыту?– Тогъуэн хъыджэбзым дежкIэ еплъэкIати, гу лъитащ, гузэвэгъуэ гуэр цIыхубзыр зэрыхэхуам. Тамарэ зигъэнэщхъыфIэ хуэдэу зищI щхьэкIэ, и нитIым нэпсыр щIэзти, езыри къэуIэбжьащ. – ПщIыхьэпIэ Iей илъэгъуауэ ара?

– ПщIыхьэпIэу щытамэ, аратэкъэ. – Тамарэ щхьэгъубжэIупхъуэр Iуигъэк Iуэту плъэмэ – директорыр пщIантIэм дэту елъагъури къоскIэ, мыбыкIэ къыщIыхьэрэ дыкъилъагъумэ жиIэу. Хьэнифэ и хабзэт псом нэхърэ нэхъапэ къакIуэу. Тамарэ и нэкIущхьитIри цIыплъ къэхъуащ, и гур къызэфIэнэри и нэпситIыр хуэмыубыду къелъэлъэхыу хуежьащ, щIалэми ищIэнур ищIэркъым.

– ПщампIэм уимыгъэбауэмэ, куэдрэ: техи, зэфIэкIащ.

– Тогъуэн гушыIэ хуэдэу зищIми, къыгурыIуащ хъыджэбзыр зыгъэгузавэр, жиIар къемызэгъыу гу лъитэжа щхьэкIэ, псалъэм къагъэзэжын?

Тамарэ къеплъэкIри псалъэ жимыIэу зиущэхужащ.

Тогъуэн хъыджэбзыр къызэщIиубыдэри зрикъузылIауэ йоупщI, гушыIэ лъэпкъ хэмылъу:

– Сыт къэхъуар? ЖыIэ, сэбэп сыпхуэхъункIэ хъунщ. Хэт ищIэрэ.

– Уэ пщIэжынкIи хъунут къэхъуар... – жиIэри Тамарэ и щхьэр къыфIэхуащ.

Тогъуэн къыгурыIуащ къэхъуар:

– Iэуа цIыкIу диIэну аракъэ?– жиIэу щIалэр къыщепсалъэм, хъыджэбзым и гур занщIэу къызэрогъуэтыж, «диIэну» жыхуиIэ

псалъэр хущхъуэ хуэхъуауэ.

– Аращ, – жиIэри зиущэхужащ. «Сыту пI эрэ иджы жиIэнур?» жиIэу пэплъэу.

– НтIэ хъарзынэкъэ. Сабий щIэхъуэпсу, сабий ямыIэу дапщэ ухуей! Хъыджэбзмэ – дарий джанэ, щIалэмэ – лъэпкъым я къупщхьэщ. Узыншэ цIыкIуу дунейм къытехьэмэ, аращ.

– Адэ имыI эуи?

– Сыт щI имыIэр? Адэ сыхъуфыну фэ стеткъэ?

– Пэжу жыпIэрэ? – жиI эри Тамарэ къэгуфI эжащ, Тогъуэн жиIэр и фIэщ дыдэ мыхъуами.

– Ара бэуапIэ къозымыт бажафэр?

– Ара мыгъуэщ, си фэр ирихащ, мыр дауэ жесIэну жысIэурэ, дапщэ хъу уи гугъэ си нэбдзыпэ зэрызэтезмылъхьэрэ?

– Сэри зэтеслъхьэнтэкъым, нэхъапэ сыбгъэщIатэмэ. Иджыкъэ щызэтедмылъхьэнур! Зыхуэгъэхьэзырын хуейкъэ хьэгъуэлIыгъуэм. Ныбжьэгъу жыпIэнущи – спорт секцэр зэрысекцэу нэкIуэнщ, уэри уи детдомыр хьэзырыпсщ: транспарант яIыгъыу демонстрацэм зэрыкI уэ дыдэм хуэдэу нрекIуэ. Хъунукъэ?

Тамарэ къэгузэвэжащ, аргуэру мыбы си щхьэр имыудэгуу узиIэ жиI эу: Тогъуэн и гушыIэк Iэр и гум ирихьыщатэкъым.

– Детдомыр зыгуэрт, уи анэм идэ закъуэм.

– Си анэм щхьэкIэ умыгузавэ. Къапшэм «Москвич» къыпхуэсщэхунщ жиIащи, жесIэнщ: «Къащтэ уи машинэр, уи нысэр мис», – жысIэнщи. Си анэр цIыху хьэлэлщ, сэ жысIэр къыздиIэтынущ.

– Уи шыпхъури арагъэнщ. И анэ еплъи, ипхъу къашэ.

– Си шыпхъумрэ си анэмрэ я хьэлыр зырызщ. Маликэ зихъунщ Iэми, зрехъунщIэ, Iуэхур зэрыхъун хъуа нэужь, сыт ищIэжын?

Тогъуэн тегушхуауэ хьэгъуэлIыгъуэм тепсэлъыхьа щхьэкIэ, къыгурыIуэжырт Iуэхур зэфIэкIыгъуафIэу зэрызэфIэмыкIынур, зэран къахуэхъуну щыIэр и шыпхъум и закъуэтэкъым. ЩIалэм мурад ищ Iащ: фыз къызэришэр ибзыщIрэ сыкъыщалъхуа махуэр согъэмахуэшхуэри «сыкъэк Iуэнщ» жызыIэр фыкъакIуэ жиIэу и ныбжьэгъухэм хъыбар яригъащIэмэ, зыф IэфIыр къэкIуэнщ. ХьэщIэр къызэхуэсрэ зы бжьи бжьит Iи дадза нэужь, сыти яжеIэ – «ура!» жаI энщи, сытри къыпхуагъэгъунщ. Ар Тамарэ щыжриIэм, и гум ирихьакъым, «нэчыхьыр-щэ?» жиIэри. Пэжу, Тогъуэн нэчыхьым егупсысакъым. ЛI о нэчыхьыр? Нэхъапэ щIыкIэ ебгъэтхынщи, иужькIэ сыт хуэдэ хьэгъуэлIыгъуи къык Iэлъыгъак Iуэ. Тамарэ фIэмыфI ми, еувэлIащ, нэчыхьыр псом нэхърэ нэхъапэу къилъытэрти. «ТIум щыгъуи къэкIуэнури зыщ, къахьынури зыщ» жиIэу аратэкъым Тогъуэн зытрищIыхьыр, и фызышэр хэIущIыIущэ имыщIыну, и анэм «Москвич» къищэхуну зэхуихьэса ахъшэми хэмыIэбащэу езым и къарукIэ псори зэфIигъэкIмэ, нэхъ къезэгъыу къилъытауэ арат.

Тамарэ нэхъ зыфIэлIыкIыр директорырат, дауэ жепIэну «си хьэгъуэлIыгъуэм накIуэ» жыпIэу, аргуэру экзамен тыгъуэр къэсмэ, Хьэнифэ къызэригъэгугъам хуэдэу къыдэIэпыкъуну пIэрэ, хьэмэ унагъуэ ущихьакIэ уи щхьэ Iуэху уэ зехуэж жиIэу лъэныкъуэ зригъэзыжын? Абыхэм егупсысурэ, Тамарэ мадэ, мабзэ – зегъэхьэзыр, и гурыфIыгъуэр и гум ихуэжыркъым, дуней насыпыр къеуэлIа и гугъэжщ, итIани и гур зыгуэр щхьэкIэ мэгъу, щIэгъур къыхуэмыщIэу.

ХьэгъуэлIыгъуэм и пIалъэр къэблэгъэпауэ, Маликэ я унэм къыщIолъэдэж, унажэ къэжа хуэдэу, занщIэу уафэм сабэ дрипхъейуэ хуожьэ, и анэми и дэлъхуми яхуэхъущIэу:

– Фыслъэгъуащ дыгъуасэ. Сыту Iейуэ зыкъизых къэбгъуэтари! Дядя Степэ жыхуаIэр армырауэ пIэрэ?

– Хэт, на-а, зи гугъу пщIыр? – жиIэри я анэр пщэфIапIэм къипсэлъыкIыу къыщIэупщIащ.

Тогъуэн стIолым бгъэдэсу щысти, зиущэхуащ, сыту пIэрэ адэкIэ къыпищэнур жиIэу пэплъэу.

– Уригъусари зыгуэрщ. Къомышэ закъуэ а пащIэ зытет кIыхьыжьыр. Зыри жыпIэркъыми! Сэ сызэпсалъэр уэрмырауэ пIэрэ? – Маликэ и дэлъхум деж щIыхьащ, и щхьэц утIэрэзам хэIэбэри къызэщIиубыдэщIэгум изи, и щхьэр къиIэтащ.

– Сэ сотхэ. СкIэрыкI, – жиIэу и шыпхъур тIэкIу IуигъэкIуэтын и гугъа щхьэкIэ, дэнэ – модрейр къытехьащи, пэцыр елыгъуэ.

– Ар къапшэми! КъызжиIакъым жумыIэж! Зы махуэ сыщIэсынкъым мы унэм. Нэф ухъуа? Плъагъуркъэ ар зыхуэдэр?

– Сыт мыгъуэ къэхъуар? Дэнэ уздэкIуэнур? – жиIэу Рум къэгъыным нэсауэ къэпIейтеящ.

– СыздэкIуэнури?! Дэнэ сыкIуэми, сыдэкIынущ.

– УщыдэкIкIэ хъыбар дыгъащIэ, – жиIэри Тогъуэн и тхэныр зэпигъэуащ, и шыпхъур нэхъри къызэрыкIауэ унэм щIэзэгъэжыркъым.

– Къэпшэнуи къыщIокI! Ара?

– НтIэ, сыночэнджэщын уи гугъа?

– Укъызэчэнджэщми, ягъэ кIынкъым, си дэлъхушхуэ. Сыхамэкъым. Сэ зыращ уи анэ къилъхуауэ уиIэр. Зы унэм дыщIэсщ.

– Уэ сыноупщIрэ дапщэщ удэкIуэну жысIэу?

Тогъуэн и псалъэр и шыпхъум шэ фIыщIэу техуащ, къыдэнэжауэ зэрыдэсым арыншэми зэгуигъэудырт, и щхьэм мыгъуагъэ хуихьыжу. Маликэ и фэкIэ хъыджэбз Iейтэкъым, и хьэлыр жумыIэмэ, IэкIуэлъакIуэт, IэпщIэлъапщIэт, губзыгъэт, ауэ и жьэр зэтрихакъэ – щIэпхъуи, уи кIэр исауэ жэ – маисэщ, пэрыIэбапIэ имыIэу. И насыпыншагъэр къызыхэкIри арагъэнт.

– Абы сыт уи Iуэхуу хэлъ?

– Сэ къэсшэнум уи Iуэху хэлъ?

– НтIэ, плъагъункъэ зэрыхъур. ЛъэмбытI къыщIезгъэчэнкъым унэм. ЛъэмбытI ари! Зыщумыгъэгъупщэ бжесIар, –

жиIэри Маликэ и дэлъхум и пэшым щIэкIыжащ.

Рум и кIэпхынымкIэ и Iэр илъэщIурэ и къуэм деж къыщIэмыхьэу бжэщхьэIум тету къэпсэлъащ:

– Сыт къэхъуар? Щхьэ фызэфIэна?

Маликэ и пэшым щIыхьэжауэ щIэсщ, Тогъуэн и анэм деж кIэ къемыплъэкI ыххэу къоупщI:

– «Москвичыр» къэбгъэхьэзыра?

– Си нысэр сымылъагъууи?

– Уэзгъэлъагъурэ уигу иримыхьмэ, дауэ хъуну?

Рум и макъым зригъэIэтащ, и пхъум зэхихмэ и гуапэу:

– Уэ уи гум ирихьар си гум щIримыхьынур сыт, на-а? Уэращ дэпсэунур. Фызэзэгь закъуэмэ, сэ сыт – ноби пщэдеи.

– Маликэ жиIар зэхэпхыркъэ? Нэхъапэ щIыкIэ, жи, шыгъэжэным хуэдэу дегъэплъи, дигу ирихьрэ – къэпшэнщ, иримыхьрэ – мэзым сыщI ыхьэжынурэ бгъуэнщIагъым сыщIэсу си гъащIэр схьынущ. СыхулIэ апхуэдэ шыпхъу.

– Апхуэдэ дыдэу жумыIэ, на -а. Хэтхэ япхъу?

Рум зыщIэмыупщIапхъэ дыдэм щIэупщIащ. Ар зи пхъур езы хъыджэбзым ищIэркъым, Тогъуэн дэнэ щищIэн?

– Къэсша нэужь къэпщIэнщ. Машинэр сыкъыщалъхуа махуэм хуэзэу къэщэхуф.

– Укъыщалъхуа махуэр бгъэлъэпIэну ди хабзэкъым игъащIэм. ЦIыхур лIа и ужькIэщ къигъэщIа илъэс бжыгъэр я гум къыщагъэкIыжыр. Ари деур щащIым дежщ. Иджы хабзэщIэ къежьар сэ схуэкъутэжынукъым, укъыщалъхуа махуэри босын. Машинэм щхьэкIэ сыкъэзыгъэгугъам сыкъигъэпцIэжынкъым, уэ уи гум ирихь ухуэзамэ, къашэ, тIысэ.

Тогъуэн и анэм жиIар и гум ирихьати, къэтэджри и анэм IэплIэшхуэ хуищ Iащ, Маликэ зэхимыхаIауэ зищIащ.

– Сыкъыщалъхуа махуэм, къыбгурыIуа?

Тогъуэн Тамарэ щыхуэзэм, жриIащ: «Си анэми си шыпхъуми яжесIащи, тIури гуфIэщауэ ящIэр яфIэмащIэу загъэхьэзыр, уэри умыбэлэрыгъ», – жиIэри. Хъыджэбзым ар и гуапэ мыхъуу къэнэнт, игъащIэм уэрэд жиIэу и мыхабзами, уэрэд жиIэ хъуащ, гу зылъимытэжу. Тогъуэни ахъшэ лей имыгъэкIуэдын щхьэкIэ, мэлыр бэзэрым къыщимыщэхуу Къущхьэхъум кIуэуэ мэлыхъуэм я деж нэхъ пуду къыщищэхуну мурад ищI ащ. Спорт школым щIэс щIалэгъуалэми ягурыIуащ фызышэм накIуэу зэбэныну, текIуэм нысащIэм саугъэт гуэр къриту.

Iуэхушхуэ къезыхьэжьэм жьауэм щI эсыпIэ иIэжкъым жыхуаIэу, етIысэхыгъуэ ямы Iэу Рум сымэ жэщ, махуэ жамыIэу загъэхьэзырт. Маликэ сэбэп зэрыхъу щIагъуэ щымыIэми, зэран хъуртэкъым, и анэр фIыуэ къегия нэужь. Маликэ, тхьэм ещIэ и гум къэзыгъэкIар, телефонкIэ и дэлъхум и ныбжьэгъу гуэрым епсэлъащ, псалъэм къыдэкIуэ хуэдэуи еупщIащ:

– Тогъуэн и махуэшхуэм укъакIуэрэ? – жиIэри.

– Фызышэр ара зи гугъу пщIыр?

– Аращ. Ар махуэ цIыкIу?

– Iэмал имыIэу. ГупыфI дыхъуу. НысащIэм и Iыхьлы нычымыкIуэкIэ, дэ дынэкIуэн хуейкъэ?

– Сыт, на-а, къыщIэмыкIуэр, къэкIуэнщ...

– Хэт къэбгъэкIуэнур? Детдомым щапIащ...

Маликэ къэмэхыным нэсауэ трубкэр трилъхьэжыфа къудейуэ, и лъэр щауэ зыкъомрэ щысащ. А пкIауэ лъакъуэу пащIэ зытетыр детдомым къыщыхъуауэ къыщIокI, къызыхэкIа лъэпкъыр имыщIэжу жиIэу Iэпэлъапэсыс хъуат, апхуэдизу къытехьати. ИтIанэ хьэпщIэум хуэдэу кIийуэ къыщылъэтащ:

– Нанэ! Нанэ! КъакIуэт мыдэ псынщIэу! Нанэ, зэхэпхрэ? – Маликэ мафIэ къыщIэна хуэдэт.

– Сыт, на-а, къэхъуар? СхущIыхьэркъым сэ, плъагъуркъэ? КъакIуэ, ухуеймэ.

Рум бжьынымэ, шыбжиимэ, бжьыныхумэ сытхэр къыпихыу жьэгу пащхьэм къыпэрыкIри бжэщхьэIум къытеуващ:

– Сыт къэхъуар, сыт ущIэкIийр, жылэр къэбгъэдаIуэу?

– Дауэ узэрымыкIиинур? Уи къуэм фыз къешэ...

– НтIэ, хъарзынэкъэ. Къыщалъхуа махуэмрэ и фызышэмрэ зэтохуэри, гуфIэгъуитIым дыхэтынщ.

– Хэт къишэр? ПщIэрэ нысэ пхуэхъунур?

–Хэтми, къишэр ди нысэщ. Хуэфащэр хуэтщIэнщ.

– НтIэ сэ фхуэсщIэнIауэ фыкъысщымыгугъ. И адэр дымыщIэу, и анэр дымыщIэу – ар дауэ? «Усыт нацие?» – жаIэу къеупщIмэ, «сыдетдомнациещ» жиIэу ирегъэтх. Сыт абы хуэфащэу хуэпщIэнур?

Детдомым тет Хьэнифэ и пхъур иригъашэ хуэдэу гуфIащ Тамарэ щхьэкIэ, егъэджакIуэхэри зэхуишэсри елъэIуащ щхьэж хузэфIэкIым хуэдиз ахъшэ къагъэтIылъыну, нысащIэр зыхуэныкъуэ сытхэр къащэхуну, детдомым я ахъшэм хэмыIэбэу ахъшэфIи зэхуихьэсащ. Автобус ин яIэти, шоферым унафэ хуищIащ зигъэхьэзырыну, хьэщIэу сыкIуэнщ жызыIэр ишэну, а здэкIуэ унагъуэми сэбэп яхуэхъуну.

Псори зэфIэува нэужь, езы Хьэнифэ яхэту хьэщIэ къомыр кIуащ, пшынауэ я гъусэу, саугъэту Iэджи здашэри. Адыгэ хабзэм къемызэгъыщэми, щауэ щIалэм нысащIэр бгъэдагъэтIысхьащ, уэредадэшхуэри къыщIадзэри автобусым ихуэр исэу ежьащ.

Тамарэт псори зыхуэгуфIэр, къэзымыцIыху яхэттэкъыми. Езы хъыджэбзми и нэгу щIэкIыр и фIэщ мыхъужу гуф Iэщати, нэпсыр къыфIежэхырт, и насыпти, щхьэтепхъуэ хужьышхуэ къепхъухати, зэрыгъыр зыми илъагъуртэкъым. Тогъуэни пщIыхьэпIэ илъагъу хуэдэт, уэредадэм ежьу хуэдэу зищI пэтми.

Автобусыр уэрамым дэту щыдэкIуейм, цIыхур къэувыIэурэ къеплъырт зыхуахьынур ямыщIэу. Фызышэ жыпIэнущи, ещхькъым, хьэдэ щIалъхьэ жыпIэнущи, уэредадэ жаIэ, пшыни

йоуэ, нысащIэм щIалэ бгъэдэсщ хъыджэбз бгъэдэсыным и пIэкIэ. Тогъуэн зэрыжиIа дыдэм хуэдэу хъуащ: фызышэри махуэ къыщалъхуари зэтехуарэ зэхэзэрыхьыжауэ. Автобусыр Тогъуэнхэ я куэбжэм носри – абдежи зыгуэрхэр щытщ пщIантIэ дыхьэпщIэ жаIэри. Ари хабзэм щыщти, хуэфащэ иратри, автобусышхуэр пщIантIэм дэлъэдащ.

ХьэщIэу унэм щIэсари къызэрыщIэхащ Рум япэ иту, автобусым иса нысащIэри IэплIэкIэ кърахри унэм щIахьащи, аргуэру мэтIысыж, зы хъуэхъум хъуэхъу къыкIэлъокIуэ. Детдомым тет Хьэнифи жьантIэм дэсщ, нысащIэм и Iыхьлым палъыту. Хьэ бзаджэ тIысыпIэншэщ жыхуаIэм хуэдэу, и щхьэр здихьын имыщIэу унэм къыщIэнар Маликэщ. Шхын къихь сыт хуэдэу плъагъу щхьэкIэ, и гур зэрошхыж, хьэгъуэлIыгъуэр и нэми и пэми къихьыркъым. Рум пхуэтIысынт апхуэдиз хьэщIэ иIэу, гъунэгъу фызхэр здигъэIэпыкъуурэ лъэкI къигъанэркъым, шхыныгъуэу къахьым щIэ щIэттэкъым, пщэфIэнкIэ Рум нэхъ IэкIуэлъакIуэ уигъэлъыхъуэнт.

ХьэщIэхэр фIыуэ щысауэ, пшынауэ макъ щIыбымкIэ къыщыIуати, «дывгъэтэджи, тIэкIурэ джэгум дыхэвгъэт» жиIэу тхьэмадэм къащыхидзэм, псори къызэрыIэташ, я гур къэжанауэ «ди лъэгум дыщIэвгъаплъэ» жыхуаIэу. Щауэмрэ нысащIэмри щIашащ къагъэфэну. БжэIупэм Iэгур щIауду джэгур щекIуэкIыху, стIолым техын хуейр трахащ, къытрагъэувэну щыIэри къытрагъэуващ. НэхъыжькIэрэ къыщIадзэри щIакъутыкIыу джэгур екIуэкIыурэ, иджы аргуэру дытIысыжынкъэ щыжаIэ дыдэм уэздыгъэр ункIыфIащ. Плъэмэ – уэрамым дэт уэздыгъэр маблэ, гъунэгъу унэхэри аращ, – жэщыр хэкIуэта пэтми, зи щхьэгъубжэ нэху иджыри щыIэщ. БжэIупэм дежи кIыфI хъуати, хьэщIэхэр унэм щIашэжри щхьэж здэщысам деж ягъэтIысыжащ, кIэртIофуэздыгъэ гуэрхэр пагъэнауэ, «мыр зыгуэрым гушыIэм къыхимыхауэ пIэрэ?» жаIэри адэкIэ-мыдэкIэ жащ, выключатель сытхэр къаIуэнтIащ, «пробкэм феплъа» жаIэри щIалэ ягъакIуэмэ – пробкэр къиIуэнтIыкIащ. НтIэ, аращ – гушыIэ я хабзэщ хьэгъуэлIыгъуэм деж, пасэрейхэм хьэщIэм я уанэгущхьэнтэр къаунэщIу е лъэрыгъыпс лъэныкъуэр къыпачу, Iэджэ ящIэу щытащ. Иджы, мес, пробкэр къраIуэнтIыкIащи, яфIэдыхьэшхэнщ, куэд дэмыкIыу электричествэр къызэщIэнащ – дыхьэшхыныр пачри зыхуахьынур ямыщIэу ягъэщIагъуэ: люстрэм гуэлмэдын фIыцIэ тепхъуащ, плIанэпэм дэт гъуджэми IэлъэщI фIыцIэшхуэ тепхъуащ, унэм хьэдэ щилъым деж зэращIым ещхьу, гъуэлъыпIэм иплъэмэ – абыи щIакIуэ фIыцIэшхуэу Жанхъуэт мыгъуэм и фэеплъу Рум зэрихьэр иубгъуащ.

– Сыт гъэщIэгъуэн? Хэт мыр мыбы хуэдэу зыщIар? – жиIэу тхьэмадэр щIэупщIати, занщIэу бжэщхьэIум къытехутащ Тогъуэн и шыпхъур:

– Сэращ, – жиIэри. Езыри фIыщIэ защIэкIэ хуэпат, и благъэ

лIауэ мэщыгъуэ жыпIэну. Рум и щхьэгъусэр Iэджэ щIат дунейм зэрехыжрэ, щемыхыжами зэдэпсэужу щытатэкъым.

– Маликэ! Уэри?

– Мы щыгъын фIыцIэр, на-а, сытым щыщ? – жиIэу Хьэнифэ къыжьэдэхуащ.

– Уа, а цIыхубзым игури иуфIыцIыкIагъэнщ.

Маликэ уи нэр кърычыным хуэдэт:

– ХьэгъуэлIыгъуэкъым нобэ. Хьэдагъэщ фыкъыздэкIуар. Флъагъуркъэ – дэнэкIи фIыцIэщ. Дызыщыгугъар бэным дэтлъхьэжауэ щIыдолъхьэж. Мобы хуэдэ нысэт дэ тхуэфащэр? – жиIэу къэкъугъащ.

Тогъуэн хуэмышэчу къыщылъэтащ:

– Гъэбэяу уи жьэр! Уи псэр хэсхынщ!

АрщхьэкIэ Маликэ бэяуну и гугъэххэтэкъым:

– Алыхь, зыцкIэ сыпщымышынэ. Хэт уэ ди унагъуэм къипшар? Сыт нацием ящыщ? И адэр хэт? И анэр хэт? Iэдэмрэ Хьэуарэ я кум къыдэк Iа? Детдомкъэ зи быныр! КъызыхэкIар имыщIэжу… – Маликэ иджыри зыгуэрхэр жиIэнут, арщхьэкIэ и дэлъхум ст Iолым телъ сэр къипхъуатэри Маликэ дежк Iэ илъащ:

– Алыхьыр нахуэу согъэпцI, уи псэр хэзмыхым, – жиIэри. ЩIалэ бланэр зыми хуэмыубыду щежьэм, нэхъыжьи нэхъыщIи къызэщIэтаджэри Маликэ зыщIэс пэшым и бжэр къырагул Iащ, Тогъуэн щIамыгъэхьэну.

Нэхъыжьхэр къэгузэващ:

– Ей, Тогъуэн! Тогъуэн, щыгъэт, зиунагъуэрэ!

– УмытэмакъкIэщI, си къуэш, цIыхубзщ…

– ЦIыхубзым псищэ Iутщ…

Тогъуэн зихъунщIэху, нысащIэри къафIыщылъэтри унэм щIэжыну хуежьащ, Хьэнифэ гъунэгъуу щысти, кIэлъыжэри къиубыдащ:

– Алыхь, ущIэзмыгъэкIын! Сыт пщIэр зищIысыр? ЕмыкIукъэ, хьэдэгъуэдахэкъэ! Си пщыпхъум игу срихьакъым жыпIэу, ар дауэ? ТIысыжи, щыс, тIысэ. Абы и унафэ зыщ Iын щыIэщ.

Тхьэмадэри арат:

– ФытIысыж, фытIысыж псори. Пробкэр кърачащ. Аракъэ ищIар?! Абы щхьэкIэ упIейтей хъун? Си зэманым апхуэдэ фIэкI дымыщIэу щытатэмэ, IэплIэкIэ дызэрахьэнти. – Ар жиIэ щхьэкIэ, тхьэмадэми адрейхэми къагурыIуат Маликэ и гум фIы зэримылъыр. Ер вы бжьак ъуэм къокI жыхуаIэм хуэдэу, пробкэм бэлыхь къикIынкIэ хъунути, зэтраIыгъащ, щысхэри гушыIэрей хъуа жыпIэу къэнэжэгужащ. Рум и щхьэфэцым зиIэтауэ къэсати, ари пщэфIапIэмкIэ яшэжащ, ущIэгузэвэн щыIэжкъым жаIэри. Ем укъеджэм, ер къэкIуэнщи, фIым укъеджэм, фIыр къэкIуэнщ жыхуаIэ псалъэжьыр Хьэнифэ и гум къэкIат, арщхьэкIэ и жьэм къыжьэдигъэкIакъым, Маликэ

фIыкIэ ущыгугъ зэрымыхъунур псэкIэ зыхищIати. Люстрэм фIэлъа гуэлмэдын фIыцIэри гъуджэм къепхъухари зэщIакъуэри ягъэтIылъыжащ, ефэ-ешхэми къыщIадзэжащ, Маликэ и гугъу ямыщIыххэу.

Хьэнифэ псалъэ къаIихри къэтэджащ:

– ДэIэджи ди нэгу щIэкIащ. ГуфIэгъуэ тлъэгъуари IэфIу ди гум къинэжауэ илъщ. ГуIэгъуэ дыщихуами тшэчащ. Ауэ нобэ тлъэгъуам хуэдэ слъэгъуакъым, жаIэуи зэхэсхакъым. Сэ спIащ, цIыху хъуа жыпIэмэ, хъуащ, апхуэдэ хъыджэбз алыхьым къузэритын. Нобэ а хъыджэбзым къеуэлIа насыпыр хуэфащэуи къеуэлIащ, абы нэхърэ гуфIэгъуэ нэхъ зыхуэфащэ уигъэлъыхъуэнщ. Ит Iани а зы дэлъху закъуэм и гуфIэгъуэр хьэдагъэу къэплъытэныр шыпхъум дауэ и щхьэм къихьа, дауэ и гум ида? Си акъылым къитIасэркъым... НтIэ, нобэ Тамарэ илъэгъуам нэхъ нэщIэбжьэ имылъагъуну мы фадэбжьэр къэдвгъэIэт.

ЦIыхухъухэри къэтэджащ, цIыхубзым пщIэ хуащIу, жиIари яфIэкъабылу, арщхьэкIэ чэф зиIами и чэфыр пкърыкIыжат, зигу къэжанауэ щысари нэхъ нэщхъей къэхъуауэ, стIолым бгъэдэсхэр зырыз-тIурытIурэ зэрыщIэшырти, загъэбзэхыжырт. Жэщыр хэкIуэта дэнэ къэна, нэхущыр къэблэгъауэ нэхулъэ къищIат. Маликэ зыщIэса пэшым зиущэхуауэ щIэст, цIутIи-пIытIи жимыIэу. Автобусыжьхэр хьэзырыпст – хьэщIэ къомыр итIыс-хьэри ежьэжащ.

Къыщалъхуа махуэмрэ и фызышэмрэ зэтехуэмэ, гуфIэгъуэр гуфIэгъуитI хъуну и гугъат Тогъуэни, и къыщIэдзапIэр хъарзы-нэт, Маликэ хьэгъуэлIыгъуэр хьэдагъэ къащигъэхъуащ жумы-Iэмэ. Къэхъуа-къэщIар детдомым щынэсым, цIыкIуи ини къызэ-рыIэтат, Тамарэ къыщхьэщыжыну. Къалэм дэсу зэхэзыхами ягъэщIэгъуащ, «зи щхьэ щымыIэм и шыд хьэм ешх» жызыIаи къахэкIат.

ХьэгъуэлIыгъуэр зэрызэфIэкIрэ куэд мыщIэу, Рум зэфIэгъэкI зэриIэр уигъащIэу «Москвичри» пщIантIэм къыдэхутащ. «КъешэкI иджы уи псэр зытхьэкъуар» жиIэнут Руми ари и жьэм къекIуакъым, я жагъуэ хъункIэ шынати.

Тогъуэн машинэм щыгуфIыкIащ, гараж хуигъэхьэзырам щIихуэри зэпкърыпх хъун илъэпкъыр зэпкърихри зэпкърилъхьэжу и ужь ихьащ, фIэIуэнтIэн хуейр фIиIуантIэу, дагъэ зыдикIапхъэм дикIэу, зытелъэщIыхьын хуейм телъэщIыхьу гаражым щIэтт, унэм щIыхьэмэ, и шыпхъур илъагъуну хуэмейуэ. Малики и пэшыжь цIыкIум къыщIэкIыркъым, цыджанэ, пыIэ, пщэдэлъ сытхэр зэIуещэри. НысащIэри лэгъунэм щIэмызагъэ пэтми, къыщIэкIыу пщIантIэм къыдыхьэн дзыхь ищIыркъым, и пщыпхъуу цIэ дахэ зыфIищыну и гугъам зыхуимыгъэзэн щхьэкIэ. Рум пIащIэрт псори къызэхинэу и Iуэху и ужь ихьэжыну, «бжьэ матэу» бэзэрым тетIысхьэнут, шатэ ищэу. Машинэм ирищIапхъэр ирищIэри Тогъуэн къыпыгуфIыкIыу ныса-

щIэм елъэIуащ: «НакIуэ, тIэкIу утезгъэунщ», – жиIэу, арщхьэкIэ Тамарэ зыхигъэзэгъакъым, итI ысхьэххэн идакъым. Тогъуэн машинэм епэщэщыху зишыIами, иджы пщI антIэм дэзагъэртэкъым, «зы щIыпIэкIэ сыкIуащэрэт» жиIэу.

– НтIэ, сеуэу уи шатэр бэзэрым пхуэсшэн? – жиIэри Тогъуэн и анэм дэгушыI эу еупщIащ.

– Алыхь, машинэкIэ пшэн шатэ нобэ симыIэ. Машинэм уисыну упIэщIеижмэ, КъущхьэхъукIэ дэжей, цыщым и пIалъэщи, бжэныц къытхуэшэ «серебрянкэ» жыхуаIэм хуэдэу.

– Iэу, ар сыту фIыуэ си гум къэбгъэкIа! СогъэпцI, бетэмалу къэзмыгъэсмэ. Цы дапщэ?

– Бгъуэтыр къашэ. Ежауэ псоми ящэхури зэпэубыдащ. Япэ зыкъизыгъэщым и кIэныр къокIыр.

– Уэлэхьи, си Iуэхум-тIэ сэ сяпэ изгъэщыIамэ.

ЕтIуанэ махуэм жьыуэ къэтэджри Тогъуэн машинэ щIэрыпсымкIэ ежьащ. Жэщым Тамарэ пщIыхьэпIэ Iей гуэр илъэгъуати, и лIым щибзыщIащ, жриIэн и жьэ къемыкIуэу. ЩIалэри зэрыдэкI ыр и гум къыщIитхъ пэтми, жыIэпIэ имыхуэу дигъэкIащи, иджы гузавэу лэгъунэм къыщIэнауэ щIэсщ, и щхьэр здихьыныр имыщIэу. «Иджыпсту Маликэ къыщIэлъадэрэ къызэзауэмэ», – жиIэу мэгузавэ, уеблэмэ бжэр игъэбыдащ псэ зы Iут къыщIимыгъэхьэну. Хэти къыщI ыхьэн – Рум бэзэрым кIуащ.

Тогъуэн емыжьэн хуейуэ зэрежьам куэд дэмыкIыу гу лъитэжащ, гъуэгу дэгъэзеигъуэм нэса нэужь, машинэм ограничитель сытхэр техатэкъыми, къарууншэ хъуа хуэдэт моторыр щIэрыпс пэт. ИщхьэмкIэ уплъэмэ, пшэ фIыщIэ хьэлъэр къуршыщхьэм къытегъуэлъхьауэ уафэр зэщIаубыдат. АрщхьэкIэ Тогъуэн къигъэзэжыну и гум къэкIыххакъым, гъуэгу бгъузэ дыдэу нэшэкъашэм и нитIыр темыкIыу хуосакъ. Гъуэгур зыхуащIар выгути, выгум и бгъуагъыр гъуэгум и бгъуагът. Нэхъ укI уэ пэтми, нэхъ дэгъэзеигъуэ хъурти, япэрей скоростымкIэ кIуэф къудейт.

Джабэ задэшхуэм щыдэкIым, гъуэгур кхъуафэм ещхьт. Уэшхышхуи къешхыу хуежьащи, къэбгъэзэжынуми къэгъэзэжыпIэ иIэкъым, гъуэгур ятIэ мыхъу щIыкIэ джабэм дэкIын хуейщи, Тогъуэн газым трекъузэ, ет Iуанэрейр Iуидзэ хуэдэуи зещI, арщхьэкIэ гъуэгум Iэмал къритыркъым, уафэгъуагъуэ уэшхри нэхь ин мэхъу, хьэкхъуафэм ещхь гъуэгум псыдзэ къыдоуэри, Тогъуэн машинэр къегъэувыIэ. АрщхьэкIэ псыдзэм упэлъэщын – кIуэ пэтми нэхъ ин, нэхъ шынагъуэ мэхъу. «Машинэр зэрыхъуу хъунщ, сэ сикIынщ», – жиIэри Тогъуэн бжэр Iуихыну щыхуежьэм, псы къиуам япхъуэтащ, машинэри ирихьэжьащ, езыр къикIынуи Iэмал имыгъуэту…

Тогъуэн и хьэдэр псым и ныджэм къытридзауэ къагъуэтыжри къашэжащ, апхуэдизкIэ мывэм ириудэкIыурэ щI алэр нэ-

джэIуджэ хъуати, ерагъыу къацIыхужа къудейщ, и хьэдэр джэбын къешэкIам къыщIамыгъэщу, тIэкIу фIэкIаи щамыгъэлъу щIалъхьэжащ. «Iейм уеджэмэ, Iей къокIуэ», – жа Iэу а махуэм Iэджэми я гум къэкIыжащ Маликэ и дэлъхум и хьэгъуэлIыгъуэм щищIауэ щытар. Хьэдагъэм къэмыкIуа фызи къэнатэкъым, цIыхухъури нэхъыбэжт.

Тамарэ и лъакъуитIыр щати, къызэфIэувэжыфыртэкъым, хьэдагъэ къэкIуа я благъэ цIыхубзхэм кърабжэкIым уи щхьэфэцыр къигъэтэджырт, уи гур къызэфIигъанэрт. Арыншэми езы Тамарэ гъыбзэ сыусащэрэт жиIэу къегъых зэпытт. Хьэдагъэм къакIуэр Маликэ нэкIэ къеплъыртэкъым, къэхъуа гуузыр къэзыгъэхъуар а цIыхубзыра хуэдэу.

Махуэ зыбжанэ дэкIауэ, къэкIуэнри къэкIуащ, къытхуэгузэвэнри къытхуэгузэващ, жиIэри Маликэ и анэр дэкIауэ, Тамарэ дежкIэ зыкъыщIигъэхуащ. НысащIэм и щхьэр фIэхупауэ, гъынуи и нэм нэпс щIэмытыжу, и натIэр щхьэнтэм егъэщIауэ гъуэлъыпIэм бгъэдэст, къыщIыхьаIауэ гу лъита пэтми, зигъэхъеякъым.

– Дапщэщ уи щIыбагъым дыщиплъэнур? – жиIэри къехьэкIнехьэкI хэмыту, сэлам-чэлами щымыIэу Маликэ бжэщхьэIум тету къеупщIащ.

Тамарэ занщIэу къыгурыIуакъым.

– Дауэ?

– УщыдэкIыжынур дапщэщ? УщыдэкIыжкIэ пщыгъар пщыгъыу удэкIыжынщ! УкъызэрыкIуам хуэдабзэу. ДэпхынIауэ ухуежьэмэ, къызжиIакъым жумыIэж. Зы хъыдан кIапэ дозгъэхынкъым. Зы хъыдан кIапэ ари! Тогъуэн къыпхуищэхуа туфлитIыр Тогъуэн и ахъшэкIэ къищэхуакъым. Бостейри пхъуантэри ращ. Детдомым къуата батинкIитIыр зылъыпыIуи, укъыздикIам кIуэж. ТепIэнщIэлъынми уи Iуэху хэлъкъым. Уи мылъку зыхэлъ, уи ахъшэ зытекIуэда щыIэу уи мыгугъэ.

Тамарэ къыхудэмышеижыфу щыст, зыхуэмыгъэхъейуэ. Пщыпхъу ябгэм и лъабжьэм зыщIэбдзэрэ уелъэIу шхьэкIэ, гущIэгъуншэр сыткIэ къоплъын, къолъэпауэу ежьэжын фIэкIа. «Сызэрыщытыр уолъагъу – сыуэндэгъущ» жыпIэнущи, езыми ещIэ икIи елъагъу. Япэм и дэлъхум щышынэу щытамэ, иджы зыщышынэн щыIэжкъым, и анэри зыуи кърыдзэркъым.

Тамарэ ерагъыу къеплъэкIащ:

– Дэнэ мыгъуэ сыздэкIуэнур? Плъагъуркъэ... Сыуэндэгъущ.

– Ууэндэгъуу укъэкIуакъэ? СабиймкIэ щIалэр къэплъэхъэну аракъэ уи гугъар? ЩIалэ делэ ухуэзати, бгъэделащ, ар уфIэмащIэ? Уэрамым удахуэми, пхуэфащэщ. Пщэдей фIэкI пIалъэ уэстыркъым, зумыгъэгувэ.

Фанерэм къыхэщIыкIауэ пхъуантэ цIыкIур Тамарэ къыщалъхуа махуэм ирихьэлIэу щIалэ цIыкIу гуэрым и IэкIэ ищIат, илэжри кърита уэ щытати, шумэданым я нэхъыфIкIэ къуимы-

хъуэжыну фIы дыдэу илъагъут, и хьэпшып тIэкIур абы дилъхьэ-ри, зыми зы псалъэ жримыIэу унэм щIэкIри ежьэжащ. Апхуэ-дизкIэ Маликэ къигъэшынати, къызэплъэкIыу унэ зыщIэсам къеплъыжын шынащ, хъыджэбз бзаджэр къызэрыкIэлъыплъыр псэкIэ зыхищIэрти.

Уэрамым кьыдэнауэ куэдрэ дэта, мащIэра дэта е вокзалым зигъэшу жэщкIэ теса – ар езым фIэкIа зыщIэ щыIэкъым. А лъэхъэнэм тхьэм ещIэ си деж къэзыгъэкIуар, сытми сэ схуэдэ гуэрым хуэмызэу хъунутэкъыми, сэ къысхуэзащ, пхъуантэ гъуэжь цIыкIур иIыгъыу.

БжэщхьэIум къызэребакъуэу сеплъри занщIэу гу лъыстащ цIыхубзыр си деж къэзыхуам. Шэнтжьей изгъэтIысхьэри къыщIыхьа цIыхубзым сыбгъэдэтIысхьащ, зы жыжьэ гуэр къикIа си гугъэу. Пхъуантэ щIиIыгъыр кьысхуэщIакъым. ЖысIэнум сынимыгъэсу, цIыхубзыр етIысэхщ занщIэуи, си лъакъуитIым зыкъыщIидзащи, къысхудэплъейуэ къогъых. Апхуэдэу къыщIадзэрт куэдми, зыкIи згъэщIэгъуакъым, и блыпкъыр субыдри зыбгъэдэзгъэтIысхьэжащ.

– УкъыщIэкIуар гурыIуэгъуэщ, тIысэ, укъыздикIа закъуэр къызжеIэ, хэтхи уарей?

ЦIыхубзыр мыпсэлъэфу зыкъызигъэщIауэ магъ, сэри сы-щысщ, зыри жызмыIэу. Лабораторэм щIэт хъыджэбзхэм я деж телефонкIэ сыпсалъэри ящыщ зым сыкъеджащ, сызыхуей анализхэр схуащIыну. Си унэ щIэсми и гугъагъэнт зыхуей абортыр занщIэу хуэтщIынуи, ундэIужауэ сыпкърыупщIыхьащ, згъэгъуэлъри сеплъащ: и ныбэм илъ сабийр ин хъуащ, игу цIыкIур ритмичнэу къоуэ, ритмыр хъарзынэщ, цIыхубзми дагъуэ хуэпщIын щыIэкъым, и узыншагъэри тхьэм къуззэ-ритынщ.

– Абортыр нобэ схуэфщIатэмэ, арат, – жиIащ Тамарэ къызэ-фIэтIысхьэжри.

– Ара хъунщ пхъуантэ пIыгъыу укъыщIэкIуар?

– Пхъуантэр здэзгъэувын сиIатэмэ… – аргуэру цIыхубзым и гур къызэфIонэри, магъ. «ЩIэлъхуэну и Iыхьлым гу къылъа-тамэ, къыдахуащ», – жызоIэри сэри гурыщхъуэ сощI.

– Сыт, тIысэ, ущIимыIэр? Укъыдахуа?

– Ы-ыI.

– Аборт ебгъэщIмэ, удагъэхьэжыну?

– Тхьэ, сыдэзыгъэхьэжыни щымыIэ.

– СыщIыноупщIыр нэгъуэщIкъым. Абортым и пIалъэр блэбгъэкIащ. ЩIалэ цIыкIум и гум ритм хъарзынэ иIэщ, узын-шэщ, дагъуэ хуэпщIын щыIэкъым…

– «ЩIалэ цIыкIум» жыпIа? – Тамарэ лъэщыджэ хъуауэ гу зыщылъитэжу Тогъуэни абы щигъэгуфIыкIауэ щыщытами, и гум къэкIат щIалэ цIыкIу къэслъхумэ, Тогъуэн и цIэр фIэсщынт

жиIэу.

Сэри си анэм сигъэщIауэ щытат цIыхубзыр уэндэгъу хъуамэ, къилъхунур щIалэрэ хъыджэбзрэ къызэрыпщIэнури, зэзэмызэ ящыжесIэ щыIэт ныбэм илъыр хэтми. Абы икъэщIэкIэр тхылъым иту седжатэкъыми, сыхуэсакъырт жысIар пэж мыхъумэ жысIэу.

– ЖысIащ, тIысэ. ЩIалэ цIыкIуми хъыджэбз цIыкIуми, ара Iуэхур? Уэращ Iуэхур. Ныкъуэдыкъуэ уихъукIынкIэ мэхъу. Узыщымыгугъын ущымыгугъ, уцIыхубз губзыгъэмэ. Аборт хъужыр уи бостеикIэ къыпаупщIауэ аракъым, операцэ хьэлъэщ.

– СилIыкIыну аракъэ? СрырелIыкI.

– УилIыкIынкIэ, уилIыкIынкъым, итIани...

– Сыхуейкъым сэ сабий. Сыхуей мыгъуэкъым. Уи анэр узогъэлъэIу, уи адэр узогъэлъэIу. Си щхьэр здэсхьын сиIэкъым. Сабийр дунейм къытехьэмэ, дэнэ мыгъуэ схьын? Хэт секIуэлIэн?– Тамарэ лъакъуэкIэ и пхъуантэр IуигъэкIуэтри зригъэщэтэхащ си лъакъуэм зыкъыщIидзэну, арщхьэкIэ хуэздакъым.

– Щыс уздэщысам деж. Сэ жысIэми къедаIуэ. –Хъалидэ мыгъуэм я къуажэм сыщыкIуам къуажэ Советым тета цIыхубзыр си гум къэкIыжат: абы и деж тхьэусыхафэ зиIэу къакIуэр и тIысыпIэм игъэтIысырт, езыр тхьэусыхэну къэкIуа хуэдэу зищIырти, къеупщIырт: «Иджы уи пIэм ситщ, уэ си пIэм уитщ, укъызэрызэлъэIумкIэ уэ сынолъэIуауэ щытатэмэ, дауэт си унафэр зэрыпщIынур? – жиIэрти. Абы зезгъэщхьауэ сэри жызоIэ:

– Догуэ, уэ си пIэм уиту къэлъытэ, уэ уи пIэм ситу къызолъытэри уи деж лъэIуакIуэ сыкъэкIуащ, «уи анэр ньгзогъэлъэIу, уи адэр нызогъэлъэIу, лажьи-хъати имыIэу зы цIыху гуэр слъагъуну сыхуейкъыми, еуи, схуэукI» жызоIэри. Апхуэдэ дыдэу жыпIэркъым, лъэщыджэ сызэрыхъурэ мазих хъуами, аборт сыщI жыпIэу аращ абыи къикIыр. СыбгъэукIмэ, уи закъуэ уи гугъэ хэнэщхъеихьынур? Уэри дунейм дауэ утетыну уи бын ебгъэукIауэ? ЦIыхубзым цIыхум гъащIэ къарет армыхъумэ, къатрихыркъым. Аращ анэр нэм хуэдэу щIалъагъур.

Тамарэ къыщылъэтри бжэмкIэ еIащ щIэкIыжыну, арщхьэкIэ пхъуантэ гъуэжь цIыкIур къыщыгъупщауэ къыщигъэзэжым, къэзубыдри згъэтIысыжащ.

– Сыпсэуну сыхуэмеймэ, сабий сыхуеиж?.. ЗызукIыжынщи, зэфIэкIащ. Уэри ухэнэщхъеихьынкъым.

– Зэ тIысыжыт иджыри. ЗыщыбукIыжынукIэ ущIэпIэщIэн щыIэжкъым. КъыззэдаIуэ закъуэ. Уэ пхуэдэ Iэджэ си деж къокIуэ. Махуэ къэс дызыхэтыр уи Iуэхум хуэдэщ. НэгъуэщIым яхуэзмыщIа уэ пхуэсщIэнщ. ЕкIуэлIапIэншэу укъыщынакIэ, екIуэлIапIэ къыпхуэзгъуэтынщ. Сэ сыщылажьэ сымаджэщым ущIэзгъэгъуэлъхьэнщ, дыпкIэлъыплъын щхьэкIэ, стационарым ущIагъэ-

гъуэлъхьа хуэдэу, улэжьэн щхьэкIи, IэнатIэ убгъэдэзгъэувэнщ, и пIалъэр къыщысым уи сабийр къэплъхунщи, уи лъэ къыщIэ-увэжыху ущIэдгъэлъынщ, ахъшэ тIэкIуи уиIэу, уи къуэри зыхуэ-зэн хуэзауэ, итIанэ зэрыхъум деплъынщ.

– Дэфэрэдж Шагировнэ, си фIэщ хъуркъым уафэм укъемыхауэ. Уэ пхуэдэ цIыхубз щыIэу си гугъэххэнтэкъым, – жиIэри Тамарэ зыкъызидзри сриуд пэтащ. – Сэ сыкъыдэзыхуа мыгъуэри цIыхубзщ, уэри уцIыхубзщ.

– ДызэгурыIуащ хъарзынэу. Нобэ щыщIэдзауэ ди деж ущагъэшхэну унафэ сщIынщ.

Тамарэ лэжьэнкIэ къимыкIуэту, сыт жепIами ищIэу, сымаджэ хьэлъэм жэщкIэ ябгъэдэсу, унэ лъэгур лъэсын хуеймэ, илъэсу, сымаджэ къелъэIумэ, Iуэхутхьэбзи хуищIэфу, езыр сымаджэрэ сестра е нянэу лажьэрэ къахуэмыщIэу хэт сыт жиIами япэ Iэпыдзлъэпыдз хъурти, псоми фIыуэ къалъагъу хъуащ, сымаджэм я Iыхьлы къакIэлъыкIуэрэ шхын къыхуахьмэ, Тамари къылъагъэсу, и фэри къихьэжащ, и ныбэр нэхъ ин хъуами.

Сэри адвокат благъэ сиIэти, къезгъэблэгъащ, Тамарэ и Iуэхур хузэригъэзэхуэну. ЗэрыжаIэмкIэ, цIыхубзым лей къылъысат, бын игъуэтмэ, мылъкуу игъуэтын хуейр нэхъыбэжт. Адвокатми Тамарэ и гур дахэ къыхуищIати, нэщхъыфIэу, нэхъ жыджэр хъуауэ, гузэвэгъуэри щхьэщык Iащи, сэри фIыщIэшхуэ къысхуещI, анэшхуэкIэ схуэфащэу къызэджэу жеIэ.

Румрэ Маликэрэ я гугъат я нысэр детдомым кIуэжауэ, арщхьэкIэ щIэупщIати, щымыIэу къыщащIэм, къэгузэва хъунт, мыр дэнэ щыбзэха, зимыукIыжауэ пIэрэ жаIэу. Гузавэр Румт, пхъум «къыздэмыкIуэжын кIуащэрэт» жиIэу фIэIуэхутэкъым. Иджы тхьэм ещIэ яжезыIар: сымаджэщым щIэлъу хъыбар щызэ-хахым, зэанэзэпхъур зэфIэнэжащ: Рум дыгъакIуи къэдгъэшэж жиIэу, и пхъум ар къэпшэжмэ, сэ сыдокIри зызогъэкIуэд жиIэу. ЗэфIэна-зэкIужами, Рум мурад ищIа хъунт «сыкIуэнщи сыщIэ-упщIэнщ» жиIэуи, и пхъум имыдэми, и нысэр ишэжыну арат зыхуейр, суд Iуэхуи хэмыхуэу, сабий цIыкIуи и къуэ закъуэу жылэм яфIэгуузу кIуэдам и фэеплъу я унэм щIэсмэ, фIэнасыпу.

Тамари лъхуэкIафIэу лъхуэри бын хъарзынэ игъуэтащи, гуфIэжауэ дуней гуфIэгъуэр къеуэлIа къыщохъу. Сэ зэрыжысIауэ, щIалэ цIыкIу къилъхуащи, сэри си гуапэ мэхъу, сыщыуакъыми. Сабийри и адэм ещхьыркъабзэу жаIэ: и натIэри, и пэри, и Iупэри, и нэри – Тогъуэн тхьэмыщкIэр аращ жыпIэнщ. Сыту гуфIэн мыгъуэт езы Тогъуэн псэужатэмэ: «си къуэр сывгъэлъагъу» жиIэу щхьэгъубжэм деж щытынт, еплъ пэтми, зимыгъэнщIу.

Адрей цIыхубзхэр лъхуа нэужь я Iыхьлыр къакIэлъыкIуэмэ, Тамарэ къыкIэлъыкIуэни, къыщIэупщIэни, къыхуэгуфIэни

щыIэтэкъым. АрщхьэкIэ Тамарэ щIалэ цIыкIу къызэрилъхуар детдомым щынэсым, Хьэнифэ зэхуишэсщ псори къажриIати, «Ура!» жаIэу ини цIыкIуи зэщIэкIиящ, щхьэж зыхуэкъулейр зэхуахьэсри езы директорыр сымаджэщым щIэупщIакIуэ къэкIуащ.

Палатэм зыри зэрыщIэдмыгъэхьэр ищIэрти, Хьэнифэ хьэпшып къихьам запискэ тIэкIу хилъхьэри къигъэнащ. Итхам итт: «Си хъыджэбз дахэу Тамарэ дыщэ цIыкIу, сынохъуэхъу, сыпщогуфIыкI, узыншагъэ дахэ тхьэм къуит, уи щIалэ цIыкIум и хъер улъагъу, тхьэм къыпхуигъэхъу. Детдомым щIэсыр зэхуэсшэсри яжесIат къуэ къызэрыплъхуари, «иугъащIэ, ди Тамарэ! Ура!» жаIэу гуфIащ. Дэлъхурэ шыпхъуу цIыху щищ уиIэщ, умыгузавэ, уи жагъуэ къащIу зыми хуэддэнкъым. Хьэнифэ».

Тамарэ а тIэкIум емыджэфу и гур къызэфIэнэурэ тIэу-щэ зэпигъэуащ. Еджа нэужьи зыкъомрэ мыпсалъэу щылъащ, тхылъ тIэкIур ихъумэу и сабийр къэхъуа нэужь иригъэджэну и гум ириубыдащ. Дэри хуэтщIапхъэ къэдгъэнакъым, щIалэ бытIым цIыкIур зыхуэзэн хуэдгъэзати, Сэлимэ и палатэм къэзгъэзэжащ, си анэшхуэм и хъыбар и кIэм нэзмыгъэсу къызэпаудар и кIэм нэзгъэсыну.

– Сыту фIыуэ къэбгъэзэжа! Сыгузэват, хъыбарым и кIэм нэс семыдаIуэу нэгъуэщI палатэм сишэмэ, жысIэри. – Сэлимэ къысщыгуфIыкIати, ари си гуапэ мыхъуу хъунт, дагъэ къысщахуам хуэдэт.

– Уи насыпри къикIащ. КъэдаIуэ, тIысэ, – жысIэри сетIы-сэхащ сыздэщысу щытам деж.

* * *

...ТхьэлъэIушхуэр къэсат. Мухьэмэд-Алий и къуэ Турсун дзэуэ миниплI иришажьэу щежьа махуэм тхьэлъэIур хуагъэзат. Турсун зытеуар уахьэбитхэу «Хъыджас щIыналъэр Уэсмэн империем къыгуэдгъэкIынурэ къэрал щхьэхуэ тщIынущ» жызыIэу зыкъэзыIэтахэр я пIэ иригъэувэжыну арати, щысхьырабгъу имыIэу яхэлъэщыхьурэ игъэувыIащ. ТхьэлъэIур щащIыр Каир дэт къалэшхуэрат (иужькIэ а махуэм «къалэ зауэ» фIащыжынущ).

Мухьэмэд-Алий къыгурыIуэрт къэралым адыгэ мамлюк къинауэ и пащтыхьыгъуэр кIыхь зэрымыхъунур. Наполеон мамлюкым я дзэр къэрикъухьа пэтми, езы мамлюкхэр къелауэ адэкIэ-мыдэкIэ къуэсщ, заущэхуауэ. ТIэкIу дэкIмэ, зыкъаужьыжынщ, зэхыхьэжынщ, зэрыубыдыжынщи, итIанэ уахуэмыбэлэрыгъ, зэкъуэхуауэ уапэщIэхуакъэ – къыпщысхьынукъым, псом хуэмыдэжу Шэхин-бей, лIы ахъырзэману, ябгэу, пхъашэу, уфIэ-

кIыну Iэмал зимыIэщи, пашэ бэлыхьщ, дзэпщ лъэрызехьэщ, IэмалкIэ Iэзэу.

Шэхин-бей мэжджыт ирегъэщI, «сыухмэ, нэмэз сщIыурэ гуэныхьу къэсхьар сымыл Iэ щ IыкIэ зытезгъэкIынущ» жиIэ щхьэкIэ, ухуэбэлэрыгъ хъунукъыми, Мухьэмэд-Алий къыкIэлъыплъ зэпытщ. ТIасхъэщIэххэр кърагъэтIысэкIауэ хэт къыкIэлъыкIуэми, хэт кIэлъыкIуэжми пащтыхь ныкъуэм деж нагъэсыж.

Иджы тхьэлъэIур къэсащи, Мухьэмэд-Алий хьилагъэшхуэ хилъхьэу мурад ещI Шэхин-бей хуиIуэхуу и дзэр и гъусэу къишэу тхьэлъэIум хигъэтыну. Езы мамлюкхэри къыпэплъэрт «къыдэджэу дишэну пIэрэ» жаIэуи, Шэхин-бей хъыбар зэрырагъащIэу и дзэр зэхуишэсащ, псоми къекIуу захуэпауэ, шы зытесхэри шыфI защIэу, шум я Iэщэ-фащэкIэ къызыхуэт щымыIэу. Шу зэхуишэсар хэщыпыхьауэ зы щитху хуэдиз хъунут. «Iэр къыпхупымыупщIым, ба хуэщI» жиIэу хьэрыпым псалъэжь яIэр псоми ящIэрт: Мысыр дэс пащтыхь ныкъуэу Мухьэмэд-Алий ялъагъу мыхъуми, сыт пщIэн, къыптекIуэр гугъущи, гурыщхъуэ имыщIын щхьэкIэ, тхьэлъэIум ук Iуэу ухэтмэ, нэхъыфIщ.

ПIалъэ къагъэлъэгъуам ирихьэлIэу Шэхин-бей и дзэр къишэри къэсащ. Мухьэмэд-Алии унафэ ищIащ адыгэ шур тыркудзэм я ужь къиувэу парадым хэтыну, адыгэ шуудзэм я ужьым албаныдзэр иту къэкIуэну. (Езы Мухьэмэд-Алий къызыхэкIа лъэпкъыр албант). Албаныдзэр гвардиеу иIэт, пащтыхь ныкъуэм и щIэгъэкъуэну. Дзэр иувыкIауэ здагъэувыну щIыпIэм укIуэн щхьэкIэ, мывэ сэрей лъагитIым я кум удэтурэ уэрам зэв дыдэ цIыкIукIэ удэкIын хуейт. Зы блыныр къалэшхуэм и блынт, адрейр гъунэгъуу къалэм къещIылIа мэжджытым и мывэ сэрей лъагэр арат. А уэрам цIыкIур щиухым деж гъущI куэбжэшхуэ хэлът, абы уфIэкIмэ, Румалие жыхуаIэ площадым утехьэу. Дзэр щиувыкIын хуейр абдежт.

Мурад-бейрэ Iибрэхьим-бейрэ зэкъуэшитI хъуэу Наполеон IэщIэкIуэда нэужь, Мухьэмэд-Алий зыщышынэу къэнэжар Шэхин-бейти, иджы абы и пIалъэри къэсауэ арат, а зыр исыкIыжмэ, пащтыхь ныкъуэм и дэрэжэгъуэм зэран къыхуэхъун щымыIэу и лъэкIыныгъэм зиубгъунурэ Истамбыл дэс езы пащтыхь дыдэм зыпэщ Iисэфынк Iэ хъунут, и щ Iыбагъымк Iэ къемыплъэкIыжу.

ХьэфIыцIей нэс кърашa тхьэIухуд защIэу адыгэ хъыджэбз цIыкIухэр ягъэкъэбзауэ, ягъэщIэрэщIауэ жьауапIэм щIэтт, зэIущэщэжу, адыгэ шу куэд тхьэлъэIум хэтыну зэхахати, ярэби, гу къытлъатэну п Iэрэ е дауэ зыкъедгъэщIа хъуну жаIэу арат щызэIущащэкIэ жаIэр. ЛIыгъэ яхэмылъатэмэ, «джатэгъэжь» е «джатэ IэпщэкIэ» еджэнтэкъым жызыIи яхэтт.

Уэрам зэвыпIэм удэмык I щIыкIэ АзабкIэ еджэу гъущI куэбжэ ин хэлът, механизм гуэр иIэрэ абыкIэ яIэту, абы удэкIамэ,

Румалие площадым утехьэу арати, Шэхин-бей и дзэм япэ иту а куэбжэжьым нэсыным лъэбакъуэ зыщыплI фIэкIа къэмынэжауэ, баргъэ-сыргъэ жиIэу куэбжэр къехуэхри Шэхин-бей зэрыхэту и дзэр зэвыпIэм къыдэнащ, ныбгъуэхьэшым ираубыдам ещхьу. «Куэбжэр Iуфх» жиIэу кIииным намыгъэсу ар зэтезыукIэнур лъэныкъуитIымкIи тест загъэпщкIуауи, къауэу къаублэри хьэлэч къащIу щыхуежьэм, къагъэзэжыну еIа щхьэкIэ, къэгъэзапIэ ирагъэхуакъым, албанхэр я ужьым итти, ахэри къеуэу щIадзэри зы лIым игъэзэжыфакъым. Шэхин-бей уIэгъэ зэрыхъуу мывэ сэрейм тес гуэр къелъэтэхащ, дзэпщым и щхьэр пиупщIри и пащIэр Iэпхъуамбэм ешэкIауэ и лъэм къызэрихькIэ пащтыхь ныкъуэм деж нэсри Шэхин-бей и щхьэр лъыр къыпыткIуу Мухьэмэд-Алий и пащхьэм ирилъхьащ.

Пащтыхь ныкъуэр зыпэплъэр арати, и бийм и щхьэр щилъагъум, гуфIэщауэ къыщылъэт пэтащ. Шэхин-бей и нитIыр къаплъэрти, пащтыхь ныкъуэр къэскIат, щышынэрти, къэтэджри щхьэм теуващ, емыплъыфу. КъызэплъэкIри и бжаблэр зыхъумэхэм къажриIащ:

– ФыкIуи зы тхьэIухуд къысхуэфшэт, – жиIэри.

Пащтыхь ныкъуэм и IупэфIэгъур хъыджэбз гужьеяуэ къэхъуар къызыхуэмыщIэу жьауапIэм щIэтхэм я деж нэсри япэ гу зылъитар Гуащэти, и Iэр иубыдри къиишащи, хъыджэбзыр Мухьэмэд-Алий и пащхьэм къохутэри щхьэ пыупщIар елъагъу. ГуфIапщIэу Шэхин-бей и щхьэр къэзыхьам хъыджэбзыр иратри Iуаш.

Мухьэмэд-Алий и мурадыр къехъулIат, адыгэ мамлюкым нэхъыщхьэу яхэтыр зэхиIущIат, къэнэжар е къиубыдыр а и пIэм щаукIынщ, хьэпсым ирадзэмэ, къимыкIыжу илIыхьынщи, зыщышынэн Алыхьым фIэкIа щымыIэу и лъэр къыщIэувэнщ. Шэхин-бей и щхьэр къыщыIэрыхьа дакъикъэр арат парадым и кIэ хъун хуейри, псори зэфIэкIащ. Каир университетымкIэ къиIукIыу иджыри фоч уэ макъ къэIу щхьэкIэ, щIэгузэвэжын щыIэтэкъым: зэвыпIэм гъэпцIагъэкIэ дашар, езыр мыбдеж щымысми, даукIыхьынут.

Пщыхьэщхьэм хьэщIэу зыхуеяр пащтыхь ныкъуэм иригъэблэгъащ. Хъыджэбз цIыкIу къомыр къезыгъэшар тырку пащтыхьыр арат, Мухьэмэд-Алий цIыхубзкIэ ерыщу щытти, бий лъэщым текIуа дзэпщыр нэгъуэщIым щыгуфIыкIынутэкъым а тхьэIухуд къомым зэрыщыгуфIыкIам хуэдэу. ТхьэлъэIур зэфIэкIа нэужь, пащтыхь ныкъуэм къэрал Iуэху сытхэр къигъанэри пэшым щIэлъащ, жэщ, махуэ жимыIэу. Къаруи псэруи къыхуэмынэжауэ, нэгъуэщI къэралхэм я лIыкIуэр къанэ щымыIэу зэхуишэсати, зы лIыкIуэ гуэр и фыз дахэ дыдэр къишэри къэкIуауэ щилъагъум, пащтыхь бжаблэр зыхъумэм яжриIащ игу

ирихьа цIыхубзыр къагъапцIэу зыщIыпIэкIэ щIашэну, зыдри-гъэшэну пэшым езыр япэ иту кIуэри цIыхубзыр къыщы-щIаутIыпщхьэм зыхуейр ирищIэри, къэхъуаи сыти щымыIэ хуэдэ хьэщIэм къахыхьэжат. Ар цIыхум къамыщIэу къэнэнт, абы и ужькIэ пащтыхь ныкъуэм лIыкIуэ иригъэблагъэмэ, фыз дахэ зиIэм я фызыр зыдамышэу къаублащ.

Гуащэ зратам Александрие къалэм къулыкъу щищIэу арати, дзэпщым кърита цIыхубзыр и гъусэу тхьэлъэIур яуха нэужь я унэ кIуэжащ. Мухьэмэд-Алий губернатор къомым яхуиIуэхуащ дзэ ирашажьэу я щIыналъэм зы адыгэ мамлюк кърамынэу я лъапсэр ягъэгъуну. ЦIыхубзи, сабии, лIыжьи, фызыжьи – къанэ щымыIэу зэтраукIэн хуейуэ арат унафэри, унафэр ягъэзэщIащ, цIыху зырызым загъэпщкIуурэ нэгъуэщI къэрал кIуэурэ къеламэ, къелащ, адрейр хэкIуэдащ.

Александрие дэс албану Гуащэ зратам къылъысар фIэмащIэу къыщIэкIынт, француз инэрал Клебер иджыри къэс мы къалэм щхьэ дэсын хуей жиIэу зэгуэудырт. Гуащи апхуэдизкIэ цIыхубз гурыхуэу къыщIэкIати, гугъущэ емыхьу хьэрыпыбзэр зригъэщIауэ уэр-сэру хьэрып цIыхубзхэми я щхьэгъусэхэми ягуроIуэ, уеблэмэ и лIым и мурадыр къехъулIэмэ фIэфIу дэIэпыкъуну и ужь итщ. Албаным и гугъат француз инэралыр иригъэсыкIрэ абы и пIэм езыр иувэнуи, къигъэдэIуахэр иришажьэу инэралым щытеуэм, Клебер зэкъуэхуауэ псэуртэкъыми, зызэрадзри зэрыукIащ – инэралри хэкIуэдащ, Гуащэ илIри къелакъым.

Гуащэ фызабэу къэна щхьэкIэ, и закъуэу куэдрэ мыпсэууэ зы курд гуэрым ищэхуащи, нобэ къэси зыдэпсэуар аращ, насып иIэти, курдыр хьэрыпыбзэкIэ уэр-сэрщ, муслъымэн къабзэщ, хьэпшыпу ищэри хьэжыщI кIуэр зыхуей хьэпшыпщ, езыри цIыху къайгъэншэщ, гущIэгъу хэлъщ, диным къемызэгъ лъэпкъ пхуищIэнукъым.

– Дауэ къыпхуэзат уи лIыр, Александрие удэсамэ? – жиIэри Дэфэрэдж щIэупщIащ, Мысыррэ Тыркумрэ зэрызэпэжыжьэр ищIэрти.

– Нэхъапэ щIыкIэ «джатэ Iэпщэ» гуэрым гъэру сиубыдри куэд дэмыкIыу пуд дыдэу сищат.

– Сыт щIэпудар, удахэкIей пэтрэ?

– ПщIэжрэ ХьэфIыцIей дыдэту си щхьэц ухуэнар пызупщIу адыгэ щIалэ гуэрым щестар?

– Дауэ сымыщIэжу, на-а? Нобэ хуэдэу сощIэж.

– Си щхьэцыр кIэщIти, пуду сащат. ЦIыхухъум нэхъ ягу ирохь, цIыхубзым и щхьэцыр кIыхьмэ.

Дэфэрэдж щэтащ:

– Сэри пасэу фызабэ сыхъуащ, си дуней. Плъагъуркъэ ар. Дэ тIум ди натIэ илъар зыуэ къыщIэкIынт. Алыхьым и шыкур-

кIэ, сэ къуэ сиIэщи, сабий бынышхуэ хъуауэ сахэсщ. Си къуэрылъху ц IыкIу мыгъуэхэр слъагъужыни сымылъагъужыни. Къыспэплъэ мыгъуэу щысу къыщIэк Iынщ.

– Си щхьэгъусэм сабий дэзгъуэтакъым, уи нэмыс нэхъ лъагэ ухъу. Е Мусэ мыхъуу ара, е сэра зи лажьэр – Алыхьырщ зыщIэр.

ЦIыхубзит Iым зыри жамыIэу заущэхужат, уIэгъэ хьэлъэу щылъхэм я Iуэщхъу макъ фIэкIа зэхомыхыу. А жэщым аргуэру зы ягъэпскIри джэбын кърашэкIыжащ, пщэдджыжьым я гъунэгъухэм хъыбар ирагъащIэу хьэдэр щIрагъэлъхьэну.

Иджы Дэфэрэдж къыщалъхуа щIыналъэм къихьэжамэ, хамэ хэкум и нэгу щыщIэкIа дыдэр и нэгум щIокIыжыр, лъэпкъыу щыIэм я гуауэр, я нэщIэбжьэр зырызу плъагъуми, я фэм дэкIыр зыщ. ЦIыхур гуауэщхьэуэм къыхуалъхуауэ и щхьэр ирагъэужэгъуу, гъащIэр IэфI Iурамыгъахъуэу ахърэтымкI э ягъэплъэн щхьэкIэ, дуней хьэхум къытехьэ хуэдэщ. Зыплъыхьи, псы Iуфэм Iузу цIыхур зэрызохьэ «псынщIэ-псынщIэу кхъухь къатщтэу псым дикIыжащэрэт» жаIэу, щIалэу зи къару илъыгъуэхэр я пщым яIэщIокIри я нэр здэплъэм я щхьэр яхь, нэхъыбэр пщыIэ ящIауэ щIэсщ, сымаджэм «сыхъужащэрэт» жиIэркъым, «ялыхь, сыгъалIи, ди щIыналъэм сыщыщIегъэлъхьэж» жиIэ фIэкIа. Зызыгъэбэлыхьу щыта пщыхэм, уэркъхэм къахокI зи пщылI зыщэу еуэрэ ежьэж. ЖэщкIэ пщыл I пуду зыщэхуу Iузышын Iэджи кхъухь мыхьэнэншэжь цIыкIукIэ къокIуалIэри зыхуейм хуэдиз Iуаш, нэгъуэщI щIыпIэ яшэу лъэпсейуэ ящэжыну. Хьэфэтхылъ, паспорт жыпIэу помыубыдмэ, пэрыхьэту узыхуейм хуэдиз бгъуэтынущ. Iэщ жыпIэнущи, мэзым, къуакIэбгыкIэм даутIыпщхьауэ дэтщи, узыхуейм хуэдэ къэубыди укI.

ЦIыхухъу макъ гуэр къоIу:

– Дэнэу пIэрэ мыбы цIыхубз хьэжы Дэфэрэдж здэщыIэр? – жиIэу.

Дэфэрэдж къыщылъэтащ: «Ди къуажэ къикIри къэкI уауэ къыслъохъу», – жиIэри. Зи макъ зэхихар ицIыхурэ имыщIыхурэ къыхуэщIэртэкъым. КъэкIуар Ахуэмгъуэту щытатэм, занщIэу къищIэнут. Дэфэрэдж зыщIэса щIэщIым къыщIэкIрэ плъэмэ– фэкIэ ицIыху хуэдэу лIы гуэрщи, пкъроплъыхьри къецIыхуж.

– Уа, си тхьэу тхьэшхуэ, мы-Барчоууэ пIэрэ сэ къыслъыхъур?

– Барчощ, ди шыпхъу. СыкъэпцIыхужащ. Аращ-тIэ, угурыхуэмэ. Дауэ ущыт, тхьэм жиIэмэ? Лъапэ махуэ къипхьэжауэ тхьэм жиIэ.

– Тхьэр фIыкIэ къыпщIэупщIэ, си дэлъхушхуэ. Сыузыншэщ, ауэ си нэгу щIэкIам, си фэ дэкIам ущIэмыупщIэ. Уэри уи витIыр щIэбгъэхуу псы Iуфэм уIутIысхьэжа?

– Псы Iуфэм Iусым сащыщми, си витIыр щ Iэзгъэхуакъым, ди шыпхъу. Уэр щхьэк Iэ сыкъагъэкIуащ жылэм, къытхуэши дыгъэлъагъу, жаIэри нэхъыжьхэр къызэлъэIуати.

Барчо къелъэIуа щыIэтэкъым, езым, Дэфэрэдж хьэжыщI къикIыжауэ «си къуэрылъхур къакIуэу сишэжыну пIэрэ» жиIэу поплъэ щыжаIэм, и витIыр щIищIэри къэкIуат, къуажэ зэгурымыIуэм къахэсшэрэ илъэгъуар къажриIэмэ, жылэр нэхъ гупсысэнкIэ хъунщ жыхуиIэу.

– «Къоджэр нэхъыжьщ» жиIащ пасэрейм. Нэхъыжь къыщызэлъэIукIэ сыт хэплъхьэжын? ЦIыхубз хьэжы зымылъэгъуам зедгъэлъагъунщ.

– Ара мыгъуэкъэ дызыхуейр. Iэмал имыIэу уи хьэжы цейр щытIагъэ, хур цIыхубзу уафэм укъеха къафIэщIын хуэдэу.

Дэфэрэдж Барчо и гупкIэм ису ежьащ. Гъуэгуанэр кIэщI дыдэтэкъым. ДэнэкIи плъэ – псы Iуфэм къэIэпхъуащ адыгэр. Тафэ тIэкIу здиIэм пщыIэу техуэр тетщ, и ныкъуэр удзкIэ ябгъауэ, и ныкъуэм упщIэшхуэ, арджэн теубгъуауэ; хьэблэ-хьэблэурэ зэхэсщ, псыхъуэм, къуажэр зэрыкъуажэу, я Iэщыр гъунэгъуу щагъэхъуу. «А-а, тхьэр зэуа мыгъуэ» жеIэри, Дэфэрэдж сабий Iэ пцIанэ-лъэ пцIанэу къэзыжыхь илъагъумэ, и гур ящIогъу. ЦIыхубз макъи жыжьэу къыщоIу, уэрэд жаIэу:

*Мариекъуэ мэз гущэм*
*Топыр къыщагъауэ.*
*Жылэр зэщIэгъуагэ мыгъуэу*
*Истамбыл докIуэжыр…*

Гъыбзэ гуузыр къэIуати, Дэфэрэдж и закъуэу щытатэмэ, къэувыIэнти едэIуэнт. Барчо и щыпэзэхэхыу уэрэдыр зэхихыртэкъыми, къэпсэлъащ:

– Ди щIыналъэм гуауэщхьэуэу илъыр, ди шыпхъу, жьапщэр тхьэмахуэ енкIэ мыувыIами, хуихынкъым, уэшхи щыIэкъым ар зылъэсын. Сыту пIэрэ мыпхуэдиз хьэзабыр цIыхум къащIытехуауэ щIашэчыр? ИгъащIэм долажьэри дошхэж, дыIэбжьанэфIейкъым, дыдыгъуэркъым, дыгъуакIуэркъым. ИтIани хэкукъутэр къытхуэкIуащ, ижь-ижьыжкIэ ди адэжьхэм къащIэна щIыналъэр дыбгынэн хуейуэ драхулIащ. Уэ хьэж пщIащ, дуней плъэгъуащ, зыгуэр хэпщIыкIрэ?

– Сэ слъэгъуари узижагъуэм иулъагъу. Зызоплъыхьри пщIыхьэпIэ Iей слъагъу хуэдэщ. Мо джабэм уеплъмэ, уи гур хохъуэ, псэр мэтынш, мэзыр дахэщ, удзыр Iувщ, псыр къабзабзэу къожэх. Ди щIыр уэшхым и лъагъуэщ, бэвым и гъуэгущ, гъавэ тепсакъэ, зы ху напIэм хуитI исщ, ажэ жьакIэу мэсыс. АпхуэдэщI дэнэ къипхын? Ди щIыналъэр убгынэу уикIыж нэхърэ, улIауэ укъинэмэ, нэхъыфIщ, нэхъ уигу зэгъэнщ.

– Апхуэдэ дыдэуи зыщIа щыIэщ, си шыпхъу, зэумыпIащIэ. Жылэр здэкIуэм сэ сыкъикIыжащ. Ар пщIэркъым уэ. Ей-й-й, сэ си нэгу щIэкIари?!

– Сытым сигъэщIэн? ЖыпIэIауэ зэхэсхакъым. Уи фэм дэкIам

гу лъыботэ, си дэлъхушхуэ. Уи нэщIащэр иуащ, уи дамитIри ехуэхащ.

Барчо ипэкIэ плъати, иджы сэнтхым ущхьэпрыкIын хуейт, Алъхъэс и къуажэм унэсын щхьэкIэ. Гъуэгур джабэмкIэ екIуэкIырт, выгур лъэныкъуабэ къищIу. Куэд лъандэрэ дагъэ зыщамыхуа гулъэмыжым шэрхъитIыр игъэкIыргът, гум хьэлъэ имылъ пэтрэ.

– Хьэм яшхам хуэдэу хэкIуэдащ ди къуажэр. Хьэм яшхам хуэдэу, къыбгуры Iуа? Сэри садэкIуэд пэтащ. Сыкъызэрелари согъэщIагъуэ. Аращ, уи ажал къэмысамэ. Ди къуажэр здэщыса щIыпIэм сыкIуэжыфыркъым. Къуажэ нэщIым сыдыхьэжу дауэ си закъуэ сызэрыдэсынур? Къэзакъ къыдагъэт Iысхьэнущ. Си закъуэ къэзакъми дауэ сахэсын?

– Жыжьэ?

– Зы махуэ гъуэгу дэлъми, нэхъыбэ дэлъкъым. Унэу дэтым уеплъмэ, а унэм щIэсам я кIуэдыкIэ хъуар уи гум къэкIыжу, джейм я ныбэм ик Iуэдар пщIэуэ, узым ихьар уи нэгу щIэту. Аращ сыщIэмыкIуэжыр. Сахэтщ псы Iуфэм Iусым «хэкум фимыкI, фи пIэ фисыж» жызоIэри. АрщхьэкIэ цIыхур гужьеящ, я диным икIащи, уагурыIуэжыркъым. Аращ нэхъыбэу уи деж сынышIэкIуар. Уэ къажепIэр нэхъ я фIэщ хъунщ жысIэри. УцIыхубзщ, ухьэжыщ. Хэт илъэгъуа цIыхубз хьэжы. СогъэпцI, бегъымбарым упамылъытым.

– Бегъымбарым хуэдэ щыIэ, на-а!

Барчо адэкIэ къыпищар зы тхылъышхуэ хъунщ, ауэ нэхъ кIэщIу къывжетIэнщ. КипркIэ зэджэ щIы хъурейуэ тенджызым хэтым нэс кIуэн хуей щIэхъуари сытыт? Жылэр здэкIуэм дэри дыкIуэнщ жиIэу гъуэгуанэ щытеувэм, Истамбыл фIэкIын и гугъэххатэкъым.

Кхъухь тедзапIэм тырку кхъухь жыпIэми урыс кхъухь жыпIэми, ахъшэ епт закъуэмэ, итIысхьэр Iуашырт, арщхьэкIэ и уасэр куэдыщэти, имытIысхьэфыр нэхъыбэжт. Тырку хьукумэ-тым адыгэр къигъэгугъат кхъухь къызэращтэн ахъшэ къари-тыну. А ахъшэр къэсмэ жаIэу, псы Iуфэм Iусыр пхуэбжыххэну-тэкъым, сымаджэ хъур еIэзи сыти щымыIэу Iисраф хъурт, нэхъыбэм дыхъужащэрэт жаIэртэкъым, лIэрэ я щIыналъэм щыщIалъхьэжмэ, нэхъ къыхахырт.

Барчо и къуажэр кхъухь зырызым иримыгуашэу зэуIуу зы кхъухьым иригъэтIысхьэну арат зыщIэкъури, пароход гуэрым буксир хуэдэу кхъухьищ кIэрыщIауэ къыщыкIуэм, а щым ещанэр къищтащ, ахъшэ угъуея и Iэу къыщIэкIати. Иджы си къуажэр зэрыкъуажэу кхъухьым изгъэтIысхьэнкъэ щыжиIэ дыдэм цIыхур зэрыгъэгужьеят, уэлбанэ кIэлъэф къатехъуауи, кхъухьиплI зэкIэрыщIар щалъагъум, зыкъаIэтащ, гъуэгу уасэ езыта-езымыта жамыIэу.

Мухьэмэд-Iэмин и шу гъусэу щытауэ зы урыс щIалэ пащIа-

гъуэ Барчо къищэхуат, ПомэкӀэ еджэу. (Езым и цӀэ дыдэр Фомат, Одессэ къыщалъхуауэ. Адыгэм яхэтурэ къэхъуати, адыгэбзэр уэр-сэру ищ Ӏэрт. Барчо ар къыщӀищэхуар нэгъуэщӀ тэкъым: Помэ лӀы бланэт, мэш къэп пщыкӀутӀ зэрылъ выгум зыщӀищӀэрти, иришэжьэфырт).

Нэрыбгэ лей мыгъуэр щхьэ къэсщэхуат жиӀэу щӀегъуэжауэ щыта пэтми, иджы щыгуфӀык Ӏыжащ.

Пароходым кхъухьищ кӀэрыщӀар хьэхуу къызэращтар белджылыт. Тенджызым тет флотым дзэр зэрызэрашэ транспорткӀэ зэджэм хуэдэт, арщхьэкӀэ матросу исыр Африкэм къыщалъхуа л Ӏы фӀ ыцӀэ щэджащэшхуэхэм хуэдэт, кхъухьыпщым жиӀэм фӀэкӀа къагурыӀуэ щымыӀэу. КхъухьиплӀ зэкӀэрыщӀам щыщу Барчо къылъысар нэхъ цӀыкӀу дыдэрат, нэхъ иныр нэхъ лъапӀэт, къуажэ тӀурытӀ ибгъэтӀысхьэ хъурт.

– Ей, динищым я бын, ув иджы трапым дежи, ди къуажэм ящымыщ псэ зы Ӏут иумыгъэтӀысхьэ, – жиӀэри Барчо и урыс унэӀутыр игъэуващ. Щ Ӏалэр къэзылъхуа адэ-анэр католикт, урысыдзэм къыщыхэхуэм чыристан диным зритыжри, зэрыса кхъухьыр псым щӀилъафэу адыгэм щапэщӀэхуэм муслъымэн диным ихьэжати, арат «динищым я бын» щӀэхъуар. Езыр лӀы зэрамыщӀэжт, Африкэм къыщалъхуа щэджащэжьхэм зыкъыпэщӀасэмэ, къимыкӀуэтыну.

Барчо кхъухьым ихьэри щӀэупщӀащ, дапщэ ихуэну пӀэрэ жиӀэри. Дапщэ ухуейми игъэтӀысхьэ – арат кхъухьыпщым жэуапу къыпихар. Езым и щыпэ щакӀуэтэкъым, Ӏэджэрэ цӀыхур мыбы иришурэ БалканымкӀи Мраморнэ тенджызым и ӀуфэмкӀи ишащ. Ауэ алыхь хужыӀэу жыпӀэмэ, иришажьэм и ныкъуэ е и Ӏыхьэ щанэ фӀэкӀа нишэсыфын хузэфӀэкӀыртэкъым, цӀыхур Ӏувыщэу, зым и пщэдыкъым зыр къыдэсщ жыхуаӀэм хуэдэу иригъэтӀысхьэрти.

Абы и хъыбар Барчо зэхихат. Сыт си цӀыхум апхуэдиз хьэзаб щӀатезгъэлъыр жиӀэри кхъухьым ихуэным хуэдиз фӀэкӀа иримыгъэтӀысхьэну арат и гугъэр. Иджы дауэ ар зэрыпщӀынур? Къуажэр зэрыкъуажэу къэукхъуэри къежьащ, дэнэ дашэми, дызэрыӀыгъмэ, нэхъ къела дыхъунщ жыхуаӀэу. Барчо ищӀэрт я къуажэм щыщ зыбжанэм хэкур ябгынэн зэрафӀэмыфӀыр, арщхьэкӀэ, Барчо зэреплъымкӀэ, къэбгъанэӀамэ, нэхъ къэгъэнапхъэр хэкур ибгынэну хуэмейратэкъым. Зыми дахэ-дахэу ищӀэркъым зытеувэ гъуэгур зыхуэдэр. Шкиперым еупщӀати, «Кипр» жиӀэри абы къыфӀигъэкӀакъым. Дэнэт иджы ар? МазэкӀэ гъуэгум утетынкӀэ хъунумэ, гъуэмылэм ирикъуну зы унагъуэ яхэткъым.

Барчо Ӏэджэми япкърыупщӀыхьащ. Истамбылрэ Кавказымрэ я кум дэлъым хуэдиз Истамбыл адэк Ӏэ пкӀужынумэ, апхуэдиз гъуэгуанэ зыхуэшэчынур хэт жиӀэу, Барчо къэгузэващ. Къуажэдэс кърищэжьам яхыхьэри нэхъыжьхэм ечэнджэщащ. ЛӀыжь-

фызыжьхэм я дежкIэ гурыIуэгъуэт гъуэгуанэ жыжьэр зэрахуэ-мышэчынур. Пароходым еплъмэ, нэхъ тегушхуи яхэтт:

– ПсынщIэу кIуэуэ жаIэ. ДивгъэтIысхьи девгъэплъ, Алыхьым жиIар хъунщ, – жаIэу.

Барчо идэртэкъым:

– УитIысхьа нэужь «хъуа-мыхъуами сынокIуэ» жыхуаIэракъэ? Къэбгъэзэж хъунукъым е сыткъым. ПлIыри зэкIэрыщIащи, пароходыр здэкIуэм мыдрейхэри кIуэнущ.

– НтIэ, уи унафэр сыт, Барчо, сыт уэ нэхъ пфIэкъабылыр?

– Зигурэ зи щхьэрэ зэтемылъ нэмыкIуэмэ, нэхъыфI си гугъэщ. Сымаджэмэ, жьы хъуар, и къару имылъыжмэ, цIыхубзыр уэндэгъумэ – сэ сщIэрэ сэкъат гуэр зиIэ едмышажьэмэ, нэхъ мыпщхьэпэу пIэрэ? Ди унэ къызэднэкIар ткъутэу дыкъежьэжакъым, ди псэуалъэри аращ. Iэщ жыпIэнущи, узыхуейм хуэдиз зэхуэхус. Къэзакъым яшх нэхърэ зейм ишхыжмэ, нэхъыфIкъэ?

– Захуэщ, Барчо, сымаджэ, цIыху лъэрымыхь зиIи дапщэ ухуей. Ар къахэбдзу ухуежьэм, бынунэр зэкIэщIэчын хуей хъунщи, ядэнкъым. Мо кхъухьым димыхуэмэ, къыкIэлъыкIуэм зыниддзэнщ жаIэнкIэ мэхъу.

Тыркум къикIа молэ бзэ ныкъуэ яхэтти:

– Олла, лъэпкъым я нэхъыжьым унафэ ищIмэ, мынэхъыфIу пIэрэ? – жиIэри щIэупщIащ. Езыми зэхиха хъунт, караваныр Кипр зэрыкIуэнури, фIэфIыжьу кIуэнут, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Кипрым тырку муслъымэн Iэджэ щыIэщ, яхэсмэ, нэхъ и гуапэщ.

Учэнджащэу куэдыщэри ущыс хъунутэкъыми, жылэр зэхуэса хьэзырт. Барчо нэхъыжь къомыр и гъусэу кIуэри къахэуващ:

– Уа жылэ, мы зымкIэ дызэгурывгъаIуэ: нобэ гъуэгуанэ хьэлъэ дытоувэ. И кIэм нэс псоми тхуэмышэчынкIэ шынагъуэщ. Мис ди нэхъыжьхэри мыбдеж щытщ. Дызэчэнджэщащ, пцIы сагъэупсынкъым. Сымаджэ, цIыху ныкъуэдыкъуэ, сабий бызафэ зыщIэс е цIыхубз уэндэгъу, кхъахэ хъуа – апхуэдэхэм гъуэгур къемыгуэуэну Iэмал зимыIэщ. Дыздашэну щIыналъэр жыжьэрэ благъэрэ дахэ-дахэу зыщIэ дыхуэзакъым. Мазэ гъуэгу къытпэщылъу жаIэ, тенджызитI щызэпичыну...

Иужьрей псалъэм цIыхур зэригъэплъыжащ. ТенджызитI зэпызыча щыIэу зэхамыха дэнэ къэна, нэхъыбэм я гугъэт тенджыз ФIыцIэм фIэкIа нэгъуэщI тенджыз щымыIэу.

– Iэу, зиунагъуэрэ, Барчо, ди сымаджэ, ди лъэрымыхь губгъуэм къиднэу дауэ дежьэжын? ЦIыхум емыкIу дыкъащIынкъэ? – жиIэу къэуваи къахэкIащ, арщхьэкIэ хэкум икIыжыну зымыдэм я гум Барчо къишхыдыкIат, нэхъыжьхэри къыдэщIащ:

– Барчо жиIэр тэмэмщ. Гъуэгум Iисраф техъухьын епшажьэмэ, нэхъ гуэныхьыжщ. Зыгуэр къыщыщI хъумэ, дэнэ пхьыну?

– Джейм я Iур ятIыжынщ! – жиIэри урыс щIалэ Помэ къахэ-

кІиикІащ, цІыхур игъэдыхьэшхыу.

– Си щхьэкІэ джей ныбэр мащэ схуэхъуну сыхуейкъым. ЩІэхъуэпсыр зэрегуакІуэщ, – жиІэри зи ныбжь хэкІуэта гуэри къэмыуву къэнэнт.

ЦІыхум жаІэнур жаригъэІэри, Барчо жылэр иригъэувыкІащ, езыр яхэплъэурэ нэхъ къарууншэу фэ зриплъыр къыхищыпыкІыну. АрщхьэкІэ ари мыІуэху тыншу къыщІэкІащ, бынунэр зэкІэрычыгъуейт, сабий быдзафэ зыщІэс нысащІэр быукІами, къыпхуэнэнутэкъым, е я дадэ, я нанэ хыфІадзэу я быным ядэртэкъым. Щымыхъужым, Барчо зи щхьэ зыщэхужыну япэм къыщІэлъэІуахэр хуит ищІащ, къаІихи сыти щымыІэу. АпхуэдэхэмикъахэкІащ Барчо ахъшэ къыІэщІэзыгуа: «Уэ гъуэгуанэ жыжьэ ущытехьэкІэ къащтэ, пщІэну щыткъым ухуей щыхъунур», – жаІэу.

Дапщэрэ зэныкъуэкъуами, къуажэм дэсам нэхъыбитІыр хэгъэзыхь лъэпкъ щымыІэу кхъухьым итІысхьэн хуей хъуащ. Іэджэми я гъуэмылэр гъуэгу теувэм иратащ: «Дэ дыкъыщынэкІэ, тшхын тхьэм къыдитынщ», – жаІэри.

ЦІыху гужьеяр зэрызехьэу я хьэпшып къомыр яІыгъыу кхъухьым щызэригуэм, матросхэр къэгузэващ, «кхъухьыр щІэмытІысыкІыну пІэрэ» жаІэу. УеІэбыхамэ, псым улъэІэсынкъэ, жыпІэу псым хэст. Матросхэми зекІуапІэ къахуэнэжатэкъыми, адэкІэ-мыдэкІэ щыкІуэкІэ зыгуэрым теувэти, ягъэгуІэрт. Барчо «фынэкІуэфынкъым» жиІэу къыхищыпыкІахэр зэхэувауэ псы Іуфэм Іутт, кхъухьиплІ зэкІэрыщІар щыІукІкІэ дакІэлъыкІуэтэнщ, жаІэ хуэдэ. Жылэр здэкІуэм дэри щхьэ дымыкІуэрэ жызыІэу хущІегъуэжа яхэтынкІи хъунт, хэкум къинэжахэм ехъуапсэ Іэджи кхъухьым ист.

Пароходыр бахъэр дрихуейуэ къэгурымати, матросхэм хъурзэр къыхалъэфыжщ псыми, зыдагъэтІылъынур ямыщІэу зэдэуащ. Псым кууэ хэс кхъухьыр къаскІэри, щежьэм, цІыхуу кхъухьым исри псы Іуфэм къыІунари зэщІэкъугъащ, я хьэдэр ягъеиж хуэдэ. Уеблэмэ цІыхухъу дыдэм яхэтт зэщыджэу гъы. ЦІыхур зэрыкъугъыу псы Іуфэм къыІуна щІалэхэм уэрэдыр къыхадзащ:

*Псы икІыж Іуэху гущэр*
*Лабэ къыщаублэ.*
*Жасус благъэ гущэм дагъэунэхъуай...*

Кхъухьым исхэми а уэрэдыр я тхьэкІумэм къызэрицырхъэу, зэщыджэу гъырэ уэрэд жаІэрэ пхузэхэмыгъэкІыу къыпащащ:

*...Сянэрэ сядэрэ Истамбыл мэкІуэжыр,*
*А сэ сыздэкІуэж мыгъуэр*
*Си щыпэ лэгъуни...*

Ар жызыIэр хъыджэбз сымаджэу, сыкIуэдми срекIуэд, си анэрэ си адэрэ здэкIуэм сэри сыкIуэнущ жиIэу къэнэн зымыдарат. И щыпэ лэгъунэкIэ зэджэр мащэрт, л Iэуэ мащэм иралъхьэнкIэ шынэрт.

Матросхэм Iэджэрэ Iуашат кхъухьым ихуэри имыхуэри ирагуэу. Ноби аращ, кхъухьыр кууущэу хэсщи, псыр къиуэнкIэ шынагъуэщ. Езыр-езыру зоныкъуэкъу, зодауэ, умыпIащIэ, псы Iуфэм зэ дыIувгъэкI, зэрыхъур плъагъункъэ жыхуаIэу. «Ялыхь, гущIэгъу къытхуэщI», – жаIэу тхьэм елъэIуи яхэтщ. Пароходымрэ абы кIэлъыкIуэ кхъухьитIымрэ ирагъэтIысхьэ дэнэ къэна, ирагуат, я хьэпшыпыр здагъэтIылъын ямыIэу я плIэм илъу. КхъухьиплIу зэкIэрыпхам минищым нэс цIыкIуми инми цIыхуу ист, итIани псэ зыIут тхьэусыхэртэкъым, IувыIуэу дызэхэсщ жаIэу.

ЕтIуанэ махуэм хьэдагъэ макъым цIыху зэфIэту, зэфIэсу щхьэукъуар къигъэушащ, псы Iуфэм Iусурэ ешаелIам бэуапIэ къудей ямыIэу, мэхри лIауэ нэху къекIати. ЛIар зэригъэзэхуэжыну молэм еджа щхьэкIэ, сыт и Iэмал: хьэдэр зрагъэпскIыжын псы къудей яIэкъым, джэбын жыпIэнущи, къыщыпщэхуни щыIэкъым.

ЕтIуанэ махуэм лIыжьитIрэ зы фыз уэндэгъурэ лIати, я Iыхьлым ябзыщIащ, арщхьэкIэ шкиперхэм мэкIэ къагъуэтащ, къомыгъуэтуи хъурэ – дунейр хуабэщи, кхъухь кIуэцIым уисыфыркъым. ЗылъэкIыр и щхьэм къыдокIуей тIэкIу бэуэнуи, йопщыхыж.

Хьэдэ къагъуэтахэри IэлъэщIышхуэм, сытхэм кIуэцIашыхьри, молэм «Ясин» гукIэ ищIэрти, къеджэрт, «ялыхь къытхуэгъэгъу» жаIэрти, лIар псым хадзэрт. Хьэдагъэр щагъэтмэ, аргуэру къаублэжурэ ек IуэкIыну хуежьати, цIыхум я гур кIуэдащ, дыздэкIуэм дынэмысу дэри тенджызым хэс джейм я ныбэр мащэ тхуэхъунущ жаIэу.

МахуипщI гъуэгу фIэкIа зэпамычу тенджызыр къэукъубийуэ хуежьащ. КхъухьиплI зэкIэрыщIар хэтIэхэсэ зэдэджэгу хуэдэу толъкъуным къаIэт, ягъэтIылъыжу зэдоджэгу жыпIэнт. Абы хуэдэ хъыринэм емысам я щхьэри уназэрт, зыхуэмышэчым яшха тIэкIур къажьыжырт, псом хуэмыдэу сабийр гугъу ехьырт. И пэмкIэ уплъэмэ, пароходыр уафэм щIоуэ жыпIэу толъкъуным къаIэтмэ, асыхьэту къуэкIийм къыдэхутэжа хуэдэу плъагъурт. Иныкъуэм пароходыр умылъагъуххэу бзэхырт, Iугъуэр мыхъуамэ, псым щIилъэфащ жыпIэну. Шкиперхэм кхъухьым игуауэ щIрагъэтIысхьам иджыщ гу щылъатар. Абыхэм ящIэрт ирагъэтIысхьам я нэхъ мащIэрауэ я Iыхьэ щанэр здэкIуэм зэрынэмысынур. Иджы щIегъуэжа щыIэми, неIэмал: гъуэгу уасэр зытар хьэдэ къуаншэу псым хадзэ...

Зэхаха мыгъуэтэкъэ ар къащыщIынкIэ зэрыхъунур? Я фIэщ хъуакъым, е Алыхьым иухамэ, уи натIэ илъым ухуэзэнщ жаIэрти, зэфIэкIат. Батум къудей еплъ – гъунэгъу дыдэщ, итIани миних ирашэжьам щыщу махуэ къэс зыхыбл яхэщIащ жаIэу яIуатэмэ, ягъэщIагъуэрт. Трапизонд мин щитIрэ мин щэ ны-къуэрэ нашэсати, махуэ къэс цIыху щитIрэ щэ ныкъуэрэ щахэ-лIыкI къэхъуащ жаIэу, зылъэгъуам яIуэтэжырт. Самсун пэмы-жыжьэу минищэрэ минипщIрэ нашэсыфа щхьэкIэ, и ныкъуэр псэууэ къелакъым.

Адыгэр здашэ щIыналъэм щыпсэухэми я гум ирихьыртэ-къым хэхэс хагъэтIысхьэу, адыгэм я хъыбар Iей Iуати. Россием илъэс щэ ныкъуэкIэ ефыщIэуар ди деж щхьэ къагъакIуэрэ, дэ сыт ди лажьэ жаIэу зэрызехьэр куэдт, я хьукумэтым деж лIыкIуэ ягъакIуэрт дыхуейкъым дэ адыгэ хэхэс жаIэу. Адыгэр ешаелIауэ, я псэр хэт къудейуэ кхъухьым ирагъэтIысыкIамэ, къабгъэды-хьэн мэхъашэт, уз йофыкI жаIэрти.

КхъухьиплI зэк IэрыщIар къуажитху ису Кипр макIуэ. А щIыналъэр зищIысри щыпсэур муслъымэнми джаурми зыми ищIэркъым. Япэм абы щ IэупщIэ щыIами, иджы цIыхум тен-джыз къэукъубияр къегуэуауэ хьэдэлъэмыжу зэтелъщ, псы къудей пхуемыфэжу.

Жэщыр кIыфIщи, нэм щIэIэбэр плъагъуркъым. Румпелым деж шкипер лIы фIыщIэшхуэ щылъщи, пырхъыжу мэжей. Есэ-жащи, толъкъуным зэщIагъэскъыскъэ кхъухьыр гущэм илъу щIаупскIэ хуэдэщ. Пароходым и уэнжакъ лъагэм къриху Iугъуэм уафэр нэхъри кIыфI ищI дэнэ къэна, дахэ-дахэу игъэбауэркъым, нэпсыр къыщIеху, уегъапсчэ.

Барчорэ Помэрэ зэрымыгъэкIуэду зэгъусэ зэпытщ. Барчо шкиперхэм дзыхь яхуищIыркъым, цIыхур изышым кхъухьыр яугъуэнрэ исыр псым щIрагъэлъафэу зэхихащи. Шкипер лIы фIыщIэр здэщылъ румпелым деж езы тIури хьэмбыIуу щысщ, щымытыжыфу. Тенджыз къэукъубияри увы Iэжыркъыми, уи щхьэр здэпхьынур умыщIэу уи гур къызэIигъыхьэ зэпытщ.

Нэхулъэ къещI щыжаIэ дыдэм кхъухьыпщым и кIий макъым цIыхур къызэщIеIэтэ. Шкипер фIыщIэшхуэр гъуэншэдж щIыху хъужауэ къыщолъэт, къэхъуар имыщIэу. Зы бэлыхьлажьэ къызэ-рыхъуар цIыхум къагурыIуа щхьэкIэ, гузавэр куэдыщэтэкъым, докIуэдри док Iуэд жыхуаIэу, хьэдэлъэмыжу зэхэлъщ. Барчорэ Помэрэ кхъухьыпщым деж кIуэмэ – къэхъуам ущIэмыупщ Iэ: кхъухьыр зэралъэф кIапсэр зэпычауэ Барчо и къуажэр зэрыс кхъухьыр къанэри адрейхэр бзэхащ.

Шкиперыр здэщылъа дыдэм деж Барчо щысу мыщхьэукъуа-мэ, к Iапсэр зэпызыупщIар уэращ жиIэу еуэу иукIынкIэ тIэу еплъынтэкъым. Кхъухьыпщым пхъэ дзакIэ хъуаскIэр къыпы-лъэлъу къищтащи, иIэтауэ иIыгъщ, Iэ лъэныкъуэмкIэ финарыр

иІэтауэ маплъэ, кІэртІофуэздыгъэкІэ сыт къэплъагъун? Парохо-дым е адрей кхъухьхэм исым гу къылъатэмэ, къагъэзэнщ.

ЗэрыгъэкІий, зэрыгъэгуоуэ цІыхур я фэм иткІухьыжу зэхэлъ щхьэкІэ, сыт пщІэн? Кхъухьым толъкъуныр ироджэгу, чеишхуэу псы къиуам ходжэрэзыхь. Кхъуэхьэнцэ сыт жыпІэнущи, аркъудейр кхъухьым илъкъым. Ик Іэм икІэжым пароходым къегъазэ. Насып яІэти, пароходым кхъуафэжьейкІэ кІапсэр зэпызыщІэжын къегъакІуэри зигу кІуэда къомым я гур къызэрогъуэтыж. ЕрагъпсэрагъкІэ кІапсэр зэпащ Іэж. Ари нэхъыбэу зи фІыгъэр Помэщ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, кІапсэ кІапэр къэзыгъуэтар arащи. Езыри фІыщэу есырт, псым и п Іалъэ ищІ эрт–тенджыз Іуфэм къыщыхъуащ, матросуи щытащ.

ТІэкІу-тІэкІуурэ тенджыз къэукъубияр увыІэжащи, кхъухь зэкІэрыщІар пароходым елъэф. Нэху щымэ, нэгъуэщІ гузэвэгъуэ гуэри къыкъуок І. Жыжьэу уплъэмэ, урыс корвет къакІуэу ялъагъу. КъалъэщІыхьэмэ, караваныр зэрыкаравану ирагъэгъэзэнкІэ мэхъу, кхъухьым исхэм хьэфэтхылъ, паспорт визэ телъу яІ экъым жаІэу щхьэусыгъуэ ящІу. Я насыпти, корветыр пароходым къылъэщІыхьакъым. Асыхьэтым ирихьэлІэу жьапщэр пимычамэ, къэхъунум ущІэмыупщІэ. Урыс корветыр топкІэ къакІэлъыуа щхьэкІи, топышэр къэсакъым.

А махуэм хьэдэ зыбгъупщІым щІигъу псым хамыдзэу хъуакъым. Хьэдэр зэзыгъэзахуэу яІэр молэрати, ари лІауэ нэху къекІащ. Иджы хьэдэм дыуэ тІэкІу трашІ эри – зэфІэкІащ. Гузэвэгъуэр Барчо дежи къэсащ, и унэгуащэр лъэрымыхь къэхъуауэ.

Къыщежьэм, гъуэмылэм Истамбыл дынигъэсмэ, адэкІэ дызыхыхьэр муслъымэнщ, дагъэлІэнкъым жаІати, иджы Кипр нэс кІуэн хуейщ. Псы ирафынри зэгъэзэхуэн хуейщ, сымаджэр махуэ къэс нэхъыбэ мэхъу, кхъухь караваным и бгъуитІымкІэ джеишхуэ хъушэ къокІуэ, кхъухьым къакІэрымыхуу. Тхьэм ещІэ, дызыгъэшхэн къэдгъуэтащ жа Іэрэ. КІуэ пэтми нэхъыбэж мэхъу. Сымаджэу ар зылъагъум я гур мэкІуэдыпэ, уэсят къащІ: дызэхуэдэ муслъымэнщ, дылІ эмэ, псым дыхэвмыдзэ жа Іэри.

Барчо и фыз Гуащэкъарэу бэлыхьу къытехуэр зышэчар иджы къэгухауэ мэгуІэж:

– А зи анэр зи къурмэн. Уи анэр узогъэлъэІу, уи адэр узогъэлъэІу: сылІэ мыгъуэмэ... дыздэкІуэм нэс си псэр схунэхьэсыну си фІэщ хъуркъым. ПщІыхьэпІэ Іей мыгъуэ солъагъу... А си псэ т ІэкІу, а Барчо, си псэр къезыгъэлар уэращ, си хьэдэр уэ зэгъэзэхуэж. Ар си уэсятщ. СыІыхьлыкъым, сылыджанэ мыгъуэкъым, тхьэм сыщогугъ, тхьэм и ужькІ э уэзыращ гугъапІ эу сиІэр...

– Куэдщ, куэдщ. Уигу умыгъэкІуэд. Куэдкъым къэнэжар. –

Барчо ар жиIэу хъущIэ хуэдэу зищI щхьэкIэ и гур къызэфIонэ, и нэпсыр и нэм щIэз мэхъу, и щхьэр лъэныкъуэкIэ ирегъэзэкI, и унэгуащэм гу зылъримыгъэтэну.

– Уэ пхуэдэу сиIащэрэт адрейхэр. Мес еплъ. Уэ иджыри тхьэм узэрелъэIунщ. Уи щхьэр, Алыхьым и шыкуркIэ, уи жагъуэ хъуакъым, уи акъыл уитыжщ. Уи Iэр къыбдобзэ, уи лъэр къыбдобзэ. Помэ жыпIэнущи, къыб-бгъэдэс зэпытщ...

– Хьэуэ, Барчо. Уэ къысхуэпщIа къомым а зыр къахэжыжын. Къэзгъэщlар зи фIыщIэр Алыхьыращ, Алыхьым и ужькIэ уэращ. Ар игъащIэкIэ сщыгъупщэнукъым. Тхьэм напэ къабзэкIэ дызэхуихьыж…

– Хъунщ, Къамботхэ япхъу. Хъунщ. Уэ пхуэзмыщIэн щыIэ-къым, си псэр пытыху, слъэкIыр... – Барчо зигъэбыдэ щхьэкIэ, къыщиуд пэтащ, и гур къызэфIэнэри.

Гуащэкъарэ гу къылъита хъунти, зиущэхужри зыкъомрэ щылъащ, зыри жимыIэу. БауэкIэщI зэрыхъури IупщIт. Тхьэм ещIэ, Барчорэ абырэ зэрызэдэпсэуар и гум къэкIыжа? И гъащIэм и лIым пэуву псалъэ дыдж къыжьэдэкIауэ зыми зэхихакъым. И лIыр къэгубжьрэ емызэгъ гуэр къыжьэдэхуамэ, Гуащэкъарэ и лIым пэпсэлъэжыртэкъым: «Ар уэра мыгъуэкъым жызыIэр, ар Алыхьым жыуегъэIэри жыбоIэ, Барчо, тхьэм ещIэ мыгъуэ укъэзыгъэгубжьар», – абы къыфIигъэкIыртэкъым. КъуитI зэда-гъуэтати, я щIалэгъуэу, я насып къэкIуэгъуэу зауэм хэкIуэдащ. Езым и насыпти, фызабэу къэнакъым.

– Хьэуэ, Барчо. Укъысхуэмыбэлэрыгъ, си псэ закъуэ. Тхьэм си ужьыр махуэ пхуищI. Ахърэт махуэр зэхудипIалъэщ. Си насыпти, сэ уяпэ сощ. Ди нэгу щIэкIа гуауэщхьэуэ къомыр щыпIуэтэжын щIыналъэу тхьэм къыщIигъэкI дыздэкIуэ щIына-лъэри. Россием и ныбэм къина ди хэку мыгъуэм ещхьу, джейм и ныбэр мащэ схуэхъумэ жызоIэри, аращ сыщIэгузавэр. СылIэрэ ди щIыналъэ сыщыщIалъхьэжа мыгъуэтэмэ, жэнэтым и курыкупсэм сис хуэдэти...

Аргуэру гъы макъ къэIури, Барчо IумыкIыу хъуакъым.

Гуащэкъарэ къызэфIэтIысхьати, и нэр къыщхьэрепхъуэ, ишхIами езэгъыжыркъым. И Iупэр Iуущхъуэнтlыклащ, и лъакъуэри къыщIэувэжыркъым, и нэкIум уиплъэмэ, лъы ткIуэпс щIэтыжкъым жыпIэу фагъуэ дыдэ хъуащ.

ТIэкIу докIри Барчо гуфIэу и фызым деж къокIуэж, игъэ-гуфIэн и хьисэпу.

– Къамботхэ япхъу, кхъухьыпщым жиIэр пщIэрэ? Пщэдей-пщэдеймыщкIэ фIэмыкIыу Кипр жыхуаIэ щIыналъэм дынос! КъыбгурыIуа? Уи гур умыгъэкIуэд закъуэ. Хьэзабу тшэчар тIуэтэжынщ, тхьэм жиIэмэ.

...ЛIым жиIар фызым зэхиха-зэхимыха– ахъи-быхъи и жьэм къыжьэдэкIакъым. И фызым и гур дахэ хуищIыну Барчо Кипр щхьэкIэ жаIэу зэхихар еIуэтэж:

– ДыздэкIуэр зыхуэдэри пщIэрэ? ЩIыналъэ гъуэззэджэщ. Кавказым зыкъомкIэ ещхьу жаIэ, къурш лъагэ дыдэ щымыIэми, къущхьэ тIуащ Iэщ псы къежэхри къабзэщ, уэрщ. ЩIым тепсэр къытокIэ. Гуэдзи, мэши, нартыхуи, джэрши, хъарбызи, къэби къыщокI, жыг хадэ жып Iэмэ, тхьэм къузэритынщ. Жызумыр куэдщ, Iэщ зепхуэнумэ – хъупIэр пэрыхьэтщ. Жэми, шыи, мэли, бжэни, гуэгуш-джэдкъаз сытри щобагъуэ. Муслъымэнри чыристанри зэхэсщ, дэ муслъымэн здэщыIэ лъэныкъуэм нэхъ зеттынщи, дахэсынщ.

Помэ къедаIуэрти ари щIэупщIащ:

– ХывкIэ сыт хуэдэ? Хыви щыбгъэхъу хъурэ?

– Хъурэ жыхуэпIэр сыт! Я куэдщ, махъши ягъэхъу. – И унэгуащэр дунейкIэ къэмыхъуэпсэжу и щхьэр и жагъуэ хъуауэ къыфIэщIати, Барчо дэнэ сыт хъыбар щызэхихами Гуащэкъарэ хуиIуатэурэ къигъэбэдзэуэжыну арат и гум илъыр. Дыгъуасэ цIыхум ягъэхъыбарам щыщи и гум къэкIыжат: здэкIуэ щIыналъэр цIыхубзытхьэу АфродитэкIэ зэджэм и IэмыщIэ илъауэ, аршхьэкIэ апхуэдэ тхьэ щыIэу Гуащэкъарэ зэхихатэкъыми, нэхъ гурыIуэгъуэ хъун щхьэкIэ, Псыхъуэгуащэу зэридзэк Iащ:

– ДыздэкIуэр зыхуэпщылI уи гугъэр хэт? Псыхъуэгуащэращ. КъыбгурыIуа? Псыхъуэгуащэм. Езыхэр зэреджэр Афродитэщ. ЩIыналъэм и хъуреягъкIэ псыщ. КIэщIу жыпIэмэ, дыздэкIуэр щIыхъурейщ. Щыпсэум я нэхъыбэр алыджщ. ИтIани плъагъурэ, илъэс щит I-щищ и пэкIэ тыркудзэр къатеуэри абы лъандэрэ тырку муслъымэнхэри щIыхъурейм къытетIысхьащи, я мэжджыткIи, мыдрисэкIи, сыткIи зыхуэныкъуэ щыIэкъым. Тыркум щIыхъурейр яубыдыну къыщ IэкIынт, жи, аршхьэкIэ Псыхъуэгуащэр алыджхэм я телъхьэти, тыркум я насып тригъэкIуакъым. ЦIыхур къызыхуалъхуар зэуэнуракъым, щIыхур тхъэжу я гъащIэ Iыхьэр ягъэщIэну тхьэшхуэм иухащи, зауэ къэзыIэтыр лъэгущIэт сщIынущ жиIэри цIыхур зэныкъуэкъуу Афродитэ идакъым.

– Ярэби, ди дежкIэ къайгъэ зыфIэфI куэдщ. Дауэ дахэзэгъэну пIэрэ? – жиIэнути, Гуащэкъарэ къыхудэмышеижу гугъу ехьырт.

– Дахэзэгъэнщ, тхьэм жиIэмэ. Дахэзэгъэнщ.

Поми и тхьэкIумэр тегъэхуауэ къодаIуэ.

– НтIэ, жэнэтщ дыздэкIуэр, дызытет гъуэгур жыхьэнмэ защIэми, – жиIэри я пщылIри гуфIащ. – Дынэсыху Гуащэри къэтэджыжынщ. – Урыс унэIутым и гум къэкIыжащ, Гуащэкъарэ зэрыжиIэм хуэдэу, гуэгушыр хыв шатэкIэ ягъэжьэжрэ, бжьыныху шыпс бэлыхьи щIыгъужу Iэнэм къытрагъэувэу зэрыщытар. И гурыIупсыр къажэурэ и жьэм Iупсыр жьэдэз хъуауэ, адэкIэ зыри хужыIэжакъым.

Махуэр кIэгъэпшагъэт, уэмт, дэнэкIи плъэ – тенджызщ, толькъунхэм кхъухьиплIым я хьэлъагъыр зэпашэч хуэдэщ, зыр къиIэтым, къыкIэлъыкIуэр йотIысэх. ЛIыжьу «хьэдэ щIэлъхьэ»

кIуэр хьэлъакъуиплIкI э пщырт хьэдэ зыгъейхэм я деж. Нэсмэ, ерагъыу къызэфIэувэт, дыуэ ящIыну, зэфIэмыувэфрэ – лъэгуажьэмыщхьэу щыти яхэтт. Барчоуи къарууншэ хъуат, ит Iани цIыхур нэхъ тригъэгушхуэн и гугъэу къахэмык Iыу яхэтт, зэзэмызэ къеплъэкIрэ Помэ и тхьэкIумэр иIуантI эу:

– Ей, убгъэдэмыкI гуащэм. КъыбгурыIуа? Пщ Iэну щыткъым... – жиIэу. Къытрича дыдэу мыпсалъэми, Помэ къыгурыIуэрт ар зытегузэвыхьыр.

ЦIыхуу кхъухьым исри гухэ къэхъуащи, псэ зыIут гушыI эу зэхэпхыжыркъым. Дэри ди чэзур нобэ къэсын, пщэдей къэсын жа Iэу я дуней IуэхукIэ къэмыгугъэжыр нэхъыбэщ. Псым зыщIагъэмбрыуэу, къыдэуеижу джей хъушэ къакIуэм еплъмэ, я гур мэкIуэдыпэ, «дылIэмэ, мащэ тхуэхъунур ди ужьым итщ» жаIэу. Дэтхэнэ джейм и ныбэра иджы мащэ тхуэхъунур?

Хьэдэр зэрагъэзэхуэжмэ, къаблэмкIэ и гупэр гъэзауэ гъэтIылъын хуейщ, щыгъынри щыхарэ джэбын щэней къешэк Iауэ. Джэбыныр зиIэ зырызыххэ къахэк Iми аращ. Хьэдэр зыгъэпскIыр цIыху къабзэлъабзэу, узыншэу щытын хуейщи, ари дэнэ къипхыну? Сабий лIэмэ, зыгъэпскIыжыну зытехуэр и анэращи, анэри къарууншэщ, Iэпэсыс-лъапэсыс хъуащ. ЗэрыбгъэпскIын псы къудей дэнэ къипхын, цIыхум ирафын ямыIэмэ. ЦIыхухъу лIэмэ, и хьэдэр щIакI уэ фIыщIэшхуэм теукъуэдияуэ теплъхьэн хуей щхьэкIэ, щIакIуэ бгъуэтрэ, нэхъыбэм я укIытапIэ тIэкIур хъыданкIэ щIахъумэри зэфIэкIащ...

Хьэдэр зэрагъэзэхуэжа нэужь:

– ИIэт иджы, нэмэз тIэкIу хуэдвгъэщIыт, – жиI эрти, Барчо къэувырт, дыуэ хэт къыздищIын жиIэу пэмыплъэу, занщIэуи къыпещэ. – Iэлхьэмдули-ллахи ярэбби хьэлэминэ, ал-рэхьмани, ал-рэхьими, аякэ нэхьбуду уа аяйкэ нэстихьину...

Модрей къому лъэгуажьэмыщхьэу зэфIэтми зыжьэу жаIэ:

– Фатихьэ!

Барчо къыжеIэ, псоми зэхахыу:

– Ди Тхьэу тхьэшхуэ, мы уи пащхьэм нихьэжа тхьэмыщкIэм гуэныхь телъами къыхуэгъэгъу, увыIэпIэ дахэ къет. Сыту хьэзабышхуэ къыттрилъхьа жиIэу зигу уэбгъам ящыщ псэууэ къэнар думыщI. Сабий цIыкIу къому Iисраф хъуми, уа, ди тхьэу тхьэшхуэ, гущIэгъу къахуэщI, цIыхум я нэгу щIэкIар щаIуэтэ-жын махуэ игъахуэ.

Барчо и нэмэзыбзэм к Iыхь зримыгъэщIу хьэдэр къеIэт. ЛIам и лъакъуитIыращ нэхъапэ щIыкIэ мащэм епхьэхын хуейри, а хабзэм тету хьэдэр лIитI-лIипл Iым зэдаIыгъыу тенджыз къи-къуэлъыкIым хадзэ. Джеишхуэхэри зэщэр аращи, хьэдэр щыхэ-хуа щIыпIэм деж тIу, щы къосри хьэдэр зэпкъратхъри зэф IэкIащ. Сабиймэ, япэ къэсым зыI уредзэри ирегъэлъэтэх.

И бын апхуэдэу джейм зыIуридзауэ анэм илъагъумэ, къомэх.

Абы щхьэкIэ цIыхухъум ядэркъым цIыхубз кхъухь джабэм къыIуувэу. Ар зигу темыхуэ цIыхухъу дыдэми къахокI, уеблэмэ дыгъуасэ щIалэщIэ хъарзынэ гуэр и псэр хьэщыкъ зыщIа хъыджэбз дахэ дыдэр псым хадзауэ щилъагъум:

– Ар зыдэкIуэм сэри срекIуэ! – жиIэри зыкIэлъыхидзащ. Къыхалъэфыжын я гугъэу Помэ сымэ зэрызехьа щхьэкIэ, яхузэфIэкIакъым.

Зи унэ хьэдэ ихуам я деж махуищкIэ гузэвакIуэ укIуэн хуейщи, кхъухьым щIагъуэ исыжкъым гузэвакIуэ узыхуэмыкIуэн. ДяпэкIи нэхъыбэж зэрыхъунур нэрылъагъущ, лъэрымыхь къэхъум махуэ къэс къыхохъуэри. Уеблэмэ лIар ягъэпщкIури урагъэкIуалIэркъым, тIэкIу хилъэфа къудейщ, и гугъу умыщIу тхьэм щхьэкIэ гъэжей жаIэри. КIуэ пэтми нэхъ Iеиж мэхъу. Япэм бынунэм зы-тIу яхэлIыкIауэ нэху къекIыу щытамэ, иджы бынунэр зэрыбынунэу зэтелIауэ къуэгъэнапIэ гуэрым къыщыкъуах къохъу.

Дэрдэнел дыщыдэкIкIэ Истамбыл дэт мэжджытышхуэхэм нэ къудейкIэ дытеплъащэрэт жаIэу, куэдым ар я гурыфIыгъуэу щыта щхьэкIэ, къехъулIакъым, жэщ кIыфIым техуэри. ИтIани цIыхур нэхъ тыншыжащ, тенджыз къэукъубияр зэгъэжати, ауэ Iэджэ кIэ нэхъ хуабэ къэхъуат, дунейр псыIэт, хьэмэмым ущIэс хуэдэ.

Кхъухьыпщри къэуври зигу кIуэда къомым я гур дахэ къахуищIащ:

– Пщэдей е пщэдеймыщкIэ, тхьэм жиIэмэ, Ларнакэ дынэсынщ. Ларнакэ кхъухь тедзапIэм...

Ар зэрызэхихыу Барчо и фызым деж игъэзэжащ, тхьэмыщкIэр згъэгуфIэнщ жыхуиIэу.

Гуащэкъарэ и нитIыр зэтепIащи, мыжейуэ пIэрэ жыбоIэ. АрщхьэкIэ и нэщIащэр иуащ, щхъуантIафи къытеуащ, и IитIри дияуэ и куэщIым илъщ, и щхьэри къыфIэхуащ. ТхьэмыщкIэр махуэ зыбжанэ мэхъури зэфIэту щытащ, иджы цIыхум я Iыхьэ щанэр хэщIащи, уетIысэхи мэхъу жиIэу и гум къэкIат. АрщхьэкIэ псэкIэ зыхищIат къэхъуар. Помэ Iурихауэ мэжей.

– Уей, Къамботхэ япхъу... – жиIэри Барчо и фызыр къигъэушын и гугъати, тIэкIу зэреIусэу къэпым егъэщIауэ зэфIэсар лъэныкъуэкIэ укIурий пэтащ...

Гуащэкъарэр щыIэжкъым, имыщIауэ пIэрэт цIыхубзым и псэм, «сылIэ мыгъуэмэ, джейм сомыгъэшх» жиIэу щылъэIуам?

«КъэзгъэщIар зи фIыщIэр Алыхьырщ, Алыхьым и ужькIэ уэращ» жиIэу Гуащэкъарэ мычэму щIыжиIэр Барчо дежкIэ гурыIуэгъуэти, зэи зы псалъэ пидзыжакъым. Нобэ ар абы и гум къэмыкIыжу хъурэт – унэгуащэр дунейм ехыжащи, деур тIэкIу ямыщIу хъуркъым. АтIэ дунейм ехыжа тхьэмыщкIэм и сабиигъуэу илъэс пщыкIутI хэбгъэкIыжмэ, дапщэу пIэрэ къигъэщIар?

Барчо и гум къэкIыжащ япэ дыдэ и къэшэным щытеплъа махуэр.

ЩIалэтанэ цIыкIу, езым нэхърэ зыкIи мынэхъыжьу гъуситI иIэу, зэгуэр Барчохэ я куэбжэм деж къыщыувыIэри хъыбар кърагъэщIащ: «Атэлыкъым ди унэ сыкъишэжауэ тхьэлъэIу схуащIри си тхьэлъэIум фыхэтамэ, арат сызыхуейр», – жиIэри. «Дапщэщ?»– «Мыбы хуэдэ махуэм». А лъэхъэнэм Барчо щIалэ фыз къэмышэт, и насып къэкIуэгъуэт, езыри щIалэ лъагъугъуафIэт, Iэщэ-фащэкIи хуэщIа дэнэ къэна, уанэш ахъырзэману хакIуэ къекIуиIэт, къытеж къуажэм шы дэмыту.

ЖыхуаIа пIальэр къэсри, Барчоууэ плъагъум зыкърихыу зихуапэщ, и Iэщэри къищтэри хакIуэм шэсащ. ГъуситI хуэдиз шу гъусэ ищIри езыгъэблэгъам я деж кIуащ. ЗдэкIуэну Псэзуапэ къуажэм нэс махуэ ныкъуэ гъуэгу дэлъти, нэхущым шэсри ежьащ.

ТхьэлъэIум къуажэр зэрыкъуажэу хэтт, нэгъуэщI къуажэ къикIыурэ къакIуэри нэхъ мащIэтэкъым. Хъуи бзыи къызэхуэсат. Къуажапщэм деж тафэ иIэти, цIыхур абыкIэ зэрыхьырт. Барчоуи абыкIэ игъэзащ. СэмэгурабгъумкIэ тенджызт, ижьырабгъум бгы нэпкъ щIагъым мафIэшхуэ куэд щащIауэ фызхэри мэпщафIэ, лыгъавэхэми я лэгъупыкъухэр фIадзащи, бахъэр къащхьэщех. Шыгъажэм хэтынухэми къажыхь-нажыхь, яшхэр къызэщIагъаплъэ.

Гуэлмэдын удзыфэ иIыгъыу шу гуэр блэжу къыщалъагъум, «догъэпцI, уэдгъэхьым» жаIэри шу къом зэрызехьэу, зэрыгъэкIийуэ кIэлъежьащи, гуэлмэдыныр зыхьым кIэлъожэ. Ирахужьа шум зэм тенджыз Iуфэм зрет, зэми бгы нэпкъымкIэ щIолъадэ, арщхьэкIэ гъуэгу кърамыту егъэзыпIэм дахуэ, нэхъ жыджэр гуэр мапхъуэри гуэлмэдыныр зыIэщIегъыхьэ. Шу къомыр иджы абы и ужь йохьэ. Зыкъомрэ зэрызехьауэ Барчо йолъэдэкъауэ и хакIуэми, мо шу гупышхуэу щIихьам якIэлъыжэурэ ятож, гуэлмэдыныр зыIэщIигъэхьауэ мажэ, зы шу лъэщIэмыхьэу.

Барчо а махуэм псоми къацIыхуащ, и хакIуэм Iэджи къехъуэпсащ, нахъыжьхэр хьэщIэм къехъуэхъуащ. Иджы гуэлмэдыныр зейм етыжын хуейщ. Фызи хъыджэбзи щхьэхуэу зыкъом зэхэтти, Барчо абы ябгъэдыхьэу гуэлмэдыныр зейр къигъуэтыну щекIуалIэм, гупышхуэм къахэкIри зы хъыджэбз щIалэ дыдэ, лъагъугъуафIэу, тIэкIу къыпыгуфIыкIыу, и ныбжькIэ илъэс пщыкIутху-пщыкIухым фIэмыкIыу къыпэуващ. Барчо хъыджэбзым щыIуплъэм къэуIэбжьащ, и гур къигъэскIащ, и нэгум псывэ къыщIикIа хуэдэу. «Уи гуэлмэдыныр къыпхуэсхыжащ...» –жиIэу абы фIэкI псалъэ къыжьэдэмыкIыу и хакIуэшхуэм зыкъригъэзыхри гуэлмэдыныр щишийм, шым бгъукIэ зидзри хъыджэбзым жьэхэуэ пэтащ. Барчо хакIуэм къемыпсыхыу гуэлмэдыныр зритыжа пщащэр нэщхъыфIэу къеплъри, щIалэм и гущIэм тхьэм ещIэ къыщыхъеяр.

Абдежым щыщIэдзауэ Барчо и нэм зыри къимыхьыжу тхьэлъэIум хэтащ, дапщэщ джэгу ящIу пщащэр къэзгъэфэну жиIэу. Бэлътоку зэфIэхьи, шыгъажи, фочауэ сытхэри зэфIэкIри Iэни къащтащ. Пщыхьэщхьэ хъури Iэнэм нэхъыжьхэр бгъэдэсурэ щIалэгъуалэм джэгушхуэ ящIащ, зы утыкур яфIэмащIэу утыку зыбжанэ хъууэ, Барчо ищIэрт дэзыхьэха хъыджэбзыр зыхэтри, абы мыкIуэу хъунт?

Пщащэм зэреджэр Гуащэкъарэт, и адэр нэхъ цIэрыIуэм ящыщт, и дэлъхухэри тхьэлъэIум хэтти, я шыпхъу дахэ цIыкIуу джэгум зи щыпэхыхьэу хыхьам хэт дауэ къеплъми гу лъатэрт. Езы цIыкIур жыпI энущи, дэбгъуэн дунейм теткъым: къабзэщ, гуакIуэщ, щэныфIэщ, щIыкIафIащ, зэ уеплъамэ, аргуэру сеплъащэрэт жыбоIэ, зы псалъэ закъуэ къызжиIащэрэт жыпIэу узыIэпешэ, и макъри къуалэбзу макъщ, уедаIуэкIэ зыбгъэнщIыркъым.

Барчо и гур пщащэм къиуIащ. «Си насып зыхэлъ пщащэр къэзгъуэтащ, умыбэлэрыгъ, си къуэш», – жиIэу и щхьэм хужеIэж. Жэщыбгым нэблэгъауэ и гъуситIым яжреIэ: «ИгъащIэм зы Iуэхутхьэбзэ къысхуэфщIэнумэ, къыщысхуэфщIэн дихуащ». – «Сыт иджы ар?» – «Гуащэкъарэ дывгъэхь», «И дэлъху къомым я нэIэ къытетщи, лъэбакъуэ лей ирагъэчыркъым. Ар дагъэхьын?» – «И дэлъху дэнэ къэна, къуажэр зэрыкъуажэу къытпэувами, яфIэтхьынщ». ЩIалIищыр зэгурыIуащ, нэхущ уджым нэсрэ цIыхур нэхъ кIащхъэ хъумэ, Барчо пщащэр къигъэуджу иришажьэмэ, езыр епсэлъэну. Хъыджэбзым идэ закъуэмэ, адрейр Iуэхукъым жиIэу, арат зытрищIыхьар.

«Си адэ, си анэ ямыщIэу, си дэлъхухэм ямыщIэу ар дауэ хъун, напэтехкъэ?» – жиIэу арат хъыджэбзым, арщхьэкIэ Барчо, хэкIуэдами, къимыкIуэтыну и мурадт. ЩIалэхэм физ гуэр къагъуэтри Гуащэкъарэ деж ягъакIуэ: «Уи анэр къэкIуащи, зы псалъэкIэ къыпхуейщ» жриIэу хъыджэбзыр шыгъуэгу хадэмкIэ иришэкIыну. ЦIыху Iуву щытари нэхъ кIащхъэ хъуат, хъыджэбзхэми я унэ екIуэлIэжа яхэтти, Гуащэкъарэ и гугъат ишэжыну и анэр къыкIэлъыкIуауэ.

АрщхьэкIэ дэнэ – шыгъуэгу хадэм абы къыпэплъэу итыр Барчот. И хакIуэм тесу жыг къуагъым къуэта шум зигъэхъеякъым, и гъуситIым хъыджэбзыр занщIэу щIакIуэм кIуэцIашыхьри шум и IэплIэм иралъхьащ. Модрейр зыхуейр арати – макIуэ-мэлъей. ХьэгъуэлIыгъуэм хэтам я деж хъыбарыр нэсу пхъэру ягъэкIуэнум и унафэр ящIыху, Барчо къуажэм дэкIри нэпкъым кIэрыхьауэ къущхьэ лъэныкъуэмкIэ иунэтIащ.

Абдежым уафэгъуагъуэм иригъэщхьу макъ шынагъуэ Барчо щызэхихым, къэхъуар ищIэххэртэкъым, къэпщIэнуи Iэмал зимыIэт. Пхъэр къыскIэлъысым жиIэу, Барчо гъуэгум тригъэзыкIри Iэщыхъуэхэу къырым итым я деж хэщIапIэ щылъыхъуэну ежьа щхьэкIэ, къуажэм къыдэкIыу псэ зыIут къыкIэлъежьэ-

нутэкъым. Уафэгъуагъуэ макъыу и гугъари уафэгъуагъуэтэкъым, зы сыхьэт ныкъуэкӀэ Барчо къуажэм къыщыгуvауэ щытыгъатэмэ, и дуней гъащӀэр иухат, сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ, къуажэм тхьэлъэӀушхуэ ящӀу зэхэтыху, тенджызым тет урыс флотым заукъуэдияуэ псы Ӏуфэм къыӀуувэри нэхущым деж топ миным нэблагъэ зэрыт кхъухь къомым къуажэу псы Ӏуфэм Ӏусым щыщ къамыгъанэу зэтрагъэщахэу хуежьащ. Апхуэдиз топыр куэдрэ елӀэлӀэнт: шапсыгъыу, убыхыу – адыгэ лъэпкъыу тенджызым Ӏусам я лъапсэр ирахащ.

Къуажэ къомым дэтри дэсри зэтракъутащ, зэтрагъэщэхащ. Топым къелар мафӀэм ихьащ, мафӀэм къелар къэзакъ сэшхуэм ихьащ. Псэ зыӀуту къелар зырызыххэт, ари зыщӀыпӀэкӀэ кӀуауэ а жэщым къэта щыӀэмэ, аращ. А зырызыххэм ящыщ хъуат Гуащэкъарэ. Я къуажэ дахэу ПсэзуапэкӀэ зэджэр кӀуэдыкӀейуэ зэрыкӀуэдар хъыджэбзым къыщищӀар куэд дэкӀа нэужьщ.

Барчо дыди ищӀэртэкъым къэхъуар. НысащӀэр Ӏэщыхъуэм я деж ирихьэлӀауэ щыӀэт, ярэби, Гуащэкъарэ и Ӏыхьлыхэм ящыщ сыту зыгуэр къыкъуэмыкӀрэ жиӀэу пэплъэу. Къэхъуа гуузыр къыщищӀэм, нысащӀэр я благъэ зыдэс къуажэм ишэжри мазэкӀэ щигъэӀащ, хъыджэбзыр хуэмыгъэундэӀуу. Иужьым, псори хэӀущӀыӀу хъуа нэужь, хьэгъуэлӀыгъуэ тӀэкӀури зэф ӀагъэкӀащ. Абы лъандэрэ мащӀэ щӀа?

Адыгэ къуажэу псым ӀутӀысхьар зэтрагъэщахэу тхуэней я щӀапӀэм псы ирагъэжыхьыжурэ мыхьыр ирагъэхьати, гущтэ ящӀауэ тенджыз Ӏуфэр ябгынэри къущхьэм зратат. КъуакӀэбгыкӀэм къуажэ цӀыкӀу-цӀыкӀуурэ дэтӀысхьащ. Псэзуапэр здэщыса щӀыпӀэр хэкужьу куэдрэ щытакъым, къэзакъ къыдагъэтӀысхьащ. ТӀэкӀу дэкӀри урыс къуажэ къэтӀысам Лазаревскэ фӀащащ, а щӀапӀэр къэзыщта адмиралым и цӀэкӀэ.

ЩӀыфӀащари сыт? Адмиралым АнтрактидэкӀэ зэджэ щӀыналъэр къихутащ, а щӀыпӀэм и инагъыр верст зэпэплӀимэу мелуан пщыкӀуплӀ мэхъу, ауэ апхуэдиз щӀыналъэ къэбгъуэтыфащ жаӀэу фӀыщӀэ хуащӀу и цӀэр зыми фӀащакъым. ЛӀыгъэ уиӀэу адыгэ къуажэу псы Ӏуфэм Ӏусари Ӏумысари зэтебгъэщэхащ жаӀэри, мо къуажэ тӀэкӀуу топышэкӀэ ирахам нэхъ хуагъэфащэу цӀэр фӀащащ пащтыхь унафэкӀэ.

Гуащэкъарэ къамылъхуагъэххэм хуэдэщ. КъызыхэкӀар лъэпкъышхуэу щыта пэтми, псэ зыӀут къыщӀэнакъым. Я къуажэри аращ: и цӀэ къудейр кӀуэдыжащ. Псэзуапэ дэсам ящыщу дунейм къытена закъуэр Гуащэкъарэти, ари щыӀэжкъым. Абы и хьэдэри дыздэкӀуэм нытхуэшэсатэмэ, ара мыгъуэти уэсяту къигъэнар. Я къуажэм я махуэр езы тхьэмыщкӀэми и натӀэ хъуащ.

– Дауэ тщӀыну? – жиӀэри Помэ къеупщӀащ, дауэ «щӀэтлъхьа» хъуну жыхуиӀэу. Барчо щӀэгузавэри ара мыгъуэкъэ. Ӏэдииху и

уэрэдыр щыжыпIэн махуэ ихуащ, хьэдэр здихьын имыщIэу.

Хьэдэр зэзыгъэзэхуэни щыIэж? ЛIам и уэсят тIэкIур Барчо щыгъупщакъым: и IэкIэ зэригъэзэхуэжыну къигъэгугъа щхьэкIэ, хьэдэм и ужь уиту шкиперым укъилъагъумэ, къыпхуидэнукъым. Барчо и урыс пщылIым унафэ хуещI:

– Динищым я бын, убгъэдэмыкI мыбы. КъыбгурыIуа? КъоупщIIамэ, «мэжей» жыIэ.

Езы Помэ и жей ирикъуу мыжеяуэ нэбэнэушэт.

– Хъунщ, Барчо, зыми гу къылъезгъэтэнкъым, – жиIэри IэлъэщI ф IыщIэшхуэу гуащэм и Iар трипхъуэри и щIыбагъым къэп къыдилъхьащ, фызыр щхьэукъуауэ щыс къафIигъэщIыну.

Жэщым Барчорэ Помэрэ чэзууэ хьэдэм бгъэдэсащ. Абы нэхъей хуабейщи, хьэдэр куэдрэ щылъ хъуркъым. Дэнэ пхьами, мэкIэ къащIэ. Матросхэр хьэм хуэдэщи, хьэдэ къэгъуэтыным хуэIэзэщ. Езыхэми уагурыIуэну Iэмал иIэкъым. И щIагъым епхьэхмэ, нэхъ Iеижщ, хьэдэм нэхъ псынщIэжу мэ щоу.

Ещанэ махуэм кхъухьым исыр къызэщIэващ, жыжьэу КипркIэ зэджэ щIы хъурейр псым къыхэщ хуэдэу ялъэгъуати. Барчои и гур къызэрыгъуэтыжащ, Гуащэкъарэ зыщ IэлъэIуа тIэкIур хуэсщIэфыну къыщIэкIынщ жиIэри. Матросхэри нэгъуэщI зыгуэр хъуат, «хьэдэр псым щхьэ хэвмыдзэрэ» жаIэу къыппаубыдыжыртэкъым.

Псоми плъапIэу яIэр щIыхъурейрат. Сыхьэт къэс езы щIыналъэр нэхъ ин хъууэ плъагъурт, зиубгъурт, зиIэтырт. Дунейри бзыгъэт, ауэ щ Iыналъэм пшагъуэ гуэрэн щхьэщыт хуэдэщ.

Кхъухьым Гуащэкъарэ хуэдэу хьэдэ куэд илът, арщхьэк Iэ нэхъыжьхэр кхъухьыпщым деж кIуэри саугъэт гуэрхэри иратащ икIи пыIэ щхьэрыхакIэ елъэIуащ хьэдэр псым хамыдзэу муслъымэн хабзэм тету кхъэм щыщIалъхьэну.

Караваныр ЛарнакэкIэ зэджэ кхъухь тедзапIэм нэхъ гъунэгъу щыхуэхъум, цIыхум гу лъатащ тенджыз Iуфэм щызэрызехьэу, зэрыгъэкIийхэу Iут къомым. Нэхъ гъунэгъуу екIуалIэ пэтми, нэхъ тыншу плъагъурт псы Iуфэм Iутым я нэхъыбэм мыжурэ зэраIыгъыр. Япэм ягу къытщIогъури драгъэблэгъэну къытпежьащ жызыIахэри щIегъуэжат мыжурэр ягъэдалъэу щалъагъум, зэрызехьэ къомым къамэ къиха, етэгъэн зыIыгъи яхэтт.

Iуэхур зыIутыр къыгурыIуа хъунти, пароходым и кхъухьыпщым караваныр къигъэувыIащ. Псы Iуфэм кхъуафэжьей икIэщIыпIэкIэ къыIукIри караванымкIэ къаунэтIащ, пароходым дэк Iуейри лIыкIуэ къэкI уар кхъухьыпщым деж нэсащ. «Сыт къэхъуар, щхьэ фызэрызехьэрэ?» – «Караваным ису къэфшар ди щIыналъэ къидгъэхьэнукъым». – «Ар сыт щхьэкIэ?» – «Уз зэрыцIалэ йофыкI, езыхэри бзаджэнаджэщ, хъунщIакIуэщ» – апхуэдэу хъыбар Iуат.

А псалъэмакъыр къыщежьэм, кхъухь псоми я кхъухьыпщхэмрэ адыгэм я нэхъыжьхэмрэ ящыщ зыкъом зэхуамышэсу хъуакъым. Зэхуашэсам Барчо яхэхуат. Кхъухь тедзапIэм деж тырку ирехъу, алыдж ирехъу – игъащIэм зэмызэгъыу, зэныкъуэкъуу щыта лъэпкъитIыр иджы зы хъужауэ адыгэм къапэуващ, кхъухьым къикIыр деуэнурэ дукIынущ жаIэри. Мис абдеж узэуэнумэ, къеблагъэ.

Кхъухь караваныр къэувыIати, жьапщэ тIэкIу щыIари пичащи, хьэдэ къомым мэ къапихым уигъэбауэркъым. Поми хьэдэр ихъумэну Барчо унафэ къыхуищIащи, IукI хъуркъым. Дунейри хуабащэщ, шэджагъуэнэужь хъуами, дыгъэм уи щхьэр къегъавэ. Тыркухэмрэ алыджхэмрэ хьэдэмэр къащIимыхьэу къэнэнт? Кхъухь къэс хьэдэ Iэджэ илъу къыщащIэм, нэхъри къызэрыгъэгубжьащ:

– Зы хьэдэ ди кхъэм щыщIедгъэлъхьэнукъым, къыздифшам фшэж.

– А зиунагъуэрэ, муслъымэн фхэткъэ, фыцIыхукъэ? Шхын щхьэкIэ лIам сыт я лажьэ?

– Ахэр езыр-езыру зэрымыукIыжауэ хэт тхьэ иIуэн? ЛIыукI дыхуейкъым дэ, – жаIэри псори къэтэмакъкIэщIащ.

– Сыт жыфIэ хьэдэгъуэдахэр – фыкIуи, феплъ: лIам я нэхъыбэр сабийщ, жьыкIэфэкIэщ.

Псом жаIэми едаIуэри, кхъухьыпщыр къэуващ:

– Мы къэтшар тырку хьукумэтым я унафэкIэ къэтшащ. Дгъэзэжу а къомыр къыздитшам тшэжынукъым, тшэжми, псэууэ къэнар Iисраф хъунущ, – жиIэри. Унафэ ищIащ кхъухь караваныр кхъухь тедзапIэм екIуэлIэну. Псы Iуфэм Iутым ар щалъагъум, нэхъри къызэрыкIащ, кхъуафэжьейкIэ къэкIуами, я кхъуафэжьейм итIысхьэжри, пIащIэ-тхъытхъыу ягъэзэжащ къэзыгъэкIуар нэхъри къагъэбырсеину.

Барчо жиIэнуIами псалъэ жрагъэIакъым.

Кхъухь тедзапIэм гъунэгъу дыдэу кхъухьыр щекIуалIэм, цIыху зэрызехьэ къомым жаIэр зэхэпх хъуащ, арщхьэкIэ тыркубзэрэ алыджыбзэкIэ жаIэр адыгэм дэнэ щащIэнт? ЦIыхур кIуэ пэтми нэхъыбэ хъурт, цIыкIуи ини къызэрыхьт хьэргъэшыргъэ зэрыгъэхъуауэ, зауэ къамыублэ щIыкIэ жаIэри икIэщIыпIэкIэ хъыбар ирагъэщIащ губернаторым, дзэ къишэу къэкIуэну. Кхъухьыпщ, шкипер сытхэри, адыгэ къуажитху къэкIуам я къуажэпщхэри яхэту, дахэкIэ зэгурыIуэну и ужь итщ. АрщхьэкIэ дэнэ?

Къызэхуэса къомыр зэрошх, зэрогъэкIий, фочкIэ къауи яхэтщ.

– ЛIыукI гъэкIуэдыпIэ дыхъуакъым дэ!

– ЦIыху хуэдэ цIыхуу щытамэ, зэрыса щIыналъэм щхьэ кърахуа?

– Пащтыхь унафэми, дэ щхьэ къыдэмыупщIарэ? Псоми фоч, бжэгъу, къамэ ягъэдалъэу, фокIэщI зыIыгъи яхэту щилъагъум,

Барчо и гум къэкIащ и фокIэщIыр кърипхъуэту, зы къайгъэшы гуэр хигъэнэщхъеихьыну. Ари къемызэгъыу къилъытэри, дахэкIэ ягурыIуэну къэуващ, тэрмэш къигъуэтауэ.

– НэхъыжьыфIхэ, ди къуэшыфIхэ, ди шыпхъуфIхэ! Лей зезыхьами унафэ тращIыхьыным и пэкIэ псалъэ ират. Дэ лей зетхьакъым, нэгъуэщIым и жагъуэ зыщIа тхэткъым. Лей зылъыса щыIэмэ, дэращ лей зылъысар, зи жагъуэ ящIари дэращ. Дэри фэ дыфхуэдэ къабзэщ. Дымуслъымэнщ. Ди щIыналъэ дэ дызэрысари фи щIыналъэу нобэ дэ тлъагъум къызэрыгуэкI щIагъуэ щыIэкъым. Ди уни, ди жьэгуи, ди мылъкуи, ди гъави– ди пщIэнтIэпскIэ къэдлэжьар сэшхуэпэ мафIэ ирадзурэ ягъэсащ, ди Iэщыр зэрапхъуащ. Ди лъапсэм псы ирагъэжыхьыжыну ди ужь итар ди гъунэгъу лъэпкъышхуэрати, къыттекIуэри ди щIыналъэм хьэлэчыпщIэр къыхуигъэкIуащ. Армыратэм, ди лъапсэ тхъумэу ди хэку дисыжынут. Фыкъеплъ ди IитIым – лэжьэнкIэ ди Iыхьэ къэдгъанэркъым. Ди хэкум дыкъизыхуам ди махуэр къыхукIуэ. ЩIы дыхуэныкъуэу мыбы нэс ди псэр къэтхьакъым. Къуаншагъэм хэкуншэ дищIащ. Нобэ дыдэхуэхащ, маржэ, фымуслъымэнмэ, Алыхьыр фи фIэщ хъумэ, гущIэгъу къытхуэфщI. Алыхьым дыщогугъ, Алыхьым и ужькIэ дызыщыгугъыр фэращ. Дылъэпэрэпащ, ди къуэшыфIхэ, щIэгъэкъуэн фыкъытхуэхъу, къытхуэфщIар дэ фхуэдмыщIэжыфми, Алыхьым къыфхуищIэж.

– Хьэдэ къэфша къомыр дэнэ фхьыну?–жиIэри зыгуэр къахэгуоукIащ.

– ЛIа зимыIэ щыIэкъым. ЛIар Алыхьым и пащхьэ ихьэжащи, я ахърэт дахэ ухъу. Уз узыщIалэм ихьа яхэткъым. Я нэхъыбитIыр шхын щхьэкIэ лIащ, е гъуэгур къегуэуащ.

ТIэкIуэ-тIэкIуурэ зэныкъуэкъуныр нэхъ кIащхъэ хъу хуэдэт. И шык Iэ мафIэ егъэуауэ, фитонкIэ губернаторри къэсащ, шу гъуси иIэу. Ар щалъагъум, уафэм сабэ дэзыпхъеяхэм заущэхужащ, къанлы зырызхэм фIэкIа къэмынэу. «ЗылI кхъухьым къикIыу ди щIым псэууэ къытедгъэхьэнукъым», жызыIэу зыукъуэдияхэм захъунщIа нэужь щагъэтыжащ, губернаторым жиIэнум пэплъэу.

ЩIыхъурейм я мудирым консулхэр гъусэ ищIурэ кхъухьи-плIым исыр зригъэлъагъуну мурад ищIащ, пщыхьэщхьэр хэкIуэта пэтми. Унафи ищIащ къалэм цIыхухъуу дэсым икIэ-щIыпIэкIэ къэкIуахэм папщIэ Iуэшхуэ хуагъэхьэзырыну. Ларникэ и къалэ гъунэм деж. Къуажитхум щыщу минитIрэ щиблрэ кхъухьым ирагъэтIысхьати, Ларникэ зи псэ къэзыхьы-фар минрэ щищрэт. Кхъухьым хьэдэ Iэджи зэрымылъ яхэттэ-къым. Езы мудирыр хьэдэ тепхъуэр къытрипхъуэтурэ хьэдэм еплъащ, зэрыл IыкIа узыфэм щIэупщIэурэ.

КхъухьитIыр зэпаплъыхьыху, кIыфI дыдэ хъуат. Мудирым

къигъэзэжщ къалэми, унафэ ищIащ адыгэу къашам Iуэм увыIэпIэ щратыну, къуажэ къэс щхьэхуэ-щхьэхуэу я къуажэпщыр яхэсыжу. Абы нэмыщIу, нэхъ ткIиижу – Iуэм къикIыу зы цIыху къалэм дамыгъэхьэну, дыхьа къагъуэтмэ хьэпсым ирадзэну. Ауэ и гуэныхь дауэ къэпхьын, консулым унафэ хуищIащ Iуэм итым шхын хузэхуахьэсыну, тепIэнщIэлъын, хущхъуэ сыткIэ яхузэфIэкI къамыгъэнэну...

Дэфэрэдж а къомым едэIуащ, Барчо и псалъэр зэпимыуду. Мыбы сыту зыри жимыIэрэ жиIэу къеплъэкIри, фызыр мыщхьэукъуэу щилъагъум, къыпищащ:

– Уи фIэщ хъун, ди шыпхъу. Сэ къэсщта кхъухьым цIыкIуми инми нэрыбгэ дапщэ исами, псэууэ нэсшэсыфар щищым щIагъуэкIэ фIэмыкIт. Адрейр псыхэкIуадэ хъуащ...

– Мащэм илъым щIыуэ телъар пщIащэ ухъу, жаIэ. Джейм яшха мыгъуэм щхьэкIэ сыти жыпIэжын? Псым хадза къомым я гуэныхь къэсхьауэ пIэрэ жызоIэри жэщи махуи жейм сезэгъыркъым. Уи нэмыс нэхъ лъагэ ухъуи, си унэгуащэм IэщIэлъ щIакхъуэ Iыхьэр къеIысхыурэ лIэуэ телъ сабийм дапщэрэ еста. ИкIэм икIэжым езы тхьэмыщкIэри дунейм ехыжащ, си жьыщхьэм си щхьэ закъуэ-си лъакъуитIу сыкъигъанэри. – Барчо и гур къызэфIэнэри и псалъэм пичащ, пыIэ щхьэрыгъыр щхьэрипхъуэтри и нэпсыр щIилъэщIыкIащ.

Дэфэрэдж егупсысырт а псор и нэгу щIэкIа пэтрэ ди хэкум дауэ къихьэжа жиIэу. АрщхьэкIэ щIэупщIэн дзыхь ищIакъым. Барчо и гур дахэ хуищIыну и щхьэм хужиIэж хуэдэу къыщIедзэ:

– Гуэныхь къэпхьами, си дэлъхушхуэ, Алыхьым къыпхуигъэгъу, гъуэгу тэмэмым утезышаращ къемэт махуэм хьэзабыр зытехуэнур. «Iихьдинас siратIэл мустэкъимэ, сиратIэл лэзинэ Iэнхьэмта хьэлаихим» жиIэу къурIэным итщ: «Гъуэгу захуэм дытегъэт, гъуэгу захуэу уи нэфI зыщыхуар зытетым». Дэракъэ гъуэгу захуэм тетыр? Дыдыгъуакъым, дыгъуэкIуакъым, дылажьэм, дышхэжу, ди бын гъуэгу тэмэм тедгъэтащэрэт жытIэу дыхуэсакъыу, ди Iэщ я гуэныхь къэдмыхьу нобэ къыздэсым дунейм дытеткъэ? ГуащIэрэ гущIэгъурэ зи Iэу, псори зэлъэIурэ зыми емылъэIуж Аллахьу тэхьэлам дыкъелъагъу, лей зезыхьам дунейкIэ къыхуэгъуми, ахърэткIэ къыхуэгъунукъым.

ЦIыхубз хьэжым жиIэм Барчо едаIуэурэ здэкIуэм, и гур нэхъ къызэрыгъуэтыжащ. Зыри жимыIэу Барчо здэкIуэм и гум къэкIыжащ Помэ. Илъэс пщыкIутху хъуатэкъым ар зэрыса кхъухьыр тенджыз къэукъубиям щIилъафэ пэтрэ зы гуп хъууэ ерагъыу кхъуафэжьейкIэ псы Iуфэм къыщесылIам, я гугъат жэщ кIыфIым зыми къамылъагъуну. АрщхьэкIэ дэнэ – ныджэм къызэрытехьэу кхъуафэжьейм исар адыгэм яубыд. Помэ зыхэта матросхэр тхьэм ещIэ здашар, щIалэщIэ дыдэ цIыкIур зыгуэрым къегъанэри и унэм ешэ игъэлIыщIэну.

Iэпыдзлъэпыдз хъууэрэ пщIантIэм зыкъомрэ дэтауэ, гъатхэр

къосри щIалэр бжэныхъуэ мэхъу, Барчо щыцIыкIум зэрыщытам хуэдэу.

– Сыту зыри къыпщIэмыупщIэрэ? –жаIэу щIалэ цIыкIум къеупщIIамэ, Помэ и дамэр дришейт:

– Хэт къысщIэупщIэн? Анэ сиIэкъым, адэ сиIэкъым, си щхьэр зыщэхужын щыIэкъым. Сефщэ, сызыщэхун вгъуэтмэ.

– Уэр щхьэкIэ къуатын щыIэкъым. КIуэ мэзми, чы-бжэгъу къаши, бжыхь ху, губгъуэм илъ гъавэр зехьэ: къитхъ щIы, нартыхур пщIэ. Блэжьын мащIэ. – Арат Помэ зыгъэл IыщIэм жиIэр.

Зэгуэр щIэпхъуэжыну мурад ищIати, къехъулIакъым, къаубыдри фIыуэ яубэрэжьащ, мащэ куум ирадзэри ил Iыхь пэтащ. Мащэм кърашыжри молэм деж яшащ, муслъымэн диныр кърагъэщтэну. Помэ сыт хуэдэ динри идэнут, псэууэ къагъанэ закъуэм. Пщэдджыжь нэхущым къагъэтэджт щIалэри, жэщ хъухукIэ зыгъэпсэху жыхуа Iэр имыщIэу къыжраIэр ищIэрт. Ауэрэ езыри щIалэшхуэ хъуащ, лIы бланафи тетт, вы хъунур шкIэ щIыкIэ уощIэ жыхуаIэм хуэдэт, адыгэбзэкIи IэкIуэлъакIуэт, уэрэди жиIэрт, уеблэмэ джэгум кIуэт, екIууи къафэт.

Абдеж хъыджэбз дахэ гуэрым дехьэхри мурад ещI хъыджэбзыр гъусэ ищIу зыщIыпIэкIэ зригъэхьыну. Хугу пут хуэдизрэ дзажэ гъэгъуарэ къэпым ирилъхьауэ хъыджэбзым деж щыкIуэм, аргуэру къаубыдри мащэм ирадзэ. Помэ и хъыбар Мухьэмэд-Iэмин уэ жепIа, сэ жесIа – нэIибым деж яшэри абы шу гъусэ ещI, КъурIэнымкIэ тхьэ ирегъаIуэри.

Мухьэмэд-Iэмин зигъэбзэха нэужь, Помэр ящэну ХьэтIрэмтIыгу яшауэ Барчо илъэгъуати, «мы лIы бланэр пуду ящэ, щхьэ къэзмыщэхурэ жиIэри къищэхуати, щIегъуэжакъым. А л Iыр мыхъуамэ, тобэ ирехъу Барчо и унэгуащэм уэсят къищ Iар хуэгъэзэщIэнтэкъым. Абы и гугъуи Барчо жиIэнут, арщхьэкIэ и гур къызэфIэнэнут кърherгъажьэмэ.

Барчо вытIощыщIэр иIыгъыу джабэм щыдэкIым, цIыху куэд цIыкIуи ини зэхэту, балигъ хъуам я щIыбым хуэмыхьын хуэдиз хьэлъэ илъу джабэм къехыу къаIущIащ. Дэфэрэджи ар щилъагъум, къумым щилъэгъуауэ щыта ермэлы цIыхубзхэр и гум къэкIыжри и жьэм къыжьэдэхуащ:

– Алыхьыр къызэуи, мы къомыр здэкIуэр дэнэ?

Барчо гъуэгум дэхри выгур къигъэувыIащ, хьэлъэ зытелъым гъуэгур яритыну. Апхуэдэ куэд и нэгум щIэкIами, псоми япкърыплъыхьт, и гур ящIэгъуу. Сабийхэми яхуэхьыр яхьт, хэт къубгъан иIыгът, е хъуржын цIыкIу хугу илъу, е бжьын бла и дамэ гъур цIыкIум едзэкIауэ ихьырт, хэти яхуэхьыр яхьт, я нэр къыщипхъуауэ. ЦIыхубзхэри кIапсэлэрыгъум зэпихулыкIауэ я щIыбым ипхар тепIэнщIэлъыну е я быным я щыгъыну къыщIэкIынт. ЛIыжь гуэрым, къехьэлъэкIми, я уэнжакъым илъа лъахъшыр ехь, абы фIы къыдэкIуэнкIэ

щыгугъыу. Лэгъуп ини цIыкIуи я щIыбым иIубауэ Iэджи къокIуэ, пхъэху шынакъхэри хьэлыгъуанэм ещхьу блауэ щIалэ цIыкIухэм япщIэхэлъщ.

Барчо здэщытым плъэмэ, шу елъагъу, шы мыгъаситI и гъунитIымкIэ къыщыту. Шур занщIэу къецIыхужри:

– Уей, Хьэтыкъуэпщ, гъуэгужь апщий! – жреIэ.

– Упсэу апщий, Барчо. ЛIо, жылэр здэкIуэмкIэ умык Iуэу дэнэкIэ бгъэза?

Барчо и гур къызэрыгъуэтыжыпащ:

– Уэ уздэкIуэм сэ сыкъокIыж, Хьэтыкъуэпщ. СыздэщыIар жэнэту щытатэмэ, си Iуэхут сыкъиплъу симысмэ. УблэкIыу услъэгъуатэмэ, уезгъэблэгъэнкIи хъунт.

– Барчо къуажэр иришри псым ик Iыжащ жаIэу зэрызэхэсхрэ мащIэ щIа?

Хьэтыкъуэпщыр къэувы Iати, и къуажэр зэкI элъхьэужьу зыми зы псалъэ жимыIэу я гъуэгум тетт, егъэзыхыгъуэм нэхъ псынщIэ защIауэ. Хьэтыкъуэпщым и пщIыхьэпIэм къыхэхуэнтэкъым урыс муслъымэн щI алэу Помэ зрищауэ щыта къуажэпщым вытIощыщIэ иIыгъыу гъуэгум щыхуэзэну. Езыри Iэджэм щIэупщIэну мэпIэцIеиж, арщхьэк Iэ гъуэгу тетщ, и къуажэр иришэжьауэ кхъухь тедзапI эм макIуэ, псым икI ыжын и гугъэу. Лъэс-лъэбыкъыу кIуэ къомым я ужьым выгу зыбжани итщ, хьэпшыпу ихуэр илъу.

– СикIыжа мыгъуэт, къэзгъэзэжащ армыхъумэ.

– Сыт щхьэкI э?

– Зи щхьэкIэм ущI эмыупщIэ, Хьэтыкъуэпщ.

– ТыркумкIэ бгъэзат, хьэмэ БалканымкIэ зебгъэхьат?

– ТIумкIи сыкIуатэкъым.

– НтIэ дэнэ? НэгъуэщI кIуапIэ щыIэ?

– Дунейр инщ, Хьэтыкъуэпщ. ДэнэкIи гъазэ – а зы дыгъэращ зи закъуэр, мазэмрэ абырэ. Сэ Кипр нэс сыкIуат...

– Кипр жыпIа? Дэнэ иджы ар?

– А-а, ущIэмыупщIэ. Алыджхэм сахэзэгъэн си гугъати – дэнэ! Жыжьэу уахыхьэ хъунукъым.

Хьэтыкъуэпщыр дзэ зэришэу Мухьэмэд-Iэмин и лъэныкъуэм къадэщ Iу зыкъомрэ зэуащ.

Хьэтыкъуей Iэщэ зезыхьэфу дэсыр дзэм хэтт, Iэщэфащэк Iэ хуэмыщIа яхэмыту, уеблэмэ топищ хуэдизи яIэт. Iэщэфащэ къахуэзыгъуэти иIэт – Iибрахьим-пэщэкI э еджэу. Iибрахьимыр тырку лъэрызехьэт, унэфIи ищIауэ псы Iуфэм Iуст, тыкуэн и Iэу. Тыкуэным щIэлъу плъагъур тутын, сэ, лэныстэ, шыгъу, щэкI, щIакхъуэ сыт хуэдэхэрат. Къищэхури куэд хъуртэкъым: бжэныфэ, дыжьын, хъурыфэ, цIыхубз щIыIу-бгырыпх – нэгъуэщI Iэджи, ауэ Iибрахьим нэхъ гугъу зыдехьыр нэк Iэ плъагъунутэкъым. Хьэтыкъуэпщымрэ абырэ зэгурыIуауэ, Хьэтыкъуэпщым купецыр зыхуейм хуэдиз сыт ищ Iысри

къыхуригъашэрт, модрейм Iэщэ, фоч, гын, топышэ сытхэр щэхуу Тыркум кърикуырти, и щIыунэшхуэм къыщIилъхьэрт, Хьэтыкъуэпщым фIэкIа псэ зы Iутым гу лъримыгъатэу. Iэщэфащэ къызэрашэ кхъуафэжьейр игъащIэкIэ умылъагъуну къамыл Iувым халъафэрти хэлът.

Езы Хьэтыкъуэпщыр зауэм хуэIэзэт, плъырхэр адэкIэмыдэкIэ игъэтIысауэ урысыдзэ жыжьэу къакIуэу ялъэгъуамэ, япэ къэзылъэгъуар джэрт: «Ей! Мэзкуу, Мэзкуу, Мэзкуу!» – жиIэу. Ар зэхэзыхым адэкIэ яжриIэрт, хъыбарыр икIэщIыпIэкIэ здынэсыпхъэм нагъэсырти, Хьэтыкъуэпщым унафэ ищIырт. Топхэр зытеубыдапхъэм траубыдэрти, абдежым урысыдзэ къакIуэр къызэрысу къеуэрт. Фоч зыIыгъхэр адэкIэ-мыдэкIэ мывэ къуагъым къуэсу, шабзэ зиIэри апхуэдэу, аузым и зэвыпIэм къыдэхута урысыдзэм мыхьыр ирагъэхьырт, дзэр икIуэтыжу хуежьэмэ, я ужьым шуудзэр Хьэтыкъуэпщыр я пашэу ятеуэрти, псэууэ яIэщIэкIыр закъуэтIакъуэт.

А къуажитI къырым итIысхьауэ исым Iэмал хуамыгъуэту урысыдзэр куэдрэ елIэлIащ. ИкIэм икIэжым аузым и лъэныкъуитIымкIэ топ тезу къытрагъэувэри къуажитIым къыдэуэурэ зэхагъэщахэ щыхъум, Хьэтыкъуэпщым лIыкIуэ къигъэкIуащ топауэр щывгъэти си гугъу къэвмыщI, къуажитIри Тыркум докIыж жаIэри. Урысхэри зыхуейр арат, иджы мес, я къуажэпщыр я гъусэу псым икIыжыну макIуэ.

– Мо гум ису слъагъур уи унэгуащэра? – жиIэу Хьэтыкъуэпщым и щIопщыр Дэфэрэдж дежкIэ щишийм, Барчо занщIэу къэнэщхъеящ.

– Унэгуащэ мыгъуэр сиIэжатэмэ, ар зыгуэрти.

– Iау? Тхьэм пщимыгъэгъупщэкIэ. Абы къимыгъэщIар уи гъащIэм тхьэм къыпищэ. Узыншэу, Барчо. Уи гъуэгу дахэ ухъу.

– Уэри дэнэкIэ бгъазэми, я нэхъыфIым тхьэм ухуигъазэ.

Шур елъэдэкъауэри и гъуситIыр и бгъуитIым щыту ежьэжащ лъэсу кIуэ къомыр здэкIуа лъэныкъуэмкIэ. Абы къагъэхъея сабэр джабэм щхьэщыташ куэдрэ, дунейр уэму жьапщэ лъэпкъ щыIэтэкъыми.

– А си дэлъхушхуэ, Хьэтыкъуэпщыр зытеува гъуэгуанэр цIыкIуфэкIукъым, итIани еплъ – Iэщэ зыми иIыгъкъым. Ар дауэ? – жиIэу Дэфэрэдж щыщIэупщIэм, хэт и гугъэнт цIыхуб-зым апхуэдэм гу лъитэну.

– ИрагъэIыгърэ? Цырыцу зэIащIэ хьэпшыпыр кхъухьым щитIысхьэм деж. Къагъуэтакъэ – къоупщIи сыти щымыIэу псым хадзэ.

– Ара мыгъуэ? ЦIыхухъу къомыр щхьэ бгынтIэ защIэ жызмыIаи.

Барчо нэхъ нэщхъыфIэ хъуауэ къызэплъэкIащ:

– Сэри Iэщэм сытекIуадэ пэташ. ИтIани си насыпыжьти, уи къуэм къызитауэ щыта фокIэщIыжьыр, уи нэмыс нэхъ лъагэ

ухъуи, си гъуэншэдж лъапэм изгъэпщкIуауэ сIыгъащ, кхъухьым ситIысхьэху, иужьым хугум хэлъу, Кипр дынэсыху, зесхьащ. Фок Iэщ Iыр симы Iамэ, тобэ ирехъу, си щхьэгъусэм и уэсят т Iэк Iур схуэгъэзэщ Iэнтэкъым. Пщ Iэжрэ уи къуэм къызитауэ щытар?

– Дауэ сымыщIэжу, на-а. Нобэ хуэдэу сощIэж уи шу гъусэм и пыIэр дребгъэдзейуэ ущеуар. Алыхь, сабэр къыхебгъэхатэмэ.

– ИужькI э сызэуами узыгъуэр естащ.

– БыукIа мыгъуэ?

– СыукIыпакъым, итIани... Къытезгъэбэгащ, кIэщIу жыпIэмэ. Си щхьэгъусэ дунейм ехыжар псым хэдзи, джейм яIурыдзэ жа Iэу къыспаубыдати, сагуры Iуэртэкъым, сыт пщ Iэнт? Езы тхьэмыщк Iэми хуэсщ Iэжыфыну щы Iэр а т Iэк Iурати, и гуэныхь къыстенакъым, тхьэм и шыкуркI э. Ахърэт махуэм тхьэм напэ хужькIэ дызэхуихьыж, дызэхуэзэжмэ, сыщIэукIытэн щыIэкъым.

Дэфэрэдж и гуапэ хъуат Барчо фокIэщIыр имыгъэкIуэду апхуэдизрэ зэрызэрихьари, нэхъ и гуапэжу Барчо жиIэ хъыбарым едаIуэрт.

Кипр и губернаторым, мудиркIэ зэджэм, кхъухьиплIым Iисраф ихъухь цIыхур и нэкIэ зригъэлъагъуну щыхуежьам, апхуэдизкIэ хьэдэмэр Iейти, нэхъыбэм и пэр щиубыдык Iауэ къикIухьащ, иужьым хуэмышэчыжыххэ щыхъум, кхъухьыпщ, шкипер сытхэр зэхуишэсри унафэ къахуищ Iащ: «Жэщыр хэкIуэтащ, фыкъэзылъагъун щыIэкъым, кхъухьиплI зэкIэрыщIар зэрызэкIэрыщIауэ тенджызым фытехьэ, щхьэусыгъуэ гуэр фщ Iыи. Зыкъомк Iэ фыIукIа нэужь, кхъухьым хьэдэу илъыр ивгъэкъэбзыкI, зы хьэдэ къивмынэу. ИужькIэ къэвгъэзэжи, зи лъакъуэ къыщIэувэу къэнар къалэ гъунэм щащIа Iуэм итынщ, ихъуреягъкIэ къэрэгъул къегъэувэкI ауэ». Апхуэдэ бзаджэнаджагъ къытк Iэщ IищIыхьыну хэт и гугъэнт? Ди шкиперым къегъэзэжри къыджеIэ: «Ларнакэ дэс къомым дыщIеныкъуэкъун щыIэкъым, модэ мыжыжьэу нэгъуэщI кхъухь тедзапIэ Куклия жаIэу щыIэщ, муслъымэн защIэщ къалэм дэсри, тырку лъэпкъыу. Абы дыкIуэрэ хьэлэбэлыкъ дыхэмыту муслъымэн къалэм фыдэтIысхьэмэ, нэхъыфIщ», – жеIэри. Сэри гурыщхъуэ сщIат дыкъимыгъапцIэу пIэрэ мыбы жысIэри. АрщхьэкIэ «муслъымэным дахэтIысхьэм, нэхъ гущIэгъу къытхуащIынщ» жаIэу нэхъыбэм щаукъуэдийм, арэзы сыхъуащ.

Тенджызым дыщытехьэм, матросхэр зэгуры Iуэжати, шкиперым и унафэкIэ кхъухьыр ирагъэкъэбзыкI. Абдежым хугу зэрылъ къэпым илъа фокIэщIыр къызох, си псэр Iуту си щхьэгъусэм и хьэдэр джейм Iурадзэу яхуэздэнкъым жызоIэри. Помэ дэрэ дызэгуро Iуэри хьэдэр догъэпщкIу. Кхъухьым исыр я диным йокI, мудирым хьэдэр кхъэм щыщIэтлъхьэну хуит дищIатэкъэ жаIэри. Зи хьэдэ къезымытри хьэдэм и гъусэу

матрос фIыцIэжьхэм псым хадзэ. Жэщым зы цIыхум и нэбдзыпэ зэтрилъхьатэкъым зэзауэ, зэрыфыщIурэ. АрщхьэкIэ къаруушшэ гъуэгум ищIа къомым сыт ящIэфынт? Шкиперри нэгъуэщI зыгуэр хъуащи, хьэщхьэрыIуэм хуэдэщ.

ИкIэм икIэжым кхъухьыр ирагъэкъэбзыкIауэ къыдогъэзэжри – дыкъыздэкIуэжар дыгъуэпшыхь дыкъэзымыда Ларнакэрауэ къыщIэк I. Помэ дэрэ дызэгуроIуэ си унэгуащцэм и хьэдэм Iэлъэщ I фIыцIэшхуэр тепхъуауэ и блыпкъитыр тIыгъыу псэу пэлъытэу итхыну. Абдежым шкиперыр къытпоув:

– Мыр сыт хьэнцигуащэ мы флъэфыр?

– Къаруушшэ хъуащ цIыхубзри, езыр-езыру кIуэфыркъым. Нэбэнэушэу къэнащ.

– Щхьэр фымыгъэуз. Севгъэплъыт мыдэ...

– Сымаджэщ, зи уз кIуэдын. Сымаджэщ... Шкиперыр къопхъуэри хьэдэм тепхъуа IэлъэщI фIыцIэшхуэр трепхъуэт:

– Мыра нэбэнэушэр? ЗыфIэдыкъащи, бамейр къыкIэрех.

ЗанщIэу си фокIэщI а уэ пщIэр къызопхъуэтри шкипер гужьеям тызоубыдэ:

– ТекIуэт, хьэм и ныбэм къикIа! Сабэр къыпхезгъэхынщ, тIэу семыплъу, къэмыушыжын нэбэнэушэу укъэзгъэнэнщ...

Шкиперыр и матросхэм йоджэ, саригъэубыду саригъэпхыну. Сэри соуэри шкиперыр къызоуд. Асыхьэту Поми хьэдэр епхъуатэри кхъухьым ирех. Матрос фIыцIэжьитI къосри шкиперым лъыпсыр къыкIуэцIыжу щалъагъум, япхъуатэри Iуах. Сэри сыщIэпхъуэу зызгъэпщкIужын си гугъа щхьэкIэ, хъуакъым. Помэ дунейкIи ахърэткIи сыхуэарэзыщ: хьэдэр занщIэу Ларнакэ я кхьэ гуэрым ихьри нэху мыщ щIыкIэ щ Iилъхьэжащ, и закъуэпцIий. А жэщым бамейр къызрих лъэхъуэщ мацэм срадзэр, зызгъазэ мыхъуу, Iэзэвлъэзэвти.

Куэдыщэ дэмыкIыу мудирым деж сешэри къызжеIэ:

– Уи насыпыжьти, шкипер уIэгъэ пщIар хъужыну къыщIэкIынщ. УIэгъэм ар илIыкIауэ щытатэмэ, кIуэдыкIейуэт узэрыкIуэдынур. ФызэрылIыукIыр бгъэгъуэщакъым, Афродитэ и щIыналъэ хъурейм укъимыхьэ щIыкIэ лъы бгъэжащи ди щIыналъэ уису махуэпс урагъэфэнукъым. КIуэж укъыздикIам. Хъарзынэу фыкъызэраша кхъухь караваным ягъэзэж, фэ фхуэдэ бзаджэнаджэ аргуэру къашэну.

Сыт пщIэнт? Губернаторым и унафэр унафэщ. Пароходу кхъухьищыр зезылъафэм кхъухьыпщу тетым сыгурыIуащ си фокIэщIыр естмэ сыкъишэжыну. Иджы, мис сыкъыболъагъу, ди шыпхъу. Си щхьэ закъуэ- си лъакъуитIщ. Къуажэр зэрыкъуа-жэу псыдзэм ихьа хуэдэщ.

– Ди деж унышыкIуам щIалэ хъарзынитI уи гъусати. Ахэри жылэр здэкIуам кIуащ. Ара?

– Хьэуэ, ди шыпхъу. Зым и щхьэр ищэхужри Къэбэрдей

лъэныкъуэмк Iэ игъэзащ. Фызи къишэри бынунэу Тэрч Iуфэ щопсэу. ЩIалитIым нэхъыщIэм ищIар телъыджэщ, зэхэзыхым егъэщIагъуэ.

– Сыту пIэрэ?

Барчо хъыбарым ирегъэдаIуэ.

И адэр дунейм ехыжауэ, щIалэм унэр зэрихьэу и шыпхъу дахэр лIы иритын хуей мэхъу. Уасэ сытхэмкIэ щызэгурыIуэм, щIалэм жеIэ уасэу зыри сыхуейкъым, уи шым и щылъхуу къунан уиIэр къызэт. Сэ ар шы схуэхъуну фэ есплъащ жеIэри. Псэлъыхъуми къегъэгугъэ: «Аф IэкIа уасэ ухуэмеймэ, къунаныр ууейщи, уеблэмэ нобэ къаши уи пщ IантIэ дэгъэт». Щ Iалэми абы къыфIигъэкIакъым. ХьэгъуэлIыгъуэри зэфIок I хъарзынэу, щIалэм къунаныр егъашхэ. Зи щылъхур шы жэр бэлыхьу зэрыщытар ищIэрти, и нэ Iэ трегъэт, псынэм кIуэуэрэ псы къабзэ къехьри ирегъафэ, мэкъу дыгъэли, Iуси – зыхуей щигъащIэркъым, бом къыщIишурэ шым къретъэжыхь. Ауэрэ шыр шыпIэ йоувэри мэшэс, шыгъажэ ящIмэ, макIуэ, нэхъыбэм къытож. И анэми губгъэн ирегъэщI «Шым фIэкIа нэгъуэщI узыхуей щыIэкъэ, уи къэшэгъуэ хъуащ», – жиIэу. АрщхьэкIэ дэнэ? Шыр зэрыжэрыр фIэмащIэу, шыбгъэрыкIуэу егъасэ, зыхуэбгъазэ шум жьэхэуэмэ, шыри лIыри ириуду.

ЩIалэм къехъуапсэри къефыгъуэри куэдщ .

Абдежым дэри хэкум дикIыжыну дызэгуроIуэ, ауэ щIалэм шыр и гум пыкIыркъым, зыщэхун игъуэтмэ, ищэнут. Щыхум я Iэщри я унэри хыфIадзэрэ хэку къутэ ящIмэ, шыр хэт ищэхун? Шыр уанэ къекIу, аршавкIэ гъэщIэрэщ Iауэ шхуэ, бгъэрыщIэ, джэрыщIэ сыткIэ къызыхуэт щымыIэу апхуэдэт, лъэрыгъ къудейми урикъунти – дыжьын защIэт.

ЩIалэр хьэкъупщхьэу къырым итIысхьауэ къахуимыкIым я деж макIуэ, си шыр фщэху жеIэри. Хъуакъым. НэгъуэщI къуажэхэми макIуэ – ари аращ. ГъэщIэгъуэныракъэ: бэлыхьлажьэ гуэр къазэрыхуихьынур ящIауэ, бжьэ матэм ис бжьэм гъэмахуэ псом зэхуахьэса фор ежауэ яшхыж. Вы гъэшхар сомкIэ ящэ, мэлыр апэсыщ. Адыгэ къуажэу къэна зырызым кIуами, шыр зыщэхун игъуэтакъым. Щымыхъужым, къэзакъ гуэрым деж къутырым макIуэ. Къэзакъым шыр и гум ирихьащ, «къызощэху» жеIэри унэм щIохьэж, бэлътоку плъыжь зэкIуэцIышыхьа къыщIех: «Мис ахъшэу сиIэри псори узот», – жеIэри. Бэлътокур зэкIуэцIехри ахъшэ хужьу апэсы зыбгъупщI кIуэцIегъэлъэлъ.

«Ара шым и уасэр?» – «Аращ». Шы-уанэ зэтелъыр апэсы зыбгъупщIкIэ пщэныр гуузтэкъэ? ЩIалэм ар и гум щIыхьауэ, къэшэсыжри къэкIуэжащ. Шыми и псэм зыхищIат щIалэм мурадыфI и гум зэримылъри, и нэпсыр къыщIолъэлъ. ЩIалэми шыр зэрыгъыр хуэмышэчу шым и щхьэм зыкIэриукIауэ магъ. ИтIанэ тхьэлъанэ ещI сэ мы шыр къэзгъанэу хэкум симыкIын

жеIэри.

ЩIалэм шыр фIыуэ егъашхэ, зрегъэгъэпсэху, езыми къекIуу зехуапэ, Iэщэ-фащэу иIэр зыкIэрелъхьэри мэшэс. Шыми и гур къызэрыгъуэтыжауэ, щIолъэтыкI, шхуэIум йоуэ. Шу зыкъизыхыр тенджыз Iуфэм Iус къомым къалъагъумэ ягъэщIагъуэ: «Мыр дэнэ къикIа, дэни кIуэрэ?» – жаIэу. ЩIалэм и фочыр кърехри «ду» жиIэу егъауэ, мы сэ сщIэм фыкъеплъыт жыхуиIэу, зыкъоми шум еплъыну къызэхуос.

ЩIалэр йолъэдэкъауэри, шыр тенджызым хехуэ. Псы Iуфэм Iут гуэрхэр шум щIонакIэ:

– Ей, шууэ жэнэтым укIуэн уи гугъэ? – жаIэри. ЩIалэри къызоплъэкIри мэгушыIэ:

– Жэнэтыбжэр псы адрыщIыракъым здэщыIэр. Жэнэтыбжэр псыщIагъыращ, – жеIэри.

Къызэхуэсам я гугъэт шум и шым есыкIэ иригъэщIэну псым хыхьауэ, арщхьэкIэ кIуэ пэтми шыр псым щIигъанэурэ щIалэм и пыIэм фIэкIа умылъагъуж хъуащ. «Маржэ, кхъуафажьей, щIалэ делэм псым и пIалъэ ищIэу къыщIэкIынкъым», – жаIэри цIыхум къажыхь-нажыхьурэ кхъуафэжьей къагъуэту псым техьа щхьэкIэ, щIалэри шыри ягъуэтыжакъым...

Барчо и гур къызэфIэнауэ и псалъэм к Iэщ I зригъэщIащ:

– Ар и кIуэдыкIэу си шу гъусэу щытар псым хэкIуэдащ, – жиIэри.

Дэфэрэдж псалъэ къыжьэдэмыкIыу сэнтхым щынэсым, къызэплъэкIри тенджызымкIэ плъащ, шууэ псым хыхьар и нэгум щIэту. Шапсыгъым я дзэр жэщу псым хыхьэу щыхэкIуэдари и гум къэкIыжащи, йогупсыс, ярэби, псы щIагъымкIи ахърэт гъуэгу щыIэу пIэрэ, жеIэри. Сыту гушхуи пкIуэцIылъын хуей, апхуэдэу шууэ псым зебгъэтхьэлэн щхьэкIэ.

– Мис абы хуэдэлIт уэрэд зыхуаусыпхъэр. Хуамыусауэ пIэрэ, си дэлъху? – жиIэри Дэфэрэдж щIэупщIащ.

– Уэрэди?

– Ы-ы-ы. Сыт хуэдэу уэрэд гууз хъунт.

– СщIэркъым, ди шыпхъу. Уэзырмэс зэхихатэмэ, хузэхилъхьэнкIи хъунт. Нобэ цIыхум я фэм дэкIыр, ди шыпхъу, уэрэдусу щыIэм яхурикъуни.

Барчо выгур къигъэувыIэри лъэгум дэс къуажэмкIэ плъэурэ щIэупщIащ:

– Зи гугъу пхуэсщIа къуажэм дыкъэсащ. Дыдыхьэн?

– Дыдэгъыхьэ, си дэлъхушхуэ, дыдэгъыхьэ. Тхьэ дыхуелъэ-Iунщ, нэгъуэщI мыхъуми.

Къуажэшхуэр къуэм дэст, псы къабзэ уэр цIыкIум и Iуфит Iым Iусу. ЛъэныкъуитIымкIи джабэр лъагэт, дыгъэмыхъуэ лъэныкъуэмкIэ мэзу, дыгъапIэмкIэ хъупIэ хъарзынэу, удзыр щхъуантIэ хъужауэ Iуву тету, Iэщ дэнэ къэна, псэ зыIут Iэхэлъахэм щыплъагъуртэкъым. «Мыр сыту жэнэт щIыналъэ,

ярэби», – жиIэнут Дэфэрэджи, занщIэу мэ Iей къыIурыуэри зыхуихьынур имыщIэу зиущэхужащ.

– Цыцэ жаIэу зэхэпхакъэ?

– Цыци? Дауэ зэхэзмыхыу. Зы зэман а псым дыIусауэ си анэ мыгъуэм мащIэрэ жиIэжрэт. ДыкъыIуахури дымыIэпхъуэу хъуакъым.

Выгур къуажэм дыхьащ.

– НтIэ мыращ Цыцэпсыр. Ди къуажэр тенджызым нэхъ и гъунэгъуауэ къыщIэкIынущ.

– ЩIакIуэншэ къуажэ, – жиIэри Дэфэрэдж и жьэм къыжьэдэхуащ, кхъэм удыхьа хуэдэ, къуажэр Iэуэлъауэншэт. Зы уни Iугъуэ кърихуртэкъым, жэм бу макъ е хьэ банэ макъ зэхэпхыртэкъым, пщIантIэхэр нэщIт, дэти дэси щымыIэу, унэбжэхэр Iухат, щхьэгъубжэр нэхъыбэм хэтхъат.

– Тэмэм. ЩIакIуэншэ къуажэ дыдэщ, – жиIэри Барчо выгур къигъэувыIащ. – НакIуэ иджы къуажэ щIыбагъымкIэ.

Дэфэрэдж Iэнкуну выгум къикIащ, щIы зытеувэм пхрыхун хуэдэу, хуэсакъыурэ кIуэрт Барчо здэкIуэмк Iэ. Къуажэ щIыбым нэмыс щIыкIэ хьэдэмэр уимыгъэбауэ жыхуаIэм хуэдэу къаIурыуащ, уи гур къызэIигъыхьэу, уи къэжьын къигъакIуэу. Жьыбгъэ тIэкIу къыкъуэумэ, убауэ хъурт, унэ нэщIу плъагъухэми хьэдэмэм ущIигъэхьэртэкъым, зэзэмызэ джэду зы щIыпIэкIэ къыкъуэжмэ, хьэм ягъэщтам хуэду къуэлъэдэжырт. Бэкхъхэр, Iуэ, шэщ, джэдэщ сытхэр нэщIт, бжэри зылъыIухауэ, бжэгъу щхьэкIэхэм кхъуэщын, пэгун, матэ сытхэр фIэIуат, ду зиIэм нартыху илъар илът, мэкъуэщым мэкъу пыпхъуэри итт, бжыхьым арджэн, къэп едзауэ ухуэзэрт. ПщIантIэм дэсар губгъуэм кIуауэ къэкIуэжын хуэдэт, Цыцэ тет псы щхьэлыжь цIыкIур лажьэртэкъым, псыр дагъэуэхати, гъукIэр лъащэу зыщIэта кIыщыр кIэгъуасэм иуэжауэ, и бжэри тхьэм ещIэ къыхэзытхъар.

Къуажэ щIыбагъыр хъуп Iэу щытагъэнти, Iэщ темытыжу удзыпцIэшхуэт. Дэфэрэдж хьэдэмэм ямыгъакIуэу къэувыIэрэ плъэмэ – хьэдэр изу илъщ, гуэдз пхыр иракъухьа хуэдэ, хэт хьэуазэ тIэкIу щIэлъын хуэдэу игъэтIылъауэ, хэт арджэным телъу, хэти упщIэ иубгъуарэ зэрыбынунэу телIыхьауэ, бынунэбынунэкIэ игъуэлъыкIауэ хэт щысу дыкъауэ. ЦIыхубзу сабий цIыкIу зиIэм я быным я щхьэр я анэм дежкIэ гъэзауэ, сабий быдзафэр и анэм и быдзым щIэфурэ лIауэ. ЩIалэ гуэри уанэш пцIэгъуэплъ хъарзынэ фIигъэжри IэплIэ хуищIыжауэ щылъщ. Дэфэрэдж и пIэм инауэ итт адэкIэ мыкIуэфу, и нитIыр гущIыIу-кIэ телъ сабий нащхъуэ цIыкIуу илъэситI зи ныбжьым тенауэ. Сабийр щылът и псэр хэту и нитIыр диярэ къаплъэ хуэдэу. ЦIыху бгъэдыхьауэ илъагъурэ имылъагъурэ хэт ищIэрэт – зигъэхъеякъым, и IупэIугъукIар тIэкIу къэхъеящ, «пIа...» жиIа е зыри жимыIэхха.

Дэфэрэдж и тхьэкIумэм зыгуэр къицырхъащ, сабийр гъуащи, и дзажэналъэр пхуэбжын дэнэ къэна, узыпхыплъ хъун къыпфIощI, и анэр япэ лIауэ езыр къэнати, здэщылъым щылъурэ удз ишхар и ныбэ игъукIам имыгъэткIужурэ къыдэхыжат. Сабийм пэмыжыжьэу и адэри щылът, зэщIэбэгарэ фэнд гъэпщам хуэдэу, хъыуаныр къызэрычэм хуэдэу къэчарэ удз ихъуэкIуар удзыпсу и лъым хыхьамэ, иджы уIэгъэм уэтэпс щхъуантIэу къижу, абы бадзэр епщIауэ тесу.

Дэфэрэджи и нэпситIыр къелъэлъэхыу здэщытым зыгуэр къыбгъэдэлъадэ къыфIэщIри къэщтащ, лIар къэхъужа и гугъауэ, арщхьэкIэ зи Iэуэлъауэ зэхихар хьэ къарэжьт, хьэр пабжьэм къыхэкIри ныкъуэшх ищIа сабийм и куэр и жьэм жьэдэлъу къуэгъэнапIэмкIэ ущу кIуэжащ. ИгъащIэм хьэр цIыхум ягъашхэу къэгъуэгурык Iуамэ, иджы хьэм цIыхур яшхыж.

– КхъэмкIэ дыгъакIуэт, ди шыпхъу. Кхъэм дэхуэр дэлъщ, – жиIэри Барчо къыбгъэдыхьащ, цIыхубзыр Iуишыжмэ и гуапэу. – Дыдыхьэнкъым, дыщыблэкIкIэ дыдэплъэнщи, ди гъуэгу дытехьэжынщ.

– Мо гъэриб цIыкIу мыгъуэр къэбгъанэуи? – жиIэри Дэфэрэдж къэгъащ, зи нэ къиж сабийм еплъу.

– Сыт мыгъуэр хуэпщIэн, ди шыпхъу? Сыт мыгъуэр хуэпщIэн – и псэ хэту щытатэм зыгуэрт. Зэрыхъун хъужащ. – Барчо хъыджэбз цIыкIум бгъэдыхьати, хьэдэ дият, сабийм и нэр къижу лIауэ арат, уафэм еплъ пэтми, зимыгъэнщI хуэдэу. Дэфэрэдж къыфIэщIат «пIапIу» жиIэу къелъэIуу.

КхъэмкIэ щагъазэм, удзыпцIэм хэлъу хъыджэбз дахэ дыдэм и хьэдэм ирихьэлIащ, хъыджэбзым щыгъыну нысащIэм щатIагъэр зыщитIэгъат, абы хуэдэу зигъэщIэрэщIауэ ахърэтым кIуэн и гугъэу, езыри «къыпогуфIыкI» жыпIэну нэщхъыфIэти, Дэфэрэдж Гуащэ и гум къэкIыжащ – дыгъурыгъум япэщIэхуэу щызэхуэза жэщыр.

Барчо и псы икIыжыкIэ хъуам Дэфэрэдж щыгъуазэтэкъыми, абы иримыгъэдаIуэу хъурэт.

Кхъэм удыхьэнуи Iэмал зимыIэт, хьэдэу дэхуэр дэзу дэлъти. Къуажэпщ Алъхъэс кхъэлэгъунэ иригъэщIати, езыр ипщхьэу зигъэлIа дэнэ къэна, Iыхьлыуэ иIэр кхъэлэгъунэм и хъуреягъкIэ щылът кърригъэгъуэлъэк Iауэ, адрейхэр щхьэж и Iыхьлым и кхъэм пэгъунэгъу защIауэ зэтелът. Кхъэм дэлъым арджэни упщIи яубгъуатэкъым, цIыкIуи ини зэхэтхъуауэ ятIэм хэлът, щыгъын яцыгъа тIэкIур хьэлэчу зэхэцIэлауэ.

– НакIуэ, ди шыпхъу. Думыгъэгувэ, – жиIэри Барчо выгумкIэ плъащ. Дэфэрэдж къегъыхыу къыщIедзэ, гъыбзэ зэхилъхьэу.

*Уай-уай-уай, лъапэ зэвыпIэм дыхуозэ,*
*Алъхъэс и къуажэр хьэдэщIэмылъхьэж,*
*Лей къалъысари щIылъэм щIэмыхуэ...*

– Куэдщ, ди шыпхъу. Къуажэр уи закъуэкIэ гъеижа хъункъым. Щыгъэт, накIуи нитIысхьэж. Уэзырмэс тхьэмахуитIкIэ игъеящ къуажэр, ирикъунщ.

– Хэт Уэзырмэсыр?

– ДжэгуакIуэр. Зэхэпхакъэ? Ей, абы зэуэ жеIэ уэрэди, щIы фIыцIэм щIэлъыр къегъэтэджыж.

Барчо ищIэрт Уэзырмэс и хъыбарыр. Алъхъэс и къуажэр хэкум имыкIын щхьэкIэ, загъэлIэжыну зэгурыIуащ жаIэу Уэзырмэс щызэхихам, къуажэм къэкIуащ. ЖаIар пэжу къыщIэкIат, къуажэдэсым я Iэщи, джэдкъази, хьэ, джэду жыпIэми псэущхьэу яIэр яутIыпщащ, жьэгум илъ мафIэр псы пэгун тракIэри ягъэункIыфIащ, бжэи щхьэгъубжи зэлъыIуадзри, зэблагъэхэм, зэIыхьлэгъухэм IэплIэ зэрашэкIыжщ, я Iэр зэрубыдыжри, лIа зимыIэ щыIэтэкъыми, я лIам я мащэм деж щыгъуэлъащ, кхъэм дэмыхуэр хъупIэм игъуалъхьэри сабий гъымэ гъащ, нэгъуэщI псалъэмакъ лъэпкъ щымыIэу зэхэлъу. Уэзырмэсу уэрэдкIэ Iэзэр къакIуэри Алъхъэсыпщым и кхъэлэгъунэм щхьэ тещIыхьати, къытетIысхьащ, уэрэд иусыну.

Япэрей махуэр екIуэкIащ. Уэзырмэс и уэрэдымрэ сабийм я гъы макъымрэ зэщIэту, зыхуэмышэчым и щхьэр мывэ сыным ириудэкIыу, нэхъ псынщIэу зигъэлIэн щхьэкIэ. Алъхъэсыпщыр жьы хъуа щхьэкIэ, псэ быдэу къыщIэкIати, зыри жимыIэу щылъащ, и акъылыр къэутхъуэху, итIани кхъэлэгъунэм къыщIэкIыну къеIакъым, гъыми бжэми емыдэIуэжу, игъащIэм мэжджыт щIэмыхьар динщIэкъу хъуарэ «йа-лыхь, сыгъалIэ» жиIэу Алыхьыр и гум къэкIыжауэ. Махуищ-махуиплI дэкIа нэужь, сабийхэр мыгъыжыф хъуауэ, цIыхубзхэм я къугъ макъри кIащхъэти, Уэзырмэс и уэрэдым фIэкIа зэхэпх щыIэжтэкъым, езы джэгуакIуэми уэрэду ищIэр зэриухрэ куэд щIати, къытригъазэ-нытригъазэурэ жиIэрт. Шыщхьэегъи, гъыбзи, гущэкъу уэрэди, щIопщакIуэ уэрэди, нарт уэрэди, жэщтеуэ, зекIуэ, нысашэ уэрэди – ищIэ илъэпкъыр иухыу аргуэру тIэу-щэ къытригъэзэжа нэужь, Алъхъэс къуажэм уэрэд яхузэхилъхьащ:

*Цыцыкъуэр дыщэм пащIынут,*
*Мащэ зырыз гущэр щывгъуэтыжатэм.*
*Алъхъэсхэ я кхъэр кхъэунэ закъуэщ,*
*Алыхьу закъуэм фызэхуихьыжмэ.*
*Фи сабий нэпсым щIыр къегъэбэгъыр*
*ЗэщIэбэгари хьэдэ лъэмыжкъэ...*

Ар щызэхахкIэ ныкъуэлIэу телъым я IэкIэ я псэр хахыжыну хуежьэрт, зафыщIыжырт, я щхьэр ираудэкIырт, замыщIэж хъуху.

– НтIэ, си дэлъхушхуэ, цIыхур тIэулIэкъым, зэ улIэн щхьэкIэ, лIыгъэ уиIэн хуейщ, – жиIэри Дэфэрэдж зыкъомрэ щыму

щыта нэужь къэпсэлъащ, зыкъызэрищIэжам гу лъыптэу.

– Гушхуэ кIуэцIылъащ Алъхъэсыпщым, гушхуэ ари.

Барчо Дэфэрэдж выгум иригъэтIысхьэщ, езым вытIощыщIэр иубыдри ежьэжащ.

– А сабий мыгъуэ, а цIыхубзу тхьэр зэуа, – жиI эу Дэфэрэдж и нэгум щIэк Iар хуэгъэткIуртэкъым.

– Зи хэку зыбгынэн зымыдар плъэгъуащ, ди шыпхъу, иджы зи хэку зыбгынэм уахэсшэнущ. ТхьэлъэIум щаукIыну зытраIуа жэмыр тхьэлъэIу махуэм щаукIыну щIыпIэм езыр-езыру макIуэ.

– Аракъэ жэмлъэрыкIуи щIыфIащар!

– ЖэмлъэрыкIуэм уахэсшэнущи, умыбэлэрыгъ.

– Сымыбэлэрыгъыу сыт иджы сщIэнур?

– ЯгурыгъаIуэ зыщымыгугъын щымыгугъыну.

Дэфэрэдж зыри жиIакъым. Ар адыгэ лъапсэм егупсысырт, ижь-ижьыжкIэ жаIэу щыта хъыбархэр и гум къэкIыжауэ. «КIэгъуасэмыщI кI э» зэджэу щыта адыгэм яхэту щытыгъащ, илъэсищ-плIы нэхъыбэ зы щIып Iэм имысу. Здэщысар зэхауцIапIэмэ, заI этырт, нэгъуэщI щI ыпIэ щытIысти, зэфIэкIат, увэнумэ, щIыщIэр вэ, бэв хъунущ. Къэбэрдейхэмрэ беслъэнейхэмрэ зы зэман гуэр зы лъэпкъыу щытауэ жаIэ. Адыгэ лъэпкъхэр куэд хъуми, я пщыгъуэхэри зэхуэмыдэми, бий къатеуэмэ, зэрыгъуэтырт, зауэм зэгъусэу кIуэрт, ауэ я дзэпщыр зырызти, щхьэж и щхьэм зэрыф IэфIым хуэдэу зауэрт, лIыгъэр Iыхьэ мыгуэшти, л IыгъэкIэ зэпеуэрт, тек Iуэм уэрэд хуаусу. Куэдрэ зэныкъуэкъуами, адыгэри къэзакъхэри зэхэт Iысхьауэ зэхэсщ, къуажэ къэс къутыр зырыз къабгъэдэсу, муслъымэн диным итым тхьэгъуш макъ къэIумэ, я тхьэкIумэр Iуаубыдэ, муслъымэн азэн джэмэ, чыристанми я гуапэкъым, итI ани зэдопсэу, зэф Iэнэмэ, зокIуж, зэфIэмынэмэ, зэкIэлъокIуэ, тыркухэр я кум къыдэмыхьэмэ, зэзэгъынут.

Иджы хэкукъутэм адыгэ лъапсэр игъэгъунк Iэ хъунущ, ищхьэмкI э къыщежьащ Лабэ дэсым къаублэри, абы къакIэлъыкIуар ЩхьэгуашэIуса мэхъуэшхэр аращ. Натхъуэджыпщыр дунейм щехыжым, уэсят ищI ауэ щытат, хэкукъутэм и махуэр къыфхуэк Iуэмэ, ди лъэпкъэгъу Дунай лъэныкъуэкIэ кIуащи, фэри абыкIэ зевгъэхь жиIэри. Натхъуэдж лъэпкъри къэукхъуащи, псы IуфэмкIэ къызэрохь, я щ Iыналъэ махуэу бэвым и гъуэгуу гъатхэ гъэфIэну щытыр ябгынэри.

Барчо вытIощыщIэр иIыгъыу здэкIуэм, зэзэмызэ къызэплъэ-кIыурэ къуажэпщ лIыжь гуэрым и хъыбар къыжиIащ. Пщыр гу щитхукIэ псы Iуфэм къекIуэлIат, цIыхуу хъуми бзыми миным щIигъу и гъусэу. А къомым пщыIэ тIэкIухэр зрагъэпцIри зы жэщ ягъэкIуати, пщэдджыжьым заплъыхьмэ –щIалэми хъы-джэбзми зыбгъупщI макIуэ-мэлъей – бзэхауэ нэху къекIащ. Пщыр къэгубжьащ, пхъэр адэкIэ-мыдэкIэ игъэкIуащ, арщхьэкIэ

мэзым щIыхьэжар бгъуэтыжын, езыри жьы хъуащи, лъэрызехьащэкъым. Тхьэмахуит I дэкIри, пщыл I къомым ящыщу и ныкъуэщ къэнэжар. «Мыпхуэдэу си пщылIыр зэбгрыкIуэсыкIмэ, си щхьэ закъуэ си лъакъуитIу сыкъэнэнщ» жиIэри къэгузэващ. НтIэ, сыт иджы пщ Iэнур? Къуажэпщыр тырку гуэрым гурыIуащ щIалэми хъыджэбзми цIыху щищ хуэдизкIэ. Тыркум ар пуду ищэхуащ, и кхъухьым иригъэтIысхьэри – сыкъэплъэгъуакъым, услъагъужакъым. Къэнам и нэхъыбитIыр жьыкIэфэкIэт, сымаджэрилэти, яхэувэри яжриIащ:

– Дэни фыкIуэ. Фи щхьэ фыхуитыжщ, щхьэщэхужи сыти сыхуейкъым, фыхуеймэ, фи щ IыпIэм фыкъинэж, фыхуеймэ, псым фикIыж, – жиIэри.

Езым мурад ищIат цIыху щищым къащIиха ахъшэмкIэ Мэчэ кIуэуэ хьэж ищIыну, арщхьэкIэ ар къехъулIакъым: и пщылIыр зрищам гурыIуат л Iыжьыр Истамбыл нишэсынуи, «зыщагъэгъупщэри» ежьэжащ, я ныбжьыр илъэс пщык IутIым щыщIэдзауэ илъэс т IощIым фIэмыкIыу хъыджэбз пщIей ирита пэтми.

– Гуэныхь куэдыщэ тельти, Алыхьым гъуэгу къритакъым, – жиIащ Дэфэрэдж пщым щхьэкIэ.

– Тэмэм. КIэфий епщэу къэнащ.

– ИкIи хуэфащэщ. Апхуэдиз цIыху бгъэунэхъурэ хьэж пщIыкIэ уи гуэныхь гъун?

– Къыщхьэрипхъуат и нэри игъэунэхъуащ. Абы нэхъей, пщылIыр пуд мыхъуаи. Ауэ ептми, пIамых дапщэ ухуей. ТIэк IунитIэ зы дагъуэ иIэмэ: «И IитIым и жьэ закъуэр яхуэгъэшхэнукъым», – жаI энщи, зэфIэкIащ. ЦIыхухъум е цIыхубзым жьыфэ тетмэ, I эпщIэлъапщIэу щыт – и Iэдакъэщ Iэк Iыр ещхьу пщIэхалъхьэри ирагъэлъагъу пщыл I зыщэхум, «мис мыпхуэдэр ящIыф» жыхуаIэу.

Выгур аргуэру псы къабзэ цIыкIу гуэрым зэпрыкIри хы Iуфэм Iутурэ кIуэ гъуэгуу зытетам теувэжати, Барчо здэщысам деж къэтIысыжащ. «КъызыхэкIар къуажэшхуэу къыщIэкIынщ», – жиIэу Дэфэрэдж и гум къэкIащ, цIыху куэд маф Iэ ящ Iауэ бгъэдэсу щилъагъум, я Iэщхэри гъунэгъуу щыхъуакIуэрт, пщыIэ хъурей защIэу къуажэм жэщкIэ плъыр ягъэувти, щIэпхъуэжыну хуежьэр ямыгъак Iуэу къалъэфыжмэ, пщылIыр зейм ирипхырт, цIыхухъу къоми упщIэ яубгъуауэ щыст хьэжым къыпэплъэу.

Барчо къигъэзэжауэ щалъагъум, къэтэджахэщ, цIыхубзым пщIэ хуащIу, пщыIэм щIэсхэми тхьэм ещIэ хъыбар езыгъэщIар, цIыкIуи ини къызэрыщI эхыурэ къызэхуэсырт, цIыхубзхэр къызэрыжэм тету я IэлъэщIышхуэхэр зытрапхъуэу. Барчо гум елъэри хьэжым и Iэр иI ыгъыурэ къригъэкIащ, къызэхуэсам яхишэри занщIэу къыщIидзащ:

– Куэд зыгъащIэ нэхъ куэд зылъагъу жиIащ пасэрейм. Дэфэрэдж хьэжыр къыфхуэсшащ. Куэд зылъэгъуа, куэди зи фэм

дэкIа цIыхубзщ. Зыхуэза нэщIэбжьэм хуэдэ тхьэм езыри хуимыгъэзэжкIэ, дэри тхьэм дыщихъумэ. Фи пащхьэм ит цIыхубзыр Мэчэ къикIыжа къудейщ, хьэж ищIащ, тхьэм къабыл ищI гугъу зэрехьари, – жиIэу. Къызэхуэсахэри къехъуэхъуащ:

– Тхьэм жиIэ.

– А-а насыпышхуэр Алыхьым зрита!

– Лъапэ махуэ къэпхьыжауэ тхьэм жиIэ.

Барчо аргуэру къэпсэлъащ:

– Дэ дыздэкIуэну ди гугъэ муслъымэн щIыналъэм къикIыжащ цIыхубзыр, жиIэм девгъэдаIуэ.

Нэхъыжьхэри арэзыт:

– Захуэщ, Барчо, захуэщ, ди къуэш.

– Гъуэгу зылъэгъуам гъуэгу и пIалъэ ещIэ.

– ЖыIэ, хьэжы. Дыпхуэарэзыщ укъызэрыкIуам щхьэкIэ.

– ФыкъекIуалIэ нэхъ гъунэгъуу. ЦIыхубзыр кIийуэ псэлъэну къекIуркъым. Дэ махуэ къэс цIыхубз хьэжы къытхуэзэркъым.

Дэфэрэдж къызэрыщIидзэнур имыщIэу тIэкIу зрилъэфыхьащ, къызэхуэсари куэд пэтми, мычэму къакIуэурэ къызэхэувэрт хьэжыр ялъагъун щхьэкIэ, выгухэр кърalъэфалIэрти къиувэрт, шууэ къакIуэу къэуви щыIэт. Дэфэрэдж хьэжыщI кIуа зэрыхъуар къебгъэкIуэкIмэ, куэдыщэ хъунущ, и нэгу щIэкIа псори пхужыIэххэнукъым.

Дэфэрэдж къыщIедзэ:

– Къуажэ зэIущIэм цIыхубз къэуврэ къэпсалъэу адыгэм я хабзэкъым. ЦIыхум я мыхабзэ си деж къыщыщIэздзэну сэри си нэр къыхуикIыркъым, итIани си дэлъхур къызэлъэIуати, сыкъэкIуащ, емыкIу сыкъэвмыщI.

– Абы емыкIуу хэлъыр сэ къызощтэ, – жиIащ Барчо хьэжыр тригъэгушхуэну.

– Пасэрейм жаIэу щытащ: «Узэчэнджэщын умыгъуэтмэ, уи пыIэр щхьэрыхи, ечэнджэщ», – жаIэу. ЦIыхур гъуэгуанэ ин щытеувэкIэ чэнджэщэн хуейщи, сэ фыкъызэчэнджэщыну арамэ, фи пыIэжьу сыкъэфлъытэ…

– Акъыл зиIэм и пыIэжьми акъылымэ щоу…

– НтIэ, хьарзынэкъэ. – Дэфэрэдж хьэжым псалъэм и пэр къыIэщIыхьащ. – Муслъымэн щIыналъэу фэ зыдэвунэтIар плъэгъуа жыпIэмэ, слъэгъуащ, уеблэмэ къумым и ныбэм сикIуадэ пэтащ. Си гъусахэр имыкIуадэу си закъуэ сикIуэдатэми, нэхъыфIт. Лей зезыхьэм хуэдгъэгъункъым жаIэри я щхьэр халъхьащ, я ахърэт дахэ тхьэм ищI. Си нитIымкIэ сымылъэгъуа-тэмэ, си фIэщ хъунтэкъым цIыхур апхуэдизу гущIэгъуншэу, «хьэщхьэвылъэщ» жыпIэну лей зэрахьэфыну. Мы си IитIымкIэ къыхэсхыжащ (Дэфэрэдж и IитIыр иIэтри яригъэлъэгъуащ) мафIэ ирадзауэ ягъэс цIыхубз, сабий. Жыхьэнмэм кIуэнумрэ мыкIуэнумрэ зи

унафэр Алыхьу лъэщыр аращ. Дунейм жыхьэн-мэ тепщIыхьын жыхуэпIэр ар сыт, хэт апхуэдэ лъэкIыныгъэ цIыхум къезытар? Жэнэтым и бжэмрэ жыхьэнмэм и бжэмрэ нэмэзлыкъищ фIэкIа я зэхуакукъым жиIэу Дэрбэкъу тхьэмыщкIэм, щ Iыуэ телъыр пщIащэ тхьэм ищ I, и фI эщ дыдэу жиIэу щытащ. НтIэ, жэнэтыбжэ си гугъэу жыхьэнмэбжэр къыIусхауэ пI эрэ? Жэнэтым сыблэкIами сщ Iэркъым. Дэрбэкъу жэнэтым ихьэмэ, щхьэусыгъуэ гуэр ищI у зыкъригъэнэн и гугъати, къехъулI акъым, тхьэм увыIэпIэ дахэ кърит. Жэнэтыр зылъэгъуаи сыхуэзакъым. Зылъэгъуа щыIэмэ, къреув мыбдежи «сэ слъэгъуащ» жрыреIэ. – Дэфэрэдж лъагапI э тIэкIу зытетым и Iэпэр хуишиящ. – ЩыIэкъым жэнэтыбжэ къудейм теплъа. Зыми гу лъывмытами, гу лъыфтакъэ: къуалэбзур кIэцI рэ гъуалъхьэу шыр кърашынумэ, ди щIыналъэм къокI уэри ди жыг хадэм, ди мэзым щокIэцI, щогъуалъхьэ, шыр къыщраш. ЩIыIэ къэхъурэ къэгузэвэху здэщыIэр ди щIыналъэщ. ХьэкIэкхъуэкIэри аращ, бжьэ сытхэри аращ. Апхуэдэу щI ыщытым фегупсыс, нэгъуэщIым фемыгупсысами. Ди щIым хуэдэщI щыIэкъым, ди щIыналъэм хуэдэ щ Iыналъэ щыI экъым. Тхьэр зэтар дэращ: тетсэр къокI, узэгугъур къогугъуж. ЛIа зимыIи щыIэкъым: ди адэжь, анэжь зыщIэлъ кхъэр хыфIэддзэрэ дежьэжми, къаплъи къэдаIуэ, ди быным я быныжыр мыбык Iэ къэпабгъэ мыхъумэ: «Ярэби, дыкъэзылъхуауэ щытар сыту щыуат», – жаIэу. Ди щIыналъэр кIуэдакъэ – ди бзэри кIуэдауэ къэлъытэ, бзэр кIуэдмэ, хабзэри кIуэдащ, фащэри аращ. Хамэ щIыналъэ тыншыпI э тхуэхъунукъым, ди псэри щызэгъэнукъым. ЦIыхум анитI иIэкъым, къэзылъхур зыщ, и лъапсэ щыбыдэ лъахэри зыщ, зи къуэпсыр куэдым и лъапсэр быдэщ, уи лъапсэр бгъэгъумэ, уи лъэпкъыр кIуэдащ. Уи лъахэм уитмэ, улъэщщ. Ди щIыналъэр иубыду зыIэщIэзылъхьэн зэрыщыIэри сощIэ, къыптекIуэр гугъущ жаIэ щхьэкIэ, а къыттекIуэу дызыпэмылъэщым дыгурывгъаI уэ, ари ди щIап Iэм псы иригъэжыхьыну къещэркъым, ди унагъуэбжэр худигъэщ Iыж щхьэкIэ, къехъулIэ щыIэкъым. Дахэм блэр гъуэмбым кърещ, дахэкIэ дыгурывгъаIуэ. Иджыпсту си дэлъхум сишэри Алъхъэс и къуажэр сигъэлъэгъуащ. Уа, сэ си тхьэу тхьэшхуэ, сыту гуузыщэу зэтекIуэда! – Дэфэрэдж хуэмышэчу къыщиудри къэгъащ, псэлъэну къыхудэмышеижу зыкъомрэ и гур хуэгъэтIысыжакъым, къедаIуэ цIыхубзхэри зэщIэкъугъащ; цIыхухъухэм заущэхуат. Хьэжыр ерагъыу ундэIужри, и нэпсхэр илъэщIыжащ, инуи зигъэпсчэуIури къыщIидзэжащ. – Алъхъэс и къуажэм зэрыкъуажэу загъэл Iэжащ, я лъахэр ямыбгынэн щхьэкIэ. Я лъахэм къинэжащи, я псэр тыншыпIэ ихуэну тхьэм солъэ Iу. ИтI ани къезэгърэ ар– уи сабий лажьи-хъати зимыIэ жэнэт бзу цIыкIухэр зэтебгъалIэрэ уэри зыбгъэлIэжу? УлIэнми лIыгъэ хэлъмэ, зы лIыгъэ гуэр зепхьэн хуейкъэ? Ар къызэзэгъ дин щыIэу сщIэркъым, тхьэми къабыл ищIынукъым зыбукIыжу.

Тхьэм гъащIэ къущитакIэ, а гъащIэр бгъэщIэн хуейщ.

Барчо хуэмышэчу къэпсэлъащ:

– Уи псалъэ фIыкIэ уIыгъ, ди шыпхъу, зэпызудынщ: дэнэ щыIэ Мухьэмэд бегъымбарыр, Алыхьым деж щхьэ нимыгъэсрэ лей къытлъысыр? Алыхьыр къытхуэмеижмэ, Алъхъэсыпщым ищIар аращ къытхуэнэжар.

Дэфэрэдж и псалъэр пичын и гугъатэкъым:

– Хейм илъ хамэм ещIэж жаIащ. Дилъ зыщIэжыни дунейм къытехьэнщ. Алыхь талэм елъагъу лей къытлъысыр, лей зезыхьэр щыщIегъуэжын ихуэнщ. ДунейкIэ имыхуэми, ахърэткIэ ихуэнщ. Сэ вжесIэр мыращ: щыIэкъым щIыналъэ жэнэтыбжэмрэ жыхьэнмэбжэмрэ нэмэзлыкъищ фIэкIа я кум дэмылъу . Апхуэдэ щIыналъэ щыIэмэ, мыбдежщ здэщыIэр – Дэфэрэдж и Iэр мэзымкIэ, къуршымкIэ ишиящ. – Сыт хуэдэ лей цIыхум къыхуэгъуами, зи лъахэ зыбгынэм къыхуэгъунукъым.

– Убых дызыкъуэсар псым икIыжащ, – жиIэри зэхэувауэ зэхэт къомым ящыщ къахэгуоукIащ.

– Фи жьэгум илъ мафIэр фымыгъэункIыфI. А мафIэр ди адэм я адэжхэм щIагъэнащ, ди щIыналъэр, ди лъапсэр илъэс минкъым зэрахъумар. «Убых дызыкъуэсар» жывоIэ. Ди адэм я адэжхэр хэту пIэрэ зыкъуэсар? Къебия щымыIэ фи гугъэ, къеныкъуэкъу щымыIэу хэт псэур? ЗылъэкIыр зылъэмыкIым йозауэ, ехъунщIэ, зэрепхъуэ – аращ игъащIэми. Сэ нобэми ныжэбэми си къуэрылъху Ахуэмгъуэт сыпоплъэ, къызэрысу Фарз сыкIуэжынурэ сыIусынущ. Ди къуажэм насып щызгъуэтащ, бынунэ сахэсщи, сызыхэс бынунэм сыхэсыжынущ. Си щIалэ цIыкIур къэмыкIуэфрэ – тездзэнщи, лъэс-лъэбыкъыу сыкIуэжынщ. Дунейр къутэжами, къуажэр сэзыгъэбгынэн щыIэкъым. СылIэмэ, си щIыналъэ сыщыщIалъхьэжынщ. Адыгэ мыгъуэрэ шыгъурэ пIастэрэ щIыжаIар адыгэр тхъэуэ псэуауэ аракъым, Iэджи къыдэзэуащ, Iэджэми дафыщIащ, дызэрапхъуащ, итIани ди лъапсэр къэнащ, тхьэм дыкъихъумащ, иджыри дыкъихъумэнщ, ди щхьэ тхуэхъумэж... – Дэфэрэдж абы хуэдизкIэ къызэщIэплъати, и къурмакъейр щиубыдыкIри и гур къызэфIэнащ.

Барчо къыбгъэдэлъадэри и Iэр къиубыдат армыхъумэ, цIыхубз хьэжыр джэлэнут. Дэфэрэдж и псалъэм къыпызыщар Барчощ:

– Ахуэмгъуэт къакIуэми, ди шыпхъу, тхьэм узыншэу къихь, къэмыкIуэми, сэ лъэсу узгъэкIуэжмэ сылIу пащIэ стеткъым. Си выгу укъызэрысшар мес. Дызэгъусэу дгъэзэжынщ. Уэ дэлъху сыпщIащ, сэ шыпхъу усщIащи, дызэрыгъэгъуэщэнкъым, тхьэм жиIэм. «Дэри дывигъусэнщ» жыфIэрэ – пщэдей нэхущым ди ужь фыниувэ.

ЦIыхубз хьэжыр зыгъэхьэщIэн гъунэжт, арщхьэкIэ Барчо и пщыIэм имышэу къигъэнэнт? Дэфэрэдж жиIар зэхэзыхам

нэхъыбэр кIуэри адэкIэ-мыдэкIэ дадзэжа гур къыдалъэфыжащ, цIыхубзхэм я хьэпшыпыр зэщIакъуэжыху, цIыхухъухэр зэгурыIуащ къагъэзэжыным нэхъ трагъакIуэу. Пщэдджыжь нэхущым выгу къомыр зэкIэлъхьэужьу къежьэжащ, щхьэж я къуажэкIэ ягъэзэжу.

* * *

Зызущэхуауэ хэлъ Сэлимэ сеплъати, и нэкIущхьитIыр цIыплъ къэхъуат, езыри гузавэрт, «псалъэ къызжьэдэхурэ хъыбарыр зэпызгъэумэ» жиIэу.

– Фэеплъ хуэзгъэувынт, тхьэ, сэ а цIыхубзым.

– Фэеплъкъэ а бжесIар. Адыгэ цIыхубзым хуэвгъэув жыпIэнущи, лъэпкъ Iэджи щыIэщ дэ ттелъа бэлыхьлажьэр зытелъа. Зауэшхуэм щыгъуэ хэкукъутэ къызыхуэкIуауэ щыта лъэпкъхэм мащIэ я фэм дэкIа?

Пщыхьэщхьэм Сэлимэ нэгъуэщI палатэм щIэдгъэгъуалъхьэри, сэри унэмкIэ секIуэкIыжащ. Анапэ си нэ къызыхуик Iам сыкIуэжыфакъым, зэ зыр, зэм нэгъуэщI гуэрхэр зэран къысхуэхъуурэ. Куэд дэмыкIыу Сэлимэ хъужри я унэ яшэжати, а зыр гурыфIыгъуэу зыкъомрэ си гум илъащ. И фызышэм срагъэблэгъа щхьэкIэ, сыкIуэфакъым. Ауэ згъэщIэгъуащ, Ботэх «скорэм» шоферу Iууващ жаIэу зэхэсхати. Сэ сщIэххакъым щIалэр машинэм дэсыну хуимыту, здэщыIа лагерым мэзым пхъэ къыщIишурэ машинэ зехуэкIэ тIэкIу ищIэ къудейт, итIани шоферу уващ, «скорэр» милицэм къагъэувыIэ хабзэкъым жиIэри. Ар нэхъыфIу къыщIэкIынт, сыту жыпIэмэ, Раисэ Муратовнэ и Iуэхур шыпхэ хъури иIупэфIэгъуу щыта зыбжанэ Ботэх къыздикIыжамкIэ кIуэну яунэтIауэ арат. Нартыхур лъэкI къимыгъанэу дэIэпыкъуат, къикIа щыIэтэкъым армыхъумэ. Шыгъу зышхар псы щефэж пIалъэр къэсагъэнти, Раисэр хабзэм ират.

Ботэхи машинэм куэдрэ дэсакъым. ГАИ-м яубыдауэ аратэкъым, правэ имыIэми. Правэ дэнэ къэна, диплом имыIэу дохутырым и пIэ иувэнути, къехъулIакъым. КъызэремыхъулIа щIыкIэр мырат. Махуэшхуэр къэсат, къыкIэлъыкIуэр выходнойуэ. Пщыхьэщхьэр хэкIуэтауэ чэфыфI зи Iэ гуэр къашэ и пэр къыпытхъауэ. Сымаджэр хуэсакъыпэу сымаджэщым щIашэри ягъэгъуэлъащ, дохутыр дежурнэм фIэкIаи щыIэкъым. ЦIыхубзхэри мэгузавэ ящIэнур ямыщIэу, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, и пэр пыдэжын хуейщ, хирургым чэфыжьыр къыIурихыу ваннэм щIэлъщ къахущIэмыкIыу. Ботэх щхьэукъуэу машинэм исти, жащ «зыгуэр къэгупсыс» жаIэри.

Ботэх Iэмал къызыхуимыгъуэт Iуэху щыIэтэкъыми, щIэупщIащ къэхъуам и пэжып Iэм. Къэхъуа бэлыхьышхуи щыIэтэ-

къым: Гоголь текIуэжын хуэдэу пэкIэ тхьэр зэта гуэр бдзэжьея-щэ кIуат, фIыуэ къиубыдри къэкIуэжауэ къыщIэкIынт, чэфыфIи иIэу. Халат хужь къыхуахьар Ботэх зыщикъуэри палатэм щIыхьащ, пэ кIыхьым и гур дахэ хуищIыну, «дохутыр дежурнэр Iуэху гузэвэгъуэ щхьэкIэ ежьащи, къэсыжыху тIэкIу пэплъэ» жиIэну. Езыри къэзылъагъум я фIэщ хъун папщIэ, фонедоскоп-ри лэрыпс дахэм хуэдэу пщIэхэлът. Сымаджэ къашар кушеткэм илъщ, и пэнцIывыр IэпитIкIэ иIыгъыу; дохутыр къыбгъэдыхьауэ щилъагъум, зыкъритIащ: «Мыбы хуэдэу куэдрэ сыщысыну?» – жиIэри. Ботэх утекIиекIэ пхуэгъэшынэнт?

– Уи закъуэкъым хирургым пэплъэр. ТIэкIу зыпIэжьэкIэ, ягъэ кIынкъым, – жиIэу сымаджэм и гур дахэ хуищIын и гугъа щхьэкIэ, Ботэх къехъулIакъым, сымаджэр нэхъри къызэрыкIащ:

– Уэ удохутыркъэ? Зыгуэр фхузэфIэмыкIмэ, мыбы щхьэ фыщIэт? Пэр пыдэжыгъуей? Къуажэм дэс фельдшерым абы хуэдэ операцэ ещIыф.

Ботэх гурыщхъуэ къыхуащIу фIэфIтэкъыми, щIэупщIащ:

– Мыр дауэ къэхъуа? – жиIэри.

Зи пэнцIыв Iэпэк Iэ зыIыгъым къыщыщIар жимыIэу хъуакъым: бдзэжьей къиубыдауэ, и гум жьы дригъэхуауэ къэкIуэжат я уни, и фызым зигъэпщкIуащ, къепсэлъэн фIэмыфIу, и бынри зэбгрыжат. Унэм къыщIэнар хьэр арати, пэ кIыхьыр бгъэдэтIысхьащ, едэхащIэмэ, фIэфIу. Хьэри зыкъомрэ ней-нейуэ къеплъащ. Хьэм и жьэпкъыр чэф зиIэм иубыдри и щхьэр гъунэгъуубзэу ирихьэлIащ епэм хуэдэу.

– Парий, «мамэ» жыIэт. КъыбгурыIуа? Ухьэ Iущщ уэ, къыбгуроIуэ псори. Фи лъэпкъым къулыкъу ягуэшмэ, уэрат бжьыпэр зыубыдын хуейр. ИIэ: «ма-мэ». А зыр къызжеIи, си гур гъэзагъэ.

Бдзэжьеящэм и пэ плъыжь пыхъукIар хьэм и пэм щригъэIусэм, хьэм аркъэмэр фIэмыфIу къыщIэкIынти, къепхъуэри бдзэжьеящэм и пэнцIывыр пичащ. Иджы икIэщIып IэкIэ ар пыдэжын хуейт, пызыдэжыну хирургри ваннэм щIэлъщ, и лъакъуэр къыщIэмыувэжу. Сыт иджы пщIэнур?

Ботэх еплъщ-къеплъри пэнцIывыр пыбдэжыным бэлыхьышхуэ пылъу къилъытакъым. Лагерым щыщыIэм тутнакъэщым исхэр зэзауэрэ зыгуэрым и тхьэкIумэ ныкъуэтеч хъуамэ, хузэгуадэжу щытащ дыдрэ IуданэкIэ.

Ботэхрэ сестра гуэррэ зэгурыIуэри бдзэжьеящэр кIий-гуо щхьэкIэ къамыгъанэу пэр падэжащ. Ваннэм щIэлъа хирургым и лъэр къыщIэмыувэжауэ нэхъыщхьэр къэкIуати, зи пэ падэжа сымаджэм еплъри зыкъритIащ:

– Мыр сыт мы фщIа хьэдэгъуэдахэр? Хэт мыр зи IэщIагъэр?

Абдежым ваннэм щIэлъым и цIэ иумыIуэмэ, ягъэнэщхъе-инути, и цIэ ираIуащ. Модрейми «сэракъым»

хужыIакъым, «сыпIэщIэIуэри апхуэдэу хъуащ» жиIа фIэкIа.

Хирург нэхъыщхьэм унафэ ищIащ пэнцIыввыр къыпатIэпIыкIыжу щIэрыщIэу падэжыну.

Ботэх и дохутырыныр абдеж щиухащ, Iуэхур хэIущ IыIу ямыгъэхъун щхьэкIэ, зэрыса машинэм кърамыгъэкIыу хъуакъым. Езыри щIалэ делэтэкъыми, и анэм деж кIуэжри жриIащ:

– Уэ, ди анэ, «ныcэ» жыпIати, Алыхьым къуитащ, дохутыру еджэну мэпIэщIеиж. Сэри сызыхуэныкъуэ щыIэми, си Iэпхъуамбэм сыщ Iэфу сыщыскъым: къулыкъу зэмылIэужьыгъуэхэр зэблызодз. Уэ узыIут IэнатIэм спирт фиIэр хущхъуэу щыI эм я нэхъыфIщ. Ар бжьэхуцкIэ зыщумыхуапхъэхэм щыпхуэурэ уогъэкIуэд. Спиртыр унэмкIэ къегъэкIуэтэкIи, абы и унафэр сэ сыгъэщI, пэнцIыв пыдэжынкIэ сэ схузэф IэкIар хирургхэм учебникым иратхэнурэ студентхэм ирагъэджынущ, спиртыншэу си Iуэхум зиукъуэдиинукъым.

Абы лъандэри мащIэ щIа? ИтIани Анапэ сыкIуэфакъым, сыщыкIуэнри тхьэм ещIэ. Иджы экзамен къаIыдохри цIыхур бжьэцу зэрызохьэ. Тамарэ къыщIэтIысхьащи, сыхуэзэмэ, сыщогуфIыкI. Сэлими медицинэр къыхихащи, хъарзынэщ. «ЩIалэгъуалэр мыхьэулеин хуэдэу лекцэ къахуеджэ» жа Iэри унафэ къысхуащIащи, ди клубым и щIыхьэпIэм афишэ фIэлъщ, сэри сыхьэзырыпсщ, темэр цI ыхум ящIэри «дедэIуэнщ» жызы Iэр кърекIуэ.

«Анэм хуэсакъ» жиIэу арат лекцэм и темэри, нэхъыбэу къекIуалIэр цIыхубзт, «сабий ныбэм илъыр мазихым нэсамэ, и анэр и макъымкIэ къецIыхуж, анэм уэрэд жиIэмэ е музыч еуэмэ, ныбэм илъым зэхех» жысIэмэ, зи фIэщ мыхъур нэхъыбэт, хъыджэбзу дэмыкIуэ щIыкIэ лъэщыджэ хъуар гузавэрт, «зэхех» жыхуэсIэр «зэхещIыкI» жыс Iэ хуэдэу къагурыIуэрти, уеблэмэ анэм жиIар сабийм и гум къинэж зи гугъи щыIэт. Хъалидэ тхьэмыщкIэм арат къызэрыгурыIуэр.

Къэсат и пIалъэри, трибунэм сыкъытеуващ, залым щIэхуэр щIэсу. Экзамен зытари зымытари къэкIуат, си лекцэм и хъыбарыфI Iуати. Нартыхудэч яшэну зэхуашэса нэгъунэ къызэхуэсат, сэ жысIэр ягъэхъыбарыжыну, езыр-езыру зэныкъуэкъуну. Сэ жысIэр зымыдэххэр ЛэтIифэти, абы деж нагъэсыжмэ, «аIэ, щхьэр егъавэ» жиIэнти, зэфIэкIат. Сэлими залым щIэсти, си гуапэ хъуащ. ТхьэмыщкIэ цIыкIум ещIэж бын зэримыIэнур.

Ти, къыщIызодзэ: Южнэ Африкэм ящыщ тхакIуэу Оливие Шрайнер цIыхур расэкIэ зэхэгъэж зэращIыр и гум темыхуэу, а зэхэгъэжыр къызыхэкI колониализмэр гъэкIуэдын хуейщ щыжиIэм деж а цIыхубзым и акъылэгъу дауэ умыхъунрэ? Абы итхащ «Къумым щыслъэгъуа пщIыхьэпIищ» тхылъыр. Авторым къегъэлъагъуэ цIыхухъумрэ цIыхубзымрэ къуэпс куэдыщэкIэ зэпхауэ зэрыщытыр, а тIум зы лъэбакъуэ яч зэрымыхъунур, зэгъусэу щымытмэ. ЦIыхубзыр къагъанэу

цIыхухъум япэ ищын я гугъэ – къехъулIэнукъым. ЦIыхубзри аращ – цIыхухъур я мыгъусэу я мурадыр къехъулIэнукъым. Культурэм хагъэхъуэну и ужь итми, зэмыгъусэну Iэмал зимыIэщ.

НэгъуэщI лъэпкъым я гугъу дымыщIу адыгэ лъэпкъыр къэдвгъащтэ: къалэ, тхылъ, театр, IэщIагъэшхуэ тхузэмыгъэпэщу зы илъэс минкъым екIуэкIар, ди цIыхухъухэм лIыгъэшхуэ яхэлъа щхьэкIэ, акъылышхуэ зиIэ куэд къахэкIакъым – цивилизацэ диIакъым. Сыт щхьэкIэ жыIэт. ЦIыхубзыр дэхуэха защIэу адыгэр къэгъуэгурыкIуащ, цIыхубзыр ахъшэ пэлъытэу ящэ-къащэхужу, уеблэмэ ящэр нэхъыбэу, къащэхур зырызу. Пасэрейм ямылъэгъуа уи гугъэ нэгъуэщI лъэпкъхэм я культурэр здынэсар, ялъэгъуащ, арщхьэкIэ дэплъеифакъым цивилизацэ ин зиIэм.

Иджыри къэс цIыхум я гум имыхуа философышхуэ Демосфен и къуэрылъху Гилон бжьэдыгъу адыгэм я малъхъэ хъуа нэужь, къакIуэу адыгэм къахэтIысхьа пэтми, а лъэхъэнэм Афинэ къалэм дэлъа культурэм, цивилизацэм щыщ зы хъуаскIэ адыгэ щIыналъэм къэсрэ къэлыдатэмэ, дэ дызэрыхъунур нэгъуэщIу щытат. Бжьэдыгъупщыр зыдэса къалэм Iэджэ къыдащIыхьауэ щытащ: къулъшырыф, храм, члисэ, цIыхум ямылъэгъуа IэщIагъэ Iэджэ кърагъэлъэгъуащ, арщхьэкIэ а лъэхъэнэр икIри я щIэинри кIуэдыжащ. ЦIыхухъум е цIыхубзым я закъуэ цивилизацэ яхуэщIынукъым, тIури зэмыгъусауэ; а тIур зэгъусэу кIуэн хуейщ, цIыхухъум цIыхубзыр здишэу, цIыхубзым цIыхухъур здишэу. Зым зыр дигъэхуэхмэ, насып къехъулIэнукъым, насыпыр я зэхуэдитIу щытын хуейщ. Афинэр алыдж къэралт, культурэшхуэ яIэт, къэралри лъэщт. АтIэ щхьэ зэтещэхэжа? ЦIыхубзым гъуэгу кърамыту, дэкъуза щыхъум, цIыхухъум я культурэр зэтещэхащ, я лъэкIыныгъэри яIэщIэхуащ.

ЦIыхубзым щIасэлI иIэу гу лъатамэ, хьэ ирауштрэ ирагъэфыщI, цIыхубзыр гъуанэ къыдамыгъэпль щыхъум, я цивилизацэм кIэ игъуэтащ. МыдэкIэ дыкъэIэбэнщи, Германием я цивилизацэр къэтщтэнщ, Геббельс жиIэу щытар ди гум къэдгъэкIыжынщ: члисэ, пщэфIапIэ, щыгъын, сабий – арат цIыхубзым я Iуэху зыхэлъыну хуагъэфэщар. ЦIыхухъум къахуэнэу къэралыр къауэу щыхуежьэращ цIыхубз дунейм тетрэ темытрэ я гум къыщыкIыжар: «Маржэ, цIыхубз, къэрал къутэр ди махуэ мэхъури дыкъевгъэл», – жаIэу, арщхьэкIэ цIыхубзым дэнэ къэна, Алыхьым къихъумэжыфынутэкъым къэралри, зэтещэхащ.

Шарль Фурье илъэсищэрэ щэ ныкъуэрэ нэхъапэ жиIауэ щытащ обществэм зэрызиIэтар къызэрыпщIэнур цIыхубзым и псэукIэр плъагъумэщ, жиIэри. Ар дыдэр Баба О'Иллах нэгъуэщI псалъэкIэ къыдгурегъэIуэж. «ЦIыхухъумрэ цIыхубзымрэ зы бзум тет дамитIым хуэдэщ» щыжиIэкIэ.

Къуалэбзур жыжьэ лъэтэфынщ, и дамитIми зэхуэдэу затригъащIэмэ, зы дамэм хуэзэ хьэлъэр игъэмащIэрэ адрейм нэхъыбэ трилъхьэну хуежьа – къуалэбзум къилъэтынур иухащ. «Псы стэканкIэ» еджэу тео-риер кIуэдакъым, «цIыхубзым ухуэзэрэ уи псыхуэлIэ иригъэ-кIамэ, псы стэкан уефа хуэдэщи, абы мыхьэнэшхуэ щIыхуэ-пщIын щыIэкъым» жаIэу. ЦIыхубзыр псы стэканым палъытэу щытащ .Ди насыпти, а теориер IэщIыб тщIащ, арщхьэкIэ цIыхубзым пщIэ хуащIыр нэхъыбэ хъуным куэд хуэчэмщ. «ПсыхуэлIэр» щыIэ жыпIэмэ, щыIэщ, щымыIэнуи Iэмал зимы-Iэщ, ар щымыIэжмэ, цIыхум я лъапсэм зыхуей игъуэтынукъым. НтIэ?

Оливие Шрайнер цIыхухъумрэ цIыхубзымрэ социальнэ и лъэныкъуэкIэ зэзыпх къуэпс Iэджэми я гугъу ещI: цIыхухъумрэ цIыхубзымрэ зэхуэныкъуэу я гъащIэр яхь, зэхуэныкъуэни хуейщ, зызыщамыгъэнщIу, арыншэмэ гъащIэр гъащIэ хъурэ? Ауэ зым и правэр изу, адрейм и правэр ныкъуэу зэдэпсэу хъунукъым. ЦIыхухъур балигъ хъуакъэ, и «псыхуэлIэ» икIа зэрыхъун къегъуэтыф, къишэ сыт хэмыту, къемызэгъ ищIауи къалъытэркъым, IэщIэщIыхьар хэIущIыIу хъуми. Ауэ цIыхубзым къыхуэгъуну Iэмал иIэкъым цIыхухъум къыхуэгъуар. ЦIыхухъур цIыхубзым хуэзэу къигъэIула щхьэкIэ пхуэгузэвэнукъым, асыхьэту щыгъупщэу ежьэжынкIэ мэхъу. ЦIыхубзыр аракъым, цIыхубзыр цIыхухъум хуэзакъэ – гукIи псэкIи хуозэ, зэрыхуэзар гум имыкIыжыну, псэм зыхищIауэ, хагъуэ хидзарэ лъэщыджэ хъуакъэ – гузэвэгъуэм хэхуащи, жэщми махуэми и гум икIынукъым, сабий ныбэм илъыр я гурыфIыгъуэу, ар дунейм къытехьэмэ «сытым хуэзэну» жиIэу егупсысу. И быным щхьэкIэ сыт хьэзабри ишэчынущ, къилъхуам хуэгумащIэ защIэу дунейр ихьынущ. Къэплъхуар упIыжын жыхуэпIэр зымыгъэунэхуам жепIэкIэ ищIэнукъым: жэщкIэ уимыгъэжейуэ, махуэм уи Iуэху къэбгъанэ мыхъуу, зыщIыпIэ укIуамэ, «си сабийр къэзгъэнащ» жыпIэрэ упIащIэ-утхъытхъэу укъэсыжу, убгъэдэсми, уи нэIэ тету.

ЦIыхубзым и гъащIэр бын пIыным токIуадэ, цIыхухъум ищIэр сыт? Щылъщ, газет йоджэри...

КъызэдаIуэу щысхэм ягу ирихьа хъунт цIыхухъур зэрызубри, Iэгу еуащ. Сэри тIэкIу сыкъэдыхьэшхри жысIащ:

– Ситу фIыт цIыхухъу зырызыххэ фIэкI а зэрытхэмысыр– къытхуадэнтэкъым.

Девгъэгупсысыт иджы псори: хэт лъэпкъым я лъапсэр зыхъумэр – цIыхубзыра хьэмэ цIыхухъура? Дунейм дызэрытетым щхьэкIэ фIыщIэ зыхуэщ Iын хуейр хэт? – КъызэдаIуэхэр къызэрогъэкIий: «ЦIыхубзыращ!», «ЦIыхубзым фIыщIэр лъысын хуейщ!» Абдежым сыплъэмэ – ЛэтIифэ къакIуэри си пащхьэм къитIысхьащ. Сэри, абы гу лъызмыта хуэдэу, изогъэкIуэкI. –

Унагъуэр къащти, цIыхухъум сыт щыгъуи нэхъыбэ лъос. Бынунэр ныбэ нэщIу къэнами, цIыхухъур шхэну тIысамэ, зигъэнщIауэ тэджыжын хуейщ. Арыншэу хъурэ? Унагъуэр зэтезыIыгъэр аращ. Ауэ цIыхубзыр уэндэгъу щыхъуам деж гу лъытэн хуейщ, нэхъыфIу бгъашхэурэ и лэжьыгъэр дэбгъэпсынщIэу. ЦIыхухъум жиIэу пIэрэ «куэдщ сэ къызэптар, уэри шхэ, уи щхьэм томыщIыхьу, уи ныбэм илъым нэхъ зиужьын щхьэкIэ» жиIэу. И гум къэкIыххэркъым! И лIым къела Iамэ, ешхри зэфIэкIащ. Уеблэмэ, бынунэр зэдэтIысамэ, щIалэ цIыкIум нэхъ шхын Iыхьэф Iыр иратри, хъыджэбз цIыкIум нэхъ мащIэ хуралъхьэ. Сабийр цIыкIу щIыкIэ ирагъасэ цIыхухъум лъысыр нэхъыбэу.

НэгъуэщI зы лъэныкъуэкIэ девгъэплъ. ЦIыхухъу цIыхубзкIэ ерыщхэм я узыншагъэр щызэIыхьэ щыIэщ, арщхьэкIэ дохутырми сытми зыкърамыгъащIэу къашэр, къашари сымаджэ ящIыр, сабий имыгъуэту хъуа нэужь, фызым хуэмыфащи жраIэ, лажьэ зиIэр езы лIыр ара пэтми. Езыми и щхьэм мыгъуагъэ хуехыжыр, сабий щIимыгъуэтыр имыщIэу. ЦIыхухъум нэгъуэщI Iэджи къыхуогъу.

ЦIыхухъум я хабзэр зыщ, цIыхубзым я хабзэр нэгъуэщIщ. ЦIыхухъур хэт и цIыхубзи кIэлъыгъакIуэ – «сылIу лIыгъэ сиIэти, сыкIэлъыкIуащ» жиIэнщи, къэувынщ, цIыхубзым «щIасэлI» жиIэу лъэныкъуэкIэ еплъэкIа – зэфIэкIащ: «Уадрейщ, умодрейщ, узогъэкIыж». ЦIыхубзыр месткомым кIуэуэ тхьэусыхэ щхьэкIэ зыри къикIынукъым. (Залым щIэсхэр зэщIэдыхьэшхащ). ЦIыхубзыр уэндэгъумэ, и пIалъэр къэмысу щылъхуэ къохъур, къилъхуа мылъхуэс тхьэмыщкIэ цIыкIум къыхуэтIауэ къамылъхуамэ, ущыгуфIыкIын хуейуэ е къалъхуар щахуэмыхъумэ дапщэ ухуей? КъызыхэкIыр сыт? Е цIыхубзым хьэзаб телъащ, е лъэпкъым я щылъхур щIагъуэжкъым – тIум дежи цIыхубзыр ягъэкъуаншэ. Лейуэ гугъу ехьащ, и дахагъэри хилъхьащ, къилъхум гу щихуэнри и фIэщ мыхъужу къэнащ. Апхуэдэм деж цIыхубзыр къынтIэ-къынтIэ мэхъу, и хьэл, и щэнхэри зокIуэкI, ерыщи ябги мэхъу, зэгъыгъуейуэ, къытехьэрейуэ, езыр-езыру цIыхубзхэр зэгурымыIуэжу, ныбжьэгъущIасэгъу яIамэ, яфIэнэжрэ яфIэкIуэдыжу, япэм я псэр зы чысэм илъу псэуамэ, бзаджэ зэжраIэрэ зэбий хъужу.

ИтIанэ цIыхубзыр цIыхухъум нэхърэ нэхъ къэрабгъэ хъуркъыми, уи дзыхь ебгъэзмэ, нэхъыбэ къыпхуащIэфынущ, нэхъ гущIэгъу яIэщ. Я сабий зыгуэрым щыхъумэн хуеймэ, цIыхубзыр къэувыIэнукъым, и занщIэр и гъуэгуу пхилъэфынурэ лъэкI къигъэнэнукъым, «си бынырщ къуаншэр» жиIэу и жьэм къыжьэдэкIынукъым, и фэр тепхами, ауэ «хей хьэмэ мысэ» жиIэу елIэлIэнукъым.

Залым щIэс лIы гуэр къыхэгуоукIащ:

– Хеймрэ мысэмрэ зэхигъэкIыныр и акъылым къимыхьу

ара?

– ЦIыхубзым и акъылым деж сынэсыну арат си мурадари, хъарзынэу и чэзум хуэзэу фыкъыщIэупщIащ. (ЛэтIифэ дежкIэ сеплъэкIати, и гъунэгъуу къыщысым еIущащэрт). Матриархатым и зэманым цIыхубзхэм щхьэкIэ цIыхухъухэм Iэджэ къагупсысащ, «цIыхубзым я щхьэцыр кIыхь щхьэкIэ я акъылыр кIэщIщ» жаIэуи, зи акъыл нэхъ кIыхьымрэ нэхъ кIэщIымрэ я щхьэфэм диIэбэнщ. А лъэхъэнэм цIыхухъум я щхьэцыр нэхъ кIэщIу щытыххакъым. (Залым щIэсхэр зэщIэдыхьэшхащ, Iэгу еуащ.) ЩIэныгъэ зиIэ Iэджи и ужь итащ цIыхум и акъылым и кIыхьагъ и кIэщIагъыр къащIэн я гугъэу, цIыхухъумрэ цIыхубзымрэ я щхьэ куцIи Iэджэри зэпашэчащ. Редиусрэ Гроссеррэ цIыхухъум и щхьэ куцIыр грамм 1388-рэ хъууэ, цIыхубзым и щхьэ куцIыр грамм 1252-рэ хъууэ къалъытащ. Ар нэхъыби нэхъ мащIи щыхъу Iэджэрэ ухуозэ, ауэ зэдэкIуэу къапщтэмэ, а бжыгъитIыр нэхъ тэмэмщ. А щIэныгъэлIитIым цIыхухъум и щхьэ куцIыр щхьэхуэу, цIыхубзым и щхьэ куцIыр щхьэхуэу яшэчащи, а тIур зэхуэбгъадэ хъуркъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, цIыхухъум и инагъыр, и хьэлъагъыр цIыхубзым и инагъымрэ и хьэлъагъымрэ хуэбгъадэ хъунукъым. Абы Дарвин гу лъитащ: нэхъыбэ, нэхъ мащIэ жыпIэу аракъым Iуэхур здэщыIэр. НтIэ? ЦIыхум и хьэлъагъымрэ и щхьэ куцIыр зыхуэдизымрэ зэпэлъыти, зи щхьэ куцI грамм тIощIрэ плIыкIэ нэхъыбэр цIыхубзыр арауэ къыщIокI. (Залым щIэсхэр аргуэру Iэгу еуащ, шэч хэлътэкъым жысIар зигу ирихьар цIыхубзхэр арауэ зэрыщытым, ЛэтIифэ и закъуэ фIэкIа къэмынэу). ЦIыхубзхэм я щхьэ куцIыр нэхъыбэу щыт щхьэкIэ, фи унэм фекIуэлIэжа нэужь, филIхэм фатемыфыщIыхь, фыщхьэприхыу. Щхьэ куцI закъуэмкIэ зэфIэкIыркъым губзыгъагъэр. ЩIэныгъэшхуэ зиIа цIыхухъухэр къащти, цIыхубзым я щхьэ куцIым нэхърэ нэхъ мащIэ зиIэ щыIащ. Псалъэм папщIэ, философ Лейбниц, француз къэралым и паша Леон Гамбеттэ, нэгъуэщIхэри цIыхубзым къакIэрыхуу щытащ, я хьэлъагъыр куэд хъууэ щыта пэтми. Абы инэмыщIауэ; «мыр цIыху зэтесу къыщIэкIынкъым» жыхуаIэу гурыщхъуэ зыхуащIым къахокI зи щхьэ куцI нэхъыбэ. «Щхьэ куцIыр мыбы хуэдиз мэхъу» жыпIэу уи напщIэ теплъхьэмэ, ущыуэнущ, ауэ цIыхубзым я акъылыр кIэщIрэ кIыхьрэ къызэрыпщIэн щыIэщ, псалъэм папщIэ, Сонэм я пащтыхьа Тамарэ, щIэныгъэшхуэ зиIа Складовская-Кюри, Евэ-Кюри, Кларэ Цеткин, къэрал зезыхьэфа Индирэ Ганди, усакIуэшхуэ Маринэ Цветаевэ, Аннэ Ахматовэ, абы яхэзбжэнт си анэшхуэ Дэфэрэджи. Япон къэралым и закъуэ пащтыхьу яIащ цIыхубзипщI. Киркэ гуащэкIэ еджэу адыгэми цIыхубз пащтыхь яIащ. УфIэмащIэ а къомыр? ЦIыхубзым я щхьэцым и закъуэкъым кIыхьыр, я акъылри кIыхьщ. Нобэрей цIыхухъухэр къащти, я щхьэцыр зэрыкIыхьыр нэрылъагъущ, я акъылым и кIыхьагъ тхьэм ещIэ.

Аргуэру залым щIэсыр зэщIэдыхьэшхащ, ЛэтIифэ и сумкэм блокнотыжь цIыкIу къыдилъэфауэ зыгуэр иретхэ.

– ИтIани цIыхубзыр лъапэ зэвыпIэм ит защIэщ: лIэщIыгъуэ еханэм Миконский собор жыхуаIэм мащIэрэ щызэдэуа цIыхубзым псэ Iут, хьэмэ Iумыт жаIэу, цIыхубзым нэчыхь щыхуатхкIэ псом нэхъапэ зи гугъу ящIыр дэIуэну, и лIыр игъэпэжыну арат, и лIым сытри хуигъэгъуну. А тIур зэхуэдэ хъурэт? Нэхъри цIыхубзым и щхьэр щыпудар дапщэщ? Ящэкъащэху хъуа нэужь. Нобэ къэс тхуэмыгъэкIуэд уасэр дэнэ къикIа? ЛIыр жьы хъурэ лъэрымыхь хъуамэ, мылъку иIэ закъуэмэ, зыхуейм хуэдиз цIыхубз къищэхурэ игъэлажьэу унэм щIигъэсмэ, езыри псэурт, унафэщIу яхэту.

Иджы цIыхубз идеалыр нэгъуэщI хъуащ: дахагъэ закъуэкIэ къэпхьын щIагъуэ щыIэкъым. АтIэ? УакъылыфIэу, ужыджэру, укъабзэлъабзэу, угуакIуэу, щIэныгъи уиIэу, унагъуэри зепхьэфу ущытын хуейщ. Армыркъэ, уи щхьэ закъуэ уи лъакъуитIу, узыхэсым уахэмызагъэу укъыдэнэжынщ, щIакхъуэ Iыхьэ къыпхуэлэжьым, нэхъ гурыфIыгъуэ уимыIэу. ЦIыхубзым дежкIэ щIакхъуэ Iыхьэр мащIэщ. Ар дэкIуэрэ бынунэ имыгъуэтамэ, дунейм къытемыхьэххами, ягьэ кIынутэкъым. ЦIыхубзыр хэдэрэ зыхуей цIыхухъур къыхихыу щытатэмэ, нэгъуэщIт, арщхьэкIэ уэ гу къыплъатэху дэс, гу зылъебгъэтэнумэ, сэхусэплъым еуэ, косметикэм уи ахъшэ тIэкIур тегъэкIуадэ, зыгъэдахэ, зыгъэщIэращIэ, щIыкIафIэ зыщI, щыгъыныр уэкIуу зыхуапэ, уи щхьэцым хуэсакъ – армырмэ, цIыхухъур къыпхуэгъэпщIэнукъым. ЦIыхухъур хьэцыбанэм хуэдэщ: удз дахэу гъэгъар нэхъ къыхех.

«Сылэжьэрейуэ икIи сыгуакIуэу закъезгъэлъагъунщ» жыпIэу зыбукIыжу, зыпфыщIыжу улажьэми, гу къыплъамытэххэнкIи мэхъури, цIыхубзым къулыкъу нэхъыфI дыдэр къылъысами, и гур зэгъэнукъым, дуней мылъкур къеуэлIами, «зыгуэрым сишэну пIэрэ?» жиIэу ар IэфIу и гум илъщ. Нэхъ щIалэхэр емыджагъэнкIи мэхъу: Библием итщ Соломон фыз щибл иIауэ, абы ищIыIужкIэ щIасэ фызу щищ хуэдизи. А бегъымбарыр цырыцу зэIахатэкъэ, Iэдэм иращIам хуэдэу а цIыхубз къомыр и дзажэналъэм къыхагъэжын хуей хъуатэмэ. (Залым щIэсыр зэщIэдыхьэшхащ). ЯковкIэ зэджэми цIыхубзитI, Рахилрэ Анерэ, ахъшэкIэ хъыджэбзым я адэм и деж къыщищэхуауэ иIащ. НтIэ, мащIэ щIа цIыхубзыр ящэ, къащэху зэрыхъурэ?

Библием къигъэлъагъуэ лъэхъэнэр къэдгъэнэнщи, нобэ дэ дызытет дунейм и гугъу тщIынщ. ЩIэныгъэм иджы хузэфIэкI жыхуэпIэм щIэ щIэткъым. ЦIыхубзыр лIы дэмыкIуэххэу, щIасэлIи имыIэу лъэщыджэ хъункIэ мэхъу, «сыхъуащэрэт» жиIэмэ...

– Библием иткъэ Марие цIыхухъуншэу лъэщыджэ хъуауэ?

– Пэжщ, Марие фIэкIа нобэ къэс ар зыхузэфIэкIа цIыхубз щыIэкъым. Иджы цIыхухъу темыплъами, цIыхубзыр лъэщыджэ

хъункӀэ мэхъу. Уэндэгъу хъу къудей. Езыр зыхуейм хуэдэ къабзэ къилъху хъунущ, е обществэр зыхуэныкъуэ цӀыхум хуэдэр фызхэм къалъхун жыхуэпӀэр тыншу яхузэфӀэкӀынущ,

ухуеймэ, хъур нэхъыбзу, ухуеймэ, бзыр нэхъыбзу. Соломон и гугъу щIэпщIар сыт жыфIэу фыкъызэупщIмэ: Соломон цIыхубз ми-ным езым и закъуэ яхурикъуу щытамэ, нобэ апхуэдабзэр медицинэм хузэфIэкIынущ, репродуктивнэ физиологие жыхуаIэ методыр къагъэсэбэпурэ. Зы цIыхухъу закъуэр ирикъунущ, цIыхубз мин уэндэгъу хъун щхьэкIэ. Мис абдежщ «ЦIыхубзыр къэралым и лъапсэщ, цIыхубзыр фIы хуэзэмэ, къэралри фIы хуэзащ, цIыхубзыр дэхуэхмэ, къэралри дэхуэхащ» жиIэу Мухьэ-мэд бегъымбарым жиIа псалъэм уимыгъэгупсысэну Iэмал щIимыIэр. Пэжщ, Соломон е Яков хуэдэлI нобэ ухуэзэми, абы яIа гаремыр нобэ ягъуэтыжынукъым...

АдэкIэ жысIэнум сынимыгъэсу, ЛэтIифэ цIыплъ къэхъуауэ къыщылъэтащи, къэгузэвауэ мэпсалъэ, джэд фIагъэжым ещхьу кIыргъыу:

– Уа, цIыхубз, жыпIэр къыбгурыIуэжу жыпIэрэ, хьэмэ цIыхур къэбгъэделэну укъавэрэ? «ЦIыхубз мин лъэщыджэ хъун щхьэкIэ, зы цIыхухъур куэдщ» жыпIэу уи жьэм къекIуу дауэ жыпIэрэ? Матриархатым цIыхур икIыу патриархатым хуэмы-кIуэу мыхъуну хуэкIуащ жиIэу Маркс жиIар пщыгъупщэжа?

«Мыр сыту марксист бэлыхьу зыкъыщIебгъэдзыжа» жысIэу сыдыхьэшхынути, си гум къэкIар езгухыжри, си псалъэм къыпысщащ, ЛэтIифэ тIысыжа нэужь.

– Сэри аракъэ жысIэр?! Ауэ пэжщ, сэ зи гугъу сщIыр нэ-гъуэщIщ. Сэ сызытепсэлъыхьыр уэ нэхъ къыбгурыIуэну а фэр уэсплъат. Эмбрионыр цIыхубзым кIуэцIыбгъэтIысхьэ мэхъу, жылэр щIыр хуэба нэужь хэплъхьэ зэрыхъум ещхьыркъабзэу. Жылапхъэр хэплъыхьауэ къыхах, е селекцэ жаIэри зыхуейм ещхьу къагъэхъу. Эмбрионри аращ. Ухэплъыхьрэ узыхуейм хуэдэ къыхэпхрэ – нэхъыфIщ къыхэпхынур, нэхъIейр хыбодз. «Нэхъ узыншэ, нэхъ пIащэ, нэхъ купщIэ зэрылъ» жаIэу хьэдзэ зырызу жылэр къыхах. А методыр цIыхум я деж къэхьи еплъыт, узыхуейм хуэдэ цIыхубзым къалъхунущи, къащтэ уи програм-мэр. ЩIэныгъэм ар нобэ хузэфIэкIыну? Тыншу хузэфIокI. Къамылъхуу колбэм къихъухьа цIыху нобэ щыIэщ. Абы хуэдэ цIыхум уахэдэмэ, дэтхэнэра къыхэпхынур? Лъэпкъ зырызу нобэ щыIэ къомым нэхъ къахэпхыпхъэр дэтхэнэра? Е псоми ящыщ къыхэхын хуей? Абы и унафэр ищIыну лъэкIыныгъэ зиIэнур хэт? Геннэ инжинерие жаIэ. Дауэ къэгъэсэбэпа хъуну? Ар цIыхум я Iэм IэщIэплъхьэмэ, зытес къудамэр памыупщIыжыну пIэрэ? ЦIыхур абы икIуэдыкIынкIэ мыхъуну хэт шэсу увын? Атомнэ бомбэ жыпIэмэ, цIыхум я щхьэфэцым зеIэт. Атомнэ

бомбэм нэхърэ мынэхъ Iейуэ узиIэ зи гугъу сщIар.

«Хеймрэ мысэмрэ зэхэзыгъэкIын...» жиIэу щIэупщIа лIыр аргуэру къэтэджащ, и пIэм имызагъэу. ЦIыхур инкубаторкIэ кърашу абы Iуэхур хуэкIуэнумэ, дэтхэнэ лъэпкъыра зи эмбрион кърашынур жиIэу абы къигъэгузэвагъэнти, Iэр иIэтри си псалъэр къызэпигъэуащ:

– Къысхуэгъэгъу. Iэщ эмбрион Канадэм нэс кърашрэ ди жэмхэм я породэр яхъуэжу сощIэ. Абы ещхьу цIыхум и эмбрионым хэдэу щIадзэмэ, фи нэфI зыщыхуэну лъэпкъыр дэтхэнэра? Дауи, «нэхъыфIыр» жаIэу хэплъыхьынущ. Адрей ягу иримыхьа къомыр дэнэ яхьыну? «ДокIуэдри докIуэд» жаIэу зэрымыукIыну тхьэ пIуэн?

ЛIыр зыщIэупщIам залыр къызэщIигъэващ. ЛэтIифи и блокнот цIыкIур крипхъуэтащ.

Сэри сыкъикIуэтыну си мурадтэкъым.

– Алыхь, кууэ уегупсысам уэри. Сызыхуей дыдэм ущIэупщIащ, – жысIэри си псалъэм къыпысщащ. – ЯлъэмыкIыу хэкум ирахуауэ щыта адыгэр къащтэ, мыдэкIэ къэкIуати, финну, полякыу, Индыл Iуса нэмыцэу зи хэку зрагъэбгынари фи гум къэвгъэкIыжыт, шэшэн, ингуш, къалмыкъ, балъкъэр, тэтэр, нэгъуэщIхэми дауэ я лъабжьэ фIамыгъэнами, зэрыса хэкум гуузу ирашащ. Ауэ я насыпти, псэууэ къелам къагъэзэжащ, хуит ящIри. Уэ уи гум къэкIам сэри соувалIэ: зи эмбрион крамыш цIыху лъэпкъыр къэгъазэ ямыIэу дунейм текIуэдыкIынщ, я генофондри щымыIэжу. Абдежми Iуэхур къыщыувыIэн фи гугъэмэ, фыщоуэ.

НтIэ, ягу иримыхьым и генофондыр дунейм текIуэдыкIмэ, дауэ хъуну пIэрэ адрей дунейм къытенар? Я генофондым хэщI защIэу, къару къыхэзылъхьэн щымыIэжу, я лъабжьэр кхъахэ хъууэрэ, дыгъапIэм къина къэкIыгъэ закъуэм ещхьу я пIэм итурэ кIуэдыжынщ. Сыт атIэ абы и Iэмалыр? Псэущхьэ ирехъу, къэкIыгъэ ирехъу, дунейм нобэ тетыр хъума зэрыхъуным и ужь итын хуейщ. Дунейм псэущхьэ, къэкIыгъэ лей теткъым, дунейм тет псори узыхуей защIэщ. Ар хьэкъкIэ цIыхум и фIэщ хъун хуейщ.

– КолбэкIэ цIыху эмбрион кърябгъэшмэ, ар цIыхур зытекIуэдэжын Iэмэпсымэкъэ?

– Хэт мыгъуэм ищIэрэ ар? Птицефабрикэм ещхьынкIи мэхъу... ИтIани сэри атомнэ бомбэм изогъэщхь. – ЛэтIифэ и пIэм имызагъэу зиплъыхьырт, къызэупщIа лIыр зригъэлъагъумэ, фIэфIу, хэт ищIэрэ абы и цIэ-и унэцIэм ущыхуейнкIэ хъунур. Сэри абы гу лъызмытэ хуэдэу изогъэкIуэкI, сэ жысIэм сыдихьэхыжауэ:

– Зи эмбрион кърашым фIэкIа дунейм къытемынэмэ, адрей къомым я генетическэ кодыр кIуэдыжауэ къэлъытэ. ЛIар къыпхуэгъэхъужрэ? Апхуэдэщ ари. ДызыхуэкIуэнур сыт итIанэ? ЦIыхубз лъхуэн пщIэ епту къапщтэ хъунущ, лIыщIэ

къызэращтэм хуэдэ къабзэу. Абдежым ди IэкIэ ди псэр хэтхыжу къэлъытэ. Къалъхуам и гур адэ-анэм кIэрыпщIэнукъым, я лъапсэр зэрыубыда хъунукъым. ПщIэ ептрэ хамэ цIыхубзым къебгъэлъхуам уэ сыткIэ узыхищIэн, сыткIэ ил узын уэ фэбжь къыптехуа щхьэкIэ?

ЩIэныгъэр псоми я зэхуэдэу гуэшакъым. НтIэ? Щхьэж и генетическэ кодыр ихъумэжыфу, езым къыпкърыкIа эмбрионыр къигъэхъуфрэ и лъэпкъыр ихъумэжыфу хъуатэмэ, зыгуэрт. АрщхьэкIэ абы ущымыгугъ. ЦIыху лъэпкъым хэщыпыхьу къыщIадзэмэ, мис абдежщ природэр щахъунщIэну махуэр. ЯхъунщIэн къудей, цIыхуми я Iуэхур пхэнж мэхъу: сабийр къэзылъхуам ей хьэмэ нэгъуэщI анэ иIэр, лъэпкъкIэ зыщыщыр хэт? Жьы хъуурэ лIам къащIэнар хэт лъысрэ? Сабийр балигъ хъумэ, «адэжь щIыналъэ» жыхуиIэу игъэлъэпIэнур сыт хуэдэ щIыналъэра? Хэт и лъапсэ ихъумэнур? Апхуэдэ Iэджэ къыдокIуэ, «анэ хьэхум» цIыхур къалъхуу хуежьэмэ. Иджыри къэс бжьыпэр зыIыгъыу къэгъуэгурыкIуа цIыхухъуми и Iуэхури пщIэгъуалэкъым. Яхэплъэрэ «дэтхэнэм и щылъху нэхъыфIу пIэрэ» жаIэу цIыхухъур зэбладзу къыщIадзэмэ, мащIэкъым къэгузэвэнур. Дыгъуэу-гъуакIуэу, лIы зыукIыу, хьэрэмышхыу, фадафэжьу, наркоману, тхьэгъэпцIрэ пцIыупсу къытхэтыр зыщцыгугъын щыIэу слъагъуркъым. Дунейм тетыну нэхъ зыхуэфэщэнур дэтхэнэ цIыху лъэпкъыра? Лъэпкъым дэр-дэру зыдгъэкъэбзэжын хуейщ, фIей ткIэрылъыр зыкIэрытхауэ, ди губзыгъагъэм хэдгъахъуэу, ди нэмысыр, ди хабзэр дымыгъэкIуэду, фIыщIэрэ щIыхьрэ зыхуэфащэм дащыщу, дылъэпкъ узыншэу, дунейм дытетын тхуэфащэу, ди бзэри нэм хуэдэу тхъумэу ди лъапсэр дгъэбыдэмэ, дуней гъащIэр хьэхуу къытлъыса хуэдэу къытщыхъунукъым, тхуэфащэу дыкъытехьауэ фIэкIа.

Си псалъэр абдежым щыпысчри папкэр щызэтеспIэжым, тхылъымпIэ дэлъар зэбгрылъэтри сызытета кафедрэм деж къуалэбзу хужьым хуэдэу щелъэлъэхати, Сэлимэ къыщылъэтри зэхуихьэсыжащ. КъызэдэIуа цIыхубзхэри къызбгъэдыхьэурэ къызэхъуэхъуащ.

Сэлимэ си тхылъымпIэхэр папкэм дилъхьэжри блэгущIэм щIилъхьащ, дэ тIур дызэрызэгъусэм адрейхэм гу лъаригъатэм и гуапэу.

– Тхьэ, Дэфэрэдж Шагировнэ, уи IэщIагъэм фIэкIа IэщIагъэ сыхуэмей. Уэ пхуэдэ сымыхъуми, жыпIа илъэпкъыр си гум изубыдащ.

Сэри Сэлимэ зэскъузылIащ:

– Тхьэм къуигъэхъулIэ уи мурадыр. Арат сэри сызэрыпщыгугъыр.

*1975–1990 гъгъ.*

# ХЪЫIБАРХЭР

## КХЪЭЛЭГЪУНЭ

– Нэбгъэса уи мэжджытыр? – жаIэу къеупщIмэ, Абу-Деруиш мычэму жиIэр зыт:

– И щхьэр сIэтащ, къэмыуэжмэ. Къэуэжмэ, Алыхь Iэмырщи, сыт сщ Iэн?

Абы къикIыр жимыIэми, гурыIуэгъуэт: бегъымбарым иригъэщIа мэжджытым и щхьэр иIэта нэужь, къауэ зэпыт щыхъум, и къуэр къурмэн ищIри Алыхьу тэхьэлам и нэфI зыщригъэхуэну щIалэ цIыкIур иришэжьати, къурмэн щIыпIэм нэсауэ къыздикIар имыщIэххэу гъэлъэхъу къыхуашэри и къуэр псэууэ къелащ. Абу-Деруиш бын иIэтэкъыми, тхьэ зэрелъэIуни щыIэтэкъыми, унэр къауэмэ, Iэмалыншэщ. Ауэ къалэм дэсу хъуам къалъагъу тхьэмадэр зэрегугъур, пщэдджыжьым нэмэз ищ Iамэ, занщIэу макIуэри унэр зыщIым къахэмыкIыу гъуэлъыжыгъуэ хъухукIэ яхэтщ, и унэгуащэ Шыкъымхэ я пхъур къыхуэгузавэрэ гъуэмылэ къихьмэ, къыдэлажьэхэр кърегъэблагъэри зэдошхэ. И фызым ар ещIэри къыхуэхьыр къехьыр псоми загъэнщIын хуэдэу, езы ц Iыхубзыр мыщIалэжми, щ Iакхъуэ гъэжьа хуэдэ уцэрэфыжауэ берычэтыфэщ, хьэлэлщи, лъагъугъуафIэщ.

Абу-Деруиш игъащIэми лэжьэрейщ. Нобэ ахъшэ мелуан игъуэтами, къимылэжьауэ сом хэлъкъым. ЩIалэу, къиша къудейуэ къалэм япэ дыдэ къыщыдыхьам зы джыдэ жан Iэрыхуэу къэпым кIуэц Iылъу – аращ мылъкуу иIар. А джыдэмрэ и IитIымрэт зыщыгугъ хъунур. Кавказым къикIыурэ Тыркум къак Iуэурэ, Тыркуми къиI эпхъукIыурэ Иорданым къэкIуа адыгэр аргуэру хэкужьым къихьат. Къалэми еплъ: илъэс мин Iэджэ нэхъапэ ящIа мывэ унэрэ псэуалъэрэ бгъуэт щхьэкIэ, бжэи щхьэгъубжи хэмылъу, бгъуэнщIагъым къызэрыгуэкI щыIэкъым. Я насыпти, къалэ зыдэт Iысхьам псы тI экIуи ежэхырт, къабзэ дыдэу, гъэмахуэм щыгъуж щыIэ пэтми. Къалэр джабэм кIэрыст. Бжэрэ щхьэгъубжэрэ, унэлъащIэ хуэмей унагъуэ бгъуэтынукъым.

Абу-Деруиш жэщи махуи жей жыхуаIэр имыщIэу лажьэрт, Iуэхуншэу къанэртэкъым. И джыдэ жаныр имыгъэтIылъу IэпщIэлъапщIэ пэтми, къелъэIур нэхъыбэжт, щIымахуэр къихьамэ, жэщкI э къагъэтэджыжурэ я унэ яшэрт: «Нэгъуэщ I тхуумыщIми, бжэ закъуэ ди унэм тхухэлъхьэ, сабийр Iисраф мэхъу», – жаIэурэ. Езыми къелъэIур игъэщIэхъун и дзэ шырт. Дауи бгъэщIэхъун, мывэ унэм щI эсрэ бжэм и пIэкIэ арджэн Iупхъуамэ?

И лIыр здашар имыщIэу и унэгуащэ Шыкъымхэ я пхъур

мащIэрэ гузэва, и закъуэпцIий унэ ныкъуэщIым къыщIэнауэ. «Уэ зым фIэкIа мы къалэшхуэм бжэщхьэгъубжэ зыщIыфын дэмысу пIэрэ?» – жиIэу и лIым щешхыди къэхъуащ, арщхьэкIэ пхъащIэр ешаелIауэ ерагъыу и щхьэр къихьыжу къыщIыхьэ-жамэ, фIэгуэныхь хъужырти, едэхащIэрт, нэхъ гумащIэ хъуауэ.

– Бын диIами, зыгуэрт. Дэ тIу мыгъуэращ дызэрыхъур. Сыт абы хуэдизу зыщIэбукIыжыр? Зы махуэ ныкъуэм къэблэжьым тхьэмахуэкIэ дрикъунущ. ТIэкIу зыгъэпсэху, жэщкIэ нэхъ мыхъуми, – жиIэрт унэгуащэм.

– ДызэгурыIуащ, Шыкъымхэ япхъу. Пщэдейриzэм мыдрисэм я унэм щхьэгъубжэ хэслъхьэнщи, зэфIэкIащ. Тхьэмахуэ енкIэ дызэбгъэдэсынщ, зэгъусэу сукъым дыкIуэнщи, дызыхуей щыIэмэ, къэтщэхунщ.

АрщхьэкIэ хъуртэкъым. Аргуэру Абу-Деруиш зы щIыпIэм ирашым, нэгъуэщI щIыпIэ яшэурэ Iэдэхьеигъуэ имыIэу лъэкI къыигъанэртэкъым. Бжэ-щхьэгъубжэ, унэлъащIэ и Iэдакъэм щIэкIым, унащхьэу иIэтым къыпэкIуэм къыхигъэкIыу унэ ищIыну и ужь щихьэм, Шыкъымхэ я пхъум и гум жьы дихужащ, и лIым лIыщIэ къищтэу унэ щIыным и ужь ихьэри здэкIуи сыти щымыIэу и фызым и нэIэ къытетти. Зэзэмызэ Абу-Деруиш мрамор щыхахым кIуэрти, езыр зыхуей мывэр къыхихын хуей хъумэ, и унэгуащэр щыздишэ щыIэт, мывэ нэхъ дахэр къыщыхихкIэ ечэнджэщмэ фIэфIу. Къырым Шыкъымхэ я пхъур ихьэмэ, мрамор зэмыфэгъухэр зэбгъэдилъхьэурэ я дахагъэ хъур фIэгъэщIэгъуэнт, псом хуэмыдэу мрамор мывэ фIыцIафэмрэ тхьэмбылыфэмрэ нэхъ зэкIуу къилъытэрт, арщхьэкIэ унэ узыщIэсынур мывэ зэмыфэгъум къыхэпщIыкIынумэ, лъапIэIуэ хъунущ, жиIэрти и лIым идэртэкъым. А лъэхъэнэм ахъшэшхуэ яIэтэкъым, итIани куэдыщэ темыкIуадэу унэ хъарзынэ ящIри щIэтIысхьэжащ.

Абу-Деруиш унащIэм яхэт зэпытт.

– Къалэр илъэс мин IэджэкIэ хэкужьу щытауэ жаIэ, цIыху къихьэн дзыхь ямыщIу, уэ псэ хэплъхьэжыну и ужь уитщ. Тырку дыдэхэр мыбы щисам къалэм къыдыхьэн шынэу щытауэ аращ зэхэтхыр, – жиIэрт унэгуащэм, зэзэмызэ зэдэшхэу пщыхьэщхьэкIэ зэхуэзэмэ.

И щхьэгъусэр зэгупсысыр аратэкъым:

– Дунейр Iэджэми къащIэныжащ. Гуэныхь птемылъу Алыхьым и пащхьэм уихьэжрэ напэ къабзэкIэ уIущIэжмэ, Тхьэр зэтар уэращ. ЦIыхур къытхуейщи, насыпщ, Шыкъымхэ япхъу. Къыпхуей щымыIэу уэ псоми уенэцIмэ, щIыхуэ къэпщтэну дунейм укъытехьауэ аращи, уи щIыхуэ пхуэмытыжу дунейм уехыжмэ, уи псэр тыншынукъым. Дунейр нэпцIщ, укъэзыгъапцIэщ…

– Пхуэмытыжын щIыхуэ Алыхьым къыдимыгъащтэкIэ.

Гугъущэ зыбогъэхь мыгъуэри аращ.

– Лэжьыгъэм игъэлIа щыIэкъым. Сэ сщIыфыр нэгъуэщIым щахуэмыщI экIэ Iуэхуншэу ущысын? Ай, бетэмал, Кавказым дисыжу, ди адэжь я лъахэ дисыжатэмэ, ди лэжьыгъэри къыдэмыхьэлъэкIыу ди щIыналъэ дгъэщIэращIэмэ, арати…

– Ара мыгъуэт, арщхьэкIэ ди натIэ илъым дыхуэзащ, утхьэусыхэу Алыхьым и гур зомыгъэабгъэ, – жиIэрт Шыкъымхэ япхъуми, псалъэмакъыр абдеж щаухырт. Езы цIыхубзыр гукIи псэкIи щIыналъэ къибгынам щыIэ хуэдэт, уеблэмэ адэжьхэм я щIыпIэм сыкIуэу семыплъауэ си псэр мыбы щыпыIэнукъым жиIэри Кавказым яфIэкIуэжауэ щытащ.

Шыкъым Нэху къэкIуэжащ жаIэу и Iыхьлыи и благъи къызэхуэмысу къэнэнт – къуажэм зы бэлыхьлажьэ къыщыхъуа хуэдэу, къэбырсеят, хьэщIэр мычэму къакIуэрт, къакIуэ къэсыхуи фадэ къаIэтырт. «Нэху и узыншагъэкIэ» жаIэурэ езыхэм я узыншагъэр псыхэкIуадэ ящIырт, псыхэкIуадэ мыхъуу, аркъэ хэкIуадэ жыпIэ хъунут.

Нэху куэдрэ якIэлъыплъащ къызыхэкIа лъэпкъым, ирагъэблагъэурэ Iэджэм я дежи щыIащ. ДэнэкIи гъазэ – псоми я псэукIэр зэтехуэрт, хабзэу адыгэм яхэмылъаи къащтауэ гу лъитащ. Зызымыхъуэжар сытыт? ЩIыналъэр зэрыщытауэ дахащэт, гъавэр уэшхым я кIуапIэщ, къызэщIэрыуащи, нэр егъэджылыр, хъупIэм Iэщу итыр абы хуэдабзэщ. Мэзым ущIыхьэмэ, жэнэт хадэр уи гум къегъэкI,жэнэтбзур нэхъыбэжщ. Арауэ къыщIэкIынт Нэху фадэм дихьэхам щIегияр: «Губгъуэм уихьэмэ, къэкIыгъэм я мэ IэфIым чэф уещI, къуэм удыхьэмэ, псым нэжэгужэ уащIауэ къыбогъэзэж, бгым уихьэмэ, дахагъэм псэр ятхьэкъу, хьэуам щыщ зыдэсхьащэрэт жыбоIэ, дэни плъэ – дунейм уи гур хегъахъуэ. Сыт мыгъуэ итIани а псом ищIыIужкIэ фадэ дефащэрэт жыфIэу аркъэм зыщIевгъэтхьэлэр?» – жиIэри. Я благъэхэм Нэху жиIар иджыри къэс ящыгъупщакъым.

Абу-Деруиш ар идакъым:

– Абы нэс гиякIуэ укIуат, щхьэ жыпIа? Хэкур дбгынащи, дэнэ увыIэпIэ тхуэхъуну пIэрэ жыдоIэри дуней хъурейр къыдоджэдыхь. Мы щIыналъэм тыркур имыкIыжатэмэ, хэкужь тIэкIури къытлъысрэт? – жиIэри.

Ауэрэ и лIым и дуней тетыкIэм Шыкъымхэ япхъури есэжащ. Ежьэрэ дапщэрэ къэтми, узыншэу къигъэзэжмэ, нэгъуэщI зыхуей щыIэкъым. ПэшиплIрэ пщэфIапIэрэ хэту ящIа унэр зы пэшым къыщIэкIрэ адрейм щIыхьэурэ зэлъыIуех, егъэкъабзэ, мэжьыщIэ, мэпщафIэ, и лIым и щыгъын къабзэу, и шхын хьэзыру сыт щыгъуи кърырегъэхьэлIэж. Зэнэзэпсэу Iэджэрэ зэлIэзэфызыр зэдэпсэуащ, зыхуэныкъуэ щымыIэу, ахъшэфIи яугъуеящи, махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу хохъуэ.

Къадэхуэр банкым хилъхьэурэ Абу-Деруиш мелуаным нигъэсащ. Дэнэ ихьыну иджы апхуэдиз ахъшэр? Бын яIэххэ-

къым, тIуми я Iыхьлы-лыджанэр къыздикIа щIыналъэм къэнащи, къащыгугъ щыIэкъым. НтIэ? Абу-Деруиш: «Мэжджыт езгъэщIынщ, мыдрисэри, библиотекэри пыту», – жиIэри абы триухуащ. Фызым щыжриIэм, абыи къабыл ищIати, къалэм я мухъутарым деж кIуэри елъэIуащ: «Мэжджыт щысщIыну щIапIэ къызэфт», – жиIэри. Унэ узыщIэсынур къалэбгъум щыпщIми мэхъу, мэжджытыр къалэм дэтын хуейт, къалэ кIуэ-цIым пты хъун щIапIэ нэщI щыIэххэкъым, къытекIи сыти щымыIэу мывэ джафэу зы Iуащхьэжь къалэм къыдэпIиикIыу дэтщи, абы тумыщIыхьмэ.

Мухъутарым занщIэу къыжриIащ:

– Дэнэ деж щостын, мо Iуащхьэжьыр узот, ухуеймэ. – Езым и гугъакъым Абу-Деруиш абы еувэлIэну, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ абдеж унэшхуэ тепщIыхьын щхьэкIэ, кубометр мин Iэджэ мывэ защIэу текъутыкIын хуейщ.

– Хъунщ, – жиIэу Абу-Деруиш и жьэм къыщцыжьэдэкIым, Мухъутарым и фIэщ хъуакъым:

«Хъунщ» жыпIа? – жиIэри.

Модрейми зи гугъу ящI Iуащхьэр тыншу ецIыху. Абы утету зуплъыхьмэ, къалэр зэрыкъалэу плъагъу дэнэ къэна, пащтыхьыр зыдэс пщIантIэшхуэм йолъэгъуэкI. Мэжджыт абдеж щыпщIмэ, зымылъагъу къалэм дэмысу псоми я нэгум щIэтынущ.

– ЖысIащ, тхьэмадэ, жысIащ. ТескъутыкIынщ и щхьэри и лъабжьэм тесщIыхьыжынщ.

– ПхутекъутыкIыну пIэрэ?

– Алыхьыр къыздэIэпыкъунщ. СщIыр мэжджытщ, диным лъабжьэ хуэхъунщ.

Арати, зэрызэгурыIуэу, къуршыр якъутэу и ужь ихьащ, езы Абу-Деруиш яхэту. IуэхуфI епхьэжьэмэ, къыбдэIэпыкъуни мащIэ: лэжьэну зыфIэфIыр апхуэдизкIэ куэдти, пщIэншэу лэжьэни бгъуэтынут, арщхьэкIэ Абу-Деруиш лэжьапщIэ зримыт яхэтакъым. Мывэ Iуащхьэшхуэм и пIэкIэ мэжджыт ящIынущ жаIэу зэхэзыхри Абу-Деруиш къехъуэхъурт. Мывэ къутахуэ къомри къалэм дамышу Iуащхьэ джабэм кIэракIутэрт, мэжджыт унэшхуэр ящIмэ, пщIантIэ иIэу ящIын я хьисэпу. Езы Абу-Деруиши и унэгуащэм мрамор фIыцIафэмрэ мрамор тхьэмбылыфэмрэ я дахагъэм дихьэхыу зэрыщытар и гум къэкIыжати, щыгуфIыкIащ: «А мывэ зэмыфэгъуитIыр зэхэлъу зы сатырыр фIыцIэу, зы сатырыр тхьэмбылыфэу мэжджытыр езгъэщIмэ, дахащэ мыхъун уи гугъэ?» – жиIэри. Шыкъымхэ я пхъум щызэхихым, и гуапэ дыдэ хъуащ ар.

Ар къабыл зымыщIа щыIэми, Абу-Деруиш и унэгуащэм фIэфIыр нэхъ къищтащи, унэр еуэиригъэшхыу ящI. Мэжджытым мыдрисэмрэ библиотекэмрэ нэмыщI, кхъэлэгъунэ щIи-

гъэувэнущ: «МылIэжын щыIэкъым, дунейм дехыжмэ, зэлIзэфызри зы кхъэлэгъунэм дилъынщ», – жыхуаIэу. Абы ирихьэлIэу ахъшэр зэрылъ банкым я тхьэмадэр телефонкIэ къэпсэлъащ:

– Абу-Деруиш, къакIуи, уи дэфтэрым уи мелуаным гъэм и кIуэцIкIэ къыпэкIуа процентыр идгъатхэ, – жиIэри.

– Сыт процент?

– Уи ахъшэм къилэжьащ фэрэт I – тхылъымпIэ мин щэщI. ПфIэмащIэ?

– СфIэмащIэкъым, тхьэмадэ. Ахъшэшхуэщ. Ауэ ар сэ къэзлэжьакъым. ФэрэтIуи щIы, пщIэнтIэпскIэ къэзмылэжьар сыту сщIын?

– Дауэ къомылэжьу: уи мелуаным къилэжьащ.

– Къэзылэжьар си мелуанырами, сэ къэзмылэжьа сыхуейкъым. Сэ мэжджыт сощI, Алыхьу дыкъэзыгъэщIам си къарум къимыхьа ахъшэкIэ мэжджыт хуэпщIмэ, къабыл ищIынукъым. КъэуэжынкIэ хъунущ. ФэрэтIкIэ мэжджыт ящI хабзэкъым.

НтIэ дэнэ тхьыну?

– Дэни фхьы. Къулейсыз мащIэ?

И лIым телефонкIэ жиIэм Шакъымхэ я пхъур едаIуэрти: «Ахъшэр сэ къызегъэт», – жиIэу и жьэм къыжьэдэкIакъым. Ахъшэр здихьын къимыгъуэтынуи аратэкъым: фызым нэхърэ нэхъыфIу хэт ищIэнт и лIым езым и пщIэнтIэпскIэ къимыхьауэ зы тхылъымпIэ я IэмыщIэ къызэримыхьар? ЦIыхум и гуащIэдэкIкIэ и щхьэр игъэпсэужын хуейщ жиIэу, арт и лIыр къызытемыкIыр.

ЦIыху хьэрэмыншэ дыдэм и гугъу ящIмэ, «Абу-Деруиш ещхьщ» жаIэу зэхэзыхым щытхъу щыхъурт. Мэжджытыр къуэлэн дахэу, мрамор фIыщIафэмрэ тхьэмбылыфэмрэ сатырсатыркIэ зэгъэкIущауэ, и азэн джапIэри дахащэу Iуащхьэ лъагэм къыщытехутэм, япэ къэгузэвар щIапIэ къезыта къалэ мухъутарыращ:

– Пащтыхь къалэм нэхърэ нэхъ лъагэ хъуащ. Ар дауэ? – жиIэри.

– Пащтыхьым нэхърэ нэхъ лъагэр Алыхьу дыкъэзыгъэщIар аращ. Мэжджытыр Алыхьым къыщимыгъауэкIэ къабыл ищIащ. – Аращ езы Абу-Деруиш яжриIар. АрщхьэкIэ уи гур зэрыгъум дыгъур ирокIуэ жыхуаIэрати, къалэ мухъутарыр зытегузэвыхьам IэкIэ теIэбащ, ямыщIэххэу зэрызехьэшхуэ къэхъури.

Хэт ищIэнт «сентябрь фIыщIэкIэ» иужьым зэджэжа мазэр къихьэну? Губгъуэрысхэмрэ къалэдэсхэмрэ бжьэцу зэрызехьэу, пащIэгъэлыгъуэ джэгу хэлъ жыхуаIэу, лъэныкъуитIым зызэ-

---

*Шыпсэм хэт дыщэ бзум и цIэщ.

раупсеят, я къурмакъейр зэрыубыдауэ. Абу-Деруиш и мэжджы-тыр яуха къудейуэ арат. ЗыкъэзыIэтауэ диным икIа къомым мэжджытыщIэм щIэзу щIагуэщ цIыхубзымрэ сабиймри, топыр пщIантIэм дагъэлъадэщ, пулеметри азэн джапIэм трагъэувэжри, пащтыхьым и унэр уи IэмыщIэм илъым хуэдэу плъагъурти, уеуэнумэ, къеблагъэ. Езы мэжджытри абы хуэдэ гуэрым хуащIа хуэдэт, лъагэу тетти, дэнэ хэт щызекIуэми IупщIу плъагъурт. Езы мэжджытыр дахащэу ящIа къудейт, и дзэ мышу хэт къеуэфынт, уеуэу пкъути хъунутэкъым. ЦIыхубзымрэ сабиймрэ щIэзу зэщIэгъуагэрт, щысыр щысу, щытыр щыту, уIэгъэ хъуари абы къашэурэ къыщIалъхьэрт. Губгъуэрысхэмрэ къалэдэсхэмрэ зызэраупсея щхьэкIэ зэхэлъадэри зэхэгъуэщэжауэ яукIри умыщIэу зэзауэрт.

– Дзэр къалэм къыдэшэ! – жаIэу пащтыхьым щелъэIум – идакъым:

– Дзэр абы къахыхьэмэ, лъы ямыгъэжэнкIэ Iэмал иIэкъым, – жиIэри.

Къалэм щызэрызехьэм я хъыбар танк бригадэу гъунэгъуу щытым нэсри я пашэхэри къэлъэIуащ, хуит дыкъэфщIи, щхьэж хуэфащэ хуэдгъэзэнщ, жыхуаIэу. Дзэр къалэм къыдамыгъэхьэу щызэхахым, зэрызехьэхэр нэхъ къызэрыкIри зыщышынэ щымыIэу батэкъутэр ягъэшырт, пащтыхьыр нэхъ IумпIафIэ ящIу зыхуейр ирагъэщIэну. Уеблэмэ пащтыхьыр зыдэс къалэм-кIэ еIар куэдт, пащтыхьыр яубыдын я гугъэу, арщхьэкIэ къе-хъулIакъым…

А махуэм ичынды нэмэзым и пIалъэр къэмысыпауэ, Абу-Деруиш хэт къыпэувами яхуэмыубыду и мэжджытым къафIэ-кIуащ мегафон иIыгъыу. Iэщэ гуэр иIыгъыу къафIэщIри азэн джапIэм ямыгъакIуэу яфIыдэпщеящ. ТеувапIэм деж нэсри лъагапIэм тету къалэм къыдэплъащ. ЩIыхур зэрызехьэрт, зэзауэрт, тыкуэн сытхэр ягъэсырт, унэ щхьэгъубжэр хьэбэсабэу зэхакъутэрт, автомобилхэм мафIэ ирадзырти, къалэр Iугъуэ фIыщIэм уигъэлъагъуртэкъым, фызхэр, сабийхэр зэщIэкъугъэрт, топ уэ макъым тхьэкIумэIупсыр Iуауд жыпIэнт.

Абу-Деруиш мегафоныр зыIуилъхьэри азэн джащ, адэ-мыдэкIэ зигъазэурэ.

– Алла-хьу-акба-а-а-ар! Ла-илла-а-хьу-илэл-а-а-ах!

Азэн джэм и макъыр жыжьэ нэсырт уафэм къеха хуэдэу икIи абы хуэдизкIэ дахэти, пулемет зыгъауэ аскэрхэм тхьэмадэр япэм кърахухыжыну я мурадами, иджы сабырыжауэ къедаIуэрт. Абу-Деруиш и азэным кърикIуэкIт: дунейм къытехьауэ тетыр зэдэ-псэун хуейщ, жыгымрэ удзымрэ, псымрэ мафIэмрэ, хуабэмрэ щIыIэмрэ зэран зэхуэмыхъуу зэрызэзэгъым хуэдэу, зи пIалъэ къэсым и чэзууэ. Езым КъурIэн ищIэ къудейтэкъым, щIэныгъэ бгъэдэлът, куэдым гу лъитэрт. Псыдзэм лъапсэм псы иригъэжы-

хьыжу псы Iуфэм Iусым ятеуэми, цIыхум зыкъаIэтрэ зызэраупсейми – тIуми зыкъезыгъэIэтыр уафэм къех къарущ. Лъэпкъышхуэми лъэпкъ цIыкIуми зэрагъэхь щыIэкъым, я чэзур зы лъэхъэнэм темыхуэу аркъудейщ. ЛъэпкъыщIэ къыкIэрыхуаи лъэпкъыжь зызыужьаи щыIэкъым, бжьыпэр зыIэрыхьам и татуугъуэщи, зэгуэр къемыпсыхыну Iэмал зимыIэщ. Къэралхэм я гъунапкъэракъым бзэм и гъунапкъэр – а тIур зэтемыхуэмэ, ущIызэныкъуэкъун щыIэкъым, дуней дызытетым цIыхур зэхегъэпшахъуэ, зэхегъэкIыж, щызэхигъэкIыжкIэ хьэдзитI зэмылIэужьыгъуэр зы нэм исынкIэ мэхъу Iэджэри. ЦIыхуу щыIэри зэхуэдэ пхуэщIынукъым е «сэ сэщхьу псори сщIынущ» жыпIэмэ, къомыхъулIэн Iуэхущ, дэтхэнэ псэущхьэми къэкIыгъэми пIэм иту я гъащIэ Iыхьэр яхьынущ, езыхэм нэхърэ нэхъ лъэщ щыIэу гу лъатэми.

Абы елъытауэ бжьыпэр зэпаубыду губгъуэрысымрэ къалэдэсымрэ зызэраупсеиныр сытым ещхь? Уи напэр къабзэу дунейм уехыжыным нэхъ насыпышхуэ цIыхум къалъысынукъым, ди татуугъуэр къэдгъэсынщ жыфIэу фызэрымыукI… «Аллахьу акбар» жиIэмэ, дэ къытщхьэщыт къару щыIэу къокIри, абы зыпэщIэвмысэ.

Абу-Деруиш и гум илъар цIыхум я деж нэсащ жаIэурэ, зэрызехьэр кIащхъэ хъууэрэ, пшапэр щызэхэуэм, цIыхур зэгъэжыпащ.

Зы махуэ дэкIрэ псори мамыр щыхъум, Абу-Деруиш мыващIэхэр ишэри мэжджытым кIуащ, кхъэлэгъунэр къиуIукIын хуейти. Ар зыщIищIыхь унэр библиотекэм пыту пэшышхуэт. Мэжджыт дахэм нэмэз щащIырт, и щIыбагъым къыдэт мыдрисэми сохъустэр щIэзт, библиотекэми КъурIэнри, чытапхэри, Iэрытххэри зэгъэзэхуауэ щIэлът, къыщIэупщIэм къагъуэта зэрыхъунум хуэдэу. Мыхьэзырыр кхъэлэгъунэ закъуэрати, мыващIэхэр мывэм еуIуу щIэст, кхъэлэгъунэр кърауд. Арщынищ и кууагъыу ящIа пэтми, яфIэмащIэт, и щхьэм плита зэрамыщIэж и къуапиплIым тхьэгъушхуиплI илъу тралъхьэн хуейти. Абу-Деруиш шэч лъэпкъ къытрихьэртэкъым и фызыр къанэу езыр япэ дунейм зэрехыжынум. ИужькIэ Шыкъымхэ я пхъум и пIалъэр къэсмэ, кхъэлэгъунэм и щхьэр къаIэтынщи, хьэдэр ирагъэтIылъэхынщ – арат зэрегупсысар.

Езы Абу-Деруиш лIы лъахъшэ гъурщ, лIы есщ, IэпсынщIэлъэпсынщIэщи, мащэм ехыурэ мэгъуэлъри йоплъ тыншрэ мытыншрэ.

Унафэ ещI:

– Мыбдеж тIэкIу фытеIэзэщIыхьыж, щхьэр тыншын хуэдэу, – жеIэри. Щхьэр зытелъынур кумб хуэдэу къраудамэ, аргуэру йохри мэгъуэлъ. И блэгъукIэр зытелъынур нэхъ кууIуэ ирегъэщI. Абу-Деруиш здэщылъынумкIэ и гур щызагъэм, и унэгуащэми жриIащ ари къакIуэу еплъыну. А тIур зэбгъуры-

лъу – и лIыр сэмэгурабгъумкIэ, и фызыр ижьырабгъумкIэ щылъу зэдыщIэлъын я гугъэщ, дуней IуэхукIэ зэнэзэпсэу зэрызэдэпсэуам хуэдэу ахърэтми зэгъусэну.

ЦIыхубзыр япэм къэскIами, иужьым игурэ и псэрэ зэрыгъуэтыжри и лIым и ужь иту мэжджытым кIуэри кхъэлэгъунэм и лIыр къыдэIэпыкъуурэ зэи, тIэуи ехащ, зэрыхуей дыдэм хуэдэу щылъыпIэри иригъэщIащ. ЗэлIзэфызым уеплъмэ, къыздикIа щIынальэм кIуэжыну загъэхьэзыр хуэдэт.

– ТIури дыгъэгъуэлъыт, Шыкъымхэ япхъу. – Абу-Деруиш мывэщIэхэм закъыхуигъазэри къелъэIуащ. – Ей, фыкъыдэплъыт. Ещхь дыхъурэ? Тхьэ, тыншу дилъынукъэ! ЗэтепIэт уи нэр, Шыкъымхэ япхъу. Алыхьым и пащхьэ дихьэжа хуэдэу къызыфIэгъэщIыт.

ЗэлIзэфызыр зэгъунэгъубзэу тIэкIу щылъащ. ЦIыхубзым хуэмышэчу занщIэу къипкIыжри шхын игъэхьэзырыну унэм пIащIэ-тхъытхъыу кIуэжащ. И лIыр кхъэлэгъунэм къимыкIыжу илът, ахърэтым кIуэжа къыфIэщIыжауэ. И псэри тыншыжат, мы дунейм зигу хэщI темытыжу, дыгъуасэ лъы зыгъэжахэр, бжьэцу зэрызехьар зэкIужарэ я Iэпэр зэры Iыгъыу зэщыгуфIык Iыу къеуджэкIыу, зэкъуэш-зэшыпхъущ жыпIэну зэхуэгумащIэу, мэзым щIэт жыг зэмылIэужьыгъуэхэр зэрызэзэгъым хуэдэу зым и зэран адрейм емыкIыу, къуалэбзухэм ещхьыркъабзэу щхьэж и бзэмкIэ езым фIэфI уэрэдыр жиIэмэ, я бзэ зэрыщIэ къыфIэщIу. Абу-Деруиш ящогуфIыкIыр: армыраи хабзэр! ЦIыхур лъэпкълъэпкъкIэ гуэшами, гурэ псэкIэ зэрощIэ, гъащIэм пэпщIын насып зыми къыщемыхъулIэнукIэ, а насып закъуэр зымыхъумэфыр насып и уасэкъым, жиIэу.

МывэщIэхэр Шыкъымхэ япхъум и гъусэу Абу-Деруиш и унэм кIуащи, унэр зейм къыпоплъэ: къэсыжмэ, мэжджытыр дыухыпащи, тхьэ делъэIунщ, жиIэу. Унэгуащэми лъэкI къимыгъанэу шхыныгъуэ Iэджэ ипщэфIащи, Iэнэм къытригъэувам мэ IэфI къапихым уи гурыIупсыр къагъажэ, пщыхьэщхьэри хэкIуэтауэ жасы нэмэзым нэблэгъащ.

МывэщIэхэм я нэхъыщIэр мэжджытым макIуэ, Абу-Деруиш къишэжыну. ЩIалэр асыхьэту къосыж, зыри къимышэжауэ.

– Абу-Деруиш къэкIуэжынукъым. – А псалъитIым фIэкIа щIалэм жиIэфакъым.

– Сыт къэхъуар? КъыщыщIаIа?

– ЛIащ. Кхъэлэгъунэр игу ирихьыжа хъунт.

– Iау! Ар дауэ хъунт? ФынакIуэркъэ-тIэ. Къэтхьыжынщ и унэми, зэдгъэзэхуэжынщ…

МывэщIэхэр мэжджытымкIэ зэрыхьащ, къэхъуар зыхуахьынур ямыщIэу.

## АНКА*

Пщыхьэщхьэм пшапэр зэхэуауэ инэралыр къэпсэлъащ, пщэдей жьыуэ си деж къэс, жиIэри. Дауэ иджы сызэрыкIуэнур? Машинэ сиIэххэкъым, зиIэм селъэIурэ къэзгъуэтми, къумыр зэпычын хуейщи, машинэр пшахъуэм хэнэнущ, махъшэм уошэсри зы жэщым абы хуэдиз гъуэгу пхузэпычынукъым. ЛIищ дохъу ираджэри, шы-уанэ зэтелъу щы димыIэну Iэмал иIэкъым. Ди инэралым аращ и унафэр: ди щIыбагъым зы къуажэ цIыкIу къыдэсщи, вгъакIуи, хэт ейми, къеIыфх, жи.

Дэри зыдгъэхьэзырыху-сытыху, къуажэм дгъэкIуам шищ уанэ телъу къашэри дежьащ. Сэ тIэкIу зислъэфыхьыху, си гъуситIыр шы нэхъыф IыIуитIым шэсащ, зи джабэ иуэжауэ уэдыр сэ къысхуагъанэри. Шы пцIэгъуэплъым сыкъыщилъагъум къыхэщтыкIа хуэдэу зегъэджэрэз, бгъукIэ йокIуэт, йотхауэ симыгъэшэсу, арщхьэкIэ фIыуэ сыжьэдэуэри сышэса нэужь, щIопщымкIэ и джабэр зэпрысхулыкIащ, нэхъ IумпIафIэ сщIын си хьисэпу. Шым къызэдзэкъэн хуэдэу зещI, сэри хуэзмыдэххэнурати, фIыуэ селъэдэкъэуащ, сяпэ ища си гъуситIым сакIэлъыпIащIэу. Си гъусэри къызоплъэкI къысщIэнакIэу:

– Фэуаз, хамэш тесым и пхэр щIиудыркъым, жи. Ущымысхь уи шым, – жиIэу.

– Мы сызытесыр шы уи гугъэ? НысхуэкIуэркъым, хьэм хуэдэу мэдзакъэ. Мышы емылыджмэ, сщIэркъым.

– Къэгъэущ, армырмэ, инэрал плъыжьым дигъэлъэнщ ХьэфIыцIэ и къыдыру.

Дзэпщым и щхьэцыр плъыжьти, «инэрал плъыжькIэ» еджэрт, и щхьэцыр ик Iарэ пащIэм фIэкIа цы плыжь темытыж пэтми. Сэри си шым сеныкъуэкъуурэ си уанэр еутэхыным нэсащ, шыр апхуэдизкIэ ерыщ екIуащи, сепсыхрэ шыныбэпхыр щIэскъузэну сыхуежьэмэ, и ныбэр къегъэпщ, сышэсыжмэ, аргуэру шыныбэпхыр къолэлэжри, згъэущмэ, сыкъещэтэхынкIэ мэхъу. А жэщ закъуэм шым и фэм сэ исхам нэхърэ нэхъыбэж си фэм ирихащ. Нэху щыным куэд къэмынэжауэ, моуэ нэхулъэ къещI щыжысIэм, псынэ тIэкIу иIэти, дыхуозэ. Псы уемыфэу ублэкIыну Iэмал зимыIэт, адэкIэ къум защIэщи, псы щхьэкIэ умэхами, ткIуэпс бгъуэтынукъым. Си гъусэхэр къепсыхри занщIэу я шыр псынэм яшащ, сэри сыкъепсыха щхьэкIэ, си шыр и пIэм схуикIыркъым.

– А, емынэ унэу хьэм яшхыжын, накIуи, псы ефэ, иужьк Iэ бгъуэтыжынукъым, – жызоIэри, дэнэ: сэ шхуэмылакIэм сыкъоIэ, езыр пхэщIкIэ йокIуэт, псы зэрыхуэлIэр нэрылъагъу пэтрэ.

ТIэкIу нэхъ нэху къэхъурэ, шым сеплъмэ – тобэ Iистофрилэхь, си шым и нэпситIыр къелъэлъэхыу магъ. Дыгъуэпшыхь сэ къэзмыщIыхужу езым сыкъищIыхужауэ арат ныжэбэ псом бэлыхьлажьэм сыщIыхэтар. Еплъ иджы абы – хьеуанщ,

итIани телъыджащэу гурыхуэщ, сыкъызэрилъагъуу щIетхэуар гу зылъызигъэтэну арат, арщхьэк Iэ кIыфI хъуауэ къашати, си пщIыхьэпIэм къыхэхуатэкъым мы сэ къыслъагъэса шыр щэ лъхуэгъуэ лъхуауэ, шы жэр ахъырзэман хъуа хакIуитIымрэ къунажыну къигъэна шыбзымрэ къилъхуа нэужь, тщэжауэ щытар арауэ. Шым уеплъ щхьэкIи къыпхуэцIыхуну Iэмал иIэ-тэкъым, и фэр зыщэхуам ирихат, хьэлэчу ягъэгъуат, фэрэ къупщхьэрэ фIэкIа къэмынэу.

– Анка, Анка! СокъуэншэкIащ, къысхуэгъэгъу, Анка, – жысIэу шым седэхащIэу щызэхихым, арэзы къысхуэхъужауэ и щхьэр иутхыпщIу, нэгъуэщI зыгуэр къэхъужащ, и нэпситIыр къызэрелъэлъэхыу си Iэм къепэщэщыну хуожьэ, мэщатэ, мэпапщэ, и щхьэр си дамэм къытрелъхьэ, и кIэр егъэкIэрахъуэ, лъэм тепыIэркъым, мэщыщ, и макъыр зэкIуэкIауэ.

Сэри шыр сфIэгуэныхь хъужауэ, сыхущIогъуэж, ныжэбэ жэщым седжэбауэ защIэурэ къэсхуащи.

Абы сэ дэслъэгъуари си гум къэмыкIыжу хъунт? Си щIалэгъуэу, си къару илъыгъуэу Анка си адэм къищэхугъащ, шыфIым я щылъхущ, лъхуэмэ къыщIэхъуэм дигъэунэнкIэ хъунщ, жиIэри. Езыри мыр ситу псэущхьэ дахэу Алыхьу тэхьалам къигъэхъуа жыпIэу къабзэт, удимыхьэхыну Iэмал имыIэу. Дэри тлъэкI къэдмыгъанэу шым дегугъурт, Iуси, мэкъуи, шыудзи щыдмыгъащIэу. Шым кIэлъыплъыныр зи пщэ нэхъ дэлъыр сэрати, нэхъыбэу и ужь ситт, зэзэмызэ сышэсрэ къэскIухьмэ, сыкъэзылъагъур къызэхъуапсэрт. Шыбзыр псэф хъури нэхъыбэжу дегугъу хъуащ. ЗыщIэт бор къабзэт, пщыхьэщхьэ къэсIэщIэлъын щIэтлъхьэрт, мэкъумрэ Iусымрэ ящIыIужкIэ удз хьэжыгъэ хузэхэтщIэурэ едгъэшхырт. ЩIыIэ хъуамэ, уэншэку зыщыплI схьырти, шэщым щIэслъхьэрт, шыр нэхъ тыншын щхьэкIэ. Псы иредгъэфыр псы къабзэ дыдэт, псынэм дыкIуэрэ къатшэу. Анка фIэзыщари сэращ. Шыр апхуэдизкIэ къызэсати, зыщIыпIэкIэ сыщыIауэ унэм къэзгъэзэжамэ, япэ гу къыслъызытэр Анкэт, щыщмэ, унэм щIэсхэр бжэщхьэIум къытеувэрт, Фэуаз къэсыжащ, жаIэрти. Сэри унэм сыщIыхьэжыным и пэкIэ шэщым сыщIыхьэрти, шы псэфым сытелъэщIыхьырт, и сокур, и шыкIэр хуэзгъэкъабзэрт, кIэрымылъын кIэрылъмэ, шытхъунщI сытхэр сиIэт. Езы шыми и щхьэр си дамэм къытрилъхьэрти, щатэрт е си Iэм къепэщэщырт, зыкъысщихъуэрт, къызэIусэмэ, фIэфIу.

Анка лъхуэри шыщIэ хъарзынэ цIыкIу къилъхуащ. Илъэсищ дэкIри шыщIэр хакIуэ бэлыхьу, шыгъажэм тшэмэ, псом къатожри ди адэм зэрыжиIа дыдэм тохуэ – шым дегъэунэ. ИужькIэ лъхуэми, аращ. Анка цIэрыIуэ мэхъури абы и щылъхум къыщIэупщIэу шыр зыщэхунум зэныкъуэкъуу къаублэ. ПлIэ лъхуэгъуэм шыбзым къыщIэхъуэм дагъэгуфIэурэ здекIуэкIым, сэри

дзэм сыкIуэн хуей щыхъум, шым якIэлъыплъын, зезыхьэн унэм щIэсыжтэкъыми, ди адэм шыбзыр ищащ. Абы лъандэрэ мащIэ щIа, иджы зи ныбэ иуэжа шы пцIэгъуэплъым соплъри щIыма-хуэр къихьэмэ, уэншэку шэщым хущIэтлъхьэу тIыгъа шыбзыр арауэ пщIэжынкъым. Тхьэм ещIэ, езыр щIэгъри арагъэнщ, сыкъыщилъагъум сэ зэрызгъэтыншу щытар и гум къэкIыжауэ. Шым и нэпс къелъэлъэхыр слъагъумэ, сэри си гур къызэфIонэ, сыкъыщиуду сыгъыну, шым сигъэкъуаншэ къысфIощI: «Сыт мыгъуэр фэсщIат, щхьэ сыфщэу си фэр иревгъэха, си щылъхуу шы жэр дапщэм фи фIыцIэ ягъэIуа», – жиIэ хуэдэу. Сэри сигукIэ жызоIэ: «Сэра мыгъуэкъым узыгъэунэхъуар, Анка. Узезыхьэн щимыIэжым, си адэ лъэрымыхь хъуам уищэжащ». Си гум илъым шым гу лъита хуэдэу, езы Анка нэхъ къэбэдзэуэжа къысфIощI, и нэпсым пичауэ и тхыцIэр егъэш, фIалъэкIэ щIым йоуэ, къызопэщэщ, и кIэр еутхыпщI, къэшэси, япэм дызэребгъа-жьэу щытам хуэдэу иджыри цIыхум дахэгъыхьэ жиIэ къысфIощI.

– Фэуаз, щхьэ умышэсрэ? Уи шыр увыIа? – жеIэри си гъуситIым я зыр къызоупщI. КъызэупщIыр си къуэдзэу дзэм къыздыхэтщ. Инэралым тIури зэуэ дыщIриджар къытхуэщIэркъым. Адрей фIамыщIым хуэдэу фIыцIэр шу лIы гъусэу здыдошэ, ди шыр ихъумэну.

– Шыр ара уи гугъэ увыIар? Сэращ!

– Гуэбэн уигъэщIа?

Дыздэк Iуэнум дынос и пIалъэм дрихьэлIэу. Дынэмысуи хъунт: Анка псы езгъафэу сызэрышэсыжу, сыкъицIыхужащ жыхуиIэу, и гур къызэрыгъуэтыжа хъунти, япэм салъэщIэмыхьэу къэкIуа си гъуситIыр иджы си ужь ит защIэурэ къэкIуащ, мы шым епщIар сыт жаIэу зыхуахьынур ямыщIэу. Инэралым и унафэри кIэщIт: си гъуситIыр егъэкIуэж, си пщэ дэлъа Iуэхур си къуэдзэм и пщэ делъхьэри, сэ езым деж сыкъегъанэ. Сызытеса шыр Iэдэжу яшэжри къызыIаха фелахьым иратыж. Сэри сежьэн хуейуэ къыщIэкIащи, хьэфэ тхылъи сыти схузэрагъэпэщ, нэгъуэщI къэралым Iуэхутхьэбзэ гуэркIэ сагъэкIуэну. Си унафэр нэгъуэщI къэралым сык Iуэу Iэщэ къыдатынур къэсшэн хуейуэ арат – сэ схузэфIэмыкIын хэлътэкъым, итIани нэхъ сытригъэгушхуэну дзэпщым сыкъегъэгугъэ:

– Къэбгъэзэжмэ, тхьэмахуитIкIэ фи унэ узгъэкIуэжынщ, – жеIэри.

ЖыхуаIа къэралым сокIуэри Iэщэр къыщызатыну кхъухь тедзапIэм сынэсмэ, Iэщэр иджыри къэсакъым, нобэ-пщэдей жаIэурэ зыкъомрэ сыдэсщ, сщIэи сыти щымыIэу. Ауэрэ дызыпэплъа кхъухьхэри къосри, сыщIэкIуа Iэщэр къа Iызох. Iэщэр зэмылIэужьыгъуэу икIи куэд мэхъури зыщыбгъэуэну Iэмал зимыIэщ, Iуэхур зэф IэгъэкIыгъуафIэу щытатэмэ, сэрауэ къы-

щIэкIынтэкъым мыбы къагъэкIуэнур жызоIэри согугъу. Абыи сесэжауэ, къеIысхыр мыдэкIэ къэзутIыпщым, къеIысхыр Iэщэм къыкIэлъагъакIуэм естыжурэ мащIэри сыдэса. ИкIэм икIэжым псори зэфIокIри къызогъэзэж, инэралым жызоIэ:

– ЗэфIэкIащ. Къанэ щымыIэу дэфтэрым итар къезгъэшащ.

Дзэпщри къысщыгуфIыкIащ:

– Дызэрыпщыгугъауэ укъыщIэкIащ, лIы ухуэдэлIщ, – жиIэри.

– НтIэ, сыкъызэрыбгъэгугъар пщымыгъупщэжауэ пIэрэ?

– Сщыгъупщэж хъурэ! ТхьэмахуитIкIэ хуит усщIыну жысIащи, еуи, кIуэж. Уи адэ, уи анэми схужеIэж дызэрыпхуэарэзыр. Гъуэгу махуэ. Къэбгъэзэжмэ, уи къулыкъум и унафэр сщIынщ.

Зы махуэли сымыщIу къытызодзэри ди унэ сыкъокIуэж. Куэбжэм сынэблагъэрэ сызыщIэдэIукIмэ, япэм хуэдэу Анка и щыщ макъ щызэхэзмыхым, си гум щIыхьауэ унэмкIэ сымыкIуэу шэщым сыщIохьэ. АрщхьэкIэ сыт пщIэн – шыр щIэтыжкъым. СыкъэкIуэжауэ щызэхахым, си адэ-анэри си шыпхъухэри гуфIауэ унэм къызэрыщIох. Си адэм егъэщIагъуэ шэщымкIэ сызэрыкIуар, шыр зэрыщIэмытыжыр сщ Iэ пэтрэ.

Унэм дыщIыхьэмэ – япэу зи гугъу къэзгъэхъеяр шы пцIэгъуэплъыр арат: Анка сэ къэзмыцIыхужу езым сыкъызэрицIыхужар, сыкъыщилъагъум и нэпситIыр къелъэлъэхыу зэрыгъар. Абы и гум къэкIыжар ди унагъуэм ямыщIэу къэнэнт, Iэджи жаIэжащ, шыр зэращам хущIегъуэжауэ, яфIэгуэныхьи хъуащ. Абы хуэдэу и фэр зэрырахар щажесIэжым, ди адэм унафэ къысхуищIащ:

– КIуэи, Анка щхьэкIэ къыдатам хуэдэу тIу ети, имыдэмэ – щы, шыр къэщэхуж, – жиIэри. Сэри си нэт, си псэт шыр къэсшэжу шэщым щIэзгъэувэжыну.

Махуэл фIэкI сымыщIу ахъшэ къасщтэри шыр зыщэхуам деж сыкIуащ. Ари сыту къэгъуэтыгъуейуэ къэзгъуэтат. СыздэкIуам пщIэншэу сыкIуауэ къыщIэкIащ: Анка и фэр якъуауэ пщIантIэм дэлът, лIэри и фэр трахыжауэ. Шыр зейм зэрыжиIэмкIэ, Анка нэ техуауэ арат, зэкIуэцIыгъуарэ фаджэу щыта пэтми, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ зауэл Iхэр тесу махуитIкIэ ягъэхьэулеяуэ Анка къашэжа нэужь, епэззэхыу, мычэму и нэпсыр къежэхыу, яхуэмышхэу, псы къудей яхуемыфэу шэщым щIэтащ, мыбы зигъэлIэжыну и мурад, жаIэу. Иужьым укIурия пэтми, зыми нэкIэ къеплъакъым, Iус хуахьами епэмыххакъым. Жэщ гуэрым, куэд щIакъым, лIауэ нэху къекIати, мес, и фэр ямыгъэкIуэдыну якъуащ.

Иджы гуауэщхьэуэ хэхуар сэращ. А шым къыщцыщIар сэ нэхърэ нэхъыфIу хэт ищIэнт? Дэ тIур дызэрыгъуэтыжа нэужь, и гугъа хъунт дяпэкIи дызэгъусэну, ди унэ сшэжрэ зы зэман мэкъу хьэжыгъэрэ хуэнщIейрэ зэхэтпщэу Iус хуэтщIу, щIыIэ

хъумэ, шэщым уэншэку хущIэтлъхьэу, псынэм къитшрэ псы едгъафэу зэрыщытам хуэдэу а махуэр къыхуихуэну. АрщхьэкIэ къыздрашам аргуэру щашэжым, дуней зытетыр ф Iэмыдэхэж, фIэмыIэфIыж хъури яхуэмышхэурэ зигъэлIэжащ.

– Анка и гуэныхь къэсхьащ, – жиIэри ди адэр абы сымаджэ ихъукIауэ зыкъомрэ дыкъигъэгузэващ, гуэныхьыр сэ къэсхьауэ къэлъытэ жысIэ щхьэкIэ сыгурымыIуэу.

## АРГЪУЕЙ

Iурдан Iуфэм Iус къуажэм къады къыдэтIысхьат ткIиищэрэ и пэм кърихy мафIэм пэцыр игъэлыгъуэу. Къуажэдэсыр зэхэзехуэн ищIащи, къыпэщIэхуэр ХьэфIыцIэ и къыдыру егъэлъей. Мэжджытым кIуэхэр молэм хуэтхьэусыха щхьэкIэ, зыри къик Iакъым. Къадым дэтхэнэ феллахьми зыгуэр пеубыд: зым и хьэр банэурэ уигъэжейркъым, зым адакъэ куэдыщэ и Iэщи, мычэму маIуэ, зым и шыдыр и хадэм йохьэри зэхеутэ. Дагъуэ зыхуимыщIу къуажэм дэсыр жьы дыдэ хъуауэ и закъуэпцIийуэ псэу лIыжь Шаукэтщ, зэзэмызэ мэжджытым къакIуэрэ нэмэз ящ Iа нэужь, блынджабэм кIэрысу л Iыжьхэм ягъэхъыбарым щIэдэIурэ и унэм екIуэлIэжыфмэ, фIэнасыпу дунейм тету. Жылэр зыгъэгумэщI къадыр къуажэ гъунэм щопсэу, унэ хъарзыни щ IапIи иджыблагъэ къищэхуауэ. Шаукэт и щIы Iыхьэр къадым и щIапIэм пэмыжыжьэу щылъщ, Iурданыпсым и Iуфэм Iулъу. ЩIыхум я тхьэусыхафэм едэIуа нэужь, лIыжь кхъахэм мурад гуэр ещI.

ПщыхьэщхьэкIэ Шаукэт плъэмэ, тыншу елъагъу и гъунэгъуу псэу къадыр щыгъуэлъыжынум деж я унэ щхьэгуэшхуэу жьыщIэхум деж пIэ зэрыхуащIыр. ЖэщкIэ уэмщ, унэм ущIэлъмэ, ужеифыркъым. Шаукэт щетIысэхым щыщхьэукъуэми, жэщкIэ жейм езэгъыжыркъыми, нэхущым къотэдж, мэжджытым кIуэну ежьэмэ, къадыр зыхэлъа пIэ щабэу унащхьэм телъыр елъагъу.

ВакIуэ дэкIыгъуэр къэсри феллахь и цIыхугъэ гуэр къэкIуат:

– Дызэгъэдзей мы гъэм, Шаукэт, – жиIэри.

– Мы гъэм си щIым зезгъэгъэпсэхунущ, – жиIэри лIыжьым абы къыф IигъэкI акъым. Пэжыр жыпIэмэ, езым хьисэп зэрищIаращ: мы гъэм сылIэну къыщIэкIынщ, гъавэ щIэсщIэн щыIэкъым, сымылIэу сыкъанэмэ, щIым зы гъэ зигъэпсэхумэ, къыкIэлъыкIуэ гъэм дынэсмэ, тхьэм фIыкIэ дынигъэс, гъавэ бэв къытесхынщ, жиIэу. Шаукэт щ IыфI иIэт, зищI къызэмэщIэкI гуэри къакIуэри къелъэIуащ «бэджэнду къызэт, къытетхыр ди зэхуэдитIу», жиIэри, ари лIыжьым идакъым, гъавэ зрикъун и гуэным илъу къыщ IэкI ынти. Езыри губгъуэмкIэ дэкIри псы Iуфэм Iутурэ здэкIуэм, щIалэ гуэр хуэзати, елъэIуащ псыр къыдигъэуэхыу щI ы мывам ириутIыпщхьэну. Псыр IущIати,

къыдэгъэуэхыгъуейтэкъым, езыри псым еплъу зыкъомрэ щытащ, иджыри къэс сызыгъашхэ си щIыр зигъэнщIу псы езгъафэмэ, псапэ хъункIэ хъунщ, жиIэу.

Куэд дэмыкIыу Шаукэт и щIыр псы шэдышхуэ хъуащ. Псыр щIэлъадэ защIэу щытщи, блэкI-къыблэкIыжым ягъэщIагъуэ: ярэби, прунж химысэну пIэрэ мы щIыр зейм, жаIэу. ЛIыжьым псыр къызэрыдигъэуэхар куэд лъандэрэ щыгъупщэжауэ и унэм щIэсщ, зэзэмызэ фIэкIа уэрамым къыдэмыхьэу. А гъэм гъавэ хъарзынэ къэкIауэ цIыхур щогуфIыкI, дадэр тIэкIуи щIегъуэжа хуэдэщ и щIыр бэджэнду зэримытам щхьэкIэ, итIани щIэгузэвэн щыIэкъым, нэгъабэрей гъавэм щыщ иIэщи.

– Иджыуэ къыщIэкIынщ си лIэгъуэр къыщысар, – жиIэу Шаукэт зигъэгукъыдэмыжу бжэIупэм Iусу, къадым лIы къыхуегъакIуэ:

– Къыпхуейщи, накIуэ.

– Дауэ сынэкIуэн, сылъэрымыхьщи, мэжджытым сынэсыфыркъым. Къадым и ныбжьыр дэнэ нэсрэ?

– Щэ ныкъуэм щIегъу.

– АтIэ сэ си ныбжьыр щэм щыщIигъуа гъэр сщыгъупщэжащ. Къысхуеймэ, езыр си деж кърекIуэ. Си сэджыт къэткъым, си бытыр къэткъым, си унэ сыщIэсыжщ. Сэр фIэкIа зэджэн игъуэтыркъэ?

– Уэращ зыхуейр.

– Сыт къыскIэригъуэтар? И танэ сшхакъым, иш къэздыгъуакъым. КъыщIысхуейр щхьэ жимыIэрэ?

– Езым къыбжиIэнщ.

– Шыд къэпшамэ, сытетIысхьэнт, лъэсу сынэкIуэфынукъым. – Шаукэт и гугъат къадым зыгуэркIэ гулъытэ къыхуищIыну къигъэкIуауэ, армыратэмэ, и дыкъуэнагъ башыжьыр игъэдалъэу къэкIуар дихужынкIэ хъунт. КъэкIуар дэкIыжа нэужьи хущIегъуэжат: къуажэм нэхъыжь дыдэу къыдэнэжа лIыжьыр къезгъэблэгъэнщи, игу дахэ хуэсщIынщ, зыхуэныкъуэ щыIэми, сыдэIэпыкъунщ, жиIэрэ лIы къигъэкIуамэ, емыкIу къэсхьакъэ, жиIэу. Арауи къыщIэкIынт, лIы къэкIуам шыд пэху ныбэф цIыкIу къиишэу къыщигъэзэжым, тIэкIу сабэ зыпыухьу щIытетIысхьэжар. Хуабэ дыдэу щыта махуэри пщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуащи, цIыхур дунейм къытехьэжащ. Дадэр шыд шууэ здэкIуэм Iэджэм йогупсыс, къадыр абы къыщIыхуейр къыхуэмыщIэу. И жьыщхьэм и щхьэ закъуэ и лъакъуитIу унэ нэщIым къыщыщIэнакIэ, сыт къыхуащIэми, хуэфащэщ, игъащIэм лажьэ-шхэжу мэпсэу, хьэрэм лъэпкъ ишхакъым, Iэбэлъабэми ящыщакъым. Щхьэгъусэ иIар лIэри щIилъхьэжащ, бын Алыхьым къритакъым, хьэжы ищIыну мурад иIати, хьэжыщI кIуэгъуэ къэсыху сымаджэ хъууэрэ щэ къэнэжыгъуэ къэнэжати,

къызэхъул Iэну Алыхьым иухауэ къыщIэкIынкъым, жиIэри щигъэтыжащ.

– Уэ къеблагъэ, тхьэмадэ. Къеблагъэ, сыгузэват, лъэрымыхь дыдэу пIэрэ, и гъунэгъум деж лъэсу къыщымыкIуэфкIэ, жысIэри. – Къадыр лIы щэджащэжьу джанэ кIыхьыжьыр и лъэдакъэпэм нэсу, и щхьэм тепхъуа бэлътоку къуэлэныр уэрдыхъум ещхьу къытриIыгъэу лIыжьым къыпежьэри, хуэсакъыпэу и блыгур иIыгъыурэ шыдым кърищэпсыхащ. – НакIуэ, неблагъэ унэмкIэ. Сыту фIыуэ укъэкIуа, ярэби.

– НтIэ, къоджэр нэхъыжьщ. Уэ къэбгъэщIам хуэдэу тIу къэзгъэщIами.

– Уи жагъуэ умыщI, тхьэмадэ. Сэрат нэкIуэну зыхуэфащэр, лIыкIуэ нэзмыгъакIуэу. АрщхьэкIэ сегупсысыжри сынэкIуакъым: цIыхур бзаджэщ, уи дей сынэкIуауэ гъунэгъум сыкъалъагъумэ, нэгъуэщIми уеджэкIэ къэмыкIуэнкIэ мэхъу, «езыр кърекIуэ» жаIэу. НакIуэ хадэмкIи, тIэкIу дыщыгъэс. – И макъым зрегъэIэтри къыпещэ. – Ей! Къэхьэуэ сыт зыгуэр къэфхьыт. ХьэщIэ си Iэщ!

«Мыбы жылэр игъэтхьэусыхэу жаIэ щхьэк Iэ цIыху Iейуэ къыщIэкIынкъым, хабзэ хэлъи хуэдэщ, къысхуэгумащIэ хуэдэуи щытщ», – жи Iэу Шаукэт и гум къэкIащ. Нэхъ нэжэгужэ къэхъужауэ хадэм здисым зиплъыхьмэ, унэ зэтетыр къабзэу зэлъыIухащ, Iэхуитлъэхуитщ, щхьэгъубжэр зэщIолыдэ, щхьэгуэуи щIащи, унащхьэм джэгу щыпщI хъун хуэдизу инщ, пщIантIэ кIуэцIым жыг хъарзынэхэр зэмылIэужьыгъуэу дэтщ, жыг щIагъыр жьыщIэхущ, бассейн тIэкIуи псы къабзабзэ щхъуантIэ хъужауэ изу итщ. Бассейным и курыкупсэм фонтан цIыкIуи хэщIыхьат, псыхэуэ сурэту щIам и жьэм псы къыжьэдиутхыкIыу. Къадым къеубзэ хуэдэу зищI щхьэкIэ, дзыхь хуэпщI хъунутэкъым, и бзэр IэфIми, ткIийщ, зэ уи ужьым къихьамэ, икIыжынукъым зыхуейр IэщIэмыхьауэ.

– ЦIыхум жаIэн жыхуэпIэм щIэ щIэткъым. Уи Iупэм тесмэ, аращ зыхуейр, – жиIэу Шаукэт къадым зыдищI хуэдэу зещI.

– Дауэ ущыт, тхьэмадэ? Уи закъуэ дыдэу упсэу си гугъэщ? Ара мыгъуэуи къыщ IэкIынщ уи щIыр мы гъэм умывэу къыщIэнар.

ЦIыхухъу гуэрым подноскIэ псы щ IыIэ, къэхьэуэ, IэфIыкIэ гуэрхэр щIыгъужу къехьри мраморым къыхэщIыкIа Iэнэ цIык Iум къытрегъэувэ, езым зы псалъи жимыIэу йокIуэтыж.

– Си закъуэщ, къады, зи закъуэр Алыхьырщ. Сыт мыгъуэр пщIэн? СищIри звакъым, мы гъэм сылIэн си гугъэри.

– Iэу! Усымаджэ, тхьэмадэ?

– Жьы ущыхъук Iэ усымаджэ зэпыткъэ? Пщыхьэщхьэм ущыгъуэлъыжкIэ нэху щымэ, укъэтэджыни укъэмытэджыни – Алыхьым фIэкI а зыщIэ щыIэкъым. Си щIыр бэджэнду сты си хабзэти, мы гъэм стакъым… Зы гъэ зигъэпсэхумэ, уэшхым и

лъагъуэу, бэвым и гъуэгуу хъунщи, нэхъ дигъэгуфIэжынкъэ.

Шаукэт гурыщхъуэ ищIащ, си щIыр бэджэнду сIихыну ара хъунщ щIым щIыщIэупщIэр, жиIэу, арщхьэкIэ Iуэхур здэщыIэр аратэкъым.

– СыщIыноджар, тхьэмадэ, сынолъэIуну station арaщ.

«УкъызэлъэIунумэ, щхьэ сыкъебджа, си деж унэмыкIуэу», – жиIэу дадэм и гум къэкIат, жиIар нэгъуэщIми:

– Къадыр къызэлъэIу щыхъуакIэ, иджыри куэдрэ сыпсэуну къыщIэкIынщ, – жиIэри дадэм дыхьэшх хуэдэу зищIащ.

– Тхьэм уи гъащIэм къыпищэ. Уэ си щIым зигъэпсэхумэ, жыпIэу уи псалъэм къыдэбгъакIуэу жыпIащ. Псалъэ тэмэмщ. Сэри зызгъэпсэхун мыгъуэу арт сызыхуейр, си нэм щIы сызытетыр имылъагъужу сыкъэнащ, жейм сезэгъыркъым…

– Iэзэ хъарзынэ къуажэм дэсу жаIэ – ущIэупщIа?

Iэзэкъым сэ сэбэп къысхуэхъунур. Уэращ.

– Дауэ? Уи псэр кIэрыщIарэ щIэзбгъэупскIэнуи?

– СыщIэбупскIэу сабий сыхъуа, зиунагъуэрэ. Уи аргъуейм сагъэжейркъым, къыбгурыIуа? Уи щIыр псы шэд защIэщ, псы итыр щхъуантIэ хъужауэ аргъуей тIысыпIэщ, сыкIуэри сеплъащ: аргъуейр пшэ Iэрамэу щхьэщытщ, пщыхьэщхьэкIэ зэбгрокIри къуажэмкIэ зрат. Сэ унащхьэм сытелъщ жэщкIэ. Нэху щыхукIэ самыгъэжейуэ сезауэу пIэм сыхэлъщ. Пщэдджыжьым сызэщIэбэгауэ сыкъотэдж…

– НтIэ сыт мыгъуэр тщIэн? Аргъуейри Алыхь IэмыркIэ дунейм тетщ.

Къадыр къэпщту хуежьащ:

– ПщIэнур пщIэркъэ? Уи щIым хуэзэ псыIур гъэкъабзэ, кIэнауит I-щы дэтIыкIи, псы инар игъэкI. Псыр икIмэ, аргъуейри кIуэдыжынущ. Абы нэхъей уи щIыр си щIапIэм къемыуалIэу щытами, зыгуэрти. Жьы тIэкIу къыкъуэуамэ, аргъуейр си дежкIэ къехь.

Шаукэт къэнэщхъеящ. Хэт и гугъэнт, аргъуейм абы хуэдиз бэлыхь къадыр хигъэтыну. «Гъунэгъурэ гъуэншэджрэ» жиIащ пасэрейм, уи гъунэгъу бгъэгумэщIыныр гуэныхьу къыщIэкIынщ.

– Хъунщ, къады. Мы гъэр икIащи, сыт пщIэжын. ЕтIанэгъэ Тхьэм фIыкIэ дынигъэс, дынэсмэ, Iэмал имыIэу щIыр звэнщи, мэш тессэнщ.

– КIэнауэр-щэ?

– КIэнауэри? КIэнауэ жыпIэу щIыр зэхэбуцIапIэмэ, иужькIэ пхуэвэжрэ? – щыжиIэм, къадыр къызэрыкIыпэрэ зыгуэр къызищIэмэ, жиIэу шынэжауэ и псалъэм къыпищащ. – Хъунщ, къады, кIэнауэми зыгуэр есщIэнщ.

*Узыншэу фыщыт.

ЕтIуанэ махуэм Шаукэт мэжджытымкIэ кIуащ, жэщым гупсысэм ямыгъэжейуэ гугъу ехьа пэтрэ. Къадым къыжриIа илъэпкъыр нэмэзыщI къэкIуам яжриIэжащ. ЛIыжьхэм яхэттэкъым къадым хузэгуэмыпи, псори зэакъылэгъут: «Зы кIэнауи умытI, псыIури умыгъэкъабзэ. Аргъуейри къадым деж кIуэмэ, езым и зэранщ, пцIанабзэу унащхьэм телъщ, шхыIэн зытрипIэмэ, зэфIэкIащ», – жаIэу.

Къадыр Шаукэт дежк Iэ Iэджэрэ къэплъащ, зыгуэр ищIэу пIэрэ, жиIэу. Дадэр пщIантIэм дэтуи губгъуэм ихьэуи плъагъуртэкъым. Аргъуейри нэхъ мащIэ хъуртэкъым. Щымыхъужым, езы къадыр и гъунэгъум деж унажэ кIуэмэ – лIыжьыр лIэри хьэдэ къуаншэ хъуауэ къыщIэкIащ.

ЛЭЧЫМЭ

Къалэм дэсри абы пэгъунэгъу къуажищцым дэсым и нэхъыбит Iри адыгэт, ижь-ижьыжкIэ мы щIыналъэм муслъымэным дахэсу дыпсэунщ, жаIэу къитIысхьауэ. Иджы Израилым хэкур иубыдын щыхъум, жылэм зыкъаIэту хуежьащ: «Ди лъэпкъэгъу Щам щыIэщи, дывгъак Iуэ, мыбы журтым дахэсу щыпсэуа дыхъунукъым», – жаIэри. Журтхэр къелъэ Iуащ: «Фи унэ, фи жьэгу хыфIэвмыдзэ, фыдгъэгумэщIынкъым, ди диныр зэтемыхуэми, дызэдэпсэунщ», – жаIэу. АрщхьэкIэ зыкъом къэнами, нэхъыбэм я хьэпи-шыпи зэщIакъуэри хэкум икIыжащ: «Алыхьым къыдит увыIэпIэр зэдгъэзэгъынщ», – жыхуаIэу.

Исуф япэ зизыгъэщу дэкIам ящыщт. Дамаск кIуэри тыкуэн тIэкIурэ къалэ щIыбым дэлъу щIы явэнрэ яIэти, а щIым телэжьыхьу IэнатIэ Iуува щхьэкIэ, къыпэкIуэ щIагъуэ иIэтэкъым. И фызымрэ и пхъумрэ лэжьапIэ ягъуэтыххэртэкъым, зэзэмызэ зыгуэрым хуэжьыщIэмэ, щ Iакхъуэ Iыхьэ къызыщIэкIын ахъшэ кърататыртэкъым. Гузэвэгъуэ ихуэху, къалэм дэт адыгэ хасэм кIуэрэ лъаIуэмэ, къамыгъэщIэхъу щхьэкIэ, мычэму улъэIуэн? ЩIыхуэкIэ псэуа ухъуркъым, езы Исуфи хабзэшхуэ хэлъщ, лъэIуэн и щхьэм хуихьыркъым.

Къулейсызыгъэм къыхэкIыурэ унагъуэм исыр зэфIэнэзэк Iужу я дунейр яхь, я хъыджэбз закъуэри дахэ дыдэ хъуну жаIэ щхьэкIэ, щыгъын хуейщ. Хъыджэбзыр шы дахэм хуэдэу умыгъэщIэращIэмэ, зыми и нэм къыфIэмыуэу къыдэнэжу дэсынкIэ мэхъу. Пщащцэм къылъыхъун къыкъуэкIми, и адэ-анэр унэншэ-жьэгуншэу хэт благъэ къахуэхъун?

Зэгуэр Исуф я къуажэгъу Хьэшым жьакIацэ къыхуозэ.

– Сэлам алейкум.

– Уалейкум сэлам, дэнэкIэ бгъэза?

– Океаным сикIыжыну мурад сщIащи, сокIуэ зезгъэтхыну. Америкэм лIыкIуэ къагъэкIуащ, къэралыр цIыху хуэныкъуэщ.

– Дауэ уикIыжу, лIэун? Абы ахъшэ мащIэ хуей!

– И уасэр Америкэм ет, абы щхьэкIэ сыгузавэрэ сэ. НакIуэ, ухуеймэ. Дэ тхуэдэ мащIэ икIыжа? Иджыри куэдым зрагъэтх. Дэри ди Iэ къэткъым, ди лъэ къэткъым, ди щхьэ тпIыжыфынщ. Уи фызри уи пхъури ныздэпшэмэ, нэхъыфIыжщ, ящIэн ягъуэ-тынщ.

– Ари хъуну?

– Хъун жыхуэпIэр сыт! Сэ си бынунэр зыдызошэ.

Исуф икIэщIыпIэкIэ къигъэзэжри и фыз Мариам деж къэсыжащ ечэнджэщыну. Ипхъу Назифэ лафкIэм кIуа хъунт. Мариами и лIыр къызэрыкIуэжар и гуапэ хъуащ, и анэ дэлъхум нышэдибэ къигъэгугъат фабрикэм лэжьап Iэ I уигъэувэнуи. И лIым емыупщIу хъунутэкъым, мес ари щымыгугъыххауэ, имычэзууэ къэкIуэжащ. Мариам къехьэкI-нехьэкI хэмылъу занщIэу жиIащ и Iуэхур хъарзынэу зэрызэфIэувэм щыгуфIыкIыу, арщхьэкIэ и лIым щIригъэгъуэжащ:

– Хъунукъым ар. Къэгъанэ, – жиIэри.

– Сыт, на-а, къыщIэзгъанэр? Сэ схуэдэ Iэджэ щолажьэ, сэри къэзлэжьыр лей хъурэ? IэнатIэ згъуэтмэ, ди хъыджэбз закъуэр, зи закъуэр Алыхьырщ, зыхуей нэхъ хуэзэнщ.

– Океаным докIыж.

– Хэт и океан, жыпIэр зищIысыр сыт? – Мариам и гугъат океан жыхуиIэр тенджызыр арауэ, уикIыжмэ, зы зэман лъэпкъыр къыздиIэпхъукIа Кавказым бгъэзэжу арат къикIыр. Исуф игъащIэм и псалъэм къыхэхуатэкъым ди адэжьхэм я лъахэу щытам дгъэзэжащэрэт жиIэу. Ар умыгъэщIагъуэу хъунт, Мариам лъэкIамэ, лъэсу кIуэжынт.

И фызым зэрызищIым еплъри, идэн хуэдэу къыщыфIэщIым, Исуф къыпищащ:

– «КъызжиIакъым» жумыIэж, зызогъэтх зэрыунагъуэу дыкIуэну. Абы уэри сэри IэнатIэ щыдгъуэтынущ. Назифи тхьэм къыхуищIэнщ зыхуейр.

– Америкэми?! – Мариам зыщыгугъа, иджы къызэрыщIэкI! ЦIыхубзыр и куафитIым еуэжри къызэщIэплъауэ етIысэхащ, зэхихар и фIэщ мыхъуу. – Абы нэс узэрыкIуэн ахъшэ ущиIэм Iус тщIын хьэ матэ сыту къомыщэхурэ е щIыхуэр щхьэ умытыжрэ? Дзэкъэгъуэ къыдитыжыркъым, си щIыхуэ фтелъщ, жеIэри.

Исуф тIысри фызым гуригъэIуащ псори: кIуэрэ зригъэтхмэ, ахъшэ къызэрыратынур, гъуэгум текIуадэ илъэпкъри езы Америкэм я Iуэхуу зэрыщытыр, нэса нэужьи зэлIзэфызым IэнатIэ кърату илъэсищ мынэхъ мащIэкIэ зэрагъэлэжьэнур.

– Мис итIанэ ди хъыджэбзым хуэтщIапхъэр хуэтщIэнщ. Щыри зэгъусэу дыкIуэнущ, – жиIэри Исуф унагъуэр игъэуна хуэдэу и фызым еплъащ: «Сыту пIэрэ иджы жиIэнур?» – жыхуиIэу. – Фо зезыхьэр и Iэпэ йобзей жиIащ пасэрейм, мылъку зиIэ гуэрым и мылъку хузетхьэн хуей хъумэ, ди фэ илъыни

дгъуэтынщ икIи дымэжэлIэнкъым. Назифи ин хъуащ – лэжьэфынущ.

– Фом и пIэкIэ пхъэнкIий зетхьэ хъумэ, итIанэ? – Мариам и лIым жиIэм еувэлIэгъуафIэу еувэлIэну и гум идэртэкъым. Езыр ябгэт, фIэмыфI хуимыщIэну, куэдым и акъыл нэсырт, унагъуэр нэхъыбэу зезыхьэр Мариамт. Америкэм кIуауэ хъарзынэу щыпсэу Iэджи щыIэщ, гъэ къэси океаным икIыжурэ Къунейтрэ къалэм и Iэшэлъашэм къиIэпхъукIам ящыщу къэнэжар мащIэ хъужащ, итIани Мариам и псэм идэртэкъым мы щIыналъэм икIыну, ягъэзэжу зыдэса къуажэм дэтIысхьэжыну ноби мэгугъэ, арщхьэкIэ Алыхьым ещIэ апхуэдэ махуэ къащыхуихуэнур.

– ПхъэнкIий зепхьэми, нэхъыфIщ, уи унэ ущIэсыжмэ. Зи гуэщ дыщIэсым «дапщэщ дэкIыжыну» жаIэу я нэм бжэгъуу дыкъыщIэуэ хъуащ.

Мис ар Мариам дежкIи гурыIуэгъуэщ: «Дунейр зэIубз хъухукIэ» жаIэри адыгэ хасэм я фIыгъэкIэ гуэщыжь гуэрым щIагъэтIысхьащ къэIэпхъуа унагъуэри, унэр зейм зыпхыжаIыкI «гуэщыжь мыгъуэми дыхуитыжу щытатэмэ, зыгуэртэкъэ» жаIэу. Мариам ар зэхихмэ, шэ фIыщIэу къытохуэри и щхьэм мыгъуагъэ хуехьыж.

– Назифэ ищIэрэ? «СынэкIуэнукъым» жиIэу и лъабжьэ фIигъэнэнкIэ хъунщ. И ныбжьыр нэсащ, нобэ быныр я адэ-анэм емыдэIуэж хъуащ.

– ЛIо Назифэ? Дэ тщIыр и унафэщ. Уэ уарэзымэ, сокIуэри зызогъэтх. Ахъшэ къызатмэ, ди щIыхуэр зытедгъэкIыжынщи, «Ила-л-мултэкъэ!»* жытIэнщи, зэфIэкIащ.

– Къэсыпауэ дадэ лIащ жызыIам хуэдэу лэжьапIэ къыщызгъуэт дыдэм «Ила-л-мултэкъэ» жызоIэри сожьэж. Алыхь, къысхуэмыхъуат ар Iуэху. Сыт иджы си дэлъхум жесIэнур?

– Абы щхьэкIэ умыгузавэ. Сэ сыгурыIуэнщ.

Ти, Исуф пIащIэ-тхъытхъыу Америкэм я мэктэбым нэсри зарigъэтхащ, ахъшэ къратам щыщ къыхихри къэхьэуэ, фошыгъу, хьэжыгъэ, дагъэ, лы гъэгъуа, хъурмэ – зыхуейуэ ямыгъуэт псори къихьри къэкIуэжащ. Назифэ а къомыр щилъагъум зриусыгъуэджэнт? «Мыр зи щIыхуэ ттелъым етыж» жиIэу ахъшэ щыхуишийм, хъыджэбз цIыкIур гуфIэпауэ, и лъэр темыпыIэу лафкIэтетым деж жэрыгъэ защIэкIэ нэсащ, щIыхуэу къатехуа илъэпкъыр ептыжыныр фIэнасыпышхуэу, зыхуэзэ псоми яжриIащ океаным икIыжу Америкэм зэрыкIуэр, зи гуэщ щIэсми я дежи хъыбарыр нэзыгъэсар Назифэщ. ЩIыхуэр итыжыну и пхъур щIигъэкIуари гурыIуэгъуэт: и адэр е и анэр хьэжыгъэ, дагъэ сыт жаIэу тыкуэнтесым деж кIуэмэ, IэнэщIу къагъэзэжырт, Назифэ кIуэрэ хъыджэбз дахэ дыдэ цIыкIум тхьэмыщкIафэ Iей зытригъэауэрэ и щхьэр къимыIэту елъэIумэ, зи щIыхуэ ятелъым фIэгуэныхь хъурти, къигъэщIэхъуртэкъым, зэрелъэIуа псори кърымытми, и ныкъуэр кърitыpт.

«…Дыщежьэнум и пIалъэр къосри Бейрут къалэм кхъухь хужьышхуэм дыщотIысхьэ. Абдежт «Ила-л-мултэкъэ» щыжыIэн хуейри, а псалъэр хэт и жьэ къек Iуу жиIэфынт, игъащIэм дыщыпсэуа щIыналъэри Iыхьлы-лыджанэри къызэднэкIрэ лIам дыпалъытэу ди щIыбагъыбжэр хуэтщ Iыжу? Ди насыпти, кхъухьым дыздисым ди къуажэдэсхэу щымытми, ди щIыналъэмкIэ къиIэпхъукIауэ унагъуэ зыщыплI хуэдиз ди гъусэу къыщIэкIащи, дызэрыц Iыхуу щымытами, дызэблагъэ дыдэ хуэдэу, гурэ псэкIэ дызэрылъагъу къытфIэщIыжу, ди тхьэусыхафэ зэхудоIуатэ, дызэдогъ, дызэдогуфIэж, дызэрыIыгъынуи дызэгуроIуэ.

Океаныр зэпыдупщIри Америкэу зи гугъу къытхуащIу щытар ди нэкIэ тлъэгъуащ. Алыхьым ещIэ дыкъызыхуэкIуар, дыкъызэрагъэгугъауэ къыщIэк Iмэ, нэгъуэщI дыхуей мыгъуэ? Нэхъ узыгъэгупсысэр сыт жыпIэмэ, Назифэщ. Хъыджэбзыр дахэ дыдэщ, уеплъмэ, нэр егъэджыл, къэзылъагъум гу къылъетэ, езыр къабзэ цIыкIущ, лъагъугъуафIэщи, цIыхур зыIэпешэ, хьэл дахэ хэлъщ, щIыкIафIэщ, дэбгъуэн щыIэкъым. Зыхуэзапхъэ хуэмызэу къыдэнэжмэ, къэблэжьауэ пшхыри уи тэмакъ дауэ ехын? Мариам и пщIыхьэпIэм къыхэхуэххэртэкъым и гур зэрыгъум дыгъур кърикIуэну, сэ псэкIэ сщIэрт зы бэлыхьлажьэ ди нэгу зэрыщIэлъыр.

Махуэ зыбгъупщIкIэ гъуэгум дытета нэужь, дыздежьам дынэсащ, зыгуэрхэр къытпежьати, щхьэж зыдэкIуэну къыхуагъэфэщамкIэ зэгурыIуэри, портым куэдрэ дыщымыгувэу, увыIэпIэ тхуэхъунум дашэри дагъэлъэгъуати, ди гум ирихьащ. Унэр жьы дыдэу, штукатуркэр къыкIэрылъэлъыжауэ, чырбыш плъыжь къыщIэщар щащэу хуежьа щхьэкIэ, пэшит Iу зэхэт фэтэрыр дигу иримыхьу къэнэнт, гуэщыжьым илъэс нэхъыбэ ущIэсауэ: жэнэтым и бжэр тхузэIуаха къытфIэщIат. Ди хьэпшып тIэкIури щIэдгъэува нэужьи, унэлъащIэ щIэмытыххэу къыпфIэщIырт. Фэтэрым уасэфI пэкIуэми, Исуф къызэрагъэгугъа улахуэр къилэжьмэ, фэтэр уасэр унагъуэм къемыхьэлъэк Iыну къэтлъытащ. Исуф «ди хъыджэбзыр, тхьэм жи Iэрэ зыгуэрым еттмэ, фэтэрыр нэхъ цIыкIукI э тхъуэжынщ», жиIэу и гум къэкIат. Ар дыдэр сэри жысIат, ди пхъур зышэн къылъыхъуа хуэдэ, уеблэмэ Назифэ зэрыдахэм, зэрыгуак Iуэм езы хъыджэбзым нэхърэ нэхъ дыщогуфIыкI, «уасэфI къыдатынкъэ» жытIэу, уасэкIэ унэлъащIэ къэтщэхун ди гугъэу…»

Iэщ къиищэхурэ лы ищэу , фейдэ къригъэщIымкIэ унагъуэр игъэпсэууэ арат Исуф и хэкIыпIэр. И л Iым ахъшэу къихьым нэхърэ мынэхъ мащIэу Мариами къихьырт, фэнд щIынкIэ IэкIуэлъакIуэти, Исуф бжэныфэ, мэлыфэ сытхэр хуэсакъыпэурэ трихырт, зы уIэгъэ иримыгъэщI у. Фэр и фызым игъэкъабзэрт, игъэтэджырт, иIуэтыжырти, ухуеймэ, псы икIэ, ухуеймэ, гъэпщ – хъарзынэу ящэху. ИтIани зэлIзэфызым къалэжьыр

яшхын, щатIэгъэн къащэхуну яхурикъу къудейт. Иджы Исуф Алыхьым и шыкуркIэ портым щолажьэ, океаным тетурэ кхъухь укъуеям я джабэр лэчкIэ илэу. Махуэ псом я пэр хъыданкIэ щы-пхауэ (лэчым мэ Iей къыпех), къешхми къесми, тенджызыпсым щхьэщыт защIэу мэлажьэ жумыIэмэ, и улахуэри зебгъэзэгъын хуэдэу хъарзынэщ, Iэщ укIыным къыщIихыу щытам нэхърэ IэджэкIэ нэхъыбэщ. Ауэ унэм къекIуэлIэжакъэ – щхьэгъубжищ-ри Iуах, армырамэ, лэчымэм бэуапIэ къуитыркъым. Назифэ япэм зыри жимыIэу хуэшэчу щытами, иджы и адэр унэм къызэрыщIыхьэжу щIокIри къекIухь гъуэлъыжыгъуэ хъухукIэ. Мариам бжэныфэ зэрихьэм мэ къапихым есащи, лэчымэ жыхуэпIэр зыуи къридзэркъым, къызыкIэрихыр лIыракъэ! Исуф япэм и пхъум зигъэбзэха щхьэкIэ мыгузэващэу щытамэ, иджы Назифэ куэдрэ къемыкIуэлIэжмэ, пхуэгъуэлъыжыркъым, пщэдджыжьым жьыуэ къэтэджын хуей пэтрэ.

– КъэкIуэжынщ. Дэнэ кIуэн? – жиIэ щхьэкIэ Мариам и гур мэгъу, лэчымэр и щхьэусыгъуэу зыгуэрхэм дамыхьэхауэ узиIэ, жыхуиIэу.

Назифэ хъыджэбзыпIэ иувауэ, мыбы сыт дэбгъуэн жыпIэу, фIэрафIэщ, гуакIуэщ, тхьэшырыпхъум хуэдэщ, уи гъусэу уэрамым удыхьэмэ, узыхуэзэр къомыплъыну Iэмал иIэкъым. Езыми абы гу лъитэжауэ къеплъ илъэпкъыр и цIыхугъэ хуэдэу къыпыгуфIыкIыу здэкIуэным нэс макIуэ. Сэри щхьэусыгъуэ сщIыуэ ар зэрызипхъур цIыхум езгъэщIащэрэт жысIэу, мыхьэнэншэ гуэркIэ соупщI, витринэм изошалIэри зыгуэрхэр изогъэлъагъу. ДыкъыздикIа къэралым, тобэ ирехъу, Назифэ хьэрып къулей гуэр къылъыхъунт. Хьэрыпхэм яфIэфIыххэщ адыгэ цIыхубз къашэн. ЦIыхухъу гъэтыншщ, унагъуэр зэрехьэф, лэжьэрейщ, жаIэри. АрщхьэкIэ дэнэ – хьэрыпми адыгэми дакъыхэкIащ, нэхъыфIу дыпсэун ди гугъэу.

ЦIыхуи ирехъу, хьеуани ирехъу – псэ зыIутыр, гъащIэ зиIэр и лъэпкъэгъум, къызыхэкIам яхэтыжмэ, зыхуей егъуэт, лъабжьэр егъэбыдэ. Удз гъэгъа къудейр къащтэ: зыхэт щIым зэрыхэту езым хуэдэ зэрымыт щIыналъэм пхьырэ щыхэбгъэувэмэ, зиужьу жылэ къыпыкIэнукъым, дахэу къэгъэгъами, и тхьэмпэр пылъэлъыжынурэ кIуэдыжынущ. Абы хуэдэ мыхъуащэрэт си хъыджэбз закъуэр, жызоIэри си гур хыщIэу жэщкIэ жейм семызэгъыу сыхэлъщ. СилIри Алыхьым ещIэ зытегузэвыхьыр, папщэу, зигъэджэрэзу, гъумэтIымэу, уеупщIми, зыри жимыIэу нэху щигъэщ щыIэщ.

Зэгуэр Назифэ жэщым къекIуэлIэжыххакъым. Исуф хъыджэбзыр и пIэм хэмылъу щилъагъум, къэгубжьауэ пщэфIапIэ сызыщIэтым къыщIэлъэдащ:

– КъэкIуэжакъэ мыр ныжэбэ? – жиIэри. «КъэкIуэжакъым»

жысIэмэ, зы бэлыхьлажьэ ищ Iэнщ, жысIэри пцIы сыупсащ:

– КъэкIуэжащ. Модэ щIыхуэ тIэкIу къэсщтар езгъэхьыжащ. Иджыпсту къэкIуэжынущ.

Сэ жысIар и фIэщ мыхъуауэ Назифэ и пэшым бжэр Iуихри щIэплъэмэ, пIэр зэлъыIухауэ щилъагъум, гъумэтIымэу и щхьэр игъэсысащ. Назифэ и пI эр зэлъыIумыхауэ къигъанэ и хабзэт, нэхъыбэу Iузыхыжыр сэрат, Исуф абы гу лъимытэу къэнэнт? Псалъэ закъуэ IейкIи фIыкI и и жьэм къыжьэдэмыкI ыу, лIыр шхэри лэжьапIэм кIуащ. А махуэм сэри сы IэлфIыц Iэу унэм сыщIэмызагъэу сыщIэсащ, сщIэнур сымыщIэу. Полицэм хъыбар езгъащIэри, езыр къэкIуэжыну пIэрэ, жызоIэри уэрамым сыдолъадэ, къызогъэзэж. Исуф къигъэзэжрэ къызэрызгъэпцIар къищIэмэ, дунейм сытрихужынщ, псори зи зэраныр сэрауэ жиIэнщи, къозэуэну хьэзырыпсщ. Зыгуэр сщIэурэ зытезгъэунщ жысIэми, зыми си гур хыхьэркъым. Ауэрэ махуэ шэджагъуэ хъуауэ, ди хъыджэбзыр къокIуэж, щэху цIык Iуу унэм къыщIыхьэжауэ, и пэшым зыщигъэпщкIуа хуэдэу, зиущэхуауэ щ Iэсщ. Ар хэт и гум техуэнт, бжэр къы Iузохри, бжэщхьэIум сытету, сыкъэгубжьыщащи, сызэщIокI эзызэ, дахэ-дахэу сымыпсэлъэфу:

– Дэнэ ныжэбэ уздэщыIар, хьэбз куэпэч? УзэхэфыщIэжауэ укъэджэдэжай! Дэнэ апхуэдэу ущаIуэтар?

Назифэ и щхьэр къыфIэхуауэ гъуэлъыпIэм исщ, нэгум ущIимыгъаплъэу IэгуитIымкIэ и щхьэр иIыгъщи, зы Iэпхъуамбэм дыщэ Iэлъын, мыщIэ дахэ илъу Iэрылъу солъагъу. Дэнэ иджы ар къыздрихар? Хэт Iэужь лъэпсейр къезытар?

– Дэнэ сыщы Iами, къэзгъэзэжакъэ? – Назифэ хъымпI ару сыкъридзэркъым, жиIэри къызгурыI уэркъым, дыхумэ гуэри къыкIэрихыу къысщIехьэ. Абы хуэдэ дыху иIэххэу щытакъым.

– Дыхумэ къыпкIэрихри сыт?

– Дыхумэр нэхъыфI къэ, лэчымэ нэхърэ?

– Ан-на! Уи адэр нышэдибэ къызэупщI ати, «модэ щIыхуэ тIэкIу езгъэхьыжыну згъэкIуащ», жысIэри къэзгъэпцIащ, ныжэбэ укъызэрытар къищIэмэ, уи фэр Iэбжьанэк Iэ зэрытрихынур щхьэ умыщIэрэ? Алыхьу нобэр зи махуэ лъапIэ, укъемылын! Умыделэ, хъыджэбз, зыхуэсакъыж. Пасэрей пщащэм «уи нэмыс хъумэж» щыжаIэм и гъуэншэджыр и щхьэм фIикъуащ, жи.

– Сэри аращ сщIар.

– Ы-ы-ы? Сыт, на-а, жыпIэр? Псы жьэдэгъэжыхьыж ар къызэжьэдэкIа жьэм. Алыхьыр си бийщ, уи адэм деж унэзмыгъэсу уи псэр си IэкI э хэзмыхым!

– СыткIэ зэрыхэпхынур: сэкIэ хьэмэ лэныстэкIэ? – жиIэри Назифэ къыщылъэтауэ си пащхьэм къиуващ. Кофтэ тхьэмбылыфэм ит мет цIыкIу закъуэр къытелъэту пщампIэ тIэкIур, и бгъэр къыщ Iигъэщу ирикъуэкIыу, фадэмэ гуэри, дыхумэм нэмыщI, къыщысщIихьэм, къэсщIащ ар ныжэбэ здэщыIар. Жэщ

къабаре къалэм дэту ищIэу си гугъэххакъым, зэи и гугъу ищIу зэхэсхатэкъыми.

– Дэнэ ныжэбэ жэщыр щыбгъэкIуар?

– Уэрамым сыдэтащ.

– Алыхь, уэрамым фадэ щемыфэ!

– Укъэщ Iэрейщ, – жиIэри Назифэ хыв хьэ ебэнауэ фIэкIа сыкъызыхищIакъым, гъуэлъып Iэм итIысхьэжащ, зимытIэщIу, пIэри имыщIыжу зигъэукIуриящ. Сэ зеспщыт щхьэкIэ сыт мыгъуэр есщIэфын?

– НтIэ, уэ узыхуейм ухуэзэнщ. ЖесIэжынщ уи адэм псори. Абы IумпIафIэ уимыщIмэ, си Iуэхущ.

Махуэм Назифэ и пэшым къыщIэкIакъым, «сыгъашхэ» сыти жимыIэу жеящ, пщыхьэщхьэм и адэр къэсыжри къыщIэупщIати, «мэжей» жысIэри къыфIэзгъэкIакъым. Хъыджэбзым жиIар си гум къэкIыжат, Исуф къыпих лэчымэр си пэм къыщиуэм, нобэ къыпих мэр япэрейхэм хуэмыдэжу нэхъ Iей къысфIэщIат. Езыми зитхьэщ Iщ, къабзэлъабзэу зихуэпэжщ, шхэри ешаелIауэ зэгъэжащ. Сэри сыхуэтхьэусыхэну къыдрехуей, арщхьэкIэ изогухыж, хэт ищIэрэ, Назифэ къыгурыIуэу щигъэтынкIэ мэхъу. Исуф жьырытэджти, сэ щэху цIыкIуу Назифэ дежкIэ сыщIохьэ:

– Ушха мыгъуэкъым уэ нобэ лъандэрэ, си тхьэшырыпхъу цIыкIу, – жысIэу си пхъум сыщхьэщыува щхьэкIэ, нэкIэ къызэплъыркъым, и щIыбагъыр къысхуигъэзауэ хэлъщ. Сэ сыт есщIа зыкъысхуигъэгусэн хуэдэу? И адэр къэкIуэжа щхьэкIэ зы псалъэ жезмыIэу збзыщIащ аргуэру, къызэрысхуимыгъэгъунур сщIэ пэтрэ.

А жэщри жейм семызэгъыу зызгъэджэрэзу нэху згъэщащ. Жэщыбгым Iэуэлъауэ тIэкIу си тхьэкIумэм къицырхъат, арщхьэкIэ сыкъэтэджакъым, Назифэ тхэуэ ара си гугъэри. Пщэдджыжьым Исуф згъашхэщ, гуэмылэ тIэкIуи естри щIэзгъэкIрэ Назифэ и пэшым сыщIэплъэмэ – ари щIэскъым. ЗанщIэу си лъакъуитIыр щIэхуащ, си Iэпкълъэпкъи зэпкърыхуащ. «СыкIуэу и адэм жесIэн, хьэмэ кабаре дапщэ дэтми щIэспщытыкIын?» – жысIэу си гум къэкIащи, сщIэнур сщIэркъым. Мы дыкъыздэкIуа мыгъуэр зэлIззэфызым увыIэпIэ тхуэхъуа щхьэкIэ, ди хъыджэбзым дежкIэ насып кIуэдыжыпIэщ. ЩIалэу щытамэ, зыгуэрт, игу ирихь къишэмэ, зэфIэкIат, хъыджэбзыр сытым щыгугъын? Мылъку уиIэмэ, узыхуейр зыхэшэжи, псэу. Дэ мылъкуи диIэкъым, дызыщыщ лъэпкъым дакъыхэкIащи, ди лъапсэр ди IэкIэ пытчыжащ. Ар акъылкIэ къыгурымыIуами, псэкIэ зыхищIащ хъыджэбзым. Уи IэфракIэм едзэкъэж – сыт пщIэн, бгъэзэжми, узэкIуэлIэжынур сыт, аргуэру фэнд пщIыуэ

---

*Ехудий – Израилым щыщ.

утIысыжын, узыщIэсын къудей уимыIэу? Журтымрэ хьэрыпымрэ зызэраупсеяти, адыгэм я пыIэкур къраудащ, дэ ди пыIэкум Iуэхур къыщцымынэу ди лъэри къызэраудащ, ди щхьэр здэтхьынум тхуэмыхьу.

Сыгупсысэу сыздэщысым, бжэр къыIуехри Назифэ унэм къыщIохьэж. НэбгъузкIэ къызэплъырэ сыкъилъэгъуа пэти, сыкъимылъагъу хуэдэу зещIри и пэшыжь цIыкIум щIохьэж. Аргуэру «дэнэ ущыIа?» жысIэу сеупщIкIэ мыхьэнэ иIэкъым, уемыупщIуи пхуэшэчын, пхъур уипхъуу, урианэу. Къызэрысыжу и адэм къанэ щымыIэу жесIэжынщ, жысIэу тезубыдауэ махуэр дгъэкIуащ, зэанэзэпхъум зы псалъэ зэжедмыIэу. Махуэр йокIри пщыхьэщхьи мэхъу – Исуф къэкIуэжыркъым, къыщыкIуэж и хабзэр йокI, сэри сыгузавэу къыщIызодзэ, си щхьэгъусэр къыщIэмыкIуэжыр сымыщIэу. Ныжэбэ кIуам си нэбдзыпэ зэтезмылъхьэу нэху сыкъекIащи, сыздэщысым сыщысу сощхьэукъуэ.

Жэщыбгым фIэкIа хъунт, я Iэуэлъауэм сыкъызыщигъэууэ, бжэр хакъутыкI жыпIэну зэадэзэпхъур къыщыщIыхьэжам. КъыщIыхьэжат – къызэрыщIэгуат. Исуф къэгубжьарэ мафIэр къыIурылъэлъу, и пхъум и Iэр иIыгъыу чачэу къилъэфыжат. Назифи сеплъмэ – и нэпкъпэпкъыр зэхэкъутащи, лъыпсыр къожэх.

– А, Исуф, а зи уз кIуэдын, уипхъу закъуэ мыгъуэр укIыкIейуэ умыукI. Гуэныхь къомыхь, – жысIэу хъыджэбзыр къыIэщIэзгъэкIын си гугъэу зыщездзым, Исуф зыкъызэкъуехри къызоуэри сыкъреуд, ар фIэмащIэу къыскIуэцIопкIэ:

– Мэ гуэныхь, мэ гуэныхь! – жиIэурэ и пхъум и Iэр зэриIыгъым хуэдэу, пэшымкIэ щIелъафэри ари кIуэцIекъухь, удыну ирихар фIэмащIэу.

СыкъыщопщыжрисызекIунтIриеу, си щхьэр уназзэу, Назифэ и пэшым сыщIоджадэ, си щхьэгъусэм и пхъур еукIыпэ, дегъэунэхъури дегъэсэхыж жызоIэри. Исуф къопхъуэри Iэ ижьымкIэ и пхъур иIыгъыу, Iэ сэмэгумкIэ си пщэр щеубыдыкIри зэанэзэпхъур натIэкIэ дызэреудэкI. ДеукIыпэ мыбы жысIэу сыгужьеяуэ слъэкI къэзмыгъанэу сокIий, сокъугъ. ДиукIыпэнкIи хъунт, арщхьэкIэ ди гъунэгъухэм дыкъызэхахри бжэрIухагъэххэу щытти, цIыхухъуи цIыхубзи къэсащ. Хъыджэбзым лъыкъуалэр къежэхыу щалъагъум, зыгуэрхэми полицэм хъыбар ирагъэщIати, къэсащ. Исуф полицэр къэкIуауэ щилъагъум, нэхъ Iеижу къэгубжьауэ, унэлъащIэр зэтрикъутэу хуежьащ, Iэпщацэу лIищым зэщIаубыдэуIэхъу иралъхьэху…»

…А жэщым Исуфыр ягъэтIысыну щыщIашым, зыкъигъазэри и фызымрэ и пхъумрэ къажриIащ:

– Мы бжэщхьэIум сыкъебакъуэу унэм сыкъыщыщIыхьа махуэм, Ялыхь, кхъаблэкIэ сыщIегъэхыж.

А мурадыр ищIауэ арагъэнт унэлъащIэ тIэкIури щIикъутар,

кхъуэм и губжьыр хьэм хуехь жыхуаIэм хуэдэу. Езым шэч къытрихьэркъым и фызыр и пхъум ищIэм щыгъуазэу зэрыщытым. Назифэ и къэхьпагъэм къыпэкIуэмкIэ мэпсэу, жиIэу арат и гум темыхуэу и фызри щIиубэрэжьар. Абык Iэ гурыщхъуэ щищIа махуэм лIыр щIэупщIэурэ зригъэщIащ ар здэкIуэ кабарер. ЛэжьапIэм къикIыжа нэужь, унэмкIэ имыгъазэу а кабарем зиудыгъуауэ, гу зылъримыгъатэу щIэплъэмэ, Назифэр зы бэлыхьлажьэу хуэпауэ къофэри лъагапIэ тIэкIум тетщ, кабарем щIэсу фадэм зигу къигъэжанахэри щыгуфIыкIыу хъыджэбз дахэм йоплъ, я гурыIупсыр къажэу. «Зы къамэ сиIатэмэ, сыщIэлъэдэнти, и гущIэм хэсIунтэкъэ», – жиIэу Исуфыр къызэкIуэкIащ, и нэр къыщхьэрипхъуэным хуэдэу. Кабарем ущIэуэкIэ мыхьэнэ иIэтэкъым, Назифи улъамыгъэIэсу уаубыдынути, и гум зишхыхьыжу кабарер зытет уэрамым тетащ жэщыбгым фIэкIыху, итIанэ хуэмышэчыжу щIыхьэри къуэгъэнапIэ гуэрым деж тIысащ, и пхъум къэфэн щиухынум пэплъэу. Музыкэм пичу, Назифэ лъагапIэ тIэкIум къехри залым къыщыщIыхьэм, зы пащIэ цIырхъ гуэр хъыджэбзым къыбгъэдэхутащ, и мурадыр белджылыуэ. «Мыр мыбы и номерым ишэмэ, згъуэтыжынукъым», – жиIэри Исуф зыкъуэса къуэгъэнапIэм къыкъуэлъэтри и пхъум и Iэр зыIэщIиубыдащ: «Укъэзгъуэтакъэ иджы, накIуэ нэкIуэж, уэ пхуэфащэ сэ сыхъунщ», – жиIэри. ПащIэ цIырхъыр хъыджэбзым къыщхьэщыжыну хуежьа щхьэкIэ Исуф еIунщIри щхьэпхэтIыгукIэ стIолым техуэу ириудащ. Ар къэтэджыжыху, зэадэзэпхъур уэрамым къыдэхутауэ къожэ. Исуф и пхъур чачэу елъэф, унэм нэсыжмэ, и гур тригъэпщэхэну. А жэщым езыр тутнакъ ящIыну и пщIыхьэпIэ къыхэхуатэкъым.

Зэанэзэпхъур гъуэгыу унэм къыщIанэри гъунэгъухэри зэбгрыкIыжащ.

Я щIыналъэм къиIэпхъукIахэм къэхъуа щIэпхъаджэр къыщащIэм, зэанэзэпхъум я деж къэкIуащ гузэвакIуэ. «ФызэкIуж» жаIа щхьэкIэ, Мариами Назифи ядакъым: «Дыхуейкъым, зэдэпсэуа дыхъунукъым, дыIэщIэкIуэдэнущ», – жаIэри. ЦIыхубзхэр нэхъ зэгурыIуэнкIэ хъунщ жыхуаIэу я фызхэр къагъэкIуа щхьэкIэ, зэанэзэпхъум яхэзэгъакъым, гъэщIэгъуэну тIури зэакъылэгъути, гурыщхъуэ ящIат Исуф щIикъухьамэ, яхуэфащэу щIикъухьауэ къыщIэкIынщ, жаIэу. Щымыхъужым, ахъшэ зэхалъхьэри Исуф щхьэкIэ шэсу уври кърагъэутIыпщыжати, екIуэлIапIэншэу уэрамым къыданэнт – аргуэру Мариамрэ Назифэрэ я деж къэкIуащ, къелъэIуну. ИкIэм икIэжым зэгурыIуащ, тхьэмахуэм зэ – мэрем махуэм – унэм къыщIыхьэжрэ зигъэпскIыну хуиту, шхын пщтыр ишхыу, джанэ-гъуэншэдж щIагъщIэлъ ихъуэжрэ пIэ къабзэм зы жэщ хэлъыну. Тхьэмахуэм и кIуэцIкIэ адрей махуихым Исуф, уэфIмэ, паркым ит тетIысхьэпIэм жэщкIэ телъщ, щIыIэ хъумэ, уэлбанэмэ, щылажьэм

къонэжри лэч сытхэр зыщIэлъ гъэтIылъыпIэм нэху къыщокI. Зэзэмызэ жэщыбгым и пхъур здэщыIэ кабарем къыблокI-ныблокIыжри и увыIэпIэм мэкIуэж, лэчымэ къыпихыу. «Гуэ-щыжь дызыщIэса мыгъуэр жэнэтым хуэдэти мы сызыхуэзам нэхърэ» – жиIэу Исуф и щхьэм мыгъуагъэ хуихьыж щхьэкIэ, уафэм пкIэлъей едз…

## ХЬЭЩIЭ ЛЪАПIЭ

ЛIитIым жаIэр зэтемыхуэу хъыбар мыфэмыц гуэрхэр къэ-сащи, дегъэгузавэ, тщIэнур дымыщIэу, Iуэхум и пэжыпIэр къэпщIэн щхьэкIэ, укIуэу уплъэн хуейщ. Инэралым жесIати: «Гъусэ къащти, уи щхьэкIэ кIуэи, зыплъыхь, нэгъуэщI бгъа-кIуэмэ, щIалэ гъакIуи кIэлъыкIуэж жыхуаIэм хуэдэ ухъунщ», – жиIэри къыстрикъузащ. Сэри ар нэхъыфIу къызолъытэ, арщхьэкIэ махуэ зыбжанэкIэ си батальоныр къэзгъанэрэ сежьэмэ, зыгуэр къэхъункIи мэхъу, жызоIэри си дзэр мэш. Дыздэк Iуэнум лъэсу фIэкIаи укIуэ хъунукъыми, гъуэгур фIыуэ зыцIыху уи гъусэн хуейщ.

Къумым димыкIуадэу дизышу дыкъэзышэжын, жысIэу адэкIэ-мыдэкIэ сыщ IэупщIати, щIалэ фIыцIэшхуэ къысхуагъэ-кIуащ, къызэрыхъурэ губгъуэрысу мы щIыналъэм исщ, жаIэри. Абы нэмыщI, нэгъуэщI щIалиплI хуэдизи зэхуэсшэсащ, зы махъши ди хьэлъэ тетлъхьэну къысхуашащ, гъуэмылэри псынщIэ-псынщIэу ягъэхьэзыращ, фэндми псыр из ящIри, Iэщэу тIыгъыр хъуржыным итлъхьэри, и щIыIум апельсин тетк Iутэжын хуейти, ари зэфIэдгъэкIащ. ЩыгъынкIи губгъуэ-рысхэм я зыхуэпэк Iэу зытхуэпэну арат, дзэм дызэрыщыщым, дызыхуэзэIамэ, гу лъедмыгъэтэну. Гъуэгу дэзыгъэлъагъунур згъэунэхуну сеупщIащ:

– Махъшэхъумрэ махъшэбзымрэ пхузэхэгъэкIыфрэ? – жысIэри.

ЩIалэ фIыцIэр махъшэм тесу къэхъуамэ, имыщIэу къэнэнт?

Хьэлъэр махъшэм тетлъхьэри, ахъшэм хъуакъэ иджы щы-жыпIэм хуэзэу, щIалитхур си гъусэу гъуэгу дытеуващ. Сэ сщIэххэртэкъым мыбы ягъэкIуэну я гугъар инджылыз офицеру КлобкIэ еджэу, етIуанэрей батальоныр зи Iэмыщ Iэ илъыр арауэ. Инджылыз офицерыр сэ схуэдэу капитант икIи лIышхуэт. Сырыхуфэт, сэ схуэдабзэу, арщхьэкIэ сэ сыздэкIуэм мыкIуэн щхьэкIэ, сымаджэ нэпцI зищIри яхуэкIуакъым. Клоб ягъа-кIуэмэ, нэхъ щIафIэфIам сэри гу лъыстащ: инджылызщ, еху-дийм* япэщIэхуэ хъумэ, нэхъ къыфIэлIыкIынщ, къыщысхьынщ жаIэу арат, Клоб нэхърэ мынэхъ Iейуэ сэ инджылызыбзэ сщIэ пэтми. Пэжыр жыпIэмэ, сэ къыздагъуэн гуэри щыIэт.

Дзэм сызэрыхэтым хуэдэурэ, зэзэмызэ къэзгъэзэжурэ унэ

езгъэщIырт, унащIэм сагурыIуауэ. Унэм халъхьэнур ерагъпсэ-рагъкIэ къэзгъуэтурэ къезгъашэрт. Махуэ къэс сакIэлъыплъу щыттэкъыми, унэр зыщIым унащхьэр пхъэ факIэ яIэтащ, сэ еста пхъэфIыр ящэри. СыкъэкIуэжрэ сеплъмэ – зы уафэгъуагъуэ уэшхыфI къешхмэ, унащхьэр иуэнущ. Унэр зыщIари къысщIо-накIэ:

– Дахэу теслъхьащ унащхьэр, уасэм тIэкIу къыщIыбгъужын? – жеIэри.

– Мыр узотри къомэщIэкIмэ, щIызгъунщ, – жысIэри, пхъэтыку щылъыр къасщтэщ, сеуэри унащIэм и щхьэр зэгуэзудащ, лъыкъуалэр къежэхыу. Iуэхур судым нэсри сигъэтIысыну къадыр си ужь къихьащ. Сэри сыкъэгузэвэжри си инэралым деж икIэщIыпIэкIэ сынэсри сIэщIэщIыхьар жесIащ. Езыри Лондон къикIыжа къудейуэ жэщым жеятэкъыми, куэдыщэрэ къызэлIэлIэну фIэфIтэкъым, ешауэ зыгъэпсэхугъуэ имыхуэу арат.

– Узэуар псэу хьэмэ сымаджэу хэлъ?

– Псэущ. И щхьэр си анэм хуипхэри дигъэкIыжащ.

– НтIэ, зегъэхь адэ – кIуэж.

– Дэнэ? Дзэм сыкIуэжын хьэмэ унэра?

– Дзэм кIуэжи, уи IэнатIэ Iуувэж.

Сэри занщIэу си къулыкъу здэщыIэм сокIуэж, суд сытхэр зэрызехьэу си ужьым ит щхьэкIэ къэзмыгъанэу. Ди адэ-анэри гузэвауэ, ящIэнур ящIэркъым. Къадым судыр щызэхуишэса махуэм хъыбар сагъэщIати, сымыкIуэу хъунутэкъым, инэралым сыщыгъупща е сыкъигъэпцIа си гугъэми, сыщIэупщI эн ескуркъым. Абдеж мотоциклым тесу щIалэ къэсри пакет къызет. Сыту пIэрэ иджы мыбы итыр? Къысхуатхари зы мащIэ дыдэщ: «Си ныбжьэгъу лъапIэу БырмамытI, къэхъуар къэмыхъуатэмэ, нэхъыфIт, итIани абы щхьэкIэ умыгузавэ», – жиIэу арат инэралым къитхыр. Зи щхьэм сеуа унащIэр дохутырым деж кIуэуэ лIэ нэпцI зищIа щхьэкIэ зыри къикIакъым. Сэри мы сыздэкIуэм псэууэ къэзгъэзэжмэ, унащIэр згъэфIэжынщ, жысIэри си гум изубыдауэ сокIуэ.

Дыгъэр зэрыкъухьэу жэщыр кIыфI хъуащ, нэм щIэIэбэр умылъагъу жыхуаIэм хуэдэу. Компас сIыгъщи, зэзэмызэ соплъ, дыгъуащэу къалэмкIэ дымыкIуащэрэт, жысIэу. А къалэр си батальоным яхъумэу мащIэрэ дыдэса – къыдэхъулIакъым. Ехудийр къыттезэрыхь щыхъум, Iэщэри цIыхури къыдэмэщIэкIырти, унафэ къысхуащIат: «ФхуэмыIыгъынумэ, къалэм фыкъыдэкIи, мыдэкIэ фыкъэкIуатэ», – жаIэри. Сэ си Iумэт офицерхэр зэхуэсшэри сеупщIат: «Мыращ Iэтащхьэм я унафэр, дауэ тщIымэ, нэхъыфI?» НэхъыбитIым унафэм ипкъ иту къалэм дэкIын хуейуэ абы нэхъ трагъащIэрт, арщхьэкIэ сэ здакъым: «Фи пашэр сэращ, сэ сыхьэрыпу щытамэ, зыми гурыщхъуэ къытхуищIынутэкъым, ауэ сэ сыадыгэщи, жаIэнур фощIэ – мы

къалэм бегъымбар къыщалъхуащ, хьэрып бегъымбарыр ехудийм хаутэ щхьэкIэ адыгэ гузэвэн жаIэнщи, псори дыкъэрабгъэу ди цIэ ягъэIунщ». Ар щыжысIэм, зауэлIхэу аскэр ахъырзэманхэр сиIэти, си псалъэр къабыл ящIащ. АтIэ дауэ?

– Дызэуэнщ. ДыкъикIуэтынкъым.

– Ехудийр куэдыIуэщ, дапэлъэщын?

– Бегъымбарыр къыддэIэпыкъунщ. Бийр нэхъыбэмэ, нэхъыбэ хэкIуэдэнщ, дэ дынэхъ мащIэмэ, нэхъ мащIэ хэкIуэдэнщ. – А псалъэ дыдэр адыгэм жаIэу инджылызхэм я дзэм адыгэр щапэува лъэхъэни щыIащ. Сэри си гуапэт си гум къишхыдыкIыу си Iумэтым жаIэри, дызэуащ, ди IэнатIэм ехудийр къемызэгъыу, дэри мыхьыр едгъэхьу. Иджы къалэр биийм яубыдами, ди зэранкъым, ауэ ар зыубыдам дапэщIэхуэмэ, ди цыр ящынущи, дыхуэсакъын хуейщ.

ПшахъуэщIым и щхьэфэр вэгъум ещхьу тегъукIа хуэдэу къыпфIэщIми, утеувэмэ, мэщащэ, шыгъу куэдыщэ хэлъщи. ИтIани еплъ, къэрэкъурэ, пабжьэ тIэкIухэм, удз гъэужь гуэрхэм уахуэзэрэ ухэувэмэ, зэтолъалъэ, гъэужь гъужам хуэдэу. Уэшхыпс ина ухуэзэмэ, уефэ хъуну Iэмал зимыIэщ, уи Iэр хэплъхьэрэ къыхэпхыжмэ, тIэкIу дэкIмэ, Iэлъэ хужь мэхъу, шыгъу трещIэри. «Насим» жыхуаIэ жьыбгъэ тIэкIур къыкъуоури мэкIуэдыж.

Дэджэхъу пашэм ещхьу япэ иту кIуэр зэзэмызэ йот Iысэхри пшахъуэ IэшкIэ къещтэ, и Iэгум иреIуэтыхьри пшахъуэмкIэ къещIэ дэнэкIэ дыунэтIауэ дыкIуэми, уеблэмэ къэткIуар зыхуэдизри къыбжиIэнущ. Жэщыбгым деж псынэ тIэкIу иIэу дыносри дотIысэх зыдгъэпсэхуну. Псынэм уефэ хъунущ, шыугъэщ, дыджщ жумыIэ закъуэмэ. Уи псыхуэлIэ иригъэкIынущ. Куэдрэ дыщыси хъунукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ мы щIыпIэм жэщу фIэкIа ущызекIуэ хъунукъым, нэхущым дыгъэр къыщыщIэкIым деж увыIэпIэ къэгъуэтын хуейщ – пщыхьэщхьэ хъухукIэ уздэщысын.

Гъуэгур зыщIыхуу тхэтыр зыщ – Шамум и цIэу, ухуэбэлэрыгъмэ, умысакъмэ, къумым укърйнэу ежьэжын тIэу еплъынукъым, ди къупщхьэлъапщхьэр хьэIуцыдзым зэбграхыжмэ, укIуэдыпащи, дунейр къутэжыху укъэзыщIэн щыIэкъым. Махъшэм пщIэхэлъ нахъутэм и кIапэр Шамум иIыгъыу ешэ, дэ махъшэ лъэужьым дитщ. УзэщIэдэIукIмэ, хьэIуцыдзым я къугъ макъ зэхыбох, уеблэмэ зыгуэрхэр къыдбгъэдыхьэу къыдэIэн къыдамыкуу щыIукIыжкIэ я лъэ макъ зэхыдох. Дэри ди Iэщэр тIыгъыжамэ нэхъыфI щхьэкIэ, хьэIуцыдзым нэхъро нэхъ бзаджэ дахуэзэнкIэ хъунущи, хъуржыным илъыр къитхыркъым. Нэхулъэ къызэрищIу дыкъоувыIэ, зыдоплъыхь, хэщ IапIэ хъун къэтлъагъун ди гугъэу.

Абдежым «шокъу» жиIэу щIалэ гуп дахуозэ, IэщэкIэ къызыхуэт щымыIэу зэщIэузэдауэ. Дауэ иджы? Ахэр щэщI мэхъу,

дэ тхущ дызэрыхъур, ди Iэщэри хъуржыным илъу махъшэм телъщ. Дэ дыкъызыбгъэдэкIыжа псынэм ахэр кIуэуэ ди пщIыхьэпIэм къыхэхуэххакъым. Алыхьым ещIэ: пшахъуэм зыщIахъумауэ нэху ягъэща? Ди псалъэмакъ щызэхахым, гъунэгъуу дызэрагъэкIуалIэри щIым къыщIэпщам хуэдэу ди пащхьэм къихутащ, я автоматхэр къыттраубыдауэ. Я нэхъыжьым и унафэкIэ дыкъащ, арщхьэкIэ зыри ткIэрахын къагъуэтакъым. Гъуэгу мыгъуэ емыжьэн Шамум и жыпым хьэлывэ ныкъуэшх илъу нэхъыжьым щрагъэлъагъум, сэ къызоупщI:

– Уехудий? – жеIэри.

– Хьэуэ.

– ДыкъыбогъапцIэ! Мыбы хуэдэ хьэлывэ зышхыр ехудийщ.

– Хьэуэ. Дэри дошх абы хуэдэ хьэлывэ.

– Дэнэ фыкъикIрэ? Дэнэ фыкIуэрэ?

Абы я жэуапымкIэ дыкъыщежьэм дызэгурыIуати, зедгъэумысакъым, псоми жытIэр зыт, арщхьэкIэ я фIэщ дыхъуртэкъыми, нэхъыжьым зыхуэзгъэзащ:

– Фи фIэщ дымыхъумэ, гъуэншэдж щхьэпсыр ттIэтэнщи, фыкъыдэплъ, – жысIэри.

– Щхьэр умыгъэуз, ехудийми прагъэупщI. – ЩIалэм гурыщхъуэ езыгъэщIыр си дежкIэ гурыIуэгъуэт: сысырыхущи, аращ, губгъуэрыс Шамум срещхьу сыфIыщIэтэмэ, даутIыпщыжри дежьэжат. Ар арамэ, КъурIэным щыщ сурэ сыкъыфхуеджэнщ жысIэнути, псалъэр къызжьэдэмыкI щIыкIэ вертолет макъ къэIуащ.

– Сэ сыехудийкъым. Ехудийр мо къакIуэращ, – щыжысIэм дызыубыдахэр къэгузэващ, псынщIэу зэбгрыжри пшахъуэм зыхадзэжауэ зыщIахъумэ. Дэри зыщIэтхъумэн хуейщ, ауэ нэхъапэ щIыкIэ махъшэр гъэтIысауэ пшахъуафэ брезентыр тепхъуэн хуейщ. Шамум вертолет макъ щызэхихым, и нэр къихуу, пщыIэ зэгуэтым ещхь и пэщхъыным зэрыбауэ хьэуар къемэщIэкIыу гужьеяти, ар щалъагъум, дызыубыдахэм нэхъ я фIэщ хъуащ сэ жысIэм нэхърэ.

Ехудий хабзэт: пщэдджыжь къэси пщыхьэщхьэ къэси вертолеткIэ къумым къыщхьэщыхьэрэ, махъшэ дапщэрэ ялъэгъуами, къетIысэхрэ махъшэм тесыр зрагъащIэу. УапэщIэхуамэ, уисыкIауэ арати, ди махъшэр дгъэтIысри брезент тетпхъуащ, дэри пшахъуэр къиттхъуурэ дыхэгъуэлъхьащ, ди нэкIум фIэкIа къыхэмыщу. Модрей тIасхъэщIэхыу къэзыкIухьхэри къыткIэлъоплъ, дэри тщIэнур тщIэркъым: хъуржыным илъ ди Iэщэхэр къитхыу дыкъалъагъумэ, тIэу емыплъу даукIынущ, къидмыхщи, ди махъшэр къызэралъагъуу вертолетыр къемытIысэхыну Iэмал иIэкъым. ТIасхъэщIэхыу къэзыкIухьхэм дэ къыдащ Iэ дыдэр етщIэж хъунут, зэкъуэхуауэ дапэщIэмыхуатэмэ.

Шамум кIэлъыкIуэ щIалэри фIыщIэщ, лъагъугъуафIэщ,

нэжэгужэщ, псэлъэрейщ жумыIэмэ, дэбгъуэн щыIэкъым. Джихьадщ и цIэр. Мычэму хъыбар жеIэ, и жьэр зэтримылъхьэу, дыхьэшхэн жиIэмэ, езыр мэдыхьэшхыж, къедаIуэми къемыдаIуэми, фIэIуэхукъым. Абы къыкIэлъыкIуэр Iэхьмэдщ, щхьэц фIыцIэщ, и адэр хьэрыпщ, и анэр адыгэщ, ауэ адыгэбзэкIэ къыпыпхын щIагъуэ щыIэкъым, зыгуэркIэ уеупщIмэ, хьэрыпыбзэкIэ жэуапыр къует, адыгэбзэр къызэрыгурыIуам гу лъыуигъатэу. IэщэкIэ IэкIуэлъакIуэщ, нэхъ зыхуэIэзэжыр хьэпщхупщырщ. Псынэм деж дыщетIысэхам мафIэ тIэкIу тщIат, хьэлывэ къыздетхьэжьар дгъэхуэбэжынуи, Алыхьым ещIэ Шамум къызэрилъэгъуар: ашыч хыфIадзэжа гуэрым и щIагъым скорпион щIэсу къилъэгъуащ. ЩIалэхэм «еуи, укI» жаIа щхьэкIэ губгъуэрысым идакъым, «сыт щIэзукIыр, езым зезгъэукIыжынщ» жиIэри. Шамум скорпионыр пшахъуэм тригъэтIысхьэри ихъуреягъкIэ мафIэ дэп къригъэтIылъэкIащ, дэри детIысылIащ тфIэгъэщIэгъуэнуи, доплъ. Скорпионыр адэкIэ еIащ, мыдэкIэ еIащ, кIуапIэ имыIэу къыщищIэм и шэрэзыр и щхьэм хиукIэжри кIэзызу асыхьэту лIащ.

– Хьэпщхупщым я пIалъэр уощIэ, – жиIэри етхуанэу къытхэту иджыри къэс псалъэ жызымыIар къыщытхъури дежьэжауэ дыздэкIуэм, вертолети дыхуэзэну хэт и гугъэнт? Дыбэлэрыгъат. Ар къетIысэх хъумэ, дызэреуэн тIыгъкъым. Модрей дызыубыдахэм зыдгъэпщкIуу щалъагъум, я фIэщ дыхъуауэ къыщIэкIынти, къэтэджри езыхэри ежьэжащ, псынэмкIэ яунэтIри. Дэри ди гъуэгу дытеувэжащ, вертолетыр тщхьэщыкIа нэужь.

Мэкъумылэр мащIэмэ, шкIащIэр шхэрей мэхъу жыхуаIэрати, дэри дыгузэвэщауэ ара – псы ефэрей дыхъури фэндыр къэдунэщIыным нэсащ. Псынэ аргуэру дыхуэзэну Шамум жиIа щхьэкIэ, жыхуиIа къуэм дынэсмэ – псынэр гъужащ. Псы димыIэу адэкIэ хъунутэкъым, диувыкIри псынэ гъужар зэрытхуэщIкIэ нэхъ куу щытщIым, псы кIэнтхъ тIэкIу къыщIэжу къэтлъагъури нэхъри нэхъ кууж тщIащ. Псы къыщIэжар жэбзэху дыщысщ, псыр фэндым из тщIыри махъшэм тетлъхьэжащ. Сэри унафэ сощI си Iизыныншэу зылI зы Iубыгъуэ емыфэну. СыхьэтитI хуэдизкIэ дыкIуауэ уриудыным хуэдэу жьыбгъэ хуабэ къепщэу къыщыщIидзэм, Шамум къызэплъэкIащ, и нитIыр къиху.

– Бад-и-къэсиф къопщэ, къуэгъэнапIэ дывгъакIуэ, – жьапщэр зэрышынагъуэр губгъуэрысым ищIэу къыщIэкIынт.

– Мо сэтей къыхэщым дынэвгъэс, мыбдеж дэнэ зыщыбгъэпщкIун? – жысIэри нэхъ депIэщIэкIыу зыщитчым, е жьым кърихзыха, е езыр къехуэха: махъшэм телъа фэндыр «быф» жиIэу къехуэхри зэгуэудащ. Шамум зигъэщхъауэ кIуэрти, къызэплъэкIыхукIэ фэндым ткIуэпс къимынэу псыр ижащ.

– Iы-Iы-хьы! КIэфий епщэ иджы.

Псы уимыIэу адэкIэ укIуэну Iэмал зимыIэщ. Къыбогъэзэж-ри – дэ къиттхъуа псынэм нэс сыхьэтитIкIэ укIуэн хуейщ, сыхьэтитIкIи укъокIуэж. Псоми ди пэр къыпыхуащ. Шамум уешхыдэ щхьэкIэ къыпыпхын щыIэкъым, псыхьэ уогъакIуэ-ри – къигъэзэжыни. Жьапщэм пшахъуэр щIэIущащэу егъэ-Iэпхъуэ, псы къиуа ежэхым ещхьу. ЛIищыр дыздэщытым къэзгъанэри, Шамум гъусэ сщIыри къэзгъэзэжащ, ди лъэужьыр пшахъуэм щIамыгъэнэж щIыкIэ псынэм дынэсыным сы-хущIэкъуу. АрщхьэкIэ дэнэ – сыхьэт ныкъуэ нэхъыбэ дэмыкIыу ди махъшэм и лъэужьым щыщ щымыIэжу пшахъуэм щIахъумэ-жащи, Шамум псынэр къигъуэтыжмэ, Алыхьым дыкъихъумащ, къыхуэмыгъуэтрэ – къаруушэ дыхъуауэ хьэIуцыдзым дапэ-щIэхуэмэ, скорпионым ищIар дэ зэтщIэжын хуейщ, армыхъумэ цырыцу дафыщIынщ, е ехудийм даубыдынщи, ди анэр тхуа-гъагъынщ.

Дыщхьэрыуэу къумым диту зыкъомрэ къэдджэдыхьауэ, псынэ тIэкIум дыхуэзэжащ. Зы сыхьэт ныкъуэкIэ дыкъэгува-тэмэ, ари махъшэ лъэужьым хуэдабзэу пшахъуэм Iуаенут. Дэри ди гур къызэрыгъуэтыжауэ, фэндым псыр из тщIыжри къэдгъэ-зэжащ адрей щIалищыр къыздиднам. Жьыр нэхъ иныжу къепщэрэ пшахъуэр пшагъуэ гуэрэным нэхърэ нэхъ Iувыжу, плъапIэ къуимыт хъумэ, щIалэхэр чэзууэ къугъыну дагурыIуати, я къугъ макъыр щызэхэтхым, ди гур къызэрыгъуэтыжат. Дызэрыгъуэтыжри ди гъуэгу дытеувэжащ.

Пшахъуэр къиIэту дунейр кIыфI зыщIа борэныр нэхъ кIа-щхъэ зэрыхъуу, бгышхуэ дыздэкIуэр къэтлъэгъуащ. Иджы аргуэру пшахъуэм зыхэдгъапщкIуэу пщыхьэщхьэ пщIондэ дыхэлъын хуейщ, дыкъамылъагъун щхьэкIэ. Пшапэр зэхэуэмэ, къуршым дихьэнщи, увыпIэ дыщылъыхъуэнщ икIи зыдгъэ-псэхунщ, махъшэри дгъэхъуэкIуэнщ, и фэр тIэкIу къихьэжын хуэдэу.

Къуршым уихьэмэ, дэтхэнэ джабэри къащтэ – фэрэкIнапэм ещхьу гъуанэпщIанэщ, бгъуэнщIагъыу иIэр мин бжыгъэкIэ ябж. Къалэу мы Iэшэлъашэм щыIэм унэу дащIыхьар къызыха-щIыкIар мыбы ираша мывэращ. Дэ дыздэкIуэ къалэри бгым япэмыжыжьэу, сэтейм утетмэ, уолъагъу. Къалэ гъунэм пщыIэр къещIэкIауэ Iутщ, къалэм нэхърэ зэрынэхъ мащIэ щымыIэу. ПщыIэ къалэ хъужыр палестин къэIэпхъуахэр арагц. Къалэм дэсымрэ абырэ зызэраупсейри бжьэцу зэрызехьащи, я гум кърихур зэгъэщIэн хуейщ.

Хьэрып къомыр зэакъылэгъу хъурэ ехудийм езэуатэмэ, лъабжьэкIэ ирахри дунейр зэIубз хъужат, арщхьэкIэ дэнэ – я къурмакъейр зэроубыдри зым зыр итхьэлэну и ужь итщ. Ди деж хъыбар къызэрысар зауэ къэхъеяуэ арат, дзэри полицэри Iэжьэгъуу ежьа пэтми, япэмылъэщу. Арат бгъуэнщIагъ гуэр

дитIысхьэрэ нэхъапэ щIыкIэ дак Iэлъыплъмэ, нэхъ сфIэигъуэу къуршымкIэ щIэзунэтIар.

Дешхэ-дефэу, ф Iыуи дыжея нэужь, зытплъыхьщ, зыкъэтплъыхьри ущIэгузэвэн щIагъуэ щыIэу гу лъыттакъым. ПщыIэ къалэм хьэдэ щIэзылъхьэр щыкуэдт. Алыхьым ещ Iэ, зэзауэм хэк Iуэда къомыр щIалъхьэу къыщI экI ынт. Пшапэр зэхэуэу палестин губгъуэрыс къомыр зэгъэжыху бгъуэнщIагъым дисащ, нэрыплъэкI э дыкъаплъэмэ, пщыIэм щIэсым ящIэри адэкIэмыдэкIэ к Iуэри къэкIуэжри тлъагъуу, уеблэмэ пщыIэ къомым уащхьэпрыплъмэ, къалэри уолъагъу, пщыIэ къомри ягъэуващ, уэрамхэр яIэу, дыхьэпIэ-дэк IыпI эр къалэм хуэгъэзауэ. ПщыIэ къомым дыдыхьэри дыщIэупщIащ: «Хэт фи шейхъ тхьэмадэу фи Iэтащхьэр? – жытIэурэ. ПщыIэ дагъэлъэгъуам дынэсри дыкъэувыIащ.

– Ей, щ IэсIа мыбы?

– Хэт фыхуей? – цIыхухъу макъ къоIу.

– Шейхъ тхьэмадэм и пщыIэр мырмырауэ пIэрэ?

– Фыхэт фэ езыр? – жиIэу зыгуэр къыдбгъэдохьэ.

– Ди дзэпщым дрилI ыкIуэщ. Шейхъ тхьэмадэм зыхуэдгъэзэну арат.

КъыдэупщIа лIыр пщыIэм щIохьэжри дызыпегъаплъэ. Куэд дэмыкIыу къегъэзэжри дрегъэблагъэ. Махъшэм Шамумрэ зы щIалэрэ къыбгъэдызонэри, щIалитI си гъусэу цей пщыIэшхуэм сыщIохьэ. Щ IалитIым, я автоматыр япщIэхэлъу, щI ыхьэпIэм деж къыщоувыIэ, сэ жьантIэмкIэ сашэри сагъэтIыс .

– Сыт фхуэсщI эну хьэщIэ лъапIэм?

– ЗэтевгъэувыIэ зэуэныр.

– Дэра зауэр? Дэ къыдэзауэм дозэуэж, ди гугъу къамыщIмэ, зыми и гугъу тщIынукъым, – жеIэ шейхъым. Езыр дахэ-дахэу слъагъуркъым, уэздыгъэнэф тIэкIу тегъэувапIэм тетщи, пщыIэр щIагъуэу къигъэнэхуркъым. Шейхъым и лIы гъусэхэри къеувэкIауэ щытщ, Iэщэ зэраIыгъым шэч хэлъкъым, и Iэтащхьэм и Iэр иIэтмэ, занщIэу зыкъуадзыну хьэзырыпсщ. КъэхъуакъэщIам и хъыбарым к IэщIу драгъэдэIуащ: губгъуэрысхэм псы щамыгъуэтым, я Iэщым ирагъэшхыну удзыр щыгъум, къалэм къетIысыл Iащ, палестин къэIэпхъуахэм къабгъэдэт Iысхьэу. Зыкъомри зэхэсащ къайгъэ къамыгъэхъейуэ, къалэм кIуэрэ псы къашэу, бэзэрым зыхуейр къыщащэхуу, лэжьап Iэ зыгъуэтри Iэнат IэмI ууваyэ, зымыгъуэтым хьэрычэт ищIэу, мэжджытым кIуэнури кI уэуэ. Уеблэмэ къалэм мэру тетым къигъэгугъат пщыIэм щIэс къомыр зэкIэлъхьэужьу махуэ къэс псыхьэ къалэм мыкI уэу, бжьамийкIэ псыр губгъуэрысым къахуригъэшэну, электричествэри къахуригъашэу пщыIэ къэс уэздыгъэ зырыз щIигъэувэну. Ауэрэ бэзэрым дыгъу къыщаубыдати, яукIыну ерагъыу кърагъэлащ, абы ирихьэлIэу наркотик ищэу нэгъуэщI зыгуэри полицэм щаубыдым, ар кърагъэутIыпщыжыну щIалэ

зыкъом зэрыгъэIущу полицэм ятеуа, зыгуэрхэри къауIа – зэрызехьэ хъури къалэм дэсхэмрэ губгъуэрысхэмрэ зызэраупсеящ. Къалэдэсыр зэрогъэкIий: мо пщыIэ къомыр Iуфху жаIэри, губгъуэрысхэми я лъабжьэр фIагъэнащ: дэри дыцIыхущ, губгъуэм дихьэу щхьэ зыдгъалIэрэ, жаIэри. Танкым ису дзэри къахэлъэда щхьэкIэ, цIыхур яхуэшынакъым, нэхъ ерыщ екIуа фIэкIа. МахуитIкIэ зэрызехьэу уэрамым дэтат цIыхури, лажьэ зиIи зимыIи Iэджэ хэкIуэдащ – къалэдэсым щыщи губгъуэрысым щыщи. Нобэ хьэдэр щIалъхьэжащи, аргуэру зэхаублэжынщ.

Шейхъым жиIэм седаIуэу сыщысурэ, зы план бэлыхь си гум къэкIащ.

– АтIэ, тхьэмадэ, сэ жысIэм къедаIуэ.

– СынодаIуэ.

– Нэхъапэ щIыкIэ дэ тIум ди закъуэ фIэкI къэмынэу, псори щIэдгъэкIмэ, нэхъ къезэгъ си гугъэщ.

– ФыкIуэ, фыщIэкI, – жиIэри тхьэмадэр и щхьэгъэрытми си гъуситIми ящIэгубжьащ, сэри си щхьэм къихьар жызоIэ:

– Сэбэп къыпхуэхъунур ныщхьэбэ къызэхуегъэшэс, пщыIэ къалэм фыдэкIи, фызэуэн хуэдэу зывгъэлъагъуэ. Фи хьэдэр щIэфлъхьэжащ, цIыхур я пщыIэ екIуэлIэжащи, филъ фхуэщIэжынумэ, и пIалъэр къэсащ…

Тхьэмадэр дгъэгузэвауэ, си псалъэр къызэпеуд:

– Дыбгъэзэуэнуи?

– Хьэуэ. Фызгъэзэуэнукъым. Мыдэ къедаIуэ: фызэуэн хуэдэу зывгъэлъагъуэ, фэ зытевгъауэ, къуажэ щIыбым мафIэ щыфщI, фызэщIэкъугъэ, фоч вгъауэ, бэрэбан феуэ, фызэрыгъэкIий, сэ сщIэ мыгъуэрэ: мыбыхэм зы бэлыхьлажьэр къыдащIэнущ жевгъэIэ.

– Къалэм танк дэтщ, дзэ дэсщ. Мэру абы тетыр зинэкIэ къалъхуауэ емынэунэщ. Аращ вэсэмахуэ хьэлэч дызыщIар. Уи фэр IэбжанэкIэ тезыхын гуэрщ, къытщысхьынукъым. Къалэм дыдимыгъэхьэну тхьэ иIуащ, дыгъуасэ джэбыныпхъэ къащэхуну бэзэрым кIуар игъэтIысащ. Псы къудей къыдитыркъым а гъуамэм.

– Зэ умыпIащIэ. ЖысIэнур жысIакъым иджыри. Фи цIыхум хьэргъэшыргъэ къаIэту, зэрыгъэкIий сыту зэхэтыху, сэ гъусэ къысхуэщI нэхъ уи дзыхь зэбгъэзым ящыщу зыплIытху хуэдиз, я нэкIур пхауэ. Сэ сшэнщ ахэр зи гугъу пщIым дежи, сеплъынщ, Iуэхур зэрыхъур уэ нэбгъакIуэм къыбжаIэжынщ.

Тхьэмадэр гупсысащ:

– Хъуну пIэрэ ар иджы?

– Хъумэ, хъуащ, мыхъумэ, сыт хэкIуадэр?

Ти, шейхъыр лIыжь Iущти, къыгурыIуащ. ЩIихужауэ щыта щхьэгъэрытхэр къыщIишэжри, тIур си гъусэу нэкIуэну унафэ

ищIри, адрейхэр зэбгригъэкIащ, пщыIэ къалэр къызэщIаIэтэу сэ зэрыжысIам хуэдэу зэрызехьэну, мафIэшхуэхэр лъагапIэхэм тращIыхьыну, къалэм дэсхэм къалъагъун хуэдэу. Дызыхуэ-ныкъуэр машинэ дызэрыкIуэнти, ари шейхъым къытхуигъуэ-тащи, дэри зыдогъэхьэзыр, щхьэж и къалэныр яжыдоIэ. Жасы нэмэз щIыгъуэ хъуауэ къыщIэкIынтэкъым хьэргъэшыргъэшхуэ къыщаIэтам. ПщыIэ мин хъурт губгъуэрысу, палестин къэIэ-пхъуауэ къалэ гъунэм щысыр – цIыкIуи ини къызэрыIэтащ, мацIэ къатеуа хуэдэу. Дэри зиддзэщ машинэми, къалэм дыдэ-лъэдащ. Мэру дэсыр я унэм кIуэжат. И унэр хъумакIуэм къаувы-хьауэ яхъумэ, губгъуэрыс зэрызехьэр къалэм къатеуэу ялъ ящIэжыну аращ зыхуейр, жаIэри. Къалэм и тетыр унэм къыщIэ-плъын шынэу щIэсщ, мэкIэзызри. Дэри машинэкIэ дыщежа-лIэм, хъумакIуэхэр къытпэуващ, дыщIагъэхьэн ямыдэу, арщхьэкIэ сэ тхылъ сIыгът дзэпщым и Iэ телъу, сащIэкIиещ, сепщэдыкъауэри унэм сыщIэуащ, си гъусэхэр зэрызигъусэу. Мэру плъагъур къэпщIэнтIащ, саукIыну къэкIуащ жиIэри, и фэр пыкIауэ бзагуэ хъуным нэсащ.

– Къалэм и мэрыр уэра, тхьэмадэ? – жысIэу сыщеупщIым, «тхьэмадэ» зыфIэсщар сэ нэхърэ куэдкIэ мынэхъыжьу арат. Езыри зэIынауэ, «тIыс» жиIэу дригъэблэгъэфыркъым. Мэрым и пIэкIэ нэгъуэщI гуэр къэпсэлъащ:

– Аращ, Хьэрун Ар-Рашид нэгъабэ лъандэрэ мэр угъурлы дыдэу тетщ ди къалэм, – жиIэри.

– Уи угъурлыгъэр ара яукIа къомыр зытраукIар, Хьэрун Ар-Рашид? Иджыпсту мухъутару къалэм дэсыр къызэхуэшэс. Сэ дзэпщым срилIыкIуэщ, еплъ си тхылъым, – жысIэу си хьэфэ тхылъыр къиспхъуэта щхьэкIэ, хьэрф дэнэ къэна, сэ дахэ-дахэу и нэм сыкъыIуидзэркъым, Iэпэлъапэсыс хъуащи.

– Жэщыбгми?!

Сэри мэрым сыжьэхолъэ:

– Жэщыбгым! Дакъикъэ пщыкIутху пIалъэу узот: къызэ-хуэсрэ – уи насыпщ, къызэхуэмысрэ – уи фызыр уи нэкIэ плъагъуу IуспIэнщи, уэри абы укIэлъызгъэкIуэнщ. Дзэ къеб-джэу апхуэдиз цIыху зэтепIущIэну лъэкIыныгъэ къозытар хэт?

Мэрыр IумпIафIэ къэхъуащ:

– Къызэхуэсшэсынщ, сахьиб. Къызэхуэсшэсынщ. ИIэт, гъакIуэт бжэIупэм Iут щIалэхэр, – жиIэу Хьэрун Ар-Рашид плъагъум къэуIэбжьауэ унэм щIэт щхьэгъэрытым унафэ хуищIащ. – Уэри дзэм я пашэр къысхуэшэ, икIэщIыпIэкIэ къэсыну жеIэ. А угъурсызыракъэ бэзэрым тет цIыхур зэхэзы-IущIар. Алыхьым къыхуигъэгъункъым. Сэри жейм сезэгъы-жыркъым палестинхэмрэ губгъуэрысхэмрэ дауэ дгъэфIэжа хъуну жызоIэри.

– Мухъутархэр къызэхуэсмэ, абы я унафэр тщIынщ. Аращ сэ сыкъыщIагъэкIуар.

Куэд дэмыкIыу зыгуэрхэр къызэхуос, пIэм хэлъу къагъэтэджыжащи, я гум темыхуэу, и ныкъуэми дыхьэшх нэпцI защI, дафIэауану. Сэ зэхызагъэхыну езыр-езыру ину зопсалъэ: «Хэту пIэрэ жейм емызэгъ емынэ шырыр?»

– СщIэркъым: Хьэрун къоджэ жаIэри сыкъалъэфащ.

– Хэтми щыкIа гуэрщ.

Зы гуп унэм къыщIохьэ папщэу, зэрызэгуэпыр IупщIу.

– Мэрыр жейм емызэгъмэ, дэра зи лажьэр? – жиIэу япэ итам къыщыжьэдэкIым, адэкIэ жиIэнум нэзмыгъэсу сеуэщ, сыкIуэцIыпкIэри къызудащ, и пщампIэр субыдщ, къыщыслъэфыжри сыщIэкIиящ:

– Зи уни зи жьэгуи зыфIэкIуэда цIыхур хьэдэлъэмыж пщIыри уи фызым и гупэ угъуэлъыжауэ укъагъэтэджыжа? Щхьэ укъыщхьэщилъэфрэ: иджыпсту фIэкIа пIалъэ имыIэу уссэкIынщ, уи фызыр къыпхуэмеижын хуэдэу. – ЗэрыслъэкIкIэ сеуэри и нэпкъпэпкъри зэхэскъутащ.

Мэрыр къэлъэIуащ, и къуэдзэр сIэщIэкIуадэ и гугъэри: – Дызэвгъэпсалъэ, си хьэщIэ лъапIэ. НэхъапэщIыкIэ дызэвгъэпсалъэ. Абыи хъарзынэу къыгурыIуащ, дызэпсэлъэнщи, нэхъыфIщ. Ар къэпщт щхьэкIэ, Iуэхукъым. Къуэнша щыIэми мыкъуэншаи щыIэщ. ЗэхэдгъэкIмэ, хэт дежкIи нэхъыфIщ.

Къизудар къыщIизудар сэри сощIэж: цIыхур езыгъэукIар армырами, яхэтащ. Абы нэмыщIу, сызыхэтым я пIалъэ сощIэ: пхуэгъэшынэмэ, къодэ Iуэнущ, пхуэмыгъэшынэрэ – уи пщэм къыдэтIысхьэнущ, бэуапIэ къуамыту. Ящыщ къизудащи, адрейхэм я фIэщ хъунущ сазэрыщымысхьынур, нэхъ IумпIафIи хъунущ, езы мэрыр яхэту. Сэри сыувыIэркъым.

– Мо палестинрэ губгъуэрысу зыкъэзыIэтар къэсмэ, хеймрэ мысэмрэ зэхагъэкIыу зэхэтIысхьэн фи гугъэ? Мыбы къызэрыхьыну къэзмыгъакIуэу ерагъыу зэтесIыгъэщ. – Си удыным нэхърэ жысIам къызэхуэсар нэхъ игъэгупсысауэ къыщIэкIынут.

– А зэрыгъэкIий къомыр мыбыкIэ къэкIуэнуи?!

– ЛъабжьэкIэ драхынщ.

– Зи пщампIэ щызудар дурэшым дызодзэ:

– ЗэрыгъэкIийр щIызэрыгъэкIийр ялъ ящIэжыну я Iэпэлъапэ машхэри аращ. МыбыкIэ къэмыкIуэн щхьэкIэ, мыбдеж кърихьэлIар дызэгурыIуэн хуейщ унафэ дыгъэлкIэ.

Мэрыр къызоубзэ:

– ЖыIэ, си хьэщIэшхуэ, уэ жыпIэр ди унафэщ. УкъэзыгъэкIуа дзэпщми жеIэж…

Сэри сыкъызэрыкIащ:

– АтIэ унафэр мыращ: пщэдей фIэкIа пIалъэ имыIэу пщыIэ къэс уэздыгъэ зырыз ялъысу электричествэ яхуевгъэшэнщ. Ар

зы. ЕтIуанэу: кIэнауэ дэфтIыкIынщи, бжьамийкIэ псы яхуевгъэшэнщ. Ещанэу: палестинхэри губгъуэрысхэри хуиту къалэм къыдыхьэ хъууэ, дэкIыж хъууэ, лэжьапIэ къэзыгъуэту Iэнат Iэ Iуувэми зылI зэран хуэмыхъуу, фызэзэгъыу фызэдэпсэунщ.

– Гын ящэми хъуну?

– Зыщэр къэвубыд. ДыгъуэгъуакIуэри къэвубыди, хабзэм ефт. Фыарэзы абык Iэ? – жысI эу сащеупщIым, иджыри къэс сымылъэгъуа телефоныр си нэм къыф Iэуащ. ЗанщIэу секIуалIэри унэр зейм семыупщIу трубкэр къасщтэри мыбы дыкъэзыгъэкIуа дзэпщым и унэм сыпсэлъащ. Мо къызбгъэдэтхэми захахын хуэдэу ину сыпсалъэрт, инэралым сыщIэупщIэу. Абдежым кърихьэлIэу дзэр зезышэри къэсащ, мафIэр и жьэм къыжьэдэлъэлъу, арщхьэкIэ псори зи IэмыщIэ дилъ инэралым и цIэр исIуэурэ сепсалъэу щызэхихым, зиущэхужащ. Сызэпсалъэ дзэпщыр къызоупщI:

– Сыт хъыбар, Фэуаз?

– Хъерщ, зи уз кIуэдын. ЗэкIужауэ я псэр зы чысэм илъщ.

– ЖыпIэр сыт? ЦIыхур зэтраукIэу къалэр ягъэсауэ хъыбарщ. Иджыпсту къэпсэлъами аращ жиIэр: губгъуэрысыр къалэм теуэну зэрызехьэу.

– Къатеуэнукъым. Зыри къатеуэнкъым, тхьэм жи Iэмэ. Уи фI эщ мыхъумэ, къалэм я мухъутарыр мыбдеж щытщ, трубкэр естынщи, еупщ I.

– Сыт сыщIеупщIыр? СынэкI уэнщи, жыпIэр пцIырэ пэжрэ зэхэзгъэкIынщ, хьукумэтым яжетIэжын хуэдэу.

– Укъак Iуэми, тхьэм фIыкIэ укъиихь, дыппежьэнщ, уи нэкIэ уэдгъэлъагъунщ, зи уз кIуэдын.

– ТIэяркIэ сынолъатэ.

– Къэлъатэ. Хъарзынэкъэ. Мис, псоми зэхах.

– Пщэдей сыхьэтибгъум сынокIуэ.

– Дыппежьэнщ, дэгъуэщ.

Трубкэр тызолъхьэжри унэм щIэтым сакъыхэплъэмэ, я пэр къыпыхуащ, мэрым и жьафэр къыIуролэл. Сэри соупщI:

– НтIэ, дызэгурыIуа?

– ДызэгурыIуащ, си хьэщIэшхуэ.

– Сэракъым хьэщIэшхуэр, хьэщIэшхуэр пщэдей сыхьэтибгъум мыбы къосри, дыпежьэнщ жызыIэр фынакIуэ. ГурыIуэгъуэ, сахьиб?

– ГурыI уэгъуэщ, си хьэщIэшхуэ.

Абдежым си къулыкъум хуабжьу зиIэтащ. «Фэуаз» жиIэмэ, «текIуэныгъэ» жиIэу къокIри, а цIэр пхуэмыфащэу къыпфIаща уи гугъэ жиIэу къыздэгушыIаи щыIащ.

## ЛЫГЪЭ

А емынэунэм и гугъу фымыщI, пщIыхьэпIэ Iей флъагъунщ,

жаIэу цIыхур щымэхъашэт Къэрэмырзэ, имыгъэшынэ щымыIэу. Езыр щыпсэур Алыхьым фIэкIа зыщIэ щыIэтэкъым. Нэхъыбэм я гугъэт хьэпсым ис защIэу и дунейр ихьу, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ зыгуэр IэщIэщIыхьыху, ягъэтIысырт, IэщIэмыщIыхьIауи куэд дигъэкIыртэкъым. Зэгуэр хьэпсым къикIыжа къудейуэ уэрамым къыдыхьат, ишхын дэнэ къэна, тутын къудей имыIэу. Уэрам еуэкIыпIэм деж увауэ бэзэрым кIуэ-къэкIуэжым еплъу щытт, ахъшэ зи куэд зи гуфIакIэ хуабэмрэ зыщыгугъ мыхъунумрэ зэхигъэкIыу. Ауэрэ зыгуэрым гу лъитащ и фэмкIэ, и зыщIыкIэмкIэ, и кIуэкIэмкIэ ахъшэфI иIыгъыу.

– КъэувыIэт, си къуэш, – жиIэри Къэрэмырзэ и нэм къыфIэнар къегъэувыIэ. – КъэрэмырзэкIэ зэджэр сэращ: къащтэ сом мин.

– Сом мин сиIатэмэ, лъэслъэбыкъыу уэрамым сыдэтрэт.

– Къащтэ тумэнипщI.

– ТумэнипщIи Алыхьым къызимытамэ, дэнэ къисхын?

– Тумэн! Ухэныпэ нэхърэ лъэпхъуамбыщIэ жаIащ.

Куэдрэ зримылъэфыхьу Къэрэмырзэ кIэригъэху защIэу лIым гу щылъитэм, мыр Къэрэмырзэу цIыхур зыгъэшынэр арауэ къыщIэкIынкъым, къэрабгъафэ къызэзыплъа бзаджэнаджэ гуэрщ, жыхуиIэу зыIуригъэхын и гугъащ:

– Сызыхуэзэм тумэн есту щытатэмэ, си дзэлыфэр тIауэ уэрамым сыдэлътэкъэ, – жиIэри.

Модрейм аргуэру кIэрегъэху:

– Сом тутын кърисщэхуну къызэт, – жеIэри, арщхьэкIэ гурыIуэркъым:

– Сомри си дежкIэ ахъшэщ.

Ахъшэ хуэныкъуэм афIэкIа хуэхьыжакъым:

– АтIэ апхуэдизу уахъшэншэу ущIэпсэуни щыIэкъым, – жиIэри зыкъызэкъуихащ, къеуэри зи гуфIакIэ хуабэу зыхуигъэфэщар пIэтIауэу, лъэкъуауэу ежьэжащ.

Ти, аргуэру Къэрэмырзэу плъагъур хьэпсым ирадзэжащ. Абы и хъыбар уэ зэхэпха, сэ зэхэсха – хэIущIыIу хъуауэ къыщIэкIынти, зауэ къыщыхъейм Iэтащхьэхэм я унафэкIэ хьэпсым ис лIыр ираджащ, абы хуэдэ лIы ахъырзэманкъэ дызыхуэныкъуэр, зауэ-банэу дунейр щихькIэ, дзэм къыхэдвгъаши, ирезауэ жыхуаIэу. Къэрэмырзэр хьэпсым изэшыхьауэ «Iы-Iы» щыжимыIэм, къэрэгъул и гъусэу штабым ирагъэшащ, зэрыщысыну хуеяри хуагъэгъури. ЗдэкIуар къыхуэнэщхъыфIащ, Iэджэм щагъэгугъыу къепсэлъащ, зыхуей илъэпкъыр къыхуащIэну къагъэгугъащ: улIы пхъашэщ, уябгэщ, лIыгъэшхуэ пхэлъщ, уэ пхуэдэращ дзэ зезышэн хуейр, жаIэурэ щытхъупсыр кърагъэжэхати, езыри къэгумэщIауи къыщIэкIынт, щIэупщIащ:

– Сыт хуэдэ къулыкъу къысхуэвгъэфащэрэ?

– Шу бригадэ удотри зешэ, Iэщэу узыхуейм хуэдизыр

къащтэ.

КъэрэмырзэдежкIэбригадэр куэдыщэт, улахуэ къыхуагъэлъэгъуар и пщIыхьэпIэм къыхэмыхуауэ улахуэшхуэщ, нэхъыбэ ущIэупщIэну емыкIущ. Пэжт, дзэуэ къратар бригадэ дыди хъунутэкъым, итIани дзэпщу ущагъэувкIэ, узыхуэчэмыр уэ къэгъуэтыж, улIрэ пащIэ птетмэ. Къэрэмырзэ арыншэми и пащIэм нэхъ зэлIалIэ щыIэкъым. ПащIэр фIыцIэщ, Iувщ, кIырщ, жыжьэу уеплъмэ, япэ уи нэм къыщIидзэр и пащIэращ, абы къыкIэлъыкIуэу фэ вакъэ фIыцIэм ещхь и пэр, лъы къытелъэдэжауэ и нэшхуитIыр, тепщэч ныкъуэ хуэдиз хъу и тхьэкIумэр. Езыри нэпкъпэпкъышхуэ хъужауэ, лIы Iэпщацэжьт, къыпэщIэхуэр зэпкъриуду, дзэм ящыгъ фащэкIэ зихуэпа нэужь, нэхъ лIы бжьыфIэж хъуащ, пыIэ плъыжь щхьэритIэгъам фIэкIа игу иримыхь щымыIэу. Къамэ, сэшхуэ, кIэрахъуэ сытхэри зыкIэримыхыу кърехьэкI, къемыхьэлъэкIыу. Ауэрэ дзэм яхэзэгъа нэужь, Къэрэмырзэр штабым ираджэри я мурадым щыгъуазэ къащI, щызэуэну щIыналъэм и картэшхуэр унэ лъэгум ираубгъуауэ, дзэпщхэр къеувэкIауэ зэхэтщи, кърагъэлъагъур хэт дэнэ деж зыщричу бийм иубыда къалэм теуэнуми. Баш кIыхь зыIыгъым картэм теIэбэурэ къарегъэлъагъу:

– Мис мы къуэладжэм деж танкыр жэщым щызэхуосри заущэхуауэ дэсщ, сигналым къыпэплъэу. Топу диIэр мо къуэгъэнапIэм къыкъуэукIыурэ бийм я топыр, я пулеметыр зэхагъэщащэ, ерплану диIэри мы щIыпIэм къолъэтыкIри къалэ гъунэм деж екIуэкIыу щIытI защIэщи, бийм быдапIэу яIэр аращ. ЩIытIым итри исри бомбэкIэ хьэбэсабэ ящIа нэужь, Къэрэмырзэ и дзэр шым епсыхщ, я къамэ, я сэшхуэ, нэгъуэщI къехьэлъэкIын илъэпкъыр зыкIэрахауэ, ныбапхъэкIэ пщыуэрэ, бий ундэрэщхъуам гу къылъамытэу, йопщылIэри, сигнал зэредгъэлъагъуу, зыкъаIэтри зы напIэзыпIэм бийм я быдапIэм тоуэри топышэмрэ бомбэмрэ къелар зэтраукIэри къалэр къащтэ. ГурыIуэгъуэ? – жиIэри штабыр зезыхьэ инэралыр офицер зэхэтхэм къеупщIащ, Къэрэмырзэ нэхъ зыкъыхуигъазэу. Къэрэмырзэ тхылъ ищIэртэкъыми, картэм итри исри – зыри къыгурыIуэртэкъым, ауэ ар абы тегузэвыхьакъым:

– Догуэ, шындырхъуо дыхъуа, ныбапхъэкIэ щхьэ дыпщын хуей? – жиIэри.

– НыбапхъэкIэ умыпщмэ, узыбгъэдагъэхьэрэ? Я щIыгу унэмысу укъытрагъэбагэркъэ?

– Дыкъытрагъэбагэ дэнэ къэна, дыкъракъухьауи щIы – хъунукъым ар.

– НтIэ дауэ?

– Мо картэм сэ хэсщIыкI щыIэкъым. Сыгъэлъагъу бийр здыдэсри, шым дызэрытесу датеуэнщ, бомбэмрэ топышэмрэ къагъэхъея сабэр мытIысыж щIыкIэ дынэсынщи, бийм зедупсея

нэужь, текIуэр плъагъунщ.

– Ара?

– Аращ.

– АтIэ, хъарзынэщ: къалэр къапщтэрэ – къалэ щIыбагъым щIыуэ дэлъыр къалэр къэзыщтам ялъос. Зауэр зэфIэкIмэ, фызэрыхуейуэ вгуэшыж.

Дзэм ар зэхегъэхи, сыкъыкIэрохури Iыхьэншэ сохъу, жиIэу пIащIэ-тхъытхъыу цIыхур зэрыхьу кIуэнущ. Къэрэмырзэ щIы сиIащэрэт жиIэу щIэмыхъуэпсми, щIы хуэмейуэ дзэм зырызыххэ хэтми аращ. Къалэм дэсари дэкIри ежьэжат дзэм фIэкIа къыдэмынэу, я хьэпи-шыпи дашри нэгъуэщI щIыналъэ итIысхьат, къэралитI зэзауэм я кум дыдэмыкIуадэ щIыкIэ, жаIэри.

Зауэр и пIалъэм хуэмызэу ирагъажьэри топ зыгъауэм ялъэкI къагъэнакъым, ерпланри бийм ящхьэщымыкIыу бомбэкIэ мыхьыр ирагъэхьурэ уи къали сыти умылъагъужу Iугъуэмрэ сабэмрэ зэщIащтауэ Къэрэмырзэ щилъагъум, къэсащ ди пIалъэр, жиIэри инэралым епсэлъащ. Иужьым и шуудзэ къуэгъэнапIэ къуэтыр иришажьэри топышэмрэ бомбэмрэ ягъэундэрэщхъуа бийм «уэхьэхьей-уэтэтей» жаIэу ятеуащ. СэшхуэкIи, фочкIи, лагъымкIи яхуэщIэр ящIащ. Къалэм щыдэлъадэм бийм я танкым, бронетранспортерым хьэлэч къащIу щыхуежьэми къикIуэтакъым. Езы Къэрэмырзэр япэм иту зауэм Iухьат. Огнемет жыхуаIэр а махуэм къащIащ, огнеметым мафIэ бзийр псыутхым ещхьу къиутхмэ, шыри шым тесри мафIэу къызэщIэлыдэурэ щхьэпридзырти, шыр щхьэхуэу, лIыр щхьэхуэу тIури щIыдагъэм хуэдэу исырт, итIани Къэрэмырзэ шыщхьэмыгъазэти, и дзэм къалэр къащтащ.

ЛIыгъэ зезыхьа псоми орден къыщратым тхьэ зэхуаIуащ, я ордену хъуар я бгъэм хамылъхьэу я бэракъым хаIуу, а бэракъыр яIыгъыу адэкIи зэуэну. Къалэ къащтар «фIыгъ» жаIэри дзэм иратри, езыхэр нэгъуэщI IэнатIэ Iуувати, къалэр къызыхуагъэнам яхуэ Iыгъакъым. Куэд дэмыкIыу Къэрэмырзэ къигъэзэжу жэщтеуэ имыщIу хъуакъым. Аргуэру бийм и къарур къызэрогъуэтыж. «Iыгъ» жаIэу къызыхуагъэна щтэрыкхъу къомым яхуэмыIыгъыу иратыжри езы дыдэхэр бгъуэтым къащтэ. Къэрэмырзэ и къару хэщI фIэкIа хэхъуэркъым, итIани унафэ хуащI: иджыри зэ къатетхыжынщ щыблэр зыдэуэн къалэр, жаIэри. Къэрэмырзи ещIэж ещанэу къатехыжыгъуей зэрыхъунур, бийм кIуэ пэтми нэхъ зегъэбыдэ, къару нэхъыбэ зэщIегъэуIуэ, IэщэкIи нэхъ хуэщIащ, итIани Iэпщацагъэкlэ ятекIуэн и гугъэу дзэпщым къегъэзэжри зегъэхьэзыр.

Къэрэмырзэ и дзэм ятрекъузэ:

– Е къыдамытыну дызыщагъэгугъ щIыр къатетхыжынщ, е а щIым дытекIуэдэнщ, – жиIэу. – Зауэм хэкIуэдами къелами я

орден къомыр зыхэIуа бэракъыр къалэм дэдмыхьауэ щыдгъэ-тынкъым, зауэм хэкIуэдам я быныр псэууэ къанэм япIыжынщ. Алыхьым къытхуиухам дыхуэзэнщ.

Шуудзэр ещанэу зауэм щыIухьэм зыкъомрэ кIуащ, къеуэ щымыIэу. Гурыщхъуэ зыщIаи щыIэт: бийр шынэжауэ къалэм дэкIуэсыкIыжауэ пIэрэ, жиIэу. Пщэдджыжь нэмэзт, дунейр бзыгъэт, махуэр хуабэ зэрыхъунум гу лъыуигъатэу. Къалэжь цIыкIу щIызэрыукIыр тыншу плъагъурт, дэтхэнэ унэм щхьэгъубжэ дапщэ хэлъми. Жьыр ди щIыбагъымкIэ къепщэрти, шу къомым къагъэхъея сабэр пшагъуэ гуэрэным хуэдэу япэм ит защIэщи, нэхъ дыкъамылъагъуурэ гъунэгъу захуэтщIынщ, жиIэу Къэрэмырзэ ар и гурыфIыгъуэщ, щIэгузавэ куэд щыIэ пэтми.

Шу къомыр зэрыIыгъыу губгъуэм иту здэкIуэм, мо къалэ гъунэм нэблэгъауэ сэшхуэм и пIалъэр къэсакъэ жаIэу зыщра-чым, лэгъупыкъуищэ зэхэзэрыхьа хуэдэу огнемет къомым къариху мафIэр, лыгъэ зэдза мэз я пащхьэм къихутыкIа хуэдэу, дзэм къажьэхэуащ. Абы ищIыIужкIэ Iэщэу яIэ псомкIи къауэу. Дзэр жыхьэнэмэм и курыкупсэм щихуэкIэ псэ зыIутыр мыгужьейуэ къэнэнт? Шыр яхуэмыкIуэу зыкърат Iэмэ, я сокур къызэщIэлыдэрэ мафIэр къапылъэлъу бгъукIэ еIэрти, е щхьэ-предз, и ужь итми къакIэлъыкIуэ щыIэщи, ягъазэ хъуркъыми, шур зэтрехьэ. МафIэ къыщIэнар игъэункIыфIын и гугъэу ныбапхъэкIэ зыхэзыдзэр япIытI е мафIэ къыпихым шыр егъащтэ. Шы щыщ макъри цIыхум я кIий макъри зэхыхьэжауэ дунейм тетыр зэщIэкъугъэ, зэщIэкIие хуэдэщ. МафIэр къэ-зыутIыпщхэр тыншу плъагъу щхьэкIэ уалъэIэсынукъым, щIытIым уелъэн хуейщи, абы нэмыщIыжу огнеметыр зэрыт танкыр хэтIащ, лагъым сыткIэ упэмылъэщыну. Нэхъ гъунэгъуу уекIуэлIэху, шуудзэр нэхъ зэтощахэ, жьэрымэм бэуапIэ къуи-тыркъым, губгъуэм гъуэзыр итщ, Iугъуэри сабэри зэхыхьэжауэ. Нэвгъази, къуэгъэнапIэм зефт, жиIэу Къэрэмырзэ къигъэзэжыну и гум къэкIа щхьэкIэ, дэнэ укIуэн, губгъуэр джафэщи, топышэм-рэ пулеметышэмрэ уэм хуэдэу къатолъалъэ. Мыра мыгъуэти ныбапхъэкIэ фыпщ щIыжиIар жиIэри, дзэпщым имыдар и гум къэкIыжа щхьэкIэ, щIегъуэжакъым. Шындырхъуом хуэдэу ныбапхъэкIэ упщми, мафIэм сыткIэ укъелынт? УкIиин къудейр уи тэмакъым къикIыркъым, лы гъэлынцIам и мэм уигъэбауэр-къым, цIыхури шыри мафIэр къапылъэлъу щIэпхъуэми, куэд ямыкIуу къытохуэри пIэтIауэ-лъэкъуауэу, къадэIэпыкъуни щымыIэу мэкIуэд. Уи пIэм уитыну Iэмал иIэкъым, уи къарум къихьыху, зыдэбунэтIамкIэ кIуэ, укъелмэ, укъелащ, ухэкIуа-дэмэ, Алыхь унафэщ. МафIэм ихьыр умыщIэу, шэм иукIри мафIэм исыжу, япэ ита шу гупыр кIуэдыкIейуэ напIэзыпIэм кIуэдащ, сэшхуэ къихыгъуэ имыхуэу. Я ужь итам щтэуэ ямы-

гъэзэжу, я шым епсыхри зэрахузэфIэкIкIэрэ къалэм дыхьащ, нэхъыбэр къратыну зыщыгугъа губгъуэм исыхьащ е илIыхьащ. Къэрэмырзэ лъэс зищIри къалэмкIэ еIати, лъэмыжыжь цIыкIу щикIым, мафIэр къыжьэхэуэри и щхьэци и пащIи илыгъуащ, и щыгъыным мафIэр къыщыщIэнэм, и насыпти, и шу лIы гъусэм игъэункIыф Iыжащ, ауэ и щхьэ джабэр пыIэ щхьэрыптIагъэ мыхъужу хьэлэчу щхьэ къупщхьэр плъагъуу исащ, и блатхьэри илынцIащ. Губгъуэм къина шы къомыр фочышэмрэ топышэмрэ яхьащ е шы уанэ зытелъхэм къажыхьурэ зэуапIэм здитым мафIэм ирагъэсащ.

– ДунейкIэ жыхьэнэмэр ди фэм икIащи, ахърэткIэ жэнэтыр къытлъысынущ, – жиIэурэ Къэрэмырзэ цIыху зигу кIуэда хуэзэмэ, и гур фIы хуищIыжырт, зауэр яухыу къалэр аргуэру къащтэжа нэужь. Бригадэм щыщу псэууэ къэнар мащIэ тIэкIут, нэхъыбэр ныкъуэс хъуат, уIэгъэт. Езыр госпиталым ягъэкIуэну щыхуежьэм, идакъым, си пащIэр ягъэлыгъуа щхьэкIэ си гъусэ хыфIэздзэнукъым, жиIэри.

Къалэм Къэрэмырзэр къыданащ, нэгъуэщI дэбгъэтIысхьэмэ, яхуэIыгъынукъым, жаIэри. Орден къомыр зыхэIуа бэракъым хъумакIуэ бгъэдигъэуващ, цIыхури гъущIри зыхьа мафIэм къызэрелар фIэгъэщIэгъуэну. А дзэпщ ябгэр къалэм дэсыхукIэ зыкърапщытакъым, къалэр къытетхыжынщ, жаIэу. Къэрэмырзэ и дзэм щыщу къелам я лъэ къыщIэувэу щилъагъум, къалэ щIыбагъым дэлъ щIыр ягуэшыну хуежьащ. Абы и хъыбар щIыр зейуэ щытахэм щызэхахым къызэрыхьащ, щIыр бгуэшу ддэнукъым, ди мылъкущ, жаIэу. Зи щIи зи къали зыхуэмыхъумахэр губгъуэм дишри Къэрэмырзэ жиIащ:

– Мы губгъуэм илъ мывэ къомыр флъагъурэ? Зы мывэ илъкъым, мывэр къэпIэтмэ, зы щхьэ плъыжь дэ тщыщу щIэмылъу. ЩIыр зэттым лъырэ лIыгъэкIэ къахьащ я щIы Iыхьэр. Зы бжьиз а щIым щыщу фэттынукъым. IэщэкIэ ттефхыну фыхуежьэрэ, мывэ къэс щхьэ зырыз щIэдмылъхьауэ ди Iэщэр дгъэтIылъынукъым.

КъэкIуахэр зэчэнджэщыжри:

– Банэ Iураулъэф мы лIы ябгэм, – жаIэри къыздикIам ягъэзэжащ.

Къэрэмырзэ щIыр игуэшри, езым къаIих щымыIэу, дзэм ныкъуэдыкъуэ хэхъухьати, хэкIыжащ. Шуудзэ хъарзынэр дунейкIэ жыхьэнэмэ мафIэм хэзгъэкIуэдащ, гуэныхь ин къэсхьащ жиIэри, тридзэри хьэжыщI кIуэгъуэм зригъэхьэлIэри хьэж ищIыну ежьащ, зэрежьари адрейхэр зэрежьам хуэдэт? Iихьрэм сыт жиIэу зыхэмытын хэмыту, фащэ къекIу щыгъыу, къамэ кIэрыщIауэ, сэшхуэр гуэлъу, маузерыр гуэлэлу, маузерышэри куэду иIыгъыу гъуэгум теуващ. «Мыр дэнэ – аргуэру зауэм укIуэрэ?» – жаIэрти, къэзылъагъур къыщIэупщIэрт, ар-

щхьэкIэ Къэрэмырзэ зэуэныр зыбжанэ лъандэрэ пичат, дауи пимычынрэ – иджыри къэс и щхьэр мыхъужа дэнэ къэна, и набдзэр, и нэбжьыщыр къэкIыжакъым, и пащIэ Iувышхуэм щыщ къэнамэ, имыупсыжу хъуакъым. И насыпыжьти, и нэшхуитIым лажьи-хъати яIэкъым – хъарзынэу ялъагъу. ОрденитI и лIыгъэм къыпэкIуащи, бригадэм я бэракъым хиIуауэ хэлъщ, лIыгъэм и дамыгъэм дежкIэ ар нэхъ къекIуу къилъытати.

Жылэр хьэжыщI кIуэмэ, япэрауэ, Чэбэм къыщыщIадзэри тхьэмахуэ енкIэ хабзэм къигъэлъагъуэр ящIэ, андез ящтар мыкъутащэрэт, жаIэу тегузэвыхьу. Къэрэмырзэ япэ здэкIуар Мадинэщ. Мухьэмэд бегъымбарым и кхъэр зыщIэт мэжджытым нэсати, хъумакIуэ Iутхэм къагъэувыIэ:

– Мыр дауэ: сэшхуэкIэ узэщIэузэдащ, хьэжыщI укъэкIуа хьэмэ зэуакIуэ укъэкIуа? – жаIэри.

– ХьэжыщI сыкъэкIуащ, гуэныхь къэсхьар згъэгъуну.

– АтIэ зыкIэрых уи Iэщэр, андез щтэ, Iихьрэм зыщытIагъи, ущIэдгъэхьэнщ.

– Хьэуэ, IэщэкIэ сыкъызыхуэт щымыIэу Мухьэмэд бегъымбарым зыкъезгъэлъагъумэ, и гуапэ хъунщ, лIы хуэдэлI си пащхьэм къиуващ, жиIэнщи.

ХъумакIуэхэм захъунщIащ, адэкIэ жащ, мыдэкIэ жащ, зыгуэрхэри къашащ, арщхьэкIэ Къэрэмырзэ заIэщIиудщ псоми, мэжджытым яфIыщIыхьащ, хъумакIуэхэм ящIэнур ямыщIэу къызэхинэри. Мухьэмэд бегъымбарым и сыным теIэбэри и щхьэ хужиIэж хуэдэу:

– Ей, си ныбжьэгъуфI, уэ мыбы ущIэзыхуам сэри мафIэ къызадзу сагъэс пэтащ, – жиIащ. Дзэпщым абы кърйгъэкIыр: дэ тIум ди натIэ илъари ди насыпри зыщ.

Къэрэмырзэ Мадинэ къалэм фIэмыкIыу къигъэзэжри къэкIуэжащ, Мухьэмэд бегъымбарым и гукъеуэ жриIэри и бампIэр игъэтIысауэ.

## ВИТI

И фыз нэхъыжьым игъэхьэзыра гъуэмылэр и фыз нэхъыщIэм къихьри вэуэ губгъуэм ит Дуду игъэтхъэжащ. Езыри ешат, махуэр шэджагъуэ нэужьым нэсати, витIыр щIигъэхури вытIощыщIэр ярылъу иутIыпщат, тIэкIу загъэпсэхумэ, щIэсщIэжынщи, къэнэжар нобэ сымыухми, пщэдей сыухынщ, жиIэу. ФIыуэ шха нэужь, жьэуапIэм здыщIэсым жейр къытеуащ. И фызыр иутIыпщыжри, тIэкIу зигъэпсэхумэ фIэигъуэу Дуду зигъэукIуриящ, витIым гъэужь къалъыхъуэу губгъуэм иту.

Куэдрэ жея, мащIэрэ жея, Дуду къызэщыурэ зиплъыхьмэ – витIыр бгъуэтым къащтэ. Iуащхьэ тIэкIу илъэгъуати, кIуэри

дэкIуеяуэ зиплъыхьа щхьэкIэ, витIыр илъагъуркъым, узэупщIы-ни Iэшэлъашэм щыIэкъым. Псы хуэлIамэ, псымкIэ кIуагъэнщ жиIэри псы цIыкIу ежэхымкIэ кIуащ – щыIэкъым, къуакIэбгыкIэ гуэрхэм хъуакIуэу дэмыту узиIэ жиIэри зиплъыхьа щхьэкIэ, витIыр кIуэцIрыхуам хуэдэщ. Унэм кIуэжа и гугъэу, къуажэм къигъазэмэ, «тлъэгъуакъым» жаIэу фызитIри мэгузавэ, губгъуэмкIэ къакIуэмэ, пхъэIэщэр здэщылъам деж щылъщ, и хьэпшып тIэкIури аращ. Мо къуажэ гъунэгъум мыкIуауэ узиIэ, жиIэри Дуду къуажэ мыжыжьащэмкIэ иунэтIащ, куэд мыщIауэ а къуажэм я щхьэлым ху иригъэужьгъыну ишати, витIым фIыуэ зыщагъэпсэхуауэ щыташи, тхьэм ещIэ аргуэру щхьэлымкIэ кIуа? ВитIыр щхьэлымкIи мыкIуауэ къыщIэкIащ. Азэн джапIэм къехыжа къудейуэ ефэнды гуэр щыхуэзэм емыупщIу хъунт?

– Уа, ефэнды, азэн джапIэм утету азэн ущыджэм лъэныкъуитIымкIи зыбгъазэурэ уджащ, си витIыр умылъэгъуауэ пIэрэ? – жиIэри Дуду ефэндыр къигъэувыIащ.

– Хьэуэ, слъэгъуакъым. – МуIэзинми имылъэгъуауэ къыщыщIэкIым, Дуду и гур кIуэдыпащ, езыри ешащи, къару къыхуэнэжакъым. Иджы хэти уеупщIыну, дэни укIуэну? Пшапэри зэхэуащи, тIэкIу дэкIмэ, кIыфI хъунущ, улъыхъуэу къэпкIухь щхьэкIэ мыхьэнэ иIэкъым. Ауэрэ жэщ къыщытехъуапэм гуэщыжь уэрамым къытету щилъагъум, «хамэ къуажэ къэзджэ-дыхьу сыдэмыту, мы гуэщым нэху щызгъэщынщи, пщэдей жьыуэ аргуэру сылъыхъуэнщ», жиIэри Дуду гуэщым щIыхьэри плIанэпэм деж хьэуазэ тIэкIу зыгуэр тепхъуауэ дэлъу гу щы-лъитэм кIуэри гъуэлъащ.

– ХьэIуцыдзым яшхын си витIыр дэнэ кIуа? – жиIэу Дуду куэдрэ щылъа щхьэкIэ, жейм хилъафэу щыхуежьэм, гуэщым зыгуэр къыщIыхьауэ Iэуэлъауэ и тхьэкIумэм щицырхъэм, къызэщыури къэгузэващ, гуэщыр зейм сыщIихужыну армырауэ пIэрэ, жыхуиIэу. АрщхьэкIэ къыщIыхьар цIыхубзт, щабэрыкIуэт, шхыни узэфэн тIэкIуи иIыгъыу. «Ярэби, сыту цIыхуфIыщэм я гуэщ сыкъыщыхута, сагъэхьэщIэну шхын къысхуахьащ», – жиIэу и гурыIупсыр къэжа щхьэкIэ, цIыхубз къыщIыхьар къыбгъэдэтIысхьэри зиущэхуауэ къеIущэщащ:

– Уэра ар?

– Сэращ, – Дуду дыхумэ дахэр къыщIихьащи, зыхуихьынур ищIэркъым.

– НтIэ нэхъапэ щIыкIэ дыджэгун хьэмэ ушхэну? – жиIэу къыщеупщIым, Дуду цIыхубзым зыдищIу щэхуу жиIащ:

– Дыджэгунщ. – Иджыт Дуду къыщыгурыIуар хьэуазэ IэплIэм зыгуэр тепхъуауэ плIанэпэм щIыдэлъыр. Дыджэгуа нэужь сигъэшхэнущ, жиIэу арат Дуду и гурыфIыгъуэр.

ЛIым иригъэлеяуи къыщIэкIынтэкъым, цIыхубзыр зэры-щыуам гу щылъитэм къэтэджыжри тепщэчым илъ шхынри ипхъуатэри мэкIуэ-мэлъей, кIэбгъу ищIри пIащIэ-тхъытхъыу гуэщым щIэбзэхыкIыжащ, зив кIуэдар зыдэщылъым къыщи-нэри. Жэщыр дэнэ нэсами пщIэнукъым, зэзэмызэ хьэ банэ макъ къоIу армыхъу, Iэуэлъауэ лъэпкъ щыIэкъым. ЦIыхубзым къызэщIигъэплъа лIыр жейм емызэгъыжу щылъти, сытэджу щхьэ ди унэ сымыкIуэжрэ, жиIэу щылът, къаруи псэруи къыхуэ-мынэжауэ.

Бжэр къыIуех зыгуэрым. ЦIыхубзым къигъэзэжа и гугъэу Дуду и Iупэм къэсат: «ВакIуэ сыздитым си витIыр кIуэдри сылъыхъуэурэ жэщ къыщыстехъуэм мыбдеж зызгъэукIури-ят», – жиIэу къригъэкIуэкIыну, арщхьэкIэ Дуду къэпсэлъэным нэмысу лIы гуэр къыбгъэдыхьэри къызэрыгубжьар IупщIу къеупщIащ:

– Хэт мыбдеж щылъыр? Ы-ы!

Зив кIуэдар «сархъ» жиIэу къызэфIэтIысхьэри цIыхубзым жриIэну и гугъар цIыхухъум жриIащ, тIэкIуи къыщIигъури:

– Нэху зэрыщу сытэджынурэ сежьэжынущ, си витIыр къэзмыгъуэтыжыну Iэмал иIэкъым, вэныр пщэдей сыухынурэ жылэр ссэнущ вагъэр мыгъуж щIыкIэ.

Гуэщым къыщIыхьа лIыми хабзэшхуэ хэлъщ:

– Iэу, зиунагъуэрэ, мыбдеж ущылъ хъун? Неблагъэ унэмкIэ, удгъэхьэщIэнщ. Дэри хабзэ тхэлъщ, емыкIущ, хьэдэгъуэдахэщ. Ди хьэщIэ гуэщым щIэдгъэлъу цIыхум дызэхахмэ, дагъэ-емыкIунщ. НакIуэ, тхьэм щхьэкIэ. Махуэ псом къэпкIухьамэ, умэжэлIауэ къыщIэкIынщ, – жиIэу.

– Ягъэ кIынкъым. ХьэщIапIэуи сыкъэкIуакъым, тхьэм фи хьэщIэ куэд ищI. Сежьэжми, хъуну къыщIэкIынщ. Джэд дапщэрэ Iуауэ пIэрэ? – жиIэ щхьэкIэ, Дуду хьилэкIэ зэлIэзэфызыр и ужь къиуvауэ, бзаджагъэ гуэр я мурад къыфIэщIу шынэрт.

– Уэлэхьи, мыхъун. Жэщыбг хъуами аращ. Дауэ удэдгъэ-кIыжын ди шыгъупIастэ уэдмыгъэшхыу, удэтхужа хуэдэ? НакIуэ. Сэри жьыуэ сыкъотэджри мэжджытым сокIуэ, зэгъусэу дыкъэтэджынщ.

ХьэщIагъэ кърахым Дуду елъэпэуэфакъым. Гурыщхъуэ ищIми, унэм щIыхьащ, щтэIэщтаблэу зиплъыхьати, нэгъуэщI щIэсу щимылъагъум, лIым и закъуэу псэу и гугъащ. Бысымым и гъуэлъыпIэм иришалIэу «хьэщIэр» щигъэгъуэлъым занщIэу гу лъитащ бысымыр зыхэлъа пIэ хуабэм къызэрыхэхутам, арщхьэкIэ ирикуакъым еупщIын: «Уи закъуэу упсэурэ?» – жиIэу. Арыншами езы бысымыр мэгъумэтIымэ: «Мыр дэнэ кIуа жэщыбгым, витIым ещхьу бзэхаи». «Мыр» жыхуиIэр, дауи, и фызыр аращ, тхьэм ещIэ, гуэщым ныщыщIыхьам ар зыхуэзэн

и гугъар нэгъуэщIу къыщIэкIынт, иджы жэщ кIыфIым абы зыщигъэпщкIу къуэгъэнапIэр хьэпщIэу уимыIэу бгъуэтыххэнкъым. ЛIыр унэм щIэкIащ, и фызыр къигъуэтыжыну, хьэщIэр мэгузавэри пIэм хэзагъэркъым.

Куэд дэмыкIыу фызыр къыщIохьэжри зиудыгъупэурэ гъуэлъыпIэм къокIуалIэри къогъуэлъыж, пIэм хэлъыр и лIыр ара и гугъэу. АрщхьэкIэ жэщ хьэщIэр зэлIзэфызыр зыхэлъа пIэм къыхэхута зэрыхъуар къыхуэмыщIэу къоуIэбжь:

– Аргуэру уэра?

– ВакIуэ сыздитым си витIыр кIуэдри… – жиIэу Дуду гуэщым щыжиIэну и мурадар къыщригъажьэм, фызыр емыдаIуэу къыщолъэт, цыджаным хуэдэу къызэкIуэкIауэ:

– Алыхьым дихыжын, уи витIыр си щIыбым илъу къесхьэкI уи гугъэ? СкIэрыкI.

Дуду къотэджыжри хьэм ирахужьам ещхьу дожыж, лIым сыкъимылъагъуу саIэщIэкI закъуэмэ, си витIыр зэпытрэ зэкIэсу укIуэ, си унэ си псэр схьыжмэ аращ, жыхуиIэу. КъэкIуэжмэ, и витIыр къэкIуэжауэ бэкхъым щIэтщ, фызитIри гузавэу жейм емызэгъыу унэм щIэлъщ.

## ХЬЭСЭПЭХЪУМЭ

Дунейм пэжкIэ утемытынумэ, ущIытетыххэн щы Iэкъым, жиIэу арат Дэрдэхь и псэлъафэр, пцIы зыIэщIэкI хуэзакъэ – жиIэнур хьэзырт: улIу пащIэ щIыптетын щыIэкъым, си къуэш, кIуэж уи уни, уи пащIэр егъэупс. Езыри арат, игъащIэм цIыху къигъэпцIакъым е шынэу пэжыр ибзыщIакъым, къимылэжьаи зрилъэфэлIэну щIэхъуэпсакъым, къилэжьар и Iыхьэти, зыгуэр хуэныкъуэ щхьэкIэ къищтэну Iэмал зимыIэт, къилэжьар мащIэми куэдми, бынунэм яхурикъурт. Куэд къилэжьамэ, куэд яшхырт, мащIэ къилэжьамэ, етIанэгъэ нэс зэрагъэзэхуэн хуейт, и унагъуэми хабзэшхуэ илът, быныр цIыкIу щIыкIэ хабзэм ирагъасэу.

Зэгуэр Дэрдэхьу плъагъур къадым иреджэ: «Уи гъунэгъур мэтхьэусыхэ, уэрамым и гъунэгъу дыдэу псыунэ тепщIыхьащи, гъэмахуэми щIымахуэми блэкIым я пэр щаубыдыкIауэ уи унэм блокIыр, жаIэри. Ара Iуэхум и пэжыпIэр?»

Дэрдэхь дунейр къутэжыхук Iэ пцIы пхуиупсынутэкъым:

– Пэжщ. Псыунэр пщIантIэм плIанэпэ дыдэм дэсщIыхьащ. Си унэм к IэрысщIыхьмэ, нэхъ Iеижщ, жэщи махуи умыбауэу пхуэшэчын? Къэтхьэусыха дыдэр си гъунэгъущ, ди бжьыхьэ-

кIапэ зэпыту.

Гъэ къэскIэ Дэрдэхь къуажэр зэрыкъуажэу къелъэIурти, хьэсэпэхъумэу ягъэувырт, «уцIыху хьэрэмыншэщ, пэжкIэ уопсэу» жаIэрти, ноби хьэсэпэ ихъумэу щIэщIым тесу къытрашри къадым деж къашат, адыгэ зыхуэпэкIэу хуэпауэ: къэптал тIэкIум и щIыIукIэ бгырыпх фIыцIэ щI эпхауэ, кI эрахъуэжь гуэри гуэлэлу, гъуэншэджым щыдэжын Iэджи щыдэжауэ, и лъэми лъэдакъачэхэм яхуэмыдэу вакъитI илъу, пыIэр IэкIэ иIыгъыу къадым и пащхьэм итщ. Дэрдэхь щхьэкIэ тхьэусыхахэри къраджауэ зэхэтщ, я гъунэгъум нэмыплъ кърахыу.

Къадым идэркъым:

– Теч уи псыунэр, – жеIэри. Гъунэгъухэр щIэтхьэусыхар армырами, заущэхуащ, Дэрдэхь къадым къызэригъэгузэвар я гуапэ хъури. Абы я тхьэусыхафэр къызыхэкIар нэгъуэщIт. Хьэсэпэхъумэм зи жагъуэ ищIа яхэтт, зым и жэм мэшым хыхьауэ щилъагъум къыхехури жэмыр зыхэта хьэсэр зейр ищIэрти, ехури жреIэ: «Мы жэмыр уи хьэсэм хэтащи, жэмыр зейм къадыр егъэтхьэкъу е жэмыр къэши, шэ къыщIэпшыр уи хьэлэлщ», – жиIэу. Жэмыр Iуэм ираубыдэри итщ, зейр къыкъуэкIыхукIэ, къыкъуэкIакъэ – зодауэ, зоныкъуэкъу. Къадым и деж щыкIуи куэдрэ къохъу.

Мэл, бжэн къыпэщIэхуэми, аращ – зи хьэсэ хэтам деж ехури еущий: «ДахэкIэ угурыIуэрэ – хъарзынэщ, угурымыIуэрэ – мэлым я цыр щыи, узыхуей щIы», – жеIэри езыр губгъуэм докIыж, щIэщIыр лъагэу ищIащи, докIуеижри зиплъыхьу тесщ, зы Iэщ гъавэм химыгъэхьэу, уеблэмэ къуалэбзу къетIысэхмэ, фочкIэ яхэуэурэ зэкIэщIихурт. Зи Iэщ зыутIыпщ зи хабзэр хьэрыпхэр арати, адыгэмрэ абыхэмрэ зэныкъуэкъурт, зэфIэнэрт, зэкIужырт.

Мэшыр хъурэ гъавэр Iуахыжа нэужь, хьэсэпэхъумэм фIы-щIэшхуэ хуэзымыщI къуажэм дэскъым, арауи къыщIэкIынщ Дэрдэхь и гуэныр нэщI хъуауэ гъэ щIытемыхьэр. Езыри лэжьэ-рейщи, гъэ къэс и мэшыр мэбагъуэ, хадэхэкI хилъхьами, къо-хъулIэ, хъарбыз хадэ ищIами, ищэни хурокъури, хъарбызым и пIалъэ икIыхукIэ и сабий игъэхъуапсэркъым.

А псор къадым ищIэрэ имыщIэрэ тхьэм ещIэ, езы Дэрдэхь ещIэж и хьэрып гъунэгъухэм я гум къыдихур… Арауэ къыщIэкIынт къадым «теч» щыжиIэм хьэсэпэхъумэм и гум щIытемыхуар:

– Дэнэ схьын тесчу? Си пщIантIэр выфитI хуэдизщ зэрыхъур.

– Дэни хьы, цIыхур умыгъэтхьэусыхэ. Уи гъунэгъухэм ягъэтхьэусыхэркъыми! Къуэш егъу нэхърэ гъунэгъуфI жиIащ пасэрейм.

– Си гъунэгъур щIыб икIынумэ, зэращIыр нэхъыфIмэ, сэри

схузэфIэкIынщ, – жи Iэри Дэрдэхь игъэтхьэусыхахэм ящыщ зым епщэфыкъауэри, и джанэ кIыхьыр къыщиудри зыщикъуащ, джанэкIэр дызохьей сыт жимыIэу, и гъуэншэджыр щигъэху ищIри къадым и пащхьэм щетIысэхым, къадыр, хьэрып лIыжьт, къэгужьеяуэ къыщылъэтащ:

– ФыщIэк I иджыпсту! ФIыщIэк I псори. ФыкIуи, фэр-фэру фызэгуры Iуэж, – жиIэри судыр абдеж щиухащ, ириджахэри къиутIыпщыжащ.

А зэм Дэрдэхь къадым IэщIэкIыгъуафIэу IэщIэкIа щхьэкIэ иужьым лъапэзэвыпIэ иуващ, и жагъуэгъухэм я гур къытепщэхэн хуэдэу. Арауи къыщIэкIынт и натIэм илъыр, пэж фIэкIа и жьэ псалъэ къыжьэдэмыкIыну шэсыпIэ иува хуэдэу дунейм щытеткIэ. Дэрдэхь ихъумэр хьэсэпэ къудей? Пэжым нэмыщIауэ хабзэри, напэри, нэмысри ихъумэну и пщэ къыдалъхьа хуэдэщ. Хьэсэм хьэсэпэ бжыхь жаIэри гъавэм Iэщ хэмыхьэн щхьэкIэ зыгуэр яуцIырхъри гъавэр кърахьэлIэжа нэужь, бжыхь т IэкIури Iуахыж. Пэжыр, напэр, хабзэр хьэсэпэ бжыхькъым, мывэ сэрейкIэ къэпщIыхьами, зэхамыутэу пхуэхъумэн?

– Ар мыпэжмэ, си пащIэр уэзгъэупсынщ, – жиIэу Дэрдэхь и псэлъафэт. Езыми пащIэ къекIу тетт, и кIапитIыр дэгъэджэрэзеяуэ. ПащIэ фIыцIитIыр щIыдэгъэджэрэзеяри фэрыщIыгъэтэкъым. Зи пащIэ кIапэ къелэлэхым щIыхуэ хуэмытыжын телъщ, дэгъэджэрэзеямэ, щIыхуэ илъэпкъ темылъу, цIыху къэзыгъэукIытэн яхуэзэнк Iэ мышынэу тыншу мэпсэу, жиIэу арат.

И хъыджэбз цIыкIуу илъэс пщыкIузым итыр и гъусэу Дэрдэхь Iэщэ-фащэ зыщэ тыкуэн цIыкIу гуэрым деж къэувыIат, кIэрахъуэшэ къищэхуну. Зыхуейм хуэдиз къищэхури и кIэрахъуэжьым шэ ирилъхьэу здэщытым, и цIыхугъэу лIып Iэ иува хьэрып гуэр къабгъэдыхьащ.

– Сэлам алейкум!

– Уалейкум сэлам!

– К Iэрахъуэшэ къэпщэхурэ?

– Къызощэху. Хьэсэпэхъумэу аргуэру тхуэув жаIэри къуажэр къызолъэI у. Фочышэрэ кIэрахъуэшэрэ ущыхуей куэдрэ къохъу.

Дэрдэхь кIэрахъуэм шэр из ищIри, кIэрахъуалъэм изолъхьэж иджы щыжиIэ дыдэм лIы къыхуэзар хъыджэбз цIыкIум къеплъри гу лъитащ ар хъыджэбз дахэ дыдэ зэрыхъунум икIи, къехъуэпсауэ къыщIэкIынти, Iуимыгъэк Iыжу занщIэу къэпсэлъащ къехьэкI-нехьэкI хэмылъу:

– Дэрдэхь, уи хъыджэбз цIыкIур къызэт згъэфызыну, – жиIэри.

Дэрдэхьи зыкъызэкъуихри кIэрахъуэр къытриубыдэри къеуащ:

– Мэ, узот, – жиI эри.

Шэр тхьэкIумэ лъабжьэм хуэзэу техуэри щхьэбгъур триудащ. ЛIым лъыкъуалэр къежэхыу щиуIэм, хъыджэбз цIыкIур шынати, и адэм и Iэр иубыдри Iуишыжащ. УIэгъэ хъуам тыкуэным щIэлъ Iэщэ къомым щыщ къиищтэу къеуэн и гугъат. Къэхъуа-къэщIар къуажэм зэхамыхыу къэнэнт? Дэрдэхь и къуэши и шыпхъуи къэгузэвауэ къызэхуэсащ, ди къуэшым щIэщхъу IэщIэщIащ, ягъэтIысри и бынунэр зеиншэу къонэ, жаIэу. Жьыри щIэри зэакъылэгъуу Дэрдэхь йолъэIу:

– КIэрахъуэм шэ ислъхьэ пэтрэ къысIэщIэуащ жыIи, зыгуэру зыщхьэщегъэх. Е делэIуделафэ зытегъауэ. Сыти щIэ, пцIы гуэр упс, – жаIэу арат псоми зытращIыхьыр.

АрщхьэкIэ Дэрдэхь лъэпкъым я нэхъыжьи нэхъыщIи зыхигъэзэгъакъым:

– ИгъащIэм пцIы сымыупсауэ сыт щIэзупсыр? Пащтыхьхэр тохьэ, токI. ТекIам игъэт Iысыр техьэм къеутIыпщыж. СагъэтIысмэ, сэри зыгуэрым сыкъиутIыпщыжынщ, – жиIэри.

Дэрдэхь ягъэтIысат, ауэ къуажэм я хьэтыр къалъагъури хьэсэпэхъумэр куэдрэ щагъэсакъым.

## ГУЩIЭГЪУ

Дахэуэс и сабиитIыр дешыжри и дыщым мэкIуэж, жаIэу хьэблэм хахьати, зыми ягъэщIэгъуакъым, и гуащэ тхьэмыщкIэр хэту пIэрэ къызыхуигъанэр жаIэу щIэупщIа фIэкIа. И гуащэм нысэ бзаджэ къызэрыхуэмейм гу лъызымытаи хьэблэм цIыхубз дэстэкъым. Нэхъыбэу ар гукIи псэкIи зыхэзыщIэр езы Дахэуэсщ. Хьэблэ зыхэсым нэмыплъ кърагри, хьэдагъи ирекIуэ, нысаши ирехъу, псэ зыIут нэкIэ къеплъыркъым, «дауэ ущыт?» жаIэу зыри къыщIэупщIэркъым, дунейм тетми темытми, зыуи кърадзэркъым, и Iэ къудей къэзубыд щыIэкъым. Апхуэдизу цIыхум Iумпэм къащIын щIэхъуар езым ещIэж, арщхьэкIэ хущIегъуэжа фэр зытригъауэркъым.

– Дапщэщ дэкIыжыну пIэрэ? – жаIэу гъунэгъу фызхэр къуэгъэнапIэ къыкъуэплъ щхьэкIэ, сэлам кърахыжыну, псалъэ дахэ къыжраIэну зи гум илъ яхэткъым. И гуащэ ныкъуэдыкъуэ мыгъуэр унэ нэщIым къыщIэнэну пIэрэ, жыхуаIэу аращ зытегузэвыхьыр.

Дисэ мыгъуэри ныкъуэдыкъуэ зытехъухьар и нысэ бзаджэм щысхьа мыгъуэти, аратэкъэ. Си нысэр уэндэгъущи, хьэлъэ къебгъэIэт хъунукъым, жиIэри езым унэр ятIэ зэрихьэну и ужь ихьат. КъэпкIэ ятIагъуэ и щIыбым илъу къихьурэ, хукхъуэри, вэнвейри, псыри лъащхьэ дэхьеяуэ ятIэр зэхиутащ. Унэм пкIэлъей иридзри ятIэ зэрихьэурэ здытетым е ешат, е къецIэнтхъуэха – пхэщI кIэ щIым къытехуэри къэмытэджыжыфу тхыщIэкIэ мащIэри щылъа. Къуэрылъху хъыджэбз цIыкIуитIым

япэ къалъагъури зэрыгъэкIиящ:

– Нанэ къэтэджыфыркъым! Нанэ пкIэлъейм къехуэхащ! Магъри щылъщ, – жаIэу. Езы цIыкIуитIым къагъэтэджыжыну хуежьати, яхузэфIэкIакъым. Я анэр хадэм итти, жэри щыжра Iэм, Дахэуэс къакIуэри и гуащэ гурыму щылъ ят Iэ защIэр согъэкъэбзэжи сыти жимыIэу дурэшым дэлъ уэншэкужьым трилъхьэжащ, ипхъу цIыкIуитIыр зэдигъэIэпыкъуурэ. ШхыIэн фIеижьри трипхъуэжри емышхыдэу къэнакъым:

– Емынэм узэрихуэрэт, ятIэ пэгунитI зэуэ дэплъэфейуэ ар зи лъагагъым щхьэ удэпщея? – жиIэри.

ПэгунитIыр пкIэлъейм тегъэувэгъуейт, абы елIалIэурэ къытриупцIэжат, арыншэми и бостеижь тIэкIур зэхэфыщIат, иджы хьэлэчу ятIэ защ Iэ хъуащи, уеIусэмэ, зэпкърыхунущ.

– ПэгунитI мыгъуэр схуэI ыгъакъым, – жиIэу Диси и щхьэм мыгъуагъэ хуехьыжыр, къуаншагъэшхуэ IэщIэщI ыхьа хуэдэу, езыр ягъэудэIуным и пIэкIэ и нысэм и гур дахэ хуищIыну и ужь итщ. – Умыгузавэ сэр щхьэк Iэ. ТIэкIу сыщылъмэ, сыхъужынщи, къэнэжар нэзгъэсыжынщ. ЯтIэр умыгъэгъуу псы тI экIу схутекIэ. Абы нэхъей пэгуныкъур дахэ-дахэу пIыгъмэ, зыгуэрти, умыщIэххэу къоцIэфтри убэлэрыгъ хъунукъым. КъимыцIэфтатэмэ, I э лъэныкъуэмкIэ пэгунитIыр сIыгъынурэ Iэ лъэныкъуэмкIэ хъарзынэу ятIэр зесхьэнут.

Дахэуэс имыдэххэр арат:

– Пэгуныкъум трелъхьэ иджы. Зырызурэ дэпхьеямэ, хъунутэкъэ, лъэбакъуэ лей къепчыхын ущхьэхати, пхуэфащэр къыпщыщIащ.

Дисэ ятIэ шыкъыр къызыкIэрихыжыр и бацэ уэншэкужьым пэмыжыжьэу игъэтIылъурэ щылът:

– Iэзэ гуэр мыгъуэ къызэплъатэмэ, нэхъ къэтэджыжыгъуафIэу сыкъэтэджыжынт, ди нысэ цIыкIу, къупщхьэ имыкъутауэ си фIэщ хъуркъым, зызгъэхъеймэ, си псэм хегъэщI.

– Дэнэ Iэзэ къыпхуисхын? УелъэIукIэ къэкIуэнукъым, уэ укIуэфынукъыми, пыпхыжащ. Щылъ, тхьэм гущIэгъу къыпхуищIмэ, плъагъункъэ.

Диси къыгурыIуэжырт Алыхьым фIэкIа зыщыгугъын зэрыщымыIэри, зиущэхужащ. Лъэрымыхь дыдэу Iэрыгъашхэу пIэм къыхэнэжыпэмэ, псы шынакъи къезытын имыгъуэту унэм къыщIэнэж нэхърэ лIэрэ зэгъэжмэ, нэхъыфIщ. Ар и гум къэкIмэ, и нэпситIыр къолъэлъэх, и къугъ макъыр и нысэм зыхригъэхын шынэу. И къуэ закъуэ мыгъуэри иIэжатэмэ, и насыптэкъэ, къыхуищIэшхуэ щымыIэми, гущIэгъу къыхуищIынт, «си анэ» жиIэнти, арщхьэкIэ и къару илъыгъуэу, и дуней тетыгъуэу хьэм яшхам хуэдэу кIуэдащ, илъэсым щIегъу щагъэкIуэда щIыпIэм «лIащ» жаIэу хъыбар къызэрикIрэ. Пэжи мыпэжи, «выщIэ» хъуауи тхьэм жимыIэкIэ…

Гъунэгъу фызхэм ящыщу Дисэ япэ къылъэIэсар Гунэуэст. ПкIэлъейм къехуэхауэ щылъщ, жаIэу зэрызэхихыу, мыбы и нысэ бзаджэр и гуащэм щхьэкIэ гузэвэнукъым, жиIэри щIэупщIакIуэ къакIуэ къудей мыхъуу, шхыни хущхъуэ гуэрхэри къыздихьащ. Езым бынибл иIэу фызабэу, джэдкъурт анэ жыхуэпIэну и сабийм ящхьэщыту къулейсыз дыдэу псэу щхьэкIэ, гущIэгъу-шхуэ хэлът, езыр хуэныкъуэ пэтми, псапэ ищIэмэ, фIэфIт, лъэрызехьэт, цIыху мышынэт, жьакIуэт. Хьэблэ фызыр ялIхэм едэIуэжыртэкъым Гунэуэс къызэредаIуэм хуэдэу. Хьэдагъэ кIуауэ зэхэтIысхьэмэ, псоми заущэхут: «Гунэуэс сыт жиIэну пIэрэ?» – жаIэу.

Дисэ и закъуэпцIийуэ унэм щIэлът, фIейуэ кIэрылъар кIэрыгъуэжауэ, псы зэфэн къудей имыIэу.

– А тхьэмыщкIэжь мыгъуэ, уи закъуэ дыдэ мыгъуи, зи закъуэр Алыхьыращ, – жиIэу Гунэуэс бжэщхьэIум зэребакъуэу, Дисэ и гур къызэфIэнэри къэгъащ, гущIэгъу къыхуэзыщIын къэкIуауэ илъагъути.

– Ди нысэ цIыкIур… ди нысэр дыгъуасэ дэкIащ… сабий цIыкIуитIри и гъусэу… Тхьэ, ныжэбэ жэщым нэху сыкъекIын си мыгугъа. СолIэри хьэдэ къуаншэ мыгъуэу сыкъонэ, жысIэурэ сыгужьеят.

– Дэнэ здэкIуар уи нысэ ябгэр?

– Сэ сщIэ мыгъуэрэ. ДэкIащ.

– ЗдэкIуэри жимыIэуи?

– И дыщым мыкIуэжамэ, сщIэркъым. Сыту фIыт, ярэби, укъызэрыкIуар, Алыхь, псапэшхуэ пщIамэ. Тхьэм къыпхуищIэж, сэ пхуэзмыщIэжыфми. Тхьэр арэзы къыпхухъу, Гунэуэс. Уи быным я хъер улъагъу.

– Ушха мыгъуэуи къыщIэкIынкъым. Хьэлывэ кхъуей дэлъу си быным яхуэсщIати, уэри къыпхуэсхьащ, – жиIэри чэтэн тIэкIум кIуэцIылъа хьэлывэ Iыхьэф I сымаджэм и Iэ гъур къиширм IэщIилъхьащ. – СщIа мыгъуэтэмэ, къэрэкъурэ шеи къыпхуэсхьынт.

– Хэт мыгъуэм сигъэшхэн? Псы щхьэкIэ сымэхыу дыгъуасэ лъандэрэ сыхэлъщ.

Дисэ зэрымэжэлIар нэрылъагъут, хьэлывэм и ныкъуэр зэ дзэкъэгъуэу къыщыгуичам. Ари мэжалIэ къудейт, пIэм къыхэнэжар гъэкъэбзэн хуейт, щыгъын щыгъыр къыщыхауэ. ПIэ зыхэлъри хьэлэчт, фызыр къыхэпхрэ нэгъуэщI щIыпIэ щыбгъэгъуэлъу зыхэлъар умыгъэкъабзэу хъунутэкъым. Ар зыщIапхъэр и нысэрами, Гунэуэс хуэшэчакъым гъунэгъу фыз сымаджэр зыхуэзапхъэ хуимыгъазэу.

– Ан-а-а, пшхын тIэкIу пхуигъэхьэзыру щхьэ емыжьарэ щежьэм щыгъуэ? – жиIэу Дисэ и нысэр хуегъэкъуаншэ. – Аращ,

гущIэгъуншэ хъуащ цIыхур. НыбафэкIэ утелъу ущылъми, къо-лъэпауэу ежьэжынкIэ мэхъу. Псапэ жыхуаIэр ящыгъупщэжащ, мылIэжыну дунейм къытехьа хуэдэщ. Диныр зи IэщIыбым гущIэгъу къыпхуищIын? ГущIэгъуншэщи, уи лъым ефэнущ.

– Тэмэм дыдэр жыпIащ, Гунэуэс. Тэмэм дыдэр, си псэр зышхын. Сыту Iуэхутхьэбзэшхуэ къысхуэпщIа, зи уз кIуэдын, – жиIащ Дисэ, хьэлывэ тIэкIур зыIуридзэщ, псы тефыхьыжри и гур къызэрыгъуэтыжауэ. – ГуащIэрэ гущIэгъурэ зимыIэр цIыхуу убжи хъунукъым.

Ар Дисэ щIыжиIэм Гунэуэс гу лъитэххэртэкъым, и гъунэгъум щхьэкIэ жиIэу и гугъэт, ауэ Дисэ зытрижыIыхьыр нэгъуэщIт: и къуэ ягъэкIуэдам игъэхъыбару и анэм къыжриIэжауэ щытащ здэщыIэ лъэныкъуэмкIэ ягъэтIысахэу лагерхэм щаIыгъ гуэрхэр зэрыс Iуэм къикIуэсыкIыну мурад ящIмэ, нэхъапэ щIыкIэ «выщIэ» ягъашхэ, жери. Хэт иджы ар? Нэхъ щIалэщIэхэм ящыщу я нэм къыфIэнэращ. Езыхэм хуэдэу лагерым къадыдис щIалэм хуэгумащIэ хуэдэу защIурэ и фэр къихьэжыху ягъашхэ. Сыт ищIыс лъэныкъуэкIи загъэхьэзырри «выщIэри» иращажьэ къэкIуэсэжыну щыхуежьэм деж. КъакIуэурэ-къакIуэурэ, я гъуэмылэр яухмэ, йоуэри «выщIэ» жыхуаIэ щIалэр яукIри абы гъуэмылэу ирокъу здэкIуэнум нэсыху. Дисэ и щхьэфэцым зиIэтат ар щызэхихым. Ноби мэгузавэ си къуэр «выщIэ» ямыщIауэ пIэрэ, жиIэу. ЦIыхум апхуэдэр щащIэфкIэ, къуамыщIэну сыт къэнэжа? Дунейм и къутэжыгъуэ мыхъуауэ си фIэщ хъуркъым, апхуэдизу цIыхур гущIэгъуншэ щыхъуакIэ – арат Дисэ жэщкIэ гъуэлъыжамэ, жейм емызэгъыу зэгупсысыр.

Иджыри аращ. И ныСэм Дисэ и закъуэу къегъанэри дэнэ хуейми макIуэ. «Уи гуащэр сыт хуэдэ, Дахэуэс?» – жаIэу къеупщIIамэ, къыщIэупщIар щIрегъэгъуэж: «А зи гугъу пщIыр Алыхьым дихыжауэ слъэгъуащэрэт», – жеIэри.

Дисэ и къупщхьэ узар хъужу къэтэджыжын и гугъа щхьэкIэ, зепщыпщэу унэм къыщIэнэжащ, и нэхъыбитIым къыкIэлъыплъыни зыгъэшхэни имыIэу. Зэзэмызэ гъунэгъу фызхэр къакIуэрэ Iуэхутхьэбзэ къыхуащIэмэ, насыпышхуэр иIэщ. Езыми и щхьэр иужэгъуауэ, «зэ мыгъуи сылIащэрэт, мыбы хуэдэу сыкъанэ нэхърэ», жиIэу Алыхьым йолъэIу, дунейкIэ кIэ зимыIэ хьэзабыр ахърэт хьэзабым къыпищэну. АрщхьэкIэ Дисэ зыщIэлъэIур къемыхъулIэурэ нобэри макIуэ, ныжэбэри макIуэ. Дахэуэси хуэшэчыжыркъым.

Пщыхьэщхьэ гуэр Гунэуэс и хъыджэбз цIыкIухэр зэрыгъэкIийуэ пщIантIэм къыдэлъэдэжащ:

– Дисэхэ я унэр мафIэм ес! Дисэхэ я унэм мафIэ къыщIэнащ! – жаIэу.

Гунэуэс унэм къыщIэжрэ плъэмэ – я гъунэгъум я унэр мафIэмрэ Iугъуэмрэ уагъэлъагъужыркъым, хъуаскуэр уафэм дрехуей. Гъунэгъухэр зэрызехьэу мажэ. Гунэуэси, и сабий быныр и гъусэу, нэхъыжь дыдэр япэ иту, нэхъыщIэ цIыкIур джалэм къэтэджыжурэ якI элъыжэу, мафIэм ис унэмкIэ мажэ. Дунейр бжьыхьэхуегъэзэкIти, цIыхухъуу къуажэм дэсыр губгъуэм щыIэт, гъавэ Iуахыжу. Хьэблэм къыдэнар сабий бынымя яхэс цIыхубзти, мафIэр зыгъэункIыф Iын щыIэтэкъым, хьэпшып тIэкIу яIэр ирамыгъэсу къыщIалъэфауэ пщIантIэм дэлъщ, къыщIэзыхар умыщIэу. Хьэпшыпуи унэм щIэлъа щIагъуэ щымыIауэ, зылъэкIым пэгункIэ псы къахьыр. ЩIалэ цIыкIухэр мывэкIэ мафIэм хоуэ хъуаскуэ къыдрихуейр яфIэгъэщIэгъуэну, хъыджэбз цIыкIухэм зэрыгъэкIийуэ къажыхьырт. Дахэуэс и быныр мафIэм бгъэдимыгъэхьэу унэм къыщIихащ. УнэлъащIэр нэхъ Iулъэфа зэрыхъунум гъунэгъу фызхэр и ужь итт, Гунэуэс къыщысам. ПэгункIэ псы къэзыхьа гъунэгъу фызхэр маф Iэм бгъэдэмыхьэфу псыр жыжьэу иракIутырти, къыIужыжырт, мафIэр къытщIэмынащэрэт, жаIэу.

Гунэуэс зиплъыхьщ-зыкъиплъыхьри хьэпшыпыр зэтелъу щилъагъум, щIэупщIащ:

– Алыхьыр къызэуи, Дисэ дэнэ щыIэ? – жиIэри. Зэупщ Iын хуейр Дисэ и нысэрати, зэхимых хуэдэу зыщищIым, фызым къыгурыIуащ абы зыщIиущэхуар. Iэбэри зыгуэрым къихьа псы пэгуныр Гунэуэс зытрикIэу щилъагъум, Дисэ и нысэр къэуIэбжьащ:

– Сыт уи гугъэр, цIыхубз? МафIэм зебгъэсыжыну ара узыхуейр? Алыхьыр си бийщ, узгъакIуэм, – жиIэри гъунэгъу фызым и Iэблэм епхъуащ.

Гунэуэс и бын цIыкIухэри гужьеяуэ зэщIэкъугъащ:

– Нанэ, зомыгъэс. Нанэ, ухэмыхьэ мафIэм!

Гунэуэс къыпхуэгъэувыIэнутэкъым, заIэщIиудщ псоми, псыр къыпыжу, щхьэхьу, лъакъуэкIэ бжэр Iуиудри, унэм щIэлъэдащ. Iугъуэм занщIэу и тэмакъыр щиубыдыкIа щхьэкIэ къэмынэу, Дисэ зыдэлъу щыта дурэшыр тыншу ищIэрти, зидзащ, унэ лъэгум илъ мафIэм ебакъуэри. Уи нэр зэтепхми, мафIэмрэ Iугъуэмрэ уагъаплъэртэкъым. «Дисэ» жиIэу джэнути, мафIэм уигъэбауэртэкъым. Iэбэрабэурэ фыз ныкъуэдыкъуэр къигъуэтащ. Дисэ пщыхьэщхьэм тIэкIу Iурихауэ къызэщыужмэ – унэр мафIэм ес. ТхьэмыщкIэм къэхъуар имыщIэу и макъым къызэрихькIэ мащIэри кIия. Щымыхъужым бжэмкIэ пщащ, унэм сыщIесхьэ, жиIэу гужьеяуэ. Бжэм къеIэмэ – гъэбыдат. Абдежым и гур кIуэдыпауэ гъыуэ къыщIидзащ: «Ей, Iиман зиIэ, гущIэгъу фиIэххэмэ, бжэр къыIуфх!» – жиIэу. Щымыхъум хьэлъакъуиплIу щыту бжэм натIэкIэ къеуэурэ гъырт, и щхьэм лъыр къежэхми, цIыхубзыр гужьеяти, зыхищIакъым. Бгыкъум мафIэр къыпылъэлъу къыщехуэхым, Дисэ къикIуэтыжащ.

Щхьэгъубжэ закъуэри гъэбыдауэ къыщIэкIащ, и щхьэр дигъэжу кIиин и гугъати, щымыхъужым зыхэлъа пIэмкIэ пщыжри бацэ уэншэкур зытрипIэри зиудыгъуауэ дурэшым дэсурэ къэ-мэхащ…

И насыпти, иджы Гунэуэс къыхуэзащ, бацэ уэншэкум мафIэр къызэрыпылъэлъу пIэм хэлъ фызыр къызэщIикъуэри и IэплIэм илъу бжэмкIэ къеIащ, и щыгъыным мафIэ бзийр дарий лентI плъыжьым ещхьу пылъэлъу. Гунэуэс псэууэ мафIэм къелауэ хьэблэ фызым щалъагъум, гуфIащ:

– Ан-а-а-а! Сыту гуфI уиIэ!

– Дауэ укъела мафIэм?

– Дисэ! Ис пэтащ, на-а!

– Мащэм къипхыжащ, мафIэм къебгъэлащ цIыхубзыр.

Дахэуэси зы щIыпIэкIэ къыкъуэжащ:

– А си гуащэ дахэ! Дауэ мыгъуэ укъыщIэнат унэм? Хьэпшыпыр къыщыщIэсхым уэри укъыщIэпща си гугъати! Дауэ ущыт? Уи псэр пыт? Алыхь, си напэр текI пэтам. Дисэ! Къызэтехыт уи нэр? Дисэ… Ей, гъуджэр къэфхьыт мыдэ. Бауэу пIэрэ? Дисэ…

Нысэм, гузавэ хуэдэу зищI щхьэкIэ, и гуащэр къэмыхъужмэ, нэхъ къызэрищтэр белджылыт, арщхьэкIэ езым и IэкIэ унэм мафIэ иридзауэ зыми и жьэ къекIуэртэкъым. Сабийхэм ялъэгъуат Дахэуэс унэм хьэпшыпыр къыщIихыу щыхуежьам унэм мафIэ къыщIэнауэ зэрыщымытар, арщхьэкIэ цIыкIухэм уапкърыупщIыхьрэ жаIэм тепщIыхьIамэ, зыми щыщтэкъым. Хьэблэ фызхэм зэхахт Дахэуэс унэри щIапIэри ищэу и дыщым я деж кIуэжыну мурад зэрищIар. Здихьын имыщIэр и гуащэ тхьэмыщкIэрати, мес иджыри къэс зыкъимыщIэжу пщIантIэм дэлъщ, и нэкIу гъур фагъуэм мафIэ бзийр теджэгухьу.

Гъунэгъу фызхэм мафIэр яфIэIуэхужтэкъым, мафIэм исынри исат, унащхьэр къеухри мафIэри, Iугъуэри, хъуаскуэри зэхэту дрихуеят, цIыхур къигъащтэу, мафIэ бзийм хьэблэр къагъэнэху жыпIэнт, къуалэбзу зи тIысыжыгъуэ хъуар гузавэу зэрызехьэрт. Губгъуэм къикIыжа цIыхухъу зырызхэр гур къагъэувыIэрэ пщIантIэм къыдэлъадэ щхьэкIэ, сыт пщIэн – къэхъунур къэхъуащ.

– КъелыкIафIэу къелащ Диси. Еууей, сыту Iисраф хъуа, ярэби. МафIэм нэхъ Iей сыт щыIэ – пэщIэхуэр IэщIокIуадэ, – жаIэрт.

Дахэуэс игу дахэ хуэзыщIи къахэкIащ:

– Умыгузавэ, ди шыпхъу. Дызэхыхьэнщи, зы тхьэмахуэкIэ унэ тIэкIуи пхузэрытхъэнщ, – жаIэу.

– Хабзэри аращ, губгъуэм укъиднэнкъым.

Дахэуэс къегъыхырт:

– Фэра мыгъуэщ сызыщыгугъыр. Алыхьым сыщогугъ, Алыхьым иужькIэ фэращ. Си сабиитIри мо ныкъуэдыкъуэри

жьэгуншэу губгъуэм дыкъинащ…

Гунэуэси къызэфIэувэжащ, Дисэ щхьэщысти. Нысэ ябгэм жиIа псори зэхимыхами, унэр мафIэм иса зэрыхъуам гу лъитат:

– НтIэ аращ, угущIэгъуншэмэ. ДунейкI э цIыхум жыхьэнмэкIэ хуэупсам и гъуэгу дахэ хъунукъым, лъэпэрапэ защI эу, и кIэтIийр и вакъэ лъэпсу, и дунейр дэгъэзеигъуэ защIэу Алыхьым къыхуиуха дыдэм «шокъу» жи Iэу хуэзэнущ. – Апхуэдэу Гунэуэс зэгийр нэгъуэщIтэкъым, нысэ бзаджэм гуригъэIуэн и гугъэт. Псоми гу лъатат и гуащэр мафIэм хригъасхьэу къуажэм дэкIыжыну зэримурадым.

– Пэж дыдэ мыгъуэщ, Гунэуэс, – жиIащ фызыжь гуэрым.

– ЦI ыху гущIэгъуншэр ц Iыху сурэту плъагъуми, хьэкIэкхъуэкIэр нэхъыфI щ. – Фызхэми Гунэуэс жиIэр да Iыгът, ар абы щIыжиIэми зриIуэкIми тэмэму гу лъамыта пэтми.

А жэщым зэгъунэгъухэр зэчэнджэщри зи унэ маф Iэм иса унагъуэм увы IэпI э къыхуагъуэтащ. Диси гуцIыкIум илъу пщIантIэм дашащ, тIэкIу зыкъищIэж хуэдэу хъуауэ. ЕтIуанэрей махуэм хьэблэм дэс лIыхэр зэхуэсри, я Iуэху къагъанэми, щхьэж сэбэп зэрыхъунымкIэ зэгурыIуэри хэт мэзым кIуэри чы-бжэгъу къишащ, хэти пхъащхьэ хъун къигъуэтащ, хэти мывэ къишэри, зэрыжаI ам хуэдэу, чы-бжэгъу унэ ящIри и щхьэри ябгъэжащ. ЦIыхубзхэри Iуэхуншэу щысакъым, щIыхьэху ящIурэ унэр ятIэ зэрахьащ, уеблэмэ ятIэху тI экIуи зыгуэрым къишати, тракIэжащ. Мазэ дэкIами арат, Дисэ аргуэру гуцIыкIукIэ я пщIантIэм щыдашэжам, нысэри и къуэрылъху хъыджэбз цI ыкIуитIри и гъусэу.

Дахэуэс унэщIэ хуащIам щIэсыфынутэкъым. Дисэ игу къыдэмыжу къыдинэри ипхъу цIыкIуитIыр и гъусэу и дыщым кIуэжащ, аргуэру унэбжэр къигъэбыдэри. Дахэуэс и хъыджэбз цIык IуитIым я хабзэт: Гунэуэсхэ деж къэкIуэнти, бжэщхьэIум къытетIысхьэурэ бынунэр мырамысэ Iэтэ зытелъ Iэнэм къетIысэкIауэ щышхэкIэ къенэцIу. Гунэуэси ар и гум темыхуэу хъыджэбз цIык IуитIым яритырт и быным яшх мырамысэмрэ кхъуей тыкъыр зырызрэ. Ар яшхмэ, псы ефэжырти, я ныбэ из хъуауэ, джэгуу, зэрыгъэкIийуэ уэрамым дэлъадэрт.

Иджы махуэ зыбжанэ мэхъури зэшыпхъу цIыкIуитI ыр къакIуэркъым. Гунэуэс абы гу щылъитэм и хъыджэбз цIыкIухэм еупщI ащ Дисэхэ дежкIэ фыкIуагъэххи, жиIэри. Абы кIуэгъуейт – нэсмэ, бжэр гъэбыдащ, унэм гурым макъ къыщI оIукI. Гунэуэс занщI эу гу лъитащ аргуэру бэлыхьлажьэ къэмыхъуауэ узиIэ, жиIэу. Езыр макIуэри – физ ныкъуэдыкъуэр унэ нэщIым мэгызри щIэлъщ. Зепщыпщэурэ, хьэлэчыр и махуэу зиуцIэпIыжащ, ишхыни псы зэфэни имыIэу.

– А Дисэ, а Алыхьыр зэуа мыгъуэ, куэд лъандэрэ уи закъуэ?

– Сэ сщIэ мыгъуэрэ. Мащэм силъ хуэдэщ. Бжэр гъэбыдащ, щхьэгъубжэри аращ. Дунейм сытетми сытемытыжми, т Iури

зыщ. Си ахърэт щIэупщIакIуэ укъысхуэкIуэ хуэдэщ.

– Дахэуэс и дыщыра здэкIуэжар?

– НэгъуэщI дэнэ кIуэн? Зигъэбзэхмэ, гущIэгъуншэр здэкIуэр и дыщырщ. ТIэкIу си гур къекIуауэ сыхэлъти, тхьэм ещIэ и гугъэр… Си лъэр къыщIэмыувэ мыгъуэми, сыпсэ быдэщ. НтIэ сыт сщIэн? Уи IэкIэ уи псэр пхухэхыжрэ?

Гунэуэс и хъыджэбз цIыкIухэр игъакIуэри хьэблэ фызыр къызэхуишэсащ. Псори къэмыкIуа щхьэкIэ къэкIуат зыкъоми, зэгуры Iуащ гущIэгъу сиIэщ жызыIэм Дисэ Iуэхутхьэбзэ къыхуищIэну. Тхьэмахуэм и кIуэцIкIэ махуиблри зэхуагуэшащ, фызитIым блыщхьэр ялъысу, адрей тIум гъубжыр, адрейхэми махуэ зырыз ялъысу. ИкIи щIэупщIащ:

– ГущIэгъуншэ фхэт – иджыпсту жыфIэ, пщIэншэу дыфщымыгугъын щхьэкIэ, – жиIат Гунэуэси, зырыз фIэкIа гущIэгъуншэу къахэкIакъым.

## КЪАЛЭН

Выфэм къыхэщIыкIауэ гуэншэрыкъитI, фIыцIабзэу бэрэжьейкIэ иIэжауэ, IэкIуэлъакIуэу Iуэтауэ, вакъэ лъэпсыр уи лъэдийм къепшэкI хъуну кIыхьу къыщритым, фызым жиIащ:

– Мастэпэбдзищ тескъутащ. Сыту фэ Iувт, на-а, фэдэнкIи здащи, куэдрэ лэжьэнкъым, фIыкIэ зыухьэ, зи уз кIуэдын.

– СылIэжыху срикъунщ, Iурарэ. – Бэкъан тIы бжьакъуэм ещхьу утIэрэза и пащIэгъуэшхуитIыр дэгъэтIеят, лIым щIыхуэ зэрытемылъыр къагъэлъагъуэу. Езыми и пащIэгъуитIыр и напщIэм телъ зэпытщ.

– Пхъэ лъакъуэр мылажьэу уи вакъитIыр лэжьэн, Iурарэ? ПкIауэм сыхуэдэщ.

Бекъан и гум темыхуэр пхъэ лъакъуитIырат. Iэщ къищэхумэ, лыр ищэурэ хъарзынэу псэут, фейдэ гъуэзэджэ къригъэщIт, фэ къомри ишыужт, вакъапхъэ къыхигъэжурэ ищэжырт, абыи ахъшэфI къыщIэкIырт. Блыщхьэ къэс къалэ бэзэрым къытемы-кIыу тетти, цIыхугъэр и куэдт, лы хуейри и унэм къакIуэмэ, сыт щыгъуи ящэхут е щIыхуэу яритырт, зэзэмызи и щхьэм щыщытхъуж щыIэт:

– Сэ си жьэр лаIилахьэу, си гур хьэрэмышхыу дунейм сытеткъым. Хьэрычэт сиIэщи, Алыхьым берычэт къыхелъхьэ. Аращ си къигъэхъуапIэр, – жиIэу и псэлъафэт.

ЩIакъуэ зэрыхъурэ и къигъэхъуапIэм зихъуэжащ: япэм къыщIигъалъэрэ изу къригъахъуэу щытати, иджы шынакъжьей цIыкIукIэ къригъахъуэ къудейщ. Уеблэмэ къригъэхъуэххэркъым – иугъуеяуэ щыта мылъкур ишхыжу абыкIэ мэпсэу, и фызыр лIэри фызабэ къулейсызу Iурарэр зришэлIэжауэ. И лъакъуэр къыщIэувэу щытамэ, фызабэ жимыIэу, хъыджэбз къимышэми,

пхъужь гуэр къигъуэтынт, арщхьэкIэ неIэмал – пхъэ лъакъуэ шущ. Зезыхьэнщ зыхуейр, армыхъумэ си гур хэзыгъэхъуэн, жиIакъым къишэнур къыщыхихым.

Iурари тхьэмыщкIэныр иужэгъуауэ сабий быну, зыхуэмыныкъуэ щымыIэу, и щхьэгъусэр лIэри щIилъхьэжауэ, зыщыгугъыр и хадэ тIэкIурауэ хьэблэм дэст, дэкIуэжыну и пщIыхьэпIэм къыхэхуэртэкъым. И къуэ нэхъыжь Хьэту лIыщIэу зи ныбэ из гуэрым деж Iутт, лIыщIапщIэу жэмыщIэ псэфкIэ къагъэгугъауэ. ЖэмыщIэр къахурэ жэм тхуэхъурэ, жа Iэу бынунэм я гуфIэгъуэт, гъэш диIэмэ, дыхъуапсэ защIэу дунейр тхьынкъым, жыхуаIэу. ГъавэкIэ унагъуэр зыщыгугъыр Iурарэ и къуэ нэхъыщIэрат. Псэун шыгухуу колхозым хэтщи, махуэ къэс тIэкIутIэкIуурэ зыгуэр къешэ. Хъыджэбз цIыкIуитIым нэхъыжьыр IэпцIанэ-лъэпцIанэ цIыкIу мыгъуэми, къэжэпхъащ, Iэпыдзлъэпыдзу и анэм иIэщ. Адрей тIур цIыкIунитIэщ, зыр илъэсищ, адрейр илъэситху фIэк Iа мыхъуу.

Зэкъуэшищрэ зэшыпхъуитIрэ мэхъу, щIалитIым зыр балигъ хъуащ, нэхъыщIэри балигъ хъуным нэблэгъащи, я щхьэр ягъэпсэужынщ, жиIэри и быным яхэкI ауэ Iурарэ хуэкъулейуэ псэу Бэкъан щыдэк Iуэжым, нэхъ цIыкIухэр зыкъомрэ гъащ, нэхъыжьхэри я анэм хузэгуэпащ, дыкъыхыфIидзэри ежьэжащ, жа Iэри. Гъунэгъу фызхэм Iэджэу ягъэхъыбаращ, нэхъыбэм яубащ Iурарэ, сабий ц IыкIухэр яфIэгуэныхьу.

Бэкъанрэ Iурарэрэ зэнэзэпсэу зэдэпсэууэрэ, цIыкIуу щытар ин хъуащ, ин хъуа хъыджэбзыр япэ къылъыхъуам дэкIуащ, нэхъыщIэ цIыкIури лъагъугъуафIэт, лэжьэрейуэ и дэлъхуищым якIэлъыплъу, унэри хъарзынэу зэрихьэу, цIыхубз IэщIагъэу хуэмыщIэф щымыIэу, ипщэфIын игъуэт закъуэмэ, IэфIуи пщафIэрт. Зэкъуэшищым я кум къайгъэ лъэпкъ дэмылъу зэгурыIуэрт, я шыпхъу цIыкIури фIыщэу ялъагъурти, гъунэгъухэр ягъэгуфIэт, цIыху хъарзынэ къазэрыхэкIа абыхэм, жаIэу. Я анэри зэзэмызэ къакIэлъыкIуэрти, къакIэлъыплът, зыгуэрхэри къахуихьырт, и быныр иущийрт.

Зеиншэ защIэу къызэхэна унагъуэм гузэвэгъуэ япэ къизы-хьар щIалэ нэхъыжьым кIэлъыкIуэ Псэунщ. Шыгухуу колхоз фермэм тетти, щIалэр жэщ, махуэ жимыIэу губгъуэмрэ къуа-жэмрэ я кум дэт зэпытт. Къуажэм хьэгъуэлIыгъуэшхуэ къыщы-дэхъуэм, щIалэр хэмыту хъунт, кIуэри жэщитI-махуитIкIэ хуит ящIауэ и шыпхъур здашам щыIащ, нэгузыужьыгъуэм къыхэ-мыкIыфу, езыри щIалэ къабзэ цIыкIу хъуати, хъыджэбзхэр къыхуеплъэкIыу гу щылъитэм, зытет фермэри щыгъупщэжауэ къыщIэкIынт. МахуитIкIэ мыжеяуэ, ешаелIауэ пщыхьэщхьэм фермэм къэсыжащ. Гум итIысхьэжри Iэджэми ягъэкIуащ икIи къэкIуэжащ. Жэщыбг хъуа хъунт, къуажэм къэкIуэжын хуей щыхъуам. Къыщежьэжым, жэщ кIыфIщи,

сыкъалъагъункъым, жиIэри гум кхъуей кIадэрэ тхъу бошкIэ цIыкIурэ кърригъэуващ, мэкъу тIэкIуи трилъхьэжри къуажэмкIэ къиунэтIащ.

Гъуэгур тIу ирищIыкIауэ къыщIэкIынтэкъым, Iурихыу щIалэр щыжеям. ШитIыр езыр-езыру зыкъомрэ къэкIуащ, иужьым къэувыIэри загъэпсэхуу гъуэгум тетри, шыгуху гум исIауэ щамылъагъум, къагъэзэжри фермэм къытехьэжащ. Шыгу зэщIэщIар нэхущым фермэм тету япэ къэушам щилъагъум, къакIуэрэ еплъмэ – шыгухур мэжей, кIадитIи мэкъукIэ щIэуфауэ итщи, къыщIощ.

Хъыбарым цIыхур къызэщIиIэтауэ фермэм и Iэтащхьэр къэсри акт ящIащ, щIалэр къагъэушри Iэ трырагъэдзащ. Зимыумысыжуи хъуакъым. А махуэм Псэуну плъагъур ягъэтIысащ. И суд тIэкIури кIыхьлIыхь хъуакъым – къылъысыр къытралъхьащ. Нэхъыжь дыдэ Хьэту, лIыщIэу здыIутым, и Iуэхури къэкъутащ – зыгъэлIыщIэр и гъусэу къуажэ Советым ираджэри къыжраIащ:

– ЛIыщIэ бгъэлIыщIэ мыхъуну унафэ щыIэщи, лIыщIэ къэзыщтам IувгъэкIыж, колхозым хыхьэн щхьэкIэ. – ЛIыщIэ зыгъэлIыщIэм къыгурыIуат пащIэгъэлыгъуэм джэгу зэрыхэмылъри, занщIэу еувэлIащ:

– IукIынумэ, IурекI. ЖэмыщIэ естыну къэзгъэгугъащи, къызэрызгъэгугъари изот, – жиIэри. IэнатIэ гуэр Iуту есат щIалэри, унэм игъэзэжрэ кIуэжми, щIы зытелэжьыхьын яIэкъым, шы яIэкъым, Iэщ пщIантIэм дэткъым, сыIэхъуэнщ жиIэнути, Iэхъуэ къызэращтэрэ куэд щIащ. Дэнэ уи щхьэр здэпхьынур? ЦIыкIуитI унэм щIэсми яригъэшхын дэнэ къипхын, колхозым къуатынуIамэ, бжьыхьэм дежщ: «СыIукIмэ, сщIэнур сыт? IэщIагъэ зиIэм сыщыщкъым е сату сщIыуэ бэзэрым сытету сесакъым. Уэлэхьи, сымыщIэ: дыгъуэгъуакIуэу сежьэжынт?» Къуажэ Советыр къогубжь:

– ЦIыхум цIыху имыгъэпщылIыну аращ, щIалэ, унафэр зытращIыхьар. Сэракъым къэзыгупсысар!

– Сэ сымылажьэу псэуа сыхъунукъым, IэнатIэ гуэр сиIэн хуейщ, си лэжьыгъэм зыгуэр къыпэкIуэу.

– ЦIыхум цIыхур игъэпщылI хъунукъым, тIасэ. Дэнэ IэнатIи Iуувэ. Узэрыхуеймхуэдэу щIы.

– Сызэрыхуейм хуэдэу сщIы хъунумэ, сызы Iута IэнатIэм сыкъыIувмыш.

– СыпщылI сэ? СылIыщIэщ, IэнатIэ сыIутщ. ПщылIыр ящэ мэхъу, къащэхуж мэхъу. Сэ нобэ сыхуеймэ, сыкъыIук Iыжми, къыспэрыуэн щыIэкъым. НобэкIэ хъунукъым сыкъыIукI. Сэ къысщыгугъ къуэшрэ шыпхъурэ сиIэщ.

Сыт жиIэми, Хьэту къуажэ Советым гурыIуакъым. Щымыхъум, жэмыщIэр къиихури и унэ къэкIуэжащ. И къуэш

цIыкIумрэ и шыпхъу цIыкIумрэ я дуней гуфIэгъуэт, я пщIантIэм жэмыщIэ цIыкIу дэту щалъэгъуам. И къуэр къэкIуэжауэ щызэ-хихым, Iурари гуфIакIуэ къэкIуащ, шхыныгъуэ гуэрхэр къихь-ри. «Дапщэщ лъхуэну пIэрэ, жэмыщIэ псэф?» – жиIэу, насы-пышхуэ къеуэлIа хуэдэу, псори щIоупщIэ. ТIэкIу дэкIри жэмыщIэр лъхуащIэу гу щылъатэм, Iуэр къэхухьатэкъыми, жэщкIэ нахъутэ пщIэхэлъу ирапхырт, Iуэм къикIыу мыщхьэ-рыуэн щхьэкIэ. Хьэту и шыпхъу нэхъыщIэм жэм къэшыкIэ фIэкIа имыщIэ щыIэтэкъыми, я гъунэгъу фызхэм я деж кIуэрти, жэмыр къызэрашыр зригъэлъагъурт. Iэщым хэзыщIыкIхэм ящыщт Бэкъани, Хьэту и тхьэкIумэр къиIуэнтIащ:

– Мы жэмыщIэм куэд ихьыжынукъым, лъхуэнущ. Фыхуэсакъ. Лъхуэрэ и бзаджэр ишхыжмэ, шэр еубыд, – жиIэри.

Ар жиIа къудейуэ, жэщым жэмыр епхати, гугъу ехь хъунти, зы пIэм имызагъэу еIэ-къеIэжурэ зилъэхъэжри зитхьэлэжауэ нэху къекIащ. ШкIэ цIыкIури лIащ, анэ быдзышэ Iумыхуэу. Жэмыр лIа пэтрэ, Хьэту фIигъэжыжати, лъы ткIуэпс къыщыщIэмыкIым, «псэхэлIэр хьэрэмщ», жиIэри и фэр трихри икъуащ, вакъапхъэ ищIыну – арат илъэс псокIэ къилэжьар.

Бжьыхьэр къэсри Хьэту армэм яшащ. Унэм къыщIэнар зэдэлъхузэшыпхъуу Хьэбасрэ Саружанрэт. Хъыджэбз цIыкIуми зричат. И шыпхъум ещхьу лъагъугъуафIэ цIыкIут, ауэ иджыри джэгу хыхьатэкъым, пшынауэ зищIыну и нэ къыхуикIырти, пшынафэ ищIурэ ахъшэ зэхуихьэсу пшынэ къищэхуну мурад ищIащ. Пшынафэ пщIымэ, хьэщIэм ирафын махъсымэ хуэщIынрэ хуэмыщIынрэ ищIэртэкъым. МахъсымэкIэ IэкIуэлъакIуэу физ щыIэти, кIуэуэрэ зригъэщIащ. ПIалъэр къыщысым, Хьэбас и ныбжьэгъу къомым хъыбар яригъащIэри къызэхуэмысу къэнэнт. Пшынафэр хъарзынэу зэфIэкIащ, пшынэ уасэр къыхамыхами, щIалэ къызэхуэсам я нэгу зиужьащ, арщхьэкIэ Саружан пшынэ къэщэхугъуэ ихуакъым. Пшынафэ къэкIуа щIалэхэм ящыщ зы къыдихьэхри дэкIуэри ежьэжащ.

Иджы Хьэбас и закъуэпщIийуэ унэм щIэсщ. ЩIалэ цIыкIум и щхьэ хъарзынэу игъэпсэуж пэтми, и анэр нэхъ гумащIэ къыхуэхъуа хуэдэу нэхъ къэкIуэрей хъуащ. КъакIуэми, япэм хуэдэу пIащIэ-тхъытхъыу кIуэжыртэкъым, къанэурэ жэщ щыщыIэ къэхъурт, уеблэмэ зыдэкIуэжауэ илъэс пщыкIух хуэдизрэ зыдэпсэуа лIыр къэгузэвауэ, къыщигъакIуэ щыIэт, нэкIуэж жиIэри къыпхуиIуэхуащ, жиIэу. Хьэбас гуфIэщауэ дунейм техуэжыртэкъым, и анэр къэкIуэжамэ, «нэхъыщIэ дыдэр сэраща, нэлейкIэ къызоплъыр», жиIэу. Езыр зэзэмызэ, и шыпхъу нэхъыщIэ яшар къуажапщэмкIэ щыIэти, кIуэуэрэ щыхьэщIэт, я мывэ сэрейм уэрэд жиIэу тест, блэкIыр къигъэдаIуэу.

Бэкъан Iэщ къищэхуну КъущхьэхЪу кIуауэ щIыIэ уз къеуэлIат. Сымаджэ хьэлъэу къыдашэжам и Iэпкълъэпкъым

узыр хыхьауэ къыщIэкIынти, зигъэхъей мыхъуу, IэкIэ зэрахьэу куэдрэ хэлъащ, хущхъуэу ягъуэтыр ирахьэлIэ пэтми, сэбэп щIагъуэу хуэмыхъуу. Иужьым уз бзаджэр пкърыкIыжа хуэдэу хъуами, и лъакъуитIыр къыщIэувэртэкъыми, пхъэ лъакъуитI къыхуамыщэхуу хъуакъым. ИтIани уи щхьэр пхуземыхьэжмэ, гугъукъэ – щIыб икIами, и гъуэншэдж тIэкIур щимытIэгъэжыфу, лъахъэ илъым хуэдэу ерагъыу унэм къыщIыхьэжмэ, Iурарэ дэмыIэпыкъуу хъуртэкъым. И фызыр гухъу кIуамэ, е щхьэлым ишаIамэ, къигъэзэжыху и лIым щыхуэмышэчи къэхъурт. МащIэ-мащIэурэ пIэми унэми мэ Iей къыщIихыу хъуати, Iурарэ шхыдэрт, модрейри узым къынтIэ-къынтIэ ищIащи, зы мыхьэнэншэм щхьэкIэ къопщтырри зэлIзэфызыр зэфIонэ, Бэкъан иугъуеяуэ щыта мылъку тIэкIури мэткIу, къигъэхъуапIэр щыIэжккъым. Iурарэ хьэрычэт гуэр ищэн хуей хъуащи, и пIэм изагъэркъым, къалэн куэдыщэ и пщэм къыдэхуэри иригъэшащ, илIми сызехьэ, си пIэр гъэкъабзэ, сэри схуэфащэ къысхуэщIэ, жеIэри и лъакъуэ башыр егъэдалъэри пIэм хэлъщ, и пащIагъуэшхуитIыр къыхэпIиикIыу. Езы Iурари цIыхум гугъу ядехьу есакъым. И хъыджэбз нэхъыщIэ дыдэу иджы лIы дэкIуар сымаджэ хьэлъэу унэм къыщIинэри лIы дэкIуэжауэ щытащ. Ар ещIэ езы Саружани, нобэ къыздэсым щыгъупщакъым. ПащIэ бзииплъыр (Iурарэ и лIым зэреджэращ) илъагъу щIэмыхъури къащIыкIэлъымыкIуэри аращ.

Хьэбас хъарзынэ дыдэу щилъагъум, си къуэм сыбгъэдэсыжынщ, сэри жьы сыхъупэм, сызезыхьэжынур си къуэр е си нысэр аращ, жиIэри Iурарэ и «пащIэ бзииплъыр» пIэм къыхинэщ, и хьэпшып тIэкIур къызэщIикъуэри я унэ къэкIуэжащ, и къуэм зыгуэр кърригъашэу игъэтIысыжын и гугъэу. АрщхьэкIэ къехъулIакъым, зауэр къаублэри занщIэу щIалэ цIыкIур дзэм яшащ, Iурарэ и закъуэу къыщынэм, и «пащIэ бзииплъыр» къэпщри и унэм къыщIэпщхьащ: дэнэ сыпхьыжын, дызэщхьэгъусэу ди нэчыхь ятхащ, жиIэри.

ИкIи арт. И лIыр здихьын щымыIэу Iурарэ Iэмалыншэщ, зэфIэнэ-зэкIужми, зэдопсэу. Зи бын зауэм мыкIуа щыIэкъыми, цIыхум я щхьэм бжьэ еуа хуэдэу гузэвэгъуэм хэт защIэу мэпсэу. Саружани и лIыр, къиша къудейми, зауэм яшащи, цIыхубзым и щхьэр здихьын имыщIэу лIыжь-фызыжьым я деж тIэкIу щыIащ. Фронтым къикI хъыбархэр мыщIагъуэу, нэмыцэр нобэ къос, пщэдей къос, жаIэу цIыхуитI зэхуэзамэ, я гузэвэгъуэ зэжраIэрэ ящIэнур ямыщIэу жылэр къызэщIэхъеящ. Саружан нэхъыбэу къэкIуэжа щIэхъуар арагъэнт. Бэкъану плъагъур цIыхубзитIым зэрахьэу щилъагъум, къэбэдзэуэжат: «НтIэ, иджы хущхъуэ хэлъхьэ сыфщI, къуажэм цIыхухъу къыдэнакъым,» – жиIэрт, езыр цIыхухъуу къызэрамылъытэжыр щыгъупщэжауэ къыщIэкIынти, е фэрыщIагъым къыхихрэт. ПщIэну щыткъым. Зэгуэр Саружан зигъэщIеяуэ пIэр зэлъыIуихыу здэщытым, и гур

къэжана е къэхъуэпса – Iэбэри цIыхубз щIалэр къызэщIиубы-дэну щыхуежьэм, Саружан имыдэу къеIунщIри «пащIэ бзииплъыр» кърииудащ. Дадэр джэлауэ тхыцIэкIэ пкIауэм ещхьу телъу Iурари къыщIохьэж. Абдеж дыдэ фызыжьыр къримыхьэ-лIэжатэмэ, къэхъун щIагъуи щыIэу къыщIэкIынтэкъым, арщхьэкIэ ар Iурарэ и гум техуэну Iэмал зимыIэт, арыншэми щхьэусыгъуэ игъуэт закъуэмэ, лIыжьым и унафэр кIэщIу ищIынут. Бэкъан и пхъэ лъакъуитIыр зэбгрыхуарэ имыгъуэ-тыжу жыхафэгум зепщыпщэу телъу щилъагъум, и фызыр цыджану къызэкIуэкIащ:

– Сыт лIыжь делэм пщIэр? УщыкIащ уэ сэ слъагъур. Уи напэм телъыр къэнжал? – Саружани дадэр и нэм бжэгъуу къыщIэуэрти, къыщIимыгъуу къэнэнт:

– ЩIалэ хъужа и гугъэщ, тхьэ, лъакъуиплIкIэ къызэри-кIухьыр фIэмащIэ? Напэншэ, мэпIаскIуэ итIани.

Бэкъан жиIэнур имыщIэу пхъэ лъакъуэр зэхуихьэсыж хуэдэу Iэбэлъабэрт, и щхьэр къыфIэхуарэ и фыз къэгубжьам и нэгу щIэмыплъэфу.

– Сыт мыгъуэ напэншагъэу сщIар? Пхъэ лъакъуэр щIэ-цIэнтхъукIри сыщыджалэм, сымыщIэу Саружан сецырхъащ. ЛIо абы щхьэкIэ?

Бэкъан ерагъыу къызэфIэувэжащ, гъуэлъыпIэм кIуэри итIысхьэжауэ зэанэзэпхъум нэбгъузкIэ къакIэлъоплъ, и пащIэ-шхуитIыр игъэджэрэзу, папщэу икIи къызэщIэплъарэ къэпщIэн-тIауэ. Пхъэ лъакъуитIри гъуэлъыпIэ натIэм ириупсейркъым, фызыр къызэуэм жиIэу. АрщхьэкIэ Iурарэ зэрищI и хабзэу жыхапхъэр къиищтэу и лIым еуакъым.

Бэкъан зиущэхужри зигъэукIуриящ, пхъэ лъакъуитIыр игъэтIылъри, зэанэзэпхъум жаIэр фIэмыIуэху хуэдэу, и нэр зэтепIауэ здэщылъым, Саружан лэныстэр иIыгъыу къыбгъэды-хьэри зы напIэзыпIэм дадэм и пащIэ лъэныкъуэр къыпигъэхуащ. Бэкъан къыщылъэтыну къеIэу пхъэ лъакъуэмкIэ щыIэбэм, гъуэлъыпIэм къиху пэтащ, и пащIэм еIэбмэ – пащIэ лъэныкъуэр иIэжкъым..

Саружан мэхауэ дыхьэшхыу щытщ.

– Мы къызэпщIар сыт хьэдэгъуэдахэ?.. ЛIым пащIэ темыт-мэ, нэджэIуджэщ, зиунагъуэрэ… Дауэ ар? Си напэр щхьэ тепха?

– Уэ улI сытми?.. Хьэ-хьэ-хьэ-хьэ…

И пхъум IэщIэщIыхьар и анэм игу ирихьыххэкъым. Iурарэ и лIым бгъэдыхьэри пащIэ кIапэ Саружан къыпигъэхуар унэ лъэгум телъу щилъагъум, лIыжьым иритыжащ. Бэкъан къыщиуду гъыным хуэдэу цы тIэкIур и IэмыщIэм илъу IэпхъуамбэшхуэмкIэ иIуэтурэ и гур къызэфIэнащ, гъыным нэсауэ. И фызыр пIэм къепэщэщу хуежьат гъумэтIымэу, жиIэр

къыбгурымыIуэу, итIани фIы и жьэм къызэрыжьэдэмык Iыр гуры Iуэгъуэт. Бэкъан нэхъыбэу Саружан и дыхьэшхыным зэгуигъэпати, къэгубжьри къипхъуатэщ пхъэ лъакъуитIым язри, зэрыхузэфIэкIкIэ и фызым епыджащ, игу тригъэпщахэу.

– Уау! – жиIэри фызыр пхэщIкIэ хэтIысхьэу жьэгум илъ мафIэм хэхуэ пэтащ, бэлэрыгъауэ щIыбагъкIэ джалэри. – Укъызэуэну ара, уэ лIыжь делэр? Хэт и унэ уи гугъэ узыщIэсыр? УщыкIаи! Бостей тIэкIур, мы бостей тIэкIуращ сиIэр. Мис, зэфIэптхъащ. Алыхь пхуэзмыгъэгъун! Усшэжынщ уи уни, щIэс узэрыхуейм хуэдэу. Укъызэпыджу… Абы хуэдэ лей хэт ишэчын? Алыхь, пхуэзмышэчын! Куэдщ, илъэс пщыкIух мэхъури узызолъафэ. СыбукIыпэнкIи хъунщ уэ сэ слъагъум. КIуэт, Саружан, гу цIыкIур къашэт…

Бэкъан и губжьыр текIри къэгузэвэжащ:

– ЛIо, сынопыджамэ? Пхъэ лъакъуэщ сызэрынопыджар, мыжурэкъым. Хъунщ, къысхуэгъэгъу, Iурарэ, узгъэгуфIэжынщ иужькIэ, бостейм тебдэжыни уэстынщ, мо си джанэр узот, – жиIа щхьэкIэ зэанэзэпхъум уагурыIуэнутэкъым.

Саружан щIэжщ унэми, гу цIыкIур къыщIилъэфащ, пхъэIэщэм къыщIаха шэрхъ цIыкIуитIыр иIыгъыу. Iурари псалъэ лей жимыIэу и лIым къыбгъэдыхьащ:

– НакIуэ, лIыжь, уитлъхьэнщ гум. Куэдщ хьэзабу уэ бдэсшэчар. Уи щIыхуэ къыстенакъым, си щIыхуэ птемылъмэ. Зы махуэ си псэр бгъэтыншакъым. Саружан, убыд и лъакъуэр.

– Дэнэ сыздэпшэнур, Iурарэ? Сыгуэныхькъэ, сыныкъуэдыкъуэщ, сылIэху сызепхьэну уи къалэнщ. Дауэ унэ нэщIым сыщIэбгъэлIыхьыну? ГущIэгъу къысхуэщI, Iурарэ. Ди нэчыхь къутакъым иджыри. Хьэ пэтми, нэмыс гуэр хуащI, къысхуэгъэгъу, Iурарэ. КхъыIэ, сумышэж, Алыхьыр узогъэлъэIу. Хъарзынэу дызэдэпсэуати, Iурарэ!..

АрщхьэкIэ хъуакъым. Зэанэзэпхъум иралъхьэщ «пащIэ бзииплъыр» гу цIыкIуми, шэрхъитIыр Iей дыдэу кIыргъыу ирашэжьащ. Бэкъан и пхъэ лъакъуитIыр и IэплIэм илът, и пащIэ тIэкIури ныкъуэ хъуати, и щхьэр здихьынур ищIэртэкъым, цIыхум закъримыгъэлъагъун щхьэкIэ. НапщIэм телъа и пащIэр щызыгъэгъупщэжыр и унэ нэщIым зэрашэжырт. Зэанэзэпхъур зэакъылэгъуу защI щхьэкIэ, тIури щIегъуэжат, ауэ заумысыжын я гум идэртэкъым.

ЛIыжьыр я пщIантIэм щыдашэжым, зэщыджэу къэгъащ, гущIэгъу къыхуащIын и гугъэу. Зэанэзэпхъур дадэм емылIалIэу бжэIупэм Iуашэжри гу цIыкIум лIыжьыр ису къагъанэри къыдэкIыжащ, IейкIи фIыкIи псалъэ жамыIэу.

Махуэ дэкIа, махуитI дэкIа – Iурарэ пщэдджыжьым жьыуэ цIыхухъу макъ зэхех къаджэу. Бжэр къыIуихрэ плъэмэ – Бэкъан и пхъэ лъакъуитIыр иIыгъыу шым телъщ, уанэгум илъу, и пащIэ

закъуэр пIийуэ, шы IумпIэр къуажэ Советым тет председателым иIыгъщ:

– Къыпхуэсшэжащ, Iурарэ, уи щхьэгъусэр, ди щауэишыжу аращ, къет мыдэ бжьэ. Тхьэм жьы фызэдищI. Мыбы хуэдэлI бгъэтхьэусыхэ хъун, зиунагъуэрэ. И пащIэри пыбупщ Iу!

– Алыхь, ар къэсшэжыну и унэ сымышэжат. Сыт лIыжь делэр зауэ-банэу зэрысщIынур? Ухуеймэ, фи унэ шэ. ЩIэс хъунукъым ар мыбы. Къуажэ Советым тетыр лIы гушыIэрейт, куэд и нэгу щIэкIауэ, къуажэм дэстэкъым имыцIыху.

– Ар лIыжь делэ, зиунагъуэрэ? Плъагъуркъэ, къекIуу уанэгум исщ. Гу къылъататэм, нацдивизэм хагъэхьэнт. Нобэ дуней Iейм фызэныкъуэкъу хъурэ? ФызэрыIыгъи нэхъыфIщ тIум фи дежкIи. ЦIыхубзым и лIыр къуакIэм дадзэжу хабзэ хъун? Къет мыдэ бжьэ!

Арати, Бэкъаныр къашэжащ. Хъыбарым я нэхъ Iейр фронтыр къакъутэри нэмыцэм я дзэр къызэрохь, жаIэу арати, зэхэзыхым и щхьэфэцым зиIэтырт. Саружани ди дзэ къикIуэтым яхэту си щхьэгъусэм къигъэзэжу къэкIуэжмэ, жиIэри я унэм мыкIуэжу идакъым. Бэкъанрэ Iурарэрэ зэмыкIужыпами зэдэпсэут, щIалитI фронтым щыIэм къамыгъэзэжыну пIэрэ, жаIэу. АрщхьэкIэ къэзыгъэзэжар зыри зыщымыгугъауэ тутнакъым исыр аращ.

Хьэпсым ис зы гупышхуэ эвакуацэ ящIу здахум, къэзакъ станицэ гуэрым нэблэгъауэ, «шокъу» жиIэу нэмыцэ мотоциклист защIэу дзэ къакIуэу къахуэзащ. Тутнакъым ис къомыр зыхур лIищт зэрыхъур, фоч зырыз яIыгъыу, нэмыцэр щэм фIэкIынут, я пулеметхэр мотоциклым къыгуэт коляскэм иту, автомат жыпIэми псоми япщIэхэлъу. Яхуми зыхуми я унафэр икIэщIыпIэкIи ящIащ, тутнакъым исхэр, щхьэж и унэ бжэн лъакъуэ жаIэри, яутIыпщыжащ, къэрэгъулищыр гъэр ящIри Iуэм яхуащ.

Ар и къэкIуэжыкIэу Псэун къэкIуэжати, бамэр къызыкIэрихыу я унэм щIэс дадэм зыкIи хуейтэкъым. И анэм жриIащ:

– УдэкIуэжамэ, ди анэ, уздашам и унэ щIэс. Си адэ и унэжь сэращ щIэсынур. СыздэщыIам сэ бамэу сызэпэмар куэдщ.

Iурарэ жиIэн къигъуэтащ:

– СыдэкIуауэ щытами, сыкъикIыжащ. Нэчыхьыр зытхар бгъуэтыжынукъым. Сыт мо бамэжьыр зеслъафэу и унэ сыщIыщIэсыр? Уэрэ сэрэ дызэбгъэдэсынщ. Къапшэу унагъуэу утIысыжынуми, уи къэшэгъуэщ, зэран сыпхуэхъункъым, сэбэп фIэкIа. – Ти, зэанэзэкъуэм дадэр гу цIыкIум ирадзэри я унэ яшэжащ:

– Iурарэ, уи къалэн IэщIыб умыщI, – жаIэ щхьэкIэ къимыгъанэу.

Дадэм си кIуэдыжыгъуэр къэсащ, жыхуиIэу и гур кIуэдыпат и мылъхукъуэ щIалэм щышынати. Щымышынэуи дауэ хъунт,

гу цIыкIум щригъэтIысхьэм къеупщIащ:

– Фи унэ усшэжын, хьэмэ, кхъэм занщIэу усшэмэ, нэхъыфI? – жиIэри.

ЛIыжьыр пхъэ лъакъуэкIэ гу цIык Iум теуIуащ:

– Узыхуей дыдэм сышэ, щIалэфI, – жиIэри. Абыи къыфIигъэкIакъым, я бжэIупэм нишэсыжыху. Езы Псэун жыхуэпIэ щIалэм Iэл дыдэ хъуауэ къигъэзэжат, гущIэгъуншэу, ерыщу, зыхузэгуэмып щымыIэу, уеблэмэ уи фэр IэбжьанэкIэ трихын тIэу еплъынутэкъым. Упэщ Iэхуэмэ, уIэщIэк Iуэдэнут.

Нэмыцэр къэсу бургомистр гуэри ягъэуву полицай дыхуейщ щыжаIэм, япэ зи цIэ ираIуам ящыщу къыщIэкIащ Псэун. Ираджэри, езыр полицэм хыхьэну хьэзырыпсти, фащи, Iэщи, тхылъи къратри къаутIыпщыжащ. Я унэ къэкIуэжауэ нэмыцэ фащэр зыщитIагъэу автоматыр зыпщIэхилъхьауэ и анэм щилъагъум, къэуIэбжьащ:

– А зи уз кIуэдын, уи къуэшит I фронтым щыIэм сыт хуэдэ напэкIэ уахуэзэжыну иджы? – жиIэу.

– Мыпхуэдэу, жьынду къуртыжь. – Псэун и автоматыр и анэм плIэ щхьэпригъэукIащ. Iурарэ къэгужьейри къытехуащ, и лъакъуитIыр щIэхури. И къуэм, си анэр къэзгъэтэджыжынщ жиIэу мыгузавэу, автоматыр зыпщIэхилъхьэжри дэкIащ, цIыхум закъригъэлъагъумэ фIэфIу. Бэкъанхэ я унэмкIэ щIыблэкIым, къэувыIэри лIыжь сымаджэу хэлъым я уэнжакъыр кърикъутэхыу автоматыр тригъэлъэлъати, дадэр шынэщауэ хьэлъакъуиплIу гъуэлъыпIэ щIагъым щIэпщхьат, къытехуаIа и гугъауэ.

Псэун къызэрыкIат. «Сыт хуэдэ напэкIэ уахуэзэжыну уи къуэшитIым», – жиIэу и анэр къыщеупщIам и автоматыр ауэ сытми игъэуатэкъым. Бургомистрым деж щашам Псэун и пщэм къыдалъхьат фронтым къикIыжауэ зызыгъэпщкIур къигъуэту бургомистрым деж ихуну. Провокаторышхуэ хъуат езыри, – ямыгъэIэпхъуэу губгъуэм къина Iэщхэм щыщ къихурти, жэщ ныкъуэм нэхъ шэч зыхуищI унагъуэм ирихулIэрт, езыр унэм яфIыщIэпщхьэурэ щIэупщIэрт:

– Ей, танэ фыхуей? – жиIэурэ зиплъыхьырт, пкIэунэм яфIипщхьэрт.

«Сыхуейщ» жызыIэм яритырт танэри, бургомистрым бзэгу хуихьыжырт: «Мыбы хуэдэ унагъуэм нэмыцэм я дзэм щхьэкIэ зэхуэтхьэса Iэщым къыхадыгъукIри танэ яшхащ», – жиIэу. Танэ зышхар абы хэнэщхъеихьырт.

ЩIымахуэр къиихьэри Бэкъан и шхыни, пхъэ гъэсыни, зезыхьэни имыIэу унэ нэщIым къыщыщIэнэм, щIыIэ узым нэхъри зэфIигъэдыкъэжауэ лIэри лIыжь зытIущ зэхуэсри щIалъхьэжащ. Бэкъан и унэр нэщIу къыщцынэм, Псэун мурад ищIащ щIапIэ хъарзынэри, унэри, мылъкури зыIэщIилъхьэну. И анэр лъэрымыхь хъуа пэтми, къимыгъанэу ирихулIащ:

– КIуэи, уи унэ щIэсыж, тIысэ! ЛIам и мылъкур къызыхуэ-

нар уэращ, щIумылъхьэжами, уилIщ, нэчыхьыр ебгъэкъутакъым. Сэ си къэшэгъуэу жыпIащи, къасшэмэ, хъыбар уэзгъэщIэнщ.

Iурарэ идакъым:

– «ПащIэ бзииплъыр» псэужатэмэ, зыгуэрт. Унэ нэщIым дауэ сыщIэсын мыгъуэ? Бжыхь тIэкIу иIари игъэсыжащ. Бэкхъри дэкIуэу. Си гугъу къыумыщI, зи уз кIуэдын, сылъэрымыхьщ, си фIэщ хъуркъым си лъэ къыщIэувэжыну, унэ хуабэм сыщIэгъэлъ, щIымахуэщ.

– ЛIо ущIэмыкIуэнур? Узэрыхуейм хуэдэу упсэунщ.

– Щымыхъужым, Саружан дей сыкIуэнщи, абы нэхъ сыщытыншынщ. Езыри къызэлъэIуащ, дызэбгъэдэгъэс, жиIэри. И щхьэгъусэр иджыри къэс къыкъуэкIакъым.

– Мо унэри щIапIэри хэбгъэкIуадэуи?!

– Сыту сщIын, хьэдрыхэ здэсхьын? Абы щIэтIысхьэн гуэри къыкъуэкIынщ.

– Аракъэ сызыхуэмеиххэр. КIуэ унэми, щIэс. Уэ уисыкIмэ, сэ унэри щIапIэри сщэнщ.

– Щэ иджыпсту, зи уз кIуэдын.

– ЛIо, гу цIыкIумкIэ зызбгъэшэну, уи «пащIэ бзииплъыр» зэрысшам хуэдэу? Гу цIыкIур дэтщ иджыри я пщIантIэм, сыкIуэнщи, къыпхуэсшэнщ, ухуеймэ.

– Сыхуейкъым, зи уз кIуэдын, сыхыумыгъэзыхь. ТIэкIу зыкъэзужьыжмэ, плъагъункъэ.

– Дапщэщ зыкъыщыбужьыжынур? Абы сыпэплъэху унэр ямыубыдын уи гугъэ? ЗэкIуэцIыпхэ уи хьэпшыпыр!..

– Алыхь, зэкIуэцIызмыпхэн икIи! Хъунукъым а жыпIэр. Сыту угущIэгъуншэ! Къуэм анэр зэрихьэну и къалэнщ.

Псэуну плъагъур занщIэу къызэкIуэкIащ, и Iэпэлъапэр шхэуэ, и Iупэр кIэзызу.

– СыгущIэгъуншэщ, гущIэгъуншэм сыкъилъхуащи. Уэ угущIэгъуншэтэкъэ, сабий быныр дыкъызэхэбнэу лIы ущыдэкIуам? УгущIэгъуншэтэкъэ, илъэсищ фIэкI мыхъуа уи сабий сымаджэр и псэм еджэжу хэлъу уэ зыбгъэнысащIэу лэгъунэм ущыщIэсам? УгущIэгъуншэтэкъэ, лIыжь кхъахэм и кIуэцIыкIыр, и купщIэр ипшхыкIыу унэ нэщIым къыщыщIэбнам?! Уэра гущIэгъу зиIэр?! Уэра тыншыпIэ зыхуэфащэр?! Уи Сталинри си Гитлерри согъэпцI, «пащIэ бзииплъ» щIалъхьэжам укIэлъызмыгъакIуэм. – Псэун зыкъызэкъуихри зэ уэгъуэм и анэр пIэжьажьэу, лъэкъуауэу къриудащ.

Жэщ ныкъуэ хъуауэ къыщIэкIынт, Iурарэ зыкъищIэжу къыщызэфIэувэжам. Ерагъыу «пащIэ бзииплъым» къыщIэна башыжь къыпэщIэхуати, зыщIигъакъуэурэ, и псэр и пхъум деж нихьэсыну ежьащ. ЩIымахуэр щIыIэт, езыр IэпцIанэ-лъэпцIанэт, си щхьэр мэуназэ, соджалэри солIэ жиIэу, щIэгъэкъуэн игъуэтмэ, къэувыIэурэ зигъэпсэхурт, иныкъуэми къызэплъэ-

кIырт, и къуэр къыкIэлъыжэ къыфIэщIу. И нэр къыщыщхьэрипхъуи щыIэт, зэщIэдиярэ и гур къекIуэу. Автоматыр иIыгъырэ и къуэр къыпэуvауэ къыфIэщIмэ, пэпсэлъэжырт: «Хьэуэ, тIасэ: Алыхьым къысхуиуха къалэныр згъэзэщIащ, си быным сащхьэщысащ, псыдзэм езмыгъэхьу, мафIэм езмыгъэсу, си щхьэгъусэми хуэфащэ хуэсщIащ. Зи щIыхуэ стелъ щыIэкъым, ахърэтым сыкIуэжми, ди лIам напэ къабзэкIэ са IущIэжынщ»… Iурарэ бауэкIэщI къэхъуащи, лъэбакъуи хуэчыжыркъым. «А, Саружан, а си хъыджэбз цIыкIу, уи щхьэгъусэм тхьэм къигъэзэжыну жиIэ, къигъэзэжмэ, си псэ закъуэ, зыщумыгъэгъупщэ. Сыт зыщимыгъэгъупщэнур?» – Iурарэ къыхуэубзыхужыркъым щыгъупщэ мыхъунур. Iэбэлъабэурэ ерагъыу къэсащ Саружанхэ я мывэ сэрейм, къэсащ и псэр къихьри. Иджы тIэкIунитIэ зигъэпсэхумэ, и пхъум еджэнщ, къыхудэшеиж закъуэмэ. Мывэ сэрейм къыщысакIэ, адэкIэ Алыхьым жыхуиIар хъунщ…

Нэху мэщри уэрамым дэтхэм Саружан къагъэуш. Плъэмэ, и анэр зэщIэщтхьэри сытхъу трищIэжауэ, мывэ сэрейр къищтэу ирихьэжьэн хуэдэу тедиихьауэ телъщ.

– Унэм щIэдвгъыхьи, къэвыжмэ, къэхъужынкIэ хъунщ, – жиIат пхъум, ауэ къэхъужакъым.

## МЕЛЫIЫЧ

Уаепсаети, щIыIэм дигъэундэрэщхъуат грузовик машинэм исыр, дызэфIэдыкъауэ зыр зым зыкIэриукIат, дыпсэууэ ди унэ дынэсыжыну ди гугъэххэтэкъым. «Тэрчкъалэ дыкъэсыжащ, фыкъикI», – щыжаIам зыдгъэхъеифакъым, дызэфIэсу жьы щIыIэ къытщIихум щхъуантIэ дищIауэ дисти. Ди блыпкъыр яубыдрэ машинэм дыкърахмэ – ди лъакъуэр къыщIэувэжыртэкъым. Ерагъпсэрагъыу шоферым сыкъызэфIигъэувэжати, лъэбакъуэ закъуэ схуэчакъым, сабий зекIуэкIэ зрагъащIэм хуэдэу псоми ди блыпкъыр яIыгъыурэ зыкъомрэ дыкърашэкIащ, дэр-дэру дызекIуэжыфын щхьэкIэ. Си блыпкъыр зыIыгъыр ди шофер кабинэ хуабэм исарати, къысщIэнакIэрт:

– Алыджыкъуэ дыкъуэнагъ, аргъеипэ шы пэнцIыв, цIыв гъажьэ яжьэ лъэгу… – жиIэурэ.

– Уэлэхьи, дыкъуэнагъри зыгуэртэм. Дэ емынэм дыкъелауэ хъумбылейм дихьыж пэтащ. Си фIэщ хъуркъым щIыIэ тхэмыхьауэ…

– Уи гур умыгъэкIуэд, къалэм пщтыр гуэр щытIухуэмэ, дыкъызэщIигъэплъэжынщ.

Сэри сызыщыгугъыр арат. Си цIыхугъэ гуэр Тэрчкъалэ дэсати, ар къэзгъуэтыжамэ, ара мыгъуэт сызыхуейр. Ауэ эвакуацэ сыт кIуарэ къимыгъэзэжамэ, итIанэщ Iуэхур щызэIыхьар. Абы нэхъей, гъуэмылэншэ къомыр дауи дызэрихьэлIат? Сэ си

гъусэм сащыгугъат, езыхэр зыщыгугъар тхьэм ещIэ. Нэмыцэр хэкум ирахужауэ щызэхахым, къытрадзэри къагъэзэжащ. Сэри ахэр щыслъагъум, я машинэм зыкъиздзэри сыкъежьащ, зы махуэ гъуэгур куэдкъым, гъуэмылэншэу тшэчынщ, жысIэри. Къуршыщхьэм уихьэмэ, абы хуэдэу уаепсаеу хэт и гугъэнт? ДыкъыщыкIуэм гъэмахуэти, зыхэтщIакъым. Иджы щIымахуэ шылэр икIаи-имыкIаи. ТIэкIу сыкъэбэдзэуэжауэ сыщIоупщIэ:

– Мыбдеж куэдрэ дыщыгувэну пIэрэ?

Шоферым идэркъым:

– Хьэуэ. Дыгувэ хъурэ, зиунагъуэрэ? Тэрч дызэпрыкIын хуейщ. Лъэмыж телъи, темылъи. Зы сыхьэт дыгувэми, аращ. УздэкIуэнуIа?

– Си цIыхугъэ гуэр мы къалэм дэсщи, сыщIэупщIэнут.

– НтIэ загъэхь. ПсынщIэу. Укъэмыгувэ.

Абы фIэкI хэмылъу сэри сежьащ, чэф зиIэм хуэдэу сызекIунтIриеу. СыздэкIуэнум и адресыр тэмэму сщIэмэ, зыгуэрти. Унэр къэслъагъумэ, къэсцIыхужын си гугъа щхьэкIэ, щхьэгъэпцIэжщ. Къалэр хьэлэчу зэтекъутащ, унэм нэхъыбэр мафIэм исащ, уэрамым дахэ-дахэу ущызекIуэ хъуркъым, телефон пкъохэр къэуащ, гъущI кIапсэр зэхэфыщIауэ, адэкIэ-мыдэкIэ кумб защIэщ, нэхъыбэжыр унэ къутахэщ. Щхьэгъубжэу абдж къызыхэнар зырызыххэщ. Си Iэпкълъэпкъыр къыздэмыбзми, си щхьэр фIэлэлу уэрам мащIэ сыдэта – и кIэм сыгъуащэри, сыкъэгувэпащ. СешаселIауэ къэзгъэзэжмэ – машинэр бгъуэтым къащтэ. Си хьэпшып тIэкIури абы къинащ. Сэшхуэжь гуэр уэрамым дэлъу къэсщтащи, нэгъуэщI скIэрылъ щыIэкъым. Ари хьэ сахуэзэмэ, жысIэу къэсщта щхьэкIэ, хьэхэбасэ дэнэ къэна, цIыхуу зи унэ щIэсыжыр мащIэ дыдэщ. СэшхуапIэр зэхэкъутащи, сэшхуэр къыщипхкIэ ухуэмысакъмэ, укъиуIэнкIэ хъунущ.

Сыгузэвэщати, си лъакъуэр нэхъ тыншу зекIуэ хъуат, дыгъуасэ лъандэри дзэкъэгъуэ зэрысIумыхуари сщыгъупщэжат. ШхапIэ гуэрымкIэ емыкIуэлIауэ пIэрэ жысIэри, аргуэру къалэм сыдэлъадэри къэзмыжыхьаи. АрщхьэкIэ шурэ лъэсрэ гъуэгу щызэгъусэркъым, жыхуаIэрат, машинэм лъэсу къыкIэлъыбжыхькIэ сыт и мыхьэнэ? Тхьэм ещIэ, куэдыщэрэ къэзджэдыхьа, си гъусэм къыспэплъэн ямыдауэ къыщIэкIынщ. Сыт щхьэкIи къыспэплъэн – си благъэ, си цIыхугъэ дэнэ къэна, си хэгъэрей яхэтакъым, ди хэкумкIэ я машинэр къакIуэу къыщысщIэм, семыупщIу икIи семыусэу зыкъиздзэри сакъыдежьат, ахъшэ тIэкIу сиIар шоферым естри. А зым фIэкIаи си цIэр зыщIэ яхэтакъым. Иджы къалэ уэрамым сыкъыдэнащ.

Лэпс шынакъ къызэзытым си сэшхуэжьыр естынщ, жысIэу бэзэрымкIэ къэзгъэзэжащи, бахъэ къыщIихыу унэ слъагъумэ, сокIуалIэри сыщIоупщIэ:

– Мыр мышхапIэу пIэрэ?

Сэшхуэм щхьэк Iэ зыгуэр къозытынкIэ хъунур шэшэнырщ е мышкъышырщ. Абыхэм Iэщэм пщIэ хуащ I, нэхъ нэ лейкIэ йоплъ. ШэшэнитI е мышкъышитI зэпсалъэу зэхэсмэ, сокIуалIэри си Iэщэр изогъэлъагъу, арщхьэкIэ зыри нэ къудейкIэ къызэплъыркъым. Осетинхэр е къэзакъхэр жыпIэнущи, пахыжащ.

ЦIыхубзрэ цIыхухъурэ зэрыгъэк Iийуэ зэхэсхрэ сыкъызэплъэкIмэ, пхъэ зыщэ мышкъышрэ зы цIыхубз гуэррэ зэгурыIуэркъым. Мышкъышым шызакъуэгукIэ гъэсын къишауэ ещэр, урыс цI ыхубзым пхъэ I эплI акIуэфI къищэхуащи, ихьын дэнэ къэна, къыхуэIэтыркъым, йолъэ Iур къезыщам «уи гумкIэ си унэм нысхуешалI э» жеIэри. Ар къезыщам идэн? Пхъэр илъу уи унэм нэс сынакIуэу къэзгъэзэжыху, махуэр кIуэнущ, сэ си Iуэху зэфIэкIыу къуажэм згъэзэжын хуейщ, жеIэри лIым идэркъым.

ЦIыхубзым къищэхуар бжей пхъэ гъумыжьщ, зы лIым къыхуэIэтын къудейуэ. Сэри си къарум къихьынрэ къимыхьынрэ сымыщ Iэу, цIыхубз нащхъуэ нэкIу хъурейм сыбгъэдохьэ.

– Сэ пхуэсхьынщ уи пхъэр, ущыпсэур мыжыжьащэмэ.

ЦIыхубзым дзыхь къысхуимыщIыщэу сызэпеплъыхь, сэшхуэм гурыщхъуэ ирегъэщI, си фэри зэрымыщIагъуэр сэри сощIэж, ауэ си бащлъыкъыр Iейкъым. Дыгъуасэ лъандэрэ зэ сышхами аращ. Сшхари сыт? ЩIакхъуэ фIыцIэ тIэкIу зыIурыздзэри псы сытефыхьыжащ. Зэзэмызэ шху стэкан къысIухуэмэ, сытхъэжа си гугъэщ. ЩIакхъуэ жыхуэсIэри сыт? Нартыхур, хьэр, джэшыр зэхэхьэжауэ, абы кIэртIоф хэлъыжу. Езыр сабын фIыцIэм хуэдэщ, хукхъуэр къыхэлъэлъу. Щыгъын жыпIэнущи, мыхьэнэ зимыIэщ: бэлътоужь зэхэфыщIа, пыIэ укъуея, батинкIэжь. Ауэ си пщэм бащлъыкъ дэлъщ, бэлътом и щIыIукI и сэшхуэр скIэрыщIащ.

– Дапщэ сIыпхынур? – жиIэри цI ыхубзыр къызэупщIащ.

– Здэсхьынур жыжьэ? Абы елъытащ.

– Ар хэт ипща? ДакъикъипщI, дакъикъэ пщык IутхукIэ сыкъос, сэ сыкъакI уэмэ. Я нэхъыбэрауэ, сыхьэт ныкъуэ.

Иужьрей «сыхьэт ныкъуэр» жимыIэжатэмэ, жысIэну уасэр си Iупэм къэсат. Бжей пхъэ IэплIакI уэжь щылъым сыщеIэм ерагъыу схуэгъэхъея къудейщ. Сэри сыщIегъуэжащ.

– Хьэлъэщ, – жыс Iэри сыкъыщик Iуэтыжым, цIыхубзыр къэгумэщIащ:

– ЖыIэ уи уасэр. Уасэм нэмыщIи узгъэшхэнщ. Ар дауэ: «пхуэсхьынщ» жыпIэри сыкъэбгъэгугъащ. Иджы уIуокIыжыр. ЛIы хуэдэ лIым ар ящIэрэ? ЖыIэ уи уасэр! – сыIуимыгъэкIыжу цIыхубзыр къыспэуващи, кIуапIи-жапIи къызитыркъым. Сытуи тегушхуэгъуафIи сыкъищIа!

– Къызэрыпщэхуа уасэм и ныкъуэ, – жысIащ жьэмардэу,

куэдыIуэу жысIэмэ, скIэрыкIыжын си гугъэу. АрщхьэкIэ хъуа-къым, цIыхубзыр къызэрык Iауэ мэкIий, и хьэр къытесх хуэдэ:

– Къызэрысщэхуа уасэм и ныкъуи? Дауэ уи жьэм къекIуэу жыпIэрэ? Мор мэзым кIуэри пхъэр пиупщIащ, мэзым къыщIилъэфащ, бэзэрым нэси къишэжащ. Абы зыпэпщI хъурэ! «Къызэрыпщэхуа уасэм и ныкъуэ!»

– Ар мэзым нэс кIуэуэ пхъэр пиупщIамэ, гукIэ къишащ. Сэ шыдым ещхьу си щIыбым илъу схьынущ. Дауи, дэ т Iур дызэхуэдэкъым…

– Хъунщ. Сыарэзыщ. Къащти, нэхь. – Жыгей гъумыр мышкъышыр къыздэIэпыкъуурэ си дамэм щытеслъхьэм, си псэм зыхищIащ зэрысхуэмыхьынур, арщхьэкIэ цIыхубзми Iэ лъэныкъуэкIэ къыздигъэпсынщIэ хуэдэу къыщызбгъэдэувэм, си нитIыр къыщихуами, сыкъежьащ, сигъэшхэну зэрыжиIар си гурыфIыгъуэти.

Бэзэрым дыкъызэрытекIыу цIыхубзыр япэ иувауэ макIуэ, мычэму къызэплъэкIыу. Пхъэ гъумыжьыр есхьэжьэу сыщIэпхъуэжын хуэдэ. Сэ зызгъэшауэ си сэшхуэ кIапэр щIым тоуэ, си фIэщи хъуркъым сыхьэт ныкъуэкIи схуэхьыну. Си щхьэм сыхузэгуопыж: бэлыхьлажьэ щхьэ зытеслъхьэжа, жызоIэри. Хэт сезыхулIар? Лъэбакъуэ счыху, пхъэ цIынэм и хьэлъагъым хэхъуэ къысфIощI. Унэ щIыхьэп Iэ сыхуэзэмэ, си хьэлъэр кIэртIоф уэздыгъэм ещхьу тызогъэувэри тIэкIу зызогъэпсэху. Аргуэру зэблэсхъуурэ си дамитIым тызолъхьэри сожьэж. Зэи сылъэпэрапэри пхъэ хъурейр щысIэпыщIэхум, пхъэр къэзыщэхуа цIыхубзым и лъакъуэр зэпезгъэуд пэтащ. Иджы езыри нэхъ къысхуосакъ.

Къаруи-псэруи къысхуэмынэжауэ, си нэри къыщхьэприпхъуэу хуежьащ: хыфIэздзэу щхьэ семыжьэжрэ, си кIэтIийр зэпитхъмэ, мыбы сигъэшхынуми сыт къысхуищIэжын, жысIэу. Абдеж езы фызми гу къыслъита хъунти:

– Дыкъэсащ иджы. КъакIуэ пщIантIэмкIэ, – жиIэри куэбжэшхуэм хэлъ бжэ цIыкIур Iухати, сыздэк Iуэнур сигъэлъэгъуащ.

Бжэм тэмэму схухуэмыгъазэу сэри си хьэлъэр бжэм жьэхэзгъауэри хезгъэуд пэтащ. ПщIантIэм сызэрыдыхьэу сыщIихуауэ лъэбакъуэ зытхух нэхъыбэ схуэмыхьыжу пхъэ гъумыжьыр хыфIэздзэри сыбауэ-сыбапщэу хьэмбыIуу сыт Iысащ. Фызым игу къысщIэгъуат, зыгуэр къысщыщIа и гугъауэ.

– НакIуэ, ныщIыхьи, тIэкIу зыгъэпсэху.

Сэри чэф зиIэм хуэдэу фызым и ужьым сиувэри ар здэкIуэмкIэ сежьащ, псалъэ закъуэ си жьэм къыжьэдэмыкIыу. ДэкIуеипIэм ерагъкIэ сыдэкIуеящ.

СызыщIыхьа фэтэрыр пэш закъуэт зэрыхъур, зы щхьэгъубжэ хэлъу, зы гъущI гъуэлъыпIэшхуэ пэшхьэкубжэм пэмыжыжьэу, шкафышхуэ. Зы стIол, шэнтищрэ зы шэнт щхьэгуэрэ –

нэгъуэщI нэм къыфIэнэн щIэмыту. Рамэшхуэм илъу сурэт зыкъом щыслъагъум, сахэплъэмэ, унэр зей цIыхубзыр военнэ гуэрым бгъэдэту хэтщ. Тхьэм ещIэ, и лIым гу щимыхуэу зауэм ягъэкIуа, езы цIыхубзым сигъэтIысри пэшхьэкур зэщIигъэнащ, пхъэ гъур тIэкIу щылъыр ирилъхьащ. Ар пщэфIэху сыщысмэ, жэщ къыстехъуэркъэ, жысIэу тIэкIуи согузавэ. Фыз бзаджэр, хьэщIэ къакIуэмэ, шыуаныр итхъунщIу мэтIыс, жыхуаIэр си гум къэкIащи, согупсысэ: нтIэ, сытэджу сежьэжын, жызоIэри. Сежьэжми, хэт сигъэшхэн? Сыздэщысым къуэгъэнапIэм къуэлъу джыдэ солъагъу. Зызгъэпсэхуу тIэкIу зыкъэсщIэжа нэужь, си щхьэм къохьэ: цIыхубзыр пщэфIэху сыщымысу мо джыдэр къасщтэу пхъэ къэсхьар скъутэн, жысIэу. Нобэ бэлыхь сшэчам къыхэжыжын ар? Джыдэр сIыгъыу сыкъыщилъагъум, цIыхубзыр къыспэуващ:

– Дэнэ? Иджыпсту хьэзыр хъунущ.

– Хьэзыр хъуху, сыщымысу пхъэр скъутэнщ. Дэнэ щыIэ – къэп уи Iэ?

ЦIыхубзыр занщIэу къэгуфIащ:

– Дауэ симыIэу? Къэпи сиIэщ. Пхуэкъутэну пIэрэ?

Джыдэр къасщтэри сыщIэкIащ, къэпыжь гуэри си дамэм еупцIэкIауэ. Сэшхуэр унэм къыщIэзнащ. ЦIыхубзым зыгуэр жиIэнути, ари жезмыгъэIэу бжэщхьэIум себэкъуащ. Тхьэм ещIэ, пхъэ къутапщIэ сIыпхыну жиIэу, къызэупщIыну арагъэнт.

Пхъэ къэсхьауэ емынэунэ хъуныр зыдэщылъам деж щылът. Хьэбыршыбырыжь, иджыпсту уи анэр пхуэзгъагъынкъэ, жысIэри си бэлътоужьыр зыщысхри сеувэлIащ. Джыдэри дзагуэт, цIыкIут, итIани ущеувэлIакIэ пхъэр схуэкъутэркъым, жыпIэу уежьэжын? Хьэлэ гуэрхэри сщIыри пхъэр ерагъыу зэгуэзгъэзым, хьэлэ дэзукIэмэ, зэгуэзгъэзым, хьэлэ дэзукIэурэ, пхъэр плIыуэ, тхууэ зэгуэзудри нэхъ сыхэзагъэ хъуащ. Зэзэмызэ цIыхубзым бжэр къыIуихыурэ къаплъэрт: имыхьауэ пIэрэ, жиIэу. Сэри гу лъызмытэ хуэдэу зысщIырт. Пщыхьэщхьэ хъууэ пшапэр зэхэуэху, пхъэ гъумыжьым селIэлIащ, къуэщIий защIэ сщIыху. Пхъэ закъуэр къэпитху хъуащ. А къомыр унэм щIэсхьэу бжэ къуагъым деж дахэ цIыкIуу зэтеслъхьати, фызыр къэгузэвауэ гу лъыстащ: дапщэ иджы сIихынур, жиIэу. Си гур дахэ ищIыну арагъэнт, езыр фIыуэ схуэпщэфIауэ гу лъыстащи. КIэртIоф гъэвар игъэжьэжат, джэдыкIэ хэкъутауэ. Нащэ фIэIу тIэкIуи къытригъэуващ. ТIури дытIыса нэужь, къэтэджщ цIыхубзри, я гъунэгъум деж кIуэри куэдрэ къэмыту къигъэзэжащ, цырибон тIэкIу графин цIыкIумкIэ къихьри. А лъэхъэнэм цырибоныр хущхъуэ хэлъхьэ пщIынуми, гъуэтыгъуейт, итIани осетинхэм щIагъэжу къыщIэкIынти, къигъуэтащ.

Ти, урыс цIыхубзым Iэнэ къигъэувам хуэдэ тхьэм къузэритын. Фадэ тIэкIур стэканитIым кърigъэхъуащ, сысейм нэхъыбэ иту, езым ейм Iубыгъуэ ныкъуэ ирикIами, арат.

– Мыбы сефэркъым сэ, – жысIэу си стэканыр щыIузгъэкIуэтыжым цIыхубзым и фIэщ хъуакъым.

– Ар дауэ – умелыIычи! ЦIыхухъу емыфэ щыIэ? – жи Iэри, зыхуихьыныр имыщI эу и нэ нащхъуитIыр къригъэжу къызэплъащ.

Сэри сыщыIуплъэм гу лъыстащ: цIыхубзыр зэщIэуфауэ бэзэрым щытетам и ныбжьыр хэк Iуэтауэ лъэбыцэ цIыкI уу къысфIэщI ами, апхуэдэу жьытэкъым, илъэс щэщIым куэдк Iэ фIэмыкIауэ арат, нэкIу хъурейт, быртIым цIыкIуу, нэщхъыфIэу къоплъмэ, ц Iыхубз лъагъугъуафIэ гуакIуэ хуэдэуи щытт, щхьэцыгъуэ Iув тетыр и дамитIым щ IакIуэ гъуабжэм хуэдэу телъу.

– Сэ сыщыщыI экIэ щыIэу къыщIэкIынщ. – Сэри абы къыфIэзмыгъэкIыу кIэртI оф гъэжьам зестащ. ЦIыхубзри емыфэу стэканитIым итар графин цIыкIум ирикIэжри Iуихыжащ, къызыIихам иритыжыну.

Тшхам шей тIэкIу тетфыхьыжурэ дыздэщысым, гугъу дызэрехьар тщыгъупщэжри Iэджэм я щхьэфэ диIэбащ. ЦIыхубзым и лIыр зауэм кIуэри бзэхащи, ноби ныжэби хъыбар имыIэу йокIуэкI. Сэри си Iуэху зэрымыпщIэгъуалэр гурызгъэIуащ. Нэмыцэр къэсащ, жаIэу щызэхэсхым эвакуацэ кIуэрт райисполкомым тетым я бынунэри сэри абы гъусэ захуэсщIри Куржы нэс дыкIуэри иджыри къэс абы дыщыIащ, шхынкIэ Iейуэ гугъу дехьу, дыекIуэлIапIэншэу. ЦIыхуу адэкIэ-мыдэкIэ къикIар апхуэдизкIэ Iувти, уи щхьэр здэпхьынур пщIэртэкъым. Нэмыцэр хэкум ирахужауэ хъыбарыр ди деж къызэрысу дыкъежьэжынути, дыкъызэрыкIуэжын дымыгъуэту зыкъомри дыгуващ. ИкIэм икIэжым ветлечебницэм щылажьэу щIэныгъэлI гуэрхэр машинэкIэ къэкIуэжу сакъыщыхуэзам занщIэу я машинэм зыкъиздзэри сыкъэкIуэжати, къызащIам еплъ – къалэм сыкъыданэри ежьэжащ.

Сигъэунэхуну цIыхубзыр къызоупщI:

– НтIэ, ныжэбэ дэнэ уздэкIуэнур?

– Аракъэ иджы сымыщIэр. Вокзалым сытесынщ. ЗекIуэрэ мафIэгу?

– ГъущI гъуэгу зэхэкъутар зэфIагъэувэжу зэхэсхащ. ЗекIуэми, сщIэркъым, – цIыхубзым тIэкIурэ зиIэжьэри, и гум зыгуэрхэр къызэрыкIар уигъащIэу къыпищащ. – Мы щIыIэ уаем вокзал иджыри ямыгъэплъым дауэ утесыну? Пшхынури сыт?

– Окопыр ягъэплърэ? Зауэм Iутыр зэрыс окопым дауэ ис? – щыжысIэм, цIыхубзым жиIэнур имыщIэжу къэнат. И лIыр зауэм куэд щIауэ щыIэ пэтрэ иджыри къэс зэи и гум къэкIатэкъым окопыр ягъэплърэ хьэмэ ямыгъэплърэ, жиIэу.

Сэри Хъуэжэ и бэщмакъыу унэм зыкъизгъэнэну си мымураду гу къыщыслъитэм, цIыхубзыр гъуэлъыпIэ закъуэмкIэ плъэри, жиIащ:

– ГъуэлъыпIэ закъуэщ сиIэр, армыхъумэ укъэзгъэнэнт. Мес, уэри уолъагъу.

ЦIыхубзым сыхэзэгъэну фэ есплъат:

– ГъуэлъыпIэм симылъми, хъунущ. Мо пхъэ къутар здэщылъым деж зызгъэукIуриймэ, зэфIэкIакъэ? – щыжысIэм, цIыхубзыр къыщиудри къэдыхьэшхащ:

– Бжэкъуагъми?

– ЛIо, пэшхьэкубжэм и гъунэгъущ, хуабапIэщ. Си бэлътоужьыр си шхы Iэнщ. Уэншэку жыпIэнущи, сыхуеиххэкъым, упщIэ тIэкIу е арджэн диIамэ, нэхъыфIт. ДимыIэми, ягъэ кIынукъым, си бащлъыкъыр сыубгъуми мэхъу, сесэжащ сэлэтым хуэдэу.

Сэри цIыхубзым сыщогуфIык I, си унэ укъыщIэзнэнукъым, гъунэгъум жамыIэнIа щхьэкIэ сыт жиIэу щхьэусыгъуэ зэрымылъыхъуар си гуапэ хъуати. Ар дыдэр жи Iами, бгъэкъуаншэ хъунутэкъым, бэзэрым тета хамэ цI ыхухъу и унэ щигъэI эмэ, зылъагъум гурыщхъуэ ямыщI у хъурэ? Езы цI ыхубзри гуитIщхьит I зэрыхъуар белджылыт, «щIэкIыж» жиIами, зизмылъэфыхьу сыкъежьэжынут, арщхьэкIэ цIыху къайгъэншэу сыкъыщилъагъум, и унэм нэху сыкъыщекIмэ, нэхъ фI эфIу къыщIэкIынт.

ИгъащIэм дызэрыщIыху хуэдэу т Iури дыкъыхэмыщтыкIыу доуэршэр, зи гугъу дымыщI къэнакъым. ЦIыхубзым и л Iым и хъыбар имыщIуи къэнэнт: зэрыдэкIуар, фызышэр зэрекIуэкIар, илъэсрэ ныкъуэрэ ф IэкIа дэмыпсэуауэ фронтым зэрыкI уар, станцым зы жэщ-махуэ иригъэжьэжу зэрытесар – зыри къигъэнатэкъым. Иджы хъыбар лъэпкъ иI экъым. Сэри эвакуацэ сыщежьэ лъандэрэ си нэгу щIэкIар жыпIэжын щхьэкI э тхьэмахуэкIэ ущысин хуейт.

Жэщыбг хъуакъэ щыжытIэм, цIыхубзым зыкъысхуегъазэ:

– Нт Iэ, си хьэщIэ лъапIэ…

– Сэ сыхьэщ Iэ сытми? СыуилIыщI эщ.

ЦIыхубзыр ину икIи дахэу мэдыхьэшх, си псалъэр и гуапэ хъуауэ.

– УзилIыщIэуи щIы. Гъуэлъыжыгъуэ хъуащ.

– Мис ар пэжщ.

– Пэжмэ, моуэ дыгъэщI: сэ пIэр сощIыжри япэ согъуэлъыж. ЗыщыстIэщIкIэ укъемыплъэк Iыу стIолым бгъэдэс. Сыгъуэлъыжа нэужь, гъуэлъыпIэм и ныкъуэр ууейщи, уэри угъуэлъыжынумэ, ухуитщ… ГъуэлъыпIэм сыхуейкъым, бжэ къуагъыр нэхъ къызощтэ жып Iэрэ – узэрегуакIуэщ. Убгъу уи бащлъыкъыр.

Бжэ къуагъым сыкъуэлъмэ, нэхъ къищтэу щытатэмэ, и пIэм сригъэгъуэлъхьэнт, жызо Iэри сэри Iэнкуну сыщысщ: сыдэгъуэлъын цIыхубзым хьэмэ унэ лъэгум сигъуэлъхьэн. Мыр мыбы идэгъуаф Iэу щхьэ идэрэ, сэ сыхэтми ищ Iэркъым,

сыгъуэгурыкIуэщ икIи сыфейцейщ. Ярэби, уз пкърымыту пIэрэ, жысIэу си гум къыщыкIым,си щхьэфэцым зыкъиIэтащ. А узым нэхърэ нэхъ сызыщымэхъашэ дунейм узыфэ теткъым. Ар уэфыкIыу къуажэ сыздэкIуэжым укъащIэмэ, цIыхум уи Iэ къиубыдыжынкъым. Абы сегупсысурэ си гур кIуэдыпащ. Арыншэми куэд лъандэрэ си ныбэ изу зэи сышхакъым, гъуэгуанэри гугъуащ, нобэ къэслъэфу скъута пхъэм къару лъэпкъ къысхинэжакъым, цIыхубзым и гупэ сыгъуэлъми, схузэфIэкIын щIагъуи щыIэу си фIэщ хъуркъым. Си напэр текIынкIэ мэхъу.

СымыпIащIэурэ зыстIэщIрэ сыплъэмэ, цIыхубзым и щIыбагъ къысхуигъэзауэ пIэм хэлъщ. Си сэшхуэжьри гъуэлъыпIэ натIэм еупсеяуэ щыслъагъум, занщIэу си гум къэкIащ сщIэн хуейр. Адыгэ хабзэжь щымыIэжри дауи къэзгупсысыжат? Дахэ цIыкIум хуэдэу зыстIэщIщ, джанэ-гъуэншэдж щIагъщIэлъ фIэкI сщымыгъыуи, сэшхуэр къисхщ, пIэм ситIысхьэри сэшхуэ пщIанэр пIэм ику дыдэм деж ислъхьащ, сэшхуэ Iэпщэр щхьэнтэ щIагъым хуэзэу.

Уэздыгъэр изошэхри сыгъуэлъыжу шхыIэныр къыщытесIэтыкIым, солъагъу цIыхубзым джанэ тIэкIу фIэкIа зэрыщымыгъыр, и куафэ хужьыбзэр къыщIощ. АрщхьэкIэ сэшхуэ пщIанэр дякум дэслъхьащи, сыхуэсакъыурэ си лъакъуэр соукъуэдий. Сэшхуэ тIыгур цIыхубзым дежкIэ согъазэ, зыгуэркIэ къэIэбэ хъумэ, имыуIэн хуэдэу. Мы къэгъуэлъам мурад гуэр иIэу пIэрэ, жыхуиIэу цIыхубзыр къызэжьэу зы тэлайкIэ хэлъащ, зимыгъэхъейуэ, сэ зызущэхуауэ сыщIыщылъыр къыгурымыIуэу си дежкIэ зыкъыщигъазэм, сэшхуэм къеIусэри занщIэу къэскIащ:

– Мыр сыт? Мыр мыбдеж щхьэ щылъ? – жиIэу цIыхубзым шхыIэныр зытридзри пIэм къитIысхьауэ и нэ нащхъуитIыр къихуу къызоплъ, сызыIуридзэу сишхыным хуэдэу къызэкIуэкIауэ.

Си Iэр сэшхуэ пщIанэм телъу жызоIэ, тэмакъкIэщIыгъэ хэмылъу.

– Сэшхуэщ. Умыгузавэ, и зэран къокIынкъым.

– Дауэ къызэмыкIыу? Ара сэшхуэр здэщылъын хуейр?

– Аращ. УемыIусэмэ, къоIусэнукъым.

– КъоIусэнукъым, жи! ЛIо сэшхуэмкIэ уи мурадыр? Хэх иджыпсту! КъыбгурыIуа? Хэх!

– Хэсхынукъым. Сэшхуэм гъуэлъыпIэр тIууэ егуэш. Сэшхуэм адэкIэ уи пIэщ, мыдэкIэ си пIэщ. СынызэпрыкIрэ – укъызэуэу сыбукIми, хабзэм уигъэкъуэншэнукъым. Уэри укъызэпрымыкIи, зэфIэкIащ.

– Сэшхуэр си гупэ хэлъу сыбгъэжеин уи гугъэ?

– Сэ сыжеинущ. Сэ сыщыжейкIэ уэри ужей щхьэ мыхъурэ?

ЦIыхубзым зигъэгусауэ зигъазэри блыным зыкIэриукIауэ шхыIэным зыщIиуфащ, сэ шхыIэн щIагъуэ стемыпIауэ сыкъи-

гъанэри; сыкъэтэджу си бэлътоужьыр зытезмыпIэу хъуакъым, шхыIэн щIагъым сыкъыщIэхутэн папщIэ, сэшхуэм адэкIэ сыщхьэдэмыхыу хъунутэкъыми. ТIуми зыдущэхуауэ, зыкъомрэ дыхэлъащ. Сэ гугъу сызэрехьарагъэнти, нэхъапэ жейм сыхилъэфащ.

Пэшхьэкур упщIыIужри пэшыр щIыIэ хъуати, пщэдджыжьым сэ нэхъапэ сыкъэушащ. Сыкъэтэджри пэшхьэкуми мафIэ исщIэри сыщIэкIащ, жьакIэупсым сыкIуэу си жьакIэ зэщIэкIар езгъэупсрэ си пащIэри тIэкIу щIезгъащэмэ, си гуапэу. Жэщым уэс тIэкIу къесауэ дунейр щIыIэт. Жьыуэ сызэрыкIуам къыхэкIыу жьакIэупсым деж щIэс щIагъуэ щыIэтэкъым, си Iуэхур самыгъэгувэу зэфIагъэкIри къэзгъэзэжащ, IэкIуэлъакIуэу сызэщIэупсауэ, дыхумэ тIэкIуи къыскIэрихыу.

Сэри тIэкIу сыщIегъуэжат, цIыхубзым хуэмыфащэу и жагъуэ сщIащ, жысIэу. Иджы ар дауэ гъэфIэжа зэрыхъунур? Иджыри къэмытэджауэ пIэ хуабэм хэлъмэ, сэри сыдэгъуэлъыжын, хьэмэ нобэ тхьэмахуэщ, езыри лэжьапIэ сыт жиIэу здэкIуэн щыIэу къыщIэкIынкъым. Пщэдджыжьышхэ хуэдэу тIэкIу дигъашхэмэ, дыгъуасэ сымыда цырибоным дефэу дыгъуэлъмэ, мынэхъыфIу пIэрэ? Дыгъуэпшыхь езым фIэфIу зы пIэ дыщигъэгъуэлъакIэ, ноби сыхэзэгъэну си гугъэщ. Ай, бетэмал, къэмытэджыххауэ срихьэлIэжатэмэ, сыту фIыт, занщIэу шхыIэн щIагъым къыщIэзна сэшхуэр къыщIэсхыжынти, сыгъуэлъыжынт…

МывэкIэ къищIыкIа пщIантIэ тIэкIум сызэрыдыхьэжу щхьэгъубжэ закъуэмкIэ сыплъати, псори зэрыщытам хуэдэщ. ДэкIуеипIэм удэжеймэ, занщIэу бжэм ухуозэ. Къэмыушауэ къыщIэкIащэрэт жыхуэсIар къэуша дэнэ къэна, дыгъуасэ бэзэрым щытетам щыгъа щыгъын хуабэр щыгъыу бжэм къыщIокIри сыкъимылъагъуу Iунк Iыбзэ иретыж, и щIыбагъ къысхуигъэзауэ.

– ЛэжьапIэ укIуэрэ? Нобэ тхьэмахуэ махуэкъэ? – жызоIэри дэкIуеипIэм сынэмысыпэу сыкъоувыIэр. Си мурадыр къызэрызэмыхъулIэнур гурыIуэгъуэт.

ЦIыхубзыр къызэплъэкIмэ, и нэм Iугъуэ къыщIех, къысхузэгуэпу зэгуоуд.

– Сэ сыздэкIуэм сыт хууиIуэхур, мелыIыч? Щхьэ укъэджэдэжа? Нышэдибэ укIуэсэжатэкъэ? – цIыхубзым IункIыбзэIухыр и сумкэм ирилъхьэу щыслъагъум,си фIэщ хъуащ игъэзэжыну зэримыгугъэр. Насып сиIэти, си щхьэусыгъуэр си гум къэкIыжащ:

– Си сэшхуэр къызэтыж. Арат къыщIэзгъэзэжар.

– «Сэшхуэ» жыпIа? Сэшхуэм сыткIэ сыхуей? Уэращ абы хуэныкъуэр… Хэт ищIэрэ, иджыри узыхуэзэнур… – цIыхубзым и хъуэрыбзэр гурыIуэгъуэт, игъэзэжри бжэр Iуихри щIыхьэжащ. НапIэзыпIэм сэшхуэ пцIанэр вууэ мывэм къытридзащ, ар

къэсщтэжыху, сэшхуапIэри и къарум къызэрихькIэ бжаблэм еуэри хьэлэчу зэхигъэлъалъэри къысхуидзыжащ. Езыми бжэм IункIыбзэ иритыжащ.

– Iэу. СэшхуапIэм и лажьэр сыт? Арыншэми зэхэкъута мыгъуэт, – жысIэурэ сэшхуапIэ зэпкърылъэлъар зэхузохьэсыж. Уешхыдэнуи сыт жепIэн? ЕкъуэншэкIар сэращ. Сыт къызжиIэми, къызищIэми, схуэфащэщ, хэIущIыIу симыщI щIыкIэ мы пщIантIэм сыдэкIыжынщ.

ЦIыхубзыр бампIэм къызэтричу дэкIуеипIэ тIэкIум къохри нэгъуэщIхэм захримыгъэхыу къысщIонакIэ:

– Алащэм сэшхуэ кIэрыщIауэт иджы сымылъэгъужар!

Ар къыскIэщIидзэри цIыхубзыр пIащIэ-тхъытхъыу пщIантIэм дэкIри тхьэм ещIэ здигъэзар. Сэри зэхэсхар си гум щIыхьауэ, си щхьэм мыгъуагъэ хуэсхьыжащ. Сыкъогубжьри сэшхуэри сэшхуапIэри дурэшым дызодзэр, схуэфащэщ, сыт къызжиIэми, жызоIэри, нтIэ сыалащэтэкъэ?.. Дыгъуасэ сымелыIычащ, нобэ алащэу сыкъыщIидзыжащ.

Си щхьэм бжьэ еуа хуэдэу къэзджэдыхьу къалэм сыдэтурэ уэрамышхуэм сыкъытехутат. Унищу зэтет унэшхуэм щI ыунэ бэлыхьи иIэу солъагъури сыкъоувыIэ. СыкъыщIэувыIари сыт? ЩIыунэ щIыхьэпIэм деж хьэрфышхуэ дахэкIэ тетхащ: «Бильярдная» жиIэу. Си урысыбзэр щIагъуащэтэкъыми, а псалъэр къызэрызгурыIуар нэгъуэщIут. Мыр дауэ къытеча дыдэу тратха? Ярэби, ныжэбэ сызыгъэхьэщIа цIыхубзыр мырмырауэ пIэрэ щылажьэр, жысIэу зыхуэсхьынур сымыщIэу сфIэхьэлэмэтт.

ЩIыунэ щIыхьэпIэм сеплъу сыздэщытым, зылI гуэр унэшхуэм къыщIэкIри сэ къыщызблэкIым джалэри си лъабжьэм къыщыщIэхутэм сэри сриуд пэтащ, лъакъуэкIэ къызжьэхэуэри. КIарзинкIэ иIыгъари IэщIэхури лъеящ, баш иIыгъати – ари арат. ЛIыр щылъу щыслъагъум, сепхъуэри зэфIэзгъэувэжащ, и башри кIарзинкIэри къыщыхуэсщтэжым, фIыщIэшхуэ къысхуищIащ. Езыми зигъэтхьэмыщкIафэт:

– СыкIуэнщи, сшхын тIэкIу къэсщэхунщ жысIати, плъагъурэ сэ къысщыщIар? Къару лъэпкъ къысхуэнэжакъым, – жиIэу къысхуэтхьэусыхэт, игъащIэм нобэ фIэкIа сыкъимылъэгъуа пэтрэ. Езыри Iэпэлъапэсысу ерагъыу зэфIэт къудейщ, здэкIуэну и мурадам кIуэн дзыхь имыщIыжу. ЛIыр зэрысымаджэм сэри гу лъыстащ. Тобэ ирехъу, мыри здэкIуэнур бэзэрырагъэнщ, жысIэу си гум къэкIат. «Сэ нэхърэ мыбы нэхъ алащафэ темыту пIэрэ?» – жызоIэ сигукIэ.

– Жыжьэ уздэкIуэнур, тхьэмадэ?

ЛIым и баш IэщIэхуауэ щытар ишиящ:

– Жыжьащэкъым. Усымаджэу къару уимыIэмэ, псори жыжьэкъэ?

Сытуи цIэнтхъуэрыгъуэ нобэ. Уэс тIэкIу къесар мэткIужри псыIэщ, уи лъэр къыщIэувэркъым.

НтIэ, тхьэм къысхуиухауэ пIэрэ мыр: дыгъуасэ бэзэрым цIыхубзым сыщыхуэзати, ныжэбэ секъуэншэкIри си напэр сэрсэру тесхыжащ. Аргуэру сызыхуэзам еплъ. ЛIыжьыр хуэсакъыпэурэ, шкIащ Iэ кIуэкIэу и лъакъуэр фIызэблэжурэ кIуэуэ щыслъагъум, си гум къэкIащ: мыбыи Iуэхутхьэбзэ хуэзмыщIэну Iэмал имыIэу тхьэм иухагъэнщ, жысIэу.

– Уа тхьэмадэ, къэувыIэт.

ЛIыжьыр ерагъыу къызэплъэкIри къэувыIащ.

– Ухуеймэ, бэзэрым унэзгъэсынщ.

– Дауэ?

– Уи Iэблэр сIыгъыурэ.

– Хьэуэ, си щIалэ. Сэ сылъакъуэищщ. Iэ ижьымкIэ баш сIыгъщ, Iэ сэмэгумкIэ – кIарзинкIэр. Си Iэблэр дауэ зэрыпIыгъынур?

Дадэм жиIэр пэжт. И шкIащIэ зекIуэкIэмкIи гурыIуэгъуэт ар жыжьэ зэрымыкIуэфынури, сеупщIащ:

– БгъэкIуэн гъунэгъуи жэрэгъуи уиIэкъэ?

– Гъунэгъум махуэ къэс уелъэIун? Си гуэныхь абыхэми ятелъкъым. СымыкIуэфмэ, дауэ сызэрыхъунур? Си дзэлыфэ тIауэ зызгъэл Iэну?..

Ар щыжиIэм, си гур щIэгъуащ, тхьэмыщкIэр и щхьэ закъуэ и лъакъуитIу псэууэ къыщIэкIынщ.

Сыадыгэщ, адыгагъэ щхьэ зезмыхьэрэ?

– Бэзэрым бгъэкIуэн уимыIэмэ, сэ сыпхуэкIуэнщ.

– ЫI?! – жиIэри лIым сызэпиплъыхьащ, сыкъимыгъэпцIэну пIэрэ мыбы, жыхуиIэу. Сэри къыпысщащ:

– Сыадыгэщ сэ. ЖыIэ узыхуейр. Бетэмалу къыпхуэсщэхунщ. Умыгузавэ, укъэзгъэпцIэнкъым. Бэзэрыр жыжьэкъым, си нэси си къэгъэзэжи зыуэ зэфIэзгъэкIынщ.

– Кащкон? – лIыр нэхъ нэщхъыфIэ къэхъуащ.

Осетинхэр къызэрыдэджэр зэрыкащконыр сщIэрти, нэхъ дзыхь зыхуезгъэщIыну арат си мурадыр.

– СыкъэпцIыхуащ. Тэмэм. Сыкащконщ.

– Абы хуэдэ Iуэхутхьэбзэ къысхуэпщIэфыну пIэрэ? Си гъунэгъум селъэIуурэ я щхьэр езгъэгъэузащ, уелъэIумэ, щхьэусыгъуэ къагъуэтыр. Уэ сыт – сыкъэпцIыхуркъым, усцIыхужыркъым…

– Сыгъэунэху. Сэри си закъуэу сопсэу, уэри уи закъуэу гу плъыстащи, сигу пщIогъу. Уи закъуэныр гугъурэ тыншрэ сэ фIыуэ сощIэ.

– Сыт щхьэкIи узгъэунэхурэ? Сытегузэвыхьын хуэдэу ахъшэшхуи сиIэкъым. Шэ тIэкIу, джэдыкIэ, бжьын, кхъуей – сэ сщIэрэ. Арат къэсщэхунури. Аргуэру сыджалэмэ, жызоIэри сошынэ.

– НтIэ къащтэ! Сэ къэсщэхунщи, къыпхуэсхьынщ. – СоIэбэри лIым кIарзинкIэр къыIызох. – Уи фэтэрым сыт и номер?

ЛIым и башыр ишиящ:

– Моращ – еханэрщ. Зэ умыпIащIэ. Мэ ахъшэр… Кхъужь, мыIэрысэ ухуэзэмэ, зыбгъупщI хуэдизи къэщэху.

Абы фIэк I хэмылъу, бэзэрымкIэ сунэтIащ, си гъащIэр абы епха хуэдэт, дыгъуасэрей цIыхубзу алащэкIэ къызэщам сыхуэзэнкIэ хъунщ, жысIэу сыгузэващ.

Бэзэрыр щызэхуэсыр къалэ гъунэрауэ щытами, иджы къалэку хъужат, ихъуреягъкIэ унэшхуэхэр къращIэкIауэ. ЦIыхури Iуву дыгъуасэ нэхърэ нэхъ бэзэрышхуэт. Шэшэни, мышкъыши, осетини, сонэи, ермэлыи – Iэджэм я бзэ щызэхэпхыу. Сэри дыгъуасэ мащ Iэрэ бэзэрым сытета, ди хэку къикIа машинэ сыхуэзэмэ, гъусэ зыхуэсщIынщи, зезгъэшэжынщ жысIэу. АрщхьэкIэ ди лъэныкъуэ къикIа сыхуэзатэкъым. Нэмыщэхэр хэкум зэрырахужрэ зыбжанэ щI ами, дунейр зэфIэувэжыпатэкъым. КъэпщэхунуIамэ, бэзэрым фIэкIтыкуэн ущIэкIуэн щыIэтэкъым. Бэзэрым телъыр лъапсейми, узыхуей щыбгъуэтынут.

Сымаджэ сыкъэзыгъэк Iуар зыщIэупщIар къэсщэхуащ. Ахъшэ тIэкIуи къыщыдэхуэм иджыри зыгуэр къэсщэхун, жысIа щхьэкIэ сыщIогъуэжри къызогъэзэж, ахъшэри къызохьыжри. Куэдрэ сыкъэмыту сыкъэкIуэжащ, кIарзинкIэм ихуэр илъу. ЛIы сымаджэр апхуэдизкIэ гуфIати, къеузари щыгъупщэжат.

– Ай, кащкон, кащкон. Ай, кащкон, кащкон, – жиIэу къэсщэхуар ст Iолым трелъхьэ. Кхъужь къэсщэхуари и гум ирихьат, хъэуан гъуэжьыбзэм хуэдэти.

– Сыту Iуэхутхьэбзэшхуэ къысхуэпщIа, сыту Iуэхутхьэбзэшхуэ…

– НтIэ тхьэм узыншэ уищIыж, – жысIэу сыкъыщIэкIыжыну къыщызгъазэм – дэнэ, бысымыр къыспэуври идакъым:

– Щхьэ упI ащIэрэ? Си жагъуэ умыщI. Т IэкIу щыс. Узмыгъэхьэщ Iэфми, къэпхьа тIэкIум дыхэгъэ Iэбэ. ДызэрыцIыхунщ, дызэпсэлъэнщ, – жиIэри. – ДжэдыкIэжьапхъэр куэдрэ?

– Уи цIэр хэт жыпI а?

– Алыджыкъуэ. – Си гум къэкIат «алащэ» жысIэну, арщхьэкIэ ар къезэгърэт?

– Сэ си цIэр Ахъсарщ. – Бысымым примусыжь гуэр зэщIигъэнэну дурэшым къыдихащ. – Абы нэхъей унэгуащи ди Iэж мыгъуэ.

– Iэу, куэд лъандэри? Тхьэм пщимыгъэгъупщэкIэ.

– КъуитI сиIати, зауэм щыIэщ. Нэхъыжьым куэд щIауэ зыри къитхыркъым. НэхъыщIэр командирышхуэщ, тхьэм и шыкуркIэ зэзэмызэ къетхри аращ гуф Iэгъуэу къысхуэнэжар. Сымылажьэуи хъуркъым…

Ахъсар башыр зыIэщIимыхыу примусыр хузэщIэгъанэтэкъыми:

– Мыдэ къащтэ. Сэ зэщI эзгъэнэнщ ар, уэ бгъэхьэзырым и ужь ит, – жысIэри къеIысхащ, игъащIэм примускIэ сымыпщэфIа

пэтми. Нэм илъагъур Iэм ещI, жыхуаIэращ.

Сымаджэм дэIэпыкъуэгъу къыщигъуэтым, нэхъ къызэрыкIащ. Фэтэрыр зы лIым и дежкIэ инышцэщ – пэшищ мэхъу, пщэфIапIэм нэмыщI. Щхьэгъубжэхэри инщ, рамэм абджу хэлъа псори хэмылъыж щхьэкIэ, пэшхэр нэхущ, унэлъащIэ хъарзынэхэр щIэлъщ, къызыхуэт щымыIэу. Мыбы и нэфI къысщыхуэрэ уэ «узихьэщIэ-узилIыщIэщ» жиIэрэ сыкъигъанэмэ, сыздыщIэлъын иIэ жыпIэмэ, иIэщ. КъулыкъуфI зэрыIутыр белджылыщ.

ДжэдыкIэжьапхъэм мэлыл гъэва упщIэтар хилъхьати, мэ IэфIым уи гурыIупсыр къигъажэрт. ЗанщIэу стIолым тебэр тригъэувэри къысщыгуфIыкIащ:

– ИIэ, кащкон, къэтIыс.

Щхьэж ишхынум хуэдиз и тепщэчым ирилъхьэурэ, IэфIу дышхащ. Уэршэрыным къыщIэддзэри тIуми жытIэн диIэт. Езыр ополченэм хэтауэ арат – къалэм нэмыцэр къыщебгъэрык Iуам зэуащ. УIэгъи хъури госпиталым щIэлъащ, иужьым щIакъуэу къыщIэкIыжащи, абы лъандэрэ башыр игъэтIылъ хъуркъым. Нэмыцэр дахужа къудейуэ я унэ къыщыкIуэжым кожзавод зэхэкъута хъуам директору трагъэуващи, хузэфIэмыгъэувэжу гугъу йохьыр. Заводым щылажьэ хъунур нэхъыбэу цIыхубзщ, цIыхухъур фронтым щыIэщ. Хэт бгъэлэжьэн? ЦIыхубзхэм яхэту хьэлъэ зэрилъафэурэ сымаджэ хъуащи, мэгузавэ, си заводыр дауэ хъууэ пIэрэ, жеIэри.

– Уэ сыт уи къулыкъу?

– Сыт си къулыкъун – гъуэгу сытетщ. Ди хэкури хуит хъужащи, сокIуэж. Сынэсыжмэ, тлъагъункъэ зэрыхъунур.

– Къуажэм удэс хьэмэ къалэм ущылажьэрэ?

– ТIум хуэдэуи жыпIэ хъунущ. Къуажэм сыдэсщ, кIуэркъэкIуэжу къалэм сыщолажьэ. СызрихьэлIэнур тхьэм ещIэ. Фи къалэм дэт унэхэм ещхьу ди унэри зэхакъутамэ, унэ сщIын хуейуэ къыщIэкIынщ.

– Нэмыцэм фи хэкури зэхафыщIащ, яхуэкъути къагъэнакъым. МафIэм исари мащIэ? Дэри ди фэм дэкIар нобэр къыздэсым тхуэIуэтэжыркъым. Ай, бетэмал – кIэнтIыIу уз мыгъуэр дэнэ къисхат? Иджы ерагъыу къызокIухьыф, сытеукъуэдияуэ мащIэрэ сытелъа, зызгъэхъей мыхъуу.

– КIэнтIыIу узыр Iейщ. Сэри згъэунэхуащ.

– Эвакуацэ уздэщыIам дауэ ущыпсэуа – улэжьа?

– Умылажьэу хъурэ? ЩIакхъуэ Iыхьэ къомылэжьу хэт къуитын? ШхапIэшхуэ гуэрым кладовщикыу сыIутащ.

– Уи Iуэху Iеякъым, итIанэ.

– Ауэ мыIея къудей! Наркомым иIакъым абы хуэдэ хэкIыпIэ. Умынэпсеймэ, умыIэбжьанэфIеймэ, улIэжыху утет хъунущ. Ди деж щызгъуэтащэрэт абы хуэдэ IэнатIэ.

– НтIэ умык Iуэж. Сэ къыпхуэзгъуэтынщ IэнатIэ.

– Мы къалэми?

– Хьэуэ. Сэ сыщылажьэ заводым. ЛIо иджыпсту Iэнэщӏ дыдэу укIуэжкIэ? Уи жып зыгуэр илъу бгъэзэжмэ, нэхъыф Iкъэ?

– Уэлэхьи, пэжым. ИтIани куэд щ Iауэ сыкIуэжакъым. Ди къуажэр дауэ къела зауэм?

– Дауэ къелами, иужьк Iэ плъагъужынщ. Къанэ, кащкон. Уарэзымэ, куэдрэ, занщIэу тхылъ тIэкIу пхуэстхынщи, фэ заводым згъэхь. Сэри , тхьэм жиI эмэ, си лъэр къыщI эувэжынщи, абы дыщызэхуэзэнщ. АпщIондэху уэ заводым щыгъуазэ ухъунщи, «мобдеж сыувынщ» жыхуэпIэм деж узгъэувынщ. Хъунукъэ?

– Жыжьэ сыздэкIуэнур?

– «Жыжьэ», жи! Автобусым зибдзэмэ, сыхьэт гъуэгум утетми, аращ.

– Унэ сызыщI эсынкIэ дауэ сыхъуну? Згъуэтыну пIэрэ зыгуэр?

– Унэм и I уэхур нэхъ гугъущ. ГъуэтыгъуафIэ си гугъэкъым. ЩIэупщIэ. Узэрынэсу щIэупщIэ. Зи унэ ущI эзыгъэсын бгъуэтынщ. ЛIо, уи щхьэ закъуэщ, сабий сыт кIэрыщIэн уиIэкъым. Завод уздэзгъакI уэм щыщIэупщIэ. Къалэм щыщу Iэджи щолажьэ. Тыншып Iэ дыдэ умыгъуэтми, зыгуэр бгъуэтынщ. Сэри сынэкIуа нэужь, сыбдэIэпыкъунщ.

Ахъсар ф Iы къысхуищIэмэ, зэригуапэм шэч хэлътэкъым. Сэри согупсыс: ярэби, си насыпым семылъэпэуэну пIэрэ мыбы жыхуи I эр сымыдэу сежьэжмэ, жызоI эри. Гъатхэ хадэ щIэгъуэ хъуху I энатIэ гуэр сыIуту сылажьэрэ ахъшэ хьэзыр тIэкIу си жыпым илъу сыздэк Iуэжым сахыхьэжмэ, дауи, нэхъыфIт, пщI эну щыткъым узрихьэлIэжынур. Сыкъегупсысщ-сынегупсысри:

– Хъунщ, си къуэш, сыкIуэнщ, – щыжысIэм, си бысымри къэгуфIащ:

– Хъарзынэщ. УщIегъуэжынкъым, умыгузавэ.

Абы фIэкI хэмылъу Ахъсар тхылъымпIэ тIэкIу иуцIырхъащ, ар зэстынур къызжи Iэри бысымым и Iэр сыубыдыжащ, к IыфI мыхъуу сыздэкIуэнум сынэсмэ, нэхъ сфIэигъуэу. СызэрыкIуэну автобус зэхэчэтхъари текIын къудейуэ сыхуэзэри ситIысхьащ. Дыносри, къалэ жыхуиIар къуажэшхуэу къыщIокIыр, район дэсу. Автобусыр къуажэм и курыкупсэм деж къыщыувыIэри заводымкIэ сунэтIащ, ар здэщытыр автобусым исым къызжаIауэ.

«Отдел кадровк Iэ» зэджэр пэш ямыгъэплъ мыхьэнэншэ гуэ-рым щI эст, щхьэгъубжитI хэлъым абджыр хэударэ газет Iушхауэ. Абы щIэс къулыкъущ Iэм джэдыгужь теубгъуауэ тхылъымпIэ зэIещIэ, сэ гу къыслъита щхьэкIэ, и щхьэ къиIэту къызэплъыркъым. Сэри лIы хуэдэлIу зыкъезгъэлъагъуну сэлам изох.

ЛIы нэкIу кIыхьыжь лъагъугъуей гуэр щысщи, си сэламыр

дахэ-дахэу сӀихыркъым. Ней-нейуэ къызэплъ фӀэкӀа.

– Сыт узыхуейр?

– Сызыхуей тӀэкӀур мыбы итщ. Еджэ, – жызоӀэри Ахъсар итха тхылъымпӀэ тӀэкӀур и пащхьэм изолъхьэ. Тхылъым пщӀэшхуэ хуимыщӀу и Ӏэпхъуамбэм дигъэлэлу нэкӀу кӀыхьыр къызоупщӀ:

– Мы къуажэм уащыщ?

– Хьэуэ.

– Дэнэ укъикӀа?

– Къэбэрдейм.

– «Къэбэрдейм» жыпӀа? – жиӀэри нэгъуэщӀ хэку сыкъызэрикӀар фӀэгъэщӀэгъуэну къызэплъащ, жесӀар и фӀэщ мыхъу хуэдэу. ЛӀым и нэкӀур зэщӀэкӀэжат, и пэшхуэри пыущхъуэнтӀыкӀат, и нэ фӀыцӀэшхуитӀым сыщӀэплъэмэ, «емынэм укъихуа – мыбы нэс щхьэ укъэджэда?» жиӀэ хуэдэу къысфӀэщӀащ.

– Гурыщхъуэ уэзгъэщӀа, си къуэш?

– Гурыщхъуэра Ӏуэхур?

– НтӀэ сыт?

– Ущыпсэун уиӀэ?

– Хьэуэ.

– Аращ Ӏуэхур. Къалэм фэтэр щыгъуэтыгъуейщ. ЦӀыхур къулейсызщ, шхын щхьэкӀэ гугъу йохьыр, Ӏэбэлъабэр куэдщ. Ящымыщ къахыхьэмэ, яхэзагъэркъым. Паспорт уиӀэ?

– Дауэ симыӀэу!

– Нэхъапэ щӀыкӀэ мылицэм кӀуэи, зегъэтх. ПщӀэркъэ – унафэр ткӀийщ.

– Заводым темыту пӀэрэ фэтэр къызэзытын? Сэ иджы фӀэкӀа къуажэм игъащӀэм сыкъыдыхьакъым. ЦӀыхугъи благъи щызиӀэкъым.

– ЩӀэупщӀэ. Хэт ищӀэрэ, дэсынкӀи хъунщ.

– Мылицэр жыжьэ?

КъулыкъущӀэм, къызэплъа фӀэкӀа, псалъэ жиӀакъым, сэ езым сеупщӀын хуей пэтрэ, езыр сэ къызэупщӀу щхьэ къысщхьэщыт, жиӀэу зэгуэпагъэнти, къэзмыгъэгубжьу ӀузгъэзыкӀыжащ. Мылицэм сыщӀэупщӀа щхьэкӀэ сыкъыщыкӀуэм гу лъыстат ар зыщӀэс унэм. Къуажэр тӀууэ зэгуигъэкӀыу псы къежэхым щхьэл тетти, а щхьэлым и пащхьэм къитт мылицэри. Щхьэлым деж зыкъом зэхэст, куэзыр джэгуу. Хэту пӀэрэ мыхэр жысӀэу сакӀэщӀэдэӀухьати, зыми зыри жимыӀэу куэзырыр ядзт. Иджы си гум къэкӀащ: мылицэм си Ӏуэхур щызэфӀэкӀа нэужь, куэзыр джэгу къомым сапкърыупщӀыхьынщ, хэт ищӀэрэ, зи унэ сыщӀэзыгъэтӀысхьэн къахэкӀынкӀэ хъунщ, жысӀэу. Мылицэм сыщыгувакъым, си тхылъхэр тэмэмти, си паспортым штамп къытрагъауэщ, дэфтэр гуэрми сратхэри сыкъаутӀыпщыжащ.

Мылицэм я унэ дэкӀуеипӀэм сыкъытеувэу куэзыр джэгухэм сакъыщеплъым, езыхэми гу къыслъатащ,сыкъызэпаплъыхьащ.

Тхьэм ещIэ, мылицэм зыгуэркIэ сапыщIауэ гурыщхъуэ къысхуащIа? Чэзууэрэ си дежкIэ къемыплъэкIа щысакъым, зыгуэр къызэрысхужаIэр белджылыт, жаIэр къызгурымыIуэ пэтми.

Заводым къэзгъэззэжри си тхылъыр зэзгъэззэхуащ. Си унафэр директорым итха тхылъ тIэкIум зэфIигъэкIащ. А махуэм щыщIэдзауэ лажьэу заводым тетым ящыщ сыхъуащ. Джэдыгу зытепхъуауэ щысыр, нэкIу кIыхьыр, къызэупщIащ:

– Уи хьэпшыпыр дэнэ щыбгъэтIылъа?

– Хьэпшыпи сиIэжтэмэ, зыгуэрти.

– Дэнэ пхьа – ипфыжа?

– Хьэуэ, си къуэш, сефэркъым. Машинэ сыкъызыдэкIуэжам иришажьэри ежьэжащ. Сэ зыщIыпIэкIэ сык Iуауэ тIэкIу сыкъэгувати, си гъусэхэм сыкъагъанэри я гъуэгу теувэжащ.

– Зыри къыпхуэмынэуи?

– Зы сэшхуэжь къысхуэнати, ари нышэдибэ дурэшым дэздзэжащ, «си щхьэм езудэкIын», жысIэри.

– Сэшхуэ жыпIа?

– Ы.

– Iэу. Ар делагъэу пщIащ. Мы къуажэм «сэшхуэ уэстынщ» жыпIамэ, фэтэр къуатын дэнэ къэна, фыз къыпхуашэнущ, Iэщэ ети, къыпхуамыщIэн щыIэкъым.

Ар щызэхэсхым, ущIемыгъуэжу къэнэнт? Сеуэу згъэззэжу сэшхуэ дурэшым дэздзар къэсхьыжын, жысIэу сыкъызэкIуэкIат. Ари бгъуэтыжыни умыгъуэтыжыни. ЗаводымкIэ сунэтIри зы цехым сыщIэкIрэ нэгъуэщIым сыщIыхьэурэ, я Iуэху зыIут зэзгъэлъэгъуащ. ДэнэкIи кIуэ – фIэIумэ къызыщIимых цех яхэткъым. Фэр щагъэкъабзэм фэр Iэтэу тевэву щызэтелът, цIыхубзхэм къаувыхьауэ, фэ кIэпхынышхуэ ящIэпхар фэ ямыгъэкъэбзам къызэрыгуэкI щымыIэу. Фэр, щтами гъуами, чеишхуэм иралъхьэрти, мэлыфэр е бжэныфэр иджыпсту траха хуэдэу ящIырт.

Чейм къырахыжа нэужь, лыуэ фэм къыкIэрынар ятхъунщIурэ ягъэкъабзэрт, итIанэ цыр тращыкIри мэлыцыр щхьэхуэу, бжэныцыр щхьэхуэу зэтралъхьэ. Цыр зыщэхуну къыщIэупщIэр гъунэжщ. ДэнэкIи цIыхур IэпцIанэ-лъэпцIанэ хъуащи, цыр дыщэм нэхърэ нэхъ лъапIэщ. Шыфэмрэ выфэмрэ жыпIэнущи, хуейр гъунэжщ. Шыфэр вакъапхъэ хъарзынэщ, Iэщым я фэри арщ. Кхъуафэр подметкэ ящIри, нэхъ Iув пэтми, нэхъыфIыжщ.

Iэщышхуэм я фэр раствор зэрыт чеишхуэм иралъхьэ, сыхьэт зыбжанэкIэ ирагъэлъри къабзабзэ хъуауэ кърахыж. Уеблэмэ цы къудей къытенэркъым. Ягъэтэджрэ ягъэкъэбзэжмэ, узыхуейр къыхэщIыкI. Заводым цех къызэIуахауэ шырыкъуфIхэр ящIыр. Дапщэ ящIами, къыщIамыгъахъуэу армэм хуагуэш. Офицерхэм ялъыгъыну кIуапIэ имыIэжу шырыкъуфI ящIри, тхьэм ещIэ ар зылъысыр.

ШырыкъущIэм я цехыр нэхъ сигу ирихьат. Нэхъ къабзэщ,

Iэхуитлъэхуитщ, нэхъ хуабэщ, лъахъстэнымэ къыщIех жумыIэмэ, дагъуэ хуэпщIын щыIэкъым. Ауэ абы уахэсын щхьэкIэ, шырыкъущIэ Iэзэу ущытын хуейщ. Сэ нэхъ схузэфIэкIынур нэгъуэщIу къыщIэкIынт – цыщу сыувмэ, арауэ къысфIэщIащ IэщIагъэ схуэхъунур. СтIол бгъуэшхуэхэр кIыхь дыдэ хъужауэ игъэувыкIащ, абы бгъэдэтхэм цы зэращ электромашинкэр яIыгъщи, мэлыфэр е бжэныфэр стIолым траубгъуэри бетэмалу ящ. Ар пхузэфIэкIын щхьэкIэ, курс сыт къэбухын хуейкъым.

Къалэжьыр зыхуэдизри тхьэм ещIэ, нэхъыбэр щ Iэлажьэр улахуэракъым, щIакхъуэ къуззэращэн карточкэ къратри псом я нэхъапэщ. Езыхэри йогугъу, зыгуэркIэ уеупщ Iмэ, къопсэлъэну яхущIыхьэркъым. Ауэ сыщылэжьэну цехыр къыхэсхащи, пщэдей сыIуувэнщ. Иджы сыщыпсэун тIэкIу сылъыхъуэнщ.

Щхьэлым деж Iусу куэзыр джэгуахэм я деж согъазэри цIыхур нэхъыбэж хъуауэ зэрогъэхьэкъувыкъу. ЛIиплI мэджэгу, адрей къомыр джэгум къадощI. Махуэр пщыхьэщхьэхуегъэзэкI, кIыф I хъуащ, жаIэу хьэргъэшыргъэр щагъэтыркъым. Сэри сокIуэри сащхьэщоувэ, зыри нэк Iэ къызэплъыркъым, жаIэр къызгурыIуэххэнукъыми, упыкIащ. Куэдрэ зызмыIэжьэу сыщIоупщIэ.

– Фэтэр тIэкIу сыхуейт. Зи унэ сыщIэзыгъэтI ысхьэн фхэмыту пI эрэ? – жысIэри гупым сахэупщIыхьащ, арщхьэк Iэ я тхьэкIумэм джэш иралъхьа хуэдэу зэхамых защI. – Си закъуэщ, фызи быни сиIэкъым. Зы гъуэлъыпIэ здэзгъэувын сиIэмэ, нэхъыбэ сыхуейтэкъым.

Сэ нэхъ спэгъунэгъу мышкъышыр къысщIонакIэ:

– Фэтэр узыхуейр хьэмэ фыз?

Гупыр зэрогъэдыхьэшх:

– Фызу къыщIэкIынщ. Плъагъуркъэ, зэщIэупсащ IэкIуэлъакIуэу.

– Фызабэу къуажэм дэсыр зэхуэшэси, хэгъадэ.

Зыкъомрэ ауан сащI а нэужь, зы нэIуцэ гуэр и фIэщу къызоупщI:

– Мо унэ укъызыщIэкIыжам щхьэ къуамытрэ? – лIым мылицэм я унэмкI э и щхьэр ещIри аргуэру гупыр зэщIегъэдыхьэшхэ, зыр зым пэрыуэу къажьэдолъэлъ:

– Зы гъуэлъыпIэ зыдэбгъэувын ямыIэ уи гугъэ?

– Пэш щхьэхуи я Iэщ, щхьэгъубжэр зэвыIуэщ жумыIэмэ. Зыгуэр къэхъунщIэ е пэнц IывкIэ щIегъаси, илъэситху-пщ Iы къыптракъуэмэ, гъуэлъыпIэншэу укъагъэнэнкъым…

– Сыт бэлыхь ущ Iыхэтыр: сыдезертирщ жыIи, зэфIэкI ащ. Иджы дезертиру мащIэ къаубыдрэ?..

Мы слъагъу къомым сэ къысхуащIэн щыIэу къыщ IэкIынкъым, жысIэу сыкъыщыIукIым, нэхъыжьыфэ зытет гуэр къызоупщI:

– Дэнэ укъикIа?

– Къэбэрдейм. Сыадыгэщ. Мо фи заводым сыщылэжьэну сыIууващ. Цыщу, – сымыбзыщIIауэ псори яжесIащ, нэхъ я фIэщ сыхъумэ, си гуапэу.

Куэзыр джэгухэм ящыщ зы и нитIыр куэзырым тенауэ, си дежкIи къемыплъэкIыу цIыхур зэщIигъэдыхьэшхащ:

«Цыщ» жыпIа? Ара мыгъуэт иджы къуажэр дызыхуэныкъуэр. Цыщкъэ ди фэр изыхыр. Махуэ къэс дащ. Махуэм ящар жэщым къыттекIэжа я гугъэу.

НэгъуэщI ерыщ гуэрым и псалъэр къыхеIу:

– Заводым тетым и нэхъыбитIыр цIыхубзщ. Фызаби дапщэ ухуей. Щхьэ уахэмыупщIыхьарэ? Уахэмызэгъауэ ара?

Фэ куэзыр фыджэгуу мыбдеж фыщымысу заводым фыкIуэу щхьэ фыщымылажьэрэ, цIыхубзым я кIэт Iийр зэпытхъыху хьэлъэ зэревмыгъэлъафэу, жысIэну си Iупэм къэсауэ езгъэгъэзэжащ. Сэ сщI эрэт мыбыкIэ цIыхум я хабзэр: къуажэм щылэжьын хуей илъэпкъыр цIыхубзым я пщэ дэлъщ, унэм щIэлъри зэзыгъэзэхуэнури ахэращ. ЦIыхухъум унагъуэр зыхуэныкъуэр къагъуэтыну я боршщ. Къимыгъуэтрэ – л Iыгъэ хэлъкъым. Иджыпстуи сакIэлъоплъри, куэзыр джэгухэм я зэш трагъэууэ аракъым, я джэгукIэм щIагъыбзэ хэлъщ, къикIыр езыхэм фIэкIа, нэгъуэщI ым къагурымыIуэну. КъызэрысфIэщIымкIэ, цIыхубзым «трудодень» къахьыр, цIыхухъур зэщэр «трудоночщ», жысIэу сигу къэмыкIын гуэрхэри къокI.

Нэхъыжьыфэ зэсплъар аргуэру къызоупщI:

– Фи хэкум щхьэ умыкIуэжрэ? Нэмыцэр ирахужащ. Унэ, жьэгу уи Iэкъэ? Хьэмэ удезертирура?

– Хьэуэ. Сыдезертиркъым. Дзэм игъащIэм сыхэтакъым. Ди хэкур зауэм иуфэкъам ящыщщ, IэнэщI дыдэу къуажэм сыдыхьэж нэхърэ, зыгуэр хьэзыру си жып илъу сыдыхьэжын си гугъэу аращ сызэрегупсысар. ПщIэну щыткъым, ди унэ дыдэр зэхэкъутауэ срихьэлIэжынкIи мэхъу.

– Плъагъурэ ар зэщэр? Ещ Iэм, уэлэхьи, абы хэкIыпIэ здэщыIэр. ШырыкъуитI ети, нобэ зи физ къозытыну къуажэм дапщэ дэс? – жиIэри зэ къысщIэнэкIам аргуэру цI ыхур зэщIигъэдыхьэшхащ, игъащIэм си гум къэмыкIа къигъэкIыу. Къыбгъэдэсми къыпещэ:

– Директорыр осетинщ. УгурыIуэ закъуэмэ…

Сэри си гум къэк Iат: директорыр фIыуэ соцIыху, лI ыфIщ сыт жысIэну, арщхьэкIэ ари езгухыжащ, и гугъу сымыщIыххэмэ, сфIэнэхъыфIу. Нэхъыжьыфэ зэсплъар щIоупщIэ:

– Къуажэм адыгэ нысэ хэтхэ ис? Модэ ищхъэрэкIэ зыгуэрым адыгэ цI ыхубз къишауэ щытыгъауэ си гугъэжщ. Хьэмэ сыщыуэу пIэрэ?

– Ущыуэркъым, Мэхьмуд. ШыкI эпыч Хьэмзэт и физыр адыгэкъэ? Езыр шэшэн дивизэм хэту фронтым к Iуащ. –

«ШыкIэпыч» щIыжаIэр зи гугъу ящIым мэзым пхъэ къыщIилъэфт шыкIэм кIэрищIэури, шыкIэр пригъэчауэ арат.

Шэшэн дивизэ щыжаIэм, сэри си гум къэкIыжащ Къэбэрдей-Балъкъэр нацдивизэр щыдаша махуэр. Май махуэу, дунейм и дахэгъуэу ноби си нэгу щIэтщ шуудзэр станцым нэдгъэсыжауэ щыщытар. Шур шууэ, лъэсыр лъэсу, цIыхухъуи цIыхубзи дызэрыхьт, абы якIэлъымыкIуэм и махуэ мыгъуэу.

– Хьэмзэти? ИIэ жыхуэпIэр сыт, и куэдщ.

– Бын сыт и Iэкъэ шыкIэпычкIэ узэджэм?

– НтIэ, абы и деж фшэ, езыр-езыру зэгурыIуэжынщ. Зи мыхъуми, нэхъ зэпсэлъэнщ, нэлейкIэ зэплъынщ, адыгитI зэхуэзэжмэ. – Нэхъыжьыр сэ къысхуэупсэу къыпфIэщIынут, арщхьэкIэ сэри гурыщхъуэ сегъэщI: зауэм щыIэм и бынунэм и зехьэныр си пщэм къыдалъхьэну армырауэ пIэрэ зыхуейр, жысIэу.

– Мэхьмуд жиIэр пэжщ. – ЖиIэри еувэлIа занщIэу къахэкIащ.

– Мыпэжмэ, согъэпцI. Ар иджыри къэс ди гум щхьэ къэмыкIарэ? Я хэку кIуэжауэ къыфIэщIынщ.

– МыжыжьэIуэу пIэрэ? Абы нэс укъикIыурэ заводым укъэкIуэныр тынш?

– Зэ-т Iэу укъакIуэмэ, уесэжынущ. ЖыпIэр сыт? – жиIэри тхьэмадафэ зэсплъам идакъым. – ФыдэкIуэ зыгуэри, хуэвгъазэ. Щхьэрыуауэ къуажэм щIыдэбгъэтын щыIэкъым. Езыри, мес, гъуэгуанэ тетащ, хэщIапIэ гуэр игъуэтмэ, зигъэпсэхунщ.

ДэнэкIэ сымыгъэзами, цIыхубз срохьэлIэ.

Ти, зылI гуэр, и ныбжьыр илъэс щэщI хъун, нэхъыбэ хъун, гъусэ къысхуэхъуауэ срешажьэ, сыздишэр благъэрэ жыжьэрэ сымыщIэу. Зи унэ сашэр адыгэ фызабэмэ, иужькIэ гъунэгъу фызхэм хъыбар мыфэмыц ирахьэжьэу цIыхубз тхьэмыщкIэр ямыгъэукIытэну пIэрэ, жызоIэри зыкъомкIи си дзэр мэш, «сыкIуэнукъым» жысIэу къэзгъэзэжынуи сфIэкъабылкъым. Хэт ищIэрэ сабий быным яхэс фызым сэбэп сыхуэхъунуми, сахуэхъунщ. ЦIыхубзыр ди къуажэми, пщIэрэ?

Си япэ ит лIым сешэри-сешэ, къуажэкIэми дынэблэгъащ. Мыбы нэс сыкъикIыурэ махуэ къэс заводым лъэслъэбыкъыу дауэ сызэрыкIуэнур, жысIэу сыкъэгузавэри сыщIэупщIащ:

– Иджыри жыжьэ?

– Хьэуэ. Умыгузавэ, иджыпсту дынэсынущ.

Къуажэм дыдокIыр. ИщхъэрэкIэ бгъазэу псыхъуэшхуэм удэплъэмэ, къуажэ зыбжанэ дэсщ. Зыр псым и ижьырабгъумкIэ Iусу, къыкIэлъыкIуэр сэмэгурабгъумкIэ я унэхэр джабэм кIэрыпхъауэ бгы лъапэм жылэр щIэсщ,уэлэхьи, мы сыздэкIуэр жэнэт тыншыпсми, абы нэс махуэ къэс лэжьапIэм сымыкIуэфын, жызоIэри си лъэм зызогъанэ:

– Ей, хъунукъым ар, си къуэш. Жыжьащэщ. Лъэсу абы нэс…

дауэ ар? Е шы сиIэкъым, е сыткъым. Лъакъуэрыгъажэ къудей сиIэкъым.

– Ущылажьэм шырыкъу я куэдщ. ЖыпIэр сыт? ЛIо, унагъуэ къэс адыгэ цIыхубз зэримысыр щхьэ умыщIэрэ?

– Унэгуащэр мыадыгэ цIыхубзми, содэ сэ.

– Уэ бдэра Iуэхур? Мыбы нэс дыкъехауэ дауэ бгъэзэжын? НакIуэ, накIуэ. КъуажэбгъумкIэ дыдэкIынщи, зэфIэкIащ.

Зы уэрам нашэкъашэ цIыкIу дыдохьэри докIуэ, адэкIэ-мыдэкIэ къыдэжурэ хьэ бзаджэхэр къыдэбэну. ПщIантIэ дызыблэкIым нэхъыбэр къэхухьакъым, Iэщу дэтри уолъагъу, джэдкъазри пщIантIэм дэт жыг зырызым тетIысхьэжауэ тесщ, пшапэр зэхэуащи. Ауэрэ, къуажэ щIыбагъ дыдэм дынэсауэ пщIантIэ гуэрым дыдохьэ, псэуалъэ щIагъуи дэмыту. Бэкхъ тIэкIуу унэ бжьыхьэкIапэм къыпытым и щхьэри иуэжащ, Iуэм итIауи плъагъуркъым. Унэм декIуалIэмэ, бжэ хэлъыр бжей пхъэбгъуищу зэгуэIулIащ, бжэкъум и пIэкIэ фэ тIэкIу теIулIащ. Унэм хэлъ щхьэгъубжэри зы закъуэщ, абыи абдж щIагъуэ къыхэнэжакъым. БжэIупэм деж мывэжь щылъщ, дэкIуеипIэ хуэдэу. Уэнжакъым Iугъуэ тIэкIу къримыхуу щытатэмэ, унэм щIэсIауэ уи фIэщ хъунутэкъым. Сэри си гур кIуэдыпащ, а унэр псэупIэ зэрысхуэмыхъунур зыхэсщIауэ.

– Дыкъэса?

– Дыкъэсащ. Зэ мыбдеж щыт, – жиIэри си гъусэр занщIэу унэм щIыхьащ, еуIуи сыти щымыIэу. Сэри зызоплъыхь, зыщIыпIэкIэ хьэ къыкъуэжу къызэмыпхъуащэрэт, жысIэу. Бжэр къэкIыргърэ сыплъэмэ, хъыджэбз щхьэцэ цIыкIу бжэ дамэдазэм и щхьэр къыдигъэжауэ къызоплъ. Сэри ар слъагъуу гу къыщыслъитэм, щтэIэщтаблэу зигъэпщкIужри абы нэхъ иныIуэ цIыкIум и щхьэри къыдигъэжащ. Ари къэрабгъэ цIыкIути, щыIукIыжым ещанэу нэхъыжьыр зэ плъэгъуэ къызэплъри занщIэу бжэр кърsuccessivelyигулIыжащ. Унэм къыщIэкIIауэ «къеблагъэ» жызыIэн зэрыщIэмысыр белджылыт, къызжаIэпами, себлэгъэнутэкъым. Мыбы нэс уикIыу заводым укIуэн щхьэкIэ, шы-уанэ зэтелъ уиIэн хуейщ. Шы уиIэми, дэнэ щыпIыгъынур, ебгъэшхынури сыт?

ТIэкIу дэкIри си гъусэм и ужьым фыз гъур кIыхь иту унэм къыщIэкIащ. Фызым IэлъэщI фIыцIэшхуэ телът, и пэмрэ и нитIымрэ фIэкIа умылъагъуу. И бостей кIыхьым щыдэжыну зэмыфэгъуу тедамкIэ, вакъэ зэщIэдауэ и лъапэм фIэлъымкIэ къэпщIэнут унагъуэм къулейсызыгъэу ятелъыр. ЦIыхубзыр гъунэгъу дыдэу къызбгъэдэмыхьэу къэувыIащ, си гъусэр абы и уэчыл хуэдэу къэпсэлъащ:

– СыгурыIуащ. Имыдэурэ езгъэдащ. Унэм цIыхубз защIэщ исыр, пыIэ зыщхьэрыгъ яхэткъым. Пхъэ гъуэлъыпIэ закъуэ яIэщи, зэрыбынунэу илъщ. Пэшри зыщ. Пщэф IапIэм жьэгу пащхьэм деж упщIэм утелъу ущIэлъынумэ, тепIэнщIэлъыну

щхьэнтэ сыт къуатынщ. ШхыIэнитI-щы яIэщи, нэрыбгиблым я анэр еянэуи яхурикъу къудейщ. Аращ цIыхубзыр нэхъ зытегузэвыхьыр.

– Хьэуэ, хьэуэ. ГурыIуэгъуэщ. Тхьэм щхьэкIэ къысхуэгъэгъу, ди шыпхъу, къемызэгъыу удгъэпIейтеящ, емыкIу къэтхьамэ, къытхуэгъэгъу, – жысIэри цIыхубзым и Iэр субыдыну сыхуежьати, си Iэр къиубыдын идакъым, зы псалъэ и жьэм къыжьэдэкIакъым. Къызоплъри щытщ.

Си гъусэм дежкIэ сыкъеплъэкIащ: мы сыкъызыхуэпшар сыт, жысIэу. Си гум къэкIар къыгурыIуа хъунти, модрейми урысыбзэ зыкъищIыжащ:

– Адыгэбзэ ищIэркъым абы, – жиIэри.

– Адыгэщ жыпIакъэ! Дауэ имыщIэу?

– Адыгэу си гугъа щхьэкIэ мыадыгэу къыщIэкIащ. ЛIо, мыадыгэмэ? СыгурыIуащ бжесIакъэ. УщыщIигъэскIэ щIэс и унэм, нэхъыфI къэбгъуэтмэ, ущIэкIыжынщ.

Бжэр аргуэру кIыргъати, сыплъэмэ – иджы хъыджэбз цIыкIу зыкъомым я щхьэр бжэ дамэдазэм къыдагъэжауэ я нэр къихуу къызоплъ. Си гъусэм фызым зыхуигъэзауэ йопсалъэ, жаIэм щыщ хэзмыщIыкIыу, сэри къызоупщI мыбы нэс сыкъэзышар:

– Дэнэ-тIэ уздэкIуэнур? Жэщ хъуащ... УпщIэ къуощаткIи, зыгуэр къуатынщ. Къанэ. Пщэдей зэрыхъур плъагъункъэ.

– Хьэуэ. Берычэт бесын, заводым сынэсыжыху, нэху щынущ, – жысIэу уэрамыжь цIыкIум къыщызунэтIым, си гъусэр къыскIэлъыджащ:

– Зэ умыпIащIэ.

Фызымрэ си гъусэмрэ зэпсалъэурэ унэм щIыхьэжащ. Сэри сыщытщ, сыту пIэрэ иджыри жаIэнур, жысIэу. Куэдрэ сызэпимыгъаплъэу си гъусар унэм къыщIокIыж, и зы блэгущIэм щIакIуэ зэкIуэцIышыхьа, адрей и блэгущIэм упщIэм бацэ щхьэнтэрэ шхыIэнрэ кIуэцIышыхьауэ щIэлъу. УпщIэм кIуэцIышыхьар зэрыкIуэцIышыхьауэ сэ къызетри езым щIакIуэм кIуэцIылъыр зэрыкIуэцIылъу и дамэм телъу пщIантIэм дыкъыдокIыжыр. КуэбжэмкIэ дымыкIуэу хадапхэм сешэ:

– МыбыкIэщ дыздэкIуэнур, – жеIэри. Хадэм адэкIэ уплъэмэ, къуажэбгъущ, щыс щымыIэу, адэ нэхъ жыжьэу уплъэмэ, бгы лъапэ дыдэм деж бгъэн телъу унэжь тIэкIу щытщ, джэдэщышхуэ гуэри и щхьэр фыри къэрэкъурэ къытекIэжауэ, бжэи сыти хэмылъыжу уолъагъу, унэжь цIыкIум пэмыжыжьэу. Джэдыцу адэкIэ-мыдэкIэ ипхъыхьамкIэ къыбощIэ ар джэд фермэу зэрыщытар. Нэмыцэр къыщыкIуам джэдыр яшхри иджыри къэс колхозым фермэр зэфIигъэувэжын и къарум къимыхьауэ арагъэнт.

Унэжь тIэкIум щIэси щIэти щыIэтэкъым. Си гъусэр япэ щIыхьэри щIакIуэ зэкIэцIышыхьар плIанэпэм дидзащ.

– Мыра си фэтэр хъунур? – жысIэри сыщIэупщIащ,

нэжэгужафэ зытезгъэуауэ.

– Уэрамым удэту нэху бгъэщ нэхърэ нэхъыфIщ, – жиIэри сеныч пигъанэрэ зытплъыхьмэ, хьэуазэ къудей щIэлъкъым, хьэкъуущыкъу къутэжа фIэкIа. Псымэ къыщIех, жьэгу тIэкIу иIэщи, куэд щIауэ мафIэ зэрырамыщIыхьар нэрылъагъущ. Си гъусэм щIакIуэ зэкIуэцIылъыр зэкIуэцIихмэ, щхьэнтэм нэмыщI фоч къыкIуэцIихауэ солъагъу. «Сыту пIэрэ иджы мы фочымкIэ ищIэну и хьисэпыр?» – жысIэу согупсыс, сихъунщIэмэ, скIэрылъ щыIэкъым, щыгъын жып Iэнущи, сыфейцейщ, пызыхыжари ахъшэщ. Сыхуэзакъэ иджы – къалэдэс цIыхубзым есщIар иджы сэ къызащIэж.

Джэд фермэ ябгынэжам пщэфIапIэу яIам и плIанэпэ зырызым ди пIэр дэтщIыхьауэ догъуэлъыж. ТIуми вакъэм фIэкI щытхакъым щыгъын, си гъусэм вакъэр щихауэ гу лъыстэххакъым. УпщIэр тIуащIэу згъэтIылъащ, щIыIэ зыхэзмыгъэхьэну; си щхьэнтэм илъыр бацэщ, тебзэ телъри къызыхадыкIар умыщIэжу зэхэуфIеящ, бамейри щоур, зи бамэри къыпхуэщIэнукъым. ШхыIэнри апхуэдабзэщ, уи лъакъуэр букъуэдий хъуркъым, кIэщI щи. Си щхьэри щIэсхъумэнут, арщхьэкIэ си гъусэм дзыхь хуэсщIыркъыми, ар здэщылъымкIэ соплъэкI, езыри пырхъыу зэхэсхыркъым. Зыкъом дэкIауэ и макъ зэхызох:

– Ужейрэ?

– Хьэуэ. Сыжейркъым.

Аргуэру тIури щым дохъуж. Сэ си жеин къэкIуэххэркъым. Мычэму согупсыс: «Си гъусэм фочыр дэнэ къриха, и IэплIэм илъуи щхьэ хэлъ?» – жысIэу. Ныщхьэбэ сыкъызыхуиша цIыхубзри хэт? Шэч хэлъкъым: ар абы и шыпхъущ е и благъэщ. Армырмэ, дзыхь ищIу фочыр абы и деж щигъэпщкIунт? Адыгэ унагъуэ уисшэнщ, жиIэу сыкъыщIигъэпщIари тхьэм ещIэ. И гум фIы зэримылъыр и нэгум ущIэплъэмэ, къыбощIэ.

– Ужейрэ? – жеIэри аргуэру къызоупщI. Сыту пIэрэ сыжеймэ, нэхъ щIыфIэфIыр? СиукIынумэ, и фочыжьыр къыстриубыдэнщи, зэфIэкIащ.

– Хьэуэ. УпIыщIэу ужеифрэ?

Модрейм зыри жиIэркъым екIи фIыкIи. Езыр мыпIыщIэу пIэрэ? ЩIакIуэм зыкIуэцIишыхьауэ щылъщ, мэлыхъуэ Къущхьэхъу щыIэм я щIыкIэу. Зызгъэджэрэзу зыкъомрэ сыщылъащ. Жейм сезэгъыркъым, сыгузавэурэ си фэм соткIухь. Си гум зыгуэр къэкIри занщIэу сыкъэуIэбжьащ: догуэ, нэху ща нэужь, упщIэ сызытелъыр, бацэ шхыIэнымрэ щхьэнтэмрэ къыдэзыта фызым щыхуэтхьыжым деж фочыр къызжьэхиубыдэрэ «накIуэ мылицэм, уи блэгущIэм щIэлъу пхьыр фызабэм къыфIэбдыгъуащ» жиIэрэ си ужьым къиувэмэ, цIыхум я фIэщ мыхъуу къэнэн? ТепIэнщIэлъыныр зей фызабэр «сысейщ» жиIэу къэувыжмэ, зэфIэкIакъэ? Уи щхьэр къэпщэхужын хуей мыхъун уи гугъэ? Сыту пIэрэ итIанэ къыспиубы-

дынкIэ хъунур? Мо цIыхубз узэдыгъуам хыхьэжи, и бын къомыр хуэпI, жимыIэну си фIэщ хъуркъым.

Ар си щхьэм къыщихьэм, сыпIыщIэн дэнэ къэна, мафIэ къысщIэнам хуэдэт, жейм сезэгъынкIэ Iэмал зимыIэт. НтIэ, икIэщIыпIэкIэ зыгуэр къэгупсысын хуейщ, нэху щыху сыщIыщылъын щыIэкъым. ПщIэнтIэпсыр къысхиху щыхъум, сыIуэщхъуу, сыщэIуу къыщIэздзащ. Си гъусэм, дауи, гу къыслъитащ, итIани и макъымкIэ узыхигъэгъуазэркъым:

– Ужейрэ?

– Хьэуэ.

– Щхьэ угурымрэ?

– Си кIуэцIыкIыр къретхъ. Нобэ сшха консервыр къызэзэгъакъым.

Си гъусэм игу къысщIэгъуу гу лъыстакъым. Псы сригъэфэнуми, къуажэм игъэзэжу фызабэм деж кIуэн хуейщ, арщхьэкIэ сэ сыкъигъанэу унэм пхущIэкIын, мурад гуэр къысхуищIамэ? МурадыфI зэримыIэри къызгурыIуащ.

– Схуэшэчыну си фIэщ хъуркъым. Уа си къуэш, сыщIэгъэкIыт – дакъикъэкIэ. Схуэшэчыжыркъым…

– ЩIэкI. Ауэ жыжьэ умыкIуэ. КъыбгурыIуа?

– Дэнэ мыгъуэ сыкIуэн? – Си вакъитIыр щыскъуэжри, сыхуэпа хьэзырт, бэлътоужьыр зэрысщыгъауэ сщыгъщи, сыщIэкIащ. Лъэбакъуэ зытхух сча, нэхъыбэ сча – си лъэм къызэрихькIэ сыщIэпхъуащ, си занщIэр си гъуэгуу. СыкъызэплъэкIмэ, унэжь цIыкIу сызыщIэлъар дэнэ къэна, джэдэщыжьыр слъагъуркъым. Сыжэурэ банапIэ гуэрым силъэдащ. Сызыхыхьар пыжьейти, сыхэтIысхьащ, тIэкIу сызыщIэдэIуу. Iэуэлъауэ лъэпкъ щыIэтэкъым, жыжьэу хьэ банэ макъ къэIу фIэкIа. Хрелъ иджы си гъусэр и пIэм, и фочыр и IэплIэм илъу. Ауэ дэнэкIэ здэзгъэзэнур? Жэщыр кIыфIщи, хьэ къарэм хуэдэщ, нэм къыщIэIэбэр плъагъуркъым.

Сеуэу къалэм згъэззжу мыбы сыкъэзыгъэкIуа Ахъсар деж сыкIуэу ныщхьэбэ къысщыщIар жесIэн? ЖесIэми, сыт къысхуищIэн? И зэран лъэпкъ хэлъкъыми, хэхащ. Е заводым сыкIуэу пщэдей IэнатIэ сэ къыхэсхам сыIуувэн? Хьэмэ мылицэм сыкIуэу къысщыщIар яжесIэн? МылицэIуэху сщIымэ, къысхуамыгъэгъункIэ шынагъуэщ: псы щхьэлым деж куэзыр зэдэджэгуу щысахэр зэрымыщIэу си фIэщ хъуркъым. Сотхьэусыхапэ. Си тхьэусыхафэ хъунур сыт? Унэ сыздэщыIэн къысхуагъуэтыну гугъу къыздехьащ жызбгъэIэну ара? Абы къикIын щыIэкъым.

Къуажэ щIыбагъ защIэкIэ къыдэзгъэзэеяуэ сыкъыдокIуей, уэрамышхуэм сыдыхьэн дзыхь сымыщIу. КъуэгъэнапIэ сыхуэзэху, сыкъуотIысхьэри зызогъэпсэху. Нэхулъэ къищIу хуежьат, кожзаводыр зыдэт къуажэм сыщыдыхьэжам. Къуажэм дэсыр жьырытэджкъэ, тIэкIу-тIэкIуурэ цIыхубзхэр къотэдж,

уэнжакъхэм Iугъуэ кърихуу уолъагъу.

Уэрамышхуэм сыдыхьэжрэ дэзгъэзеймэ – псэ зыIут дэткъым. Хъарзынэу заводри уолъагъу. Пщэдджыжьым лэжьэн къыщIэзыдзэр къыщыкIуэм деж зрезгъэхьэлIэнщи, зэфIэкIащ. Си паспортыр зэзгъэлъэгъуа мылицэри мес: я уэздыгъэ ягъэункIыфIакъым, нэху щыху зи ужь итар тхьэм ещIэ. Псы щхьэлым деж щысам ящыщ, хущхъуэ хэлъхьэ пщIынуми, бгъуэтынукъым.

Мылицэм я унэм сыфIэкIа къудейуэ, зы мылицэ гуэр дэкIуеипIэ тIэкIум тету къэджащ:

– Ей, зэ умыпIащIэт! КъыщIыхьэ мыбыкIэ. Удгъэгувэнкъым, – жиIэри.

Мэ, сыхуэзакъэ иджы.

– Фыкъысхуей?

– ЗыгуэркIэ дыноупщIынущ. КъакIуэ, къыщIыхьэ.

СыщIэгузэвэну скIэрылъ щыIэтэкъыми, къызэджам я деж сыщIохьэ. Скамейкэ щытщи, сотIыс. Сэри си жагъуащэкъым мылицэр къызэрызэджар. Заводым укIуэныр пасэIуэщ, нэхущым укъэзыхуар сыт жаIэнкIэ мэхъу. Мылицэм я пэшыр инщ, Iэхуитлъэхуитщ, пэшхьэку хъарзынэ щIэту ягъэплъ. Пэшхьэкущхьэми шейныч тетщ. СтIолым телефон фIыцIэжь тетщи, сезыджа лIыр тхьэм ещIэ зэпсалъэу зи псалъэ зэпыча хъуар – трубкэу телефоным бгъэдэлъар къещтэри жеIэ: «КъакIуэ икIэщIыпIэкIэ, укъызэрысу сынопсэлъэнщ...» Капитаным трубкэр трелъхьэжри сэ къызоплъ. Мыр къысхуей щхьэ хъуа, жызоIэри сэри сегупсыс щхьэкIэ, къысхуэщIэркъым.

– ЛIо, къэхъуа щыIэ?

Капитаныр нэжэгужэщи, тхьэм и шыкурщ:

– Сыт къэхъун – щIалэр яукIри витIыр яхуащ. Уэ дэнэ уздэщыIар ныжэбэ? – мылицэр си нэгум къоплъэ, сыздэщыIар си натIэм тетха хуэдэ. Сэри сыкъэуIэбжьащ: дауэ иджы сэ бэлыхьу ныжэбэ стелъар мыбы зэрыжесIэнур? ЖеIэни хуей? Хьэмэ збзыщIмэ, мынэхъыфIу узиIэ? ИгъащIэм пцIыкIэ сыпсэуакъым, иджыри пцIы схуэупсынукъым, жысIэу абы нэхъ тесщIыхьащ.

– Фэтэр сылъыхъуэу къуажэм сыдэтащ.

– Къэбгъуэта?

– Уэлэхьи, къысхуэмыгъуэта.

– НтIэ дэнэ ныжэбэ уздэщыIар?

– Жэщ къыстехъуати, джэд фермэ хыфIадзэжам нэху щызгъэщауэ заводым сокIуэж.

– Дэнэ джэд фермэ? Ищхъэрэми?

– Ищхъэрэм. Къуажапщэм къыщыщIэздзэри пщIантIэ Iэджэм сыдыхьати, зи унэ сыщIэзыгъэсын згъуэтакъым. Жэщ къыщыстехъуэм, дэнэ укIуэнт? Джэд фермэм я пщэфIапIэу щытам сыкIэзызу сыщIэсащ...

Капитаныр гупсысащ, абы гурыщхъуэ къысхуищIу сщIэххакъым. ТелефонкIэ зэпсэлъари Ахъсару си пщIыхьэпIэм къыхэхуэртэкъым.

– Дауэ укъэкIуэхха уэ мыбы?

– Директорым сыкъигъэкIуащ, заводым сыщылэжьэну.

– Ахъсари?

– Ар дыдэм.

– Иджыпсту сызэпсэлъаращ. СщIатэмэ, сеупщIынти. И кIэнтIыIур къеузми, къэмыкIуэу хъунукъым.

– Иджыри еупщI, телефон уиIэщ.

– ТелефонкIэ сыт сыщIепсалъэр? КъокIуэ.

– Зэрысымаджэуи?

Капитаныр аргуэру къызоплъ. «Зэрысымаджэуи» зэрыжысIам куэд къорех. Кожзаводым я директорыр зэрысымаджэр щысщIэкIэ, сэ жысIэр пэжщ. КъыспкърыупщIыхь щхьэкIэ спихын щыIэкъым.

– Сымаджэр къэтэджу къыщык IуэкIэ, дауи, зыгуэр къэхъуащ. Сыту пIэрэ?

– Шырыкъу заводым я складым щ Iэлъам щыщу шырыкъу ашыкипщI ныжэбэ щIагъэбзэхыкIащ, складым тетари бзэхащ. Аращ «щIалэр яукIри витIыр яхуащ» жыхуэсIам къизгъэкIыр.

Куэзыр джэгуу щхьэлым деж щысахэм дежк Iэ си гур жащ. АрщхьэкIэ «къэбдыгъуныр зы гуэныхьщи, пфIадыгъуныр гуэныхьищэщ» щIыжаIар удыгъуэныр гуэныхьщ, ауэ пфIадыгъумэ, гуэныхьищэ къыбохь, сыту жып Iэмэ цIыхуищэм лажьэ ямыIэу гурыщхъуэ яхубощI. Ар си гум къэкIыжри зыри жысIакъым.

«Шырыкъури зыгуэрщ, складым тетар зэрищIынур сыту пI эрэ?»

Капитаным жесIар и фIэщ хъуами, къуажэм сыдэмыкI ыну тхылъ гуэрым Iэ трызигъадзэри сыкъиутIыпщыжащ. А махуэм Ахъсари пхъэ лъакъуэ иIыгъыу къэсащ, къэхъуа-къэщIар зэхигъэкIыну. Цыщу сыувын си гугъати, иджы складым сытрагъэувэ, щIэлъам и ныкъуэр зэрыщIахауэ.

Директорым апхуэдизу дзыхь къысхуищIыну хэт и гугъэнт? Си Iуэхур хъарзынэ хъуащ. Фэтэри сыщIэлъыхъуэн щыIэжкъым – жэщкIэ складым сыщIэлъмэ, хьэпшыпри хъума хъунщ, сэри нэхъ сытыншынщ, къэзджэдыхьу уэрамым сыдэмыту. ПщIэну щыткъым узыхуэзэнур. Сэ къыспкърыупщIыхьа нэужь, мылицэр джэд фермэ хыфIадзэжам кIуат, шырыкъу къомыр абы щамыгъэтIылъауэ пIэрэ, жиIэу. АрщхьэкIэ зыри къагъуэтакъым, си бащлъыкъ абы къыщI эзнам фIэкIа. Ар къыщагъуэтым, сэ жысIар зэрыпэжыр капитаным и фIэщ хъури, си гугъу къащIыжакъым.

Шырыкъу къомыр кIуэцIрыхуам хуэдэу бзэхащ, зылI къуа-

жэм дэсым щыщу къэмыхашэу. Абы сэ си насып къыхэкIащ. АтIэ аращ: къэзылъэфри пщIэнукъым, зылъэфыжри пщIэнукъым.

А гъэм щIымахуэр ткIия къудей мыхъуу, кIыхьащ. Iэщым ирагъэшхынур пасэу зэпэубыда хъуауэ колхоз, совхозхэм я Iэщыр мясокомбинатым яху зэпытт, ямыгъэшхэн щхьэкIэ. Iэщыр нэхъыбэу яукIыху, ди пщIантIэм фэуэ къыдалъхьэр нэхъыбэ хъурт, уеблэмэ гуэщышхуэм щIэмыхуэжу, пщIантIэм дэлът зэтещтыхьауэ. А къомыр зэхэбдзын щхьэкIэ, уемылIалIэу хъуртэкъым. Сэри си складым хьэку щIэзгъэувэу ядэртэкъым, щIэзмыгъэувэмэ, щIыIэм сыщIеукIыхь жэщкIэ. ПщыхьэщхьэкIэ собэ цIыкIу щIызогъэувэ, уэнжакъыр щхьэгъубжэмкIэ дэгъэжауэ. Шхын тIэкIу згъэхьэзырыху, унэри къегъэплъ, жэщ хъурэ сыщыгъуэлъыжым деж собэр щIызохыжри си пIэм чырбыш плъыжь гъэхуэба хызолъхьэ.

Директорыр хъужынуми, зэ хъужыпхъэт. ЩIымахуэ шылэр икIа пэтми, Ахъсар иджыри къэс и кIэнтIыIум Iэмал къритыркъым. Къуажэми хъыбару щызэрахьэм ущIэупщIэнкIэ шынагъуэщ. Сэри согузавэ, си щхьэр здэсхьынур сымыщIэу. Хъыбар зэхэпхмэ, уи щхьэфэцым зрегъэIэт. Дагъыстанымрэ осетинхэмрэ фIэкI къэмынэу, Кавказым лъэпкъыу исыр нэгъабэ къалмыкъхэр зэрырагъэкIам хуэдэу ирагъэкIыну жаIэ. НтIэ, ди къуажэкIэ згъэзэжрэ сызыщыщ адыгэм сахэту ахэр здэкIуэм сэри сыкIуэмэ, мынэхъыфIу пIэрэ, жысIэу жэщкIэ нэху щыхукIэ сызэгупсысыр арщ.

Си складым жэщи махуи сыщIэсщ, шырыкъуу ящIыр къеIысхрэ зратыпхъэм есту. Директорыр къэкIуатэмэ, сыпкърыупщIыхьынт, арщхьэкIэ ари къакIуэркъым. Ауэрэ махуэ гуэрым радио, телефон жыхуэпIэхэр мылэжьэжу пач, къэхъуари къэщIари умыщIэу. УзэупщIыни щыIэкъым. Сэри сыгузавэурэ си диным сокI, сымышхэми, сышхащэрэт жысIэркъым. Сыгъуэлъыжмэ, согъуэлъыж, чырбыш гъэхуэба къызэгъэт IылъэкIауэ. Зэгуэр жэщ ныкъуэм сыхилъэфакъэ иджы жейм щыжысIэм, зыхуэсхьынур сымыщIэу ву макъым сыкъегъэуш: сыту пIэрэ иджы къэхъуар? ЩIы дыдэр мэзджыздж. Къуажэм танк щитIщищ къыдэуащ жыпIэнт, апхуэдизкIэ инт ву макъри.

Зэрызехьэ гуэр къэхъурэ сэри къыстеуэрэ сэ си пIэм итам къыщыщIар къысщыщIмэ, сыхэкIуэдакъэ псыхэкIуадэу, жызоIэри сыхущIогъуэж ди къуажэм сызэрымыкIуэжам. Зэзэмызи фочи мауэ, автоматхэри щIагъэлъэлъыкIыу зэхыбох, си насыпщи, си бжи си щхьэгъубжи гъэбыдащ, щхьэгъубжэм гъущI хэлъщ, тутнакъэщ щхьэгъубжэм ещхьу. Уэздыгъэ къудей щIэзгъэнэну дзыхь сщIыркъым. Нэмыцэу ди къалэм дэсар зауэм и пэ къиухуэу дашауэ щытати, иджы си нэгум щIэт хуэдэщ къуажэм къыщыхъур. Хэт и гугъэнт нэмыцэм я натIэ хъуар ди натIи хъуну? Зауэ къыдэзыщIылIам я лъэпкъэгъухэр ирагъэ-

кӀамэ, щӀрагъэкӀар къыбгурыӀуэ мэхъу. Дэ ди лажьэр сыт?

Жэщ закъуэм илъэсым и кӀыхьагъыр и кӀыхьагъ къысфӀэщӀауэ, мычэму щхьэгъубжэм сыдоплъ, нэхулъэ къимыщӀу пӀэрэ, жызоӀэри. Абы нэхъей ди заводыр къуажэм тӀэкӀу пэӀэщӀэщи, зыри плъагъунукъым, гъы макъи сыти зэхэпхынукъым. Си складыр завод пщӀантӀэм дэтщ. Нэху щымэ, лэжьапӀэм къакӀуэм деплъынкъэ. И нэхъыбитӀыр шэшэнщ е мышкъышщ, шырыкъущӀэхэм нэмыщӀа. Шырыкъу зыщӀыр ермэлыщ е журтщ.

Нэху мэщри, лэжьакӀуэм я къэкӀуэгъуэр къос. АрщхьэкӀэ – дэнэ? Псэ зыӀут уэрамым дэткъым. Шэджагъуэ нэблагъэ хъуауэ шырыкъущӀэ зырыз-тӀурытӀ ермэлыуэ е журту къокӀуэ. СыкӀуэрэ абы сахыхьэмэ, жаӀэм ущӀэмыупщӀэ: къуажэм шэшэнрэ мышкъышу дэсар зы жэщ закъуэм дашащи, къуажищу зэкӀэлъыкӀуэр дагъэкъэбзыкӀащ. Дэтхэнэ унэми щӀыхьи, щӀэтӀысхьэ: Ӏэщу, джэдкъазу, гъавэу, унэлъащӀэу – мылъкуу пщӀантӀэм дэлъыр къэнащ. Сэ къызжаӀэ: кӀуэ уигу ирихь унэм щӀэтӀысхьэ. АрщхьэкӀэ сэ къэзмылэжьа сыхуейкъым, си складым сыщӀэсыжынущ, сыщӀагъэсыху, ягъэунэхъуам и унэ ущӀэтӀысхьэкӀэ уна ухъунукъым, уунэхъун ф ӀэкӀа.

– Уа-а, мыбы жиӀэр хъуну пӀэрэ? – жаӀэри си псалъэр шырыкъущӀэхэм ягъэщӀагъуэ.

– ЛӀо жиӀэр?

– Унэхъуам я унэ ущӀэтӀысхьэмэ, уэри уунэхъунущ, жи, – шырыкъущӀэм си псалъэр зыхуихьынур ищӀэркъым. Езыр нэхъ унэфӀ гуэрым щӀэтӀысхьэну хьэзырыпст, арщхьэкӀэ дзыхь ищӀыркъым. Зыгуэр щӀэтӀысхьауэ илъэгъуатэмэ, нэхъ тегушхуэнт.

– МелыӀычщи, аращ. КъыбгурыӀуа? Абы хуэдэ зыӀурамылъхьэжхэр коллективизацэм и зэманым исыкӀащ. Мы зыр, тхьэм ещӀэ, – къащыгъупща е ямыгъуэтарэ.

Къуажэм хьэ банэ макъ къудей щызэхэпхыркъым. Щым хъуащ. Зэзэмызэ зи къэшыгъуэ хъуа жэм лъхуахэр мэбу, джэдухэр къуэгъэнапӀэм къыдожри, загъэкӀуэдыж. Мылицэр зыщӀэс унэм я уэнжакъым фӀэкӀа зым и уэнжакъым Ӏугъуэ кърихужыркъым, жьэгум илъа мафӀэр ужьыхыжащ.

Махуэм зиужьа щхьэкӀэ уэрамым цӀыху дэти щыӀэкъым, щхьэлым деж куэзыр щыджэгуахэм щыщ щыӀэжкъым.

Заводым щылажьэ гуэрым лы, хьэжыгъэ, джэдыкӀэ сыткӀэ сыкъегъэгугъэри и унэм сокӀуэ. А лӀыр гъавэкӀэ, дэшхынкӀэ зэрымыбэлэрыгъар нэрылъагъут, и унэм щӀэхуэр щӀэлът, дзажэ гъэгъуахэри фӀэлът, джэдкъази джэдэщым щӀэзт, хыви жэми Ӏуэм итт. Сызыхуей тӀэкӀур къэсхьащ, ауэ ахъшэм сримыкъу хъури ахъшэ щӀыхуэ къэзмыщтэу хъуакъым. Къэсщэхуар складым къэсхьри зи щӀыхуэ къыстехуам деж сыкъикӀыжу мылицэр зыщӀэса унэм сыкъэмысыжу аргуэру НКВД-м я красноармеецхэм саубыд:

– Ухэт?

– Сыадыгэщ. Заводым сыщолажьэ.

– НакIуэ модэ комендантым деж. Абы зэхагъэкIынщ, ухэтми.

Сыт пщIэнт? Сашэ, си пщампIэр яубыдауэ. Сэри сыщашэкIэ, адыгэри ирагъэкIащ, жызоIэри согузавэ. Комендантыр зыщIэсыр мылицэр зыщIэсырат. Сэлэтищым я пэ ситу сыкIуэрти, занщIэу бжэрIусхри, сэлэтхэм я командирым жиIэнIауэ къыщIэкIынти, сэ япэ зыкъызогъэщри комендантым сыбгъэдохьэ.

– ФIэхъус апщий, си къуэш. Дауэ ущыт, тхьэм жиIэмэ? – жызоIэри и Iэр быдэу соубыд, сэлам гуапэ есхыу. Си ужьым иту къыщIыхьа сэлэтхэми жаIэнур ямыщIэжу, дэ тIум къыдоплъ.

– Тхьэм уиузэщI, Iейкъым.

ЗанщIэу гу лъызотэ: комендант сыкъызыхуашам лъыгъ шырыкъур хьэлэчщ, хьэм ячэтхъа хуэдэщ, уцIынри зэщIэхужащ, тедаIами, къытетIэпIыкIыжауэ къытехун къудейщ.

– Дауэ мыIейуэ? Уи шырыкъуитIым соплъри, уэ пхуэдэ къулыкъушхуэ зыхуагъэфащэм дежкIэ емыкIущ мобы хуэдэ шырыкъу плъыгъыну. Абы нэхърэ мо сэлэт мыбдежым щытхэм ящыщ гуэр гъусэ къысхуэщIи, сэ сыщылажьэ заводым ящIыр шырыкъущ. НэхъыфI дыдэм щыщу шырыкъуитI къыпхуэсхьынщ. Уэ пхуэхъу номерыр къызжеIэ закъуэ. Мо уи лъэм илъыр емыкIущ цIыхум къыбдалъэгъуну.

– УшырыкъущIэ?

– СышырыкъущIэкъым. Сэ къыпхуэсхьым арэзы утехъухьынщ, жыжьэкъым сыздэкIуэнур.

Сэлэтхэм я пашэм жиIэну рапортым емыдаIуэу, комендантым унафэ ищIащ заводым си гъусэу нэкIуэнумкIэ. Ти, сыхьэти дэкIатэкъым, комендантым шырыкъуитI нэхъыфI дыдэм щыщу къыщыхуэсхьам. Модрейми игу иримыхьу къэнэнт, гуфIэжу тIысри шырыкъужьитI хьэлэчыр зыщитхъри сэ къыхуэсхьар зыщикъуащ. ХуэфIыпсуи къыщIэкIауэ комендантыр гуфIэщати, и IупитIыр фIызэтежт. Сэлэтищ сыкъэзышами ялъэгъуар зыхуахьынур ямыщIэу щIэкIыжащ.

– ФIыкIэ зыухьэ. Уэ нэхърэ нэхъ лIыфIым лъысынутэкъым ар, уэ къыпхуэзмыхьами.

– СогъэпцI, сомыгъэхъулIам! ИкIи схуэфIыпсщ, – жиIэурэ комендантыр лъакъуэкIэ унэ лъэгум теуэрт, къызэплъмэ, къысщыгуфIыкIыу. Сэ си гугъэххэнтэкъым апхуэдизу и гуапэ сщIыну. ШырыкъужьитI зыщихам йолъэпауэри дурэшым дедзэ. Игу зэгъати, кабинетым къикIукI-никIукIыу щIэуващ, езым хуэдэ щымыIэ къыфIэщIыжауэ. Си пщампIэр яIыгъыу сыкъызэрашар щыгъупщэжауэ гу щылъыстэм, сэри сохъуэхъу:

– НэхъыфIкIэ щыухыж.

Комендантыр и тӀысыпӀэм мытӀысыжу скамейкэ кӀыхьу мылицэм къашэр зытрагъэтӀысхьэм тетӀысхьэри, и шырыкъум еплъу жиӀащ:

– КъэтӀыс моуэ. Уэ слъагъур ушэшэнкъым икӀи умышкъышкъым. Пэж?

А дакъикъэм «сышэшэнщ» жыс Ӏами, комендантым и гум техуэну къыщӀэкӀынт, арщхьэкӀэ си паспортыр къисхри езгъэлъэгъуащ.

– Мис, еплъ. «Кабардинец» жиӀэу итщ.

– НтӀэ щхьэ уагъэщхьэрыуа мыбы укъашэу, е уэр-уэру укъэкӀуа?

– Сагъэщхьэрыуауэ къэслъытэркъым. Арыншэми, завод сыщылажьэр къагъэувыӀащ. Абы ищӀыӀужкӀэ дызэрыщӀыхуащ… ДяпэкӀэ сыкъыппэщӀэхуэ хъумэ, хэт ищӀэрэ?..

Комендатыр дыхьэшхащ:

– Ари пэжу жыпӀащ. Дунейр щ Ӏихуауэ къокӀэрэхъуэкӀ… ДызэрыщӀ ыхуащ жыпӀакъэ? Уэ пхуэдэлӀщ дэри дызыхуейр, – жиӀэри комендатыр, стӀолыжьым тет телефоныр къеуати, кӀуэри и тӀ ысыпӀэм тӀысыжащ. Трубкэр къиштауэ мэпсалъэ: «Хэт жыпӀа? А-а-а. УкъэсцӀыхужакъым, уи макъыр зэмыкӀуэкӀауэ пӀэрэ? Райкомым тебгъэувэни?.. Къэзгъуэтынщ. Къэзгъуэтауи си гугъэщ… Ерэхъу».

– Сык Ӏуэж хъуну пӀэрэ? – жызо Ӏэри комендантым соупщӀ.

– Дэнэ уздэкӀуэнур? Уи къулыкъум и унафэ тщ Ӏакъым иджыри. Зэ умыпӀащӀэ.

– Сыт къулыкъу?

– Иджыпсту къэпсэлъам жиӀар пщӀэрэ? Райкомым тедгъэувэн къытхуэгъуэт, жи. Къулыкъуу щыӀэм и Ӏыхьищыр чэмщ. Къулыкъу ухуеймэ, зэблэбдзу уогъуэт.

– Сэ къулыкъу сиӀэщ. Складым сытетщ.

– Складым сытетщ, жи! Ар къулыкъу сытми? Уи складым щӀэлъыр нобэ-пщэдей щӀэтшынщи, зэфӀэкӀащ. Заводыр лэжьэжыххэркъым, мыбы хуэдэу шырыкъу дапщэ уиӀ эн иджыри?

– А уэстам хуэдэ нэгъуэщӀ щыӀэкъым. Танафэм къыхащӀыкӀауэ щищ хуэдиз диӀ эщ. Наряд зиӀэу къакӀуэм еттыну…

– Наряд зиӀэм! Псэ зыӀутым ептынкъым, наряд къэп къихьу къэкӀуами. Уи шырыкъум и унафэр сэ сщӀынщ. Абы нэхърэ къызжеӀэ мыдэ: сыт хуэдэ къулыкъу узыхуейр? Райком партым секретару утеувэн?

– Партым сыхэткъым сэ.

– Ар Ӏуэху? Ухэмытмэ, ухэдгъэхьэнщ.

– Нэхъапэ щӀыкӀэ ухыхьэн хуейкъэ?

– Теуви, иужькӀэ ухыхьэжынщ. Ар куэдрэ?

– Хьэуэ. Иджыри къэс сыхэмыхьауэ, иджы дауэ сыхыхьэжын? ИтӀани, ар схузэфӀэмыкӀын Ӏуэхущ. Партым хэтым щӀэнygъэ иӀ эн хуейщ.

– Хэт жызыIар? Хьэрф къизымытхъэф дапщэ ухуей партым хэту?! Еуи, и щхьэр пыгъэлъэти, зэрыщытар апхуэдэущ жыIэж. Аращ партым хэгъэхьэн хуейр.

– Уэлэхьи, ар сэ схузэфIэмыкIыну-тIэ.

– У-у-у, зэIурамылъхьэж! Колхоз тхьэмадэу уувынкъэ? Абыи щIэныгъэ хуей?

– Колхоз щымыIэжми?! Дэсар дашащ. Колхозник къуажэм дэсыжкъым, мышэшэну е мымышкъышу заводым щылажьэ зырызым фIэкIа. Колхоз си пщэ къыдалъхьэкIи схузехьэнутэкъым, си къуэш.

– Сыт щхьэкIэ?

– Зи щхьэкIэращ: колхозым утетын щхьэкIэ, цIыхум я фэм фэлъыр къыхэбгъэжыфу уерыщын хуейщ. ЦIыхухъу, цIыхубз жумыIэу, бгъэлажьэрэ я дзэлыфэ тIауэ лIэми, къалэжьам къыпэкIуэр йомыту. ПщылI къудейм зыгуэр ирату щытащ. Йомытуи хъурэ? Шхын щхьэкIэ лIэркъэ? Сэ сыбукIами, сабий шхын щхьэкIэ лIэуэ сеплъыфынукъым, е зи лIыр зауэм хэкIуэда фызабэм нартыхущхьэ имыхьу пIэрэ, жысIэу къэсщыфынукъым.

Комендантым си псалъэр къызэпеуд:

– Куэдщ, куэдщ, а жыпIам къелыжу урикъунущ. Къелыжу ари! Зыбгъэхьэжы щхьэкIэ нащэ мыхъунур кIэрэф мэхъу, жыхуаIэм ухуэди. УкIэрэфми, зыгуэрт, уконтрэщ…

Сэри согупсысыжри – езгъэлеящ, жызмыIэн жысIащ. АрщхьэкIэ сыт пщIэжын: и псалъэм бгым ущхьэщигъэхунщ жыхуаIэм хуэдэ сыхъуагъэнт, комендантыр къызэкIуэкIащи, цыщтеуд симыщIыну си фIэщ хъуркъым. Абдеж зыкъызэкъуэсхри:

– Сыконтрэмэ, контрэм шырыкъу къыIахрэ? – Си псалъэм афицарыр къызэригъэкIащ, жысIар шэуэ техуащ. Си псалъэр и фIэщ мыхъуа хуэдэу, и лъакъуитIым еплъыжащ, зыщихрэ шырыкъуитIыр къыхыфIидзэжмэ, жысIэу сигъэгузавэу. КъыхыфIидзэжи хъурэ? Зылъэгъуа Iэджэ щыIэщ, складым нэс сыкIуэу шырыкъу къызэрысхьар.

Тобэ ирехъу, ар дыдэр езы комендантми и гум къэкIагъэнт: и пэщхъыным сыкъихуа хуэдэу сызэIуредзэри сешх жыпIэну къызэплъащ. «Мыр шэшэн дашам къакIэрыхуауэ къэнащ жысIэу станцым езгъашэ хъунукъэ?» – арат комендантым и гум къэкIар, арщхьэкIэ зыгуэркIэ и дзэ шащ, тхьэм ещIэ зытешыныхьар. КъынтIэ-къынтIэ хъууэ, бжьыхьэкIэ акъужь папщэм ещхьу, къулыкъу къысхуигъэфащэхэр щызмыдэм, и нэр щIиукъуанцIэу къызоплъри къызоупщI:

– Сыт хуэдэ къулыкъу пхузэфIэкIынур? Сэ жысIэр бдэркъым. ЖыIэ узыхуейр?

– Завхоз хуэдэу е щхьэлтету, сэ сщIэ мыгъуэрэ. Щхьэлым лIитI тетати, тIури дашащ.

– Абы нэхъ къулыкъушхуэ ухуейкъэ?

– Си къарум дэкIынур сэ сощIэж.

– Щхьэлтету зы згъэуващ. Плъагъуркъэ, щхьэлыр мэлажьэ. Завхозу хъунущ, къуажэм Iэщу, джэдкъазу, гъавэу дэлъыр дашыху. ИужькIэ щхьэлтету удгъэувыжынщ. Хъуну?

– Ар нэхъ хъунщ. Къуажэ мылъкур дашмэ, сэ сыт абы хэсщIыхьын? Дэзышынур фэракъэ?

– Дэращ. ИтIани къуажэдэсым ящыщу тхылъым зыгуэрым Iэ тридзэн хуейщ. Жылэм я мылъкум къенэцIу щыси къыкъуэкIынщ. Уэ контрольно-пропускной пунктым деж щытым уахэту зы машинэ дэнэ къэна, зы шыдыгу блэбгъэкIынкъым, дэзышри дишри зомыгъэщIауэ. КъыбгурыIуа?

– Сэ къызэдаIуэ мыгъуэрэ?

– КъомыдаIуэу хъурэ? Сэлэт уи гъусэнущ, IэщэкIэ зыхуэныкъуэ щымыIэу. Гурыщхъуэ зыхуэпщIым еуи, къытегъэбагэ. Аращ мысыхьэткIэ къулыкъуу пхуэзгъэфащэр. Ущыпсэур сыгъэтхыт иджы.

– Сэ унэ сиIэкъым. Складым сыщIэсщ.

– Складым ущолажьэ. Ущыпсэур дэнэ?

– Сыщыпсэури аращ. Жэщи махуи сыщIэсщ.

– Унэ уимыIэуи?

– СимыIэу.

– Къыхэх нэхъ уигу ирихьыр мо нэщI хъуа къомым.

– Ар къызжаIат сэ къыздэлажьэхэм. Здакъым.

– Сыт щхьэкIэ?

– Си гуащIэкIэ къэзмылэжьа мылъку сыхуейкъым.

Комендантым зыкъыспещIыж:

– «Си гуащIэкIэ къэзмылэжьа». Хэт иджы лажьэу шхэжыр? Зыр мэлажьэ, зыр машхэ. Иджы си фIэщ хъуащ уэ пхуэдэр партым хэбгъэхьэкIэ мыхьэнэ зэримыIэр. Партым хэтыр мылъкукIэ къэралым Iыхьэгъу хуохъур. Ар сыту иджыри къэс къыбгурымыIуарэ?

– Си Iэ къэткъым, си лъэ къэткъым, тхьэм и шыкуркIэ си щхьэ закъуэр зрикъун си IитIым къалэжьыжын хуейщ. Сэ сымыщIа унэ сыкIуэу дауэ сыщIэтIысхьэн.

Комендантыр къысщIонакIэ:

– УмелыIычщ уэ итIанэ. КIуэи, уафэм тес!

– СымелыIычуи щIы.

– Уэ слъагъум, плъэкIатэмэ, шэшэнымрэ мышкъышымрэ я хэкум ибгъэкIынтэкъым. Ара?

– ИзгъэкIынтэкъым. Сыт абы я лажьэр? Я бын япIыжу я щIыналъэм исыжащ. Иджы, мес, я пщIэнтIэпсу яугъуея мылъкур хыфIрагъадзэри здашар тхьэм ещIэ. Ар Сталиным и унафэу си фIэщ хъуркъым. Абы хуэдиз лей зепхьэныр…

Комендантым и нэщхъыр зэщ IэукIауэ, къыщолъэт:

– Куэдщ, мелыIыч, куэдщ. Йомыгъэлей. Партым ухагъэхьэ зэрымыхъунур хьэкъыу си фIэщ пщIащ. Къуажэ мылъкур

щыдашкIэ сэбэпи ухъунукъым.

– Ари тэмэмщ. Тхьэм гъащIэ къуит.

– Нт Iэ, дызэгурыIуащ: щхьэлтетым и къуэдзэу узогъак Iуэ. Арауэ къыщI экIынщ уэ пхузэф IэкIынур. Уни ущыхуэмейкIэ, щхьэлым тес.

Комендантыр зэгуэзгъэпауэ къыщIэкIынт.

– Дэгъуэщ. НэгъуэщI зыми сыхуейкъым. Тхылъ тIэкIу къызэт закъуэ си гугъу къамыщIыну. Шырыкъури нобэ щIегъэш, армыхъумэ сэ сытемытыжу ящIэмэ, бетэмалу щIагъэбзэхыкIынщ. Шырыкъу хуэмыныкъуэ щыIэкъым.

– Абы и унафэр куэдрэ? – Комендантым и макъым зригъэIэту джащ:

– Сержант!

Бжэр фоч зыIыгъ гуэрым къыI уихри бжэщхьэI ум деж къэуващ:

– СынодаIуэ.

– Мыр и гъусэу интендантыр заводым ирекI уи, шырыкъуу я складым щ Iэлъыр къаIихыну же Iэ. Здихьын имыI эмэ, акт ирещI шырыкъу щIэлъри, иужькI э и унафэр тщIынщ. КъыбгурыIуа?

– КъызгурыIуащ. СыщIэкIыж хъуну?

– Зегъэхь. – Комендантым си дежкIэ зыкъегъазэри тхылъымпIитI къызет. – Мыр уи хьэфэ тхылъыращ. ЗылI къоIусэну хуиткъым. МелыIычхэм я деж укIуэну уафэм пкIэлъей ебдзми, мыр мыпхуэдэу щхьэ пщIырэ, жиIэу къыппэрыуэIа хъунукъым. И нэвагъуэр езгъэлъагъужынщ. Мыр щхьэлтетым етыж. Абы урикъуэдзэщи, фызэдэлажьэ. КъэхъукъащIэIамэ, хъыбар сыгъащIэ. Аращи, зегъэхь. Шырыкъум и Iуэхур икIэщIыпIэкIэ зэфIэвгъэкI.

Ти, сылъэтэным хуэдэу псынщIэ сыкъэхъуауэ комендатурэм сыкъыщIокIыжри си складымкIэ соунэтI. ГурыфIыгъуэу сиIэр сыт? Контрольно-пропускной пунктым деж сызэрамыгъэуващ. Жылэм къащIэна мылъкур зэзгъэзахуэу жэщ симыIэу, махуэ симыIэу гъуэгужьым сытетынт? Дауи, комендантым и гум иримыхьар Сталиным лей зэрехьэ жысI эу къыхэзгъэщати ращ. Ар щыжысIэм, лIыр занщI эу къызэкIуэкIат, къызэуэу сиук Iыным хуэдэу. Ди псалъэмакъыр зыгуэрым и тхьэкIумэ ицырхъэрэ ди Iуэтэжмэ жиIэу, къэмыгузэвауэ си ф Iэщ хъуркъым.

Махуэм и нэхъыбэр шырыкъу бжыным ихьащ. Ар зэфIэкIри т IэкI у седзэкъа нэужь, си тепIэнщIэлъын тIэкIур си щI ыбым илъу щхьэлым сыкIуащ. Щхьэлтетым запискэ тIэк Iур щестым, нэхъапэ щ IыкIэ и фIэщ хъуакъым. «Уи фIэщ мыхъум, кIуэ комендантым деж», жысIати, «а-а, банэ Iураулъэф а бамэжьым», жиIэри увыIэпIэ схуэхъунур сигъэлъэгъуащ.

Щхьэлым сэ сыкъызэрыкIуэу, щхьэлтетым «директор»

зыфIищыжащ, сэ Iэпыдзлъэпыдзу сыкъыхуагъэкIуауэ къилъы-тэри. Щхьэлым нартыху е гуэдз къеIызыхри хьэжыгъэр езы-тыжри сэрат. Директорым хьэжыпщIэр къыхихырт, нэхъапэ зыхуэхьэжэн хуейм и унафэр ищIырт, уеблэмэ и нэфI зыщы-хуам нартыху хьэдзэр занщIэу хьэжыгъэкIэ яхуихъуэжырт. Фызыжь е лIыжь матэкIэ нартыху къахьмэ, сэ щхьэлым и щхьэмкIэ дэсхьеин хуей хъурт, къэзыхьам къехьэлъэкIмэ. Хьэ-дзэр ищхьэмкIэ къыщиткIутэрти, ищIагъымкIэ хьэжыгъэр щеттыжырт, хьэжыпщIэр хэтха нэужь. Куэдыщэ хэфхащ, жаIэу Iэджи къыдэдауэрт, арщхьэкIэ дауэгъу дызыщIыр директорым деж согъакIуэ: аращ хьэжыпщIэр хэзыхыр, жызоIэри.

Директорым мафIэр къыIурылъэлъ зэпытт, абы уедауэкIэ сыт къыпыпхын, зы жепIэмэ, тIощI къыбжеIэ, уимыгъэпсалъэу. И хьэлыр зыхуэдэр къэсщIа нэужь, сэри зыпысшэжакъым.

Махуэ къэс къуажэм зыгуэрхэр къыдот Iысхьэ: къэзакъхэр зэрыIыгъыу къоIэпхъуэ, осетинхэри хьэблэ-хьэблэ зэрыгъэхъуу къокIуэри зэунэкъуэщхэр зэгъунэгъуу мэтIыс, нэхъ унэфIхэр зэпаубыдри къэзакъхэмрэ осетинхэмрэ щызэфIэни щызэзэуапи къохъур. Къуажэм къыдэтIысхьэр нэхъыбэ хъуху, хьэжэну щхьэлым къакIуэм къыхохъуэ, хьэжыпщIэри нэхъыбэж мэхъу.

Къуажэм дэсахэми зыкъуагъащIэ: зэм зыгуэрым и унэм мафIэ ирадз, зэм Iэщыр ядыгъу. Иджы дыдэ комендатурэм къытеуэри сэлэтхэм Iэщэу яIэр трахащ, къэрэгъулу щытари къаукIащ. Иджы цIыхур гузавэ хъуащ, дзэ тIэкIуи къакIуэри къуажэм къыдэтIысхьащ, пщыхьэщхьэкIэ бэлэрыгъауэ уэра-мым дэт щыIэжкъым. Абрэджу къуршым ихьэжар зыхуэдизыр тхьэм ещIэ. Сэ шэч лъэпкъ къытесхьэркъым фэтэр къыс-хуигъуэтыну сезышэжьауэ щытар абрэджу зэрежьэжам. Комен-дантыр дэнэ къэна, си директорым и закъуэ къикIухьыжыр-къым, уеблэмэ пщэдджыжькIэ щхьэлым къыщыкIуэнум деж я унэ сокIуэри къызошэ.

Иджыри къэс директорым и унэцIэр сщIэркъым, и цIэм фIэкIа. ТIу къудейщ дызэрыхъури, зыгуэр жытIэмэ, зыжетIэр дэ тIум дязыхэзщ, сыхуей щыхъуам деж «Илас» жызоIэри соджэ. Езым си цIи си унэцIи ищIэххэркъым, «кащконщ» къызэрызэджэр, IуэхутхьэбзэкIэ къысхуеймэ, «ей, кащкон, мыдэ къакIуэт е модэ кIуэт» – абы къыфIигъэкIыркъым. КъыкIэлъы-кIуэр кIуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу, къэкIуар IэнэщIу игъэкIуэ-жыркъым – хьэжыгъэ, куэдми мащIэми, зымыхь щIагъуэ яхэткъым. Нэхъ зызыгъэкъулыкъущIэхэм ящыщ къыщыкIуи щыIэщ.

Зэгуэр къызбгъэдэсу къызоупщI:

– Хьэжыгъэ пут дыгъуасэ бэзэрым зэращар пщIэрэ?

– Сытым сигъэщIэн? Щхьэлым сытес зэпытщ.

– Сом щибл. Хъуну ар уасэ?

– АбыкIэ ар куэдым ящэхуфынкъым.

– СогъэпцI, ямыщэхумэ! Зэрапхъуэ, ящэху мыхъуу. Зэрапхъуэ. Къэп шэ бэзэрми, дакъикъэ утрагъэтынкъым. – Илас сигъэунэхуну къызэрызэпсалъэм гу лъыстащи, зыри жысIэркъым. Псы щхьэлыр тIу мэхъури, т Iури фI ыуэ щIэзуIукIащи, бэлыхьу мэхьэжэ, хьэжыгъэр щабабзэ ещI. Директорым зыкъысхуегъазэ. – ХьэжыпщIэу къыхэтхар дапщэ хъуну пIэрэ?

– АшыкитI диIэщи, т Iуми изщ. Къэп плIырыплI, тхурытху имылъу си фIэщ хъункъым.

Директорым езым ещIэ ди Iэр зыхуэдизыр:

– Хьэуэ, тхурытху хъункъым. ПлIырыплIуи къащтэ: къэпий, къэп къэс пут тхурытху. Пут плIыщI. Пут къэс сом щих хуэгъазэт. Дапщэ хъуну?

– ЩиблкIэ ящащ жыпIакъэ?

– Щиблыр жьэмардэщ. Щих-щихкIэ пщэмэ, сыхьэт утрагъэтынкъым. Зэрапхъуэнщ. Дауэ уеплърэ?

– Зыуи.

– ЫI-ы?

– Сщэнукъым сэ си мыхьэжыгъэ.

– НтIэ бгъэгъуэтэну?

– Сыт щIэзгъэгъуатэр? Зейм ищэжынщ.

– Хэт иджы ар?

– Щхьэлыр зейм хьэжыпщIэри ейщ.

– Щхьэлыр зеяр Казахстан яшауэ жаI эр. Абы къикIыжурэ хьэжыгъэр ящэху упэплъэну? А-а, къызгурыIуащ. Зырызи къэнауэ мэзым щIэсщ, пэжу. Абрэджым ебгъэшхынущ, ара?

– Сыт щIэабрэджыр. Щхьэлыр зейр къуажэращ.

– Хэт иджы къуажэм дэсыр? Хьэмэ шырыкъуитI зэпта комендантым хьэжыгъэри хуэбгъэтIыгъуэу ара? – Илас къригъэкIуэкI-нригъэкIуэкIми, зыхуигъэзэнум хуигъэзащ. IумпIафIэ сищIыну си тIасхъэ тIэк Iуи къыщIигъэщащ. Пэжыр жыпIэмэ, къуажэм дэсыжкъым щхьэлыр езыгъэщI ар, ауэ хьэжыгъэ пут плI ыщI диIэу комендантым ищ Iамэ, занщIэу къигъэк Iуэнщ зыгуэри, иригъэшэнщ. АбыкIэ сэ сыкъэхэшауэ директорым къищIэмэ, сыIэщIэкIуэдауэ къэлъытэ, махуэпс сригъэфэнкъым.

Псалъэмакъыр абдеж щыдуха щхьэкIэ, бэзэр махуэр къызэрыблагъэу, Илас аргуэру къытрегъэзэж:

– Кащкон, хьэжыгъэр гъуэтэнурэ кIуэдынущ, абы нэхърэ дызэгурыгъаIуи, дыгъащэ. Ахъшэр ди зэхуэдитIщ. КъыбгурыIуа?

– Сэ ахъшэ фIей сыхуэмей, уэлэхьи.

– Ара? ГурыI уэгъуэщ: умелыI ычщ. НтI э мыбы щыпщI эн щыIэкъым. Модэ уафэм хур хъыджэбзхэр къыщыгъафэ. Си гугъу къомыщI. Уэ бэзэрым укIуэу укъэкIуэжыху, щхьэлым зыгуэр тетын хуейщ. Уэ пщIэнум ухуитыжщ, сэ щхьэлым сытетынщ. Хур хъыджэбзхэр уафэм тесщ. Мыбы фызыжь Iэджи

къокIуэ.

ИтIани зыхэзгъэзагъэркъым.

– Кащкон, уэрыншэу хъунукъым. Ар щхьэ къыбгурымыIуэрэ? Сом мин пщыкIутI уи жыпым иплъхьэмэ, уи Iупэм къеуэн уи гугъэ? Хур хъыджэбзхэри нэлейкIэ къоплъынщ. Сыт узытешыныхьыр? IэнэщIу сыкIуэжынукъым жыпIакъэ?

– Суд Iуэху хъунщи, къуажэм дэсар зыдагъэк Iуам дыкIэлъагъэкIуэнщ.

– Ара? Абы щхьэкIэ умыгузавэ. Сэ ар къекIуу зэфIэзгъэкIынщ. Умышынэ. Абы и Iэмалыр тыншу сощIэ. КъызэдаIуэ закъуэ. Хьэжыгъэр сщэхуи укъызбгъэдэмыхьэ. Къэбуфэрэзыхьу щыт, сыщыпхуей хъунур пщIэну щыткъым.

Пщэдей хуэдэр бэзэру, директорыр кIуэщ ветлечебницэми, абы я гур къихьэхуащ. Ашыкышхуит Iым хьэжыгъэу илъар къэпибгъу хъуат. Пщэдджыжь нэмэз хъуатэкъым хьэжыгъэр гум итлъхьэу дыщежьам. Сыхьэтит Iым щIигъу дытетагъэнщ гъуэгум. Къалэм дынэсри элеваторым декIуэлIэным и пэкIэ унэ гуэр декIуалIэри Илас щхьэгъубжэм кнутIыкъумкIэ теуIуащ. Бэлъто зэхэчэтхъа теубгъуауэ зылI къыщIэкIри, директорыр унэм щIишащ. Куэдрэ щIэмысу Илас пIащIэ-тхъытхъыу къыщIэкIри зы къэпыр унэм щIихьэри гум къитIысхьэжащ:

– НакIуэ иджы элеваторым.

Гъуэгум дыздэкIуэм, Илас зы лулэ къызитащ зажигалкэ и гъусэу.

– Сытутынафэкъым сэ, – жысIа щхьэкIэ идакъым:

– Уэракъым мыр зэстыр. Элеваторым я конторэм дынэсмэ, лулэмрэ зажигалкэмрэ ебланэ кабинетым щIэс лIым ептынщ, «Илас къыпхузигъэхьащ» жыпIэнщи. Езыми чыфтанц тIэкIу къуитынщ хьэжыгъэ пут плIыщIрэ тхурэ элеваторым еттауэ. КъыбгурыIуа? Чыфтанц тIэкIур диIэмэ, хьэжыгъэр дыдей хъуащи, ухуеймэ, дэпхъей, ухуеймэ, къепхъых.

– Кабинет ебланэм мызу, тIу-щы щIэсмэ, дауэ хъуну?

– Зыщ абы щIэсынур. Иджыпсту цIыхур лэжьапIэм къакIуэ къудейщ. Дэ дызыхуейр къытпэплъэу щIэсщ.

Элеваторым деж япэм хуэдэу гумрэ машинэмрэ зэхэтхъуауэ щызэхэттэкъым. Дэри гъунэгъущэу демыкIуалIэу, Илас гум къинэри, сэ конторэм сыщ Iыхьащ. ЖыхуиI а кабинетыр къэзгъуэтри сыщIыхьэмэ, Илас зэрыжиIауэ, зылIщ щIэсыр. Лулэмрэ зажигалкэмрэ и пащхьэм ислъхьэри жесIэн хуеяр жесIати, псалъэ си жьэм къыжьэдигъэкIакъым, чыфтанц тIэкIур къигъэхьэзырауэ къыщIэкIри быхъи-сыхъи жимыIэу къысхуишиящ, бзагуитI зэхуэза хуэдэу.

Тхылъымп Iэ тIэкIур си гуфIакIэ жыпым илъу Илас деж сыкъокIуэжри си щхьэр сощI, зэфIэкIащ жыхуэсIэу. Хьэжыгъэ къомыр бэзэрым дошэ. БэзэракIуэхэри лъэсу хэт джэд ихьу, хэт шатэ банкI и кIарзинкIэм къищу, хэти къэп и блыпкъым еупцIэ-

кIауэ, хэти матэ къуаншэ иIыгърэ и щхьэр фIэлэлу, шыд шуи яхэту макIуэ. Дэ тIум ди гур хьэлъэу зэщIоскъыскъэ.

Бэзэрым дызэрынэсу гъавэ щапIэм деж гур дгъэуващ. Иласи псынщIэу тэрэзэ къихьри гупхэм деж къигъэуващ. Зы къэп гум къызэритлъэфу, зылI къэсри къыдэупщIащ:

– Путыр дапщэ?

– Сом щих. ЩиблкIэ ящэ, ауэ щихкIэ естынущ.

– Щих жыпIа? – жиIэри модрейм и фIэщ мыхъуу къеупщIыжати, сом минищ и жыпым кърихри къэпыр Iуилъэфащ. Дэри къэп етIуанэр къыдох, и щхьэр дотIатэри догъэув. Хьэжыгъэ зыщэу тетхэм я дежкIэ соплъэри псоми банкIкIэ ящэ, ари лъэпсейуэ. Ди хьэжыгъэм и уасэр къызэращIэу, фыз зыкъом къэсащи, хэт пут, хэт путитI ещэхури ехь, нэхъ лъапIэжу ищэжыну. Илас жиIар пэжт: «Сыхьэти утрагъэтынукъым – зэрапхъуэнущ хьэжыгъэр». Япэрей къэпыр зыщэхуам фIэкIа къэп псо зыщэхуфын къахэкIакъым. Сэри жыжьащэ сыIумыкIыу гур къызоуфэрэзыхь, хьэжыгъэ сщэуэ зыми зыкъезмыгъэлъагъуну.

Ахъсар деж сыкIуэу сыщIэупщIэн си гугъати, иджы ар къызэхъулIэнукъым. Хьэжыгъэ зыщэхур зэкIэлъхьэужьу щытщ, зы къэп къэдунэщIмэ, аргуэру къэп къихын хуей мэхъу. Килограмм, килограммитI фIэкI зымыщэхуи гъунэжщ. Илас ахъшэр и гуфIакIэм дилъхьэурэ дэз хъуащи, ахъшэ къэзыгъэзэж къыхихын щхьэкIэ, IэмыщIэм изу къыдэпхыурэ ухэплъыхьын хуейщи, и гуфIакIэм ахъшэр къыщыдэлъэлъи къохъу.

Зы къэп закъуэ къанэжар Илас тIу ирищIыкIами арат, щIалитI и гъусэу мылицэ гуэр къыщыбгъэдыхьам. Сэри къуэгъэнапIэ сыкъуэуvауэ сыкъоплъэ, мылицэр къыздикIар сымыщIэу. Сыкъэхашэу мылицэр сэ къэсшауэ гурыщхъуэ къысхуимыщIыну пIэрэ, жызоIэри согузавэ. ЖаIэр зэхэсхыркъым. Я щытыкIэмкIэ, зэрызызэхуащIымкIэ жаIэр зэрымыщIагъуэр IупщIщ. Илас мылицэр лъэныкъуэкIэ ешэри зыгуэр IэщIигуэну и ужь итщ, арщхьэкIэ зэгурыIуэркъым, мылицэм и гъуситIри якIэрыкIыркъым. Зодауэ, зоныкъуэкъу, хьэжыгъэ зыщэхуну щытхэр зэгуагъэпу.

ИкIэм икIэжым акт ятхри, Илас фIэмыфIурэ Iэ тредзэ. Мылицэри и гъусэхэри IуокIыж. Бэзэрым тетхэри хьэргъэшыргъэ мэхъу: «ЖысIатэкъэ, хьэжыгъэ дыгъуащ ар, жысIэри!» «НтIэ мыдыгъуа дэнэ къипхын?» «Ей, къадыгъуа къытепхыныр хьэлэлщ». «Сыт къытепхыжын: ищэн ищащ». Ахэр Илас и тхьэкIумэм ицырхъэри шыр щIищIэжу хуежьащ, къэпым къинэжа тIэкIур имыщэу гум иридзэжауэ.

Илас здигъэзэнур сщIэрти, сэри сыжэри гъуэгум сыкъытеуващ. Гур здэкIуэм зыкъиздзэри дызэгъусэу дыкъежьэжауэ дыкъокIуэ.

– Мылицэм чыфтанцыр ебгъэлъэгъуамэ, мынэхъыфIу

пIэрэт? – жысIэу сыщеупщIым, Илас нэхъри къэгубжьащ:

– Сыт жыпIэр? Тебгъаплъэ хъунутэкъым!

Дымэжэл Iауэ, дешаделIауэ дыкъэсыжащ. Илас хьэжыгъэ тIэкIу имыщэу къэнар зэрилъу, гур зейм и деж ихужри яритыжащ. Хьэжыгъэр тпщэфIыну къишэж си гугъа щхьэкIэ, гур къезытам иритащ. Сэри щхьэлыбжэр Iусхри си IэнатIэм сыIуувэжащи, хэт сыт къишэну пIэрэ, жысIэу цIыхум сапэплъэ щхьэкIэ, Илас Iэ зытридза актым сытошыныхь.

Гур зэрыгъум дыгъур кърокIуэ, жаIакъэ пасэрейм? ЕтIуанэрей махуэм си шырыкъу къомыр щIэзыша интендантыр сэ сыщымыIэу къокIуэри щхьэлыр къещ:

– Дэнэ фхьа мыбы илъа хьэжыгъэр? – жеIэри директорым йоупщI. Илас жиIар тхьэм ещIэ. АшыкышхуитIыр нэщIщ. ЗэфIэнауэ, зэрыгъэкIийуэ сэри сыкърохьэлIэж. КъызэупщIмэ, си жэуапыр хьэзырщ: «ХьэжыпщIэм си Iуэху хэлъкъым, къеIызыхыр директорыращ». АрщхьэкIэ абыкIэ уафIэкIын – тIури комендантым деж дашэ.

Дынэсмэ – комендантым и стIолым телъщ Илас Iэ зытридза актыр. Ар щилъагъум си директору плъагъум и щхьэфэцым зимыIэту къэнэнт? БжесIа мыгъуэти, си къуэшыжь, укъызэдэIуатэкъым, иджы къуажэм дэса шэшэным уалъэщIыхьэжауэ къэлъытэ.

Комендантым и нэгум сыщIоплъэри, шырыкъуитI лъыгъыр езытар сэрауи сэрмырауи пщIэнукъым. И нитIым Iугъуэр къыщIех.

– Дыгъуасэ пща хьэжыгъэр дэнэ къипха? – жеIэри директорым къоупщI.

– Нартыху тIэкIу сиIати, схьэжри сщащ. Къэп ныкъуэ хуэдиз.

Комендантыр къэтэджри директорыр зыIуригъэлъэдэным хуэдэу къеплъурэ жиIащ, и Iупсыр къыжьэдэлъэлъу:

– Тхьэр уогъэпщI нахуэу! Уи Iэ телъщ мы актым. Пут пл ЫщI пщащ. «Нартыху тIэкIу сиIэти!» Ар тIэкIу сытми?! Актым ищIыIуж лIибл къэуващ щыхьэту путыр сом щих-щихкIэ къащэхуауэ. Абы ищIыIуж си интендантым къипщащ: хьэжыпщIэ зэрыпкIутэ ашыкитIым пут щэ ныкъуэм нэблагъэ йохуэ. АшыкитIри иджы нэщIыбзэщ. Зыбумысыжыну? – жиIэри комендантыр и макъым къызэрихькIэ къыщIэкIиящ директорым. И кIэрахъуэри кърипхъуэту Илас и натIэм къыщытриубыдэм, лIы гужьеяр кIиящ:

– Уа-а-а!

Илас и жьэ ущIам комендантым и кIэрахъуэр жьэдиIури, модрейм пщIэнтIэпсыр къехуэхыу зэщIэк Iэзызащ.

– Зыбумысыжыну жысIакъэ?

Илас кIэрахъуэпэр и жьэм жьэдэIуауэ и щхьэр ищIащ, зызумысыжынщ жыхуиIэу. Сэри элеваторым къызата чыф-

танцыр езгъэлъагъумэ, хьэжыгъэр здэкIуар ящIэнщ, жысIэу си гум къэкIа щхьэкIэ, дзыхь сщIакъым чыфтанцыр езгъэлъагъун.

Илас и Iуэхур зэфIэкIащ. Зиумысыжу протоколым Iэ тридзэри щIашащ, здашэр сымыщIэу. Комендантым и кабинетым си закъуэт къыщIэнар. Капитаныр къикIукI-никIукIыу зыкъомрэ кабинетым щIэтащ, сыкъимылъагъу хуэдэу. Къэгубжьыщати, и губжьыр щыпкърыкIыжынум пэплъэу къыщIэкIынт, сэ къызэпсэлъэн щхьэкIэ.

– Уэ пщIакъэ хьэжыгъэр абы щхьэлым щыщIишым? – жиIэри стIолым бгъэдэтIысхьэжа нэужь, комендантыр къызэупщIащ:

– СщIащ.

– ПщIамэ, сыту зыгуэр жумыIарэ? Ы-ы!

– Элеваторым сошэ щыжиIэм, сэ сыт жысIэнт? ХьэжыпщIэм и унафэр зыщIыр директорыращ. Езым къызэригъэзэжуи мис мы чыфтанцыр къызитащ. Еплъ.

Комендантым и нэщхъыр зэхиукIауэ чыфтанцым еплъащ, пэпщащ. НтIэ элеваторым яритыпауэ пIэрэ, жиIэу шэч ищIауи гу лъыстащ, арщхьэкIэ чыфтанцыр актым кIэриIулIэри си дежкIэ къэплъащ:

– КIуэ, уэри зегъэхь. Нобэр нобэщи, екIуэкIащ, пщэдей укъыспэщIэхуэмэ, узгъэтIысынщ.

– Уи псалъэ тIэу жозгъэIэнкъым, си къуэш. Тхьэм фIыкIэ дызэхуигъазэ! – жысIэу и Iэр субыдыжынути, си Iэр къиубыдын идакъым:

– КIуэ, кIуэ, щхьэлтет, – жиIэри си Iэ шиям IэгукIэ «щIач» жиIэу къеуащ.

Ари си дежкIэ сэламу урикъунщ, жысIэри зызмыIэжьэу занщIэу щхьэлымкIэ сунэтIащ, си хьэпшып тIэкIур къэсщтэжу сежьэжын мурад сиIэу. Сежьэжуи сыздэкIуэнур дэнэ? Мы къуажэм япэ дыдэ сыкъыщыдыхьам фэтэру къысхуагъэфэщам сыкIуэу сыщIэплъэн, жысIэу сщIэркъым си гум къыщIэкIар. Фызабэ сызыхуашауэ щытам секъуэншэкIауэ сщIэркъым къыщIысфIэщIар.

Си фэм илъым фIэкIа щыгъын сиIэтэкъым, си тепIэнщIэлъын тIэкIур зэкIуэцIысшыхьри си щIыбым илъу ищхъэрэкIэ згъэзащ. Ищхъэрэ къуажэм сыщынэсам,пшапэр зэхэуат. Фызабэм и унэр яубыдати, аргуэру джэд фермэм я пщэфIапIэм нэху щызгъэщынщ жысIа щхьэкIэ, фызабэм и унэр нэщIт. Арыншэми зэхэуфэкъа унэм тхьэмыщкIафэ дыдэ къытеуат, бжэкъум и пIэкIэ фэ тIэкIу зытеIулIауэ щыта бжэри хатхъат. Хьэкъущыкъу сыти щIэлъыж щыIэтэкъым. ЩIыIэпсымэ къыщIихми, пхъэ гъуэлъыпIэжь закъуэр щIэтти, си тепIэнщIэлъыныр абы ислъхьэри сытетIысхьэжащ.

Сыплъэри – си нэр щIытехуар сымыщIэу гъуэлъыпIэм илъ пхъэбгъуитIым я зэхуакум дэхуауэ тхылъымпIэ тIэкIу

къыдощ. Къасщтэрэ сеплъмэ, фронтым къратхыкI письмощ, дыуэм ещхьу щимэу зэкIуэцIылъщ. Итым щыщу сатыр зытIущ итар умыщIэу ирацIэлыкIащ, адрейр зэхэцIырхъами, укъеджэ хъунущ. Къэзытхыр мы унэр зейуэ щытаращ, быным я цIэр ириIуэурэ къащIоупщIэ, къыбдэIэпыкъурэ, ин хъуа, дауэ еджэрэ сыт жиIэу. И фызым нэмыщI, нэгъуэщIу блым я цIэ ireIуэ. Фызабэр быниблым яхэсауэ къыщIокI, сэ щы фIэкIа сымы-лъэгъуа щхьэкIэ. Тхьэм ещIэ, нэхъыжьхэр унэм щIэсагъэнкъым.

Дыгъуасэжэщ сымыжея пэтми, а жэщым жейм сезэгъакъым. Тобэ ирехъу, фызабэм деж сыкъэзышам и гугъагъэнт сабий цIыкIу къомым вакъэ сыткIэ садэIэпыкъуну. Хъарзынэуи ар схузэфIэкIынут. Щхьэлым сыщыкIуами хьэжыпщIэм къыхэсхыурэ хьэжыгъэ къахуэсхьыфынут чыржын, мэжаджэ ящIын. Ари сщIакъым. Псапэтэкъэ ар? УмелыIычщ, жаIэ итIани. Къысхуэхъуакъым ар мелыIычыкIэ.

Псапэ сщIэн хуеяуэ сщIакъым. Армырауэ пIэрэ нэпсеягъэм дыщIытекIуадэ пэтар? Ей, мы дуней дызытетри?! УмелыIычкъым, убегъымбару уафэм укъехами, щIым укъызэрытеувэу фIейм ухэувэнурэ дэнэ деж зыщызгъэкъэбзэжыну жыпIэу угузавэу къэбджэдыхьынущ. Абдеж си мелыIычыныр щызухат.

Нэху щыху гупсысэ хьэлъэм симыгъэжеяуэ, пщэдджыжь нэмэзым гъущI гъуэгу станцымкIэ сунэтIащ, ди хэкукIэ згъэзэжыну.

## БАБЫЩЫКЪУЭ АДАКЪЭПЩ

### *1. Бабыщыкъуэ*

ДжэлилкIэ зэджэ адакъэ купраузышхуэр, къехъуапсэIамэ ирамыщэу, пщIантIэм дэз джэдкъазым къахэщт. Арат адакъэпщу зи лъэпкъ яхъумэу зыми памыщIыр. Езыр бжьыфIэт, дахэт, гуэгушыхъум нэхърэ щIагъуэкIэ мынэхъ цIыкIу дэнэ къэна, еинэкIырт, и къабзий зэмыфэгъухэр зэщIэпщIыпщIэу, и кIэри гъубжэм хуэдэщ, къэгъэшауэ, и сыджри зэщIоскъыскъэ, лъэпхъащэмэ, и лъабжьэр гуахъуэм хуэдэщ.

«Джэлил!» – жыпIэрэ уеджамэ, и нэ хъуреишхуитIымкIэ къоплъыр, бжыхьым дэлъейрэ Iуамэ, хьэблэм адакъэу дэтыр къыподжэж. Езыми зеплъыхь, сэ схуэдэ нэгъуэщI хэт щыIэ, жиIэ хуэдэ, гуэгушыхъур къызэрыфIэмылIыкIым щызэгуигъэпи къохъу.

Зэгуэр хьэ тумэжь цIыкIур зэрышхыкI Iэнлъэм иувэри хьэм ишхыр игу щрихьым, хьэм и пэм еуIури Iуихуащ. Хьэр зыIуры-бзаеу здэщытым, Джэлил «къу-къу-къу-сыкъукъу» жиIэурэ джэдхэр зэхуишэсри игъэтхъэжащ. Джэдхэр шхэху,

езыр зэи еуIуакъым, зигъэджэрэзу Iэнлъэм итащ, хьэр къримыгъэкIуа-лIэу. Гуэгушыхъу Мэзани екIуэлIэххакъым, адакъэ щыкIам джэдым яригъэшхым сыхуеиххэкъым, жыхуиIэу.

Бабыщыхъури Мэзан и акъылэгъущи, Iэнлъэмк Iэ емыплъэкIыу псымкIэ игъэзащ. Гуэгушхэм тхьэджэдкIэ еджэу зэхахащи, тхьэр зэта гуэрми тщIэркъым жыхуиIэщ.

– ЩыкIащ, тIасэ, ар. ЩыкIа жыхуаIэр пщIэрэ? – жиIэу джэдкъурт гъуабжэжьыр кIыргъыурэ иджыри зыгуэр къыпищэнут, арщхьэк Iэ Бабыщыкъуэр «кIагъ» жи Iэу джэд анэм и щхьэм еуIури, джэдым и щхьэр уназзэу къытехуэ пэтащ.

Джэлил тхьэджэдри фIэIуэхукъым, занщIэу къэIуащ:

– Iуу-Iуу-Iуу-у-у-у! ЛIо фи гугъэр? Мо зи пэ къетIэтIэхыжьыра тхьэджэдыр? Ар тхьэджэдмэ, сэ сыхэт? ХьэщIэ къэкIуэнумэ, хъыбар хэт унэм щ Iэсым езыгъащIэр? Сэ сымыIуауэ нэху щыуэ хэт зылъэгъуар?

Адакъэр зи щхьэм еуIуа джэдкъурт гъуабжэм тIэкIу зыкъищIэжати, жиIам хущIегъуэжащ:

– А Джэлил, а зи уз к Iуэдын, къысхуэгъэгъу, пхуэмыфащэ бжесIамэ. Уэ къытхуумыщIэ сыт щыIэ? Уэр мыхъуамэ, дэ дыкъуртрэт, утлъагъумэ, ди гум хохъуэ, си псэр зышхын, – жиIэу.

Бабыщыхъуми хуэшэчакъым зыгуэр Джэлил пимыдзу IукIын.

– Уакъ-уакъ-уакъ! Ди насыпти, бабыщым укърашащ, кърум укърамышу. Кърум укърашатэмэ, бжьыхьэр къэсмэ, хуабапIэ щIыналъэм сыкIуэжынщи, гъатхэр къихьэху сыкъэтынущ, жыпIэурэ зыбгъэщIэгъуэнт. Уакъ-уакъ-уакъ, адакъэпщ, – жиIэри елъэбышауэу зыIуригъэхащ, псы цIыкIу хадапхэм ижымкIэ иунэтIри.

Гуэгушыхъу Мэзани цыджу IукIыжащ зигъэбэгыу, зигъэбырыбу, и пэр кърить Iэт IэтIэхыу. КъызэплъэкIри Джэлил и закъуэу Iэнлъэм бгъэдэту щилъагъум:

– Къау-къау-къау! – жиIэри абы къыфIигъэкIакъым.

Джэлил бабыщыхъум пидзыжащ:

– Укъру лъэпкъыу жыбоIэ, сэри кърум сыкърамышатэмэ, кърум нэхърэ нэхъ лъагэу сылъэтэнт, уэ пхуэдэуи сыцыджынт. Къаплъэт мыдэ, – жиIэри жыг лъагэм дэлъэтеящ. Жыгым тесу зиплъыхьыныр Джэлил фIэфIыжьт, псом хуэмыдэжу – Iуэныр, сыту жыпIэмэ уи макъыр хьэблэм дэт адакъэм нэхъыфIу зэхах. Абы ищ IыIужкIэ жыгым укъеплъыхмэ, джэдкъаз пщIантIэм дэтыр щыкъуей цIыкIу защIэу уолъагъу, тхьэджэдкIэ уеджэныр Джэлил нэхъ хуэфащэуи къыфIощIыж. Джэлил джэд къомым езым фIэкIа адакъэ хэмыту и гум къыщыкIым, и нэм къыщхьэ-рипхъуащ, зыкъыфIэщIыжати. ЛъагапIэ зытетыр псоми къа-лъагъумэ и гуапэу и макъым къызэрихькIи Iуащ:

Iуу-Iуу-Iуу-у-у-у! – къуртри мыкъуртри фыкъэдаIуэ жиIэу.

Къеплъыхмэ – гуэгушыхъу Мэзан унэгуащэм и ужь иту къелъагъу. Унэгуащэм хьэ Iус тIэкIу Iэнлъэм ирикIащи, Мэзан хьэ Iусым йоплъ. Иджыри къэс жьауапIэм щIэлъу жея хьэ тумэм Iусымэр къыщIихьэри къызэщыуащ, и Iэнлъэм Мэзан бгъэдэту щилъагъум идэнт – идакъым, и дзэлыфэр гуэгушыхъум щыхуит Iым, Мэзан шынэри Джэлил зытета жыгым дэлъейри нэхъ лъагэжу дэкIуеящ. Хьэтумэжь цIыкIури жыг щIагъым щIэту мэбанэ, йохъу-йолъыр, Iуфэр къежыхь, адакъэри джэдхэри зэгуигъэпу.

Гуэгушыхъу Мэзан жыгым тету щилъагъум, Джэлил нэхъри къэгузэващ, мыр уафэм дэмыкIуеину пIэрэ, жиIэу. «Хьэуэ, гуэгуш, сэ нэхърэ нэхъ лъагэу удэзгъэкIуеинкъым, умыпIащIэ зэ».

Iэнлъэм илъыр хьэм хуэмышхауэ щилъагъум, Джэлил зримылъэфыхьу къелъэтэхщ жыгми, ежалIэщ Iэнлъэми, хьэ тумэу зи дзэлыфэ къыхуэзытIар ирихужьащ. Джэлил къыпэрыуэ Iауэ идэнутэкъым, занщIэу хьэм и тхыцIэр зригъэгъуэтащ. Хьэр къыщызэпхъуэкIым и къарум къызэрихькIэ еуIущ хьэм и пэми, иуIащ. Хьэр пщIэууэ хьэгъуэм имылъэдэжатэмэ, и нэр къричынкIи хъунт, апхуэдизкIэ Джэлил къызэрыкIати. Хьэгъуэм къытоувэри «Къу-къукъу-сы-къукъу» жиIэу маIуэ. Абы къикIырат: «Ухьэу лIыгъэ пхэлъмэ, хьэгъуэм къикIи, сэ дуней уэзмыгъэлъагъумэ, сыбабыщыкъуэ адакъэкъым».

Ар зылъэгъуауэ джэди, къази, гуэгуши, бабыщи пщIантIэм дэттэкъым зымыгъэщIагъуэ. УмыгъэщIэгъуапIи иIэт – Джэлил хьэр игъэшынауэ къыщIигъэкIыркъым.

Хьэ тумэм иджыри къэс щыгъупщэжакъым, зэгуэр джэд ирихужьауэ Джэлил къыщилъагъум, адакъэжьыр къызэрыгубжьар уигъэлъагъуу зигъэбырыбри и пщэр хишауэ зэ-тIэу дэлъейри хьэм и тхым тетIысхьэу и пэ къуаншэжьыр хьэм и фэм щыхиIуа махуэр. «Си фэр тримыхащэрэт», – жиIэу хьэр къэгузавэри джэдым кIэлъыжэныр занщIэу пичащ. «Банэ пIураулъэф, сымышхэми, мэхъу», – жыхуиIэу хьэ тумэм зиущэхуауэ зэщIодэIукI.

Езы Джэлил зигъэбэлыхьу хьэблэм адакъэу дэтыр къызэщIигъэдаIуэу Iуащ:

– Iуу-Iуу-Iуу-у-у-у!

Сыту пIэрэ абы къикIыр? Фымыбэлэрыгъ, жылэ, фи псэр си IэмыщIэ ильщ жыхуиIэщ.

Iуэн и IуэхукIэ Джэлил хуэдэ адакъэ гъуэтыгъуейщ. Жэщыр IыхьиплIу гуэша къыфIощIри, зы Iыхьэр къэблэгъэху щэ Iуэгъуэ мыIуэну Iэмал зимыIэщ. Iуэгъуэм и мардэр къэсмэ, дакъикъэ закъуэ къыкIэрыхункъым. Унэгуащэм зэгуэр блыным фIэлъ

сыхьэтыр и чэзум деж щIиIуэнтIэн щыгъупщэри сыхьэтыр къэувыIати, Джэлил и ахъшэм Iуэгъуэм триухуэри ирагъэжьати, тэмэму зэманым техуэу къыщIэкIащ, пщэдджыжь радиом щедэIуам.

Адакъэм сыт ищIэми къыпэрыуэ щыIэу щимылъагъум, нэхъри къызэрыкIащ. Махуэ гуэр гъунэгъу хъыджэбз цIыкIу унэгуащэм деж къэкIуат, «пщагъэ тIэкIу фиIэмэ», жиIэри. Унэгуащэм иIэу къыщIэкIат, къыпигъэжщ зыхуейм хуэдизи, къэкIуам иритащ. Хъыджэбз цIыкIур гуфIэу щыдэкIыжым, Джэлил жьэхэлъадэщ и щIыбагъымкIи «къыкъыкъ-сыкъыкъ» жиIэу хъыджэбз цIыкIум и пщэдыкъым дэлъейри лъэбжьанэкIэ и пщэр кърихтхъащ. Пщагъэ зэрылъ шейщIэтыр Iэ-щIэхури гъуэгыу щIэпхъуэжащ, къэзыгъэкIуа и анэр игъэ-гузавэу.

Куэд дэмыкIыу хъыджэбз цIыкIум и анэр унажэ къэжащ: «Си сабийм шейщIэтыр тефхыу и щыгъынри зэхэфчэтхъэну лъэкIыныгъэ дэнэ къифха?» – жи Iэри.

Унэгуащэри укIытауэ мэгузавэ:

– Ан-на, сыт а жыпIэр? Тхьэуэ нобэр зи махуэ лъапIэ, IэпэкIэ демыIуса. «Пщагъэ» жиIати, нестри шейщ Iэтым илъу нежьэжащ. Ауэ пэжщ, пщ IантIэм щыдэкIыжым Джэлилу адакъэ ямылъагъужыныр тIэкIу ефыщIэуа си гугъэщ.

– Ар дауэ хъун? Адакъэр хьэ хъуа къофыщIауэу? Алыхь, ар си адакъэу щытатэмэ, махуэпс езмыгъэфэнт. Ирикъуни хьэблэр жэщкIэ зэримыгъэжейр.

Ти, пщагъэ къэнэжар гъунэгъу фызым иритыжри къигъэгугъащ адакъэжьым кIэ иритыну. А махуэм Джэлил куэбжэм дэлъэтейри и гупэр унэмкIэ къэгъэзауэ щэ Iуэгъуэ Iуащ. Унэгуащэм ар щызэхихым, и гум илъыр жимы Iэу хъунт:

– Хъер, хъер, адакъэжь. АлейкIэ умыIуэ. ХьэщIэ къакIуэмэ, хэнэщхъеихьынур уэращ.

Езы Джэлил моуэ зэпишу щIэIуар гуэгушхэм захригъэхыну арат: «Флъагъурэ, хьэщIэ къокIуэ. ХьэщIэ къэкIуэху, фэ фщыщ гуэр зэрыфхэщI ыр фи гум къэвгъэкIыж», – жиIэу. Арщхьэк Iэ гуэгушыхъу Мэзан зэхихат унэгуащэм жиIари, къыфIэмыIуэхуу цыджри хъушэм яхыхьэжащ, бабыщыкъуэ адакъэжьу дунейм темыхуэжым и пIалъэр къэсауэ къыщIэкIынщ, жыхуиIэу.

Унэгуащэм джэдкъазыр щигъашхэм яхэплъэмэ, Джэлил фIэкI а адакъэ яхэмытыжу елъагъу, мыр сыукIмэ, адакъэ яхэмыту джэдыр гъэхъуа хъун, жиI эри хьэщIэ къэкI уам гуэгуш хуиукIащ, иджыри гуэгушым уэс яI умыхуа пэтрэ.

Джэлил ар щилъагъум и гуапэ дыдэу Iуащ, тхьэджэдхэм зыгуэр зэрыфхэщIынур вжесIатэкъэ, жыхуиIэу. Нэхъ и гуапэж хъунут, гуэгушыхъу Мэзан яук Iауэ щытатэмэ. Гуэгуш быныр пщыкIуплI хъууэ кърашати, блыр гуэгушыхъуу къыщIэкIат. А блым щыщу зы закъуэт унэгуащэм къигъэнари, а зыр иук Iыну

и гугъэххэтэкъым, Джэлил ар дэнэ щищIэнт?

Адакъэм «жылэ» жыхуиIэр пщIантIэм дэт джэдкъазырат. Iуэну къэувми, «адакъэ IуэкIэкIэ соIуэ» жиIэртэкъым, унафэ ищI и гугъэжти, псори къемыдэIуэну Iэмал имыIэу ятрикъузэт, уеблэмэ джэдкъазым пащтыхь я Iэу щытатэмэ, пащтыхьыпIэр зыубыдынур Джэлилу къыщIэкIынт. Гуэгушыхъужьыр адакъэм нэхърэ IэджэкIэ иренэхъ ин, и «къау-къаури» макъыфIкIэ жреIэ, нэхъ ину зигъэбырыбу хъушэми яхрет, Джэлил абы зэрыфIэлIыкI щыIэкъым, хъымпIаруи кърыдзэркъым. Хьэ тумэм и Iэнлъэм щримыгъэкIуалIэ дапщэрэ къэхъурэ?

Тщыгъупщэ пэтащ: Джэлил «бабыщыкъуэ» щIыфIащар иджыри къэс жытIакъым. Ар зэрыхъуар гуэгушыхъужь Мэзан нобэ хуэдэу ещIэж, абы девгъэупщIми, жиIэнур мыращ:

– Бабыщ адакъэт сымылъагъужар. КъызыхэкIар зымыщIэжым нэхърэ нэхъ Iей тхьэджэд гъуалъхьэу абгъуэм кърищынукъым, къызыхэкIар зымыщIэжыр напэншэу, хабзэншэу щхьэхуещэ мэхъу. ДжэдыкIэ закъуэр абгъуэм кърнэу джэдкъуртыр, и джэдыкIэри дэкIуэу, бажэм ишхат. Иужьым унэгуащэр къыщIыхьэщ джэдэщми, джэдыкIэ закъуэр, бабыщ анэу гъуэлъхьэжа гуэри щыIэти, абы щIэлъ джэдыкIэр къемэщIэкI хъунти, бабыщ анэм щIилъхьэри ежьэжащ.

*2. ДжэдыкIэм къиIукIа*

Бабыщ анэр куэдрэ телъа, мащIэрэ телъа – зэгуэрым макъ цIу цIыкIу зэхехри къегъаскIэ, бабыщым зедзри мэзэгъэж. ТIэкIу докIри аргуэру макъ цIу цIыкIур зэхех. ДжэдыкIэм закъытреIэтыкIри зы джэдыкIэм джэдыкIафэр къыпхриуIукIауэ шыр цIыкIу къиплъу елъагъу. Сыт шыру пIэрэ ар иджы? Джэджьейр къызэрыпща джэдыкIафэр абгъуэм кърдзри шыр цIыкIур дамэ щIагъым щIигъэпщхьащ. ЕтIуанэрей махуэм адрейхэри къыщришым, унэгуащэм бабыщ быныр кърихьэхри плIанэпэм дигъэтIысхьащ, щыкъуни къаритри псы зэфэни къахуигъэуващ.

Бабыщ анэм гу лъитэххакъым бабыщ быным зы джэджьей яхэту. «Къэжэпхъащ иджы», – щыжиIэм, и шыр цIыкIухэр джэдэщым къыщIишри хадапхэм иж псыIэрышэм ишащ, я нэгу зригъэужьыну, есыкIэ яригъэщIэну. Бабыщ шырхэм псыр щалъагъум, зэрызехьэу, зекIунтIриеу «уакъ-уакъ» жаIэу, къакIэрыхум и махуэ мыгъуэу псыIэрышэм хэтIысхьащ, зэкIэлъхьэужьу бабыщ анэр здэкIуэмкIэ кIуэуэ. Ар сыту нэгузыужьыгъуэт!

Бабыщ анэр къызэплъэкIмэ – зы шыр цIыкIу псы Iуфэм къыIунащи, «уакъ-уакъ» жиIэу иреджэ, арщхьэкIэ шыр цIыкIу псы Iуфэм Iутыр псым хыхьэну и гугъэххэкъым, езыр-езыру

удзым хэтщ, удз гъэгъахэм хьэндырабгъуэ тетIысхьэр фIэхьэлэмэту.

Ауэрэ джэджьей цIыкIур адакъэщIэ цIыкIу хъуащ, бабыщ шыр быным яхэт щхьэкIэ, и мылъэпкъ хабзэ дауэ къищтэн, псым негъэс и ныбжьэгъухэри, езыр-езыру фIэфIыр ищIэу псы Iуфэм Iутщ, бабыщ быныр псым къыхэкIыжрэ унэмкIэ къаунэтIыжыху. ДжэдыщIэ цIыкIу яхуэзэмэ, ядоулъэпхъащэ, ауэ жэщкIэ бабыщ быным яхохьэж.

Адакъэ хъунур джэдыкIэм ису маIуэ, жыхуаIэм хуэдэу, адакъэщIэр джэду пщIантIэм дэтым ебжьыфIэкIыу, адакъэ купрауз дахэшхуэ мэхъури, зыхэта бабыщ быным яхэмыхьэжыххэу и щхьэ закъуэ и лъакъуитIу хуиту пщIантIэм дэтщ, уеплъмэ, уи гур хигъахъуэу. Абы нэмыщI, нэгъуэщI Iэджи адакъэщIэ цIыкIуу дэт щхьэкIэ адакъэ купраузыр зытемыкIуэ яхэткъым.

Унэгуащэм абы гу щылъитэм, «уэрауэ къыщIэкIынщ адакъэу къэзгъэнэнур» жиIэри цIэ хъарзыни къыхуигъуэтащ – Джэлил. Бабыщ шыру Джэлил зыхэтари ин хъуащ. Джэлил псымкIэ яшэу есати, куэдрэ псы IуфэмкIэ кIуэрти, псым есу тесхэм еплъу мыIэрысей жыг къудамэм къытетIысхьэрт, къэргъей сыт бабыщ шырым е джэджьейм къеещэу илъагъумэ, «къуууугъутI-къуууугъутI» жиIэу хъыбар яригъащIэу. Абы къикIыр шыр цIыкIухэм ящIэрти, джэджьейм удзым зыхаубгъуэрт, бабыщ шырым псым зыщIагъэмбрыуэрт.

Зэгуэр къэргъейр бабыщ шыр псым есу тесым къещэрт. Джэлил япэмыжыжьэу щытти, мо джаурым гу щылъитэм, хъыбар шыр цIыкIухэм яригъэщIащ. Бабыщ шыру къэргъейм и нэр зытриубыдам зыщIигъэмбрыуэри зыщигъэбзэхым къэргъейри и щхьэр и щIагъыу псым хэхуэри ундэрэщхъуауэ, и дамэ лъэныкъуэри узауэ псым къыщыхэпщыжым, Джэлилу плъагъур теуэщ аби, хьэлэчу зэхимыфыщIэу къэнэнт. Къэргъеицыр псы Iуфэм Iузу къигъанэри езы къэргъейр ерагъпсэрагъкIэ адакъэм къелащ.

Мыр къыщалъхуар лIыгъэ щызэрихьа махуэращ жыхуаIэрати, а махуэм щыщIэдзауэ джэдкъазу пщIантIэм дэтым зи хъыбар яхуэмыухыр Джэлилт. Езыри а махуэм адакъэпIэ иувауэ къыщIэкIынт, бабыщым къриша щхьэкIэ зэрыадакъэр къыгурыIуэжат.

Арыншэми Джэлил и фIыщIэ Iуауэ джэд анэщIэ къомыр нэлейкIэ къеплъырт, и закъуэуи къpагъэкIухьыртэкъым, дэнэкIэ кIуэми, джэдищ-плIы и гъусэу, езыми зигъэфэрыщIу улъэпхъащэрт. КъигъуэтаIамэ, езым имышхыу «къут-къут» жиIэнти, джэд анэщIэ цIыкIухэр зришэлIэнт, къигъуэта хьэмбылур яритынт. Хьэмбылур зы джэдым ирихьэжьэмэ, адрейхэр кIэлъыжэрт къытрахын я гугъэу, арщхьэкIэ езыхьэжьам жэрыжэм тету иригъэлъэтэхырти, псори зэгъусэу адакъэм дежкIэ къагъэ-

зэжырт.

Джэлил бжыхьым е жыгым дэлъейрэ зиплъыхьу тетмэ, ар яфӀэмыӀуэху хуэдэу джэдхэм защӀ щхьэкӀэ, я нэӀэ адакъэ дахэжьым тет защӀэт. Хьэ тумэр шхэуэ Ӏэнлъэм Ӏуту Джэлил зэгуэр Ӏэнлъэм щиувэм, хьэр къапхъуэри адакъэм и пщэр хьэлэчу иу Ӏат. Джэдхэр Джэлил бгъэдэмыкӀыу, чэзууэ шхын къыхуахьурэ ягъэшхащ, адакъэм и уӀэгъэр хъужыху.

И насыпти, Джэлил и уӀэгъэр хъужыху хьэщӀэ къэкӀуакъым, зыгуэр къэк Ӏуатэмэ, унэгуащэм иукӀынур Джэлилу къыщӀэкӀынт. Езы адакъэри пабжьэм хэсащ зиужьыжыху, хьэ тумэм сеуӀуу и пэнцӀ ывыр щхьэ къытезмычрэ, жиӀэу.

### 3. *Мыкъаз-мыджэд*

Джэлил ямыукӀыу къела щхьэкӀэ, «саукӀыу сызэгъэжащэрэт мы слъагъур слъагъу нэхърэ» жиӀэу къэуӀэбжьащ, зэгуэр унэгуащэм адакъэ хужьышхуэ пщӀантӀэм къыдиутӀыпщхьауэ щилъагъум. «Хьэм ныкъуэшх ищӀ ар адакъэ хъужынкъым», – жиӀэу унэгуащэм адакъэщӀэр къищэхуауэ арат, Джэлил зиужьыжыпа пэтрэ.

Зэрыхужьым щхьэк Ӏэ джэдхэм адакъэщ Ӏэм цӀэ фӀ ащащ: мыкъаз-мыджэд. АпхуэдэцӀэр адакъэ хужьым хъарзынэу хуэфащэт, сыту жыпӀэмэ адакъэщӀ эр джэдым е ящышынэрэт, е нэгъуэщӀт – щхьэзэу пщӀантӀэм къыдэщхьэрыуам хуэдэу дэтт, гуэгушыхъужьым Ӏейуэ щышынэу. Зыщышынэр гуэгушыхъум и закъуэт? Джэдкъуртми ящышынэрт.

ИтӀ ани хьэлэмэтыратэкъэ: джэдхэм адакъэ хужьыр гъусэ ящӀыртэкъым, адакъагъэ хэлъуи къафӀэщӀыртэкъым. Унэгуащэми, абы гу щылъитэм, и гум къэкӀащ: «Мыр джэдым адакъэ хуэдэу яхэткъыми, инкубаторым къримышауэ узиӀэ», – жиӀэу. АтӀэ аращ, инкубатор адакъэр куэдрэ ягъэпсэурэ? Ягъэпсэуркъым, пшэру ягъашхэри яукӀ.

Куэд дэмыкӀ ыу адакъэ купраузымрэ адакъэ хужьымрэ зэпэуври зызэпашащ, щӀакӀуэ кӀапэ зэдытеувам хуэдэу. ТӀуми я пщэр ягъэшауэ, загъэубэлэцауэ зоплъыр, я нэр зэтенауэ. Джэлил щӀоупщӀэ:

– Уэ мыкъаз-мыджэдыр дэнэ укъиукӀ?

Адакъэ хужьми къэрабгъэ дыдэу зыкъригъэлъагъуну и гугъэххэкъым.

– Сымыджэдрэ сымыкъазрэ уэ дэнэ щыпщӀэрэ, хьэ ныкъуэшхыу яшхыжын, – жи Ӏэри адакъэ хужьым Джэлил зыкъригъэщӀащ къыдэджэгуну зэримымурадыр.

Джэлил къыпэувӀауэ есатэкъыми, къэуӀэбжьащ, адакъагъэ зыхэлъ щыхуэзэм. Адакъэ хужьыр щыжьэхэлъэм, Джэлил къапхъуэри инкубаторыкъуэ адакъэм и сыдж плъыжьыбзэр

зыIэригъэхьэри еIэурэ-еIэурэ адакъэ хужьыр IумпIафIэ ищIауэ джэдкъазым къалъагъуу кърешэкI, кърелъэфэкI, и адакъагъэр здынэсыр зригъэщIэну.

Адакъэ хужьым и нитIыр къыщихуа пэтрэ, адакъэ купраузыр зытригъакIуэркъым.

Зэхихар и гум темыхуэу:

– Сэ сыхьэныкъуэшх? Япэ хьэщIэу къакIуэм яшхынур уэращ, – жиIэу Джэлил и пэр зэтрихати, сыджыр IэщIэкIа хъуащ. Асыхьэту адакъэ хужьыр къебгъэрыкIуэурэ зэи-тIэуи хуабжьу къеуIуащ, къефыщIэуащ, Джэлил и ци къыхиудащ:

– Сэ хьэщIэм сашхыху, уэ пхуэфащэ сэ сыхъунщ. Хьэм цы Iэрамэ птричамэ, сэ зыц къыптезмынэу уфыщIа хьэзыру хьэщIэр къэзгъэкIуэнщ, умыгузавэ, – жиIэу. Адакъэ хужьри къызэрыкIат, узижагъуэ и махуэу.

АдакъитIым зызэраупсеяуэ щалъагъум, джэдхэр къызэхуэсри Iэжьэгъу мыхъуу хъунт? Нэхъыбэр щIэгузавэр Джэлилти, адакъэ хужьыжьым ерагъыу къыIэщIагъэкIащ, къабзий куэдыщэ храмыгъэчу. Джэлил джэдхэр къыдэщIу щилъагъум нэхъри тегушхуат, арщхьэкIэ къыгурыIуауэ къыщIэкIынт адакъэ хужьым къарукIэ зэрыпэмылъэщынур.

– Ара? – жиIэри Джэлил и макъым къызэрихькIэ Iуащ: – Iу-Iуу-Iуу-у-у-у! Сэ сыпфыщIыхукIэ уэ уи пэмкIэ щIыр звэнщи, мэш тессэнщ, инкубаторым и къуэ.

Ар зэхэзыха джэдкъазыр зэщIэдыхьэшхащ.

– Сэ инкубаторым срикъуэмэ, уэ узикъуэр хэт? Уджэд лъэпкъми, бабыщкъэ укъизышар? БабыщыкъуэкIэ къузэроджэр пщыгъупщэжай! Укъыздэмыджэгу, си къуэш.

Джэлили къилъащ:

– Сэ сыадакъэу сыдж стеткъым, уи нэвагъуэр уэзмыгъэлъагъужмэ. Хамэхьэ къакIуэри унэхьэр дихуащ, жыхуаIэм хуэдэу, си пащтыхьыгъуэм щхьэ укъихьэхха?

– ЛIо, сыкъихьамэ? Мыр уи пащтыхьыгъуэ?

– Си пащтыхьыгъуэщ, мыджэд-мыкъаз. КIуэ, укъызэрыкIа инкубаторым гъэзэж. Умыгъэзэжрэ – уи цыр щхьэнтэ езгъэщIынщи, сытетIысхьэжынщ. КъыбгурыIуа? Сыбабыщыкъуэми, сыкъызыхэкIар джэдщ, лъэпкъышхуэщ.

– Сыкъизыша машинэм кърившыр нэхъ мащIэ? Ди гъащIэр мазэ бжыгъэу щымытатэмэ, губгъуэу щыIэр дыуфэбгъунти.

Гуэгушыхъу Мэзани цыджу къабгъэдохьэ:

– Куэдщ, фызэпщэфыIэри фи адакъагъэ зэрыщIащ, ирикъунщ. ЗэкъуэшитI хуэдэу фыпсэу, зиунагъуэрэ. Пщэдей махуэщ, хуэмыхур куэдщ, фIыр сэ схуэдэ зырызщ. Цыг-г-г-г, – жиIэри Мэзан зигъэбэлыхьу IуигъэзыкIыжащ, сэ щхьэ фыкъыздэмыплъейрэ жыхуиIэу.

АдакъитIми абы къыфIагъэкIакъым, арщхьэкIэ гужьгъэжь зэхуаIэ хъуати, зэтеплъэ хъужыртэкъым.

### *4. ЗэкъуэшитI*

Гуэгушыхъум «зэкъуэшит I хуэдэу фыпсэу» жиI а щхьэкIэ, адакъитIым зэдэпсэуну я мурадыххэтэкъым. Дапщэрэ зэхуэзэми, зызэрапщыт, зэрымыфыщIми, зым зыр емыуIумэ, яшхыр я дзажэм дыхьэркъым. ПщыхьэщхьэкIэ джэдэщым джэдкъазыр екIуэлIэжмэ, Джэлил джэд анэм яхэсу лъэуейм тесщ, инкубаторыкъуэр и закъуэпцIийуэ псоми япэIэщIэу, зигъэбырыбу къуэгъэнапIэ къуэсщ.

Ахъшэм зэрыхъуу Джэлил къещхьэукъуэхыу зэхэс къомыр къегъаск Iэ: – Iуу-Iуу-Iуу-у-у-у! – жеIэри.

Гуэгушыхъужьыр адакъэ хужьым еупщIащ:

– Уэ щхьэ умыIуэрэ? Уи макъ дахэм зэ дебгъэплъыркъэ. Е умакъейуэ ара?

Адакъэ хужьым ищIэххэртэкъым адакъэр Iуэн хуейрэ хуэмейрэ, сыту жыпIэмэ фабрикэ ар къыщыхъуам адакъэ Iуэуэ зэи щызэхихатэкъым. Дэни щызэхихынт? Джэдыщ Iэр шхыпхъэ зэрыхъуу зэщ Iакъуэри яукI. Адакъэщ Iэ цIыкIухэр иджы ди Iуэгъуэ хъуакъэ, щыжаIэм, я гъащIэр яух. Арат адакъэ хужьым IуэкIэ щIимыщIэри, абы тепсэлъыхьын фIэфIтэкъым.

– Дэ дыIуэу ди хабзэкъым. Дэ дыкъалэдэсщ. Ди дежк Iэ мычэму Iуэр радиоращи, ди тхьэкIумэр арыншэми иудэгуащ, – жиIэри адакъэ хужьым зигъэгуса хуэдэу гуэгушыхъум къыфIэщIащ. Гуэгушыхъу Мэзани и акъылкIэ егупсысати, арэзы техъуащ адакъэм жиIам.

– Къау-къау! А радиор ди унэгуащэм къричыххэркъым. Абы щхьэкIи Джэлил Iуэн къигъанэркъым. – Мэзан пэж зэрыжиIар Iупщ I ищIу асыхьэтым Джэлил Iуащ, хьэблэм адакъэу дэсыр къызэщIигъэсту.

Адакъэ хужьым ар фIэгъэщIэгъуэнт. Плъагъурэ, къуажэм дэс джэдыр зэрощIэ. «Ей, си къуэш къом, фыпсэу иджыри?» – жиIэу зыр щIэупщIэмэ, адрей къомми я хъыбар уагъащIэ: дыпсэущ, си къуэш, дыпсэущ иджыри, жыхуаIэу. Ар къуажэм дэт джэдым я хабзэщ, дауи. Къалэдэсхэр апхуэдэкъым: я цех зыщIэсыр зэпытми, зым къыщыхъур я гъунэгъум ящIэркъым, зэхуэзэмэ, я джэдыцщ зэхуэзэр, ари зы щхьэнтэм илъу.

Адакъэ хужьыр абы щегупсысым, и акъылыр Iэджэм нэсащ. УзэрыIыгъыныр куэд и уасэу къыщIэкIынщ. Узмэ, утIщ, утIмэ, укIуэдыжащ, жызыIам имыщIэу жиIа хъункъым. АтIэ адакъэ купраузыр ныкъуэкъуэгъу имыщ Iу ныбжьэгъу ищIмэ, мынэхъыф Iу пIэрэ? Адакъэ хужьым адакъэу къыдэхъуар мин бжыгъэкIэ ябжу щытами, дэ тIур дызэкъуэтынщ, жиIэу зыми

жриIакъым. НтIэ Джэлил Iуэн къыщIидзэмэ, сэри сыдэIуэн?

Абы егупсысу лъэуейм здытесым, етIуанэ Iуэгъуэр къэсри Джэлил Iуащ. Адакъэ хужьми «къукъукъу-сыкъукъу» жиI эу и макъым зригъэлъэщIри джэдэщым щIэсыр игъэгужьейуэ:

– Iуу-Iуу-Iуу-у-у-у! – жиIэу и макъым къызэрихьк Iэ Iуащ, Джэлил IуэнкIэ мыр темыкIуэжауэ узиIэ, жыуигъэIэу.

Джэлили:

– СогъэпцI, узытезгъакIуэм, – жиIэри нэхъ иныжу Iуащ.

Адакъэ хужьыр къызэрыкIат е Iуэныр и гум ирихьат, мычэму Iуэуэ хуежьати, Джэлили идакъым:

– Пл Iэ уIуэмэ, зэф IэкI ащ. щыгъэт. Нэхущ хъумэ, аргуэру дыIуэнщ, – жиIэри.

«ДыIуэнщ», жи. НтIэ зэгъусэу дыздигъэIуэну аращ, жиIэри адакъэ хужьым и гуапэ хъуащ.

Иджы езыри щхьэукъуэжыркъым, псынщI э-псынщIэу нэхущыр къэсащэрэт, жи Iэу поплъэ, джэд I уэгъуэм къыкIэрыхун и гугъэу. Нэхулъэ къыщищI ым, адакъитI ыр зыжьэу зэдэIуащ:

– I уу-Iуу-I уу-у-у-у!

Гуэгушыхъу Мэзан къызэщыуащ:

– Дуэт! – жиIэри. – Фэ т I ур фыдуэтщ!

Гуэгуш анэ къыбгъэдэсыр къеупщI ащ:

– Сыт «дуэтым» къикIыр?

– ТIум уэрэд зэдыжаIэмэ, аращ дуэт хъужыр. Къау-къау-къау!

Бабыщыхъум ар и гум ирихьакъым:

– Уэрэд зэдыжа Iэмэ, зэкъуэшу аракъэ? Мо адакъит Iыр зэтеплъэ хъуркъым, – жиIэри.

– Зэтеплъэ мыхъуами, иджы зэкъуэш хъуауэ къэлъытэ. – Гуэгушыхъу Мэзан адакъэ хужьым и гум къишхыдыкIа хуэдэт.

Нэху щыуэ джэдкъазыр джэдэщым къыщыщ IагъэкIым, Джэлил дэнэк Iэ кIуэми, ар здэкIуэмкIэ адакъэ хужьыр кIуэуэ псоми гу лъатащ. Езы Джэлили нэхъ тэмакъкIыхь хъуам хуэдэу, адакъэ хужьым хуэлъэу щытыжтэкъыми, атIэ мы тIур зэкIужыпэу зэкъуэшитI мыхъуауэ п Iэрэ, жаI эу джэдкъазыр къакIэлъыплът. Хьэ тумэ дыдэми абы гу лъимытэу къэнакъым, и Iэнлъэм джэдкъазыр къыщеувэкIам яхэплъэри, адакъитI ыр зэбгъурыту Iэнлъэм иувауэ Iуэрти.

– Къалэдэсыр къуажэдэсым къытекIуэнукъым. Къау-къаукъау! – жиIэри гуэгушыхъу Мэзан цыджу еджэрэзэк Iащ.

### 5. *Жэщ хьэщIэ*

Джэдкъазыр джэдэщым екIуэжащ, пшапэр зэрызэхэуэу. АдакъитIыр зэбгъурысу лъэуейм тест, къеплъыхмэ, бабыщым къахэплъэу. Iэуэлъауэ гуэр адакъэ хужьым и тхьэкIумэм къи-

цырхъащ, жейр къытеуа къудейуэ.

Адакъэ хужьыр е шынауэ арат, е лIыгъэжьыр хэлъу арат – пщIэнутэкъым, и макъым къызэрихькIэ кIыргъри, джэдри къазри къызэщIиIэтащ. ЗылъэкIыр лъэуейм дэлъеящ, джэдкъуртхэми гузэвэгъуэм гу щылъатэм, загъэбырыбри зэрыгъэкIийуэ, зэщI экъакъэу я шырхэр лъэныкъуэегъэз ящIащ.

Джэлил къеплъыхмэ – хэт ищ Iэрэ, джэдэщым къыщIэпщхьэну Iуфэр къежыхь, мы жэщ хьэщ Iэр Джэлил и анэр зыIэщIэкIуэдар армырауэ уи фIэщ хъун? Зэгуэр джэдэщым бажэ къеуасэри и джабэ хущ Iаудати, зыкъомрэ къэкIуэн дзыхь имыщ Iу зиI эжьащ, иджы плъагъурэ – узэсэ сэгъейщ, жыхуаIэрауэ аргуэру къэкIуащ.

Адакъэ хужьыр кIыргъыурэ и макъыр икIыным нэсауэ Джэлил къыжьэхэуащ:

– ЗэтепIэ уи жьэри, бжесIэм къедаIуэ. Бажэр къызэрыщIыхьэу, сэ селъэтэхынщи, си лъэбжьанэр и фэм хэзукIауэ и щхьэм сеуIунщ. Уэри нелъэтэхи, и тхыцIэр зэгъэгъуэт, и тхым утесу и джабитI ым уащымысхь. КъыбгурыIуа?

– Си сыджым къемыпхъуэну пIэрэ?

– Къомыгъапхъуэ. Уи псэм къеI эмэ, и нэм еIэ.

– И нэр къизуIукIын мыгъуэт…

– Нт Iэ, хъарзынэкъэ, нэф хъумэ, къэкIуэн ибгынэпэнщ.

– Ей, дзэ жан Iутщ, си къуэш, а бажэм – сыщошынэ.

– И кIэр къыпыу IукI. Бажэм кIэ имыIэмэ, зыми щыщкъым.

– Хъунщ, си къуэш. И кIэр сэ къызощтэ… и щхьэр уи Iыхьэщ.

АдакъитIыр зэпсэлъэху, бажэм и пэр бжэ дамэдазэм къыдигъэжри, къеI эм-къеI эурэ и щхьэр къыдиIупащ, итI анэ къыщIыхьэпэри бабыщ анэ ашыкым исым сепхъуэнщ, щыжи Iэм, бабыщыр «уакъ-уакъ» жиIэу щIэлъэтащ. Джэлилу плъагъури къелъэтэхри бажэм и пщэм къытетIысхьауэ уеуIунумэ, къеблагъэ. И пэр бажэм и нэщIащэм хуэзэу щеуI ум, бажэм и щхьэр унэзауэ пэкIэ пкъом жьэхэуэ пэтащ. Абдежым адакъэ хужьым и гур къызэрыгъуэтыжри къелъэтэхщ лъэуейми, бажэкIэр иубыдащ, гуэгушыхъужьри ерыщ екI уэри къыжьэхэлъэщ бажэми, и пэнцIыв дыдэр тричащ.

«СаIэщI эмыкI уадэу сыщIэкIыжамэ, нэгъуэщI сыхуейтэкъым», – жиIэу бажэр бжэмкIэ еIащ, абдежым Джэлил къызэрыкIати, бажэм и тхьэкIумитIыр щысхьырабгъу имыIэу зэхиуI уащ. Бажэр джэдэщым щIэцI эфтри – бгъуэтмэ къащтэ, джэдыц хужь фIэк Iа къыIухуа щымыIэу ежьэжащ. Ари зи цыр, дауи, адакъэ хужьырат, бажэкIэр къыпызоч жиIэурэ бажэр къепхъуа хъунт.

Абдежым ф IэкIа Джэлил джэд Iуэгъуэ фI игъэкIатэкъым. Хъарзынэу дуэту адакъит Iыр зэдэIуэу къаублат, ар зэхэзых джэдхэм я гум щI ыхьэрэ къегъыхыу, жэщ хьэщIэ бзаджэм и

зэранкIэ а зэм мыджэу къэнат. ЕтIуанэ джэгъуэр къэсри – хьэблэ джэдыр къызэщIагъэсту адакъэ дуэтым я макъыр жэщыбгым зэхахащ.

Гуэгушыхъу Мэзан пщэдджыжьым адакъитIым яцытхъуащ:

– ТIуми лIыгъэ зефхьащ. Аракъэ хабзэри! УзэрыIыгъмэ, уи щхьэр хъума мэхъу, – жиIэри.

## *6. Джэд пщIыхьэпIэ*

Адакъэ хужьым и дамэ лъэныкъуэр у Iэгъэ хъуауэ тIэкIу къыгуэлэлырти, бабыщ анэ джэдыкIэм яхутемысым гу лъитауэ уIэгъэр хуипхэн и гугъати, Джэлил идакъым:

– Ухуейкъым. УуIэгъэу унэгуащэм укъилъагъумэ, укъиубыду уиук Iыпэнкlэ мэхъу, – жиIэри.

Адакъэ хужьыр ерагъыу лъэуейм дэлъэтеижри и ныбжьэгъум бгъэдэтIысхьэжащ, и дамэр уз щхьэкIэ къимыгъанэу. Езыми фIыуэ къыгурыIуащ узэрыIыгъмэ, зэрынэхъыфIыр. Плъагъурэ, адакъитI зэакъылэгъум гуэгушыхъу Мэзани гъусэ къащыхуэхъум, бажэр цырыцу яфыщI пэташ. Абдежым а щыр и пщафэр иIыгъыу илъэфынти, си Iуэхут, къигъэзэжмэ.

Абы егупсысурэ адакъитI ри ешати, Iурихри щхьэукъуащ. Уеблэмэ Джэлил пщIыхьэпIэ телъыджэлажьэ илъагъут: бабыщ анэр уэгум ихьарэ пшэ хужь къэукъубиям и курыкупсэм абгъуэ щищIу гъуэлъхьэжауэ. «Мыр дауэ, мыбы абгъуэ щхьэ щыпщIа, щымыхъужми, псы Iуфэм деж щыпщIыртэкъэ», – жиIэу еупщIа хуэдэти, бабыщым идакъым: «Псы Iуфэм ущыгъуалъхьэм, бажэм укъелын уи гугъэ?» – жиIэри. «Сыт щхьэкIэ, дэ дыщыIэкъэ, ущ Iэгузавэр сыт?» – жиIэу Джэлил зигъэлIыхъулIыбжьу щыжиIэм, занщIэу къызэщыуащ. ЗэщIэдэIукIмэ, хьэблэ адакъэр маIуэ.

– Ей, иIэт, зыжьэу дыгъаIуэт, – жиIэу и ныбжьэгъум щедэмэпкъауэм, адакъэ хужьыр къэщэIуащ, и дамэ уIэгъэ хъуар игъэузати, арщхьэкIэ уIэгъэм къигъэгумэщI пэтми, къимыгъанэу:

– Iуу-Iуу-Iуу! – жаIэу адакъитIыр зэдэIуащ, джэдэщым щIэс джэдхэми бабыщхэми я гур хагъахъуэу. Ар нэхущ Iуэгъуэр арати, куэд дэмыкIыу нэхулъи къищIу хуежьащ.

Нэху щырэ джэдкъазыр пщIантIэм къыщыдаутIыпщхьэм, Джэлил гупсысэрт: «Ярэби, ныжэбэ си пщIыхьар зытеслъагъукIар сыту пIэрэ?» – жиIэу. БжэIупэм щыIухьэм, Iуэн и гум къихьати, адакъэ хужьым жреIэ:

– Уи лIыгъэжьыр уи лIыгъэжмэ, иджыри зэ дызэдэгъаIуэт, – жеIэри.

ТIуми я макъым къызэрихьымкIэ зэпашу, дахэу Iуати, цIыхубз макъ унэм къыщIэIукIыу зэхах:

– Хъер ухъу, адакъэжь. Хэту пIэрэ ноби хьэщIэу къэкIуэнур?

АдакъитI зэуэ Iуащ, телъыджэ! Iэмал имыIэу зыгуэр къэк Iуэнущ.

Джэлил ар щызэхихым къэмыгузавэу хъунт:

– Зэхэпха унэгуащэ дызыгъашхэм жиIар? – Джэлил гуэгушыхъум йоупщI.

– Дауэ зэхэзмыхыу. Къау-къау-къау!

Гуэгушыхъу Мэзан псы къиуам ихь шхалъэу зигъэджэрэзащ.

– НтIэ, ныжэбэ слъэгъуа пщ Iыхьэп Iэр зытеслъагъукIар къыбгурыIуа?

– Къау-къау-къау. Дауэ къызгурыI уэн – къызжепI эххакъым, – жиIэри Мэзан джэд пщIыхьэпIэр фIэмыI уэху хуэдэу зищIащ.

– НтIэ, бабыщ анэр бажэм щышынэри пшэм абгъуэ щищIауэ слъэгъуащи, бажэр къызыкIэлъыкIуэнур уэращи, умыбэлэрыгъ, си къуэш.

– Бажэ зэхэуIухьам къигъэзэжуи? – жиIэри адакъэ хужьыр къэгузэващ.

– Дэ дызыIэщIэкIуэдэну бажэр аркъым, къалэдэс хьэщIэращ. «Iэмал имыIэу зыгуэр къэкIуэнущ» жиIакъэ? Сэ куэд лъандэрэ гу лъыстащ: хьэщIэ къахуэкIуэху, джэд бжыгъэр хагъэщI. КъыбгурыIуа? Чэзур адакъит Iым къытлъысын хьэмэ гуэгушыхъум…

– Сыт мыгъуэр тщIэн? Си дамэр уIэгъэ мыхъуатэмэ, зыгуэрт, – жиIэри адакъэ хужьыр къэкIэзызащ, и дамэ уIэгъэ хъуар гуэлэлу.

Бабыщ илъагъуху, Джэлил и пщ Iыхьэп Iэр и гум къэкIыжырти, игъэгупсысэрт, уеблэм, бабыщми еупщIащ:

– Догуэ, сэри уэгум сыдэлъэтейрэ пшэм абгъуэ щысщI щхьэ мыхъурэ? – жиIэри.

Бабыщым дэнэ щищIэнт адакъэм пщIыхьэпIэ илъэгъуауэ:

– Пшэм нэси? Уи гугъи уэ Щэбэт и гугъэр! Гуэгушыр дэнэ къэна, къэргъейр дэлъэтеифынукъым пшэм нэс, – жиIэу бабыщыр адакъэм щIонакIэр. АрщхьэкIэ, Джэлил пхущIегъэгъуэжрэт? Бабыщ анэ ягъэгъуэлъхьам къиджэдыхьу пщIантIэм дэту щилъагъум, и ныбжьэгъу адакъэ хужьым епсэлъащ:

– Ей, си гум къэкI ар пщIэрэ?

– Сыту пIэрэ?

– Мо бабыщ къэзыджэдыхьыр плъагъурэ?

– Дауэ сымылъагъуу? Бжыхьым сытемытми, солъагъу. Ягъэгъуэлъхьа пэтрэ, абгъуэм исын идэркъым. Абы бабыщ бын къыпхуришын?

– Арат сэри жозгъэI энур. Сыту хъарзынэу гу лъыпта.

– Абы хуэдэ Iэджэми гу лъызотэ сэ. – Адакъэ хужьым тIэкIу зыкъыфIэщIыжам шэч хэлътэкъым.

– Мыдэ къэдаIуэ, къалэдэс: бабыщ анэр джэдыкIэм щахуте-

мыск Iэ, джэдыкIэр шкIумпI умыгъэхъуу кIуэи, тетIысхьэ. Бабыщ шыр бын къипшмэ…

Джэлил и псалъэр къалэдэсым къызэпеуд:

– Сэ бабыщ къисшуи?! Уоджэгури уэ уи кIэр исауэ! Уэращ бабыщыкъуэкIэ зэджэри, уэ къиш. Ар сэ къысхуумыгъэфащэу. Сэ сыадакъэщ, си къуэш. Уэ нэхърэ зыцкIэ нэхъ зызгъэIейркъым. Ухуеймэ, адакъагъэкIэ дызэпегъауэ, текIуэм деплъынщ… Си адакъэкIэ къудейм урикъуни…

– Зэ умыпIащIэ, къалэдэс. Сэ жысIэнум уэ уифI фIэкIа, уи Iей хэлъкъым. КъыбгурыIуа?

– Щыгъэт адэ. Сэ бабыщ джэдыкIэм сытетIысхьауэ зэхахмэ, жылэ джэдкъазыр къакIуэурэ ауан сащIыркъэ? Ара узыхуейр?

– Бабыщ шыр къипшыну матэм уитIысхьэмэ, аракъэ хьэлэмэтлажьэр….

– Ара уэри узыхуейр?

– Зэт. Зумыусыгъуэджэт, къалэдэс, Бажэм дезауэурэ, уи дамэр къиуIауэ, мес, лъыр иджыри къожэх. Уи дамэр плъэфу къокIухь.

– ЛIо, сыкъиуIамэ? УIэгъэр хъужынщ…

– Ар хъужыху уагъэпсэун уи гугъэ? Япэ хьэщIэ къызэрыкIуэу уаукIынщи, сыкъэплъэгъуакъым, услъагъужакъым. КъыбгурыIуа, къалэдэс?

Адакъэ хужьыр къэуIэбжьащ, и дамэ гуэлэлым еплъри нэхъ Iеижу уэ къыфIэщIащ:

– Догуэ, уи фIэщу жыпIэрэ?

Джэлил абы фIимыгъэкIыу:

– Iуу-Iуу-Iуу-у-у-у! – жиIэри Iуащ, хьэщIэ къэкIуэнкIэ зэрыхъунур уигъащIэу.

Къалэдэсым и дамэ лъэныкъуэр къыгуэхупащ, си кIуэдыгъуэр къэсауэ пIэрэ,жыхуиIэу.

– ХьэщIэ къэкIуэну ара ущIэIуар?

– Сэ сыIуэмэ, къалэдэс, ауэ сытми сыIуэркъым, – жиIэри Джэлил ныбжьэгъур зыхигъэгъуэзакъым, – куэдрэ зумылъэфыхьу кIуэи, бабыщ джэдыкIэм тегъуалъхьэ. Сэ укъызэдаIуэмэ, ущIегъуэжынкъым. УкъызэмыдаIуэрэ – къызжиIакъым жумыIэж. ТхьэмахуитI утесрэ бабыщ шыр бын къипшмэ, ар яхуэмыгъэщIагъуэу жылэр къызэхуэсынщ. УамыукIыурэ уи дамэри хъужынщи, бабыщ къипшар шхыпхъэ хъуху уагъэпсэунщ. ИтIанэ зэрыхъури плъагъункъэ.

Арати, къалэдэсыр бабыщ джэдыкIэм тетIысхьащ.

### *7. Псы къиуа*

Джэлил зэрыжиIам хуэдэу Iуэхур къыщIэкIакъым, къалэдэс адакъэр кIуэуэ матэм илъ бабыщ джэдыкIэм тегъуэлъхьа щхьэ-

кIэ. Унэгуащэр джэдэщым къыщIыхьэу адакъэр матэм ису щилъагъум, епхъуэри адакъэм и дамэ узыр нэхъри игъэузу къридзащ:

– Бабыщ джэдыкIэр зэхэппIытIэну ара узыхуейр, – жиIэри.

Унэгуащэр зэрыщIэкIыжу, адакъэр аргуэру матэм игъуэлъхьэжащ, къэмэжэлIа пэтми, улъэпхъэщэни псы ефэни щыгъупщэжауэ. ЕтIуанэрей махуэми адакъэ хужьыр джэдыкIэм телъу, абы телъын хуея бабыщ анэр псым кIуауэ тесу гу щылъитэм, имыгъэщIагъуэу къэнэнт, игъэщIэгъуащ, адакъэми и гугъу имыщIу щIэкIыжащ:

– Мыр уи фIэщу утелъ, на-а? АтIэ деплъынщ, адакъэжь. Бабыщ анэми сэ сыхурикъунщ. УмыпIащIэ, – жиIэри.

Джэлил хьэмбылу къиулъэпхъэщар джэдым яримыту къалэдэсым къыхуихьри иригъэшхащи, адакъэ хужьыр хуабжьу къыхуэарэзыщ.

– Сыбгъэтхъэжащ, си къуэш. Тхьэм иджыри нэхъыбэж уигъэгъуэт. Сэри сыулъэпхъащэу сежьэжмэ, къысхуэпщIар пхуэсщIэжынщ, тхьэм жиIэмэ. Куэди къэнэжа си гугъэкъым. Уэ сызэбгъэса хабзэри сщыгъупщэнкъым.

Джэлил и ныбжьэгъум хуэгумащIэу мэкIыргъ.

– Сэ узгъэмэжэлIэнкъым, умыгузавэ. Дызэбгъэдэувэу дуэту дызэрымыIуэм нэхъ гукъеуэ сиIэкъым. Тес уэ джэдыкIэм, укъытемыкIыу.

Куэд дэмыкIыу адакъэ хужьыр бабыщ шыр бын щIэсу пщIантIэм къыдыхьащи, зылъагъум зэригъэщIэгъуэнур ищIэркъым. Джэдми, гуэгушми, бабыщми къабжым щIэ щIэткъым, уеблэм гъунэгъум я гуэгушхэри къакIуэурэ адакъэ хужьыр бабыщ бын къришам зэрыхуэсакъыр зыхуахьынур ямыщIэу ягъэщIагъуэ. Гуэгушыхъу фIыщIэжь, и пэр пылэлу, я гъунэгъум ейуэ къэкIуати, адакъэ хужьыр ауан къиищIащ:

– Уа, си гъунэгъу, «Iуу-Iуу-Iуу-у-у-у» жыпIэрэ хьэмэ «уакъ-уакъ» жыпIэу бабыщыбзэм зепта? – жиIэри.

МыукIытэу абы жиIам еплъ. Ар Джэлил и гум темыхуэу лъагапIэм дэлъейри:

– Гуэгушыхъу Мэзану къэкIухьлъакъуэ, уи лъакъуитIым зыдегъэх. ЩIэнэкIакIуэ укъэкIуамэ, кIэ баринэр пхуэтфыщIынщ! – Iуу-Iуу-Iуу-у-у-у! – жиIэу и дамэр иутхыпщIащ, гуэгушыхъур игъэшынэу.

И ныбжьэгъужьыр къыщхьэщыжу щилъагъум, адакъэ хужьри:

– Iуу-Iуу-Iуу-у-у-у, – жиIэри Iуащ, адакъитIри дызэакъылэгъущ жыхуиIэу.

Гъунэгъум я гуэгушыхъум гу лъитащ, а тIур зэгъусэу къезауэмэ, зыгуэр яхузэфIэкIынкIэ зэрыхъунуми, зимыгъэгувэу кIэбгъу зищIри пщIантIэм дэкIыжащ.

Гъунэгъум я гуэгушыхъур дахужа щхьэкIэ, нэхъ гузэвэгъуэ щыхъуар иужькIэщ. Хьэблэм джэдкъаз зыгъэхъуу фызу дэсыр къакIуэурэ адакъэ хужьыр зэрагъэщIэгъуэнур ямыщIэу йоплъ, дэнэкIэ кIуэми и ужь иту кIэлъокIуэ. Адакъэ хужьри и шырым тегузэвыхьурэ хадапхэмкIэ кIуэрт, бабыщ шырым псы ялъагъу-мэ, езым и закъуэу псы Iуфэм къызэрыIунэнур имыщIэу.

ЯмыщIэххэу, инкубатор адакъэм бабыщ шыр къришащ, жаIэу щызэхахым, къалэм къикIри сурэттех къэсащ, щIэныгъэлIхэр я гъусэу. Бабыщ шырым зезыта адакъэ хужьым сурэт трах, адэкIэ-мыдэкIэ къыпажыхь, адакъэр къаубыду и щIыбым бабыщ шыр трагъэтIысхьэну хуожьэ. Бабыщ шырхэр зэхэзехуэн ящI.

Джэдкъазыр зей цIыхубзым адакъэ хужьыр IэкIэ иIыгъыу, бабыщ шыр быныр и куэщIым исуу сурэт трах. «Адакъэм цIэ имыIэу пIэрэ?» – жаIэу щIоупщIэ, имыIэмэ, зыгуэр фIащмэ, нэхъ къащтэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ адакъэр цIэрыIуэ хъуащ.

А псор къэзыгупсыса Джэлил дунейм тетми темытми зыми къыфIэIуэхукъым. Мыр зи акъылым къихьар сэращ, жиIэу къэувынут, арщхьэкIэ ар дауэ ягурыбгъэIуэну? Джэлил и цIэ къудей ираIуэжыркъым.

Адакъэ хужьым «къалэдэс» фIащати, иджы сызэрыкъалэдэс дыдэр нэрылъагъукъэ, жиIэу зигъэщIагъуэ щхьэкIэ, джэд къыбгъэдыхьэртэкъым. Езыр джэдым яхыхьэмэ, джэдхэм Iуагъэзы-кIырти, Джэлил зыдэулъэпхъащэм деж кIуэрт, ар къалэдэсым и гум темыхуэми.

Бабыщ шыр къришахэр нэхъ ин хъуати, езыр-езыру я щхьэ ягъэпсэужырт, зэм удзым хэсхэу, зэми псымкIэ кIуэрэ псым тесу, нэхъыбэу Iэнлъэм псы итмэ, абы хэст. Къалэдэсыр ялъагъумэ, къаувыхьырти, «уакъ-уакъ» жаIэу зэхэтт, адакъэ хужьыр зэпаплъыхьу.

Жэщым ищхьэмкIэ уэшхышхуэ къешха хъунти, хадапхэмкIэ иж псыр къиуат, къуэм дэмыхуэжу къыдэури кIэнауэ, кумб сытхэм псыр из хъуат.

Джэд къомым сыкъызэрапэсыркъым, си быным сахэтыжмэ, нэхъыфIщ, жиIэу къалэдэсыр бабыщ шырым яхэту здэкIуэм, къанжэ жыгым къытетIысхьауэ илъагъури адакъэр къызэры-кIащ: «Мыбы имыщIэу пIэрэ сэ къалэдэсым сызэрыщыщыр?» – жиIэри. Дэлъейщ жыгми, къанжэр игъэшынащ, бабыщ шыр цIыкIухэм ягъэщIагъуэу.

– Уакъ-уакъ-уакъ. Ди дадэ псори егъэшынэф, – жаIэу адакъэ хужьым псори къыкъуэгушхукIт.

– Фымыгузавэ, дадэ къытщхьэщытыху. Уакъ-уакъ!

Бабыщ шыр быным псымкIэ ягъэзащ.

Псым есу теса бабыщ быныр я шхэгъуэ къэсрэ псым къыхэкIыжмэ, къизыша адакъэр гузавэу псы Iуфэм Iутщ, къижыхьнижыхьу. Джэлили зыкъыбгъэдегъахуэри къыщIонакIэ:

– ЛIо, къалэдэс, псыр кууущэу ара, хьэмэ есыкIэ умыщIэу ара? И быныр и адэм хуэмыдэжмэ, е я адэр и быным хуэмыдэжмэ, абы хуэдэри къэхъункIэ мэхъу, – жеIэри.

– Си быныр сэ схуэмыдэжмэ, хэт зи зэраныр? Уэрмырауэ пIэрэ? – Къалэдэсыр къэбырсеящи, и ныбжьэгъужьым къегиину хьэзырт, арщхьэкIэ бабыщ шыр къомыр къежащ, хэт адакъэ дамэм щIэпщхьэу, хэти и щхьэр адакъэцым хи Iуу.

Махуэ псом къалэдэсыр сышхэни сыти жимыIэу псы Iуфэм Iутащ, и быным яхэплъэу. ПщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуагъэнт, Джэлил къыхуихьауэ щыта хьэмбылур и гум къэкIыжауэ, тIэкIу сыулъэпхъэщэнщи, къэзгъуэтыр си Iыхьэщ, жиIэу куэншыб идзыпIэмк Iэ щигъазэм, къалэдэсыр куэдыщэ дыдэри улъэпхъэщатэкъым, куэншыбым зыгуэр къыхэлыдыкIыу щилъэгъуам. «Мыр зищIысыр сыт?» – жиI эурэ мызэ-мытIэу еуIури къиулъэпхъэщар нэхъ хужь хъу фIэкIа узэхигъэзагъэртэкъыми, псоми зэхахын хуэдэу Iуащ, и макъым къызэрихькIэ.

Джэдкъазым ящыщу япэ къэсар Джэлилт.

– Сыт имычэзууэ ущIэIуэр, къалэдэс?

– Мыр плъагъурэ? Хужьыбзэщ. ЗищIысыр къысхуэщIэркъым.

Джэлил дунейм нэхъ хищIыкIырти, зэ еуIугъуэм къищIащ:

– Мыр, си къуэш, узыхуэмей гуэрщ. ЩIэхъумэж.

И ныбжьэгъужьыр къефыгъуэ и гугъэри, къалэдэсым идакъым:

– Мыр зи дахагъри? Куэншыбым къыхолыдыкI. ЩIэсхъумэжынукъым. Ар, джэдкъазыр дэнэ къэна, къашыргъэ сытым къыбдалъагъун къудейр куэд и уаси.

Джэлил абы егупсысатэкъым.

– Пэжу, бажэри нэхъ къыпщышынэнкIи мэхъу. Къу-къу-къусы-къукъу. НтIэ зыкIэрыщIэ – сэ хъарзынэ къэбулъэпхъэщащ. Джэдым зэрыфIагъэжыну сэр къеулъэпхъэщ, жаIэу зэхэпха?

– Сыт джэдыр щIыфIэдгъэжыр? Бажэр къакIуэмэ, «сархъ» жиIэу и пэр къыпызгъэхунщ.

АбыкIэ Джэлил арэзыти, къалэдэсым къиулъэпхъэща сэр зык IэрищIэри зигъэбэлыхьу джэдкъазым яхыхьэжащ. АрщхьэкIэ къалэдэсым кIэрыщIа сэр зылъагъум:

– А-ды-дыд, мы къепхьэкI ыр сыт! – жаIэри зыIурагъэх.

Гуэгушыхъур цыджу гуэгуш хъушэм яхэту щилъагъум, къалэдэсыр ябгъэдыхьэри, зигъэщIагъуэу хуежьат:

– Мыр пкIэрыщIауэ бажэ ирехъу, къашыргъэ ирехъу… – Мэзан къедэIуэххакъым, адакъэм жи Iэнур жримыгъэIэу:

– Къау-къау-къау! Зызумыгъэлъагъу сэ пкIэрыщIауэ! – жиIэри жыгым дэлъэтеящ, гуэгуш анэ къомри и гъусэу.

– А-а, фэ къывгурыIуэ щыIэкъым, – жиIэри адакъэр бабыщым щабгъэдыхьэм, бабыщхэри къэгузэващ:

– А-ды-дыд. ДызэрыфIагъэжыну сэр къихьащ. Уакъ-уакъ-уакъ, псымкIэ зевгъэхь, – жаIэри къебэ-небэу лъэбышэ къомыр псы Iэрышэмкlэ еIащ.

– Фэри къывгурыIуэ щыIэкъым, гуэгушым фрещхьщ, – жиIэу къалэдэсыр утыку къина, зэгупсысыжащ: «Мо къомыр къызэрысщышынэ, я псэр си дамэ щIагъым щIэлъ хуэди. Абы хуэдизу къыщысфIэлIыкIкIэ, сэрмырауэ пIэрэ псом нэхърэ нэхъыщхьэр? «КъалэдэскIэ» къыщIызэджэри пашэныгъэр сэ къысхуагъэфащэу арагъэнщ». Къалэдэсыр псы шэдым хэплъэри сэ хъарзынэ к1эрыщIауэ щилъагъум, нэхъри къызыфIэщIыжащ, и макъым зригъэлъэщIри зэпишу Iуащ: «Iуу-Iуу-Iуу-у-у-у!» Абы къригъэкIар «Джэлил и пщампIэр фIыгъыу къысхуэфлъэфыт» жиIэу ара щхьэкIэ, ар зыми къыгурыIуакъым, езы Джэлил фIэкIа.

Джэлил къыбгъэдэмыхьащэу:

– ЛIо, къалэдэс, псымкIэ щхьэ умыкIуэрэ? Уэ къипша бабыщ быныр абыкIэщ здэкIуари, кIуэи, уи нэIэ ятегъэт. Нобэ псыр къиуащи, яхуэсакъ. Къэргъей, сыт жыпIэнущи, хъарзынэу сэ пкIэрыщIащ. ЗыкъегъэлъагъуI, нэгъуэщI пхузэфIэмыкIми, – жеIэ, гушыIэрэ и фIэщу жиIэрэ къыпхуэмыщIэу.

– Къэргъей жыпIа? КърекIуэ. Сызыхуей дыдэр аракъэ. Къиспхъуэтынщ си сэри, зэ уэгъуэм и щхьэр пызмыгъэлъэтмэ, «къалэдэс» жаIэу пашэу пщIантIэм дэтыну зыхуагъэфэщар сэракъым, – щыжиIэм, адакъэ хужьыр зэрыщыкIар нэрылъагъут, арщхьэкIэ Джэлил абы гу лъимытэ хуэдэу зищIащ:

– Хъарзынэщ, къуэш. Къипша бабыщ быныр хъумэжыф нэхъапэ щIыкIэ. Хэт ищIэрэ – бгъэ къеуэнкIэ мэхъу.

Къалэдэсыр псымкIэ кIуэмэ – псыIэрышэр къиуащи, нэри пэри ехь, тхъурымбэр джэдкъурт хуэдизу телъу. Псы къыдэуэхар кIэнауэм изу итщи, бабыщ шыр цIыкIухэр абы тесщ, псы утхъуам хэпэщэщыхьу. Къалэдэсри абы япэмыжыжьэу зигъэадакъэхъу-адакъэбжьу, «сэр къисхрэ гуэгушхэу «дытхьэджэдщ» жаIэу джэди бабыщи зэзымыпэс къомыр щхьэ зэбгрызмыхурэ» жиIэу зиплъыхьурэ и бабыщ быныр псымкIэ зэрыхьу зэрыкIуам гу лъитэххакъым. Езы цIыкIухэр есэжат, я дадэр къащхьэщымытми, здыхуеймкIэ кIуэри, псы къиуам хэлъэдащ.

Къалэдэсыр плъэмэ – и шыр цIыкIухэр псы толъкъуным щымышынэу дэуей-къеухыу йохыр. «Соунэхъури сосэхыж иджы», – жиIэри къалэдэсыр апхуэдизкIэ къэгужьеят, и быныр псым хэкIуэдэн и гугъэуи, сэр зэрыкIэрыщIауэ щIэпхъуэри псым хэлъащ. Тхъурымбэу псым телъым теувэн и гугъа щхьэкIэ – дэнэ, пхырыхуауэ и дамитIыр псым теубгъуауэ ехьыр. Сэр скIэрымыщIа мыгъуэу щытами зыгуэрти, жиIэу щIотIысыкI, уеблэмэ «Къу-къукъу» къудей хужыIэжыркъым, псыр къыжьэдоуэри.

Куэд дэкIа, мащIэ дэкIа, гъунэгъу фызым адакъэ хужьышхуэ

псым ихьыр щилъагъум, къимыцIыхужу къэнэнт – къицIыху-жащ, сурэт трахауэ щытар илъэгъуати. Фызыр псым хэлъадэри архъуанэм иджэрэзыхьу псым хэлъ адакъэр къыхилъэфыжри зейм деж къихьыжащ:

– Уи адакъэжьыр Iисраф хъу пэтащ, – жиIэри.

– Псэу? – жиIэри адакъэр зейри мыгузавэу хъурэт.

– Псым игъэундэрэщхъуащ жумыIэмэ, зи.

– ПсэхэлIэ мыхъуамэ, ундэрэщхъуар Iуэху? Арыншэми адакъэ хъунутэкъым. Джэдым зыбгъэдагъыхьэркъым. Джэлил хуэдэ гуэр къэщэхун хуейщ…

– Ан-на, урипагэу сурэт зытревгъэхати, мыр уи IэплIэм илъу…

А махуэм щыщIэдзауэ къалэдэсыр зыми илъагъужакъым.

*8. Тхьэджэд*

Джэлил и гугъэт адакъэ хужьыр жылэм ирагъэлъагъуну къалэм яшауэ. Ар цIэрыIуэ щIэхъуар къэзыгупсысар сэрмырауэ пIэрэ, сэ сурэт щхьэ страмыхарэ, жиIэу и щхьэм мыгъуагъэ хуихьыжырт. Гуэгушыхъу Мэзани еплъ: къыф IэIуэху дунейм темыту, цыджу хъушэм яхэтщ. Хэт иджы сэ къызэдэIуэнур?

Зэгуэпырти, Джэлил Мэзан еупщIащ:

– Догуэ, гуэгуш хабзэ хьэмэ умыIуэфу ара? Щхьэ умыIуэрэ? УIуэфу щытатэмэ, дуэту дыIуэнт, къалэдэсым дэрэ дыIуэу зэрыщытам хуэдэу, – жиIэри.

– Дэ дытхьэджэдщ, тIысэ. ДыIуэркъым, – жиIэри гуэгушым пичащ.

– Дытхьэджэдщ, жыпIа?

– Къау-къау-къау! – «Тэмэму къыбгуры Iуащ» жиIэу арат гуэгушыхъум и «къау-къаум» къикIыр.

Джэлил хэплъащ: мыр дауэ? Мэзан тхьэджэду, адакъэ хужь дунейм ехыжар цIэрыIуэ хъуауэ? Сэ си лажьэр сыт? Сэ сурэт щхьэ страмыхрэ? Адакъэр дэплъеймэ – жыгышхуэхэр пщIантIэм дэтщ. Догуэ, а жыгым дэлъейрэ, жыг щхьэкIэм нэса нэужь, аргуэру дэлъэтеймэ, пшэм нэмысыну пIэрэ? А-ы-ы? Пшэм бабыщым абгъуэ щищIауэ хэтыт зэгуэр пщIыхьэпIэу зылъагъугъар? Иджы езы Джэлил пшэм абгъуэ щищI щхьэ мыхъурэ? Си Iуэхут, итIанэ сурэттехыу къалэм дэсыр къызэхуэмыстэмэ.

Асыхьэту унэгуащэр къыщIэкIри, джэдкъазым щыкъун къахуидзати, джэди, бабыщи, гуэгуши зэрызехьэу кIуащ, Джэлил фIэкIа къэмынэу. Адакъэр шхэным и пIэкIэ жыгым доплъей, дэтхэнэм сыдэлъэтеин, жиIэу. Нэхъ лъагэ дыдэр нэхъыфI, хьэмэ, нэхъапэ щIыкIэ нэхъ цIыкIум сыдэлъэтейрэ нэхъ лъагэм зестыжмэ, нэхъыфI?

Куэдрэ зримылъэфыхьу Джэлил дэлъейщ-дэпкIейри щиху

жыгым дэлъэтеящ, къу-къукъу-сыкъукъу, жиIэу. Джэдкъазми шхэн яухати, адакъэм ищIэм кIэлъоплъ: «Уаа-а, Джэлил уафэм долъэтей», – жаIэу.

Адакъэм ехъуапсэ Iэджи щыIэщ:

– А зи насып, тхьэм и пщIантIэм щыулъэпхъэщэнущ Джэлил. ФIыгъуэу щыIэр къыулъэпхъэщынущ.

Джэлил зэ дэлъеигъуэкIэ лъагащэу дэлъэтеякъым. Зы жыг къудамэм нэсри тIэкIу зигъэпсэхуащ. Аргуэру дэлъэтейри фIыуэ зиIэтащ. Къеплъыхмэ – джэдкъазыр ныбгъуэ хуэдиз фIэкIа мыхъуу къыфIэщIати, лъагащэу дэлъэтеяуэ къилъытащ. АрщхьэкIэ дэплъейри зы абгъуэшхуэ жыг щхьэкIэ дыдэм фIэлъу щилъагъум, и гум къэкIащ: сэ уафэм щысщIэн щыIэу къыщIэкIынкъым, мо абгъуэм бгъэ джэдыкIэ илъмэ, сытегъуэлъхьэнщи, бгъэ шыр къисшынщ, си Iуэхущ итIанэ адакъэ хужь яфыщIу яшхыжам нэхърэ нэхъ цIэрыIуэ сымыхъумэ, жиIэу.

Джэдхэри доплъей, адакъэр ялъагъужыркъыми, пшэ адрыщIым нэса я гугъэу джэд анэр мэгузавэ:

– А Джэлил, а ди хьэлэлыжь, хэт мыгъуэм сыкъыхуэбгъэна?

– Адакъэ къытщхьэщымытыжмэ, зеиншэм дыхуэди…

– Узыншэу тхьэм къытхуихьыж!

Гуэгушыхъу Мэзан джэдым ягу дахэ ещIыр:

– Фымыгузавэ. Мазэ ныкъуэр лъэуей ищIауэ къеIухыу тесынщ, – жеIэри.

– Уэ пхуэдэу тхьэджэд хъуауи?

– Цыч-ч-ч! Тхьэджэдыр мазэм дэлъейуэ флъэгъуа? Жыг къудамэм дытесми, нэхъ лъагэу дыдэлъэтейди хабзэкъым.

Джэлил зэхъуэпса абгъуэр пщIащэ Iувым хэщIыхьауэ жыг къудамищыр щызэхэкIым деж дэтт, пыIэ фIыщIэшхуэм хуэдэу. Жыгыр жьыбгъэм щIиупскIэмэ, абгъуэри щIиупскIэрт. Адакъэм фIыуэ зигъэпсэхуа нэужь, дэлъейуэ абгъуэ нэзым тетIысхьэн и гугъати, жыг къудамэр зэран къыхуэхъури и дамэр иукъуэдиифакъым. Щымыхъум, тIэкIу-тIэкIуурэ дэкIуэтейуэрэ зэ дэлъеигъуэкIэ дэлъейри абгъуэм щыдэлъейм къехуэхыж пэтащ.

Абгъуэшхуэм зриудыгъуауэ къуалэбзуушхуэ гуэр исщ. Джэлил еплъмэ – шэч хэлъкъым, а бзур зэгуэр бабыщым къещэу яфыщIа къэргъейр зэрыарам. Джэлил занщIэу и гум къэкIащ: «Сызыхуейр дыдэм сыхуэзащ, мыр джэдыкIэм тегъуэлъхьауэ телъмэ, къытездзынщи, сэ сытегъуэлъхьэнщ», – жиIэри.

Бгъэ джэдыкIэу пIэрэ зытесыр? Хьэмэ езым и джэдыкIэ? Абгъуэм ис бзур адакъэм къоплъ, мыр дэнэ къикIа жыхуиIэу, зэрыс абгъуэм къикIыххэнуи и гугъэкъым. Джэлил йоупщI:

– Уэра мы абгъуэр зейр?

– НтIэ уи адэм пхуригъэщIа уи гугъэ? СыщискIэ сэращ, – жиIэри къэргъейм зыкъигъэбырыбащ, адакъэр къыицIыхужати.

Абы фIэкI хэмылъу адакъэмрэ къэргъеймрэ зызэраупсейри

уфыщIэнумэ, плъэкI къомыгъанэ. ТIуми я цыр щихум къолъэлъэх. Жыгым къелъэлъэх цыр щалъагъум, пщIантIэм дэт джэдкъазыр зэхэлъэдэжауэ зодауэ, зоныкъуэкъу:

– Мыдэ мыр! Джэдыц! Уафэм къолъэлъэх!

– ЛIо, джэдыц уи щыпэлъагъу?

– Мыр Джэлил и мыцу узиIэ!

– Сыт жыпIэр? Джэлил тхьэм и пщIантIэм дэтщ, жэнэт джэдхэм яхэту.

– Уа, хъуну пIэрэ а жыпIэр?

Къауцу къелъэлъэхыр къащыпмэ – къэргъейм и цы дапщэ ухуей! Ар къызыпэщI эхуэри мэдауэ:

– Джэлил купраузщ. Мы цыр абы ейуэ щытынкIэ Iэмал иIэкъым. Адакъэм темылъ пцIы тевмылъхьэ. Къигъэзэжмэ, цы къыфтринэнкъым.

Бабыщу къэргъейр зэщам цыр щилъагъум цыр зейр къимыцIыхужу къэнэнт:

– Уакъ-уакъ! Къэргъеицщ.

АрщхьэкIэ адакъэ купраузым и цы къелъэлъэхырти, гуэгушыхъужьым зы къабзий къиубыдри къаригъэлъэгъуащ:

– Мыри къэргъеиц? Къэргъей купрауз дэнэ фэ щыфлъэгъуар? – жиIэри. Къабзий купраузыфэ дахэр джэдым я пащхьэ Мэзан кърилъхьащ.

Джэдкъаз зэхуэсам дэнэ щащIэнт жыгыщхьэм къыщыхъур. Джэлилрэ къэргъеймрэ зэрыгъэмэхауэ зэрыфыщI ырт, я пщэр зэрыубыдауэ. ТIуми лъыкъуалэр къежэхырт, итIани зэзэуэн щагъэтыртэкъым. Джэлил къэргъейр зэрыс абгъуэм къридзыну щыхуежьэм, модрейри къеIэри адакъэм и сыдж плъыжьышхуэр зыIэщIигъэхьэри абгъуэм къыщилъэтым,адакъэм и щхьэр унэзауэ, и нэм зыри имылъагъужу, зы къудамэм къытехумэ, адрей къудамэм къытехуэурэ къехуэхри джэдкъаз къомым я пащхьэм къихуащ.

Гуэгушыхъу Мэзан гушыIа хьэмэ и фIэщу жиIа:

– Тхьэджэд! – жиI эри цыджу утыкум къилъэдащ.

А махуэм щыщIэдзауэ Джэлил тхьэджэдкIэ еджэ хъуащ.

## КХЪУХЬ ПХЭНЖ

И щхьэ къудейр къехьэлъэкIрэ хуземыхьэж хуэдэ, къыдырыр епэзэзэхыу Iуащхьэ бэлацэжь цIыкIум тетт, здэкIуэнри здэжэнри имыщIэу. Нышэдибэ шыбз гуартэ хъупIэмкIэ яхуу яхыхьати, хакIуэ пцIэгъуэплъыжьыр къыжьэхэлъадэщ, къеуэри къыдырым и куэпкъыр зэпиуд пэтащ: «Уэ уи адэр шыдщ, шым щхьэ укъытхыхьа», – жиIэри. «СещIэкъуауэу си закъуэ хъупIэм сыдэкIри шыд зыт Iущ зэхэту сащыбгъэдыхьэм, абыи сыкъадакъым: «Уэ уи анэр шыщ, шыбз гуартэм ядэхъуакIуэ», –

жаIэри. Дэнэ иджы сыздэкIуэнур? Си закъуэу сыкъанэмэ, зи щхьэ щымыIэм и шыд хьэм ешх, жыхуаIэм хуэдэ сыхъуркъэ?» – жиIэу къыдырыр апхуэдизкIэ зэгуэпати, дунейр и нэм къихьы-жыртэкъым, игури зэгуэудырт, зэгуэпыщауэ.

Абдеж цыжьбанэ гуэр зыщIыпIэкIэ къыкъуэхури къеупщIащ:

– Мыр сыту уепэзэзэхрэ. КъэхъуаIа?

– Къэхъуар пщIэркъэ: шым ушыдщ жаIэ, шыдым ушщ жаIэри сыкъадэркъым. Сыт си лажьэр? Зыми сыщымыщу ара?

Цыжьбанэм и гур къыщIэгъуащ:

– Ей, аращ, дунейр зэхэзэрыхьащ псори. ГъащIэм IэфI щIэлъыжккъым, си къуэш.

– «Си къуэш» жумыIэт! Уэри узилъэпкъэгъуу жаIэнщи, бжэн къудейм сыкъадэнкъым.

– Псалъэм къыдэкIуэу жысIащ. Уэ пхуэдэ къуэш сыхулIэ, – жиIэри цыжьбанэм зигъэкIуэдыжащ, гъумэтIымэу. Зигъэгуса къыщIэкIынт.

Къыдырыр нэхъри къэгубжьыпащ цыжьбанэу мобы фIэкIа сурэт зимыIэм «уэ пхуэдэ къуэш сыхулIэ» жиIэу къызэрещам щхьэкIэ. Къыдырым и кIэр исауэ щIэпхъуэнурэ и занщIэр и гъуэгуу жэнут, Iуащхьэм здытетым плъэрэ къру къом къуэшхуэм къыдэтIысхьэу имылъэгъуатэмэ.

Ярэби, мо кърухэми сыкъамыдэну пIэрэ, жиIэри къыдырым кърy бынунэшхуэр щетIысэха удзыпщIэшхуэмкIэ игъэзащ. Абы нэхъей дунейр мыщIыIэбжьи. Жьапщэри абы къыхыхьэжауэ щIыIэщ, къыдырыр къэгубжьыщауэ зыхищIэркъым армыхъумэ. Мо кърy къомми сыту я насып, гупышхуэ зэрыгъэхъуауэ, зым зыр дэIэпыкъуу къыздикIа лъэныкъуэмкIэ ягъэзэж, ящIэу къыщIэкIынущ, тIэкIу дэкIмэ, мыбыкIэ уае къызэрыхъунур. Нобэ удзыпщIэу плъагъур щIихъумэу уэсышхуэ къытесэнщ. Мо псы къабзэ къежэхри гъунщ, е мыл трищIэнщи, фIалъэкIэ еуэ псы Iумылым уефэн къудей щхьэкIэ.

Къыдырым ещIэ кърy къомыр здэкIуэр, итIани кърy пашэм зыхуегъазэри йоупщI:

– ДэнэкIэ вгъэза иджы, тхьэм жиIэмэ?

Кърy къомыр мэуIуэри удзым хэтщ, къыдырыр зыкIи къафIэмыIуэхуу. Кърy пашэм и щхьэр къеIэт:

– КъэблэмкIэ, зи уз кIуэдын. ХуабапIэ лъэныкъуэмкIэ дунэтIащ, ди мурад къыдэхъулIэмэ. Плъагъуркъэ, дунейр жьапщэщ. Мыгъэрей щIымахуэр пасэу къихьэну а фэр тетщи, допIащIэ, псынщIэ-псынщIэу дынэсащэрэт дыздэкIуэ щIыналъэм.

Кърум зи гугъу ищI щIыналъэрат къыдырыр зыщIэхъуэпсыр. Тхъэжыгъуэтэкъэ ар: ухъуакIуэурэ зыбгъэнщIа нэужь, уетIысэхрэ ужьэгъуашхэу дыгъэм зебгъэууэ ущылъыныр? АбыкIэ шы е шыд щыIэмэ, нэхъ уахэзэгъэну къыщIэкIынщ,

тыншыпIэм ису есащи. МыбыкIэ дарийм хуэлъэрэ я хулъэр нэщIу мэпсэури, я гур дзапэкIэ яIыгъщ, уабгъэдыхьэмэ, зыгуэр къатебудын я гугъэщи, я нэм бжэгъуу укъыщIоуэ.

– ФыздэкIуэ щIыналъэм уэс къыщесыркъэ? – жиIэри къыдырыр аргуэру щIэупщIащ.

– Зэзэмызэ къос. Къесар занщIэу токIыжри, аргуэру махуэ дыгъэпсщ.

– ЩIыр зэщIэмыщтэу?

– Дауэ зэщIэщтэу! Уэсыр мэткIужри псынэ мажэ – ефэ, урикъуху.

Къыдырыр аргуэру хэплъащ, фIалъэкIэ щIыр къриуду.

– Къысхуэгъэгъу: иджыри сыноупщIынут, емыкIу сыкъомыщI.

– Iэу, щIэупщIэм емыкIу хэлъ. Нэхъ Iущ щыжаIам, щIэупщIэр нэхъ Iущщ жаIащ.

– Ярэби, а фэ фыздэкIуэ щIыналъэм си псэр дихьэхащи, сэри дауэ сынэкIуа хъуну жысIэу арат сызыщIэупщIэнур.

Къэрухэр зэщIэдыхьэшхащ.

– Ар уи фIэщу жыпIэрэ?

– Си анэ шыбзми, си адэ шыдми я псэ, си фIэщ дыдэу жызмыIэмэ! ЛIо, си лъакъуэ къэткъым е сыткъым, пэжщ, хакIуэ бзаджэ гуэр къызэуати, си куэпкъыр игъэузащ. ИтIани сыт хуэдэ гъуэгуани зэпысчыфынущ. Уеблэмэ хьэлъи къыстелъхьэ…

– А зи уз кIуэдын, си анэ шыбзми, си адэ шыдми жыхуэпIэр сыт? Апхуэдэ телъыджи щыIэ?

– ЩымыIэмэ, жысIэнт? Ара мыгъуэкъэ сызезыхуэр. Си щхьэр щIызагъэхьаи, шыми шыдми Iумпэм сыкъащIауэ. Си анэм шыдыр нэхъ къыхихамэ, сэ си лажьэр сыт? Сэ къызэупщIауэ щытыгъатэмэ, къру къыхэх жысIэнкIэ хъунт, апхуэдизу сывохъуапсэри. Си тхьэкIумэшхуитIым нэхърэ иджы дамэшхуитI стетатэмэ, си насыптэкъэ? Фи ужьым ситу сынэкIуэнт.

Абдеж хьэIуцыдз макъи фочауэ макъи ипщэкIэ къыщыIуу жьыбгъэм къихьати, ар кърум я тхьэкIумэм къызэрицырхъэу я пашэр дэлъейщ-дэпкIейри:

– Къру-къру! ПсынщIэу фынэлъатэ! – жиIэри джащ и макъым къызэрихькIэ.

Къыдырыр пэху хъужауэ удзыпщIэм къыхэнауэ кърукъомыр гублащхьэдэсэ защIауэ зэрылъатэм еплъащ, игурэ и щхьэрэ зэбгъэжу. Къру къомыр пшэм хэкIуэдэжа нэужь, и фIалъэ лъакъуитIымкIэ лъэгуажьэмыщхьэу уври тхьэм елъэIуащ:

– Ялыхь, зыгуэр къысхуэпщIэххэнумэ, дамитI къызэт. Си тхьэкIумэшхуитIу шыдыфэ къыстезыгъауэр дамэшхуитI схуэщI. Си Iуэхущ итIанэ сызэзымыпэс псэущхьэу – шы ирехъу, шыди ирехъу – мо напэншэ къому бэлыхьлажьэр зытелъыр зыхуэзапхъэ хуэзмыгъазэтэмэ.

АрщхьэкIэ Алыхьым къуимытар бегъымбарым къуитын?

Лъэгуажьэмыщхьэу щыта къыдырыр къызэфIэувэжащ, гукъэкI телъыджащэ и щхьэм къихьауэ. Тобэ ярэби, мы си акъыл здынэсар къызэхъулIэну пIэрэ, жиIэу къыдырыр уафэм дэ-плъеящ, фIыщIэ зыхуищIынур илъагъун и гугъэу. Шыуи щIы, шыдуи щIы – хэт и акъыл нэса къыдырым и акъыл здынэсам. ПIалъэ имыIэу Iуэхум и ужь ихьэн хуейщ, щIымахуэр къимыхьэ щIыкIэ.

Сыт, жыIэт, къыдырым и щхьэ къихьар? Кхъухь ищIу и нэфI зыщыхуа псэущхьэ илъэпкъыр кърур здэкIуэ жэнэтым ишэнщ. Щрепсэу ахэр щIыналъэ хуабэм, уэс къатемысэу, уэшхи къатемышхэу, я шхын пэрыхьэту сытым дежи ягъуэту. Шыуэ е шыду къызэзымыпэсыр къехъуапсэу кърензэ, ящыщ кхъухьым иригъэтIысхьэнукъыми, пихыжащ. Я кIэтIийр зэпитхъыху хьэлъэ кърaлъэфэкIри, зэрыщытым къытрензэ.

Пщэдей фIэкIа пIалъэ имыIэу псэущхьэу мы Iэшэлъашэм щыIэр зэхуэшэсын хуейщ, хъыбар егъэщIауэ. Тхьэ ямыIуамэ, а къомым зыгуэр къахэкIынкъэ кхъухь щIыкIэ зыщIэ. Къезджэурэ сыпкърыупщIыхьынщ «кхъухь щIыкIэ пщIэрэ?» жысIэурэ. Си мурадри яжесIэнщ.

Псом нэхърэ нэхъапэу узыхуеинур кхъухьыпщырауэ къыщIэкIынщи, кхъухьыпщ диIэу къэлъытэ. Сэ нэхърэ нэхъ кхъухьыпщыфI зэрамыгъуэтынур вы джэмыдэжьми ещIэ. НтIэ? СыщIэупщIэурэ кхъухь зыщIыф нэхъ IэпщIэлъапщIэ къэзгъуэтынщ, псэущхьэ си нэ зыщыхуауэ мэзым щIэтыр абы дэIэпыкъуэгъу хуэсщIынщи – ди кхъухьыр хьэзырщ.

Абы фIэкI хэмылъу къыдырыр тенджыз Iуфэм кIуащ, кхъухь щIыпIэ къигъуэтыну. Ари куэдрэт! Мэз защIэкIэрэ тенджызым нэсри кхъухь тедзапIэ къыхихам пэмыжыжьэу увыIэпIэ къигъуэтри Iуэхум и ужь ихьащ, жьыбгъэ къепщэм щимыгъэтыж щIыкIэ Iуэхум кIэ етын хуейщ, жиIэри. Хъарзынэу кIэпхъыжь цIыкIу бжей жыгышхуэм дэжей-къежэхыурэ пщIий зэхуихьэсу къыщыхуэзэм, жриIащ:

– КIэпхъыжь цIыкIу, уи пщIийр зыщIыпIи кIуэнкъым. Бжейм пызу пытщи, жьы къопщэри къыпегъэлъэлъ. Узыхуейм хуэдиз къэщып. Уи Iуэхур зэпыгъэуи, зыгуэркIэ солъэIунущи, сумыгъэщIэхъу.

– Сыту пIэрэ? Уэ жыпIауэ сымыгъэзэщIэн щыIэ! – кIэпхъыр бжей жыгышхуэм къемыхыу къудамэм тесу къеупщIащ, къыдырым и пIалъэ ищIэрти, дзыхь щIагъуэ къыхуимыщIу.

– Мэзым хэкIэкхъуэкIэу щIэтыр икIэщIыпIэкIэ си дей къэкIуэну хъыбар схуегъащIэ. Гъуо згъэджами, хъунут, ауэ уэри упсынщIэщ, умыщхьэхыу а тIэкIур къысхуэщIэ.

– Сыт а къомыр зэрыпщIынур?

– Абы ущIэмыупщIэ. Си акъылыр уи акъылу щытамэ, зыгуэрт. Уэ къыбгурыIуэн Iуэхукъым. Хэт ухуэзэми, жеIэ: «Кхъухьыпщыр къоджэри икIэщIыпIэкIэ умыкIуэмэ, тезыр

къыптралъхьэнущ». «Хэт къызэджэр?» – жаIэрэ къоупщIмэ, «къыдырыращ» жумыIэ. Кхъухьыпщыращ жыIи, абы фIомыгъэкI. КъыбгурыIуа?

– КъызгурыIуащ, зи щIыхьыр ин хъун кхъухьыпщ. ЗэрыжыпIам хуэдабзэу яжесIэнщ.

КIэпхъыжь цIыкIур жыгыщхьэ защIэкIэ кIуэуэ ежьащ, жыгым къехын дзыхь имыщIу. ПщIэну щыткъым узыпэщIэхуэнур, дунейр щIыIэ хъуащи, псэущхьэр нэхъ шхэрейщ. Къыдырыр, тенджыз Iуфэм деж хэщIапIэ щищIауэ, нэхъ къалъагъун хуэдэу, бгы джабэм кIэрытщ, хэту пIэрэ япэ къэсынур, жиIэу. Жьапщэр нэхъ кIащхъэ хъуагъэнт, бажэжь цIыкIур бауэбапщэу къыщысам. Жэрыжэр пичри, къыдырыр щилъагъум, еупщIащ:

– Кхъухьыпщыр дэнэу пIэрэ здэщыIэр?

– Сэракъэ кхъухьыпщ хъужыр, – жиIэри къыдырым и кIэ кIагуэ тIэкIур иутхыпщIащ.

– Уэри?! Къыдыр кхъухьыпщт иджы сымылъагъужар! Хьэхьэ-хьэ! – жиIэри дыхьэшхащ бажэ напэншэжь цIыкIур икIи зыIурыбзеежащ, зыгуэр зэришхар белджылыуэ. Ишхари джэди е сыти – къауцыр и пэм къыкIэрыпщIауэ кIэрызт.

– Умылъэгъуамэ, иджы зэгъэлъагъу.

– Уи фIэщу жыпIэрэ? Кхъухь уимыIэу дауэ узэрыкхъухьыпщыр?

– ДиIэнущ, бажэжь цIыкIу, диIэнущ.

– Дэнэ къикIыу?

– Дэр-дэру тщIынщ. ЛIо, псэущхьэ псори дежэмэ, зы кхъухьыфI тхуэщIыркъэ? Мес мор мэзышхуэщ. Чэтэн пщIынумэ, номиныр куэдщ, кхъуафэ жыпIэрэ – мэзыкхъуэр къузэритынщ.

КхъуэпIащэм я фэр траудыну бажэм щызэхихым, къэмыгузавэу хъурэт: бажэм и фэр и бийщ зэрыжаIэр куэд щIауэ ещIэ. Бажэр занщIэу къэнэщхъеящ, уеблэмэ къыкъ хъуа хуэдэуи зэIынат, мыпсэлъэжыфу.

– НтIэ сэ сыткIэ укъысхуей, зи щIыхьыр ин? – жиIэри бажэр пхэщIкIэ тетIысхьащ, и кIэ дахэшхуэр щIикъузауэ.

– Кхъухьым и щIыкIэ хъунур къыджеIэ.

– Кхъухь щIыкIэр сэ сытым сигъэщIэн? ИгъащIэм кхъухь сыхуей хъуакъым е сыткъым. Джэдкъазыр къуажэм гъунэжу щыбогъуэт, кхъухь ухуеиххэкъым.

– ХэзыщIыкI щыIэу пщIэркъэ?

– «ХэзыщIыкI» жыпIа? – Бажэм и фэр трахын я мымураду къыщищIэм, и гур къызэрыгъуэтыжауэ, нэхъ нэжэгужэ къэхъужащ. – Нэхъ IэпщIэлъапщIэу сэ сщIэр бжесIэнщ, ауэ кхъухь хуэщIынрэ хуэмыщIынрэ тхьэм ещIэ. ЕупщI.

– Хэт? КъызжеIэ мыдэ, сэ сепсэлъэнщ.

– IэпщIэлъапщIэу сэ сщIэр…

Бажэм и псалъэр къыдырым зэпеуд:

– Мыщэращ. Сэри гу лъыстащ.

– Хьэуэ! Хэт и мыщэ? Мыщэ жейнэдым кхъухь дэнэ щыхуэщIыр?

– А-а, номиныращ.

– АIэ. Номиным жыг щхьэкIэм пысу я дунейр яхьыр. Чэтэн абы пхузэIуащэнкIэ уащыгугъ щхьэкIэ, си фIэщ хъуркъым ар абы къыпхуащIэфыну.

– Чэтэныр Iуэхукъым, чэтэныншэуи кхъухьыр зебгъакIуэ мэхъу. Кхъухьыр тхуезыгъэщIыфынур къызжеIэ закъуэ. Адрейр си Iуэхужщ.

– Кхъухь пхуезыгъэщIыфыну сэ си гугъэр цыжьбанэращ.

– Цыжьбанэ жыпIа? Япэ сызыхуэза мыгъуэр цыжьбанэти. Щхьэ семыупщIарэ?

– АтIэ «даущыфIыр щылъщи, даущ Iейр мэIу» жиIэу жызыIам имыщIэу жиIа? Ухуеймэ, сыкIуэнщи, сыкъыпхуеджэнщ, – жиIэри бажэр къызэфIэувэжащ, зэрыIукIыжын щхьэусыгъуэ къызэригъуэтам щыгуфIыкIыу.

– КIуэ. ИкIэщIыпIэкIэ къэкIуэну жеIэ. Къоджэ, жыIэ кхъухьыпщыр, Iуэху бэлыхь гуэркIэ къыпхуейуэ.

– Иджыпсту, зи щIыхь лъагэ хъун, – жиIэри бажэр и лъэм къызэрихькIэ щIэпхъуащ, къызэплъэкIын къудей дзыхь имыщIу. Абы нэхъей кхъухьыпщым и хэщIапIэм деж къыщыIукIым аслъэн гъэшха инышхуэ и цыр зэщIэлыдэу къакIуэу илъэгъуащ. Бажэр къэмыгузавэу хъунт, нэхъри нэхъ псынщIэжу жэуэрэ пабжьэм хэлъэдэжащ.

Къыдырым и хэщIапIэр тIэкIу зэлъыIуихащ, тIысыпIэхэри къигъэтIылъащ е пхъэ дакъэжьу, е мывэшхуэу. Езыр тесыну тахътэ палъэу зыгуэрхэри зэригъэуIуащи, кхъухьым ис къыфIощIыж. Пэжу, аслъэныр къакIуэу щилъагъум, зэщIэкIэзызащ, арщхьэкIэ къэрабгъэу фэ къызиплъмэ, ауан сыкъищIу ежьэжынкIэ мэхъу жиIэри и кIэ кIагуэмкIэ бадзэ еуэ хуэдэу аслъэным дежкIэ нэбгъузкIэ еплъэкIыу тахътэм тест.

– Къеблагъэ, аслъэн, къеблагъэ, си къуэш, сыту фIыуэ укъэкIуа! Тхьэм къыпхуищIэж гугъу узэрехьар. Си мурадыр къыздэпIэтыну укъэкIуащи, си дежкIэ ар куэд и уасэщ. ТIыс мо пхъэ дакъэжьымкIэ. Дызэпсэлъэнщ.

– ЛIо, сэ сыуэршэрыну сыкъэкIуа? – Аслъэным и нэр щIиукъуанцIэу къыдырым еплъащ, сымэжэлIауэ сыкъыхуэзатэмэ, сытхъэжатэкъэ иджы жыхуиIэу.

– Си хъыбарегъащIэм укъиушакъэ?

– КIэпхъми?

– Ы-ы.

– Къысхуэзащ. Насып иIэти, жыгым тесащ «кхъухьыпщыр къоджэ» жиIэу щыкъугъам. Жыгым темысатэмэ, зыIурыздза-

тэкъэ бетэмалу.

– НтІэ аращ сэри жыхуэсІэр. КІэпхъыр мыхъуатэмэ, укъэмыкІуэнкІэ хъунут. Уэрэ сэрэ куэдрэ дызэхуэзакъым, дызэхуэзэуи ди хабзакъым.

– «Ди хабзакъым» жи! Ар хабзэ хъурэт: сыпхуэзатэми, усшхри уи кІэмкІэ си жьафэр слъэщІыжатэкъэ. УкъыщІызэджа-ри сощІэ: кхъухь дыбгъэщІыну аракъэ?

– Тэмэм. Псэущхьэр щытыншу щІыналъэ зэрыщыІэр кърухэм къызжаІащ. Ди лъэныкъуэмк Іэ уаем иукІ псэущхьэ къомыр тыншыпІэ щІыналъэм сшэну мурад сщІащ, кхъухьышхуэ закъуэ тхуэщ Імэ. Уэри ди гъусэу унэкІуэнщ, тхьэм жиІэмэ.

Къыдырым жи Іэр зыхуихьынур имыщІэу аслъэныр нейнейуэ къыдырым къеплъащ. ИгъащІ эм хэт зэхиха шыд, е шы дыдэуи щ Іы, кхъухьыпщу кхъухь зэрахуэу? Пэжу, къыдырыр щхьэшхуэщ, ауэ апхуэдиз акъыл дэнэ къриха кхъухь зегъэкІуэк Іэм хищІыкІын хуэдэу? Пашэу увыну мурад ищІауэ къыщ ІэкІынщ, пашэм закъыфІ эщІыж я хабзэщ, псоми акъылыфІэ я гугъэжу. Къыдырыр шыщ жыбоІэри, и адэр шыд дэнэ къэна, шыдым ещхьуи пэхущ. Шыд щылъхущ жыбоІэри и анэр шыщ. Дауэ иджы – зыхуэпхьыну лъэпкъыр къыпхуэщІэркъым. Шым ещхьу губзыгъэрэ шыдым хуэдэу бэшэчу армырауэ пІэрэ кхъухь иригъэщІыну и щхьэм къыщІихьар?

– КхъуафэкІитІыр зэдэзыІыгъыр псым ехь, жаІэу зэхэпхакъэ, кхъуэпІащэжь? – жиІэри аслъэныр и гъунэгъуу къыщыс кхъуэм еупщІащ.

– ЛІо, зэхэсхамэ?

– Кхъуафэжьейм фи фэр тракъуэри кхъуафэ щІыкІэм фыщыгъуэзэн хуейщ. Къэуви, жыІэ, нэхъ псынщІэу ди Іуэху зэфІэк Іынщ, зиунагъуэрэ.

АрщхьэкІэ дэнэ – кхъуэр зыщышынэн щымыІэмэ, Іуащхьэм докІуей жаІэу ауэ сытми жаІакъым. Мыбы кърихьэлІам кхъуэр зыщышынэну яхэтыр мащ Іэтэкъым. Аслъэным и щхьэр къытричу жимы Іэ щхьэкІ э кхъуэпІащэм жригъэІ энур нэгъуэщІ т: кхъухьыпщу аслъэныр дгъэувмэ, ди Іуэхур нэхъ тэмэм хъуну къызолъытэ, жиІэу къигъэувыну арат, арщхьэкІэ модрейм абы гу лъитакъым.

Аслъэным и гум фІы зэримылъыр къыдырми ищ Іэрт, гу зылъригъатэртэкъым армыхъумэ. КъэкІуащи, щрес. Кхъухьыр зэ щІа хъуатэмэ, а ныбэ гуэныр пагъэщэтыжынщи, зэфІэк Іащ. Аслъэныр я гъусэну къащ Іэмэ, зы хьэкІ экхъуэкІи кхъухьым пхуитІ ысхьэнукъым, езы кхъухьыпщ дыдэми дзыхь ищІу аслъэныр гъусэ ищІынукъым.

Хъыбар зрагъэщІа илъэпкъыр щ Іагъуэ къэмынэу къызэхуэсащ: щыхьи, мэз бжэни, тхьэкІумэк Іыхьи, бжьои, уашхи, мыщи, кхъуэпІащи, щІыІубнэфи – Іэджи къызэхуэсащ,

«кхъухьыпщыр къоджэ» щыжаIэм, ар зищIысыр ямыщIэу. «Къыдырыр къыводжэ» жаIатэмэ, псэ зыIут къэмык IуэнкIи хъунт, къыдырт иджы дымылъагъужар, жаIэнти.

Кхъухьыпщыр и пащхьэ ис къомым къахэплъащ:

– АтIэ къыщI эддзэнщ ди зэIущIэм, – жиIэри. Къыдырым и макъым зригъэлъэщIащ, фIыуэ щI эгубжьэжщ и псалъэми. – КIэпхъ, къызэхуэса хъыбар зэбгъэщIахэр?

– Къызэхуэсащ, зи щIыхьыр ин, цыжьбанэм фIэкIа къэмынэу.

– ЛIо, цыжьбанэм и ныбэр узрэ? Щхьэ къэмыкIуарэ? Ы-ы-ы!

– Абыи сыкъигъэгугъащ, зи щIыхьыр ин, иджыпсту къэсынщ. – КIэпхъым дагъэ къыщихуам хуэдэу и гуапэ хъуащ кхъухьыпщым.

– КъыщI ыдодзэ!

Къызэхуэсахэр зоIущэщэж:

– Плъагъурэ, кIэпхъым и пщIэр докIуей!

– Зэ! ДевгъэдаIуэ мобы жиIэм.

– ЛIо къыдырым жебгъэI энур? Мыш-мышыдщ!

– Ей! Щывгъэтыт!

Аслъэныр зэрызэгуэпар IупщIт:

– Кхъухьыпщым кIэпхъым фIэкIа чэнджэщэгъу сыту имыгъуэтарэ! – щыжиIам. КъызэплъэкIмэ, кIэпхъыр и гъунэгъу дыдэу къыщысщ. Iэбэри кIэпхъыр къипхъуэтауэ шынэурэ зи псэр хьэршым нэса кIэпхъымк Iэ напэIэлъэщI палъэу и жьафэр илъэщ Iри игъэт Iысыжащ здэщысам деж. Ар щалъагъум, нэгъуэщI хьэкIэкхъуэкIэ цIыкIу зыбжанэми кIэбгъу защIри кIуэсэжащ, аслъэным кIэпхъыр зыIуридза я гугъэри.

Пэжым ухуеймэ, кIэпхъми и гур къызэIыхьауэ ныбажэ хъуагъэнт, апхуэдизкIэ шынати. Абдеж къыдырми и псалъэм къыпещэ:

– Сэ мурадыр си щхьэ закъуэракъым зытесщIыхьар. Фи тхьэмыщкIагъэми тесщIыхьащ, ныбэ нэщ Iу мэзым къэфхущыхьу фызэрыщIэтыр зымыщIэр сэра фи гугъэ? СощIэ.

– Мэл зырыз къытхуигуэшынущ, – жиIэри дыгъужьым, мыщэр и гъунэгъути, еIущэщащ, арщхьэкIэ мыщэм ар и фIэщ хъуакъым:

– Щыгугъ. Абы мэл иIамэ, и адэр шхын щхьэкIэ лIэрэт?

Къыдырыр кIэпхъым йоупщI:

– СщIэркъэ, кIэпхъыжь цIыкIу? – жеIэри. Кхъухьыпщыр аргуэру кIэпхъ кIэзызу щысым хуеплъэкIащ.

– ПщI э жыхуэпIэр сыт? Ныбэ нэщI къомым загъэнщ Iыжа зэрыхъунум и Iэмалри уощIэ. – КIэпхъыжь цIыкIур гуфIэщати, жыгым дэжей пэтащ, бжеишхуэм пщIий къыпичу къызэхуэсам яхуигуэшыну.

– Тэмэм! Ныбэ нэщIым загъэнщIыжа зэрыхъунум и Iэмалми си акъыл нэсащ, Iуэхушхуэщ си акъылым нобэ къиубыдар…

– Шыд пэхур нышу тхуиукIынура? – жиIэри аргуэру дыгъужьыр мыщэм еIущэщащ.

Арщхьэк I э ари мыщэм зыхигъэззэгъакъым.

– Зэ фысабыри, къыдырым федаIуэ, – зи псэ къызэрыгъуэтыжа кIэпхъыр кIиящ, и кIэ бэлацэ цIык Iур игъэджэгуу.

Къыдырым зыкъыф IэщIыжат:

– Ди псэукIэр псэукIэ хъуну? Жэщым нэху дыкъек Iамэ, догуфIэ: дамычатхъэу иджыри зы махуэ къэдгъэщIащ, жыдоIэри. ЩIымахуэр къихьакъэ – гузэвэгъуэ защIэщ, ди дунейр лъапэ егъэзыхыгъуэу гъатхэ дытехьэмэ, догуф Iэ. Ди ныбэр нэщIми, ди щIыфэр дыгъэм едгъэууэ дыщылъщ. Мо дыгъужьым феплъ: лъэ темыпыIэу къеущыхь, игъуэтыр ишхыу. Йшхыр имыпшыныжу…

Къыдырым и псалъэр дыгъужьым и гум темыхуэу къэбырыбащ:

– Уэри, къыдыр, упшынауэ зэхэсхакъым. Уагъашхэу бо хуабэм ущIэтщ.

– ЗэтепIэ уи жьэр: псалъэм къыдэкIуэу уи цIэ ис Iуащ, уэ пхуэдэкъэ хьэ Iуцыдзхэри, жумэрэнхэри, уашхэри? Дзыгъуэшхуэр-щэ? Ари аращ. И гуащIэ дэкIакъым ишхыр. Дыгъужьым дыгъужьк Iэ щIеджэр зымыщ Iэ мыбы кърихьэлIа? Дыгъуэрабзыжьщи аращ…

Къыдырыр къызэрыкIа жыпIэмэ, къызэрыкIащи, и пэщхъыным мафIэр кърех. Дыгъужьыр зыIурыбзаеу утыкум къохьэ, и нэ плъыжьитIыр къыдырым тенауэ.

– Догуэ, мэнгол алащэу убэлацэщ, итIани сыту зыгуэркIэ уи дзэ мышрэ е умышынэрэ? Мы къызэхуэса къомым дзэкъэгъуэ зырыз утхуэхъунукъым. Зыщумыгъэгъупщэт ар!

Къыдырми шынэ жыхуаIэр ищIэжыркъым.

– ТIысыж уздэщысам деж. Уэ пхуэдэ Iэджэм я дзэр Iузгъэщэщащ сэ, я джабэр щI эскъутыкIащ. Ауэ аракъым сыщIывэджар, фIыкI э сыфхуэупсэн си гугъэу сынывэджащ. ВжесI энур жызвгъэIэ.

Бажэ, тхьэкIумэкIыхь, щIыIубнэф сытхэр зэщIэкъугъащ:

– ЖыIэ! ЖыI э! ЖыIэ!

КхъуэпIащэри къэпырхъащ, кхъуэбз зи лъхуэгъуэ хъуам къыбгъэдэкIри дыгъужьым къыбгъэдыхьащ и дзапэфIанитIу мазэщIэ къэунэхуам хуэдизыр иригъэлъагъуну. КхъуэпIащэхэр зэгъусэу дэнэ кIуэми зэдэкIуэрт. Дыгъужь къахуэзэми, къыхуэсакът, ежэу ирауду щызэхауIэр нэхъыбэжт. Дыгъужьым ищIэрт кхъуэпIащэм зэкъуэхуауэ узэрыхуэмызэнури и псалъэм хущI егъуэжагъэнт, зиущэхужащ.

Къыдырым и гур зэгъакъым, дыгъужьыр и пIэм деж кIуэжу етIысэхыжа щхьэкIэ. ЩIэмызэгъар сыт? Мо щэхурыпхъуэ къомыр кхъухьым ибгъэт Iысхьэрэ епшажьэмэ, зэрышхыурэ Iисраф зэрымыгъэхъуну хэт и фIэщ хъун? Иным цIыкIур

зыIурадзэурэ иным фIэкI къэмынэжыху яшха нэужь, иныжьхэм зызэрадзынщи, ахэри Iисраф зэрыгъэхъунщ, зым зыр ещэурэ. Зы мэзым щIэтым мэзыр яхуримыкъу хуэдэ зэрошх, зы кхъухьым а къомыр ибгъэтIысхьэмэ, зэрымышхыу къэнэн? Арат къыдырыр зыгъэгупсысар.

– Фыкъэмытэмакъ кIэщIыт, Iэмал иIэмэ. ИгъащIэм дызэрыфыщIу ди хабзэжьщи, аращ дэ гъуэгу къыдэзымытыр. ЗылъэкIым зылъэмыкIыр ишхыурэ дыпсэу щхьэкIэ ди ныбэ из зэи хъуркъым, лъэпкъ зылъэмыкIыр хэкIуадэ защIэурэ къокIуэкI. ЛъэкIыныгъэ зиIэхэри багъуэркъым, хэщI фIэкIа. Узэукъулэни дэнэ къипхын? Псом щыщу къэнэжар куэдыщи хъужыркъым – хэщI зэпытщи.

– Зыхуэхъум зыхуэмыхъур IэщIокIуадэ, – жиIэри иджыри къэс зэтIэхъужу щыса мыщэ лъэбышэр къэпсэлъащ, Iуэщхъу фIэк Iа умыщIэну:

– Фыныбэ нэщIым фо хьэкIуэ щхьэ фымышхрэ? Мес пхъэщхьэмыщхьэр гъунэжщ. Къыпычи, гъэтIылъ. ЩIымахуэр къихьэху хъарзынэу гъунщи, гъатхэ утригъэхьэнщ.

Къыдырым и макъыр гъущIати, зригъэлъэщIри, тIэкIуи щIэгубжьэжу и псалъэм къыпищэнут, кхъуэпIащэ джэмыдэжьыр къэмыгубжьатэмэ:

– Хэт фокIэ бгъэшхэнур? Сэ си щхьэкIэ фо хьэк Iуэ Iэтэ къызэпт нэхърэ жыг лъабжьэр нэхъ къэсщтэнущ. СщIэри аращ: щIымахуэм щIы щтар звэуэрэ жыг лъабжьэр сошх.

– Ди шырхэри абы идогъасэ, – жиIэри кхъуэ лэу зи лъхуэгъуэ къэсар бауэбапщэ хъуауэ здэщылъым щылъу къэпсэлъащ.

Къыдырыр къэщыщащ, щывгъэт, фэракъым псалъэ зэстар, жыхуиIэу. И фIалъэ лъакъуэмкIэ теуэри щIыр къриудащ, зэгуэпауэ къыщIэкIынти. Хьэщхъуэжь къомыр зэплъыжащ: мы къыдырым дежэу щхьэ дывмыгъэшхрэ, жыхуаIэу. Къыдырым и ф Iэщ дыдэт:

– Мыщэм тэмэму гу лъитащ: дэ гузэвэгъуэ дыщихуэр сытым деж – щIымахуэм дежщ. ЩIымахуэр къихьэрэ псори уэсым щIиубыда нэужь, щIы щтар лъэбжьанэкIэ уигъэвэнщ, укъэмэжэл Iа нэужь. ЩIыр псоми яхуэвэркъым кхъуэпIащэм хуэдэу. СыщIывэджари аращ, сывэчэнджэщу щIымахуэм нэхъ къелыгъуафIэу къела зэрыхъуным и Iэмал къэдгупсысыну. Си акъылым къызэрихьыр вжес Iэнщи: кхъухь дывгъэщIи, хуабап Iэ щIыналъэу уэс къыщемысыххэу къуалэбзум и нэхъыбит Iыр здэк Iуэм дывгъак Iуэ. А лъэныкъуэмк Iэ гъэ къэс зыгъэзэж кърухэм сечэнджэщати, аращ къызжа Iар. Дэри дамэ ттету щытыгъатэмэ, зыгуэрт: дылъэтэнти, ди занщIэр ди гъуэгут, арщхьэкI э тхьэм дамэ къыщыдимытакI э сыт и Iэмал? Лъэсу уежьэмэ, унэсынукъым, тенджыз Iэджэм уащхьэпрылъэтыкIын хуейщ…

– Тенджызым нэмыщI, щакIуэ къомыр-щэ? СогъэпщI нахуэу,

укърамыудмэ, уи екхъур кърахуауэ, – жиIэри Iэдэб дыдэу я щIыбагъым къыдэт мэз бжэным и псалъэри къыхи Iуащ. Мэз бжэным ищIэрт щакIуэм я пIалъэ: мызэ-мыт Iэу мэз бжэн хъушэ зыхэтар щакIуэм яIэщIэк Iуэдат. Езым нобэ къэси егъэщIагъуэ щакIуэм япэщI эмыхуэу зэрыпсэур.

– Упсэу, мэз бжэн, тхьэм гъащIэ къуит, хъарзынэу гу лъыптащ. – Къыдырыр мэз бжэным щIыщытхъуар и псалъэр кIэщIти, ароащ.

– А дыздэпшэнумкIэ щакIуэ щымыI эу пIэрэ? – жи Iэу щыхьри щыщIэупщIэм, къыдырым идакъым:

– Хэт и щакIуэ? ДыздэкIуэнур тхъапIэщ. Ар мытхъапIэтэмэ, къуалэбзур абыкIэ кIуэрэт? Уэшх фIэкIа, уэс къыщесыркъым.

Хьэ париижь дуней зылъэгъуа гуэр кърихьэлIати, къыбгъэдэт гуэгушыхъужьым дежкIэ епсэлъэкIащ:

– Уа хъуну пIэрэ мыбы жиIэр? Хэт зылъэгъуар мыбы дыздишэну щIыналъэр? ДыздэщыIэ щIыналъэм и лажьэр сыт? Гъэмахуэм выгу жьауэм ущIэлъу, щIымахуэм къупщхьэр къуату, хьэнтхъупс хуабэ зэзэмызи къуату, псы жыпIэнущи, гъунэжу… Дызэрыс щIыналъэр щIэдбгынэнур сыт? – жиIэри.

– Аракъэ сэри къысхуэмыщIэр. ИрекIуэ езыр! Си щхьэкIэ, пшахъуэм сыулъэпхъащэу сыхэтыфынукъым, – жиIэри гуэгушыхъум зигъэцыджри зы Iуригъэхащ, мэзыпщым къивыр хъымпIару къримыдзэу.

– Зи пщIантIэ сыдэсри накIуэу щытамэ, зыгуэрт, согъэпцI, лъэбакъуэ счымэ.

Гуэгушыхъум и макъыр жыжьэ къыщыIуу щызэхихым, хьэ париижьри IукIуэсыкIыжри, бгъуэтым къащтэ. Я пщIантIэ дэлъэдэжауэ адакъэм щыхуэзэм еупщIащ:

– Уэ къыдырым зэхуишэса зэIущIэм щхьэ умыкIуарэ?

– Сыт зэIущIэ? ХьэкIэкхъуэкIэ зэIущIэт иджы сымылъагъужар. КIэпхъыр къыдэлъэдат пщIантIэм «кхъухьыпщым зэIущIэ зэхуешэсри накIуэ» жиIэри, хуэздэххакъым, лъэмбытIи счынукъым. ХьэкIэкхъуэк Iэ акъылкIэ псэуа ухъун?

– Шыдыр кIуауэ и тхьэкIумэшхуитIыр тегъэхуауэ йодаIуэ. Хьэу! Хьэу! – жиIащ хьэм.

– ЛIо, кIуамэ? ЩIегъуэжауэ и кIэпкъым едзэкъэжынщ.
Пэжыр жыпIэмэ, шыдыр пхэщIкIэ тесу зэ IущIэм яхэст.
ЗэIущIэр йокIуэкI, къыдырыр я тхьэмадэу.

– Iи-Iа! Iи-Iа, апхуэдэ щIыналъэ щыIэ?

– Жэнэт удзыпцIэшхуи а жыхуэпIэр, – жиIэри шыд пэхур къызэфIэувэри гуфIэщати, етхэуащ, иджыпсту щIоцIывэри жэнэт удзыпцIэм макIуэ, жыуигъэIэу. Шыдым къыдырри унэкъуэщу къилъытат.

– Дауэ абы дыкIуа зэрыхъунур? Хэт дишэн? – мыщэжь зыри зыфIэмыIуэхуу щысар щIэупщIащ, щIымахуэр икIыху и гъуэм жейуэ илъмэ, гъатхэм Iэрыгъэтэдж зэрыхъур и гум къэкIыжати.

Къыдырым аргуэру зыкъретIэ:

– Хэт фишэн! Сэращ фызышэнур! Сэращ фэ пашэ фхуэхъунур. Жэнэт лъагъуэр къэзыхутэфынур мо дыгъужь темызагъэу къэзыджэдыхьыракъым, е мыщэ жейнэдыракъым, сэращ!

– Уэрами, додэ, дышэ, дапщэщ дыщежьэн хуейр? – жиIэу бажэжь цIыкIур щIоупщIэ.

Аслъэным зыгуэр жиIэну и жьэр щызэтрих дыдэм бжэщхьэIу хуэдэу щылъ къурыкъум къыщхьэпрыпщу цыжьбанэ къыщыщIыхьэм къурыкъур гъумыщэти, къыщхьэпредзри къыдырым и пащхьэм къохутэ, кхъухьыпщыр игъэдыхьэшхыу.

Кхъухьыпщыр къыщиудри дыхьэшхащ:

– Мыр лIо, цыжьбанэ, укъыщIэмыхьэу укъыщIоджагуэри?

Къыдырым жиIар цыжьбанэм щхьэкIуэ щохъури зегъэгусэ, зызэрегъэпщхьэжри зеущэху.

– И гугъу умыщI, цыжьбанэ ди щыпэлъагъукъым. ТхъапIэм и лъагъуэр хэзышынур къыджеIэж, – жеIэри дыгъужь щхъуэжьыр къоув, кхъухьыпщым жиIар абыи и гум зэрыримыхьар уигъащIэу.

ЗэIущIэ щIызэхуишэсар кхъухьыпщым къагурегъаIуэ:

– Жэнэтым кIуэгъуафIэу щытатэмэ, абы дызэрыкIуэрэ куэд щIат. Си мурадыр къыдэхъулIэн щхьэкIэ, пIалъэ имыIэу кхъухь диIэн хуейщ. Кхъухьыншэу тенджызым дызэпрыкI хъунукъым. Иджы кхъухь зэращIым и Iэмал зыщIэ фхэтмэ, фыкъэув, жыфIэ. Сэ сщIэркъым. Ауэ пэжщ, кхъухьыпщ сыхъунущ. Дунейр фолъагъу – жьапщэщ, щIымахуэр нобэ-пщэдей къихьэнущ, куэдрэ зитлъэфыхь хъунукъым. ПсынщIэ-псынщIэу кхъухь дывгъэщIи, девгъажьэ.

Кхъухь щIын хуейщ, жа Iэу кхъуэпIащэм щызэхихым, пхэкIэ икIуэтурэ, щэху цIык Iуу кIэбгъу зищIри мэзым хыхьэжащ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ кхъухьыр къызыхащIыкIыр кхъуафэщ. Зы кхъухь къэс кхъуэпIащэ Iэджэ хонэщхъеихь; мэз бжэнри щIэкIуэсыкIащ, фэдэн сащI, жиIэу къэгузэвати.

– Кхъухь зэращIыр хэт зыщIэр? ИгъащIэм ар ди пщIыхьэпIэм къыхэхуакъым, – жиIэри дыгъужьыжьыр къэгуоуащ, псоми я гум къишхыдыкIыу.

– Зыгуэрым ищIэу къыщIэкIынщи, жрыреIэ! Сэ сщIэр сыт? Гъуэ къызотхъуф. Псым нэхъ щыгъуазэр къаз, бабыщ, псыхэуэщ, сэ сщIэрэ, нэгъуэщI Iэджи щыIэщ узэупщIын, – жиIэурэ мыщэ лъэбыцэжьыр къэгурымащ. Адрей хьэкIэкхъуэкIэхэри къызэщIэващ, кхъухь щIыкIэ щыдмыщIэкIэ хьэулейуэ щхьэ дызэхэт, щхьэ гъэлыгъуа тхуагъэтIылъа хуэдэ, жыхуаIэу. АрщхьэкIэ кхъухьыпщым и Iизыншэу узэбгрыкI хъунутэкъым.

– Уэ хомыщIыкIIауэ си фIэщ хъункъым, къазыжь. Псы плъэгъуамэ, уи диным уокI, – кхъухьыпщым и нитIыр къаз лъакъуэ плъыжьым триубыдащ. АрщхьэкIэ къазым зыхигъэзэгъакъым:

– Кхъухь щIыкIэ сытым сигъэщIэн? Сыщыхуейм деж сэ сыт

хуэдэпсми сыщосыф. Есык Iэ дыгъащI э жыпIэмэ, фынакIуэ, жыжьэкъым тенджызыр – фэзгъэлъагъунщ.

– Хэт псы щIыIэм хэбгъэхьэнур? Гъэмахуэу щытамэ, зыгуэрт, – жиIэри иджыри къэс утыкум къихьэн шына бжьом и псалъи къыхиIуащ, кхъухьыпщым къыдэщIу закъыфIигъэщIыну.

– Псыхэуэми химыщIыкIIауэ ара?

– Сэри дамэ стетщ. Сыхуеймэ, сос, сыхуеймэ, солъатэ. Бабыщри аращ. Дэ псым дытесу плъагъу щхьэкIэ, кхъухь дэнэ къэна, кхъуафэжьей ди нэм къыIуидзэну дыхуеиххэкъым. Кхъуафэжьейм ис зи хабзэр щакIуэращи, дызэрытеплъэу зыIудогъэх.

– Жэнэт щIыналъэу зи гугъу пщIам дэр-дэрщи док Iуэф. Дамэ диIэщ. Кхъухь диIэу щытами, мы къызэхуэса хьэк Iэ-кхъуэкIэ къомым дахэсу дитIысхьэну тхьэм жимыI экI э. Дэ тщыщу зы жэнэтым нагъэсыну си ф Iэщ зыщIын щы Iэкъым, – жиIэри псалъэмакъ къаIэтам бабыщым кIэ иритащ.

Къазымрэ бабыщымрэ жаIар кхъухьыпщым и гум ирихьакъым:

– Узытегузэвыхьыр, бабыщыжь, гурыIуэгъуэщ. КъыджиIакъым жывмыIэж: кхъухьыр тщIырэ дитIысхьэжмэ, абы изгъэтIысхьэм цыуэ ятетым щыщу зы налъэ е зы къабзий къыхэхумэ, залымыгъэ зезыхьам и фэр мы си фIалъэмкIэ тесхынщ, – жиIэри кхъухьыпщым и зы лъакъуэр иI этри и лъэбжьанэр яригъэлъэгъуащ. Арыншэми абы и Iупэф Iэгъу мэлыхъуэхьэм и лъэбжьанэр зыхуэдэр зымыщIэ зэIущIэм хэттэкъым. И дзапэф Iанэ жыпIэнущи, узижагъуэм и махуэщ. Езыри мэжэлIамэ, хьэкIэкхъуэкIэр пщэдджыжь нэхущым псафэ зэрыкIуэ лъагъуэм пэмыжыжьэу къуэгъэнапIэм къыкъотIысхьэри, мор сшхащэрэт жыхуиIэр къыхех. Уэ нэхъ жэр щымыIэми, уIэщIэк Іыну Iэмал зимыI эщ. Ауэ пэжщ, къаз, бабыщ, псыхэуэ сыт къыпэщIэхуэркъым.

Кхъухьыпщыр плъэрэ цыжьбанэр здэщысам щымысыжу гу щылъитэм, гуэгушымрэ хьэмрэ ещхьу ари кI уэсэжа, жиI эри щIэупщIащ, и дзапэфIанэр уигъэлъагъуу и дзэлыфэр итIри:

– Мыбы къыщIэмыхьэфу къыщ Iэджэгуам имыщIэу пIэрэ жысIати, дэнэ кIуа?

– ЩIэкIуэсыкIыжащ, – жиIэри бажэр къэхэшащ.

– ЗэIущI эр дымыухыуи?

– Зигъэгусагъэнщ, и хабзэжьщ ар цыжьбанэм. ГушыI эр хэзагъэркъым, зегъэгусэ занщIэу, – жиIэри шыд пэхум цыжьбанэр куэд лъандэрэ ицIыхуу зэрыщытым гу лъаригъэтащ, – пэжыр жысIэнщи, цыжьбанэм зыхимыщ IыкI щы Iэкъым. Иджыпсту зыгуэр кIэлъывгъакI уи, кIэщIэвгъэдэI ухь: гъумэтIымэурэ гъуэгу здытетым кхъухьым и щIыкIэр къиву мэкIуэж. Фи фIэщ мыхъумэ, нэхъ псынщIэу къэзыжыхь гуэр кIэлъывгъакIуэ.

– Сэ сывгъакIуэ! – жиIэри кIэпхъым псом япэ зыкъригъэщащ. Цыжьбанэр мэзым щIэлъэдэжмэ, кIэпхъыр жыг щхьэкIэ защIэкIэ кIэлъыкIуэну арат.

– Зыкъезмыгъэлъагъуу а зыгъэгусэрейм и ужьыр сэ схунщ, щIыхьу щыIэр зыхуэфащэу ди пащтыхь.

Кхъухьыпщыр занщIэу кIэпхъым жиIэм еувэлIащ:

– Зегъэхь, кIэпхъыжь цIыкIу, зегъэхь. Жыжьэ мыкIуэ щIыкIэ и лъэужьым теувэ, жиIэу хъуар уи гум иубыдэ, и щэхур къапщIэмэ, укъэкIуэнщи, къызжепIэжынщ, – жиIэри.

ХьэкIэкхъуэкIэ къомыр зыщIэупщIэн щыIэт, я нэхъыбэр зэрылъагъу хъуркъым. Дыгъужьым къапэщIэхуэр яшх, хьэIуцыдзыр нэхъеижщ, яшхын ямыгъуэтмэ, езыр-езыру зэрошхыж. Мыщэ жыпIэнущи, щакIуэм къауIауэ щыхь е мэз бжэн чыцэм щIэлIыхьауэ хуэзэмэ, щIетIэри егъэф, къыщIетхъужри ешхыж. Бажэри зэрынэхъыфI щыIэкъым, хэт и джэдэщ нэхъ тIасхъэу пIэрэ жиIэу жэщым нэху щыху къеджэдыхь – джэди къази къыпэщIэхуэр ешх, кIэпхъ къыпэщIэхуэми, щысхьырабгъу иIэнукъым. Абыхэм егупсысати, мыщэр къэпсэлъащ:

– Уи мурадыр хъарзынэщ, си къуэш. Тхьэм къуигъэхъулIэ. Ауэ хьэкIэкхъуэкIэ зэмылIэужьыгъуэ къомыр дауэ зэгурыбгъэIуэну? Зэтеплъэ хъууэ т Iу тхэткъым. Зым зыр цIынэу ешх.

Абык Iэ къызэреупщIынур мэзыпщым ищIэрти, кIэщIу жэуапыр мыщэм иритащ:

– Зы кхъухь ущитIысхьэк Iэ псоми уи мурадыр зы мэхъу, дызэакъылэгъунщ, къуэшыгъэ дахэ дякум дэлъынщ…

– ХьэIуцыдзыр къуэш сэ схуэхъууи? Iи-Iа, I и-I а, – жиI эри шыдым ар и фIэщ пхуэщIынт. Жыжьэу идакъым, хьэIуцыдзым зэгуэр яубыдри къурмакъейр щач пэтати. Шыдыр зейм фоч имыIыгъатэмэ, шыдыр хьэм яшхат. Мес иджыри дыркъуэ къытенауэ уолъагъу.

– Дызэкъуэшынщ, си къуэш. Ди кхъухьым и джабэм хьэрфышхуэкIэ теттхэнщ: «Псэ зыIутыр дызэкъуэшщ» жиIэу. КъыбгурыIуа?

– И джабитIымкIи ара тетынур?

Шыдыр апхуэдэм щ IэупщIэну хэт и гугъэнт?

– Адрей и джабэм теттхэнщ: «Ди мыгъусэм и псэр хэфх!» жиIэу. Хъунукъэ?

– Хэт сымэ иджы ди мыгъусэр? Шы, жэм, гуэгушыхъу, мэл, бжэн? – жиIэри мыщэр щIэупщIащ, зи фэ техыпхъэр зригъэщIэн щхьэкIэ. Иджыблагъэ хьэIуцыдзым зэтраI ущIам и хъыбар зымыщIэр зырызыххэт.

Бажэри тхьэкIумэр тригъэхуауэ мэдаIуэ, мэдаIуэ, «бажэм и фэр и бийщ» зэрыжаIэр и гум къэкIыжауэ. Мыщэри къэзыгъэгузэвэн щыIэт, и фэм щIэхъуэпс куэд зэрыщыI эр ищIэу. Шы, жэм, гуэгуш, джэд, сэ сщ Iэ мыгъуэрэ, Iэджи щыIэщ, жиI эри

кхъухьыпщым абыхэм ятепсэлъыхьын зэрыфIэмыф Iыр къагуригъэIуащ, арщхьэкIэ мо игъащ Iэм зэIущIэ мыкIуа къомыр пхуэгъэсабырынт? ХьэIуцыдзхэм я Iур ятIыжами, къахэсщ къызэхуэсам щыщи, тшхы мыхъуну пIэрэ, жаIэрт.

– «Дызэхъуапсэр дыдейщ» жиIэу щхьэ тедвмыгъатхэрэ кхъухьым? – жиIэри дыгъужь щхъуэжьыр щIэупщIащ, и дуней тетыкIэу щытам гу лъыуигъатэу.

– Хъунут ар! А псалъитI къудейр кхъухь джабэм темытми, нэгъуэщI зыщIыпIэ тетын хуейщ! – жаIэри хьэIуцыдзхэр зэщ Iэ-къугъэу дыгъужьыжьым къыдэщ Iащ.

Кхъухьыпщыр хэгупсысыхьащ:

– «Дызэхъуапсэр дыдейщ» жыпIа? А-ха, «дызэхъуапсэр». Абы щыгъуэ дыхъунщIэн хуейуэ аращ абы къикIыр. Догуэ, дэ жэнэт щIыналъэм дихьауэ хъунщIакIуэу дежьэж хъуну пIэрэ? Плъагъуркъэ абы и бзаджагъэр, Iэмалрэ хьилэрэ щыIэу уи ней къытихуэ.

– УмыхъунщIэу утхъэрэ? – жа Iэри хьэIуцыдзхэр къызэдилъащ, зэакъылэгъуу, зэрыIыгъыу. Дыгъужьри абы я лъэныкъуэт:

– Умыдыгъуэу е умыхъунщIэу утхъэрэ? Фызым и тхъэжыгъуэр къэб гъавэщ, жи. Дэ ди тхъэжыгъуэр удыгъуэмэщ. Жэнэтым фI ыгъуэу илъыр зэрыппхъуэн жыхуэпIэр сыт хуэдэ!..

– Зэ фымыпIащ Iэ! КIэпхъым иджыпсту къигъэзэжынщ. Зэхэфхынкъэ абы къыджиIэр.

ХьэкIэкхъуэкI э къомыр зэмызэгъыу зэдауэрт, зэныкъуэкъурт, зым зыр зыIуригъэлъэдэнут, кхъухьыпщым щымышынатэмэ.

Цыжьбанэр къызэмыплъэкIыу къыздикIамкIэ игъэзэжауэ кIуэжырт, гъумэтIымэу и щхьэм хуэпсэлъэжу… «Апхуэдэ зэIущIэт иджы сымылъагъужар. УкъыщIэмыхьэу укъыщIэджэгуаи, жи. Дауэ ущIэмыджэгуэнрэ, пхъэ дакъэжьым ущхьэпрыпщмэ? И бжэщхьэIури езым хуэдэжщ. Сытуи жыIэкIэ Iей иIэу псалъэрэ?! КхъуэпIащэм йоупщI: «Уи щхьэр инщи, кхъухь щIыкIэ умыщIэу пIэрэ?» – жеIэри, мо игъащIэм псы ятIэ фIэкIа псы зымылъэгъуам щхьэщэ хуещI. Кхъуэр кхъуэщи, сыт къыпыпхын? ПэкIэ щIыр евэ, жьыр дэнэкIэ къикIми имыщIэу.

Кхъухь зэращIым и Iэмалыр зэбгъэщIэну? Сэ къызэупщI… – Абдеж дыдэм кърихьэл Iэу кI эпхъыжь цIыкIу жыг щхьэк Iэ защIэкIэ къакIуэурэ къэсащи, адэкIэ цыжьбанэм кIэщIодэIухь, и тхьэк Iумэр тегъэхуауэ. Цыжьбанэм и гъумэтIымэни щимыгъэту къыпещэ: «Кхъухьыр щIыгъуейщ зымыщIэм дежкIэ, си дежк Iэ зырикIщ, нобэ сегъэувалI и, узыхуейм хуэдэу пхуэсщIынщ. Нэхъапэрауэ, уэздыгъей жыг занщIэшхуэу узыхуейм хуэдиз пыупщ Iи, жьауапIэм щI элъу гъэгъу, итI анэ зэгуэхи, кхъухьыр джэд бгъэгум ещхьу зэпкърылъхьэ, абы кхъуэпIащэм и фэр фIыуэ гъэтэджи, тебзэ, зы гъуанэ имыIэу. КхъуэпIащэм и

фэр фэдэн хъарзынэщи, зэпыдэ, зэгуэдэ. Кхъухьым и курыку-псэм пкъо ин игъэувэ, абы арэф едзыжи кукъукIэ гъэбыдэ, чэтэн едз. Ущыхуейм деж къэбгъэувыIамэ, псым Iуимыхын хуэдэу гъукIэм хъурзэ егъэщIи, кIэрыщIэ. Кхъухь зэрызэрагъакIуэ гурыгъыр убыди, кхъухькIэ уIэкIуэлъакIуэмэ, тенджыз и пIалъэ пщIэмэ, уэгум ит вагъуэу гъуазэ пщIы хъунум уащыгъуазэмэ, итIысхьи, гъуэгу махуэ!..»

Цыжьбанэм и пщIыхьэп Iэм къыхэхуэнутэкъым кIэпхъыр къыкIэщIэдэIухьу. Модрей к Iэпхъыжь цIыкIуми Iэуэлъауэ лъэпкъ имыщIу зы жыг къудамэм къелъэрэ нэгъуэщI жыг къудамэм къытелъэурэ зыщ IыпI и щымыгувэу хьэкIэкхъуэк Iэ зэIущIэм къэсыжащ, бауэбапщэу. Еша пэтми, кIэпхъыр нэжэгужэт, и Iупэр зэтежт, и нэ цIыкIуит Iыр къижт, мо белэмбешэм къомым ямыщIэ яригъэщIэну пIэцIеижырти.

Къыдырри хьэкIэкхъуэкIэм зэгуагъэпати, къэгубжьауэ арагъэнт, кIэпхъ къэкIуэжам асыхьэту гу щIылъимытар.

– Мес уи тIасхъэщIэхым къигъэзэжащ, щхьэ уемыупщIрэ? – жиIэри бажэр къахэпIэнкIыкIащ.

– ЛIо абы уеупщIкIи уемыупщIкIи? Сищхьэуз ещIэ. Сищхьэуз фыхуеймэ, тхьэм фелъэIу, – жиIэри мыщэжьыр тхьэм ещIэ къытезыгъэхьар, кIэпхъым и жагъуэ ищI пэтащ.

– КъэпщIа, кIэпхъыжь цIыкIу? – къыдырыр щIоупщIэ.

– КъэсщIа жыхуэпIэр сыт? Фэдэн къызыхащIыкI фэри къэсщIащ. Кхъухьым ину ухуей, цIыкIуу ухуей – ари зэзгъэщIащ, чэтэн, хъурзэ сытхэращ нэхъ гугъу хъунур. Адрейр Iуэхукъым.

– Догуэ, щызэбгъэщIакIэ еувалIи, зы кхъухьыфI схуэщI, уи пщэм дэслъхьэмэ пхуэщ Iын?

КIэпхъыжь цIыкIур къэгузэващ: «СхуэщIынукъым жысIэмэ, сыIэщIэмыкIуэдэну пIэрэ?» – жи Iэри. Шынащэу и кIэр кIэзызами, зиумысыжащ:

– Хьэуэ, зи щIыхьыр ин. КхъуэпIащэ къомым я фэр схутемыхын дэнэ къэна, мэз бжэн закъуэм сыпэлъэщынукъым, – жиIэри.

Къыдырыр егупсысыжати, кIэпхъым жиIэр пэжт:

– Тэмэм, кIэпхъыжь цIыкIу. Дэ цIыкIу зэхуэпхьэсу мэзым ущIэсми, кхъуэпIащэм уапэлъэщыну къару дэнэ къипхын? КIуэ, зегъэхь. Iуэхутхьэбзэ хъарзынэ къысхуэпщIащи, фIыщIэ пхузощI.

КIэпхъыр къэгуфIэщ, занщIэу жыгым дэжейри – бгъуэтым къащтэ. Псэууэ сыкъыIэщIэкIамэ, зыгуэр хъунщ, жиIэри дэ цIыкIу къиищыпу ежьэжащ.

Кхъухьыпщым мыщэу зыбжанэ, хьэIуцыдзуи зыбжанэ зэхуешэсри унафэ яхуещI:

– Кхъухь езгъэщIынущи, мыщэм мэз пывупщI, хьэIуцыдзыр

фызэхуэси, кхъуэпIащэм я фэр къысхуэфхь. Фыхуэсакъ: пхъэуэ сызыхуейр фочыкум хуэдэу захуэрщ, кхъуэпIащэм я фэми зы гъуанэ закъуэ, инми цIыкIуми, иIэну Iэмал иIэкъым. Гъаблэгу зыщта гуэр къыфхэкIрэ зыдемыпхъуэн хуейм деж епхъуэу гъуанэ ищ Iмэ, къызжиIакъым жывмыIэж, и фэр тесхынущ, – жиIэри хьэIуцыдзхэр игъэшынащ.

Номинхэри зэхуишэсри я пщэм дилъхьащ чэтэн зэIуащэну, щэнджатэ къагъуэту. Псыхэуэ зыкъоми зэхуишэсри унафэ яхуищIащ къамыл ягъэхьэзыру арджэнышхуэхэр ящ Iыну.

Ауэрэ щIымахуэр къихьэным иджыри тIэкIу иIэу кхъухьыр хьэзыр хъуащ. Езы цыжьбанэр и щхьэкIэ жэщ, махуэ жимыIэу кхъухьыр зыщIым яхэтащ. Зыхуэныкъуэ, зыхуэчэм щыIэмэ, кхъухьыпщым деж Iуэхур нигъэсырти, зэфIэкIат. Кхъухьыр щаухам щыгъуэ нэхъеижу акъужьыр къепщэу жьапщэ къэхъуат, нобэ, пщэдей щIымахуэр къызэрихьэнур белджылыт. Къыдырым аргуэру зэIущIэшхуэ ищIащ, кхъухьыр щащIым хэлIыфIыхьаи хэмылIыфIыхьаи – зэмыджа щыIэтэкъым.

ЯпэщIыкIэ кхъухьыр зыщIам фIыщIэшхуэ яхуищIащ, псом хуэмыдэжу цыжьбанэм и IэщIагъэм щхьэкIэ щытхъупсым щысхьакъым. Мыщэ акъуш цIыкIуу Iэпыдзлъэпыдз хъуахэм папщIэ псалъэ гуапэ жимыIэу къигъэнакъым.

Къыдырым кхъухьыпщ дыдэу зилъытэжауэ, къэпсэлъащ:

– Уэ, хьэкIэкхъуэкIэ, уэ, къуалэбзу, уэ, хьэпщхупщ, уэ, джэдкъаз! Фи насыпти, сэ фи пашэу сыуващ. ЩIымахуэр къихьэху, мы щ Iыналъэ дызэрысым щIыIэм дреукIыхь. Уае къэхъумэ, тшхын дымыгъуэту уэсым дыщIеубыдэ. Iисраф дохъур, гъатхэм дытехьэху куэдыIуэ тхощIыр. НтIэ, мес, гукъэкI дахэ си гум къэкIри кхъухь хъарзынэ езгъэщIащи, фынит Iысхьэ, къэблэ хуабапIэмкIэ дыкIуэнщ. Къуалэбзум я нэхъыбэр абыкIэ макIуэри щIымахуэр икIыхукIэ хуабэм хэсу мэпсэу, гъатхэр къихьэмэ, мыбыкIэ къагъэзэж. Дэри кхъухь щыдиIэкIэ дыщыхуейм деж мы щIыналъэм къэдгъэзэж хъунущ.

– Гъуэмылэ дыщымыщIэну пIэрэ, ди мэзыпщ? – жиIэу ажэжь жьакIацэ гуэрым и жьэм къыжьэдэхури, кхъухьыпщым и тхьэкIумэм щицырхъэм, мэзыпщыр къэгубжьри, и дзэр зэригъэшхащ:

– Ажэжь! Сыт а жыпIэ хьэдэгъуэдахэр? Дызэрысыну кхъухьым хуэдэ кхъухь иджыри къэс тенджызым техьакъым, дыкъызыхуэт щыIэкъым. Чэтэнышхуэм нэмыщI арджэнышхуибл кукъум кIэрыгъэбыдауэ диIэщи, къызэрыт Iэту пщIащхъуэм хуэдэу дыщIихуауэ мо жьыбгъэшхуэм дихунущ. ХуабапIэмкIэ зыгъэза кърум япэ дищыжыну къыщIэкIынщ.

– И джабитIым требгъэтхэну жыхуэпIар требгъэтха? – жиIэри ажэжьыр щIэупщIащ.

– Трезгъэтхащ, си къуэш, трезгъэтхащ джабитIымкIи, зы лъэныкъуэмкIэ «Псэ зыIутыр дызэкъуэшщ» жиIэу, адрей

лъэныкъуэмкIэ «Ди мыгъусэм и псэр хэфх» жиIэу. Арджэниблым щыщу нэхъ лъагэ дыдэу тIэтынум тетщ: «Дызэхъуапсэр дыдейщ» жиIэу. Езы кхъухьыр апхуэдизкIэ псынщIэщи, зы жэщ, зы махуэ нэхъыбэ гъуэгум дытетынукъым. Гъуэмылэ сыт жыфIэу фыщIэгузэвэщэн щыIэкъым. Пэжщ, бжэн лъэпкъыр фышхэрейщи, мэкъу IэплIакIуэ фиIамэ, ягъэ кIынтэкъым…

– Ара мыгъуэт сэри сызыхуейр, – жиIэу ажэм и жьакIэр щигъэсысым, дыгъужь щхъуэжьым псори къызэIигъэхьэ пэтащ, хьэкIэкхъуэкIэм ягу къэмыкIын къигъэкIри:

– «Дызэхъуапсэр дыдейщ» жиIэу арджэным тету жыпIакъэ?! НтIэ, кIэпхъым пщIий къэп цIыкIу иIыгъыу слъэгъуащ. Еуи, къытех!

Кхъухьыпщым ар идакъым:

– Дэр-дэру зытхъунщIэжу ара къуэшыгъэр зэрагъэпэжыр? Бзаджагъэ зигу илъыр жэнэт щIыналъэм жыжьэу ирагъэкIуэлIэнукъым. Ди кхъухьым теттхар щхьэ зыщывгъэгъупщэрэ?

– Уа, сыту укъэщIэрей! – жиIэри къыдырым и псалъэр хьэIуцыдз ерыщ гуэрым къызэпиудащ.

– Сэ сымыкъэщIэрейуэ щытатэмэ, кхъухь езгъэщIыфрэт? Ауэ аракъым сэ зи гугъу сщIынур. Жэнэт Iуэхур зи фIэщ мыхъур куэдщ, уеблэмэ зэIущIэшхуэм хэтам я нэхъыбэм кхъухьым нитIысхьэну я мурадыххэкъым. НтIэ? Хуит фызощI: кхъухьым нитIысхьэн зымыдэм мыхьыр евгъэхь, зэтефIущIэ. Абы кърикIуэр си Iуэхущ.

– Ай, бетэмал, ар занщIэу жыпIэртэкъэ: зэIущIэм къэкIуам щыщу псэ зыIут тIэщIэк Iынтэкъым.

– ЗэIущIэм хэтар зэтефIущIатэмэ, я фIэщ дыхъужрэт? Нобэщ абы и пIалъэр къыщысари, флъэкI къэвмыгъанэ.

БгъуэнщIагъым щызэхэсар жэщ хъуху зэбгрыкIыжакъым, гу зылърамыгъэтэн щхьэкIэ. ХьэIуцыдз къомым ящIэрт, хэт дэнэ щыпсэуми, Iупсыр къаIурыжу жэщыбгым зэбгрыкIыжащ, ныжэбэрей жэщым «дзапэфIанэ жэщкIэ» деджэнщ, жаIэри. Я дзапэфIанэ жаным къихь къамыгъэнэну хьэIуцыдз къомыр губгъуэм ихьэжри къахуэзэм йоупщI: «ХуабапIэм укIуэрэ?» «Хьэуэ, сыкIуэркъым». «НтIэ, дызэхъуапсэр дыдейщ» жаIэрти, зыхуэзар зэпкъраудырти, сыкъэплъэгъуакъым, услъагъужакъым. Апхуэдэ защIэу жэщитI къудейм мэзым щIэси къуажэм дэс псэущхьи зэхэгъэж ямыщIу зыхуэзэр зэтраIущIащ.

Арат кхъухьыпщым «кхъухьыр хьэзыр хъуащи, фыкъакIуэ нитIысхьэу хуабапIэм нэкIуэнур» жиIэу хъыбар щаригъащIэм кхъухьым из хъун къыщIэкIуар. Иджы зигъэхьэжыуэ я пащхьэм къиуващ:

– Сэ фIыкIэ сыфхуэупсэу, фыщыхуэбэн щIыналъэ фысшэнущ, зы махуэ гъуэгу зэпытчынурэ. ХуабапIэм щIэхъуэпсыр фынитIысхьэ, – жиIэри кхъухьыпщыр япэ иту кхъухьым итIысхьэну дэкIуеящ.

– ИугъащIэ ди пашэ Iущым! – жиIэри бажэжь цIыкIур жэры-гъэкIэ кхъухьым дэжейри, нэхъ тIысыпIэф I иубыдащ.

– Ди щIыналъэм къинэм ди лъэужь махуэ фхухъу! – Абы къыфIимыгъэкIыу мыщэжь къуацэри ерагъыу кхъухьым ипщхьащ, къигъэзэжынкIэ мыгугъэу. ХьэIуцыдзым ящIам мыщэр щыгъуазэт.

– Ди дэджэхъу пашэр пашэфIщи, жэнэтым и курыкупсэм дисынщ, – жиIэри кIэпхъыр арджэн къомыр зыфIэдза кукъум щыдэжейм шыд пэхум и гур къызэфIэнат, гуфIэщауэ. Куэдкъэ сэ хьэлъэ стелъу дуней хьэзабыр зэрысшэчар, жыхуиIэу.

– Iи-Iа! Iи-Iа! Iи-Iа! – и макъым къызэрихьк Iэ кIэпхъым жиIар диIэтащ, «ура!» «ура!» жыхуиIэу.

Жьапщэм тенджызыр къигъэукъубияти, толъкъуным кхъухьыр къыщигъэщIейм, шыдыр пхэщIкIэ техуэри кхъухьым къиху пэтащ, уеблэмэ и кIэпкъыр Iейуэ игъэузащ. Къыщызэ-фIэувэжым щыгъуэ аргуэру пэкIэ щIихуэри дыгъужь зи дзэлыфэ зытI ауэ дурэшым дэсым жьэхэуащ.

Дыгъужьым и дзэр зэригъэшхащ: ай, бетэмал, мэзым мыпхуэдэу укъыщысхуэзатэмэ, дуней уэзгъэлъагъунти, жиIэри абы къыфIигъэкIакъым, сыт щхьэкI э жыпIэмэ кхъухьым хьэ-кIэкхъуэкIэу исыр ириудэкIырт, кхъухьыр толъкъуным иIэтмэ е иридзыхмэ, мыщэм и гур къызэ Iыхьауэ и нитIыр къилэлт, «докIуэд мыгъуэри, къазыжь» жыхуиIэу. Къазыр кIэпхъыр зытес къурыкъум дэлъэтеящ:

– ДыкIуэдыркъым, мыщэжь. Тенджызым дызэпрыкIмэ, жэнэтыр адэ щIэину къытлъосыр, – жиIэри. Сытыт къазым абы къригъэкIар? «ЖэнэткIэ фыкъэзыгъэгугъэу фэ хьэмшом къомыр фыкъэзыгъэделам жиIар фи фIэщ щыхъуакIэ, иджыри фи нэгу щIэкIынум фегупсыс», – жиIэу арат.

Къыдырым хьэкъыу къыгурыIуащ убэлэрыгъ зэрымыхъунур. И увыпIэм иувэжри хьэIуцыдзу кърыгъэт Iысхьар къызэ-хуишэсащ. Модрейхэри къызэхуэсащ, диутI ыпщыжыну ара-гъэнщ, жа Iэри. АрщхьэкIэ кхъухьыпщыр хьэIуцыдзым яхуей щIэхъуар нэгъуэщIт, игъащIэкIэ гу лъамытэну. Къыдырым и щэху ирихьэлIэмэ нэхъ щхьэпэу къилъытар хьэIуцыдзырати, яжриIащ:

– Уа хьэIуцыдзыжь къом, гъуэгу дызытехьар тыншкъым. Псэущхьэу кхъухьым исым фахуэсакъ, мыарэзы, е сэр щхьэкIэ мыарэзыуэ сызыуб фахуэзэмэ, фащымысхь. Лъэныкъуэегъэз фщI ыи, зыIурывдзэ. Абы къикIыр сэ си I уэхущ. Жэщи махуи факIэлъыплъ. Гурыщхъуэ зыхуэфщIа дэнэ къэна, сомэжалIэ жиI эу зи жьэ къыжьэдэхуар е дыздэкIуэм дынэсыну зи фIэщ мыхъур махуэпс евмыгъафэ.

Хьэ Iуцыдзхэр зэщIэкъугъащ, къыдырым жиIар я гум ирихьауэ. Си Iуэхут, иджы абыхэм замытIыжмэ. Нэхъыбэ яIэщIэ-кIуадэмэ, кхъухьыр нэхъ псынщ Iэ хъунщи, нэхъ зегъэкI уэ-гъуафIэ хъунщ.

– Нышэдибэ унэхьэ париижь гуэрыр дыгъужьым пэпсэлъэжу зэхэтхащи, абы и деж къыщыщIэздзэ мыхъуну пIэрэ? – жиIэри хьэIуцыдз зи ныбэ иуа гуэр щIэупщIащ.

– Сыт жиIэу?

– Дыгъужьибгъур зы джэдыгущ, жиIэри дыгъужьым щIэнэкIащ.

– Ар дыгъужьым дауэ и гум техуа?

– Техуакъым, зи щIыхьыр ин: «Хьэ бэлацэр си пщампIапхъэщ» жиI эри пидзыжащ.

– ТIури зэдэвгъакI уэ: хьэр мысэ фщI ы, дыгъужьыр бгъэпудащ, жыфIи, дыгъужьми жи Iар хуэвмыдэ: нобэ унэхьэм уахуэлъэ щхьэк Iэ, пщэдей кхъухьыпщым ухуэлъэнкIэ мэхъу, жыфIи.

– Уа кхъухьыпщу зи пщыгъуэр кIыхь хъун, хъуну щытмэ, зы псалъэ жызгъэIэт, – жиIэри къыздикIар умыщIэу дыгъужьыжьыр къэуващ, и нэ плъыжьит Iыр къиху у, и дзэр зэригъэшхыу.

– ЛIо жыпIэнур?

– Уи мурад хъарзынэр нэхъапэ щI ыкI э зэпхьэлIэн хуеяр сэращ, си къуэш. Уэ къоныкъуэкъунк I э шынагъуэр ибгъэсыкIыну арамэ, сэ схуэдэу ар зэфI эзыгъэкIын щыIэкъым. Къыбгуры Iуа? Мо хьэIуцыдз къомыр тIасхъэщIэхыу си Iэмыщ Iэ къилъхьи, адрейр сэ си Iуэхущ. СогъэпцI, уи ней зыщыхуар здэкIуари здэжари ямыщIэу измыгъэбзэхыкIмэ!..

– Уи нэфI зыщыхуари, – жиI эри хьэIуцыдз ерыщ гуэрым къыхиIуащ, дыгъужьым хузэфIэкIыр зыхузэфIэмыкIынур дэра сытми, жыхуиIэу.

Абдеж дунейр къызэI ыхьэпати, псэущхьэ къомыр гуауэщхьэуэ хъуауэ зэрыс кхъухьыр толькъуну унэ зэтетым хуэдиз хъур къыжьэхэуэри кхъухьыр щIилъафэ пэтащ. Къыдырым кхъухь шэрхъыр быдэу имыIыгъатэмэ, ирилъэсыкI ри «досудани, Къасболэт» жыхуаIэм хуэдэ хъуат. Кхъухьыр къыдрихуеижрэ сэнтхым къытеувэжа къыдырым зыщиплъыхьым, хьэIуцыдз къомым я нэхъыбэр тенджызым къыхэнат, дыгъужьыжьри псым хэкIуэдэнт, и лъэбжьаниплIыр пхъэбгъум химыук Iауэ щытыгъатэмэ. Уафэр къекъутэхыу псым хэхуа хуэдэти, кIыфIт, къыдырым зы вагъуэ слъэгъуащэрэт, жиIэу дэплъей щхьэкIэ, вагъуэ дэнэ къэна, дыгъэр псым хэхуа хуэдэт.

– Кхъухьыпщ! СигъэкI уи кхъухьым. Сыхуей мыгъуэкъым жэнэти! – жиIэу кхъуэпIащэр къэгурымащ, кхъухьым здисым зыщIыпIэк Iэ ириудэкIри и джабэр игъэузати. ДзажэналъитI и хикъутыкIауэ къыщIэкIынт, апхуэдизкIэ кхъуэм и джабэр узырти, и дзапэф Iани Iуиудауэ и жьэм лъы къыжьэдож. Мэз бжэнхэри зэщIэкъугъащ, я гур кIуэдауэ:

– Кхъухьыпщ, дигъэкI уи кхъухьым. Къызэрыбгъэзэжу мэл зырыз уэттынщ! Дэ кхъухьым дису десакъым. ГущIэгъу къытхуэщI…

Езы кхъухьыпщым хэт сыт къивми, зэхимыхыу, мэгузавэ, кхъухьыр IэкIуэлъакIуэу хуэгъакIуэркъыми. Мы толъкъун къомыр щхьэ зэ имыухрэ, жьыбгъэм арджэнхэри хьэлэчу ефыщIри къэнэжа щIагъуи щыIэкъым. Кхъухьыр и пIэм ит хуэ-дэщ, толъкъунхэр бгым хуэдизу зыр къыбжьэхэуэрэ «сыкъе-лакъэ» щыжыпIэм аргуэру къыбжьэхоуэ, зэм сэнтх уохъур, зэм къуэм удидза къыпфIощI. Кхъухьыпщым кхъухь джабэр зэ закъуэ толъкъуным хуигъэзати, къэуфэрэнкIыу псым щIилъафэ пэтащ. КъызэплъэкIмэ – кхъухьым исам щыщ зыкъом толъкъуным ирилъэсыкIри псым къыхэнащ. Кхъухьыр кхъухьыпщым ерагъыу къигъэшрэ аргуэру къызэплъэкIмэ – псым хэхуа къомым я къугъ макъ зэхихыркъым, зэхихми, сыт пщIэн? Насып уимыIэмэ, хъудыр пэтрэ дзэр Iуеч. Жэнэт щIыналъэм уи щхьэр нэпхьэсын щхьэкIэ, къыптрилъхьэр пшэчын хуейщ.

– Цыжьбанэм сыкъеджэу сечэнджэщын: хъурзэр ездзыхрэ дыкъэувыIэмэ, мынэхъыфIу пIэрэ, – жиIэу кхъухьыпщым и гум къэкIати, хъуакъым. Униблу зэтетым и лъагагъым хуэдиз и лъагагъыу толъкъун къытеуэри езы кхъухьыпщыр ирилъэсыкIыным зы мэскъалт къэнэжар. УбэлэрыгъынуIэмал зэримыIэр къыдырым къыгурыIуати, къеплъэкI-неплъэкI щымыIэу толъкъун къакIуэм кхъухьыпэр хуэгъэза зэрыхъуным егупсысырт.

Кхъухьыпщым и пщIыхьэпIэм къыхэхуэу и гум къэкIакъым цыжьбанэм апхуэдиз Iэмал къыкIэлъызэрихьэну. ЦIыжьбанэм кхъухьым къитIысхьэ хуэдэу кхъухьыпщым зыкъригъэлъагъури кхъухьыр псы Iуфэм къыIумыкI щIыкIэ зигъэпщкIури икIуэсыкIыжат, кхъухьыпщу зыкъызыфIэщIыжа къыдырым дзыхь хуищIыртэкъыми. Ар иджыри къэс кхъухьыпщым ищIэртэкъым.

– Кхъухьыпщ, а зи уз кIуэдын. Уи гъащIэр кIыхьами кIэщIами, дунейм утетыху, си щIыб уису узесхьэнщ, уи кхъухьым сигъэкIыж. Сэр-сэру жэнэт щIыналъэр къэзгъуэтыжынщ, – жиIэу елыркъэшыр къэгумэщIащ, и нэпситIыр къехуэхыу кхъухьыпщым къелъэIуащ, ерагъпсэрагъыу зэфIэтыф къудейуэ.

Бажэми белджылы къищIащ зэрыкъэрабгъэр, зэрыпцIыупсыр:

– Уа, си къуэш, мо тIышхуэ къуэгъэнапIэм къуэсым я кIапэр узогъэшх, сигъэкIыж уи кхъухьым, схуэшэчыжынукъым абы фIэкIа, – жиIэу къыщылъэIуам. НтIэ ар жыIэкIэ хъунт, тIым я кIапэр пымыту пыгъэпщIа хуэдэ. Си фэр пщампIэу узот жиIатэмэ, зыгуэрт.

Дыгъужьыр зэIурыбзаеу блэкIырти, къыдырыр къытехьауэ етхэуащ, мо елыркъэш, бажэ сытхэр мэтхьэусыхэр, иджыри къэс хьэIуцыдзымрэ дыгъужьымрэ абы кIэ щхьэ ирамытарэ,

жыхуиIэу. Дыгъужьым абы гу лъитагъэнти, къэувыIащ:

– Узыхуей щыIэ, зи щIыхьыр ин? – жиIэри.

– Сызыхуейр пщIэркъэ? Псэущхьэу кхъухьым исым си щхьэр ягъэуз, къысхуэарэзыкъым. Ди мурад дахэр къыдэхъулIэну я фI эщ зэрымыхъур белджылыщ. ЛIо, хьэдэ вгъейуэ щхьэ фызэхэс: мыарэзым я пщэ гурыгъыр щхьэ зэрывмыудрэ?

– Хэт къыпхуэтхьэусыхэу укъэзыгъэгубжьар?

– Бажэ, уашхэ, елыркъэш – зи гур кIуэда мащI э?

Дыгъужьым и дзэр зэригъэшхащ:

– Зи гур кIуэдам и щхьэр кIуэдауэ уэзгъэлъагъункъэ. Иджыри къэс зил нэхъ десауэ мэл, бжэн, кхъуэ шыр сытхэм мыхьыр нэхъ едгъэхьащ. Иджы уэ къыпхуэтхьэусыхам я фэр тесхынщ. – ДыгъужьырIукIыжащ, хьэIуцыдзхэр и ужьым иту.

Къыдырым гу лъитэххатэкъым дыгъужьым псэущхьэр хьэлэчу зэрызэтриIущIэм. Хэчыхьауэ нэхъ узыщыгугъ мыхъунухэр яхиудыкI и гугъащ, арщхьэкIэ дыгъужьми хьэIуцыдзми зэхэгъэж лъэпкъ ящIыртэкъым: «Уи нэр щхьэ щIэбукъуэнцIа? Уэ зыгуэр уи мурадщ», – жаIэрти, мыр тшхащэрэт жыхуаI эм епхъуэрти, зэпкъраудырт. Кхъухьым псэущхьэ исам щыщу къинэжари зы хьэдэгъуэдахэ тIэк Iут.

Бажэм и къугъ макъыр кхъухьыпщым дэнэ щызэхихынт? Кукъум тес къазыр и диным икI ауэ мэкIий:

– ЩIы солъагъу! ДыздэкIуэнум дыкъэмысауэ пIэрэ? КIэпхъри къазым нэхърэ нэхъ лъагэжу къурыкъум тесщи, хъыбарегъащIэ хъуащ:

– Мэзи солъагъу! Мэз фIыцIэ! Жэнэт мэз!

– Мес къурши! Уэс тезу телъщ! Уэс къыщемысу жаI ати?!

Кхъухьыпщым и гур къызэрыгъуэтыжащ:

– ИIэ иджы, гуфIэ ныш схуэвукI. ЩIемыгъуэжауэ пIэрэ «уи кхъухьым дигъэкI» жызыIэу гурымар? Гъуэгу и пIалъэ сымыщIэу фыкъесшэжьа фи гугъэ? – къыдырым зигъэбэлыхь щхьэкIэ мыгузавэу къэнэнт: арджэнибл фIэлъу щытам щыщу зы закъуэ фIэкIа фIэлъыжкъым. «Узэхъуапсэр...» жиIэу тратхари тетыжкъым, зэхэфыщIащ хьэлэчу. Кхъухьыр узыхуеймкIэ бгъакIуэ хъужыркъым, толъкъуным здахьымкIэ кIуэ фIэкIа. Гущэм хуэдэу щIеупскI э.

Псы Iуфэр нэм илъагъу щхьэкIэ IэкI э улъэIэсын – нэхъ гъунэгъу мыхъуурэ пшапэр зэхэуащ. Жьапщэри нэхъ кI ащхъэ хъуа къыпфIэщI щхьэкIэ толъкъуныр зэрыщытащ, кхъухьыр адэкI э-мыдэкIэ зэредзэ, здэкIуэ лъэныкъуэр къыпхуэщIэнукъым, пшагъуэ къытрихуащи, зы вагъуэ плъагъуркъым.

Жэщри хьэ къарэм хуэдэщи, нэм къыщIэIэбэр плъагъуркъым. ХьэкIэкхъуэк Iэу кхъухьым итI ысхьам щыщу нэхъыбэр хьэм яшхащ е псым ирилъэсыкIащи, къэнэжар Iыхьэ плIанэ хъуми аращ. Адрей Iыхьищыр дыгъужь гъуэмылэ хъуащ, толъкъуным хэкIуэдащ. Iыхьэ плIанэ къэнэжами я гур къызэ-

Iыхьауэ, я щхьэр уназзэу, я нэр къитIэтIу дурэшплIэрэшым дэлъщ, я кIэр уубыдрэ укъеIами, замыгъэхъеифу. Езы къыдыру плъагъуми къару лъэпкъ къыхэнэжакъым, мычэму кIэпхъымрэ къазымрэ йогуо:

– Ей, лъагэу фытесщ, зыгуэр флъагъурэ?

– Сыт плъагъун? Мащэм дисым хуэдэщ!

– Укъазкъэ, лIэун? Къазыр нэ жанщ.

– Сэри сынэжант, зи уз кIуэдын. Уафэри, щIылъэри, тенджызри зэхэлъэдэжащи, псы щIагъым е уафэ лъащIэм дыщIэс хуэдэщ. – КIэпхъым пщIий къэп цIыкIу изу къыздищта-щи, еIункIри къурыкъум тесщ. Арагъэнщ, адрейхэм яхуэмыдэу, щIэнэжэгужэр.

Мыщэжьу зи акъылым икI ар мэщэIу:

– Ялыхь е сыгъашхэ, е сыгъалIэ, ялыхь е сыгъашхэ е… – жиIэу. ТхьэмыщкIэжьыр фIыуэ шхэри кхъухьым къитIысхьат, здэкIуэнум нэсыху жеин и гугъэу, иджы ишхари къемызэгъауэ къэмытэджыжыфу щылъщ.

Иужьрей жэщ закъуэр апхуэдизкIэ псоми къегуэуати, нэху щыхуи яхуэшэчыжыну я фIэщ хъуатэкъым. Нэхулъэ къищIа къудейуэ, къазым и макъым лIари къигъэхъужын хуэдизу псоми я псэм фIэфI хъыбар къаригъэщIащ:

– Жэнэт! Ей, жылэр зэрыжылэу фыкъэдаIуэ, кхъухьыпщым жыхуиIа жэнэт щIыналъэр солъагъу!

– Сэри солъагъу мэз фIыцIэшхуэ! – жиIэри кIэпхъри къэгуфIауэ долъей-къолъых, – мэзым уащхьэпрыплъмэ, къуршыр хужьыбзэщ!

Вы джэмыдэр, ерагъыу и щхьэр къиIэтри, щIэупщIащ:

– ХъупIэ е мэкъу Iэмбатэ умылъагъуу пIэрэ?

– Мэз лъапэр Iэмбатэ защIэщ…

Пщэдджыжьым дыгъэр тIэкIу къыдэкIуэтея жыпIэу кхъухьыр псы Iуфэм гъунэгъуу къыбгъэдыхьащ. «Къыбгъэдыхьащ» жыпIэми, тэмэмтэкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ кхъухьыр зебгъак Iуэ хъужыртэкъым, толъкъуным уздахьым уахь фIэкIа. Псы Iуфэр нэпкъ лъагэт, бгыр къызэрыгуэурэ куэд мыщIауэ. Толъкъунхэр а нэпкъым жьэхэуэмэ, псыр уафэм нос жыпIэну дреутхей, топ е бомбэ къэуа хуэдэу макъ ищIрэ щIыр игъэзэджызджу.

Кхъухьыр гущэ зэрамыщIэжу иныжь гущэ хуэдэу толъкъуным зэрадзэ. Кхъухьыпщыр къэгузэвауэ кхъухьыр зэрагъакIуэ шэрхъыр зэм адэкIэ, зэм мыдэкIэ егъэджэрэз, арщхьэкIэ кхъухьыр къедаIуэркъым, шы къарэ емылыджым телъ уанэм ещхьу толъкъун ф IыцIэм зэрехьэ. Бгы нэпкъым дреудэкIри доунэхъу, жиIэу къыдырыр гузавэ щхьэкIэ, неIэмал, пэлъэщыркъым, мэгъумэтIымэ:

– Цыжьбанэри ар! Къэубыдауэ тенджызым егъэтхьэлэн хуейщ. Плъагъурэ абы и IэщIагъэр? Кхъухь пхэнж дигъэщIащ,

емынэунэ хъун, – жиIэу. – Мыдэ щIым дытегъэхьэ зэ. Уэ пхуэфащэ сэ сыхъунщ. Жэнэт мыгъуэ уэзгъэлъагъунщ. Уи фэр лъэбжьанэкIэ тесхынщ.

Кхъухьыпщыр хъущIэурэ, къазыр зытес къурыкъум телъэтыкIри кIэпхъыр зэхъуэпса мэзым нэсащ. КIэпхъым и закъуэ лъагэу тесщи, къазыр здэкIуамкIэ маплъэ. Абдеж толъкъуныщхуэ къэсри кхъухьыр ирихьэжьэщ упщIэ пыIэм хуэдэуи, «къуах» жиIэу бгы нэпкъышхуэм ириудэкIри къуршыщхьэм тригъэуващ. Кхъухьым щыщ щIагъуэ къэмынэу зэхигъэщащэри исар Iуащхьэм елъэлъэхащ. ГъэщIэгъуэныратэкъэ: кхъухьыпщыр хыфIихуэри бгы нэпкъ зыщышынам топышэм хуэдэу техутащ, пэнцIывкIэ щIисэу.

– Къеблэгъэж къыдыр – жиIэри цыжьбанэр къыздикIари къыздихуари умыщIэу и пащхьэм къихутащ, лажьи-хъати имыIэу. Къыдырым и гугъат цыжьбанэри кхъухьым къихуу бгы нэпкъым къытехутауэ, арщхьэкIэ и гум къэкIыжащ ар кхъухьым икIуэсыкIыу зэрежьар.

– А-а, емынэ шыр! Кхъухь пхэнж дыбгъэщIам плъагъурэ къыдищIар? – жиIэри къыдырыр етхэуа щхьэкIэ, цыжьбанэм лъэIэсакъым, езыми къару къыхэнэжатэкъым. Гукъыдэж къыдырым иIэтэкъым, и нэпкъпэпкъри зэхиубэрэжьауэ мывэм хьэлэч ящIауэ лъыкъуалэр къожэх.

– ЛIо щIэпхэнжыр? Хъарзынэу псым фимытхьэлэу фыкъихьыжащ. Уэри умыгъуащэ сыту къэбгъэзэжащ.

– Дауэ къэзгъэзэжу? Дэнэ дыкъыздихьыжар?

Къазыжь кхъухьым илъэтыкIам зиплъыхьри къигъэзэжати, цыжьбанэм жиIэнум нимыгъэсу къыжьэдэхуащ, къыдырым къыщIэнакIэу:

– «Къэзыгъэзэж Алыхьым къещтэ» жиIащ пасэрейм. ДыздикIа щIыналъэ дыдэм дыкъэпшэжащ. ДыздыIукIа кхъухь тедзапIэм дыгъужьыкIэ тIощIкIэ фIэкIа дыпэмыжыжьэу. Узэрыкхъухьыпщ ахъырзэманыр, узэрыIущыр мэзым хьэкIэкхъуэкIэу щIэтым дэнэ къэна, псэущхьэу щыIэм я фIэщ пщIащ. Афэрым, ди кхъухьыпщ…

Бгым ириудэкIа тхьэмыщкIэ къомым, хэт и лъакъуэ икъутауэ, хэт зэхиубэрэжьауэ, хэти дзэ Iумытыжу Iуиудауэ, псым хэхуам лъыкъуалэр къежэхыу псы IуфэмкIэ къеIэу нэпкъым къыдэпщу къазым щилъагъум, лъатэри «сэ удз хущхъуэ къыфхуэсхьынщ», жиIэри ежьэжащ.

Кхъухьыпщри укIуриящ ахъи-быхъи и жьэм къыжьэдэмыкIыу. Цыжьбанэу зэпкъритхъыну и гугъам фIэкIа къыбгъэдэна щыIэкъым.

Къыдырым зимыгъэхъеижыфу, бауэкIэщI и хъуауэ здэщылъым, дыгъужьыжьым хьэ Iуцыдзхэр и гъусэу къэсащ. МурадыфI зэримыIэр нэрылъагъут, арщхьэкIэ кхъухьыпщым и кIэм укъеIами, къуищIэфын щыIэтэкъым. Цыжьбанэ имычэзууэ

къриxьэлIам елъэпауэри хъуным яшха пы Iэжьу хыфIиxуащ. Цыжьбанэм и цым щыщ банэм ещxьу и лъакъуэм къыxэуэри дыгъужьыр игъэгумэщIащ. Езы щхъуэжьри абы къигъэгубжьа хъунти, хьэIуцыдзxэм еджащ:

– Ди арджэн ныпым тетxауэ щытар сыт? «Дызэхъуапсэр дыдейщ» жиIэу аракъэ? АтIэ фынекъу модэ къыдырым . ГуфIэ нышыр тxьэм къыдитащ.

Ти, кхъуxьыпщыр а маxуэм щыщIэдзауэ зыми илъагъужакъым.

## ЗИ ЛЪЭРЫГЪЫПС ТIЫГЪА

### I

«Япэ зыщIам тIу ищIащ» жызыIа усакIуэшxуэм имыщIэу жиIакъым. Лъагъуэ пxыпшыныр IэджэкIэ нэxъ гугъущ, ар гъуэгужь xъуа нэужь урикIуэным нэxъpэ. ЩоджэнцIыкIу Алий xиша лъагъуэращ дэ гъуэгушxуэ тxуэxъуауэ дызытетыр, фIы къыдэxъулIэми, ди гум щыxэщIа къэxъуами, ди япэ ищам дыкIэлъопIащIэ, нэxъ тегушxуауи докIуэ, сыту жыпIэмэ гъуэгур къуейщIейми, гъуэгур мытыншми, щыxупIэ иIэми, дощIэ, пэрытым игъэунэxуащи.

Алий и усакIуэ вагъуэр уафэ къабзэкъым къыщыщIэкIар. Дунейр кIэгъэпшагъэ къудей мыxъуу, уафэ лъащIэр зэщIэуфIыцIа зэпыту, уафэxъуэпскIыр жэщкIи маxуэкIи къыxэлъэтыкIмэ, дунейр зэIыхьэнущ жыпIэу укъыxигъэщтыкIыу щытащ. Ар дыдэм дунейр тет зэпытурэ, ЩоджэнцIыкIу Алий и гъащIэр иуxащ. Иджы усакIуэр щыпсэуа лъэxъэнэмрэ и поэзиемрэ зэxуэпxьмэ, дэтxэнэ зы усэми зэман гуащIэм и нагъыщэ телъщ. Ауэ нэxъыфIт, Алий фIыкIэ xуэупсэу ятxа къомым усакIуэр апxуэдизу политизировать ямыщIу ятxыгъатэмэ. Езы Алий xузэфIэкIар мащIэкъым зыxэмыта Iуэxу xэтащ жыпIэу птxын xуэдэу, и Iэдакъэ щIэкIами уаситI xуэбгъэувын xуейщ, япэ къищри лъагъуэ ди культурэм щыxишащи.

Зэман куэдыщэ блэкIащ Алий япэ дыдэ сыщыxуэза лъандэрэ, ауэ а лъэxъэнэм xэкум и кIуэцIкIэ куэдыщэ къыщыxъуащи, зыщыбгъэгъупщэну уxуежьами, пxузэфIэкIынукъым. Сэ зи гугъу сщIынур ЩоджэнцIыкIу Алий дэсщIэу щытаращ.

АдыгэбзэкIэ дезыгъаджэм дыпэплъэу классым дыздыщIэсым, нэгъуэщI егъэджакIуэ къыщIыxьэри ди пащxьэм къиуващ:

– Нобэ Ибрэxьим къэкIуэнукъыми, фезыгъэджэнур сэращ. Зи гугъу тщIынур къэбыстэ гъэтIысынщ, ар къызэрагъэкIыр зэдгъэщIэну аращ, – жиIэри. Агроном егъэджакIуэм арыншэми дызэреджэр «къэбыстэ лъабжьэт». ЛIыгъур Ибрэxьим къыщIэмыкIуам дыщIэмыупщIэу учебникыр дгъэпщкIужри агрономым доскам къритxэр теттxыкIыжурэ урокыр екIуэкIащ, иужьым xъыбар мыфэмыци къэсащ: адыгэбзэкIэ демыджэжыx-

хэну. Сыт щхьэкIэ? Дезыгъэджэн щыIэжкъым. Дауэ – Ибрэхьим къыщыщIаIа? КъыщыщIагъэнщ…

Хъыбарыр сэ нэхъ си жагъуэ хъуащ, сыт щхьэк Iэ жыпIэмэ си адэр къыскIэлъыкIуэмэ, Iэмал имыIэу Ибрэхьим зыхуигъазэрти, зэпсалъэрт. Сэри къызгурыIуат а тIур куэд лъандэрэ зэрызэрыцIыхур, уеблэмэ зэгуэр сурэттехым дык Iуэри щыми сурэт зытредгъэхат. Езы Ибрэхьими нэлейк Iэ къызэплъ си гугъэт ди адэм и хьэтыркIэ.

– Си щхьэмытIыр егугъурэ? – жиIэри си адэр ЛIыгъурым еупщIати, Ибрэхьим си гуапэ ищIыгъат:

– Акъыл натIэщ, Пщымахуэ, тхьэм гъащ Iэ кърит, гурыхуэ цIык Iущ, – жиIэри. Ар сэри щытхъу схуэхъури си гум къинащ.

Егъэджак Iуэр етIуанэ махуэми къэк Iуакъым. Къуажэм къыщыхъур ди дей къэмысу къанэртэкъым. Дэ къыддеджэм ящыщу щ Iалэ цI ыкIу гуэр интернатым щI адзыжыну щыхуежьэм, я къуажэгъу нэхъ инхэм ящыщу щыIэти, еджакIуэ цIыкIур окрисполкомым тет Шыкуэ ТIутI деж ишащ. Езы ТIутI жыхуэпIэр лIы пхъашэт, властыр къыщахьыжым адыгэ шуудзэм къомандиру яхэтат. Щ Iадзыжынк Iэ гузавэр дзыхь имыщIу кабинетым щ Iыхьэри еплъыхыу уващ, жиIэну къыщI экI уар хужымыI эу. ЩIалэ цIыкIур интернат фащэкI э хуэпауэ щилъагъум, окрисполкомым тетыр къыбгъэдыхьэри къедэхэщIащ, игъэтIысщ езым бгъурысуи, къеупщIащ:

– Сыт укъыщIэкIуар, тI ыкIуэ?

Мыдрейм къыхудэшейркъым, и гур къызэфIэнащи, и щхьэр къимы Iэту щысщ магъри. Ерагъыу удэIужа нэужь:

– Интернатым сыщIадзыжырти, сыкъэк Iуащ, – жиI эри нэхъыбэ хузэфIэкIакъым.

– Ар сыт щхьэкIэ?

– Уэркъым укъыхэкIащ жаIэ.

ТIутI Къэбэрдейм пщырэ уэркъыу имыцIыху истэкъым, властыр щагъэувым зэзэуарати, ямыукIа къэнамэ, Хэкум ирашат. Абы ящыщу дэнэ къуажэ дапщэ дэсами, я цIэр къыпхурибжэкIынути, щIалэ цIыкIум къеупщIащ:

– Хэт урей? ЖыIэт фи унэцIэр. – Модрейри шынэщауэ, зиудыгъуу мэкIэзыз, си унэцIэр жесIэмэ, мыбы сыщIидзынщ, жыхуиIэу. И щхьэр фIэхупауэ ерагъыу зэхэпхыу жеIэ:

– Шыдхэ.

– Уэлэхьи, шыд уэркътэм иджы сымылъагъужар. Уэркъ хэкум исыж? Соловки дгъэкIуащ къэна зырызыр. КIуэжи, еджэ адэ. Сэ сепсэлъэнщ фи Iэтащхьэм. – Ти, щIалэ цIыкIур гуфIэу къэкIуэжащ.

Махуэ гуэрым дежурнэныр сэ къыслъысри псышэ сыкI уэн хуей хъуащ, шызакъуэгум бошкIэ иту пщIэгъуалэжь гуэри щIэщIауэ – арат псышэ дызэрыкIуэр. Псыр къыздитш ди хабзэр Кушмэзыкъуей къуажэм дэту къежэх псыIэрышэрат. Си бош-

кIэм псы из сщ Iыри къэзгъэзэжмэ, къуажэбгъум деж гу къом къэувыIауэ зэхэтщ, кIийр кIийуэ, гъыр гъыуэ. Фызышэ макI уэ жыпIэнущи, цIыхубзри сабийри зэщIогъуагэ, хьэдагъэ макI уэ жыпIэнущи, гу къэс сабий бын исщ, шу ябгэ гуэрхэми я щхьэр бащлъыкъ хужькIэ фIэпхыкIауэ я щIопщыр ягъэдалъэу мэкIиймэгуо. А къомым саблэкIын дзыхь сымыщIу сыздэщытым, сэри зы шу къызбгъэдолъадэ:

– Уэ ухэт езыр? – Шум гу къылъитащ си фащэм, мо зэхуэса къомым сазэрыщымыщыр къищIа хъунти: – ЗыIуегъэх, тIысэ, уэ мыбдеж щыпщIэн щыIэкъым, – щыжиIэм Iэнкунурэ сыкъе-жьэжащ, гуп зэхэт къомым гъуэгу къызамыту. Сэ къысщIэкIия шур джэдыгу пIаргъыу, зызыгъэшу уэсым хэтым жьэхолъадэ.

– Уэри дауэ уакъыхэхуа?

Зи гуэншэрыкъым шабий къилэлу къулейсызыфэ дыдэ зытету щIыIэм игъэундэрэщхъуам ерагъыу къыдрешей:

– Уэлэхьи, сымыщIэ: укулачщ жаIэри сыкъыдахуащ. ИгъащIэм сылIыщI эщ… Сыт си кулач иджы?

Шум нэхъ хищIыкIыу къыщIокI:

– Подкулачник жаIэу Соловки кIуэм ухадзагъэнщ.

– Тэмэм. Ара мыгъуэщ, зи уз кIуэдын, – жиIэри шум зыгуэркIэ щыгугъами, модрейр и шым елъэдэкъауэри зэрыгъэкIийуэ зэхэтым я дежкIэ ежьэжащ. Сэри ЛIыгъур Ибрэхьим си гум къэкIыжри, «ПыIэ гъуабжэ плъыфэр» адрейхэр здагъэкIуам ягъакIуэ, жысIэри сыкъэгузэващ. Арат абы дызэреджэр. ПсынщIэIуэу интернатым сынэсыжащэрэт, жысIэу си алащэм сыкъеуэу къыщызгъэзэжым, зэщ Iэгъуагэ къомым ящыщ гуэрхэр къэджащ, си бошкIэм псы къриутхыкIыу фызхэм щалъагъум: «А тIыкIуэ, а зи уз кIуэдын, псы тIэкIу мыгъуэ дегъафэт». КъэзгъэувыIэщ сишри, бошкIэм сыкъелъэри къызэлъэIуа фызым и шейныкым псы хуизгъэлъадэу щалъагъум, нэгъуэщIхэри къэсащ: щIыIэм игъэдыкъауэ щIалэ цIыкIуи, фызи, хъыджэбз цIыкIуи. БошкIэм IуукIа пхъэцIыбыр къыIусчри псыр къриутхыкIыурэ кхъуэщыным ирезгъэгъахъуэу сыздэщытым, къызбгъэдыхьауэ щыта шур аргуэру къэсри щIопщкIэ си щIыбыр къызэпихулыкIыу къызэуащ:

– IукI мыбдеж бжесIакъэ?! СогъэпцI, уэри узмыгъак Iуэм жылэр здэкIуэм! – жиIэри.

Псы ефэну къэкIуахэми шур яхэуэщ, яхэуэри зэбгрихуащ, сэри сыгужьеяуэ пхъэцIыбыр ерагъыу IузукIэжри сыпIащIэсытхъытхъыу си пщ Iэгъуалэр къэзгъэущащ, бошкIэм псыр кърикIыкIыу. СыкъыздэкIуэжами къызэшхыдащ, бошкIэ ныкъуэщ къэпшар, жари. Соловки яшэр псы езгъэфащ, щыжысIэм, зэхэзыхым яфIэгъэщIэгъуэну къызэупщIырт. Хьисэпк Iэ дыщеджэм деж, «остатки» хужымыIэу «отаскэ» жызыIэ щIалэ цIыкIу къытхэтти, къызэупщ Iащ:

– Ей,Соловкир КъалэкIыхьым адэкIэ? – жиIэри. Абы къызэрыф IэщIымкIэ, КъалэкIыхьым адэкIэ дунейр щиухыу арат.

Соловки яшэр дгъэхъыбарурэ пщэдджыжь гуэрым агроном щIалэу дезыгъаджэр классым къыщIыхьащ, гъусэ иIэу. Дэри а лIитIым дапкъроплъыхь, гу зылъытта гуэри щыIэ пэтми, ди гум илъыр жытIэн едмыкуу. Агроном егъэджакIуэм и гъусэр ныбжькIэ езым нэхъртэ куэдкIэ нэхъыжьтэкъым, лIы лъахъшэ гъурт, гъуэншэдж лъапахъуэм джанэ гъуабжэ теутIыпщхьарэ, абы и щIыIум пиджак укъуея тIэкIуи телъыжу. ЛIы къыщIыхьар къамылыфэт, и щхьэцыр дэжьеят, лъагъугъуаф Iэт, ауэ «ПыIэ гъуабжэ плъыфэм» хуэдэу бжьыфIэтэкъым. «Къэбыстэ лъабжьэр» къыпыгуфIыкIыу и гъусэм дежкIэ еплъэкIри урысыбзэкIэ къыджиIащ:

– Знакомьтесь: Али Асхадович Шогенцуков. Теперь он будет вас учить родному языку.

Арыншэми дэри гу лъыттат ар зэрыадыгэм. Урысыбзэ нэхъ зыщIэ гуэр щIэупщIащ:

– А Ибрагим Тлигуров? – жиIэри.

ЛIыгъур Ибрэхьиму иджыри къэс адыгэбзэм дезыгъэджар здагъэкIуар «къэбыстэ лъабжьэм» ищIэми, имыщIафэ зытригъэуащ, и гъусэм дежкIэ еплъэкIащ, уэ нэхъ хэпщIыкIыу къыщIэкIынщи, яжеIэ жыхуиIэу. Алийрэ Ибрэхьимрэ зэкъуажэгъут, зэдэлажьэуи щытащ. Япэ дыдэ революцэм и пэкIэ адыгэ къуажэхэм школ къыщыщызэIуахам Кушмэзыкъуейр яхэтащ, школ унэ хъарзыни дащIыхьыгъат, Бахъсэн урыс къуажэм нэхъ къегъэщIауэ. «Адыгэ макъ» жыхуаIэу щыта газетыр къыдагъэкIыу щыхуежьар а къуажэрат.

Зы зэман гуэр урысыдзэм Кушмэзыкъуей быдапIэ дащIыхьауэ щытати, абы щыщ къэмынэжа пэтрэ я гъунэгъу урыс къуажэм щхьэкIэ Бахъсэн къалэ жаIэрт, тхьэмахуэ къэси блыщхьэм хуэзэу бэзэр щызэхуэсырти, къэзыщэхунури зыщэнури зэхуэсырт, сондэджэрхэр Налшык къикIыурэ къакIуэрт.

Сэри Ибрэхьим къызэрымыкIуэнур си жагъуэ хъуауэ сыщIэупщIащ:

– ЛIыгъурым къигъэзэжынукъэ?

Алий гукъыдэж щIагъуэ имыIэу къыджеIэ:

– Ибрэхьими къигъэзэжынкIэ хъунщ, хэт ищIэрэ? Абы къигъэзэжыху, сэ фезгъэджэнщ. Хъуну апхуэдэу?

– Хъуакъэ? – учкомым тет щIалэм жиIэм дытету десати, зыдущэхуащ, Ибрэхьим «къигъэзэжынкIэ хъунщ» зэрыжиIам дигъэгупсысэ пэтми. Агрономыр щIэкIыжри Алий классым къыщIэнати, дызэджа сытхэм щIэупщIащ, журналыр къищтэри ди цIэ-унэцIэхэм къеджащ, зэзэмызэ «дэнэ къуажэ, уи адэм и цIэр хэт?» жиIэурэ щIэупщIэрт. Псалъэм къыдэкIуэу къыхигъэщат «Истамбыл сыщыIэу» жиIэуи, зыгуэр щIэупщIащ:

– Истамбыл адыгэ куэд щыIэу жаIэри, пэж?

Алий къыпыгуфIыкIащ:

– Адыгэ нэхъыбэу абык Iэкъэ здэщыIэр, – жиIэри. Истамбыл зэрыщеджар къыщытщIэм, ди фIэщ хъуащ а лIым дуней зэрилъэгъуар, куэди зэрищIэр. Къущхьэ щIалэ цIыкIу къытхэсти, урысыбзэкIэ щыгурымыIуэм, Алий къущхьэбзэ зыкъыщищIым, дызэплъыжащ, дгъэщIагъуэу. Къущхьэбзэ зыщIэ адыгэ щIалэ цIык Iу къытхэтти, гу лъатащ егъэджакIуэр тыркубзэкIэ зэрыпсалъэм. Дэри ди нэ къикIырт Тыркум щыIэ адыгэхэм я хъыбар Алий жедгъэIэну. Япэм ЛIыгъур Ибрэхьим нэхъ бжьыфIэу, егъэджакIуэм нэхъ ещхьу къытфIэщIа щхьэкIэ, иджы Алий нэлейкIэ деплъ хъуащ, езыри нэжэгужэу, цIыкIум задигъэцIыкIуу, иным задигъэину, Iэпкълъэпкъ жан иIэу гу лъыттати.

Дызыщеджэ унэр Алий и щыпэлъагъуу щымыт пэтми, адэкIэ-мыдэкIэ кIуэуэрэ псори зэпиплъыхьащ, унэм и къекIуэкIыкIар ищIэрти. Революцэм и пэкIэ унэр Кушмэзокъуэхэ ящыщ гуэрым иригъэщIат, тIууэ зэтету, и щIагъыр пэш инышхуитIрэ сату щащIу, и щIыIур пэш зытхух хуэдиз хъурэ бынунэр щIэсу. Иджы и щIагъыр общежитщ, и щIыIур классщ, пщIантIэми шэщ дэтщи, ари тIууэ зэтетщ, и щIагъыр бощи, ди пщIэгъуалэжьу псы къызэрытшэр щIэтщ, унэм и щIыIур складщ. Абы нэмыщI гуэщышхуэ дэтар иджы клуб ящIыжыну и ужь итщ, и ныкъуэр шхапIэу къыпахулыкIащ.

## II

Интернатым щеджэр класситIт зэрыхъур. Дэри дэр-дэру тIууэ зыдгуэшыжат, «иныжьрэ» «жьыныбэрэ» жытIэу. НыбжькIэ дызэхуэдэтэкъым, балигъ хъуным нэса къытхэтти, ахэр «иныжьт», модрей цIыкIу защIэм къызэрыдэджэр «жьыныбэт». ШхапIэм дыкIуэмэ, нэхъ крушкIэшхуэр «иныжьым» ялъыст, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ учкомым я унафэкIэ ахэр япэ иту шхапIэм дыкIуэрт, зыдгъэнщIу зэи дышхэртэкъым, щIакхъуэ фIыцIэ Iыхьэ щхьэкIэ ущаубэрэжьи къэхъурт.

Алий ди псэукIэм гу къылъита нэужь, директорым хуэтхьэусыхащ, езыми дызэхуишэсри къыдэущияш нэхъыжьхэм я нэIэ нэхъ цIыкIум къыттетын хуейуэ игъащIэми ар адыгэм хабзэу яхэлъщ, жиIэри. Иужьым шхапIэм дыщыкIуэкIэ нэхъ цIыкIухэр япэ драгъэувэ хъуащ, арщхьэкIэ нэхъ инхэм я крушкIэшхуэр я бгырыпхым кIэрыщIат, дэ къытлъамыгъэсыну. Шхыныр Iейуэ къыдэмэщIэкIт, зыдгъэнщIу зэи дамыгъашхэу, дагъэшхми IэфI щIагъуэ щIэлътэкъыми, сымаджэ хъууэ сымаджэщым яшэ къытхэкIт, нэгъуху уз сэри къызэуэлIат.

Зи адэ-анэ хуэкъулейр кIуэжырти, гъуэмылэ къишэрт,

арщхьэкIэ уи гъуэмылэ уи закъуэ пшхыжу къыпхуадэнутэкъым: нэхъапэ щIыкIэ «иныжьхэр» хэIэбэнт, сымаджэм я Iыхьи хэкIынт, уи ныбжьэгъухэми гу ялъыптэнти, къанэIамэ, уи Iыхьэт. Пщэдджыжь къэсыху щIакхъуэхьэ кIуэну щIалищ хэхын хуейти, абы кIуэнур гъунэжт, щIакхъуэ хуабэ къахьым фIыуэ пашхыкIауэ къахьырти. Абыи бэлыхь къимыкIыу къанэртэ-къым, щIакхъуэм хэшхыхьам учкомым я унафэкIэ къуэды тралъхьэрти, интернатым ди жэмыр ягъэхъуну хъупIэм ягъакIуэрт.

Зэгуэр автомашинэкIэ къулыкъущIэ къэкIуащ, ди псэукIэм къеплъыну. Алий дигъэIущат дымышынэу хьэщIэр ди псэукIэ-еджэкIэм щыгъуазэ тщIыну, жетIэнухэри хъарзынэу къыджиIат, арщхьэкIэ хъуакъым: шоферым машинэр хузэщIэмыгъэнэжу хъури къыдэлъэIуащ, школым пэмыжыжьэ джабэ тIэкIум маши-нэр IэкIэ дэтшрэ езыр къыщежэхыжкIэ зэщIигъэнэн и хьисэпу. ЦIыкIуи ини дежэри пщIэнтIэпсыр къыдэхуэхыу машинэр дэтшащ, шоферыр зэрыхуей дыдэм хуэдэу хъури «хьэщIэм» и машинэр зэщIагъэплъэжауэ щилъагъум, ит Iысхьэри макIуэ-мэлъей. ХьэщIэм сыт къыпытха? Абы жиIэу зэхэтхащ ЛIыгъур Ибрэхьиму хъарзынэу дезыгъаджэу щытар Соловки щIагъэ-кIуар. Алии дытегузэвыхьырт, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Кърым кIуэри мыдрисэм щеджат, Истамбыли щыIат, мусаватистхэм я зэманым Баку щылэжьащ, иджы и щхьэм зэрытегузэвыхьым гу лъумытэну Iэмал зимыIэт, дэ нэхърэ нэхъ гъурыж хъуауэ, зэщIэуфIыщIауэ, и нэщIащэр иуэжауэ школым къакIуэмэ, унэм игъэзэжын дзыхь имыщIу къытхэтт, пщыхьэщхьэ хъухукIэ.

Иужьым директору къытхуагъэкIуэн ямыгъуэту щыхъум, ЩоджэнцIыкIур ираджэри унафэ къыхуащIащ директорым и къалэныр игъэзэщIэну. Езыри къыхуагъэфэщамкIэ арэзы хъуащ, ди общежитым щыщу зы пэш цIыкIу иубыдри жэщи махуи тхэмыкIыу къытхэс хъуауэ.

Бахъсэныпсым тет щхьэлыжьым зы динамэ машинэ щIагъэуврауэ арат электричествэр къыдэзытри, щхьэлыр къутэрэ къэувыIэмэ, ди унэр пщыхьэщхьэкIэ кIыфIт. Ди насыпти, Алий дызэхуишэсурэ класс кIыфIым дыщIэсу Iэджэм дригъэдаIуэрт, хэкум къыщцыхъум гу лъыдигъатэрт, адыгэ тхыдэр къыджиIэрт, адыгэ хабзэм дыхуиузэщIт, къыдэущиерт, абы ищIыIужкIэ Пушкин и усэхэм урысыбзэкIэ къытхуеджэрти, абы къикIыр адыгэбзэкIэ къыджиIэжырт, езым урысыбзэр тынш дыдэу имыщIэ пэтми.

Япэ дыдэ «Интернационал» гимныр адыгэбзэкIэ жытIэу дэзыгъэщIар Алийщ. «Дунейм тет псори мэжэщIалIэщ…» жиIэу къыщIэддзэмэ, хьэкъыу ди фIэщ хъурт дэ тхуэдэу псори ныбэ нэщIу, щIакхъуэ Iыхьэ дэнэ къитхын жаIэу цIыхур зэры-

зехьэу. Ар апхуэдэу къыщIытфIэщIыр дэ дымэжалIэу дахэдахэу дызэремыджэфыр ара къудейтэкъым. «Бахъсэн событэкIэ» зэджэр зи нэгу щIэкIа къытхэтт. ЩоджэнцIыкIу Алий абы химыщIыкIыу щыттэкъым, ауэ абы и гугъу ищIыну къыщIэкIынтэкъым, дэ тщыщ щIалэ цIыкIу гуэр (Ислъэмей къуажэм щыщу) и Iэ ижьыр пымытыжу Iэ сэмэгумкIэ тхэуэ имылъэгъуатэмэ.

– Сыту пасэ мыгъуэу хэкIуэда уи Iэ ижьыр, – жиIэри ЩоджэнцIыкIум и гур щIэгъуащ щIалэ зеиншэ цIыкIум, ар зыдэс партэм къекIуалIэри.

«Иныжьхэм» ящыщ гуэрым къыжьэдэхуащ:

– НтIэ, хьэдагъэ кIуэн: Бахъсэн событэм хэтащ. И щхьэр хэмыкIуадэу къэнащи, ирегуфIэ.

ИпэжыпIэращи, уи щхьэ хэкIуэдэпэнуи щытащ. Къэралым естын гъавэ сиIэкъым, къысхуэнам си бынунэр шхын щхьэкIэ мылIэу гъэм тригъэхьэн къудейщ, жызыIэу къуажэм дэсым лIищ къыхабжыкIри ягъэтIысащ, я дум илъмэ, кърахрэ я гуэнри къыщатIэщIым фызхэр, сабийхэр зэщIэгъуагэурэ хьэблэр къызэхуашэсщ. Я благъи, я гъунэгъуи, я лъэпкъри зэрылъэпкъыу къызэхуэсхэри къызэрыгъэгубжьыжауэ зэрыгъэкIийуэ хуежьэри уэрамым къызэрыдэхащ, лIым бжэгъурэ башрэ яIыгъыу, фызым лэныстэрэ дзасэрэ яIыгъыу. ФынакIуэ лажьэ зимыIэу ягъэтIысар къедгъэутIыпщыжынщ, жаIэри округым я центр Бахъсэн дэтым кIуэуэ гупышхуэр зэрехьэхырт, къахуэзэр гъусэ къахуэхъуу. Дэ къыддеджэ «жьыныбэ цIыкIури» (зи Iэр хэзылъхьари) яхэтт, къуажэм каникул кIуэжауэ ирихьэлIати, ауэ Алий къэхъуам щыгъуазэ дызэрыхуищIар мыращ.

ИгъащIэм адыгэ къуажэр тIысмэ, псы Iуфэм IуотIысхьэ. Псы къежэхым ипщэмкIэ къыщыщIадзэрти, ищхъэрэкIэ ехыу дэтхэнэ псыми и IуфитIри яIыгът. Къуажэр къуажэ цIыкIуу щытыху, псым щхьэкIэ гугъу ехьыр куэдтэкъым, сатыритI-щы Iусмэ, нэхъ жыжьэр нэхъ гугъу ехьмэ, псышхуэм псыIэрышэ къыхашырти, зэфIэкIат.

АтIэ къэзакъ станицэ адыгэм къыхагъэтIысхьэмэ, псоми псы Iуфэ зыIутIысхьэн дэнэ кърахын? Абы хуэдэт Кременчуг-Константиновскэ станицэр. Псым щхьэкIэ къэзакъхэмрэ адыгэхэмрэ щызэныкъуэкъуи къэхъурт. Абы къыхэкIыу Iэтащхьэхэм унафэ ящIащ къэзакъ станицэм псыIэрышэ хуашэну, Бахъсэныпсым къыхашу. Къуажэ къэс я щIым и кIуэцIкIэ щIыр зейм кIэнауэр ятIын хуейт. Ислъэмей къуажэм кIэнауэм нэмыщIу псы къыхэшыпIэр IуащIэну къалэн щащIат.

Къуажэ зэIущIэм щыжаIащ: «Мыращ Iуэхур зыIутыр: унафэщIхэм ди пщэ къыдалъхьащ къэзакъхэм псыIэрышэ яхуэтшэну». ЗэIущIэри арэзыт, уеблэмэ зэгурыIуат псыIэрышэм «Сэлам» фIащыну. АрщхьэкIэ къуажэшхуэм къахэкIащ

губгъуэм илъ ди гъавэр къиднэу, кIэнауэ ттIыуэ дауэ дихьэжын, ди гъавэм демылэжьу, жаIэу. Зэманыр гъэмахуэт, мэкъу еуэ-гъуэт, хадэ пщIэгъуэт. Жылэм бел къащтэу щхьэж хуагъэфэща IэнатIэм щыIуувэм, кIэнауэ зытIыну зымыдэ зытIущи къахэ-кIати, Къалмыкъ БетIал и унафэкIэ лIищ хуэдиз ягъэтIысащ. Ар къуажэдэсым я гум темыхуэу, зэрызехьэшхуэ къимыкIыу хъунт. Иджы мес:

– Ислъэмей дэсыр къэукхъуауэ къызэрохьэх, – жаIэу хъыбар къыщысым, окрисполкомым щIэс илъэпкъыр къызэрыIэтащ, Iэщэ зиIэми зигъэхьэзыращ зэуэну. Куэбжэри бжэщхьэгъубжэри ягъэбыдэри мылицэ тIэкIу дэсымрэ ГПУ-мрэ зэхэту адэкIэ-мыдэкIэ зыдадзащ, къыдэукIыурэ цIыхур ягъэшынэн я гугъэу. Зы шыплIэ пулемети яIэу къыщIэкIати, лъагапIэм трагъэуващ, къахэуэну. Къуажэдэс къызэрыгъэгубжьыжар къосри окрисполкомыр къаувыхьауэ зэрогъэкIий, лажьэ зимыIэу вгъэтIысыр къэвутIыпщыж, жаIэри. ЦIыхур зэрызехьэу, бжэгъухэр ягъэдалъэу, фызхэри зэщIэкъугъэу цIыхухъухэр къагъэбырсейуэ, нэхъ щIалэхэри мыкъуейщIейуэ къэнэнт? Мывэ хъурейкIэ бжэ-щхьэгъубжэхэм еуи къахэкIат. Исполкомым председателу тетар къепсэлъэну къыщIэкIа щхьэкIэ, шынэжри зигъэпщкIужащ, къэхъуакъэщIам и хъыбар телефонкIэ здынигъэсыпхъэм нигъэсыну. ЦIыхур зэрызекъуэу щыта нэужь, тутнакъэщымкIэ еIащ щIэсыр хуит ящIыжыну, арщхьэкIэ унащхьэм тет пулеметымкIэ къеуэ щыхъум, цIыхур къэгужьеяуэ, IэлфIыщIэм хуэдэу хъуауэ, я диным икIащ, уIэгъэ хъуа, къаукIа щалъагъум. АрщхьэкIэ Iэщэ зиIэм бжэгъукIэ, лэныстэкIэ уапэлъэщынт? ПулеметкIэ къахэуэм и Iэщэр къытрахын я хьисэпу мывэ къалэм зыгуэрхэр дэпщеину хуежьати, къехъулIакъым. Зэрызехьэ къомым батэкъутэр ягъэшын я гугъэу зэхэтурэ, Къалмыкъ БетIал дзэ къишэри къэсащ. Хэкум я унафэщIыр къэкIуауэ щалъагъум, мо къызэхуэса къомыр зыкъащIэжри иувыкIащ, нэхъыжьхэми я гукъеуэ жаIэну хьэзырыпст. Окружной центрым щылажьэ къулыкъущIэхэу зызыгъэпщкIуахэри къыкъуэкIыжри зэIущIэшхуэм къахэувэжащ. Къалмыкъ БетIал, автомобиль зэрысар трибунэ хуэхъуауэ, дзэри иувыкIауэ, къахэпсэлъыхьурэ, цIыху къэбырсеяхэр игъэсабырыжащ.

Школ дызыщIэсым я хадэр зетхьэну щIалэ цIыкIу зыбжанэ каникулым дамыгъэкIуэжу дыкъагъэнати, хъыбар шынагъуэ ди деж – уэ къэпхьа, сэ къэсхьа? – къэсащ: интернатым щIэсхэр бэлшэвыч бынщи, кулакхэм я къамэр щIэлъыкIауэ къэкIуэнущ дыфIагъэжыну, жаIэри.

Къуажэ зэрызехьар зэгъэжат, ямыщIэххэу дзэ къатеуэу зыгуэркIэ гурыщхъуэ зыхуащIу дапщэ дэсами ягъэтIысыну щыдашам. Ар къызыхэкIар зыщIэу къуажэм зылIдэсагъэнкъым. Алий жыпIэнущи, ищIэну Iэмал зимыIэт. Сэри ар къыщысщIар

илъэс щэщI дэкIа нэужьщ.

«Бахъсэн событэкIэ» еджэу а къэхъуам бэлыхьышхуэ къибгъэкIын хуэдэуи щытакъым, арщхьэкIэ, Къалмыкъ БетIал зэреплъымкIэ, къигъэкIын хуейт, уеблэмэ хэIущIыIу щIын дэнэ къэна, и хъыбарыр ехьэжьэн хуеят: Совет властыр якъутэжыну Ислъэмей къуажэр хуежьат, жаIэу. Ар пцIыми, хэкум ис псоми я фIэщ ящIыну ирахьэжьат.

Сытыт иджы абы пылъыр? Ростов къалэм щаубыдри Къэтхъэн Назир ягъэтIысат, мазэ зыбжани дэкIат зэрагъэтIысрэ. Следствие пIалъэр икIауэ ягъэкъуэншэну палъхьэнур ямыгъуэту, лажьэ зимыIэ лIыр щыст, хабзэм зэрыжиIэмкIэ, къэутIыпщыжын хуейуэ. Къалмыкъым ар къиутIыпщыжыныр Iэмал зимыIэт. БетIал мурад ищIат: Бахъсэн къыщыхъуар зи зэраныр Къэтхъэн Назир трикъуэу Центрым нигъэсыну, следствие пIалъэр икIати, къыщIригъэгъун щхьэкIэ. БетIал ЦИК-м я дежи телеграммэ ирегъэхь: иджы къыщIэщащ Iуэху бэлыхьлажьи, дыволъэIу хабзэм къигъэлъагъуэ пIалъэм къыщIевгъэгъуну, жиIэри. Абы и жэуапри къосыж: хуит фыдощI, жиIэу. Абдеж щыщIэдзауэ «Бахъсэн событэм» лажьи-хъати зимыIэ куэд Ислъэмей къуажэм щыщуи щымыщуи хокIуадэ, щIыхэкIуадэр зыми имыщIэу.

Къалмыкъым Iуэхур утыкум кърелъхьэ, Бахъсэн щызэрызехьам я мурадар цIыкIуфэкIукъым, абы хэтар тезыгъэгушхуэу я гум къишхыдыкIар Къэтхъэн Назирщ, колхозыр идэркъым, Совет властыр икъутэжу шэрихьэт хабзэм тету псэууэ иригъэжьэн и хьисэпащ, жиIэу. Ар абы и IупэфIэгъухэм япхъуатэри, жылэм хахьэ.

ЛъэкIыныгъэ зиIэхэми зыкъаIэт: колхозыр зымыдэу щыIэр Къэтхъэным и унафэкIэ зэрыгъэдаIуэурэ Iэщэ яIыгъыу дапщэщ къежьэну, жытIэу дыпэмыплъэу, япэ зыкъидгъэщу дэнэ къуажэ дэсри къыхэтщыпыкIыурэ идгъэсыкIыну ди къалэнщ, жаIэри. Абдежым къыщыщIадзэ «контрэ» къаубыдынми, дэнэ лъэныкъуэкIи къапэщIэхуэр хоунахъуэ. Абы къащхьэщыжу къэувIамэ, и унэцIэм «щинэ» («Катхановщинэ») пагъэувэри, ари къыздэмыкIуэжынум ягъакIуэ.

Къэтхъэныр а лъэхъэнэм Москва щылажьэрт, IэнатIэ щиIэу, хэкум къадэIэпыкъуни хузэфIэкIырт, итIани ар игъэтIысыныр Къалмыкъым апхуэдизу нэрыгъ щIищIар сытыт? Къэтхъэныр Ростов къагъэкIуат Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я щIыналъэм промышленность щызэгъэпэщынымкIэ зэхуэсрэ зэчэнджэщыну. Хъарзынэуи зэгурыIуат щхьэж сыт хуэдэ завод е фабрикэ хуэщIынуми. Иужьым совещанэм хэтам я гум къэкIыжат Къэтхъэн Назир и джэдыгум фочышэ пщыкIузрэ зыпхидзауэ зэрыщытар. Властыр щагъэувым лIыгъэ зэрихьати, унафэ ящIащ ЦИК-м елъэIуну: Къэтхъэным орден кърамтмэ, хуэфащэу. Ар Къалмыкъым и тхьэкIумэм зэрицырхъэу «хъыбарыр» и гум

темыхуэу орден езым имыIэр зыхуагъэфэщар иригъэгъэтIысри Налшык иригъэшащ. Къэтхъэным и судыр укIкIэ иригъэщIэн щхьэкIэ, Ислъэмей къуажэм лIищэм щIигъу дригъэшри игъэкIуэдащ.

Румын гуэр ди Iэт пхъащIэу, пхъащ Iэ Iуэхум щыгъуазэ дищIыну шэнт щхьэгуэ сыт дигъэщIырт, езым буфет дахэ ищIурэ ищэрт, и фыз гъум лъахъшэр ди пщафI эт. Ислъэмейр къэукхъуауэ къох, жа Iэу хъыбар мыфэмыцыр пхъащIэм и тхьэкIумэм къызэрицырхъэу, и фыз пщэфIапIэм щI этым и I эпэр иубыдри куэбжэмкIэ дэжауэ губгъуэмк Iэ мажэ, фыз хъурейр чачэу илъэфу. Дэри абы я ужьым диту дыжэурэ, ди к IэртIоф хьэсэм нэс ерагъпсэрагък Iэ дынэсри кIэртIоф к Iырым зыхэдгъэпщкIуащ. Дыкъыхэплъмэ – румыным и фызыр апхуэдизкIэ гъумти, дауэ гъуэлъми, кIэртIофым къыхощыр. Езы пхъащIэм абы гу лъитэжати, удз IэплIакI уэ хуэдиз къыдигъэфыщIри и фызыр щIихъумащ.

Пшапэр зэхэуэхук Iэ к IэртIофым дыхэлъати, дыкъэмэжэлIауэ ди щхьэр мэуназэ, псы щхьэкIэ домэх. КIыфI хъууэ хуежьат, кIэрт Iофым дыкъыхэкIыжу зэк Iэлъхьэужьу, щэхуу фIэкIаи дызэмыпсалъэу унэмкIэ къыщыдгъэзэжам. ПщIантIэм дыкъыдохьэжри – зэрыщытащ, унэм дыщIохьэжри – ари аращ, ауэ тета шхыныр иcри Iисраф хъуащ, пшхы мыхъужыну.

Арат «Бахъсэн событэр» ди нэгу зэрыщIэкIар. ЩоджэнцIык Iу Алий дэ хэтщIыкIым нэхърэ нэхъыбэ хищIыкIырти, ди акъыл здынэмыс Iэджэм нигъэсащ.

– Аращ. Пролетариатым я IэмыщIэ дилъщ. Сыт ищIэнуми, хуитщ. – Алий къыгуроIуэ дэ «пролетариату» ди тепщэ хъуам зыри зэрыхэдмыщIыкIыр, дэри дызоплъыж: сыт иджы пролетариат хъужыр, жытIэу. Къалмыкъыращ ди тепщэри, ар пролетариат? Ар Алий идэркъым:

– Пролетариат хъужыр рабочэращ. Ди хэкум рабочэ класс яIэн хуэдэу завод, фабрикэ, шахтэ щыIакъым. Налшык пхъэбгъу щызэгуахыу дэта заводым щылажьэу щытащ лIы пщыкIутI. Властыр зэрыуврэ рабочэм лъэкI ыныгъэ яI эуи щыткъым, я бжыгъэр нэхъыбэ хъуа фIэкIа.

ЕгъэджакIуэм жиI эр ди фI эщ мыхъуу хъун? Дуней зылъэгъуам ящыщщ, Кърымым, Истамбыл, Баку щеджащ, Дагъыстаным щылэжьащ, абыхэм я гугъу щищIкIэ удимыхьэхыну Iэмал иIэкъым.

«Бахъсэн событэм» и ужькIэ румын пхъащIэр яхуэIыгъакъым. Алий дапщэрэ елъэIуами, имыдэу, и фыз бошкIэм ещхьу хъурейр дишыжри пролетариатым яхэдбжэу щыта закъуэр дэк Iыжащ, къыпхузэгуэпмэ, укулакщ жаI эу уагъэкIуэдынкIэ мэхъур, жиIэри. Дэри ди жагъуэтэкъым ар зэрыдэкIыжыр, шэнт щхьэгуэ щIыныр дужэгъуати. Румын пхъащIэр пролетариатым хэббжэ зэрымыхъунур Алий къыдгуригъэIуа нэужь, и цIэ

къудейр псынщIэу тщыгъупщэжащ.

Iэшэ цIык Iур ерыщти, зэгуагъэпынумэ, еупщIырт:

– Ислъэмейр окрисполкомым къыщытеуам цIыхур зэрыгъэкIияуэ жа Iэ: Бахъсэныр нобэ къэдвгъащтэ, пщэдей Налшык къэтщтэжынщи, Москвар езыр къыдгухьэжынщ, жаIэу. Уэрмырауэ п Iэрэ апхуэдэу кIияр? – Ар жаIэурэ щIалэ цIыкIур къуейщIеймэ, ауан ящIырт.

Абы къыпызыщэжи тхэтт:

– Аракъэ и Iэр щIыпаудар: къалэ куэдыщэ къищтэмэ, – жаIэри. Абы хуэдэу «иныжьхэм» нэхъ ц IыкI ур тегушхуэгъуафIэ ящIрэ щIэнакIэмэ, Алий къахуидэртэкъым.

– ЛIыгъэм зебгъэхьыныр лIыгъэкъым. Зы Iэнэ фызэбгъэдэсу фыщышхэкIэ, фи щхьэнтэ зэгъэIуауэ фыщыжейкIэ– фызэшщ. ЗэкъуэшыфIхэм нэхъыжьхэр нэхъыщIэм къащхьэщож, – жиIэу диущийрт. Дэри иужькIэ «Алий жиIар пщыгъупщэжа?» жытIэу I эпщацагъэ зезыхьэр щIедгъэгъуэжыну ди гугъэу и гум къэдгъэкIыжырт.

### III

НэхъыфIу еджэхэм Алий къахибжыкIри щIалэ цIыкIу зыбжанэ культармеецу къуажэм дык Iуэурэ цIыхубзу унагъуэ зезыхьэм еджэк Iэрэ тхэкI эрэ едгъэщIэну тетрадь, къэрэндащ къытхуигуэшащ. ДыздэкIуэнур Кушмэзыкъуейт. Езыр ди япэ иту, къуажэм дишэри щхьэж зыдэк Iуэну унэр дигъэлъэгъуащ фи гум ивубыдэ, иужькIэ фымыщхьэрыуэн хуэдэу, жиI эри.

Сэ къыслъысащ унагъуитI – къуажэбгъум деж, я пщIантIэм хьэ бзаджэхэр дэлъу. ЕгъэджакI уэ кIуэн щыхуейр пщыхьэщхьэрат, цIыхум Iэщыр зэрагъэзэхуэжрэ я унэм екIуэлIэжа нэужь. Ар пщыхьэщхьэшхэм хуэзэрти, зэзэмызэ дыщагъашхэ щыIэти, арат нэхъ кIуэгъуафIэу дыщIэкIуэр, хьэ бзаджэм ди гъуэншэдж тIэкIур щытфIызэфIатхъ къэхъуми. ЦIыхубзхэм я Iуэху яухыртэкъыми, куэдрэ дапэплъэн хуей хъурт, езыхэми «Алыхь, мыр щIэмыкIыжыну, тIэкIу дыбгъэдэмысауэ» жаIэрти, я Iуэхур зэпагъэурти, урокым къыщIэддзэрт.

Адыгэ азбукэр хьэрф щэ ныкъуэм щIегъури, а къомыр ебгъэщIэн щхьэкIэ, куэд хуейт. Едгъаджэхэри лъаIуэрт: «Ди цIэ, ди унэцIэ ттхыжыфу дыбгъащIэмэ, Алыхь, уи хьисэпми дыхуэмей», – жаIэу. АбыкIэ Алий деупщ Iати – дэнэ, къытхуидэххакъым: «Тхылъ еджэфу хъухукIэ факъыкIэрымыкI», – жиIэри.

Дэри гу лъыттэрт едгъэджэну зи ужь дит цIыхубзу унагъуэр зезыхьэм зэран дызэрыхуэхъум, арщхьэкIэ ди пщэ къыдалъхьа Iуэхур зэфIэдгъэкIынут, дыкъикIуэтынутэкъым. Езгъаджэхэм ящыщ зым зэгуэр зыкъысхузэкIэщIишащ:

– УкъэмыкIуэ, тIысэ, абы фIэкIа. Iэдэхьеигъуэ сызэримыIэр

уолъагъу, Алыхь, хьэрф къистхъэну сыхуэмей, хьисэп дымыщIэу игъащIэм дыпсэуащ, – жиI эри.

Сыт пщIэнт? Узыхуэтхьэусыхэни щыIэкъым, къуажэ Советым уокIуэри – цIыхум я гур къобгъэнущ, я пщIантIи удагъэхьэжынкъым, я хьэр къуаущтурэ. Арыншэми ебгъаджэ фызыр нэкI э къоплъыркъым, укъызэрилъагъуу пэгунитI къещтэри псыхьэ мак Iуэ, къигъэзэжмэ, пхъэ екъутэ, мафIэр зэщIегъэст, Iусыпс фIедзэ, шхын егъэхьэзыр, унэр зэлъыIуех, хьэкъущыкъу етхьэщI. Уэ «дапщэщ мыбы иухыну пIэрэ?» жыпIэу зыбгъэшу ущысщ, ауэрэ жэщыбгым щынэсыр нэхъыбэщ.

Я унэ дыкIуэу зэредгъаджэм папщIэ фIыщIэ къытхуащIыну ди гугъа щхьэкIэ – дэнэ: нэхъ къытхузэгуоп. Ар къызыхэкIыр Алий къыдгуригъэIуащ, къуажэм зэрызехьэшхуэ къыдэхъуам и гугъу къытхуищ Iурэ. ЩIымахуэ уаем цIыхур зэхэзехуэн ящIауэ, лей къызылъысыр куэдт. Кулакыр хэкум идогъэкI жаIэ щхьэкIэ, кулакым ядэунэхъур нэхъыбэжт. Адыгэр игъащIэм лъэпкъ-лъэпкъкIэрэ, хьэблэ-хьэблэурэ, жэмыхьэт-жэмыхьэтурэ къуажэм дэсщ. Лъэпкъым ящыщу зыгуэр дэхуэха щыхъум деж зэлъэпкъэгъухэм занщIэу зыкъаIэтри къозэуэну тIэу еплъы-нукъым.

Зэгуэр Алий и урокыр дыухмэ, махуэ еджэныр дыухыу арати, егъэджакIуэр пIащIэртэкъым. Тхылъ цIыкIу гуэр, напэкIуэцIищэ хуэдиз хъун жыпIэу, дигъэлъэгъуащ:

– Мыбы еджа фхэткъым фэ, дауи, – жиIэри. Зэрытхэмытыр имыщIэу хъунт: тхылъыр хьэрып хьэрфкIэ тхати, чытап цIыкIу ди гугъащ, арщхьэкIэ аратэкъым: ЦIагъуэ Нурий итха «Адыгэ тхыдэ» тхылъыраузкъыщIэкIащ. Демыджами, а тхылъым и хъыбар зэхэсхат, ди адэм жиIэу.

Алий и урокым апхуэдэ гуэрхэр къыщыпищэкIэ зыдущэхуауэ дедаIуэрт.

– НтIэ, фыкъедаIуэ Нурий итхым. – ЕгъэджакIуэр къоджэ: «Адыгэр дунейм къызэрытехьэрэ гъащIэу ягъэкIуар илъэс минихым щIегъур. А лъэхъэнэ кIыхьым къриубыдэ ди гъащIэр лъэхъэниплIым хуэбгуэш мэхъур. Лъэхъэнэ япэр: адыгэм зыщиубгъуа лъэхъэнэщ…» Алий къеджэныр зэпичри къыдоупщI: «Гу лъыфта: илъэс миних, жи. Апхуэдиз къэзыгъэщIа лъэпкъым мащIэ и фэ дэкIа?»

Дэри догъэщIагъуэ, Алий иIыгъ тхылъым дыкъеджащэрэт, жытIэу ди нэ къыхуокI. ЛъэхъэниплIыр зыхуэдэр езы Алий тыншу ищIэрти, лъэхъэнэ къэс щхьэхуэ-щхьэхуэу зэпкърихыурэ дыдихьэхати, шхакIуэ кIуэн зэрыхуейр тщыгъупщэжат.

Нэхъыжьхэм ящыщ гуэри щIэупщIат:

– Ярэби, Алий, илъэс минихкIэ къэгъуэгурыкIуа лъэпкъым тхыгъэ гуэр ямыIауэ пIэрэ? – жиIэри.

– ЯIащ. Абы и гугъуи тхылъым ещI. – Ди тхьэкIумэр тегъэ-

хуауэ Алий зэджэм додаIуэр: «Хьэтухэм я тхыбзэр сурэту щы-тащ. Сурэтхэр цIыху, хьеуан, щхьэ, Iэ, лъэ, къамэ, джатэ хуэдэ-хэу щытащ…» Езы Алий адэкIэ къыщIегъу: псалъэ «тхыбзэ» жыхуиIэм гу лъыфтэт. Тхыбзэ жаIэн щхьэкIэ, абы къикIыр щыIэн хуейщ, арыншэу ар къежьэнукъым. Щам е Тыркум щыIэ адыгэхэм грамматикэкIэ дызэджэ тхылъым папщIэ бзэхабзэ жаIэ, а тIур зэбгъапщэмэ, шэч къытепхьэ хъунукъым адыгэр тхэуэ зэрыщытам, я тхыгъэр нобэ дызэрытхэ хьэрфхэм ещхьу щымытами.

Мы тхылъ цIыкIум Iэджэм гу лъыуегъатэ. Псалъэм папщIэ: адыгэм зы зэман гуэр къэралыгъуэ яIэу цIыхубз пащтыхь яIауэ жеIэ. ЦIыхубзым и цIэу щытар Чирчэ гуащэщ, шэрджэс (черкес) жыхуэтIэр Чирчэ деж къыщежьауэ тхылъым итщ. Дэ утыку дыкъиувэхукIэ цIыхубзыр дэкъузауэ щытащ, жыдоIэри щIыдо-IуэнтIэж, Чирчэ гуащэ хуэдэ цIыхубз щыIа пэтрэ.

Урокыр иухами, Алий щIэкIыжын пIащIэртэкъым. Дунейм зэрызехьэшхуэ къыщыхъуауэ къуажэм хъыбару къикIыр гузэвэ-гъуэт, школым щеджэм зэджэр я нэми я псэми къимыхьыжу ди адэ-анэм зыгуэр къащыщIауэ пIэрэ, жаIэу гузавэрти, Алий дигу дахэ къытхуищIыну и урокым нэхъ удихьэхыу гъэщIэгъуэн зэрыхъуным и ужь иту арагъэнт. Езы дыдэр и щхьэ темыгузэ-выхьыжу хэти и фIэщ хъунт?

ЩоджэнцIыкIу Алий пщыхьэщхьэкIэ я къуажэм дэт ликбез пунктым кIуэуэрэ цIыхухъу балигъ хъуахэр иригъаджэрт. Клас-сышхуэм зы уэздыгъэ закъуэ и абджыр къутауэ щIэтрэ гъунэ-гъуу щысым зыгуэр илъагъуми, щIыбагъымкIэ щысым илъагъу щIагъуэ щымыIэу и тетрадым тефыщIыхьу щыст. Партэр я мащIэти, къыкIэрыхуар щхьэгъубжащхьэм тест. Иныкъуэми хьэрф къитхъэныр зэпагъэурти, къызэтрачт:

– Догуэ, псоми къэрэндащым зеттащ, ди Iэщыр хэт игъэ-шхэну, унагъуэри дауэ псэуа хъуну! – жаIэу.

ГушыIэреи къахэкIырт:

– Тхылъ зэбгъащIэм Iей? Прошенэ зыхуэптхым адакъэ къыпхуихьынщ. Уэ птхын щыхуейм и деж уи адакъэр къыпхуэ-нэжащ.

НэгъуэщIми къыщIагъур:

– Тхылъ пщIэмэ, къулыкъущIэ ухъуакъэ?!

– А лIэун, дэ къомыр къулыкъущIэ дыхъумэ, вакIуэ хэт дэкIын? – жызыIэу къыхэгуоукIи щыIэт.

Ауэрэ къызэрыгъэгубжьыжырти, къыщIэкIуар ящыгъупщэ-жу зэныкъуэкъуу щызэхэти къэхъурт.

Дэ къыддеджэ гуэрым бэлыхь дыхидзат. Хьэбас жаIэу щIалэ цIыкIу тхэтт, ади ани имыIэу, и адэ къуэшым ипIыжауэ. И ныбжьэгъухэм кIэрахъуэ яIэу щилъагъум, апхуэдизкIэ Iэщэм и нэ къыхуикIырти, окружной ГПУ-м тетым деж кIуэри елъэIуащ: «Кулакыу КъалэкIыхь станцым евгъашэм къэрэгъулу сыкIэ-

лъывгъакIуэ, кIэрахъуэ сIыгъыу» – жиIэри. ЗыхуэкIуари къы-пкъроупщIыхь: «Абы ухуей щIэхъуар сыт?» – жеIэри. Модрейм зиумысыжыфыркъым: «КIэрахъуэ къызэрысщэхун къызэзытын Iыхьлы сиIэкъым», – жиIэу. Тхьэлъанэ ещI кулак илъагъу мыхъуу, арщхьэкIэ зыхуэкIуам и фIэщ мыхъуурэ, зыхуейр щIа-лэм къыпкърехри къеутIыпщыж: «Хъунщ, кIуэжи, еджэ, дэ дыпхуей щыхъуам и деж укъэдгъуэтынщ», – жеIэри щIалэ делэр къегъэгугъэ. Хьэбас къызэрыкIауэ къэкIуэжащи, кIэрахъуэ гъэпщкIуа зиIэхэм запешэ: фымыпIащIэ, сэри сиIэнущ фэ фиIэр, жыхуиIэу.

Махуэ дэкIа, махуитI дэкIа – жэщыбгым ини цIыкIуи дыжеижауэ, лIитI къакIуэри Алий къагъэушащ. ГПУ формэкIэ хуэпар щилъагъум, Алий тхьэмыщкIэм и фэр пык Iащ, ЛIыгъур Ибрэхьим и ужьыр ирагъэхуну къэкIуа и гугъэри. АрщхьэкIэ щIэгузэвэн щымыIэу къыщIэкIащ. Iуэхур здэщыIэр мырат: Хьэбас емынэунэр ГПУ-м щыкIуам яжриIат: «Си ныбжьэгъухэм кIэрахъуэ зиIэ яхэтщи, аращ кIэрахъуэм сыщIыщIэхъуэпсыр», – жиIэри. КIэрахъуэ зиIэхэм я цIэри иригъэтхати, ди общежитыр къащыну арт лIитIыр къыщIэкIуар. Алий я гъусэу ГПУ-м къикIам дыкъагъэушащ, шхыIэн тIэкIур IэлъэщIышхуэм хуэдэу ттепхъуауэ дагъэуври ди уэншэкужьри зэрадзэу, пхъуантэр зэтрауду, адэкIэ-мыдэкIэ къуэгъэнапIэм дэплъэурэ кIэрахъуэ зиIэу зыхуагъэфэщахэм я хьэпшып мыхьэнэншэ тIэкIур цырыцу зэIащIащ. КIэрахъуэ лъэпкъ къагъуэтакъым икIи къагъуэтыну-тэкъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, кIэрахъуэ зиIэм гъэпщкIупIи иIэт, общежитым щимыIыгъыу. Зым и кIэрахъуэр шэщым щIэлът, шы Iэпслъэпсым хэлъу, адрейм пщэфIапIэм гъэтIы-лъыпIэ къыщигъуэтауэ щиIыгът, ещанэм унащхьэр къэнжалти, уэшхыпс къызэрежэх бжьамийм и кIуэцIым е клубым суфлер зэрыс кумбым илъу зэрихьэрт.

Ти, бэлыхь къимыкIыу жэщ хьэщIэхэр дэкIыжри дэри дыгъуэлъыжащ. Алий гузэвэщати, жеижыфакъым, пщэдджы-жьым жьыуэ дыкъыщытэдж хабзэм дыкъигъэтэджащ. Куэд дэмыкIыу аргуэру зыгуэр къакIуэри Хьэбасу плъагъур яшащ, иджы дыпхуей хъуащи, кIэрахъуи удот, кIуэ къэрэгъулу, жаIэри. ЩIалэр щIашэр Алий ищIэрти, уа щIалэ, умыделэ, жиIа щхьэкIэ къедэIуакъым. Модрей кIэрахъуэ зиIэхэми заущэхужащ, уеблэ-мэ щэху цIыкIуурэ я унэ ирагъэхьыжащ, Алий зэхуишэсу фIыуэ къегия нэужь. Iэщэм уриджэгу зэрымыхъунур, еджакIуэр кIэ-рахъуэ зэрыхуэмейр къагуригъаIуэ дэнэ къэна, игъэшынащ кIэрахъуэ зезыхьэр школым щIихужыну, я адэ-анэм я дежи кIуэуэ я щIалэр интернатым къыщIыщIахуар яжриIэну.

Иджы Хьэбас кIэрахъуэ иIыгъыу къэкIуэжмэ, дауэ хъуну, жытIэу дыпоплъэ. КъалэкIыхьым кIуэр зы махуэм нэсмэ, етIуа-нэрей махуэм къигъэзэж хабзэт, арщхьэкIэ Алий зытегузэвы-

хьыр нэгъуэщIт: щIымахуэщ, щIалэр IэпцIанэлъэпцIанэщ, щIэбзэ щIэмылъу бэлъто кIагуэ тIэкIур мыхьэнэншэщ, джэдыгу пщымыгъмэ; кепкэри хъунукъым, пыIэфI пщхьэрымыгъмэ, батинкIитIри щIымахуэ уаем вакъэ хъунукъым, лъэпэд хуабэ тIуанэ щIэмылъмэ. Гъуэмылэ жып Iэнущи, ГПУ-р мэжалIэу къыщIэкIынкъым, хъумакIуэм яшхын иратыфынущ.

Гур зэрыгъум дыгъур кърокIуэ жыхуаIэу, ЩоджэнцIыкIур щIэгузэва дыдэр къэхъуащ: щIалэр сымаджэ хьэлъэу, мафIэ къыщIэнам хуэдэу и температурэр плIыщIым нэсу, езыри Iуэщхъуу, зимыщIэжу, упщIэжь гуэр къешэкIауэ къашэжри общежитым къыщIалъхьэжащ. ИкIэщIыпIэкIэ дохутыр къашати, сымаджэщым ямышэну Iэмал имыIэу унафэ ищIащ. И псэм еджэу хэлъым кIэрахъуэ къуата жыпIэу дауэ уеупщIын? Алий махуэ къэс щIалэ сымаджэм деж кIуэрт, зыгуэр ихь къудей мыхъуу, дохутырхэр игъэбэлэрыгъыртэкъым. Уеблэмэ ГПУ-м кIуэуэ хъуащIэнут: щIалэ IэпцIанэ-лъэпцIанэр къэрэгъул пщIыуэ гъуэгуанэ кIыхь тебгъэувэ хъурэт? Ялъагъуртэкъэ? ЩIалэм къыщыщIар и жагъуащэ хъуауэ, Алий усэ тIэкIуи хузэхилъхьащ, мы псалъэхэр хэту:

*Ем и щIасэр къыщыхашэм,*
*И шэрэзыр жьэдачащ…*

Хьэбас нэхъыфI зэрыхъужу и адэ къуэш зыпIыжар шы IэжьэкIэ къакIуэри ишэжащ: «Уи ажал къэсауэ къыщIэкIынкъыми, сэ уи къару къихьэжыху, узмыгъашхэмэ, плъагъункъэ», – жиIэри. Абы и хъыбарыр дымыухыурэ, нэгъуэщI хъыбари къэсащ: зи хэку зыбгынэну зыфIэмыфIхэм ящыщу Iэджэ, Iэщэ зиIэм къищтэщ, зимыIэм бжэгъу иIыгъыу, къуршым ихьэжауэ властым къезауэу къаублащ, жаIэри. Округым щылажьэ къулыкъущIэхэр отряд-отрядхэурэ адэкIэ-мыдэкIэ зэбгрыкIащ. Нэхъ зызыгъэIэтащхьэ къаукIмэ, къашэжри бэлшэвич хьэдэ щIэлъхьэкIэу щIалъхьэрт, музыч еуэу, хьэдэр бэн плъыжьым дэлъу.

Абдежым ди школым шу гупыфI къокIуэри классхэр дэнэ къэна, унэри, клуб ныкъуэщIри, шэщри яубыд. Ди пщIантIэм шыр дэзу дэтщ, шы епхып Iэ ящIри ирапхауэ. Алий дызэхуешэсри къыджеIэ:

– Фи адэ-анэм щхьэкIэ фыгузавэу жыфIащи, сыкIуэжынщ жызыIэр хуит фызощI. Дунейр зэIубз хъужмэ, фыкъэкIуэжынщ. – ЗыкъомыргуфIэу зэбгрыкIыжащ, нэхъ жыжьэ къикIахэм фIэкI къэмынэу. МыкIуэжахэм ди къалэн хъуар дзэм яш къомыр махуэ къэс псафэ тIэу тшэну арат. Унэ дызыщIэсым зы балкон иIэти, пхъэбгъу тралъхьэурэ тегъэувапIэ ящIри пулемет трагъэувэжащи, классым ущIыхьэу ядэркъым. Куэбжэм ижьы-

рабгъу лъэныкъуэмкIи окоп къатIри пулемет ягъэуващи, абыкIи бгъазэ хъунукъым. Джабэ тIэкIу иIэу Iэжьэ цIыкIукIэ дыкъежэ-хыу щытати, пщIантIэм дыдэкIыну дыхуиткъым.

Пщыхьэщхьэк Iэ, дышха нэужь, Алий ди общежитым къокIуэри къытхэсщ, хъыбар къыджеIэ, Истамбыл щилъэгъуар еIуэтэж, е усэ фIэкIа имыту тхылъ фIыцIэшхуэ иIэщи, абы урысыбзэкIэ къеджэурэ адыгэбзэкIэ къыджеIэж. Тхылъ Iувышхуэм итыр зэхэзылъхьар Пушкиныр зэрыарар дегъащIэ, и псэукIами щыгъуазэ дещIыр.

Ди унэм щ Iэса дзэр дымыщIэххэу къызэрыкIуам хуэдэу , я зы Iэти я дэкIынри зыуэ, дымыщIэххэу дэкIыжащ, здэкI уари здэжари дымыщIэу. Алий еджакIуэм я нэхъыбэр я унэ зэриутIыпщыжам хущIегъуэжати, окрисполкомым к Iуэри къуажэ къэс телефон еуащ интернатым щIэсхэр икIэщIыпIэкIэ къагъэк Iуэжыну икIи псори къызэхуэсыжащ, Хьэбас фIэкIа къэмынэу. Ари зыкъомрэ къыкIэрыхуауэ, къыщигъэзэжым, Алий еупщIащ:

– ЛIо, сыту укъэгува, щIалэ?

Модрейм фIэмыIуэху-фIэмыIуэхуу:

– Си адэ къуэшым танэ иукIати, лыр дымыухыу умык Iуэж жиIэри сыкъэгуващ, – щыжиIэм, дэри дехъуэпсат, и дзажэпкъыр пшэр мыхъуу еджэфыну къыщIэкIынтэкъым, жыхуэтIэу.

# IV

Псори дыкъызыхуэнар ЩоджэнцIыкIу Алийт. Езыри я унэ кIуэжу и бынунэр зыхуэзапхъэ хуигъэзэн хуейти, дэри дыкъызэхинэ хъуркъым. Абы ищIыIужкIэ я къуажэ еджапIэми щрегъаджэ. Алий къытщхьэщымытмэ, «иныжьхэр» зэбгрыжыну хьэзырщ, дэнэ джэгу щыIэнуми ящIэ. Зыщышынэн щымыI эмэ, нэхущым дежщ къыщекIуэлIэжыр. Япэм джэгу щыкIуэкIэ кIэрахъуэ здахьырти, я ныбжьэгъу къыщыфэкIэ ягъауэрт, иджы школым дыщIахужмэ, жаIэу мэшынэ. Хьэбас жыпIэнущи, кIэрахъуэ къратауэ щытар сымаджэ зэрыхъуу трахыжащи, КъалэкIыхьым нэс щIымахуэ уаем хэкум иращым къэрэгъул яхуэхъуауэ зэрадэкIуам хущIегъуэжащ: «Зи унэ къэуэжа къомыр щIрагъэкIым иджыщ щегупсысар», – жиIэу. Апхуэдэ лей цIыху лажьэ зимыIэхэм къалъысауэ жаIэри зэхихакъым. Дэри ауан дощI:

– НтIэ, мафIэгум ибгъэтIысхьэжа кулакхэр? – жыдоIэри. Езым и нэгу щIэкIам и гугъу ищIмэ, уи щхьэфэцым зеIэт. Зэрынэсу хэкум ирагъэкIхэр мафIэгум ирагъэтIысхьами, зыгуэрти. Станцым и гъунэгъуу уэсыр зэхаутэу махуэ зыбжанэкIэ зэхэтащ, сабий лIар, лIыжь, фызыжь зэфIэдыкъар щIамылъхьэу кумбым ирадзэурэ уэс тратхъуэжырт, щIыр щтауэ мащэ къахуэмытIу.

Дэри дезыгъэджэж щыIэтэкъыми, Алий я къуажэ школым кърищри зылI къиишащ, есэп дригъэджэну. И унэцIэр Скоро-думовт, езыр лъагъугъуафIэт, нэжэгужэт, бзэ IэфI иIэт. Ди уры-сыбзэр мыщ Iэгъуащэми, жиIэр хъарзынэу къыдгурыIуэрт, математикэ дигъэджыр уи щхьэм IэкIэ кърилъхьэ хуэдэт. Алий хуэдэу ари фIыщэу тлъагъу хъуат. Зыкъом дэкIри зэгуэр уэра-мым дэлъу лIы абрагъуэ щытлъагъум, докIуалIэри – ди егъэ-джакIуэу Скородумовыращ. Ефэри джэлащи, къэтэджыжы-фыркъым. ЩIалэ цIыкIухэр дыкъеIэ-дынеIэурэ егъэджакIуэр къызэфIэдгъэувэжащи, езыри къытщогуфIыкI, фIыщIэшхуэ къытхуещI. Ди школым къакIуэу арати, дыщIэгъэкъуауэ ды-къыщежьэм, и гур къызэрыгъуэтыжауэ уэрэдым къыхедзэ:

*С неба полуденного жара не подступи,*
*Конница Буденного рассыпалась в степи…*

«Жьыныбэ» цIыкIухэм мо лIышхуэр тлъэфу дыкъэзы-лъагъур къоувыIэри мэдыхьэшх. Телъыджащэратэкъэ: интер-натым дынэсыжыху, егъэджакIуэм чэфыр пкъроужри занщIэу классым докIуэ. Адрейхэри къызэрызэхуэсу и урокым къыщIи-дзат. Алии къэхъуар щIэпхъаджэу къызэрилъытэр плъагъуу урокым щIэсащ. ХущIегъуэжауи къыщIэкIынт Скородумовыр ди интернатым къызэрытхуишам, арщхьэкIэ сыт пщIэнт: егъэджакIуэр гъуэтыгъуейт.

Алий а махуэм диктант дигъэтхат. Пушкин и усэм нэмыщI, Алий и усэ Iэджи деджат «Къэрэхьэлъкъ» газетым къытехуам ящыщи, абы нэмыщI, езым зыгуэр итхыхукIэ дэ къытхуеджэрт, газетым иригъэхьыным и пэкIэ дэ къытхуеджэрти, къыдэ-упщIыжырт:

– Хъун? – жиIэрти.

«Хъунукъым» жызыIэфын дэ тхэтт? ГукIэ куэдым ящIэрт «Хьэсанш цIыкIум» теухуа усэхэр, уеблэмэ дэр-дэру «Хьэсанш-кIэ» дызэджэжыни ди гуапэт, Алий ар зыхуитхар дэра хуэдэ. Дэ тщыщхэм щхьэкIи щитх къэхъурт:

*Емыкъужу уэрам вагъуэ,*
*Ебгъэлеймэ, ущIогъуэж.*
*ХьэулеинкIэ зыбгъэнщIамэ,*
*Унэ уиIэщ – некIуэлIэж…*

КъэкIухьын зыфIэфIу Емыкъужхэ я щIалэр уэрамым дэту хуэзати, экспромту Алий хуиусат. Ар ди гум ирихьауэ, дэри дыкъуейщIеин щIэдгъачэртэкъым Алий усэ зыхуедгъэусыну.

Езыми и усэм кърикIуэр щилъагъум, Емыкъужхэ я щIалэм деж щыпича щхьэкIэ, усэм гу лъыдигъэтэн дэнэ къэна, Алий зедгъэщхьу усэ тхын ди гум кърид заузэ щэху цIыкIуу усэ ттхын къэдублащ. «ХьэсаншкIэ» дызэджэжу усэ зытхым нэхъ поэтыфэ къытеуэ ди гугъэт. «Зызыгъэхьэсаншым» сэри сахэтт. Диктант щыттха махуэм си усэ тIэкIур тетрадым дэслъхьэри Алий естащ, жиIэм сеплъыну. ЕтIуанэрей махуэм ди тетрадхэр къытхуигуэшыжын хуейти, сыгузавэу сыщыст. Тетрадыр зейм занщIэу иритыжыртэкъым, къигъэтэджырти, зыдыщыуар жриIэрт, нэхъ гу зылъитапхъэр гуригъаIуэрт. Партэ дызыдэсыр зыхуащIар цIыкIухэрати, «иныжьым» и цIэр ира Iуэрэ къэтэджмэ, зыдэс партэр и шхужьитIым фIэлъу къиIэтырт, абы къыбгъэдэсри къыдэмытэджу мыхъуу. Дэри абы дигъэдыхьэшхырт.

Сэ дапщэщ къызэджэну пIэрэ, жысIэу зысп IытI-зысхузу сыщыс щхьэкIэ, псоми я тетрадыр яритыжыху, си гугъу имыщIу къызблэкI-зблэкIыжурэ, хэт сыт жриIэнуми яжриIа нэужь, си дежкIэ зыкъигъаззэри си дамэм къытеIэбащ: «Урокыр зэфIэкIмэ, зы дакъикъэкIэ уэ къанэ», – жиIэри. Сэри нэхъеижу сыкъэгузэващ, къызэгиен си гугъэу. Тетрадым сыдэплъэмэ, си усэри дэлъыжкъым.

Уэзджынэ макъ къызэрыIуу классым щIэсыр зэрыщIэхащ, абгъуэрынэ джэдыкIэу сэр фIэкIа къэмынэу. Алий и тхылъхэм хэлъа си усэр къищтэщ, сэ сызыдэс партэм къакIуэри къыдэтIысхьащи, къызоупщI:

– Мы зы усэра птхар?

– Хьэуэ. НэгъуэщIи сиIэщ.

– Къащтэт-тIэ, – жиIэри усэ зэрыстхэ тетрадыр сIихри псоми еджащ, игу ирихь сатырхэр е псалъэ зырызхэр нэхъ хиIэтыкIыурэ. Ит Iанэ зыкъысхуигъаззэри иIэр си дамэм къытрилъхьащ:

– АтIэ аращ: жыгым къыпыкIэ и уасэщ. Тхьэм гъащIэ къуит. Уи адэм ещхь узэрыхъужар ищ Iэмэ, гуфIэнщ, – жери.

Алий сэр щхьэкIэ жиIар щытхъушхуэт, ит Iани «Хьэсанш» жиIатэмэ,сыкъищэхужат. «Уи адэм ещхь ухъужащ» зэрыжиIар си гуапэ дыдэт, сыт щхьэкIэ жып Iэмэ, си адэми усэ итх дэнэ къэна, уэрэд зэхилъхьэрти, езым щыжи Iэж щыIэт. Сэ уэрэд жысIэну макъ сиIэтэкъым.

«Жыгым къыпыкIэ и уасэщ» жыхуиIар сэ зыхуэсхьар си адэращ.

Гъатхэр къихьат, Налшык дэт учебнэ городокыр культпоход ди округым къокIуэ, жа Iэу щызэхэтхам. Дэри Бахъсэн лъэмыжым нэс дыкIуэри дзэм ещхьу къакIуэм дапэплъэу махуэ псом дызэрызехьащ. Шэджагъуэ нэужьым дызыпэплъахэр къэсащ, щIалэ защIэу щэм нэхърэ мынэхъ мащ Iэ «юнг-штурм» фащэкIэ хуэпауэ (а формэр красноармеец щыгъыным ещхьу, а

лъэхъэнэм щIалэгъуалэр щIэхъуэпст), я щIыбым илът фоч, мыжурэ папцIэр фIэлъыжу, патIронылъэри я бгырыпхым кIэрылът. ЩIалэм къакI элъыкIуэр хъыджэбз защ Iэт, бжыгъэкIэ нэхъ мащI эми, абыхэми «юнг-штурм» фащэ ящыгъыу, санитаркэ хуэдэу я Iэблэм жор хужь телъу. Колоннэр Бахъсэн къыщымыувыIэу, ипщэкIэ драгъэзеящ, ешаелIа пэтрэ.

Тлъэгъуам тхьэмахуэкIэ дрикъуащ тIуэтэжыну. «Дэри девгъажьэ культпоход», – щыжытIэм, Алий «хьэуэ» жиIакъым, «абы фIыуэ зыхуэгъэхьэзырын хуейщ», – жиIа фIэкIа. Дэри абы и пьесэ «Бгырыс цIыхубзымкIэ» спектакль дгъэуву етшэжьэну мурад тщIащ. Интернатым хъыджэбз цIыкIу къыддыщI эстэкъым спектаклым хэдгъэхьэн, ауэ румын пхъащIэм дишыжа фыз гъумым нэхърэ зэрынэхъ псыгъуэ щымыI эу урыс фыз пщафIэ диIэт, и пхъум и ныбжьыр илъэс пщыкIущым фIэкIауэ, адыгэбзэ тIэкIуи ищIэуи, спектаклым хэдгъэуващ, арщхьэкIэ дэнэ – адыгэбзэкIэ жиIэр дыхьэшхэн мэхъури цIыхур щыгузэвэн хуейм деж абы и псэлъэкIэм егъэдыхьэшх.

Спектаклым хэтыр щIалэ цIыкIу защIэ ящIащ, сэри цIыхубзу сыхэтщ. Ауэ урыс директорыщIэ къытхуокIуэ, Трусов и унэцIэу. Ди ЩоджэнцIыкIури дэкIыжын хуей мэхъур, псоми ди жагъуэ хъуауэ дызэхуогузавэ, спектаклри ди нэм къихьыжыркъым, Алий и нэIэ къыттригъэтыну дыкъигъэгугъэ пэтми. Уеблэмэ дыздэкIуэну къуажэм иужькI э накI уэу спектаклыр цIыхум къазэрыщыхъур зригъэщIэну жеIэ.

ДиректорыщIэм культпоходыр къикъутэжын ди гугъа щхьэкIэ, къыддиIэтащ, унафи ищIащ духовой оркестрыр здэтшэну, абы ищIыIуэжкIэ лотерее здэтшэн папщIэ, дызыхуэныкъуэ хьэпшып: бэльтоку, щхьэ мажьэ, дыху сабын, папирос, сэ жан, лентI, кIэнфет, Iуданэ шэрхъ, мастэкъуаншэ сытхэр къищэхуну дыкъигъэгугъащ. Директорым и щхьэр къабзэу упсати, дэри «щхьэгъуаплъэ» фIэтщащ, Алий фIэк Iа дзы зыфI эдмыща егъэджакIуэ диIакъым. Къуажэм дынэсмэ, дызэкIуэлIэн хуейр клубырат, клуб ямыI эмэ, школым. Махуэр пщыхьэщхьэхуегъэзэкI щыхъум деж оркестрыр музыч еуэрэ цIыхур зэхуишэсу, спектаклым къыщIидзэхукIэ къызэхуэсар лотерее джэгуу цIыхур дымыгъэзэшыну арат.

КъуажитI-щы дыщыIауэ, зэгуэр Алий шууэ накIуэри къыткIэлъыплъащ, ди Iуэхур мыIейуэ къилъытащ, лотереем нэмыщI. Япэрей къуажэм щI алэ цI ыкI ухэр къежэри цI ыхур къызэрахьэхуну я гугъа хьэпшып тI экI ур здэкIуар ямыщIэу ягъэбзэхри лотерeер къуэлъхьэжын хуей хъуащ, къыпыкIа щымыIэу. Алий зы жэщ къытхэтри етIуанэрей махуэм и шым шэсыжри къуажэм къыдэкIыжащ. Зыми и фIэщ хъунутэкъым ди псэм хыхьа егъэджакIуэр абы и ужькIэ щIэх дымылъагъужыну.

## V

Бахъсэн интернатым иужькIэ илъэсий дэкIауэщ сэ Щоджэн-цIык Iу Алий сыщцыхуэзэжар, ауэ и цIэираIуэ зэпытт, и усэхэри газетым къытехуэурэ деджэрти, цIэрыIуэ хъуат, Налшык къали къэIэпхъуауэ дэст, щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым щылажьэу, тхылъ тедзапIэм тхылъ яхузэхилъхьэу. Сэри «Япэ лъэбакъуэкIэ» зэджэ альманахым усэ зыбжанэ трезгъэдзат, классик гуэрхэми я усэ зэздзэкIат, тхакIуэ союзым сыхыхьэну зызгъэхьэзырт, институтыр Тэрчкъалэ къыщцызухауэ япэ адыгэ интеллигенцэм къахэжэпхъыкIам сахэту къэслъытэжт. Си балигъ хъугъуэмрэ си адэм и дуней ехыжыгъуэмрэ зэтехуэри си шыпхъу цIыкIуитхур, си анэр яхэту, сэ зесхьэн хуей хъуащ; си къуэш нэхъыжьым узэрыщцыгугъын щымыIэу къулыкъу ищIэрт, езыр бынунэ хъуат.

Мэзкуу щеджэныр зэпызгъэури, сэри Налшык къэзгъэзэжащ, сылэжьэн си гугъэу. Зыкъомрэ сыщцысащ, сыт къысхуагъэфэщэну пIэрэ жысIэу. Дунейри хьэрийкурий дыдэт, псоми я щхьэ бжьэ еуа хуэдэу уафIэмыIуэхуу. ИкIэм икIэжым сэри Алий щылажьэ институтым сагъэкIуащи, хъарзынэу дэ тIур дызэгуроIуэ, къытпэрыуэн институтым щыIэххэкъым, щыла-жьэу щытам и нэхъыбэр дэхуэха хъуащ, я пIэ ирагъэувэн ямыгъуэту. Езы Алий договоркIэ лажьэу арат, я унэ щIэсыжу.

А лъэхъэнэм Алий зи ужь итыр ПащIэ Бэчмырзэт, абы итхар зэхуихьэсыжу тхылъу къыдигъэкIыну. Бэчмырзэ дунейм зэре-хыжрэ илъэситI фIэкIа мыхъуами, итхар здэщыIэр ящIэртэ-къым. Алий дэрэ дызэгуроIуэ Нартан дыкIуэу абы и унэм дыщцылъыхъуэну: хэт ищIэрэ, зыгуэр къытпэщIэхуэнкIэ мэхъу.

Пщэдджыжьым мафIэгукIэ дохыр, пщыхьэщхьэм мафIэгу-кIэ къэдгъэзэжыну. Я пщIантIэм дыщцыдыхьэм, хьэжь цIыкIу дэлъыр къытпэуващ. Хьэ банэ макъыр щызэхихым, цIыхубз щIалэ къыщIэкIри «Шарик», «Шарик» жиIэурэ хьэр Iуихури дригъэблэгъащ, дыщIэкIуар щыжетIэм, зы пщэфIапIэрэ зы пэшрэ хъу унэм дыщIишэри зиплъыхьащ:

– Мис, щIэлъыр фолъагъу. Дылъыхъуэнщ жыфIэмэ, фы-лъыхъуэ. Алыхь, сэ абы къыщIэнауэ тхылъымпIэ тхьэмпэ сы-мылъэгъуа, – жиIэри.

Алий унэм къыщIэзнэри сэ сыкъыщIэкIыжащ, унэ шындэ-бзиймкIэ мащэ куу иIэу слъэгъуати. Мащэр инт, и бгъуагъ, и кIыхьагъкIэ метр щырыщу зэпэплIимэщ, метрищ хуэдизи и кууагъыу, и лъэгум мэкъу IэщIэлъын хуэдэу илъщ, фыжри зэпкърыхуауэ упщIэ тIэкIуи телъыжу. А мащэм Бэчмырзэ гъэмахуэм деж илъу зэхэсхати, сфIэгъэщIэгъуэну арат. Тхьэм ещIэ, Тыркум щыкIуам апхуэдэ гуэр илъэгъуа: а лъэныкъуэмкIэ щыхабзэщ кумб куу ящIрэ тепIэнщIэлъын дэнэ къэна, шхыни

псы зэфэни ирахьэхрэ гъэмахуэ хуабэр икIыху зэрыбынунэу илъу. Я нысэм зэрыжиIэмкIэ, а кумбым Бэчмырзэ жэщкIи илъащ гъэмахуэ бадзэуэгъуэм деж.

Унэм зыри къыщимыгъуэту Алий къыщIэкIыжри, унэм шындэбзий лъэныкъуэмкIэ пкIэлъей къегъэувэлIауэ къэтлъэгъуати, Щоджэнц IыкIур пкIэунэми ихьащ, арщхьэк Iэ зыри дымыгъуэту пщIантIэм дыкъыдэкIыжауэ лIыжь гуэрхэм дахуэзэри къыджаIащ: Бэчмырзэ и ныбжьэгъуу щытахэр модэ хъарбыз хъумэу губгъуэм щыIэщи, фыкIуэрэ феупщIмэ, гук Iэ ящIэ куэди, къывжаIэнщ. Дызыхуеиххэр арати, къуажэ хъарбыз хадэмкIэ дгъэзащ. ЛIыжьищ хуэдиз уэршэру зэхэст. ДыщIэкIуар къыщащIэм, Бэчмырзэ и дуней тетыкIаи и уси – куэдым щыгъуазэу къыщIэкIащ, «Бэчмырзэ фыз къызэришар» поэмэм нэгъунэ. Хъыбару дызрагъэдэIуам мыпхуэди хэтащ.

Къалмыкъыр къэкIуауэ, жи, къуажэ зэIущIэм къыщыпсалъэрт. Бэчмырзи абы жиIэм едаIуэрти, хьэщIэм нэхъ зытригъэчыныхьыр колхозым хыхьа пэтми, яхуэмылажьэрат.

– Я ныбэр узрэ, щхьэ мылажьэрэ? – жиIэу зэIущ Iэм хэтым Къалмыкъыр къащыщIэгубжьэм, Бэчмырзэ хуэшынакъым:

– Уэ уи щхьэ щыузкIэ, зи ныбэ узи щыIэнщ, – жиIэри. ЛIыжьым зытрижыIыхьыр модрейми къыгурыIуащ: БетIал зэрыщхьэфэкъум щхьэкIэ и пыIэр къыщхьэрикъуа защ Iэу къикIухьырти, нэхъеижу лIы пхъашэр къимыгъэгубжьу хъунт?

– Уэ Соловки иджыри къэс щхьэ уамыгъэкIуарэ? – жиIэу Бэчмырзэ дежкIэ къаплъэри къыщыхуилъым:

– Уэ узимыгъусэу дауэ сыкIуэн? – жиIэри лIыжьым пичат. А лъэхъэнэм ар бгъэхъыбарыну шынагъуэт, езы Бэчмырзи къыхуамыгъэгъункIи хъунт. ЗэIущIэм и ужькIэ куэд дэмыкIыу, лIыжьыр губгъуэм кIуати, вагъэмбэкъум дэлIыхьауэ къагъуэтыж. Езы Алий и псэр и дзапэм фIэлъу дунейм тетт, Истамбыл сызэрыщыIам щхьэкIэ си пщампIэр яубыдмэ, жиIэу. Къулыкъу щIагъуэ къыщIылъымысри арагъэнт.

ПщыIэм теса лIыжьхэм къапыпх хъунур къапытхыху, пщыхьэщхьэ мафIэгур блэкIри лъэсу дыкъэкIуэжащ, жэщыбгым дыкъэсыжу. Бэчмырзэ усэр тетрадь (дэфтэр) цIык Iум иритхэу щыта щхьэкIэ, хьэрып алыфбийм езым хуэдэу къеджэжын щымыIэу арат. Алий хьэрыпыбзэк Iэ тхам тыншу къеджэрти, зыкъомрэ елIалIэри, Бэчмырзэ и бзэм къеджэф зэрыхъуу тIури детIысыл Iащ: Алий къеджэмэ, сэ стхыуэ. Абы ирихьэлI эу дэ тIур Къэрэшейм драгъэблэгъащ, я тхакI уэ зэIущIэм дыхагъэтыну. Институтым Алийрэ сэрэт лэжьыгъэ псори къызыхуэнари, теддзэри дыкIуащ. Къэрэшейр автономыщIэ хъуати, я щыхьэр къалэр ящIу аркъудейт.

Къэрэшей тхакIуэхэм я зэIущIэр зы махуэ ныкъуэм зэфIэкIри хьэщIэщым дыкъыщIэнащ, дыкъызэрыкIуэжын дымыгъуэту. Пщыхьэщхьэм дэ тIур шхапIэм дыкIуати, зэран къытхуэхъун

лъэпкъ щымыIэу дызэбгъэдэсащ, Алий жиIэм седаIуэу. Адыгэ культурэм къалащхьэ яхуэхъункIэ узыщыгугъ хъунум щыщ къамыгъанэу зэрырагъэсыкIар сэри слъагъурт. Япэм каникул сыкъэкIуэжмэ, зи цIэ ириIуэу щыта щIалэщIэ защIэри ягъэбзэхат. Алий езым ицIыхуу щытахэм къащыщIар къызжиIэжырт.

Япэ дыдэ «КIуэрыгъуэт» жиIэу ягъэува спектаклыр зытращIыкIа пьесэр зытхар ШэджыхьэщIэ Пщыкъант, адыгэбзэкIэ езыгъаджэм ящыщу. Спектаклыр щагъэува махуэм обкомым щекIуэкI активым хэта илъэпкъыр езы Къалмыкъыр я пашэу къэкIуат. Клубым и щIыхьэпIэм деж оркестрыр Iутт, музыч еуэу, цIыхур къызэрыхьт, ямылъэгъуа ялъагъунути. Культурэм зричу лъэбакъуэфI ичыну арат цIыхум я гурыфIыгъуэр. ШэджыхьэщIэ Пщыкъани ар и насып мыухт, езыр цIыху гуапэт, уи жагъуэ имыщIын щхьэкIэ, гугъу зригъэхьынут, хэт хуэзами, едэхащIэурэт зэрепсалъэр, урыс щIалэхэм Лешэт зэреджэр. «А-а, Лешэ цIыкIухэр дэнэ фыкIуэрэ? Лешэ, сыт хуэдэ уи адэр?» – жиIэу бзэ IэфI иIэт. Спектаклу апхуэдизу цIыхур зыгъэгуфIар зэрагъэуврэ куэд дэмыкIыу жэщыбгым урыс щIалищ хуэдиз Пщыкъан и фэтэрым къэкIуащ. Жэщыбгым къыщагъэушым, лIы гужьеям бжэр къыIуихыу фащэ ящыгъыу къэкIуар щилъагъум: «А-а, Лешэ сымэ фыкъэкIуа?» – жиIэу иригъэблэгъащ. Ауэ къэкIуар хьэщIэну къызэрымыкIуам гу лъитэжа щхьэкIэ, неIэмал. Молэм яхущIэуэу усэ итха пэтми, мыдрисэм ущеджащ жаIэри яIэщIэкIуэдащ. Сэ Тэрчкъалэ сыщыщыIами Москва сыщеджэу щыщытами Борыкъуей ТIутIэ щхьэкIэ «профессор» жаIэу зэхэсх дэнэ къэна, учебник Iэджэм и унэцIэр тету слъэгъуат «профессор» жиIэу. Алий сеупщIащ: «Сыту пIэрэ профессор закъуэм кIэралъхьар?» – жысIэри. Борыкъуейр «Дикэ дивизэм» хэтауи сщIэххэркъым, ауэ мыдрисэм щеджауэ зэрыщыта закъуэр аратэкъым Борыкъуеймрэ и щхьэ къеуэжар. Алий зэрыжиIэмкIэ, «Интернационалыр» адыгэбзэкIэ зэридзэкIыу, дэнэ зэхуэс къыщыхъуами щыжаIэу, еджакIуэ цIыкIухэм гимныр зымыщIэ яхэмыту хъуа нэужькIэ, хэт ищIэрэ Борыкъуейм кIэщIэтхыхьар: адыгэбзэкIэ зэридзэкIар урысыбзэкIэ къызэбдзэкIыжмэ, псалъэр зэтехуэркъым, жаIэу? А-хьа, пролетариатым я гимныр зэIыбгъэхьэну и ужь уитащ, жаIэри ТIутIэу плъагъур яубыдащ. ЗэбдзэкIар къызэбдзэкIыжмэ, зэтехуэн? Гимныр бзэм къызэрит Iасэм хуэдэу сщIащ, жыпIэкIэ я фIэщ ухъун?

Ти, япэу адыгэм къахэкIа профессору, адыгэ алыфбийр щызэхалъхьэм жыджэру яхэтар, тхылъ Iэджи зи Iэдакъэ къыщIэкIар ирагъэсыкIащ. Абы и закъуэ? Къуажэм еджапIэ къыщызэIуахыну щыхуежьэм, мыдрисэм щеджауэ, тхылъ еджэфхэу зыкъом къызэхуашэсащ, ирагъаджэу щхьэж къыздикIа къуажэм егъэджакIуэу ягъэкIуэжыну, хъарзынэу курс тIэкIухэри гъэмахуэ къэс къаухыурэ гъэ еджэгъуэм къыщыщIадзэнум ирихьэлIэу

зэбгрыкIыжурэ илъэс зыбжанэ ягъэлэжьащ. Иужьым, тхьэм ещIэ ягу щIебгъэжар, мыдрисэм фыщеджэгъащ, жаIэу ягъэкъуэншауэ жаIэ, нэгъуэщI цIыхур щеджэн адыгэм ямыIа пэтрэ: зэщIакъуэщ а къомри, ЛIыгъур Ибрэхьим и лъэужьыр ирагъэхуащ, кулак, подкулачник жыхуаIэм яхэту.

Алий зыкъомрэ щысащ, зыри жимыIэу. Сэ си гум занщIэу ди адэр къэкIыжати, согупсысэ. Москва сыщеджэу сыщыIэт, ди адэр сымаджэ хъуурэ щыгъуэлъам. Ди анэм уэ къоуз мыгъуэр гуауэ узщ жиIэрт, арщхьэкIэ ди адэм идэртэкъым, тIэкIу хэлъмэ, къэтэджыжын и гугъэти. Уеблэмэ сэ хъыбар сагъэщIэну идакъым: йоджэри щIэбгъэпIейтеин щыIэкъым. Хущхъуэ ирахьэлIэ пэтми, сэбэп мыхъуу, нэхъ Iей хъу защI эурэ екIуэкIырт. Нэхъыбэм укъимыщIэж жыхуаIэм хуэдэу жыг жьауэм щIэлът, кхъужьеишхуэ пщIантIэм дэтым и пщIащэр къеIущащэу. Зэманыр август мазэти, жыг къызыпыкIэу хадэм итым сыт ищIысри япызу жыг къудамэр кърищэхырт.

Зэгуэр сымаджэр тIэкIу къэбэдзэуэжу пIэрэ жыуигъэIэу уепсалъэмэ, зыгуэр къыбжиIэжыфу хъуат. Абдежым кърихьэлIэу зыгуэрхэр куэбжэм къыдыхьащ, НКВД формэ ящыгъыу, къуажэ Советым тету ди адэм илъагъу мыхъур я гъусэу.

Ди анэр занщIэу япежьащ, сымаджэм къыщIэупщIэну къэкIуа и гугъэри:

– Фыкъеблагъэ, си щIалэ. Ди сымаджэ мыгъуэр, мес, зэм укъещIэж, зэм укъищIэжыркъым…

КъэкIуахэм хабзэ ямыщIэ хуэдэ, «еблагъэ куэд ухъу» сыт жаIэу ди анэм къемыпсалъэу, жыжьэу иувыкIауэ езыр-езыру зопсэлъэж, я макъым зрамыгъэIэту. Зэрыпсалъэр урысыбзэщи, ди анэм щIагъуэ къыгурыIуэркъым, арщхьэкIэ къэкIуам я псалъэмакъ зэрызэхихыу сымаджэр къаскIэри зэщIэкIэзызащ, и Iэпкълъэпкъыр дахэ-дахэу къыдэмыбзыжми.

Ди анэм унэмкIэ игъэзащ, къэкIуам шэнт къахуихьыну, арщхьэкIэ къэкIуахэр IукIуэтыжауэ куэбжэм деж щытхэщ. «Абы къигъэщIэнур къигъэщIащ», жиIэри къуажэ Советым тетым къыщыжьэдэкIым, ар зымыдаи къахэкIагъэнт, «къигъэщIами, IэнэщIу дывмыгъэкIуэж» жиIэу.

Сымаджэр кхъаблэм телъхьи, дэх, нэгъуэщI Iэмал иIэкъым, упкърыупщIыхьми, къыбжиIэн щыIэкъым. Я машинэр хьэзырыпсти, итIысхьэжри – дыкъэплъэгъуакъым, утлъагъужакъым. Ди анэм шэнту диIэр къызэщIикъуауэ унэм къыщIэкIмэ – къэкIуахэр дэтыжкъым. «Ан-на, абы хуэдэ къыдыхьэкIи дэкIыжыкIи щыIэ?» – жиIэу ди анэм и гум къэкIами, гурыщхъуэ имыщIу къэнэнт?

Ди адэр арыншэми фагъуэ дыдэу хэлът, иджы нэхъ фагъуэж хъуа дэнэ къэна, бауэкIэщI хъуауэ и псэр пыт къудейт. ИтIани и щхьэр куэбжэмкIэ игъазэри щIэупщIащ:

– ДэкIыжа?

Ди анэми и лъакъуэр щIэхуати, шэнтиплI унэм къыщIихам яцыщ зым тетIысхьащ:

– Алыхь, къэкIуэкIэ къысхуэмыхъуат ар... ДэкIыжащ, Пщымахуэ, дэкIыжащ, къамыгъэзэжмэ.

Ди адэм къарууэ къыхуэнэжар зэхуихьэсри ерагъыу и щхьэр къиIэтащ:

– Абазэхэ (арат ар ди анэм зэреджэр), си насыпти, си кIуэдыжыгъуэмрэ си лIэгъуэмрэ зэтехуащ. Нобэ сыл Iэми, сол Iэ жысIэнукъым, сыщIэвгъеижыни щыI экъым. Си къуэм хъыбар евгъащIэ. Куэдкъым къэнэжар... – Абы фIэкI зы псалъэ ди адэм жиIэжакъым.

* * *

Къызэупщ Iа Iэджэщ: «Уи адэм хуэдэу мыдрисэм щеджауэ хъуар зэщIакъуэри ягъэкIуэдащ, зырызыххэ фIэкIа къамыгъанэу, дауэ къела уи адэр?» – жаIэу. Абы жэуап иIэщ. Ди адэр властыр щагъэувым фоч иIыгъыу зэуам ящыщщ, къуажэ ревкомым тетыгъащ, ауэ арауэ си гугъэкъым ар къезыгъэлар. Ди адэм зэхилъхьат уэрэд Къалмыкъ БетIал щхьэкIэ, «Iуащхьэ-махуэр зи акъыл» жиIэу хэту. Уэрэдыр щыжамы Iэ школ хэкум иту къыщIэкIынтэкъым, Налшык дэта еджапIэм деж щиухыжу, уеблэмэ демонстрацэ сытхэм дежи уэрэдыпкъым музычыр еуэрт. А уэрэдыр жебгъэIэ хъужынутэкъым, ди адэр бгъэтIысмэ, ипкъри псалъэри зэхэзылъхьар ди адэрати.

Пэжщ, Къалмыкъым ди адэм гу къылъимытэу къигъэнакъым. Парт чисткэм щыгъуэ партым къыхидзащ, школ зытетым къытригъэкIри пенс мыхьэнэншэ тIэкIу хуагъэуврауэ къуажэм къыдэнэжащ, езыми гъуэгум и гъунэгъуу щIы тIэкIу къыIихри хъарбыз хадэ трищIыхьащ, гъуэгурыкIуэм папщIэ унэ тIэкIуи зэрихъат, хъарбыз щашхыну, зыщагъэпсэхуну. Ар социализмэм щыщ Iуэхуу къилъытэрт, арщхьэкIэ куэдрэ ирамыгъэIыгъыу щIы тIэкIур трахыжри Iуэхуншэу пщIантIэм къыдэнэжащ, и уэрэдри тIэкIу-тIэкIуурэ ящыгъупщэжащ, икIэм икIэжым Къэжэр Индрис иусащ жаIэри ди адэм и уэрэдыр ди фольклористхэм абы нэхъ хуагъэфэщащ.

Ди адэр сымаджэ хьэлъэ щыхъум, сэ седжэу Москва сыщыIэти, телеграммэ къызатащ ик IэщIыпIэкIэ къэкIуэж, жаIэри. Сымыгувэу сыкъэкIуэжа щхьэкIэ, ди адэр и псэм еджэу хэлът, укъимыщIэжу... Арат асыхьэтым сызэгупсысыр. Алий жиIам уемыувалIэу мыхъуну пэжт, итIани нэгъуэщI жысIэн сымыгъуэту, Горькэм и псалъэр си гум къэкIащ:

– Бийм зыкъимытмэ, яукI, – жысIэри Алий ней-нейуэ къызэплъащ:

– Ар, уи биймэщ. Уи мыбийр бий пщIырэ букIмэ, дауэ зэрыхъунур? Уи бийри дахэкIэ уи лъэныкъуэ пщIын щхьэкIэ, акъыл уиIэн хуейщ, къуаншагъи зомыхьэу. Уи акъылэгъур бий пщIырэ и лъапсэр бгъэгъумэ, уи щIасэ дыдэм сытыфэ къуаплъын уи гугъэ? ЛъэкIыныгъэр зыгъэдахэр захуагъэращ, си къуэш.

Абы пыжысIэжын згъуэтакъым. Ижь-ижьыжкIэ адыгэм хабзэу яхэлъащ лIы яукIамэ, лъыщIэж щымыIэу лъы уасэкIэ зэфIагъэкIыу. Нэхъыжьу лъэпкъым исыр зэхуэсырти, лъэпкъитI зэбийр зэрагъэкIужырт, Iэмал иIэххэу щытмэ. Си псэлъэгъум пэздзыжар нэгъуэщIт:

– АтIэ, Алий, напи гущIэгъуи щымыIэжу ара? – ЩоджэнцIыкIур тепщэчым зыгуэр иритхэ хуэдэу гуахъуэ цIыкIумкIэ ипэщэщыхьурэ тIэкIу щыса нэужь, и щхьэр къиIэтащ:

– Напэрэ гущIэгъурэ щыIа зы зэман? ЩыIагъэнкIи мэхъу – хэт ищIэрэ? ЦIыхур Iисраф зыщIым напэкIэ сыт къыпыпхын? ЛIы укIыным зыдебгъэхьэх хъунукъым. Абы теухуауэ тырку хъыбар гуэр бжесIэн?

– ЖыIэ.

– Тыркум Мехьмед ЕтIуанэ жаIэу пащтыхь яIэгъащ зызэман. И фыз къомым къалъхуауэ къуэ куэди иIэт. И лIэгъуэ къыщысым уэсят къищIащ: «Си къуэм ящыщу си пащтыхьыгъуэр зыIэщIыхьэм япэщIыкIэ и къуэш къомыр иреукIыж», – жиIэри. СультIаныр зытегузэвыхьыр сыт? Къуэ куэдыщэ сиIэщи, сызэрылIэу зэдауэу къаублэнщ, пащтыхьыгъуэр зэпаубыдауи, къэралыр ягъэунэхъунщ,жиIэу ара хъунти, и уэсятым итыр хэIущIыIу хъури зэкъуэшхэр зыр зым кIэщIэуэу хуежьащ. Баязид ЕтIуанэ жиIэу нэхъ къахэжэпхъыкIауэ зы ерыщ гуэр яхэтти, куэдрэ зримылъэфыхьу еуэ-еIэри и адэм гын иригъэшх-ри игъэлIащ. СулътIаным и псэр зэрыхэкIыу Баязид «сэращ пащтыхьыр» жиIэри къэуващ. И къуэш къомым зыкъыщаIэтым, зы хыщI хуэдиз зэтриукIэри, къэнар IумпIафIэ ищIащ. Iэмал хуимыгъуэту зэкъуэшхэм Джем жаIэу зы щIалэ ахъырзэман яхэтти, абыи и ужь имыхьэу хъурэт? ЩIалэр зэхэзехуэн ща-щIым, Мысыр кIуэри зыщигъэпщкIуащ, арщхьэкIэ абы къыща-гъуэтыну гу щылъитэм, Грецием макIуэ, абы йокIри Францием зыщегъэпщкIу, арщхьэкIэ щIалэм и лъэужь зыху щыIэу гу лъитэри Италием Iэпхъуащ. Пащтыхьыкъуэр къэкIуауэ Рим дэсу щилъагъум, Рим папэм и гум къэкIащ: «Мыбы си фейдэ щхьэ къыхэзмыгъэкIрэ», – жиIэри. Ти, щэхуу лIыкIуэ егъакIуэ тырку сулътIаным деж. «Уи къуэш зэхэзехуэн пщIар си деж щыIэщи, дызэгурыгъаIуэ. Джем зыхуэныкъуэ щымыIэу псэун папщIэ, илъэс къэс дыщэ ахъшэу мин плIыщI къызэт, абы тезгъэкIуэдэну, хьэуэ жыпIэрэ, уи адэр

здэбгъэкIуам кIэлъы-згъэкIуэнщ, уи адэм уэ епщIа дыдэр есщIэнщи». Тырку пащты-хьу Баязид ЕтIуанэм къиIуэхужащ: «Ахъшэр зытемыкIуадэ Iуэхур нэхъ къызощтэ», – жиIэри.

Рим папэм унафэ ищIри, тырку пащтыхьым и къуэш Джему плъагъур ягъэлIащ, гын ирагъафэри. И хьэдэр хуабжьу хуэгузавэу, пщIэшхуэ хуащI хуэдэу, батэкъутэр хуагъэшу тырку пащтыхьым деж ирагъэшэжащ. СультIаным и къуэшым щхьэкIэ лъэкI къигъэнакъым, къэралыр зэрыкъэралу къызэхуэсауэ, «игъуэ нэмысу дунейм ехыжа» и къуэшым хуэгузавэ хуэдэу защIащ, хьэдэIус бэлыхьхэри хуащIащ, абы щыщ зылъымысам и махуэ мыгъуэу. Ахэр фэрыщIыгъэу зэрыщытыр и Iумэтым дэнэ щащIэнт?

Алий семыупщIу хъуакъым:

– Ар зытежыпIыкIар сыт?

– КъыбгурыIуакъэ?

– Зи гугъу пщIар къызэрыхъурэ мащIэ щIа?..

– Пэжщ. Илъэс щиплIым нос зи гугъу сщIар къызэрыхъурэ. ИтIани плъагъурэ: тырку сультIаным уэсят къытхуищIа хуэдэу, дэри тхэлъкъэ ар дыдэр?

– Къуэш укIри?

– Айе. Властыр зэфIэувэри къыщыщIадзар пщIэркъэ? ЛъэкIыныгъэ зэрагъуэту Совет властыр хэкум щызыгъэува шэрихьэтистхэм ящыщ къагъэна? КъыщIамыгъэнар сыт? Властыр зыгъэувар дэращ, жаIэмэ, «хьэуэ» жызыIэу къэувын щымыIэн щхьэкIэ. Ахэр ирагъэсыкIа къудейкъым. Властыр уври илъэс куэд дэмыкIыу архивыр ягъэкIуэдащ, къамыулъэпхъэщын щхьэкIэ. Нэхъ зыщыгугъхэу, нэхъ жьэгущIэтхэм ящыщу зыкъом зэхуашэсри жраIащ:

– Властыр зэрыувар фи нэгу щIэкIащи, флъэгъуар фтхыж, жаIэри.

Мо къомыр къемыдаIуэу хъурэт? Хэкум тету ягъэувар нэхъ къыхагъэщ защIэу, шэрихьэтыдзэм хэтар зыми щымыщауэ – езыгъэтхым нэхъ зэрыфIэфIынум хуэдэу ятхри унафэм тету папкэхэм далъхьэжащ. Абы щхьэкIи къэнакъым «архивыщIэ» зэхэзылъхьар яIэщIэмыкIуадэу. Аргуэру къыщIадзэж «къуэш укIынми», дыгъуасэ я акъылэгъуу щытар нобэ яIэщIэкIуадэ хъуащ, лIы укIыным дихьэхар къэмыувыIэжыфу. Езыр-езыру дзыхь зэхуамыщIыжу, я бийхэми щысхьакъым, гущIэгъу зыхуащIаи щыIэкъым.

– ПащIэгъэлыгъуэ джэгу хэлъкъым жыхуаIэм хуэдэу.

– ПащIэгъэлыгъуэми, зыгуэрти. ЛъэкIыныгъэ къаIэщIыхьар тIэщIахмэ, жаIэри, зыми щысхьакъым. ХуитыныгъэкIэ цIыхум уахуэупсэн щхьэкIэ, хуитыныгъэм ущIапIыкIауэ уи псэм щыщын хуейщ. ЛъэкIыныгъэ щагъуэтым лIы укIыным дихьэ-

хауэ абрэдж сыт хуэдэу къуакIэбгыкIэм итауэ къебияр щаухым, абы и пыхъуэпышащ, жаIэри нэхъыбэж Iисраф ящIащ. Ар зэфIэкIри, мэкъумэшыщIэм я ужь ихьащ: кулак, подкулачник, вредитель къыхащыпыкIым, хэкум ирашурэ, икIэщIыпIэкIи абы я лъэужьыр я сабий бынхэм, я фызхэм ирагъэхуати, псэ зыIутыж къагъэнакъым, я лъапсэм псы ирагъэжыхьыжащ. Ар зэфIэкIри, интеллигенцие тIэкIу къэжэпхъа къудейуэ диIати, зэщIакъуэри иращIар уощIэ: жьыи щIэи къагъэнакъым, хэт «враг народа» фIащащ, хэт нэгъуэщI кIэрымылъ гуэр къыхуагупсысри и лъа-псэр ягъэгъуащ. Абыи кIэ ирата нэужь, къэувыIакъым. Лажьи-хъати зимыIа цIыхур зэтевукIащ, жаIэри «къуэш укIым» «хэлIы-фIыхьа» илъэпкъыр яIэщIэкIуэдэжащи, кIэ игъуэтарэ имыгъуэ-тарэ тлъагъункъэ. ЛIы укIыным дихьэхари чэф зиIэм хуэдэщ, нэхъыбэ ефэ пэтми, иджыри сефащэрэт жеIэ.

– ЯгъэтIыса къаут Iыпщыжауэ сэ сщIэркъым. Ди къуажэм щыщ гуэр зэхэзехуэн щащIым, НКВД-м кIуэри елъэIуат, «сывгъэтIыси, сэ скIэрымылъу къыскIэралъхьэр хабзэнша-гъэщи, и пэжыпIэр зэхэвгъэкIи, хуит сыфщIыж» жиIэри. «Хъунщ, аракъэ хабзэр» жаIэри лажьэ зимыIэр щIагуэри къи-гъэзэжынт жи абы – адрейхэр здэкIуам кIэлъагъэкIуащ. Ар хабзэ зыщыгугъами еплъ…

Алий и псалъэм къыпищащ:

– Аращ, план яIауэ къыщIэкIынти, яIэщIэкIуэдащ. Къуэш укIщи, уапэщIэхуамэ, зэфIэкIащ. Уэ «гущIэгъу» жыбоIэ. Хэт гущIэгъукIэ узыщыгугъынур? Диктаторыр дэни щыдиктаторщ. ЛъэкIыныгъэ зиIэм, си властыр сIэщIахмэ, жиIэурэ шынэурэ цIыхур Iисраф ищIынущ. КъыптекIуэр гугъущ, жаIакъэ? Уте-кIуэмэ, уи насыпщ, итIани, бгъэр куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ. Я дамэр мыкъутауэ къэнакъым. Ар уэри уощIэ.

Алий къызэрыкIат, къызэщIэплъаи хъунт, и гум къыдихур къызжиIэмэ, и бампIэр тIысыжыну арагъэнт. Хэт ищIэрэ, иджы-ри дызэхуэзэни-дызэхуэмызэни. А лъэхъэнэм ди тхьэкIумэм къиицырхъат Къалмыкъ БетIалу нобэ къэс хэкур зэхэзыIущIы-хьар ираджэщ Ставрополи, здэкIуэнум намыгъэсу ягъэтIысащ, жаIэу. Нобэр къыздэсым дэнэ щыIэми ящIэркъым. Щхъуэм (БетIал зэреджэу щытаращ) и шу лIы гъусэу и жьэгъу щIэтар зэхуашэсри «ныбгъуэхьэшым» ираубыдащ, цIыхум фрабийуэ щытащи, фхуэфащэ дыхъунщ, жаIэри. Зыкъомрэ щыса нэужь, Алий къызоупщI:

– Догуэ, езы Щхъуэм тырку пащтыхьым и къуэшу щыта Джем хуэдэ «къуэш» имыIа уи гугъэ? Чэрты Исмел и хъыбар зэхэпхагъэнщ…

– Дауэ зэхэзмыхыу? Уэрэд хузэхалъхьащ.

– Тэмэм. Чэртымрэ Къалмыкъымрэ я псэр зы чысэм илъу, зы анэм къимылъхуами, зэкъуэшым хуэдэу фIыуэ зэрылъагъуу щытащ, зэгъусэу Псыхуабэ кIуэрэ батэкъутэр щагъэшу, зэакъы-лэгъуу, зэрыIыгъыу. Чэртыри лIы пхъашэт, хахуэт, губзыгъэт, дзэми хъарзынэу хэтат. Къалмыкъым жиIэр къыдиIэтурэ зы-къомрэ зэрыIыгъащ. Иужьым Къалмыкъыр мэкъумэшыщIэм яхэлъэщыхьу щыхуежьэм, хэкур егъэунэхъу, жиIэри пэуващ. Дыгъуасэ щIыри, псыри, мэзри цIыхум я зэхуэдэщ жиIамэ, нобэ я унэ къудей щIимыгъэсыжу хэкум ирехури егъэкIуэд. Арати, зыпэщIисащ, «щыгъэт мы ебгъэжьа Iуэхур», жиIэри. Ар Щхъуэм идэнт? Идакъым. Абдежым лIитIыр зэфIэкIуэдащ. Чэртыр аб-рэдж щхьэкIэ, дэнэ кIуэнт? Шууэ щрахужьэм, и шыр бгы нэпкъым иригъалъэри, сыкъэплъэгъуакъым, услъэгъужакъым. ЛIы хъарзынэр кIуэдащ.

ИгъащIэми лъэкIыныгъэ зыгъуэту диктатор хъуам хэт ди пIэм иувэн жаIэу гузавэркъым икIи хуеиххэкъым. Дунейр къутэжыху, тетын я гугъэщ.

Къуэш зэрыукIыр нэхъ гуащIэщ хамэ зэрыукIым нэхърэ, жиIэу иукъуэдийт Алий, сыт щхьэкIэ жыIэт: зэгъусэу къызэ-дэхъуащи, я тIасхъапIэ зэрощIэ, абы нэмыщI кIэ, бжьыпэ зэ-паубыдыр зы закъуэщи, ар къыпIэщIыхьэн щхьэкIэ, уи ныкъуэ-къуэгъур лъэгущIэт пщIын хуейщ. Тырку пащтыхь Баязид къуэш хыщI зэтриукIащ, псэууэ къэзгъанэр си пIэ къиувэнкIэ хъунщ жиIэурэ, абы и пIэм иувэну зи мурадар зы закъуэ фIэкI мыхъуми. Абдежым текIуэри хэт? Нэхъ зэхэщIыкI иIэу губзы-гъэракъым. Нэхъ ерыщу, нэхъ бзаджэу, нэхъ гущIэгъуншэу уи фэр IэбжьанэкIэ тезыхынуращ. «Къуэш егъу нэхърэ ныб-жьэгъуфI» жызыIам имыщIэу жиIакъым.

Сытыт властыщIэм адыгэм хащIыкIыу щытар? ИгъащIэм еджэн дэнэ къэна, хьэрф къизымытхъам, тхылъ кIапэ зымылъэ-гъуа мэкъумэшыщIэм, Iэщыхъуэм, школым и бжэщхьэIу емыбэкъуам, IуэрыIуэтэжу бэзэрым щызэхахым фIэкIа дунейм хэзымыщIыкIыу щытам идее яхэпхьэр къагурыIуэнут зэ жыIэгъуэкIэ? КъагурыIуакъым жыпIэу я пщэ гурыгъыр щхьэ зэрыбудрэ? КъызыгурыIуа зырыз яхэтами, е лIы хуэдэлI къахэжэпхъыкIамэ, нэхъапэ щIыкIэ «дызэкъуэшщ, дызэакъы-лэгъущ» жыпIэрэ къэбгъэIула нэужь, дызэкъуэшыжкъым жыпIэу уеуэрэ букIыу хабзэ хъун? Къэтхъэн Назирт япэ «къуэш» ищIар, къулыкъушхуи зриту щIэгъэкъуэн ищIар, арщхьэкIэ къызолIыфIэкI, жиIэри абы и лъэрыгъыпсыр зэпичу и нэвагъуэ иригъэлъагъужыху Къалмыкъым ишх и дзажэ дыхьакъым. Марксизмэр дин пэлъытэщи, ар зи фIэщ мыхъур зыщыгугъын щыIэкъым, хьэрэм ящIынурэ къызыхахун дэнэ къэна, кIуэдыкIейр къыхуагъэкIуэнущ, «щинэ» и унэцIэм пагъэувэурэ. ПщIэжрэ, жаIэуи ятхыуи щытакъэ: «катханов-

щинэ», «гемуевщинэ», «мидовщинэ». Дэнэ къикIа ар? Къэтхъэ-ныращ властыр къэзыхьыжар, и уэрэд щыжамыIэ щыIакъым. Гемуевым и лажьэр сытыт? ИгъащIэм къущхьэр зэрыпсэуар мэкъумэшкъым, Iэщ зэрахуэурэ зыхуейр къащэхуу къогъуэ-гурыкIуэ, Iэщым тефщIыхьу кулак фIэфщурэ цIыхур фымы-гъэунэхъу жиIати, аращ.

АрщхьэкIэ дэнэ. Ищхьэм тетым ди Iэтащхьэр ядоплъейри абы зэращIам ещхьу ищIын хуейщ, «щинэ» зи унэцIэ пыбгъэувэн уимыIэми, къэгъуэт, къомыгъуэтмэ, зыгуэрым хуэгъэфащи, жыIэ, умыгъуэтыххэрэ – губжь нэпцI зыщIи, шэнтым тесыр къелъэфэх. Аращ катхановщинэри, гемуевщинэри, «щинэ» дапщэ щыIами, къызыхэкIар.

Зэрызехьэу пащIэгъэлыгъуэм нэхърэ нэхъ Iейм ди интеллигенцие тIэкIур хэкIуэдащ. Сыт щхьэкIэ? Ди Iэтащхьэм гу лъитат ипщэкIэ щыIэм интеллигенциеу лъэпкъым я гум къипсэлъыкIыр къыщемыдаIуэм, къэралым ирагъэкIыу е Iумпэм ящI дэнэ къэна, Iэджэм я пщэ гурыгъыр зэрауду. Ар ди тепщэми илъэгъуати, мобы зэращIым ещхьу сэри сщIынщ жиIэри къанэ щымыIэу IэщIэкIуэдащ.

ЦIыхур езым и акъылкIэ мыпсэужмэ, къуэш укIынкIэ си мурадыр зыIэщIэзгъэхьэнщ жиIэу иукъуэдиймэ, кIуэдауэ къэлъытэ.

Ди Iэтащхьэм щхьэ фIэта жыпIэмэ, фIэтащ, лIы губзыгъэкIи губзыгъэт, кIуэцIрыкъуащ жумыIэмэ. IэпщацагъэкIэ къэпхь хъун къигъэнакъым. Балъкъи, Бахъсэни, Шэджэми, Щхьэлыкъуи телъ лъэмыжхэр дэнэ къикIа уи гугъэ? А лъэмыж къомыр фермэ зырызу Дон Iуфэм Iулът, зауэм щыгъуэ псым телъа лъэмыжым щыщу щытыгъауэ. Ар Къалмыкъым щилъагъум крайкомым тета Микоян деж кIуэри елъэIуащ: ди псы уэрхэр гъэмахуэм къиумэ, Iэщу хъупIэм яхур Iисраф ящI, мо фермэу Дон IуфэIулъхэр къызэт, жиIэри. Ар къезытын зымыдаи Ростов дэст, итIани IэпщацагъэкIэ къатрихри къишащ. Лъэмыж хъарзыни хъуауэ цIыхур тыншыжащ.

Апхуэдабзэщ Джылахъстэнейм яхуригъэщIа оросительнэ системэри. Пединститутыр 1932 гъэм нэхъапэ щIыкIэ Псыхуабэ щхьэ дагъэуват? Ди тетым и гугъат, Псыхуабэр ди культурэм и центр ищIрэ иужькIэ ар и щхьэусыгъуэу ди хэкум щыщын хуейщ, жиIэу къалэр хэкум къыхигъэхьэу щыхьэр ищIыну, арщхьэкIэ Ставрополь дэсхэми нэгъуэщI унафэщIхэми я лъабжьэр фIагъанэри икIуэтакъым. А Iуэхум деж Микоян акъылэгъу къыхуэхъуакъым. Щымыхъум, институтыр къыдишыжащ. Бахъсэн ГЭС-ри аращ: пятилеткэм хагъэувэн ямыдэурэ яфIыхигъэуват Iэпщацагъэ защIэкIэ. ФIы Iэджэ Къалмыкъым далъэгъуащ, ауэ «къуэш укIымкIэ» иригъэлея жыпIэмэ, иригъэлеякIэ соIуэ. Иджы мес: фIыр ящыгъупщэжауэ

лей ищIар цIыхум ягъэныщкIуу къажьэдэнащ. Аращ игъащIэми: дэхуэха ухъумэ, фIыуэ пщIар Iейм докIуэд.

Нобэ узыщыгуфIыкIыну сыт диIэр? ЦIыхум зратащ щIэны-гъэм. Псыхуабэ дэта ди пединститутыр Налшык къэкIуэжащи, унэ хъарзыни хурагъэщI, адэкIэ-мыдэкIэ зэбгрыкIауэ щIалэ, хъыджэбз Iэджи йоджэри абыхэм я лъэр къащIэува нэужь, ди насыпыр текIуэнущ, «къуэш укIым» имыхьыжмэ. Абыи узы-гъэгупсысэн гуэр хэлъщ. Сыт? Бзэри хабзэри яIэщIэхункIэ шынагъуэщ. ЦIыхур и бзэмкIэ мыпсэлъэжмэ, бзэр пIэщIэхун жыхуэпIэр куэдрэкъым. Мы дуней мылъкур цIыхум, лъэпкъыр зэрылъэпкъыу, къехъулIами, и гуэн из хъунукъым, и бзэр IэщIыб ищIыжамэ. ЩIалэр щIалэху, ар къафIэIуэхукъым, ауэ я мардэр къосри щIогъуэж, я IэфракIэм йодзэкъэж.

Ди тхыгъэр шэрыуэ хъуауэ, тыншу дытхэрэ тыншу дыкъе-джэжу щытащ, латиным дыкъытекIыу урыс алыфбийм дыте-хьэху. Алыфбийр зэтхъуэкIри ди IэкIэ лъахъэ зэрытлъхьэжащ, ар бзэм къегуэуэнущ зы зэман гуэр. Хьэрфыракъым ар зытещIы-хьар, сыт хьэрфри мэхъу, бзэ хабзэм тету къэбгъэшэрыуэмэ, тхылъым дауэ нэхъ еджэгъуафIэ хъун жыпIэу тепщIыхьмэ. Иджы зэхалъхьа алыфбийр зытещIыхьар бзэ хабзэракъым, ар политикэм тещIыхьащ, ди Iэтащхьэм урыс алыфбийкIэ деджэ-мэ, урысым нэхъ гъунэгъу дыхуохъу, жаIэри. Ари босын, нэхъ дызэгъунэгъу пэтми, нэхъ лъэщ дыхъунщ, нэхъри дызэрыIы-гъынщ, арщхьэкIэ ди гуращэм бзэри хабзэри дыдж къиищIмэ, литературэр къимылъахъэу къэнэнукъым, ди щIэблэм акъыл яIэу, губзыгъэу къэхъумэ, абы гу лъатэнущ… Лъамытэрэ – фэкIэ адыгэу, бзэкIэ, хабзэкIэ нэгъуэщI хъунущ, я хэку исыжми имысыжми.

Алий жиIам уимыгъэгупсысэу къэнэнт? Уи къуэшхэри зэтебукIэжауэ, бзэрэ хабзэкIи узэкIуэкIамэ, лъэпкъкIэ узыщы-щынур сыт? Уи лъабжьэр уи IэкIэ къэптIыжурэ къыщIэбгъэща хуэдэщ. Лъабжьэр куэдмэ, лъэпкъыр быдэщ. Жыгым и пщIащэ и фащэмэ, пщIащэр зыхуэдэр и лъабжьэм елъытащ. ЦIыху лъэпкъыр къапщтэмэ, фащэ яхуэхъужыр я бзэр армырауэ пIэрэ? Арыншэми адыгэ лъэпкъыр бэлыхь Iэджэм къелащ: и ныкъуэр узыфэ Iэджэм яхьащ, нэхъыбитIыр хэку къутэр къащыхуэкIуам хэт кIуэдыкIейуэ кIуэдащ, хэт нэгъуэщI къэралым кIуащ.

ISBN 576802080-2

9785768020804

Литературно-художественное издание

**Кешоков Алим Пшемахович**

СОБРАНИЕ СОЧИНЕНИЙ В ШЕСТИ ТОМАХ

Том 5

КОРНИ

*Р о м а н*

НОВЕЛЛЫ

На кабардинском языке

Редактор *А. Х. Мукожев*
Художник-редактор *Ю. М. Алиев*
Технический редактор *Л. А. Тлупова*
Корректоры *Л. М. Маремкулова, С. Х. Жинова, Г. Ш. Урусмамбетова*
Компьютерная верстка *А. З. Тхаитловой*

Лицензия ИД 05895 от 21.09.01

Подписано к печати 03.11.06. Формат 84x108 1/32. Бумага офсетная №1.
Гарнитура литературная. Печать офсетная. Усл. п. л. 28,98. Уч.-изд. л. 33,84.
Тираж 1000 экз. Заказ №186

ГП КБР «Издательство «Эльбрус»
Нальчик, ул. Адмирала Головко, 6

ГП КБР «Республиканский полиграфкомбинат
им. Революции 1905 года»
Министерства культуры
и информационных коммуникаций КБР
Нальчик, пр. Ленина, 33